# YOONU NJUB

**Néttaliy ak Xebaarub**
**Yonent Yàlla yi**

Paul Bramsen
Malick Fall

# Table of Contents


Table of Contents . . . . . i
Copyright . . . . . v

**PÀCC 1. Yoonu Njub ci Tawreet**

1 Yàlla wax na! (Introduction) . . . . . 1
2 Kan mooy Yàlla? . . . . . 4
3 Seytaane ak malaaka yi . . . . . 7
4 Ni Yàlla sàkkewoon àddina si . . . . . 10
5 Lu tax Yàlla sàkk nit? . . . . . 13
6 Toolu Àjjana ak Peyug Bàkkaar . . . . . 16
7 Ni Bàkkaar dugge ci Àddina . . . . . 19
8 Li Bàkkaaru Aadama jur . . . . . 22
9 Dig gu neex gi . . . . . 25
10 Kayin ak Abel: Yoonu Sarax . . . . . 28
11 Kayin mi baña réccu . . . . . 31
12 Yonent Yàlla Enog . . . . . 35
13 Yonent Yàlla Nóoyin – I Muñug Yàlla ak meram . . . . . 38
14 Nóoyin – II Àtteb Yàlla: Mbënnu ndox ma . . . . . 41
15 Nóoyin – III Kóllëreg Yàlla . . . . . 44
16 Babel! . . . . . 47
17 Nafar . . . . . 50
18 Ibraayma – I. Lu tax Yàlla woo Abram? . . . . . 53
19 Ibraayma – II. Ngëmu Abram . . . . . 57
20 Ibraayma – III. Ismayla . . . . . 60
21 Ibraayma – IV. Yàqu Sodom ak juddub Isaaxa . . . . . 63
22 Yonent Yàlla Ibraayma – V. 'Tabaski!' . . . . . 66
23 Esawu ak Yanqóoba: Bànneexu àddina ak barkeb àllaaxira . . . . . 69
24 Yanqóoba – Yàlla soppi na turu Yanqóoba, muy Israyil . . . . . 73
25 Yuusufa – suufeem . . . . . 76
26 Yuusufa – ndamam . . . . . 79
27 Yuusufa: Ndaje mi! . . . . . 82
28 Nafaru Téereb Njàlbéen ga . . . . . 86
29 Musaa! . . . . . 89
30 Aji Sax ji! . . . . . 92
31 Firawna! Kan mooy Boroom bi? . . . . . 95
32 Musiba yi! – Nen du bëreek doj! . . . . . 98
33 Bésu Teggi ba . . . . . 101
34 Yoon ci biir géej gi . . . . . 104
35 Mànn ca Màndiŋ ma . . . . . 108
36 Tundu Sinayi! . . . . . 111
37 Fukki Ndigali Yàlla yi . . . . . 114
38 Njariñu fukki Ndigal yi . . . . . 117
39 Sëllu wurus wa . . . . . 121
40 Tàntu Ndaje ba . . . . . 124
41 Gëmadi Bànni Israyil . . . . . 127
42 Jaanu xànjar . . . . . 130
43 Mujug Tawreet . . . . . 133
44 Yosuwe ak Réewum Kanaan . . . . . 136
45 Njiit ya ak Ruut . . . . . 139

**PÀCC 2. Yoonu Njub ci Sabóor ak Mbindi Yonent yi**


46 Samwil, Sóol ak Daawuda . . . . . 142
47 Daawuda ak Golyàtt . . . . . 146
48 Daawuda Buur bi, ak li ko Yàlla dig . . . . . 149
49 Daawuda ak Batséba (Bàkkaaru Daawuda ak yiwu Yàlla) . . . . . 152
50 Daawuda ak Almasi bi . . . . . 155
51 Daawuda ak deewug Almasi bi cib bant . . . . . 159
52 Ndamu Suleymaan . . . . . 163
53 Yonent Yàlla Iliyas . . . . . 166
54 Yonent Yàlla Yunus . . . . . 169
55 Yonent Yàlla Esayi . . . . . 172
56 Yonent Yàlla Yeremi . . . . . 175
57 Yonent Yàlla Dañeel . . . . . 178
58 Yonent Yàlla Sakariya . . . . . 181
59 Yonent Yàlla Malasi ak Mujug Kóllëre gu jëkk gi . . . . . 184


**PÀCC 3. Yoonu Njub ci Linjiil**


60 Yonent Yàlla Yaxya ak Ndoortel Linjiil . . . . . 187
61 Almasi bi Yeesu! . . . . . 190
62 Juddug Yeesu Almasi bi . . . . . 193
63 Doom ju Sell ji . . . . . 196
64 Seedes Yaxya ci Yeesu (Mbotem Yàlla mi) . . . . . 199
65 Fajkat bi . . . . . 203
66 Jàngalekat bu mag bi . . . . . 206
67 Fàww ngeen judduwaat! . . . . . 209
68 Almasi bi, di Musalkatu Àddina si! . . . . . 212
69 Sañ-sañu Yeesu . . . . . 215
70 Dooley Yeesu . . . . . 218
71 Ñaari léeb yu am maana . . . . . 221
72 Ñam wiy joxe dund gi . . . . . 224
73 Féewaloo ca mbooloo ma ndax Yeesu . . . . . 227
74 Leeru Àddina si . . . . . 230
75 Boroom Ndam li . . . . . 233
76 Sàmm bu baax bi . . . . . 236
77 Ni Xolu Yàlla mel . . . . . 239
78 Ndekkite li ak Dund gi . . . . . 242
79 Yeesu dugg na Yerusalem . . . . . 245
80 Wax yu dëgër te dëgg . . . . . 248
81 Reer bu mujj bi . . . . . 251
82 Jàpp nañu Yeesu . . . . . 254
83 Daan nañu Yeesu . . . . . 257
84 Yeesu dee na cib bant . . . . . 260
85 Yeesu dekki na! . . . . . 263
86 Yeesu yéeg na ci asamaan . . . . . 266
87 Xel mu Sell mi ñëw na! . . . . . 269
88 Yeesu dina dellusi! . . . . . 272


**PÀCC 4. Yoonu Njub ci Tënk**


89 Xebaar bu baax bi! . . . . . 275
90 Laaji nit ak Tonti Yàlla (1) . . . . . 278
91 Laaji nit ak Tonti Yàlla (2) . . . . . 281
92 Dundug Taalibe Yeesu Kirist . . . . . 284

93 Nafar #1: Aadama: Bàkkaar! . . . . . 288
94 Nafar #2: Ibraayma: Jub ci kaw ngëm! . . . . . 291
95 Nafar #3: Musaa: Yoonu Yàlla wu sell wi . . . . . 294
96 Nafar #4: Yeesu Kirist: "Lépp mat na!” . . . . . 298
97 Safara! . . . . . 301
98 Àjjana! . . . . . 305
99 Lu ngeen xalaat ci Yeesu? (1) . . . . . 308
100 Lu ngeen xalaat ci Yeesu? (2) . . . . . 312

**PÀCC 5.**

101 Nowel . . . . . 316
102 Deewu Yeesu . . . . . 319
103 Paag . . . . . 322
104 Mu ngiy dund . . . . . 325
105 Tabaski . . . . . 328
106 Dimbalikat bi . . . . . 331
107 Dellusig Yeesu Kirist . . . . . 334
108 Tukkitel àddina . . . . . 337
109 Rammukat bi . . . . . 340
110 Kereceen dëgg . . . . . 343
111 Xabaar bu baax bi . . . . . 346
112 Fu nit jëm gannaaw dee . . . . . 349
113 Wóolu Yàlla . . . . . 352
114 Guney mbedd yi . . . . . 355
115 Soxna yu bare . . . . . 358
116 Ger . . . . . 362
117 Alal . . . . . 365
118 Ndogalu Yàlla . . . . . 368
119 Sibbiru . . . . . 371
120 Jàmm . . . . . 374
121 Ngistal . . . . . 377
122 Rëy . . . . . 380
123 Njaboot gi . . . . . 383
124 Koor . . . . . 386
125 Liggéey . . . . . 389
126 Seytaane . . . . . 393
127 Këru naxekaay . . . . . 396
128 Ndaw ñi (ak seen céri séy) . . . . . 399
129 Bul am yeneen yàlla ndare man . . . . . 402
130 Xërëm yi . . . . . 406
131 Bul tudd turu Yàlla Aji Sax ji cig neen . . . . . 409
132 Bésu Noflaay bi . . . . . 412
133 Teralal sa ndey ak sa baay . . . . . 415
134 Bul bóom . . . . . 418
135 Bul njaaloo . . . . . 422
136 Bul sàcc . . . . . 425
137 Bul seede lu dul dëgg ci sa moroom: Bul fen! . . . . . 428
138 Bul xemmem sa alalu moroom . . . . . 432
139 Tënkub fukki Ndigal yi . . . . . 435
140 Mbëggeel . . . . . 438
141 Léebu ñaari kër yi . . . . . 441
142 Léebu jëmb bi . . . . . 444

143 Ñaari doom ya . . . . . 447
144 Fukki janq ya . . . . . 450
145 Beykat yi ak doomu boroom tool bi . . . . . 453
146 Waayu Samari ju baax ji . . . . . 456
147 Xar mu réer ma . . . . . 459
148 Doom ju réer ja . . . . . 462
149 Mucc gi 01 . . . . . 465
150 Mucc gi 02 . . . . . 468

# Copyright

Copyright © 1998
Paul D. Bramsen

The Way of Righteousness is copyrighted only to maintain the integrity of the material. To reprint these lessons for distribution or to translate this series into other languages, please contact the author by e-mail at: **TWOR@iname.com**.

Wolof Scriptures quoted by permission.

They consist of:
The Old Testament selections published under the name "Mucc gi Yàlla waajal" Copyright © 1999 ;
The full text of Genesis published under the name "Njalbéen ga: xaaj bi jëkk ci Tawreetu Musaa" Copyright © 2003;
The complete New Testament, published under the name "Kàddug Dëgg Gi" Copyright © 1987;
The complete New Testament, revised edition, published under the name "Téereb Injiil di Kàddug Yàlla" Copyright © 2004.

The copyright of the Wolof Scriptures is held by:

Les Assemblées Evangéliques du Sénégal and La Mission Baptiste du Sénégal.
All rights reserved. Used by permission.

The original Wolof script of the *Yoonu Njub* series has been modified to correspond with the spelling conventions of the 2004 edition of the Wolof New Testament and 2007 edition of Genesis. Therefore at times there will be small differences of pronunciation between the written text and the audio.

The English text was originally a translation of the Wolof radio script. The English version was subsequently revised by the author prior to publication as a book, and further revised after its translation into French. Therefore the English, and French versions do not always correspond exactly with the Wolof text.

# 1  Yàlla wax na!   (Introduction)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Sunu xol sedd na lool ci li nu leen man a dégtal emisyoŋ bi tudd '***YOONU NJUB***'. Danuy wooyee emisyoŋ bi: '*YOONU NJUB*' ndaxte danu fas yéene jàng te gëstu ci Mbindi yonent yi ci mbirum yoon wi Yàlla tëral, ngir nit jub ci kanamam.

Ci wan yoon nga nekk? Ci yoonu njub walla ci yoonu njubadi? Kàddug Yàlla nee na: "*Yeen ñi **xiif** te **mar njub**, **barkeel ngeen**, ndax dingeen regg.*" **(Mc 5:6**)

Xëy na am na ñuy xalaat ne: "Aa, kii gën a waane, ba nu xamee yoon njub wi yàgg na. Soxlawunu gëstu ci Mbindi yonent yu jëkk yi! Li nu xam doy na nu!" Su fekkee loolu moo di sa xalaat, na nga déglu li yonent Yàlla Suleymaan bind. Mu ne: "*Am na **yoon wu jub ci bëti nit**, waaye ci **dee lay jëme**.*" **(Pr 14:12**)

Ci téereb Yàlla, bu ñuy wooyee Sabóor, Yonent Yàlla Daawuda, baayu Suleymaan, wax na lu bare ci lu jëm ci li nu war a xam yoonu njub wi Yàlla tëral. Mu ne: "***Ku jub amul**, du kenn sax. Ñépp jeng nañu, ba kenn amalatul Yàlla njériñ. Kenn du def lu baax, du kenn sax!*" **(Ps 14:1,3 Ro 3:10,12**) Moo tax Daawuda bind ñaan gii ci Sabóor, ne: "*Won ma sa yoon yaw Boroom bi, te xamal ma say sàrt, sàmm ma ci sa dëgg, di ma tette!*" **(Ps 25:4,5**)

Ci dëgg-dëgg, su nu Yàlla Boroom bi tettewul, jaarale ko ci Kàddoom, dunu xam mukk lan mooy yoonam. Danuy mel ni ag gune gu réer ci biir Ndakaaru walla ni am xar mu réer ca àll ba. Wànte Kàddug Yàlla ne na: "*Yàlla bëggul kenn sànku ... waaye ñépp mucc te xam dëgg gi.*" **(2Pi 3:9 1Tim 2:4**) **Dara gënul xam bu wóor ne, yaa ngi ci yoonu dëgg, wi jëm fa Yàlla**.

Fii ci *YOONU NJUB*, dinanu def ay njàng yu '**kronologique**'. Maanaam, ci emisyoŋ yi dinanu benn-bennal nettaliy yonent Yàlla yi, li ko dale ca ndoorte la ba ca muj ga. Kàddug Yàlla, am na bopp, am na geen. Kon nag, fas nanu yéene gëstu ci nettali yi nekk ci Mbind mi, tàmbalee fa Yàlla ci boppam tàmbalee, maanaam: ca ndoorte la.

Dinanu jàng lu am njériñ lool ci mbiri Yàlla ak yonent yi. Dinanu gis ni mu ame woon **yonent yu bare** yu bind Mbind mu sell mi – wànte **Kenn rekk moo ko sos**. Moo di **Yàlla**. Mbindi yonent yi am na ci ay **nettali yu bare** – wànte **benn xebaar rekk lañuy doon. Moo di xebaar bu baax, bi wone ni nit man a jube ci kanamu Yàlla**.

Kon nag, na ngeen def seen kem-kàttan ngir déglu Emisyoŋ *YOONU NJUB* ak xel ak takkute. Wolof Njaay ne na: "Ku yàgg ci teen, baag fekk la fa!" Te naka noonu itam, Yàlla ci boppam dige na ci Mbind mu Sell mi ne: "*Képp ku may seet ak **sa xol bépp**, **dinga ma gis!***" **(Jer 29:13**)

Fii ci *YOONU NJUB*, dinanu yokk sunu xam-xam ci lépp lu jëm ci Yàlla ak Kàddoom. Ndax xam nga nu Yàlla mel? Walla fu Seytaane jóge? Ndax xam nga lu tax Yàlla sàkk nit? ... walla ni bàkkaar dugge ci àddina si mu sos? Ndax mas nga jàng nettali bu doy waar bi ci mbirum yonent Yàlla Nóoyin ak mbënnum ndox ma? Ndax xam nga bu baax lu yonent Yàlla ya daan waare? ... walla lu tax ñuy wooye yonent Yàlla Ibraayma '*xaritu Yàlla*'? Ndax man nga nettali ci bu leer say doom walla say xarit xebaar bu baax, bi téere yonent yi ëmb? Ndax xam nga ci dëgg-dëgg ni nit man a jube ci kanamu Yàlla Aji Sell ji? Ndax wóor na la ne say bàkkaar deñ nañu?

Soo bëggee xam tontub Yàlla ci laaj yii ak yeneen laaj yu ni bindoo, na ngay déglu Emisyoŋ *YOONU NJUB*. Ci dëgg-dëgg kàddug yonent yi – maanaam Kàddug Yàlla – dafa xóot, neex di dund te am doole! Te it, Kàddug Yàlla du nëbb dara. Dinanu gis ni doomi Aadama yi mel dëgg. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Amul mbindeef mu man a nëbbu Yàlla, waaye lépp a ubbiku, ba ne fànn ci bëti ki nu war a àtte!*" **(Yt 4:13**)

Ci jot gi nu dese tey, am na dëgg gu am maanaa lool, gu nu war a jàpp te mooy lii: **Yàlla wax na**! Yàlla Aji Kawe ji wax na! Yàlla wax na ak nit! Te su nu waxe ne Yàlla wax na ak nit, loolu dafay tekki: Yàlla dafa bëgg a wax ak **yaw**! Xebaar bu baax la!

Bu fekkee nga jot benn bataaxal bu bawoo ci Presidaan wu réew mi, ndax dinga ko jàng? Ndax dinga ci xalaat? Ndax dinga fonk waxi Presidaan bi? Rawati na nag bu fekkee ne Yàlla Aji Kawe ji mooy wax ak yaw!

Kon nag, naka la Yàlla waxe ak nit? Mbind mi tontu laaj boobu ne: "*Li jiitu tey Yàlla waxoon na ak maam ya ci wàll yu bare ak ci tëralin yu wuute jaarale ko ca **yonent ya**.*" **(Yt 1:1**) Yàlla waxoon na ak nit jaarale ko ca yonent ya! Ci diirub jamano ya weesu Yàlla woo woon na ay nit, ngir ñu yégle Kàddoom te bind ko. Yàlla manoon na bindal boppam walla mu jëfandikoo ay malaakaam, ñu bind ko. Wànte defewu ko woon noonu. Yàlla dafa tànnoon **ay nit**, ñu bindal ko ko. Nit ñooñu ay yonent lañu tuddoon. Yonent Yàlla yi dañoo xawoon a mel ni ay 'secretaire'. Maanaam, Yàlla soloon na ci seen xel li ñu war a bind, ñu daldi ko bindal Yàlla. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

"*Waxu yonent yi wér na, te war ngeen koo fonk ... Waaye jëkkleen a xam ne, amul jenn waxu yonent ci Mbind mi, ju balle ci xelu boppam. Ndaxte kenn ci yonent yi musul a wax ci coobareg boppam, waaye, Xelu Yàlla mu Sell mi daa na xiir nit ñi, ñuy yégle kàddug Yàlla.*" **(2Pi 1:19-21**)

Kon nag gis nanu ne, **Yàlla wax na** ak nit ñi jaarale ko ca yonent, ya mu tànn. Te yonent yooyu bind nañu ci ay téere li Yàlla wax – ngir sunuy maam te nun ñiy dund ci jamano jii, nu man a xam lépp li nu Yàlla bëgg a xamal.

Mbokk yi, na ngeen denc xalaat bii: Yàlla wax na te **bëgg na wax ak yaw**! Lépp lu Yàlla wax jaarale ko ci ay yonentam am na njériñ ci nun ñiy dund tey!

Xëy na am na ñuy xalaat ne, "Soxlawuma xam lu yonent yu jëkk ya bindoon. Seen wax amatul solo ci man. Yonent bu nekk amoon na sasam. Yonent bu ñëw, def sasam, daldi dem. Beneen yonent ñëw, def sasam dem ... ak nangam. Kon nun ñiy dund tey soxlaatunu xam li yonent yu jëkk yi daan waare." Ndax loolu moo di sa xalaat, yaw? Xalaatu Yàlla kat, dëppoowul ak xalaat boobu! Li Yàlla, sunu Boroom, wax mooy lii:

"*Ndaxte ci dëgg, maa ngi leen koy wax, li feek asamaan si ak suuf wéyul, benn tomb walla benn rëddu araf du wéy mukk ci [Mbind mu Sell mi], ba kera yépp di am. Ku tebbi nag ba gën a tuuti ci ndigal yii, te ngay jàngal nit ñi noonu, dees na la tudde ki gën a tuuti ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji!*" **(Mc 5:18,19**) "*Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww!*" **(1Pi 1:24**) "*Mbind mu Sell mépp, ci gémmiñu Yàlla la jóge, te am na njériñ ngir jàngal nit ñi, yedd leen, jubbanti leen te yee leen ci njub!*" **(2Tim 3:16**)

Ci lu wér, lépp li yonent Yàlla yi bind, am na njériñ. Ndaxte bind nañu ko ngir niti jamano yépp man a xam yoonu mucc wi Yàlla tëral. Ndax xam nga li yonent Yàlla yi bind? Yàlla dafa bëgg ñépp xam li ñu bind, te gëm ko! Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Waxu yonent yi wéer na, te war ngeen koo fonk; mi ngi mel ni làmp, buy leer ci bérab bu lëndëm!*" **(2Pi 1:19**)

Waaw, léeg-léeg danuy dégg ñiy fexee bëre ak Téereb Yàlla, di wax naan: "Kenn mënu ko wóolu! Dafa fees ak mbir yu ci soppiku ak ay njuumte ak i werante ak nangam ak nangam...!" **Waaye kuy bëree noonu ak Kàddug Dëgg gi, mu ngiy bëre ak Yàlla ci boppam**. Wànte nen du bëre ak doj! Kàddug Yàlla doj la, te nit di nen. Mbind mu sell mépp a wóor te dëngul fenn! Kenn mënul randal waxi Yàlla! Yàlla ku màgg la te mooy aar kàddoom! Moom la Boroom bi ci boppam wax ci téere bu sell, bi ñuy wax Linjiil, bi mu naan: "***Asamaan si ak suuf si dinañu wéy, waaye samay wax du wéy mukk!***" **(Mc 24:35**)

Lépp lu nekk ci Mbind mu Sell mi am na njériñ ba tey ci nit ñépp. Dara gënul waxu Yàlla. Wànte Kàddug

Yàlla dafa xaw a mel ni ceebu jën. Ñépp a déggoo ci lii: ceebu jën neex na lekk te baax na ci yaram. Wànte bu ma ko lekkul, duma ci jële benn njériñ. Fàww ma lekk ci! Naka noonu itam fàww ma lekk ci Kàddug Yàlla, giy dundal sama xol, su ma bëgge taasu ci barkeem. Looloo tax Yàlla wax ci Mbind mi ne: "*Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla!*" **(Mc 4:4**) Te it: "*Yeen ñi **xiif te mar** njub, barkeel ngeen, ndax dingeen regg!*" **(Mc 5:6**) Ndax xiif nga Kàddug Yàlla? Aw ñam la. Ñam wu neex. Du ñam wiy dundal sa yaram, wànte ñam wiy dundal sa xol.

Kon nag, yeen ñi ragal Yàlla te fonk Kàddoom: Fexeleen a topp emisyoŋ *YOONU NJUB* ak takkute ngir ngeen man a yaatal seen xam-xam ci li Yàlla wax bu yàgg, jaarale ko ci ay yonentam. Yàlla wax na! Te Yàlla bëgg na wax ak yaw! Yàlla sopp na la, te bëgg na it nga déglu kàddoom ba xam ni nga man a jube fa kanamam!

Bala nuy tàggook yeen, am na leneen lu nu bëgg a leeral. Ci sunu emisyoŋ yi nag dunu sukkandiku ci dara lu dul li nekk ci Mbindi yonent Yàlla yi. Nun ñiy waajal emisyoŋ yi, ci sunu bopp, xamunu dara lu dul lu nu Yàlla xamal jaarale ko ci ay yonentam. Li Yonent Yàlla Yaxya waxoon ci Linjiil mooy dëgg: "*Kenn mënul a am dara, lu ko Yàlla joxul*." **(Yow 3:27**)

Kon nag, amunu fitu wax leneen, lu dul li Yàlla wax ci Mbind mu sell mi jaarale ko ci ay yonentam. Ñemewunu sukkandiku ci sunu xam-xamu bopp walla leneen. **Ci Kàddug Yàlla doŋŋ lanuy sukkandiku**. Li nu bëgg, mooy wone li Yàlla wax ci kàddoom jaarale ko ci ay yonentam.

Ndax xam nga lu Yàlla wax? Ndax bokk nga ci ñi xiif te mar Kàddug Yàlla ak njubteem? Yàlla feeñal na màggaayam ak mbëggeelam ak coobareem ci Kàddoom gu sell gi. Nanga gëstoondook nun fii ci *YOONU NJUB* ba xam bu baax lu Yàlla wax. Ndaxte Kàddug Yàlla ne na: "*Lépp lu ñu waxoon ci Mbind mi lu jiitu tey, dañu koo tëraloon, ngir nu sàkku ci xam-xam, xam-xam bu nuy may fit ak muñ, ak di feddali **sunu yaakaar***." **(Ro 15:4**)

Kon nag, nanu xam lii: **Yàlla wax na**! Te **Yàlla dafa bëgg ñépp déglu te dund**! Mag ak ndaw, góor ak jigéen, boroom alal ak baadoolo...Yàllaa ngi leen di wax yeen ñépp: "*Dégluleen! Ubbileen seeni nopp, te ñëw ci Man; dégluleen, te seen xol dina dund*!" **(Isa 55:3**)

Kon nag, mbokk yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Emisyoŋ bi di ñëw, ci coobare Yàlla, dinanu dugg ci sunu ñaareelu jàng mi tudd: 'NAN LA YÀLLA MEL?' Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis. Y-O-O-N-U N-J-U-B / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku woote bu réy, bi Yàlla jëmale ci yeen ñépp: "***Dégluleen! Ubbileen seeni nopp, te ñëw ci Man; dégluleen, te seen xol dina dund***!" **(Isa 55:3**)

# 2  Kan mooy Yàlla?

(Njàlbéen ga 1:1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ yi danuy benn-bennal **nettaliy yonent Yàlla** yu jëkk ya tey gëstu ci Mbind mu sell, mi ñu bindoon, ngir nu man a xam bu baax lan mooy yoon wu jub wi Yàlla tëral, ngir nit jub ci kanamam. Ci sunu emisyoŋ bu jëkk, jàngoon nanu ci lu jëm ci Mbindi yonent yi. Gisoon nanu ne amoon na yonent yu bare yu bind ci Mbind mu sell mi – wànte Kenn rekk moo ko sos, te kooku moo di Yàlla.

Ci njàng mi weesu, bàyyee woon nanu leen benn xalaat bu am maanaa lool. Xalaat boobu moo doon lii: **Yàlla wax na!** Yàlla wax na ak nit jaarale ko ca yonent ya! Te gisoon nanu tamit ne, ba tey, Yàlla dafa bëgg a wax ak nun jaarale ko ci Mbindi yonent yi! Yàlla du soppiku mukk te kàddoom waxi noppi. Ci jamano ju nekk, Yàlla dafa ca daan aar kàddoom. "*Kenn mënul a randal waxi Yàlla*." **(Yow 10:35**) "*Àddina si day wéy ... waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww!*" **(1Yow 2:17 1Pi 1:25**) Moom la Mbind mi wax.

Kon nag, tey jii, dinanu dugg ci **téere bi jëkk ci Mbind mu sell mi**. Ñu koy wooye: '**Tawreet**'. Téere bu jëkk bi, Yàlla soloon na ko ci xelum yonent bu tudd Musaa. Yàlla waxoon na Musaa li mu war a bind, te mu bind ko cib téere. Boobaak léegi am na ñetti junniy at ak juróomi téeméer. Tawreet nag, **juróomi téere** la, walla juróomi xaaj. Xaaj bu jëkk bi lañuy wooye '**Njàlbéen ga**'. Am na juróom-fukki saar ci téere 'Njàlbéen ga'. Téere bu jëkk bi dafa tudd 'Njàlbéen ga' ndaxte moo nuy nettali li xewoon ca njàlbéen ga.

Fàww nu xam bu baax téere bi jëkk ci Tawreet, ndaxte **mooy fondamaa bi Yàlla teg**, ngir nu man a dégg lépp lu mu wax ci yeneen téerey yonent yi ci topp. Ci téere bii, dinanu ci xóotal sunu xam-xam ci ay dëgg yu bare te am solo. Dinanu gëstu ci lu jëm ci Yàlla ak nu mu mel. Dinanu jàng ci mbiru malaaka ya ak Seytaane. Asamaan ak suuf. Bàyyima yi ak nit ñi. Dinanu gis ni bàkkaar dugge ci àddina ba indi naqar te yàq lu bare. Waaye dinanu gëstu it, ba xam yoonu mucc wi Boroom bi Yàlla tëral ngir bàkkaarkat man a dellusi ci Yàlla, ba am diggante bu neex ak Moom. Dinanu jàng ci mbiru diine yu jëkk ya dul woon dëgg. Ci nettali yu jëkk yi, dinanu gis nit ñu jëkk ña. Te it, dinanu seet bàkkaar bu jëkk ba. Bóomkat bu jëkk ba. Xeet yu jëkk ya. Yonent yu jëkk ya. Dinanu gëstu ci nettaliy Aadama ak Awa. Kayin ak Abel. Yonent Yàlla Nóoyin ak mbënnu ndox ma. Yonent Yàlla Ibraayma ak nettali tabaski. Ismayla ak Isaaxa. Esawu ak Yanqóoba. Yuusufa ak magam yu soxor. Téere bi jëkk ci Tawreet moo ëmb loolu lépp ... ak yeneen ak yeneen.

Kon nag, mbokk yi, léegi nu ngi leen di ñaan, ngeen déglu bu baax, ndaxte waxtu wi nu war a tàmbali sunu njàng ci Mbind mu sell mi, agsi na. Ci téere bi jëkk ci Tawreet, saar benn, aaya benn, lii lanu ciy jàng: "***Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf***." **(Ge 1:1**) Fii lanu war a tàmbalee ci sunu jàng ci waxi yonent yi, ndaxte fii la Yàlla ci boppam tàmbalee ci téereem: "*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf*."

Aaya bii, am na ci lu nu war a xalaat. Lan moo amoon laata Yàlla di sàkk asamaan ak suuf, laata àddina si di nekk? Mbind mi dafa nuy won ne: dara amul woon, lu dul Yàlla. Moo tax mu ne: "*Ca njàlbéen ga – Yàlla*!"
Lépp lu nu man a gis ak lépp lu nu man a laal, ca njàlbéen ga la tàmbalee am. Ca njàlbéen ga amul woon asamaan mbaa suuf, géej mbaa garab. Ca njàlbéen ga, laata Yàlla di sàkk asamaan ak suuf, amul woon jant bi, mbaa weer wi ak biddiiw, yi nekk tey ci jaww ji. Ca njàlbéen ga amul woon nit mbaa malaaka. Amoon na jamano joo xam ne dara nekkul woon! Dara ... lu dul **Yàlla**!

Kon, loolu moo tax nuy jàng ci aaya bi jëkk ci téere bi jëkk ci Mbind mu sell mi: "*Ca njàlbéen ga **Yàlla** sàkk na asamaan ak suuf*." Mbind mi waxul: "Ca njàlbéen ga Yàlla **ak** malaaka yi..." Walla "Ca njàlbéen ga Yàlla

**ak** nit ñi...” Déedéet. Mbind mu sell mi dafa ne: ‟*Ca njàlbéen ga **Yàlla***!” Ca njàlbéen ga, ba dara amul woon, ba àddina ak malaaka ya ak nit ña sosoogul ... Kenn rekk a doon dund! Kooku, moo di **Yàlla**!

Kon nag, li nu Yàlla bëgg a xamal jaarale ko ci aaya bi jëkk ci Mbind mu sell mi, mooy lii: **Yàlla amul njàlbéen**. Yàlla sosuwul ca njàlbéen ga. Yàlla mooy Boroom Àllaaxira! Lépp lu nu xam te gis ko fii ci àddina si am na njàlbéen. Wànte Yàlla amul njàlbéen. Amul cosaan. Amul moroom. Moom doŋŋ a nekkoon ca njàlbéen ga! Kenn juru ko. Kenn sàkku ko te sàkkul boppam! Moo tax nuy jàng ci Mbind mu sell mi: ‟*Ca njàlbéen ga **Yàlla!***” Moom kenn moo amul njàlbéen. Mooy Kiy nekk di dund ba fàww! Mooy Kiy sax ba abadan. Aji Sax ji la tudd! Ni mu mel tey la meloon démb. Ni mu mel démb ak tey lay mel ba fàww. **Yàlla du soppiku mukk**!

Am na leneen lu nu man a xam jaarale ko ci aaya bi wax, ne: ‟*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf.*” Mooy lii: **Yàlla màgg na**! Yàlla mi sàkk lépp, moo gën a màgg lépp ak ñépp. Yàlla mooy Aji Bind, ji sàkk lépp! Ci dëgg-dëgg, nun ñi xam Yàlla, man nanu wax ak sunu xol bépp: Allahu Akbar! Yàlla màgg na! Amul moroom! Moo ëpp kàttan lépp lu nekk ci àddina si – géej, ngelaw, jant bi ak biddiiw yi. Moo ëpp xel jinne yi ak nit ñi! Moo yelloo ndam ba fàww! Ni kiy tabax kër ëppe maana kër ga muy tabax, noonu la Yàlla sute lépp, ndaxte Yàlla mooy ki sos lépp! Yàlla màgg na! Ci kàttanu boppam lay dunde. Wéeruwul ci dara. Sukkandikuwul ci kenn! Yàlla moo gën a màgg lépp! Soxlawul kenn. Soxlawul dara! Mooy Aji Màgg ji!

Nun nit ñi, am nanu ay soxla yu bare. Bés bu nekk danu war a noyyi, di nelaw, di naan tey lekk. Sunuy soxla bare na lool! Danuy soxla jant bi ak taw bi, ñam ak ndox, yére ak kër, baay ak yaay, xarit ak xaalis, ak ñoom seen. Sunuy soxla bare nañu lool! Waaye Yàlla Aji Sax, ji sos lépp – soxlawul dara! Du xiif, du mar, du sonn mukk! Amul yaram ni nit ñi. Amul àpp. Amul muj. Mooy Yàlla Aji Sax ji! **Mooy Aji Kàttan ji**!

Léegi nag, laaj bu am maanaa ngi nii: Su fekkee ne Yàlla melul ni nit ñi te amul yaram ni nun, kon, naka la Yàlla Mel? Mbind mu sell mi tontu na ci tont bu leer. Ne na: ‟*Yàlla **xel la**, kon ñi koy jaamu war nañu koo jaamu ci xel ak ci dëgg.*” **(Yow 4:24**) Naka la Yàlla Mel? ‟**Yàlla xel la**!” Nit mooy yaram ak xel, wànte Yàlla xel kese la.

Ci àddina sii, am na ñuy wax ne, ‟Man, masuma gis Yàlla. Kon, Yàlla amul!” Nit ñiy weddi ne Yàlla am na, danu leen bëgg a laaj: ‟Ndax mas ngeen gis benn ‘atome’? walla ‘oxygène’ bi ngeen di noyyee? Ndax mas ngeen gis ngelaw? Ngelaw, kenn mënu ko gis, teewul xam ngeen ne ngelaw am na, ndaxte man nga gis li muy jur. Man nga gis garab, yi ngelaw li di yengal ... wànte ngelaw moom ci boppam, kenn mënu ko gis. Noonu la mel ak Yàlla. Mënunu gis Yàlla, ndaxte Yàlla xel la, te nit ku ànd ak jëmmam mënul a gis ay xel. Wànte xam nanu ne Yàlla am na ndaxte gis nanu li Yàlla sàkk. Te man nanu xam nu Yàlla mel su nu gëstoo ci kàddoom.

Kon nag, Yàlla xel la. Te Xelu Yàlla amul àpp. Mu ngi fépp. Yàlla moo tiim lépp ak ñépp. Feesal na lépp. Gis na lépp. Guddi ak bëccëg ñoo yem fa Yàlla. Soo nëbboo ci sa néeg ... Yàllaa nga fa te gis na la! **Yàlla xam na lépp**! Xam na say xalaat ak say mébéti xol! Yàlla màgg na!

Kon, naka la Yàlla mel? Xëy na li nu jàng tey man nanu ko tënke nii: **Yàlla melul ni kenn**! Yàlla moo di Yàlla te amul moroom! Ci sunu njàng yiy ñëw fii ci emisyoŋ *YOONU NJUB* dinanu yokk sunu xam-xam ci lu jëm ci melokaanu Yàlla. Ci Mbind mu sell mi Yàlla am na lu ëpp ñaar téeméeri tur. Moom, mooy: Yàlla Aji Sax ji! Aji Kawe ji! Aji Kàttan ji! Aji Bind ji! Aji Dundal ji! Aji Leer ji! Aji Jub ji! Aji Sell ji! Aji Yërmande ji! Aji Mbëggeel ji! Mooy Yàlla Aji Dund ju Dëggu ji!

Ci dëgg-dëgg Yàlla, mi sàkk asamaan ak suuf ca njàlbéen ga, **Aji Màgg la**! Moo tax Mbind mi ne:

‟*Xelum Yàlla ni mu xóote, ak xam-xamam ni mu baree, ba raw xelum nit.... Ndaxte ci moom la lépp sosoo, ci moom la lépp di jaar, ci moom la lépp di dellu!*” **(Ro 11:33,36**)

‟*Moom kenn mooy Boroom bu tedd bi, di Buuru buur yi ak Kilifag kilifa yi. Moom kenn a jagoo dund gu sax, dëkk ci biir leer gu kenn mënta jege; moom mi nit musul a gis, te nit mënu koo gis. Moom kenn a yelloo teraanga ak màggaay ba fàww. Amiin!*” **(1Tim 6:15,16**)

Ci Mbind mi, Yonent Yàlla Musaa yéene na màggug Yàlla ci wenn woy wu neex, naan: ‟*Say jëf réy nañu te yéeme, yaw Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji. Say yoon jub nañu te dëggu, yaw Buur bi fiy sax abadan. Ku la ragalul, Boroom bi? Ku dul màggal saw tur? Kenn, ndaxte yaw rekk yaa sell!*” **(Pe 15:3,4**)

Yàlla màgg na! Te aaya bi jëkk ci Mbind mu sell mi yégle na ko bi mu ne: ‟*Ca njàlbéen ga **Yàlla**!*”

Kon nag, mbokk yi, nanu denc ci sunu xel lii: **Yàlla doŋŋ** a nekkoon ca njàlbéen ga! Te kon, **Yàlla doŋŋ** a nu man a xamal dëgg gi ci li xewoon ca njàlbéen ga. Te Yàlla doŋŋ a nu man a xamal dëgg gi ci li nar a xew ca àllaaxira! Te it, **Yàlla doŋŋ** a nu man a xamal dëgg gi ci lu jëm ci boppam!

Waaw, dégg nanu ñuy wax, ‟Kenn mënul a xam Yàlla mbaa luy xewi àllaaxira.” Waaye ñi xam te gëm Mbindi yonent yi, xam nañu ne, **man nanu xam Yàlla**, te it, **man nanu xam fan lanu war a nekk diirub àllaaxira**! Ndaxte Kàddug Yàlla ne na:

‟*Maa ngi leen di bind yëf yii ... ngir ngeen **xam** ne, am ngeen dund gu dul jeex!*” **(1Yow 5:13**) ‟*Lu bët gisul, nopp déggu ko te xel xalaatu ko, loolu la Yàlla dencal ñi ko bëgg. **Fekk nag nun la ko Yàlla won, jaarale ko ci Xelam**. Xelum Yàlla mooy leeral lépp, ba ci xalaati Yàlla yi gën a xóot!*” **(1Ko 2:9,10**)

Yaw miy déglu tey, **ndax xam nga Yàlla ci boppam**? Walla dafa nekk ci yaw Aji Bind ju sore, ji kenn mënta xam? Li Yàlla bëgg mooy nga xam ko te dëkk ak Moom ba fàww! Mbindi yonent yi dafa nuy faramfàcceel ni nu man a ame diggante bu neex te jege ak Yàlla, wànte fàww nu ubbi sunuy nopp ak sunuy xel ak sunuy xol ci li nu Yàlla bëgg a wax jaarale ko ci kàddoom. Looloo tax Yàlla ne: ‟*Dégluleen! Ubbi leen seeni nopp, te ñëw ci Man; dégluleen, te seen xol dina dund!*” **(Isa 55:3**)

Kon nag, fii lanuy yem tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Bu soobe Yàlla, ci emisyoŋ bi di ñëw dinanu dugg ci sunu ñetteelu njàng mi tudd: 'Seytaane ak Malaaka ya, fu ñu jóge?' Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis. Mooy: *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku li Yàlla Aji Sax ji wax ci kàddoom, bi mu naan: ‟***Yàlla xel la, kon ñi koy jaamu war nañu koo jaamu ci xel ak ci dëgg***.” **(Yow 4:24**)

# 3 Seytaane ak malaaka yi

(Njàlbéen ga 1:1; Esayi 14; Esekiyel 28)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci sunu emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu aaya bi jëkk ci Mbind mu sell mi tey wax ne: ‟*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf*.” **(Ge 1:1**)

Gisoon nanu ne: lépp am na njàlbéen, ba mu des Yàlla. Ca njàlbéen, ga dara amul woon, amoon na Kenn rekk ku doon dund. Kooku, moo di **Yàlla**. Moom doŋŋ a nekkoon ca njàlbéen ga! Yàlla mooy Boroom Àllaaxira! Yàlla màgg na te amul moroom! Amul njàlbéen te amul muj. Amul soxla. Amul àpp. Yàlla xel la, te man na nekk fépp ci waxtu wu nekk. Moo tiim lépp ak ñépp. Feesal na lépp. Gis na lépp. Xam na lépp! Kenn rekk la. Yàlla màgg na! Moo tax Mbind mu sell mi ne:

‟*Moom kenn a jagoo dund gu sax, dëkk ci biir leer gu kenn mënta jege; moom mi nit musul a gis, te nit mënu koo gis. Moom kenn a yelloo teraanga ak màggaay ba fàww. Amiin*.” **(1Tim 6:16**)

Tey jii nag, danuy dugg ci sunu ñetteelu njàng ci Mbindi yonent yi. Fas nanu yéene gëstu ci lu jëm ci **malaaka yi ak Seytaane**. Ndax xam nga fu malaaka yi jóge? Seytaane nag? Mënunu ko woon a xam su nu ko Yàlla waxul woon, wànte Yàlla wax na nu ko ci Kàddoom. Kon nag, nanu gëstoondoo ci Mbind mu sell mi ngir xam lu Yàlla wax ci lu jëm ci malaaka yi ak Seytaane.

Nu ngi leen di fàttali ne: li nuy jàng ci emisyoŋ *YOONU NJUB*, njàng mu ‛chronologique’ lay doon. Moo tax, emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ci lu jëm ci Yàlla ci boppam, ndaxte Yàlla mooy ki nekkoon ca njàlbéen ga. Bu soobee Yàlla, ci emisyoŋ bi di ñëw dinanu nettali ni Yàlla sàkkewoon àddina si ak lépp li mu ëmb. Wànte laata Yàlla di sàkk nit ñi ak lépp li nekk ci kaw suuf, am na leneen lu mu **jëkkoon a sàkk**. Mooy **malaaka yi**.

Tey, amunu jotu jàng lépp li kàddug Yàlla wax ci mbirum malaaka yi. Wànte dinanu jéem a tënk dëgg yi gën a am maana ci Mbind mu sell mi ci lu jëm ci mbindeef yooyu. Kàddug Yàlla dafay jàngale ne ca jamano ju yàgg, ya Yàlla miy xel, sàkkoon na **yeneen xel yu baree-bare**, yu tudd: ay ‛**malaaka**’. Mooy li Kàddug Yàlla wax, bi mu naan:

‟*Malaaka yépp ay xel lañu rekk ... Yàlla def na malaaka yi, ñu mel ni ay ngelaw, ñooñoo koy liggéeyal, mu def leen niki safara*.” **(Yt 1:14,7**)

Kon, Mbind mi jàngal na nu ne: Malaaka yi, ni Yàlla, ay xel rekk lañu, yu mel ni ngelaw ak safara. Ngelaw, kenn mënu ko gis. Safara, kenn mënu ko laal. Noonu la ak malaakay Yàlla yi. Yàlla sàkkalu leen yaram ni nit. Nun nit ñi, xel ak yaram lanu. Wànte malaaka yi, ay xel kese lañu. Looloo tax mënunu leen gis.

Ñaata malaaka la Yàlla sàkkoon? Lan la Mbind mi wax ci loolu? Dafa wax ne Yàlla sàkk na ay xel yu baree-bare ba kenn mënu leen waññ. Am na ca kaw, ca jetaayu Yàlla, ay ‟*malaaka yu bare, yu ëpp alfunniy alfunniy junniy junni!*” **(Pe 5:11**)

Ci dëgg-dëgg, Yàlla sunu Boroom **dafa màgg**! Yàlla, mi amul àpp, moo sàkk junniy-junniy malaaka, yu rafet te baax, am doole ak xam-xam. Mbind mi dafa nuy won ne, malaakay Yàlla, am nañu kàttan gu réy-a-réy! Ñoo nu ëpp kàttan. Wànte am nañu àpp ni bépp mbindeef. Mënuñu nekk fépp, xamuñu lépp te **mënuñu lépp**. Ay mbindeef rekk lañu. Kenn rekk mooy Ki amul àpp ... muy Yàlla.

Leneen li nu war a xam ci lu jëm ci malaaka yi mooy lii: Bi Yàlla sàkkee malaaka yi, ay **mbindeef yu sell** lañu woon, ñoom ñépp. Ca njàlbéen ga, amul woon benn malaaka mu bon. Ca njàlbéen ga, Ibliis amagul woon. Amul woon ay jinne, maanaam ay rab yu bon. Yàlla sàkkul woon malaaka yu bon. Fàww nu denc dëgg gii ci sunu xel: Lenn rekk la Yàlla mënul a def. Yàlla mënul a def lu bon. Bu nu ko fàtte. Yàlla mënul a sàkk lu bon, ndaxte Yàlla **ku baax la**! Yàlla mënul a juum, ndaxte **ku mat la**! Bàkkaar mënul a soqikoo ci Yàlla, ndaxte Yàlla ku sell la. Lépp lu Yàlla di xalaat, di ko wax, di ko def – dafay baax, **mat te sell**. Moo tax Mbind mi ne: "*Yàlla jegewul ag mbon fenn, te du fiir kenn!*" **(Sa 1:13**) Lu bon nag, fan la jóge kon? Dinanu gis tontub Yàlla ci kanam tuuti. Wànte bala boobu, am na leneen lu nu war a jëkk a xam ci lu jëm ci malaaka yi.

Li nu bëgg a xam mooy lii: **Lu tax** Yàlla sàkk malaaka yi? Mbind mi jàngal na nu ne: Yàlla sàkkoon na leen ngir ñu man a nekk ak Yàlla, **di ko bëgg, di ko màggal, di ko liggéeyal** ci mbégtem asamaan ba fàww! Yàlla moo leen moomoon, ñoom ñépp, ndaxte moo leen sàkkoon. Ci 'këru' Yàlla lañu nekkoon, maanaam ci kaw, ci asamaan – fa gën a sore weer wi, jant bi ak biddiiw yi. Ndax xamoon nga ne, am na **bérab bu sell, bu Yàlla dëkk**? Waaw, ci sunu njàng mi weesu, gisoon nanu ne: Yàlla mu ngi fépp. Teewul Mbind mi dafa nuy wax ne, am na benn bérab bu sell, leer te rafet bu Yàlla dëkk ci ndamam lu réy! Yonent Yàlla yi dañuy tudde bérab boobu: '*Jetaayu Yàlla*' walla '***Àjjana***' mbaa '*Asamaan*'. Foofu mooy fa Yàlla nekk ak ay malaakaam yu sell.

Des na leneen lu nu war a xam ci mbirum malaaka yi. Mooy lii: Malaaka, yi Yàlla sàkkoon, **yemuñuwoon**. Am na ay malaaka yu gën a rafet te ëpp xel yeneen yi. Am na ay malaaka yuy wër gàngunem Yàlla ci asamaan. Am na yeneen, yuy dimbali nit ñi ci àddina te di leen aar. Am na yeneen, ni **Jibril** ak **Mikayel**, yuy taxaw ci kanamu Yàlla te mu leen di yónni ci nit ñi.

Am na yeneen yu nekk ay kilifa ci malaaka yi. Ndax mas nga dégg turu **Lusifer**? Kàddug Yàlla nettali na nu ne: amoon na jamano, joo xam ne, Lusifer moo doon kilifag malaaka yépp. Soo xamee nettalib Lusifer, dinga xam fu Seytaane ci boppam jóge.

Mbind mi nettali na nu ne: Bi Yàlla sàkkee malaaka yi, **Lusifer a doon malaaka mi ci gën a rafet, ëpp ci xel ak doole**. Lusifer mu ngi tekki: '*Kiy melax*'. Lusifer moo sutoon yeneen malaaka yépp – ci rafetaay, ci xel ak xam-xam ak ci doole ak sañ-sañ. Yàlla mayoon na ko taar ak xel mu jéggi dayo. Lusifer waroon na jaamu Yàlla, bëgg ko te déggal ko, ndaxte Yàllaa ko sàkk te barkeel ko lool!

Wànte kàddug Yàlla ne na, amoon na bés, Lusifer xeeb Yàlla ci xolam di **bàkku**. Lusifer ne: "Man, Rafet naa lool ... am naa xel ... ku yéeme laa! **Dinaa yéeg** ... **Dinaa jël** palaasu Yàlla ... **Dinaa toog** ci gànguneem! **Dinaa mel** ni Yàlla Aji Kawe ji! Man, maay Yàlla ... man, maay Buur bi!" **(Isa 14:13-14**)

Doy na waar de! Lusifer, mi amul woon dara lu ko Yàlla mayul, bëggoon na sàcc ndamu Yàlla Aji Kawe ji! Te du Lusifer rekk moo bañoon kilifteefu Yàlla ... wànte **benn cér ci ñett ca malaaka**, ya nekkoon ca asamaan, tànnoon na topp Lusifer ci bàkkaaram ba dëddu Yàlla Aji Sax ji! **(Pe 12:4**)

Wànte Yàlla moo di Yàlla, te xamoon na lépp li Lusifer ak ay malaakaam fasoon yéene def. Ni nu ko gise woon ci emisyoŋ bi weesu, kenn mënul a def dara lu ump Yàlla, ndaxte Yàlla xam na lépp, bala muy jot sax! Yàlla gisoon na bàkkaar bi nekkoon ci xolu Lusifer ak ci xoli malaaka yi ko toppoon.

Kon nag, lu xewoon? Lu Yàlla defoon? Ndax Yàlla manoon na bàyyi Lusifer, mi bañoon kilifteefam, mu jël palaasam? Ndax Yàlla man na dékku bàkkaar? **Ndax Yàlla man na dëkkandook bàkkaaru réylu ak bañ-kilifteefam**? Mukk! Mbindi yonent yi, dañu nuy jàngal ne: Yàlla, sunu Yàlla, dafa sell ba mënul a xool lu bon, te mënul a dékku bàkkaar te Yàlla du jox keneen ndamam! Yàlla Kenn la te kenn mënu koo wuutu!

Naka noonu, Mbind mi wax ne: **Yàlla dàqoon na Lusifer ak malaakaam yu bon yi fu sore ndamam lu réy**. Lusifer ak ñi ko toppoon, mënatuñu woon dëkk ci asamaan, ci këru Yàlla, ndaxte defoon nañu bàkkaar ci li ñu bëggoon a jël palaasu Yàlla! Looloo taxoon Yàlla daaneel Lusifer ak ay malaakaam yu bon. Yàlla,

ku sell la, te képp ku bañ kilifteefam, fàww mu àtte ko.

Gannaaw ba Lusifer defee bàkkaar, Yàlla soppi turam. Tuddatul woon Lusifer, '*kiy melax*', waaye **Seytaane** la tuddoon, liy tekki '*bañaale*'. Léegi Lusifer, walla Seytaane, doon na bañaaleb Yàlla! Ba tey, Seytaane ak ay malaakaam dañu bañ Yàlla ak lépp lu baax. Dañu bañ kàddug Yàlla di ko weddi. Ba tey Seytaane day xeex ak Yàlla tey jéem a yàq aka fanq jëfi Yàlla. Wànte Yàlla Àttekat bu Màgg la te kenn mënu ko raw!

Kon, Mbind mu sell mi dafa nuy xamal ne: Gannaaw ba Yàlla dàqee Seytaane ak ay malaakaam, sàkkal na leen **safara su dul fey**. Bés dina ñëw, Yàlla sànni ci safara soosu Seytaane ak ay malaakam, ak képp ku leen topp. Kon, Mbind mi ne na: "*Dinañu leen mbugal foofa guddeek bëccëg ba fàww!*" **(Pe 20:10**)

Wànte Seytaane nekkagul ci safara. Kàddug Yàlla dafa wax ne, mi ngi ci kaw suuf, **ci sunu àddina** te di xeex ak Yàlla. Yàqkat la. Dafa bëgg a nasaxal jëfi Yàlla. Dafa bëgg a sànk nit, ñi Yàlla sàkk. Te Kàddug Yàlla dafa nu jàngal ne, **li ëpp ci nit ñaa ngi tëdd ci loxoy Seytaane, wànte xamuñu ko**, ndaxte Seytaane **naxkat** la. Looloo tax Mbind mi ne: "*Seytaane moom ci boppam day mbubboo malaakam leer.*" **(2Ko 11:14**) Day jéem a nax nit ñi, ngir ñu baña faale Kàddug Yàlla. Moo tax Yàlla ne: "*Maanduleen te foog, ndax seen noon Seytaane mu ngiy wër, ni gaynde guy yëmmu, di rëbb ku mu yàpp!*" **(1Pi 5:8**)

Wànte cant ñeel na Yàlla, moom mi nu jox kàddoom ngir nu man a rëcc ci dooley Seytaane. Mbind mi ne na: "*Dingeen xam dëgg gi, te dëgg gi dina leen goreel!*" **(Yow 8:32**)

Ndax xam nga dëgg, gi la man a goreel ci pexey Seytaane yu soxor yi? Bu nu fàtte: **Seytaane** moo nu ëpp xel. **Wànte Yàllaa** ko ëpp xel! Seytaanee nu ëpp doole. Wànte Yàllaa ko ëpp doole! Ndax xam nga kàddug dëgg gi? Nit ñu bare, bëgguñu dégg dëggug Yàlla. Lu tax ñu bañ dégg dëgg gi? Ndaxte Ibliis a leen nax. Dafa leen xiir ci gëm lu dul dëgg. Ci lu wóor, léeg-léeg, dëgg gi du neex a dégg. "Dëgg, kaani la." Wànte boo xamee dëggu Kàddug Yàlla gi, te nga gëm ko, dëgg googu dina la goreel ci dooley Seytaane. **Dëggu Yàlla gi**, man na goreel nit ñi ci **feni Ibliis**. Wànte fàww nga xam dëgg gi, te gëm ko!

Dégluleen li Kàddug Yàlla wax:

"*Samay soppe, buleen gëm xel mu nekk, waaye nattuleen xel yi, ba xam ndax ci Yàlla lañu jóge walla déet, ndaxte naaféq yu bare yu mbubboo turu yonent jóg nañu, tasaaroo ci àddina si!*" **(1Yow 4:1**) "*Buleen ... xeeb waxu yonent yi. Waaye seetleen mbir yépp, jàpp ci li baax, dëddu lépp lu ci bon.*" **(1Tes 5:20-22**)

**Ndax xam nga bu baax li yonent Yàlla yi bindoon**? Ndax dégg nga kàddug dëgg gi? Ndax gëm nga ko ci sa biir xol?

Kon nag, mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox daje emisyoŋ bi di ñëw, ngir gëstoondook yeen ci lu jëm ci ni Yàlla sàkke àddina si. Su fekkee ne am na dara loo bëgg a laaj ci li nu jàng tey, bind nu ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis. / Mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku dig gu neex, gi nekk ci Kàddoom: "***Dingeen xam dëgg gi, te dëgg gi dina leen goreel!***" **(Yow 8:32**)

# 4  Ni Yàlla sàkkewoon àddina si

(Njàlbéen ga 1:1-26)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci sunu emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu li Mbindi yonent yi wax ci lu jëm ci **malaaka yi ak Seytaane**. Jàngoon nanu ni Yàlla sàkkewoon, ca njàlbéen ga, ay alfunniy alfunniy junniy junni xel yu sell, tudde leen ay malaaka. Ci biir malaaka yi, amoon na ci benn bu gënoon a am xel te gën cee rafet. Malaaka moomu mu ngi tuddoon Lusifer. Wànte amoon na bés, Lusifer bàkku, di xeeb Yàlla ci biir xolam, ba bëgg a jël palaasu Yàlla sax. Te amoon na it, yeneen malaaka yu bare yu tànnoon topp Lusifer ci bàkkaaram. Wànte Yàlla, mi mënul a dékku ñi ko bañ, dàqoon na Lusifer ak malaakaam yu bon ya, fu sore jetaayam bu sell ba. Yàlla soppi woon na turu Lusifer mu nekk '*Seytaane*', liy tekki: '*bañaaleb Yàlla*'. Gannaaw ba Yàlla dàqee Seytaane ak ay malaakaam, mu sàkkal leen safara su dul fey. Te benn bés Yàlla dina sànni ci safara soosu Seytaane ak képp ku ko topp. Wànte Seytaane tàbbeegul ca safara soosa. Ba tey, mu ngi ci àddina si, di fexee sànk ku mu man.

Tey nag, danuy dugg ci sunu ñeenteelu njàng ci Mbindi yonent yi. Ci téere bi jëkk ci Tawreet, ñu koy wooye '*Njàlbéen ga*', ci saar bu jëkk, ci aaya benn ak ñaar, Mbind mi ne na:

"*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf. Suuf nag da ne mëlëŋ ne wëyëŋ; lëndëm gi muur déndu ndox yi.*" **(Ge 1:1-2)**

Ca njàlbéen ga, bi Yàlla jëkkee sàkk asamaan ak suuf, amul woon dara luy dund fii ci àddina. Lépp a newoon wëyëŋ te lëndëm. Seytaane ak ay malaakaam rekk ñoo fi nekkoon. Wànte Yàlla doon na rabat pexe ngir sàkk nit, koo xam ne, man na xam Yàlla, bëgg ko te déggal ko ba fàww! Waaye laata muy bind nit, Yàlla fasoon na yéene defar àddina su neex, fu nit ki mu naroon a sàkk, man a dëkk ci naataange gu mat. Tey jii nag, dinanu seet **ni Yàlla waajale woon àddina** si ngir nit, ki mu fasoon yéene sàkk.

Lan la Mbind mi wax ci lu jëm ci ni Yàlla sàkke àddina si? Nee na: "*Ci juróom-benni fan la Yàlla Aji Sax ji sàkk asamaan, suuf, géej ak li ñu ëmb lépp.*" **(Ex 20:11)** Kon, nanu gëstoondoo tuuti ci saar wi jëkk ci Mbindi yonent yi, ba gis lu Yàlla sàkk ci juróom-benni fan yooyu.

1.) Ci lu jëm ci bés bu jëkk ba nag, Mbind mi ne na:

"*Xelum Yàlla yiir ndox mi, mel ni picc muy dayaarlu. Noonu Yàlla ne: 'Na leer gi nekk!' Leer gi daldi am. Yàlla gis ne, leer gi lu baax la, mu xàjjale leer gi ak lëndëm gi. Yàlla tudde leer gi: bëccëg; lëndëm gi: guddi. Ngoon jot, suba dugg, muy bés ba jëkk.*" **(Ge 1:2-5)**

Ci bés bu jëkk ba nag, Yàlla joxe ndigal ne: "*Na **leer gi** leer ci biir lëndëm gi!*" Te it, Yàlla sant suuf, si mel ni wërngal bu réy ci asamaan, muy wëndéelu benn yoon ci ñaar fukki waxtu ak ñeent yu nekk. Loolu moo tax ba tey, nu am daanaka fukki waxtu ak ñaar ci bëccëg bi ak fukki waxtu ak ñaar ci guddi gi. Yàlla sosoon na àddina si ngir muy wëndéeloo noonu ba xàjjale leer gi ak lëndëm gi.

2.) Ci lu jëm ci ñaareelu bés ba, Mbind mi ne na:

"*Yàlla ne: 'Na jaww dox diggante ndox yi, ngir xàjjale leen, yii ak yale.' Noonu Yàlla bind jaww ji, xàjjale ndox yi féete kaw jaww ji ak yi ko féete suuf. Mu daldi nekk noona. Yàlla tudde jaww ji: asamaan.*" **(Ge 1:6-8)**

Kon, ca ñaareelu fan ba Yàlla sàkkoon na **asamaan si wër àddina si** – li nuy wooye ci Faraanse: '*Atmosphère*'. Atmosphère mooy jaww, ji nga xam ne, moo wër àddina si te ëmb ngelaw li nuy noyyee. Jaww jooju, mooy aar lépp ak ñépp ci tàngaayu jant bi ak ci yeneen musiba yu bare. Su asamaan soosu amul woon, nit du mën a dund ci kaw suuf.

3.) Ca ñetteelu bés ba nag, Yàlla sàkkoon na **géej ak suuf su wow ak gàncax gi**. Dégluleen li Mbind mi wax:

"*Yàlla ne: 'Na ndox yi féete suuf asamaan gëndoo benn bérab, ba dénd bu wow bi feeñ.' Mu daldi nekk noona. Yàlla tudde dénd bu wow ba: suuf; ndox ya gëndoo: géej. Te Yàlla gis ne, baax na. Yàlla ne: Na suuf si sax gàncax, muy gàncax gu ànd ak jiwoom ak garab yuy meññ tey jur jiwoom, lu ci nekk ak wirgoom ci kaw suuf. Mu daldi nekk noona. ...Yàlla gis ne, baax na. Ngoon jot, suba dugg, muy ñetteelu bés ba.*" **(Ge 1:9-11,13**)

Kon, ci ñetteelu fan ba, Yàlla Aji Bind ji sàkkoon na géej gi ak dex yi, te mu bind it, ay junniy-junni fànniy garab ak seeni meññeef ak seeni jiwu! Ay màngo, banaana, kokko, xaal, tomaate, suppome, karoot, ceeb, dugub, gerte, ak yeneen junniy fànniy ñam. Te Yàlla newoon na ci mbirum lépp li mu sàkk, "*Baax na!*" Lépp lu Yàlla sos te def ko, dafa baax, neex te mat sëkk! Gis nanu ba noppi ne, lenn rekk la Yàlla mënul a def. Yàlla mënul a def lu bon, ndaxte **Yàlla ku baax la**!

Xëy na am na kuy laaj: "Su fekkee ne Yàlla ku baax la, lu tax, kon, àddina si fees dell ak lu bon? Lu tax sama tool doxul ren? Lu tax sama doom ji feebar? Su fekkee ne Yàlla ku baax la, lu tax lu bon di génne ci nit?" Ci lu wér, laaj bu soloo ngi noonu, te Mbind mu sell mi am na ci tont bu mat sëkk, te dinanu ko gisi ci njàng yi di ñëw. Wànte tey jii, nanu denc ci sunu xel lenn: **Yàlla ku baax la te naka noonu, lépp lu mu sos te def ko dafa baax itam**!

Nanu xalaataat tuuti ci **mbaaxug Yàlla**. Gis nanu ni mu sàkke woon garab yi ci ñetteelu fan ba. Ndax xam nga **lu tax** Yàlla sàkk garab yi ak seeni meññeef? Ndax Yàlla dafa leen soxla? Ndax faj xiifam a tax mu sàkk garab yiy meññ doom yu neex? Déedéet! Yàlla Aji Bind ji du xiif mukk, te soxlawul dara! Kon nag, lu tax Yàlla sàkk garab yi? Mbind mi dafa nuy won ne, Yàlla, ci mbaaxam, sàkk na lépp **ngir nit**, ñi mu fasoon yéene bind.

**Ndax xàmmee nga mbaaxug Yàlla**? Ana kan moo man a mos, maanaam, benn màngo ak cafkoom gu neex, walla nga xeeñtu benn tóor-tóor ak xetam gu neex, te gisuloo ni Yàlla baaxe? Walla ... ndax man nga xool benn garab te gërëmuloo Yàlla Aji Bind ji? Ndaxte su fekkeente ne garab amul woon ... sa dund doon na fi gën a metti! Matt du am ngir defar këriñ, mbaa bant boo defare sa kër. Doo am ker goo man a noppaloo ci tàngaayu bëccëg bi, mbaa ay xob yoo man a fajoo. Su garab amul woon, dund du mën a am sax fii ci kaw suuf. Te garab yi Yàlla sàkk, lenn rekk la ci biir xéewal yu baree-bare, yi nu Yàlla defal, ngir nu man ciy bànneexu. Yàlla dafa bëgg nu xàmmee mbaaxam! Loolu la Yonent Yàlla Daawuda bind ci Sabóor, naan: "*Mosleen te gis ni Aji Sax ji **baaxe**!*" **(Ps 34:8**)

Wànte léegi fokk nu jëm kanam, ndaxte sunu jot a ngiy wéy.

4.) Ci ñeenteelu bés ba nag, Yàlla waxoon na ne:

"*Na am ay leer ci jaww ji, ngir xàjjale guddi ak bëccëg, di ay tegtal, yuy ràññale jamano yi, tey takk bés yi ak at yi.*" **(Ge 1:14**)

Yàlla dafa joxe ndigal rekk, te **jant bi ak weer wi ak biddiiw yi** daldi nekk ci jaww ji. Yàlla wax genn kàddu rekk, te suuf si tàmbali wër jant bi. Mu daldi waxaat, te weer wi tàmbali wër suuf si.

Am na lenn lu nu war a leeral fii. **Lan la Yàlla jëfandikoo ngir sàkk lépp li nekk ci àddina si**? Lan la Mbind mi wax ci loolu? Nee na:

"*Yàlla sàkk na àddina jaarale ko ci kàddoom, ngir li bët di gis, defarees ko ak lu bët mënul a gis.*" **(Yt 11:3**)

Jàngoon nanu ba noppi: Ci bés bu jëkk ba, Yàlla **waxoon** na ne: "*Na leer gi nekk!*" Te leer gi daldi am. Ca ñaareelu fan ba, Yàlla **waxoon** na ne: "*Na jaww ji am!* Te jaww ji daldi am." Ca ñetteelu fan ba, Yàlla **waxoon** na te li mu wax, am ... ak nangam ak nangam.

Kon, lan la Yàlla jëfandikoo ngir sàkk lépp li nekk ci àddina si? Jëfandikoowul dara, lu dul **kàddoom**! Yàlla dafa doon wax rekk, te li mu wax daldi am. Yàlla sàkk na lépp, jaarale ko ci kàddoom. Te ba tey, Yàllaa ngi **téye** lépp jaarale ko ci kàddoom gu am doole gi. **Kàddug Yàlla moo tax** ba weer wi ak biddiiw yi taxaw ci kaw te toxuwuñu. Kàddug Yàlla moo tax ba jant bi di fenk tey so bés bu jot. Doon na metti lool su fekkoon ne xamunu ndax jant bi dina fenk suba walla déet! Wànte Yàlla sant jant bi, muy fenk tey so, te kon, noonu lay def. Mbind mi ne na: "***Yàlla kuy sàmm kóllëre la***!" **(1Ko 1:9**) Du tebbiku mukk! Du soppiku mukk! "*Kàddug Boroom bi day sax **ba fàww**!*" **(1Pi 1:25**)

5.) Ca juróomeelu bés ba nag, Yàlla sàkkoon na ay junniy-junni wirgoy jën ak picc. Mbind mi ne na:

"*Yàlla ne: 'Na ndox yi fees ak ay ndiiraani mbindeef, te na lépp luy boroom laaf tiim suuf si, naaw ci biir jaww ji.' Noonu Yàlla sàkk rabi géej yu mag yi ak bépp mbindeef, yu ne gàññ ci ndox mi, xeet wu ci nekk ak wirgoom, teg ca lépp luy boroomi laaf ci wirgoom. Yàlla gis ne, baax na. Noonu Yàlla barkeel leen naan: Nangeen giir te bare, ba fees ndoxi géej gi. Mu neeti: Na picc yi bare ci kaw suuf. Ngoon jot, suba dugg, muy juróomeelu bés ba.*" **(Ge 1:20-23**)

6.) Ci lu jëm ci juróom-benneelu bés ba nag, Yàlla sàkkoon na bàyyima yi ak nit, waaye amunu jotu tekki ko tey. Kon nag, ci emisyoŋ bi di ñëw, bu soobe Boroom bi, dinanu seet bu baax li Mbind mi wax ci lu jëm ci **naka** la Yàlla sàkke nit ku jëkk ka ak **lu tax** mu sàkk ko.

Tey ci sunu njàng, gis nanu **mbaaxug Yàlla**. Jàng nanu li Yonent Yàlla Daawuda bind, naan: "***Mosleen** te gis ni **Aji Sax ji** baaxe!*" Ndax mas nga **mos** mbaaxu Boroom bi Yàlla, dëgg-dëgg? Bés bu jot nu mos te lekk aw ñam. Wànte warunu fàtte ne, Moom mi sàkk nit ku jëkk ka, di ko may li mu war a dunde, wax na ci Kàddoom it ne:

"*Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla!*" **(Mc 4:4**)

Ci sunu njàng mi di ñëw, dinanu gis ne, nit du yaram kese, wànte boroom ruu la! Te sunuy ruu, fàww ñuy dunde waxi Yàlla. Kàddug Yàlla baax na lool, waaye fàww nu xiif ko! Ndax sa xol a ngi xiif xam-xamu dëggu Yàlla ni ngay xiife ñam? Soo xiifee noonu Kàddug Yàlla, dinga gis dëgg, gu la man a may jàmm ju yaa ak Yàlla, fii ci kaw suuf, ak cér bu dul yàqu ci kaw asamaan! Te xam nanu ne, loolu lu wér péŋŋ la, ndaxte Yàlla ci boppam moo ko dige, bi mu nee: "*Yeen ñi xiif te mar njub, barkeel ngeen, ndax **dingeen regg**!*" **(Mc 5:6**) Amiin.

Kon nag, fii lanu war a yem tey. Wànte nu ngi leen di xamal ne, njàng yu kronologique yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am, man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga bind nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te buleen fàtte woote bu réy bi nekk ci Mbind mu sell mi: "***Mosleen te gis ni Aji Sax ji baaxe!***" **(Ps 34:8**)

# 5 Lu tax Yàlla sàkk nit?

(Njàlbéen ga 1:26,27; 2:7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu **naka la Yàlla Aji Sax ji sàkke** asamaan, suuf, géej ak li ñu ëmb lépp. Yàlla sunu Boroom sàkkoon na lépp ci juróom-benni fan te jëfandikoowul dara lu dul kàddoom! Gisoon nanu tamit, **lu taxoon** Yàlla sàkk àddina si. Sàkk na lépp ngir nit, ki mu fasoon yéene bind. Gis nanu ci loolu ni Yàlla baaxe ndax li mu defaral nit bérab bu rafet te neex bu mu man a dëkk ci naataange gu mat.

Tey jii nag, fas nanu yéene gëstu ci Mbind mi, ba gis **naka** la Yàlla binde nit ku jëkk ka. Te it, ci ndimmalu Yàlla, dinanu seet ba xam **lu tax** mu sàkk nit. Ci Tawreet, ci téereb 'Njàlbéen ga', ci saar bu jëkk, ci aaya ñaar-fukk ak juróom-benn, Yàlla Aji Sax ji ne na:

‟*Nanu bind nit ci sunu melo ak ci sunu misaal, mu yilif jëni géej gi ak picci asamaan, mboolem jur gi, suuf sépp ak lépp lu ciy raam.* ***Noonu Yàlla sàkk nit ci melokaanam; ci melokaanu Yàlla la ko sàkk, mu sàkk leen góor ak jigéen****.*” **(Ge 1:26,27**)

Am nanu fii dëgg gu xóot te am maana lool; dëgg gi ñépp war a xam. Mooy: **Yàlla sàkk na nit ku jëkk ka ci melokaanam**! Xalaatleen ci! Yàlla bind na nit ngir mu nirook Moom! Ci lu wér, nit ñi, ñu am maana lool lañu! Nit moo di mbindeef mi gën a am solo ci lépp li Yàlla sàkkoon, ndaxte nit rekk la Yàlla sàkk **ci melokaanam**!

Léegi nag, lu loolu di tekki? Lan la Kàddug Yàlla bëgg a wax, bi mu naan: ‟*Yàlla sàkk na nit ku jëkk ka ci melokaanam*”? Tontub Yàlla, nu ngi koy gis ci saar ñaar, aaya juróom-ñaar, mu ne:

‟*Noonu Yàlla Aji Sax ji bind nit ci pëndu suuf, sol ngelawu dund ci ay paxi bakkanam, mu daldi nekk boroom ruu.*” **(Ge 2:7**)

Gis nanu ci aaya bii ne: ba Yàlla sàkkee nit ku jëkk ka, sàkk na ko ci ñaari wàll, maanaam sàkkal na ko **yaram** ak **ruu**. Nit du jëmm rekk, waaye yaram **ak** ruu la. Yàlla sàkk na nit ci ñaari fànn. Dégluleen li Mbind mi wax:

**Benn**: ‟*Noonu Yàlla Aji Sax ji bind nit ci pëndu suuf*”
**Ñaar**: Yàlla ‟*sol ngelawu dund ci ay paxi bakkanam, nit daldi nekk boroom ruu.*”

Ci kaw li nu jàng ci Mbind mi, gis nanu ne bi Yàlla sàkkee nit, dafa jëkk a móol aw **yaram**. Lu tax Yàlla jëkk a bind yaram wi? Ndaxte yaram moo di dëkkukaay bi mu man a sol **ruuwu nit**. Ndax xam nga ne, sa yaram mooy sa kër, fi sa ruu dëkk? Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: ‟*Yaram wi nu soloo ci kaw suuf dafa mel ni* ***ab tànt****.*” **(2Ch 5:1**) Yàlla sàkkoon na yaramu nit, ngir ruu man cee nekk.

Naka la Yàlla binde yaramu nit wu jëkk wa? Mbind mi ne na: ‟Yàlla Aji Sax ji bind na ko **ci pëndu suuf**.” Ci jamano ji nu tollu, xam nanu ne, am na daanaka ñaar-fukki 'produits chimiques' ci pëndu suuf, te boroom xam-xam, yi xam bu baax yaramu nit, wax nañu ne, ñaar-fukki 'produits chimiques' yooyu yépp dañu leen di fekk ci yaramu nit. Looloo tax yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor ne:

‟*Aji Sax ji xam na li ñu nu sàkke. Mu ngiy fàttaliku ne* ***pënd*** *lanu.*” **(Ps 103:14**)

Waaw, yaramu nit pënd kese la, wànte loolu tekkiwul ne, amul njériñ! Am na ci yaramu nit lu ëpp juróom-ñaar fukki junniy-junniy-junniy-junniy cér yu ñuy tudde 'cellules'. Te cér yooyu yépp dañoo ràbboo te déggoo ci bépp tenqo. **Aw yaram daal, kéemaan la**! Yàlla def na ci sunuy yaram: yóor, xol, xëtër, bàq, res, butiit, yax, suux, der, siddiit, bët, nopp, bakkan, gémmiñ ak yeneen cér yu baree-bare! Te cér bu ci nekk xam na warugaram. Yàlla doŋŋ moo man a sàkk loolu! Moo tax yonent Yàlla Daawuda bindoon itam lii: "*Boroom bi ... maa ngi lay sant ci li ma nekk mbindeef, mu xel dajul te yéeme. Say jëf ñooy kéemaan, xam naa ko bu leer!*" **(Ps 139:14)**

Waaw, yaramu nit kéemaan gu doy waar la! Wànte, ndax yaramu nit mooy li Yàlla sàkk ci melokaanam? Déedéet! Loolu mënul a nekk, ndaxte Yàlla soxlawul aw yaram! Yàlla xel la! Yàlla sàkkul woon jëmmu nit ci melokaanam. Kon nag, lu baat yii ci Mbind mi di tekki: *Yàlla sàkk na nit **ci melokaanam***? Lii: Yàlla, **ruuwu nit** la sàkk ci melokaanam.

Gis nanu ba noppi ne, bi Yàlla jëkkee sàkk yaramu nit ci pëndu suuf, amagul woon dund. Néew rekk la woon. Lu tax Yàlla jëkk a bind yaramu nit, soog ci def ruu? Lu tax Yàlla, mi man lépp, sàkku ko benn yoon rekk ni mu sàkkewoon yeneen mbindeef yépp? Lii moo tax: Yàlla dafa bëggoon a xamal nit ki mu fasoon yéene sàkk ne, Nit ci boppam amul benn doole ci lu jëm ci dund gi! Nit, mënul a jox boppam dund gi te mënul a sàkk dara luy dund. **Yàlla kepp mooy Aji Dund ji** te ci Moom doŋŋ la dund gi nekk. **Dund gi**, jógewul ci nit, **mayu Yàlla la**! Kon, gis nanu ni Yàlla ëfe woon yaramu nit ki mu bindoon, "*sol ngelawu dund ci paxi bakkanam, nit daldi nekk boroom ruu*!" Yaram wi Yàlla sàkkoon, tàmbalewoon na dund. Lu tax mu doon dund? Ndaxte Yàlla Aji Dund ji ëfoon na ko, sol ko ruuwam! **Naka noonu, dund, gi nekkoon ci Yàlla, léegi nekkoon na ci nit**! "Nit daldi nekk boroom ruu!"

Kon, lan la Yàlla sàkk ci melokaanam? **Ruu gi** ... Yàlla sàkk na ruuwu nit ci melokaanam. Ndax xam nga ne, am na ay jikko yu nekk ci Xelum Yàlla, te nekk itam ci xelum nit? Bala nuy àggale sunu njàng tey, danu bëggoon a seet **ñetti jikko**, walla ñetti melo, yi nekk ci Yàlla, te nekk it, ci nit. Su nu xalaatee ci ñetti melo yi nit bokk ak Yàlla, dinanu man a gën a dégg li nuy jàng lu muy tekki: "*Yàlla sàkk na nit ci melokaanam.*" Ñetti melo yi Yàlla sol ci ruuwu nit ñooy yii:

Benn: Yàlla may na nit **xel**, ba mu man a **xam Yàlla**.
Ñaar: Yàlla may na nit **xol**, ba mu man a **bëgg Yàlla**.
Ñett: Yàlla may na nit **coobare**, ba mu man a **déggal Yàlla**.

Ni Yàlla ame xel, xol ak coobare, noonu la Yàlla solewoon ci nit xel, xol ak coobare. Nanu xalaat tuuti ci loolu.

Ci bu jëkk: Yàlla may na nit **xel** ba mu man a xam Yàlla tey xalaat ni Yàlla di xalaate. Yàlla sàkkoon na nit ak xel mu am doole moomu, ndaxte Yàlla bëggoon na am **diggante bu neex** ak nit! Bu nu jàngee dundu Yonent Yàlla Ibraayma, dinanu gis ni ñu ko tudde: '***xaritu Yàlla***.' Ibraayma xamoon na Yàlla bu baax, te am diggante bu xóot te neex ak Yàlla. Waaye Kàddug Yàlla daf nuy won ne, du Ibraayma rekk a am sañ-sañu nekk xaritu Yàlla. Nun itam man nanu nekk **xariti Yàlla**. Yàlla dafa bëgg nu am diggante bu xóot te neex ak Moom! Loolu moo taxoon **mu sol ci ruuwu nit xel mu man a ànd ak xelum Yàlla**!

Xëy na man nanu leeral li nuy wax ak benn laaj. **Lan moo wuutale nit ak mala yi? Xel.** Nit am na xel, mu mala yi amul. Lu tax mala yi mënuñu déglu sunu emisyoŋ tey? Ndaxte bokkuñu xel ak nun. Yaw miy déglu nag, lu tax nga man a dégg sunu waxtaan tey? Ndaxte am nga xel mu ànd ak sunu xel. Naka noonu, Yàlla sol na ci nit, xel mu man a ànd ak xelam.

Ci loolu warunoo xalaat ne, sunu xel ak xelum Yàlla ñoo yem. Mukk! Xelum Yàlla dafa xóot, te xam-xamam bare ba raw xelum nit! Li nu ci war a dégg mooy lii: Yàlla may na nit xel mu xóot te am doole, ngir mu man a am diggante bu neex ak Yàlla. Yàlla bëggul nit mel ni mala, yi ko mënul a xam. Mala, xelum mala la am, te **mënul a xalaat ci Yàlla**. Am na gémmiñ, waaye **mënul a gërëm** Yàlla ci li mu koy may li mu war a

dunde. Am na ay bët, wànte **mënul a gëstu ci kàddug Yàlla**. Am na ay nopp waaye mënul a xam dara ci lu jëm ci coobarey Boroom bi. Wànte nit, ki Yàlla sàkk ci melokaanam, man na gëstu ci Mbind mu Sell mi, ba xam Yàlla Aji Wóor ji. Waaw, yaw miy déglu, **man nga xam Yàlla** Moom ci boppam, te am diggante bu neex ak Moom, soo nangoo yoonu mucc, wi mu tëral. Dinanu faramfànce yoonu mucc woowu ci njàng yi di ñëw, waaye li nu war a jàpp tey mooy lii: Yàlla may na nit xel, ba mu man a xam Yàlla.

Wànte am na leneen lu Yàlla sol ci ruuwu nit, bi mu ko sàkkee ci melokaanam. Mooy **xol**. Yàlla mayoon na nit xol, ba mu man a **bëgg Yàlla**. Waxunu xol biy pompe deret, wànte **li ngay yëg ci sa ruu, maanaam, say 'sentiments', say xalaat ak say mébéti xol**. Yàlla mayoon na nit ku jëkk ka xol, bu dëppook xolu Yàlla. Yàlla man na bëgg, bañ, bég, am tiis ak yërmande ak ñoom seen. Yàlla am na xol. Kon nag, Yàlla soloon na ci ruuwu nit xol ngir mu man a bëgg li Yàlla bëgg te bañ li Yàlla bañ. **Yàlla may na la xol, ba nga man a bëgg Yàlla moom ci boppam ak sa xol bépp**! Yàlla dafa bëggoon a am ñu ko sopp. Looloo tax mu sàkk nit ci melokaanam, te may ko xol.

Te it, am na leneen lu Yàlla may nit, ki mu sàkk ci melokaanam. Loolu moo di **coobare**. Yàlla soloon na ci ruuwu nit coobare ba mu **man a tànn déggal ko**. Yàlla ci boppam am na coobare ak sañ-sañ ngir tànn ndax dina def dara walla déet. Kon nag, Yàlla bind na nit ngir mu man a tànnal boppam. Yàlla manoon na sàkk nit ngir mu def coobareem, te du am lu muy tànn. Wànte Yàlla sol na ci ruuwu nit coobare, may ko sañ-sañ, ba mu man a tànnal boppam topp Yàlla! Yàlla bëggul woon a sàkk ay 'machines' rekk! Maanaam, Yàlla sàkkul nit ci melokaanu jant bi di fenk tey so bés bu nekk, te amu ci pexe! Jant bi dafay def coobarey Yàlla bés bu nekk 'automatiquement'! Du noonook nit! Yàlla dafa bëggoon a am mbindeef mu man a tànnal boppam bëgg ko, te jaamu ko.

Yàlla may na nit sañ-sañ bu réy! Nit man na tànnal boppam topp Yàlla walla Seytaane, faale Kàddug Yàlla walla xeeb ko. Yàlla du la gëmloo ci doole, ngir nga bëgg ko te déggal ko. Mbëggeel, su ñu ko 'forse', dootul tudd mbëggeel. Yàlla dafa lay bàyyi, nga tànnal sa bopp yoon wi nga nar a topp. Wànte, ci muj ga Yàlla dina àtte képp ku bañ kilifteefam, ndaxte Yàlla **boppam** a tax mu sàkk nit!

Loolu mooy li Mbind mi wax. **Yàlla** lanu nekkal fii ci kaw suuf. Nekkalunu fi sunu bopp, mbaa xaalis, mbaa leneen walla keneen. **Yàlla sàkk na nu ngir boppam**. Yàlla sàkk na nu ngir nu man **ko xam**, **bëgg ko** te **déggal ko ba abadan**! Waaw, **ba abadan**! Yàlla Aji Sax ji may na nu **ruu guy sax ba fàww**. Coobareg Yàlla mooy nu am ak Moom **diggante bu xóot te neex**, tey, ëllëg ak diirub laaxira. Loolu moo tax "Yàlla sàkk nit ci melokaanam."

Ndax am nga diggante bu neex ak Yàlla? Ndax bëgg nga Yàlla ak sa xel mépp, sa xol bépp ak sa kàttan gépp? Ndax yaa ngiy déglu bu baax Kàddug Yàlla? Ndax gëm nga ko? Ndax déggal nga ko? Walla boog, ci sa yoonu bopp ngay aw?

Mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi di leen tàggu ba emisyoŋ bi di ñëw. Su fekkee ne am ngeen ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yàlla santaane, bi mu naan: "***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa xel mépp ak sa kàttan gépp!***" **(Mk 12:30)**

# 6  Toolu Àjjana ak Peyug Bàkkaar

(Njàlbéen ga 2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey nag, nu ngiy wéy ci sunu njàng ci lu jëm ci la xewoon ca njàlbéen ga. Jàngoon nanu ba noppi ci Tawreet, ne: "*Ci juróom-benni fan la Aji Sax ji sàkk asamaan, suuf, géej, ak li ñu ëmb lépp.*" **(Ex 20:11**)

Gisoon nanu it ni Yàlla binde nit ku jëkk ka ca juróom-benneelu fan ba. Yàlla sàkkal nit ka, **yaram ak ruu**. Yàlla bind yaramu nit ci pëndu suuf, ba noppi sol ko ruu gu dul wéy mukk. Yàlla sàkk ruuwu nit ci melokaanam. Loolu dafay tekki ne, Yàlla soloon na ci ruuwu nit **xel** mu réy, ba nit man a **xam** Yàlla. Te mu may ko **xol**, ba mu man a **bëgg** Yàlla. Te it, Yàlla dénk nit **coobare**, ba mu man a am sañ-sañu tànnal boppam **déggal** Yàlla walla bañ ko déggal.

Gannaaw ba Yàlla sàkkee nit ba noppi, amoon na yeneen yëf yu mu fasoon yéene def laata muy man a noppalu ci liggéeyam. Ci yëf yooyu lanu bëgg a gëstu tey. Kon nag mbokk yi, nanu wéy ci ñaareelu saar wi ci téere 'Njàlbéen ga'. Li ko tàmbalee ci aaya juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

"*Noonu Yàlla Aji Sax ji bind nit ci pëndu suuf, sol ngelawu dund ci paxi bakkanam, nit daldi nekk boroom ruu. Naka noona Yàlla Aji Sax ji jëmbat tool ci biir Àjjana ci penku ba, tàbbal ca nit ka mu sàkk.*" **(Ge 2:7,8**)

Mbind mi dafa nuy nettali ni Yàlla jëmbatale nit ka mu sàkk, tool bu rafet te neex. Ñuy tudde tool ba: '***Toolu Àjjana***'. Am na ñuy xalaat ne, toolu Àjjana, fa Yàlla tàbbaloon nit ku jëkk ka, mu ngi woon ci kaw, ci asamaan. Wànte Mbind mi dafa nuy wax ne: ci àddina la nekkoon, ci penku, amaana fi réewu Iraq nekk tey. Mbindi yonent yi day ràññale **toolu Àjjana**, ja nekkoon ci kaw suuf ak **Àjjana** ji nekk ci kaw, ci jetaayu Yàlla.

Ci aaya yi ci topp, Mbind mi ne na:

"*Yàlla Aji Sax ji saxal ci suuf si lépp luy garab, gu rafet a gis te neex a lekk; mu def it garabu dund ga ca digg tool ba ak garabu xam lu baax ak lu bon. Genn dex doon jóge ci Àjjana, ngir suuxat tool ba te bu jógee foofa, séddaliku, def ñeenti séley yooni ndox. ... Yàlla Aji Sax ji jël nit ki, maanaam* ***Aadama****, tàbbal ko ci biir toolu Àjjana bi, ngir mu bey ko, di ko sàmm.*" **(Ge 2:9,10,15**)

Naka noonu, gis nanu ni Yàlla defarale nit ku jëkk ka, di Aadama, bérab bu neex, bu mu man a dëkk ci naataange gu mat! Yàlla dugal na ko ci tool bu naat, bu fees ak garab yuy meññ ay meññeef yu rafet a gis te neex a lekk. **Fépp fu Aadama man a xool bët yem ci lu rafet**, nopp bég ci picc yuy sab ci garab yi, bakkan yëg xetu tóor-tóor yiy gilli ci tool bépp. Yàlla mayoon na Aadama lépp ngir mu bànneexu! Te jàng nanu it ni Yàlla, ci mbaaxam, dénke Aadama **sas wu neex te woyof**, muy sàmm tool ba, ngir mu njaxlaf.

Li gën a neex ci lépp li xewoon ci Toolu Àjjana, moo di bés bu jot, bu ker gi seddee, **Yàlla, moom ci boppam**, doon na jaar ca tool ba, ngir waxtaan ak nit ki mu bind ci melokaanam. **(Ge 3:8**) Lu tax Yàlla daan ganesi nit ki? Ndaxte, ni nu ko jàngewoon ba noppi, **Yàlla bind na nit ngir mu man a bokk ci moom**, waxtaan ak moom, te bég ci diggante bu neex ak moom ba fàww.

Léegi nag, am na leneen lu nu war a xam ci lu jëm ci tool, ba Yàlla tàbbal nit ku jëkk ka. Ca digg tool ba, Yàlla defoon na fa ñaari garab yu am maanaa. Genn gaa nga tuddoon: *garabu dund gi*, ga ca des: *garabu xam lu baax ak lu bon*. Yàlla def na **garabu dund gi** ca tool ba ngir fàttali Aadama ne, dafa bëgg nit bokk ci

dundam gu dul jeex. Ci lu jëm ci **garabu xam lu baax ak lu bon** nag, Yàlla def na ko ca digg tool ba, ngir nattu Aadama. Dégluleen li Mbind mi wax:

"*Yàlla Aji Sax ji sant Aadama, ne ko: **Man ngaa lekk** ci garabi tool bi bépp, waaye **bul lekk** ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee!*" **(Ge 2:16,17**)

Lu taxoon Yàlla aaye Aadama garabu xam lu baax ak lu bon? Ndax Yàlla dafa ŋott? Ŋottul de! Wenn ci ay turam sax, mooy: *Aji Yéwén ji!* **(Sa 1:5**) Yàlla newoon na Aadama: "Man ngaa lekk ci garab yépp ... ba mu des benn! "Ndax loolu ndigal lu metti lawoon? Déedéet! Yàlla, ci yiwam, mayoon na Aadama lépp ngir mu bànneexu! Gàntuwu ko ci dara lu baax! Wànte Yàlla, ci pexeem, tegoon na ci kanamu Aadama nattu bu woyof, ngir Aadama man a won Yàlla ne, bëgg na ko bay sàmm ndigalam. Ni ko Boroom bi Yàlla waxe ci Kàddoom, ne: "*Ku ma bëgg dina sàmm sama kàddu. Ku ma bëggul doo sàmm sama kàddu.*" **(Yow 14:23,24**)

Yàlla bëggoon na nattu mbëggeelu Aadama, te gis fu xolam tollu. Looloo taxoon mu jox ko ndigal. Yàlla sàkkul woon 'nit ku mécanique', waaye nit ku am xel, ak xol, ak coobare, ngir mu man a tànnal boppam bëgg Yàlla ba déggal ko.

Lan la Yàlla waxoon ne mooy dal Aadama bu lekkee ci garab gi mu ko aaye woon? Nanu jàngaat Mbind mi. "*Yàlla Aji Sax ji sant Aadama, ne ko: 'Bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog **fàww nga dee**!'*" Kon, Yàlla dafa xamaloon Aadama ne, déggadi ndigalu Yàlla **dee** lay jur. Waaye Yàlla dafa soppoon nit ki mu sàkk, moo tax mu artu ko ci baat yu leer nàñña, ne: "Aadama, soo ma déggalul, dinga dee ndaxte sama yoon wu sell wi dafa dogal ne: "*Bakkan bi def bàkkaar, mooy bi war a dee!*" **(Eze 18:20**)

Xëy na am na kuy laaj: **Lan mooy bàkkaar**? Mbind mi ne na:

"*Bàkkaar mooy jàdd yoonu Yàlla.*" **(1Yow 3:4**)
Bàkkaar mooy "*aw sa yoonu bopp.*" **(Isa 53:6**)
Bàkkaar mooy lépp loo xam ne, dëppoowul ak coobareg Yàlla.

**Lan moo war a xew nag ak képp ku tooñe Yàlla nii**? Mbind mi ne na: "*Peyug bàkkaar mooy dee*!" **(Ro 6:23**) "*Bakkan bi def bàkkaar, mooy bi war a dee!*" **(Eze 18:20**)

**Lan mooy dee**, nag? Am na ñuy xalaat ne, dee mooy: nga bañatee nekk; lépp daldi jeex te xamatuloo dara! Wànte su nu sukkandikoo ci Mbindi Yonent yi, dinanu gis ne: Dee tekkiwul loolu! Ci Mbind mu sell mi, ci làkk wi ñu ko binde, dee dafay tekki: ***tàggoo***. Dee mooy tàggoo ak dund gi.

Bi Yàlla waxee Aadama: "*Bés boo lekkee ci garabu xam lu baax ak lu bon, keroog fàww nga dee!*" Dafa bëggoon a wax ne: "Aadama, soo lekkee ci garab gi ma la aaye, ci bés boobu dinga dee, maanaam: dinga **tàggalikoo ak Man**! Soo ma déggadilee, dootuloo man a am diggante bu jege te neex ak Man! Ndaxte Man, ku sell laa te mënuma dékku ñiy bañ sama yoon. Dàqoon naa Lusifer ak ay malaakaam bi ñu defee bàkkaar, te dinaa la dàq itam soo defee bàkkaar. Te it, soo lekkee ci meññeefu garab gi ma la tere, **sa yaram** dina tàmbale màggat di wow, te ca muj ga, dina dee, maanaam: sa ruu dina tàggook sa yaram. Te yemul foofu. Soo ma déggadilee, du sa yaram rekk moo war a dee, wànte **sa ruu** dina mujj a nekk ca bérab ba ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam! Te foofa dinga tàggalikook Man ba abadan!"

Kon nag, gis nanu ne, **bàkkaar day jur ñetti tàggoo yu metti**. Ci bu jëkk: **Sa ruu tàggook Yàlla fii ci kaw suuf**. Maanaam doo am benn digganteek Yàlla Aji Sell ji ndax bàkkaar bi nekk ci sa xol. Ñaar: **Sa ruu tàggook sa yaram** bés boo faatoo. Maanaam, sa yaram dee, sa ruu dajeek Yàlla. Ñett: **Sa ruu ak sa yaram tàggalikook Yàlla ba fàww** ci déegu safara si.

Kon nag, ci kaw sañ-sañu Kàddug Yàlla, lan mooy dee? Ci tënk, **dee mooy tàggook Yàlla Aji Dund ji**.

Moom la Kàddug Yàlla di wax. "*Peyug bàkkaar moo di dee!*" Bàkkaar day tàggale nit ak Yàlla, mi di mbënnu dund gu wóor gi. Yàlla ku sell la, te mënul dëkkandook bàkkaar!

Bakkan bi def bàkkaar, dafa **mel ni caru garab** wu ñu dog, sànni. Luy xew su fekkee ne car wi bokkatul ci garab gi? Car wi ñu dogoon, ndax mu ngiy dund? Déedéet! Xob yi, duñu wow ci saa si, wànte, ñu ngiy dee! Naka noonu, su fekkee ne musuloo nangu yoonu mbaalu bàkkaar, wi Yàlla tëral, xëy na xalaat nga ne, yaa ngiy dund, wànte Mbindi yonent yi ne na: fa kanam Yàlla, **dee nga** "*ci say moy ak say bàkkaar!*" **(Ef 2:1**) "***Seeni ñaawteef ñoo dox seen diggante ak Yàlla; seeni bàkkaar a leen di nëbb xar-kanamam***." **(Isa 59:2**) Danga "*mel ni car **wu ñu dagg, ba mu wow**. Car yu wow nag, dañu leen di buub, sànni safara, ñu lakk.*" **(Yow 15:6**)

Car wu nekkul ci garab gi, amatul benn njériñ ndaxte mënul a meññ dara! Noonu la bàkkaarkat mel fa kanam Yàlla. Mënul a meññ dara lu neex Yàlla, ndaxte **amul benn digganteek Yàlla**, mi di garab gu wóor gi, di **mbënnu dund gu wóor gi**! Àtte rekk lees di def bàkkaarkat bi. Teewul nu ngiy sant Yàlla, ndaxte ci Mbindi Yonent yi, Yàlla feeñal na, ni nu man a jube ci kanamam te xam bu wóor ne, sunuy bàkkaar deñ nañu. Ci xebaar bu baax boobu lanu fas yéene gëstu ci njàng yi di ñëw.

Bala nuy àggale danu bëggoon a jàng li nekk ci desitu saar wi. Mbind mi nettali na ni Yàlla binde woon **jigéen ju jëkk ja**. Dégluleen.

"*Noonu Yàlla Aji Sax ji ne: 'Wéet baaxul ci nit, dinaa ko sàkkal ku koy dimbali te méngoo ak moom.' Naka noonu, Yàlla Aji Sax ji nelawloo Aadama nelaw yu xóot; te ba muy nelaw, mu rocci genn ciy faaram, fatt fa mu ko jële ak suux. Yàlla Aji Sax ji defar jigéen ca faar, ga mu jële ci Aadama, indil ko ko. Aadama ne: 'Kii daal yax la ci samay yax, di suux ci sama suux! Dees na ko tudde jigéen, ndaxte ci góor lañu ko jële.' Looloo tax góor dina génn loxoy ndeyam ak baayam, ànd ak jabaram, ñu nekk kenn. Góor ak jigéen, ñoom ñaar ñépp, yaramu neen lañu defoon, te amuñu ci kersa.*" **(Ge 2:18,21-25**)

Noonu, gis nanu ne, **séy**, ci Yàlla la jóge. Yàlla sàkkoon na genn góor ak jenn jigéen ngir ñu man a bëgg ante, bokk dund te am njaboot guy màggal Yàlla. Yàlla mi bëgg Aadama te bëgg mu am mbég mu mat sëkk, mu jox ko may gu baax lool, **muy jabar**! Yàlla dafa bëggoon Aadama fonk jabaram, di ko dundal, bëgg ko ni mu bëgge boppam. Yàlla dafa bëggoon a am diggante bu dul jeex ak ñaar ñooñu mu sàkkoon. Yàlla dafa bëgg ñu xam ko, bëgg ko, te déggal ko ba fàww.

Kon nag, ca juróom-benneelu fan ba, Yàlla àggale woon na liggéeyam bi di sàkk dunyaa bi. Dégluleen li Mbind mi wax.

"*Yàlla gis lépp li mu def, fekk lépp a **baax lool**. Ngoon jot, suba dugg, muy juróom-benneelu bés ba. Noonu asamaan yi ak suuf si ak li ñu ëmb lépp mat. Te juróom-ñaareelu bés ba fekk na Yàlla matal jëfam, **mu noppalu ca juróom-ñaareelu bés ba ci lépp li mu liggéey.** Noonu Yàlla barkeel juróom-ñaareelu bés ba, def ko bés bu sell, ndax li mu ci noppalu liggéeyam, bi mu sàkkee lépp.*" **(Ge 1:31-2:3**)

Lu tax Yàlla noppalu ca juróom-ñaareelu bés ba? Ndax dafa sonnoon? Déedéet! Yàlla du sonn mukk. Mbind mi dafa ne: Yàlla noppalu na ndaxte "**matal na jëfam**!" Lépp **matoon** na! Looloo tax Yàlla noppalu ci liggéeyam bépp ca juróom-ñaareelu bés ba. Looloo tax it, mu am juróom-ñaari fan ci ayu-bés gi.

Mbokk yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci emisyoŋ bi di ñëw, ci coobare Yàlla, dinanu gis ni bàkkaar dugge ci àddina si. Wànte su fekkee ne am ngeen ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel, te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla tëral, naan: "***Peyu bàkkaar mooy dee, waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex...***" **(Ro 6:23**)

# 7  Ni Bàkkaar dugge ci Àddina

(Njàlbéen ga 3:1-6)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci ñaari njàng yi weesu, jàngoon nanu ni Yàlla sàkke ñaari nit ñu jëkk ña. Ci loolu, Mbind mi nee: "*Yàlla sàkk nit ci melokaanam**; ci melokaanu Yàlla** la ko sàkk, mu sàkk leen góor ak jigéen.*" **(Ge 1:27**)

Noonu, Yàlla soloon ci ruuwu góor ak jigéen, xel, ba ñu man a xam Yàlla, ak xol, ba ñu man ko sopp. Te it, Yàlla dénk leen coobare ak sañ-sañ, ba ñu man a tànnal seen bopp déggal ko walla déet. Gisoon nanu it, ni Yàlla jëmbate toolu Àjjana ci kaw suuf, tàbbal ca nit. Yàlla, ci mbaaxam, mayoon na nit ku jëkk ka, di **Aadama**, ak jabaram, **Awa**, lépp ba ñu manoon a dëkk ci jàmm ak naataange gu mat. **Yàlla dafa bëggoon nit ñi xam ko, bëgg ko, te màggal ko ba fàww**.

Naka noonu, gisoon nanu ni Yàlla tege woon **nattu bu woyof** ci kanamu nit ki mu sàkk. Yàlla def **garabu xam lu baax ak lu bon** ca digg tool ba, sant Aadama, ne ko:

"*Man ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye **bul lekk** ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee!*" **(Ge 2:16**)

Lu tax Yàlla nattoo Aadama nii? Ndaxte Yàlla dafa bëggoon a wone fu xolu Aadama tollu. Yàlla nattuwul Aadama ngir bàkkaarloo ko, waaye ngir barkeel ko. Nit ki Yàlla sàkk, amul woon sikk te amul woon bàkkaar, wànte loolu taxul woon mu am mbëggeel gu mat sëkk walla jikko ju dëgër. Kon, Yàlla tegoon na nattu ci kanamu Aadama **ngir nattu mbëggeelam**. Su Aadama dékku woon nattu bi, ba déggal Yàlla, dina wone firnde ci li mu bëgg Yàlla ci biir xolam. Te it, su Aadama dékku woon nattu bi, ba baña def bàkkaar, nattu boobu dina ko dëgëral, ndaxte Mbind mi ne na: Muñ ci nattu "*mooy ndeyu jikko ju dëgër*." **(Ro 5:4**)

Tey jii nag, agsi nanu ci ñetteelu saar ci téereb 'Njàlbéen ga'. Saar wii, dafa nuy won **ni bàkkaar dugge ci àddina si**. Su nu xamee li saar wii di jàngale, dinanu xam lu tax xolu nit dëng te soxor, ak lu tax àddina si fees dell ak coono ak metit.

Gis nanu ba noppi ni Aadama ak Awa, nekke woon, ca ndoorte la, ca toolu Àjjana, te am fa naataange ju mat, ngir man ciy bànneexu. Te li gënoon a neex ci loolu lépp, moo doon: **Boroom bi Yàlla daan na jaar ca tool ba, bés bu jot**, bu ker gi seddee, ngir waxtaan ak Aadama ak Awa. Yàlla daan na def loolu ndaxte dafa bëggoon a am diggante bu xóot te neex ak ñoom.

Wànte Mbind mi dafa nuy nettali ne, amoon na **keneen ku nekkoon ca toolu Àjjana**. Ndax xam ngeen ku mu doon? Kooku moo doon bañaaleb Yàlla, di Seytaane, di **Ibliis**! Bi Yàlla di sàkk àddina si ak lépp li mu ëmb, Seytaanee ngi doon seetaan! Bi Yàlla joxee Aadama ndigal ci lu jëm ci garabu xam lu baax ak lu bon, Seytaanee ngi doon déglu! Te yemul woon ci seet ak déglu rekk, wànte doon na **rabat pexe** ngir nasaxal jëfi Yàlla yépp! Seytaane fasoon na yéene fiir nit, ñi Yàlla sàkk, ngir ñu moy ndigalu Yàlla, tàggook Yàlla te sànku! Yàlla, Moom, xamoon na lépp li Seytaane fasoon yéene def, wànte Aadama ak Awa xamuñu ci woon dara.

Kon, am bés, Aadama ak Awa taxaw ca wetu garab, ga Yàlla terewoon, Seytaane ñëw ci melow **jaan**, tàmbali wax ak ñoom. Noonu, Mbind mi ne na:

"*Jaan nag moo gënoon a muus ci rabi àll yépp, yi Aji Sax ji sàkk. Noonu mu ne jigéen ja: 'Ndax Yàlla wax*

*na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi?'*" **(Ge 3:1**)

Nanu taxaw fii tuuti. Lu tax Seytaane ñëwoon ci melow jaan? Mbind mi tontu na ci ne: "*Jaan nag moo **gënoon a muus** ci rabi àll yépp.*" Seytaane, fiirkat la, kon, mbubboowoon na lu am xel. Seytaane ñëwul ci Awa ak Aadama ni ninkinànka ju réy te xonq curr ne leen: "Asalaamaalikum Aadama ak Awa. Man maay Ibliis, bañaaleb Yàlla! Dama ñëwoon tey, ngir fiir leen ba ngeen dëddu Yàlla Aji Dund ji te sànku ba fàww!" Seytaane jëfewul woon noonu de! Naka la leen feeñoo nag? Ci melow mbindeef mu rafet te am xel. Mu tànn wax ak ñoom jaarale ko ci jaan ja, ndaxte ca jamano jooja, laata bàkkaar di dugg ci àddina, jaan moo gënoon a muus ci rabi àll yépp.

Seytaane, noonu la mel ba tey. Dafa muus. Day faral di mbubboo lu baax. Loolu la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Seytaane moom ci boppam day mbubboo **malaakam leer**.*" **(2Ko 11:14**) Looloo tax it, Yàlla artu nu ci Kàddoom, naan: "*Moytuleen ñi mbubboo turu yonent. Dañuy ñëw ci yeen, yor melow xar, waaye ci biir ay bukki yu soxor lañu.*" **(Mc 7:15**)

**Seytaane naxkat la**. Looloo taxoon mu ñëw ci Aadama ak Awa, yor melow jaan ju am xel. Te loolu it a taxoon mu taamu wax ak Awa, te baña wax ak Aadama ci boppam, ndaxte dafa yaakaaroon ne, fiir Awa mooy gën a yomb fiir Aadama. Seytaane xamoon na ne, Aadama la Yàlla joxoon ndigal ci mbirum garab ga, laata muy bind Awa. Wànte Awa itam xamoon na ndigalu Yàlla, ndaxte Aadama moo ko ko jottali. Ci lu wér, Ibliis ku am xel la, te xamoon na xéll li mu bëggoon a def. Seytaane xamoon na ne: su manee nax jigéen ji mu lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, man na am Aadama, moom itam, dina ko topp, ba déggadil Yàlla.

Naka noonu, Mbind mi nee:

"*Jaan ja ne jigéen ja: 'Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi?'*" **(Ge 3:1**)

Ndax dégg ngeen bu baax li Seytaane wax Awa? Mu ne: "*Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi?*" Ndax gis ngeen li Seytaane bëggoon a def? Dafa bëggoon **sol ci xelum Awa ay sikki-sàkka** ci kàddug Yàlla gu wóor gi. Moo tax mu ne: "***Ndax** Yàlla wax na...*?" "***Ndax** Yàlla wax na **bu wóor ne**...*?"

Ba tey, Seytaane noonu lay jëfe. **Day xeex ak kàddug dëgg gi**, ndaxte xam na bu baax ne, kàddug Yàlla am na doole ngir futti ko te weeraale ay fenam. Seytaane xam na ne, dëgg gi day dàq fen, ni leer giy dàqe lëndëm gi.

Léegi nag, nanu déglu li des ci waxtaan wi ci diggante jigéen ji ak Ibliis. Mbind mi ne na:

"*Jigéen ja tontu jaan ja: 'Man nanoo lekk ci doomi garabi tool bi. Waaye garab gi ci digg tool bi, Yàlla nee na: Buleen ci lekk, buleen ko laal sax, ngir ragal a dee.' Jaan ja ne jigéen ja: '**Mukk! Dungeen dee**! Waaye Yàlla xam na ne, bés bu ngeen ci lekkee, seeni bët dinañu ubbiku, te dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.'*" **(Ge 3:2-5**)

Lu doy waar a ngi nii! Yàlla, lan la waxoon Aadama ak Awa ne dina leen dal su ñu lekkee ci garab, gi mu leen aaye woon? Newoon na: "***DINGEEN DEE!***" Lan la Seytaane wax nag? Mu ne: "***DUNGEEN DEE!***" Noonu, Seytaane yemul rekk ci weranteek waxi Yàlla, wànte dem na sax ba weddi ko! Lu ngeen ci xalaat? Kan moo waxoon dëgg, Yàlla walla Seytaane? Soxlawul tontu sax! Mbind mu Sell mi dafa wax ne: Yàlla moo di Aji Dëgg ji te mënul a fen, wànte Seytaane, moom, "*Du taxaw mukk ci dëgg, ndaxte dëgg nekkul ci moom. Buy fen, dëppoo na ak jikkoom, ndaxte **fenkat** la, te **ci moom la fen soqikoo**.*" **(Yow 8:44**)

Wànte war nanu fàttaliku ne, Seytaane du **fenkat** rekk, waaye **naxkat** la itam. Dafa muus. Day jël **lu dul dëgg**, **jaxase ko ak dëgg**. Man nanu gis loolu ci li mu wax Awa ak Aadama, ne: "*Su ngeen lekkee ci garab gii, dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.*" Seytaane ne: "*Dingeen mel ni Yàlla!*" **Fen** i kese la woon,

ndaxte ku def bàkkaar, doo mel ni Yàlla, wànte ni Seytaane ngay mel. Wànte ba Seytaane waxee: "*Dingeen xam lu baax ak lu bon*" waxoon na **dëgg**, ndaxte gannaaw ba Aadama ak Awa defee bàkkaar xamoon nañu lu bon. Wànte Seytaane waxu leen woon ni xam-xam boobu dina leen wex.

Yàlla newoon na: "*Su ngeen lekkee ci garab gii, dingeen xam lu baax ak lu bon te* ***dingeen dee!***" Wànte Seytaane newoon na: "*Su ngeen lekkee ci garab gii, dingeen xam lu baax ak lu bon te* ***dungeen dee****!*" Seytaane fenkat la! Moo tax, bi Yàlla waxee: "*Dingeen dee!*", mu weddi ko, ne: "*Dungeen dee!*"

Naka noonu, gis nanu ne, waxtu wi Aadama ak Awa waroon a **tànn diggante Kàddug Yàlla ak kàddug Seytaane** jot na. Tànn bi nekkoon ci seen kanam mooy lii:

- Ndax dinanu nangu dëgg gi? Walla fen wi?
- Topp Aji Leer ji? Walla aji lëndëm ji?
- Ndax dinanu gëm waxi Yàlla? Walla waxi Seytaane?

Kon, nanu jëm kanam ba gis li ñu tànnoon. Mbind mi ne na:

"*Noonu jigéen ja gis ne, garab gi neex na lekk, rafet na gis, te jar na bëgg ngir man a ràññe;* ***kon mu daldi witt ciy doomam, lekk ko****; mu jox ci it jëkkëram, ji nekk ak moom,* ***mu lekk****.*" **(Ge 3:6**)

Lu doy waar a ngii! Nit, ki Yàlla sàkk ci melokaanam ngir mu man ko xam, bëgg ko, te déggal ko ba fàww, lu mu defoon? Ndax dafa soppoon Yàlla Boroomam, ba dégg ndigalam? Déedéet! **Dafa tànnoon déggadil Yàlla Aji Mbëggeel ji, te topp Seytaane, bañaaleb Yàlla!**

Ci lu wér, bés bu tiis lool la woon! Sunuy maam, Aadama ak Awa, dëddu woon nañu Yàlla Aji Sax ji, lekk ci doomu garab gi mu leen terewoon! Te ni Wolof yi waxe ne: "Musiba du yem ci boppu boroom!" Noonu itam, Kàddug Yàlla dafa wax ne: "*Kon nag, bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te* ***dee daldi law ci nit ñépp****, ndaxte ñépp a bàkkaar!*" **(Ro 5:12**) Nu bañ ko walla nu bëgg ko, loolu la!

"Kéwél du tëb doom ja bëtt." Man ak yaw, ak nit ñépp, ay bàkkaarkati judduwaale lanu te fàww nu dee, ndaxte **ci Aadama lanu soqikoo**. Moom, mi ñàkkoon a dégg ndigalu Yàlla, mooy sunu maam. Te **nun ñépp a ko niru**. Kan ci nun moo man a wax ne, mësul a moy benn yoon ndigali Yàlla? Amul, du kenn sax. Kon boog, jikkoy bañ ndigalu Yàlla jooju nekk ci sunu xol, fan lanu ko donne? Ci Aadama. "Musiba du yem ci boppu boroom!" **Bàkkaar bi nekkoon ci Aadama moo law ba ci nun**, mel ni jàngoro ju bon, juy wàlle.

Waaye nag, yaakaar jeexul, ndaxte Kàddug Yàlla ne na tamit: "***Jàddug kenn nit ka*** *rekk moo waral Yàlla* ***daan*** *ñépp; noonu itam* ***jëf ju jubu keneen nit ka*** *rekk moo ubbi bunt, ba ñépp man a* ***jub ci kanamu Yàlla****, te am dund gu bees.*" **(Ro 5:18**)

Mënunu ci dugg léegi, waaye ci njàng yi di ñëw, dinanu gëstu ci mbirum yoonu mucc woowu Yàlla tëral ngir bàkkaarkat yi man a jub fa kanamam.

Mbokk yi, loolu moo doon seen emisyoŋ '*YOONU NJUB*'. Beneen yoon, fas nanu yéene wéy ci saar wii, ba gis lu xewoon gannaaw ba Aadama ak Awa jàddee yoonu njub, topp yoonu njubadi. Jërëjëf ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen def seen xel ci li Mbindi yonent yi jàngale, bi ñu naan: "***Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar!***" **(Ro 5:12**)

# 8 Li Bàkkaaru Aadama jur

(Njàlbéen ga 3:7-19)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ yi weesu, doon nanu jàng ci Tawreet, ba gis ni Yàlla Aji Sax ji binde nit ñu jëkk ña ci melokaanam. Jàng nanu it lu tax Yàlla sàkk leen. Yàlla dafa bëggoon, ñu bëgg ko ak seen xel mépp, ak seen xol bépp, ak seen kàttan gépp, bay màgg ci diggante bu xóot te neex ak Moom ba fàww.

Ci kaw loolu nag, gisoon nanu ni Yàlla tege woon **nattu bu woyof** ci kanamu Aadama, ngir gis ndax bëgg na ko ci biir xolam ba déggal ko. Laata ñuy sàkk jigéen ja, fekk na Yàlla dénk Aadama ndigal lii: "*Man ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee!*" **(Ge 2:16,17**)

Noonu la Yàlla nattoo woon Aadama, di ko artu ne, peyug jàdd yoonam mooy dee, di tàggalikoo ak baaxaayu Yàlla! Yàlla sopp na Aadama, te dafa bëgg mu bokk ci Moom ba fàww! Wànte ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni **Aadama ak Awa** tànne **déggadil Yàlla**, topp Ibliis, ba lekk ci garab, ga Yàlla tere woon.

Tey jii nag, fas nanu yéene wéy ci Tawreet, ci ñetteelu saaru téereb Njàlbéen ga, ba gis **la xewoon gannaaw ba Aadama ak Awa lekkee ca garab, ga Yàlla terewoon**. Ci aaya juróom-ñaar, Mbind mi ne na:

"*Seeni bët daldi ubbiku, ñu xam ne, def nañu yaramu neen. Ñu daldi ràbb xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg*." **(Ge 3:7**)

Lan la Aadama ak Awa jëkkoon a def gannaaw ba ñu déggadilee Yàlla? **Dañu doon fexee muur seen gàcce**! Jàng nanu ba noppi ne, laata Aadama ak Awa lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, "*yaramu neen lañu defoon, te amuñu ci woon kersa*." **(Ge 2:25**) Wànte léegi seen xalaat ci lu jëm ci seeni yaram soppiku na. Léegi, yég nañu seen tooñ ak seen gàcce fa kanam Aji Sell ji leen war a àtte! Naka noonu, ngir muur seen gàcce, ñu daldi ràbb xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg.

Noonu, Mbind mi ne na:

"*Gannaaw loolu ñu dégg tànki Yàlla Aji Sax, jiy doxantu ca tool ba, bi ker gi seddee, ñu fexee nëbbu Yàlla ci biir garabi tool ba*." **(Ge 3:8**)

Ni seen bàkkaar soppee lu bare ci ñoom! Aadamaak Awa, bala ñuy tooñ Yàlla, dañu doon **bég** bu Yàlla Aji Sax ji jaaroon ca tool ba ngir waxtaan ak ñoom, wànte léegi, bi ñu déggee Yàlla di jege, dañu **tiit** bay lox, daldi **rus**, di **fexee nëbbu Yàlla ci biir garabi tool ba**! Lu tax Aadama ragal te nëbbu? Loolu jafewul a xam. Su fekkee ne am na kuy sàcc ci toolu jaambur, te mu dégg baatu boroom tool ba, lu muy def? Dafay fexee nëbbu. Naka noonu Aadama, mi jël li Yàlla terewoon, doon na ko fexee nëbbu. Aadama xamoon na xéll ne, tooñ na Yàlla.

Ndax Aadama waroon na tiit, gannaaw ba mu jàddee yoonu Yàlla? Axakay! Lu tax? Ndaxte Yàlla newoon na ko bu leer: "*Bés boo lekkee ci garabu xam lu baax ak lu bon, keroog **fàww nga dee**!*" Ndax Yàlla dina def li mu waxoon? Loo ci xalaat? Ndax Aadama dina dee? **Ndax Yàlla dina mbugal nit ñi mu sàkk**? Laaj boobu manees na koo tontu ak beneen laaj. **Lan la Yàlla Aji Sell ji defoon Lusifer, maanaam Seytaane, gannaaw ba mu bañee kilifteefu Yàlla**? Ndax Yàlla jéggal na Seytaane ak malaaka ya bàkkaaroon? Jéggalu leen de! Yàlla dafa leen dàq fu sore jetaayam bu sell. Rax-ci-dolli, dafa leen sàkkal safara su dul fey mukk!

Ni Seytaane, Aadama dafa bañoon kilifteefu Yàlla. Ndax Yàlla manoon na wax rekk: "Amul solo!", bàyyi Aadama, bañ ko àtte? Mukk! Yàlla ku sell la, te fàww mu àtte bépp bàkkaar! Mënul a dékku bàkkaar. Ci loolu Kàddug Yàlla ne na: Yàlla

"*dafa sell ba mënul a xool lu bon, te mënul a dékku bàkkaar!*" **(Hab 1:13**) "*Boroom bi dina àtte ay gaayam! Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund!*" **(Yt 10:31**)

Waaw, jikkoy Yàlla ju sell ji, dafa laaj mu àtte te mbugal bépp bàkkaar. Naka noonu, fàww mu àtte Aadama ak Awa ndax seen bàkkaar. Looloo tax ci aaya bi ci topp nuy gis ni leen Yàlla wute. Mbind mi ne na:

"*Waaye Yàlla Aji Sax ji woo Aadama, ne ko: Ana nga?*" **(Ge 3:9**)

Lan la Yàlla defoon gannaaw ba Aadama defee bàkkaar? Yàlla dafa ko wuti, woo ko, ne ko: "***Ana nga?***" Ndax Aadama wuti woon na Yàlla? Déedéet! Dafa ko doon fexee nëbbu sax! Lu tax Yàlla woo woon Aadama? Ndax xamul woon fu mu nekk? Yàlla mi xam xalaat yi ak mébéti xol xamoon na tembe fu Aadama nëbbu! Yàlla dafa ko woo, ndaxte dafa bëggoon Aadama gis te nangu bàkkaaram ci kanamam. Aadama nag, lu mu tontu bi ko Yàlla nee: "*Ana nga?*" Mbind mi ne na:

"*Aadama tontu Yàlla, naan: 'Dégg naa say tànk ci tool bi, te ragal naa, ndax damaa def yaramu neen, ma daldi nëbbu.' Yàlla Aji Sax ji ne ko: 'Ku la xamal ne, dangaa def yaramu neen? Ndax dangaa lekk ca garab, ga ma la tere?' Aadama tontu ko: 'Jigéen, ji nga ma jox ngir mu ànd ak man, moo ma jox ci garab gi, ma lekk.' Noonu Yàlla Aji Sax ji ne jigéen ja: 'Lu tax nga def loolu?' Jigéen ja tontu: 'Jaan a ma nax, ma lekk ci.'*" **(Ge 3:10-13**)

Ndax dégg ngeen ni Aadama ak Awa tontoowoon Yàlla? **Ku nekk di fexee taqal keneen ki**. Aadama tuumaal Yàlla ak Awa, naan: "Man, defuma dara! Jigéen, ji **nga** ma jox, yaw Yàlla, **moo** tooñ." Awa moom, teg jaan tooñ, naan: "Du man de! **Jaan ji la**! Moo ma nax!" Wànte Yàlla, mi xam xolu nit, xamoon na ne: **Ñoom ñaar ñépp a tooñ**! Yàlla lekkloowu leen ci doomi garab ga. Seytaane itam lekkloowu leen ci. Seytaane, man na fiir nit te nax ko, waaye mënu la bàkkaarloo ak doole. Seytaane naxoon na Awa, wànte moom ci boppam moo tànnoon lekk ci doomu garab gi.

Ci lu jëm ci Aadama, Mbind mi ne na: Seytaane naxu ko. **(1Tim 2:14**) Aadama tànnoon na topp yoonu boppam, di yoonu Ibliis. Aadama xamoon na xéll li ko Yàlla santoon, wànte dafa tànn jàdd yoonu njub, topp yoonu njubadi. Te yemul ci déggadil Yàlla, waaye dem na ba tegale ay bàkkaar ci li mu fexee teg keneen tooñam.

Ba tey, nit ñi dañuy fexee teg keneen seeni tooñ, waaye Yàlla xam na dëgg gi. Jaarale ko ci Mbind mu Sell mi, Yàllaa ngiy wax ak nit ñi, naan: "**Ana nga?** Tontu ma! Loo def? Lu tax nga baña gëm te déggal sama kàddu? Lu tax nga xeeb sama baaxaay? Lu tax ngay teg sa moroom tooñ? "*Ni mu wóore ne maa ngi dund, ni la wóore ne, ñépp dinañu ma sukkal, te ku nekk seede ne maay Yàlla. Noonu ku nekk ci nun dinga làyyi fa Yàlla ci lépp loo mas a def!*" **(Ro 14:11,12**)

Léegi nag, nanu jëm kanam, ba dégg ni Yàlla àttee jaan ji ak Seytaane ak Awa ak Aadama. Mbind mi ne na:

"*Ci kaw loolu Yàlla Aji Sax ji ne **jaan ja**: Gannaaw def nga loolu, alku nga ci biir rabi kër yépp ak rabi àll yépp; dinga watatu, di lekk pënd sa giiru dund gépp. Dinaa def mbañeel ci sa diggante ak jigéen ji, ci sa diggantey xeet ak xeetam. Dina toj sa bopp, te dinga ko màtt ci tëstën. Yàlla ne **jigéen ja**: Dinaa def coono ci sa matu, te ci metit ngay wasin; dinga xér ci sa mbëggeel jëme ci sa jëkkër, te moo lay yilif. Mu ne **Aadama**: Gannaaw dégg nga sa waxu jabar, ba lekk ca garab ga ma la tere, dinaa rëbb suuf si ndax yaw. Ci kaw metit ngay jële sa dund bés bu nekk sa giiru dund gépp. Suuf si dina la saxal ay dég ak i dagg, te ci meññeefu tool yi ngay lekk. Ci saw ñaq ngay jële li ngay dunde, ba kera ngay dellu ci suuf, fa ma la jële; ndaxte pënd nga, te dinga dellu nekk pënd.*" **(Ge 3:14-19**)

Ndax gis ngeen li seen bàkkaar jur? Coono ak metit. Dég ak dagg. Suuf su wow ak ñaq. Feebar ak dee. Waaw, "*peyug bàkkaar moo di **dee**!*"

Lan la Yàlla digoon Aadama ak Awa su ñu lekkee ci garab gi mu leen aaye woon? Newoon na: "***Bés** boo ci lekkee, **keroog** fàww nga **dee**!*" Ndax suul nañu Aadama ak Awa bés bi ñu ci lekkee? Déedéet. Wànte, ndax dee nañu ci bés boobu? Waaw-waaw! Naka? Ni nu ko gise woon, Mbind mi dafa nuy won ne: **Dee mooy tàggook Yàlla Aji Dund ji**!

Ci bés booba, Aadama ak Awa **dee nañu ci seen ruu**, ndaxte amatuñu woon digganteek Aji Dund ji! Ba Aadama ak Awa déggadilee Yàlla, tàggale nañu seen bopp ak Yàlla. Ndegam tànn nañu gëm bañaaleb Yàlla, te ànd ak moom, kon bokkatuñu woon ci dundu Yàlla! Ci misaal, su fekkee ne danga am ab noon, te sa xarit tàmbali di ànd ak moom, kon, sa 'xarit' boobu sa bañaale lay daldi doon, du dëgg? Ni ñuy waxe, ne: "Sa xaritu noon, sa noon la." Naka noonu itam, kuy déggal Seytaane, noonoo nga ak Yàlla.

Bala nuy àggale sunu waxtaanu tey, am na li nu war a xam te fàttaliku ko. Loolu mooy: Aadama, mi bañoon kilifteefu Yàlla, mooy baayu képp kuy dund. Bés ba mu moyee ndigalu Yàlla, ca la daldi nekk bàkkaarkat. Te naka noonu, doomi Aadama yépp, ay bàkkaarkat lañu! "Janax du jur lu dul luy gas."

Te lii it am na: Bàkkaaru Aadamaa tax **mu tàggalikook Yàlla**. Naka noonu, doom Aadama yi it tàggalikoo nañu ak Yàlla! Mooy li Wolof naan: "Musiba du yem ci boppu boroom!"

Sunu maam, Aadama, mi tàggalikook Yàlla, dafa **mel ni caru garab** bu ñu dog, sànni. Luy xew su fekkee ne car wi bokkatul ci garab gi? Day wow, dee. Te car wu nekk am na ay car yu ndaw. Luy xew ak car yu ndaw yi bokk ci car wi ñu dog? Ndax ñoo ngiy dund? Déedéet, dee nañu tamit, ndaxte ci car wu wow wi lañu bokk! Naka noonu, **doomi Aadama yépp, dañu mel ni car yu ndaw**, yu bokk ci car wi ñu dagg. Ndax bàkkaaram, Aadama moo di car wu wow wi, te ci moom lanu bokk. Nun ñépp a bokk ci sunu bàkkaaru maam, Aadama, te dëppook moom jikko.

Moo tax Yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor, naan: "***Judduwaale naa dëngte**, sosoo ci bàkkaar ci sama biiru yaay!*" **(Ps 51:5**)

Bàkkaar dafa xaw a mel ni jàngoro ju ñuy wax SIDAA. Ku doomu SIDAA dugg ci yaramam, du ko bàyyi abadan. Ku am SIDAA man na ko wàll doomam. SIDAA dafay rey, te amagul garab gu koy faj. Noonu la bàkkaar mel. Musiba mu wër àddina la. **Dafay rey**, sànk nit ñi ba fàww, te **nit, moom ci boppam, amul menn pexe ngir faj ko**.

Wànte nu ngiy sant Yàlla tey ak xol yu sedd guyy, ndaxte Yàlla ci boppam joxe na pexe, moo xam ne, su nu ko jëfandikoo, dina nu musal ci dooley bàkkaar ba fàww! Kon, mbokk yi, ci emisyoŋ bi di ñëw, ci coobare Yàlla, dinanu àggale ñetteelu saar wii ci Tawreet, ba gis ni Yàlla dige woon Aadama ak Awa, ak nit ñépp, dig gu neex lool ci mbirum Musalkat bu am doole, bi naroon a ñëw ci àddina, ngir musal bàkkaarkat yi ci dooley Seytaane, ak bàkkaar ak safara!

Jërëjëf ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci dëgg gu am maana, gi leen Yàlla bëgg a xamal tey. Kàddug Yàlla ne na: "***Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar!***" **(Ro 5:12**)

# 9 Dig gu neex gi

(Njàlbéen ga 3:15,21-24)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ yi weesu, gisoon nanu ni Aadamaak Awa jàdde yoonu Yàlla ba lekk ca doomu garab ga mu leen terewoon. Nit ki Yàlla sàkk ci melokaanam, tànnoon na topp Seytaane, bañaaleb Yàlla! Bala Aadama ak Awa di bàkkaar, dañu doon bég bu Yàlla daan jaar ca tool ba ngir waxtaan ak ñoom. Wànte léegi, bi ñu déggee baatu Yàlla, **ñu tiit, te rus, te di fexee nëbbu Yàlla** ca biir garabi tool ba! Waaye Yàlla wuti Aadama ak Awa, waxtaan ak ñoom, xamal leen li **seen bàkkaar** naroon a indaale ci àddina, maanaam: coono ak naqar, dég ak dagg, feebar ak **dee**.

Looloo tax li ko dale ca bés booba ba tey, takkandeeru dee mu ngi tiim askanu Aadama! Doomi Aadama yépp dañuy sosoo ci bàkkaar te judduwaale jikko ju bon. Bañ ko, walla bëgg ko, **nun ñépp a dëppook sunu jikkoy maam, Aadama**. "Janax du jur lu dul luy gas!" Sunu bàkkaaru maam Aadama moo tax nu nekk ay bàkkaarkati judduwaale. Ci lu wér, "Musiba du yem ci boppu boroom!" Te ni bàkkaar tàggalee Aadama ak Yàlla, noonu itam la nu sunu bàkkaar tàggaleek Yàlla. Loolu la Mbind miy wax ne:

"*Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar!*" **(Ro 5:12**) "*Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla!*" **(Ro 3:23**) "*Seeni ñaawteef ñoo dox seen diggante ak Yàlla; seeni bàkkaar a leen di nëbb xar-kanamam.*" **(Isa 59:2**)

Xebaar bii de, neexul a dégg wànte noonu la. Ci lu wóor, "Dëgg kaani la!"

Kon, gis nanu ni benn **bàkkaaru Aadama tàggalee woon xeetu nit ñépp ak Yàlla**. Bés ba Aadama déggadile Yàlla, Aadama ak ñépp ñi war a soqikoo ci moom génnoon nañu nguuru leer gi, dugg ci nguuru lëndëm gi. Amatuñu woon benn cér ci nguurug Yàlla. Seen bàkkaar tax na seen cér mu nga woon **ak Seytaane**, moom mi leen jàppoon ni ay jaamam! Léegi, mënatuñu yaakaar dara ci dund gii, lu dul nootaangeg bàkkaar ak tiitaangeg dee ... te, ca àllaaxira, mbugal gu dul jeex ci safara si dul fey mukk di leen fa xaar!

Su fekkoon ne, Mbind mu sell mi fii la jeexe, tëj téere bi rekk lanuy def, te jooy xàcc, mel ni ku sànku ci biir géej gi, te amul jenn yaakaar mucc. Su Yàlla ubbiwul woon buntu mucc ngir musal doomi Aadama yi, kon dañuy torox abadan! Wànte cant ñeel na Aji Sax ji sunu Yàlla, ndaxte Mbindi yonent yi jeexewul ci nettalib bàkkaaru Aadama! **Yàlla mi bare yërmande, ubbil na doomi Aadama buntu mucc**! Naka noonu, Kàddug Yàlla ne na:

"*Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp!*" **(Lu 2:10**) "*Fa bàkkaar bare, yiwu Yàlla gën faa bare!*" **(Ro 5:20**) "*Ndaxte yiwu Yàlla feeñ na, te ubbil na ñépp buntu mucc!*" **(Tit 2:11**) Amiin!

Ci dëgg-dëgg, Yàlla ku sell la, te fàww mu àtte bàkkaarkat yi. Yàlla ku jub la, kon mënul a fàttee noonu bàkkaar. Fàww mu àtte bépp bàkkaar. Peyug bàkkaar mooy dee, tàggalikook Yàlla ba fàww. Yàlla du soppiku mukk, te it, peyug bàkkaar du soppiku mukk. Wànte tey jii, dinanu tàmbali jàng ci Mbind mi, ni **Yàlla Aji Sell ji rabate pexe** ngir musal bàkkaarkat yi ci peyug bàkkaar! Kon, dinanu gis ne, Yàlla du Aji Sell kese la, wànte Aji Yërmande la itam! **Yàlla, sunu Àttekat, dafa bëgg a nekk sunu Musalkat**!

Tey nag, dinanu gis, ca bés ba Aadama ak Awa defe bàkkaar, ni Yàlla tàmbalee xamle yéeneem ju rafet ngir musal bàkkaarkat yi. Nanu wéy léegi ci Tawreet, ci téereb Njàlbéen ga, ba jàng ci mbirum xebaar bu baax

boobu. Nu ngi jàng ci saar ñett, aaya fukk ak juróom.

Yàlla dafa wax Seytaane mi nekkoon ca jaan ja: "***Dinaa def mbañeel ci sa diggante ak jigéen ji, ci sa diggantey xeet ak xeetam. Dina toj sa bopp, te dinga ko màtt ci tëstën.***" **(Ge 3:15**)

Nanu taxaw fii tuuti, ndaxte aaya bii, dafa ëmb dëgg yu bare te xóot te am maanaa lool. Li nekk ci aaya bi, manees na ko tënke nii: **Yàlla dafa tàmbalee xamle, ni mu naroon a indee ci àddina, ab Musalkat** buy jot doomi Aadama ci nootaangeg Seytaane! **Boobu mooy aaya bu jëkk ci Mbind mi, te di yégle ñëwug Rammukat bu sell bi**. Ci aaya bii, am na ñeenti dëgg yu nu bëgg a faramfànce ci lu jëm ci Rammukat boobu Yàlla digewoon.

1.) Dëgg gu jëkk gi, mooy: Yàlla dafa ci yégle ni Rammukat boobu naroon na **juddoo ci jigéen rekk**, maanaam cib janq bu musul a séy. Nun ñépp am nanu waa jur wu góor ak wu jigéen. Wànte Musalkat bi naroon a ñëw, mu ngi waroon a juddoo ci jigéen kese, ci kàttanug Yàlla. Du am baay ci kaw suuf. Musalkatu Àddina si mënul a soqikoo ci askanu Aadama, ndaxte képp ku jóge ci Aadama, taq na bàkkaar. Musalkatu bàkkaarkat yi, moom, fàww mu bawoo ci Yàlla, ci asamaan. Kon nag, li nu man a jëkk a xam jaare ko ci aaya bii, mooy lii: Yàlla dige woon na ab Rammukat bu waroon a juddoo cib janq.

2.) Amoon na leneen lu Yàlla yégle ci bés bi Aadama ak Awa defee bàkkaar. Ci lu jëm ci Rammukat bi naroon a ñëw, Yàlla dafa ne Seytaane: "Dinga ko màtt ci tëstën." Noonu Yàlla doon na yégle ni **Seytaane, ak ñi ànd ak moom, naroon a fitnaale Musalkat, bi Yàllay yónni, te gaañ ko**. Ci njàng yi di ñëw, dinanu gis ni yonent Yàlla yépp yéglee woon ne: Fàww Musalkatu Àddina si dékku ay coono yu jóge ci Seytaane, te fàww mu dee ni sarax suy dindi bàkkaar, moom mi jub ngir nun, ñi jubadi.

3.) Wànte amoon na leneen lu Yàlla wax Seytaane ci lu jëm ci Rammukat, bi naroon a ñëw ci àddina. Yàlla ne Seytaane mi nekkoon ci jaan ja: "Moom, dina toj sa bopp!" Xebaar bu bon la woon ci Seytaane, di xebaar bu baax ci képp ku bëgg a rëcc ci dooley Seytaane! Noonu Yàllaa ngi doon yégle ne: **Musalkat bi dina nasaxal jëfi Ibliis**, yiwi doomi Aadama, ñi nekkoon jaami bàkkaar.

4.) Ci mujjental gi nag, aaya bii, Yàlla doon na ci yégle ni mu naroon a ame **ñaari xeet ci àddina si**, maanaam: xeetu Seytaane ak xeetu Yàlla. Xeetu Seytaane mooy ñi baña gëm Kàddug Yàlla. Xeetu Yàlla mooy ñi gëm Kàddug dëgg gi, te di ko jëfe. Yàlla newoon na itam: xeetu Seytaane dina xeex ak xeetu Yàlla. Wànte, ca muj ga, gaayi Yàlla yi dinañu jël ndam li, ndax seen Musalkat bu am doole, bi naroon a toj boppu Seytaane!

Kon, ci **bés ba Aadama ak Awa bàkkaaree**, gis nanu ni **Yàlla tàmbalee yégle yéene ju rafet, ji mu amoon ngir jot bàkkaarkat yi**. Ci emisyoŋ yi di ñëw, dinanu gis, ndànk-ndànk, ni yonent Yàlla yépp yégle woon ñëwug Musalkat bu sell, bi waroon a goreel bàkkaarkat yi ci loxoy Ibliis. Su fekkee ne, li nu jàng léegi leeragul ci sa xel, bul jaaxle, ndaxte su nuy jëm kanam, lépp dina leer nàññ. Nanu fàttaliku li Wolof Njaay ne: "Ndànk-ndànk, mooy jàpp golo ci ñaay." Te: "Ku yàgg ci teen, baag fekk la fa." Ndax dinga yàgg ci teenu Kàddug Yàlla? Baax na! Yàlla ne na: "*Sooy wut dëgg gi ni ngay wute xaalis, soo koy wut ni ngay wute alal ... Kon dinga am xam-xam bu bawoo ci Yàlla*!" **(Pr 2:4,5**)

Léegi nag, danu bëgg a àggale aaya yi des ci ñetteelu saaru Tawreet. Mbind mi ne na:

"*Te Yàlla Aji Sax ji defaral Aadama ak jabaram ay yérey der, solal leen ko. Yàlla Aji Sax ji nee na: Léegi nit mel na ni nun, xam lu baax ak lu bon; kon bu mu tàllal loxoom, witt ci garabu dund gi, lekk, bay dund fàww. Noonu Yàlla Aji Sax ji génne ko ci toolu Àjjana, muy bey suuf, si ñu ko jële. Bi mu ko dàqee, mu teg ci penkub toolu Àjjana ba ay malaaka yu ràññeeku, yi ñuy wax seruben, teg ca it jaasi juy melax tey wumb, ngir wottu yoonu garabu dund ga.*" **(Ge 3:21-24**)

Nii la ñetteelu saar wi jeexe. Am na fi nag lu mat a leeral bala nuy àggale tey.

Ci bu jëkk, Mbind mi ne na: "*Yàlla Aji Sax ji defaral Aadama ak jabaram ay yérey der, solal leen ko.*" Ndax fàttaliku ngeen lu Aadama ak Awa defoon ginnaaw ba ñu lekkee ci garabu xam lu baax ak lu bon? **Dañu ràbboon xobi garabu figg**, laxas ko ci seen ndigg, ngir fexee muur seen gàcce fa kanam Yàlla. Ndax Yàlla nangu woon na yére yi ñu defaral seen bopp, maanaam yére yu ñu defare xob? Déedéet! Lu tax Yàlla nanguwul yére yi ñu defaraloon seen bopp? Ndaxte Yàlla dafa bëggoon a jàngal Aadama ak Awa ne, Ku **mat** la, te mënul a nangu jëfi nit **yu matadi**. Ci loolu, Mbind mi ne na: "*Ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp, te* ***sunuy jëf yu jub yépp dañu xasaw niy sagar yu tilim!***" **(Isa 64:5**)

Wànte am na lu Yàlla defaloon Aadama ak Awa ngir muur seen gàcce, te won leen mbëggeelam. **Yàlla reyoon na ay mala**, daldi leen fees, defaral ci Aadama ak Awa ay **yérey der**, solal leen ko. Jaare ko ci saraxi mala yi, Yàlla dafa bëggoon a jàngal nit ne, "*Peyug bàkkaar mooy dee*", **(Ro 6:23**) te "*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am.*" **(Yt 9:22**)

Mënunu ko faramfàcce tey, waaye moom la yoonu Yàlla wu sell wi tëraloon: "***Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am.***" Looloo tax ñu daan tuur deretu mala yi amul genn tooñ. Ci pexe moomu rekk la Yàlla manoon a baale nit ñi seeni bàkkaar te ba tey dëkk ci njubteem: Fàww ñi tooñul dee ci palaasu ñi tooñ. Noonu, gis nanu ni Yàlla tuure deretu mala ngir muur gàccey Aadama ak Awa.

Ginnaaw loolu, Yàlla **dàq na Aadama ak Awa** ci toolu Àjjana, teg fa ay malaaka yu yor jaasi yuy melax ngir wottu yoonu garabu dund ga. Aadama ak Awa tànnoon nañu yoonu dee, kon, mënatuñu woon dëkk ci naataangeg toolu Àjjana. Gisoon nanu ba noppi ni Yàlla dàqe Lusifer, maanaam Seytaane, ci jetaayam ndax bàkkaaram, te léegi gis nanu ni Yàlla dàqe Aadama ak Awa ndax seen bàkkaar. Yàlla Aji Sell la, te **fàww mu dàq lépp lu sellul**.

Kon mbokk yi, nanu denc ci sunu xel ñaari xalaat:

1.) Xalaat bu jëkk mooy: **Yàlla Aji jub la**! Yàlla mënul a dékku bàkkaar. Moo tax mu àtte Aadama ak Awa, te dàq leen toolu Àjjana.
2.) Ñaareelu xalaat bi mooy: **Yàlla Aji Yërmande la**! Aadama ak Awa yelloowuñu woon yërmandey Yàlla. Àtteb Yàlla rekk lañu yeyoo! Wànte Yàlla bëggul woon nit ñi sànku ba fàww. Loolu moo taxoon mu dige ab Musalkat, bu man a jële bàkkaarkat yi ci lëndëmu nguurug Seytaane, tàbbal leen ci leeru nguurug Yàlla.

Mbokk yi, buleen juum ci lii: **Yërmandey Yàlla mënul a safaanoo ak njubteem mukk**. Fàww ñu ànd. Ci yeneen njàng yi di ñëw nag, dinanu gis ni Yàlla jëfe ba yërëm bàkkaarkat yi, te ba tey dëkk ci njubteem.

Kon nag, mbokki déglukat yi, loolu moo doon seen emisyoŋ '*YOONU NJUB*'. Nu doon waxtaan ak yeen tey ci dig gu neex gi Yàlla digewoon bés ba Aadama ak Awa jàdde yoonam. Nu ngi leen di jox dox daje, ndegam neex na Yàlla, emisyoŋ bi di ñëw ngir gëstoondook yeen ci lu jëm ci ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, di Kayin ak Abel.

Jërëjëf ci déglu bi. Soo amee ay laaj ci li nu jàng tey walla leneen, walla su fekkee ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la soxal, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci Mbind mi naan: "***Fa bàkkaar bare, yiwu Yàlla gën faa bare!***" **(Ro 5:20**)

# 10  Kayin ak Abel: Yoonu Sarax

(Njàlbéen ga 4:1-5)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, ci sunu njàng ci Tawreet, gisoon nanu ne, ginnaaw ba Aadama ak Awa bàkkaaree, Yàlla tàmbali woon na leeral ni mu naroon a indee ci àddina kuy musal doomi Aadama ci dooley Seytaane. Gis nanu it, ni Yàlla bañe woon nangu yérey xob yi Aadama ak Awa defaraloon seen bopp. Yàlla dafa bëggoon a jàngal Aadama ak Awa ne, Bàkkaarkat mënul a def dara ngir muur gàcceem fa kanam Yàlla! Yàlla doŋŋ a man a musal bàkkaarkat yi ci seen gàcce. Naka noonu, gisoon nanu ni Yàlla, ci boppam, rendee woon ay mala, defaral ci Aadama ak Awa yérey der, solal leen ko. **Yàlla moo defoon saraxu deret su jëkk sa**. Saraxu mala, ci Yàlla la jóge. Jàng nanu it ni Yàlla yéglee woon ne, dina am léegi ñaari xeet ci suuf: Ñi baña gëm kàddug Yàlla ak ñi ko gëm.

Tey nag, dinanu jàng ci lu jëm ci ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, di **Kayin**, mi baña gëm Yàlla, ak **Abel**, mi ko gëm. Ni nu ko gise woon, léegi Aadamaak Awaa ngi dëkk ci biti toolu Àjjana, ndaxte Yàlla dàqoon na leen ndax seen jàdd yoon. Seen bàkkaar a taxoon mënatuñu dund ci naataangeg toolu Àjjana. Seen bàkkaar a yàqoon seen digganteek Yàlla. Wànte ba tey Yàlla bëggoon na leen, di leen toppatoo, su ñu ko umplee sax.

Léegi, nanu jàngandoo ci ñeenteelu saar ci téereb Njàlbéen ga. Mbind mi ne na:

‟*Gannaaw loolu Aadama ànd na ak Awa jabaram, mu ëmb, jur **Kayin**; mu ne: Am naa nit ci ndimbalu Aji Sax ji. Awa teg ca **Abel**, rakkam. Abel di sàmm, Kayin di bey.*” **(Ge 4:1,2**)

Kon, Aadamaak Awa jur nañu ñaari doom, Kayin ak Abel. Ni seeni waa jur, ay bàkkaarkat lañu woon. Bàkkaaru Aadama lawoon na ba ciy doomam, mel ni feebar buy wàlle. Kayin ak Abel, ci bàkkaar lañu sosoo. Noonu, Mbind mi ne na: ‟*Aadama jur na ay doom ci melokaanam.*” **(Ge 5:3**)

‟Doom ja, baay ba.” **Kon, Kayin ak Abel, jikko ju bon lañu judduwaale**. Xale yi di màgg ci jëmm, tey yokku ci xam-xam. Kayin beykat la woon. Liggéeykat bu am jom la woon te ñeme coono. Naka Abel moom, sàmm lawoon. **Ñoom ñaar xamoon nañu lu bare ci lu jëm ci Yàlla**. Xamoon nañu ne, Yàlla am na te dafa sell, te bañ bàkkaar. Te it, ñoom ñaar waroon nañu xam ne, **ku bëgg a jegeñ Yàlla, fàww mu jaar ci yoonu saraxu deret, wi Yàlla tëral**.

Kon nag, amoon na benn bés ci dundu Kayin ak Abel, ku nekk ci ñoom fasoon yéene màggal Yàlla, jébbal ko ay sarax. Kon, Mbind mi ne na:

‟*Gannaaw ay jamano Kayin jël ci li mu bey, jébbal ko Aji Sax ji, ngir màggal ko. Abel moom jébbal yi jëkk a juddu ci géttam, te gën cee duuf. **Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin**. Kayin nag daldi mer lool, ba xar-kanam bi lëndëm.*” **(Ge 4:3-5**)

Nanu xalaat ci li xewoon. Ñaari nit ñu bëgg a jaamu Yàlla. Ñu jébbal Yàlla ay sarax. Wànte Mbind mi ne: ‟*Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin*.” Lu tax Yàlla nangul kenn ki saraxam, te gàntu saraxu keneen ki? Lan moo wuutaale woon ñaari sarax yooyu?

Ci lu wér, saraxu Kayin ak saraxu Abel, wuute woon nañu lool. Kayin, **léjum yu rafet ak ay meññeef yu neex** la indil Yàlla. Abel, moom, indil Yàlla **deretu mbote mu sikkul**.

Lu tax Yàlla far bàkkaari Abel, mi indi deretu mbote, te farul bàkkaari Kayin, mi indi ay léjum? Ndax Yàlla

dafa bëggul ay léjum ak i meññeef? Du noonu de. Lu tax, nag, Yàlla àtte Abel ni ku jub, te bàyyi Kayin ci bàkkaaram?

Lii a tax. **Abel dafa indi sarax, si Yàlla santaanewoon, te Kayin indi leneen**. Lan la Yàlla laajoon ngir man leen a baal seeni bàkkaar te ba tey dëkk ci njubteem? **Deretu mala mu amul sikk**. Abel gëmoon na Yàlla ba indi saraxu deret, si Yàlla laajoon. Waaye Kayin, moom, gëmul woon li Yàlla wax. Dégluleen li Mbind mi wax: "***Ngëm moo tax** ba Abel jébbal Yàlla sarax su gën saraxu Kayin. Ngëmu Abel moo tax ba Yàlla àtte ko ni ku jub, bi mu ko seedeelee ne, saraxam baax na.*" **(Yt 11:4**)

Abel gëmoon na Yàlla, wànte Kayin gëmu ko woon. **Gëm Yàlla, lu muy tekki**? Gëm Yàlla mooy wóolu Yàlla, ba déggal kàddoom. Gëm Yàlla mooy **nangu li Yàlla wax**. Su kenn nee, "Gëm naa Yàlla", te gëmuloo li Yàlla wax ci Mbind mu sell mi, kon, gëmuloo Yàlla dëgg-dëgg! **Yàlla ak kàddoom benn lañu**. Képp ku gëm Yàlla, dinga gëm kàddoom, te déggal ko itam. Ku faalewul li Yàlla wax, Yàlla ci boppam nga bañ.

Yàlla nangul na Abel, ndaxte gëmoon na kàddoom, ba jege ko ak deretu mbote, ni ko Yàlla santaanewoon. Wànte Yàlla nangulul Kayin, ndaxte gëmul woon kàddug Yàlla ci dëgg-dëgg. Kayin, dafa mbubboo gëm Yàlla, waaye ay jëfam weddi na ko, ndaxte jébbalul woon Yàlla saraxu deret ni ko Yàlla santaanee woon.

Xëy na am na kuy laaj: "Waaw, lu tax Yàlla santaane woon saraxi mala? Lu tax Yàlla waxoon ne: '*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am.*'?" Tont laa ngii: Yoonu Yàlla wu sell wi ne na: "***Peyug bàkkaar mooy dee!***" Loolu moo tax fàww deret tuuru. Yàlla waxul woon: "Manees na fey bàkkaar ak ay meññeef ak i léjum." Yàlla waxul woon it: "Peyug bàkkaar mooy jëf yu rafet, ak woor ak sàkk sarax." Déedéet! Li Yàlla wax, ci sellaayam, mooy lii: "*Peyug bàkkaar moo di **dee**.*"

Yàlla, ci Mbindi yonent yi, dafa nuy won ne, doomi Aadama yépp def nañu bàkkaar, te bàkkaarkat bu nekk am na **bor bu réy** fa kanamu Yàlla Aji Sell ji. Fàww bàkkaarkat bi dee, fey boru bàkkaar boobu ca safara ba fàww! Boru bàkkaar dafa réy lool, te mënuloo def ay jëf yu baax yu doy ngir far ko fa kanam Yàlla. **Peyug bàkkaar moo di dee ak safara**, looloo tax jëf yu jub mënuñu fey boru bàkkaar mukk!

Nanu ko fexee misaal. Su fekkee ne, dama ameel boru xaalis bu baree-bare benn leblekat, te ma dem ci moom, ne ko: "Man daal, xam naa ne, dama la ameel bor bu réy lool. Waaye dama bànk, te mënuma fey sama bor ak xaalis, wànte am na meneen pexe mu ma rabatoon ngir fey la. Mooy: Bés bu nekk, dinaa ñëw, bale sa buntu kër, naka noonu dinaa la liggéeyal, ba sama bor jeex." Leblekat bi nag, lan la may tontoo? Xëy na dina mer, walla mu may reetaan, wànte li wóor peŋŋ mooy, du nangu mukk sama xalaat boobu! Lu tax leblekat bi du man a nangu pexe moomu? Ndaxte, liggéeyu bale rekk mënul a far mukk boru xaalis bu bare!

Naka noonu, kenn mënul a fey boru bàkkaar ak jëf yu jub. Lenn rekk a ko man a fey – du xaalis mbaa jëf yu jub – wànte **dee**. Peyug bàkkaar mooy dee te tàbbi safara ba fàww. Kon, Yàlla mënul a far boru bàkkaari Kayin ak Abel ci kaw seeni jëfi loxo. Pexey Yàlla ngir far seen boru bàkkaar moo doon lii: **Deretu sarax si**. Fàww ñi tooñul dee ci palaasu ñi tooñ. **Mbaalug bàkkaar, ajuwul ci pexem nit, waaye ci pexem Yàlla**. Jaare ko ci deretu mala yi, Yàlla ubbil na doomi Aadama buntu mucc.

Ci jamano yu jëkk ya, Yàlla dogaloon na ne, fàww bàkkaarkat bu nekk jébbal ko mala mu sikkul te wàññikuwul, rendi ko! Mala, ma amul genn tooñ dee, wuutu tooñkat bi. Ci kaw deretu sarax soosu, Yàlla manoon na muñal doomi Aadama, ba jéggal leen seeni bàkkaar ab diir. **(Ro 3:25,26**)

Wànte deretu mala **mënul woon a fey** boru bàkkaaru nit ba fàww, ndaxte maanaawu mala ak bu nit yemul. Moo tax Mbind mi ne na: Saraxi mala ya, dañu doon "*misaal xéewal yi waroon a ñëw; **takkandeer** la ci yëf yu dëggu yi, waaye **du ñoom ci seen bopp**. ... Ndaxte **deretu [mala yi] mënuñoo dindi bàkkaar yi.***" **(Yt 10:1,4**)

Li gën a am maana ci li nu war a xam ci lu jëm ci saraxi mala yi mooy: **Sarax yooyu yépp ay misaal kese**

**lañu woon ci Musalkat bu jub, bi naroon a ganesi àddina ngir feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar**. Musalkat boobu Yàlla dige woon, waroon na dee "*benn yoon ba fàww, ngir dindi bàkkaar yi, moom mi jub ngir ñi jubadi, ngir yóbbu leen fa Yàlla*.”. **(1Pi 3:18**)

Naka noonu, bind nañu ci Linjiil ne: "*Yonent yépp seedeel nañu ko ne,* ***ku gëm Musalkat bi, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam!***” **(Jëf 10:43**)

Kon, man nanu xam lu tax Yàlla santaane woon saraxi mala, ci jamano yu jëkk ya. Wànte Kayin amoon na beneen xalaat. Sàkkoon na weneen yoon, jeneen diine, di diine ju dul dëgg. Indil na Yàlla ay jëfi loxoom. Saraxaloon na Yàlla li mu beyoon, maanaam, meññeefi suuf, si ñu rëbboon, te amul deret. Ndax Yàlla nangu na 'sarax' soosu? Déedéet, Yàlla nanguwu ko!

Waaye Abel, moom, jébbaloon na Yàlla mbote mu amul sikk, rendi ko, ba deret jépp tuuru. Ginnaaw loolu, mu lakk ko. Sarax soosoo taxoon Abel am xel mu dal fa kanam Yàlla. Xamoon na ne, moom ci boppam moo yelloo dee, wànte **mbote, ma amul woon genn tooñ a ko wuutu**. Noonu la Abel seedee woon ngëmam ci Rammukat, bi naroon a ganesi àddina si, ngir dee ci palaasu bàkkaarkat yi, gàddul leen seen mbugalu bàkkaar.

Ngir tënk nettalib tey bi, am na lu nu leen bëgg a laaj. Lu tax Yàlla nangulul Kayin saraxam? Ndax Kayin dafa gënoon a nekk bàkkaarkat Abel? Loolu taxul. Ay bàkkaarkat lañu woon, ñoom ñaar ñépp! Te ñoom ñaar, jébbal nañu Yàlla ay sarax. Kayin nitu diine la woon. Ci gis-gis, xëy na man nanu wax sax, saraxu Kayin moo gënoon a neex saraxu Abel. Léjum yi ak meññeef yi rafetoon nañu lool, wànte mbote mu ñu rendi, deret jiy tuuru, neexul a gis! Waaye yoon wu jub wi Yàlla tëral dafa newoon: "***Bu deret tuuruwul mbaalug bàkkaar du am!***” Looloo taxoon Yàlla gàntu Kayin, moom ak saraxam, ndaxte faalewul woon yoon wu jub, wi Yàlla tëral!

Kenn du man a ñëw ci Yàlla, te jaarul ci yoon wu jub, wi mu tëral! **Yoonu Yàlla, yoon wu mat la te jub**! Dafa xaw a mel ni matematik ci lekkool. Sub jàngalekat laajee ndongo yi, "Ñaar ñu yokk ci ñaar, ñaata la?” Benn tont bu jub rekk a am. **Ñaar bu ñu ci yokkee ñaar, ñeent lay nekk**. Ndongo li tontu ñett, juum na. Ku wax juróom, juum na. Ku wax ñeent ak genn-wàll itam, juum na. Ñaar ak ñaar ... ñeent doŋŋ la! Noonu la nekke ak yoonu njub wi Yàlla tëral. Jenn Yàlla kepp moo am, ak wenn yoonu mucc diggante bàkkaarkat yi ak Yàlla Aji Sell ji! Mooy **yoonu sarax su mat sëkk si**!

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga li Kàddug Yàlla wax ci lu jëm ci Sarax su sell, si Yàlla joxe, ngir **far sa boru bàkkaar, benn yoon ba fàww**? Ndax xam nga ne Yàlla, ci boppam, wàcce na ci àddina ab Musalkat bu am doole, ngir nga man a am **xol bu sell** fa kanam Yàlla? Ci njàng yi di ñëw dinanu jàng lu bare ci mbiru Musalkat bu baax bii. Mbind mu Sell mi dafa wax ci Moom ne: "*Mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce*.” **(Jëf 4:12**)

Mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Bu soobee Yàlla, dinanu àggale sunu njàng ci lu jëm ci Kayin ak Abel ci emisyoŋ bi di ñëw. Su fekkee ne am ngeen ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku sàrtu Yàlla, bi nekk ci Mbindi Yonent yi: "***Bu deret tuuruwul, mbaalu bàkkaar du am***.” **(Yt 9:22**)

## 11 Kayin mi baña réccu

(Njàlbéen ga 4:1-16)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ci mbirum ñaari doomi Aadama ak Awa yu jëkk ya, di **Kayin ak Abel**. Gisoon nanu ni ku nekk ci ñoom bëgge woon màggal Yàlla, jébbal ko ay sarax. Kayin jëloon na ci li mu bey, jébbal ko Yàlla. Wànte Abel jébbal Yàlla mbote mu amul sikk, rendi ko, ni sarax suy muur bàkkaar. Noonu, Mbind mi ne: "*Yàlla Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin.*"

Lu tax Yàlla nangul Abel, te nangulul Kayin? Ndaxte yoonu njub, wi Yàlla tëraloon, moo ne: "Peyug bàkkaar mooy dee." te "bu deret tuuruwul mbaalug bàkkaar du am!" **(Ro 6:23 Yt 9:22**) Yàlla àtte na Abel ni ku jub, ci li mu gëm kàddug Yàlla, ba indi saraxu deret ngir fey bàkkaaram. Wànte Kayin, moom, dafa doon fexee jege Yàlla ci pexey boppam, ba tax Yàlla nangulu ko.

Tey jii nag, danu fas yéene **àggale sunu njàng ci mbirum Kayin ak Abel**. Ndax xam nga li xewoon ginnaaw ba Yàlla bañee nangul Kayin saraxam. Ci téereb Njàlbéen ga, saar ñeent, aaya juróom, Mbind mi ne na: "*Kayin nag daldi mer lool, ba xar-kanam bi lëndëm.*" **(Ge 4:5**)

Lu tax Kayin mer? Loolu jafewul a xam. Ci misaal, su ma defee lu bon te am ku ma ne: "Danga juum! War nga soppiku, def lu jub!" Naka laa man a wuyoo ki may yedd? Damay nangu cig woyof ay waxam te **soppi dundin**, mbaa ma mere ko te **wéy ci sama njubadi**.

Yàlla yedd na Kayin, ngir mu gis ne, jëfi loxoom, yi mu ko indiloon ni sarax, amul woon benn njériñ fa kanamam. **Yàlla dafa bëggoon Kayin réccu**, te indil ko saraxu mbote mu amul sikk, ni ko Abel defe woon. Yàlla dafa bëggoon a teg Kayin ci yoonu njub. Wànte Kayin, ci réyam, bañ nangu tooñam fa kanam Yàlla. Mu daldi mer, ba xar-kanam bi lëndëm.

Naka noonu, "*Aji Sax ji ne Kayin: 'Lu tax nga mer, te lu tax sa xar-kanam lëndëm? Soo defee lu baax, sa xar-kanam dina leer; soo deful lu baax, bàkkaar a ngi ci sa bunt, di la tëru ni rab, te di la wut, waaye nanga ko noot!'*" **(Ge 4:6,7**)

Lu tax Yàlla doon layook Kayin noonu? Ndaxte dafa bañoon Kayin sànku. Li Yàlla bëggoon mooy Kayin tuub ay bàkkaaram, te jaar ci yoonu njub. Yàlla doon na artu Kayin ci noonam bu soxor, bi ko bëgg a sànk, moom ak askanam. Noon boobu moo tudd '**Bàkkaar**!'

**Lan mooy bàkkaar**? Bàkkaar mooy **jafe-jafey àddina**. Moo di sunu noon bi gën a bon. Bàkkaar dafa mel ni jaan, ju fees dell ak daŋar tey rey! Dafa mel ni ferñent su tuuti, su man a lakk àll bu yaatu. Bàkkaar, jum la, bu Seytaane taal, muy lakk àddina! Kàddug Yàlla ne na: "*Bàkkaar mooy jàdd yoon. ... Kuy def **bàkkaar**, ci Seytaane nga bokk, ndax Seytaane ca njàlbéen ga ba tey day **bàkkaar**.*" **(1Yow 3:4,8**)

Bàkkaar mooy doole jiy yengu ci sunuy céri yaram, di bëre ak liy dëgg te baax. Bàkkaar mooy lépp loo xam ne, àndul ak coobare Yàlla. Bàkkaar mooy baña gëm kàddug Yàlla te déggal ko. **Aw sama yoonu bopp mooy bàkkaar**.

Luy doon mujug ñi aw seen yoonu bopp, baña gëm Yàlla te déggal ko? Mbind mi ne na: "***Seen pey mooy alku ba fàww, fu sore Boroom bi Yàlla** ak ndamam lu réy*." **(2Tes 1:9**)

Ñiy jaar ci yoonu mucc, wi Yàlla tëral, dees na leen tàbbal ci dund gu dul jeex. Waaye ñi sax ci bàkkaar, di dëgër bopp, tanqamlu dëgg gi, seen pey mooy dooni merum Yàlla ak toroxte. Wànte Kàddug Yàlla ne na: "*Yàlla bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar!*" **(2Pi 3:9**) **Yàlla bëggul woon Kayin sànku ci biir bàkkaaram**. Li mu bëggoon mooy Kayin réccu, génn yoonu njubadi, wi mu tànnoon, te jaar ci yoonu njub.

Ni nu ko gise woon emisyoŋ bi weesu, Yàlla Aji Sax ji feeñaloon na pexe mu bàkkaarkat yi manoon a jaar, ba jub ci kanamam. **Abel gëmoon na pexe Yàlla moomu**, ba rendi mbote mu amul sikk, ni sarax suy fey bàkkaar. Abel gëm na li Yàlla wax, ne: "*Peyug bàkkaar moo di dee*", te "*su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Ro 6:23 Yt 9:22**) Saraxu mbote mi moo taxoon Abel am xel mu dal fa kanam Yàlla. Xamoon na ne, moom ci boppam, bàkkaarkat bu yelloo mbugalu Yàlla la, wànte mbote, ma amul woon genn tooñ, wuutu na ko. Mbote moomu mu rendi, misaal la woon ci Musalkat, bi naroon a ñëw ci àddina ngir tuur deretam ni sarax su suy far boru bàkkaari nit ñi, benn yoon ba fàww.

Kayin moom, dafa mbubboo woon gëm Yàlla, waaye ay jëfam weddi na ko. **Kayin teral na Yàlla ci gémmiñam, waaye xolam sore na ko**. Yàlla, deretu mbote la laajoon. Waaye Kayin indil ko ay jëfi loxoom. Kon nag, màggalu Kayin, amul woon benn njériñ fa kanam Yàlla, ndaxte nanguwul yoon wu jub, wi Yàlla tëral.

Léegi nag, nanu jàng aaya bi ci topp ba gis lu Kayin def ginnaaw ba ko Yàlla yedde ndax saraxam su amul njériñ. Mbind mi ne na:

"*Noonu Kayin ne Abel rakkam: Nanu génn. Te bi ñu nekkee ca tool ya, Kayin daanu ci kaw Abel rakkam, rey ko.*" **(Ge 4:8**)

Kayin, lu mu defoon? Ndax réccu na? Ndax gëmoon na Yàlla ba indil ko deretu mbote ni sarax ngir bàkkaar? Déedéet! **Kayin tegoon na bàkkaar ci kaw bàkkaar ndax li mu daanu ci kaw Abel, rakkam, rey ko!**

Doy na waar! Kayin, mi bañoon a tuur deretu mbote ngir Yàlla baal ko ay bàkkaaram, léegi tuur na deretu rakkam, ji jub! Lu ngeen ci xalaat? Kan moo soloon ci xelu Kayin mu rey rakkam? Kan la Kayin doon déglu? Seytaane doŋŋ. Mbind mi ne na: Kayin reyoon na Abel ndaxte ci Ibliis la bokkoon. **(1Yow 3:12**)

Gisoon nanu ba noppi ni Yàlla yéglee woon ne, dina am ñaari xeet ci àddina si, xeetu Yàlla ak xeetu Seytaane. **Abel, ci Yàlla la bokkoon**, ndaxte gëmoon na kàddug Yàlla. **Kayin moom, ci Seytaane la bokkoon**, ndaxte gëmul woon kàddug Yàlla.

Ci lu jëm ci xeetu Yàlla ak xeetu Seytaane, kàddug Yàlla ne na:

"*Dingeen leen xàmmee ci seeni jëf. Lii mooy ràññale doomi Yàlla ak doomi Seytaane: képp ku dul def lu jub, bokkoo ci Yàlla; naka noonu itam, ku soppul sa mbokk, bokkoo ci Yàlla. Ndaxte xebaar, bi ngeen déggoon ca ndoorte la, mooy lii: nanu bëggante, te baña mel ni Kayin, mi bokkoon ci Ibliis, ba rey rakkam. Lu tax mu rey ko nag? Ndaxte ay jëfam dañoo bon, te yu rakkam jub ... Képp ku bañ sa mbokk, reykat nga, te xam ngeen ne, ku rey nit amuloo dund gu dul jeex ... Su kenn nee, bëgg naa Yàlla, te bëgguloo sa mbokk, dangay fen; ndaxte ku bëggul sa mbokk mi ngay gis, doo man a bëgg Yàlla mi nga gisul.*" **(1Yow 3:10-12,15 4:20**)

Nanu déglu léegi lu Yàlla wax Kayin ginnaaw ba mu reyee rakkam.

"*Bi loolu amee, Aji Sax ji ne Kayin: '**Ana sa rakk Abel**?' Mu tontu: 'Gisuma ko de! Ndax maay sàmm sama rakk?' Yàlla ne ko: 'Loo def? Sa deretu rakk jaa ngi yuuxoo ci suuf, ba ci man. Léegi dinga alku, ba suuf si sax sib la, moom mi ubbi gémmiñam, ba naan sa deretu rakk, ji nga tuur. Boo beyee, dootul nangu. Dinga dëkkee daŋ-daŋ, di wëreelu ci àddina.'*" **(Ge 4:9-12**)

Naka noonu, Yàlla mbugal na Kayin, ne ko: "*Boo beyee, dootul nangu.*" Wànte Yàlla mbugalul Kayin ngir

daan ko, waaye ngir mu tuub ay bàkkaaram te mucc. Ni Wolof Njaay nee: "Nag wéq na doomam, waaye bañu ko." Waaye lan la Kayin defoon? Ndax tuuboon na bàkkaaram? Déedéet! Mbind mi ne na:

"*Kayin nag* ***daldi jóge ci kanamu Aji Sax ji****, dem dëkk ci réewu Nódd...*" **(Ge 4:16**)

Kon, Kayin, mi faalewul waxi Yàlla, daldi dëddu Yàlla, ba sore ko! **Du Yàlla moo soreel Kayin, waaye Kayin moo soreel boppam Yàlla**.

Tey jii, lu ëpp ci doomi Aadama, ni Kayin lañu mel. Dañu réer ci seeni bàkkaar ndaxte dañu tëjal seen xol Yàlla. Dañuy wax naan: "Yàlla ku màgg la!" te ci seeni xol ñuy xalaat ne, "Yàlla dafa sore, kenn mënu ko xam!" Wànte Kàddug Yàlla dafa nuy won ne: **Yàlla sorewul kenn ci nun**, ndax Moom mooy jox ñépp bakkan ak ruu ak lépp. Ci Moom lanuy dunde. Moo nu gën a jege sax sunu buumi xol. Yàlla xam na la bu baax, te dafa bëgg nga xam ko bu baax, yaw itam!

Lu tax nag, lu ëpp ci nit ñi demuñu ba xam Yàlla? Kàddug Yàlla wax na nu lu ko waral, bi mu naan: "*Ci nii la àtte bi ame: Leer gi ñëw na ci àddina, waaye* ***nit ñi lëndëm gi lañu taamu*** *ndax seeni jëf yu bon. Képp kuy def lu bon day bañ leer gi te du ci ñëw, ndax ragal ay jëfam di feeñ bëccëgu ndarakàmm.*" **(Yow 3:19,20**)

Nit ñi xamuñu Yàlla, ndaxte, ni Kayin, dañu **dëddu kàddoom**. Yonent Yàlla Daawuda bindoon na ne: "*Kàddug Yàlla niit la ci samay tànk di leer ci sama yoon!*" **(Ps 119:105**) Kon, ku dëddu leerug Kàddug Yàlla, ci lëndëmu bàkkaar rekk ngay toog, te doo dem mukk ba xam Yàlla. Yàlla day mel ni ku la sore. Wànte Yàlla dafa la bëgg a xamal ne, sorewu la! Mi ngi ci sa ginnaaw. Mi ngi ci sa wet. Mi ngi ci sa kanam sax! Yàlla sopp na la te dafa bëgg a am diggante bu jege ak yaw. Wànte waruloo mel ni Kayin, mi dëgër bopp, ba baña nangu yoonu njub wi Yàlla tëral. **Yàlla dafa bëggoon Kayin réccu**. Ba tey, Yàlla a ngiy sant nit ñépp, koo man a doon ak foo man a nekk, nga réccu, woññiku ci Moom, te gëm Kàddoom.

Ndax xam ngeen lu '**réccu**' tekki? Mu ngi tekkiy '*soppi say xalaat yu jubul*'. Réccu mooy **nangu fa kanam Yàlla** ne: "Juum naa ci samay xalaat ci lu jëm ci yoonu mucc, wi nga tëral!" Réccu mooy xam sa ñàkk doole ngir neex Yàlla, te **nangu fa kanamam ne**, amuloo menn pexe ngir musal sa bopp ci àtteem bu jub bi.

Réccu mooy tuub say bàkkaar, dëddu say xërëm te woññiku ci Yàlla ak Kàddoom, gi la yégal yoonu mucc. Loolu mooy réccu gu wóor gi.

Ci lu jëm ci Kayin nag, moom, mësul a réccu. Kayin tànn na **wéy ci pexey boppam**, ba tax mu baña nangu yoonu njub wi Yàlla tëral. Looloo tax Mbind mi ne: "*Kayin sànku na ci yoonam wu jubadi, ba tax Yàlla dencal ko lëndëm ya gën a tar ba fàww.*" **(Yu 1:11,13**)

Ax Mbokk yi, **bu nu mel ni Kayin**! Wànte na nu fonk artub Yàlla, bi wax: "*Su ngeen tuubul seeni bàkkaar, dingeen sànkoo noonu, yeen ñépp itam!*" **(Lu 13:3**) Àtteb Yàlla dafa wóor te dina dal ci kaw képp, koo xam ne, raxasuñu ko ciy bàkkaaram.

Buleen juum ci lii: Du ngeen jub mukk fa kanam Yàlla ci kaw jëf yu baax yi ngeen man a def. Ni Kayin, am na nit ñu bare ñu foog ne, dinañu man a rëcc àtteb Yàlla su ñu fexee topp seeni sàrti diine ak ay ndigalam. Wànte Kàddug Yàlla dafa wax ne:

"*Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla. Ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp, te* ***sunuy jëf yu jub yépp a xasaw niy sagar yu tilim****. Ci yiwu Yàlla ngeen mucce,* ***ci kaw ngëm****, te loolu* ***jógewul ci yeen****,* ***mayu Yàlla la; du peyu jëf****, ngir kenn du ci kañu!*" **(Ro 3:20 Isa 64:5 Ef 2:8,9**) Amiin.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ndegam neex na Yàlla, ci emisyoŋ bi di ñëw, dinanu gëstoondook yeen ci lu jëm ci askanu Aadama ak yonent Yàlla Enog. Waaye su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li nu dégg tey ci Kàddoom: "***Yàlla ... da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar. [Waaye] su ngeen tuubul seeni bàkkaar, dingeen sànku!***" **(2Pi 3:9 Lu 13:3**)

# 12 Yonent Yàlla Enog

(Njàlbéen ga 4,5)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci ñaari njàng yi weesu, jàngandoo nanu ci mbirum ñaari doomi Aadama ak Awa yu jëkk ya: Kayin ak Abel. Gis nanu ni, ñu jébbale woon Yàlla ay sarax ngir màggal ko. Abel gëmoon na Yàlla ba indil ko **deretu mbote**, waaye Kayin moom, di fexee jege Yàlla **ci pexey boppam**. Yàlla nangu na saraxu Abel, wànte nanguwul saraxu Kayin. Yàlla layoowoon na ak Kayin ngir mu réccu, wànte Kayin deful lu dul mer, ba mujj a rey Abel, rakkam.

Tey nag, fas nanu yéene wéy ci Tawreet. Dinanu gëstu ci saar ñeent ak juróom ci téereb Njàlbéen ga. Kàddug Yàlla wax na nu ne, Aadama ak Awa amoon nañu yeneen doom yu góor ak yu jigéen. Wànte ci doomi Aadama yooyule, **ñaari askan yii** rekk la nu Yàlla xamal seenub nettali. Maanaam: askanu Kayin ak askanu Set, kenn ci rakki Kayin.

**Askanu Kayin** nag lanuy jëkk a xool. Kayin takkoon na jabar, ju mu tànne woon ci biir ay mbokkam, jur ciy doom. Wànte ndegam "Janax du jur lu dul luy gas", doomi Kayin itam donn nañu seen xalaatinu baay ak waxinam ak jëfinam. Ni seen baay, **fonkuñu woon li Yàlla wax**. Bare woon nañu xam-xam te xarala, waaye xamuñu woon Yàlla. Yëf yi ci suuf doŋŋ lañu faalewoon. Ñu tabax ab dëkk, defar ay jumtukaay, ay liit, xalam ak yu ni mel. Kenn ku soqikoo ci Kayin, tudd Tubal-Kayin. Ku xereñ la woon ci tëgg xànjar ak weñ. Waaye liggéey lu rafet taxul sa xol rafet!

Benn sëtu Kayin, bu tudd **Lemeg**, moo doon juróom-ñaareelu maam gannaaw Aadama. Lemeg awoon na ci tànki Kayin maamam, ba yées ko sax! Lemeg mooy ki jëkkoon a jël ñaari jabar. Te ni Kayin, reykat la woon. Mbind mi ne na: Lemeg bóomoon na ñaari nit, daldi bàkku ci li mu gën a soxor Kayin! Ni Kayin ak askanam wépp, Lemeg faalewul woon kàddug Yàlla Aji Sax ji. Ku siis lawoon te fonk xaalis, di ku réy te yég boppam. Bànneexam a ko gënaloon Yàlla! Seytaanee doon kilifaam, wànte xamu ko woon! Noonu la Lemeg meloon, ndaxte tànnoon na topp yoonu Kayin. Nanu denc turu Lemeg ci sunuy xel, ndaxte dinanu dellusi ci moom, bala nuy àggale sunu njàngum tey.

Yàlla baax na, Mbind mi yemul ci nettaliy Kayin ak askanam wu jubadi. Noonu, Mbind mu sell mi ne na: Yàlla mayoon na Aadama ak Awa jeneen doom, "*ngir mu wuutu Abel, ndaxte Kayin rey na ko.*" **(Ge 4:25**) Set la tuddoon. Set dafay tekki: '*ki ñu tànn*'. Yàllaa tànn Set, mu wuutu Abel. Lu tax Set waroon a 'wuutu Abel'? Tont baa ngii. Ci toolu Àjjana la Yàlla digewoon Ki naroon a ganesi àddina ngir noot Seytaane te musal doomi Aadama yi ci dooleem. Musalkat boobu waroon na jaar ci askanu Abel mi gëmoon Yàlla. Wànte Seytaane jiite Kayin, mu rey Abel. Seytaane dafa bëggoon a fanq pexey Yàlla ci lu jëm ci Musalkat bi mu nar a yónni ci àddina. Wànte Yàllaa sut am xel Seytaane! Yàlla amoon na yéene ju rafet ngir goreel doomi Aadama ci seeni bàkkaar, te kenn mënu ko fanq, du Seytaane sax! Naka noonu, Yàlla, ci mbóoti pexeem, mayoon na Aadama ak Awa Set, ngir mu wuutu Abel, mi Kayin reyoon. Naka noonu, **pexe, mi Yàlla rabatoon** ci lu jëm ci Rammukat baa ngi doon jëm kanam.

**Set nag, gëmoon na Yàlla**. Ni Abel magam, Set jaaroon na ci yoonu mucc, wi Yàlla rabatoon. Set, ni doomi Aadama yépp, judduwoon na ci biir bàkkaar. Wànte gëmoon na li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Musalkat bi naroon a ñëw, te firndeel na ngëmam googu ci li mu indil Yàlla deretu mbote, ni sarax suy muur bàkkaar yi. Leneen lu neex lool ci lu jëm ci Set mooy: Yaroon na ay doomam ci xam-xamu kàddug Yàlla. Moo tax Mbind mi ne: Set juroon na ay doom, te "*naka noonu, nit ñi tàmbalewaat nañu tudd turu Boroom bi!*" **(Ge 4:26**)

Kon nag, gis nanu ñaari askan yi soqikoo ci Aadama, di askanu Kayin ak askanu Set. Ndax xam ngeen lu ñaari askan yooyu di misaal? **Dañuy misaal ñaari xeeti nit ñi** nekk ci àddina li ko dale ci jamanoy Aadama ba ci sunu jamanoy tey. Ci bëti Yàlla, ñaari xeeti nit rekk moo am ci kaw suuf. Gisul wuute ci diggante ñi am der bu ñuul ak ñi am der bu weex, ci diggante Wolof ak Sereer, mbaa ci diggante góor ak jigéen. Yàlla du gënale, wànte day xàjjale waa àddina ci ñaari xeet.

Ñan ñooy ñaari xeeti nit ñooñu? Ñooy **ñi gëm Kàddug Yàlla**, ak **ñi ko gëmul**. **Ñi xam Yàlla** ak **ñi ko xamul**. Ñiy dox **ci leer gi**, ak ñiy dox **ci lëndëm gi**. Ñi **jot seen mbaalug bàkkaar** ak ñi **ko jotul**. Képp ku gëm Yàlla ba jaar ci yoonu njub, wi mu tëral, dinga mucc, niki Set ak njabootam. Ku jaarul ci yoonam wu jub wi, dinga sànku, ni Kayin ak njabootam.

Mbind mi ne na nag, Aadama dundoon na ba am juróom-ñeenti téeméeri at ak fanweer sooga dee. Ci jamano yu jëkk ya, nit ñi daan nañu dund ba màggat lool. Wànte dee nañu ni képp kuy nit war a deewe. **Aadama ak Awa dee nañu**, ni ko Yàlla waxewoon. Bi Yàlla sàkkee nit, dogalul woon nit dee, wànte muy dund. Lu tax nag Aadama ak Awa dee? Ndaxte dañoo jàdd yoonu Yàlla, te peyug bàkkaar mooy dee.

Léegi nag, ci jot gi nu dese tey dinanu seet nettalib jenn waayu Yàlla, ju bokkoon ci askanu Set mi gëm Yàlla. Kooku moo di ***Enog***. Yonent Yàlla Enog. Am na it ñu koy tudde: *Idrisa*.

Ci juróomeelu saaru téereb Njàlbéen ga lanuy gis cosaanu Enog. Mbind mi ne na: **Aadama** moo jur Set; **Set** jur Enos; **Enos** jur Kaynan; **Kaynan** jur Maleleel; **Maléleel** jur Yaredd; **Yaredd** jur Enog. **Enog**, moo doon juróom-ñaareelu maam gannaaw Aadama, ci askanu Set.

Ni nit ñépp, Enog, **bàkkaarkat judduwaale la** woon. Wànte, bi mu amee juróom-benn fukki at ak juróom, Enog tuub ay bàkkaaram, ba woññiku ci Yàlla, te gëm li Yàlla dige ci lu jëm ci Musalkat, bi waroon a ñëw ci àddina ngir dee ni sarax suy dindi bàkkaar. Te Enog firndeel na ngëmam ci li mu jébbal Yàlla deretu mala ni sarax suy muur bàkkaar. Noonu, Yàlla jàppe ngëmu Enog ni njub, baal ko ay bàkkaaram, may ko xol bu sell. Kon, Mbind mi ne na: "*Naka noonu, Enog àndoon na ak Yàlla ci diirub ñett téeméeri at.*" **(Ge 5:22**)

Wànte ànd ak Yàlla ca jamanoy Enog, yombul woon, ndaxte jamano ju yàqu te rëb lawoon ni sunu jamanoy tey jii.. Li ëpp ci ñi tolloo woon ak Enog jamano seen bànneex rekk lañu doon wut tey dund ci sobe. Wànte Enog moom, xamoon na ne, Yàlla sàkkul woon nit ngir muy dund ci sobe, waaye ci sellaay. Kon nag, Enog nanguwul woon xemmem jiital ko, ni ay dëkkandoom yi xamul Yàlla. Ni Yàlla moom ci boppam, Enog soppoon na njub te bañ lu bon. Nit ñi saaga nañu ko, di ko fitnaal ndax dundinam wu jub. Wànte Enog faalewul toroxte, ndaxte xamoon na ne, dara gënul am jàmm ju wóor ak Yàlla.

Yàlla tànnoon na Enog, mu nekk surgaam ak yonentam ci biir jamano ju bon jooju. **Ni yonent yépp, am na lu Enog seede woon ci lu jëm ci Rammukat bi naroon a ñëw ci àddina**. Yégle woon na ne, Rammukat boobu, dina dellusi ci mujug jamano, ngir àtte ñépp ñi réccuwul te bañ ko gëm. Dégluleen ni Enog waaree woon, mu ne:

"***Boroom bi wàcce na*** *ca asamaan, ànd ak ay junniy junniy malaakaam,* ***ngir àtte ñépp****, te mbugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef, yi ñu jëf ci ñeme Yàlla; di leen fàttali it kàddu yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar ak seen weddi!*" **(Yu 1:14,15**)

Des na leneen lu doy waar lu nu war a xam ci lu jëm ci Yonent Yàlla Enog. Mooy lii: Enog deewul. Waaw, Kàddug Yàlla ne na: **Enog deewul**. Ne na:

"*Enog àndoon na ak Yàlla ci diirub ñetti téeméeri at, te am bés kenn gisatu ko, ndaxte Yàlla yóbbu na ko ci kaw.*" **(Ge 5:24**)

Yàlla, ci kàttanam ak ci pexeem, toxal na Enog ci kaw asamaan, te jaaralewu ko ci buntu dee. Lu tax Yàlla

toxal Enog noonu? Jaare ko ci dundu Enog, Yàlla dafa nu bëgg a jàngal ni mu gise ñi ko gëm ci seen biir xol te neex ko ci lépp. Ci loolu, Mbind mi ne na:

"***Ngëm moo tax ba Enog jaarul ci dee***. *Yàllaa ko yóbbu ca moom, te kenn gisatu ko, ndaxte Yàllaa ko toxal. Ndaxte* ***Mbind mi seedeel na ko ne, laata muy toxu, neex na Yàlla****. Waaye* ***ku amul ngëm doo man a neex Yàlla****, ndaxte ku bëgg a jegeñ Yàlla war ngaa gëm ne, Yàlla am na te dina neexal ñi koy wut*." **(Yt 11:5,6**)

Diirub ñetti téeméeri at, Enog neexoon na Yàlla, ndaxte gëm na ko, bëgg ko te déggal ko, ci biir jamano, joo xam ne, lu ëpp ci nit faalewuñu kàddug Yàlla. Naka noonu, amoon na bés Yàlla ne ko: "Enog, yéegal fii, toog ci sama jetaay!" Te ca saa sa, Enog nekk ca kaw, ca ndamu këru Yàlla ba fàww!

Ci loolu nag, am na lu nu Yàlla bëgg a xamal. Mooy: Ku amul ngëm niki Enog, doo man a neex Yàlla mukk! Wànte ku am ngëm gu mel ni gu Enog, Yàlla dina bég ci yaw, te dootuloo war a ragal dee. Man nga xam ne, Yàlla nootal na la dee, ndaxte képp ku dégg kàddug Yàlla te gëm ko, bu sa dund fii ci kaw suuf jeexee, dinga dëkki ci jetaayu Boroom bi sa Yàlla, ba fàww, ni Enog! Wànte fàww nga gëm li Yàlla wax ci yoonu mucc, wi mu sàkkal bàkkaarkat yi. Bul fàtte: "Ku amul ngëm doo man a neex Yàlla!"

Ngir tënk sunu waxtaan tey, danu bëgg a méngale ñaari sëti Aadama yi nu gis tey, maanaam: **Lemeg** ak **Enog**.

Ñoom ñaar juróom-ñaareelu maam lañu woon ginnaaw Aadama. Lemeg mu ngi soqikoo ci askanu Kayin, te Enog soqikoo ci askanu Set. Lemeg ak Enog ñoo bokkoon jamano, wànte bokkuñu woon itte. Seeni dundin wuute woon nañu lool, ni guddi wuuteek bëccëg. Nanu leen méngale tuuti...

**Lemeg** gëmul woon kàddug Yàlla, waaye **Enog** gëmoon na ko.
**Lemeg**, àndoon na ak Seytaane ci sobe, waaye **Enog**, àndoon na ak Yàlla ci sellaay.
**Lemeg**, faalewul woon yoonu mucc wi Yàlla tëral, ni **Enog**, mi ko fonkoon ba indil Yàlla deretu mbote ngir bàkkaaram.
**Lemeg**, xaalis la fonkoon, jigéen, lekk, solu ak bànneexu, waaye **Enog** dund gu sell, gi dëppook coobarey Yàlla la fonkoon.
**Lemeg**, deewoon na ci bàkkaaram, daldi tàbbi safara, wànte Yàlla yóbbu na **Enog** fa moom, ca kaw, te mosul woon dee sax.

Léegi nag, laaj bu am maana a ngii: **Kan nga gën a niru**? **Lemeg** walla **Enog**? Ndax sa dund ëmb na ngëmu Enog? Ci wan xeet nga bokk? Xeetu Lemeg? Walla xeetu Enog? Ci wan 'askan' nga bokk? Askanu Kayin walla askanu Set? Kàddug Yàlla ne na: "***Xoolleen seen bopp bu baax*** *ba xam ndax ngëm a ngi ci yeen!" Ndaxte "ku amul ngëm* ***doo man a*** *neex Yàlla!*" **(2Ko 13:5 Yt 11:6**)

Kon nag, mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Nu ngi leen di fàttali ne, njàng yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am, man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox daje, ndegam neex na Yàlla, ayu-bés gi di ñëw ngir tàmbali gëstoondook yeen ci lu jëm ci benn ci yonent Yàlla yi – yonent Yàlla Nóoyin.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci Mbind mi naan: "***Ku amul ngëm doo man a neex Yàlla, ndaxte ku bëgg a jegeñ Yàlla war ngaa gëm ne, Yàlla am na te dina neexal ñi koy wut***." **(Yt 11:6**)

# 13  Yonent Yàlla Nóoyin – I Muñug Yàlla ak meram

(Njàlbéen ga 6)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunu gëstu ci Mbind mu sell mi, gis nanu ba noppi ne, ca njàlbéen ga, bi Yàlla sàkkee àddina, lépp **baaxoon** na. Waaye bi sunu maam Aadama déggadile Yàlla, **lu bon** jaar na ci moom, daj àddina, law ci nit ñépp. Ci lu wóor: "Musiba du yem ci boppu boroom!"

Ci emisyoŋ bi weesu nag, jàngoon nanu ci mbirum ñaari askan yi soqikoo ci Aadama, maanaam, askanu Kayin ak askanu Set. Askanu Kayin, **gëmul woon Yàlla**. Waaye ci askanu Set, **amoon na ñu ko gëm**, ba Yàlla jéggal leen seeni bàkkaar. Amoon na kenn ku soqikoo ci Set, tudd Enog. Ñi tolloo woon ak Enog jamano, Seytaane lañu doon topp, di dund ci sobe. Wànte Enog moom, doon na ànd ak Yàlla, sax ci sellaay.

Tey jii nag, dinanu tàmbali jàng ci keneen ku àndoon ak Yàlla ci biir jamano ju yàqu te rëb. Kooku moo di **yonent Yàlla Nóoyin**, sëtub Enog. Gis nanu ba noppi ne, ca jamano yu jëkk ya, àppu nit moo gënoon a gudd sunu àpp. Ndax xam ngeen nit ki gënoon a gudd fan ci àddina? Mooy Matusalem, doomu Enog. Àppu Matusalem matoon na juróom-ñeenti téeméer ak juróom-benn fukk ak juróom ñeent ciy at. Matusalem nag, moo jur Lemeg, miy baayu Nóoyin. Yonent Yàlla Nóoyin moo doon fukkeelu maam gannaaw Aadama. Noonu Nóoyin dundoon na, ba am juróomi téeméeri at, door a am ñetti doom, Sem, Xam ak Yafet. Ñépp doon ay beykat.

Li nuy fas yéene jàng ci mbirum Nóoyin dina am maana lool ci nun, ndaxte bési Nóoyin ya, dañoo nirook jamano jii nu tollu tey. Ci jamano jooju nag, àddina si dafa feesoon dell ak bàkkaar. Ci téereb Njàlbéen ga, ci saar juróom-benn, Mbind mi dafa wax ne: "*Coxoru nit réyoon na lool ci àddina, te fu ñu man a tollu, lu bon rekk lañu daan xinte ci seen xol*." **(Ge 6:5**)

Xolu doom Aadama yi fees dell ak xalaat yu bon, bëgge, naaféq, ñaawteef, ñeetaan, saaga, réy-réylu, xuloo, xeex, njaaloo, càcc, bóom ak jëfi ndof. Nit ñi doon nañu yàq àddina, si leen Yàlla sàkkaloon. Xëy na amoon nañu diine, waaye ngistal rekk la woon. Bànneexu bakkan moo doon seen yàlla te seen bàkkaar dajaloo ba ca asamaan!

Dégluleen li Mbind mi wax:

"*Booba Aji Sax ji ne: Sama Xel du werante ak nit ñi ba fàww, ndax aw suux rekk lañu, wànte dinaa leen àppal téeméeri at ak ñaar fukk. Aji Sax ji gis ne, coxoru nit réy na lool ci àddina, te fu ñu man a tollu, lu bon rekk lañu daan xinte ci seen xol. Kon Aji Sax ji tiis ci xolam, ba metitlu li mu doon sàkke nit ci àddina. Aji Sax ji ne: Dinaa far ci kaw suuf doom Aadama yi ma sàkk, nit ak jur, luy raam ak luy naaw, ndax metitlu naa li ma leen doon sàkke*." **(Ge 6:3,5-7**)

Noonu, gis nanu ni Yàlla dogale far ci kaw suuf doom Aadama yi ndax seen njubadi. Wànte gis nanu it ni Yàlla, ci yërmandeem, fase woon yéene muñalaat bàkkaarkat yi yeneen téeméeri at ak ñaar fukk, ngir **may leen jotu réccu**, ngir ñu baña sànku. Wànte ba àpp booba matee, ci la Yàlla sooga àtte képp ku baña réccu te nangu kàddoom.

Am na lu nu man a xam ci jikkoy Yàlla, jaarale ko ci àppu téeméeri at ak ñaar-fukk boobu. Mooy lii: Yàlla **man na muñ lool, wànte muñam am na àpp**! Dina wax te werante ak nit ngir mu réccu, wànte du ba fàww. Looloo tax ca jamanoy Nóoyin, Yàlla newoon: "*Sama Xel du werante ak nit ñi ba fàww! Dinaa leen àppal téeméeri at ak ñaar-fukk.*" Naka noonu, gis nanu ni Yàlla fase woon a yéene muñal bàkkaarkat yi ab diir, ba

noppi àtte leen, su ñu bañee réccu. Man nanu gis ci loolu nag, ñaari jikko yi Yàlla ëmb. Maanaam: **mbaaxam** ak **njubteem**. Walla: **muñug Yàlla** ak **merum Yàlla**. Yàlla man na muñ lool, wànte man na mer lool itam!

**Am na ñuy xalaat** ne, Yàlla dafa mel ni ku nekk ca kaw, tiim àddina ak yetam wu réy, di ku gaaw a mer tey am bànneex ci dóor ak a sonnal nit ñi. Wànte Yàlla melul noonu. **Am na ñeneen** nag, ñuy xalaat ne, Yàlla du mer mukk, te dina baal tey fàtte bàkkaari nit ñi noonu. "Yàlla baax na, Yàlla baax na!" rekk lañu xam. Wànte Yàlla melul noonu.

**Mbind mu Sell mi nag dafa nuy wax liy dëgg** ci lu jëm ci jikko yi Yàlla ëmb! Yàlla ku baax la **te** jub! Man na muñ **te** man na mer. Mbaaxam ak yërmandeem ñoo tax muy muñal bàkkaarkat yi, wànte njubteem ak sellaayam a tax seeni bàkkaar di ko merloo. Yàlla Musalkat la, **ak** Àttekat. Yonent yi bind nañu lu bare ci mbirum **muñug Yàlla** ak **meram**. Nanu déglu as lëf ci seeni wax.

Mbind mi ne na:

"*Buleen umple ne, benn bés ak junniy at ñoo yem fi Boroom bi. Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a* ***muñal****, ndax* ***bëggul kenn alku****, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar. Waaye* ***bésub Boroom bi dina ñëw****, bett àddina ni sàcc!*" **(2Pi 3:8-10**) "***Boroom bi dina àtte ay gaayam****. Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund! ... Moytuleen a tanqamlu nag kiy wax ak yeen ... ndaxte sunu Yàlla, safara la suy lakke!*" **(Yt 10:30,13 12:25,29**)

Ci Sabóor nag, lii lanu ciy jàng:

"*Yàlla Aji Sax ji,* ***Àttekat bu jub*** *la! Waxtu wu nekk,* ***meram*** *a ngi gën a fuur ndax bàkkaarkat, yi baña réccu!*" **(Ps 7:12,13**)

Ci Linjiil nag, bindees na ne:

"***Merum Yàllaa*** *ngi feeñe asamaan, wàcc ci nit ñi, ndax seen weddi Yàlla gépp ak seen jubadi gépp, ñoom ñi suul* ***dëgg gi****, di topp lu jubadi. ...Yàlla dina leen àtte, te àtteem jub na. Yaw nag... ndax defe nga ne, dinga rëcc ci àtteb Yàlla? Ndax dangaa xeeb* ***mbaaxu Yàlla, mi yeex a mer te di la muñal****? Xanaa xamuloo ne, Yàllaa ngi lay won baaxaayam, ngir nga réccu say bàkkaar? Waaye ndegam dëgër nga bopp te bëgguloo réccu, yaa ngiy dajale merum Yàlla ci sa bopp! Ndaxte Yàlla sàkk na* ***bés, bu muy wone àtteem bu jub bi****, te meram wàcc ci ñi bon; bés booba dina delloo ku nekk ay jëfam!*" **(Ro 1:18 2:2-6**)

Kon nag mbokk yi, gis nanu ne, **merum Yàlla melul ni merum nit**. Nit, man na mer lool, wànte ginnaaw ga, meram di wàññiku ndànk, ndànk, ba mu fàtte sax li ko merloo. Merum Yàlla nag, melul noonu! Ab diir, walla ay fan yu bare, taxul meram wàññiku. Yàlla Àttekat bu jub la te du fàtte dara! **Meram du wàññiku** ci ñiy baña réccu. Day yokku sax! Ni nu ko jànge sanq ci Mbind mi: "*Waaye ndegam dëgër nga bopp te bëgguloo réccu,* ***yaa ngiy dajale merum Yàlla*** *ci sa bopp!*" Naka noonu, niti jamanoy Nóoyin, doon nañu dajale merum Yàlla ci seen bopp!

Wànte ca jamano jooja, desoon na kenn ku bëgg Yàlla ci biir xolam te gëm kàddoom. Kooku moo doon **Nóoyin**. Moo tax Mbind mi ne:

"*Waaye* ***Aji Sax ji jagleel Nóoyin yiw****. Nóoyin nit ku jub la woon, di ku mat ci biir niti jamanoom, tey ànd ak Yàlla.*" **(Ge 6:8,9**)

Lu tax Yàlla jagleel Nóoyin yiwam? Ndax Nóoyin yelloo woon na yiwu Yàlla? Déedéet! Yiw soo ko yelloo, dootul yiw. Lu tax nag, Yàlla jagleel Nóoyin yiwam, te jagleelu ko ñeneen ñi? Lan la Mbind mi wax ci loolu? Lii: **Nóoyin gëm na Yàlla**, wànte ñi ci des gëmuñu ko. **Nóoyin gëm na kàddug Yàlla**. Gëm na li Yàlla digewoon ci lu jëm ci Rammukat, bi naroon a ñëw ci àddina ngir musal bàkkaarkat yi. Nóoyin amoon na

bàkkaar, wànte Yàlla àtte na ko ni ku jub, ndax li mu gëm Yàlla ba indil ko deretu sarax ngir bàkkaaram, ni mu ko santaaneewoon. Looloo tax Mbind mi ne: "*Nóoyin nit ku jub la woon, di ku mat ci biir niti jamanoom.*"

Kon nag, am bés, Yàlla ne Nóoyin:

"*Dogal naa deewu ñépp, ndax dajal nañu kaw suuf ak coxor. Dinaa leen far, ñoom ak suuf si! Yaw nag wutal dénk wu ñuy wax siprë, **yett ci gaal** ngir sa bopp; nga sàkk ci ay néeg, diw ko biir ak biti ak gudoroŋ. Te nii nga koy defare: guddaayam tollook téeméeri meetar ak juróom-fukk, yaatuwaayam di ñaar fukki meetar ak juróom, te taxawaayam di fukki meetar ak juróom. Nga sàkk ci palanteer ci kaw ak benn bunt ci wet gi. Nga def ko ñetti wàll yu tegaloo, bi ci suuf, bi ci kaw ak bi ci digg bi. Dinaa indi mbënnu ndox ci kaw suuf, ngir far lépp luy dund ci ron asamaan; lépp lu nekk ci kaw suuf dina dee. Waaye dinaa fas kóllëre ak yaw, te dinga dugg ci gaal gi, yaw ak say doom, sa jabar ak say jabari doom. Te nga dugal ci gaal gi ñaar ci wirgoy mala yépp, bu góor ak bu jigéen, ngir sàmm seen bakkan ak yaw. Te it nga sàkku ci bépp dund, denc ko, ngeen dunde ko, yaw ak ñoom.*" **(Ge 6:13-19,21)**

Naka noonu, Yàlla waxoon na Nóoyin ni mu fasoon yéene indee mbënnu ndox ci kaw suuf, ngir far képp ku baña réccu te gëm dëgg gi. Yàlla waxoon na Nóoyin ci anam yu leer ni mu war a defare **gaal** gu réy, ngir rëcc ci mbënnu ndox ma. Guddaayu gaal ga waroon na tollu ci téeméeri meetar ak juróom-fukk, maanaam: waroon na tollook benn terrain wu futbal ak genn-wàll. Waroon na nekk rawukaay ci Nóoyin ak njabootam ak bàyyima yu bare ak képp ku bëgg a rëcc ci mbënnu ndox ma! Yàlla sant Nóoyin mu def ca gaal ga ay **néeg yu bare**, ak **benn bunt**. Noonu, xebaaru Yàlla ci niti jamanoy Nóoyin moo doon lii: **Képp ku bëgg a rëcc àtte bi, fàww nga jaar ci benn bunt bi gaal gi am**! Ku jaar ci bunt bi, dinga **mucc**. Ku jaarul ci bunt bi dinga **sànku**!

Noonu, Nóoyin tàmbali tabax gaal ga. Sas wu réy la woon. Nóoyin ak ñetti doomam yi war a gor ay téeméeri-téeméeri garab yu réy, dagg ci ay bant, yett, daaj, def ci gudoroŋ biir ak biti ak yeneen sas yu baree-bare. Jabaru Nóoyin ak ay jabari doomam it, di leen jàpple ci liggéey bu metti boobu. Diirub téeméeri at Nóoyin ak njabootam di liggéey bés bu nekk ba yett gaal gu réy googu. Wànte Nóoyin yemul ci daaj gaal ga rekk. Waaye mu boole ci di waare ci niti jamanoom, naan:

Dégluleen! Yàlla Aji Sax ji wax na ma, ma artu leen, ngeen daw meram mi nar a wàcc! Merum Yàllaa ngiy fuur ndax seeni bàkkaar, te dogal na indi mbënnu ndox ci kaw suuf, ngir far képp ku baña réccu! Wànte dama leen di xamal it xebaar bu baax. Yàlla, ci yërmandeem, sant na ma, ma defar gaal gii, ngir mu nekk rawukaay ngir képp ku tuub ay bàkkaaram te gëm kàddug Yàlla! Noonu mu artu leen ak yeneen kàddu yu bare, di leen dénk naan: Rëccleen ci niti jamano ju dëng jii!

Lu ngeen ci xalaat? Ndax niti jamanoy Nóoyin gëmoon nañu kàddu, gi leen Yàlla yégal jaare ko ci yonentam? Mënunu ci tontu léegi, ndaxte sunu jot jeex na. Wànte emisyoŋ biy ñëw, ci coobare Boroom bi, dinanu wéy ci nettalib Yonent Yàlla Nóoyin ba gis ni Yàlla musale woon képp ku gëm kàddoom, ak ni mu àttee ñi ko baña gëm, ba labal leen ci mbënn mu réy ma.

Su ngeen amee ay laaj ci lu jëm ci li nuy jàng ci emisyoŋ *YOONU NJUB*, bindleen nu ci: B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci lii nu jàng tey ci Mbind mi: "***Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar!***" **(2Pi 3:9)**

## 14 Nóoyin – II Àtteb Yàlla: Mbënnu ndox ma

(Njàlbéen ga 7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, tàmbali woon nanu gëstu ci nettalib yonent Yàlla Nóoyin, mi nekkoon fukkeelu maam gannaaw Aadama. Nóoyin àndoon na ak Yàlla ci biir jamano ju yàqu te rëb. Gisoon nanu ni Aji Sax ji **tiise ci xolam** ba metitlu bàkkaaru doomi Aadama. Mbind mi ne na: "*Coxoru nit réyoon na lool, te fu ñu man a tollu, lu bon rekk lañu daan xinte ci seen xol*." **(Ge 6:5**) Moo tax Yàlla, ci meram mu sell, mu dogaloon far bàkkaarkat yi ci kaw suuf.

Waaye Yàlla jagleel na Nóoyin **yiw**, ndaxte Nóoyin soppoon na Yàlla, te **gëm kàddoom**. Am bés nag, Yàlla ne Nóoyin: "Dogal naa deewug ñépp, ndaxte dajal nañu kaw suuf ak coxor. Dinaa indi mbënnu ndox ci kaw suuf, ngir far lépp luy dund ci ron asamaan. Waaye yaw, nanga defar gaal gu réy, mu nekk rawukaay ngir yaw ak sa njaboot."

Naka noonu, diirub téeméeri at, Nóoyin ak njabootam di yett gaal gu réy googu. Waaye Nóoyin yemul woon ci daaj gaal ga rekk. Dafa ko booleek di waare, naan: "Tuubleen seeni bàkkaar nag te woññiku ci Yàlla! Aji Jub ji dina àtte àddina si!"

Ndax niti jamanoy Nóoyin tuub nañu seeni bàkkaar te gëm kàddu gi leen Yàlla yégal jaarale ko ci yonentam? Lu ngeen ci xalaat? Ci biir junniy-junniy doomi Aadama yi nekkoon ci kaw suuf, ñaata ñoo ci réccu te gëm Yàlla ba dugg ca gaal ga? Mbind mi tontu na ci ne: "***Ñu néew, maanaam limub juróom-ñett, ñoo dugg ca gaal ga, jaar ca ndox ma, ba mucc***!" **(1Pi 3:20**)

**Ñaataa gëmoon Yàlla** kon? Juróom-ñetti nit, muy Nóoyin ak njabootam rekk! Ñeneen ñépp gëmuñu woon waxu Yàlla. Dañu doon tanqamlu waareb Nóoyin, boole ci di ko ñaawal, ndax li muy defar gaal. Ñu koy reetaan, teg ko sax ku xelam nekkatul ci moom ndax gaal ga mu doon daaj ci bérab bu mësul a am ndox. Dégluleen ni nit ñi doon ñaawale Nóoyin: "Eh! Gaa yi xoolleen góor gi di defar gaal gu réy gii ci àll bile! Nóoyin de, dof na nag! Mbënnum ndox fii ci àll bi? Mënul a am mukk! Te sax, Yàlla, ku baax la! Du far nit ñi mu sàkk! Danga dof Nóoyin!" Wànte Nóoyin moom faalewul seeni wax yu ñaaw, ndaxte gëm na li Yàlla wax. Muy wéy nag, ci yett gaal ga te di waare, naan: "Récculeen! Yàlla dina àtte àddina ci njub! Lu tax gëmuleen kàddug Yàlla? Lu tax ngeen bëgg a sànku?"

Am bés nag, Nóoyin ak njabootam àggale liggéeyu gaal ga. Ci aaya bu mujj ci juróom-benneelu saar ci téereb Njàlbéen ga, lii lanu ciy jàng: "*Noonu la Nóoyin def; lépp li ko Aji Sax ji sant, moom la def.*" **(Ge 6:22**)

Léegi, gaal gi sotti na. Lépp mat na. Lenn rekk a desoon. Mooy fokk Nóoyin ak njabootam dugg ci biir gaal gi. Man nanu déggaat Nóoyin, ni muy fexeewaat a gëmloo nit ñi naan: "Dégluleen Yàlla! Récculeen te gëm kàddoom! Mbënnu ndox mi, léegi mu ñëw! Agsileen ci gaal gi, bi ngeen ame jot! Bunt baa ngii! Ku ci jaar, dinga mucc! Wànte su ngeen bañee dugg, nan ngeen di rëcce mbugalu Yàlla?" Noonu mu leen di artu ak farlu. **Wànte taxul ñu déglu ko**.

Naka noonu, ci saar juróom-ñaar, Mbind mi wax ne:

"*Bi nga xamee ne, loolu am na, Aji Sax ji ne Nóoyin: Duggal ci gaal gi, yaw ak sa njaboot gépp, ndaxte ci jamano jii yaw rekk laa gis, nga jub fi sama kanam. Ci bépp xeetu mala mu sell, jëlaale ci juróom-ñaari góor ak juróom-ñaari jigéen, ak ñaar ci mala yu sellul yi, ñuy bu góor ak bu jigéen. Te it ci xeetu picc mu nekk, jëlaale ci juróom-ñaari góor ak juróom-ñaari jigéen, ngir seen xeet baña far ci kaw suuf. Li feek*

*juróom-ñaari fan dinaa wàcce taw ci kaw suuf diirub ñeent fukki fan ak ñeent fukki guddi, ba far ci àddina bépp mbindeef, mu ma sàkk. Nóoyin def la ko Aji Sax ji santoon lépp.*" **(Ge 7:1-5**)

Lu tax Nóoyin ak njabootam dugg ca gaal ga? Ndax dañu gisoon asamaan si xiin? Walla dañu xeeñtuwoon taw bi? Déedéet! Asamaan su set wecc lañu gisoon bi ñu ci dugge! Lu tax nag kon ñu dugg ca gaal ga? Lenn rekk a tax. Ñu dugg ca gaal ga, ndaxte **gëmoon nañu li Yàlla wax**. Xëy na amoon na ñu nekkoon ci biti, di xalaat, naan: "Man itam, gëm naa Yàlla! Wànte duma dugg ci gaal gi. Gëm naa Yàlla, wànte li Nóoyin di waare, mënuma ko nangu!"

Lan lanu war a wax ci nit ñooñu nag? Xanaa lii. **Gëmuñu Yàlla ci dëgg-dëgg**, ndaxte gëmuñu li Yàlla seede jaarale ko ci yonentam. Tuubuñu seeni bàkkaar, te bañ nañu jëfandikoo rawukaay, bi leen Yàlla jox jaarale ko ci Nóoyin. Nit ñooñu dañu doon teral Yàlla ci seen gémmiñ, waaye seen xol sore na ko.

Kon nag, Mbind mi ne na:

"*Noonu Nóoyin ak ay doomam, jabaram ak jabari doomam dugg ca gaal ga, ngir mucc ca ndoxum mbënn ma. Te mala yu sell yi ak yi sellul, picc yi ak yiy raam duggandoo ak Nóoyin ca gaal ga, ñaar-ñaar ci góor ak jigéen, ni ko Yàlla sante Nóoyin. ... **Ci kaw loolu Aji Sax ji daldi ub buntu gaal gi gannaawam!***" **(Ge 7:7-9,16**)

Ndax dégg ngeen li Yàlla defoon gannaaw ba Nóoyin ak njabootam ak mala yi duggee ca biir gaal ga? Mbind mi ne na: "***Aji Sax ji daldi ub buntu gaal gi ci gannaawam!***" Bésu merum Yàlla bu mag bi, agsi na! Yàlla muñaloon na niti jamano jooju diir bu yàgg, wànte léegi **muñam jeex na**! **Meram rekk a des**! Yàlla tëjoon na bunt bi, te bu Yàlla tëje bunt bi, kenn du ko mën a tijji!

Noonu, Yàlla indi ci kaw suuf mbënnu ndox, ni mu ko digewoon. Asamaan si tàmbalee soppiku ba lëndëm, ngelaw li jóg ànd ak xiin ak dënnu ak melax ak yëngu-yëngub suuf. Te léegi doomi Aadama yi **daldi tiit bay lox**! Bi ñu amee jàmm, ñeme Yàlla ci ay ñaawteef, yomboon na leen lool. Wànte léegi, bi àtteb Yàlla tàmbalee wàcc ci seen kaw, gémmiñ yépp ne miig! Waxtu wi ñu war a jaar ci àtte bu jub bi, agsi na, te amatul fu ñu man a nëbbu!

Naka noonu, taw bu metti daldi wàcc, ndox mu bare xellee ci suuf, géej yi ak dex yi wal, ba def mbënnu ndox mu mag lool. Ñépp daw, wuti tund yi. Ñi doon ñaawal Nóoyin aka weddi waxi Yàlla, léegi xam nañu ne li Yàlla waxoon jaarale ko ci yonentam mooy **dëgg**! Wànte seen xam-xam boobu **du leen jariñ dara**, ndaxte léegi "réccu fekk na jëf wees," maanaam, jamanoy mucc wees na! Xanaa nit ñi doon nañu woo Nóoyin ak baat yu kawe, naan: "Nóoyin! Nóoyin! Ubbil bunt bi te musal nu! Gëm nanu la léegi! Gëm nanu la! Gëm nanu la!" Wànte fekk na Yàlla tëj bunt bi, te **bésub mucc wees**. Ñaan, jooy, fëgg bunt bi, xam dëgg gi sax – dara mënul woon soppi xalaatu Yàlla! **Bu Yàlla tëjee buntu mucc, kenn du ko mën a tijji**!

Naka noonu Mbind mi ne na, diirub ñeent fukki fan taw bi ak wal mi di gën a bare, ba muur kaw tund yi sax. Waaye gaal gi di tëmb ci kaw ndox mi.

"*Te bépp mbindeef bu daan dox ci kaw suuf daldi dee. Lépp luy dund ci àddina daldi sànku, nit ak jur, luy raam ak luy naaw daldi raaf ci àddina. **Nóoyin rekk a des, ak ña àndoon ak moom ca gaal ga.***" **(Ge 7:21,23**)

Ndax Yàlla def na li mu digewoon? Axakay! Ndax àtte na bàkkaarkat, yooyu bañoon a réccu? Waa waaw! Àtte woon na képp ku nekkul woon ca biir gaal ga, ni mu ko waxewoon!

Kon nag, mbokki déglukat yi, fii lanu war a yem tey ci nettalib Nóoyin. Bu soobee Yàlla, dinanu ko àggale ci emisyoŋ bi di ñëw, ba gis li xewoon ak Nóoyin ak njabootam, ga nekkoon ca gaal ga. Wànte bala nuy tàggoo tey, am na lu am solo, lu nu Yàlla bëgg a xamal jaarale ko ci nettalib mbënnu ndox ma. Mooy ne:

**Yàlla sàkk na beneen bés, bu muy àtte àddina ci njub**. Te bésu àtte bi di ñëw, mooy gën a metti fuuf, àtte bi mu wàcce woon ci jamanoy Nóoyin.

Dégluleen li benn yonent bind ci mbir moomu, di bésu pénc ma. Mu ne:

"*Noonu ma gis gàngune mu mag te weex, ak ka ca toog. Asamaan ak suuf daw, sore ko, ba ne mes. Ma gis néew ya, mag ak ndaw, ñu taxaw ca kanamu gàngune ma. Ñu daldi ubbi téere, ubbi itam beneen téere, téereb dund bi. Ñu àtte néew ya, ku nekk ci say jëf, ni ñu ko binde woon ca téere ya. Noonu ... képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci* ***déegu safara si!***" **(Pe 20:11-12,15**)

Yaw mi nuy déglu tey, ndax am nga kóolute fa kanam bésu àtte bu raglu boobu? Ndax bind nañu sa tur ci téereb dund bi? Ndax jaar nga ci buntu mucc, bi la Yàlla ubbil? Kàddug Yàlla ne na: "***Tey jii mooy jamano ju jekk ji; tey la bésub mucc gi!***" **(2Ko 6:2**) Gis nanu ni Yàlla muñale woon niti jamanoy Nóoyin diir bu yàgg. Wànte ci muj ga, tëj na buntu mucc bi. Képp koo xam ne bañoon na jaar ca buntu gaal ga, jaaroon na ci àtteb Yàlla.

Ci lu jëm ci **bés bi Yàlla nar a àtte àddina si**, Mbind mi ne na: "*Ni sàcc di ñëwe guddi, noonu la bésu Boroom bi di ñëwe. Fekk nit ñi naan: Lépp a ngi ci jàmm, ba ne leww, booba musiba* ***bett leen****, ni aw mat di bette jigéen ju ëmb, te kenn du ci mucc!*" **(1Tes 5:2,3**) Kenn du rëcc ci bés boobu, lu dul ñi jaar ci buntu mucc bi Yàlla tëral!

Ndax xam nga **buntu mucc**, boobu Yàlla ubbil doomi Aadama? Ca bési Nóoyin ya, ñan ñoo rëccoon àtteb mbënn ma? Ña jaaroon ca buntu gaal ga. Ñoom rekk! Naka noonu itam, ci lu jëm ci bésu pénc ba, Mbind mu sell mi dafa nuy firndeel ne, Yàlla, **benn buntu mucc rekk** la ubbil doom Aadama. Ndax xam nga buntu mucc boobu? Kon, déglul kàddug gu wóor, gi jibe ci gémmiñu Rammukat bu sell, bi Yàlla yónni ci àddina. Mu ne: "***Man maay bunt bi****; ku jaar ci man, dinga mucc!*" **(Yow 10:9**) Te "*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te* ***doo jaar ca àtte ba****!*" **(Yow 5:24**)

Mbokk yi, fii lanuy yem tey, wànte, ci coobareg Yàlla, dinanu dikk ak yeen ci yeneen emisyoŋ, ngir jàng lu bare ci mbirum Musalkat, boobu Yàlla yónni ci àddina, Moom mi wax ne: "***Man maay bunt bi; ku jaar ci man, dinga mucc!***" **(Yow 10:9**)

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Emisyoŋ biy ñëw, bu neexee Yàlla, dinanu àggale nettalib Yonent Yàlla Nóoyin. Nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërëjëf.

Kon nag, jàmm ak jàmm. Wànte na ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax, ne: "***Kon nun ñi dégg mucc gu mag gi, bu nu ko sàgganee, nan lanuy man a rëcce mbugalu Yàlla***?" **(Yt 2:3**)

# 15 Nóoyin – III Kóllëreg Yàlla

(Njàlbéen ga 8,9)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Tey jii nag, fas nanu yéene **àggale sunu njàng ci yonent Yàlla Nóoyin**. Wànte bala boobu, nanu jëkk a nafar li nu jàngoon ci ñaari emisyoŋ yi weesu ci Nóoyin ak mbënnu ndox ma. Ci saar juróom-benn ci téereb Njàlbéen ga, gisoon nanu ne, coxoru nit réyoon na lool ci jamanoy Nóoyin, te fu ñu man a tollu, lu bon rekk lañu daan xinte ci seen xol. Looloo taxoon Yàlla dogal indi mbënnu ndox ci kaw suuf, ngir far bépp bàkkaarkat, bu baña tuub ay bàkkaaram, te woññiku ci Yàlla Aji Dund ju dëggu ji.

Ca jamano ju yàqu jooja te rëb, kenn nit rekk a ca neexoon Yàlla. Nit kooka mooy Nóoyin. Nóoyin wóolu woon na Yàlla, te bëgg ko. Looloo tax, am na bés, Yàlla woo Nóoyin, sant ko mu yett gaal gu réy, gi naroon a nekk rawukaay ci moom ak njabootam ak bàyyima yu bare ngir ñu rëcc ci mbënnu ndox ma. Ci diirub téeméeri at, Nóoyin di defar gaal ga, te di waar nit ñi, ngir ñu réccu ba gëm kàddug Yàlla. Wànte **kenn faalewul** waareb Nóoyin. Kenn gëmul li Nóoyin doon wax ci mbirum mbënnu ndox, ma war a ñëw!

Waaye am bés, gaal ga pare. Waxtu wi Yàlla war a àtte ñi jubadi daldi agsi. Yàlla doon na muñal tiiñalkat yi diir bu yàgg, waaye léegi muñam jeex na. Naka noonu, Aji Sax ji wax Nóoyin mu dugg ci biir gaal gi, moom ak njabootam, te mu jëlaale ci bépp xeetu mala mu sell, juróom-ñaari góor ak juróom-ñaari jigéen, ak ñaar ci mala yu sellul yi, ñuy bu góor ak bu jigéen. Noonu Nóoyin ak njabootam ak mala yi dugg ca gaal ga, ni ko ko Yàlla sante. Te Mbind mi ne: "*Ci kaw loolu Aji Sax ji daldi ub buntu gaal gi gannaawam!*" Yàlla mi ubbiloon doom Aadama buntu mucc, moo doon it ki ko tëjoon! **Bésub yërmandey Yàlla wéy na, bés bi merum Yàlla war a feeñ daldi teew**!

Noonu mu am ay melax dënnu ak yëngu-yëngu suuf bu mag. Te taw bu metti wàcc, ba def mbënnu ndox mu mag. Ñépp daw, wuti tund yi. Waaye kenn mënul a rëcc ci merum Yàlla mu sell mi! Ñi doon ñaawal Nóoyin di weddi waxi Yàlla, léegi xam nañu dëgg gi! Wànte fekk na jamanoy mucc wees.

Naka noonu diirub ñeent-fukki fan taw bi ak wal mi di gën a bare, ba muur kaw tund yi sax. Waaye gaal gi di tëmb ci kaw ndox mi. Te Mbind mi ne: ...

"*Bépp mbindeef bu daan dox ci kaw suuf daldi dee. Lépp luy dund ci àddina daldi sànku ... **Nóoyin rekk a des, ak ña àndoon ak moom ca gaal ga**.*" **(Ge 7:21,23**)

Kon, jàng nanu ni Yàlla indee mbugal, gi mu digewoon. Képp ku nekkoon **ca biti** gaal ga sànku!

Lu xewoon nag ak ñi nekkoon ci biir gaal gi? Ndax Yàlla fàtte na Nóoyin ak njabootam? Yàlla, miy dundal picci asamaan te benn ci ñoom du daanu ci suuf te soobu ko, fàttewu leen de! Yàlla kuy sàmm kóllëre la! Nanu jàng nag, li ñu bind ci téereb 'Njàlbéen ga', ci saar juróom-ñett. Mbind mi ne na:

*Booba nag, **Yàlla xalaat ci Nóoyin** ak jur gépp ak rabi àll yépp, yi nekkoon ak Nóoyin ci gaal gi. Noonu Yàlla yebal ngelaw, mu wol ci kaw suuf, ndox yi daldi wàcc. Te ca fukkeelu fan ba ak juróom-ñaar ca juróom-ñaareelu weer wa, gaal ga daldi teeri ca tundi Araraat.* **(Ge 8:1,4**)

Noonu, gis nanu ni Yàlla fàttalikoo Nóoyin ak ñi nekkoon ak moom ci biir gaal gi. Mu yebal ngelaw, mu wol ci kaw suuf, ngir ndox yi wàcc. Te Yàlla jiite gaal ga, ba mu teeri ca tund wu kawe wi ñuy wooye Araraat. Ginnaaw ba Nóoyin ak njabootam defee at mu tegal ayu-bés ci biir gaal gi, lu bare ci ndox mi muuroon suuf si, wow. Ci kaw loolu Yàlla ne Nóoyin: "*Génnal ci gaal gi, yaw ak sa soxna, say doom ak seeni jabar*." **(Ge**

**8:16**)

Noonu Nóoyin génn gaal ga, ànd ak njabootam ak mala yépp. Bi mu génnee, mu defar fa rendikaayu sarax, daldi sàkk ci mala yu sell yi ak ci picc yu sell yi, jébbal leen Boroom bi ci rendikaay bi, ñuy sarax su ñu làkk.

Ndax dégg ngeen li Nóoyin jëkk a def, ginnaaw ba mu génnee gaal ga? **Dafa rendiwoon ay mala**, lakk leen ca rendikaay ba mu defaroon. Yàlla farul woon yoonam wi santaane ne: "*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**)

Li nu war a xam mooy, **mbënnu ndox, ma Yàlla indi woon, faroon na lu ëpp ci bàkkaarkat yi**, wànte **farul woon reeni bàkkaar yi** desoon ci xolu doom Aadama. Looloo tax, li ko dale ci jamanoy Abel ba ca jamanoy Nóoyin, képp ku gëmoon Yàlla, dafa ko doon jébbal ay saraxi mala. Ni nu ko gise woon, sarax yooyu, moo doon fondamaa yoonu mucc wi Yàlla tëraloon.

Sarax, yi sunuy maam daan rendi ca jamano yu jëkk ya, ñu ngi doon misaal Rammukat bu jub, bi naroon a ñëw, tuur deretu boppam, ngir far boru bàkkaari doom Aadama yi. Looloo tax, ba Nóoyin génnee gaal ga, mu jëkk a tuur deretu mala te teg royukaay fa kanam i doomam ak i sëtam, ngir ñu xam ne, yoonu Yàlla soppikuwul – maanaam, "*Peyug bàkkaar mooy dee!*" **(Ro 6:23**) te "*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**)

Kon, Mbind mi ne na:

"*Noonu Boroom bi xeeñtu xet gu neex, ga gillee ca sarax sa. Te Yàlla barkeel Nóoyin ak i doomam, ne leen: Giirleen te bare, ba daj kaw suuf. Fas naa **sama kóllëre** sama diggante ak yaw, ak ñiy wàcc ci yaw. Dootuma far mukk bépp mbindeef ak ndoxum mbënn, ndoxum tufaan dootul faagaagal mukk àddina sépp. Lii mooy firndey **kóllëre**, gi may fas ak yeen ak bépp mbindeef mu ànd ak yeen, di **kóllëre guy sax** jamanoy jamano. Def naa **samag xon** ci niir yi, muy firndeel **kóllëre**, gi sama diggante ak suuf. Saa su ma muuree àddina ak niir yi, te xon gi feeñ ci niir yi, dinaa fàttaliku **sama kóllëre** ak yeen te ndox mi dootu nekk mbënn bay far lépp luy dund!*" **(Ge 8:21 9:1,9,11-15**) Amiin.

Aaya yi nuy sooga jàng, dañu ëmb benn baat bu fi Yàlla baamtu juróomi yoon. Ndax dégg ngeen ko? Baat boobu mooy '**kóllëre**'. **Yàlla kuy sàmm kóllëre la**! Yàlla ku takku la, te dafa bëgg a won takkuteem doomi Aadama! Moo tax, ci mbaaxam, mu fasoon kóllëreem ak Nóoyin, ak ñiy wàcc ci Moom, naan: "*Dootuma far mukk bépp mbindeef ak ndoxum mbënn!*" Moom la Yàlla dige woon. Te yemul woon ci dige ko rekk, waaye firndeel na ko bu wóor, ci li mu def xonam ci niir yi.

Ndax xamoon ngeen ne, **xon gu rafet**, gi nuy gis léeg-léeg ci niir yi, ginnaaw bu tawee ba noppi, mooy **màndarga miy wone takkuteg Yàlla**? Saa su nu gisee xon ci niir yi, Yàlla dafa nu bëgg a fàttali takkuteem guy sax jamanoy jamano. Yàlla day def xon gi ci niir yi, ngir firndeel takkuteem, ci li mu dige ne, *ndox mi dootu nekk mbënn, muy far lépp luy dund*. Ci lu wér, Yàlla kuy sàmm kóllëre la! **Ku takku la!**

Ci li des ci dundu Nóoyin nag, am na yeneen mbir, yu nu ci bëgg a wax, waaye amunu jot. Wànte man ngeen leen jàngal seen bopp ci Tawreet, téereb Njàlbéen ga, saar juróom-ñeent. Dingeen gis ne, ginnaaw mbënnu ndox ma, Nóoyin dundoon na yeneen ñetti téeméeri at ak juróom fukk, te bi mu màggetee ba kumur, mu wuyuji Boroom bi ci kaw.

Kon, ci tënk, nu jeexal sunu waxtaan ci yonent Yàlla Nóoyin ak benn laaj. Laaj bi mooy: Lan moo wuutale woon Nóoyin ak niti jamanoom? Maanaam, lan la Nóoyin def ba neex Yàlla? Lenn rekk. **Nóoyin gëmoon na li Yàlla wax**. Loolu rekk a taxoon Nóoyin sànkuwul ni niti jamanoom. Nanu déglu li Yàlla ci boppam seede ci mbirum Nóoyin. Mu ne:

"***Ngëm moo tax** ba, bi Yàlla yégalee Nóoyin lu jiitu ci **mbir yi dikkagul**, mu ragal ba defar gaal ngir musal*

*njabootam. Ngëmam moo tax mu yey niti àddina, ba noppi jot njubte, li Yàlla di joxe* ***ci kaw ngëm****.” "Waaye* ***ku amul ngëm*** *doo man a neex Yàlla!*” **(Yt 11:7,6**)

Kon, bala nuy tàggoo tey, am na **ñaari xalaat** yu nu war a denc ci sunu xel. Gis nanu bu jëkk bi sànq. Muy li nga xam ne, moom la Nóoyin amoon, ba tax mu neex Yàlla. Loolu mooy lan? Mooy **gëm waxu Yàlla**. **Nóoyin gëmoon na Yàlla** – maanaam, **gëmoon na li Yàlla wax**. Nóoyin wóolu na Aji Sax ji, ba déggal kàddoom, su fekkee sax ne nit ñi ci des ñépp dañu ko weddi. Ngëmu Nóoyin a tax ba Yàlla musal ko ci jamano ju dëng ji mu dëkkoon. Yaw mi nuy déglu tey, **ndax gëm nga li Yàlla wax, dëgg-dëgg**? Coobarey Yàlla ci ku nekk ci nun mooy nu gëm kàddoom, ni Nóoyin. Nanu denc loolu ci sunu xel.

Wànte am na leneen, loo xam ne, man nanu ko gis ci nettalib Nóoyin, muy lu gën a neex te **ëpp maanaa ngëmu Nóoyin sax**. Ndax xam nga loolu lu mu doon? Mooy **takkuteg Yàlla**! Lu tax takkuteg Yàlla ëpp maanaa ngëmu Nóoyin? Ndaxte su fekkoon ne, Yàlla sàmmul woon kóllëreem, ngëm gi Nóoyin amoon ci Moom, du ko jériñ dara.

Ci misaal, luy xew, soo wóoloo kenn te sàmmul kàddoom? Maanaam, su fekkee ne, am na sa benn xarit bu ñëw ci yaw, dig la, ne: "Suba, dinaa la indil benn saaku ceeb.” te nga gëm ko. Luy xew su ko indiwul? Sa yaakaar dafay tas. Sa yaakaar, ji nga wékkoon ci sa xarit, jériñu la dara. Lu tax? Ndaxte moom, deful li mu dige woon. Gëm nga ku takkuwul.

Wànte du noonu ak Yàlla. Mbind mi ne:

"*Su nu ko ñàkkee kóllëre, Moom* ***dina sax ci kóllëreem****, ndax mënul a weddi boppam.*” **(2Tim 2:13**) "*Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye* ***kàddug Boroom bi day sax ba fàww****! Ku [ko gëm], sa yaakaar du tas mukk!*” **(1Pi 1:24,25 2:6**) *Waaw, "****Yàlla kuy sàmm kóllëre la!***” **(1Ko 1:9**)

Ku takku la. Lu mu dige, dina ko def!

Ci nettalib Nóoyin, gis nanu ci bu leer, ni Yàlla defe lépp li mu digewoon. Jàng nanu ni Yàlla musale woon képp ku nekkoon ci biir gaal gi te àtte képp ku nekkoon ci biti, ni mu ko digewoon. Te gis nanu it, ni Yàlla jéggale Nóoyin ay bàkkaaram ndax li mu ko jébbal deretu mala, ni mu ko ko santewoon. Te jàng nanu tamit, ni Yàlla tege woon xonam ci niir yi, ngir Nóoyin ak nit ñépp baña fàtte ne, **Yàlla ku takku la**!

Ax, mbokki déglukat yi, su nu fàtte lépp li nu jàng tey, ba mu des lenn, na nekk lii: Yàlla kuy sàmm kóllëre la! Mënul a tebbi waxam. Li mu dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. ***Yàlla ku takku la*** **(1Ko 1:9**) te *ku ko gëm, sa yaakaar du tas mukk!* **(1Pi 2:6**)

Nanu ko gëm boog, te nangu kàddoom cig woyof. Te it, nanu jériñoo nettalib yonent Yàlla Nóoyin ak mbënnu ndox ma, **nu roy ngëmu Nóoyin**, moom mi gëmoon kàddug Yàlla, te **baña roy niti jamanoom**, ñi bañoon a wóolu kàddug Yàlla, ba alag seen bopp.

Kon nag, fii lanuy yem tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu gëstu ba xam ni sëti Nóoyin yi doon dunde te gis it, fan la kàllaama yu bare yi nekk ci àddina jóge.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen denc ci seen xel dëgg gii: "***Yàlla kuy sàmm kóllëre la...te ... [ku ko gëm], sa yaakaar du tas mukk!***” **(1Ko 1:9 1Pi 2:6**)

# 16 Babel!

(Njàlbéen ga 10; 11:1-9)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu lanu jeexaloon sunu njàng ci mbirum yonent Yàlla Nóoyin. Gisoon nanu ni Yàlla dogale woon far doom Aadama yi ci kaw suuf ak mbënnu ndox ma, ndax seen njubadi. Diirub téeméeri at **Yàlla mayoon na bàkkaarkat yi jotu réccu**, dajeek Nóoyin doon yett gaal, ga naroon a nekk rawukaay ci képp ku gëm kàddug Yàlla. Wànte kenn tuubul woon ay bàkkaaram ba gëm xebaaru Aji Sax ji, lu dul Nóoyin ak njabootam. Kon, ca muj ga, Yàlla, **mi jub tey sàmm kóllëre, defoon na lépp li mu digewoon**. Maanaam, faroon na képp ku jaarul ca buntu gaal ga, te musal ku fa jaaroon, ku nekk. Léegi nag, nanu jëm kanam ci téereb Njàlbéen ga, ba xam mbir yi xewoon ca **jamano ja toppoon ci jamanoy Nóoyin**.

Ci sunu waxtaan yi nu def ci Nóoyin, gisoon nanu ni mu ame woon ñetti doom: **Sem, Xam ak Yafet**. Mbind mi daf nuy won ne, ci ñetti nit ñooñu la **xeeti àddina sépp** soqikoo. Sem mooy baayu Yawut yi ak Naar yi. Lu ëpp ci waa Afrig nag ak waa 'Chine', ci askanu Xam lañu soqikoo. Ci lu jëm ci Tubaab yi ñoom, ci askanu Yafet lañu jóge.

Ku bëgg a yaatal sa xam-xam ci cosaanu xeet yi, man nga gëstu ci saar fukk ak ci saar fukk ak benn ci téere bi jëkk ci Tawreet. Wànte ci sunu njàngum tey, lenn rekk lanuy am jotu leeral ko ci cosaani ñetti doomi Nóoyin yi, di Sem, Xam ak Yafet. Mooy lii: **Sem** mooy maam, mi Yàlla tànnoon, ngir mu **nekk baayu cosaanu Rammukat**, bi naroon a ganesi àddina. Looloo tax Mbind mu sell mi gën a toppatoo nettalib askanu Sem. Ci askanam la Yonent Yàlla yi jóge, te it ci moom la Musalkatu àddina si wàcce, maanaam ci jëmmam.

Kon, gis nanu ne, xeeti àddina sépp ci ñetti doomi Nóoyin yi lañu soqikoo. Yaw ak man, ak waa Senegaal yépp, waa Gàmbi, waa Afrig yépp ak yeneen xeeti àddina yépp, képp kuy nit – sëtub Nóoyin nga. Kon nag, man nanu wax ne, su nu fi nekkee tey, li ko waral mooy Nóoyin gëmoon na Yàlla ba defar gaal ngir musal njabootam. Ndaxte bi mu musale njabootam ci mbënn ma, yaw ak man la doon musalaale.

Kon, gis nanu ni Yàlla barkeele woon Nóoyin ak i doomam, ne leen: "*Giirleen te bare, sekkileen, fulandewuleen ci kaw suuf, te feesleen ko.*" **(Ge 9:1)** Noonu, ay téeméeri at ginnaaw mbënnu ndox ma, àddina si tàmbaliwaat am nit ñu bare. Te naka noonu it, **mu tàmbaliwaat fees ak bàkkaar**. Gis nanu ba noppi ne, Nóoyin ak i doomam, ay bàkkaarkat judduwaale lañu woon, ndaxte doomi Aadama lañu. Ba ñu duggee ca gaal ga nag, seen **jikkoy bàkkaarkat**, ji ñu jëlewoon ci Aadamaa ngi àndoon ak ñoom. Te ba ñu génnee gaal ga, génnaale nañu ak **reeni bàkkaar** boobu ci seen xol. Sëti Nóoyin yépp, ay bàkkaarkat lañu woon, ndax: "Janax du jur lu dul luy gas." Naka noonu, doom Aadama itam mënul a jur lu dul luy bàkkaar. Looloo tax nu di ay bàkkaarkat, nun ñépp.

Noonu, gis nanu ne, ginnaaw ay téeméeri at, lu ëpp ci askanu Nóoyin faaleetuñu Yàlla ak coobareem. **Gëmatuñu kàddug Yàlla** ni seeni maam Set, Enog ak Nóoyin. Fàtte nañu Yàlla te gërëmuñu ko ci li mu leen may dund gi ak bakkan ak naaj wi ak taw bi ak ñoom seen. Xon gi Yàlla tegoon ci niir yi ngir fàttali leen kóllëreem, xamatuñu woon sax lu muy tekki! Dégluleen li kàddug Yàlla wax ci seen mbir. Mu ne:

"*Bi ñu xamee Yàlla, taxul ñu màggal ko ni mu ware, mbaa ñu sant ko. Waaye ñu daldi réer ci seen biiri xalaat yu mujjul fenn, ba tax seen xol gumba, ba lëndëm këruus. Ñu teg seen bopp ni boroomi xel, fekk ñu ñàkk xel lañu woon. Toxal nañu dëggu Yàlla, tëral fen, di màggal ak a jaamu mbindeef, ba faaleetuñu sax Aji Bind, ji yelloo cant ba fàww. Amiin.*" **(Ro 1:21,22,25)**

Ndax dégg ngeen ni sëti Nóoyin doon doxe? Ni Kayin ak askanam, lu ëpp ci ñoom tànnoon nañu suul dëgg

gi, te topp lu jubadi. Sàkkoon nañu seen diiney bopp, te toppatuñu yoonu njub, wi Yàlla tëraloon. Amoon nañu diine, wànte diine ju dul dëgg la woon, ndaxte dëppoowul woon ak yéeney Yàlla. Dégluwuñu Kàddug Yàlla gu wóor gi. Seytaane doŋŋ lañu doon déglu.

Amoon na ku tudd **Namróot** te soqikoo ci Xam, miy ñaareelu doomu Nóoyin. Namróot, rëbb bu mag la woon. Ma nga doon dund daanaka juróomi-téeméeri at gannaaw mbënnu ndox ma. Turam a ngiy tekki: 'weddikat'. Namróot amoon na xam-xam bu réy, waaye xamul woon Yàlla. Tànnoon na weddi kàddug Yàlla. Dafa jaar ci yoonu Seytaane ak yoonu Kayin ak yoonu niti jamanoy Nóoyin, di bañ kilifteefu Yàlla. Namróot tabaxoon na ay dëkk yu mag. Te ca muj ga, fasoon na yéenee samp **benn dëkk bu réy**, fu waa àddina sépp man a dëkk, nekk benn. Dëkk booboo ngi tuddoon **Babel**.

Nanu jàng léegi ci saar fukk ak benn, ci téereb Njàlbéen ga, ngir xam lu Mbind mi wax ci lu jëm ci dëkk bu réy, ba Namróot ak ñi àndoon ak moom fasoon yéene tabax. Mbind mi ne na:

"*Booba* ***waa àddina sépp bokk wenn làkk ak genn kàddu****. Bi nit ñiy toxu jëm penku, ñu gis jàtti ci réewu Sineyaar, ñu daldi fa sanc. Ñu ne: Ayca! nu defar ay móol, lakk leen ci safara, ba ñu ñor. Móol yi di seen doj, gudoroŋ lañu leen taqalee. Ñu ne: Ayca! nu tabax ab dëkk,* ***bu am sooroor, bu sar ci asamaan; kon dinanu am aw tur te dunu tasaaroo*** *ci kaw suuf.*" **(Ge 11:1-4**)

Kon, gis nanu ni doom Aadama, fase woon yéene tabax dëkk bu réy ak **sooroor bu kawe**, bu sar ci asamaan. Lu tax ñu bëggoon tabax sooroor bu kawe boobu? Seen réy ak bañ-kilifteefu Yàlla moo tax. Namróot ak ñi àndoon ak moom, dañu doon wut tur wu siiw ci àddina si. Ñu fas yéene dajale waa àddina ci benn bérab, ngir ñu am doole te baña tasaaroo ci kaw suuf. Wànte li ñu fasoon yéene def, neexul woon Yàlla. Ndaxte Yàlla dafa waxoon doomi Nóoyin yi ñu law ci kaw suuf, tasaaroo. Wànte lu ëpp ci sëti Nóoyin faalewuñu woon li Yàlla bëgg. Dañu xalaatoon ne, ñoo ëpp xel Yàlla Aji Bind ji.

Wànte Mbind mi dafa wax ne: "*Li nit ñiy fonk, Yàlla sib na ko!*" **(Lu 16:15**) Te "*kuy yékkatiku, dees na la suufeel; kuy suufeelu, ñu yékkati la*" **(Mc 23:12**) Kon nag, "*buleen def dara ci kaw wut aw tur walla wonu!*" **(Fb 2:3**)

Màggal mbindeef, walla wut aw tur, bàkkaar la fa kanam Yàlla, ndaxte **wenn tur rekk a yelloo teraanga ak ndam**. Mooy turu **Boroom bi Yàlla Aji Sax ji**! Ni ko Mbind mi waxe: "*Kuy damu, na damu ci Boroom bi. Ndaxte ki neex Yàlla, du ki naw boppam, waaye ki Yàlla gërëm.*" **(2Ko 10:17,18**)

Wànte ci jamanoy Namróot, lu ëpp ci doomi Aadama yi fonkuñu woon turu Boroom bi. Yàlla ak kàddoom soxalu leen. '**Esprit d'indépendance**' lañu yoroon. Dañu xalaatoon ne, soxlawuñu kenn di leen wax dara.

Ba tey, xel moomu mu ngi ci xolu doom Aadama. Danu koy gis ci gune yu tuuti yi sax, bu ñuy lànk ak seeni loxo, naan: "Maa bañ!" Te rawati na ci mag ñi. Lu waral xeex yi am yépp ci kër yi ak ci xeeti àddina sépp? Xanaa du xelu 'indépendance' miy xalaat: "Man naa jiite sama bopp! Samay aada ñoo dàq! Sama diine doy na ci man! Sama tariixa moo gën! Sama xeet moo fi dàq! Sama giir moo gën a am xel! Sama tur moo ëpp maanaa! Sama bopp! Sama coobare! Samay jëf! Sama xaalis! Sama! Sama! Sama!" Sama ju dul jeex du xaaj. Ku nekk di xëcc jëmale ci sa bopp. Waaw, xelu 'indépendance' moomoo tax àddina si fees dell ak xuloo, xeex ak xare. Wànte Yàlla **sib na xel moomu**, ndaxte turam rekk a yelloo ndam. Moo tax mu ne ci kàddoom: "*Man maay Aji Sax ji, moo di sama tur; duma bàyyee sama ndam keneen!*" **(Isa 42:8**)

Wànte ñi tàmbali woon tabax sooroor, bu sar ci asamaan, seen ndamu bopp rekk lañu doon wut. Faalewuñu woon turu Aji Bind, ji yelloo cant ba fàww. Loolu doy na waar! Juróomi-téeméeri at rekk gannaaw mbënnu ndox ma, nit ñi delluwaat, ba mel ni ñu meloon laata Yàlla di far nit ñi ci kaw suuf! Dañu meloon ni fas, loo ko sang-sang, mu xalangu ci ban bi!

Yàlla nag, lu mu defoon? Ndax manoon na nangu li ñu bañ kilifteefam? Ndax dina dékku ndamu nit? Mukk!

Kenn mënul baña màggal turu Yàlla Aji Sax ji, ba noppi di rëcc ci àtteem! Nanu wéy léegi ci Mbind mi ba xam lu Yàlla def. Kàddug Yàlla ne na:

‟*Noonu Aji Sax ji wàcc, ngir gis dëkk bi ak sooroor, bi ñu doon tabax. Aji Sax ji daldi ne: Bu ñu tàmbalee jëfe nii, di menn mbooloo te bokk wenn làkk, kon dara dootu leen të. Nanu wàcc te safaan seen làkk, ba dootuñu déggante. Noonu Aji Sax ji jële leen foofa, tasaare leen ci kaw suuf, ba ñu bàyyi tabax dëkk, bi ñu doon tabax. Moo tax ñu tudde dëkk ba: Babel, liy tekki: Njaxas,* ***ndax fa la Aji Sax ji jaxase làkku àddina, jële leen fa, tasaare leen ci kaw suuf sépp***.” **(Ge 11:5-9**)

Kon nag, gis nanu ni Yàlla fanqe pexey ñoom Namróot ñi fasoon yéene tabax dëkk bu réy ngir seen ndamu bopp. **Yàlla safaan na seen làkk**, ba mënatuñu déggante. Noonu la leen Yàlla tasaaree ci kaw suuf sépp. Seytaane ak ñi ko toppoon doon nañu fexee dàq Yàlla te noot àddina si, wànte Yàlla daan na leen ci li mu jaxase làkku àddina. Loolu moo tax ba tey, mu am ay téeméeri xeet ak ay junniy kàllaama ci kaw suuf.

Naka lanu man a jeexale, njàngum tey mi ci dëkku Babel? Xanaa nii: Kàddug Yàlla daf nuy won ne, ku nekk ci nun, dafa xaw a mel ni kuy tabax ab dëkk. Sa dund mooy sa dëkk bi ngay tabax. Yàlla dafa bëgg ku nekk seetlu sa bopp, te tontu ci laaj yii: **Lan** ngay tabax? **Nan** ngay tabaxe? **Lu tax** ngay tabax?

Ci kaw ban fondamaa nga samp sa dund; sa ngëm? Ndax sa ngëm ci waxi nit, ñiy wéy la sukkandiku? ... walla ci kàddug Yàlla, giy sax ba fàww?

Looy wut ci suuf? Sa bànneexu bopp? ...walla coobareg Yàlla?
Wan tur ngay màggal? Sa turu bopp? ...walla turu Yàlla Aji Sax ji?
Gan ngërëm ngay sàkku? Ngërëmu nit? ...walla ngërëmu Yàlla?

Li wér peŋŋ mooy: ngërëmu nit day wéy, waaye ngërëmu Yàlla day sax ba fàww. Booy wut nag, nanga wut ngërëmu Yàlla. Ndaxte Mbind ne na: ‟***Ki neex Yàlla, du ki naw boppam, waaye ki Yàlla gërëm***.” **(2Ko 10:18**)

Mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Jërëjëf ci déglu bi. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Bu soobee Yàlla, emisyoŋ bi di ñëw, dinanu nafar lépp li nu jàngoon ca ndoorte la ba tey.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax, naan: ‟***Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese: ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww!***” **(1Pi 1:24**)

## 17 Nafar

(Njàlbéen ga 1-11)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Li nuy def mooy gëstu ci Mbindi yonent, yi yégle yoon wi Yàlla tëral, ngir nit man a jub fa kanamam.

Tey jii nag, ci ndimmalul Yàlla, fas nanu yéene **nafar te tënk** li nu jàngoon ca ndoorte la ba tey ci Tawreetu yonent Yàlla Musaa. Tawreet mooy téere bu jëkk ci Mbindi yonent yi. Téere bu am maana lool la, ndax mooy **fondamaa**, bi Yàlla ci boppam tegoon, ngir nu man a nattu lépp li nuy dégg, ba xam ci Yàlla la jóge walla déet. Tawreet nag, juróomi téere la, walla juróomi xaaj. Xaaj bu jëkk bi lañuy wooye ‘Njàlbéen gi’. Am na juróom-fukki saar ci téereb ‘Njàlbéen ga’. Ci sunuy njàng yu ‘chronologique’, nu ngi yemagum ci saar fukk ak benn.

Ndax man ngeen a fàttaliku li ñu bind ci aaya bi jëkk ci kàddug Yàlla? Nanu ko jàngaat. Mu ne: "*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf.*" Yàlla mooy Boroom Àllaaxira. Ca njàlbéen, ga àddina si amagul woon, Yàlla rekk a doon dund. Yàlla xel mu sax la, te amul njàlbéen. Moo tax aaya bi jëkk ci Mbind mi ne: "*Ca njàlbéen ga **Yàlla**!*"

Noonu, gisoon nanu Yàlla, laata muy sàkk àddina si, ni mu bindewoon ay alfunniy alfunniy junniy junni xel yu sell, tudde leen ay **malaaka**. Ci biir malaaka yi, amoon na ci benn bu ci ëpp xel te gën a rafet yeneen malaaka yépp. Moo doon **Lusifer**, mi Yàlla fal kilifag malaaka yi. Wànte Mbind mi dafa wax ne, amoon na bés Lusifer bàkku, xeeb Yàlla ci biir xolam, ba bëgg a jël palaasam. Amoon na it, yeneen malaaka yu bare yu tànnoon topp Lusifer ci bàkkaaram. Looloo taxoon Yàlla, mi mënul a dékku njubadi, dàq Lusifer ak malaakaam yu bon ya, te soppi turu Lusifer, mu nekk '**Seytaane**', liy tekki: '*bañaaleb Yàlla*'. Te gannaaw ba Yàlla dàqee Seytaane ak ay malaakaam, mu sàkkal leen safara su dul fey. Te Mbind mi day wax ne, keroog bésu pénc ba, Yàlla Aji Jub ji dina sànni Seytaane, ak képp ku ko topp, ca safara soosu.

Noonu, jàngoon nanu ni **Yàlla Aji Sax ji sàkke asamaan, suuf, géej** ak li ñu ëmb lépp **ci juróom-benni fan**, te jëfandikoowul dara lu dul kàddoom! Yàlla bindoon na lépp ngir nit, ki mu fasoon yéene sàkk. **Nit** moo di mbindeef mi Yàlla gën a fonk ci lépp li mu sàkk, ndaxte dañu ko sàkk ci melokaanu Yàlla. Yàlla dafa bëggoon a am diggante bu xóot te neex ak nit, ki mu sàkkoon. Looloo tax mu sol ci ruuwu nit **xel** ba mu man a xam Yàlla, may ko **xol**, ba mu man a bëgg Yàlla te dénk ko **coobare**, ba mu man a tànnal boppam déggal Yàlla walla ñàkk koo déggal.

Ci ñaareelu saaru Tawreet nag, jàngoon nanu ni Yàlla jëmbate **toolu Àjjana** ci kaw suuf, tàbbal ca nit ka mu sàkkoon, maanaam **Aadama**. Yàlla, ci mbaaxam, mayoon na Aadama lépp ba mu manoon a dëkk ci jàmm ak naataange gu mat.

Te ca bés ba Yàlla sàkke Aadama, mu ne ko: "*Man ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee!*" **(Ge 2:16,17**) Noonu, gisoon nanu ni Yàlla tege woon **ab nattu** ci kanamu Aadama. Yàlla dafa bëggoon a am diggante bu xóot ak nit ki mu sàkkoon, ba tax mu nattu ko, may ko sañ-sañu tànn bëgg ko ba déggal ko, walla bañ ko déggal.

Jàngoon nanu it, ci bés bi Yàlla sàkke Aadama, ni ko Yàlla joxe may gu baax lool, muy jabar! Yàlla defar jigéen ca faar, ga mu jële ci Aadama, indil ko ko. Aadama tudde ko **Awa**. Noonu, ca juróom-benneelu fan ba, Yàlla mataloon na jëfam. Te Mbind mi ne na: "*Yàlla gis lépp li mu def, fekk lépp a baax lool.*" **(Ge 1:31**)

Te juróom-ñaareelu bés ba, Yàlla noppalu te bég ci lépp li mu liggéey.

Ci saar ñett nag, gisoon nanu ni **bàkkaar** dugge ci àddina. Mbind mi daf nuy nettali ne, benn bés, bi Aadama ak Awa taxawee ca wetu garab ga Yàlla terewoon, Seytaane ñëw ci **melow jaan**, naan:

*"Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi? Jigéen ja tontu jaan ja: Man nanoo lekk ci doomi garabi tool bi. Waaye garab gi ci digg tool bi, Yàlla ne na: Buleen ci lekk, buleen ko laal sax, ngir ragal a dee. Jaan ja ne jigéen ja: Mukk! Dungeen dee! Waaye Yàlla xam na ne, bés bu ngeen ci lekkee, seeni bët dinañu ubbiku, te dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.*" **(Ge 3:1-5**)

Naka noonu, gisoon nanu ni **Seytaane weddee kàddug Yàlla**! Lan la Yàlla waxoon Aadama ak Awa ne dina leen dal su ñu lekkee ci garab gi mu leen aaye woon? Mu ne: "*Dingeen dee!*" Lan la Seytaane wax nag? Mu ne: "*Dungeen dee!*" Kàddug kan, la Aadamaak Awa tànn, gëm ko te topp ko? Kàddug Yàlla? walla kàddug Seytaane? Mbind mi won na nu, ni Aadama ak Awa tànne woon nangu kàddug Seytaane, ba lekk ca doomu garab ga leen Yàlla terewoon! Seytaane naxoon na Awa ba mu tooñ, wànte **Aadama tànn na bañ ndigalu Yàlla**, topp Seytaane. Noonu, Mbind mu sell mi ne: "*Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp!*" **(Ro 5:12**)

Gannaaw loolu, gisoon nanu ni **Yàlla dàqe Aadama ak Awa** toolu Àjjana, ni mu ko digewoon. Wànte laata mu leen di dàq, Yàlla, ci yéeneem ju rafet, **dafa dige woon ni mu naroon a yónnee ci àddina ab Rammukat**, ngir mu jot doom Aadama ci dooley Seytaane, bàkkaar ak dee! Te firndeel na dig googu ci li mu rendi ay mala, defar ci yérey der, solal ko Aadama ak Awa. **Jaarale ko ci saraxi mala yooyu** nag, Yàlla doon na jàngal Aadama ak Awa ne, "*Peyug bàkkaar moo di dee!*" **(Ro 6:23**) te "*su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**)

Ci saar ñeent nag, jàngoon nanu nettali bi ci mbirum ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, di **Kayin ak Abel**. Gisoon nanu ni **Abel jébbale Yàlla mbote mu amul sikk**, rendi ko, ni sarax suy dindi bàkkaar, ni ko Yàlla defalewoon waa juri Abel. Waaye **Kayin moom, dafa doon fexee jege Yàlla ci pexey boppam**, di ko indil li mu beyoon ci suuf, si Yàlla alagoon. Noonu Mbind mi ne: "*Yàlla Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin.*" **(Ge 4:4-5**) Yàlla layoowoon na ak Kayin ngir mu réccu te nangu yoonu njub wi mu tëraloon, wànte Kayin deful lu dul mer rekk, ba rey Abel, rakkam.

Waaye Yàlla mayoon na Aadama ak Awa jeneen doom, ju tudd **Set**. Set, ni Abel, gëmoon na Yàlla, te di ko jege ak deretu sarax. Noonu, gisoon nanu ñaari askan yi soqikoo ci Aadama, maanaam, askanu Kayin ak askanu Set. Askanu Kayin, gëmul woon Yàlla. Waaye ci askanu Set, amoon na ñu ko gëm. Amoon na kenn ku soqikoo ci Set, ku tudd **Enog**, mu àndoon ak Yàlla, ci jamano ju rëb.

Enog amoon na sët bu tuddoon **Nóoyin**. Ca bési Nóoyin ya, gisoon nanu ni Yàlla dogale woon far doomi Aadama ak mbënnu ndox ma, ndax **seen njubadi**. Ca jamano ju dëng jooja, **Nóoyin rekk a gëmoon Yàlla**, ba tax Yàlla wax ko mu defar gaal gu réy, gi naroon a nekk **rawukaay** ci moom ak njabootam ak bàyyima yu bare. Ci diirub téeméeri at Yàlla di muñal bàkkaarkat yi, dajeek jamano jiy Nóoyin di yett gaal ga. Wànte kenn tuubul bàkkaaram ba gëm xebaaru Yàlla, lu dul Nóoyin ak njabootam. Kon, ca muj ga, Yàlla defoon na lépp li mu digewoon. Àtte na ñépp ñi gëmul woon dëgg gi, te doon bànneexu ci biir njubadi.

Gisoon nanu it, ni Nóoyin ame ñetti doom: **Sem, Xam ak Yafet**. Ci ñetti nit ñooñu la xeeti àddina sépp soqikoo. Wànte gis nanu, ni lu ëpp ci seen askan fàttee woon Yàlla ak kàddoom. Ci sunu njàng mi weesu, ci saar fukk ak benn, jàngoon nanu ni Namróot ak ñi àndoon ak moom, fasoon a yéene boole waa àddina ci benn bérab, tabax dëkk bu réy ak sooroor bu kawe ngir bañ kilifteefu Yàlla. Wànte Yàlla àtte na leen ci li mu safaan seen làkk, ba tasaare leen ci kaw suuf sépp. Kon, ci gàttal, loolu mooy li nu jàngagum ci ndoortel téereb Njàlbéen ga, ci saar benn ba ci saar fukk ak benn.

Léegi nag, nan lanu man a tënke li nu gisoon ci nettali yooyu yépp? Lan la Yàlla bëgg a xamle jaare ko ci la xewoon ca njàlbéen ga? Li mu nu ci bëgg a wax bare na, waaye lenn rekk lanu ci man a faramfànce tey. Mooy: **Nit dafa jubadi, waaye Yàlla, Moom, ku jub la**.

Ci sunu biir njàng yi, gisoon nanu ay yooni-yoon **njubadig nit**. Gis nanu ko ci toolu Àjjana, bi Aadama lekkee ci garab gi. Feeñaat na ci Kayin, taawu Aadama, moom mi baña jaar ci yoonu njub wi Yàlla tëraloon. Gisoon nanu njubadi googu it ci askanu Kayin, ak ci niti jamanoy Nóoyin, ak ci ñi doon fexee tabax dëkku Babel. Ci tënk, nettaliy doom Aadama mooy: Nit dafa jubadi! Moom la Mbind mi wax ne: "*Nit ñépp ñu ngi ci nootaangeg bàkkaar! ...Ku jub amul, du kenn sax!*" **(Ro 3:9,10**)

Kon lu nu ci war a wax? Ndax njubadig nit man na gàkkal njubteg Yàlla? Mukk! Mbind mi ne na: "*Su ñépp nekkee ay naaféq, du tere Yàlla nekk dëgg.*" **(Ro 3:4**) Jikko ju jubadi, ji nekkoon ci nit, jógewul ci Yàlla! **Yàlla Moom, ku jub la te sell**! Kuy sàmm kóllëre la te du tebbi ay waxam! "*Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci Moom!*" **(1Yow 1:5**)

Gisoon nanu njubteg Yàlla, bi mu dàqe Lusifer ndax bañ-kilifteefam. Te gisaatoon nanu ko bi mu dàqee Aadama ak Awa, ndax seen njubadi ak seen ñàkk kóllëre. Yàlla feeñaloon na njubteem, ba mu digee ab Rammukat bu jub, bu naroon a ñëw, feyal doom Aadama seen boru bàkkaar. Gisaatoon nanu ko, bi mu santaanee ne: "*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**) Yàlla wone na njubteem, bi mu nangulee Abel saraxam te nangulul Kayin, mi faalewul yoonu njub wi! Gisaatoon nanu ko it, bi mu yónnee mbënnu ndox ma ngir far niti jamanoy Nóoyin. Yàlla feeñalati njubteem, bi mu jaxasee làkku àddina, ndax ña doon tabax dëkku Babel te doon fexee bañ kilifteefu Yàlla.

Kon, ci nettali yooyu, **Yàlla dafa nu bëgg a xamal ne ku jub la, te mënul a dékku lu jubul**. Yoonu Yàlla, yoon wu mat la te jub. Yàlla du nangu kenn, ku baña nangu yoonu njub wi mu tëral! Lépp lu amul njériñ te taq bàkkaar, fàww mu àtte ko, mbugal ko, far ko, ba mu des, lu jub rekk.

Nan lanu man a tënke sunu nafaru tey nag? Xanaa nii. Gis nanu ne, **nit dafa jubadi, waaye Yàlla ku jub la**. Wànte **loolu taxul sunu yaakaar tas**, ndaxte Yàlla, ci yiwam, feeñal na, ni ñi jubadi man a jube ci kanamam. Ndax xam nga yoonu njub wi Yàlla tëral? Soo ko bëggee xam, na nga déglu emisyoŋ yi di ñëw. Ci njàng mi di ñëw, bu sóobee Yàlla, dinanu tàmbali gëstu nettalib nit ku ñu daan wooye '*xaritu Yàlla*'. Muy yonent Yàlla Ibraayma. Te ci nettaliy Ibraayma lanuy gis ni ñi jubadi man a jube fa kanam Yàlla.

Kon nag mbokk yi, fii lanu war a yem tey ba emisyoŋ bi di ñëw. Su ngeen ame ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax, bi mu naan: "***Lépp lu ñu waxoon ci Mbind mi lu jiitu tey, dañu koo tëraloon, ngir nu sàkku ci xam-xam, xam-xam bu nuy may fit ak muñ, ak di feddali sunu yaakaar***." **(Ro 15:4**)

# 18 Ibraayma – I. Lu tax Yàlla woo Abram?

(Njàlbéen ga 11,12)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Li ko dale ci sunu njàng mu jëkk, ba fi tey, nu ngi doon jàng ci Yàlla ak yoonam wu jub wi. Gisoon nanu Aadama ak Awa, Kayin ak Abel, Set ak Enog, Nóoyin ak niti jamanoom, ak Namróot ak soorooru Babel. Ñu néew ci sunuy maam ñoo jaar ci **yoonu njub, wi Yàlla tëral**; lu ëpp ci ñoom dañu tànnoon topp **Seytaane, ak yoonam wu jubadi**.

Tey jii nag, agsi nanu ci nettalib koo xam ne, turam siiw na lool ci kàddug Yàlla te amoon palaas bu am maanaa ci pexem Yàlla ngir jot doom Aadama. Nit kookoo ngi tuddoon '*xaritu Yàlla*' ak '*baayu ñépp ñi gëm.*' Ndax xam nga ku mu doon? Mooy Yonent Yàlla **Ibraayma**. Mbind mu sell mi wax na lu bare ci moom. Turam feeñ na ci Mbindi yonent yi lu ëpp ñetti téeméeri yoon. Kon nag, bu soobee Yàlla, tey jii ak ci njàng yi di ñëw, dinanu gëstu ba xam li Mbind mi xamle ci ki ñuy woowe '*xaritu Yàlla.*' Tey nag, fas nanu yéene gëstu ci ndoortel nettalib Ibraayma, ba gis **ni ko Yàlla woowe**, ak **lu tax mu woo ko**.

Bala nuy tàmbali, war ngeen a xam ne, ci bu jëkk, Ibraayma tuddul woon *Ibraayma*, waaye ***Abram***. Fileek ñaari njàng, dinanu gis lu tax Yàlla soppi turu Abram, mu nekk Ibraayma. Wànte tey, nanu denc ci sunu xel ne, Ibraaymaa ngi jëkkoon a tudd *Abram*.

Ci saar fukk ak benn ci téereb Njàlbéen ga, danu ciy gis ne Abram ci **askanu Sem** la bokk. Ndax fàttaliku ngeen Sem, Xam ak Yafet? Ñooy ñetti doomi Nóoyin ya. Ci diggante Sem ak Abram, amoon na fukki giir. Baayu Abram mu ngi tuddoon Teraa. Mbind mi ne na: "*Teraa moo jur Abram, Naxor ak Aran, te Aran moo jur Lóot.*" **(Ge 11:27**) Lóot, doomu magu Abram lawoon. Baayu Lóot dafa faatu woon. Jabaru Abram moom, mu ngi tuddoon Sarayi. "*Sarayi nag mënul woon a am doom, jurul jenn sax.*" **(Ge 11:30**) Abram ak Sarayi ñoo bokkoon baay, waaye bokkuñu woon yaay.

Abram ma nga dëkkoon cib dëkk bu ñuy wax Ur ca réewum Kalde, mi ñuy wax tey Iraq. Dëkku Abram sorewul woon fa Namróot doon fexee tabax dëkku Babel ak soorooram bu kawe. Fekk booba, waa réew ma, ay xërëmkat lañu woon. Baayu Abram, xamul woon Yàlla Aji Wóor ji. Te noonu, Abram moom itam, xamul woon Yàlla. **Ci biir lëndëmu bàkkaar la juddoowoon**, ni doomi Aadama yépp.

Waaye Mbind mi won na nu ne, amoon na bés **Yàlla Aji Sax ji feeñu Abram**, di wax ak moom. War ngeen xam ne, ca jamano yu jëkk ya, Yàlla doon na wax léeg-léeg, moom ci boppam ak nit ñi, ndaxte amaguñu woon Mbindi yonent yi. Wànte ci jamano jii nu toolu, Yàlla dafay wax ak nit ñi jaarale ko ci **Mbind mu sell mi**. Looloo tax soxlaatunu baat buy jibe asamaan, mbaa peeñu, mbaa malaaka, ngir xam yoonu njub wi. Kuy gëstu ci Mbind mu sell mi, yaa ngiy déglu **baatu Yàlla**.

Nanu déglu léegi li Yàlla waxoon Abram. Ci saar fukk ak ñaar, aaya benn, Mbind mi ne na:

*Am bés Aji Sax ji ne Abram: "Jógeel sa réew, ci say mbokk ak ci sa kër baay, te nga ñëw ci réew, mi ma lay won!*" **(Ge 12:1**)

Ndax dégg ngeen li Yàlla santoon Abram? Mu ne ko, mu jóge kër baayam, tàggoo ak i mbokkam, génn réewam, te dem toxu ca réew, ma ko Yàlla naroon a won. Ci xalaatu nit, li Yàlla santoon Abram, metti na lool. Wànte Yàlla dafa ko fasoon a yéene barkeel lool.

Nanu jàngaat léegi, aaya bii ak ñaari aaya yi ci topp, ba xam **lu tax** Yàlla woo Abram mu toxu, dem ci meneen réew.

*Aji Sax ji ne Abram: "Jógeel sa réew, ci say mbokk ak ci sa kër baay, te nga ñëw ci réew, mi ma lay won! **Dinaa def ci yaw xeet wu yaa**, di la barkeel te màggal saw tur te dinga nekk buntu barke. Ku la teral, ma barkeel ko; ku la móolu, ma alag ko; te **xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw**."* **(Ge 12:1-3**)

Lu tax kon, Yàlla sant Abram mu toxu, dem meneen réew? Lii moo tax: **Yàlla dafa fasoon yéene def ci Abram xeet wu bees, wu yonent Yàlla yi ak Musalkatu Àddina si nar a soqikoo**. Looloo taxoon Yàlla dig Abram, naan: "*Dinaa def ci yaw xeet wu yaa...te dinga nekk buntu barke...te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw*."

Ndax dégg ngeen loolu? **Dëgg gu am soloo** ngi nii. Yàlla tànnoon na Abram, ngir mu nekk baayu maam, ya nar a indi ci àddina Rammukat, bi Yàlla dige woon. Rammukat boobu dafa waroon a nekk Musalkatu xeet yépp, ngir képp ku ko gëm, mucc ci nootaangeg bàkkaar, Seytaane ak safara su dul fey mukk. Noonu, gis nanu ne, bi Yàlla dee woo Abram, dafa doon jëme kanam pexeem, ngir yónni Musalkatu bàkkaarkat yi ci àddina. Abram moom ci boppam, nekkul woon Musalkatu Àddina si, waaye **moo doon kiy nekki baayu xeet, wi Musalkat bi di wàcce**.

Kon nag, loolu mooy li Yàlla digoon Abram, ci kaw mu génn réewam, dem ba fa ko Yàlla wax. Lu ngeen ci xalaat? Ndax Abram déggaloon na Yàlla? Nanu déglu li nu kàddug Yàlla wax. Nee na:

"***Noonu Abram dem, na ko Aji Sax ji waxe woon**... Ba muy jóge Karan, booba Abram amoon na juróom-ñaar-fukki at ak juróom. Abram jël ak moom jabaram Sarayi, ak Lóot doomu magam, ak alal ja mu dajale woon yépp, ak jaam ya mu jënd ca Karan. Ñu jóge fa, jublu réewum Kanaan*." **(Ge 12:4-5**)

Lu taxoon Abram déggal Yàlla, ba dëddu kër baayam ak diineem? Lenn rekk a tax. **Abram dafa wóolu Yàlla**. Abram xamul woon fan la jëm, waaye gëmoon na kàddug Yàlla, mi ko ne: "Toxul! Soo toxoo, dinaa la barkeel lool!" Abram wóolu Yàlla, daldi gàddaay réewam, na ko ko Aji Sax ji waxe woon. Te Yàlla, ci takkuteem, jiite na Abram, ba réewum **Kanaan**, mi ñuy wax tey *Palestin*, walla *Israyil*.

Noonu Mbind mi nee:

"*Ba ñu fa eggee, Abram daldi jaar ca réew ma ... Booba waa Kanaan ñu nga woon ca réew ma. Naka noonu Aji Sax ji feeñu Abram, ne ko, **Réew mii, dinaa ko jox ñi jóge ci yaw***." **(Ge 12:6-7**)

Kon, Yàlla mi dige woon def Abram muy baayu xeet wu bees, léegi mu ngi ko doon dig it réew mu bees. Moom la Yàlla bëgg a wax, bi mu feeñoo Abram, dig ko, ne: "*Réew mii, dinaa ko jox ñi jóge ci yaw*."

Am nanu fi leneen lu raw xelum nit! Réew moomu tuddoon Kanaan, waa dëkk baa nga ko feesoon. Naka la ko Abram ak askanam, manoon a moome nag? **Abram amoon na juróom-ñaar-fukki at ak juróom. Jabaram am juróom-benn-fukki at ak juróom, te amul jenn doom**. Ndax ñaari màggat ñooñu dinañu am doom ak askan, wu daj réew mépp? Naka la loolu man a ame?

Nanu fexee misaal li Yàlla digoon Abram. Dafa mel ne, su amoon màggat mu amul doom, mu jóge réew mu sore, ganesi Senegaal. Mu ñëw ak jabaram ju màggat, ju mënatul a ëmb sax. Bi mu fi agsee, am ku ko wax ne: "Benn bés dinga moom réewum Senegaal, yaw ak sa askan!" Màggat moomu kon, dina reetaan waa ji, te naan ko: "Dangay caaxaan rekk! Sama askan dina moom réew mi? Awma askan sax! Màggat laa te awma doom, te sama jabar it mënul a am doom. Nga may wax naan, sama askan dina law te moom Senegaal? Xanaa wéruloo?"

Xëy na misaal mi xaw na doy waar, wànte ba tey, loolu mooy li Yàlla digoon Abram, moom mi màggat, te

amagul jenn doom, am it jabar ju mënatul a ëmb. Dégluleen li ko Yàlla dig ci saar fukk ak ñett. Mu ne ko:

"*Réew mi ngay gis mépp, yaw laa koy jox ak ñi jóge ci yaw ba fàww. Dinaa leen bareel ba ñu tollu ni feppi suuf si;* ***ku bëgg a waññ saw askan, na jëkk a waññ feppi suuf si****. Jógal te wër réew mi, ci ñeenti xebla yépp, ndax yaw laa koy jox!*" **(Ge 13:15-17**)

Mbokk yi nuy déglu, **ndax Yàlla defoon na li mu dige woon**? Ndax def na xeet wu yaa ci Abram? Ndax joxoon na askanam réewu Palestin? Axakay! Ci njàng yi di ñëw dinanu gis ne, Abram mooy baayu xeetu Yawut yi te ci moom lañu donne réew, mi ñuy wax tey, *Israyil*.

Noonu Mbind mi nee:

"*Abram nag, gannaaw ba ko Aji Sax ji feeñoo, mu daldi fa defar* ***rendikaayu sarax****, ngir màggal ko. Ba mu ko defee, mu jóge fa, jëm tund wi féete ci penkub dëkkub Betel, samp fa tàntam.... Mu defar fa itam* ***rendikaay*** *ngir màggal Aji Sax ji, daldi ko woo ciw turam.*" **(Ge 12:7-8**)

Lan la Abram jëkk a def, ba mu eggee ci réew mu bees mi ko Yàlla digoon? Lii: Rendiwoon na mala, lakk ko ca rendikaay ba mu defaroon. Ni ko Abel ak Set ak Enog ak Nóoyin defewoon, Abram itam jébbaloon na Yàlla ay saraxi deret. Lu tax sarax yooyu? Lan moo leen waral? Ndaxte Yàlla farul woon yoonam, wi tëral ne: "*Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**) **Abram, ni doom Aadama yépp, bàkkaarkat lawoon**. Wànte Yàlla manoon na jéggal Abram ay bàkkaaram ndaxte gëmoon na Yàlla, ba indil ko **deretu sarax**, si doon misaal **Rammukat bu sell**, bi naroon a ñëw ci àddina ngir dee ci palaasu bàkkaarkat yi.

Sunu jot léegi mu jeex. Waaye li nu jàng tey, lu am maanaa lool la te mat a fàttaliku. Ndax xam ngeen léegi **lu taxoon** Yàlla woo Abram mu dëddu këru baayam, toxu ci meneen réew? Waaw, Yàlla dafa fasoon yéene def ak Abram **xeet wu bees**, wu naroon a nekk '*buntu barke*' ci xeeti àddina yépp. Li Yàlla fasoon yéene def ak Abram, dafa **dëppook yéene ju rafet**, ja mu yégle woon ca toolu Àjjana, keroog ba sunuy maam Aadama ak Awa bàkkaaree.

Ndax fàttaliku ngeen ni Yàlla digewoon ki naroon a ganesi àddina ngir goreel doom Aadama ci dooley Seytaane? Ñaari junni at ginnaaw Aadama, ci jamanoy Abram, gis nanu ne **Yàlla fàttewul li mu dige woon**!

Gis nanu tey, Yàlla, ci takkuteem, ni mu woowe Abram ngir mu nekk baayu xeet, wi Musalkat boobu nar a ganesee àddina. Looloo taxoon Yàlla dig Abram ne ko:

"*Dinaa def ci yaw xeet wu yaa, di la barkeel te màggal saw tur te dinga nekk buntu barke. Ku la teral, ma barkeel ko; ku la móolu, ma alag ko; te* ***xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw****.*" **(Ge 12:2-3**)

Ndax jàpp ngeen bu baax seen njàngum tey? Mayleen nu, nu sànni leen ñaari laaj, yi tënk li nu jàng tey:

Laaj bu jëkk bi mooy: **Lu tax Yàlla sant Abram mu toxu, dem ci meneen réew**? Lii moo ko waral. Yàlla dafa fasoon yéene def ci Abram xeet wu bees.
Ñaareelu laaj bi: **Lu tax nag, Yàlla bëggoon a def ak Abram xeet wu bees**? Ndaxte ci xeet woowu la Yàlla fasoon yéene jaarale yonent yi ak, ci muj ga, Rammukat bu sell bi, moom ci boppam.

Noonu, ci tënk, gis nanu ne, bi Yàlla dee woo Abram ngir mu topp ko, **dafa doon jëme kanam pexeem ngir wàcce ci àddina Musalkatu bàkkaarkat yi**.

Kon nag, mbokk yi, fii lanuy yem tey. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu gëstu ci nettali bu doy waar ci lu jëm ci Abram ak Lóot.

Soo amee laaj ci li nu jàng tey, walla su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la soxal, man nga

nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen denc ci seen xel li Yàlla digoon Abram, naan: "***Dinaa def ci yaw xeet wu yaa! Dinga nekk buntu barke! ... te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw!***" **(Ge 12:2,3**)

# 19 Ibraayma – II. Ngëmu Abram

(Njàlbéen ga 13-15)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, tàmbali woon nanu gëstu ci li Kàddug Yàlla wax ci mbirum yonent Yàlla Ibraayma. Jàngoon nanu ne, ci bu jëkk, Ibraayma tuddul woon Ibraayma, waaye **Abram**. Gisoon nanu ne, Abram ma nga juddoo ca réewum Kalde, mi ñuy wax tey Iraq. Waa réew moomu, ay xërëmkat lañu woon. Waaye Mbind mi ne na, amoon na bés Yàlla Aji Sax ji feeñu Abram, wax ko mu génn kër baayam, tàggoo ak i mbokkam, te dem, toxu ca réew, ma mu ko naroon a won.

Ndax man ngeen fàttaliku **lu taxoon** Yàlla woo Abram mu toxu, dem ci meneen réew? Ndaxte Yàlla dafa fasoon yéene def ci Abram **xeet wu bees**, wu yonent Yàlla yi nar a soqikoo ak, ci muj ga, Musalkatu Àddina si moom ci boppam. Noonu, gis nanu ne, bi Yàlla dee woo Abram, dafa doon jëme kanam **pexeem** ngir yónni Rammukat bi ci àddina. Looloo tax Yàlla waxoon Abram, naan: "*Dinga nekk buntu barke ... te **xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw**.*" **(Ge 12:2,3**)

Noonu, jàngoon nanu ni Abram déggale Yàlla, daldi gàddaay dëkkam te xamul woon sax fan la jëm. Ba Abram di jóge kër baayam, booba Abram amoon na juróom ñaar fukki at ak juróom. Abram yóbbaale jabaram Sarayi, ak Lóot, doomu magam, ak alal ja mu dajale yépp, ak jaam ya, jublu réewum Kanaan, mi ñuy wax tey *Palestin*, walla *Israyil*.

Ba Abram eggee réewum Kanaan, Aji Sax ji feeñuwaat ko, ne ko, "*Réew mii, dinaa ko jox ñi jóge ci yaw*." **(Ge 12:7**) Kon, gisoon nanu ne, Yàlla, mi digoon Abram mu nekk baayu xeet wu bees, digoon na ko it, réew mu bees ngir askanam dëkk ci. Am na fi lu xelum nit mënta jàpp, ndaxte Abram ak jabaram, ay màggat lañu woon, te amuñu woon jenn doom. Naka lañu man a ame askan, wu daj réew mépp nag? Ci kanam tuuti, dinanu gis tontub Yàlla ci loolu.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci nettalib Abram. Nu ngiy jàng ci Tawreet, ci téereb Njàlbéen ga, ci saar fukk ak ñett. Dinanu gis **li xewoon ci diggante Abram ak doomu màggam, di Lóot**. Mbind mi ne na:

"*Abram amoon na alal ju bare ci diggante jur, xaalis ak wurus. Mu dem ba egg ca bérab ba mu jëkkoon a sampe tàntam, maanaam diggante Betel ak Ayi. Foofa it la jëkkoon a defare rendikaay ngir màggal Yàlla. Te Abram daldi fa woo Aji Sax ji ciw turam. Waaye Lóot mi ànd ak moom am it ay jur, ay gàtt, ay nag ak i tànt, ba tax xajatuñu ca réew ma ñu nekk, ndax seen alal ju bare, ba mënatuñu faa dëkk. Moo tax sàmmi Abram ak sàmmi Lóot daldi xuloo.*

*Ba loolu amee, Abram daldi wax Lóot ne ko, Maa ngi lay ñaan, bu xuloo am sunu diggante ak sunu diggantey sàmm, ndaxte ay mbokk lanu. Ndax réew mi yaatuwul ci sa kanam? Nan teqalikoo nag; **boo demee càmmooñ, ma dem ndeyjoor; boo demee ndeyjoor, ma dem càmmooñ**.*

*Ba mu waxee ba noppi, Lóot daldi xool, gis ne joor gi wër dexug Yurdan gépp naat lool – ndax bu jëkk, bi Aji Sax ji laata tas dëkki Sodom ak Gomor, yoonu Sowar dafa naatoon mel ni toolub Yàlla ba Aadama ak Awa nekkoon, ak ni réewum Misra. Lóot daldi tànn joor gi féete Yurdan, mu daldi jublu penku. Noonu la ñu teqalikoo, **Abram** dëkk réewum Kanaan, **Lóot** sance dëkki Yurdan, mu daldi toxal tàntam, samp ko Sodom. Waaye waa Sodom daal, ñu soxor lañu woon, ba nekk ay boroom bàkkaar ci kanamu Aji Sax ji!*" **(Ge 13:2-13**)

Noonu, gis nanu ni Lóot tànne woon tool yi gën a naat, te bàyyee Abram tool yi gën a wow. Wànte wet gi

Lóot tànnoon, mu ngi nekkoon ci diiwaanu Sodom, dëkk boo xam ne, dafa fees dell ak bàkkaar!

Lóot tànnoon na **coobare boppam**, wànte Abram tànnoon na **coobare Yàlla**. Fii ak ñaari njàng, bu neexe Boroom bi, dinanu gis ni Lóot mujje, moom mi topp nafsoom. Ca muj ga, Lóot ñàkkoon na lépp – alalam, jabaram, njabootam, mbégteem, ak seedeem! Wànte Abram moom, mi bàyyi woon lépp ci loxoy Yàlla, jot na barkey Yàlla yépp!

Lan lanu man a jériñoo ci nettalib Lóot ak Abram? Kan ci ñoom ñaar nga gën a niru? **Lóot walla Abram**? Ndax **yëfi àddina** ngay wut, ni Lóot, walla **yëfi àllaaxira**, ni Abram? Ni ñoom ñaar, fàww ku nekk ci nun tànn sunu coobare bopp walla coobare Yàlla. Ki am xel, mooy ki tànn coobare Yàlla. Loolu mooy li Mbind mi wax, ne:

‟*Moom àddina sépp lu muy jériñ nit, bu ñàkkee bakkanam?*” **(Mk 8:36**) ‟*Buleen sopp àddina si ak li ci biiram ... [ndaxte] àddina si day wéy, waaye **kuy def coobareg Yàlla dinga sax ba fàww!***” **(1Yow 2:15,17**)

Lan nga gën a fonk nag yaw? Yëf yi ci suuf tey wéy? walla yëf ya ca kaw te di sax ba fàww?

Nanu jëm kanam léegi ci nettalib Abram. Mbind mi ne na:

‟*Gannaaw ba Lóot teqalikook moom, Aji Sax ji wax ak Abram, ne ko: Fi nga taxaw, xoolal, te nga séenu ci bëj-Gànnaar ak ci bëj-Saalum, ci penku ak ci sowu, ndaxte **réew mi ngay gis mépp, yaw laa koy jox ak ñi jóge ci yaw ba fàww**. Dinaa leen bareel ba ñu tollu ni feppi suuf si; ku bëgg a waññ saw askan, na jëkk a waññ feppi suuf si. Jógal te wër réew mi, ci ñeenti xebla yépp, ndax yaw laa koy jox! Abram daldi sempi tàntam, ñëw sanc ci Ebron ci garab yu mag yu Mamre. Ba mu fa eggee, mu defar foofu rendikaay ngir màggal Aji Sax ji*.” **(Ge 13:14-18**)

‟*Ba loolu amee, amoon na bés kàddug Aji Sax ji wàcc ci Abram cig leer, ne ko: Yaw Abram, bul ragal dara; Man maay sa kiiraay, te sa yool dina màgg lool! Abram wuyu ko, naan: Yaw Aji Sax ji sama Boroom, loo may jox nag, gannaaw awma doom te Eliyeser bu Damas moo may donni? Abram teg ca ne: Mayoo ma jenn doom de, te sama bëkk-néeg moo ma war a donn. Noonu kàddug Aji Sax ji jib, naa ko: Du moom moo la war a donn, wànte ku génn ci yaw moo lay donn! Ci kaw loolu, Yàlla yóbbu ko ci biti, ne ko, Xoolal ci asamaan, te nga waññ biddiiw yi, soo ko manee. Mu ne ko: Noonu la sa askan di tollu! **Te Abram gëm li ko Aji Sax ji wax, ba tax mu àtte ko ni ku jub!***” **(Ge 15:1-6**)

Lu doy waar a ngi nii! Abram ak jabaram ay màggat lañu woon, te amuñu jenn doom. Teewul, Yàlla doon na wéy ci li mu dig Abram ci mbirum xeet wu yaa, wi nar a soqikoo ci moom. Naka la loolu manoon a ame? Naka la Abram manoon a nekke baayu xeet wu yaa? Tont li benn rekk la. Mooy lii: Yàlla Aji Sax ji moo di Yàlla mi man lépp! Dara tëwu ko. Li Yàlla dige, dina am.

Abram nag, ndax gëmoon na Aji Sax, ji ko digoon lu mënta nekk ci xalaatu nit? Dégluleen li Mbind mi wax. Nee na: ‟***Abram gëm li ko Aji Sax ji wax, ba tax mu àtte ko ni ku jub***.” Loolu neex na lool! Yàlla digoon na Abram lu mënul a nekk ci gis-gisu nit. Waaye Abram nu mu def? Dafa **gëm li ko Yàlla dig**! Te Yàlla moom, nu mu def? **Mu daldi àtte Abram ni ku jub ndax ngëmam**!

Dëgg gii, war na sedd xolu ñiy wut a jub fa kanam Yàlla! Lu tax Yàlla àtte Abram ni ku jub? Ndax Abram nit ku jub la woon ci boppam? Déedéet! Ci njàng mi di ñëw, dinanu gis ni Abram ame woon jikkoy bàkkaarkat ni bépp doom Aadama. Lu tax nag Yàlla àtte Abram ni ku jub? **Yàlla àtte woon na Abram ni ku jub ndaxte gëmoon na kàddug Yàlla**!

**Gëm Yàlla, lu muy tekki**? Ni ngeen ko war a xame, Mbindi yonent yi, ci làkku ebrë lañu ko binde. Ci ebrë baatu ‛gëm’ mooy ‛AMAN’ fi ñu jële sunu baatu ‛**Amiin**’. Soo waxee ‛Amiin’ yaa ngi naan: ‛Waaw! Dëgg la!’ Loolu mooy ngëm. Bi Yàlla digee Abram dara, Abram, ci biir xolam, tontu ko ne: ‟Amiin!” **Ci kaw**

**‟Amiin” googu ci Kàddug Yàlla la Yàlla àttee Abram ni ku jub!**

Yaw nag? Ndax bëgg nga Yàlla àtte la ni ku jub, ni mu ko àttee woon Abram? Kon, fàww nga gëm Yàlla ni ko Abram gëme woon. **Fàww nga gëm li Yàlla wax, su fekkee ne sax yombul**! Fàww nga nangu kàddug Yàlla giy dëgg gi, su fekkeente ne sax say mbokk, walla say xarit, walla keneen ku mu man a doon, gëmu ko! Yàlla bëgg na la sol njubteem, may la sañ-sañu nekk ci jetaayam bu sell ba fàww, wànte **fàww nga gëm kàddoom**! Ndaxte Mbind mu sell mi dafa ne:

‟*Ku amul ngëm doo man a neex Yàlla!*” **(Yt 11:6**) Te ‟*ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.*” **(Ef 2:8,9**)

‟*Sunu maam Ibraayma, mi nu soqikoo; nu mbiram tëdde? Bu fekkoonte ne Ibraayma, ci kaw i jëfam la ko Yàlla àttee ni ku jub, kon am na lu mu ci man a damoo. Waaye demewul noonu ci kanamu Yàlla. Lan la Mbind mi wax ci loolu? Nee na: **Ibraayma gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub**.*” **(Ro 4:1-3**)

Waaw, Abram gëmoon na Kàddug Yàlla. Loolu rekk a tax Yàlla jagleel ko njub. Waaye li gën a neex ci loolu lépp mooy li ñu bind ne: ‟Yàlla àtte na ko ni ku jub!”; du Abram rekk a moom wax ji. **Nun itam** ci wax jooju lanu bokk. **Yàlla dina nu jagleel njubam gu mat sëkk gi – su nu gëmee Xebaaru Yàlla bu baax bi** ci mbirum Rammukat bi soqikoo ci askanu Ibraayma.

Yaw nag, **ndax gëm nga Yàlla ci dëgg-dëgg**? Laajunu, ndax gëm nga ne **Yàlla am na** walla **ndax Yàlla kenn la**. Ngëm gu ni mel, Mbind mi dafa ciy wax naan: ‟*Gëm nga ne Yàlla kenn la; loolu lu baax la, waaye xamal ne, **jinne yi it gëm nañu loolu**, ba dañoo tiit bay lox.*” **(Sa 2:19**) Seytaane moom ci boppam gëm na ne, Yàlla kenn la! Gëm ne Yàlla kenn la, taxul Yàlla baal la say bàkkaar te àtte la ni ku jub! Li Yàlla bëgg, mooy **nga gëm te nangu kàddoom**. Yàlla dafa bëgg wax ak yaw jaarale ko ci Mbindi yonent yi. Dafa bëgg nga xam te gëm xebaaru mucc, bi wone ni nga man a jube ba fàww fa kanam Yàlla Aji Sell ji!

Sunu mbokk, **ndax Yàlla sol na la njubteem**? Walla dangay mbubboo diine rekk?
Yaa ngiy déglu kàddug Yàlla gu wóor gi? Walla kàdduy nit kese ngay déglu?
**Ndax xam nga** li Mbind mu Sell mi yégle ci lu jëm ci yoonu mucc, wu jub, wi Yàlla tëral? **Ndax gëm nga ko**?

Abram moom, gëmoon na kàddug Yàlla, ba tàggoo ak i mbokkam, ak diiney baayam! Waaye looloo tax tembe ñu koy woowe: ‛***xaritu Yàlla***’! Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: ‟*Ibraayma **gëm na Yàlla**, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub, ba ñu koy woowe **xaritu Yàlla**!*” **(Sa 2:23**) Yaw nag, ndax xaritu **Yàlla** nga, walla xaritu **àddina**?

Fii lanuy yem tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, di leen jox dox-daje njàng miy ñëw, ngir gëstu ci nettalib Abram ak Ismayla. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mu sell mi wax, naan: ‟***Ibraayma gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub, ba ñu koy woowe xaritu Yàlla!***” **(Sa 2:23**)

# 20  Ibraayma – III. Ismayla

(Njàlbéen ga 16,17)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Am na léegi ñaari njàng ba nu tàmbalee gëstu ci Mbind mu Sell mi ci mbirum yonent Yàlla Ibraayma. Ci bu jëkk, Ibraayma tuddul woon Ibraayma, waaye Abram. Waaye ci sunu njàngum tey, **dinanu gis lu tax Yàlla soppi turu Abram, mu nekk Ibraayma**.

Tey indi nanu **nettali bu tiis**, biy feeñal ni Abram defe woon lu neexul Yàlla. Am na ñuy xalaat ne, yonent Yàlla yi mësuñu def bàkkaar mukk. Waaye kàddug Yàlla ne na: "*Ñépp a yem fa kanam Yàlla. **Ñépp a bàkkaar**!*" **(Ro 3:22-23**) te "*su nu waxee ne defunu bàkkaar, teg nanu [Yàlla] kuy tebbi waxam, te kàddoom duggagul ci sunu xol*." **(1Yow 1:10**)

Gisoon nanu ba noppi, ni bàkkaaru Aadama lawe ba ci nit ñépp – mag, ndaw; góor, jigéen; yéefar ak yonent. Kenn nit rekk a taqul woon ci bàkkaaru Aadama. Mooy **Rammukat bu sell**, bi Yàlla yónni ngir musal bàkkaarkat yi. Mënul a def bàkkaar, ndaxte ci kaw la jóge – ci jetaayu Yàlla Aji Sell ji. Musalkatu Àddina si judduwul woon ci góor, ni yeneen doom Aadama yi, wànte ci janq; ci kàttanug Yàlla. Looloo tax mu yeyoo woon deewal bàkkaarkat yi, "moom mi jub ngir ñi jubadi, ngir yóbbu leen fa Yàlla." **(1Pi 3:18**)

Ci sunu njàng mi weesu nag, gisoon nanu ni **Yàlla digee woon barkeel Abram**, def ko baayu xeet wu yaa, wu Rammukat bi naroon a soqikoo. Wànte Abram di ku màggat, moom ak jabaram, te amuñu jenn doom, waaye loolu taxul Abram sikki-sàkka ci waxu Yàlla. Wànte tey jii, dinanu gis ne, fukki at ginnaaw ba Yàlla jëkkee dige def ak Abram xeet wu bees, **Abram doon na fexe dimbali Yàlla ngir amal li mu ko digoon**. Wànte li Abram defoon, ci ñàkk-muñam, juroon na jafe-jafe ak tiis.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci Tawreet, ba gis ni Abram jëfe woon ngir fexee am doom ji ko Yàlla digoon. Nu ngiy jàng ci saar fukk ak juróom-benn ci téereb Njàlbéen ga. Mbind mi ne na:

"*Sarayi amul woon doom ci jëkkëram Abram. Te fekk, amoon na jaam, bu juddoo Misra te tudd **Ajara**. Sarayi ne Abram: Déglul ma wax la; Aji Sax ji deful ma am doom. Kon nag, maa ngi lay ñaan, nga dem ci sama jaam bi, ndax Yàlla def, mu jural ma doom. Abram nag dégg waxu Sarayi. Loolu amoon na, gannaaw ba Abram dëkkee fukki at ca réewum Kanaan. Sarayi daldi jël jaamam Ajara, jox ko Abram jëkkëram, ngir mu ànd ak moom. Noonu Abram dem ca Ajara, mu daldi ëmb. Ajara nag, bi mu yégee ëmb bi, mu daldi xeeb sangam Sarayi. Kon Sarayi daldi wax Abram ne ko: Tooñ gi ma Ajara tooñ, yaa ma ko yóbbe! Jox naa la sama jaam, ngir nga dem ci moom, waaye bi mu yégee ëmb bi, daf maa xeeb. Na Aji Sax ji àtte sama diggante ak yaw! Abram tontu Sarayi ne ko: Sa jaam a ngi ci say loxo, def ko lu la neex. Sarayi nag daldi ko toroxal, ba Ajara daw ko fu sore*." **(Ge 16:1-6**)

Noonu, gis nanu ni bàkkaaru Abram jure wextan ak ay ci këram. Sarayi dafa iñaanoon ndax li Ajara ëmb, te Ajara mere Sarayi mi ko doon sonal, ba tax mu daw ko. Noonu Mbind mi ne na:

"*Ba [Ajara] dawee [Sarayi], malaakam Aji Sax ji gis ko ci wetu mbënn ca màndiŋ ma ... Mu ne ko: Yaw Ajara, jaamu Sarayi, foo bàyyikoo nii? ak foo jëm? Mu wuyu ko, ne ko: Damay daw ngir sore sama sang Sarayi. Malaakam Aji Sax ji ne ko: Dellul ci sa sang, te nga yem ciy loxoom. Mu waxaat ko ne: Dinaa yokk saw askan lool, **ba mu nekk mbooloo mu jéggi dayo**. Mu tegaat ca ne: Léegi jigéenu biir nga, te dinga jur doom ju góor; nanga ko tudde **Ismayla**, ndax Aji Sax ji dégg na saw naqar. Ismayla moomu nag dina nekk ci biir nit ñi, mel ni mbaam sëf mu amul boroom ca àll ba. Dina bañ ñépp, ñépp bañ ko, te **dina sore mbokkam yépp***." **(Ge 16:7-12**)

Noonu, Ajara dellu woon na ci Sarayi, sangam, ni ko ko malaakam Yàlla waxewoon. *"Ba loolu amee, Ajara daldi jural Abram doom ju góor. Abram tudde doom ja Ismayla. Fekk, ba Ajaray jur Ismayla, Abram a ngi amoon juróom-ñett-fukki at ak juróom-benn*." **(Ge 16:15,16**)

Noonu la **Ismayla** juddoo, moom mi di baayu Naar yépp. Wànte Ismayla du doom, ji Yàlla digoon Abram. Yéene ju rafet ji Yàlla amoon ngir def xeet wu bees ak Abram, soppikuwul woon. Yàlla yàkkamtiwul ni nit, wànte dina def lépp li mu dige, lu mu yéex-yéex ci sunu xalaat. Noonu, diirub fukki at ak ñett ginnaaw juddub Ismayla, Yàlla ne patt, waxul Abram dara! Waaye am bés, Yàlla waxaat ak moom.

Nanu jàng kon, ci saar fukk ak juróom-ñaar, ba xam li Yàlla wax Abram, gannaaw diir bu yàgg boobu. Li nu ciy jàng lu neex la. Mbind mi ne na:

*Ba Abram amee **juróom ñeent fukki at ak juróom ñeent**, am bés Aji Sax ji feeñu ko, ne ko: "**Man maay Yàlla mi man lépp!** Doxal ci sama kanam te nga mat sëkk. **Dinaa feddali sama kóllëre ak yaw, yokk la bu baax!**"*

*Ba mu ko déggee, Abram daldi sujjóot. Yàlla daldi wax ak moom ne ko: "Man sama kóllëre mu ngi ak yaw, dinga nekk baayu xeet yu bare. Saw tur dootul nekk Abram, waaye **Ibraayma**, ndax dinaa la def, **nga nekk baayu xeet yu bare**. Dinaa def ci yaw njaboot gu sakkan, génne ci yaw ay xeet ak i buur" Yàlla ne ko: "Dinaa feddali sama kóllëre fàww. Dinaa nekk sa Yàlla, yaw ak sa askan. Dinaa leen jox réew, mi nga nekk léegi di ab doxandéem, muy réewu Kanaan mépp, ngir ngeen moom ko ba fàww. Te dinaa nekk seen Yàlla!"*

*Gannaaw loolu, Yàlla waxaatoon na Ibraayma, ne ko: "Yaw nag, nanga sàmm sama kóllëre, yaw ak sa askan, say sët ba ci say sëtaat. Kóllëre gi ma fas ak yaw, ngir nga sàmm ko, yaw ak sa askan mooy lii: góor gu nekk ci yeen, war naa xaraf. Xaraf mooy **màndargam kóllëre googu** ma fas ak yaw. Xale bu góor bu am juróom ñetti fan, war naa xaraf...*" **(Ge 17:1-12**)

*Ba loolu amee, Yàlla daldi waxaat ak Ibraayma, ne ko: "Sa turu jabar dootul nekk Sarayi, waaye **Saarata**. Dinaa ko barkeel, jox leen doom. Waaw, dinaa ko barkeel ba **mu nekk yaayu xeet yu bare**, tey buur sax dinañu génn ci moom."*

*Bi Ibraayma déggee loolu, mu daldi sujjóot, ree, laaj ci xolam: "Ndax góorug téeméeri at dina man a am doom? Ndax Saarata mi am juróom ñeent fukki at dina manatee am doom?" Ibraayma daldi tontu Yàlla, ne ko: "Tee ngaa saxal Ismayla ci sa kanam!"*

*Yàlla ne ko: "Ci lu wér, Saarata sa jabar dina am doom ju góor ci yaw te nga tudde ko **Isaaxa. Ci moom laay feddalee sama kóllëre, mu nekk kóllëre fàww ngir askanam. Ci lu jëm ci Ismayla**, nangul naa la. Dinaa ko barkeel, jox ko njaboot gu sakkan, yokk ko bu baax. Dina jur fukki kilifa ak ñaar yu mag, te **ma génne ci moom it xeet wu yaa**. Waaye **sama kóllëre, ak Isaaxa laa koy feddali**, Isaaxa mi Saarata di jur, bu waxtu wi dellusee déwén.*" **(Ge 17:15-21**)

Fii lanu war a yem tey ci njàngum Mbind mi. Gis nanu ni Abram dégge woon waxu jabaram, ba ànd ak Ajara, jaamam. Li Abram defoon tooñ la. Te doom ji juddoo ci moom ak Ajara, di Ismayla, jotewul woon dara ak yéene ji Yàlla amoon ngir def ak Abram xeet wu bees wi nar a barkeel xeeti àddina yépp. Wànte **ñàkk kóllëreg nit mënul a fanq kóllëreg Yàlla**. Noonu, ba Abram amee juróom-ñeent-fukki at ak juróom-ñeent, Yàlla feeñuwaat ko, di feddali li mu ko digoon bu yàgg. Mu ne ko: "*Man maay Yàlla mi man lépp! ...Dinga nekk baayu xeet yu bare. Saw tur dootul nekk Abram, waaye Ibraayma, ndax dinaa la def nga nekk baayu xeet yu bare*." Ci yéeneem ju rafet la Yàlla soppee turu Abram, mu nekk **Ibraayma**, liy tekki: ***baayu ñu bare**!* Te itam Yàlla soppi woon na turu Sarayi, mu nekk **Saarata**, liy tekki: '***doomu buur***'.

Am na fi lu neex lool. Ñaari màgget lanuy xool, yu amul seen doomu bopp, di Abram ak Sarayi. Te léegi Yàlla jox na leen tur yu bees ngir yégle li ñu nar a nekki. Abram tudd Ibraayma, liy tekki: '*baayu ñu bare*' te Sarayi tudd Saarata, maanaam '*doomu Buur*', ndaxte Yàlla fas na yéene may leen **doom**, ak **xeet wu bees**

ci doom jooju. Te ci xeet woowu la **buur yu bare ak yonent yu bare** war a soqikoo, ak ci muj ga, **Musalkatu Àddina si**. Ci dëgg-dëgg, Yàlla Aji Sax ji ku màgg la, te yelloo ndam ba fàww! Fàttewul li mu digoon Ibraayma bu yàgg.

Léegi nag, lan la Ibraayma defoon, bi mu déggee Yàlla digaat ko doom, ci seenug màggat? Mbind mi ne na:

‟*Bi Ibraayma déggee loolu, mu daldi sujjóot, ree, laaj ci xolam: Ndax góorug téeméeri at dina man a am doom? Ndax Saarata mi am juróom ñeent-fukki at dina manatee am doom*?”

**Ibraayma ree woon na**. Wànte ngëmadi taxul. Bànneex a ko waraloon. Noonu Mbind mi ne na:

‟*Ibraayma dafa jàppoon ci ngëmam, di yaakaar, fekk bunti yaakaar yépp tëju. Moo tax mu nekk baayu xeet yu bare, ni ko Mbind mi waxe ne: Noonu la sa askan di meli. Mu xool yaramam, xam ne dee rekk a ko dese, ndax mi ngi tollu woon ci lu mat téeméeri at, waaye ba tey ngëmam wàññnikuwul. Mu xam it ne, Saarata mënatul a ëmb. Waaye* ***loolu taxul ngëmadi jàpp ko, ba muy werante ci waxu Yàlla; ngëmam sax di gën a dëgër, mu daldi sant Yàlla, mu wóor ko ne, loolu ko Yàlla dig, Yàlla man na koo def****. Moo tax Yàlla jagleel na Ibraayma njub*.” **(Ro 4:18-21**)

Wànte Ibraayma bëggoon na xam luy xew ak Ismayla, doomu Ajara, jaamam bi. Yàlla tontu ko ne:

‟*Ci lu jëm ci Ismayla, dinaa ko barkeel,* ***jox ko njaboot gu sakkan, yokk ko bu baax****. …Wànte ci lu wér, Saarata sa jabar dina am doom jur góor ci yaw te nga tudde ko* ***Isaaxa****.* ***Ci moom laay feddalee sama kóllëre, mu nekk kóllëre fàww*** *ngir askanam*.” **(Ge 17:20,19**)

Noonu, Yàlla won na Ibraayma ne, yonent yi ak Rammukat bi ci boppam, ñu ngi war a jaar ci askanu Isaaxa. Ci coobareg Yàlla nag, ci njàng mi di ñëw, dinanu gis ni Aji Sax ji maye woon Ibraayma ak Saarata doom, na mu leen ko dige woon tembe.

Ci lu wóor, **Yàlla Kuy sàmm kóllëre la**! Li mu dige woon, moom lay def! Dara tëwu ko! Dégluleen aaya yu rafet, yii nekk ci Linjiil bu sell bi:

‟*Xelum Yàlla ni mu xóote, ak xam-xamam ni mu baree, ba raw xelum nit.*
*Kan moo muus, ba xam dogalam? Walla nga am xel, ba nànd ay jëfam?*
*... Ana ku xam xalaatu Boroom bi? Ku ko doon digal?*
*... Ku ko mas a jox dara, ba mu war laa delloo?*
*Ndaxte ci moom la lépp sosoo, ci moom la lépp di jaar, ci moom la lépp di dellu.*
***Moo yelloo ndam ba fàww****. Amiin!*” **(Ro 11:33-36**)

Jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi tollu tey, ci sunu ñaar-fukkeelu njàng te di leen fàttali ne, dajale nanu njàng yépp ciy kaset. Su fekkee ne bëgg ngeen leen a am ngir dégluwaat li nu jàngagum, man ngeen nu bind te dinanu leen wax naka ngeen man a def ngir am leen. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel, te ngeen xalaatandi ci li Mbind mii tekki: ‟***Su nu ko ñàkkee kóllëre, [Yàlla] moom dina sax ci kóllëreem, ndax mënul a weddi boppam!***” **(2Tim 2:13**)

# 21  Ibraayma – IV. Yàqu Sodom ak juddub Isaaxa

(Njàlbéen ga 18-21)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci sunuy gëstu ci Tawreet, gisoon nanu ba noppi ni Yàlla woowe Ibraayma, ngir mu nekk baayu xeet wu bees, wu yonent Yàlla yi ak Musalkatu Àddina si nar a soqikoo. Waaye, ba fi nu tollu ci nettali bi, Saarata, jabaru Ibraayma, taawloogul, te moom ak Ibraayma màggat yu kumur lañu woon.

Tey jii nag, nettali bu doy waar lanu leen indil. Ci ndoortel nettali bii, dinanu gis ñetti nit ñu ganesi Ibraayma. Wànte ñetti nit ñooñu, ëpp nañu nit kese, ndaxte ñaar ci ñoom, ay **malaaka** lañu, te ki ci des, mooy **Yàlla Aji Sax ji moom ci boppam**! Am na ñuy xalaat ne, Yàlla mënul a feeñ ci kaw suuf ci bindu nit, wànte juum nañu, te fàtte ne, amul dara lu të Yàlla! Yàlla man na lépp. Njubadi rekk mooy li Yàlla mënta def.

Tey nag, fas nanu jàngandoo ñeenti saar ci Tawreet. Ci téereb Njàlbéen ga, ci saar fukk ak juróom ñett nag, Mbind mi ne na:

*Amoon na bés* ***Aji Sax ji feeñu Ibraayma*** *ca garab yu mag yu Mamre. Dafa toogoon ca buntu tàntam ca waxtuw njolloor. Mu daldi siggi, xool,* ***gis ñetti nit*** *ñu taxaw ca kanamam. Ibraayma daldi daw gatandu leen, mu sujjóot ci seen kanam. Mu daldi wax ne, Sama Boroom, man miy sa jaam, maa ngi lay ñaan, bu fekkee nangul nga ma, bu fi jóg. May ma ma indil leen mburu ak ndox, ngeen jàngu te noppalu ci ron garab gi, ndax ngeen amaat doole, door a songaat yoon wi. Ndax loolu moo tax ngeen ñëw ci seen jaam. Ñu tontu ko, ne ko: Nga def noonu.* **(Ge 18:1-5**)

*Ibraayma daldi...jël dax ak soow, ak sëllu wa mu defar, teg ko ci seen kanam. Mu taxaw ci seen wet ca ron garab ga, ñu daldi lekk. Ba ñu lekkee ba noppi, ñu laaj ko, ne ko: Saarata, sa jabar, ana mu? Mu ne leen: Mu ngi fi ci tànt bi. Ki wax ak Ibraayma ne ko:* ***Ci lu wér, bu waxtu wii dellusee déwén dinaa ñëwaat ci yeen, te Saarata sa jabar dina am doom****. Saarata nag nekk ci ginnaawam ci biir tànt bi di déglu. Fekk Ibraayma mook Saarata dañoo bare ay at ba màgget. Saarata mënatul a yaakaar am doom. Kon Saarata daldi ree ci boppam, mu ne: Ak ni ma màggete, ndax manati naa am bànneex ci sama jëkkër? Te sama jëkkër moom it màgget na ni man*! *Aji Sax ji daldi wax Ibraayma ne ko: Lu tax Saarata ree, te mu laaj ne, Ndax dinaa am doom, man mi màgget? Ndax am na dara lu të Aji Sax ji? Ci jamano ji ma la waxoon, maanaam bu waxtu wii dellusee déwén, dinaa ñëwaat ci yeen, te Saarata dina am doom! Ba mu déggee loolu, Saarata daldi fen ne: Reewuma de! Ndaxte dafa tiit. Waaye Aji Sax ji tontu ko, ne ko: Ree nga kay*! **(Ge 18:6-15**)

*Gannaaw loolu, Aji Sax ji daldi wax ne:* ***Bàkkaari [dëkki] Sodom ak Gomor dañoo bare****, ba seen yuux egg na ba fi man. Dinaa fa wàcc nag, ma seet ndax def nañu lépp li ma dégg ci ñoom, am defuñu ko. Góor ña nag (maanaam ñaari malaaka ya) daldi dem, jublu Sodom,* ***waaye Ibraayma taxaw ba tey ci kanamu Aji Sax ji****.*

*Noonu, Ibraayma jege ko, ne ko: Ndax dinga boole ku jub ak ku jubadi, rey leen? Ndax su juróom-fukk rekk jubee ca dëkk ba, dinga leen reyaale. Ndax doo man a baal dëkk ba ndax juróom-fukk ñu jub ña ca nekk? Yemale ku jub ak ku jubadi, ba boole leen rey, na la jëf boobu sore! Mukk!* ***Yaw miy àtte àddina, ndax du lu jub rekk nga war a def****? Aji Sax ji tontu ko, ne ko: Bu ma gisee ci Sodom,* ***juróom-fukk*** *ñu jub, dinaa baal waa dëkk bi yépp ndax ñoom.*

*Ibraayma daldi waxaat ne: Man mi ñeme, wax naa ak yaw Boroom bi, man mi nekkul lu dul suuf ak pënd! Xanaa ci juróom-fukk ñooñu jub, su yéesee lu tollook juróom rekk nag? Ndax dinga tas dëkk bi ndax juróom ñooñu? Aji Sax ji daldi ko tontu, ne ko: Su ma fa gisee* ***ñeent-fukk ak juróom*** *ñu jub, duma ko tas.*

*Ibraayma daldi waxati ne: Bu fa ñeent-fukk ñu jub rekk amee nag? Aji Sax ji tontu, ne ko: Duma def dara ndax **ñeent-fukk** ñooñu.*

*Ibraayma jëlaat wax ja, mu ne: Yaw Boroom bi, bu ma mere, Dinaa ci teg lii. Su fa fanweer ñu jub rekk amee nag? Aji Sax ji ne ko: Bu fa **fanweer** ñu jub amee, kon duma def dara.*

*Ibraayma daldi waxati ne: Léegi man mi ñeme, maa ngi wax ak yaw Boroom bi! Su dee ñaar-fukk rekk la? Aji Sax ji tontu ko: Duma ko tas nag ndax **ñaar-fukk** ñooñu.*

*Ibraayma daldi waxati, mu ne: Yaw Boroom bi, bu ma mere, bii yoon rekk laay wax te noppi. Léegi, su dee fukk doŋŋ nag? Aji Sax ji tontu ko: Kon duma tas dëkk bi, ndax **fukk** ñooñu jub.*

*Noonu, Aji Sax ji daldi jeexal waxam ak Ibraayma, dem. Ibraayma it daldi ñibbi këram.* **(Ge 18:20-33**)

*Ba loolu amee, ca timis, ñaari malaaka ya dikkoon nañu **Sodom**. Fekk **Lóot** toog ca buntu dëkk ba. Ba leen Lóot séenee, mu jóg gatandu leen. Mu daldi sujjóot ci seen kanam, ne leen: Samay kilifa, maa ngi leen di ñaan, ngeen dugg ci sama kër, man miy seen jaam, ngeen jàngu, fanaan fi, ba suba teel ngeen xëy jël seen yoon. Waaye ñu tontu ko: Bàyyil, nu fanaan ci mbedd mi.*

*Waaye Lóot gétën leen, ba ñu ñëw këram mu ganale leen. Lóot daldi leen defal bernde, mu lakkal leen mburu yu amul lawiir, ñu daldi lekk. Waaye bi ñu laata tëdd, góori Sodom, mag ak ndaw, daldi jóge ca gox bu nekk, ñëw wër kër ga. Ñu daldi woo Lóot, ne ko: Ana gan yi ñëw sa kër ci timis? Indil nu leen fi, ndax nu man leen a xam!*

(Dañu leen bëggoon a tëdde ndaxte ay góor-jigéen lañu woon!)

*Lóot daldi génn ca ñoom ca buntu këram, tëj bunt ba ci gannaawam. Mu ne leen: Samay mbokk, maa ngi leen di ñaan, buleen def **lu bon loolu**. ...Buleen def dara góor ñii, ndaxte samay gan lañu! Ñu tontu ko, ne ko: Jógeel foofu yaw. Ñu teg ca it ne: Waa jii, dafa ñëw sanc sunu dëkk, léegi day bëgg teg boppam àttekat! Léegi nag, dinanu la def lu raw li nu bëggoon a def say gan! Ñu daldi song Lóot, ñëw ca bunt ba ngir dàjji ko. Wànte góor ña (maanaam ñaari malaaka ya) tàllal seeni loxo, dugalaat Lóot ca kër ga, tëj bunt ba. Te ñu gumbaal nit ña nekkoon ca buntu kër ga, mag ak ndaw, ñu daldi làmbatu bunt ba ba sonn, bàyyi.* **(Ge 19:1-11**)

*Ba loolu amee, góor ña wax Lóot ne ko: Boo amee mbokk ci dëkk bi, muy goro, mbaa doom ju góor mbaa ju jigéen; koo fi am, génne ko fi, **ndax dinanu ko tas. Seen yuux màgg na lool ci kanamu Aji Sax ji**, ba tax mu yónni nu ngir nu tas ko! Lóot daldi génn, wax ak goroom ya naroon a takk ay doomam yu jigéen, ne leen: Jógleen te génn dëkk bi, ndaxte Aji Sax ji dina ko tas! Waaye ñu defe ne dafay foontu.*

*Ba fajar xaree nag, malaaka ya daldi lakkal Lóot, ne ko: Jógal te nga jël sa jabar ak sa ñaari doom yu jigéen yii, ngir, bu Yàlla tasee dëkk bi, ngeen bañ cee sànku! Ba muy yeexantu nag, góor ñooñu daldi jàpp loxoom, mook jabaram, ak ñaari doomam, ndaxte Aji Sax ji daf koo yërëm. Ñu génne ko, teg ko ci ginnaaw dëkk ba. Ba ñu leen génnee, kenn ci ñoom ne ko: **Dawal sa xélu bakkan, bul geestu, bul taxaw fenn ci joor gi. Dawal ca tund wa, ngir mucc ci dee!*** **(Ge 19:12-17**)

***Noonu, Aji Sax ji ci kaw daldi tawloo tamarax ak safara ci Sodom ak Gomor, ndax moom la dogal**. Mu daldi tas dëkk ya yépp ak ña fa dëkkoon, ak joor ga gépp ak la fa saxoon. Waaye jabaru **Lóot geestu, mu daldi soppaliku jànjub xorom**.*

*Ca ëllëg sa, **Ibraayma jóg ci suba teel, dem ca bérab ba mu taxawe woon ca kanamu Aji Sax ji**. Mu daldi xool ci Sodom ak Gomor, ak ci joor gi ba fu mu yem, gis saxar su jóge ci suuf si mel ni saxaru fuur. Waaye bi Yàlla tasee dëkki joor ga, mu xalaat ci Ibraayma, te mu musal Lóot ci dogalam, bés boobu mu tasee dëkk*

*yooyu Lóot sancoon*. **(Ge 19:24-29**)

Léegi nag, ci jot gi nu dese tey, bëgg nanu jëm kanam ci Tawreet ba gis ni **Yàlla joxe Ibraayma ak Saarata doom, ba amal li mu leen digoon**. Ci saar ñaar-fukk ak benn, Mbind mi ne na:

*Ba loolu amee, Aji Sax ji ñëw ci Saarata* ***ni mu ko waxe woon****, defal ko* ***li mu ko waxoon****. Noonu Saarata daldi ëmb, am doom ak Ibraayma bi mu màggetee,* ***ci jamano ji ko Yàlla waxoon****. Ibraayma tudde doom ja Saarata jur: Isaaxa. Ba doomam Isaaxa ame juróom-ñetti fan, Ibraayma daldi ko xarafal, ni ko ko Yàlla digale woon. Ba Isaaxa juddoo, booba* ***Ibraaymaa ngi woon ci téeméeri atam****. Saarata daldi ne: "Yàlla bégloo na ma, ba ma ree, te ñi ko dégg ñépp dinañu ree ak man!" Mu daldi waxaat ne: "Am naa doom ci Ibraayma bi mu màggetee! Ana ku manoon a wax Ibraayma ne ko, Saarata dina nàmpal?*" **(Ge 21:1-7**)

Noonu, la Yàlla matale li mu digoon Ibraayma ak Saarata bu yàgg! Saarata mi ñu doon wooye ki mënul a am doom, jur na doom ju góor, **ni ko Yàlla waxe woon**! Ñu tudde ko **Isaaxa**; liy tekki: '*Mu ngiy ree*'. Waaye du ñépp ñooy bég ci juddub Isaaxa. Moom la Mbind mi wax, ne:

*Ba [Isaaxa] màggee, am na bés ñu feral ko. Bés boobu nag Ibraayma defoon na bernde gu mag. Te doom, ja Ajara mi jóge Misra amoon ak Ibraayma, di Ismayla, teewe na ko. Te Saarata* ***daldi gis Ismayla, muy foontoo doomam Isaaxa****. Saarata wax nag Ibraayma ne ko: "Dàqal jaam bi ak doomam, ndax doomu jaam bi du bokk ak sama doom ndono. Loolu Saarata wax, naqari Ibraayma ndax Ismayla doomam. Waaye Yàlla ne Ibraayma: Bul am naqar ndax waxambaane wi ak sa jaam, waaye nga déglu Saarata ci lépp lu mu la ñaan, ndaxte saw askan, ci Isaaxa lay jaar. Te ci doomu jaam bi it, dinaa ci def xeet, ndaxte yaa ko jur." Ba mu ko déggee nag, Ibraayma jóg ci suba teel, jël mburu ak mbuusum ndox, gàdduloo ko Ajara.* ***Mu jébbal ko itam Ismayla, yebal ko, mu dem****.* **(Ge 21:8-14**)

Demu Ismayla, metti woon na lool ci Ibraayma, waaye noonu la war a ame, ndaxte Yàlla won na ko ne, xeet wu bees wi, ak Musalkatu Àddina si, ci **Isaaxa** lay jaar – te du ci Ismayla. Ismayla, mi amoon lu war a tollu ci fukki at ak juróom, foontoo woon na Isaaxa, te **faalewul pexem Yàlla** ngir def ak Isaaxa xeet wu yaa, wi war a indi mucc ci àddina si.

Lu xewoon nag ak Ismayla? Aaya yi ci topp dañu nuy won ni mu ànde ak yaayam, dëkk ca màndiŋu Misra, takk jabar ca réewu Misra. Ismayla mooy baayu xeetu Naar yi, ñu nekk it nooni xeetu Isaaxa ni ko Yàlla waxe woon Ibraayma. Te ba tey, am na kujje diggante Naar yeek Yawut yi, ni ngeen ko xame!

Mbokk yi, jot gi nu am, jeex na tàkk. Waaye yaakaar nanu ne, yeen ñépp gisaat ngeen tey ne, Yàlla Aji Dund ju dëggu ji mooy **Yàlla ju takku**, ji mënul tebbi waxam. Moo tax mu àtte dëkku Sodom, **ni mu ko waxe woon**, te jox Ibraayma ak Sarayi doom ci seen màggat, **ni mu ko digee woon** bu yàgg.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Nu ngi leen di ñaan ngeen def lépp ngir déglu nu njàng mi di ñëw, ndaxte, bu sóobee Yàlla, dinanu gëstu ci nettali bi ëpp maanaa ci mbirum Ibraayma! Mooy nettalib Tabaski.

Kon, na leen Yàlla barkeel. Su fekkee ne am ngeen ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Ba beneen yoon. Xalaatleen ci li Mbind mu sell mi wax, naan: "***Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar!***" **(2Pi 3:9**)

# 22 Yonent Yàlla Ibraayma – V. 'Tabaski!'

(Njàlbéen ga 22)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunuy njàng ci Tawreet, doon nanu gëstu ci nettali yu neex te am maanaa ci yonent Yàlla Ibraayma. Wànte tey, agsi nanu ci nettali bi ëpp maanaa ci dundam. Mooy nettali 'Tabaski' bu wóor bi ak li mu tekki.

Ci sunu emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ni Yàlla joxe Ibraayma ak Saarata doom ci seen màgget, ba amal li mu leen digoon bu yàgg. Doom jooju mu ngi tuddoon Isaaxa. Yàlla digoon na Ibraayma ne, dina jaarale ci askanu Isaaxa xeet wu bees, wu barkeb Yàlla nar a jaar, jëm ci xeeti àddina yépp. Gisoon nanu it ayu-bés gi weesu, ni Ismayla ak yaayam, Ajara, jógee kër Ibraayma, dem dëkk ci réewu Misra. Noonu, Isaaxa kese des ca kër ga, moom mi juddu ci kaw digu Yàlla.

Amoon na bés nag, Yàlla wax Ibraayma, mu def lenn loo xam ne, lu doy waar la te metti lool. Nanu dellusi léegi ci Tawreet, téereb Njàlbéen ga. Dinanu jàng, tey, ci saar ñaar-fukk ak ñaar. Mbind mi ne na:

"*Amoon na bés, Yàlla doon na nattu Ibraayma, mu ne ko: Ibraayma! Mu tontu ne: Maa ngii. Yàlla ne ko: Jëlal sa doom Isaaxa, jenn ji nga am te nga bëgg ko, nga dem ca réewu Morisa ca tund wa ma lay wax, **joxe ko fa, mu nekk sarax su ñuy lakk**.*" **(Ge 22:1,2**)

Lan!? Lu Yàlla doon wax Ibraayma? Mu ngi ko doon sant, mu jël doomam ji mu bëgg, yóbbu ko ci tund wu sore, rendi ko fa, jébbale ko ni sarax su ñuy lakk! Naka la loolu manoon a ame? Ibraayma mi xaaroon te muñ ñaar-fukki at ak juróom sooga am doom ji ko Yàlla digoon, léegi Yàllaa ngi koy wax mu saraxe ko! Ibraayma nag, naka la wuyoo woon Yàlla? Ndax werante naak waxi Yàlla ndax li mu jafee nangu? Dégluleen tontu Mbind mi:

"***Noonu Ibraayma jóg ci suba teel**, takk mbaamam, ànd ak ñaari surgaam ak doomam Isaaxa. Mu xar matt ma ngir sarax su ñuy lakk, daldi jóg, **jëm fa ko Yàlla wax**.*" **(Ge 22:3-4**)

Diirub ñetti fan nag, Ibraayma ak doomam ak ñaari surga ya, di dox, di dox, di dox, jëm ca tund, wa ko Yàlla wax. Xolu Ibraayma fees dell, bi muy jege bérabu tiitaange, ba mu waroon a rendee doomam ji mu bëgg te lakk ko! Waaw, nun ñiy jàng nettali bi tey, xam nanu ne, Yàlla dafa doon nattu Ibraayma rekk, ngir wone fu ngëmam tollu, wànte Ibraayma moom xamul woon loolu! Li ko Yàlla santoon, nattu bu tàng te metti la woon!

Léegi nanu jàng, jëm kanam. Mbind mi ne na:

*Ca ñetteelu fan ba Ibraayma daldi xool, séen bérab ba fu sore. Mu ne surga ya: Toogleen fii ak mbaam mi; man ak waxambaane wi nu dem ba fale, màggal Yàlla te dellusi ci yeen. Ibraayma jël matt ma ngir sarax sa, jox ko Isaaxa doomam, mu gàddu ko; moom mu yor ci loxoom safara sa ak paaka ba.*

*Noonu ñu ànd ñoom ñaar.*

*(Bi ñuy yéeg tund wa,) Isaaxa ne Ibraayma baayam: "Baay!" Mu tontu ko: "Waaw, sama doom." Isaaxa ne ko: "Safara saa ngii, matt maa ngi, waaye **ana mbote mi** ngir sarax si?" Ibraayma ne ko: "**Sama doom, Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi ngir sarax si**."*

*Noonu ñu ànd ñoom ñaar.*

*Ba ñu eggee fa ko Yàlla wax, Ibraayma dajale ay doj ngir rendikaayu sarax; mu teg ca matt ma, daldi yeew Isaaxa doomam, teg ko ci kaw matt ma ca rendikaay ba. Ibraayma tàllal loxoom, daldi jël paaka ba, ngir rendi doomam. Waaye malaakam Boroom bi tollu ci asamaan woo ko, ne ko: "Ibraayma!" Mu tontu ko: "Maa ngii!" Malaaka ma ne ko: "Bul jëmale sa loxo ci waxambaane wi; bu ko def dara, ndaxte léegi xam naa ne, ragal nga Yàlla, ci li nga ma gàntuwul sa jenn doom ji nga am!"*

*Ba mu ko déggee, Ibraayma geestu, gis ci ginnaawam* ***kuuyum xar, mu béjjén ya lonku ci as ngarab****. Ibraayma dem, daldi jël kuuy ma, joxe ko, mu wuutu doomam, nekk sarax su ñuy lakk. Noonu* ***Ibraayma tudde bérab boobu: Yawe-Yire*** *(muy tekki: Boroom bi dina ko indi). Moo tax ñuy wax ba tey: "****Ci tundu Boroom bi dina ko indi****.*" **(Ge 22:4-14)**

Nettali bii, bu am maana la te mat a leeral. Li nu bëgg a tekki tey mooy lii: Nettalib Tabaski, ñetti wàll la. **Wàllu 'historique', wàllu 'symbolique'**, ak **wàllu 'prophétique**'. Maanaam, ci nettali bii, dees ciy dégg li xewoon, li nettali Tabaski di misaal, ak ni muy yéglee li naroon a xewi.

Gis nanu tey ni Yàlla **nattoo woon ngëmu Ibraayma**, te **musal doomam ci dee**, jaarale ko ci xar mi ñu rendi woon. Loolu lépp xewoon na ci gox bi Yerusalem nekk tey, am na daanaka ñeenti junni at. Mooy wàllu '**historique**' bi ci nettali Tabaski.

Ci jot gi nu dese nag, danu bëgg a waxtaan ci wàllu 'symbolique' bi ak wàllu 'prophétique' bi. Jàng nanu ni Yàlla, ci njubteem, **daane woon doomu Ibraayma ngir mu dee**, te gannaaw loolu, ni ko Yàlla, ci yiwam, musale ci dee. Kàddug Yàlla dafa wax ne, **nun ñépp a mel ni doomu Ibraayma jooju**. Ay bàkkaarkat lanu, te yeyoo àtteb Yàlla. Waaye Yàlla sopp na nu, ba wallusi nu, indil nu pexe mu nu man a mucce. Lan mooy pexe mucc moomu? Nettali Tabaski daf nuy won ne, **yoonu mucc**, wi Yàlla tëral, mooy yoonu **Sarax su mat sëkk si**.

Ci nettalib tey bi, gis nanu ni Yàlla indee xar, ngir mu deewal doomu Ibraayma. Béjjéni xar maa nga lonku woon ci as ngarab, noonu deru xar ma xottikuwul. Su xar ma amoon benn sikk nag, dootul mën a wuutu doomu Ibraayma ci kaw rendikaay ba. Waaye sarax, si Yàlla indi woon, **xar mu mat sëkk** la.

Ci sunu jàng ci Tawreet, ci saar yu jëkk yi, jàngoon nanu ci mbirum yoonu mucc wi Yàlla ci boppam tëraloon. Ndax man ngeen ko fàttaliku? Gannaaw ba Aadama ak Awa bàkkaaree, Yàlla dafa dogaloon ne: Ndegam peyug bàkkaar mooy dee, mbaalug bàkkaar du am, bu deret tuuruwul. Kon, képp ku bëggoon ñu baal ko ay bàkkaaram, waroon na jël **mala mu sikkul**, rendi ko, jébbal ko Yàlla ni sarax su ñuy lakk. Noonu la mala, ma amul genn tooñ deewe, wuutu tooñkat ba. Ci kaw loolu rekk la Yàlla manoon a baale doomi Aadama seeni bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem.

Wànte leneen li ngeen war a xam mooy lii: Mbind mi wax na ne: Saraxi mala yi dañu doon "*misaal xéewal yi waroon a ñëw;* ***takkandeer*** *la ci yëf yu dëggu yi, waaye* ***du ñoom ci seen bopp****. ... Ndaxte deretu [mala yi] mënuñoo dindi bàkkaar yi.*" **(Yt 10:1,4**) Deretu mala mënul a nekk peyug bàkkaaru nit ba fàww, ndaxte maanaawu mala ak bu nit yemul.

Naka noonu, gis nanu ne, xar ma wuutu woon doomu Ibraayma ca rendikaay ba, **takkandeer la woon ci beneen sarax, su gën a màgg te gën a mat**. Kàddug Yàlla dafay wone ne, xar ma dee woon ci palaasu doomu Ibraayma, dafa doon **misaal Rammukat bu sell**, bi waroon a ganesi àddina, **deewal bàkkaarkat yépp**, ngir Yàlla man a baal képp ku ko gëm. Ci tënk, loolu mooy li xarum Tabaski di misaal. Takkandeer la ci Musalkat, bi Yàlla dige woon yónni ko ci àddina si ngir musal bàkkaarkat yi ci àtteem bu jub bi!

Ndax fàttaliku ngeen li Ibraayma waxoon doomam, ba ñuy yéeg tund wa? Mu ne ko: "***Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi*** *ngir sarax si.*" Te ndax fàttaliku ngeen li Ibraayma yégle woon, gannaaw ba mu rendee xar ma, lakk ko ci palaasu doomam? Dafa tudde bérabu sarax boobu: "*Boroom bi* ***dina ko indi!***" Te yonent Yàlla Musaa, mi bind Tawreet, teg ca ne: "*Moo tax ñuy wax ba tey: Ci tundu Boroom bi* ***dina ko indi****.*"

Lu waraloon loolu? Lu taxoon yonent Yàlla Ibraayma yégle ne: "Boroom bi **dina** ko indi!" te fekk Yàlla indi woon xar ma ba noppi? Lu tax Ibraayma waxul woon ne: "Santal Yàlla! **Indi na** sarax si!"? Ax, mbokk yi, **laaj bu am maanaa ngi noonu**, ndaxte tont li dafa ëmb xebaar bu baaxu kàddug Yàlla, te fàww ku nekk ci nun dégg ko, te gëm ko!!

Lu taxoon nag Ibraayma wax: "Boroom bi **dina** ko indi!"? Lii moo tax: **Ibraayma dafa doon yégle li naroon a xewi ca tund yooya**, fa xar ma wuutoo woon doomam ca rendikaay ba. Ci tënk, li Ibraayma doon yégle mooy: "Maa ngi sant Yàlla, ndaxte indil na ma xar, mu wuutu sama doom ci rendikaay bi. Wànte maa ngi leen di wax ne, benn bés ci tund wii, **Yàlla dina indi beneen sarax**, su gën saraxu xar mi musal sama doom ci paaka bi ak safara si tey jii. Waaw, sarax, si Yàlla war a indi, dina am doole ngir musal doom Aadama ci dee fàww ci safara su dul fey mukk! Yàlla dina wàcce Rammukat bu sell, mu dee ni sarax, moom mi amul tooñ, ngir ñi tooñ." Loolu kon, mooy xebaar bu baax, bi Ibraayma doon yégle, bi mu naan: "*Yàlla **dina indi**, moom ci boppam, **mbote mi** ngir sarax si.*"

Kon, bala nuy àggale nettalib Tabaski, na ku nekk ci nun xam ne, daanaka ñaari junni at gannaaw ba Ibraayma yéglee ne Yàlla dina indil bàkkaarkat yi Sarax su mat si sëkk, **Yàlla amal na li Ibraayma yéene woon**. Mënunu ci sore tey, wànte yeen ñi xam nettalib Rammukat bi, xam ngeen ni mu juddoo ci janq, bi askanoo ci Ibraayma ak Isaaxa, ni ko Yàlla digee woon tembe. Moom mi naroon a deewal bàkkaarkat yi, amul woon baay ci kaw suuf. Ci asamaan la jóge, te naka noonu, Moom, donnul bàkkaar bi nekkoon ci sunu maam Aadama. Amul woon bàkkaar, amul sikk. Looloo tax **mu yeyoo dee ni sarax**, wuutu tooñkat yi. Turu Musalkat boobu nag moo di ***Yeesu***. Turu Yeesu, mu ngiy tekki: '***Yàllaay musal***!' Yeesu moomu nag am ñeneen ñu koy woowe *Isaa*.

Amoon na benn yonent bu tudd Yaxya. Yàlla yónni ko, ngir mu xàll yoonu Musalkatu àddina si. Mu am bés, Yaxya gis Yeesu muy ñëw ci moom, mu ne: "*Xoolleen! **Kii mooy Mbotem Yàlla**, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!*" **(Yow 1:29**)

Lu taxoon Yonent Yàlla Yaxya wax ne, Yeesu mooy "*Mbotem Yàlla*"? Ndaxte tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar a taxoon Yeesu juddu. **Ni xar ma deewal doomu Ibraayma, Rammukat bi ñëw na ngir deewal nun ñépp**.

Naka noonu, Mbind mi day nettali ni Yeesu jébbale boppam ay noonam, ñu daaj ko ca bant ba. Te fa ñu ko daajoon mooy tund, wa xar ma wuutoo woon doomu Ibraayma. **Noonu la Rammukat, bi Yàlla indi woon, amale misaalu xarum Tabaski**. Looloo tax, laata Rammukat biy dee, mu wax ak baat bu dëgër, naan: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**) Te Yàlla firndeel na matug saraxu Rammukat bi, ci li mu ko dekkal ca néew ya ca ñetteelu fan ba!

Ci lu wóor, **Rammukat, bi jóge asamaan, mooy Sarax su mat te mujj, te Ibraayma doon ko yégle bu yàgg**, ba mu nee: "*Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi ngir sarax si.*" Noonu gis nanu ne, Yeesu mi tuuroon deretam ca tund wa Ibraayma rendeewoon xar ma, **Yeesu moomu mooy ki amal wàlli 'symbolique' ak 'prophétique' ci nettalib Tabaski**.

Kon nag, ci jamano tey jii, koo man a doon ak foo man a nekk, Yàlla santaane na, nga tuub say bàkkaar, te wékk sa yaakaar jépp ci Sarax su mat, si mu indi. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Gàddu na moom ci boppam sunuy bàkkaar ca bant, ba ñu ko daajoon, ngir nu tàggook bàkkaar, sóobu ci dund gu jub; ndax ay gaañu-gaañoom may na nu ag wér*." **(1Pi 2:24**) Tey, gis nanu ne, doomu Ibraayma, moom, nangu woon na sarax si ko Yàlla indil. **Yaw nag, ndax nangu nga Sarax su mat sëkk, si la Yàlla indil?**

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Rammukat bi mujjoon a yéene ca bant ba, bi mu ne: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**)

# 23 Esawu ak Yanqóoba: Bànneexu àddina ak barkeb àllaaxira

(Njàlbéen 25)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gëstu woon nanu ci **nettalib Tabaski**. Jàngoon nanu ni Yàlla nattoo Ibraayma, sant ko mu jël doomam Isaaxa, dem ciw tund wu sore, joxe ko fa, mu nekk sarax su ñuy lakk. Gisoon nanu ni Ibraayma déggale Yàlla, fekk sax Yàlla moo ko digoon ne, ci Isaaxa la xeet wu bees wi waroon a soqikoo! Noonu, gisoon nanu muj gu rafet, ga ko Boroom bi jagleel. Ibraayma mujul a rendi doomam, ndaxte Yàlla, ci yéeneem ju rafet, indi woon na kuuyum xar, ngir mu wuutu ko. Xar, ma amul woon genn tooñ, moo dee, te doomu Ibraayma mucc. Gisoon nanu ci nettali bu neex boobu ne, xar ma wuutu woon Isaaxa ca tund wa, misaal la woon ci Rammukat bu sell bi naroon a wàcc, dee ci tund woowu ci palaasu doom Aadama yépp. Loolu moo taxoon yonent Yàlla Ibraayma tudde tund woowu: Yawe-Yire, muy tekki: '**Boroom bi dina ko indi**!'

Am na yeneen nettali yu nekk ci Tawreet ci mbirum Ibraayma, wànte amunu jotu jàng lépp. Waaye bala nuy jóge ci nettaliy Ibraayma, di jàll ci mbiri sëtam ya, am na lenn lu Yàlla wax Ibraayma, te nu war ko xam. Amoon na bés, Yàlla wax Ibraayma li nar a xewi ak askanam. Mu ne ko:

"*Déglul bu baax li ma lay wax. **Saw askan dina nekk ay doxandéem ci réew mi ñu moomul**, ñu di leen def i **jaam, lakkal leen diirub ñeenti téeméeri at**. Waaye **réew moomu leen di def i jaam, dinaa leen àtte**. Bu loolu amee nag, **saw askan dina ca génn ak alal ju bare**.*"

Ci kàddu yooyu la Yàlla doon yéglee ni askanu Ibraayma naroon a nekke ay jaam ci réewu Misra. Wànte Yàlla dige na it ne, ginnaaw ñeenti téeméeri at yooyu dina leen goreel ci nootaangeg waa Misra. Kon, fii ak ñeenti njàng, bu soobee Yàlla, dinanu tàmbali gis ni loolu lépp xewe woon tembe, ni ko Yàlla waxe woon Ibraayma.

Ci saar ñaar-fukk ak juróom nag, ci la nuy jàng ci mbirum deewug Ibraayma. Mbind mi ne na:

"***Alal ja Ibraayma am yépp, Isaaxa la ko jox** ... Noonu, Ibraayma amoon na téeméeri at ak juróom-ñaar-fukk ak juróom, mu door a delloo ruuwam, faatu. Ku gudd fan la woon, màgget ba kumur, mu door a fekki ay maamam. Ba mu faatoo, doomam ya, Isaaxa ak Ismayla, suul ko ca xeeru Magpela janook Mamre ci biir toolu Efron ... Loolu mooy tool ba Ibraayma jëndoon ca njabootug Ett. Foofu la ñu suul Ibraayma ak Saarata jabaram.*" **(Ge 25:5,7-10**)

**Noonu, Ibraayma dugg ci ndamu jetaayu Boroom, bi mu xamoon te bëgg ko.**

Léegi nag, nan lanu man a jeexale te tënk sunu njàng ci mbirum yonent Yàlla Ibraayma? Xanaa ci ñaari laaj ak seen tontu.

1.) Laaj bu jëkk bi mooy: **Lu taxoon Yàlla woo Ibraayma, mu toxu, dem ci meneen réew**? Ndaxte Yàlla dafa fasoon yéene def ci Ibraayma xeet wu bees, wu Rammukat bi naroon a jaar ba ñëw ci àddina.

2.) Ñaareelu laaj bi mooy: **Lu tax Yàlla àtte Ibraayma ni ku jub te nangu ko ci jetaayam bu sell ba fàww**? Ndaxte Ibraayma gëm na li ko Yàlla wax, su fekkee ne sax yombul! Ibraayma, ci kaw ngëm ci kàddug Yàlla la mucce, te du ci kaw i jëfam. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Ibraayma **gëm na Yàlla**, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub.*" **(Ro 4:3**)

Ci saar ñaar-fukk ak juróom, ci téereb Njàlbéen ga, Mbind mi day wéy ci nettali askanu Ibraayma. Nanu jëm kanam nag ci Tawreet, ba dégg nettalib **Isaaxa ak ay séexam**. Mbind mi ne na:

*Lii mooy nettali bi jëm ci askanu Isaaxa, doomu Ibraayma. Isaaxa,* ***Ibraayma*** *moo ko jur. Bi* ***Isaaxa*** *amee ñeent-fukki at, mu takk* ***Rebeka****, doomu Betuwel, mi bokk ci giiru Aram te dëkk ci diiwaanu Padan-Aram, te muy jigéenu Laban, mi askanu ci Aram. Gannaaw ga, Isaaxa ñaanal jabaram ci Aji Sax ji, ndax li mu amul doom. Te Aji Sax ji nangul ko, jabaram daldi ëmb. Te doom yi di buuxante ci biiram, ba Rebeka naan: Lu waral lii di ma dikkal? Mu dem nag laaj ci ndigal Aji Sax ji. Te Aji Sax ji tontu ko: Ñaari giir nga ëmb, nar a jur* ***ñaari xeet*** *yuy xàjjaloo; wenn wiy ëpp doole weneen wi,* ***mag jiy surgawu rakk ji****.*

*Bi jamonoy mat wi wéyee nag, noonu la mucce, ñu nekk ay* ***séex****. Ka jëkk a juddu dafa xonq, sëq, ba mel ni màntom karaw, ñu tudde ko* ***Esawu****, maanaam: ku bare karaw. Gannaaw ga ka ca des topp ca, loxo ba jàpp ci tëstënu Esawu. Ñu tudde ko* ***Yanqóoba****, maanaam: ku jàpp ci tëstën. Ba leen Rebeka di jur, fekk na Isaaxa am juróom-benn fukki at. Noonu gune ya di màgg, Esawu di rëbbkat bu ñaw, di ku yebu ci àll bi, Yanqóoba moom di nit ku teey te gàtteñlu.* **(Ge 25:19-27**)

Noonu nu gis ne, Isaaxa ak Rebeka am nañu ay séex, ñu tudde leen **Esawu** ak **Yanqóoba**. Ay séex lañu woon, wànte dañu wuute lool. Bi Esawu màggee, **yëfi àddina** yiy wéy rekk la fonkoon, wànte Yanqóoba moom fonk **yëfi Yàlla** yiy sax ba fàww. Esawu faalewul woon li Yàlla digoon Ibraayma maamam, ak Isaaxa baayam, ci lu jëm ci xeet wu bees, wi naroon a soqikoo ci ñoom. Waaye Yanqóoba, moom, faale na digi Yàlla lool.

Esawu moo doon taaw. Kon, ci xalaatu nit, moom moo doon ki waroon a jot ndonol taaw bi, nekk baayu xeet wu mag, wi Yàlla digoon maamam Ibraayma ak baayam Isaaxa. Wànte laata séex yi di juddu sax, Yàlla waxoon na Rebeka, seen yaay, ne: "*Mag ji dina nekk surga rakk ji*." **(Ge 25:23**) Noonu, Yàlla, ci li mu leen xam lu jiitu seen juddu, doon na yégle ne, ndonol taaw bi ak askanu xeet wu bees wi, ci **Yanqóoba** lay jaar, te du ci Esawu.

Yanqóoba moom waroon na xaar Yàlla, bàyyi lépp ci loxob Ki am kàttan, ngir mu jox ko ndono li ci jamano ju ko soob. Wànte Yanqóoba **xaaru ko woon**. Nanu jàng léegi ba gis ni Yanqóoba jëfe woon ngir jël ndono li ci magam.
Mbind mi ne na:

*Am bés nag Yanqóoba di togg ndàmbel lantin, dajeek Esawu jóge ca tool ya, xiif ba tële. Mu ne Yanqóoba; Gaawe ma ak sa ndàmbe lu xonq loolu, ma duy sama biir, ndax xiif baa ngi may rey... Yanqóoba ne ko: Jaay ma tey jii cér, bi la nekk taaw may ci ndono. Esawu ne: Maa ngi nii ci tànki dee****, ana lu ma céru taaw di jariñ****? Yanqóoba ne ko: Giñal ma jëkk; Esawu daldi ko def, mu jaay Yanqóoba noonu cér, bi taaw yeyoo. Yanqóoba jox Esawu mburu ak ndàmbe, mu lekk, naan, daldi jóg, dem yoonam. Noonu Esawu xeeb jagley nekk taaw*." **(Ge 25:29-34**)

Ndax jàpp ngeen bu baax li Esawu defoon? Weccee woon na ndonol taawam ak aw ñam! Dafa mel ni su fekkeente ne, amoon na benn boroom alal bu am ñaari doom. Góor gi, am ay tool ak i kër, ak alal ak xaalis bu baree-bare. Te taawam war a donni lu ëpp ci alalam. Wànte benn bés, taaw bi jóge àll ba, gis rakkam jiy togg ceebu jën ca wetu yoon wa. Taaw bi daldi wax rakkam ne: "Dama xiif lool, may ma ci sa ceeb bi, ma lekk!" Wànte rakk ji tontu ko ne: "Duma la may, dama la koy jaay." Mag ji laaj ko, ne: "Ñaata nga ma koy jaaye?" Rakk ji ne ko, "Sa ndonol taaw." Mag ji tontu ko ne, "Ax! Garaawul! Maa ngi nii di bëgg a dee ak xiif, ana lu ma ndonol taaw di jariñ?" Naka noonu, Mag ji daldi giñ, jébbal rakkam ndonol taawam! Noonu taaw bi daldi toog, lekk te naan, daldi jóg, dem yoonam.

Lan lanu man a wax ci mbirum taaw bile weccee ay tool ak i kër, ak alal ak xaalis bu bare – ngir benn ndabu ceebu jën? Lenn rekk: **moo di ne dafa ñàkk xel**! Naka noonu itam, ni taaw boobu xeebe woon barkeb baayam ak alalu àddina, noonu la **Esawu xeebe woon barkeb Yàlla ak alalu àllaaxira**! Yëf yi Esawu

xeeboon, moo ëppoon njariñ fuuf alalu àddina, ndaxte li Esawu xeeboon moo doon alalu àllaaxira ak sañ-sañu bokk ci xeet wu bees, wi Musalkatu Àddina si nar a jaar!

Tey jii nag, lan la nu Yàlla bëgg a xamal jaarale ko ci nettalib Esawu ak Yanqóoba? Lii: Yàlla dafa nu bëgg a artu, ngir nu baña jaar ci tànki Esawu ba weccee barkeb àllaaxira ngir bànneexu àddina yiy wéy. Dégluleen li Kàddug Boroom bi wax ci loolu. Nee na:

‟*Moom àddina sépp lu muy jériñ nit, bu ñàkkee* ***bakkanam****? Te nit, lu mu war a weccee* ***bakkanam****?*” **(Mc 16:26)** ‟*Moytuleen [nag] ba kenn du ñàkk yiwu Yàlla....walla muy fonkadi yëfi Yàlla yi, ni Esawu, mi* ***weccee woon ndonol taawam ngir ag lekk****.*” **(Yt 12:15,16)**

Esawu ñàkkoon na yiwu Yàlla, ndax fonkadi yëfi Yàlla yi. Naka noonu, Yàllaa ngi nuy artu, naan: Buleen jaar ci tànki Esawu! Buleen fonkadi barke yi ma leen bëgg a may!

Yaw nag, ndax faale nga barkey Yàlla? Yàlla bëgg na la, te dafa la bëgg a barkeel lool, waaye fàww nga bëgg ko, jox ko palaas bu jëkk ci sa dund. Fàww nga fonk Kàddug Yàlla nu raw lekk ak xaalis. Noonu dinga xam li Mbind mi tekki, bi mu ne: ‟***Lu bët gisul, nopp déggu ko, te xel xalaatu ko, loolu la Yàlla dencal ñi ko bëgg!***” **(1Ko 2:9)**

Waaw, Yàlla dafa nu bëgg a barkeel lool! Bëgg na nu baal sunuy bàkkaar yépp, soppi sunu xol bu bon, sellal ko, feesal ko ak mbëggeel, mbég, jàmm ak kóolute! Loolu mooy ndono li Yàlla bëgg a may bépp doomu Aadama. Wànte fàww nga wut ko ak **sa xol bépp**. Ku fonkul barkeb Yàlla, du ko jot mukk!

Ndax bëgg nga jot barkeb Yàlla? Kon, fàww nga xam te gëm li la Yàlla dig ci kàddoom. Ndax xam nga digam yu neex yi, te réy ba ëpp xel? Ndax fonk nga leen? Walla yëfi àddina rekk ngay wut? Kàddug Yàlla dafa nuy won ne, ñaari fànni nit rekk moo am ci àddina si, maanaam: **Ñiy fonk àddina**, tey wut yëf yi ci suuf ak **ñiy fonk àllaaxira**, tey wut yëf ya ca kaw. Ci ñan nga bokk yaw?

Nanu déglu li ñu bind ci Sabóor, ci saar wu jëkk. Mbind mi ne na:

‟***Céy nit kee barkeel****, ki dul jaar ci ndigali ñi bon,*
  *mbaa muy taxaw ci yoonu ñiy bàkkaar,*
  *te du toog ci jetaayu ñiy gaaral Yàlla.*
*Waaye yoonu Aji Sax ji lay noyyee,*
  *mu di ko gëstu guddi ak bëccëg.*
*Daa mel ni garab gu sax ci bëti ndox,*
  *di meññ ci waxtoom*
  *te xobam du lax.*
*Lu muy def lépp nangu.*

*Waaye* ***ñi bon duñu noonu****!*
*Dañoo mel ni xatax, bu ngelaw liy yóbbu,*
*Moo tax keroog àtte ba ñi bon ne dàll,*
  *ñiy bàkkaar ne mëll ci mbooloom ñi jub.*
*Ndax Aji Sax ji fonk na yoonu ñi jub,*
  *waaye yoonu ñi bon jëm sànku!*” **(Ps 1:1-6)**

Yaw miy déglu tey, ci wan yoon ngay jaar? Ci yoonu ñi fonk barkeb Yàlla, walla boog danga mel ni Esawu, mi wecceewoon digi Yàlla yu neex yi ngir yëfi àddina yiy wéy? Kàddug Yàlla dafa nuy faral di dànkaafu ci loolu, mel ni fi Boroom bi di wax, naan:

‟***Moom àddina sépp*** *lu muy jariñ nit bu ñàkkee bakkanam? Te nit, lu mu war a weccee bakkanam?*” **(Mc**

**16:26**) "*Buleen liggéeyal* ***ñam wuy yàqu****, li gën mooy* ***ñam wuy sax abadan tey joxe dund gu dul jeex****. Ñam woowule [Rammukat bi] dina leen ko jox ndaxte Moom la Yàlla ... tànn mu nekk ndawam.*" **(Yow 6:27**) "*Moytuleen ba kenn du ñàkk yiwu Yàlla ... walla muy fonkadi yëfi Yàlla yi, ni Esawu, mi weccee woon ndonol taawam ngir ag lekk*." **(Yt 12:15,16**)

Kon nag mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Ci emisyoŋ bi di ñëw nag, ndegam neex na Yàlla, dinanu wéy ci nettalib yonent Yàlla Yanqóoba. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi.

Su fekkee ne am ngeen lu ngeen di laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci artu bi nekk ci Mbind mu sell mi, naan: "***Moytuleen ba kenn du ñàkk yiwu Yàlla ... walla muy fonkadi yëfi Yàlla yi, ni Esawu, mi weccee woon ndonol taawam ngir ag lekk***." **(Yt 12:15,16**)

# 24 Yanqóoba – Yàlla soppi na turu Yanqóoba, muy Israyil

(Njàlbéen 28-32)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, jàngoon nanu ci mbirum séex yi Isaaxa jur, di **Esawu ak Yanqóoba**. Esawu xeeboon na dig yi Yàlla digoon maamam Ibraayma, ba wecce ndonol taawam ak lekk! Waaye Yanqóoba moom fonkoon na lool digi Yàlla yi. Wànte loolu taxul woon Yanqóoba ñàkk sikk! Turam sax faf, mu ngiy tekki: '*naxkat*'. Tey jii nag, fas nanu yéene jëm kanam ci Tawreet, ba gis **ni Yàlla soppee Yanqóoba – naxkat bi, ba mu nekk Yanqóoba – waayu Yàlla ji**.

Ci dëgg-dëgg, Yanqóoba naxkat la woon. Mbind mi day nettali ni mu naxe woon Esawu magam ñaari yoon ngir fexe sàcc ndonol taawam. Looloo taxoon Esawu, ci meram, mu fasoon yéene rey rakkam. Naka noonu, seen yaay, Rebeka, woo Yanqóoba ci kumpa, xelal ko mu daw, dem ca nijaayam Laban mi dëkk ci Karan, toog fa ba merum Esawu giif.

Léegi nag, nanu jàng ci téereb Njàlbéen ga, saar ñaar-fukk ak juróom-ñett, ba gis lu xewoon, gannaaw ba Yanqóoba jógee kër baayam, jëm kër nijaayam. Mbind mi ne na:

*Bi loolu wéyee, Yanqóoba génn Beerseba, wuti Karan* (Karan moo doon réew ma Ibraayma dëkkoon ba ko Yàlla woowee). *[Yanqóoba] agsi nag ci benn bérab, fanaan fa, ndaxte booba jant bi so na. Mu jël fa benn ca doj ya, daldi ko gegenoo.*

*Noonu muy **gént**, di jeneer **yéegukaay bu sampu ci suuf, te cat la sar ci asamaan**. Muy gis malaakay Yàlla yi di ci yéeg ak a wàcc. Te Aji Sax jaa ngii tollu ci wetam naan: "**Maay Aji Sax ji, di Yàllay Ibraayma sa maam, di Yàllay Isaaxa. Suuf si nga tëdd dinaa la ko jox, yaw ak saw askan**. Saw askan dina ne gàññ ni suuf. Dinga law ci ñeenti xebla yi: penku ak sowu, ndeyjoor ak càmmooñ. Giir yi ci kaw suuf yépp dinañu barkeelu ci yaw ak saw askan. Te maa ngi nii ànd ak yaw, di la sàmm fépp foo man a dem, ba delloosi la ci réew mii, **ndaxte duma la bàyyi mukk, ba kera may def li ma la wax**.*

*Ci kaw loolu Yanqóoba yeewu ne: "Ci dëgg-dëgg Aji Sax ji mi ngi ci bérab bii, te xamuma ko woon." Mu daldi ragal ne: "Céy bérab bii! ni mu ragloo! fii kay du feneen, fu dul kër Yàlla; fii mooy buntu asamaan!" Ci suba teel nag Yanqóoba jóg, jël doj wi mu gegenaayoo, samp ko muy pàttaliku, mu sotti ci diwlin. Mu tudde bérab ba: Betel; maanaam: kër Yàlla.*" **(Ge 28:10-19**)

Noonu, nu gis ni **Yàlla** feeñoo **Yanqóoba** ci gént, **di ko dig** li mu digoon maamam **Ibraayma**, ak baayam **Isaaxa** – maanaam: def ak askanam **xeet wu réy**. Noonu, nu gis ne, ndonol taaw li Yanqóoba sàcc ci magam – ca muj ga, Yàlla may na ko ko. Yanqóoba ci boppam yeyoowul woon nekk baayu xeet wu bees, wi naroon a indi Rammukat bi ci àddina. Wànte Yàlla mooy Aji Yéwén, jiy may lu baax ñi ko yeyoowul. Looloo taxoon Yàlla feeñu Yanqóoba ci gént, wax ak moom.

Léegi nag, lan la Yanqóoba gisoon ci biir géntam? Mbind mi ne na: Muy "*jeneer **yéegukaay** bu sampu ci suuf, te cat la sar ci asamaan. Muy gis malaakay Yàlla yi di ci yéeg ak a wàcc.*" Ci biir géntam nag, Yanqóoba gisoon na ab **yéegukaay**, li ñuy wax ci Faraanse: esel. Esel bi Yanqóoba doon jeneer, esel bu doy waar la woon – bu gudd lool, **jóge suuf, di laal asamaan**, dugg ci jetaayu Yàlla sax!

Jaare ko ci géntu esel bu gudd boobu, Yàlla dafa bëggoon a won Yanqóoba ni mu bëgge am diggante bu neex te jege ak moom. Te Yàlla bëggoon na ko won it ne, **Rammukat bi** naroon a ganesi àddina, dina **mel ni esel boobu** nekk diggante suuf ak asamaan, diggante nit ak Yàlla.

Ba tey, ñu bare dañuy xalaat ne, nit man na yéeg, dugg Àjjana ci kaw seeni jëf yu baax. Wànte **benn 'esel' rekk a am diggante Yàlla ak nit**. Te Esel boobu, jógewul ci nit, waaye ci Yàlla. Nun, doomi Aadama yi, ci sunu dooley bopp, amunu menn pexe yéeg, dugg ci jetaayu Yàlla. Li waral loolu, mooy sunu bàkkaar ak sunu ñàkk doole ngir neex Yàlla Aji Sell ji. Waaye Yàlla mi bare yërmande, ci kaw mbëggeel gu réy gi mu am ci nit ñi, ubbil na doomi Aadama buntu mucc.

Noonu esel bi Yanqóoba gisoon ci géntam, dafa doon misaal Rammukat, bi Yàlla digewoon yónni ko ci àddina, ngir musal bàkkaarkat yi. Rammukat bi, dafa mel ni esel bi Yanqóoba gisoon diggante asamaan ak suuf. Moom la Mbind mi jàngale, bi mu ne: "*Jenn Yàlla kepp moo am, ak **benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi**, di nit ki Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp – ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk!*" **(1Tim 2:5,6 Yow 3:16**) Kàddug Yàlla leer na nàññ ci lii: Kenn du ñëw ci Yàlla, te jaarul ci Rammukat bu sell, bi Yàlla yónnee asamaan.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci nettalib Yanqóoba, ba gis lu xewoon ginnaaw ba mu àggee kër nijaayam. Bind nañu ci kàddug Yàlla ne: "*Lu waay ji, moom lay góob!*" **(Gal 6:7**) Dégg nanu ba noppi ni Yanqóoba naxe magam, te léegi dinanu gis ni ko nijaayam di naxe moom itam. Nijaayam a ngi tuddoon Laban, di nit ku muus. Nu ngi jàng ci saar ñaar-fukk ak juróom-ñeent. Mbind mi ne na:

*Noonu Yanqóoba nekk ak [Laban, nijaayam] lu mat weer. Gannaaw loolu Laban ne Yanqóoba: Du li ngay sama mbokk moo tax, nga war maa liggéeyal ci dara? Wax ma lan mooy sa peyoor? Laban nag amoon na ñaari doom yu jigéen, taaw ba tudd Leya, rakk ja tudd Rasel. Leya am bët yu lëndëm, waaye **Rasel** jekk na xalima te rafet cib gis. Fekk Yanqóoba bëgg Rasel, mu ne Laban: Dinaa la liggéeyal juróom-ñaari at ngir Rasel sa doom ju ndaw ji. Laban tontu ko: May la ko moo ma gënal may ko keneen. Nekkal ak man. Noonu Yanqóoba liggéeyal Laban diirub juróom-ñaari at ngir Rasel, waaye mu mel ni fi moom ay fan rekk ndax mbëggeel, gi mu am ci Rasel.*

*Ba loolu wéyee nag, Yanqóoba ne Laban: Jox ma sama jabar, ndax àpp bi jot na, ngir ma ànd ak moom. Noonu Laban togglu ay reer, woo ca nit ña fa nekk ñépp. Ci timis Laban jël doomam **Leya**, jébbal ko Yanqóoba, mu ànd ak moom....*

*Ba bët setee, Yanqóoba fekk muy Leya. Mu ne Laban: Loo ma def nii? Ndax liggéeyaluma la ngir Rasel? Lu tax nga wor ma? Waaye Laban tontu ko: Rakk jëkk a séy mag du aada fii. Séetul ayu-bés nag ak kii, ma door laa jox ki ci des, soo ma dee liggéeyalaat diirub juróom-ñaari at. Yanqóoba def noonu, séetu ayu-bés, ba noppi Laban jébbal ko Rasel doomam. ... Noonu Yanqóoba ànd ak Rasel, mu gënal ko Leya te mu liggéeyalaat Laban juróom-ñaari at.* **(Ge 29:14-30**)

Noonu nu gis ni Laban naxe woon Yanqóoba jarbaatam. Li xeewoon, neexul woon, wànte man ngeen xam bu wóor ne, Yàlla doon na joo loxoom ci li xew ci dundu Yanqóoba ngir jural ko lu baax. Ci lu gàtt nag, war ngeen xam ne, Yanqóoba juroon na **fukki doom yu góor ak ñaar**, te nekkoon ci kër nijaayam diirub ñaar-fukki at. Ci diirub ñaar-fukki at yooyu, Yàlla, ci mbëggeelam, bàyyi na Yanqóoba, mu jaar ci nattu yu tàng, ngir yar ko te di sellal ngëmam, ni safara di setale wurus.

Amoon na bés nag, Yàlla feeñuwaat Yanqóoba, ne ko: "*Dellul ci sa réewu maam, fa nga juddoo. Dinaa ànd ak yaw.*" **(Ge 31:3**)

Noonu, Yanqóoba jóg, toxu, moom ak njabootam gépp. Ñu jëm réewum **Kanaan**, maanaam: réew mi Yàlla dige woon jox ko Ibraayma, Isaaxa, Yanqóoba ak seen askan.

Wànte bi Yanqóoba ak njabootam nekkee ci yoon wi, Yàlla daldi ko feeñu Yanqóoba ci guddi, ci melokaanu nit, bëreek moom. Dégluleen li Mbind mi wax ci saar fanweer ak ñaar.

*Booba am nit kuy bëre ak moom, ba fajar di xar. Te nit ka gis ne, mënalu ko dara. Kon mu daldi dóor*

*Yanqóoba ca mooco, te mooco ma summiku ci bëre bi. Noonu nit ka ne: Bàyyi ma, ma dem, ndax fajar a ngi xar. Waaye Yanqóoba tontu ko: Duma la bàyyi, nga dem, li feek barkeeloo ma. Nit ka ne ko: Na nga tudd? Mu tontu: Yanqóoba! Nit ka ne ko: Dootuloo tudd Yanqóoba, waaye **Israyil**, ndaxte bëre nga ak Yàlla, bëre ak nit ñi, ba daan. Yanqóoba ne ko: Waaw, yaw nag, noo tudd? Mu tontu: Lu tax nga di ma laaj sama tur? Noonu mu barkeel ko fa. Bi loolu wéyee, Yanqóoba tudde bérab ba: Peniyel, maanaam: xar-kanamu Yàlla, ndaxte da ne: Janoo naa ak Yàlla teewul maa ngi ak sama bakkan!* **(Ge 32:24-31**)

Nettali bii, nettali bu doy waar la, te fees ak njariñ. Gisoon nanu ni Yàlla feeñoo Yanqóoba ci melokaanu nit, ba bëreek moom. Lu taxoon Yàlla bëreek Yanqóoba? Ndaxte Yàlla dafa bëggoon Yanqóoba xam néew dooleem fa kanamam. Yàlla dafa bëggoon Yanqóoba xam ne kàttan gépp ak xam-xam bépp, ci Yàlla la jóge! Yàlla dencaloon na Yanqóoba ay yéene yu neex, waaye **barkey Yàlla yu gën a neex, mënuñu wàcc ci ñiy xalaat ne, am nañu doole ngir neex Yàlla**! Waaye, ci guddi gi nga xam ne, Yàlla bëre naak moom, Yanqóoba gisoon na ñàkk dooleem fa kanam Yàlla. Te ci kaw loolu, Yàlla joxoon na Yanqóoba tur wu bees, maanaam: **Israyil**. Yanqóoba mu ngi tekki: '*Naxkat*.' Wànte Israyil dafay tekki '***Ki nar a nguuru ak Yàlla***'. Israyil mooy turu xeet wu bees wi Yàlla digoon def ci askanu Ibraayma. Ni ngeen ko xame, ci fukki doomi Yanqóoba ak ñaar yi la xeet wi ñuy wooye Israyil soqikoo. Te ci bànni Israyil la Musalkatu Àddina wàcce, moom mi yelloo teraanga ba fàww.

Xëy na am na kuy laaj: Lu tax Yàlla tànn ab naxkat bu mel ni Yanqóoba, di ko def baayu xeet wi naroon a indi Rammukat bi ci àddina? Dégluleen tontub Mbind mu sell mi. Nee na:

"*Li àddina teg ag ndof, Yàlla tànn na ko, ngir rusloo boroom xam-xam yi; te li àddina teg ag ñàkk doole, Yàlla tànn na ko, ngir rusloo boroom doole yi. Li dul juddu bu rafet te mat a xeeb ci àddina Yàlla tànn na ko; Yàlla tànn na li nekkul, ngir neenal li nekk.* ***Noonu kenn du man a damu ca kanamu Yàlla!***" **(1Ko 1:27-29**)

Yanqóoba naxkat la woon. Moom ci boppam, dafa ñàkkoon doole ngir neex Yàlla. Amul woon dara lu baax ci moom, lu dul: **Yanqóoba gëm na kàddug Yàlla**. Yanqóoba fonkoon na digi Yàlla. Jot barkeb Yàlla mu gënal ko sax lépp lu mu mën a doon. Loolu moo taxoon Yàlla xamal ko boppam, te barkeel ko. Looloo taxoon it, Yàlla soppi **Yanqóoba, naxkat bi, mu nekk Israyil, waayu Yàlla ji**.

Yaw nag, ni Yanqóoba, ndax ràññe nga sa ñàkk doole ngir neex Yàlla? Déglul nag li Mbind mi wax ci loolu. Mu ne:

"*Yeen ñi* ***xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla****, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yeena ko yelloo!*" **(Mc 5:3**) "*Yàlla day dàq ñi réy, di yiwal ñi woyof.* ***Suufeelleen seen bopp kon ci ron loxob Yàlla bu am kàttan, ngir mu yékkati leen ci jamano ju ko soob***." **(1Pi 5:5,6**)

Kon mbokk yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, bu sóobee Yàlla, dinanu tàmbali gëstu ci nettali bu doy waar ci mbirum jenn doomu Yanqóoba, ju tudd Yuusufa.

Su fekkee ne am ngeen lu ngeen di laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci aaya yii nekk ci kàddoom te naan: "***Naka noonu Aji Sax ji bëgg na lool defal leen yiw, te mu ngi leen di xaar ngir defal leen ko, te dina jóg ngir yërëm leen. Ndax Aji Sax ji, Yàlla ju jub la: Ñi yaakaar ci Moom ñépp barkeel nañu!***" **(Isa 30:18**)

# 25 Yuusufa – suufeem

(Njàlbéen ga 37-39)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*, ci li nuy benn-bennal nettaliy yonent Yàlla yi. Booba ba tey nu ngi jàng ci téere bi jëkk ci kàddug Yàlla, te ñu koy wooyee **Tawreet**.

Ci njàng mi weesu, jàngoon nanu ci mbirum Yonent Yàlla Yanqóoba, sëtu Ibraayma. Gisoon nanu ni Yàlla tudde Yanqóoba tur wu bees, di **Israyil**. Yanqóoba mu ngi tekki: '*Naxkat*'. Wànte Israyil dafay tekki '*Ki nar a nguuru ak Yàlla*'. Léegi Yanqóoba amoon na ñaari tur. Yanqóoba ak Israyil. Israyil mooy turu xeet wu bees, wi Yàlla dige woon def ko ci askanu Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Yanqóoba, moom, amoon na fukki doom yu góor ak ñaar. Ci fukki doom ak ñaar yooyu la bànni Israyil soqikoo, di xeet, woo xam ne, ci li Rammukat bi naroon a jóge.

Ndax xam ngeen turi **fukki doomi Yanqóoba ak ñaar ñooñu**? Ñoo di: Ruben, Simeyon, Lewi, Yuda, Sabulon, Isakaar, Dan, Gàdd, Aser, Neftali, Yuusufa ak Bensamen. Tey jii nag, fas nanu yéene tàmbali jàng nettali bu doy waar ci mbirum doomi Yanqóoba yi – rawatina ki tudd **Yuusufa**, doon fukkeelu doom ji ak benn. Léegi kon, nanu dugg ci nettalib Yuusufa bu neex bi! Nu ngiy jàng ci Tawreet, téereb Njàlbéen ga, ci saar fanweer ak juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

*Lii mooy nettali bi jëm ci askanu Yanqóoba.* ***Yuusufa nekkoon na waxambaane, wu fukki at ak juróom-ñaar****, di sàmm jur gu gàtt ga, moom ak i magam... Te Yuusufa nettali baayam lu ñaaw la magam ya di def. Fekk cofeelu Yanqóoba ci Yuusufa la gën a fése ci biir doomam yépp, ndax li mu ko jur, bi muy yëg ag magam. Noonu mu ràbblul ko mbubb mu yiw. Mag yi gis nag ne, seen baay Yuusufa la gën a bëgg ci ay doomam.* ***Kon ñu daldi ko bañ****, ba mënuñoo séq ak moom benn baat bu rafet.*

*Am bés Yuusufa* ***gént****, nettali ko ay magam, ba tax ñu gënati koo bañ. Mu ne leen: Dégluleen lii ma gént. Danoo nekkoon ca tool ya, di góob. Ba nu takkee, sama takk daldi jóg taxaw, te seeni takk daldi ko wër, di ko sujjóotal. Mag ya nag ne ko: Xanaa dangay falu ci sunu kaw? Walla boog dangaa nar a nekk sunu sang? Noonu ñu gënati koo bañ ndax ay géntam ak i waxam.*

*La ca tegu geneen gént dikkal ko, mu nettali ko ay magam, ne leen: Dégluleen lii ma géntaat: Jant bi, weer wi ak fukki biddiiw ak benn ne jonn, di ma sujjóotal. Noonu mu nettali ko baayam ak i magam. Waaye baayam yedd ko naan: Luy gént googu nga def? Ndax* ***man ak sa yaay ak say mag dinanu la raamalsi****? Noonu mag yi di ko ñee, waaye baayam denc ci xolam li mu nettali.*

*Am bés nag ay magam dem ca réewu Sisem, sàmmi seen jurug baay. Boobu Israyil ne Yuusufa; Xam nga ne, sa mag yi sàmmi nañu Sisem.* ***Kaay nag, ma yónni la ci ñoom****. Yuusufa tontu ne: Waaw, jekk naa. Yanqóoba ne ko: Demal seeti say mag ba xam ndax ñu ngi ci jàmm, ñoom ak jur ga, te ñëw nettali ma ko...*

*Noonu Yuusufa daldi toppi ay magam, fekki leen ca Dotan. Bi ko mag ya séenee fu sore, te laata mu agsi ci ñoom,* ***ñu mànkoo ngir rey ko****, te waxante naan: Boroom gént gaa ngee di ñëw! Léegi nag nanu ko rey, ba noppi sànni ko ci biir benn ci teen yi. Bu ko defee, nu ne rab wu soxor fàdd na ko. Kon fu muy mujj, moom ak i géntam? Noonu Ruben dégg ko, jéem koo musal ci seeni loxo. Mu ne: Bunu gàddu bakkanam; teg ca ne leen: Buleen tuur deret. Sànnileen ko ci teen bii ci àll bi, waaye bu ko loxo dal. Mu wax leen noonu, ngir bëgg koo musal ci seeni loxo, delloo ko baayam.*

*Bi Yuusufa agsee ba ci ay magam nag, ñu* ***daldi futti mbubbam****, te muy mbubb mu yiw ma mu sol.* ***Ñu jël ko****, sànni ci biir teen ba, fekk teen ba dëy, ba wow koŋŋ. Ba noppi ñu toog, di lekk. Noonu ñu siggi, xool, gis njëggum giléem mu bànni Ismayla, sëf daakaande ak cuuraayu ndàbb ak mbéb, ñu jële ko réewu Galaat, jëme*

*ko Misra. Ci kaw loolu Yuda ne ay doomi baayam: Bu nu reyee sunu rakk jii te nëbb deretam, lu nu ciy jële? Tee nu koo jaay waa giiru Ismayla te bu ko sunu loxo dal, ndax sunu rakk la, di sunu suux. Doomi baay yi déggal ko. Kon nag bi julay giiru Majan di jaar, ñu xëcc Yuusufa, génne ko ca teen ba,* ***jaay Yuusufa*** *waa bànni Ismayla ci ñaar fukki tojiti xaalis. Noonu ñu yóbbu ko Misra.*

*Bi nga xamee ne, Ruben dellu na ca teen ba, mu gis ne Yuusufa nekkatul ci biir, mu metitlu ko, ba daldi xotti ay yéreem. Mu jóge ca, dem ca ay rakkam, ne leen: Xale ba nekkatu fa. Man nag fu ma jëm léegi? Noonu ñu jël mbubbu Yuusufa, rendi aw bëy, taqal deret ja ca mbubb ma. Bi ñu ko defee, ñu yót mbubb mu yiw ma seen baay, ne ko: Mbubb mi lanu gis, seet ko bu baax, ba xam ndax sa mbubbu doom a am déet. Bi ñu waxee ba noppi, Yanqóoba xool ko, ne leen: Sama mbubbu doom la; rab wu soxor yàpp na ko; xanaa kay daggaate nañu Yuusufa.* ***Booba Yanqóoba metitlu ko, ba xotti ay yéreem, daldi taraxlaayoo ab saaku, te jooy doomam bés yu bare****. Ay doomam yu góor ak yu jigéen ak jabari doomam ñëw, di ko dëfël, waaye nanguwu ko, mu ne: Damay jooy ba dugg ca bàmmeel. Noonu baayam jooy na ko ...* **(Ge 37:2-35)**

***Noonu nag [jaaykat yi] yóbbu Yuusufa Misra****, te Potifaar jawriñu Firawna, di njiitul wottukati buur, jënd ko ci bànni Ismayla, ñi ko indi woon. Waaye* ***Aji Sax ji ànd ak Yuusufa****, muy ku barkeel, te mu dëkk ca kër sangam. Noonu sang ba gis ne, Aji Sax jaa ngi ànd ak moom, di ko barkeel ci lépp lu muy sabablu. Yuusufa nag am cofeel ci kanamam, ba mu def ko surgab boppam te mujj fal ko bëkk-néeg, dénk ko lépp lu mu moom. Ba mu ko falee bëkk-néeg nag, dénk ko lépp lu mu moom, la dale ca bés booba Aji Sax ji di barkeel waayi Misra ji ndax Yuusufa, te barkeb Aji Sax ji di wàcc ci léppam, muy kër mbaa tool. Mu bàyyi lépp ci loxoy Yuusufa, ba topptootul dara ci li mu am, lu dul dund bi muy lekk.*

*Fekk booba nag Yuusufa jekk bind te góorayiw. Am bés nag gannaaw loolu jabaru sangam xemmem Yuusufa, ba ne ko: Kaay tëdd ak man! Waaye Yuusufa bañ, ne jabaru sang ba: Déglul, sama sang jébbal na ma lépp, ba topptootul dara ci kër gi. Amul kenn ku ma sut ci kër gi, aayewu ma dara ku dul yaw, ndax li ngay soxnaam. Kon nag* ***nu ma man a defe bàkkaar bu mag boobu, ba tooñ Yàlla nii****? Noonu mu di ko wax Yuusufa bés bu nekk, waaye du ko déglu bay tëdd ak moom mbaa di wéet ak moom sax.*

*Am bés Yuusufa dugg ca kër ga nag, ngir def liggéeyu bëkk-néegam, te fekk benn jaam bu góor nekkul ci biir. Ndaw si daldi ko jàpp ci mbubbam, ne ko: Kaay tëdd ak man! Waaye Yuusufa wacc mbubb ma ca loxoom, daw génn kër ga. Ba ndaw si gisee nag ne, wacc na mbubbam ca loxoom, daw, mu génn ci biti, woo góori kër ga, wax leen naan: Xoolleen, Ebrë, bi sama jëkkër indi ci kër gi, mu ngi nuy foontoo. Dafa dugg, bëgg a tëdd ak man, ma daldi yuuxu ci kaw. Bi mu déggee nag, may yuuxu, mu daw génn ci biti, wacc mbubbam fi sama wet.*

*Noonu ndaw si teg mbubb ma ca wetam, ba sang bi ñibbisi. Bi mu ñibbisee, mu wax ko lii: Jaamu Ebrë bi nga indi fi nun, dugg na sama néeg, di ma foontoo! Ma daldi yëkkëti sama kàddu, di yuuxu, mu daw, génn ci biti, bàyyi mbubb mi ci sama wet! Bi sang bi déggee li ko jabaram nettali ci ni Yuusufa jëfe ak moom, meram daldi fuddu. Mu jël Yuusufa, tëj ko kaso, fa buur di tëje ñi ko tooñ. Noonu Yuusufa nekk fa ca kaso ba. Waaye Aji Sax ji ànd ak Yuusufa, jox ko cofeel gu sax, ba mu am wormay wottukatu kaso ba. Noonu mu jébbal Yuusufa ñépp ñi ñu tëj, te lépp li ñu doon def, ci ay loxoom lay jaar. Wottukat ba seetatul dara lu nekk ci loxob Yuusufa, ndax* ***Aji Sax ji ànd na ak moom, te lu mu sabablu, mu sotti****.*" **(Ge 39:1-23)**

Noonu la nettalib Yuusufa, doomu Yanqóoba, doore. Man nanu tënk li nu gis tey ci kàddu gii: **Yuusufa soppoon na njub te sib lu bon**. Sonn ci kaso moo ko gënaloon muy bànneexu ab diir ci bàkkaar. Looloo taxoon bi ko jabaru sangam wooye, ngir mu tëdd ak moom di njaaloo, Yuusufa bañ, tontu ko naan: "*Nu ma man a defe bàkkaar bu mag boobu, ba tooñ Yàlla nii*?"

Yuusufa xamoon na ne, mënuñu boole **topp Yàlla** ak **topp bàkkaar**! Yuusufa jébbaloon na Yàlla xolam bépp. Looloo taxoon mu sopp njub te sib lu bon. Ni maamam Ibraayma, **Yuusufa, moom itam, gëmoon na li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Musalkat bi** waroon a ganesi àddina ngir fey boru bàkkaaru doomi Aadama. Yàlla àtte na Yuusufa ni ku jub ndaxte Yuusufa gëmoon na Kàddug Yàlla gu wóor gi. Ci kaw ngëmam, Yàlla

baal na Yuusufa ay bàkkaaram yépp, daldi fees xolam ak kàttan ngir mu man a noot bàkkaar tey dund ci àddina su bon si ci njub.

Yàlla àndoon na ak Yuusufa, ndaxte Yuusufa àndoon na ak Yàlla. Yuusufa mënul woon a bànneexu ci bàkkaar, ndaxte bëggoon na Yàlla ak xolam bépp. Ku gëm tey jaamu Yàlla ci sa biir xol, **dinga bëgg li Yàlla bëgg; bañ li Yàlla bañ**. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"***Kenn mënul a jaamoondoo ñaari sang****; fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla nga jàpp ci kenn ki, xeeb ki ci des*." **(Mc 6:24**) "*Gan àndandoo moo man a am diggante* ***njubte*** *ak* ***ndëngte****? Gan booloo moo man a am diggante* ***leer gi*** *ak* ***lëndëm gi****?*" **(2Ko 6:14**) "***Yàlla Aji Leer*** *la, te* ***genn lëndëm nekkul ci moom****! Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf*." **(1Yow 1:5,6**)

Ñi bokk ci Yàlla ci dëgg-dëgg, dañu gëm kàddug Yàlla, te di ko topp. Waaye ñi bokkul ci Yàlla, bàkkaar a leen noot. Xëy na dañuy **mbubboo diine**, waaye dañuy **sax ci bàkkaar**. Bàkkaar a leen di **noot** – seeni xalaat ak seeni mébéti xol ak seeni wax ak seeni jëf. Xëy na dinañu am yéeney noot bàkkaar, waaye mënuñu ko noot, ndaxte **bàkkaar moo leen ëpp doole**. Amuñu ci seen xol **kàttanu Xel mu Sell**, mi Yàlla may képp ku gëm kàddoom ba nangu yoonu mucc, wi mu tëral.

Yaw miy déglu tey, ndax Yàlla yeesalaat na la ci dooleem? Ndax nangu nga **xebaar bu baax**, bi jëm ci Musalkat, bi am kàttanu raxas sa xol ci bépp bàkkaar? Walla boog ndax yaa ngi dëkk ci nootaangeg bàkkaar ba tey? Mbind mi ne na: "***Jegeleen Yàlla, mu jege leen****. Yeen bàkkaarkat yi, sellalleen seeni loxo; yeen ñi am xel ñaar, laaballeen seeni xol.... Suufeelleen seen bopp fa kanam Boroom bi, kon dina leen yékkati*." **(Sa 4:8,10**)

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ci coobareg Boroom bi, dinanu jëm kanam ci nettalib Yuusufa, ba gis ni mu génne kaso, yéeg, ba nekk Kilifag réewu Misra gépp. Su fekkee ne am ngeen ay laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci aaya bi nekk ci kàddoom te naan: "***Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom! Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf***." **(1Yow 1:5,6**)

# 26 Yuusufa – ndamam

(Njàlbéen 40-42)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, tàmbali woon nanu gëstu ci mbirum Yuusufa, mi doon fukkeelu doom ak benn ci biir fukki doomi Yanqóoba yi ak ñaar. Jàngoon nanu ni Yuusufa génte woon ni ko ay magam naroon a sujjóotale. Wànte magi Yuusufa gëmuñu ko. Waaye tey, dinanu gis ni **Yàlla amale génti Yuusufa**, ba indil ko ay magam, ñu sukk ci kanamam.

Ni nu ko gise woon, magi Yuusufa dañu ko bañoon te di ko fitnaal ndax gént gi mu amoon. Ci seen mer ak kiñaan, dem nañu ba jaay ko nib jaam ay jaaykat yu bokk ci bànni Ismayla. Bànni Ismayla ñoom, yóbbu ko Misra, jaayaat ko jawriñu Firawna, buuru Misra. Yuusufa moom, surga bu takku te jub la woon ci liggéeyam, ndaxte **àndoon na ak Yàlla**.

Te it, Yuusufa ku góorayiw la woon, ba taxoon jabaru sangam xemmem ko, bëgg a tëdd ak moom. Wànte Yuusufa bañ, tontu jigéen ji, ne ko: "*Nu ma man a defe bàkkaar bu réy boobu, ba tooñ Yàlla nii?*" **(Ge 39:9**) Naka noonu, ginnaaw ba Yuusufa bañe njaaloo ak moom, gisoon nanu ni jigéen ja sosale Yuusufa, ba tax ñu tëj ko. Wànte nekk ci kaso moo ko gënaloon muy bànneexu ab diir ci bàkkaar, ndaxte coobareg Yàlla la fonkoon. Diirub ñaari at, Yuusufa desoon na ca kaso ba, wànte Yàlla fàttewu ko.

Léegi nag, nanu jëm kanam ba gis ni Yàlla walbatee anami Yuusufa. Nu ngiy jàng ci Tawreet, téereb Njàlbéen ga, ci saar ñeent-fukk ak benn. Mbind mi nee na:

*Ñaari at yu mat gannaaw [ba ñu tëjee Yuusufa, **Firawna, buuru Misra,] gént**, di jeneer taxaw ca wetu dexug Niil. Noonu mu gis juróom-ñaari nag yu rafet te suur génne ca dex ga tey lekk ñaxum tefes ga. Mu dellu gis juróom-ñaari nag yu ñaaw te yooy topp ci ñoom, génn ca dex ga, fekki leen ca tefes ga. Te juróom-ñaari nag yu ñaaw ya te yooy daldi lekk juróom-ñaari nag yu rafet ya te suur. Ci kaw loolu Firawna yeewu. Ba noppi mu nelawaat, dellu gént, mu jeneer juróom-ñaari gub yu nangu te baax sax ci benn gittax. Gannaaw ga juróom-ñaari gub yu gooy te lakk ci mbóoyo mi sax, tegu ca ñoom. Te juróom-ñaari gub yu gooy ya daldi wann juróom-ñaari gub yu nangu ya te baax. Noonu Firawna yeewu, fekk gént la woon. Ba bët setee, Firawna am jaaxle gu réy ba woolu sëriñu tariyaax ya ak boroom xam-xam yépp, ya ca réewu Misra. Mu nettali leen gént yi, waaye kenn mënu ko tekkil Firawna.*

*Bi loolu amee, fara buntu kër ne Firawna: Tey jii fàttaliku naa samay tooñ. Dafa am bés Firawna mere ay surgaam, mu tëj ma kaso ca kër njiitu wottukat ya, man ak kilifag lakk-kati mburu ya. Genn guddi nag nu gént, man ak moom, te gént gu ci nekk ak li mu tekki. Fekk waxambaanew Ebrë nekkoon na fa ak nun, te mu doon jaamub njiitul wottukat ya. Booba nag nu nettali ko sunuy gént, te mu tekkil nu ko, mu wax ku nekk li géntam di firi. Te lépp doxe ni mu ko tekkee woon. Firawna delloo ma sama liggéey, waaye mu reylu njiitu lakk-kati mburu ya, ci wékk ko ci baat.*

*Bi ko Firawna déggee, **mu yónnee, ñu woo Yuusufa**. Ñu génne ko kaso ba nag bu gaaw, daldi ko wat, mu solu. Ba noppi mu dugg ci jetaayu Firawna. Firawna ne Yuusufa: Damaa gént, te kenn mënu koo tekki. Dégg naa ñuy wax ci yaw naan: boo déggee gént rekk, dinga ko daldi man a tekki. Waaye Yuusufa tontu ko: Du man, waaye **Yàlla mooy jox Firawna tont gu rafet***. **(Ge 41:1-17**)

Noonu kon Firawna nettali Yuusufa géntam. Te ginnaaw ba mu ko nettalee ba noppi, mu wax Yuusufa ne:

*"Noonu ma nettali mbir mi sëriñ...yi, waaye kenn mënu ma koo tekkil." Bi Yuusufa déggee loolu, mu tontu*

*Firawna, ne ko: Géntu Firawna lenn la. Yàlla dafa xamal Firawna li muy def. Juróom-ñaari nag yu baax yi, juróom-ñaari at lañu. Te it juróom-ñaari gub yu baax yi, juróom-ñaari at lañu. Gént gi lenn la. Te juróom-ñaari nag yu yooy ya te ñaaw, yi génn topp ci ñoom, di it juróom-ñaari at. Te itam juróom-ñaari gub yu gooy ya te mbóoyo mi lakk leen di juróom-ñaari ati xiif.*

*Loolu mooy li ma wax Firawna: Yàlla won na Firawna li mu nar a def.* ***Juróom-ñaari at yu naat a ngi ñëw*** *ci réewu Misra mépp. Te* ***gannaaw ñoom juróom-ñaari ati xiif dina tàbbi****, ba suul naataange gépp ci réewu Misra, ndax xiif ba dina jeexal réew mi. Xiif ba dina tax, ba dootuñu fàttaliku naataangeg réew mi, ndax dina metti lool. Te gannaaw Firawna gént na ko ñaari yoon, kon Yàlla dogal na mbir mi te dina ko wàcce ci lu gaaw.*

*Léegi nag na Firawna wut nit ku xareñ te xelu, mu jiital ko ci réewu Misra. Na Firawna jóg, fal ay ndaw ci réew mi, yuy sàkku benn juróomeel ci ngóobi juróom-ñaari ati naataange yi. Nañu dajale dundub at yu baax yooyu di ñëw, te nañu denc pepp mi ci dëkk yi ci ndigali Firawna di ko wottu, ngir dunde ko. Noonu denc bi dina fegul réewu Misra ati xiif yiy ñëw, ba xiif bi du faagaagal réew mi.*

*Ndigal la nag rafet ci Firawna ak i jawriñam yépp. Noonu Firawna ne jawriñ ya:* ***Ndax manees na gis ku mel ni kii, nit ku Yàlla sol xelam****? Kon Firawna ne Yuusufa: Ndegam Yàlla xamal na la lii lépp, leer na ne, amul keneen ku xareñe ak ku xeloo ni yaw. Kon dinaa la jiital ci sama kër te sama xeet wépp ci sa waaw lay wéy; ma sut la ci jal bi rekk.*

*Gannaaw loolu nag Firawna ne Yuusufa:* ***Fal naa la ci liy réewu Misra mépp****. Noonu Firawna dindi jaaro, bi ci loxoom, def ko ci loxob Yuusufa, mu solal ko yére yu jafe te yiw, te mu takkal ko caqu wurus. Mu jox ko watiiru jaraaf ji gën a kawe, mu war; ñu daldi yéene ca kanamam: Sujjóotleen! Noonu mu dëj ko ci réewu Misra mépp. Ci kaw loolu Firawna ne Yuusufa: Man maay Firawna te maa ngi wax ne, ndare yaw kenn dootul yëkkëti loxoom walla tànkam ci réewu Misra. Noonu Firawna tudde Yuusufa:* ***Safnat-Paneya****, maanaam: Kiy musal bakkan.*

*Noonu Yuusufa génn, wër réewu Misra mépp. Bi Yuusufay taxaw ci kanam Firawna buuru Misra, mi ngi tollu woon ci fanweeri at. Booba Yuusufa jóge ci jetaayam, wër réew mi mépp.*

*Ci biir juróom-ñaari ati naataange, suuf si nangu, ba meññet mi tuuru. Mu dajale dundub juróom-ñaari at yi ci réewu Misra, def ko ciy sàq ci biir dëkk yi. Mu def i sàq ci dëkk bu nekk, semb ca dund bi nekk ca tool ya ko wër. Noonu Yuusufa dajale pepp, ba mu ne gàññ, tollu ni suufus géej, ba dootu ko wañ, ndaxte wees na lim...* **(Ge 41:24-49**)

*Noonu juróom-ñaari ati naataange ci réewu Misra jeex, te juróom-ñaari ati xiif yi tàmbaliy ñëw, ni ko Yuusufa waxe woon. Te xiif daldi dugg ci réew yépp, waaye réewu Misra moom amoon na pepp. Bi waa Misra xiifee nag, ñu daldi jooytuji ca Firawna. Te mu ne leen ñoom ñépp: Demleen ca Yuusufa; lu mu leen wax, defleen ko. Boobu nag fekk na xiif bi wër na réew mépp. Noonu Yuusufa ubbi denc yépp, di jaay pepp waa Misra. Xiif bi nag di tar ca réewu Misra. Te* ***réew yépp di ñëw Misra, ngir jënd pepp ci Yuusufa****, ndax xiif bi dajoon na àddina sépp.* **(Ge 41:53-57**)

*Gannaaw loolu Yanqóoba* (maanaam, baayu Yuusufa ak i magam) *gis ne, pepp am na ca réewu Misra. Noonu mu ne ay doomam yu góor: Lu tax ngeen toog, di xoolante rekk? Mu teg ca, ne leen: Dégluleen, yëg naa ne, réewu Misra am na pepp; demleen jëndali nu ca, ndax nu man a dund, ba xiif bañ noo rey.*

*Noonu nag* ***fukki magi Yuusufa ñëw Misra, ngir jënd pepp****. Waaye Yanqóoba boolewul ak ñoom Bensamen, rakku Yuusufa, ngir ragal musiba gaar ko. Doomi Israyil ñëw nag, ci biir ñiy jënd pepp, ndax xiif bi daj na réewu Kanaan.*

*Fekk booba Yuusufa mooy dogal ca réew ma, di jaay pepp waa réew mépp.* ***Noonu magi Yuusufa ñëw,***

***sujjóot fi kanamam****. Te Yuusufa gis ay magam, xàmmee leen waaye mu mel ni ku leen xamul, di wax ak ñoom ci kàddu yu dëgër, ne leen: Fu ngeen jóge? Ñu tontu ko: Nu ngi jóge réewu Kanaan, ngir jëndsi ab dund. Noonu Yuusufa xàmmee ay magam, waaye* ***ñoom xàmmeewuñu ko****. Ci* ***kaw loolu mu fàttaliku gént yi mu amoon ci ñoom****.*" **(Ge 42:1-9**)

Ndax dégg ngeen li xew? Gis nanu magi Yuusufa, ñu sukk fi seen kanam rakk Yuusufa, mu méngook la mu géntoon bu yàgg! Yuusufa mooma ñu bañoon, te weddi ko, bëgg koo réy – léegi ñu ngi koy sujjóotal! Ca saa sa, Yuusufa xàmmee ay magam, waaye ñoom xàmmeewuñu ko, ndaxte gisuñu ko lu ëpp ñaar-fukki at! Ci njàng mi di ñëw, bu sóobe Yàlla, dinanu àggale nettalib Yuusufa ba gis ni mu xàmmikoo ay magam.

Waaye tey jii, lan la nu Yàlla bëgg a jàngal jaare ko ci nettalib Yuusufa ak i magam? Yàlla dafa nu bëgg a xamal ne, li xewoon ci diggante Yuusufa ak i magam, dafay **misaal** li naroon a xewi ci diggante Musalkatu Àddina ak doomi Aadama.

Dina baax lool ci nun, su nu manee fàttaliku ne, nettalib Yuusufa am na ñaari wàll, wàllu 'historique' ak wàllu 'symbolique' – maanaam, wàllu cosaan ak wàllu misaal. Su nu fàttee li nu jàngoon lépp tey, ba mu des lenn, na nekk lii: Yuusufa moo doon **takkandeeru Rammukat**, bi waroon a ganesi àddina. Am na daanaka téeméeri yëf yu nekk ci dundug Yuusufa, yuy misaal dundug **Rammukat**, bi naroon a ñëw. Amunu jotu faramfànce yëf yooyu yépp tey ... waaye man nanu ci tudd ñett.

1.) Ci bu jëkk, gisoon nanu ni magi Yuusufa **xeebe** Yuusufa, moom ak i géntam. Bañ nañu ko, saaga ko, fitnaal ko, ba jaay ko sax. Noonu la deme woon ak Rammukat bi Yàlla yónni ci àddina. Waa àddina si bañ nañu ko, moom ak kàddoom, ñu saaga ko, fitnaal ko, jaay ko, ba daaj ko sax ci bant.

2.) Ñaareelu misaal mi mooy: Ci bu jëkk. nit ñi bañ nañu Yuusufa, tëj ko, waaye buuru Misra **teral ko**, fal ko kilifag réew mépp, te wax képp ku bëgg a mucc ci xiif ak dee, "*Demleen ca Yuusufa!*" Naka noonu, ci mbirum Musalkatu Àddina, bi Yàlla wàcce, Yàlla ci boppam nee na: Demleen ci Musalkat, bi ma fal! Ñëwleen ci Man jaare ci Moom! Ku ñëw ci Moom, dootuloo xiif ci sa biir xol, te sa ruu dina dund ba fàww! Nit ñi bañ nañu Rammukat bi ma yónni, waaye Man, fal naa ko ni Musalkatu Àddina si, ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk, waaye dinga am dund gu dul jeex! **(Yow 5:35 1Pi 2:4 Yow 3:16**)

3.) Ci lu jëm nag ci ñetteelu méngale bi diggante Yuusufa ak Rammukat bi – gis nanu ni magi Yuusufa **sukke** woon fa kanamam. Moom mi ñu bañoon, te weddi ko, suufeel ko – ci muj ga, sujjóotaloon nañu ko! Naka noonu, kàddug Yàlla day yégle ne, Rammukat, bi nit ñi bañ, te weddi ko, suufeel ko ba tey ... benn bés, moom ci boppam dina dellusi ngir àtte àddina ci njub, te bés booba waa àddina sépp dinañu sukk fa kanamam te xam bu wóor ne, moom mooy Ki Yàlla fal ni Musalkat ak Àttekatu Àddina!

Kon mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Waaye na ngeen xalaat bu baax wax jii, ndax Yàlla dafa bëgg leeral seen xel ci lépp. Ci njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu àggale sunu nettali ci mbirum yonent Yàlla Yuusufa.
Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen di xalaat ci kàddu gii nekk ci Mbind mu Sell mi: Kàddug Yàlla nee na: "***Waxu yonent yi wér na, te war ngeen ko fonk; mi ngi mel ni làmp, buy leer ci bérab bu lëndëm!***" **(2Pi 1:19)**

# 27 Yuusufa: Ndaje mi!

(Njàlbéen 42-50)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci ñaari emisyoŋ yi weesu, nu ngi doon jàng nettali bu neex ci mbirum Yuusufa, doomu Yanqóoba. Tey jii nag, fas nanu yéene **àggale nettalib Yuusufa**, te **àgg ci mujug xaaj bi jëkk ci Tawreet, di téereb Njàlbéen ga**.

Gisoon nanu ba noppi ne, Yanqóoba, sëtub Ibraayma, amoon na fukki doom yu góor ak ñaar. Yuusufa moo doon fukkeelu doom ji ak benn. Ñoom ñépp ñu ngi dëkkoon réewu Kanaan, réew mi nga xam ne, moom la Yàlla digewoon jox ko askanu Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Bi Yuusufa dee waxambaane nag, dafa géntoon ni ko ay magam naroon a sujjóotale benn bés. Wànte magi Yuusufa añaane ko ak i géntam, te ñu jaay ko nib jaam, mu jëm réewu Misra. Waaye Yàlla génne Yuusufa ci coonoom yépp, may ko xel, ngir mu faramfànce géntu Firawna, buuru Misra, te yégle xiif bu metti bi naroon a daj réew ma diirub juróom-ñaari at. Looloo taxoon nag, Firawna fal Yuusufa, mu nekk kilifag réewu Misra mépp.

Ginnaaw ba juróom-ñaari ati naataange ya jeexee nag, gisoon nanu ni xiif bi Yuusufa yégle woon tàbbee ci biir Misra ak réewu Kanaan mépp. Waaye ci réewu Misra, dencoon nañu pepp mu baree-bare, ndax yiw ak xel mi Yàlla soloon Yuusufa.

Bi Yanqóoba dégge ne, Misra am na dugub, mu yebal ca fukki magi Yuusufa ya ngir ñu jënd ci, waaye boolewul ak ñoom Bensamen, rakku Yuusufa, ngir ragal musiba gaar ko. Ginnaaw loolu nag, gisoon nanu ni fukki magi Yuusufa agsee Misra, sujjóotal seen rakk Yuusufa, mu méngook la mu géntoon bu yàgg! Yuusufa moom xàmmee woon na ay magam, waaye ñoom xàmmeewuñu ko, ndaxte gisuñu ko lu ëpp ñaar-fukki at, te ci seen xalaat Yuusufa nekkatul sax.

Tey jii nag, dinanu àggale nettalib Yuusufa ba gis ni **mu xàmmikoo ay magam**. Wànte dinanu gis ne, Yuusufa feeñuwul ay mbokkam ci saa sa, ndaxte fasoon na leen yéene jëkk a nattu, ba xam ndax seen xol yu dëng te soxor soppiku nañu walla déet. Looloo tax Mbind mi ne:

"*Yuusufa gis ay magam, xàmmee leen waaye mu mel ni ku leen xamul, di wax ak ñoom ci kàddu yu dëgër, ne leen: Fu ngeen jóge? Ñu tontu ko: Nu ngi jóge réewu Kanaan, ngir jëndsi ab dund.*" **(Ge 42:7**)

Noonu Yuusufa laajte lu baree-bare, mu jiiñ leen ay yëddukat, tëj leen kaso. **Yuusufa dafa bëggoon ñu xalaat tuuti ci seeni dund ak fu ñu tollu fa kanam Yàlla ci seeni biir xol**. Ñetti fan gannaaw ga nag, Yuusufa daldi leen bàyyi ñu ñibbi, waaye mu denc kenn ci ñoom ci kaso, ne ñeneen ñi, buñu dellusi Misra te indaalewuñu seen rakk Bensamen, seen caatu baay.

Ginnaaw ay weeri weer, magi Yuusufa dellusi Misra, indaale Bensamen seen rakk. Bi ñu agsee, Yuusufa, di Boroom réew ma, dugal leen ci këram, ba tax ñu tiit lool. Yuusufa defal leen xew mu mag, toogloo leen tàmbali ci ki gën a mag ba ci ki gën a ndaw, jox leen ay ñam ci taabalam. Bensamen moom, amoon na juróomi yoon lu ëpp li ñeneen ñi amoon. Yuusufa doon na nattu ay magam, ba gis ndax dinañu iñaane Bensamen, ni ñu ko iñaanee woon, moom. Wànte kenn ci ñoom wonul ag kiñaan seen rakk, Bensamen.

Gannaaw xew ma nag, Yuusufa sant ay surgaam, ñu duy saakuy mbokkam ak dugub, te nëbb kaasam ci saakub Bensamen. Gannaaw ba mbokki Yuusufa demee, Yuusufa yónni bëkk-néegam mu topp leen, jiiñ leen càcc.

Bi leen bëkk-néeg ba dabee, mu ne leen: Lu tax ngeen feye lu baax lu bon? Ndax jëlu leen kaas bi sama boroom di naane? Ñu tontu ko ne: Jëlunu ko de! Na ki nga fekk kaas bi ci moom dee te nun ci sunu bopp nu nekk seeni jaam! Bëkk-néeg bi ne: Ku ma fekk kaas bi ci moom, dina nekk sama jaam, te yeen ñi ci des, man ngeen dem seen yoon.

Bi bëkk-néeg ba seetee saaku yépp, tàmbale ci saaku ki gën a mag ba ci saakub ki ci gën a ndaw, mu fekk kaas ba ci saaku Bensamen! Ci kaw loolu, mbokki Yuusufa daldi xotti seeni mbubb, dellu ci dëkk ba, sujjóot ci kanam Yuusufa.

Yuusufa nag ne leen: Lu ngeen def? Ndax dangeen yaakaaroon ne, man ngeen ma nax? Ci kaw loolu, Yuda, ñeenteelu doomu Yanqóoba, ne ko: Lu nu man a wax? Nu nu man a setale sunu bopp? Yàlla wone na sunuy moy ak sunuy njubadi! Nekk nanu say jaam nun, ak ki ñu fekk kaas bi ci moom!

Yuusufa tontu ne: Ki ñu fekk kaas bi ci moom, dina nekk sama jaam. Yeen, ñi ci des, delluleen ci jàmm ci seen baay!

Noonu, Yuda jegeñsi Yuusufa, nettaliwaat ko naqar wi baayam amoon ci bàyyi Bensamen mu ànd ak ñoom. Ginnaaw ga, Yuda ñaan Yuusufa mu am yërmande, bàyyi Bensamen, mu ñibbi ci baayam, te moom, Yuda, mu des fi, nekk jaam ci palaasu Bensamen!

Bi Yuusufa gisee naqar, wi ay magam am ndax seen bàkkaar yi weesu, ak yërmande ji ñu am ci seen baay ak seen rakk, Yuusufa xam ne, ci dëgg-dëgg, **ay magam réccu nañu**! Noonu, mu xam ne, **waxtu xàmmiku ay mbokkam jot na**!

Ci loolu Mbind mi ne:

*Yuusufa mënatul woon téye boppam ci kanamu ñi ko wër. Mu sant ñépp ñu génn, lu dul i mbokkam. Yuusufa daldi jooy ak baat bu kawe lool, te waa këru Firawna yépp dégg nañu ko. Noonu Yuusufa wax ay mbokkam, naan: **Man mii maay Yuusufa**! Ndax sama baay a ngi dund ba tey? Waaye ay magam mënuñu koo tontu, ndax njàqare jàpp na leen fa kanamam.*

*Yuusufa dellu ne ay magam: Jegeñsileen. Noonu ñu jegeñsi. Mu ne leen: **Man maay Yuusufa, seen rakk, ji ngeen jaay, ñu indi ko Misra**. Waaye léegi buleen ko metitlu, mbaa ngeen naqarlu li ngeen ma jaay, ñu indi ma fi, **ndaxte Yàlla moo ma yebal ma jiitu leen, ba musal bakkan**. Ñaari at a ngii xiif baa ngi ci réew mi, te fii ak juróomi at ci kanam kenn du bey, kenn du góob. Yàlla da maa yebal, ma jiitusi leen, ngir rawale leen ci biir xettali bu mag, ndax seen xeet bañ a saay ci réew mi. Kon nag **du yeen a ma fi yebal, waaye Yàlla moo ma def**, may xelum Firawna, di kilifag këram gépp, tey boroom Misra gépp.*

*Delluleen bu gaaw ci sama baay, ne ko: Sa doom Yuusufa nee na: Yàlla fal na ma kilifag Misra gépp; ñëwal fi man, ni mu gën a gaawe! Dinga dëkk ci réewu Gosen, nekk ci sama wet, yaw, say doom ak say sët, say xar ak say nag, ba ci lépp li nga moom. Dinaa la fa dundal, ndaxte des na juróomi ati xiif; noonu doo dee, yaw, sa kër ak lépp li nga moom. Yeen gis ngeen bu leer, yeen ak sama rakk Bensamen, ne man ci sama bopp maay wax ak yeen. Nettalileen sama baay sama ndam ci Misra ak lépp li ngeen gis, te ngeen indi fi sama baay ci ni mu gën a gaawe*!

*Noonu mu laxasu ci baatu Bensamen rakkam, daldi jooy, te Bensamen it laxasu ko, di jooy. Mu saafoonte ak magam yépp, di jooy, ba noppi ay magam diisoo ak moom.* **(Ge 45:1-15)**

Bi loolu amee, mbokki Yuusufa daldi waaj ngir dellu ci seen këru baay. Yuusufa jox leen ay watiir ci ndigalu Firawna, jox leen it yóbbal ngir tukki bi.

*Noonu magi Yuusufa jóge réewu Misra, ñëw réewu Kanaan ci Yanqóoba seen baay. Ñu ne ko:* ***Yuusufa mi***

***ngi dund**, te mooy kilifag réewu Misra mépp! Waaye Yanqóoba rët ba ne tërit, ndaxte gëmu leen. Noonu ñu nettali ko lépp li Yuusufa wax te mu gis watiir yi Yuusufa yebal ngir jëlsi ko. Noonu xelu Yanqóoba seen baay daldi dellusi. [Te Yanqóoba, mi ñuy wax Israyil, ne]: Loolu doy na! Yuusufa sama doom mi ngi dund ba tey. Dinaa dem gis ko, bala may dee*. **(Ge 45:25-28**)

Ginnaaw loolu nag, Mbind mi day nettali ni Yanqóoba ak njabootam toxoo, génn réewu Kanaan, jëm Misra. Yanqóoba rendi woon na sarax ci yoon wi, te Yàlla wax ak moom ca bérab boobu, ne ko:

"*Man maay Yàlla, di sa Yàllay baay. Bul am genn tiit ci dem Misra, **ndaxte dinaa la def foofu xeet wu yaa**. Man ci sama bopp dinaa ànd ak yaw Misra, te ci lu wóor man ci sama bopp **maa la fay génne**, te Yuusufa moo lay doggali*." **(Ge 46:3,4**)

Ginnaaw loolu, Yanqóoba ak njabootam toppaat yoon wi, ba agsi Misra. Ni mbégu Yanqóoba réye, ci li mu gisaat doomam Yuusufa, ginnaaw at yu bare yooyu! Noonu, Yanqóoba, mi ñuy wax ***Israyil***, ak njabootam gépp daldi sanc ci réewu Misra, ci diiwaanu Gosen, giir fa, ba jaboot lu yaa. Yanqóoba moom dëkk na fukki at ak juróom-ñaar ci réewu Misra te àppam tollu ci téeméeri at ak ñeent fukk ak juróom-ñaar. Noonu Yanqóoba, baayu bànni Israyil, faatu, wuyuji Boroom bi ci kaw. Yuusufa ak i mbokkam ak waa Misra yépp jooy ko, suul ko ca réewu Kanaan, ca bàmmeelu Ibraayma maamam.

Léegi nag, nanu dem ba ci saar wu muj wi ci téereb Njàlbéen ga, di saar juróom-fukk. Mbind mi ne na:

*Bi magi Yuusufa gisee ne, seen baay dee na, ñu ne: Su Yuusufa walbatikoo nag ci sunu kaw, ba fey nu lu bon lépp li nu ko defoon! ...Waaye [bi ko Yuusufa déggee], mu ne leen: "Buleen am genn tiit. Ndax maay Yàlla? **Fexeel ngeen ma lu bon, waaye Yàlla walbati na ko, def ko lu baax, ba tëral lii am tey jii, di musal mbooloo mu bare**. Kon nag buleen tiit dara, dinaa leen topptoo, yeen ak seeni doom!" Noonu mu dëfël leen, ba seen xol sedd guyy*.

*Bi loolu amee nag, Yuusufa dëkk Misra, moom ak kër baayam gépp, dund ba am téeméeri at ak fukk...Am bés Yuusufa ne ay magam: Sama waxtu jege na, waaye Yàlla dina leen dikkal, jële leen ci réew mii, yóbbu leen ca réew ma mu digoon ci ngiñ Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Yuusufa ne doomi Israyil: Yàlla dina leen dikkal, waaye giñleen ne, dingeen yóbbu samay yax fu sore ak fii. Noonu Yuusufa faatu ci téeméeri atam ak fukk. Ñu waajal ko ci diw ko ndàbb, def ko ci gaal, denc ko ci Misra*." **(Ge 50:15,19-26**) Amiin.

Nii la téereb Njàlbéen ga jeexe. Téere, bii ubbikoo nettalib lu jëm ci ni Yàlla sàkke lépp luy **dund** – dafa uboo ak nettalib **dee**. Bàkkaaru Aadama a tax dee law ci nit ñépp. Bëgg ko, walla bañ ko, "*peyug bàkkaar mooy dee!*" **(Ro 6:23**) Waaw, nit ku baax, ku mel ni Yonent Yàlla Yuusufa sax dafa war a dee, ndaxte moom itam, doomu Aadama la woon te am reeni bàkkaar ci xolam. Ni nu ko gise woon, Yuusufa, ci ndimmalu Yàlla, manoon na **musal** waa Misra ak i mbokkam ngir ñu baña dee ak xiif, waaye mënuleen woon a **musal ci dee ci boppam**.

Wànte nu ngi sant Yàlla, ndaxte ci téereb Njàlbéen ga, gisoon nanu it **ni Yàlla dige** woon wàcce ci àddina Musalkat bu am doole, ngir **mu noot dee**, te goreel doomi Aadama ci dooley Ibliis ak mbugalug bàkkaar ak tiitaangeg dee!

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga Musalkat boobu nasaxal dee te feeñal dund gu dul jeex gi ciképp ku ko gëm? Linjiil bu sell bi wax na ci Moom ne: "*Cant ñeel na Boroom bi, Yàllay Israyil, ndaxte wallusi na mbooloom, ba jot leen! **Feeñal na nu Musalkat bu am doole ... Ni mu ko yéglee woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam yu sell yi!***" **(Lu 1:68-70**) Amiin.

Ci emisyoŋ bi di ñëw nag, bu soobee Yàlla, dinanu dugg ci ñaareel téere bi Tawreet ëmb, ñu koy woowe: 'Gàddaay ga.' Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng ci téereb Njàlbéen ga ca ndoorte la ba tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint

Louis.

Kon nag, nu ngi leen di tàggu ba emisyoŋ biy ñëw. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku dëgg gu neex gii nekk ci kàddoom: "***Fa bàkkaar bare, yiwu Yàlla gën faa bare!***" **(Ro 5:20**)

# 28 Nafaru Téereb Njàlbéen ga

(Njàlbéen 1-> Goreel ga 1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ba tey nu ngiy gëstu ci Tawreet. Ni ngeen ko xame, Tawreet mooy téere bi jëkk ci Mbindi yonent yi, te am na juróomi xaaj. Xaaj bu jëkk bi ñu ngi koy wooye '*Njàlbéen ga*'. Ci emisyoŋ bi weesu, jeexaloon nanu sunuy njàng ci téereb Njàlbéen ga. Tey ji nag, fas nanu yéene dugg ci ñaareelu xaaju Tawreet, bi ñuy wax: '***Gàddaay ga***'. Téereb Gàddaay ga dafa ëmb nettali bu neex te doy waar ci ni Yàlla goreele bànni Israyil ci seen buumug njaam ci réewu Misra.

Wànte, bala nuy dugg ci téereb Gàddaay ga, nanu jëkk a **nafar** li nu jàngoon ci téere bi jëkk ci Mbind mu sell mi. Ci dëgg-dëgg, war nanu xam bu baax téereb Njàlbéen ga, ndaxte mooy fondamaa bi Yàlla teg, ngir nu man a dégg te gëm lépp lu ñu bind ci yeneen téerey yonent yi ci topp.

Ndax yeena ngiy fàttaliku aaya bi jëkk ci téereb Njàlbéen ga? Nanu ko jàngaat. Dafa ne: "*Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf.*" Kàddu gu am maana la! "Ca njàlbéen ga **Yàlla**!" Ba dara amagul – Kenn rekk a doon dund! Kooku, moo di Yàlla!

Noonu, gisoon nanu Yàlla, ci jamano ju yàgg ja laata mu sàkk nit ñi, ni mu bindewoon alfunniy alfunniy junniy junniy **malaaka**, ngir ñu jaamu ko te màggal ko. Ci biir malaaka yi, amoon na ci benn bu ëppoon xel te gën a rafet yeneen malaaka yépp. Moo doon **Lusifer**, mi nekkoon kilifag malaaka yi. Wànte Mbind mi daf nu nettali ne, dafa amoon bés, Lusifer bàkku, xeeb Yàlla ci biir xolam. Lusifer ak yeneen malaaka yu bare, tàmbali rabat pexe ngir noot Yàlla. Wànte kenn mënul a noot Yàlla, te Yàlla mënul a dékku kuy bañ kilifteefam. Ci kaw loolu Yàlla dàq Lusifer ak malaakaam yu bon ya, te mu soppi turu Lusifer, mu nekk '**Seytaane**', liy tekki: '*bañaaleb Yàlla*'. Te gannaaw ba Yàlla dàqee Seytaane ak ay malaakaam, mu sàkkal leen **safara su dul fey**. Te Mbind mi day wax ne, keroog bésu pénc ba, Yàlla Aji Jub ji dina sànni Seytaane ca safara soosu ak képp ku koy topp.

Ginnaaw loolu nag, jàngoon nanu ni Yàlla Aji Sax ji sàkke **asamaan, suuf, géej ak li ñu ëmb lépp**. Yàlla bindoon na lépp ngir nit ñi muy fas yéene sàkk. **Nit** moo di mbindeef mi gën a am solo ci lépp li Yàlla bind, ndaxte sàkk nañu ko ci melokaanu Yàlla! Yàlla dafa bëggoon a am diggante bu xóot te neex ak nit. Looloo tax mu sol ci ruuwu nit **xel** ba mu man a xam Yàlla, may ko **xol**, ba mu man a bëgg Yàlla te dénk ko **coobare**, ba mu man a tànnal boppam déggal Yàlla walla ñàkk koo déggal.

Naka noonu, gisoon nanu ni Yàlla tege woon ab **nattu** ci kanamu nit ñi mu sàkk, ba wone fu seeni xol tollu. Looloo taxoon, bés ba Yàlla sàkke Aadama, mu artu ko ne: "*Man ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee!*" **(Ge 2:16**) maanaam: Fàww nga tàggalikoo ak man ba fàww!

Wànte gisoon nanu ni sunuy maam, Aadama ak Awa, tànne woon déggal Seytaane te topp ko ba lekk ci garab gi Yàlla aaye. Ci kaw loolu nag, kàddug Yàlla nee na: "***Bàkkaar** ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi **dee**, te **dee daldi law ci nit ñépp**!*" **(Ro 5:12**) Ci lu wóor, "Musiba du yem ci boppu boroom!" Bàkkaaru Aadama a tax nun ñépp nekk ay bàkkaarkat, te fàww nu dee, jaar ci àtteb Yàlla, nun ñépp!

Noonu, jàngoon nanu ni Yàlla dàqe Aadama ak Awa toolu Àjjana, ndax seen bàkkaar. Wànte laata mu leen di dàq, Yàlla dafa xamle woon ni mu fasoon a yéene yónnee ci àddina ab **Rammukat**, ngir musal doomi Aadama ci dooley Seytaane ak peyug bàkkaar! Yàlla, ci yéeneem ju rafet, amoon na pexe, ngir jot bàkkaarkat

yi. Pexeem moo doon wàcce Kenn ku bokkul ci bàkkaaru Aadama, ngir mu tuur deretam, feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar. Ci loolu Yàlla doon na wone bu leer ni mu man a baale nit ñi seeni bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem. Ci dëgg-dëgg, li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Rammukat bi naroon a ñëw, dig gu neex lool la woon!

Noonu gisoon nanu ni Yàlla firndeele dig gu neex googu ci li mu rendi ay mala, defaral ci Aadama ak Awa yérey der ngir muur seen gàcce. Ci noonu nag, Yàlla doon na jàngal Aadama ak Awa ne, "*Peyug bàkkaar mooy dee!*" **(Ro 6:23**) te "*Su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Yt 9:22**)

Ginnaaw loolu, jàngoon nanu ci mbirum ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, maanaam, Kayin ak Abel. Gisoon nanu ni **Abel** jébbale Yàlla **mbote** mu amul sikk, rendi ko, ngir misaal **Rammukat** bi naroon a ganesi àddina, deewal bàkkaarkat yi. Waaye Kayin moom, dafa doon fexee jege Yàlla ci pexey boppam, indil ko li mu beyoon. Noonu Mbind mi nee: "*Yàlla Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin.*" **(Ge 4:4**) Lu tax Yàlla nangulul Kayin saraxam? Ndaxte yoonu Yàlla waxul woon: "Peyug bàkkaar mooy jëf yu rafet!" Wànte dafa tëraloon ne: "*Peyug bàkkaar mooy **dee**!*" te "***Su deret tuuruwul**, mbaalug bàkkaar du am!*" Yàlla layoowoon na ak Kayin ngir mu réccu te nangu yoonu njub wi mu tëraloon, wànte Kayin deful lu dul mer rekk, ba rey rakkam, Abel.

Naka noonu, gisoon nanu ni lu ëpp ci doomi Aadama toppe tànki Kayin, ba nga xam ne, bi nu agsee ci jamanoy Nóoyin, Mbind mi nee na: "*Yàlla gis ne: Coxoru nit réy na lool ci àddina, te fu ñu man a tollu, **lu bon rekk lañu daan xinte ci seen xol**!*" **(Ge 6:5**) Ndax xolu nit bu bon, Yàlla dogaloon na indi ci kaw suuf mbënnum ndox ngir far bàkkaarkat yi. Ca jamano ju dëng jooja, Nóoyin rekk a gëmoon Yàlla, ba tax Yàlla wax ko mu defar gaal gu réy, gi naroon a nekk rawukaay ci képp ku ci dugg. Yàlla muñaloon na bàkkaarkat yi diir bu yàgg, dajeek Nóoyin doon yett gaal ga. Wànte kenn réccuwul ba dugg ca gaal ga, ba mu des Nóoyin ak njabootam ak bàyyima yu bare.

Nóoyin amoon na ñetti doom. Sem, Xam ak Yafet. Amoon na kenn ku soqikoo ci Sem, ku tuddoon: Ibraayma. Jàngoon nanu ni Yàlla wooye Ibraayma, ngir mu génn kër baayam, dem ci réewu Kanaan. Yàlla fasoon na yéene def ci moom **xeet wu bees**, wu yonent Yàlla yi ak **Musalkatu Àddina** si naroon a soqikoo. Looloo tax Yàlla waxoon Ibraayma, naan: "*Dinga nekk buntu barke...te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw.*" **(Ge 12:2-3**)

Noonu Ibraayma jur Isaaxa ci màggetam, ci kaw digu Yàlla. Isaaxa nag jur Yanqóoba, te Yanqóoba, mi Yàlla tudde Israyil, jur fukki doom yu góor ak ñaar. Noonu fukki doomi Yanqóoba ak ñaar ñooñu sos xeet wu bees wi Yàlla digoon Ibraayma, muy xeetu Israyil.

Ci ñetti emisyoŋ yi weesu nag, gëstu nanu ci nettali bu doy waar ci mbirum doomi Yanqóoba, rawatina ki tudd Yuusufa, mi doon fukkeelu doom ji ak benn. Magi Yuusufa bañoon nañu ko, waaye Yàlla barkeel na ko, ba tax, ca muj ga, mu nekk kilifag réewu Misra mépp. Bi loolu amee, xiif tàbbi ci biir Misra ak réewu Kanaan mépp, ba toskare ja metti lool. Yanqóoba ak i doomam nag, amatuñu lu ñu lekk. Bi Yanqóoba dégge ne, Misra am na dugub, mu yebal ca ay doomam. Noonu, gisoon nanu ni Yuusufa xàmmikoo ay màggam, baal leen, woo baayam ak mbokkam yépp, ñu toxu, sanc ci Misra. Loolu mooy li tax, **ci mujug téereb Njàlbéen ga**, nu gis ne, **bànni Israyil**, nekkatuñu ci réewu Kanaan mi Yàlla digoon Ibraayma, waaye ñu nekk **ci Misra**. Wànte loolu lépp xewoon na ngir amal li Yàlla waxoon Ibraayma bu yàgg, ba mu koy wax, naan:

"*Déglul bu baax li ma lay wax. Saw askan dina nekk ay doxandéem ci réew mi ñu moomul, ñu di leen def i jaam, lakkal leen diirub ñeenti téeméeri at. Waaye réew moomu leen di def i jaam, dinaa leen àtte. Bu loolu amee nag, saw askan dina ca génn ak alal ju bare.*" **(Ge 15:13,14**)

Yàlla Moom ci boppam doon na joo loxoom ci lépp lu xewoon ci anami bànni Israyil. Lu tax Yàlla bàyyi sëti Ibraayma, ñu sanc ci Misra, te mu digoon leen réewu Kanaan? Ndaxte Yàlla fasoon na yéene wone ndamam ak kàttanam, jaarale ko ci li naroon a dal ci bànni Israyil ci réewu Misra. Yàlla fasoon na yéene goreel bànni

Israyil ci dooleem juy yéeme ji, **ngir ñépp man a xam ne, Moom mooy Buuru buur yi; Aji Kàttan ji**!

Léegi nag, mbokki déglukat yi, ci minit yu néew yi nu dese, nanu ci fexe jàngandoo saar wi jëkk ci téere bi ñuy wax Gàddaay ga. Mbind mi ne na:

*Ñii ñooy doomi Israyil, yi àndoon ak Yanqóoba (seen baay), dem Misra, te kenn ku nekk yóbbaale waa këram: Ruben, Simeyon, Lewi, Yuda, Isakaar, Sabulon, Bensamen, Dan, Neftali, Gàdd ak Aser. Ci noonu ñi soqikoo ci Yanqóoba ñépp, juróom-ñaar fukki nit lañu, fekk doomam, ju ñuy wax Yuusufa, nekk Misra.*

*Gannaaw loolu Yuusufa ak i doomi baayam ak maasam, ñépp dee. Waaye bànni Israyil di askan wu law te giir, di sakkan tey yokku, te bare ne gàññ, ba fees réew ma.*

*Bi loolu wéyee, buur falu ci Misra, te soppiku am, ndax xamul kuy Yuusufa. Noonu mu woo waa réew ma, ne leen: Bànni Israyil ñoo ngi nuy bëgg a mëdd ci bare. Nanu def pexe, ngir ñu bañatee yokku. Lu ko moy bu xare amee, dinañu far ak sunuy noon, xeex ak nun, génn réew mi. Moo tax waa Misra sàkk ay njiiti liggéeykat, ngir fitnaal leen ci diisal seen yen, di leen liggéeyloo. Noonu la bànni Israyil tabaxale Firawna dëkku dencukaayu dund yii: Pitom ak Ramses. Waaye lu ñu leen gën a fitnaal, ñuy gën di yokku tey law, ba waa Misra mujj jàq lool. Noonu ñu soxore bànni Israyil, di leen jaamloo, soxore leen ci toskare, ji ñu leen di teg, ba seen àddina wex leen, ñuy muul di tabax, di bey ay mbey yu bare.*

*Noonu buuru Misra woo rewlikati Ebrë yi, maanaam bànni Israyil. Kenn kaa ngi tudd Sifra, ki ci des Puwa. Mu ne leen: Bu ngeen dee rewli jigéeni Ebrë yi, nangeen seetlu doom, yi ñuy jur. Su dee góor, reyleen ko. Su dee jigéen, bàyyileen ko, mu dund. Waaye rewlikat ya ragal Yàlla, ba defuñu li leen buur ba sant. Ñu bàyyi liir yu góor yi, ñuy dund. Buur ba daldi woowaat rewlikat ya, ne leen: Lu tax ngeen bàyyi liir yu góor yi, ñuy dund? Rewlikat ya ne ko: Jigéeni Ebrë yi niroowuñu ak jigéeni Misra yi. Dañoo am kàttan, ba laata rewlikat bi di agsi, fekk ñu mucc.*

*Bànni Israyil nag sekki te gën a yokku. Te Yàlla defal rewlikat yi tawféex, ba jox leen njaboot ndax seen ragal Yàlla. Noonu Firawna daldi jox ndigal waa réew mi ne: Bépp doomu Ebrë, bu juddu tey góor, sànnileen ko ca dex ga, te bàyyi jigéen ñi, ñu dund.* **(Ex 1:1-22**)

Fii la saar wi jëkk ci téereb Gàddaay ga yem. Ci emisyoŋ bi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu dugg bu baax ci nettali bu neex bii, ba gis ni Yàlla woowe kenn nit te waajal ko ngir mu goreel bànni Israyil ci loxoy Firawna. Ndax xam nga turu nit kooku? Waaw, mooy Musaa. Yonent Yàlla Musaa.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel. Ba beneen yoon, nu ngi leen di tàggoo ak kàddu, yi jóge ci Mbind mu Sell mi: "***Lépp lu ñu waxoon ci Mbind mi lu jiitu tey, dañu koo tëraloon, ngir nu sàkku ci xam-xam, xam-xam bu nuy may fit ak muñ, ak di feddali sunu yaakaar***." **(Ro 15:4**)

## 29 Musaa!

(Goreel ga 1,2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ni ngeen ko war a xame, am na juróomi téere ci Tawreet, bi Yonent Yàlla Musaa bind. Ci njàng mi weesu, lanu jeexal téereb Njàlbéen ga, ba jàll ci ñaareelu téereb Tawreet, ñu koy woowe Gàddaay ga. Sunu bëgg-bëggu xol ak sunu ñaan ci Yàlla, mooy mu leeral sunuy xel ak sunuy xol ci lépp li nu nar a jàng ci téere bu neex bii.

Gisoon nanu ba noppi ni ñaareelu téereb Tawreet tàmbalee fi téere bu jëkk bi jeexe. Maanaam, gisoon nanu ni sëti Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba **sance ca Misra**, fu sore réewu Kanaan mi leen Yàlla digoon ngir jox leen ko.

Ci saar wu jëkk wi ci téereb Gàddaay ga nag, jàngoon nanu ne:

*Ñii ñooy **doomi Israyil**, yi àndoon ak Yanqóoba, dem Misra, te kenn ku nekk yóbbaale waa këram: Ruben, Simeyon, Lewi, Yuda, Isakaar, Sabulon, Bensamen, Dan, Neftali, Gàdd ak Aser. Ci noonu ñi soqikoo ci Yanqóoba ñépp, juróom-ñaar fukki nit lañu, fekk doomam, ju ñuy wax Yuusufa, nekk Misra. Gannaaw loolu Yuusufa ak i doomi baayam ak maasam, ñépp dee. Waaye bànni Israyil di askan wu **law te giir**, di sakkan tey yokku, te bare ne gàññ, ba fees réew ma.*

*Bi loolu wéyee, **buur falu ci Misra**, te soppiku am, ndax xamul kuy Yuusufa. Noonu mu woo waa réew ma, ne leen: Bànni Israyil ñoo ngi nuy bëgg a mëdd ci bare. Nanu def pexe, ngir ñu bañatee yokku. Lu ko moy bu xare amee, dinañu far ak sunuy noon, xeex ak nun, génn réew mi. Moo tax waa Misra sàkk ay njiiti liggéeykat, ngir fitnaal leen ci diisal seen yen, di leen **liggéeyloo**. Noonu la bànni Israyil tabaxale Firawna dëkku dencukaayu dund yii: Pitom ak Ramses.*

*Waaye lu ñu leen gën a fitnaal, ñuy gën di yokku tey law, ba waa Misra mujj jàq lool. Noonu ñu soxore bànni Israyil, di leen jaamloo, soxore leen ci toskare, ji ñu leen di teg, ba seen àddina wex leen, ñuy muul di tabax, di bey ay mbey yu bare*. **(Ex 1:1-14)**

Nanu taxaw fi tuuti. La ko dale ci deewu Yuusufa, ba fii nu toolu ci saar wii, **lu ëpp ñetti-téeméeri at** dox na ci diggante bi. Gis nanu fii beneen Firawna bu falu ci Misra, buur boo xam ne, fàtte woon na lépp li Yuusufa defaloon ngir waa Misra. Firawna bile, fitnaaloon na bànni Israyil lool, def leen ay jaamam. Céy, ni mu leen liggéeyloo! Xëy na ci xalaati bànni Israyil, Yàlla fàtte woon na li mu digoon seen maam Ibraayma ci mbirum ni ñu war a nekke xeet wu am doole. Waaye Yàlla fàttewul woon dara ci lu mu digewoon! Yàlla dafa doon amal sax li mu dige woon bu yàgg!

Ci dëgg-dëgg, Yàlla kuy sàmm kóllëre la! **Ku takku la**! Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit! Yàlla mooy ki rabatoon pexe ngir sàkk xeet wu bees, wi naroon a jaarale yonent yi ak Rammukat bi ci àddina – te **dara mënul woon a fanq pexeem**!

Yeen a ngiy fàttaliku ne, bi Yàlla jëkkee xamle pexeem ngir sàkk xeet wu bees woowu, mu ngi tàmbali woon ak ñaari màggat, di Ibraayma ak Saarata. Ibraayma, bi mu ame téeméeri at ci la juroon Isaaxa; Isaaxa moom jur Yanqóoba; te Yanqóoba jur fukki doom ak ñaar ñi sos bànni Israyil. Bi ñu toxoo ba sanc ci Misra, juróom-ñaar fukki nit lañu woon. Waaye, ginnaaw ay ñetti-téeméeri at, nekkoon nañu mbooloo mu réy-a-réy! **Ndax Yàlla defoon na li mu dige woon bu yàgg**? Ndax Yàlla defoon na ci Ibraayma xeet wu bees te yaa? Axakay! Yàlla kuy sàmm kóllëre la, te mënul tebbiku! Moo yelloo ndam ba fàww!

Jàng nanu ni **Firawna** fitnaale bànni Israyil, def leen ay jaamam. Waaye danuy gis it ne, saa su Firawna fexee noot te wàññi bànni Israyil, Yàlla dafa doon def pexe ba ñu sekki tey gën a yokku. Noonu, Mbind mi dafa nuy nettali ni Firawna mere lool, daldi joxe ndigal ne: Bépp doom bu bokk ci bànni Israyil, bu juddu tey góor, sànnileen ko ca dex ga, ngir mu dee! Lu ngeen ci xalaat? Kan moo doon jiite Firawna ci pexeem mu soxor moomu? **Seytaane** la woon! Lu tax Seytaane bëggoon a fitnaal bànni Israyil te rey leen? Lii moo tax. Seytaane xamoon na ni Yàlla digee woon a yónni ci àddina Rammukat bu am doole, bi naroon a goreel doomi Aadama ci dooley bàkkaar ak safara. Seytaane xamoon na bu baax it ne, Rammukat bi nar a ganesi àddina, **ci xeetu Israyil la waroon a jaare**! Looloo taxoon Seytaane xiir Firawna, muy fitnaal bànni Israyil ba di leen fexe far sax!

Waaye Yàlla, mi ëpp doole Seytaane, fasoon na yéene jëfandikoo kenn ci biir bànni Israyil, ngir mu goreel leen ci loxoy Firawna. Ndax xam nga turu jàmbaar jooju? Mooy **Musaa**. Yonent Yàlla Musaa. Léegi nag, nanu jàll ci ñaareelu saar wi, ngir gis **ci yan anam la Yonent Yàlla Musaa juddoo**. Mbind mi ne na:

*Booba jenn waay ci giiru Lewi. [Lewi moo doon ñetteelu doomu Yanqóoba. Lewi moomu nag,] takk jànq, bu mu bokkal askan. Ndaw sa ëmb,* ***jur doom ju góor****. Waaye bi mu gisee taar bi liir bi àndal, mu daldi koy nëbb lu mat ñetti weer. Bi mu ko mënatul a nëbb nag, mu wut* ***pañe****, bu ñu ràbbe barax, fatte ko gudoroŋ, tay ko ak ndàbb. Noonu mu yeb ca liir ba, dem dugal ko ca barax, ya ca tefesu dex, ga ñu naan Niil. Te booba* ***mag ju jigéenu liir*** *ba dand ko, di xool ba xam nan lay mujje.*

*Noonu* ***doomu Firawna ju jigéen*** *ñëw, sangusi ci dexu Niil gi, te àndandoom ya di doxantu ca tefes ga. Booba nag mu gis pañe ba ca biir barax ya, daldi yónni jaamam, mu jëli ko. Mu ubbi ko, gis liir bu góor ba, fekk muy jooy, ba yaramam daw ci moom. Mu ne: Kii de ci doomi Ebrë yi la! (Ebrë mooy tur wi waa Misra tudde woon bànni Israyil).*

*Magu liir ba (moom mi nëbbu woon ci biir barax ya), jegesi doomu Firawna ne ko: Ndax ma dem wutal la ku ko nàmpal ci jabari Ebrë yi? Doomu Firawna ne ko: Demal. Xale ba dem, woo yaayu liir ba. Noonu doomu Firawna ne ko: Yóbbul xale bii te nàmpalal ma ko, ma fey la. Jigéen ja jël liir ba nag, di ko nàmpal. Ba mu màggee, mu yót ko doomu Firawna, mu def ko ni doomam, tudde ko* ***Musaa****, naan ndax li mu ko jële ca ndox ma*. **(Ex 2:1-10)**

Kon, loolu mooy nettalib juddub Musaa. **Yàlla** doon na joo loxoom ci lépp li xewoon ci dundu Musaa, ndaxte Yàlla dafa ko fasoon a yéene jëfandikoo, ngir mu goreel bànni Israyil ci loxoy Firawna. Xelum Yàlla mi, ni mu xóote, ba raw xelum Seytaane ak xelum nit! Ndax xam ngeen fu Musaa màgge? Mu ngi màgge ci kër Firawna, mi nga xam ne, moo doon fitnaal xeetu Israyil! Waaye Yàlla fasoon na yéene jëfandikoo Musaa ngir goreel bànni Israyil ci loxoy Firawna! Yàlla, ci pexeem, tànn na jëfandikoo doom ju jigéen ju buur bu soxor bi, ngir aar Musaa te yar ko, ndaxte Yàlla xamoon na ne, këru buur bi moo doon bérab bi gën a wóor te baax ci Musaa. Te it, Yàlla xamoon na ne, dafa amoon lu bare lu Musaa waroon a jàng te xam ko, ngir mu jekk ba man a jiite bànni Israyil. Noonu, Mbind mi nee na: "*Musaa nag di ku yeewu ci xam-xamu waa Misra bépp, di jàmbaar ci wax ak jëf*." **(Jëf 7:22)**

*[Naka noonu,]* ***bi Musaa màggee****, [am bés] mu génn, di doxantu ci mbokkam Ebrë yi, te mu gis yen bu metti, bi ñu leen doon teg. Noonu mu gis waayu Misra di dóor kenn ci mbokki Ebrë yi. Musaa geestu wet gu nekk, gisul kenn. Mu rey waayu Misra ji, suul ko. Ca ëllëg sa mu génnaat, gis ñaari Ebrë yuy xeex. Musaa daldi ne ki tooñ: Lu tax ngay dóor sa moroom? Mu tontu ko: Ku la fal njiit ak àttekat ci sunu kaw? Ndax danga maa bëgg a rey, ni nga defoon waayu Misra ja? Musaa daldi ragal ne: Ci lu wóor, mbir mi dafa feeñ. Naka la Firawna dégg mbir ma nag, muy wut a rey Musaa. Musaa réer Firawna, dem dëkki ca réewu Majan*." **(Ex 2:11-15)**

Kon nag, gis nanu Musaa, ci ndoorte li, ni mu fexe woon musal bànni Israyil ci dooley boppam, wànte Yàlla bëggul woon mu deme noonu. Li Yàlla bëggoon mooy jëfandikoo Musaa nib **jumtukaay** ngir goreel bànni Israyil. **Muccug Israyil, du jóge ci Musaa, wànte ci Yàlla**. Musaa, ci boppam, nit kese la woon, te amul

woon jenn doole ngir goreel bànni Israyil ci loxoy buuru Misra, su fekke ne Yàlla mayu ko ko.

Naka noonu, Mbind mi daf nuy nettali ne, diirub ñeent-fukki at, Musaa nekkoon na ca réewu Majan. Foofa ci màndiŋ mu tàng te wow mooma, Yàlla amoon na lu bare lu mu waroon a jàngal Musaa. Am na fu ñu bind ci Kàddug Yàlla ne: "*Nit ku maandu ci yëf yu néew, dina maandu itam ci yu bare. Ku jubadi ci yëf yu néew, du jub ci yu bare.*" (**Lu 16:10**)

Laata Yàlla doon man dénk Musaa sas wu diis, maanaam: sàmm mbooloom Israyil, fàww Musaa jëkk a wone takkuteem ci sas yu néew. Naka noonu, Mbind mi dafa nuy nettali ne, foofa ci réew mu sore Misra, Musaa nekk fa ab sàmm, séy, ba am ñaari doom. Diirub ñeent-fukki at Musaa sàmm bu takku la woon. Foofa ca màndiŋ ma – fa Musaa doon sàmm géttu goroom – **Yàlla doon na waajal Musaa** ci bés bi mu war a sàmm xeetu Israyil!

Noonu, Mbind mi ne na:

*Ba ñu ca tegee ay at, buuru Misra dee. Waaye ba tey bànni Israyil doon toskare ndax njaam gi, bay ñaan wall. Wall gi ñu ñaan ci seen biir njaam, àgg na ba ca Yàlla. **Yàlla daldi dégg nag seeni binni, fàttaliku kóllëre gi mu fasoon ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba**. Yàlla daldi leen nemmeeku, ba yërëm leen.*" (**Ex 2:23-25**)

Bànni Israyil yàggoon nañu lool ci seenug njaam. Diirub ñeenti-téeméeri at, waa Misra lakkal leen. Waaye Yàlla fàttewu leen. Yàlla fasoon na yéene goreel bànni Israyil ci seen njaam. Lu tax Yàlla fasoon yéene musal bànni Israyil ci loxoy Firawna? Ndax ñoo gënoon a baax ñeneen ñi? Déedéet! Bànni Israyil, ay bàkkaarkat lañu woon, ni waa Misra; ni nit ñépp. **Lu taxoon nag Yàlla am ay yéene yu neex ci doomi Israyil**? Lii rekk a tax: Ndax **yërmandeem** ak **takkuteem**.

Nanu jàngaat li nu jàngoon ci aaya bu mujj bi: Mbind mi ne na: "*Yàlla daldi dégg nag seeni binni, **fàttaliku kóllëre gi mu fasoon** ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba. Yàlla daldi leen **nemmeeku, ba yërëm leen***." (**Ex 2:24,25**)

Waaw. Yàlla, ci yërmandeem, ak takkuteem, fàttaliku woon na kóllëre, gi mu fasoon ak Ibraayma bu yàgg, ba mu ko naan:

"***Dinaa def ci yaw xeet wu yaa! Dinga nekk buntu barke! ... te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw!***" (**Ge 12:2,3**) "*Saw askan dina nekk ay doxandéem ci réew mi ñu moomul, ñu di leen def i jaam, lakkal leen diirub ñeenti téeméeri at. Waaye réew moomu leen def i jaam, dinaa leen àtte. Bu loolu amee nag, saw askan dina ca génn ak alal ju bare.*" (**Ge 15:13,14**)

Ci njàng mi di ñëw nag, bu sóobee Boroom bi, dinanu gis ni Yàlla feeñoo Musaa, woo ko, ba yebal ko Misra, ngir goreel bànni Israyil ci seen buumi njaam, ni mu ko dige woon Ibraayma bu yàgg.

Kon mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Su fekkee ne am ngeen lu ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon, ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mu sell mi wax bi ñu naan: "***Su nu ko ñàkkee kóllëre, Yàlla moom dina sax ci kóllëreem, ndax mënul a weddi boppam!***" (**2Tim 2:13**)

# 30 Aji Sax ji!

(Goreel ga 3,4)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Firawna, buuru Misra, fitnaale sëti Ibraayma yi, di bànni Israyil, ba def leen ay jaam. Waaye jàngoon nanu it ne, saa su Firawna fexee noot te wàññi bànni Israyil, Yàlla dafa doon def pexe ba ñu gën a yokku. Looloo taxoon Firawna, ci muj ga, mu jox ndigal waa réew mi ne: Bépp doom bu bokk ci bànni Israyil, bu juddu tey góor, sànnileen ko ca dex ga, ngir mu dee!

Waaye Yàlla, mi ëpp doole Seytaane, amoon na pexe ngir walbati lu bon li Firawna doon def. Noonu jàngoon nanu ni doomu Firawna ju jigéen fore benn liirub bànni Israyil bu nekkoon cib pañe ci dex ga. Doomu Firawna daldi ko yërëm, jàppe ko ni doomam, tudde ko **Musaa**. Musaa nag màgge ci kër Firawna, mi bëggoon a faagaagal xeetu Israyil! Wànte Yàlla, ci yéeneem ju rafet, fasoon na yéene jëfandikoo Musaa ngir goreel bànni Israyil ci loxoy buur bu soxor bi! Noonu, gisoon nanu, ba Musaa amee ñeent-fukki at, ni mu dawe woon Firawna, dëkk ci màndiŋ ma, séy fa, di fa sàmm géttu goroom.

Kon léegi nag, dinanu jëm kanam ci nettali bi, ba gis ni **Yàlla feeñoo Musaa ci màndiŋ ma**, woo ko ngir yebal ko ca Firawna, te génne bànni Israyil Misra. Nu ngiy jàng ci Tawreet, ci ñetteelu saaru téereb Gàddaay ga. Mbind mi nee na:

*Ay at gannaaw ga, Musaa di sàmm jur gu gàtt, gu goroom Yettro ... Musaa nag yóbbu jur ga ca gannaaw màndiŋ ma, ca [Sinayi], tundu Yàlla wa. Foofa* ***malaakam Aji Sax ji feeñu ko ci tàkk-tàkku safara ci biir as ngarab****. Musaa gis ne, ngarab saa ngiy tàkk, waaye lakkul. Noonu mu ne: Tee maa jàdd, seetlu kéemaan gii, lu waral ngarab si lakkul*!

*Bi Aji Sax ji gisee ne, mi ngi jàdd ngir seet, mu wooye ko ca digg ngarab sa, ne ko: Musaa, Musaa! Mu wuyu: Naam. Noonu Yàlla ne ko: Bul jegeñsi. Summil say dàll, ndaxte bérab bii nga taxaw,* ***suuf su sell la****! Mu tegaat ca ne:* ***Maay sa Yàllay baay, di Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba****! Musaa nag nëbb xar-kanamam ndax ragal a xool Yàlla.*

*Te Aji Sax ji ne ko: Ci lu bir,* ***gis naa fitna, ji sama mbooloo di daj Misra****. Dégg naa it seenug yuux, ndax ñi leen di jeñ ci liggéey. Te ñëwanti naa leen ndax seeni coono. Damaa wàcc, ngir rëccal leen ci loxoy waa Misra, jële leen ca réew ma, yóbbu leen ci meneen réew, mu naat te yaatu, maanaam ci réew, mu bare meew ak lem, ca bérabu ñi askanoo ci Kanaan... Léegi nag yuuxug bànni Israyil agsi na ba ci man, te gis naa ni leen waa Misra di xiisee. Kon nag kaay ma yónni la ca Firawna, ngir nga génne Misra bànni Israyil, sama mbooloo*!

*Waaye Musaa ne Yàlla: Man maay kan, bay dem ca Firawna, tey génne Misra bànni Israyil? Yàlla ne ko: Maay ànd ak yaw, te lii mooy firndeel ne, maa la yónni:* ***boo génnee bànni Israyil Misra, dingeen jaamu Yàlla ci tund wii****.*

*Noonu Musaa ne Yàlla: Su ma demee ci bànni Israyil, ne leen: Seen Yàllay maam moo ma yónni ci yeen; dinañu ma laaj: Nu mu tudd? Kon lu ma leen di tontu?*

*Yàlla ne Musaa:* ***Maay ki nekk****! Nanga waxe nii ak bànni Israyil: Aji Nekk ji moo ma yónni ci yeen. Yàlla dellu, ne ko: Aji Sax ji, di Yàllay maam yi, Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa ak Yàllay Yanqóoba, moo ma yónni ci yeen. Loolu* ***mooy sama tur ba fàww****!*” **(Ex 3:1-15)**

War nanu taxaw fii, ndaxte am na lu bare lu nu man a xam ci jikkoy Yàlla jaare ko ci li nuy sooga jàng.

Ci bu jëkk, gis nanu ni Yàlla feeñoo Musaa ci tàkk-tàkku safara ci biir as ngarab. Bi ko Musaa gisee, mu daldi waaru ci li mu gis; mu jegesi ngir niir ko, dégg baatu Yàlla di ko woo. Musaa daldi tiit bay lox, te ñemeetul a xool! Lu tax Musaa tiit? Ndaxte dafa taxawoon ci jetaayu **Yàlla Aji Sell ji**! Noonu Yàlla ne Musaa: "*Bul jegeñsi. Summil say dàll, ndaxte bérab bi nga taxaw, bérab bu sell la!*" **(Ex 3:5**)

Ci dëgg-dëgg, Yàlla, mi feeñu Musaa ci tàkk-tàkku safara, **ku sell la**! Waaw, Yàlla Aji Dund ju dëggu ji, ku sell la, amul werante! Te Yàlla dafa bëgg ñépp ràññe sellaayam. Ci mbirum malaaka yi taxaw ci jetaayu Yàlla, Mbind mi ne na: "*Guddi ak bëccëg duñu noppeek naan: Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji, moo sell, sell, sell, Moom ki nekkoon démb, ki nekk tey, te di ñëw ëllëg!*" **(Pe 4:8**) Malaaka yi nekk ci asamaan ràññe nañu sellaayu Yàlla. Yaw miy déglu tey nag, ndax ràññe nga sellaayu Yàlla?

Nanu xalaat tuuti ci lu loolu di tekki. Ni nu ko gise woon ba noppi ci njàng yi weesu, sellaayu Yàlla moo taxoon mu dàq Aadama ak Awa toolu Àjjana, ginnaaw ba ñu bàkkaaree. Sellaayu Yàlla a taxoon nanguwul saraxu Kayin. Te it, Sellaayam a taxoon Yàlla far niti jamanoy Nóoyin ak mbënnu ndox. Te ca jamano ja ca topp, Yàlla jaxase làkku àddina, tasaare waa Babel, ñoom ñi doon fexe bañ kilifteefu Yàlla. Te ci jamanoy Ibraayma, Sellaayu Yàlla a taxoon mu tawloo safara ci kaw waa Sodom, ñoom ñi doon bànneexu ci bàkkaar. Ci dëgg-dëgg, Yàlla ku sell la, di ku ñàkk caaxaan, ba tax Mbind mu sell mi ne: "*Na seen dund gépp sell, ni Yàlla mi leen woo selle!*" **(1Pi 1:14,15**)

Waaye, ba tey, lu ëpp ci nit ñi ràññewuñu sellaayu Yàlla. Faalewuñu Ki Yàlla doon. Man nanu gis loolu ci ni nit ñi saxe ci bàkkaar te di ci bànneexu. Gis nanu it seen ñàkka fonk sellaayu Yàlla, ci li ñuy mbubboo diine, waaye gëstuwuñu ci Mbind mu sell mi ngir xam lan mooy kàddug Yàlla gu wóor gi. Te gis nanu ko it ci ni ñuy faral a tudde turu Yàlla ci neen, di jëfandikoo ay kàddu yu mel ni "INSHALLA" walla "BARKE Yàlla" ciy waxi caaxaan. Man nanu gis itam seen ñàkka xam sellaayu Yàlla, ci li ñuy fexee jub fa kanam Yàlla ci seen pexey bopp, te baña nangu yoonu njub wi Yàlla tëral!

Ginnaaw loolu nag, ci kaw li Yàlla wax Musaa ci tàkk-tàkku safara ci biir as ngarab, gis nanu ci it ne, Yàlla du Aji Sell rekk yem ca, waaye mooy it: **Boroom Kóllëre**! Ndax dégg ngeen li Yàlla jëkk a wax Musaa? Mu ne ko: "*Man maay sa Yàllay maam, di Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba!*" **(Ex 3:6**) Loolu waroon na seddal xolu képp ku bëgg a am diggante bu neex ak Yàlla te jege ko. Yàlla Aji Sell ji mooy ki nga xam ne, moo fasoon kóllëreem ak nit ñu mu bindoon ni nun, maanaam: Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Yàlla kuy sàmm kóllëre la, te du wacc mbaa wor ay xaritam mukk! Looloo taxoon mu fàttaliku li mu digoon Ibraayma bu yàgg.

Yaw nag? Ndax am nga **diggante** bu jege te neex ak Yàlla mi waxoon ak Ibraayma, Isaaxa, Yanqóoba ak Musaa? Laaj bu am maana la ci képp ku bëgg a texe àddina ak àllaaxira. Laajunu: Ndax am nga **diine –** ndaxte topp sàrti diine taxul kenn jub ci kanamu Yàlla. Li nuy laaj mooy: Ndax am nga diggante bu wér ak Yàlla? Maanaam: Ndax gëm nga xebaaru yoonu mucc, wi Yàlla tëral? Ndax ràññee nga ne, **diine** ak **diggante** ñaar lañu?

Ay boroom xam-xam gis nañu ne, ci jamano ji nu tollu, am na ay junniy junni diine ci àddina si. Ci misaal, ci réewu Brésil rekk, am na fa ñeenti junniy diine ak tariixa yu wuute! Ñeenti junniy diine! Yeen a dégg loolu! Ndax dafa am ñeenti junniy Yàlla? Walla ñeenti junni yoon yu jëm ci Yàlla? Mukk! Mbind mi ne na: "***Jenn Yàlla kepp** moo am, ak **benn Rammukat kepp** diggante Yàlla ak nit ñi!*" **(1Tim 2:5**)

Lu waral nag ay junniy junni diine ak ay junniy tariixa yu wuute ci sunu àddina si ci jamanoy jii? Li ko waral mooy, li ëpp ci doomi Aadama xamuñu fondamaa dëgg, gi Yàlla tegoon ak Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Xamuñu li Yàlla digoon Ibraayma ak askanam ci mbirum Rammukat, bi nga xam ne, moo naroon a ganesi àddina ngir goreel doomi Aadama ci nootaangeg bàkkaar. Xamuñu Kàddug Yàlla, ji dul soppiku mukk. **Xamuñu Boroom kóllëre gi**!

Waaye war nanu jëm kanam léegi, ba gis jeneen jikko ji Yàlla wone, bi mu feeñoo Musaa ci biir safara suy jër-jëri ci ngarab sa. Jikko jooju mooy **yërmande**. Yàlla du Aji Sell ji ak Boroom kóllëre rekk, waaye itam **Yàlla Aji Yërmande la**! Looloo taxoon, ci lu jëm ci bànni Israyil, Yàlla wax Musaa ne:

‟*Ci lu bir, **gis naa** fitna, ji sama mbooloo di daj Misra. **Dégg naa** it seenug yuux, ndax ñi leen di jeñ ci liggéey. Te **ñëwanti naa** leen ndax seeni coono. **Damaa wàcc**, ngir rëccal leen ci loxoy waa Misra, jële leen ca réew ma, yóbbu leen ci meneen réew, mu naat te yaatu...*” **(Ex 3:7,8**)

Lu tax Yàlla fasoon yéene goreel bànni Israyil te yóbbu leen ci réew mu neex moomu? Ndax bànni Israyil yelloo woon na yërmandey Yàlla? Ndax ñoo gënoon a baax yeneen xeet yi? Déedéet! Lu tax nag, Yàlla fasoon leen yéene goreel te barkeel leen noonu? Kóllëreem ak yërmandeem rekk a tax. Ni Mbind mi nee: ‟*Yàlla dégg nag seeni binni, fàttaliku kóllëre gi mu fasoon ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba. Yàlla daldi leen nemmeeku, ba yërëm leen.*” **(Ex 2:24,25**) Yàlla mooy Yàlla **Aji Yërmande**.

Léegi, des na leneen lu nu war a gis tey. Jàng nanu ni Musaa laaje Yàlla lan mooy turam. Lan la Yàlla manoon a tontu Musaa? Yàlla, mi nit mënul a gis, **nu mu tudd**? Yàlla moo di Ki bind lépp, gis lépp, xam lépp, man lépp! Nan lanu man a tënke melow Yàlla wu sax wi ci wenn tur rekk? Nanu jàngaat ni Yàlla tontoo woon Musaa. Yàlla ne Musaa:

‟*Maay ki nekk! Nanga waxe nii ak bànni Israyil: Aji Nekk ji moo ma yónni ci yeen! ...Aji Sax ji...moo ma yónni ci yeen! Loolu moo di sama tur ba fàww!*” **(Ex 3:14-15**)

Lan mooy turu Yàlla wi ëmb meloom wu sax wi? Ndax dégg ngeen ko? Mooy: **Aji Sax ji**! Yàlla mooy ki nekk! Mooy ki nekkoon, ki nekk ak kiy nekk ba abadan! Mooy Aji Sax ji! Amul njàlbéen. Amul muj. Amul àpp. Amul moroom! Mooy Aji Nekk ji! Ni mu mel démb ak tey, lay mel ba fàww! Du soppiku mukk! Mooy Aji Sell ji! Mooy Boroom Kóllëre! Mooy Aji Yërmande! Aji Sax ji la tudd!

Ndax xam nga **Yàlla Aji Sax jooju**? Ndax ràññe nga **sellaayam**? Ndax yaa ngiy bég ci **kóllëreem**? Ndax gëm nga kàddoom? Ndax jot nga **yërmandeem**? Ndax wóolu nga Aji Sax ji Yàlla Moom ci boppam? Mbokki déglukat yi, fii lanu war a yem, ndaxte sunu jot jeex na. Wànte ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu jëm kanam ci nettalib Musaa, ba gis ni ko Yàlla yebale ca Firawna.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon, nu ngi leen di tàggu ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ci mbirum Yàlla Aji Sax ji, bi mu naan: ‟***Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji, moo sell, sell, sell, Moom ki nekkoon démb, ki nekk tey, te di ñëw ëllëg!***” **(Pe 4:8**)

# 31 Firawna! Kan mooy Boroom bi?

(Goreel ga 4-7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey jii, danuy wéy ci téereb Gàddaay ga ci mbirum **Yonent Yàlla Musaa ak bànni Israyil ci Misra**. Ci njàng yi weesu, gisoon nanu ni Firawna, buuru Misra, fitnaale bànni Israyil, ba def leen ay jaamam. Waaye Yàlla amoon na pexe ngir walbati lu bon li Firawna doon def. Yàlla fasoon na yéene jëfandikoo kenn, ku bokkoon ci doomi Israyil, ngir goreel bànni Israyil ci loxoy Firawna. Nit kooku moo doon Musaa.

Jàngoon nanu ne, Musaa ku yeewu la woon ci xam-xamu waa Misra bépp, di jàmbaar ci wax ak jëf. Bi Musaa amee ñeent-fukki at, doon na fexe goreel ay mbokkam ci pexey boppam. Wànte pexey Musaa, juruñu woon dara, lu dul ay jafe-jafe, ba taxoon Musaa war a daw Firawna sax, nëbbuji ca màndiŋ ma. Musaa waroon na jàng ne, moom ci boppam, nit kese la, te amul jenn doole ngir goreel bànni Israyil, su fekkee ne Yàlla mayu ko ko. Noonu, gisoon nanu ni Musaa dëkke woon ci màndiŋ ma diirub ñeent-fukki at, di sàmm géttu goroom.

Benn bés nag, **bi Musaa amee lu tollu ci juróom-ñett-fukki at, Yàlla feeñu ko ci tund wu ñuy wax Sinayi**, ci tàkk-tàkku safara ci biir as ngarab. Ngarab sa di tàkk, waaye lakkul. Bi ko Musaa gisee, mu daldi waaru. Bi mu jegesee ngir niir ko, mu dégg baatu Yàlla ne ko: *Man maay sa Yàllay maam, di Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba!* (**Ex 2:6**) Musaa daldi tiit bay lox, te ñemeetul a xool. Noonu Yàlla ne ko: *Summil say dàll, ndaxte bérab bi nga taxaw, bérab bu sell la! Gis naa bu baax fitnay sama xeet ci Misra, te dégg naa seeni tawat, kon wàcc naa ngir musal leen. Léegi nag ñëwal, **dinaa la yebal Misra!*** (**Ex 2:5,7-8,10**)

Léegi nag, nanu jëm kanam, ba gis ni Yàlla jeexale waxam ak Musaa te yebal ko ca buuru Misra. Ci saar ñett, gisoon nanu ni Yàlla dige woon ànd ak Musaa, may ko xel ak kàttan fa kanam Firawna ak waa Misra. Waaye léegi ci saar ñeent dinanu gis ne, Musaa ragaloon na fa dem. Mbind mi nee na:

*Gannaaw loolu Musaa tontu Yàlla ne: Waaye su fekkee ne, bànni Israyil gëmuñu ma te dégluwuñu ma naan: Aji Sax ji feeñuwu la; kon nu may def? Aji Sax ji ne ko: **Loo yor**? Mu ne ko: Aw yet. Aji Sax ji ne ko: Sànni ko ci suuf. Mu sànni ko ci suuf, yet wa soppiku jaan, Musaa ne wëqet, daw. Aji Sax ji ne ko: Tàllalal sa loxo, te jàppe ko ci geen gi. Musaa tàllal loxoom, ne nuus jaan ji, mu dellu nekkaat aw yet. Aji Sax ji ne ko: **Loolu ngir ñu gëm ne, Aji Sax ji moo la feeñu, man miy seen Yàllay maam, di Yàllay Ibraayma, ak Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba**.* (**Ex 4:1-5**)

*Musaa ne Aji Sax ji: Waaye Boroom bi, duma jàmbaari wax, du démb du tey, te it du ba nga dalee wax ak man ba léegi. Damaa mas a tële wax. Aji Sax ji ne ko: **Kan moo sàkkal nit gémmiñ**? Kan mooy luuwal mbaa di tëxal, di gisal mbaa di gumbaal? Xanaa du man, Aji Sax ji? Léegi nag demal. Dinaa ànd ak sa kàddu, jàngal la li ngay wax.*

*Waaye Musaa ne: Boroom bi, jéggal ma, te yónni keneen ku la soob. Noonu Aji Sax ji daldi mere Musaa, ne ko: Ana sa mag **Aaroona**, mi askanoo ci Lewi? Xam naa ne, ku man a wax la. Ma nga lay gatandu sax, te bu la gisee, xolam dina sedd. Dinga wax ak moom, tegtal ko kàddu, yi mu war a wax. **Man dinaa ànd ak seeni kàddu, yeen ñaar ñépp, jàngal leen li ngeen di def**... Yet wii nag, jël ko. Ci ngay defe firnde yi.* (**Ex 4:10-15,17**)

*Noonu Musaa dem ca goroom Yettro, ne ko: Dama lay tàggu, ngir dellu Misra, seeti samay mbokk, ba xam ñu ngiy dund ba tey. Yettro ne ko: Demal ak jàmm.*

*Booba nag la Aji Sax ji wax Musaa ci Majan, ne ko: Dellul Misra, ndaxte ñi doon wut sa bakkan ñépp dee*

*nañu. Gannaaw loolu Musaa jël jabaram ak i doomam, waral leen ci mbaam-sëf,* ***daldi aw yoonu Misra****. Musaa daldi jël ci loxoom yetu Yàlla wa.*

*Aji Sax ji ne ko: Boo delloo Misra nag, taxawal temm ci def ci kanamu Firawna kéemaan yépp, yi ma la may kàttanu amal leen...Kon nag nanga ne Firawna: Aji Sax ji nee na: Israyil mooy sama taaw. Nee naa la: Bàyyil sama doom, mu jaamu ma!* **(Ex 4:18-23**)

*Loolu fekk na Aji Sax ji ne Aaroona: Demal ca màndiŋ ma, gatanduji Musaa. Noonu Aaroona nag dem, fekk ko ca tundu Yàlla wa, fóon ko. Musaa xamal Aaroona wax, ji ko Aji Sax ji yóbbante ak firnde, yi mu digle yépp, mu def ko. Ba ñu agsee Misra,* ***Musaa ak Aaroona dajale magi bànni Israyil yépp****. Aaroona daldi jottali kàddu, yi Aji Sax ji waxoon Musaa, ba noppi amal firnde yi ca kanamu mbooloo ma. Bi loolu amee nag, mbooloo ma gëm. Te ba* ***ñu xamee ne, Aji Sax ji nemmeeku na bànni Israyil te gis seen naqar, ñuy sujjóot tey màggal Yàlla****.* **(Ex 4:27-31**)

Saar juróom. *Gannaaw loolu Musaa ak Aaroona dem nañu ca Firawna, ne ko: Aji Sax jiy Yàllay Israyil nee na:* ***Bàyyil sama mbooloo****, mu màggal ma ca màndiŋ ma. Firawna tontu ne:* ***Kan mooy Aji Sax ji****, ba may dégg waxam, di bàyyi Israyil?* ***Xamuma Aji Sax ji, te it duma bàyyi Israyil, mu dem!*** **(Ex 5:1-2**)

Nanu taxaw fi tuuti. Gis nanu ni Yàlla waxe woon ak Firawna, jaarale ko ci gémmiñug Musaa ak Aaroona. Ndax Firawna gëmoon na kàddug Yàlla? Déedéet! Ndax dégg ngeen ni mu tontoo woon Musaa ak Aaroona? Mu ne leen: "***Kan mooy Aji Sax ji****, ba may dégg waxam, di bàyyi Israyil? Xamuma Aji Sax ji, te it duma bàyyi Israyil, mu dem!*" **(Ex 5:2**)

Firawna xamul woon Yàlla Aji Sax ji. Firawna ak waa Misra yépp, **amoon nañu diine**, wànte **xamuñu woon Yàlla**. Seen diine maam rekk lañu daan faale. Faalewuñu Yàlla Aji Dund ju dëggu ji, di Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Firawna ak waa Misra, wóolu woon nañu seeni xërëm ak seeni gàllaaj ak seeni sëriñ ak seeni aada, wànte **wóoluwuñu Yàlla Aji Sax ji ak kàddoom gu wóor gi**.

Noonu nu jàng ci saar juróom-benn ne:

*Aji Sax ji ne Musaa:* ***Léegi nag dinga gis ni may def Firawna****! Sama ndeyjoor dina tax, ba mu bàyyi leen, ñu dem. Dina tax sax, ba mu dàqleen ci réew mi! Noonu Yàlla dellu ne Musaa:* ***Man maay Aji Sax ji****! Feeñu naa Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba ci turu Yàlla Aji Kàttan ji. Waaye xamaluma leen sama bopp ci turu Aji Sax ji. Noonu fas naa ak ñoom sama kóllëre, ngir jox leen réewu Kanaan, réew mi ñu dëkkoon, nekk fa ni ay doxandéem. Gannaaw ga dégg naa binnig bànni Israyil, mi waa Misra def ay jaam, te fàttaliku naa sama kóllëre. Kon na nga ne bànni Israyil:* ***Man maay Aji Sax ji****! Dinaa leen yenni ci yen, bi leen waa Misra yen, tàggale leen ak njaam, gi ñu leen teg. Dinaa tàllal sama ndeyjoor, jot leen jaare ko ci àtte yu mag. Dinaa leen def sama mbooloo te nekk seen Yàlla. Dingeen xam ne,* ***maay Aji Sax jiy seen Yàlla****, ji leen di yenni ci yen bi leen waa Misra teg. Dinaa leen yóbbu ci réew, mi ma dig Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba. Dinaa leen ko jébbal, muy seen moomeel.* ***Man maay Aji Sax ji****.* **(Ex 6:1-8**)

***Firawna du leen déglu****. Noonu dinaa wéer sama loxo ci Misra, àtte ko àtte yu mag, ba noppi génne sama mbooloo bànni Israyil réewu Misra ci ay sàppe. Noonu waa Misra dinañu xam ne,* ***maay Aji Sax ji****, bu ma wéeree sama loxo ci seen kaw, ba génne bànni Israyil ci seen biir. Musaa ak Aaroona dégg ndigal, def ni leen ko Aji Sax ji sante woon. Booba fekk na Musaa am juróom-ñett fukki at, Aaroona juróom-ñett fukk ak ñett, bi ñuy giseek Firawna.*" **(Ex 7:4-7**)

Noonu, gis nanu ni Yàlla fase woon yéene àtte Firawna ak waa Misra ak musiba yu mag. Yàlla, ci njubteem, dogaloon na delloo leen coono bi ñu tegoon bànni Israyil diirub ñeenti téeméeri at. Te it, jaarale ko ci kéemaan yi Yàlla fasoon yéene def jaare ci loxoy Musaa, Yàlla bëggoon na jollil ndamam ak kàttanam ngir won waa Misra ak waa àddina sépp ne: **Yàlla mi waxoon ak Ibraayma, Isaaxa, Yanqóoba ak Musaa mooy Yàlla Aji Dund ju dëggu ji**!

Yàlla, Aji Yërmande la te bëggul kenn sànku, waaye ñépp réccu te xam dëgg gi. Looloo taxoon mu fas yéene wone kéemaan yuy firndeel kàddu gi mu dénk Musaa – ngir **ñépp man a xam ci lu wóor**, Yàlla mi doon wax jaarale ko ci Musaa, mooy **jenn Yàlla ji am kepp**!

War nanu fàttaliku ne, amoon na ci Misra ay téeméeri xërëm yu waa Misra daan teg ay yàlla. Wànte Yàlla dafa bëgg ñu xam ne, jenn Yàlla kepp moo am! Te it, Yàlla dafa bëgg ñépp xam ne, **Yàlla ju wóor ji, mooy Yàlla, mi fasoon kóllëreem ak Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba**, dig leen ne: Ci seen askan la Rammukat bi, di Musalkatu Àddina si war a wàcce. Yàlla dafa bëgg ñépp xam xebaar bu baax, bi jëm ci Musalkatu Bàkkaarkat yi, ngir képp ku ko gëm man a xam kan mooy Yàlla ci dëgg-dëgg, te am diggante bu sell ak Moom ba fàww.

Waaye Firawna moom faalewul woon xam Yàlla ju wóor ji. Looloo taxoon bi Yàlla dee fexe wax ak Firawna, jaare ko ci ay yonentam Musaa ak Aaroona, Firawna dafa leen tontu, naan: "***Kan mooy Aji Sax ji****, ba may dégg waxam, di bàyyi Israyil? Xamuma Aji Sax ji, te it duma bàyyi Israyil, mu dem!*" **(Ex 5:2**)

Li Firawna waxoon dëgg la. Moom, xamul woon Aji Sax ji! Xamul woon Yàlla ji fasoon kóllëreem ak Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Firawna amoon na **diine**, wànte amul woon **diggante** ak Yàlla Moom ci boppam! Ubbilul xolam dëgg, gi jóge ci jenn Yàlla ji am kepp! Looloo taxoon Firawna faalewul kàddu gi ko Yàlla jottali jaarale ko ci Musaa ak Aaroona.

Ba tey am na ci àddina si nit ñu bare ñuy aw ci tànki Firawna, ci li ñuy baña dégg waxu Yàlla Aji Sax ji. Dañuy wax ci mbirum Yàlla, waaye faalewuñu kàddug Aji Sax ji. Loolu moo tax **xamuñu Yàlla**. Am na lu ñu **xam ci mbirum Yàlla**, waaye **xamuñu Yàlla Moom ci boppam**. Am nañu seen **diine**, ji maam ya nekkoon, waaye amuñu diggante bu wér ak Yàlla Aji Dund ji!

Yaw nag? **Ndax xam nga Aji Sax ji ci dëgg-dëgg**? Ndax xam nga bu baax li mu wax jaarale ko ci ay yonentam? Ndax mas nga gëstu ci Mbindi yonent Yàlla yi? Ndax xam nga bu baax Yàlla Aji Sax ji? Ndax bëgg nga ko ak sa xol bépp? Ndax bëgg nga koo déggal? Walla boog, danga mel ni Firawna, di topp rekk sa diiney maam, te baña nangu kàddug dëgg, gi jóge ci Yàlla Aji Sax ji?

Ax, mbokk yi, bu kenn ci nun mel ni Firawna mi bañoon a déglu te gëm kàddug Yàlla Aji Sax ji! Ndaxte Mbind mi ne na: "***Mbokk yi, wottuleen ba kenn ci yeen baña am xol bu bon te gëmadi, bay dëddu Yàlla jiy dund!***" **(Yt 3:12**) "*Bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi, buleen dëgër bopp*" **(Yt 3:15**) ni Firawna, mi newoon, "*Kan mooy Aji Sax ji, ba may dégg waxam?*"

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Bu sóobee Yàlla, ci njàng mi di ñëw, dinanu jëm kanam ba gis ni Yàlla wàccee ci kaw Firawna ak waa Misra fukki musiba, ngir ñu man a xam bu baax kan mooy Boroom bi!

Su fekkee ne am ngeen lu ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon, ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci kàddug Aji Sax, ji naan: "***Bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi, buleen dëgër bopp!***" **(Yt 3:15**)

# 32  Musiba yi! – Nen du bëreek doj!

(Goreel ga 7-10)

Mbokki déglukat yi, asalaamaalikum, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm jii bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Wolof Njaay ne na: **Nen du bëreek doj**. Léebu bii – dafay tënk li nu war a jàng tey ci Mbind mu sell mi. Nen warul a bëre ak doj. Waaye tey jii, dinanu gis la xewoon ba nen dee jéem a bëre ak doj, ndaxte dinanu gis ni Firawna, buuru Misra bëree woon ak **Yàlla Aji Kàttan ji**!

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Yàlla yónnee woon Musaa ak Aaroona ca Firawna, ngir ñu génne bànni Israyil ci seen njaam ca Misra. Dañu waxoon Firawna ne: "*Aji Sax jiy Yàllay Israyil nee na: Bàyyil sama mbooloo, mu màggal ma ca màndiŋ ma!*" **(Ex 5:1**) Wànte Firawna tontu leen ne: "*Kan mooy Aji Sax ji, ba may dégg waxam, di bàyyi Israyil? Xamuma Aji Sax ji, te it duma bàyyi Israyil, mu dem!*" **(Ex 5:2**) Kon, ci tënk, gisoon nanu ne, Yàlla dogaloon na goreel bànni Israyil, wànte Firawna moom li mu dogaloon mooy téye leen ni ay jaamam. Waaye nen du bëreek doj, jële ci ndam de!

Nanu dellusi léegi ci Tawreet, téereb Gàddaay ga, saar juróom-ñaar, ngir gis ni Firawna doon jéem a bëreek Yàlla.
Mbind mi nee na:

*Musaa ak Aaroona ñëw ci Firawna, def ni ko Aji Sax ji digale woon. Aaroona daldi jël yetam, sànni ko ci kanamu Firawna ak i dagam, yet wa soppaliku jaan. Firawna it daldi woo boroom xam-xam yi ak jibar yi. Bi mu ko defee, [sëriñu] tariyaaxi Misra yi daldi def ni Aaroona ak Musaa, ci seeni xërëm. Ku nekk sànni yetam, mu doon jaan. Waaye yetu Aaroona daldi wann seeni yet.* **(Ex 7:10-11**)

Nanu taxaw fi tuuti. Ndax gis ngeen bu baax ndoortel bëre bi amoon diggante **Firawna ak Yàlla**? Ci wet gii, gis nanu ci **Firawna ak i sëriñam**. Ci geneen wet gi, **Musaa ak Aaroona**. Ginnaaw ba yetu Aaroona soppalikoo jaan, gis nanu ni sëriñi Firawna defe nu ni mel ak seeni xarbaax. Ni Mbind mi nee: "*Ku nekk sànni yetam, mu doon jaan. **Waaye yetu Aaroona daldi wann seeni yet**.*"

Man nanu tënk li xewoon ci lii: Xam nanu ne, kéemaan gi Musaa ak Aaroona defoon, **ci Yàlla la jóge** woon, amul werante. Waaye sëriñi Firawna ñoom tamit def nañu kéemaan. Seen kàttan nag, fu ñu ko jële? Ndax ci Yàlla lañu ko jële? Mukk! Yàlla du xeex boppam! Kon nag, fan la seen kàttan jóge? Sëriñi Firawna, ci nax nit ñi ak ci xam-xam bu ñuul lañu doon sukkandiku. Kon, **ci Seytaane** lañu jële seen doole.

Waaw, Mbind mu sell mi daf nuy won ne, Seytaane am na doole, te man a def ay kéemaan sax! Waaye li wóor péŋŋ mooy: Yàllaa ko ëpp doole! Loolu moo waraloon yetu Aaroona wann yeti sëriñi Firawna. Wànte loolu lépp taxul woon Firawna réccu te déglu kàddug Yàlla.

Dégluleen li Mbind mi wax:

*[Noonu] Aji Sax ji ne Musaa: Firawnaa ngiy dëgër bopp, di baña bàyyi mbooloo mi mu dem. Bu Firawna xëyee suba teel, di dem ca ndox ma, na nga ko xaar ca tefesu dex ga, yor yet wi soppalikuwoon jaan. Na nga ko ne: Firawna, Aji Sax ji, Yàllay Ebrë yi moo ma yónniwoon, ngir ma wax la ne: Bàyyil sama mbooloo mu dem jaamu ma ca màndiŋ ma! Waaye nga bañ booba ba tey. Aji Sax ji nee na, **Nii ngay xame ne man maay Boroom bi**: dinaa jël yet wi ma yor, dóor ko ci ndoxu dex gi, mu soppaliku deret.* **(Ex 7:14-17**)

*Musaa ak Aaroona daldi def ni ko Aji Sax ji diglee woon. Aaroona jël yet wi ci kanamu Firawna ak i dagam, dóor ko ci ndoxu dex gi. Ndoxu dex gi yépp **soppaliku mel ni deret**. Jën yi dee, dex gi daldi xasaw, ba waa*

*Misra yi mënuñu cee naan. Ndox maa ngi meloon ni deret ci réewum Misra mépp.* ***Waaye jibarkati Misra yi itam def nu ni mel ak seeni xarbaax****.* ***Firawna dëgër bopp****, baña déglu Musaa ak Aaroona, ni ko Aji Sax ji waxewoon. Firawna dem, ñibbi, baña fullaal yooyu xewoon. Waa Misra yépp di gas ci tefesu dex gi ngir naan, ndaxte mënuñu woon a naan ci ndoxu dex gi. Gannaaw bi Aji Sax ji dóoree dex gi, teg nañu ci juróom ñaari fan*. **(Ex 7:20-25**)

*Noonu Aji Sax ji ne Musaa: Demal ca kër Firawna, ne ko: Aji Sax ji nee na: Bàyyil sama mbooloo mu dem jaamu ma. Soo leen bañee bàyyi ñu dem, dinaa sóob sa réew ci musibam mbott yi. Dex gi dina fees dell ak i mbott. Dinañu yéeg, dugg ba ci sa kër ci sa néeg, ca sa lal. Dinañu dem ba ci këri dag yi ak waa réew mi, dem ba ci say puur ak fi ñuy noote mburu*. **(Ex 8:1-4**)

Wànte Firawna bëggul woon a déglu artu yi bàyyikoo ci Musaa. Kon, ginnaaw dégg waxu Yàlla soxalul Firawna,

*Aji Sax ji ne Musaa: Neel Aaroona mu jël yetam, tàllal loxoom ci dex yi, seyaan yi ak déeg yi, te indi mbott yi ci réewum Misra. Aaroona daldi tàllal loxoom ci ndoxi Misra yi, mbott yi yéeg ci réew ma ba fees ko dell. Waaye* ***jibarkati Misra yi itam def nu ni mel ak seeni xarbaax****, dugal ñoom it ay mbott ca réew ma. Firawna woo Musaa ak Aaroona, ne leen, Ñaanleen Aji Sax ji mu soril ma mbott yi, maak sama waa réew. Bu ko defee, ma bàyyi mbooloo mi mu dem defal Aji Sax ji ay saraxi mala*.” **(Ex 8:5-8**)

*Noonu Musaa ñaan Aji Sax ji ci mbirum mbott yi mu tegoon Firawna. Naka noonu mbott...yépp dee. Ñu for ci lu bare, def ko ay jal yu mag, ba réew ma xasaw. [Waaye] ba Firawna gisee ne tuuti noflaay am na, [mu]* ***daldi dëgër bopp****. Dégluwul Aaroona ak Musaa, ni ko Aji Sax ji yégleewoon*.

*Noonu Aji Sax ji ne Musaa, Neel Aaroona mu tàllal yetam, dóor ci suuf si, pënd bi doon ay yoo ci réewum Misra mépp. Ñu def noonu, Aaroona jël yetam, tàllal loxoom, daldi dóor ci suuf.* ***Yoo yi sam nit ñi ak jur gi****, ba daj réewum Misra mépp.* ***Jibarkat yi itam def seeni xarbaax, jéem a soppali ay yoo, waaye mënuñu ko****. Noonu yoo yi daldi sam nit ñi ak jur gi. Jibarkat yi ne Firawna: Kéemaanug Yàlla la! Waaye* ***Firawna dëgër bopp****. Dégluwul Musaa ak Aaroona ni ko Aji Sax ji yégleewoon*.” **(Ex 8:12-19**)

Ndax gis ngeen li xewoon ak jibarkat yi, di sëriñi Firawna? Gis nanu ba noppi ni ñu ame woon espesu kàttan gu ñu jële ci Seytaane. Looloo tax, jaare ko ci seeni xarbaax, demoon nañu ba roy kéemaanu Yàlla, ba soppi tuuti ndox mu nekk deret, te dugal ay mbott yu néew ca réew ma. Wànte **seen kàttan amoon na fu mu yem**. Sëriñi Firawna, amuñu woon benn doole ngir dindi musiba yi Yàlla wàcce woon ca réewum Misra. Te it, ginnaaw ba Aaroona dóoree yetam ci suuf si te pënd bi doon ay yoo, sëriñi tariyaax yi itam def seeni xarbaax, jéem a soppali pënd bi ay yoo, waaye mënuñu ko. Ci loolu nag, dañu waxoon Firawna ne: ***Kéemaanug Yàlla la***!

Ci lu leer, gis nanu ne, kàttanu sëriñ yi amoon na fu mu yem. Seytaane, ci lu wóor, am na kàttan, te man na may nit doole, waaye doole jooju du weesu mukk àpp bi Yàlla tëral. Yàlla doŋŋ mooy Aji Kàttan ji. Moom kenn mooy Yàlla mi man lépp! Te Moom kenn mooy ki amul àpp! Waaye ba léegi, Firawna nanguwul woon loolu. **Ba tey Firawna doon na dëgër bopp**, te xalaat ne, manoon na bëreek Yàllay Israyil te jële ca ndam! Waaye nen warul a bëreek doj.

Loolu moo tax Mbind mi di nettali ni Yàlla wàccee ci kaw Firawna ak réewu Misra yeneen juróom-ñaari musiba, jaarale ko ci loxoy Musaa ak Aaroona. Waaye ndeysaan, amunu jotu nettali musiba yooyu yépp. Man nanu leen tudd rekk.

4.) Ñeenteelu musiba mi moo doon: Amoon na ay niiri **weñ** yu fees réew mi ak kër yi ba yàq lu bare.
5.) Ci juróomeelu musiba mi, **jàngoro ju metti** daloon na mala ya, te lu bare dee ca. Waaye dara deewul ci jurug bànni Israyil. Teewul Firawna dëgër bopp, baña bàyyi bànni Israyil ñu dem.
6.) Noonu, ay **taab yu bon-a-bon** dal nit ak mala ya. Te Mbind mi ne na: *Sëriñi Firawna sax mënuñu woon*

*a taxaw ci kanamu Musaa ndaxte taab yi dañoo nekkoon ci seen yaram ni ñu nekkewoon ci yaramu waa Misra yépp*. **(Ex 9:11**)
7.) Ci juróom-ñaareelu musiba mi, tawoon na **yuur gu metti** gu musul a am mukk ci Misra, te yàq tool yépp.
8.) Bi loolu amee, réew ma feesoon na ak ay **njéeréer yu baree-bare**, yu lekkoon li desoon ci li fi tawu yuur gi bàyyiwoon.
9.) Ci juróom-ñeenteelu musiba mi nag, Yàlla ne Musaa: "*Tàllalal sa loxo ci asamaan ngir réewum Misra **lëndëm** lëndëm gu tar ba ñu man koo yég*." Noonu diirub ñetti fan kenn gisul woon dara! Waaye ca gox ga bànni Israyil dëkkoon, foofa leeroon na. Amul woon menn musiba sax mu daloon ci seen kaw. Waaye loolu lépp taxul Firawna réccu, ba bàyyi bànni Israyil ñu dem. Mbind mi ne na sax: *Firawna newoon na Musaa: Génnal fii! Bu fi feeñati! Bés bu ma la gisatee, kera dinga dee!* **(Ex 10:28**)

**Des na meneen musiba** mu Yàlla wàcce woon ci kaw Firawna ak waa Misra, waaye danuy xaar ba beneen yoon ngir gëstu ci, ndaxte sunu jot léegi mu jeex.

Nan lanu man a tënke sunu njàngum tey nag? Xanaa nii. Gis nanu ni Firawna doon fexee bëreek Yàlla Aji Sax ji. Ndax Firawna ak ay sëriñam demoon nañu ba raw Aji Kàttan ji? Ndax manoon nañu ko noot? Eh! Kenn mënul a jànkoonte ak Yàlla te noot ko! Nen du bëreek doj.

Kon nag, lan la nu Yàlla bëgg a wax jaarale ko ci li nu jàng tey? Mbind mi ne na: "*Mbir yooyu leen daloon **misaal la** ci nun, te bind nañu ko ngir **artu** nu!*" **(1Ko 10:11**) Yàlla dafa nu bëgg a artu. Yàlla dafa bëgg nu xool sunuy bopp bu baax.

Yaw miy déglu tey, **ndax faale nga kàddug Yàlla** ba déggal ko? Walla dangay bëreek Yàlla ni Firawna? Na ku nekk ci nun tontu ci biir xolam. Ndax nangu nga kàddug Yàlla? Tekkiwul: Ndax nangu nga sa aaday maam walla seeni diine – waaye ndax nangu nga ci woyof kàddug Yàlla Aji Sax ji? Walla boog, dangay jéem a bëreek Yàlla?

Nen du bëreek doj. **Nit** dafa mel ni ab **nen** te **kàddug Yàlla**, ni aw **doj wu réy**. Mbind mi ne na: "*Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww!*" **(1Pi 1:24**)

Kàddug Yàlla Aji Sax ji, doj wu dëgër la, te képp kuy sukkandiku ci doj woowu, samp na dundam ci fondamaa bu dëgër! Waaye ku baña samp sa dund ci doj woowu, benn bés doju kàddug Yàlla dina dal ci sa kaw, rajaxe la! Nen du bëreek doj. Te nit du bëre ak kàddug Yàlla te rëcc ci mbugalug Yàlla.

Kon nag, fii lanu war a yem. Jërëjëf ci déglu bi. Ndegam neex na Yàlla, ci njàng mi di ñëw dinanu gis ni Yàlla jëfe woon ngir Firawna bàyyi bànni Israyil, ñu génn Misra. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon nag, ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li yonent Yàlla Musaa bindoon ci Tawreet, bi mu ne: "***Yàlla Aji Sax ji doj wu réy la, jëfam yépp mat na... Mooy Yàlla ji am kóllëre, te amul benn njubadi. Ku jub la, ku ñàkk caaxaan!***" **(De 32:4**)

# 33 Bésu Teggi ba

(Goreel ga 11,12)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Firawna doon fexee bëreek Yàlla. Aji Sax ji dogaloon na goreel bànni Israyil ñi nekkoon ay jaam ci Misra, wànte buuru Misra moom dogal na téye leen ni ay jaamam. Waaye nen du bëreek doj. Noonu, gisoon nanu ni Yàlla wàccee ci Misra **juróom-ñeenti musiba yu metti lool**, jaarale ko ci loxoy Musaa ak Aaroona. Wànte kéemaan yeek firnde yeek yooyu yépp taxul woon Firawna déglu waxu Yàlla ba bàyyi bànni Israyil ñu génn réewam.

Tey jii nag, danu fas yéene jëm kanam ba gis ni Yàlla indee woon ci Firawna meneen musiba, di fukkeel bi, ngir mu bàyyi bànni Israyil, ñu génn Misra. Ci njàng mi weesu déggoon nanu Firawna, ginnaaw juróom ñeenteelu musiba ma, ni mu waxe woon Musaa ak Aaroona naan: "*Génnal fii! Bu fi feeñati! Bés bu ma la gisatee, kera dinga dee!*" **(Ex 10:28**) Léegi nag, nanu jàng ci saar fukk ak benn, ba dégg ni Yàlla moom ci boppam tontoo Firawna, jaarale ko ci gémmiñu Musaa. Mbind mi ne na:

*Noonu nag Musaa wax Firawna: Ci làmmiñu Aji Sax ji: Bu xaaju guddee, man ci sama bopp dinaa jaar ci biir Misra. Te* ***lépp luy taaw ci réewu Misra dina dee****, li ko tàmbalee ci taawu Firawna, mi toog ci jal bi, ba ci taawu jaam bu jigéen, biy wol, ak taawi jur gépp. Bu ko defee, dina jib ci Misra yuux gu mag, gu fi musul a am, te dootu fi am mukk. Waaye ci bànni Israyil gépp, xaj sax du ci baw nit mbaa mala, ngir ngeen xam ne, Aji Sax ji dafay ràññale waa Misra ak bànni Israyil. Noonu sa dag yi yépp dinañu ñëw, sujjóotal ma, naan: Génnal, yaw ak ñi la topp ñépp! Gannaaw loolu nag dinaa génn! Ci kaw loolu Musaa daldi jóge ci jetaayu Firawna, mer ba futt!*" **(Ex 11:4-8**)

Noonu gis nanu ni Yàlla fasoon yéenee wàcce ci réewum Misra, musiba muy yées yeneen musiba yi ko daloon yépp ba fii. Yàlla dogaloon na deewug bépp taaw ci réewum Misra! Musiba mu metti lool la waroon a doon! Waaye lu naroon a xew ak taawi bànni Israyil? Ndax dañu waroon a deewandoo ak yu waa Misra? Ci lu wóor, yeyoowuñu rëcc àtteb Yàlla, ndaxte ñoom itam ay bàkkaarkat lañu woon, ni waa Misra yépp. Waaye Yàlla mi bare yërmande, rabatoon na **pexe** ngir yiir bànni Israyil ci musiba moomu.

Nanu jëm kanam ci saar fukk ak ñaar ba dégg li Yàlla waxoon Musaa ngir bànni Israyil def ko ndax seeni taaw man a rëcc ci dee. Mbind mi ne na:

*Noonu Aji Sax ji ne Musaa ak Aaroona..., Waxleen ak mbooloom Israyil mépp, ne leen: Ci fukkeelu fan ci weer wii, ci kër gu nekk, na boroom kër ga tànn* ***am mbote****. Na ngeen tànn mbote walla tefu menn at,* ***mu amul sikk****. Ngeen yeew leen, ba ci fukkeelu fan ba ak ñeent ci weer wii, mbooloom Israyil mépp reyandoo leen ci tàkkusaan. Nañu fab ci* ***deret ji****, diw ko ci kër, gi ñu ko lekke, maanaam ci ñaari* ***jëni buntu kër ga, ak ci njëwal bunt ba****. Guddi googu dinañu lakk yàpp wa, lekk ko, boole ci xob yu wex ak mburu mu amul lawiir. Ci kër gi ñu ko togge rekk lañu koy lekke. Bu ñu génne ñam wi ci biti. Bu kenn damm yax yi.* **(Ex 12:1,3,5-8,46**)

*Te nii ngeen koy lekke: dangeen di laxasu ba dëgër, sol seeni dàll nàbb seeni yet, te ngeen lekk ko bu gaaw; mooy* ***màggalu Bésu Teggi ba*** *ngir Aji Sax ji. Ndaxte dinaa jaar ci réewu Misra ca guddi googu, fàdd taawi Misra yépp, muy nit muy jur, te dinaa daaneel yàllay Misra yépp;* ***man maay Aji Sax ji****! Deret ji dina nekk xàmmeekaay ngir yeen ci kër yi ngeen nekk.* ***Bu ma gisee deret ji, dinaa leen teggi****, te musiba du leen dal, saa su may fàdd réewu Misra mépp!* **(Ex 12:11-13**)

Nanu taxaw fii tuuti. Ndax gis ngeen man pexe la Yàlla tëraloon ngir musal taawi Israyil ci dee, te jot bànni

Israyil yépp ci seen buumi njaam ci Misra? Pexe mu doy waar la woon. Pexe, moo xam ne, ci xalaatu nit, yëfi dof la. Yàlla dogaloon na jot leen ak **deretu mbote ma** – deret, ja jóge ci mbote mu amul sikk – deret, ja ñu taqal ca seeni buntu kër. Deretu mbote ma rekk a manoon a musal seeni taaw ci dee.

Gannaaw ba Yàlla jeexalee waxam ak Musaa ak Aaroona, ñu daldi dem, dajale magi Israyil yépp, jotali leen kàddu yi leen Yàlla waxoon ci lu jëm ci saraxu mbote ma. Magi Israyil nag, ba ñu déggee ni Yàlla Aji Sax ji dogale musal leen ci musiba deewug taaw yi, ñu daldi sujjóot di ko màggal. Bi loolu amee nag, mag ñi ak bànni Israyil yépp daldi dem, def li Aji Sax ji digaloon Musaa. Noonu, Mbind mi ne na:

***Ca xaaju guddi nag Aji Sax ji fàdd taaw yépp ci réewu Misra**, dale ko ci taawu Firawna, mi toog ci jal bi, ba ci taawu ki ñu tëj kaso, ak taawi jur gépp. Firawna daldi jóg ca guddi, mook i dagam, ak waa Misra. Yuux yi bare nañu Misra lool, ndaxte **amul genn kër gu néew tëddul!*** **(Ex 12:29-30**)

Ndax dégg ngeen li xewoon ca guddi gu metti googa? Ndax Yàlla àtte na réewum Misra ni mu ko dige woon? Axakay! Ca xaaju guddi, malaakam Yàqkat ma daldi jaar ci biir réewu Misra, fàdd taaw yépp, dale ko ci taawu Firawna buur bi, ba ci taawu ki ñu tëj kaso. Ca guddi googa, jooy ak yuux gu réy daldi jib ci Misra, ndax amul genn këru waa Misra, gu néew tëddul!

Waaye, lu xewoon ci këri bànni Israyil? Ndax Yàlla musaloon na seeni taaw ci dee googu? Lu koy tere?! Yàlla, mi mënul dellu gannaaw, digoon na leen ne: "***Su ma gisee deret ji, dinaa leen teggi!***" **(Ex 12:13**) Te bànni Israyil ñoom taqaloon nañu deretu mbote ma ci seeni bunti kër, ni ko Yàlla diglee. Kon nag, **amul woon kenn ku dee** ci seeni taaw. Waaye ci këri waa Misra, **képp kuy taaw deewoon** na, ndaxte bokkuñu woon ci yoonu mucc wi Yàlla tëraloon, maanaam: yoonu deretu mbote ma.

Noonu Mbind mi ne na:

*Ca guddi ga **Firawna** woolu Musaa ak Aaroona, ne leen: Jógleen te génn sama xeet, yeen ak bànni Israyil! **Demleen! Jaamu Aji Sax ji, ni ngeen ko waxe**! ... Te it ngeen ñaanal ma, ma barkeel! Bi loolu amee, **waa Misra soññ bànni Israyil, ñu gaaw, génn réew ma**, ndaxte ñu nga naan: Nun ñépp dinanu dee!*" **(Ex 12:31-33**)

Noonu, gis nanu Firawna, mi amatul woon menn pexe, ni mu bàyyee bànni Israyil, ñu génn réewam. Gisoon nanu ba noppi Firawna, ci njàlbéen ga, ni mu waxe woon Musaa ak Aaroona, naan: "*Kan mooy Aji Sax ji, ba may dégg waxam, di bàyyi Israyil? Xamuma Aji Sax ji, te it duma bàyyi Israyil, mu dem!*" **(Ex 5:2**) Wànte léegi, Firawna ak waa Misra gépp amatuñu tànn lu dul ràññe ne, Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Israyil mooy Yàlla Aji Kàttan ji! Nen du bëreek doj ... te kenn mënul bëre ak Yàlla Aji Kàttan ji di ca jële ndam!

Naka noonu, ci guddi googu la bànni Israyil gàddaay Misra, te génn ak alal ju bare. Mbind mi ne na:

*Doomi Israyil def nañu, na leen Musaa digal. Laaj nañu waa Misra jëfandukaayi xaalis ak yu wurus ak i malaan Aji Sax ji nooyal xoli waa Misra, ba ñu jox mbooloo ma li ñuy laaj. Noonu lañu yóbboo alali waa Misra. ...Diirub li bànni Israyil toog Misra tollu na ci ñeenti téeméeri at ak fanweer*." **(Ex 12:35-36,40**)

Loolu lépp xewoon na, ngir amal li Yàlla digoon Ibraayma bu yàgg

Kon nag, ci gàttal, loolu mooy nettali bi ñuy wooye: 'Bésu Teggi ba'. Ci lu wóor, nettali bii, dafa mel ni géej gu yaatu te xóot te fees dell ak njariñ ci biir. Am na lu baree-bare lu nu ci man a wax. Wànte, tey jii, amunu jotu faramfànce lépp li nettali bii ëmb. Waaye am na ci genn dëgg gu am maana lool, gu nu war a denc ci sunu xel. Mooy li Yàlla digoon bànni Israyil bi mu naan: "***Bu ma gisee deret ji, dinaa leen teggi!***"

Lu taxoon taawi bànni Israyil deewandoowuñu ak yu waa Misra? Deewuñu woon ndaxte Yàlla ubbil na leen **yoonu mucc, jaarale ko ci deretu mbote ma**. Yoon wi leen Yàlla tëralaloon **ngir taaw yi rëcc ci dee**, moo

doon lii: Bépp taaw, bu nekk ci kër gu bunt ba taq deretu mbote ma, **dina dund**! Waaye bépp taaw bu nekk ci kër gu taqul ci deret ja, **dina dee**!

Su amoon benn waxambaane ci biir taawi bànni Israyil bu laajoon baayam, naan: "Baay, lu tax mbote mi tooñul kenn war a dee?" Kon, baayam dina ko tontoo nii: "Sama doom, xam nga ne, Yàlla dogal na deewug taaw bu nekk ci réew mi. Sunuy bàkkaar a tax nun ñépp yelloo dee. Waaye Yàlla mi bare yërmande, dafa nuy wax it ne, su nu rendee mbote mu amul sikk, taqal deret ji ci sunu buntu kër, musiba mi du nu dal! Mbote mi dafa war a dee, ndaxte peyug bàkkaar mooy dee. Yàlla ku jub la te mënul a teggi sunuy bàkkaar ci noonu rekk. Fàww mbote mi wuutu la. Dinanu ko rendi ci sa palaas, ni sunu maam, Ibraayma rendee woon xar ma ci palaasu doomam. Sunu Yàlla ku jub la, te ñàkk caaxaan! Kàddoom ci nun, leer na nàññ: "*Su ma gisee* ***deret ji****, dinaa leen teggi!*"

Léegi nag mbokk yi, li nu war a ràññe tey mooy, ci kanamu Yàlla, doomi Aadama yépp a mel ni taawi waa Misra ak Israyil. **Yoonu Yàlla wu sell wi, dafa nu teg dee ak jaar ci àtteb Yàlla, nun ñépp**. Loolu la Mbind mi wax ne: "Ñépp a yem fa kanam Yàlla. **Ñépp a bàkkaar**, ba joteetuñu ndamu Yàlla!" Peyug bàkkaar mooy "alku ba fàww, fu sore Yàlla ak ndamam lu réy!" **(Ro 3:22,2 2Tes 1:9**)

Lan lanu war a def ba mucc nag? Nan la Yàlla man a musale bàkkaarkat yi ci seen peyug bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem? Mënunu ci sore tey, waaye li nu war a xam mooy lii: **Mbote yi** bànni Israyil rendi woon ngir rëcc ci musiba deewug taaw yi, dafa doon **misaal Rammukatu Àddina**, bi waroon a ñëw, tuur deretam ngir fey boru bàkkaaru doomi Aadama yépp. Ci mbirum Rammukat boobu, Mbind mi ne na: "*Moom ci boppam dee na benn yoon ba fàww, ngir dindi bàkkaar yi,* ***moom mi jub ngir ñi jubadi*** *...* ***mel ni mbote mu ñuy rendi****, jébbal ko Yàlla ca ... bésu Teggi ba.*" **(1Pi 3:18 1Ko 5:7**)

Noonu, gis nanu ne, deretu mbote, ji bànni Israyil taqaloon ci seeni bunt ngir musal seeni taaw ci dee, **misaal la**. Misaal la woon ci deret, ji Musalkatu Àddina si naroon a tuur ci kaw bant ba, ngir képp ku ko gëm, man a rëcc mbugalu Yàlla gu dul jeex gi!

Yaw nag, **ndax xam nga** li yonent Yàlla yi bind ci mbirum deretu Rammukat bi? Moom moo tuur deretam ngir Yàlla man ci teggi say bàkkaar yépp te ba tey dëkk ci njubteem. **Ndax gëm nga** li ñu bind ci lu jëm ci deret, ji la man a musal ci mbugalu safara, te may la cér ci jetaayu Yàlla ba fàww? Ci bés pénc ba, ndax àtteb Yàlla dina la teggi, walla dina dal ci sa kaw, ni mu dale woon ci kaw waa Misra?

Mbokk yi, sunu jot wéy na, wànte nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci emisyoŋ bi di ñëw, bu sóobe Yàlla, dinanu jëm kanam ci nettalib yonent Yàlla Musaa ak bànni Israyil, ba gis ni leen Yàlla ubbile aw yoon ci biir géej gi. Waaye su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon nag, Yàlla na leen Yàlla barkeel te leeral leen ci xóotaayu li mu digoon bànni Israyil bi mu leen di wax, naan: "***Su ma gisee deret ji, dinaa leen teggi!***"

# 34 Yoon ci biir géej gi

(Goreel ga 13-15)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Yàlla goreele bànni Israyil ci seen njaam, jaarale ko ci li mu fàddoon taaw yi ci kër waa Misra yépp. Waaye mu musal taawi bànni Israyil yi ci dee, ndax deretu mbote, ma ñu taqaloon ci seen buntu kër. Ndaxte Yàlla moom ci boppam newoon na: "*Deret ji nekk ci seeni buntu kër, **xàmmeekaay** lay doon ngir yeen. **Bu ma gisee deret ji, dinaa leen teggi, te musiba du leen dal!***" **(Ex 12:13**)

Naka noonu ci guddi googu, bànni Israyil yépp gàddaayoon nañu Misra. Ci lu wér, guddi teggi googu, guddig mbégte mu réy lawoon ci ñoom! Xalaatleen ci! Diirub ñeenti téeméeri at, ñu nekk ko ay jaam. Ñeenti-téeméeri at yoo xam ne, waa Misra doon nañu leen fitnaal, di leen sonal lool ci liggéey bu metti ba amatuñu benn bànneex! Waaye léegi ... léegi **gore nañu**! Ci guddi googu, di bésu teggi ba, Yàlla Aji Sax ji goreeloon na leen! Seen buumi njaam dagg na! Te léegi **Yàlla digoon na** wommat leen ci biir màndiŋ ma, ba **delloo leen Kanaan**, réew mi nga xam ne, moom la Yàlla giñaloon askanu Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba bu yàgg. Kanaan mooy réew mi Yanqóoba ak i doomam dëkkoon laata ñuy toxu ci Misra ngir dëkk ak Yuusufa. Tey jii nag, réew moomu *Israyil* la tudd.

Léegi nag, danu fas yéene déglu nettali bu doy waar tey yéeme ci mbirum **ni Yàlla musalaate bànni Israyil ci loxoy Firawna**. Lu ëpp ci li nu war a jàng tey, mu ngi nekk ci Tawreet, ci téereb Gàddaay ga, ci saar fukk ak ñeent. Mbind mi ne na:

*Noonu nag la bànni Israyil jógee Ramses (ci Misra), jëm Sukkóot. Tollu woon nañu ci juróom-benni téeméeri junniy góor, limaalewuñu jigéen ña ak gune ya. Te **ñeneen nit ñu bare ànd nañu ak ñoom**, ak jur gu gàtt ak gu gudd, te def coggal yu bare.* **(Ex 12:37-38**)

*Musaa daldi yóbbaale **yaxi Yuusufa**, ndaxte Yuusufa giñloo woon na bànni Israyil, ne leen: Fàww Yàlla nemmeeku leen, te bu loolu amee, nangeen jële fii samay yax, yóbbaale leen... Aji Sax ji moom ci boppam moo leen di jiite, nekk ci **aw niir bu bëccëgee**, ngir won leen yoon wi, bu guddee mu nekk ci biir **jumu safara**, ngir leeral leen, ñuy dox guddi ak bëccëg. Niir wi musul a jóge ci boppu mbooloo ma bëccëg, ni jumu safara ba it, bu guddee.* **(Ex 13:19,21-22**)

*[Noonu] Aji Sax ji ne Musaa: Neel bànni Israyil, ñu walbatiku, dal...ca tefesu Géej gu xonq ga. Noonu Firawna dina xalaat ne, bànni Israyil gëlëm nañu ca àll ba, ba tëju ca màndiŋ ma. Dinaa def ba xolu Firawna di bañ, mu topp leen. Bu ko defee, **dinaa jollil sama ndam ci kaw Firawna ak ay xarekatam, te waa Misra dinañu xam ne, maay Aji Sax ji**. Noonu nag ñu daldi def li Aji Sax ji digle.*

*Ba ñu yëgalee buuru Misra ne, mbooloo ma daw na, **Firawna ak i dagam soppi seen xel** ci mbirum mbooloo ma, ñu daldi ne: Li nu def mooy lan, ba yewwi Israyil ci njaam gi? Noonu Firawna takk sareeti xare yi, ànd ak ay xarekatam. Mu jël juróom-benni téeméeri sareet, yu gën a dëgër, bu ci nekk def ay njiiti xare, ak sareeti Misra yépp.* **(Ex 14:1-7**)

*[Noonu] **waa Misra ak fas yi ak sareeti Firawna yépp, ak i gawaram ak i xarekatam, topp leen**, ba dab leen fa ñu dal ca tefesu Géej gu xonq ga. Bi leen Firawnay jub, bànni Israyil séentu, gis ne waa Misraa ngi leen topp. Bi ñu ko defee nag, bànni Israyil **daldi ragal**, di yuuxu, di woo Aji Sax ji. Ñu nga naan Musaa: Ndax Misra dafa amul ay sëg, ba nga indi nu ci màndiŋ mi, ngir nu dee? Loo nu defal, ba nga nu génnee Misra ba noppi? Xanaa neewunu la woon ca Misra: Bàyyi nu ci njaam gi? Jaamu waa Misra moo nu gënal dee ci màndiŋ mi!*" **(Ex 14:9-12**)

Lan la bànni Israyil doon wax noonu? Lu tax ñuy xultu? Ndax Yàlla mi leen goreel ci seen buumi njaam mënu leen woon musalaat ci xarekati Firawna? Axakay! Wànte bànni Israyil xalaatuñu woon ci loolu ndax tiit. **Géej** gaa ngi woon ci seen kanam! **Tund yi** féete leen ci ndeyjoor ak càmmooñ! Te ci seen ginnaaw, **xarekati Firawna** yaa ngi doon ñëw ngir jàppaat leen walla réy leen sax! Lan lañu waroon a def? Lan lañu manoon a def? Naka lañu manoon a mucce? Nanu déglu li leen Musaa waxoon, ak li leen Yàlla defal!

*Musaa ne mbooloo ma: Buleen* ***ragal! Dalalleen seen xel, te gis mucc gi leen Aji Sax ji defal tey****. Waa Misra, gii ngeen di gis tey jii, dootuleen leen gisati mukk! Aji Sax ji moo leen di xeexal! Waaye yeen, neeleen tekk rekk!*

*Noonu Aji Sax ji ne Musaa: Lu waral yuuxu yii? Neel bànni Israyil, ñu jubal seen yoon. Jëlal sa yet, te tiimale ko ci géej gi. Xàll ko, ba bànni Israyil jaar ci suuf su wow. Man dinaa def ba xolu waa Misra di bañ, ngir ñu dugg, topp leen. Bu ko defee, dinaa jollil sama ndam ci kaw Firawna ak i xarekatam ak i sareetam ak i gawaram. [Noonu],* ***waa Misra dinañu xam ne, maay Aji Sax ji****.*

*Malaakam Yàlla, ma jiitu woon, nekk ca kanam dalu Israyil, daldi dem féete ko gannaaw, dox diggante dalu waa Misra ak bu Israyil. Niir wa lëndëm ci gii wet, di leeral guddi ga ca ga ca des. Noonu ñaari dal yi jegeyoowuñu benn yoon ci guddi gi gépp.*

*Gannaaw loolu Musaa daldi tàllal loxoom, tiimale ko ci géej gi. Aji Sax ji wolloo ngelawu penku lu metti, mu dàq géej gi guddi gépp, ba suuf su wow feeñ.* ***Ndox mi xàjjalikoo****. Noonu bànni Israyil jaar ci diggu géej gi, di dox* ***ci suuf su wow****. Ndox mi séq leen ndeyjoor ak càmmooñ, di leen aar. Bi ñu ko defee, waa Misra dàq leen, jaar ci géej gi, fasi Firawna ak i sareetam ak i gawaram yépp. Ca fajar Aji Sax ji tollu ci biir niir wa ak safara sa, xool xarekati Misra, daldi leen tasaare. Mu daldi ngirool sareet yi, ba dox bi jafe lool. Noonu waa Misra ne: Nanu daw Israyil! Ndaxte Aji Sax ji moo leen di xeexal seen diggante ak waa Misra!*

*Gannaaw loolu Aji Sax ji ne Musaa: Tàllalal sa loxo, tiimale ko ci géej gi, ndox mi dellusi ci waa Misra ak seeni sareet ak seeni gawar. Musaa daldi tàllal loxoom, tiimale ko ci géej gi. Laata bët di set, géej ga dellu fa mu nekkoon, waa Misra di ko daw, waaye Aji Sax ji bëmëx leen ci biir. Ndox ma dellusi, mëdd sareet yi ak gawar yi, ak* ***xarekati Firawna****, yi duggoon ci géej gi, di topp bànni Israyil.* ***Kenn rëccu ci****! Waaye bànni Israyil ñoom jàll nañu ci suuf su wow ci biir géej gi, ndox mi séq leen ci seen ndeyjoor ak ci seen càmmooñ, di leen aar. Ca bés booba la Aji Sax ji xettali Israyil ci loxob waa Misra. Te ñu séen néewi waa Misra ca tefes ga.* ***Bi ñu gisee nag ni kàttanug loxob Aji Sax ji jëfe digganteem ak waa Misra, ñu daldi ko ragal te wóolu ko, moom ak Musaa jaamam****.* **(Ex 14:13-31**)

Noonu Musaa ak bànni Israyil woy woy wii, jagleel ko Aji Sax ji. Ñu ngi naan:

*Dinaa woy Boroom bi, ndaxte moo am ndam lu réy!*
*Sama doole ak sama woy mooy Yàlla Aji Sax ji, ndax moo ma musal!* **(Ex 15:1,2**)

Noonu ñu tàmbale woy, di sant Yàlla te di ko gërëm ndax **mucc gu réy**, gi mu leen defal. Maryaama, doomu ndeyu Aaroona ak Musaa jël ndënd mi, te jigéen ñépp génn topp ko, di tëgg, di woy ak di fecc! Maryaamaa ngi doon dëbbe naan: ***Woyleen Boroom bi! Moo am ndam lu réy****! Fas ak gawar lépp la boole sànni géej!* **(Ex 15:21**) Amiin.

Mbokk yi, loolu mooy nettali bi wér te yéeme ci lu jëm ci ni Yàlla xàllale woon géej ga bànni Israyil. Léegi nag, nan lanu man a jeexale sunu njàngum tey? Xanaa ak benn laaj bu yomb. Laaj bi mooy: **Kan a manoon a musal bànni Israyil ci xarekati Firawna**? Ndax manoon nañu musal seen bopp? Gis nanu ni **géej gi** nekke woon ci seen kanam. **Tund ya** féetewoonleen itam ci ndeyjoor ak càmmooñ. Te **xarekati Firawna yi** nekk ci seen gannaaw.

Ndax bànni Israyil manoon nañu musal seen bopp? Ndax manoon nañu feral géej gi? Walla ñu maasale tund

yi? Mbaa ñu jànkoonte ak xarekati Firawna? Mukk! Ku leen manoon a musal nag? Kan moo leen xàllal géej gi? Lenn tont rekk moo am, muy: **Yàlla doŋŋ**! Yàlla rekk a leen manoon a musal. Looloo taxoon, Musaa ne leen: "*Buleen ragal! Dalalleen seen xel, te gis* ***mucc gi leen Aji Sax ji defal tey****!*" **(Ex 14:13**) Te looloo taxoon it, ginnaaw ba ñu eggee ca geneen wàllu géej ga, ñuy woy naan: "*Sama doole ak sama woy mooy Yàlla Aji Sax ji, ndax* ***moo ma musal****!*"

Bànni Israyil ñoom, mënuñu def dara ngir musal seen bopp ci xarekati Firawna – dara – lu dul jaar ci yoon wi leen Yàlla ubbiloon ci biir géej gi, te ginnaaw loolu, gërëm ko te màggal ko ci li mu leen musal ci dee!

Mbokki déglukat yi, Yàlla dafa bëgg ñépp xam ne, doomi Aadama yépp dañoo mel ni bànni Israyil. Ni ñoom, nun itam amunu jenn yaakaar rëcc musiba mu réy mi nar a wàcc ci sunu kaw ci kanam tuuti, su fekkee ne Yàlla musalu nu ci! Xëy na géej gi nekkul ci sunu kanam, wànte **dee** ak **safaraa** ngi fi. Xanaa tund yi itam nekkuñu ci sunu wet, waaye **sellaayu Yàllaa** ngi fi ngir daan nu. Te Firawna ak i xarekatam nekkuñu ci sunu gannaaw, waaye nootaangeg **Seytaane** ak **sunuy bàkkaar** dañu nu bëgg a sànk ba fàww!

Kan moo man a musal doomi Aadama ci àtteb Yàlla bu jub bi? Kan moo man a musal bàkkaarkat yi ci safara su dul fey si? Kan moo man a musal nit ci dooley Seytaane? Ku nu man a musal ci loolu lépp? Ku nu man a yóbbu ci weneen wàllu sunu géeju bàkkaar, te tàbbal nu ci bérab bu sell, bi tudd Àjjana? **Yàlla doŋŋ**! Yàlla rekk a nu man a musal! Nit amul menn pexe ngir musal boppam walla musal ñeneen! Moom la Mbind mi yégle, naan: "***Ci yiwu Yàlla ngeen mucce*** *ci kaw ngëm, te* ***loolu jógewul ci yeen****, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu!*" **(Ef 2:8,9**)

Yàlla, mi bare yërmande, ubbil na doomi Aadama yoonu mucc, ngir musal leen ci dooley Seytaane ak bàkkaar ak safara. Yàlla dafa bëgg nga rëcc ci àtte ba, muy taal bu yànj, biy war a lakk ñépp ñi dee ci seeni bàkkaar, waaye **fokk nga jaar ci yoonu mucc wi la Yàlla ubbil**!

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga yoonu mucc, wi la Yàlla ubbil ngir nga man a rëcc ci dooley Seytaane, ak peyug bàkkaar ak mbugalu safara si? Ndax yaa ngi ci yoonu njub, wi Yàlla tëral, ngir nga man a texe ci jetaayam bu sell bi ba fàww?

Yoon woowu Yàlla indi, ajuwul ci jëf yu rafet yi nit man a def, te ajuwul ci sàmm sàrti diine. Ndaxte Yàlla ne na: "***Du*** *peyu jëf, ngir* ***kenn*** *du ci kañu!*" **(Ef 2:8-9**)

Lan mooy yoonu mucc wi Yàlla tëral nag? **Mooy yoonu Rammukat bu sell**, bi jóge asamaan ngir dee te dekki, ngir yiwi képp ku ko gëm ci nun ñi **meloon ni ay jaam** ndax dooley bàkkaar ak ragal a dee. Mbind mu sell mi wax na ci mbirum Musalkat bu am doole boobu ne: "*Mucc amul ci* ***keneen****, ndaxte ci ron asamaan* ***amul weneen tur****, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce!*" **(Jëf 4:12**) Amiin.

Waaw, Yàlla ubbil na la yoon ci biir géeju bàkkaar ngir nga man a rëcc ci mbugalu bàkkaar, yóbbu la ca weneen wàllu géej gi, maanaam ci jetaayu Yàlla bu sell bi. Waaye fokk nga jaar ci yoon woowu la Yàlla ubbil nag. Déglul li Rammukat bi wax ci loolu. Mu ne:

"***Man maay yoon wi****, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci [Yàlla] Baay bi te jaarul ci man.... Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku* ***dégg*** *sama kàddu te* ***gëm*** *ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte* ***génn nga ci dee, tàbbi ci dund****.*" **(Yow 14:6 5:24**)

Léegi nag, mbokki déglukat yi, sunu jotu tey jeex na. Ci njàng mi di ñëw, bu sóobe Boroom bi, dinanu gis ni Yàlla toppatoo bànni Israyil ci biir màndiŋ ma.

Waaye su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon, ba emisyoŋ biy ñëw. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi tekki, bi mu naan: "***Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu!***" **(Ef 2:8,9**)

# 35 Mànn ca Màndiŋ ma

(Goreel ga 16,17)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu **ni Yàlla musale** bànni Israyil ci loxoy Firawna ak i xarekatam. Ba bànni Israyil agsee ca tefesu géej gu xonq ga, ñoom amuñu woon menn pexe ngir rëcc ci xarekati Firawna yi. Waaye gisoon nanu ni leen Yàlla xàllale woon ndox ma ngir ñu man a jaar ci diggu géej ga, di dox ci suuf su wow. Wànte bi xarekati Misra yi di jéem a jàll, ñu daldi lab. Noonu, ca bés booba la Yàlla Aji Sax ji musal Israyil ci loxoy waa Misra. Te bi ñu gisee ni kàttanug Aji Sax ji réye, ñu daldi ko ragal te woy ko, naan: "*Dinaa woy Yàlla Aji Sax ji, ndaxte moo ma musal! Boroom bi jàmbaar la!*" **(Ex 15:1-2)**

Fi nu tollu léegi ci téereb Gàddaay ga, bànni Israyil a ngi nekk ci màndiŋ ma, **diggante Misra ak Kanaan**. Kanaan mooy réew mi Yàlla digoon seen maam Ibraayma ak askanam, ngir mu nekk seenug moomeel. Tey jii nag, dinanu gis **ni Yàlla toppatoo woon bànni Israyil ca àll ba**. Mbind mi daf nuy won ni Yàlla moom ci boppam doon doxe ci seen kanam, jaarale ko ci aw niir wu réy ci bëccëg, ak ci jumu safara ci guddi. Li wér péŋŋ mooy, su leen Yàlla wommatul woon, dañu doon réer ci biir màndiŋ ma.

Nanu jéem a xalaat tuuti ci yan anam la bànni Israyil nekkoon. Mbooloo mu réy lañu woon. Mbooloo mu ëpp waa Ndakaaru yépp! Ci màndiŋ mu wow koŋŋ lañu doon jaar. Màndiŋ moo xam ne, ndox ak ñam amu fa. Xalaatleen ci loolu! Mbooloo mu réy-a-réy ci biir àllub neen, bu dara amul lu dul suuf ak ay garabi dég! Naka la bànni Israyil naroon a dundee? Kan moo leen manoon a musal ci coonoy mar ak xiif? Naka la mbooloo mu réye noonu ak seen jur gu bare gi manoon a ame ndox ak ñam wu doy ngir dund ci biir màndiŋ ma? Ndax manoon nañu dundal seen bopp? Déedéet! Kan moo leen manoon a dundal nag? Tont li benn doŋŋ la. **Yàlla rekk** a leen manoon a dundal te aar leen!

Ndax bànni Israyil **wóolu woon nañu seen Yàlla**? Walla dañu doon jaaxle ci lu ñu war a lekk ak lu ñu war a naan? Ci lu wér, bànni Israyil waroon nañu man a wóolu Yàlla Aji Sax ji. Yàlla defaloon na leen lu réy. Goreel na leen ci seen buumi njaam jaarale ko ci fukki musiba yi. Musal na seeni taaw ci dee, jaarale ko ci deretu mbote ma. Ubbiloon na leen aw yoon ci biir géej gu xonq ga. Te léegi dafa doon dox ci seen kanam ci biir aw niir ngir delloo leen ci réewu Kanaan, ni mu ko digewoon seen maam Ibraayma bu yàgg.

Lu ngeen ci xalaat? Ndax bànni Israyil wóolu woon nañu Yàlla? Ndax gëmoon nañu ne, Yàlla man na def li mu digewoon? Nanu jëm kanam ci Mbind mi léegi, ba xam tontub loolu. Nu ngiy jàng ci saar fukk ak juróom-benn ci téereb Gàddaay ga, ci Tawreetu Musaa. Mbind mi ne na:

*Bi loolu wéyee nag, mbooloom bànni Israyil mépp daldi jóge Elim, agsi màndiŋu Sin, diggante Elim ak Sinayi. Ñu ngi fa agsi ci fukki fan ak juróom ci weer, wi topp ci wi ñu génne Misra. Ca màndiŋ ma mbooloom Israyil mépp di* ***jooytu*** *ci Musaa ak Aaroona. Ñu nga leen naan: Céy! Su nu dee woon ci loxob Aji Sax ji ci Misra! Foofa daan nanu uuf cini yàpp yu fees dell, tey lekk ñam ba suur. Waaye nag* ***génne ngeen nu, indi nu ci màndiŋ mi, ngir xiifal mbooloo mii, ba ñépp dee!*** **(Ex 16:1-3)**

Ndax bànni Israyil wóolu woon na Yàlla? Déedéet! Dañu ko doon jooytu sax, moom ak Musaa yonentam. Léegi nanu wéy ci Mbind mi ba dégg ni leen Yàlla tontoo.

Noonu Aji Sax ji ne Musaa: *Dégg naa jooytuy bànni Israyil. Nee leen: Su timisee, dingeen lekk yàpp, bu subaa, ngeen suur ak mburu. Noonu* ***dingeen xam ne, maay Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom****. Dinaa leen tawal ñam, wu jóge ci asamaan. Mbooloo mi dina génn bés bu set, for njëlam. Te noonu laa leen di nattoo, ngir seet su fekkee ne, dinañu aw ci sama yoon walla déet.* **(Ex 16:11-12,4)**

*Noonu nag ca ngoon sa, picc yi ñuy wax tiprip ñëw, sam dal ba, te ci suba ab lay ñëw, muur li wër dal ba. Ba lay ba wàccee, déndu màndiŋ mi daj ak lu mel ni tawu yuur, def donj, yu sew tey toj. Bànni Israyil xool, ku nekk naan sa moroom: Man hu? liy tekki: **Lii lan la**? Ndax xamuñu lu mu doon. Noonu Musaa ne leen: Mooy ñam, wi leen Aji Sax ji jox, ngir ngeen dunde ko. Noonu askanu Israyil tudde ñam woowu: **mànn**. Dafa meloon ni pepp yu...weex tey saf boŋ-boŋu lem.* **(Ex 16:13-15,31**)

Noonu la Yàlla dundale bànni Israyil ci biir màndiŋ ma, ba keroog ba ñu agsee ca réewu Kanaan. Ndax dégg ngeen bu baax, fu ñam wa jóge? **Ci asamaan**. **Ci Yàlla** la jóge woon. Ndax bànni Israyil yelloo woon nañu ñam wi leen Yàlla wàcceeloon? Déedéet! Yelloowuñu dara lu dul mbugalu Yàlla, ndax seen ngëmadi ak seen ñàkk kóllëre. Yërmandey Yàlla rekk a taxoon deewuñu ci biir màndiŋ ma ndax xiif.

Nanu jëm kanam léegi te déglu li xewoon beneen yoon, boo xam ne, **bànni Israyil amatuñu woon ndox**. Nu ngiy jàng ci saar fukk ak juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

*Mbooloom bànni Israyil gépp...jàpp yoon wi ci ndigalu Aji Sax ji. Ñu dal Refidim, waaye **amuñu woon ndox mu ñu naan**. Noonu mbooloo ma **dal ci kaw** Musaa, ne ko: Jox nu ndox mu nu naan! Musaa ne leen: Lu tax ngeen dal ci sama kaw? Lu tax ngeen di nattu Aji Sax ji? Foofa, naka la mbooloo ma mar, ñuy xultu jëmale ko Musaa, naan ko: Lu tax kon nga jële nu Misra? Lu tax nga nuy bàyyi nuy dee ak mar, nook sunuy doom ak sunuy jur? Musaa ñaan Aji Sax ji, ne ko: Lan laa war a defal mbooloo mii? Tuutee tere ñu sànni ma ay xeer ba ma dee!*

*Aji Sax ji ne Musaa: Jiiteel mbooloo mi te nga ànd ak ay magi dëkk bi. Yet wi nga dóoroon dexu Niil gi, yor ko te dem. Dinaa taxaw ci sa kanam, fee ca xeer wa nekk Oreb. Nanga dóor xeer wa. Am ndox dina ci génn te mbooloo mi dina naan. Musaa daldi def noonu ci kanamu magi Israyil yi.* **(Ex 17:1-6**)

Noonu ndox mu baree-bare daldi génn ca xeer wa, xellee ca biir màndiŋ ma, te mbooloo mépp naan ci, ñoom ak seeni jur.

Nanu taxaw fii, ngir xalaat tuuti ci nettali bi nuy jàng tey. Ginnaaw lépp li Yàlla defaloon bànni Israyil, ndax gëmoon nañu ko? Ndax seen xol feesoon na ak cant ak ngërëm ndax lépp li mu leen defal? Déedéet! Gëmuñu Yàlla xanaa di xultu tey ñaawal Yàlla mi leen musaloon ba noppi ci musiba yu baree-bare.

Yàlla nag moom, lu mu defoon? Lu raw xelu nit la defoon. Yàlla Aji Sax ji, ci muñam ak mbaaxam, mayoon na leen ñam ak ndox ci biir màndiŋ ma. Ndax bànni Israyil yelloo nañu mbaaxu Yàlla googu? Déedéet! Mbugalu Yàlla lañu yeeyoo. Lu tax Yàlla wonoon leen mbaaxam? Ndaxte Yàlla **kuy sàmm kóllëre la te fees ak yërmande**.

Yàlla Aji Yërmande la. **Yërmandeem** a tax mu may bànni Israyil ñam ak ndox, bi ñu nekkee sax ay bàkkaarkat yu ñàkk kóllëre! Su fekkoon ne, mucc ci xiif ak mar mu ngi aju woon ci mbaaxu bànni Israyil, kon dañu naroon a dee rekk ci màndiŋ ma.

Wànte war nanu xam it ne, Yàlla aaru leen ndax yërmandeem rekk, waaye itam ngir **sàmm kàddoom**. Ni nu ko jànge woon ba noppi, Yàlla moom ci boppam **dige woon na barkeel xeeti àddina yépp jaarale ko ci xeetu Israyil**, ndaxte ci ñoom la yonent yi ak Mbind mu sell mi ak Musalkatu Àddina si waroon a jaare.

Waaw. Yàlla kuy sàmm kóllëre la, te fees ak yërmande. Mooy **Yàllay Dëgg gi** ak **Yàllay Mbëggeel gi**. Ci lu wér, bànni Israyil yelloowuñu woon mbëggeelu Yàlla. Waaye bi ñu amul woon jenn doole, di ñaawal Yàlla sax, Yàlla firndeel na mbëggeelam ci ñoom, ci li mu leen may ñam wu jóge asamaan.

Xëy na am na kuy laaj: ban njériñ la nettaliy bànni Israyil am ci nun ñiy dund ci jamanoy tey? Kàddug Yàlla ne na: "*Mbir yooyu daloon [bànni Israyil] **misaal la ci nun** ... ñiy dund ci jamano jii lépp mat*". **(1Ko 10:11**) Ni Yàlla musale woon bànni Israyil ci dooley màndiŋ ma, noonu itam la Yàlla bëgg a musale bépp doomu

Aadama ci **dooley bàkkaar**.

Nu ngi leen di laaj: Bànni Israyil ñoom, lan lañu waroon a def ngir baña sànku ci biir màndiŋ ma? Waroon nañu **for te lekk ñam wi leen Yàlla wàcceel ci kaw asamaan**. Seenug mucc ci màndiŋ ma, fu mu jóge nag? Ndax ci seen pexey bopp la jóge woon? Déedéet! Ñoom, amuñu woon jenn doole ngir musal seen bopp ci xiif ak dee! Mënuñu def dara **lu dul nangu te lekk ñam wi leen Yàlla wàcceel**.

Mbind mu sell mi daf nuy won ne, nun ñépp ay bàkkaarkat lanu ni bànni Israyil, te **amunu menn pexe ngir musal sunu bopp** ci dooley bàkkaar ak àtteb Yàlla bu jub bi. Xëy na nekkuloo di dox ci biir màndiŋ mu wow koŋŋ ni bànni Israyil, waaye ba tey takkandeeru dee mu ngi la tiim ni mu leen tiime woon. Kàddug Aji Sax ji leer na nàññ: Képp ku baña nangu pexe mucc mi Yàlla indi, dina dee ci biir bàkkaaram, tàbbi ci biir safara su dul fey mukk!

Dee ci biir bàkkaar! Jaar ci àtte ba! Tàbbi ci safara! Loolu lépp **musiba mu réy** la! Waaye ni Yàlla maye woon bànni Israyil aw ñam ngir ñu dund te baña dee ak xiif ci biir màndiŋ ma, noonu it, la nu Yàlla maye 'aw ñam', ngir nu man a texe àddina ak laaxira!

Lan mooy 'ñam' wiy joxe dund gu dul jeex nag? Ndax am na ñam ci kaw suuf, woo xam ne, soo ko lekkee, dinga man a dund ci jetaayu Yàlla ba fàww? Déedéet, amul. Ana wan ñam nag mooy wiy joxe dund gu dul jeex gi?

Mbokk yi, war ngeen xam ne, daanaka junni at ak juróomi téeméer gannaaw ba bànni Israyil lekke mànn ma ca màndiŋ ma, Yàlla wàcce na, **Rammukat bi**, di Musalkatu Àddina si. Moom ci boppam mooy 'ñam' wi Yàlla wàcce ngir musal waa àddina ci dooley bàkkaar, dee, àtte ba ak safara. Nanu déglu te xalaat bu baax nag ci li Rammukat bi waxoon, moom ci boppam, bu mu nekkee ci kaw suuf. Mu ne:

"*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku gëm am nga dund gu du jeex. Man maay ñam wiy joxe dund gi. Seeni maam lekk nañu mànn ca màndiŋ ma, teewul dee nañu. Waaye ñam wi wàcce ci asamaan, ku ko lekk, doo [sànku mukk]. **Man maay ñam wiy dund te wàcce ci asamaan. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar!***" **(Yow 6:47-51,35**)

Kon nag mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Ci emisyoŋ bi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu tàmbali gis ni Yàlla jottalee bànni Israyil fukki ndigal yi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey walla leneen, walla su fekkee ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo leen soxal, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Rammukat bi moom ci boppam waxoon, bi mu naan: "***Man maay ñam wiy joxe dund gi. ... Man maay ñam wiy dund te wàcce ci asamaan. ... Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar!***" **(Yow 6:48-51,35**)

# 36 Tundu Sinayi!

(Goreel ga 19,20)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Yàlla doon toppatoo bànni Israyil ci biir màndiŋ mu wow koŋŋ, di leen jox **ñam wu jóge asamaan**, ngir ñu baña dee ak xiif. Waaye gisoon nanu it, ni bànni Israyil doon diiŋate Yàlla ay yooni-yoon ndax seen ñàkk ngëm ak seen ñàkk kóllëre.

Tey jii nag, dinanu gis ni Yàlla feeñoo bànni Israyil ci biir màndiŋ ma, ngir jottali leen **yoonam wu sell wi**. Nu ngiy jàng ci Tawreet, téereb Gàddaay ga, saar fukk ak juróom-ñeent. Aaya bu jëkk bi ne na: *Ca bés bay mottali ñetteelu weer gannaaw ba ñu génnee Misra, la bànni Israyil agsi ca màndiŋu Sinayi...daldi fay dalal janoo ak tund [wa ñuy wax Sinayi].* **(Ex 19:1**)

Fan la Musaa ak bànni Israyil tollu woon léegi ci seen tukki ci màndiŋ ma? Agsi nañu ci tund wi ñuy wax **Sinayi**. Ndax fàttaliku ngeen fan la Musaa nekkoon, bi ko Yàlla jëkkee woo jaarale ko ci as ngarab su doon tàkk te lakkul? Ca tundu Sinayi woowu la nekkoon. Waaw. Gisoon nanu ni Yàlla waxe woon ak Musaa ca tundu Sinayi, ne ko:

"*Gis naa bu baax sama fitnay xeet ci Misra...kon wàcc naa ngir musal leen. Léegi nag ñëwal, dinaa la yebal Misra. Dinaa ànd ak yaw, te lii mooy firndeel ne, maa la yónni: boo* ***génnee bànni Israyil Misra, dingeen jaamu Yàlla ci tund wii****.*" **(Ex 3:7,8,10,12**)

Ndax Yàlla defaloon na Musaa li mu ko digoon? Waaw kay! Gisaat nanu ne, Yàlla kuy sàmm kóllëre la, ndaxte fi nuy jàng ci Tawreet, Musaa ak mbooloom Israyil mu réy mi, ñu ngi **ci taatu tundu Sinayi, ni ko Yàlla dige woon Musaa ci ngarab sa doon tàkk**.

Nanu wéy nag, ba gis ni Yàlla feeñoowaate Musaa ak bànni Israyil yépp ci tundu Sinayi. Mbind mi nee na:

*[Noonu] Musaa yéeg, jëm ca Yàlla. Aji Sax ji woowe ko ca tund wa, ne ko: Waxal ak askanu Yanqóoba, te jottali bànni Israyil lii: Gis ngeen ni ma def Misra, te yeen ma boot leen, ni ko jaxaay di defe ci ay laafam, ba indi leen fi man.* ***Léegi nag su ngeen ma déggalee bu wóor te sàmm sama kóllëre, dinaa leen séddoo ci xeet yépp****, ndax maa moom àddina sépp. Te dinaa leen def kureelu ñi jegeñ Buur Yàlla, di xeet wu sell. Loolu mooy kàddu yi ngay wax bànni Israyil. Noonu Musaa dellu, woo magi mbooloo ma, jottali leen lépp li ko Aji Sax ji digaloon. Mbooloo ma mépp mànkoo ci ne:* ***Lépp lu Aji Sax ji wax dinanu ko def!*** **(Ex 19:3-8**)

Ndax dégg ngeen bu baax ni bànni Israyil tontoo woon Yàlla? Ñu ne: "***Lépp*** *lu Aji Sax ji wax dinanu ko def!*" Li bànni Israyil waxoon, ndax dëgg la? Ndax dinañu man a sàmm ndigali Yàlla **yépp**? Yàlla moom, xamoon na bu baax ne, bànni Israyil mënul a def lépp li mu leen sant. Li Yàlla bëggoon mooy ñu xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, te nangu seeni bàkkaar fa kanamam, te gëm xebaar bu baax bi ci mbirum Rammukat bi naroon a ganesi àddina ngir jot bàkkaarkat yi. Yàlla baaloon na seeni maam Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba seeni bàkkaar **ci kaw ngëm rekk**, te Yàlla dafa bëggoon a baal bànni Israyil seeni bàkkaar **ci kaw ngëm** itam. Yàlla musul a am weneen yoon, wu doomi Aadama yi war a mucce, ba tax Mbind mi ne: "*Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla!*" **(Ro 3:20**)

Waaye ba fi ñu tollu, waa Israyil yaakaaroon nañu ne, man nañu mottali lépp lu jub **ci seen pexey bopp**. Ñoo gàtt xel! Fàtte nañu ni ñu moye woon Yàlla ay yooni-yoon. Xamaguñu woon ni seen bàkkaar réye! Ci seen xalaat, **bàkkaar amul solo** noonu, wànte ci bëti ki leen war a àtte...**bàkkaar lu am ngaañ la**!

**Yàlla ku sell la te mat sëkk**, te mënul a nangu dara lu matul! Waaye ba tey, bànni Israyil ràññeeguñu woon loolu. Loolu moo waraloon seen tont lu ñàkk xel loolu, maanaam: "*Lépp lu Aji Sax ji wax dinanu ko def!*" Wànte Yàlla dafa fasoon yéene xamal bànni Israyil ne, ku sell la, ku mënta dékku bàkkaar! Léegi nag, nanu jëm kanam ngir gis ni Yàlla wàcce ci tundu Sinayi, ngir feeñal ndamam ak sellaayam te jottali bànni Israyil **fukki ndigal yi**. Mbind mi ne na:

*Yàlla Aji Sax ji ne Musaa: Demal ca bànni Israyil, ...[te wax leen ne: Fi ak ñetti fan] Aji Sax ji dina wàcc ci tundu Sinayi ci kanamu mbooloo mépp! Sàkkal **dig**, wu nit ñi dul jéggi, te ne leen: Moytuleen a yéeg ci tund wi walla ngeen laal pegg bi. Képp ku laal tund wi, nañu ko **rey**! Te bu ko loxo laal, waaye nañu ko sànni ay xeer ba mu dee, mbaa ñu jam ko ay fitt. Mala mbaa nit, lu mu ci doon, nañu ko rey!*

*Noonu ca subas ñetteelu fan ba, mu am **ay dënnu, ay melax, niir wu tal** ëmb tund wa, te **liit gu xumb** lool jib, te ci dal bi ñépp di lox! Ci kaw loolu Musaa génne mbooloo ma dal ba, ngir ñu dajeji ak Yàlla, taxaw ca suufu tund wa. Fekk tundu Sinayi **wépp di saxar**, ndax Aji Sax ji moo fa wàcc, ci biir safara. **Saxar sa di gilli, mel ni saxarus puur, tund wépp di yëngu bu metti, liit ga di jib, di jege tey gën a xumb**! Noonu Aji Sax ji **wàcc** ca njobbaxtalu tundu Sinayi ...* **(Ex 19:10-20**)

*Gannaaw loolu Yàlla wax kàddu yii yépp: Man maay Aji Sax ji di Yàlla sa Boroom, bi la génne réewu Misra, këru njaam ga!*

*1.) **Bul am yeneen yàlla** ndare man!*
*2.) **Bul sàkkal sa bopp xërëm**...ndaxte man maay Aji Sax ji di Yàlla sa Boroom!*
*3.) **Bul jëfandikoo turu Aji Sax ji** di Yàlla seen Boroom cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam!*
*4.) Deel **fàttaliku bésu noflaay bi**, def ko bés bu sell!*
*5.) **Teralal sa ndey ak sa baay**!*
*6.) **Bul rey nit**!*
*7.) **Bul njaaloo**!*
*8.) **Bul sàcc**!*
*9.) **Bul seedeel sa moroom lu dul dëgg**!*
*10.) **Bul xemmem** sa kër moroom! Bul xemmem jabaram, walla jaamam bu góor mbaa bu jigéen, nagam walla mbaamam, mbaa dara lu mu moom.*

*Noonu mbooloo mépp teewe dënnu yi, melax yi, liit gi ak tund wiy saxar! **Ñu ragal di lox, dand ko fu sore**! Ñu ne Musaa: Waxal ak nun, yaw ci sa bopp, te dinanu la déglu, waaye bu Yàlla wax ak nun, lu ko moy dinanu dee! Noonu Musaa tontu mbooloo ma ne: Buleen ragal. Nattu leen moo tax Yàlla ñëw, ngir ngeen sax ci ragal tey baña bàkkaar! **Noonu mbooloo ma taxaw fu sore**...*" **(Ex 20:1-21**)

Fi lanu war a yem ci Mbind mi tey. Waaye bu soobe Yàlla, emisyoŋ biy ñëw, dinanu benn-bennal te faramfànce fukki ndigal, yi Yàlla jottali bànni Israyil ci tundu Sinayi. Waaye bala nuy tàggook yeen, am na lu nu Yàlla bëgg a xamal jaarale ko ci li nuy jàng tey. Li nu war a jàpp nag mooy lii: **Yàlla ku sell la te mënunu ko jege mukk ci sunu pexey bopp**. Moom la Mbind mu sell mi jàngale, bi mu naan: "*Nit **ñax** la*!" te "*Yàlla **safara la suy lakke**!*" **(1Pi 1:24 Yt 12:29**)

Ci sunu ndoortel njàng tey, dégg nanu ni bànni Israyil waxe Musaa, naan: "*Lépp lu Aji Sax ji wax dinanu ko def!*" Wax nañu loolu ndaxte **ràññeeguñu sellaayu Yàlla**. Dañu foogoon ne, man nañu neex Yàlla ci seen pexey bopp. Wànte ginnaaw ba leen Yàlla feeñoo ci tundu Sinayi, seeni xalaat soppiku nañu lool! Bi bànni Israyil teewee dënnu yi, melax yi ak tund wiy saxar, di dégg baatu Aji Sax ji di jib, di leen jottali fukki ndigal yu sell yi, "***ñu daldi ragal di lox**, dànd ko fu sore, te di wax Musaa naan: 'Waxal ak nun, yaw ci sa bopp...waaye bu Yàlla wax ak nun, lu ko **moy dinanu dee**!*'" **(Ex 20:18-19**)

Noonu la bànni Israyil tàmbalee ràññe sellaayu Yàlla. Ci taatu tundu Sinayi, yég nañu li Mbind mi wax, naan:

"*Nit ñax la!*" te "*Yàlla safara la suy lakke!*" Ci jetaayu Yàlla Aji Sell ji, ndax bànni Israyil mën nañu wax ak kóolute, naan: "Amul jafe-jafe! Lépp lu Aji Sax ji wax dinanu ko def!"? Déedéet! Léegi bànni Israyil ràññe woon nañu ne, amoon nañu **ab jafe-jafe bu réy**! Léegi gisoon nañu ni Yàlla ak yoonam selle, wànte ñoom selluñu! Dañu meloon ni **ñax mu wow fa kanam safara suy lakke**!

Yaw miy déglu tey nag, ndax ràññe nga sellaayu Aji Sax ji? Ndax gis nga ni Yàlla ak yoonam mate te jub? Ndax xam nga ni sa xol ak sa jëf matadee te dëng fa kanam Yàlla Aji Sell ji? Walla boog danga mel ni bànni Israyil meloon, di xalaat ne: "Amul jafe-jafe! Lépp li Yàlla wax, dinaa ko def! Ci sama kaw jëf yu baax, yelloo naa dugg Àjjana!" Ci lu wér, xalaat yooyu, dëppoowuñu ak xalaati Yàlla. Ndax Aji Sell ji man na dëkk ak sobe, lu taq bàkkaar? Ndax Yàlla man na nangu lu matul? Mukk! Yàlla ku sell la te mënul a dékku lu selladi! **Ndax ràññe nga loolu?** Walla boog, danga yaakaar ne say **jëf yu baax** man na far say **ñaawteef**? **Su fekkoon noonu la, kon Yàlla du Àttekat bu jub**!

Ci misaal, lu nuy xalaat cib àttekat bu fekkee ne, dafay wax ab bóomkat, naan ko: "Tooñ nga ci li nga rey nit, waaye ci kaw jëf yu baax yi nga defoon ca jamano yu weesu ya, duma la topp dara. Demal sa yoon." Lu nu war a wax àttekat buy jëfe nii? Dinanu ko teg àttekat bu jubul.

Mbokk yi, war ngeen fàttaliku ne, **Yàlla moom, Àttekat bu jub la**, te mënul a fàttee bàkkaar yi noonu. Boroom bi Yàlla miy àtte àddina, lu jub rekk lay def! Te li **njubteg Yàlla dogal mooy: Peyug bàkkaar moo di dee ak safara su dul fey mukk**! Jëf yu baax yi nuy def, mënuñu far sunu boru bàkkaar! Ci lu jëm ci sunuy jëf yu baax, Mbind mi ne na: "*Ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp, te sunuy jëf yu jub yépp a xasaw niy sagar yu tilim!*" **(Isa 64:5**) **Yàlla** Aji Sell ji dafa mel ni **safara suy lakke**, te **jëf yu baaxi** doomi Aadama, dañu mel ni **ñax**. Ci sunu njubteg bopp, mënunu nu taxaw fa kanamu taalu àtteb Yàlla bu sell bi!

Ndax bànni Israyil, ñeme woon nañu dugg ci safaras Yàlla mi wàccoon ci kaw tundu Sinayi? Ndax jéem nañu yéeg ci tund wi Yàlla nekkoon? Ndax takk nañu seen fit ba jege tund wi doon yengu, fees ak ay dënnu ak i melax? Te doon saxar mel ni saxarus puur? Déedéet! **Jegewuñu ko** de! Li bànni Israyil defoon kay, mooy **ragal bay lox**! Kenn ci ñoom ñemewul woon a jege tundu Sinayi, ndax tiitaange gi ñu yëg fa kanam sellaayu Yàlla Aji Sax ji! Waaye tiitaange googu baaxoon na lool ci ñoom, ndaxte kàddug Yàlla dafa wax ne: "***Ragal Aji Sax ji mooy kenul xam-xam!***" **(Pr 1:7**)

Mbokk yi, baalleen nu àq, ndaxte sunu jot jeex na. Waaye nu ngi leen di xiir ci ngeen fàttaliku li nu dégg te gis ko tey – maanaam **Yàlla ku sell la**, te ci njub lay àtte nit ñi. **Yàlla ku sell la**, te mënul a dékku ku selladi. **Yàlla ku sell la**, te mënul a fàtte bàkkaar yi noonu rekk. **Yàlla ku sell la** te mënuloo ko jege ci sa pexey bopp! Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu niir te firi fukki ndigal, yi Yàlla jottali bànni Israyil ci tundu Sinayi.

Ba mu ko defee, nu ngi leen di tàggu, di leen gërëm ci déglu bi, di leen fàttali it ne su amee ay laaj yu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li kàddug Yàlla wax, naan: "***Ragal Aji Sax ji mooy kenul xam-xam!***" **(Pr 1:7**)

# 37 Fukki Ndigali Yàlla yi

(Goreel ga 20)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni tundu **Sinayi wépp doon saxare**, ndax Yàlla Aji Sax ji moo fa wàcc ci biir safara ak dënnu, ak i melax ngir jottali bànni Israyil fukki ndigalam yi. Yàlla artu woon na waa Israyil, ñu baña laal tund wi mu nekkoon, ngir baña dee. Yàlla dafa leen bëggoon a xamal ni mu **selle**!

Tey jii nag, danu fas yéene niir fukki ndigal yi, ngir méngale leen ak sunu bopp, ba xam fu nu tollu fa kanam Yàlla Aji Sell ji. Nu ngiy jàng ci Tawreet, téereb Gàddaay ga, saar ñaar-fukk. Bind naãu ne: *Gannaaw [ba Yàlla wàccee ci tundu Sinayi ci biir safara] mu wax [bànni Israyil] kàddu yii yépp: Man maay Aji Sax ji di Yàlla sa Boroom, bi la génne réewu Misra, këru njaam ga*. **(Ex 20:1-2**)

1.) "***Bul am yeneen yàlla ndare man!***"**(Ex 20:3**)

Loolu mooy ndigal lu jëkk li. Yàlla Aji Sax ji ne na: "*Bul am yeneen yàlla ndare man*!" Moom **rekk** a war a nekk sunu Yàlla. Warunu topp kenn ku dul Moom. Moom kenn mooy Boroom bi. Yàlla Aji Bind ji doŋŋ mooy ki nu war a jaamu. Waaye li nuy gis ci réew mi ak ci àddina sépp, leneen la. Nit ñi dañuy jàpp seen moroomu nit, teg ko ci palaas boo xam ne Yàlla rekk a ko yelloo. Lu ëpp ci nit ñi, bu ñu amee ay jafe-jafe, walla ñu am lu gàllankoor seen dund, li ñuy jëkk a xalaat, du walbatiku ci Yàlla ñaan ko, moom mi sàkk lépp, man lépp, xam lépp. Waaye dañuy wékk seen yaakaar ci koo xam ne, nit la ni ñoom, dem ba di ko jox cér bi Yàlla kepp jagoo. Ñiy defe noonu, jeneen yàlla lañu am. Te loolu bàkkaar la!

2.) Ci ñaareelu ndigal li nag, Yàlla ne na: "***Bul sàkkal sa bopp xërëm... Bu leen sujjóotal te bu leen jaamu, ndaxte man maay Aji Sax ji di Yàlla sa Boroom! Yàlla ju fiir laa!***" **(Ex 20:4,5**)

Ci ndigal lii, Yàllaa ngi nuy wax, nu wottu sunu bopp ciy xërëm. Te xërëm yooyu nag, yemul rekk ci nataal yi ñuy yett di leen jaamu ci yenn bérab yi walla ci roqi kër yi. Ab xërëm dem na ba ci **lépp** loo xam ne dafay dox ci sunu digganteek Yàlla.

Naka noonu man nanu gis ñoo xam ne, futbal mooy seen yàlla, ndaxte futbal a leen gënal Yàlla. Ñeneen ñi tele moo dox seen digganteek Yàlla. Faalewuñu gëstu ci Kàddug Yàlla ba xam ko; amuñu jotu lu dul seetaan tele. Am na ñeneen ñoo xam ne, dañuy takk i téere, ndaxte Yàlla moom ci boppam doyu leen. Am ñeneen nag, seen alal mooy xërëm bi wuutu Yàlla. Li am palaas bu jëkk ci seen dund, du Yàlla, waaye xaalis. Dinañu dugg sax ci lu neexul Yàlla ngir seen xaalis yokku. Kon, alal ju ni mel, xërëm la. Lépp lu wuutu Yàlla itam, xërëm la!

3.) Ci ñetteelu ndigal li, Yàlla ne na: "***Bul jëfandikoo turu Aji Sax ji di Yàlla seen Boroom cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam***." **(Ex 20:7**)

Waaw. Yàlla bëggul nuy jëfandikoo turam wu sell wi cig neen. Waaye bés bu nekk man nga dégg nit ku digaaleek moroomam dara naan ko: "INSHALLA! Bu soobee Yàlla, dinaa def nàngam, walla dinaa dem bérab sàngam!" – fekk ci biir xolam fasul yéene def loolu sax. Dafa **jëfandikoo** turu Yàlla, ngir gëmloo moroomam mi ay fen. Loolu nag dëppoowul ak coobare Yàlla.

Te it, am na ñeneen ñoo xam ne, dañu naan la: "BILAAY! Defuma nàngam!" – fekk ñoo ko def. ... walla ñu ne la: "Yàlla XAM NA NE duma def lii ak lee!" – te fekk na ay feni neen la. Ñu mel noonu nag ñu ngiy sofental turu Yàlla. Kàddug Yàlla ne na: "*Sa waaw, na nekk waaw; sa déedéet, na nekk déedéet. Loo ci teg,*

*ci Ibliis la jóge!*" (**Mc 5:37**)

4.) Ci lu jëm ci ñeenteelu ndigal li, Yàlla waxoon na bànni Israyil ne leen: "***Deel fàttaliku bésu noflaay bi, def ko bés bu sell. Nanga dox say soxla juróom-benni fan, def sa liggéey bépp... Ndaxte ci juróom-benni fan la Aji Sax ji sàkk asamaan, suuf, géej, ak li ñu ëmb lépp. Waaye noppalu na ca juróom-ñaareelu fan ba***." (**Ex 20:8,9,11**)

Ci loolu gis nanu ne, Yàlla dafa bëggoon bànni Israyil noppalu benn fan ci juróom-ñaar yi, ngir **teral Yàlla**.

5.) Ci juróomeelu ndigal li nu Yàlla jox nag, mu ne: "***Teralal sa ndey ak sa baay, ngir am gudd gi fan ca réew ma lay Aji Sax ji sa Yàlla di jox***." (**Ex 20:12**)

Ci loolu man nanu gis kon ne, sunuy waa jur, ñu am solo lañu, ñu mat a fonk, te fàww nu jox leen **cér** bi ñu yelloo. Waaye du loolu lanuy gis ci jamano jii, ndaxte dangay gis doom yoo xam ne, seeni waa jur dañuy wax, ñu gëdd leen; ciibatu leen, dem seen yoon. Te duñu am benn toppatoo ci waajur yi xanaa dëkk ci tàngal seen xol rekk. Waaye du dundin woowu lanuy jàng ci juróomeelu ndigal li. Coobare Yàlla ci doom yi, mooy ñu sopp seeni waajur te déggal leen ci lépp lu neex Yàlla, dëppook coobareem.

6.) Ci juróom-benneelu ndigal li nag, Yàlla ne na: "***Bul rey nit***." (**Ex 20:13**)

Ci loolu Yàllaa ngi nuy wax ne: Ku réy nit, tooñ nga Yàlla, ndaxte Yàlla moom mooy jox nit ñépp bakkan ak ruu. Rey nit, mooy bañ Yàlla ndaxte Yàlla dafa sàkk nit ci melokaanam. Te kàddug Yàlla daf nuy won it ne, "rey nit" yemul rekk ci bóom, ndaxte Mbind mi ne na: "*Képp ku* ***bañ*** *sa mbokk, reykat nga!*" (**1Yow 3:15**) Yàlla du àtte nit ci kaw li muy def rekk, waaye itam ci kaw li muy bëgg a def sax, maanaam ci kaw yéeneem! Looloo tax bañ nit ak rey nit ñoo yem fa kanam Yàlla.

7.) Ci juróom-ñaareelu ndigal li, Yàlla ne na: "***Bul njaaloo***!" (**Ex 20:14**)

Séy, may gu neex la, te ci Aji Sax ji la jóge. Yàlla ku sell la te dafa bëgg nu sell itam, moo tax gannaaw ba mu joxee góor, jabar ji mu war a séyal, mu bëgg mu **yem** ci soxnaam te baña am benn bëgg-bëgg bu bon ci jabaru keneen. Kàddug Yàlla ne na: "*Na góor bëgg jabaram, ni mu bëgge boppam*." (**Ef 5:28**) Te it, "*Koo xam ne kii fase nga sa jabar te du njaaloo tax, boo séyaatee ak keneen, njaaloo nga*." (**Mc 19:9**)

Waaye ndegam nit ñi déggadi nañu ndigalu Yàlla, bay def li mu leen aaye, ñuy jot seen peyug jëf ci seen yaram. Moo waral wopp yu bare di dal nit ñoo xam ne seen àndandoo ak jigéen, teguñu ko ci anam yi Yàlla tëral. Te am na leneen li ngeen war a xam: Njaaloo yemul ci li nu def ak sunu yaram rekk, waaye day ëmb it li nekk ci sunu biir xel. Ci loolu, Mbind mi ne na: "*Képp ku xool jigéen, xédd ko, njaaloo nga ak moom ci sa xel*." (**Mc 5:28**)

8.) Ginnaaw loolu, Yàlla joxe na ndigal ne: "***Bul sàcc***!" (**Ex 20:15**)

Loolu leer na nàññ. Waaye war ngeen xam ne, ci bëti Ki nu war a àtte, sàcc – yemul rekk ci **jël** loo moomul. Soo bëgge jël yëfu jaambur, te jëlu ko sax, sàcc nga! Ndaxte Yàlla xol lay seet. Sàcc, am na ay wàll yu bare. Su fekkee, sa njaatige maanaam dénk la liggéey, te di la fey ngir liggéey boobu, muy yaakaar ne, yaa ngiy liggéey, fekk yaw ngay tappale rekk ngir waxtu wi dem, bu boobaa yaa ngiy sàcc! Waaw, sàcc nga sa xaalisu njaatige. Lan mooy mbugalu sàcc nag, ak bépp bàkkaar? Moo di dee te tàbbi ci safara su dul fey mukk!

9.) Juróom-ñeenteelu ndigal li nag ne na: "***Bul seedeel sa moroom lu dul dëgg***." (**Ex 20:16**)

Loolu it leer na nàññ! Yàlla Aji dëgg la, te fen jegewu ko fenn! Wànte képp kuy fen, dëppoo na ak jikkoy **Seytaane**, "*ndaxte fenkat la, te ci moom la fen soqikoo!*" (**Yow 8:44**) Moom la Mbind mi wax. Seytaane

waxoon na ay fen sunuy maam Aadama ak Awa, te ba tey mi ngi naxe nit ay fenam! Kuy fen, dafay nirook Ibliis.

10.) Ci fukkeelu ndigal li nag, Yàlla ne na: "***Bul xemmem sa kër moroom. Bul xemmem jabaram, walla jaamam bu góor mbaa bu jigéen, nagam walla mbaamam, mbaa dara lu mu moom***." **(Ex 20:17**)

Ndigal lii dafa nuy won bu leer ne Yàlla xam na ni xolu nit dënge te soxor. Xemmem ak bëgge, ci **xolu doomi Aadama** la nekk. Sunuy xol yu bon a tax nuy xemmem jabaru jaambur, walla nuy teg sunuy bët ci li keneen am te amunu ko. Loolu bàkkaar la, ndaxte Kàddug Yàlla ne na: "*Indaalewunu fi dara, te dunu yóbbaale dara. Kon su nu amee lekk ak koddaay, nanu ko doyloo.*" **(1Tim 6:7-8**)

Loolu nag mooy fukki ndigal, yi Yàlla dénk Musaa ak bànni Israyil. Nan lanu man a àggalee njàngum tey mi nag? Xanaa ak benn laaj. Laaj bi nga war a tontu mooy: **Ndax sàmm naa fukki ndigal yépp**?

Xëy na xam ngeen ba noppi ne, bi Rammukat bu sell bi ganesee àddina, tënkaloon na nu fukki ndigal yi ci ñaari kàddu yii. Mu ne:

1.) "***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, ak sa xel mépp!***
2.) Te... ***Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp!*** *Ñaari ndigal yooyu tënk nañu yoonu Musaa wépp!*" **(Mc 22:37-40**)

Léegi nag, su fekkee ne, bëgg nga seetlu sa bopp bu baax, ba xam ndax sàmm nga fukki ndigali Yàlla yi walla déet, li nga war a def mooy laaj sa bopp ñaari laaj.
Benn: Sama digganteek Yàlla, nu mu mel? **Ndax bëgg naa Yàlla ak sama xol bépp**?
Ñaar: Sama diggante ak nit nag, nu mu mel? **Ndax bëgg naa sama moroom, ni ma bëgge sama bopp**?

Naka la sa digganteek **Yàlla** mel? Bàyyil sa xol tontu ak màndute ci loolu! Ndax bëgg nga Yàlla ak sa xol bépp? Ndax bëgg nga ko ak sa xel mépp? Ndax Yàlla ak kàddoom am na palaas bu jëkk ci sa dund?

Te ci lu jëm ci sa digganteek **nit**... Ndax bëgg nga sa moroom, ni nga bëgge sa bopp? Ndax dinga jiital sa moroom ci lépp? Ndax dinga topptoo sa moroom ni ngay toppatoo sa bopp? Ndax dinga defal nit ñi lépp li nga bëgg, ñu defal la ko?

Su fekkee mënuloo tontu "waaw" ci laaj yooyu yépp, xamal ne, fa kanam Yàlla **moykat** ak **bàkkaarkat** nga. Ci sa pexey bopp, mënuloo yaakaar dara lu dul alkande àtte Yàlla bu jub bi! Ndaxte Mbind mi nee na: "***Képp*** *ku dul topp lépp lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na alku!*" **(Gal 3:10**) "*Ñi ragal, ñi gëmul, ñiy def lu ñaaw, ñiy bóom nit, ñiy njaaloo, luxuskat yi, xërëmkat yi, ak fenkat yépp, seen añ moo di déegu safara ak tamarax bi!*" **(Pe 21:8**)

Yàlla ku sell la te mënul a dékku lu selladi! Yàlla ku mat la te mënul a nangu dara lu matul. Moo tax Mbind mi nee: "***Ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp!***" **(Sa 2:10**) Fexe sàmm fukki ndigal yi "*du tax kenn jub fa kanam Yàlla! ... **Ñépp** a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla!*" **(Ro 3:20,23**) Moom la kàddug Yàlla wax.

Xëy na kon, am na kuy laaj: Kon, **lu tax nag, Yàlla jottali nu ay ndigalam**, su fekkee kenn mënu leen a sàmm? Ci lu wér, loolu laaj bu am maanaa la, te bu soobee Boroom bi, ci emisyoŋ bi di ñëw dinanu déglu tontub Yàlla ci laaj boobu!

Waaye sunu jotu tey jeex na. Kon fii lanuy tàggook yeen di leen gërëm ci déglu bi, di leen fàttali ne su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci *YOONU NJUB* / B.P.370. / St. Louis. / *YOONU NJUB* / B.P.370. / St. Louis. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li kàddug Yàlla wax, naan: "***Ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp!***" **(Sa 2:10**)

# 38  Njariñu fukki Ndigal yi

(Goreel ga 20)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci ñaari njàng yi weesu, gisoon nanu ni Yàlla wàccee woon ci tundu Sinayi ci biir safara ak dënnu, ak i melax, di jottali bànni Israyil fukki ndigalam yu sell yi.

Ci ndigal li jëkk, Yàlla ne woon na leen: ***Bul am yeneen yàlla ndare man***! **(Ex 20:3**)
Ci ñaareel bi: ***Bul sàkkal sa bopp xërëm***! **(Ex 20:4**)
Ñett: ***Bul jëfandikoo turu Aji Sax ji di Yàlla seen Boroom cig neen***! **(Ex 20:7**)
Ñeent: ***Deel fàttaliku bésu noflaay bi, def ko bés bu sell***! **(Ex 20:8**)
Juróom: ***Teralal sa ndey ak sa baay***! **(Ex 20:12**)
Juróom-benn: ***Bul rey nit***! **(Ex 20:13**)
Juróom-ñaar: ***Bul njaaloo***! **(Ex 20:14**)
Juróom-ñett: ***Bul sàcc***! **(Ex 20:15**)
Juróom-ñeent: ***Bul fen***! **(Ex 20:16**)
Fukk: ***Bul bëgg yëfi jaambur***! **(Ex 20:17**)

Loolu mooy fukki ndigal, yi Yàlla wàcceel Musaa ak bànni Israyil. Yàlla tegoon na leen yen bu diis, ne leen: **Ku man a matal lépp li fukki ndigal yi laaj**, kon dinga man a dund ak Yàlla ba fàww! Waaye ku sàmm yoon wépp, te xëtt ci **lenn ndigal rekk**, jàdd nga yoon **wépp** te dinga xàjjalikook Yàlla **ba fàww**! Looloo doon yoon wu sell wi Yàlla dénk bànni Israyil ci tundu Sinayi.

Yàlla santoon na leen ñu déggal ko ci **lépp**! Waaw, **ci lépp**! Ndax bàkkaarkat yi man nañu sàmm ndigali Yàlla **yépp**? Mënul a nekk! Waaye terewul loolu mooy li Yàlla Aji Sell ji di laaj! Li nu bëgg a xam tey nag mooy: lu taxoon Yàlla yen doomi Aadama yen bu diis boobu? **Lu taxoon Yàlla jottali bànni Israyil ay ndigalam, bi mu xame xéll ne, kenn mënu leen a matal**?

Gisoon nanu ba noppi ni bànni Israyil waxe woon, ne: "*Lépp lu Aji Sax ji wax, dinanu ko def!*" **(Ex 19:8**) Waaye Yàlla moom xamoon na ne, mënuñu matal lépp li mu bëgg! Bànni Israyil xamuñu seen ñàkk doole ngir matal coobareg Yàlla. Ràññewuñu woon ni ñu soreyook Yàlla ak ndamam lu réy! Loolu moo taxoon nag, Yàlla wàcceel bànni Israyil fukki ndigal yu mat sëkk, ne leen: "**Sàmmleen lépp, su ngeen ko manee! Waaye ku ci jàdd lenn ndigal rekk, dinga xàjjalikook man ba fàww!**"

Li Yàlla fasoon yéene def jaare ko ci ndigal lu diis loolu nag, mooy **won bànni Israyil seen ñàkk doole ngir neex ko**. Yàlla xamoon na ne, bànni Israyil mënul a sàmm ndigalam yépp, wànte ñoom ci seen bopp ràññeeguñu woon loolu. Bànni Israyil, dañu meloon ni boroomi diine ci sunu jamanoy tey, ñuy xalaat ne: "Yàlla dafa bëgg nu fexe def lu baax rekk, te, ca bésu pénc ba, bu fekkee ne, sunuy jëf yu jub ñoo ëpp sunuy jëf yu bon, kon Yàlla dina nu wax ne: Kaay bokk ci sama jetaay ba fàww!" Waaye ñiy xalaate noonu, dañu juum, te xamuñu Mbind mi, mbaa sellaayu Yàlla. Yàlla Aji Leer la, te mënul nangu dara lu matul! Mënul dékku benn bàkkaar sax!

Ci misaal, ñaata bàkkaar la sunu maam Aadama waroon a def, ngir Yàlla dàq ko toolu Àjjana? Fukki bàkkaar? Walla téeméer? Mbaa boog junni? Déedéet!

**Benn bàkkaar rekk** te Aadama waroon na génn!
Benn bàkkaar te Aadama matatul woon fa kanam Yàlla!

Benn bàkkaar te mënatul jege Yàlla!
Benn bàkkaar te fàww mu dee!
Benn bàkkaar te mu daldi yelloo safara su dul fey mukk!

Ci lu wér, Yàlla ku sell la, ku ñàkk caaxaan! Looloo taxoon mu wax bànni Israyil, ne: ‟*Ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci **lenn ndigal rekk**, jàdd nga **yoon wépp**!*” **(Sa 2:10**)

Kon nag, ci gàttal: bu dee noonu la sellaayu Yàlla mel, li nu bëgg a xam mooy: **Lu tax Yàlla jottali bànni Israyil ay ndigalam, bi mu xame xéll ne, kenn mënu leen a matal**? Tontub Yàllaa ngii, te jar na nu déglu ko ak xel. Mu ne: ‟*Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; **solob ndigal yi daal mooy wone bàkkaar**!*” **(Ro 3:20**) Lan mooy solob fukki ndigal yi kon? Yàlla nee na: ‟*Solob ndigal yi...mooy **wone bàkkaar**!*”

Ndax jàpp ngeen li kàddug Yàlla wax? Lu tax Yàlla jottali Musaa ak bànni Israyil fukki ndigalam yu sell yi? Ndax dafa leen joxoon ndigal yooyu, ngir ñu man leen a sàmm ba yelloo texe Àjjana? Déedéet! Loolu mënul am sax, ndaxte Yàlla ne na: ‟Ku baña sàmm **lépp**, ku alku nga!” Ndax doomi Aadama man na déggal Yàlla ci **lépp** li mu santaane? Ndax manees na tanqe ndox mu set ci njaq lu tilim? Mukk! Loolu mënul a nekk!

Lan mooy solob ndigal yi nag? Mbind mi ne na: ‟*Solob ndigal yi...mooy **wone** bàkkaar*!” Yàlla joxewul ndigal yi ngir musal nu ci àtteem. Waaye Yàlla dafa leen joxe ngir won nu ne, **ay bàkkaarkat lanu te danu soxla ab Musalkat**!

Ndax loolu leer na ci sa xel? Nanu ko fexee misaal. Fukki ndigal yi, dañoo mel ni **masinu rajob oppitaal**. Su ma feebaree, te xamuma lu ma dal, kon xëy na fajkat bi dina seet sama yaram ci rajo. Lan mooy solob ‛rajografi’ boobu? Soloom lenn rekk la: **dafay wone li doxul ci sama biir yaram**. Naka noonu itam, ndigal yu sell yi Yàlla dénkoon Musaa, dañoo mel ni masinu rajob oppitaal. Soloom mooy **wone bàkkaar bi nekk ci sama biir xol**. Naka la ma fukki ndigal yi man a wone bàkkaar bi nekk ci man? Mooy nii: Su ma méngale sama dundin ak yoonu Yàlla wu sell woowu – dinaa gis ni ma soreyook Yàlla – ci samay xalaat, ci samay wax, ak ci samay jëf. Dinaa xam xéll ne: Tooñ naa Yàlla, tooñ naa nit, te **yeyoowuma texe Àjjana, di jataayu Yàlla**.

Kon, ni masinu rajo oppitaal amee solo ngir **wone** lu doxul ci yaramu nit, noonu la fukki ndigal yi ame solo ngir **wone** lu doxul ci xolu nit. Wànte ni rajo **mënul a faje** ki feebar, noonu itam la fukki ndigal yi **mënul a faje** sama xol bu fees dell ak bàkkaar. Ngir loolu man a am, fàww ma dellu ci Fajkat bu mag bi, maanaam: ci Yàlla. Ndaxte Moom kenn a am pexe ngir musal ma ci musiba mi war a dal ci sama kaw ndax bàkkaar bi nekk ci man.

Xëy na am na kuy wax, naan: ‟Xaaral tuuti sama waay! Man, nit ku baax laa! Meluma ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo!” Su fekkee noonu ngay xalaate, li wér péŋŋ mooy: ràññeeguloo sellaayu Yàlla! Li nga war a xam mooy, ci bés pénc ba, **Yàlla du la méngale ak sa moroom miy boroom bàkkaar**. Wànte **dina la méngaleek yoonam wu sell wi**, yoon wi nga xam ne moo wax, ne: ‟*Ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci **lenn ndigal rekk**, jàdd nga **yoon wépp**!*” **(Ex 2:10**) Yàlla mi ne: *Bul njaaloo*, teg na ca it ne: *Bul fen!* Ku njaaloowul nag, waaye nga fen benn yoon rekk, jàdd nga yoon wépp, te doo man a dugg jetaayu Yàlla ci Àjjana, ndaxte Mbind mi nee na: ‟*Dara du fa dugg lu am sobe, mbaa kenn kuy sóobu ci ñaawteef walla fen!*” **(Pe 21:27**)

Li wér péŋŋ mooy mënunu neex Yàlla mukk ci sunu pexey bopp! Moom la kàddug Yàlla wax bi mu naan:

‟*Ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp, te sunuy jëf yu jub yépp a xasaw niy sagar yu tilim!*” **(Isa 64:5**) ‟*Yàlla teg na ñépp tooñ! Ku jub amul, du kenn sax! Ñépp jeng nañu! Kenn du def lu baax, du kenn sax! Ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla!*” **(Ro 3:19,10,12,22,23**)

Léegi nag, bu fekkee ne noonu lanu mel fa kanam ki nu war a àtte, nan lanuy man a rëcce mbugalam? Lu nu

war a def ba mucc? Ndax amunu jenn yaakaar? Ci **sunu pexey bopp** kay, amunu jenn yaakaar! Waaye jërëjëf yaw Yàlla, mi **rabatoon pexe** ngir jot doomi Aadama yi ci mbugalu bàkkaar!

Nanu wéy ci saar wi léegi kon, ba gis wan yoon la Yàlla tëraloon ngir bànni Israyil manoon a rëcc alkande, ji leen yoonam wu sell wi indil. Ba tey, nu ngiy jàng ci Tawreet, téereb Gàddaay ga, saar ñaar-fukk. Ginnaaw ba Yàlla jottalee bànni Israyil fukki ndigalam yi ci kàddu yu dëgër nag, Mbind mi ne na:

*Mbooloo mépp teewe dënnu yi, melax yi, liit gi ak tund wiy saxar. Mbooloo ma gis, tiit, dem taxaw fu sore. ....waaye Musaa jegesi niir, wu lëndëm wi Yàlla nekkoon. [Noonu] Aji Sax ji ne Musaa: Nii ngay waxe ak bànni Israyil: Gis ngeen yeen ci seen bopp ne ci kaw asamaan laa doon waxe ak yeen. Kon boog,...Dingeen ma defaral* ***rendikaay*** *bu ñu tabaxe ban di ci* ***def saraxi mala*** *yu ngeen di lakk, sarax yuy wone jàmm ji ngeen am ak Yàlla.* ***Ci bépp bérab bu may fàttaliku sama tur, dinaa ñëw ci yeen te dinaa leen barkeel****.*" **(Ex 20:18,21-22,24**)

*Noonu, Musaa bindoon na cib téere lépp li ko Yàlla waxoon. Te ci suba teel, Musaa jóg, defar rendikaay ci taatu tundu Sinayi, ni ko ko Yàlla waxe woon. Ba mu ko defare ba noppi, mu sant waxambaaney bànni Israyil ñu rendi ay yëkk, dékku seen deret ci ay ndab, te lakk yàpp wi ci kaw rendikaay ba. Noonu, Musaa jël deretu yëkk ya, wis ko ca kaw rendikaay ba, ak téere ba mu bindoon fukki ndigal yi, ak ca mbooloo mépp, te naan:* "*Lii mooy* ***deretu kóllëre gi*** *leen Yàlla tëralal!*" **(Ex 24:4-6,8**)

Noonu gis nanu Musaa, ci ndigalu Yàlla, ni mu defare ab rendikaay, rendi ci ay mala, te wis deret ji ci kaw mbooloom Israyil mépp. Lu waraloon loolu lépp? Lii: Yàlla dafa bëggoon jàngal bànni Israyil li mu jàngaloon seeni maam Aadama ak Abel ak Nóoyin ak Ibraayma ak i sëtam, naan: "***Bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!***" **(Yt 9:22**) Képp ku bëgg a jegeñ Yàlla, war na koo jége ci matug deretu sarax su amul sikk.

Lu taxoon Yàlla santaane saraxi mala yooyu? Ndaxte Yàlla ku jub la, te yoonam wu sell wi ne na: **Peyug bàkkaar bi** gën a ndaw sax mooy dee ak alku ba fàww, fu sore Yàlla ak ndamam lu réy. Te ndegam bànni Israyil mënuñu sàmm ndigalam yu sell yépp, fàww ñu jébbal Yàlla ay sarax yu amul sikk, ngir **lu tooñul** man a wuutu **ku tooñ**.

Wànte saraxi mala yi, mënuñu dindi mbugalu bàkkaaru doomi Aadama ba fàww. Seen njariñ moo doon **muur** bàkkaari nit rekk, ba kera Yàllay yónni **Rammukat bu sell bi** ci àddina.

Tey jii nag, xam nanu ne Musalkat boobu ñëwoon na. Moom rekk moo di Ki déggaloon ndigali Yàlla yépp te mottali lépp lu jub. Ndegam amul woon benn bàkkaar, yelloo woon na joxe bakkanam ni sarax suy dindi bàkkaar. Naka noonu, ci kaw sarax su mat sëkk, si Rammukat boobu joxe, Yàlla man na la àtte ni ku jub – soo ko gëmee rekk – ndaxte Moom mi amul woon bàkkaar, gàddul na la sa boru bàkkaar. Amiin.

Mbokk yi, ci kaw li nu jàng tey, nanu jéem a fàttaliku ñaari xalaat yu am maana lool.

1.) Ci bu jëkk, nanu xam xéll ne: **Kenn mënul a texe ci kaw sàmm fukki ndigal yi**! Dégluwaatleen li Mbind mi wax ci loolu: "*Ñiy wékku ñépp ci jëfi yoon wi, ñu alku lañu ndaxte bind nañu ne: Képp ku dul topp lépp lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na alku.*" **(Gal 3:10**) "*Ndaxte ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp!*" **(Sa 2:10**) Ci lu wér, Kenn mënul a mucc ci kaw sàmm ndigal yi! Solob ndigal yi mooy wone bàkkaar!

2.) Ñaareelu xalaat bi nu war a denc ci sunuy xel mooy: **Yàlla doŋŋ a am pexe ngir musal bàkkaarkat yi**! Dégluleen li Mbind mi wax: "*Ndaxte jenn Yàlla kepp moo am, ak benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi, di nit ki Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp!*" **(1Tim 2:5,6**) "*Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyug jëf, ngir kenn du ci kañu.*" **(Ef 2:8,9**) Waaw, ci lu wér, Yàlla doŋŋ a am pexe ngir musal bàkkaarkat yi!

Kon mbokki déglukat yi, ñaari xalaat yooyu lanu leen di bàyyee. Maanaam: **Kenn** mënul a mucc ci kaw sàmm ndigal yi! te **Yàlla doŋŋ** a am pexe ngir musal bàkkaarkat yi!

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, te di leen fàttali ne su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. L. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Kon, ba emisyoŋ biy ñëw, Yàlla na leen Yàlla leeral ci li nu jàng tey, te ngeen fàttaliku li Mbind mu sell mi wax, naan: "***Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; solob ndigal yi daal mooy wone bàkkaar!***" **(Ro 3:20**)

# 39 Sëllu wurus wa

(Goreel ga 32)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci ñetti njàng yi weesu, gisoon nanu ni Yàlla waxe woon ak bànni Israyil ci kaw tundu Sinayi, ci biir safara ak dënnu, ak i melax, di leen jottali fukki ndigalam **yu sell yi**. Gisoon nanu it ni Yàlla sante bànni Israyil, ñu defar **ab rendikaay** ci taatu Sinayi, te rendi ay mala yu amul sikk, ñuy sarax yuy dindi bàkkaar.

Lu taxoon Yàlla santaane saraxi mala yooyu? Ndaxte Yàlla ku jub la, te yoonam wu sell wi ne na: Ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, **jàdd nga** yoon wépp.” Te *ku jàdd yoonu Yàlla, def nga bàkkaar*, te *peyug bàkkaar mooy dee!* **(Sa 2:10 1Yow 3:4 Ro 6:23**) Noonu, ndegam bànni Israyil mënuñu sàmm ndigali Yàlla yépp, fàww ñu jébbal Yàlla ay sarax yu amul sikk, ngir lu tooñul dee, **wuutu ku tooñ**. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, te mënul baale bàkkaar ci kaw jëfi nit, waaye ci darajay deretu sarax su mat sëkk rekk.

Tey nag, fas nanu yéene wéy ci nettalib yonent Yàlla Musaa ak bànni Israyil. Ba fii, ña nga daloon fa kanam tundu Sinayi ca biir màndiŋ ma. Nanu dellusi nag léegi ci Tawreet, ba gis li xewoon ginnaaw ba Yàlla jottalee bànni Israyil fukki ndigal yi. Nu ngiy jàng ci saar ñaar-fukk ak ñeent ci téereb Gàddaay ga. Mbind mi ne na:

*Aji Sax ji ne Musaa: **Yéegal fi man** ci kaw tund wi, te nga toog. Dinaa la jox àlluway xeer yi, ndigal yeek santaane yi ma bind ngir ñu xam. **Musaa daldi jóg ànd ak surgaam Yosuwe**, te Musaa yéeg ca kaw tundu Yàlla wa. 14Mu ne magi mbooloo ma: Xaarleen nu fii, ba nu dellusi ci yeen. Xoolleen, Aaroona ak Ur dinañu des fi yeen; su kenn amee lu muy tawat, ci ñoom ngeen di jublu. Musaa yéeg ca kaw tund wa, te niir wa muur tund wa. Ndamu Aji Sax ji wàcc ci tundu Sinayi, te niir wa muur ko diirub juróom-benni fan. Ca juróom-ñaareelu fan ba Aji Sax ji woowe Musaa ca diggu niir wa. Melokaanu ndamu Aji Sax ji dafa niroowoon ak safara suy lakke ca njombaxtalu tund wa, ci bëti bànni Israyil. Musaa dugg ca biir niir wa, te mu yéeg ca tund wa, Musaa nekk ca tund wa diirub **ñeent-fukki bëccëg ak ñeent-fukki guddi***. **(Ex 24:12-18**)

Nanu taxaw fii tuuti. Ci njàng miy ñëw, bu soobe Boroom bi, dinanu gëstu ci li Yàlla waxoon Musaa ci tundu Sinayi diirub ñeent-fukki fan yooyu. Wànte tey jii, dinanu gis li xewoon ak bànni Israyil, ñoom ña nekkoon ci gàdd ga ci taatu tund wa, di xaar dellusig Musaa. Nun ñépp xam nanu ne, muñ te xaar Yàlla, yombul ci doomi Aadama. Li gën a yomb ci nun, mooy xàddi, fàtte kàddug Yàlla, te aw sunu yoonu bopp. Noonu, li nu war a jàng léegi ci mbirum bànni Israyil dina am njariñ ci nun, lool sax. Yàlla daf nu bëgg a **artu** jaarale ko ci nettali bu doy waar bii.

Kon, ci saar fanweer ak ñaar, Mbind mi ne na:

*Ba mbooloo ma gisee ne, Musaa dafa tëwa wàcce ca tund wa, ñu wër Aaroona, ne ko: **Jógal, defaral nu yàlla ju ñuy jiitu**, ndax Musaa, mii nu génne réewu Misra, xamunu lu ko dikkal! Noonu Aaroona ne leen: Tekkileen jaaroy wurus, yi ci seen noppi jabar ak seen noppi doom yu góor ak yu jigéen, indil ma leen. Noonu ñépp tekki jaaroy wurus yi woon ci seeni nopp, indil ko Aaroona. Mu nangoo wurus wa ci seeni loxo, xelli ko, yett ci sëlluw wurus. Gannaaw ga bànni Israyil ne: Yaw bànni Israyil, sa yàllaa ngii, ki la jële réewu Misra!* **(Ex 32:1-4**)

Ndax gis ngeen li bànni Israyil doon def? Ay fan yu néew gannaaw ba ñu waxee ne, "*Lépp li Aji Sax ji wax, dinanu ko def!*”, gis nanu ne, jàdd nañu ndigal yu jëkk ya! Yàlla waxoon na leen ne: "*Bul am yeneen yàlla ndare man! Bul sàkkal sa bopp xërëm!*” Waaye lan la bànni Israyil def? Dañu dëddu Yàlla, ba sàkkal seen

bopp xërëm!

Lu tax bànni Israyil gaaw a dëddoo Yàlla nii? Ndaxte li ñu bëggoon mooy, **am yàlla joo xam ne, dañu koy gis te di ko laal**. Dañu mel ni nit ñi tànn topp aaday nit ba sàggane kàddug Yàlla Aji Sax ji. **Topp nit** ki bët di gis, moo gën a yomb **topp Yàlla** mi kenn gisul. Looloo tax lu ëpp ci doom Aadama di **weccoo kàddug Yàlla gu wóor gi ak xalaati nit** yu sësul fenn fu wóor!

Nanu jëm kanam léegi ba gis li xewoon, ginnaaw ba bànni Israyil defaralee seen bopp nagu wurus. Mbind mi ne na:

*Naka la Aaroona gis loolu, mu daldi tabax rendikaayu sarax ci kanamu sëlluw wurus wa, daldi yëgle ne: Jàpp nañu suba, muy bésu màggal Aji Sax ji. Ci suba teel ñu xëy, rendi sarax su ñuy lakk te jébbale sarax su ñuy sante Yàlla. Mbooloo ma daldi toog, di lekk ak a naan, ba noppi jóg, di mbumbaay.* **(Ex 32:5-6**)

Ndax dégg ngeen li Aaroona defoon? Mbind mi ne na: "*Mu daldi tabax rendikaayu sarax ci kanamu nagu wurus wa, daldi yëgle ne: Jàpp nañu suba, muy bésu màggal Aji Sax ji!*" Ndax loolu dëgg la woon? Ndax bànni Israyil manoon nañu màggale Aji Sax ji noonu? Mukk! **Nun, xam nanu ne, Yàlla amul woon benn cér ci màggal, gi ñu doon waajal**! Ci lu wér, jàdd nañu ñetteelu ndigal, li ne: "*Bul jëfandikoo turu Aji Sax ji di Yàlla seen Boroom cig neen!*" "Yàlla Aji Sax ji! Yàlla, Yàlla, Yàlla!" dafa nekkoon ci seen gémmiñ, waaye seeni xol sore na ko lool. Seen màggal amul woon benn njériñ, lu dul wàccee merum Yàlla ci seen kaw!

Léegi, nanu àggale nettali bi. Mbind mi ne na:

*Bi loolu amee, Aji Sax ji ne Musaa: Wàccal dem, ndaxte sa mbooloo, mi nga génne Misra, alag na boppam.* ***Jàdd nañu xaat yoon wi*** *ma leen tegoon, ndax defarlu nañu sëlluw wurus, wu ñu xelli. Ñu ngi koy sujjóotal te di ko rendil sarax, naan: Yaw bànni Israyil, sa yàllaa ngii, ki la jële réewu Misra! Aji Sax ji ne Musaa: Gis naa ne, mbooloo mii mu dëgër bopp la! Bàyyil nag sama mer tàkk ci seen kaw, ma faagaagal leen, sàkku ci yaw askan wu yaatu!*

*Waaye Musaa tinul leen, di fexee giifal merum Aji Sax ji, Yàlla Boroomam, ne ko: Yaw, Aji Sax ji, lu tax sa mer di tàkk jëm ci sa mbooloo, mi nga génne réewu Misra ci kàttan gu réy ak sa dooley ndeyjoor? Soo defee noonu, waa Misra dinañu wax ne: Bi leen Aji Sax ji di génne, lu bon la nammoon ci ñoom, ngir rey leen ci tund yi, far leen ci àddina. Dëddul sa mer, te bàyyi musiba, mi nga naral sa mbooloo. Nemmeekul say jaam Ibraayma, Isaaxa ak Israyil, yi nga giñaloon ci sa bopp, ne leen: Dinaa yokk seen askan ni biddiiwi asamaan, te jox leen [réewu Kanaan], ñu moom ko ba fàww. Noonu Aji Sax ji daldi bàyyi li mu naroon, bi mu waxee ne, dafay wàcce musiba ci mbooloom.*

*Bi loolu amee, Musaa walbatiku, wàcce ca tund wa, yor ñaari àlluwa ya Yàlla bind ndigal yi, àlluwa yu ñu bind wet gu nekk, biir ak biti. Àlluwa ya jëfu Yàlla la, mbind ma di mbindum Yàlla, mu rëdd ko ca àlluwa ya. Noonu Yosuwe (mi àndoon ak Musaa) dégg yuuxi mbooloo ma, mu ne Musaa: Yuuxug xaree ngi jollee ca dal ba. Waaye Musaa tontu ko ne: Li ma dégg du baatu ñu dàq, te du baatu ku ñu dàq, baatu ñuy woy la.*

*Ba Musaa jubee dal ba nag, mu gis sëllu wa ak pecc ma, noonu meram daldi fuur, ba mu sànni àlluwa ya,* ***toj leen ñu ne tasar*** *ca suufu tund wa. Mu jël sëllu, wa ñu defaroon, lakk ko, wol ko sunguf, mu suy ko ca ndox ma, jox ko bànni Israyil, ñu naan.*

*Ci kaw loolu Musaa ne Aaroona: Lu la mbooloo mi def, ba nga sóob leen ci moy gu réye nii? Aaroona tontu ko ne: Sama sang, bu sa mer tàkk. Yaw ci sa bopp xam nga mbooloo mi, ni ñu saware ci lu bon. Dañu ma ne: Defaral nu yàlla ju nuy jiitu, ndax Musaa mii nu génne réewu Misra, xamunu lu ko dikkal. Noonu ma ne leen: Ku yor wurus, na ko tekki. Ñu daldi ma ko jox, ma sànni ko ci safara si, sëllu wii génn.*

*Noonu Musaa gis ne, Aaroona bërgël na mbooloo mi rekk, ba nar a may ay bañam lu ñu ko reewe. Gannaaw loolu Musaa taxaw ca pénc ma ne: Ñi nekkal Aji Sax ji, nañu ñëw fi man! Bi mu ko defee, ñi askanoo ci Lewi ñépp dajaloo fa moom. Mu ne leen: Aji Sax ji di Yàllay Israyil nee na: Na kenn ku ne ràngoo jaaseem. Wërleen dal bi ci gii wet ba ca gee, te na ku nekk rey doomu ndeyam, xaritam ak dëkkandoom. Noonu askanu Lewi def li Musaa waxoon, te ca bés booba,* ***lu tollu ci ñetti junniy nit*** *dee nañu ca mbooloo ma. ...Noonu Aji Sax ji fàdd mbooloo mi, ndax seen jëf ci sëllu, wi leen Aaroona defaral.* **(Ex 32:7-28,35**)

Fii la saar wi jeexe. Ci lu wér, bànni Israyil moyoon nañu moy gu réy. **Jàdd nañu yoonu Yàlla wu sell wi**. Xolu nit bu dëng, feeñati na. Ginnaaw lépp li Yàlla Aji Sax ji defal bànni Israyil, gis nanu ni ñu gaawe woon a wàcc yoon wu jub wi leen Yàlla tëralal, ngir topp weneen yoon; ngir sàkk **seen diine bopp**.

Wan yoon la bànni Israyil tànnoon? Moo doon seen yoonu jëfi loxo. Dëddu nañu yoon wi Yàlla tëral ngir bég ci diine, bi ñu tëralal seen bopp. Turu Yàllaa ngi woon ci seen gémmiñ, wànte seen xol sore na ko! Looloo taxoon ñu dem ba tëgglu aw sëllu, di bànneexu ci seen jëfi loxo, dëddu Yàlla Aji Dund ju dëggu ji.

Léegi nag, lan la nu Yàlla bëgg a jàngal jaarale ko ci nettali bu doy waar bii? Yàlla dafa bëgg nuy xalaat fu nu tollu ci sunu digganteek Moom. Xëy na am na kuy xalaat ne, "Man daal, meluma bànni Israyil. Musuma dëddu Yàlla bay jaamu xërëm!" Yaw mi xalaate noonu, ndax wóor na la ne, musuloo jaamu xërëm? Xëy na tëggluwuloo nagu wurus ngir sàkkal sa bopp xërëm. Waaye **xërëm, yemul rekk ci nataal** yi ñuy yett di leen jaamu. Wànte xërëm dem na ba ci lépp loo xam ne dafay dox ci sunu digganteek Yàlla. Xërëm man na nekk xaalis, walla yére, walla yëfu saay-saay, walla futbal, walla tele, walla nit ni yaw sax, walla sa aaday maam. Say warugaru diine sax man na nekk xërëm! **Lépp lu wuutu Yàlla Aji Bind ji ak kàddoom giy dëgg gi, xërëm la**!

Kon nag, **kan mooy sa yàlla**? Kan ngay jaamu ci dëgg-dëgg? Yàlla Aji Sax ji? ...walla ab xërëm? Ndax turu Yàlla ci sa gémmiñ rekk la nekk, walla ci sa biir xol?

Am na lenn luy ràññale ñiy jaamu Yàlla ak ñiy jaamu xërëm. Mooy **kàddug Yàlla**. Lan mooy sa xalaatin fa kanamu Kàddug Yàlla giy dëgg gi? Ndax xam nga ko? Ndax gëm nga ko? Ndax bëgg nga ko ak sa xol bépp? Walla boog, ndax danga mel ni bànni Israyil, ñi Yàlla waxoon ne: "*Xeet wii ñu ngi may teral ci seen gémmiñ, waaye seen xol sore na ma! Seen màggal* ***amul benn njériñ****, ci li ñuy jàngale dénkaaney nit kese!*" **(Mc 15:8,9**)

Yaw nag, kan mooy sa Yàlla? Kan ngay jaamu ci dëgg-dëgg? Yàlla Aji Sax, ji dénk Musaa yoonam wu jub wi? Walla dangay wékk sa yaakaar ci sa yoonu jëfi diine, ji nga tànnal sa bopp mel ni bànni Israyil? Nu mu man a deme, Mbind mi ne na:

"*Mbir yooyu daloon [bànni Israyil] misaal la ci nun, te bind nañu ko ngir artu nu, nun ñiy dund ci jamano jii lépp mat ... Looloo tax, samay soppe,* ***nangeen daw xërëm yi****. Maa ngiy wax ak yeen ñi am xel.*" **(1Ko 10:11,14,15**) "*Waaye ñi ragal, ñi gëmul, ñiy def lu ñaaw ... luxuskat yi [ak]* ***xërëmkat*** *... yépp, seen añ moo di déegu safara ak tamarax bi.*" **(Pe 21:8**) "*Seedes nit ñi, dinañu ko nangu, waaye seedes Yàlla moo gën a wóor, ndax boobu seede mooy li Yàlla seede ci [Rammukat, bi] ñëw te may nu xel, ba nu man a xam Aji Wóor ji. ... [Kon nag,]* ***wottuleen seen bopp ciy xërëm!***" **(1Yow 5:9,20,21**) Loolu la Kàddug Yàlla wax.

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, di leen fàttali ne su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci *YOONU NJUB* / B.P.370. / St. Louis. / *YOONU NJUB* / B.P.370. / St. Louis. Njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu gëstu ci pexe mi Yàlla rabatoon ngir dëkk ci biir bànni Israyil, te ba tey dëkk ci njubteem.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li mu wax ne: "***Wottuleen seen bopp ciy xërëm!***" **(1Yow 5:21**)

# 40 Tàntu Ndaje ba

(Goreel ga 24-40, Saraxalekat yi 16)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni bànni Israyil dëddoo woon Yàlla mi leen jot ci seenug njaam ci Misra. Ndaxte bi Musaa doon jot kàddug Yàlla ca tundu Sinayi, bànni Israyil sàkkaloon nañu seen bopp nagu wurus, muy xërëm bu ñuy jaamu. Wànte li nu war a gis tey mooy nettali bi gën a neex. Nu war ko déglu nag ak xel, ndaxte dafa xóot lool! Dinanu gis ni Yàlla waxe woon Musaa ak bànni Israyil, ñu defaral ko ab tànt, ngir mu man a dëkk ci seen biir ngir ñu man koo jege te jaamu ko. Loolu moo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Tàntu Ndaje ba**.'

Léegi nag, nanu dellusiwaat ci Tawreet, téereb Gàddaay ga, saar ñaar-fukk ak ñeent. Mbind mi nee na:

***Ndamu Aji Sax ji wàcc ci tundu Sinayi**, te niir wa muur ko diirub juróom-benni fan. Ca juróom-ñaareelu fan ba Aji Sax ji woowe Musaa ca diggu niir wa. Melokaanu ndamu Aji Sax ji dafa niroowoon ak safara suy lakke ca njombaxtalu tund wa, ci bëti bànni Israyil. Musaa dugg ca biir niir wa, te mu yéeg ca tund wa, Musaa nekk ca tund wa diirub ñeent-fukki bëccëg ak ñeent-fukki guddi.* (**Ex 24:16-18**)

*Noonu Aji Sax ji wax ak Musaa ne ko: Waxal ak bànni Israyil: Nañu ma indil sarax; ngeen nangul ma ko ci bépp nit bu koy def ak xol bu tàlli. Lii mooy sarax yi ngeen di nangoo ci ñoom: Wurus, xaalis, xànjar, ay ndimo yu ñu suub mu baxa, wiolet, ak mu xonq curr, ak ndimo yu weex, ak kawaru bëy gu ñu ràbb; Ay deri kuuy yu ñu suub ñu xonq ak der yu nooy; ak dénk; ak diw ngir làmp bi, yu xeeñ ngir diw gi ñuy diwe ak it ngir li ñuy xeeñoo; ay xeer yu rafet te taaru ngir rafetal yérey sëriñ si. **Dinañu ma defaral ag kër, di tànt, noonu dinaa dëkk ci seen biir! Nangeen defar tàntu ndaje bi ak jumtukaayam yépp mu méngook li ma lay won**.* (**Ex 25:1-9**)

Ndax dégg ngeen li Yàlla waxoon Musaa? Lu doy waar la te yéeme! Yàlla fasoon na yéene dëkk ci biir bànni Israyil, ñoom ñi ko tooñoon ay yooni-yooni-yoon! Lu taxoon Yàlla bëgg a dëkk ci biir bàkkaarkat yu ni mel ni? Ci kaw mbëggeel gu réy gi mu am ci nit ñi, Yàlla Aji Sax ji fasoon na yéene dëkk ci biir bànni Israyil, ngir misaal ni doomi Aadama man a ame diggante bu jege te neex ak Yàlla. Ni nu ko gise woon ba noppi, **Yàlla ku sell la**, te mënul a ñëw rekk, am diggante noonu ak bàkkaarkat yi. Looloo taxoon nag Yàlla sant bànni Israyil, ñu defaral ko ab **tànt bu rààñeeku**, ngir mu man a nekk ci seen biir – ci anam yu yellook sellaayam ak ndamam.

Waaye bala nuy seet li Yàlla santoon Musaa ci mbirum dëkkukaay bi ko bànni Israyil waroon a defaral, war nanu jëkk a xam xéll ne, Yàlla waxul bànni Israyil ñu defaral ko ab tànt, ndax soxla fu mu dëkk! Déedéet! *Yàlla Aji Kawe, ji sàkk àddina ak li mu ëmb lépp, du dëkk ci fu loxol nit defar! Asamaan mooy jalam, te suuf moy tegukaayu tànkam!* (**Jëf 7:48,49**)

Lu taxoon nag, Yàlla sant bànni Israyil ñu defaral ko ab tànt, samp ko ci seen biir? Ni nu ko waxe ba noppi, Yàlla dafa bëggoon a jàngal bànni Israyil ak doomi Aadama yépp, ni mu bëgg a **ame diggante** bu jege te neex ak ñoom. Te it, Yàlla dafa bëggoon a teg ci seen kanam **ab misaal** ci yoonu mbaalug bàkkaar wi mu tëral, ngir nit ñi man a dëkkandook moom ba fàww!

Kon nag, gis nanu ni Yàlla sante woon Musaa ak bànni Israyil, ñu defaral ko ab tànt, ngir mu man a dëkk ci seen biir. Waaye tàntu ndaje boobu, warul woon a mel ni tànt bu mu man a doon. Am na sax ci Mbind mu sell mi, juróom-fukki saar yuy benn-bennal ni liggéeyu tàntu ndaje boobu waroon a doxe! Ay saar yu xóot lañu, te amunu jotu waxtaan ci lépp li ñu ëmb. Kon, man nanu rekk jéem a tënk li ci gën a am solo.

Li ngeen war a jëkk a xam ci mbirum tàntu ndaje bii nag mooy, Yàlla waxoon na Musaa ne dafa war a am **ñaari néeg**. Waaw. Tàntu ndaje bi benn tànt la woon, waaye dañu ko waroon a séddale muy ñaari néeg. **Rido** bu rafet te dëll lañu waroon a jëfandikoo ngir séddale tànt bi mu doon ñaari néeg.

Néeg bu jëkk bi nag, ***bérab bu sell ba*** la tuddoon. Néeg boobu, kenn waru fa woon a dugg, lu dul sëriñ si, maanaam ñi Yàlla tànnoon ci askanu Aaroona, ngir ñu rendi ay saraxi mala yuy dindi bàkkaar. Dafa waroon a am ñetti yëf ci néeg boobu. Benn taabalu wurus, bu ñu daan lakke cuuraay, ak làmpu diwlin, ak taabal, ja ñu daan teg mburu ya ñu daa jébbal Yàlla.

Ñaareelu néegu tànt bi nag, ñu ngi ko tudde woon ***bérab bu sell-baa-sell***. Dañu ko wooye bérab bu sell-baa-sell, ndaxte bu tànt bi paree, Yàlla fasoon na yéene wàcc, feesal néeg boobu ak ndamam lu réy. Bérab bu sell-baa-sell nag dafa doon misaal jetaayu Yàlla, di Àjjana. Kon, Yàlla doŋŋ a moomoon bérab boobu! Moo tax Yàlla wax Musaa ne, képp kuy jéem a dugg ci bérab bu sell-baa-sell, dina dee! Kenn warul a dugg ci bérab bu sell-baa-sell, lu dul sëriñ bu mag ba – te moom mënu ci woon a dugg lu dul benn yoon at mu nekk, te fàww mu dugg fa ak deretu sarax si – ngir bàkkaaru boppam, te it, ngir bàkkaaru bànni Israyil, ni ko Yàlla tërale.

Ci biir bérab bu sell-baa-sell, Yàlla santoon na Musaa ñu teg fa waxande, wu ñu war a defare bant bu ñuy wax ʽakasyaʼ, ñu taf ko wurus ba mu daj. Waxande woowu, ma nga tuddoon **gaalu kóllëre**. Ci biir gaalu kóllëre googu nag, waroon nañu ca denc ñaari àlluway doj, ya ñu bindoon fukki ndigal yu sell yi. Ca kaw gaal ga nag, ñu teg ca kubéeru wurus, gi sëriñ bu mag ba waroon a wis deretu mala benn yoon at mu nekk ngir Yàlla manoon a jéggal bànni Israyil seeni bàkkaar. Looloo taxoon Yàlla tudde kubéer googu: **baalukaay ba**.

Ginnaaw loolu nag, Yàlla wonoon na Musaa ni ñu war a defare rido bu kawe, bu war a wër tàntu ndaje ba. Miir boobu, di **miiru ëtt ba**, waroon nañu ko defare rido yu weex. Ca rido ba wër tànt ba nag, waroon nañu ca def **benn bunt**. Noonu kenn du man a dugg ci biir ëttu tàntu ndaje ba, te jaaruloo ci buntu ëtt bi.

Ci biir ëtt bi nag, ci kanamu buntu ëtt bi, Yàlla santoon na Musaa ak bànni Israyil ñu teg fa **ab rendikaay** bu ñu defare xànjar. Noonu, képp ku jaaroon ci buntu ëtt ba, dafa war a jëkk a jaar ci rendikaay ba. Ci loolu nag, Yàlla dafa bëggoon a jàngal bànni Israyil ak doomi Aadama yépp yoon wi ñu war a jaar ngir jege ko. Wan yoon la woon? Moo doon **yoonu deretu sarax**.

Képp ku bëggoon a dugg ci biir ëttu dëkkuwaayu Yàlla bi, fàww mu dugg ca ak saraxu mala suy dindi bàkkaar. Noonu, Yàlla doon na jàngal bànni Israyil ne, **kenn mënu ko jége mukk lu dul ci kaw deretu sarax**. Looloo taxoon Yàlla wax Musaa naan: "*Deret mooy yor dundu mbindeef. Man ci sama bopp sédd naa leen **deret ñu war koo tuur ci rendikaay bi ngir jégglul leen seeni bàkkaar**.*" **(Le 17:11**)

Kon nag, su kenn bëggoon a jaamu Yàlla, fàww mu jëkkoon ko jébbal saraxu mala ngir man a jot mbaalug bàkkaaram. Kiy jaamu, waroon na indi yëkk, walla xar, walla picc ci ëttu tàntu ndaje bi. Ci kanam rendikaay bi nag la waroon a teg ay loxoom ci boppu sarax si mu indi woon, nangu ci kanam Yàlla ne, bàkkaarkat la te yelloo na dee ndax ay bàkkaaram. Ginnaaw loolu, dafa waroon a rendi mala ma, dékku deret ji ci ndab. Ci kaw loolu, benn ci sëriñ yi waroon na jël deretu sarax sa, wis ko ci kaw rendikaay ba ak ci suuf si wër rendikaay ba, lakk sarax sa ci kaw rendikaay ba. Noonu la Yàlla manoon a baale waayu Israyil ji ay bàkkaaram, ndaxte mala, ma amul woon genn tooñ wuutu na tooñkat bi.

Waaye ndax deretu mala manoon na fey boru bàkkaaru doom Aadama ba fàww? Déedéet! Bànni Israyil waroon nañu def ak a defaat sarax yooyu at mu nekk. Matuñu woon. **Doyuñu woon ci sellaayu Yàlla ba fàww**. Saraxi mala ya, ay **misaal rekk lañu woon ci Rammukatu Àddina bi** naroon a ñëw, dee ci palaasu bàkkaarkat yi benn yoon ba fàww, ngir Yàlla man a baal doomi Aadama seen boru bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem.

Ngir misaal li Rammukat bi waroon a defal bàkkaarkat yi, Yàlla sàkkaloon na bànni Israyil benn bés ci at mu

nekk, muy bés ba sëriñ bu mag bi, waroon a dugg ci ñaareelu négu Tàntu Ndaje, di bérab bu sell-baa-sell ba. Bés boobu mu ngi tuddoon: ***Bés bi Yàlla di muur bàkkaar yi***. Ci bés boobu rekk la sëriñ bu mag ba amoon sañ-sañu dugg ci bérab bu sell-baa-sell, wis deretu sarax ci kaw baalukaayu gaalu kóllëre gi. Waru fa woon a dugg mukk te yóbbaalewul deretu mala mu amul sikk, mi muy jagleel Yàlla, ngir bàkkaari boppam ak yu mbooloo ma. Ci noonu nag Yàlla wone na ni Rammukat bi naroon a ñëwe, tuur deretam ngir Yàlla man a baal bàkkaarkat yi, te teeru leen ci jetaayam bu sell ba fàww!

Ax mbokki déglukat yi, ci lu wér, sunu njàngum mi, xóot na lool te neex. Te am na lu baree-bare-bare lu nu ci bëgg a wax, waaye sunu jot, léegi mu jeex. Waaye bala nuy tàggook yeen tey, am na leneen lu ngeen war a xam ci mbirum tàntu ndaje ba. Nanu dem nag, ba ci saar wi mujj ci téereb Gàddaay ga. Mbind mi ne na:

"*Noonu la bànni Israyil defe bépp liggéey bu Aji Sax ji digaloon Musaa. Bi Musaa seetloo liggéey bi, mu gis ne bànni Israyil, def nañu liggéey bi yépp ni ko Aji Sax ji diglee. Noonu Musaa barkeel leen. ...Noonu niir wa daldi muur tàntu ndaje ba, te* ***ndamu Aji Sax ji fees tànt ba****! Musaa mënul woon a dugg ca biir tàntu ndaje ba, ndaxte niir waa nga ko tiimoon, te it ndamu Aji Sax ji feesoon na tànt ba!*" **(Ex 39:42,43 40:34,35**)

Ndax gis ngeen li xewoon? Ginnaaw ba tàntu ndaje ba paree, ndamu Yàlla wàccoon na ci kaw tànt ba, ba fees bérab bu sell-baa-sell ba te leerug ndamu Yàlla ne ràyy, ba raw leeru jant bi sax!

Li nu war a fàttaliku mooy ci loolu lépp Yàlla dafa doon misaal xéewal yu gën a am maana, yi waroon a am bu Rammukatu Àddina si wàccee, ganesi doomi Aadama. Ndaxte **Rammukat bi, moom ci boppam, mooy 'tàntu ndaje' bu wóor**, bi Yàlla joxe ngir nu man a am diggante bu jege te neex ak Moom ba fàww! Moom lañu bind ci Linjiil bu sell bi, naan:

"*Ca njàlbéen ga fekk na Kàddu gi am, te Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla, te Kàddu gi Yàlla la woon. ...* ***Kàddu gi ñëw dëkk ci sunu biir****. Gis nanu ndamam, mu fees ak yiw ak dëgg!*" **(Yow 1:1,14**)

Yaw miy déglu tey, ndax miin nga Mbindi yonent yi bu baax, ba xam ni Rammukat bi **amale woon lépp** li tàntu ndaje ba ak saraxi mala yi doon misaal? Ndax li nu jàng tey dafa jafee xam te jafee gëm ci yaw? Ak nu mu man a deme, nanu fàttaliku ne, léeg-léeg, dafay am ci kàddug Yàlla lu jafee xam te jafee gëm, waaye loolu terewul muy dëgg! Looloo tax Aji Sax ji moom ci boppam nee na: "*Samay xalaat bokkuñu ak seeni xalaat, te seeni yoon duñu samay yoon! Ni asamaan tiime suuf, ni la* ***samay yoon tiime seeni yoon, samay xalaat soree noonu seeni xalaat!*** **(Isa 55:8,9**)

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax naan: "***Xelum Yàlla ni mu xóote, ak xam-xamam ni mu baree, ba raw xelum nit!***" **(Ro 11:33**)

# 41 Gëmadi Bànni Israyil

(Lim ya 13,14)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ba tey nu ngiy gëstu ci Tawreet. Ni ngeen ko xamee, Tawreet mooy téere bi jëkk ci Mbindi yonent yi te ëmb juróomi xaaj. Ci xaaj bu jëkk, bi ñuy wooye '**Njàlbéen ga**', jàngoon nanu ci ni bàkkaar duggee ci àddina, indaale fi coono ak dee ak alkande. Waaye gisoon nanu ci it ni Yàlla rabate woon pexe ngir musal Aadama ak askanam ci peyug bàkkaar, di safara su dul fey mukk. Jàngoon nanu ni Yàlla digee woon wàcce ab Rammukat, ngir mu deewal bàkkaarkat yi, ngir Yàlla man leen a baal seeni bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem. Naka noonu, téereb Njàlbéen ga nettali woon na nu ni Yàlla tànne Ibraayma, dig ko def ci moom xeet wu bees, xeet woo xam ne ci la yonent yépp ak Rammukatu Àddina si naroon a jaare.

Ci ñaareelu téereb Tawreet, di '**Gàddaay ga**' nag, gisoon nanu ci ni Yàlla goreele sëti Ibraayma, di bànni Israyil ci seen buumug njaam ci réewu Misra, jaarale ko ci loxoy Musaa, yonentam. Noonu, jàngoon nanu ni Yàlla jiitee woon bànni Israyil ci biir màndiŋ ma, ba indi leen ci tundu Sinayi, jottali leen fa ay ndigalam ak yoonu mbaalug bàkkaar.

Ci njàng mi weesu nag, gisoon nanu ni Yàlla sante Musaa ak bànni Israyil, ñu defaral ko **tàntu ndaje** bu rafet te yéeme ngir mu man a dëkk ci seen biir. Te gannaaw ba lépp paree, "*niir wa daldi muur tàntu ndaje ba, te ndamu Aji Sax ji fees tànt ba!*" **(Ex 40:34**) Ci noonu nag Yàlla doon na won bànni Israyil ni mu bëggoon a ame diggante bu neex ak ñoom, waaye kenn mënu ko jege lu dul jaare ko ci deretu sarax ca rendikaayu tàntu ndaje ba. Ni nu ko gise woon, misaal yooyu yépp, ay **takkandeer lañu woon ci Musalkatu Àddina**, si waroon a ñëw, tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar.

Ci **ñetteelu xaajub Tawreet** nag, te ñu koy wax ***Sàrti Giiru Lewi***, Yàlla xiiroon na Musaa, mu bind ay sàrt yuy benn-bennal ni bànni Israyil waroon a jébbale Yàlla ay sarax yuy muur bàkkaar. Téere boobu bu xóot lool la, te amunu jotu gëstu ci lépp li mu ëmb. Soo ci gëstulee sa bopp, dinga ci gis ñaari baat yuy feeñ daanaka ñaari téeméeri yoon, te ñaari baat yooyu dañuy tënk xebaaru téere bi yépp. Baat yu siiw yooyu ñooy '***Sell***' ak '***Deret***'. Lu tax ñaari baat yooyu faral di feeñ ci téere bii? Ndaxte Yàlla dafa bëgg ñépp xam ne, **ku sell la**, te *bu **deret** tuuruwul mbaalug bàkkaar du am!* **(Yt 9:22**)

Solob ñetteelu xaajub Tawreet daal, mooy won bànni Israyil ni ab bàkkaarkat bu taq sobe manoon a jegee Yàlla ju sell ji. Yàlla wone na bu leer ne, kenn mënu ko woon a jege, lu dul ci kaw deretu sarax, sarax soo xam ne, dafa doon misaal Rammukat bu sell bi naroon a ganesi àddina, deewal bàkkaarkat yi, ngir feyal leen seen boru bàkkaar.

Léegi nag, ci jot gi nu dese tey, nanu jàll ci **ñeenteelu xaaj bi** Tawreetu Musaa ëmb, te ñu koy wax téereb ***Lim ya***. Téere bii, danu ciy jàng ni bànni Israyil dëkke woon ci taatu tundu Sinayi daanaka benn at. Diirub at moomu Yàlla doon na leen jàngal, te xiir Musaa mu bind waxu Yàlla cib téere, di Tawreet bu sell, bi nuy jàng tey.

Waaye Yàlla dogalul woon bànni Israyil dëkk ci màndiŋu Sinayi ba fàww. Looloo taxoon mu am bés, Yàlla jiite leen, ñu jóg, toxu, teguwaat ci yoon wi wuti réew mu naat mi mu leen digoon, di réewum Kanaan. Noonu Mbind mi day nettali ne, bés bi ñu waroon a toxoo Sinayi, niiru ndamu Yàlla wa muuroon tàntu ndaje ba daldi yéeg, tàmbali dox ci seen kanam. Noonu gis nanu ne, **Aji Sax ji moom ci boppam** moo leen doon jiite, nekk ci **aw niir** bu bëccëgee, ngir won leen yoon wi, bu guddee mu nekk ci biir **jumu safara**, ngir leeral leen.

Ginnaaw loolu nag, nu gis ni bànni Israyil tukkee, ba agsi ci digu réew mu tudd Kanaan, di réew mi Yàlla

digoon Ibraayma ak askanam bu yàgg. Yàlla fàttewul li mu dige woon! **Kóllëreg Yàlla ak kàttanam a taxoon bànni Israyil dem ba agsi ci digu réewu Kanaan**, mi ñuy wax tey *Palestin*, walla *Israyil!*

Wànte war ngeen xam ne, réew moomu tuddoon Kanaan, waa dëkk baa nga ko feesoon. Ba tey waa Kanaan yu am doole yooya, ña nga woon ca réew ma. Kon nag, naka la ko bànni Israyil manoon a moome? Lenn tont rekk a am: **Yàlla**! Dara tëwul Yàlla! Yàlla mi feeñu Ibraayma, dig ko ne: "*Réewu Kanaan mii, dinaa ko jox ñi soqikoo ci yaw!*", **(Ge 12:7**) Yàlla moomu moo fasoon yéene tas waa Kanaan, dénk réew mi sëti Ibraayma, di bànni Israyil. Te war nanu xam ne, bàkkaari waa Kanaan dañoo bare, ba tax Yàlla fasoon leen yéene tas, jaarale ko ci loxoy bànni Israyil.

Léegi nag, nanu jàng ci ñeenteelu xaajub Tawreet ngir gis li xewoon ba bànni Israyil àggee ci digu réewu Kanaan. Ci saar fukk ak ñett, Mbind mi ne na:

*Noonu Aji Sax ji ne Musaa, Yebalal ay ndaw ñu dem seeti réewum Kanaan mi **may jox bànni Israyil**. Askan wu nekk nga yebal kenn ca njiit ya. Ca màndiŋu Paran kon, la Musaa yónnee [fukki ndaw ya ak ñaar] ci ndigalu Aji Sax ji. Noonu ñu dem, seeti réew ma...* **(Nu 13:1-3,21**)

*Ba ñu ca tegee ñeent fukki fan, ndaw ya wàññiku ci seen tukki. Ñu daldi ñëw Kades ca màndiŋu Paran, fekk fa Musaa, Aaroona ak bànni Israyil gépp. Ñu nettali leen la ñu fa gis, won leen meññeefi réew ma. Ñu ne Musaa, Dem nanu ca réew ma nga nu yebal, te **dëgg-dëgg, réew la mu bare meew ak lem**. Meññeef yaa ngi nii. Waaye nag, **ña fa dëkk, am nañu doole**. Dëkk ya, yu réy lañu te aar nañu leen ak i tabax, te sax gis nanu fa ñu bokk ci xeetu ponkal mu tuddoon anak*!

***Kaleb***, [kenn ci ndaw ya seeti woon réew ma,] *noppiloo mbooloo ma doon xultu Musaa, ne leen: Nanu dem! Nanu yéeg, nangu réew mi! Wóor na ne dinanu ko man a noot! Waaye **nit ñi àndoon ak moom** ne ko: Mënunoo song waa réew moomu ndaxte ñoo nu ëpp doole! Noonu ñu tàmbale di fen, di seede yu bon ci réew mi ñu seeti woon, ci kanamu bànni Israyil, naan: Réew mi nu seeti dafay lor ña fa dëkk! Nit ña nu fa gis dañu am jëmm! Gis nanu fa ay ponkal, maanaam askanu Anak wi soqikoo ci xeetu ponkal yi. Nu ngi meloon ni ay soccet ci sunu xalaat, te ñoom it noonu lañu nu gise woon*! **(Nu 13:25-33**)

*[Noonu] mbooloo ma riirandoo yuuxu, fanaanee **jooy**. Bànni Israyil gépp **xultu** Musaa ak Aaroona. Ñoom ñépp ñu ngi naan leen: Céy, su nu deewoon réewum Misra mbaa nu dee ca màndiŋ ma! Lu-tax Aji Sax ji di nu yóbbu ci réew moomu ñu nuy reye ak i jaasi? Dinañu jàpp sunuy doom ak sunuy jabar! Waaw, ndax dellu Misra gënul woon ci nun? Kenn ku nekk a ngi naan sa moroom: Nanu fal njiit te dellu Misra!*

*Musaa ak Aaroona daldi daanu, dëpp seen jë ci suuf ci kanamu mbooloom bànni Israyil mépp. **Yosuwe**, doomu Nun, ak **Kaleb**, doomu Yefunne, ñi bokkoon ca ña seeti woon réew ma, xotti seeni yére ndax naqar! Ñu ne bànni Israyil gépp: Réew ma nu dugg, doon ko seet, mu baax-a-baax la! Bu Aji Sax ji àndee ak nun, dina nu yóbbu ca réew moomu bare meew ak lem, jox nu ko. Buleen déggadil Aji Sax ji! Buleen ragal niti réew mooma! Doyuñu nu sax am galaxndiku. Seen yàlla yi leen daan wottu, gedd nañu leen, waaye nun, **Aji Sax jaa ngi ànd ak nun**! Buleen leen ragal!*

*[Wànte] **mbooloo mépp a ngi leen doon waaj a sànni ay xeer ngir rey leen**! Noonu, leerug ndamu Aji Sax ji feeñu bànni Israyil ca tàntu ndaje ba! Aji Sax ji ne Musaa, **Ba kañ la ma mbooloo mi di bañ? Ba kañ la may baña gëm** gannaaw firnde yi ma def yépp ci seen kanam?* **(Nu 14:1-11**)

Nanu taxaw fii tuuti. Ndax dégg ngeen ni bànni Israyil moye woon te tooñ Yàlla? Ndax gis ngeen seen gëmadi? Ndax seetlu ngeen ni ñu tege woon Yàlla kuy tebbi waxam? Waaw, ci bés boobu, bànni Israyil defoon nañu bàkkaar bu réy, ndaxte **gëmuñu li leen Yàlla digoon** ci mbirum réewu Kanaan! Gëmuñu li Yàlla digoon seen maam yonent Yàlla Ibraayma! Dañu meloon ni ñu bare ci jamanoy tey jii ñuy wax: "Gëm naa Yàlla ak yonent yi!" ...waaye ci dëgg-dëgg, gëmuñu Yàlla te gëmuñu yonent yi, ndaxte gëmuñu li Yàlla wax jaarale ko ci ay yonentam ci Mbind mu sell mi!

Léegi, nanu jëm kanam ci nettali bi.

*[Noonu,] Aji Sax ji ne Musaa ak Aaroona: Ba kañ la ma mbooloo mu bon mii di xultu? Dégg naa xultuy bànni Israyil yi ñu jëmale ci man! [Kon nag] Nee leen: Aji Sax ji wax na ne: Giñ naa ne ndegam dëgg la ne maa ngi dund, dinaa leen def li ngeen wax!* ***Ci màndiŋ mii la seeni néew di des****, yeen ñi ñu lim ci li ko dale ci ñi am ñaar fukki at, yeen ñépp ñi ma doon diiŋat! Dungeen dugg mukk ca réew ma ma giñoon ne dingeen fa dëkk, yeen ñépp, ba mu des* ***Kaleb****...ak* ***Yosuwe****! Waaye nag,* ***seen doom*** *yi ngeen ne dañu leen di jàpp, dinaa leen fa yóbbu. Dinañu xami réew mi ngeen gedd! Waaye yeen, seeni néew dinañu des ci màndiŋ mi!*

*Man, Aji Sax ji, maay wax, te wóor na ma ne noonu laay jëfe ak mbooloo mu bon moomu* ***mànkoo di ma diiŋat****. Ñoom ñépp ci màndiŋ mii lañuy mujj. Foofa lañuy deewe!*

*Waaye ña Musaa yebaloon ñu seeti réew ma, ba ñu dellusee doon fen di wax lu ñaaw ci mbirum réew mi, ba xiirtal mbooloo mépp ba ñuy xultu Musaa, ñooña fenoon ci mbirum réew mi, Aji Sax ji wàcce ci ñoom jàngoro ju bon, ñu dee dee gu gaaw. Yosuwe...ak Kaleb...[ña gëmoon kàddug Yàlla] ñoom rekk a rëcc ca ña demoon seeti réew ma!* **(Nu 14:26-32**)

Noonu gis nanu ni bànni Israyil bañe woon a gëm Yàlla Aji Sax ji, Moom mi leen jot ci loxoy Firawna, yóbbu leen ba digu réewu Kanaan. Lan la Yàlla defoon nag ak ñi gëmul woon Kàddoom? Dafa leen daan, ñu dee ci màndiŋ ma! Kon nag, gis nanu ne, bànni Israyil jotuñoo dugg ci barkeb Yàlla **ndax seen ngëmadi**!

Mbokk yi, ci lu wér, baña gëm kàddug Yàlla musiba mu réy-a-réy la, ndaxte Yàlla dina mbugal képp ku ko baña gëm! Ndaxte képp ku xeeb te fonkadi li Yàlla wax ci kàddoom gu sell gi, mu ngi koy teg fenkat, te du man a bokk ci nguuram gu dul jeex gi!

Waaye it, Yàlla bëggul kenn alku, wànte **ñépp gëm** xebaar bu baax bi jëm ci yoonu mucc wi mu tëral. Looloo tax mu nuy artu ci kàddoom naan:

‟*Bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi, buleen dëgër bopp, ni seeni maam defoon ca màndiŋ ma, keroog ba ñu dëddoo Yàlla di ko diiŋat. Mbokk yi, wottuleen ba kenn ci yeen* ***baña am xol bu bon te gëmadi****, bay dëddu Yàlla jiy dund!*” **(Yt 3:7,8,12**)

Mbokki déglukat yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu gis ni ñépp ñi bañoon a gëm Yàlla sànkoo woon ca màndiŋ ma, ni ko Yàlla giñe woon. Waaye su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax naan: ‟***Mbokk yi, wottuleen ba kenn ci yeen baña am xol bu bon te gëmadi, bay dëddu Yàlla jiy dund!***” **(Yt 3:12**)

# 42 Jaanu xànjar

(Lim ya 20, 21)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gëstu woon nanu ci ñeenteelu xaajub Tawreet, ba gis ni bànni Israyil agsee woon ca digu Kanaan, di réew mi Yàlla digoon Ibraayma ak askanam. Yàlla fasoon na yéene tasaare ponkal yu soxor yi dëkkoon ci réew ma, jébbal lépp bànni Israyil. Waaye lu ëpp ci gaayi Israyil dañu ragaloon ponkal yi ba tax **gëmuñu li leen Yàlla digoon**.

Noonu, jàngoon nanu ni Yàlla àttee woon bànni Israyil ndax seen gëmadi. Mu ne leen:

"***Dungeen dugg mukk ca réew ma ma giñoon ne dingeen fa dëkk, yeen ñépp, ba mu des Kaleb ak Yosuwe...ndaxte meneen xel a leen xiirtal, te ñu ngi may topp, seen xol bépp ànd ci.*** *Seen askan dina ko moomi. Te it, seen doom yi ngeen ne dañu leen di jàpp, dinaa leen fa yóbbu. Dinañu xami réew mi ngeen gedd! Waaye yeen, seeni néew dinañu des ci màndiŋ ma*!" **(Nu 14:30-32**)

Li nu war a rààññee mooy, Yàlla moom bëggoon na barkeel bànni Israyil lool, waaye **mënu leen woon barkeel ndax seen gëmadi**. Bañ gëm li leen Aji Sax ji digoon a tax Yàlla daan bànni Israyil, ñuy tambaalu ca màndiŋ ma diirub ñeent-fukki at, ba kera ñépp ñi ko gëmul woon dee.

Léegi nag, nanu wéy ci ñeenteelu xaajub Tawreet, ba gis li xewoon ci mujug ñeent-fukki at, yi bànni Israyil xasar-xasaree ci màndiŋ ma ndax seen gëmadi. Ci saar ñaar-fukk, Mbind mi ne na:

*Gannaaw bi bànni Israyil doxee ca màndiŋ ma daanaka ñeent fukki at, ñu àgg ci màndiŋu Sin, dal Kades (maanaam: fa ñu jëkkoon a nekk ba ñu bañee gëm Yàlla ba dugg ci réewu Kanaan mi mu leen digoon). Foofa la Maryaama (magu Musaa) deewe, ñu suul ko fa.*

*Mbooloo mi amuñu dara ci ndox, ñu dajaloo di diiŋat Musaa ak Aaroona. Mbooloo maa ngi* ***wut ay*** *ci Musaa, naan: Céy! Lu tax deewunu ba sunu mbokk ya di dee ci kanamu Aji Sax ji? Lu tax nga indi mbooloom Aji Sax ji ci màndiŋ mii? Xanaa du ngir nu dee, nun ak sunug jur? Lu tax nga jële nu Misra ngir indi nu ci bérab bu bon bii? Fii du bérab bu ñu man a jiwe, te amul garabu figg, amul lawtanu réseñ, amul gëranaad te du ndox mu ñu naan!* **(Nu 20:1-5**)

Ndax dégg ngeen li bànni Israyil doon wax? Ginnaaw lépp li Yàlla defoon ci seen kanam ak ci seen kanami baay ci Misra ak ci biir màndiŋ ma, ndax seeni xol fees nañu ak ngërëm ak kóolute? Déedéet! Ni ko seen baay yi daan defe, noonu lañu ko doon defe ñoom itam. Dañu doon xultu rekk!

Dëgg la, bànni Israyil amuñu woon ndox. Kon, lu taxoon ñaanuñu Yàlla? Moom mi leen toppatoo woon diirub ñeent-fukki at ci biir màndiŋ mu wow koŋŋ, ndax mënu leen may léegi ndox mu ñu naan? Axakay! Yàlla bëggoon na faj seeni soxla yépp! Wànte ba tey bànni Israyil wóoluwuñu woon Yàlla seen Boroom.

Nanu wéy léegi ba gis li xewoon. Mbind mi nee:

*Noonu Musaa ak Aaroona jóge ca mbooloo ma ngir dem ca buntu tàntu ndaje ba. Ñu daldi daanu dëpp seen jë ci suuf. Leeraayu ndamu Aji Sax ji feeñu leen. Aji Sax ji ne Musaa, Jëlal yet wi, te ngeen dajale mbooloo mi, yaw ak sa mag Aaroona.* ***Nangeen wax ak xeer wi*** *ci seen kanam, bu ko defee mu xelli ndox. Ci noonu dinga leen génneel ndox ci xeer wi, jox mbooloo mi ñu naan, ñoom ak seen jur.*

*Musaa jël yet wi nekk ci tàntu ndaje bi, ni ko ko Aji Sax ji digale woon. Musaa ak Aaroona daldi dajale mbooloo mi fa jàkkaarloo ak xeer wa. Musaa ne leen: Dégluleen nag, yeen ñi dul topp ndigal! Ndax ci xeer wii lanu leen di génneele ndox? Noonu Musaa yëkkati loxo bi, **dóor ñaari yoon yet wi ci xeer wi**. Ndox mu bare génne ci. Mbooloo maak jur ga naan. Waaye Aji Sax ji daldi ne Musaa ak Aaroona: **Dungeen dugal mukk** mbooloo moomu ci réew mi ma koy may, ndaxte gëmuleen ma **ba wone ni sama sellaay màgge** ci kanamu bànni Israyil*. **(Nu 20:6-12**)

Ndax jàpp ngeen li xewoon? Lan la Yàlla digal Musaa ak Aaroona, ngir mbooloom Israyil am ndox mu ñu naan? Mu ne leen: "Nangeen wax ak xeer wi!" Ndax Musaa ak Aaroona déggaloon nañu Yàlla ba wax ak xeer wi? Déedéet! Waxuñu ak xeer wa, waaye ci seen mer, dañu ko dóoroon ñaari yoon! Terewul Yàlla, ci mbaaxam, defoon na ba xeer wa xelli ndox, waaye li Musaa ak Aaroona defoon neexul woon Yàlla. Looloo tax mu mbugal leen, naan: "***Dungeen dugal mukk** mbooloo moomu ci réew mi ma koy may, ndaxte gëmuleen ma **ba wone ni sama sellaay màgge** ci kanamu bànni Israyil!*"

Xëy na ci sunuy xalaat, mbugal gi Yàlla teg Musaa ak Aaroona lu diis-a-diis la. Waaye li nu war a fàttaliku mooy, yoonu Yàlla yoon wu mat la. Yàlla mënul nangu dara lu àndul ak kàddoom – su fekkee sax ci yonent Yàlla Musaa la jóge! Yàlla du gënale.

Ci lu wér Musaa, yonent bu tedd la woon, waaye nit kese la woon ku bindoo ni nun ñépp. Kon nag, bàkkaarkat la woon ni doomi Aadama yépp. Yonent Yàlla Musaa sax, **mënul woon a musal boppam** ndax jëfam yu baax! Ni doomi Aadama yépp, amoon na sikk te matalul woon lépp lu jub. Yonent Yàlla Musaa, ni bànni Israyil yépp, waroon na jaar ci yoonu mucc wi Yàlla tëraloon, di yoonu deretu sarax. Jaare ko ci bàkkaaru Musaa nag, Yàlla dafa nu bëgg a fàttali ne, ñépp tooñ nañu ba joteetuñu ndamu Yàlla! Ñépp a yem fa kanamam. Ku mu man a doon bàkkaar na. Ku jub amul! Amul kenn ku musul a jàdd yoonu Yàlla – lu dul Rammukat bu sell, bi jóge asamaan ngir musal bàkkaarkat yi!

Léegi nag, nanu jëm kanam ci nettalib bànni Israyil. Ci mujug saar ñaar-fukk, jàng nanu ni Aaroona, magu Musaa, deewe woon ca tund wu ñuy wax Xor te mbooloom Israyil jooy ko fa diirub fanweeri fan. Ginnaaw loolu nag, ci saar ñaar fukk ak benn, Mbind mi ne na:

*Kon nag, ñu nga jóge ca tund wu ñuy wax Xor, jaar ca yoon wu jëm ca géej gu xonq ga... Waaye, ca yoon wa, mbooloo ma **xàddi**. Ñuy xultu ci kanamu Yàlla ak Musaa, naan: Lu tax ngeen jële nu Misra? Ngir rekk nu dee ci màndiŋ mi! Ndaxte fii, amul dugub, amul ndox, te bëggatunu sax teg bët mànn mi, ñam wu naqari wii!*

*Noonu Aji Sax ji yebal ci mbooloo mi ay **jaan yu am daŋar**, ñu màtt leen. Ñu bare dee ca bànni Israyil. Mbooloo ma dem ca Musaa, ne ko: Bi nu lay diiŋat yaak Aji Sax ji, bàkkaar nanu! Ñaanal nu Aji Sax ji ngir mu jële fi jaan yi! [Noonu] Musaa ñaanal mbooloo ma, Aji Sax ji ne ko: Defarlul jaan, nga wékk ko ci ab bant. Képp ku jaan màtt, bu ko xoolee, mucc. Musaa daldi defarlu jaanu xànjar, wékk ko ci ab bant. Noonu, saa yu jaan màttee nit, kooku day **xool** jaanu xànjar ji, **doxe fa wér***. **(Nu 21:4-9**)

Nanu xalaat tuuti ci nettali bu doy waar bii. Lu taxoon Yàlla yebal ay jaan yu am daŋar ci dalub bànni Israyil? **Seen bàkkaar a tax**. Dégg nanu ni ñu doon xultuwaate fa kanam Musaa ak Yàlla, te xeeb ñam wi leen Yàlla wàcceel ca asamaan. Looloo taxoon Yàlla yebal ci seen biir ay jaan yu am daŋar, ñu màtt leen, ba tax ñu bare **dee**.

**Lan la bànni Israyil manoon a def nag ba rëcc ci dee**? Ndax manoon nañu musal seen bopp ci musibam jaan ya? Ndax man nañu faj seen bopp ci daŋaru dee? Mënul a am! Lan la ñu manoon a def nag? Man nañu woññiku ci Yàlla! Te moom lañu def. Gis nanu ni bànni Israyil réccoo, ba dem ca Musaa, ne ko: "Bàkkaar nanu! Tooñ nanu la, tooñ nanu Yàlla! Ñaanal nu Aji Sax ji ngir mu yërëm nu, jële fi jaan yi!"

Ndax Yàlla jëleloon na leen fa jaan ya? Lu gën loolu sax la def! Yàlla waxoon na Musaa mu defarlu jaanu

xànjar, yékkati ko cib bant. Noonu, saa yu jaan màttee nit, kooku day **xool** rekk jaanu xànjar ji ñu wékkoon cib bant, **doxe fa wér**! Loolu moo doon yoonu mucc, wi Yàlla tëral: **Xoolal rekk te dinga mucc**!

Yàlla dige woon na wéral **képp ku xool** jaanu xànjar ja Musaa wékkoon ca bant ba. Lu xewoon nag ak **ña ko bañoon a xool**? Dañu dee dee gu metti. Waaye képp ku gëmoon Yàlla ba xool jaanu xànjar ja – mucc ci dee, ndaxte Yàlla digoon na leen, ne: "***Képp** ku jaan màtt, **bu xoolee** jaanu xànjar, **dina mucc**!*"

Ci dëgg-dëgg, nettali bu neex la, waaye yemul rekk ci neex. Dañu ko bindoon, ngir nu sàkku ci xam-xam. Yàlla daf nu bëgg a won ne, **nun ñépp** a mel ni bànni Israyil. Nun itam, ay bàkkaarkat lanu, ba tax ñuy faral di xultu ci kanamu Yàlla ak nit ñi, di tooñ Yàlla ak nit ñi ci sunuy xalaat, ci sunuy jëf, ak ci sunuy wax. **Seytaane** dafa mel ni jaan yu am daŋar, yi doon màtt bànni Israyil. Te **bàkkaar** dafa mel ni daŋar ja leen doon fàdd. Seytaane màtt na doomi Aadama yépp te daŋaru bàkkaar dina nu sànk ba fàww, su fekkee ne Yàlla saafaraalu nu ko! Peyug bàkkaar mooy sànku ci safara su dul fey si, te ci sunu bopp, amunu menn pexe ngir rëcc ci! Waaye, nu ngi sant Yàlla, ndaxte ni mu rabate woon pexe ngir musal bànni Israyil ci daŋaru jaan ya, noonu itam la **rabate pexe ngir musal doom Aadama yi ci daŋaru bàkkaar**!

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga lu la Yàlla defal ngir musal la ci alkande ji bàkkaar indi? **Déglul li Rammukat bu sell bi waxoon** daanaka junniy at ak juróomi téeméer ginnaaw ba Musaa yékkatee jaanu xànjar ja ci màndiŋ ma. Mu ne: "*Na Musaa sampe woon ab bant ca diggu màndiŋ ma, takk ca jaan, ja mu defare woon xànjar, fàww ñu yékkatee noonu Doomu Nit ki,* (di Rammukatu Àddina)*, ... ngir képp ku ko gëm am ci moom dund gu dul jeex...te doo sànku mukk!*" **(Yow 3:14-16**)

Ci loolu nag, gis nanu ne, jaanu xànjar ja Musaa wékkoon ca bant ba, **takkandeer** la woon ci Rammukat, bi naroon a ñëw, dee ci kaw bant ba, ba man caa daaneel Ibliis, mi yore dooley dee gi." **(Yt 2:14**)

Céy, ni xebaar bii neexe! Ci njàng yi di ñëw, dinanu gis ne, jaare ko ci deewug Rammukat bi ak ndekkiteem, Yàlla ubbil na doomi Aadama buntub jàmm ak mbég ba fàww! Li Yàlla bëgg rekk, mooy nga nangu ne, mënuloo faj sa bopp ci dooley bàkkaar, te nga gëm ci sa xol li Yàlla seede ci Musalkat, bi dee ci kaw bant ba ngir feyal la sa boru bàkkaar. Loolu mooy xebaar bu baax bi! **Xoolal ci Moom te dinga dund**! Gëm ko te Yàlla dina la faj ci daŋaru bàkkaar, te dencal la dëkkuwaay ci jetaayam ci laaxira!

Mag ak ndaw, góor ak jigéen, boroom alal ak baadoolo...Yàllaa ngi leen di wax yeen ñépp: **Xoolleen ci Rammukat** bu am doole, bi mu yónni, te **dingeen mucc**! Waaye dafa leen di wax it ne: **Su ngeen ko bañee gëm**, "*Ci seeni bàkkaar ngeen di dee*." Bu ngeen nanguwul saafara si leen Yàlla indil, kon, "***dingeen dee** ci seeni bàkkaar*." **(Yow 8:24**) Ndaxte Yàlla amul seneen saafara, su mu maye ci nit ñi, su man a faj doomi Aadama ci daŋaru bàkkaar.

Mbokki déglukat yi, sunu jotu tey jeex na. Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu xalaat ci wax yu mujj yi bàyyikoo ci gémmiñug Yonent Yàlla Musaa, te àggalee noonu sunu njàng ci Tawreet bu sell bi.

Waaye su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li mu wax ci Mbind mi, bi mu naan: "***Xoolleen ci Man, te dingeen mucc!***" **(Isa 45:22**)

# 43  Mujug Tawreet

(Juróomeelu Xaaj)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Diirub ñeent-fukki njàng yi weesu, doon nañu gëstu ci téere bi jëkk ci Mbind mu sell mi, di téere bi ñuy wooye: 'Tawreet'. Ni ngeen ko xame, Yàlla moo soloon ay kàddoom ci xelum Musaa yonentam, xiir ko, mu bind lépp cib téere. Boobaak léegi am na daanaka ñetti junniy at ak juróomi téeméer. Wànte ba tey Tawreetu Musaa am na njériñ ci nun ñépp, ndaxte **mooy fondamaa bi Yàlla tegoon**, ngir nu man a **nattu lépp li nuy dégg, ba xam ndax ci Yàlla la jóge walla déet**.

Jaare ko ci sunu gëstu ci Tawreet, Yàlla feeñalal na nu ay mbóot yu bare te xóot. Tey jii nag, danu fas yéene jeexal sunu tukki ci Tawreetu Musaa. Waaye bala nuy dugg ci saar yu mujj yi, nanu fexee nafar li nu gisoon ca ndoorte la ba fi tey.

Ci Tawreet, gisoon nanu ni Yàlla sàkke nit ku jëkk ki ci melokaanam. Yàlla dafa bëggoon a **am diggante bu xóot te neex** ak nit ki mu bindoon. Looloo tax mu sol ci ruuwu nit xel ba mu man a xam Yàlla, may ko xol, ba mu man a bëgg Yàlla te dénk ko coobare, ba mu man a tànnal boppam déggal Yàlla walla ñàkk koo déggal.

Waaye gisoon nanu ni nit ku jëkk ka, di Aadama, tànne woon déggal Seytaane ba lekk ci garab gi ko Yàlla aaye. Noonu Mbind mi nee: "***Bàkkaar** ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi **dee**, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar*." **(Ro 5:12**) Te peyug bàkkaar mooy dee, ak safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam.

Noonu, gisoon nanu ni Yàlla dàqe Aadama ak Awa toolu Àjjana, ndax seen bàkkaar. Wànte laata mu leen di dàq, Yàlla dafa yégle woon ni mu fase woon yéene yónnee benn bés ci àddina **ab Rammukat**, ngir ubbil doom Aadama buntu mucc, ba goreel leen ci nootaangeg Seytaane ak peyug bàkkaar.

Naka noonu, jàngoon nanu ni Yàlla woowe Ibraayma, dige def ak moom **xeet wu bees**, wu yonent Yàlla yi ak Rammukat bi naroon a soqikoo. Kon, Ibraayma moo jur Isaaxa; Isaaxa jur Yanqóoba; te Yanqóoba jur fukki doom yu góor ak ñaar. Noonu gisoon nanu ni Yàlla soppee woon turu Yanqóoba, mu nekk **Israyil**. Fukki doomi Israyil ak ñaar ñooñu nag, ñoo sosoon xeet wu bees wi Yàlla digoon Ibraayma.

Wànte gisoon nanu ni fukki doomi Israyil ya jaaye woon seen rakk Yuusufa ni jaam ci Misra. Waaye "*waay ji, moom ngay góob.*" **(Ga 6:7**) Noonu, gisoon nanu ni bànni Israyil yépp nekke woon ay jaam ci Misra diirub ñeenti téeméeri at. Teewul Yàlla fàttewul woon li mu digoon Ibraayma ak askanam. Noonu, jàngoon nanu ni Yàlla woowe Musaa, te waajal ko, ngir mu goreel bànni Israyil ci seen buumi jaam.

Ginnaaw loolu, gëstu woon nanu ci nettali bu neex te yéeme muy ni Yàlla musale mbooloom Israyil ci nootaangeg Firawna ak waa Misra. Gisoon nanu it ni leen Yàlla aare woon ci biir màndiŋ ma, ba indi leen ci digu Kanaan, di réew mi mu digoon seen maam Ibraayma bu yàgg. Waaye lu ëpp ci bànni Israyil dañu ragaloon ponkali Kanaan, ba tax gëmuñu li leen Yàlla digoon. Looloo taxoon jotuñoo dugg ci réew mu neex moomu.

Noonu gisoon nanu ni bànni Israyil doon tambaaloo ñeent-fukki at ca màndiŋ ma ba ñépp ñi gëmul woon li Yàlla dige woon ci mbirum réewum Kanaan dee ba jeex. Loolu nag mooy mbugal gi Yàlla wàcce woon ci seen kaw ndax seen gëmadi. Ndaxte ci lu wér, "*Aji Sax ji – mooy Yàlla ji am kóllëre! Ku jub la, ku ñàkk caaxaan!*" **(De 32:4**)

Léegi nag, nanu jëm kanam ba **àggale sunu tukki ci Tawreet**. Fi nu tollu ci sunu njàng ci mbirum bànni Israyil ci màndiŋ ma, li nu war a fàttaliku mooy, ñépp ñi bañoon a gëm li Yàlla dige woon ci lu jëm ci réewum Kanaan, dee woon nañu ba jeex tàkk. Waaye léegi seeni doom ñoo nekkoon ca digu Kanaan. Te ginnaaw ñeent-fukki at yu yéex yi ñu pasar-pasare ca màndiŋ ma, léegi doomi Israyil yàkkamti woon nañu lool dugg ci réew mi seeni waa jur xeeboon!

Li nuy jàng léegi, nu ngi koy jële ci juróomeelu téereb Tawreet, di xaaj bu mujj bi. Amunu jotu gëstu ci lépp li téere bu neex bi ëmb. Waaye soo ci gëstulee sa bopp, dinga ci jàng ni Musaa waaree woon, ngir waajal doomi Israyil, ñu dugg ci réew mi leen Yàlla digoon. Man nanu tënk waareb Musaa ci baat yu gàtt yii: "**Buleen fàtte**!”

Ci tënk, Musaa newoon na bànni Israyil: "Wottuleen te baña fàtte ni ngeen nekke woon ay jaam ci Misra! Buleen fàtte lépp li leen Yàlla defal ci yoon wi, diggante Misra ak réew mu bees mi ngeen war a dugg léegi! Buleen fàtte it seeni bàkkaar yi ngeen moy Yàlla seen Boroom! Te buleen fàtte ni Aji Sax ji àttee woon seeni waa jur ndax seen gëmadi, ba tax seeni néew yépp des ci màndiŋ mi! Buleen fàtte ne Yàlla baaxoon na ci seeni maam, waaye ñu dëgëroon bopp rekk te bañ ko gëm! **Buleen ko fàtte**!”

"Te bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi, buleen dëgër bopp, ni seeni waa jur defoon ca màndiŋ ma! Ndax dingeen mel ni seeni maam yi bañoon a gëm kàddug Yàlla, walla dingeen gëm Yàlla Aji Sax ji? Maa ngi leen di wax ne, su ngeen bañee gëm kàddug Yàlla ni ko seeni maam defe woon, na leen wóor ne, Yàlla dina leen àtte ni mu leen àtte woon! **Buleen ko fàtte**!”

"Yàlla Aji Sax ji dina leen dugal ci réew, mi bare meew ak lem te mu giñal ko seeni maam. Waaye buleen fàtte seen Yàlla mi leen joxoon réew mi, ndaxte nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Aji Sax ji! **Buleen ko fàtte**!”

Loolu moo doon waareb Musaa ci tënk. Noonu ci saar fanweer ak ñaar, Aji Sax ji ne Musaa:

*Yéegal ci tund wii ñuy wax Ararim...fa jàkkaarloo ak Yerikoo. Nanga xool nag réewum Kanaan mi may jox bànni Israyil. Gannaaw loolu, dinga dee ci tund wi ngay yéeg... Loolu, na am ndegam danga dem ba ñàkk ma wóolu ci kanamu bànni Israyil ca...màndiŋ ma. Danga nanguwul woon sama sellaay ci kanamu bànni Israyil. Dinga jàkkaarloo ak réew mi may jox bànni Israyil, waaye doo fa dugg!* **(De 32:49-52**)

*Noonu Musaa jaare ca àlli Mowab, jëm tundu Nebo. Aji Sax ji daldi koy won réew ma... Won na ko réewum Yuda mépp ba ca géejug sowu ga... Noonu Aji Sax ji ne ko: Réew mi mooy mi ma giñ, dig ko Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba, bi ma naan, Dinaa ko jox saw askan. Dama la ko won nga gis ko, waaye doo fa dem. Ci noonu, **Musaa, jaamu Aji Sax ji, dee foofu ca réewum Mowab**, ni ko Aji Sax ji waxe woon. Mu suul ko ca xur wa, ca réewum Mowab...te ba tey, kenn xamul mukk fu bàmmeel ba féete. Musaa amoon na téeméeri at ak ñaar fukk bi muy dee. Ab gisam naqariwul woon te ñàkkul woon kàttan. Bànni Israyil jooy nañu Musaa ca xuri Mowab ya diirub fanweeri fan. Gannaaw loolu, bési jooy ya ñu doon dëj Musaa jeex. **Yosuwe**,* [mi wuutu Musaa ni njiitu bànni Israyil], *fees ak xam-xamu Xelu Yàlla, ndaxte Musaa dafa koo tegoon ay loxoom. Bànni Israyil daldi koy déggal ngir di jëf ndigal yi Aji Sax ji batalewoon Musaa.*

*Amatul mukk ci Israyil ab yonent bu mel ni Musaa, moom mi Aji Sax ji daan jàkkaarlool, moom mi Aji Sax ji yebaloon mu def firnde yooyu ak kéemaan yooyu ca réewum Misra, ca kanamu Firawna ak i jaamam, ak réewam ma mépp. Moom, mooy Musaa mi doon jëf ci kàttanu loxoom, ñépp ragal ko, te loolu mu ngi amoon ci kanamu bànni Israyil gépp*. **(De 34:1-2,4-12**) Amiin.

Kon nag mbokk yi, fii la Tawreet bi yem. Lépp lu ñu ci bindoon, dañu koo tëraloon, ngir nu sàkku ci xam-xam, xam-xam bu nu man a yee ci yoonu mucc. Ci lu wóor, Musaa **yonent bu mag** la woon. Jàkkaarloo woon na ak Yàlla Aji Sax ji. Defoon na ay kéemaan, yu jóge ci Yàlla. Ci loxoy Musaa la Yàlla goreele bànni Israyil ci loxoy Firawna. Te ci loxoom it la nu Yàlla jottalee téere bi jëkk ci Mbind mu Sell mi. Ci lu wér,

ku xamul wax yi yonent Yàlla Musaa bind, dinga juum ci lu bare ba bëgg a sànku ci say bàkkaar sax, ndaxte Tawreet mooy fondamaa bi Yàlla moom ci boppam tegoon, di fondamaa, bi nga xam ne, ci kawam la yeneen yonent Yàlla yépp waroon a tabax.

Ci lu wóor, Musaa bindoon na wax yu yéeme te xóot te neex lool! Te lépp li Musaa defoon te wax ko, dara gënu ci li mu yégle woon ci juróomeelu xaajub Tawreet, ci saar fukk ak juróom-ñett. Ndaxte ci saar woowu la Musaa doon xamale bànni Israyil ni Yàlla fasoon yéenee **yónni ci àddina beneen yonent bu mel ni moom, ba sut ko sax**! Dégluleen li leen Musaa wax. Mu ne:

"*Aji Sax ji ne na ma: '**Dinaa leen feeñalal ci seen askan yonent ni yaw, def samay kàddu ci gémmiñam; Moom dina leen wax lépp li ma ko sant. Ku dégluwul wax ji mu wax ci sama tur, dina ci layoo ak Man!***'" **(De 18:17-19**)

Kàddu googu génne gémmiñu Musaa nag, man nanu ci gis ni Yàlla doon yéglee dikku beneen yonent, di yonent bu naroon a wàcc ci askanu Israyil, te raw Musaa ci teraanga ak ndam! Ndax xam nga ku mu doon? Ndax xam nga ban Yonent a waxoon wax yu gën a am doole waxi Musaa? Ndax xam nga ban Yonent a wone woon jëf yu gën a kéemaane yi yonent Yàlla Musaa defoon? Ndax xam nga ban Yonent a gënoon a sell Musaa? Ci lu wér, Musaa ku takku la woon ci liggéey bi ko Yàlla sasoon, teewul defoon na bàkkaar. Waaye Yonent bi Musaa doon yégle warul woon a def benn bàkkaar sax! Te xam ngeen xéll ne, benn yonent rekk a musul a def bàkkaar. Mooy **Rammukat bu sell**, bi naroon a juddoo ci janq bu soqikoo ci bànni Israyil. Mooy Ki ganesi àddina ngir musal doomi Aadama ci seeni bàkkaar. Kooku mooy Ki Musaa doon yégle.

Léegi nag mbokki déglukat yi, nan lanu man a àggalee sunu tukki ci téere bu yaatu, bi ñuy wooyee Tawreet? Xanaa ak li Musaa moom ci boppam waxoon bànni Israyil bés ba mu deewee. Ci saar fanweer ak ñaar, Musaa ne na:

"***Asamaan ak suuf dégluleen ma! ... Dinaa xamle turu Aji Sax ji! Nanguleen màggug sunu Yàlla. Moom Xeer la, jëfam yépp mat na. Lépp lu mu def baax na! Yoonam yépp jub nañu! Mooy Yàlla ji am kóllëre, te amul benn njubadi! Ku jub la, ku ñàkk caaxaan!***" **(De 32:1-4**)

Ci kàddu yooyu Yàlla jaarale ci gémmiñu Musaa lanu leen di tàggoo tey. Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu dugg ci téere bu sell bi topp ci Tawreet, ngir gis ni Yàlla dugale bànni Israyil ci réew mi bare meew ak lem, ni mu leen ko dige woon bu yàgg!

Nu ngi leen di fàttali ne, dajale nanu lépp li nu jàng ci Tawreet ci ay bàndi mañetofon. Su ngeen leen bëggee am ngir dégluwaat li nu jàngoon ca ndoorte la ba fi tey, man ngeen nu bind te dinanu leen wax naka ngeen di def ngir am leen. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Na leen Yàlla barkeel, Moom miy kenn, te yelloo ndam ak màgg ba fàww! "***Mooy Yàlla ji am kóllëre, te amul benn njubadi! Ku jub la, ku ñàkk caaxaan!***" **(De 32:4**) Amiin!

# 44 Yosuwe ak Réewum Kanaan

(Yosuwe)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu jeexaloon nanu sunu njàng ci Tawreetu Musaa, di téere bu jëkk bi ci Mbindi yonent yi. Ci Tawreet bu sell bi, jàngoon nanu ni bàkkaar duggee ci àddina, ba indaale fi alkande. Waaye it, gisoon nanu Yàlla Aji Sax ji, ci yéeneem ju rafet, ni mu digee woon yónnee ci àddina ab Musalkat, mu naroon a jot doomi Aadama ci alkande, ji fi bàkkaar indi. Te ngir jëme kanam pexeem ngir yónni Musalkat boobu ci àddina, Yàlla woo woon na Ibraayma, mu bàyyi Këru baayam ak xeetam, toxu ci réew mu sore mi ñuy wooyee Kanaan. Yàlla fasoon na yéene def ci Ibraayma xeet wu bees, wi Rammukat bi waroon a wàcce. Te ba Ibraayma àggee réewum Kanaan, Yàlla feeñuwaat na ko, dig ko ne: "*Réewum Kanaan mi nga nekk léegi di ab doxandéem, dinaa ko jox ñi soqikoo ci yaw, ngir ñu moom ko ba fàww!*" **(Ge 17:8**)

Tey jii nag, dinanu gis **ni Yàlla amale li mu digoon Ibraayma bu yàgg, di jébbal réewum Kanaan sëti Ibraayma**, ñuy bànni Israyil. Kanaan mooy réew mi ñuy wax tey Palestin, walla Israyil.

Emisyoŋ bi weesu, ci saar wu mujj ci Tawreet, jàngoon nanu ci ni **Musaa** deewee ca tund wa jàkkaarlook réewum Kanaan. Ba Musaa faatoo nag, **Yosuwe**, jawriñam, moo donn yen ba. Yosuwe mooy ki Yàlla faloon, mu wuutu Musaa. Gisoon nanu Yosuwe ay yooni-yoon ba noppi. Li gënoon a neex ci seedey Yosuwe, mooy ni mu gëme woon lépp li Yàlla dige woon, fekk lu ëpp ci bànni Israyil gëmuñu ko. Yeen a ngiy fàttaliku ne, Yosuwe mooy kenn ci ñaari ndaw yi gëmoon Yàlla ba bànni Israyil jëkkee àgg ca digu réewum Kanaan. Ñeent-fukki at la amoon ba ko bànni Israyil doon waaj a sànni ay xeer ngir rey ko, ndax li mu leen wax rekk ngir ñu gëm Aji Sax ji, ba moom réewum Kanaan ma.

Tey nag, dinanu gis ne, Yosuwe moomu bànni Israyil bañoon, moom la Yàlla fal, ngir mu nekk kilifa, gi leen naroon a dugal ca réewum Kanaan!

Téereb Yosuwe, bi nuy jàng tey, mu ngi nekk ci Mbind mu Sell mi, ci diggante Tawreet ak Sabóor. Téereb Yosuwe dafay nettali ni Yàlla amale li mu digoon Ibraayma bu yàgg, bi mu ko naan: "*Dinaa jox [sa askan ak yaw] réewu Kanaan mépp, ngir ngeen moom ko ba fàww!*" **(Ge 17:8**)

Waaye fi nu tollu ci sunu gëstu ci nettalib bànni Israyil, amaguñu woon seen réewu bopp. Ay doxandéem rekk lañu woon ci màndiŋ ma. Te réewum Kanaan ma ñu waroon a dëkk, dafa feesoon ak ay ponkal, yu jàmbaare ci xare! Waaye Yàlla Aji Kàttan ji fasoon na yéene dàq waa Kanaan, tas leen ndax seeni bàkkaar yu bare te ñaaw, dénk réew mu naat moomu bànni Israyil.

Léegi nanu dugg ci téereb Yosuwe, ba gis ni Yosuwe ak bànni Israyil dugge woon ca réew ma, ba noot ko, moom ko. Ci saar wu jëkk wi, Mbind mi ne na:

*Gannaaw bi Musaa jaamu Aji Sax ji faatoo, Yàlla wax ak Yosuwe, doomu Nun, di jawriñu Musaa, ne ko: Léegi sama jaam Musaa faatu na. Jógal nag, jéggi dexu Yurdan, yaw ak mbooloo mépp, ngir dugg ci réew mi ma jagleel bànni Israyil.* ***Fépp fu seen tànk laal, may naa leen ko, ni ma ko waxe woon Musaa.*** *Dingeen moom suuf si, dale ca tàkk ga...te dem ba ci géej gu mag, gi jëm sowu jant. Kenn du dér fi sa kanam, li feek yaa ngi dund. Dinaa ànd ak yaw, ni ma ko defe woon ak Musaa, duma la wacc mukk, duma la bàyyi mukk. Dëgërlul te feddali sa njàmbaar, ndaxte yaw mii, yaay dogal moomeelu mbooloo mi ci réew, mi ma giñ a jagleel seeni maam.*

*Ndax joxuma la ndigal lii:* ***Dëgërlul te feddali sa njàmbaar? Bul tiit dara, te bul jaaxle, ndaxte Aji Sax ji***

***sa Yàlla mu ngi ànd ak yaw fépp foo jëm**." Noonu Yosuwe jox ndigal lii kilifay mbooloo ma, ne leen: Wërleen dal bi te ngeen xamal mbooloo mi, ne leen: Waajalleen yóbbal, ndaxte fii ak ñetti fan dingeen jéggi dexu Yurdan, dem nooti réew, mi leen Aji Sax ji seen Yàlla jagleel.* **(Jos 1:1-6,9-11**)

Ginnaaw loolu nag, Mbind mi day nettali ni Yosuwe yebale **ñaari ndaw**, wax leen ne: "*Demleen, seeti réew mi, rawati na dëkk bu réy bu ñuy wax **Yeriko**.*" **(Jos 2:1**) Ñaari ndaw yi dem nag, seeti dëkku Yeriko ak ay miir yu kawe te dëgër, ya wër dëkk ba. Ci guddi, ñaari ndaw yooyu, nëbbu ca Yeriko, fanaan ci këru jenn jigéenu moykat, ju tudd **Raxab**. Wànte amoon na ci waa Yeriko, ñu gis ndawi Israyil yi duggoon ci këru Raxab. Ñu daldi ko nettali buurub Yeriko, ne ko: "*Am na ay nit ñu bokk ci bànni Israyil, ñu ngi ci dëkk bi ngir seet ko.*" **(Jos 2:2**) Buur bi daldi yónni ay xarekat ci këru Raxab ngir jàpp leen, waaye Raxab nëbboon na leen ci kaw xaddu kër gi.

Gannaaw ba xarekat ya demee, Raxab woo ndaw ya, ne leen: "Man xam naa ne, Aji Sax ji seen Yàlla moo di Yàlla ju dëggu ji. Xam naa xéll it ne, seen Yàlla dina leen jébbal sunu dëkk ak réewum Kanaan mépp. Waa réew mépp dañu leen ragal lool, ndaxte dégg nañu ni seen Yàlla ubbee woon géej gu xonq ga ca seen kanam ak ni mu tase woon seeni noon yépp. Gëm naa ne, Aji Sax ji seen Yàlla mooy Yàlla Aji Wóor ji! Kon nag, maa ngi leen di ñaan, ngeen giñal ma ne, bu ngeen ñëwee te nangu sunu dëkk, ngeen aar ma, man ak sama njaboot, musal nu ci dee!" Ñaari ndaw yi tontu ko ne: "Bu nu Yàlla jébbale sa dëkk, dinanu la aar, yaw ak képp ku nekk ci sa biir kër."

Ci saar ñett, Mbind mi day nettali ni waa Israyil waroon a jéggee **dexu Yurdan**, ngir dugg ci réewum Kanaan. Waaye dex gu xóot te yaatoo nekkoon ci seen kanam! Naka la mbooloo mu tollu ci ñetti milyoŋ manoon a jéggee dex gu yaatu googu? Ax, loolu yomb na xam, ndaxte Yàlla Aji Kàttan, ji leen ubbiloon yoon ci biir géej gu xonq ga, soppikuwul. Noonu danuy jàng ni Yàlla ubbile bànni Israyil yoon ci biir dexu Yurdan, te ñu jaar ci diggu dex ga, ci suuf su wow si. Noonu la bànni Israyil yépp jéggee dex gi, ba àgg ci kanam dëkk bu réy bi, di Yeriko. Waa Yeriko nag tëj nañu buntu dëkk ba. Kenn duggatul dëkk ba, kenn génnatul.

Ci saar juróom, Mbind mi daf nuy nettali ne, bi Yosuwe nekkee fa kanam Yeriko, mu téen, gis benn nit ku yor jaasi taxaw ci kanamam. Yosuwe laaj ko: "Ndax sunu xarit nga walla sunu noon?" Mu tontu ko ne, "Maa di **Kilifag xarekatu Yàlla** Aji Sax ji!" Yosuwe daldi daanu, dëpp jëwam ci suuf. Noonu ki tudd Kilifag Xarekatu Yàlla ne Yosuwe: "Summil say dàll, ndaxte bérab bii nga taxaw, bérab bu sell la!" Yosuwe def ni mu ko waxe.

Mbokk yi, ndax xam ngeen ki doon wax ak Yosuwe? Yàlla ci boppam la! Gisoon nanu ba noppi ni Yàlla feeñoo woon Ibraayma ci jëmmu nit, te mu feeñu Musaa ci takk-takku safara ci biir as ngarab. Léegi nag, gis nanu ni Yàlla feeñoo Yosuwe ci melokaanu jàmbaar ju yor jaasi, di wax ak moom!

Noonu, *Yàlla Aji Sax ji ne Yosuwe: "Gis nga, maa ngi lay jébbal Yeriko, jébbal la buuram ak i xarekatam. Yaak say xarekat nangeen wër dëkk bi benn yoon bés bu set, ba muy juróom benni fan. Na juróom-ñaari sëriñ dox ca kanamu Gaal gi ñu def àlluway Kóllëre ga, yor mbiib. Ca juróom-ñaareelu fan ba, nangeen wër juróom-ñaari yoon dëkk ba, te sëriñ ya di liit ca mbiib ya. Noonu, nañu mbiib mbiib gu xumb. Bu ñu ko defee, na nit ñépp yuuxu ca-kaw. Tabax ba wër dëkk ba dina daanu. Xarekat yi dinañu dugg ca dëkk ba, ku nekk jubal sa yoon.*" **(Jos 6:2-5**)

Aji Sax ji daldi jeexal waxam ak Yosuwe, dem.

Ba mu ko defee, Yosuwe daldi dem ci bànni Israyil, wax leen lépp li ko Aji Sax ji santoon. Yosuwe santaane ñu fab Gaalu Kóllëre gi, wër benn yoon dëkk ba. Waaye mu ne leen: "*Bu kenn wax benn baat ba bés ba may joxe ndigal ne, ngeen yuuxu. Bu boobaa nag di ngeen man a yuuxu.*" **(Jos 6:10**) Gannaaw ba ñu doxee, te wër dëkk ba benn yoon, ñu dellu ca dal ba, fanaan fa. Ca ñaareelu fan ba, ñu wër benn yoon dëkk ba, daldi dellu ca dal ba. Noonu lañu jàppoo ba mu am juróom-benni fan.

Waaye ca juróom-ñaareelu fan ba, ñu jóg ca fajar, daldi wër dëkk ba juróom-ñaari yoon. Ba ñu ko wëree juróom-ñaareelu yoon ba noppi, sëriñ ya daldi mbiib mbiib yu xumb. Noonu Yosuwe ne mbooloo ma: "*Yuuxuleen! ndaxte Yàlla jébbal na leen dëkk bi!*" (**Jos 6:16**)

Ba bànni Israyil yi déggee mbiib ya jolli nag, ñu yuuxu yuuxu yu mag, tabax ba wëroon dëkk ba daldi màbb! Gaayi Israyil yi nag dugg dëkk ba, ku nekk jubal sa yoon. Noonu gis nanu ni Yosuwe ak bànni Israyil noote woon dëkk bu jëkk bi ci réewum Kanaan. Ci bés boobu, waa Yeriko yépp dee, ba mu des Raxab jigéenu moykat bi ak njabootam, ni ko ko ñaari ndaw ya dige woon. Këru Raxab màbbul, ndax li mu dëddu xërëm yi, te wékk yaakaaram ci Yàllay Israyil.

Lu tax Yosuwe ak bànni Israyil nootoon dëkk bu am kaaraange boobu, ba dugg ca réew ma leen Yàlla digoon? Ndaxte dañu **gëm** kàddug Yàlla. Lu tax Raxab jigéenu moykat ba deewul ni waa Yeriko ba dëkk ba màbbee? Ndaxte yemul woon ci yéemu ci kàttanu Aji Sax ji, waaye dafa ko **gëm** ba ànd ak gaayi Yàlla yi. Loolu la Mbind mi wax bi mu naan:

"***Ngëm*** *moo tax miir yi wëroon dëkku Yeriko màbb, gannaaw ba ko bànni Israyil wëree lu mat juróom-ñaari fan.* ***Ngëm*** *moo tax ba Raxab jigéenu moykat bi mucc, keroog ba ñuy bóom ñi déggadiloon Yàlla, ndax li mu teeru woon yëddukat ya teeru, bu ànd ak jàmm. ... Waaye* ***ku amul ngëm doo man a neex Yàlla****, ndaxte ku bëgg a jegeñ Yàlla war ngaa gëm ne, Yàlla am na te dina neexal ñi koy wut.*" (**Yt 11:30,31,6**)

Ci lu wér, bëggoon nanu lool bokk ak yeen nettali yépp yi téereb Yosuwe ëmb, waaye jot gi nu am mayu nu ko. Ci tënk, war ngeen xam ne, téere bii day benn-bennal ni Yàlla ànde ak Yosuwe ak bànni Israyil, ba jébbal leen réewum Kanaan mépp, dëkk ginnaaw dëkk, ni mu ko digee woon tembe. Noonu, ci saar ñaar-fukk ak benn, Mbind mi ne na: "*Yàlla may na bànni Israyil réew mépp! Yàlla may na leen jàmm fépp! Yàlla jébbal na leen seeni noon yépp!*" (**Jos 21:43,44**)

Mbokk yi, ndax Yàlla amaloon na li mu digoon Ibraayma ak askanam bu yàgg? Ndax Yàlla mayoon na réewum Kanaan bànni Israyil, ni mu leen ko waxe woon? Axakay! Yàlla kuy sàmm kóllëre la! Lépp li mu dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit! Yàlla Aji Sax ji bëggoon na lool defal bànni Israyil yiw, may leen réewum Kanaan mu neex mi, waaye mu ngi doon xaar, ñu wóolu ko! Ni nu ko gisewoon, bànni Israyil **yàqoon na at yu bare, laata ñu tàmbali gëm** li leen Yàlla digoon. Noon, seeni waa jur dugguñu ci noflaayu réewum Kanaan ndaxte gëmuñu woon digi Yàlla yi.

Yaw nag? Ndax gëm nga Yàlla? Laajunu ndax gëm nga ne, Yàlla am na, walla ndax Yàlla kenn la. Ibliis moom ci boppam xam na ne Yàlla kenn la. Laaj bi nga war a tontu tey mooy: **Ndax gëm nga Yàlla? Ndax sopp nga ko**? **Ndax wóolu nga Kàddug Yàlla** ak sa xol bépp? **Ndax xam nga** li Yàlla dencal ñi ko gëm? **Ndax am nga** dund gu dul jeex, ak Xel mu Sell, mi Yàlla may ñi gëm Xebaaram bu baax bi?

Lu ëpp ci doomi Aadama yi gëm nañu ne Yàlla am na. Waaye, ndeysaan, ñi **xam** te **gëm** digi Yàlla yu rafet yi, te réy ba ëpp xel, barewuñu de! Mbokk miy déglu, Yàlla sopp na la, te bëgg na lool barkeel la, waaye fàww nga **xam** kàddoom, **gëm** ko, te **nangu** ko! Ci loolu, Mbind mu sell mi ne na:

"*Bëggunu ngeen tayel, waaye royleen* ***ñi gëm te muñ****, ndaxte ñooy jot li leen Yàlla dig!*" (**Yt 6:12**)

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Kon, ba emisyoŋ bi di ñëw. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax naan: "***Lu bët gisul, nopp déggu ko te xel xalaatu ko, loolu la Yàlla dencal ñi ko bëgg***." (**1Ko 2:9**)

# 45  Njiit ya ak Ruut

(Njiit ya; Ruut)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu gisoon nanu ni Yosuwe, jawriñu Musaa, dugale woon bànni Israyil ca réewum Kanaan. Jàngoon nanu ni Yàlla doon doxe ci kanam Yosuwe ak bànni Israyil, dàq seeni noon ci seen kanam, ba tàbbal leen ci réewum Kanaan mu neex mi, ni mu ko dige woon seen maam Ibraayma bu yàgg.

Tey ji nag, danu fas yéene gëstu ci ñaari téere yu sell yi topp ci téereb Yosuwe. Ñooy téereb **Njiit ya** ak téereb **Ruut**. Ñaari téere yooyoo nuy won li xewoon **ci diggante** jamanoy Yonent Yàlla **Yosuwe** ak jamanoy Yonent Yàlla **Daawuda**.

Bala nuy dugg ci téereb Njiit ya, bëgg nanu jàng wax yi Yosuwe dénkoon bànni Israyil, laata muy dee. Ci saar wi mujj ci téereb Yosuwe, gis nanu ci ni Yosuwe dajalee woon njiiti bànni Israyil yépp, ngir artu leen te xiir leen, ñu sopp te déggal Aji Sax ji seen Yàlla, moom mi leen goreeloon ci Misra, may leen réew mu neex mi ñu dëkk léegi. Dégluleen wax yi bokkoon ci waxi Yosuwe yu mujj ya. Mu ne leen:

‟*Te su ngeen gisee ni jaamu Aji Sax ji neexul,* ***tànnleen tey jii kan ngeen bëgg a jaamu****, yàlla ya seeni maam daan jaamu ca wàllu dex ga, walla yàllay waa dëkk bi ngeen dëkk tey.* ***Man ak samag njaboot, Aji Sax ji lanuy jaamu!***” (**Jos 24:15**) Noonu mbooloom bànni Israyil tontu Yosuwe naan: ‟*Waaw! Nun itam dinanu jaamu Aji Sax ji te moom rekk, ndaxte mooy sunu Yàlla!*” (**Jos 24:18**)

Waaye nanu seet li xewoon ci dëgg-dëgg. Nu ngiy jàng ci téereb Njiit ya, saar ñaar. Mbind mi ne na:

***Noonu mbooloo ma jaamu Aji Sax ji diirub dundug Yosuwe gépp*** *ak diirub dundug mag ña mujj Yosuwe, te gis jëf yu mag yépp yi Aji Sax ji defal Israyil. Jaamub Aji Sax ji Yosuwe...faatu na ci téeméeri atam ak fukk, bi mu ko defee ñu suul ko...ca tundu Efrayim... Noonu xeet woowu wépp fekki seeni maam, ba noppi weneen xeet jóg, waaye xamul Aji Sax ji te xamul it li mu defal Israyil.*

***Bànni Israyil di def lépp lu ñaaw fi kanam Aji Sax ji****, tey jaamu Baal. Noonu ñu bàyyi Aji Sax ji di seen Yàllay maam, ji leen génne woon réewu Misra, ba noppi ñu dem ci yeneeni yàlla ca yàllay mbooloo yi leen wër, di leen sujjóotal tey moy Aji Sax ji. Ñu bàyyi Aji Sax ji, tey jaamu xërëm yiy misaal Baal.* (**Jud 2:7-13**)

Noonu gis nanu ni bànni Israyil fàttee woon Aji Sax ji seen Yàlla te dëddu ko, **tàmbali topp diiney xeet yi leen wër**. Waaye xeet yooyu xamuñu woon Yàlla Aji Dëggu ji, te amuñu woon kàddoom. Looloo taxoon Baal lañu doon jaamu. Baal mooy xërëm bi waa Kanaan di jiiñ ne, mooy Yàlla. Dañu defaroon ay nataal yuy misaal Baal, di leen jaamu. Ñi doon màggal Baal, **dañu yaakaaroon ne, Yàlla lañu doon jaamu**. Waaye ci lu wér, Seytaane doŋŋ lañu doon jaamu, waaye xamuñu ko, ndaxte Seytaane nax na leen. Te Seytaane naxoon na it ñu bare ci bànni Israyil, ba tax ñu dëddu Yàlla Aji Sax ji, tàmbali jaamu Baal, ni xeet yi leen wër.

Noonu gis nanu ni lu ëpp ci bànni Israyil dëddoo yoon wi Yàlla tëral, muy yoonu saraxu mala ci rendikaay. Ñu topp nag yoon wu dul dëgg, maanaam yoonu diiney Baal. Moona ndigal li jëkk ci fukki ndigal yi Yàlla waxoon Musaa ci tundu Sinayi dafa ne:

‟*Bul am yeneen yàlla ndare man. ...Ndaxte Yàlla ju fiir laa, di topp tooñug maam yi ciy sët ba ci sëtaat, su ñu ma bañee. Waaye damay wone sama cofeel ci ay junniy junni jamano, su ñu ma bëggee tey sàmm samay ndigal!*” (**Ex 20:3,5,6**)

Waaye lu ëpp ci bànni Israyil faaleetul woon Yàlla Aji Sax ji, ba tax Yàlla waroon leen a mbugal.

Nanu wéy ci saar ñaar ci téereb Njiit ya. Mbind mi ne na:

***Bànni Israyil di def lépp lu ñaaw** fi kanam Aji Sax ji,...tey jaamu xërëm yiy misaal Baal... bi mu ko defee merum Aji Sax ji fuur, dal ci kaw Israyil, te **mu tàbbal leen ci loxoy lëlkat yi**, ñu lël leen, mu bërgël leen ci seen loxoy noon yi leen wër, te mënatuñoo jànkoonte ak seeni noon. Fépp fu ñu génn di xare, Aji Sax ji gàll leen loxo, di leen noot, ni ko Aji Sax ji waxe woon, ni mu leen ko giñale. Noonu ñu nekk ci toskare ju réy.* **(Jud 2:11,14-15**)

Noonu la téereb Njiit ya nettalee ni bànni Israyil dëgëre woon bopp lool bay dëddu Aji Sax ji ay yooni-yoon. Looloo taxoon Yàlla tàbbal leen ci seen loxoy noon ay yooni-yoon, ngir mbugal leen, ngir ñu nangu seeni bàkkaar te réccu. Saa su bànni Israyil réccuwaan, Yàlla feeñal leen ay njiit, ngir ñu xettali leen ci seeni noon. Bëggoon nanu waxtaan ak yeen ci mbirum jàmbaar yooyu ni Sedeyon, Barag, Samson ak ñoom seen, waaye jot gi du nu ko may. Wànte man ngeen leen jàngal seen bopp ci téereb Njiit ya.

Ci tënk, téereb Njiit ya daf nuy won ne, yoon wu bànni Israyil moyee Yàlla, Yàlla mbugal na leen, ngir ñu tuub seeni bàkkaar te walbatiku ci Moom. Bu ñu réccoo nag, Yàlla indil leen ay njiit, yu leen xettali ci seeni noon. Loolu mooy nettalib **téereb Njiit ya** ci lu gàtt.

Waaw ci lu wér, bànni Israyil moyoon na Yàlla ay yooni-yooni-yoon. Waaye ndax seen ñàkk kóllëre manoon na fanq kóllëreg Yàlla? Mukk! Ci lu wóor, Yàlla mbugal na képp ku doon bàkkaar, teewul toppatoo woon na xeetu Israyil, ndaxte Yàlla mënul woon a fàtte li mu digoon Ibraayma bu yàgg bi mu ko naan: "*Xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci saw askan!*" **(Ge 22:18**)

Yàlla fasoon na yéene def ak askanu Ibraayma xeet, wi naroon a indi ci kaw suuf Musalkatu Àddina si. Te dara mënul a fanq yéene ju rafet ji Yàlla amoon. Du bàkkaari bànni Israyil. Du Firawna. Du waa Misra. Du waa Kanaan. Du diine ju dul dëgg, mel ni ju Baal. Du sax Seytaane moom ci boppam. Dara! **Dara mënul woon a fanq pexem Yàlla ngir wàcce Musalkatu Àddina si jaarale ko ci xeetu Israyil**!

Léegi, fokk nu jëm kanam, te seet téere bu gàtt bi topp ci téereb Njiit ya. Muy **téereb Ruut**. Nettalib téere bii, nettali bu neex lool la. Dafa mel ni tóor-tóor bu rafet bu sax ci kaw sën bu xasaw, ndaxte day **nettali mbirum jenn jigéen ju bëggoon Yàlla ci biir jamano ju yàqu te rëb**.

Mënunu leen jàngal téereb Ruut bépp tey, waaye dinanu leen ko tënkal. Li ngeen war a jëkk a xam mooy, **Ruut** jigéen ju jëkkëram faatu la woon, te bokkul ci xeetu Israyil. Ci waa Mowab la bokkoon, te dëkk ci réewu **Mowab**, mi féete ci bëj-saalumu réewum Israyil. Te it, war ngeen xam ne, waa Mowab ay xërëmkat lañu woon, te xeeb Yàllay Israyil, ak gaayi Israyil ñoom ci seen bopp.

Jigéen jooju tudd Ruut nag, ci waa Mowab googu la bokkoon, waaye loolu taxul woon Ruut bañ Yàllay Israyil. Déedéet. **Ruut moom gëmoon na Yàllay Israyil ak xolam bépp sax**! Ruut déggoon na ni Yàlla Aji Sax ji defe woon kéemaan yuy yéeme, ba goreel mbooloom Israyil ci loxoy waa Misra. Te it, Ruut déggoon na wax yu wóor, yi Yonent Yàlla Musaa bindoon ci Tawreet ci mbirum yoonu mucc wi Yàlla tëral. Ruut gëmoon na Aji Sax ji ak xolam bépp, te nangu kàddu gi mu wàcce woon ci bànni Israyil.

Léegi nag, li nu war a gis ci mbirum Ruut mooy lii: Mu ngi dëkkoon ci Mowab ci biir xërëmkat yi. Waa juri Ruut, ay xërëmkat lañu woon. Te Ruut moom, ci seen diine la juddu woon. Waaye léegi **Ruut gëmatul woon diiney baayam**. Yàllay Israyil la Ruut gëmoon. Noonu, gis nanu ne, Ruut waroon na tànn li mu waroon a def, te yombul woon!

Ndax Ruut dafa waroon a toog ci këru baayam, ba séy ak góor gu xamul Yàllay Israyil nar ko ci fekk? walla dafa waroon a dëddu këru baayam, dem ci Israyil? Loolu mooy li Ruut waroon a tànn te mu jafe lool!

Bala nuy seet wan yoon la Ruut tànnoon, war ngeen xam it ne, Ruut amoon na peccargo bu tudd **Orpa**. Ni Ruut, Orpa moom itam xamoon na lu bare ci mbirum Yàllay Israyil. Noonu, peccargob Ruut itam, **waroon na tànn** diggante wéy ci diiney baayam ak topp Yàlla Aji Sax ji.

Léegi, nanu seet yan yoon la Ruut ak Orpa tànnoon. Orpa moom tànnoon na **yoon wu gën a yomb**, maanaam: toog ci këru baayam, séy ak góor gu bokk ci diiney baayam. Waaye Ruut moom, tànnoon na **génn këru baayam**, dem toxu ci réewum Israyil, ndaxte Ruut xamoon na ne, kenn mënul a jaamoondoo ñaari yàlla. Mënul a boole jaamu Yàllay Israyil ak jaamu xërëmi Mowab. Looloo taxoon Ruut dëddu diiney baayam. Ruut yaakaaroon na ne, **déggal Yàlla moo gën déggal nit**.

Noonu, Mbind mi day nettali ni Ruut bàyyee këru baayam, toxuji réewum Israyil, ci benn dëkk bu ndaw bu tudd **Betleyem**. Ni ko Yàlla dogale, dafa amoon genn góor gu dëkkoon Betleyem; góor googoo ngi tuddoon **Bowas**. Bowas mooy **doomu Raxab**, ma rëccoon ca musiba ma daloon ci dëkku Yeriko (ni nu gise woon ci sunu njàng mi weesu). Bowas nit ku jub la woon, te fonkoon lool kàddug Yàlla. Te it, Bowas amoon na alal ak ay tooli dugub yu bare. Waaye amagul woon jabar.

Noonu, Mbind mi day nettali ni Ruut, mi dëkk léegi ci Betleyem, tàmme woon xëy bés bu nekk, dem ci tool yi, ngir for dugub ji góobkat yi doon waddal. Ruut baadoolo la woon, te ci kaw yoon wi Yàlla dénk Musaa ngir bànni Israyil, noonu la baadoolo yi daan fore ngir bañ a xiif. Naka noonu, Mbind mi daf nuy nettali ni Yàlla jiitee woon Ruut ngir mu fori ci toolu Bowas, doomu Raxab.

Am bés, Bowas séen Ruut, muy for ci toolam. Bowas dem, di waxtaan ak moom. Bowas ràññe bu gaaw ne, ci lu wóor, Ruut mi kat, jigéen ju rafet lool la – ci jëmm ak ci jikko. Bowas, mi nekkoon nit ku jub, gis ne, Ruut jigéen ju jub la te fonk kàddug Aji Sax ji.

Ndax man ngeen tandale wax li xewoon? Jafewul a xam! Waaw, Bowas ak Ruut **soppante woon nañu lool**, ba tax ñu séy. Te noonu Mbind mi ne: Bowas am ak Ruut doom ju góor ju tudd **Obedd**; te bi Obedd màggee, mu jur doom ju tudd **Yese**. Te Yese mooy baayu yonent Yàlla **Daawuda**, mi doon buur bu mag ci xeetu Israyil, di yonent bi bind lu bare ci **Sabóor**. Te ci Daawuda la **Rammukat bi** soqikoo, maanaam Musalkatu Àddina, bi yonent Yàlla yépp doon yégle.

Noonu gis nanu tey ni Yàlla jëfe woon ci dundu Ruut, di jigéen ju bokkul woon ci xeetu Israyil. **Bi bànni Israyil dëddoo Aji Sax ji seen Yàlla ngir topp diiney xeet yi leen wër, Ruut moom dëddu woon na diiney baayam ngir topp Yàllay Israyil**.

Noonu gisoon nanu ni Yàlla jiite Ruut ba ci dëkku Betleyem ci Israyil, def ko séetu Bowas, di maamu Daawuda, buuru Israyil. Man nanu gis ci loolu lépp, man nanu gis ni Yàlla doon jëmee kanam pexeem ngir indi **Rammukat bi** ci àddina si. Ndaxte **ci askanu Daawuda ak dëkku Betleyem** la Musalkatu Àddina si waroon a juddoo.

Kon nag mbokki déglukat yi, loolu mooy sunu njàngum tey. Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu dugg ci téere biy nettali dundu Yonent Yàlla Daawuda, mi dëkk Betleyem, te soqikoo ci Ruut ak Bowas.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yonent Yàlla Yosuwe waxoon bànni Israyil laata muy dee, bi mu naan: "***Tànnleen tey jii kan ngeen bëgg a jaamu... Man ak samag njaboot, Aji Sax ji lanuy jaamu!***" **(Jos 24:15**)

# 46 Samwil, Sóol ak Daawuda

(1 Samwil 1-16)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu gisoon nanu ne, jamano ji topp ci jamanoy yonent Yàlla Yosuwe, jamano ju **lëndëm te yàqu** la woon ci nettaliy xeetu Israyil. Waaye ci jamano ju lëndëm jooju sax, gisoon nanu leerug kóllëreg Yàlla. Aji Sax ji fàttewul woon li mu digoon Ibraayma ak askanam ci mbirum Rammukat, bi naroon a soqikoo ci xeetu Israyil.

Noonu gisoon nanu ni Yàlla jëfe woon ci dundu jenn jigéen ju tudd **Ruut**. Ruut bokkul woon ci xeetu Israyil, waaye gëmoon na Yàllay Israyil ak xolam bépp. Te bi bànni Israyil yu bare dëddoo Aji Sax ji seen Yàlla ngir topp diiney xeet yi leen wër, Ruut moom tànnoon na dëddu diiney baayam ngir topp Yàllay Israyil.

Noonu gisoon nanu ni Ruut toxoo ca réewum Israyil, sanc ci dëkku Betleyem. Foofu ci Betleyem, Ruut séyoon na fa ak jenn waayu Israyil, ju tudd Bowas. Te Bowas ak Ruut amoon doom ju góor ju tudd Obedd; te Obedd jur Yese miy baayu yonent Yàlla **Daawuda**. Noonu, pexem Yàlla ngir musal doomi Aadama ci seeni bàkkaar, mu ngi doon jëm kanam, ndaxte **ci askanu Daawuda la Musalkatu Àddina si waroon a soqikoo**. Te ci **Betleyem**, di dëkku Daawuda, la Musalkat bi waroon a juddoo.

Turu **Daawuda** siiw na lool ci Mbind mu sell mi, ba feeñ ci lu ëpp junni yoon sax. **Lu ngeen xam** ci mbirum Daawuda? Xëy na xam ngeen ne, moo doon waxambaane wi daaneeloon Golyàtt, ponkal mi, ci mbaq ak xeer kese. Xanaa xam ngeen it ne, Daawuda moo doon buur bu mag bi ci Israyil, di yonent bi bind lu bare ci Sabóor.

Su ngeen xamee mbir yooyu nag – lu baax la – waaye seen xam-xam ci Daawuda warul a yem foofu. Ndaxte su nu xamee ne, Daawuda buur bu mag la woon ci Israyil, te **xamunu lu tax mu mag**, xam-xam boobu, lu mu nuy jériñ? Walla su nu xamee ne, Daawuda bindoon na kàddug Yàlla ci Sabóor, te **xamunu lan la ci bindoon**, lu mu nuy jériñ?

Mbokk yi, su ngeen bëggee yaatal seen xam-xam ci **yonent Yàlla Daawuda**, te dégg kàddu yu neex te am doole, yi mu bindoon ci **Sabóor**, na ngeen gëstoondook nun tey, ak ci juróomi njàng yiy ñëw.

Léegi nag, ndax xam nga turu yonent bi jiitu woon yonent Yàlla Daawuda? Mooy Yonent Yàlla **Samwil**. Yàllaa tànnoon Samwil ngir mu delloosi niti Israyil ci Aji Sax ji, seen Yàlla, ndaxte seeni xol sore woon nañu Yàlla lool. Tey nag, dinanu jàng ci **téereb Samwil**. Téere bu sell bii, am na maana ci biir Mbindi yonent yi, ndaxte dafa ëmb nettaliy yonent Yàlla Samwil ak ñetti buuri Israyil yu jëkk ya, maanaam: Sóol, Daawuda ak Suleymaan.

Ni nu ko gise woon, Yàlla mayoon na bànni Israyil **ay njiit**, yu mel ni Musaa, Yosuwe ak Samwil, ngir jiite leen te àtte leen. Waaye **Yàlla Aji Sax**, ji leen goreeloon ci seen buumi njaam ci Misra, moo doon seen **Buur**. Yàlla, mi leen santoon ñu defaral ko ab tànt bu ràññeeku ngir mu dëkk ci seen biir, bëggoon na nekk seen Kilifa. Moom rekk lañu waroon a déggal te topp ko. Waaye lu ëpp ci bànni Israyil bëgguñu Yàlla yilif leen. **Danu bëggoon mel ni xeeti àddina yépp**, te am benn doomu Aadama bu man a nekk seen buur, nguuru ci seen kaw!

Noonu, ci saar juróom-ñett ci téereb Samwil, Mbind mi ne na:

*Njiiti Israyil gépp dajaloo, dem seeti Samwil ca dëkku Rama. Ñu ne ko: Léegi ndegam màgget nga te say doom jaaruñu say tànk, kon falal nu* ***buur bu nuy àtte, ni mu amee ci biir xeet yépp****. Samwil naqarlu ci li mu leen gis ñu naan: Jox nu buur bu nuy àtte. Te noonu Samwil ñaan Aji Sax ji. Aji Sax ji ne Samwil: Déglul kàddug mbooloo mi ci lépp li mu la wax, ndaxte du yaw lañu bañ waaye man lañu bañ ngir duma nekk seen buur. Dañuy jëfe ak yaw ni ñu daan def dale ca ba ma leen génnee Misra ba tey ji, dëddu nañu ma ngir jaamu yeneeni yàlla. Kon déglul seen kàddu, waaye artu leen te xamal leen sañ-sañu buur biy falu ci seen kaw*. **(1Sa 8:4-9**)

Noonu, gis nanu ni Yàlla nee Samwil mu def li ko mbooloo mi wax, falal leen ab buur. Yàlla bëggul woon Israyil am beneen buur bu dul Moom, waaye su doomi Aadama bañee kilifteefug Yàlla, Yàlla du nguuru ci seen kaw ak doole. Ci saar wi ci topp nag, danuy gis ni Samwil falale woon bànni Israyil jenn waay ju tudd **Sóol**.

Kon, Mbind mi ne na: *Samwil jël njaq su def diw, tuur ko ca boppu Sóol*. **(1Sa 10:1**) (Noonu la bànni Israyil daan defe, bu ñu masaan a fal kenn. Dañuy koy sotti diw ci boppam, muy yonent, muy sëriñ, mbaa buur.) *Noonu Samwil ne mbooloo ma: Ndax gis ngeen ki Aji Sax ji tànn? Amul kenn ku nirook moom ci mbooloo mépp. Te ñoom ñépp ñuy sarxolle tey ndokkeel naan: Yàlla na buur bi am fan wu gudd!* **(1Sa 10:24**)

Ci bu jëkk, bànni Israyil bégoon nañu lool ci seen buur bi, di Sóol. Jàmbaar ju bare doole la woon, di ndaw te góorayiw, ba gën a taaru bépp doomu bànni Israyil, te sut leen taxawaay. Cib gis nag, Sóol waroon na nekk buur bu baax-a-baax. Waaye li nu war a fàttaliku mooy Yàlla du fonk li nit di fonk. *Nit* ***saayir*** *lay seet, waaye Yàlla moom ci* ***xol*** *lay seet*. **(1Sa 16:7**) Sóol teraloon na Yàlla ci gémmiñam, waaye xolam sore na ko. Fonkul kàddug Yàlla, te déggalu ko.

Naka noonu, ay at ginnaaw ba Sóol faloo ni buur, *Kàddug Aji Sax ji daldi wàcc ci Samwil, ne ko: Metitlu naa li ma doon fale Sóol buur,* ***ndaxte dëddu na ma te sàmmul samay kàddu****. Samwil daldi am naqar, te mu fanaane ñaan Aji Sax ji guddi gépp. Mu jóg ca suba teel, ngir dem gisi Sóol.* **(1Sa 15:10-12**)

Amunu jotu jàng ni Samwil yedde woon Sóol lépp, waaye mënees na ci jàng benn aaya. Mbind mi ne na: Samwil wax Sóol ne: "*Déggadi mi ngi mel ni bàkkaaru bokkaale, te dëgër bopp yem ak bàkkaaru jaamu ay xërëm.* ***Ndegam gàntu nga kàddug Aji Sax ji, moom it gàntu na la niki buur!***" **(1Sa 15:23**)

*Bi loolu amee, Aji Sax ji ne Samwil: Kañ ngay noppee jooy Sóol? Gàntu naa ko, ngir dootul nguuru ci Israyil. Defal ci sa béjjén diw te dem. Dinaa la yebal* ***kër Yese, waa ji dëkk Betleyem****, ndaxte tànn naa* ***ci biir ay doomam*** *ki may def buur. Samwil tontu ne: Nan laay deme? Sóol dina ko yëg, te dina ma rey. Aji Sax ji ne ko: Nanga yóbbaale wëllu te nga ne: Damaa ñëw ngir jébbal sarax Aji Sax ji. Nanga woo Yese ca sarax sa. Dinaa la xamal li nga war a def, te nga diwal ma ki ma lay wax.*

*Samwil def li ko Aji Sax ji wax, te mu dem Betleyem. Magi dëkk ba tiit, daw ñëw ca kanamam te naan: Mbaa jàmm a la indi? Bi loolu amee, mu tontu: Jàmm rekk. Damaa ñëw ngir jébbal sarax Aji Sax ji. Sellalleen seen bopp te ñëw, ànd ak man ci sarax si. Mu wax ñu sellal Yese ak i doomam, te mu woo leen ca sarax sa.*

*Bi ñu duggsee, Samwil gis Eliyab, te mu ne ci xelam: Ci lu wóor, ki Aji Sax ji fal, mu ngi fii ci kanamam. Noonu Aji Sax ji ne Samwil: Bul jàpp mukk melokaanam ak taxawaayam, ndax gàntu naa ko. Aji Sax ji du fonk li nit di fonk.* ***Nit saayir lay seet, waaye Aji Sax ji ci xol lay seet****. Yese woo Abinadab, te jaarale ko fi kanam Samwil. Te Samwil ne: Déedéet, du kii it la Aji Sax ji tànn. Yese jaarale Samma, te Samwil ne: Aji Sax ji tànnul kii it. Yese jaarale juróom-ñaari doomam yi fi kanam Samwil, te Samwil ne Yese: Aji Sax ji tànnul kenn ci ñoom. Gannaaw loolu Samwil ne Yese: Ndax ñii ñooy say doom yépp? Te mu tontu: Des na* ***ki gën a ndaw****, waaye mu ngi sàmm xar yi. Noonu Samwil ne Yese: Yónneel, ñu jëli ko, ndaxte dunu tàmbali te ñëwul fii*.

*Yese yónnee, ñu jëli ko. Fekk na dafa góorayiw ak xar-kanam gu rafet. Aji Sax ji ne Samwil: Jógal, te diw*

*ko, ndaxte moom la. Samwil jël béjjénu diw ga, te diw ko ca digg ay magam. Xelu Aji Sax ji jàpp* ***Daawuda*** *dale ca bés booba ak li ca topp*. **(1Sa 16:1-13**)

Noonu gis nanu ni Yàlla fale **Daawuda**, mu nekk buuru Israyil ginnaaw Sóol. Waaye li ngeen ci war a dégg mooy Daawuda nekkul woon buuru Israyil ci bés boobu. Daawuda waxambaane rekk la woon, te àpp bi Yàlla tëraloon ngir mu nguuru ci xeetu Israyil matagul woon. Daawuda waroon na xaar lu ëpp fukki at sax laata muy toog ci jalu Israyil.

Noonu, Daawuda delluwoon na ca tool ya wër dëkku Betleyem, di sàmm tey wottu juru baayam. Daawuda sàmm bu baax te takku la woon, te ragalul woon dara, **ndaxte wóolu na Aji Sax ji**. Ci misaal, dafa amoon bés, Daawuda di sàmm xari baayam, gaynde fëkk ci benn. Wànte Daawuda dafa koy dàq ba dóor ko, nangu xar ma ci gémmiñam. Su gaynde bëggee xeex ak moom nag, Daawuda daan na ko jàpp ci put, xoj ko, ba noppi dóor ko, rey ko. **(1Sa 17:35**)

Waaye Daawuda yemul ci nekk sàmm bu baax rekk; manoon na xalam ak woy itam. Xelum Yàlla xiiroon na Daawuda mu fent taalif yu bare, te bind leen ci téereb **Sabóor**. Céy, ni Daawuda bëgge woon Boroom bi Yàlla ak kàddoom!

Bëgg nanu àggale emisyoŋ tey bi ak ay jukki ci Sabóoru Daawuda. Fexeleen xalaat ci Daawuda mu nekk ci tool yu naat, ci biir xar yi, di xalam, di sant Yàlla ci ay woy ak ay cant yu tukkee ci Xelum Yàlla. Dégluleen ko...

"***Céy Aji Sax ji sunu Boroom, ni sa tur màgge ci kaw suuf sépp***!" **(Ps 8:2**)

"*Céy Aji Sax ji sama kàttan, ni ma la bëgge!*"
"*Yaw Aji Sax ji yaay sama tund, di sama tata ak sama xettalikat;*
*Yaay sama Boroom, di sama doju làquwaay ak sama kiiraay!*" **(Ps 18:2,3**)

"***Sa kàddu niit la*** *ci samay tànk, di leer ci sama yoon!*
*Maa ngi denc say wax ci sama xol ngir bañ la tooñ!*" **(Ps 119:105,11**)

"*Yoonu Aji Sax ji moo mat, di dekkal ruu!*
*Seedes Aji Sax ji moo wóor, di yee ñi xamul!*
*Ndigali Aji Sax ji ñoo jub, di bégal xol!*
*Deesu leen tëkkale ak wurus, buy wurusu ngalam sax!*
*Ñoo gën a neex lem, muy lem gi ëpp tem-tem!*
*Ñoo may artu, man sa jaam; ku leen sàmm am yool bu réy!*" **(Ps 19:7-11**)

"***Yàlla Aji Sax ji mooy sama sàmmkat***,
*looloo tax duma ñàkk dara!*
*Da may toogloo ca mbooy gu naat,*
*di ma tette ci ndox yu teey,*
*di yeesal sama ruu.*
*Da may wommat ci yoon yu jub ndax turam.*
*Su may jaar sax ci xur wu lëndëm këruus,*
*duma ragal dara, ndax Yaa ngi ànd ak man;*
*sa bantu sàmm ak sa nguul seral nañu sama xol.*
*Waajal nga ma añ, dëj ko fi sama kanam, janook samay noon;*
*diw nga sama bopp,*
*sama mbattu fees ba rembat.*
*Ci dëgg sa mbaax ak sa cofeel ñoo ma wër sama giiru dund gépp,*
*te dinaa dëkk ci kër Aji Sax ji ba fàww!*" **(Ps 23:1-6**) Amiin!

Mbokk yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, danu fas yéene jëm kanam ci nettalib Daawuda, ba gis ni Yàlla ànde ak moom, bés bi mu jànkoonteek Golyàtt, ponkal mi.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yàlla waxoon Samwil, bala muy tànnal Israyil buur bu bees. Mu ne ko: ‟***Aji Sax ji du fonk li nit di fonk. Nit saayir lay seet, waaye Aji Sax ji ci xol lay seet***.” **(1Sa 16:7**)

# 47 Daawuda ak Golyàtt

(1 Samwil 17)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, tàmbali woon nanu gëstu ci mbirum yonent Yàlla Daawuda. Nii la ko Yàlla seedeeloon: "*Gis naa **Daawuda**, doomu Yese, ku ma neex ci sama xol, te dina def lépp luy sama coobare.*" **(Jëf 13:22)** Kon, gisoon nanu ni Yàlla fale woon Daawuda mu nekk ñaareelu buuru Israyil, ndaxte buuru Israyil bu jëkk ba, di Sóol, sàmmul woon kàddug Yàlla. Waaye Daawuda nekkul woon buuru Israyil ci bés bi ko Yàlla fale. Ba tey Daawuda waxambaane la woon, te waxtu wi mu naroon a jot nguur gi agseegul woon. Noonu gisoon nanu ni Daawuda delloo ca tool, ya wër dëkku Betleyem, di fa sàmm juru baayam.

Tey jii nag, dinanu jàng benn nettali bu neex buy wone ni Yàlla ànde woon ak Daawuda, ndaxte Daawuda àndoon na ak Yàlla. Sunu njàngum tey nag mu ngi tudd: '**Daawuda ak Golyàtt**.' Nanu jëm kanam léegi ci téereb Samwil, saar fukk ak juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

*Am bés waa **Filisti**,* [ñi nekkoon nooni Israyil yi gën a soxor], *dajale seeni kaaraange (xare) ngir xeex... **Sóol ak góori Israyil** dajaloo ñoom itam, ñu dal ca xuru garab yi ñuy wax térébent ya, te ñu def ay sàppe ngir bëgg a xeex ak waa Filisti. Waa Filisti ñu ngi féete woon ak genn wetu tund wii te Israyil nekk ca wetu tund wale. Xur wa xàjjale leen.*

*Noonu jenn jàmbaar génne ca dalub waa Filisti, te mu ñëw ci diggante ñaari kaaraange yi. Mu ngi tudd **Golyàtt** te dëkk Gat, taxawaay ba tollu ci [ñetti metaar]. Mu teg ci boppam mbaxanam xànjar, sol kiiraay lu weñ, lu def ay waasintoor te diisaay ba tollu ci juróom-benn fukki kilo. Mu ngi soloon ca tànk ya ay kiiraayi yeel yu xànjar, te gàddu xeej bu xànjar. Njurul ngajju li dijj, ba mel ni mbaam mu ñuy ràbbe, te diisaayu ngajju li tollu ci juróom-ñaari kilo. Ki yenu pakkam, dox jiitu fi kanamam.*

*Waayu Filisti ji, daldi taxaw, di wax jëmale ca mbooloom Israyil, mi làng dér ngir xeex, muy xaacu, naa leen: Lu tax ngeen génn, làng di dér ngir xeex? Ndax bokkuma ci waa Filisti, te xanaa dungeen jaami Sóol? Tànnleen góor, gu ñëw jànkoonte ak man! Bu fekkee ne man na ma, te mu rey ma, dinanu nekk seeni jaam. Waaye bu ma ko manee te rey ko, dingeen nekk sunuy jaam. Waayu Filisti ji dellu ne leen: Tey jii dëkk naa kaaraangeg Israyil! Joxleen ma góor, te dinanu xeex! **Sóol ak Israyil gépp** dégg waxi waayu Filisti ja, te **ñu jàq lool, ba ragal jàpp leen**.* **(1Sa 17:1-11)**

War nanu fàttaliku ne, bi loolu lépp di xew, **Daawudaa** nga doon wottu jurug baayam ci jàmm, fu sore xare ba, di gëstu kàddug Yàlla, di xalam tey woy Aji Sax ji. Waaye Daawuda amoon na ñetti mag yu nekkoon ay xarekat ci kaaraangeg Israyil. Noonu, am bés, baayu Daawuda ñëw ci moom, ne ko: **Demal seeti say mag** ca xare ba, te dellusi wax ma la fa xew. Noonu Daawuda bàyyi jur ga ak beneen sàmm, jóg ci suba teel, dem ba ca toolu xare ba.

Bi mu nuyoo magam ya ba wax ak ñoom, ponkalum waa Filisti ja, di Golyàtt, daldi génn, janloo ak xarekati Israyil yi, di leen tëkku ni mu ko daan defe diirub ñeent-fukki fan yi weesu. Bi ko xarekati bànni Israyil gisee, ñu daldi daw ci kanamam, ndax tiit. Noonu, am kuy wax Daawuda, naan ko: Ndax gis nga nit kii? Dafa nuy sóoru. Wànte ku ko rey, buur bi Sóol dina ko jox alal ju bare, te dina ko may it doomam ju jigéen te kër baayam duñu feyati lémpo.

Noonu Daawuda ne: "*Nitu Filisti ku jongul kii, mooy kan bay sóoru xarekati Yàlla jiy dund?*" **(1Sa 17:26)** Bi mu waxe loolu, magu Daawuda mere ko, naan ko: "*Lu tax nga fiy ñëw? Ak kan nga bàyyee say xar yu néew ya ci àll ba? Man, xam naa lu tax nga ñëw fi. Danga bëgg a seetaan xare bi rekk!*" **(1Sa 17:28)** Waaye

amoon na ci xarekati Israyil, ñu déggoon waxi fit yi Daawuda waxoon ci mbirum ponkal mi, ba tax ñu dem nettali ko Sóol, buur bi. Noonu Sóol woolu Daawuda, laaj ko.

*[Noonu]* ***Daawuda ne Sóol: Bu kenn yoqi*** *ndax waayu Filisti jii! Man sa jaam dinaa dem xeex ak moom. Sóol ne Daawuda: Mënoo xeex ak waayu Filisti jooju, ndaxte xale nga, te moom ñeyu xare la, la ko dale cig ndawam ba fi tey. Waaye Daawuda ne Sóol: Sang bi, bu ma daan sàmm sama xari baay, ba gaynde walla rab wi ñuy wax urs fëkk benn ci jur gi, dama koy dàq ba dóor ko, nangu xar ma ci gémmiñam. Su bëggee xeex ak man, daan naa ko jàpp ci put, xoj ko, ba noppi dóor ko, ba noppi rey ko. Noonu la sab jaam daane gaynde ak urs, te dinaa def waayu Filisti ji, ni kenn ci ñoom ñaar, ndaxte paaxe boobu dafa saaga kaaraangeg Yàlla jiy dund! Daawuda dellu ne: Aji Sax, ji ma xettali ci wewu gaynde ak tànku urs, dina ma xettali it ci loxob waayu Filisti ji. Noonu Sóol ne Daawuda: Demal, te na Aji Sax ji ànd ak yaw.*

*Noonu Sóol solal ay yéreem Daawuda, mu teg ci boppam mbaxanam xànjar, te mu solal ko baarag weñ. Daawuda ràngoo jaasiy Sóol ci kaw ay yéreem, ba noppi mu bëgg a dox. Waaye mu ne Sóol: Mënumaa doxaale gii gànnaay gépp, ndaxte tàmmuma ko. Bi mu ko defee, mu summi ko.*

*Noonu Daawuda jël aw yet, tànn ca dawle ja* ***juróomi xeer yu rattax****, def leen ci mboxosum sàmmam, maanaam gafakaam. Gannaaw loolu mu jël* ***mbaqam*** *ci loxoom, daldi dox jëm ca waayu Filisti ja. Waayu Filisti ji di gën a jegeñsi, wuti Daawuda, te ki gàddu woon pakkam jiitu fi kanamam. Waayu Filisti ja xool, te bi mu séenee Daawuda, mu daldi ko xeeb. Gisul ci moom lu dul xale bu xees te góorayiw. Waayu Filisti ji ne Daawuda: Xanaa damay ab xaj, ba ngay ñëw ci man ak ay yet? Noonu mu móolu ko ci ay yàllaam. Mu teg ca ne: Agsil fi man, te dinaa jox sab néew picci asamaan ak rabi àll yi!*

*Daawuda ne waayu Filisti ja: Yaa ngiy dox jëm ci man ak jaasi ak xeej ak fitt, te* ***man maa ngi jëm ci yaw ci turu Aji Sax ji man lépp****, ji nga saaga. Tey jii Aji Sax ji dina ma la jébbal, dinaa la tër, dagg sa bopp. Tey jii dinaa jox néewi dalub waa Filisti picci asamaan ak rabi suuf. Te suuf sépp dina xam ne, Israyil am na Yàlla. Te mbooloo mi fi teew mépp dina xam ne, du ci jaasi mbaa ci xeej la Aji Sax jiy musale. Ndaxte* ***ndam li, Aji Sax jee ko moom****. Te moo leen jébbale ci sunuy loxo.*

*Ca saa sa waayu Filisti ji daldi riir, ngir jaar ca kanam Daawuda, waaye Daawuda daw ba ca jàtti ja, ngir daje fa ak waayu Filisti ja. Mu dugal loxo ba ci mboxosam, jël ca aw xeer, te mu sànni ko ak mbaqam, mu dal waayu Filisti ji ca jë ba, te xeer wa nuur ca biir jëwu waayi Filisti ji, mu daanu ne nërëm, dëpp kanam gi ci suuf. Noonu ci mbaq ak xeer,* ***Daawuda daaneel na waayu Filisti ji****, tër ko, jël bakkanam te yorul jaasi ci loxo.*

*Noonu mu daw, taxaw ca wetu waayu Filisti ji, jël jaaseem, mboccee ko ci mbaram, rey ko, te dagg bopp ba. Waa Filisti gis ne seen jàmbaar dee na, ñu daldi daw. Noonu góori Israyil ak Yuda xaacu, te dàq waa Filisti ba ca biir xur wa ak bunti dëkkub Ekron.* **(1Sa 17:32-52**)

Kon, gis nanu tey ni waxambaane wi, di Daawuda, musale woon xeetam Israyil ci seeni noon – ci **mbaq**, ak **xeer wu rattax**, ak **ngëm gu wér ci Yàlla jiy dund**. Ci lu wóor, nettalib Daawuda ak Golyàtt, nettali bu yéeme la, te am na ci lu nu Yàlla bëgg a xamal.

Gis nanu tey ni Sóol ak xarekati bànni Israyil ragale woon lool Golyàtt. Kenn ci ñoom ñemewul a xeex ak moom. Waaye Daawuda moom ragalul woon Golyàtt ci dara, mu daldi dem, daaneel ko, rey ko! Lu taxoon Sóol ak i xarekatam tiit, te Daawuda tiitul? Lan moo wuutale Daawuda ak xarekati Israyil yi?
Man nanu tënk li leen wuutale ci lii:

**Daawuda** ragalul woon ponkal mi, ndaxte **wóolu woon na Yàlla** Aji Sax ji. Waaye **Sóol** ak i xarekatam **wóoluwuñu Yàlla**, ba tax ñu ragal ponkal mi.
**Sóol** ak i xarekatam, **ponkal** mu am doole mi rekk **lañu gisoon**. Waaye **Daawuda** moom, **Yàlla** Aji Dund ji man lépp **la gisoon**.

**Sóol** ak xarekati bànni Israyil **amoon nañu seen diine**, waaye taxul woon ñu am diggante bu jege ak Yàlla. Bokk ci diine, taxul nga bokk ci Yàlla. Sóol ak xarekati Israyil xamoon nañu xéll ne, Yàlla am na, te Yàlla kenn la te am na kàttan. Waaye xam-xam boobu mënu leen musal ci Golyàtt. Waaye **Daawuda** moom, **amoon na diggante** bu wér ak Yàlla jiy dund, te man lépp! Daawuda xamoon na Yàlla, te àndoon na ak Moom. Loolu rekk a taxoon Daawuda ragalul woon Golyàtt.

Yaw miy déglu tey nag, kan nga gën a niru? Daawuda? Walla Sóol ak i xarekatam?
Ndax xam nga Yàlla moom ci boppam? Walla tuuti rekk nga dégg ciy mbiram?
Ndax xam nga kàddug Yàlla bu baax, ba ciy bég ak sa xol bépp? Walla dangay fexee topp say faratay diine rekk?
Ndax am nga diggante bu wér te neex ak Yàlla jiy dund? Walla diine ju wow kese nga am?

Déglul li yonent Yàlla Daawuda bind ci Sabóor, ci lu jëm ci diggante, bi mu amoon ak Yàlla. Mu ne:

"*Yàlla Aji Sax ji mooy sama sàmm, looloo tax duma ñàkk dara! Su may jaar sax ci xur wu lëndëm këruus, duma ragal dara, ndax Yaa ngi ànd ak man...Ci dëgg sa mbaax ak sa cofeel ñoo ma wër sama giiru dund gépp, te dinaa dëkk ci kër Aji Sax ji ba fàww!*" **(Ps 23:1,4,6**)

Yaw nag, ndax am nga diggante bu jege ak Yàlla Aji Sax ji? Ndax xam nga ko ni sa Sàmm? Ndax wóor na la ne, dinga dëkk ci këram ci kaw ba fàww? Daawuda moom amoon na kóolute googu, ndaxte xamoon na dig yu rafet yi, te réy ba ëpp xel, yi jóge ci Yàlla Aji Sax ji. Te xamu leen woon rekk yem ca, waaye gëmoon na leen itam.

Daawuda amoon na ngëm gu wér. Ngëmam sukkandikuwul woon ci ab gis walla ci waxi nit yu sësul fenn! Ngëmam, ci kàddug Yàlla Aji Sax ji la sukkandiku woon! Dégluleen li Daawuda bindoon ci Sabóor. Mu ne:

***Aji Sax ji mooy sama leer ak sama mucc – kan laay ragal****? Aji Sax ji mooy aar sama bakkan – ana ku may tiit? ...Su ma jànkoontee ak mbooloom xarekat sax, genn ragal du jax sama xol; su xare riiree jëm ci man, du tere ma fees ak njàmbaar. Lenn laay ñaan Aji Sax ji, moom doŋŋ laay wut: ma dëkk ci kër Aji Sax ji sama giiru dund, may xemmem rafetaayu Aji Sax ji, bay yéemu ci këram.* **(Ps 27:1,3,4**)

***Céy Aji Sax ji sama kàttan, ni ma la bëggee****! Yaw Aji Sax ji yaay sama tund, di sama tata ak sama xettalikat; yaay sama Boroom, di sama doju làqukaay ak sama kiiraay... Ndax ci saw tur laay songe mbooloom xarekat, ci Yàlla sama Boroom laay jéggee ab miir.* ***Jëfi Yàlla dëngul fenn, waxi Aji Sax ji moo sell ni wurus wu ñu xelli. Pakk la buy aar képp ku ko wóolu!***" **(Ps 18:2-3,30-31**)

Jërëjëf ci déglu bi, mbokki déglukat yi. Ci njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu jëm kanam ci nettalib yonent Yàlla Daawuda, ba gis ni mu duggee ci nguuram, ba nekk buuru Israyil. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Daawuda bind ci Sabóor, naan: "***Mosleen te gis ni Aji Sax ji baaxe; céy yaa barkeel, yaw mi làqu ci moom!***" **(Ps 34:9**)

# 48 Daawuda Buur bi, ak li ko Yàlla dig

(1 Samwil 18- 2 Samwil 7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey jii, nu ngiy wéy ci nettalib **yonent Yàlla Daawuda**. Am na ñaari njàng, gisoon nanu ni Yàlla tànne woon waxambaane wa Daawuda ngir mu nekk ñaareelu buuru Israyil, waaye tàmbalewul woon nguuru bés bi ko Yàlla falee. Yàlla gàntu woon na Sóol, di buur bu jëkk ba, ndaxte faalewul woon coobareg Yàlla. Waaye Yàlla seedeeloon na Daawuda nii: "*Gis naa Daawuda, doomu Yese, ku ma neex ci sama xol, te dina def lépp luy sama coobare*." **(Jëf 13:22**)

Ci sunu njàng mi weesu, gisoon nanu ni Daawuda xeexe woon ak ponkal mi, di Golyàtt, ba daaneele ko mbaq ak xeer – ak **ngëm gu wér ci Yàlla jiy dund**. Léegi nag, nanu wéy ci nettalib Daawuda, ba gis ni mu wuutoo Sóol ni buuru Israyil. Nu ngiy jàng ci téereb Samwil, saar fukk ak juróom-ñett. Mbind mi ne na:

*Gannaaw bi Daawuda reyee [Golyàtt, di] waayi Filisti ji ba ñëw, te xarekat yi dellusi, jigéen ñi génne ci dëkki Israyil yépp, gatandu Sóol, di woy ak di fecc, tama yi ak xalam yi jib, te ñuy sarxolle. Jigéen ñiy woy di awoonte naan: Sóol rey na **ay junni**, te Daawuda rey na **ay fukki junni**!*

*Sóol nag mer loolu ba futt, te mu naqari ko lool. Mu ne: Ñu ngiy jox Daawuda ay fukki junni, te man ñu di ma jox ay junni! Xanaa nag dara deseetu ko lu dul nguur gi. Bi loolu xewee nag, Sóol dale ca bés booba di xool Daawuda **bëtub kiñaan**.* **(1Sa 18:6-9**)

Noonu Mbind mi day nettali ni bànni Israyil bëgge woon Daawuda lool. Te lu ñu gën a bëgg Daawuda, Sóol gën koo bañ. **Kiñaan daldi jàpp xolu Sóol** te noot ko ba mënatul xalaat ci dara lu dul lu mu war a def ba rey Daawuda. Naka noonu, Daawuda waroon na daw, nëbbu ca màndiŋ ma, moom ak luy tollu ci ñeenti téeméeri góori Israyil ñu àndoon ak moom.

Mbind mi daf nuy nettali nag ni Sóol ak i xarekatam doon rëbbe Daawuda ak i gaayam ci biir àll ba. Sóol def na kem kàttanam ngir jàpp Daawuda te rey ko, waaye mënu ko, ndaxte Aji Sax jaa ngi ànd ak Daawuda. Wànte Sóol sonnaloon na Daawuda lool. Diirub juróom-ñetti at yu yéex, Daawuda ak i gaayam war nañu daw merum buur bi Sóol.

Waaye war ngeen xam ne, kiñaan ak mer mi Sóol feeñaloon jëme ko ci Daawuda, taxul woon Daawuda bañ ko. Lu tax Daawuda bañul woon Sóol, mi koy wut a rey? **Daawuda mënu ko bañ, ndaxte Daawuda àndoon na ak Yàlla, miy fenkal jantam ci kaw ñu bon ñi ak ñu baax ñi**. Ni ko Mbind mi waxe naan:

"*Képp ku bëgg sa mbokk...ci Yàlla nga juddoo, te xam nga Yàlla. Ku bëggul sa mbokk, xamuloo Yàlla, ndax **Yàlla Aji Mbëggeel la!** Danuy wéy ci mbëggeel, ndax moo nu jëkk a bëgg. Su kenn nee, bëgg naa Yàlla, te bëgguloo sa mbokk, dangay fen; ndaxte ku bëggul sa mbokk mi ngay gis, doo man a bëgg Yàlla mi nga gisul*." **(1Yow 4:7,8,19,20**)

Amunu jotu jàng lépp li Mbind mi nettali ci li xewoon ci diggante Sóol ak Daawuda, waaye danu bëggoon a seet benn nettali, ba gis **woyofug Daawuda ak mbëggeelam**. Nu ngiy jàng ci téereb Samwil, saar ñaar-fukk ak ñeent.
Mbind mi ne na:

[Am na ñu ñëw ci Sóol,] *ne ko: Daawuda mu ngi ca màndiŋ mu Engedi. **Sóol** jël ñetti junniy góor ci ñi ñu tànn ci Israyil gépp, **dem ngir rëbb Daawuda** ak i gaayam ba ca tundi sikketi àll yi. Noonu mu ñëw ba àgg*

*ci ngéddi xar yu nekk ci wetu yoon wi, te foofa am na fa làquwaay, mu dugg ca ngir def aajoom. Fekk Daawuda ak i gaayam ñu ngi woon fu sore ca biir làquwaay ba*

*Bi mu ko defee, gaayi Daawuda ne ko: Tey jii mooy bés bi la Aji Sax ji ne: Jébbal naa la sab noon ci say loxo, def ko li la soob!* ***Daawuda jóg, dagg ndànk lafu mbubbu Sóol****. Gannaaw loolu nag xelu Daawuda jaxasoo ndax li mu dagg lafu mbubbu Sóol. Noonu Daawuda ne ay gaayam: Na ma Aji Sax ji musal, ba duma def jëf ju tollu ni gàll sama loxo sama boroom, ki Aji Sax ji fal. Ndaxte mooy ki Aji Sax ji fal. Ci kàddu yooyu Daawuda dëpp ay gaayam, te tere leen a dal ci kaw Sóol. Gannaaw ga Sóol jóg, génn làquwaay ba tey dem yoonam.*

*Te Daawuda moom itam jóg génn làquwaay ba. Ba noppi mu topp ci Sóol di ko woo naan: Céy yaw buur, sama sang! Sóol geestu gannaawam, te Daawuda dëpp xar-kanamam ci suuf di sujjóot. Daawuda ne Sóol: Lu tax ngay déglu waxi nit ñi la naan: Daawuda mii sa musiba lay wut. Gis nga léegi ci say bët ne, Aji Sax ji jébbale na la tey jii ci samay loxo ci biir làquwaay bi. Ñu ngi may xiir ci ma rey la, waaye ñeeblu naa la, te damaa wax ne: Duma gàll loxo mukk sama sang, ndaxte mooy ki Aji Sax ji fal. Gisal nag sama baay, xoolal sa lafu mbubb mi ci sama loxo. Ndegam dagg naa sa lafu mbubb te reyuma la, xamal te nangu ne, amul genn coxor walla genn bañ ci sama doxalin, te xam ne it musuma laa tooñ. Waaye yaw yaa ngi tëral ay pakktal ngir jël sama bakkan. Aji Sax ji dina nu àtte man ak yaw, te Aji Sax ji dina ma feyul ci yaw, waaye man duma la gàll loxo mukk. Coxor ci ñi soxor lay bawoo, moom la léeb wu yàgg wax. Kon nag man duma la gàll loxo mukk*. **(1Sa 24:2-14**)

*Bi Daawuda waxee kàddu yooyu Sóol ba noppi, Sóol tontu ne: Ndax loolu du sama baatu doom Daawuda? Noonu Sóol yikkët tey jooy. Sóol nag ne Daawuda: Yaw yaa ma gën a jub, ndax defal nga ma lu baax, te man defal naa la lu bon. Yaa ngi wone tey jii ni nga baaxe ci man, ndaxte Aji Sax ji jébbale woon na ma ci say loxo, waaye reyoo ma. Su nit dajee nag ak noonam, ndax dina ko bàyyi, mu dem yoonam ci jàmm? Na la Aji Sax ji fey ci li nga ma defal tey jii. Léegi nag xam naa bu wóor ne, dinga falu, te nguurug Israyil dina sax ci say loxo*. **(1Sa 24:17-21**)

Gannaaw loolu nag Sóol dellu këram, waaye ab diir rekk lañu ca tegaat, kiñaan daldi jàppaat xolam, ba xiir ko, mu duggaat ci màndiŋ ma, di rëbb Daawuda! Noonu la Sóol doon defe diirub juróom-ñetti at, ndax **kiñaan** rekk! Waaye saa su nekk Yàlla di xettali Daawuda ci loxoy Sóol. Te ci muj ga, Yàlla delloo na Sóol peyug jëfam. Dégluleen li ñu bind ci saar fanweer ak benn. Mbind mi ne na:

*Gannaaw loolu waa Filisti xeex ak Israyil, te góori Israyil daw ci kanam waa Filisti, te ñu rey ca ñu bare ca kaw tundu Gilbowa. Bi loolu amee waa Filisti topp Sóol ak i doomam, te ñu rey Yonatan, Abinadab ak Malkisa, doomi Sóol. Metitu xeex ba jàpp Sóol. Noonu fittkat ya dab ko, te ñu jam ko bu metti. Bi mu ko defee nag Sóol ne nit ki doon gàddu ay gànnaayam: Boccil sa jaasi te jam ma, ngir ragal paaxe yii di ma jam ak di ma toroxal. Ki doon gàddu gànnaay ya bëggu ko woon a def, ndaxte dafa ragaloon.* ***Noonu Sóol samp jaaseem, daanu ca kaw****.* **(1Sa 31:1-4**)

Ci benn bés boobu nag, Sóol ak ñetti doomam bokk nañu dee. Te noonu la Yàlla faagaagale woon askanu Sóol, ni mu ko waxe woon. Ci saar yi ci topp nag, Mbind mi day nettali ni **Yàlla jébbale Daawuda nguuru Israyil**. Amunu jotu wax ci lépp ci mbirum nguurug buur bi Daawuda, waaye war ngeen xam ne, Daawuda buur bu jub la woon. Dafa bëggoon njub te bañ lu bon. Daawuda soppoon na Yàlla Aji Sax ji ak xolam bépp. Kàddug Yàlla ak ndamu Yàlla ñoo amoon palaas bu jëkk ci xalaati Daawuda. Looloo taxoon, bi Daawuda tàmbalee yilif Israyil, lenn ci li mu jëkkoon a def moo doon indi tàntu màggalukaay ba ak gaalu kóllëre ga ci Yerusalem. Yerusalem moo doon péeyub Israyil, moo tax Daawuda bëggoon a samp tàntu ndaje ba ak rendikaayu sarax ba ci Yerusalem.

Ginnaaw ba Daawuda toxalee tàntu màggalukaay ba Yerusalem nag, Mbind mi day nettali ni mu dogoo woon a tabax kër gu rafet ngir turu Aji Sax ji, kër goo xam ne, fa la ñuy teg gaalu kóllëre ga, te di fa jébbal Yàlla ay sarax yuy muur bàkkaar. Wànte Yàlla xamaloon na Daawuda ne, du moom moo war a tabaxal Yàlla ag

kër, waaye Yàllaa koy tabaxal ag kër, di **askan, wu nar a sax ba abadan**! Dégluleen li Yàlla wax Daawuda. Mu ne ko:

*Bu sa àpp matee, te nga fekki say maam, dinaa fal ci saw askan ku génne ci sa geño, te samp nguuram. Moom mooy tabax kër ngir sama tur, te may saxal ba fàww jalu nguuram. Dinaa nekk baay ci moom, mu nekk doom ci man...* ***Sa kër ak sa nguur dina wéy ba fàww, sa jal sax ba abadan!*** **(2Sa 7:12-14,16**)

Ndax dégg ngeen bu baax kóllëre, gi Yàlla fasoon ak buur bi Daawuda ci bés boobu? Ci dëgg-dëgg, dig gu réy la woon ba ëpp xel sax! Ndaxte Yàlla digoon na Daawuda naan: "**Sa** ***kër ak sa nguur dina wéy ba fàww, sa jal sax ba abadan!***"

Lan? Ndax nguurug Daawuda dina **sax ba fàww**? Naka la loolu man a ame? Naka la Daawuda, mi nekkoon nit kese, manoon a ame nguur guy sax ba abadan? Tont laa ngii: Yàlla digoon na Daawuda ne, **benn ci ay sëtam** waroon na jot sañ-sañu nguuru ci kaw ak ci suuf ba fàww! Dees na ko tudde Buuru buur yi, Kilifag kilifa yi, Buuru jàmm.

"*Nguuram dina gën a law te jàmmam sax ba fàww!*" **(Isa 9:6**)

Ndax xam nga ku Buur boobu doon? Ndax xam nga kan ci sëti Daawudaa jotoon sañ-sañu àtte doomi Aadama ci bés pénc ba, tey nguuru diirub àllaaxira? Mooy Rammukat bu sell, bi juddoo cib janq, janq bi bokk ci askanu Daawuda! Ci lu jëm ci Buur boobu Mbind mi ne na: "***Yàlla kaweel [na] ko lool, jox ko tur wi tiim yépp!***" **(Fb 2:9**)

Bi Daawuda nànde pexe mi Yàlla amoon ngir jaarale Rammukat bi ci askanam, Daawuda daldi sukk, di màggal Yàlla naan:

***Boroom bi Aji Sax ji, man maay kan ak luy sama juddu, ba nga àggale ma fi ma ne****! Te rawati na, Boroom bi Aji Sax ji, nga teg ci wax lu jëm ci sa këru jaam ci jamano* ***yu dikkagul te sore****! Boroom bi Aji Sax ji dem nga, ba xamal yëf yooyu nit rekk!* **(2Sa 7:18-19**)

***Céy ni nga màgge, yaw Yàlla Aji Sax ji! Kenn du yaw! Amul jeneen Yàlla, ju dul yaw****, ci li nu dégg lépp ci sunuy nopp! ...Léegi nag Boroom bi Aji Sax ji, yaay Yàlla te* ***sa kàddu di dëgg****, te nga xamal* ***xéewal gii sa jaam****. Nanga barkeel sa kër jaam, ba mu* ***sax dàkk*** *fi sa kanam. Ndax yaw Boroom bi Aji Sax ji yaa wax, te bu ci sa barke àndee, sa kër jaam dina barkeel* ***ba fàww!***" **(2Sa 7:22,28-29**)

Noonu la Daawuda sante woon Aji Sax ji ndax li mu ko digoon ci lu jëm ci **Rammukat**, bi naroon a soqikoo ci askanam. Te yeen ñi xam Mbind mu sell mi, xam ngeen xéll ne, lépp xewoon na tembe ni ko Yàlla dige woon Daawuda. Ndaxte ci askanu Daawuda la Rammukat bi wàcce, maanaam ci jëmmam, moom mi tiim lépp, te yelloo teraanga ba fàww. Amiin!

Kon fii lanu war a yem tey. Jërëjëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu jëm kanam ci nettalib buur bi Daawuda, ba jàng mbir mu buur seeni nopp.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel. Nu bàyyi leen ak aaya bi nekk ci Mbind mu sell mi nag: "***Xelum Yàlla ni mu xóote, ak xam-xamam ni mu baree, ba raw xelum nit! Ndaxte ci moom la lépp sosoo, ci moom la lépp di jaar, ci moom la lépp di dellu. Moo yelloo ndam ba fàww! Amiin!***" **(Ro 11:33,36**)

# 49 Daawuda ak Batséba (Bàkkaaru Daawuda ak yiwu Yàlla)

(2 Samwil 11,12)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ci mbirum Daawuda, buuru Israyil. Daawuda, buur bu jub te laabiir la woon, te fonk kàddug Yàlla lool. Waaye tey jii, dinanu jàng **leneen ci lu jëm ci Daawuda – lenn lu neexul a dégg**. Dinanu gis ni Daawuda defe woon lu ñaaw lool fa kanam Aji Sax ji, ba xemmem jabaru jaambur, njaaloo ak moom, ba noppi reylu jëkkër ji! Xëy na am na kuy wax, naan: Móoyéen! Lu tax nettali bu ñaawe nii, nekk ci Mbind mu sell mi? Dégluleen li Mbind mi ci boppam tontu ci loolu. Mu ne: "*Lépp lu ñu waxoon ci Mbind mi lu jiitu tey, dañu koo tëraloon, **ngir nu sàkku ci xam-xam!***" **(Ro 15:4**) "*Bind nañu ko ngir artu nu!...Kon nag, kiy naw sa doole, ba yaakaar ne taxaw nga, moytul a daanu ci bàkkaar!*" **(1Ko 10:11,12**) Looloo tax Mbind mu sell mi, du nëbb bàkkaari yonent yi.

Léegi nag, nanu dellusi ci ñaareelu téereb Samwil, ba gis ni Daawuda daanoo woon ci bàkkaar. Ci saar fukk ak benn, Mbind mi ne na:

*Bi nga xamee ne, bët wàcc na, daje ak jamono ji buur yi daan waajal xare yi, **Daawuda** yónni **Yowab** ak njiiti xarekatam ak kaaraangeg Israyil gépp ñu noot bànni Ammon te gaw dëkku Ràbba. Waaye Daawuda moom des Yerusalem. Am benn ngoon nag, Daawuda noppalu ba jóg, di doxantu ci kaw taaxum kër buur. Noonu mu séen jigéen ju doon sangu te mu taaru lool. Daawuda yónnee nag, ñu laajte ci mbirum jigéen ja. Ñu ne ko: Xanaa du **Batséba**,...di jabaru **Uri**, mi askanoo ci Itt. Ci kaw loolu Daawuda yebal ay nit, ñu jëli ko. Mu ñëw fekksi ko, Daawuda ànd ak moom, ba noppi mu ñibbi këram. ...Noonu jigéen ja ëmb, daldi waxlu Daawuda ne, dafa ëmb.* **(2Sa 11:1-5**)

Ginnaaw loolu nag, Mbind mi day nettali ni Daawuda doon fexee muur bàkkaaram. Bi Daawuda yëgee ne Batséba ëmb na, dafa yónnee ci Yowab, di kilifag kaaraangeem, sant ko mu yebalal ko Uri, di jëkkëru Batséba. Fekk Uri jàmbaar la woon ci kaaraangeg Israyil. Noonu Yowab yebal Uri ci Daawuda.

*Uri dem fekki ko. Daawuda laaj ko nu Yowab nekke ak mbooloo ma, ak nu xare ba deme. Bi Daawuda waxee ak moom ba noppi, mu ne Uri: Àggal sa kër te jàngu. Noonu Uri génn kër buur, te buur yekkal ko, tofal ko ko. Waaye Uri bañ a dem këram, tëdd ca ëttu kër buur ak surgay buur yépp. Noonu ñu xamal Daawuda ne, Uri demul këram. Kon Daawuda ne Uri: Xanaa jógewoo ci tukki? Lu tax àggoo sa kër? Uri tontu ko: Bànni Israyil ak Yuda dëkk ci ay xayma, yóbbaale gaal giy misaal jetaayu Yàlla. Te sama sang Yowab it ak gaayi buur bi ñu ngi dal ca àll ba. Ndax man nag war naa dugg sama kër, di lekk ak a naan, di ànd ak sama jabar? Giñ naa ci sa bakkan ne, duma def loolu mukk! Noonu Daawuda ne Uri: Toogaatal fi ba suba, ma delloo la. Uri nag des Yerusalem ba ca ëllëg sa....* **(2Sa 11:7-12**)

*Bi bët setee, Daawuda bind bataaxal Yowab, jaarale ko ci loxoy Uri. Lii la ci bind: Jiitalal Uri ca boppu xare ba fa gën a tàng, te dànd ko, ngir ñu jam ko, mu dee. Bi Yowab di gaw dëkk ba nag, mu taxawal Uri fa janook ñeyi xare yi. Noonu waa dëkk ba génn, xeex ak Yowab, am ca njiiti xarekati Daawuda ñu daanu ca xare ba, fekk Uri bokk ca ña dee. Bi loolu amee, Yowab yónni ndaw ca Daawuda, mu xamal ko ne: ...Sa jaam Uri...dee na.* **(2Sa 11:14-18,21**)

*Bi jabaru Uri déggee ne, jëkkër ji dee na, mu daldi ko jooy. Bi mu summee, Daawuda yónnee, ñu jëli ko, mu fat ko ca këram. Mu nekk jabaram, te mu am ak moom doom ju góor. **Waaye li Daawuda def naqari Aji Sax ji**.* **(2Sa 11:26-27**)

*Am bés nag, Aji Sax ji yebal [benn yonent bu tudd] **Natan** ci Daawuda. Noonu Natan ñëw ci moom, ne ko:*

*Dafa amoon ca ab dëkk ñaari góor, ku barele ak ku néewle. Ku barele ki amoon na ay xar ak i nag yu ne gàññ. Ki ñàkk amul woon dara lu dul mbote mu tuuti, ma mu jëndoon; mu di ko dundal te mu màggandoo ak ay xaleem ca këram, mu jàppe ko ni doomam ju jigéen, muy lekk ci dundam, di naan ci kaasam, di nelaw ci wetam. Am bés gan ñëw ci ki bare alal, mu bëgg koo toggal añ waaye mu ñeeblu ay xaram ak i nagam, daldi jël mbotem ki ñàkk, defaral ko gan gi.*

*Bi ko Daawuda déggee, meram daldi fuur jëm ca nit kooku. Mu ne Natan: Ni mu wóore ne, Aji Sax jaa ngi dund,* ***ki def loolu yelloo na dee****! Rax-ca-dolli gannaaw def na jëf jooju te ñàkk yërmande, war na fey ñeenti mbote!*

*Natan daldi ne Daawuda:* ***Nit kooku mooy yaw****! Aji Sax ji, di Yàllay Israyil, wax na lii: Fal naa la buur ci Israyil, xettali la ci loxoy Sóol. Jébbal naa la sa kër sang,...dénk la bànni Israyil ak bànni Yuda. Te bu loolu néewoon dinaa ci dolli. Lu tax nga sofental waxu Aji Sax ji, ci def li ñaaw fi kanamam? Caw nga jaasi Uri mi askanu ci Itt, denc jabaram, rax-ca-dolli ci jaasiy [nooni Israyil] nga ko reye. Léegi nag, ndegam sofental nga ma, denc jabari Uri, jaasi dootul soreeti sa kër. Aji Sax ji nee na: Dinaa jollil musiba ci sa biir kër, jëme ko ci yaw, jël say jabar fi sa kanam, jox leen keneen, mu di leen tëdde bëccëgu ndarakàmm. Ndaxte yaw ci kumpa nga jëfe, waaye man dinaa jëf lu bir bànni Israyil gépp ci bëccëgu ndarakàmm!*

*Bi mu ko waxee, Daawuda tontu Natan ne:* ***Moy naa Aji Sax ji****! Natan ne Daawuda:* ***Aji Sax ji baal na la sa bàkkaar, doo ci dee****. Waaye gannaaw jëf ji nga def tax na, ba nooni Aji Sax ji di suufeel turam, doom ji la ci juddul dina dee. Noonu Natan dellu këram.* **(2Sa 12:1-15**)

Ci lu wér, Daawuda moyoon na Yàlla te tooñ moroomu nitam, te ci saar yi ci topp, Mbind mi day wone ni ko ay bàkkaaram jurale coono bu metti ak musiba yu bare ci biir njabootam. Waaye kàddug Yàlla ne na itam: "*Fa* ***bàkkaar*** *bare,* ***yiwu Yàlla*** *gën faa bare!*" **(Ro 5:20**) Naka noonu, ci jot gi nu dese tey, danu bëggoon a gëstu ci Mbind mi ba gis **ni Yàlla wone Daawuda yiwam, ba baal ko bàkkaaram yépp**.

**Lu taxoon Yàlla baal Daawuda ay bàkkaaram?** Ndax dégg ngeen ni Daawuda tontoo woon Natan, bi mu ko nee: "*Nit kooku mooy yaw!*"? Ci lu wóor, yonent Yàlla Natan amoon na fit, ba man a waxe noonu ak buuru Israyil bu mag bi! Te nan la buur bi Daawuda tontoo woon Natan nag? Ndax tëj na ko kaso? Walla, ndax doon na fexee làyyi, naan: "Yàlla moo ko dogal!"? Walla mu ne: "Ax, Yàlla baax na, xëy na dina far samay jëf yu bon ndax samay jëf yu baax!" Ndax noonu la Daawuda tontoo woon Natan? Daawuda waxul loolu de! Nan la Daawuda tontoo woon nag? Lii la wax: "*Moy naa!*" "*Moy naa!*" "***Moy naa Aji Sax ji!***"

Ngir xam bu wóor ni Daawuda nangoo woon bàkkaaram fa kanam Yàlla, fàww nu jàng li Daawuda bindoon ci Sabóor gannaaw ba ko yonent Yàlla Natan yeddee ndax moyam ak Batséba. Ci Sabóor juróom-fukk ak benn, Daawuda ne woon na:

***Yërëm ma yaw Yàlla ci sa cofeel gu sax****, ci sa laabiir gu yaa faral samay tooñ!*
*Fóot ma, ba ma set ci sama bàkkaar, laabal ma ci sama jàdd.*
*Ndaxte xam naa samay tooñ, te sama jàdd a ngi ne màkk ci sama kanam.*
*Yaw laa moy, yaw kenn, te def lu ñaaw fa sa kanam, ba tax nga set wecc ci say dogal, jub xocc ci sa àtte.*
*Ci dëngte rekk laa juddoo, sosoo ci bàkkaar ci sama biiru yaay.*
*Dëgg kese gi ci reeni xol nga bëgg; Sol ma xel ci baatin.*
***Jëlal caru isob, wis ma, ma daldi sell, sang ma, ma daldi weex tàll ni meew!*** **(Ps 51:3-9**)
*…Sàkkal ci man xol bu laab, yeesalal ci man xel mu takku.* **(Ps 51:12**)
*…****Sarax yi la neex, yaw Yàlla, mooy xol bu toj; céy Yàlla, xol bu toj te mokk doo ko xeeb****...!* **(Ps 51:19**)

Noonu la Daawuda réccoo woon. Daawuda nekkoon na ci naqar ndax ay bàkkaaram! Amoon na xol bu toj te mokk fa kanam Yàlla. **Daawuda melul woon ni ñiy mbubboo diine rekk, tey wéy ci bàkkaar bés bu nekk!** Ci lu wér, Daawuda daanu na ci kàmbu bàkkaar, waaye mënu ci woon a dëkk, ndaxte Daawuda bëggoon na Yàlla, te xamoon na ne, "*Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom!*" **(1Yow 1:5**)

Kon nag, ginnaaw ba Daawuda réccoo, lan la ko Yàlla wax jaarale ko ci gémmiñug Natan, yonentam? Ndax Yàlla wax na ko: "Demal, def ay jëf yu baax, te ma far say bàkkaar!"? Yàlla waxul loolu de! Daf ko wax rekk: "*Aji Sax ji baal na la sa bàkkaar, doo ci dee!*" **(2Sa 12:13**)

Te ci kaw loolu, Daawuda bindoon na ci Sabóor, di biral barkeelug nit **ki Yàlla baal ay bàkkaaram, fekk ay jëfam taxul**. Mu ne: "*Ñi ñu **baal** seen jàdd yoon, te **seeni bàkkaar far** ci kanamu Yàlla, ñu barkeel lañu! Ki Boroom bi **sëful ay bàkkaaram**, kooka ku barkeel la!*" **(Ro 4:7,8 Ps 32:1,2**)

Waaw, Yàlla baaloon na Daawuda, te àtte ko ni ku jub! Loolu nag tekkiwul ne, Yàlla faroon na musiba yi bàkkaari Daawuda indaalee woon. Li mu tekki mooy, ci bésu àtte ba, Yàlla du fàttaliku tooñam! **Far** na leen yépp ci téereem!

**Naka la Yàlla manoon a defe loolu**? Maanaam, naka la Yàlla manoon a baale bàkkaaru Daawuda yépp, te ba tey nekk Àttekat bu jub? Ndax Yàlla manoon na fàttee noonu rekk ñaawteef yi Daawuda defoon yépp? Déedéet! Yàlla Àttekat bu jub la, kon mënul a gëmm rekk ci bàkkaari doom Aadama. Kon, nan la Yàlla manoon a baale Daawuda, te ba tey dëkk ci njubteem?

Ndax man ngeen fàttaliku li Daawuda ñaan Yàlla, ginnaaw ba mu rààññee woon bàkkaaram? Mu ne ko: "*Fóot ma, ba ma set ci sama bàkkaar...Jëlal caru **isob**, wis ma, ma daldi sell, sang ma, ma daldi weex tàll ni meew!*" **(Ps 51:3,9**)

Li ngeen war a xam mooy, caru garab gi ñuy wax isob mooy li Yàlla santoon bànni Israyil, ñu jëfandikoo ko, ngir wis deretu sarax yi – sarax yoo xam ne, dañu doon misaal deewug **Rammukat bi naroon a ñëw**, tuur deretam ngir **fey** bàkkaar yi.

Kon, gis nanu ne, Yàlla manoon na baal Daawuda ay bàkkaaram, ndaxte Daawuda **réccu** woon na te **gëm** li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Rammukat bi naroon a ñëw. Ci tënk, nii la Daawuda doon ñaane Yàlla: "Yaw Yàlla, xam naa ne, man nga ma baal samay bàkkaar – ndaxte benn bés dinga wàccee Musalkat, bi amul bàkkaar, te Moom ci boppam, dina ma feyal sama boru bàkkaar benn yoon ba fàww! Kon nag Boroom bi, yërëm ma! Fóot ma! Wis ma ci deretu Rammukat bu sell bi, ma daldi set wecc!"

Ndax Yàlla, ci yiwam, baal na Daawuda bàkkaaram yépp? Ndax Yàlla fóot na xolu Daawuda, àtte ko ni ku jub? Axakay! Waaw, lu ko waral nag? Ndaxte Daawuda **nangu** woon na melow bàkkaaram fa kanam Yàlla, te **gëm** li ko Yàlla dig ci mbirum Rammukat, bi naroon a ñëw, gàddul ko mbugalu bàkkaar. Ngëm gi mu amoon ci digi Yàlla yi moo tax ba Daawuda manoon a bég, te bind ci Sabóor, naan: "***Céy yaw mi ñu baal say tooñ, te ñu suul say moy, yaa barkeel! Céy yaw mi Aji Sax ji bindul sa bàkkaar te yoroo xelum njublaŋ, yaa barkeel!***" **(Ps 32:1,2**)

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu gëstu ci Sabóor, ba gis ni yonent Yàlla Daawuda seedeele Rammukat, bi nu naroon a gàddul sunu mbugal, ngir Yàlla man noo baal sunuy bàkkaar ba fàww! Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku li Daawuda bind ci Sabóor, ne: "***Céy yaw mi Aji Sax ji bindul sa bàkkaar te yoroo xelum njublaŋ, yaa barkeel!***" **(Ps 32:2**)

## 50  Daawuda ak Almasi bi

(Sabóor 1, 2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci ñeenti njàng yi weesu, doon nañu gëstu ci nettaliy **yonent Yàlla Daawuda**. Gis nanu ni Daawuda nekke woon sàmm, xalamkat, taalifkat, gëstukatu kàddug Yàlla, jàmbaar ci xare, buuru Israyil ak ab yonent Yàlla. Te ci njàng mi weesu, gisoon nanu it ne, Daawuda **bàkkaarkat** la woon, te defoon na lu naqari Yàlla lool. Waaye gisoon nanu tamit ni Yàlla baale woon Daawuda ay bàkkaaram, ndax li mu tuub ay bàkkaaram ak xol bu toj te mokk, te gëm li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Rammukat, bi naroon a ganesi àddina, ngir gàddu mbugalu bàkkaaru doomi Aadama yi.

Tey jii nag, danu fas yéene gëstu ci téere bu neex, bi nekk ci diggu Mbind mu sell mi. Ndax xam nga ban téere la? Mooy **Sabóor**. Téereb Sabóor mu ngi ëmb téeméer ak juróom-fukki saar walla taalif. Diirub junniy at, Yàlla jëfandikoo woon na yonent yu wuute ngir ñu bind Sabóor. Waaye Daawuda mooy yonent bi bindoon li ëpp ci taalif, yi nekk ci téereb Sabóor. Tey nag, danu bëggoon a sóobu ci ñaari taalifi Sabóor yu jëkk yi.

Saar wu jëkk wi nag, daf nuy won ñaari fànni nit ñi am ci àddina si: **Ñiy aw ci yoonu njub** ak **ñiy aw ci yoonu njubadi**. Saar wu jëkk wi, bind nañu ci ne:

***Céy nit kee barkeel, ki dul jaar ci ndigali ñi bon**,*
   *mbaa muy taxaw ci yoonu ñiy bàkkaar,*
   *te du toog ci jetaayu ñiy gaaral Yàlla!*
*Waaye yoonu Aji Sax ji lay noyyee,*
   *mu di ko gëstu guddi ak bëccëg.*
*Daa mel ni garab gu sax ci bëti ndox,*
   *di meññ ci waxtoom te xobam du lax.*
*Lu muy def lépp nangu*!

*Waaye* ***ñi bon duñu noonu****!*
*Dañoo mel ni xatax,*
   *bu ngelaw liy yóbbu.*
*Moo tax keroog àtte ba ñi bon ne dàll,*
   *ñiy bàkkaar ne mëll ci mbooloom ñi jub.*
***Ndax Aji Sax ji fonk na yoonu ñi jub,***
   ***waaye yoonu ñi bon jëm sànku!***” **(Ps 1:1-6**)

Noonu ci taalif bu jëkk bi, gis nanu **yoonu ki barkeel** ak **yoonu ki sànku**. Nun ñépp dañu bëgg a barkeel. Kenn bëggul a sànku. Yàlla dafa bëgg ñépp barkeel. Waaye fàww nga jaar ci yoonu barkeel wi mu tëral ci taalif bii. Lan mooy yoonu barkeel woowu? Man nanu ko tënk ci ñaari xalaat.

**Benn**: Bul topp ñiy gaaral Yàlla ak kàddoom.
**Ñaar**: Gëstul kàddug Yàlla guddi ak bëccëg, ba xam te gëm yoonu mucc wi Yàlla tëral.

Soo awe ci yoon woowu, Mbind mi ne na: Dinga mel *ni garab gu sax ci bëti ndox,* te sa dund dina meññ doom yu neex, yu mel ni mbëggeel, mbég ak jàmm. Looy def lépp nangu!

Léegi nag, nanu jàll ci ñaareelu taalif bi nekk ci Sabóor. Ci saar wi, Yàlla xiiroon na Daawuda mu bind ci mbirum **Rammukat**, bi naroon a ganesi àddina. Nanu déglu bu baax xebaar bi nu Yàlla jottali jaarale ko ci

xalimag Daawuda, yonentam. Mbind mi ne na:

*Lu tax xeeti àddina di bax?*
*Lu tax ñuy fexe lu mënul a am?*
*Buuri àddina dañoo booloo,*
*te kilifa yi dajaloo di bañ Aji Sax ji ak* ***Almaseem****.*
*Ñu ne: Nanu dagg jéng yi, tàggoo ak buum yi.*

*Ki ci jalub asamaan a ngi ree,*
*Boroom baa ngi kekku seeni pexe.*
*Ba noppi mu gëdd leen ci biir mer,*
*xëbal leen ci xadaram naan:*
*Man dëj naa* ***sama buur*** *ci Siyon, sama tund wu sell.*

*Ma biral dogalu Aji Sax ji:*
*Mu ne ma: Yaa di* ***sama Doom****,*
*maa di sa Baay tey.*
*Ñaan ma ko, kon ma jagleel la xeet yi,*
*Nga moom ba ci cati àddina.*
*Dinga leen falaxe ak yetu weñ,*
*di leen rajaxe ni ndabul xandeer.*

*Léegi nag, yeen buur yi, amleen xel,*
*yeen kilifay kaw suuf dégluleen artu bi.*
*Jaamuleen Aji Sax ji ci biir ragal, tey bég ci biir weg.*
***Sujjóotalleen Doom ji, ngir ragal meram jóg,***
***ngeen ne mes sànku, ndax meram da naan milib wàcc,***
***Waaye ñi làqu ci moom, céy ñoo barkeel!*** **(Ps 2:1-12**) Amiin.

Ndax jàpp ngeen bu baax li Yàlla Aji Sax ji wax ci saar wii? Lu am solo la! Li nu ci man a wax bare na, waaye jot gi mayu nu nu faramfànce li nu bëgg lépp. Wànte am na fi dara lu nun ñépp war a xam te fàttaliku ko.
Ci taalif bii, Yàlla dafa ciy yégle **ñetti tur yu neex**, yi mu tudde Musalkatu Àddina si naroon a ñëw. Ndax dégg ngeen leen? Ñetti tur yooyu ñooy: **Almasi bi**, **Buur bi**, ak **Doom ji**. Nanu xalaat tuuti ci ñetti tur yooyu Yàlla jox Rammukat, bi naroon a ganesi àddina.

Ci bu jëkk, gis nanu ne, Yàlla mu ngi ciy tudde Rammukat bi: **Almasi bi**. Almasi bi mooy baatu Ebrë biy tekki: *Ki Yàlla fal*. Ci tur woowu la Yàlla doon xamale doomi Aadama ne, fàww ñépp gëm te nangu Rammukat bi naroon a ñëw, ndaxte mooy Ki Yàlla moom ci boppam fal ni Musalkat ak Àttekatu àddina si. Wànte ci ñetti aaya yu jëkk yi nekk ci taalif bi, Yàlla yégle na ci ni lu ëpp ci doomi Aadama naroon a bañe Almasi, bi Yàlla yónni. Nanu jàngaat aaya yooyu. Ñu ne:

*Lu tax xeeti àddina di bax? Lu tax ñuy fexe lu mënul a am? Buuri àddina dañoo booloo, te kilifa yi dajaloo di* ***bañ Aji Sax ji ak Almaseem****! Ñu ne: Nanu dagg jéng yi, tàggoo ak buum yi!* **(Ps 2:1-3**)

Lu tax niti àddina si naroon a bañ a nangu Almasi bi Yàlla yónni? Ndaxte Almasi bi dafa naroon a nekk nit ku sell, ku taqul bàkkaar, te "*képp kuy def lu bon day bañ leer gi te du ci ñëw,* ***ndax ragal ay jëfam di feeñ****.*" **(Yow 3:20**)

Noonu Yàlla doon na yégle ci aaya yii ni Yawut yi ak xeeti àddina yi naroon a likkoo, ngir fexee daaneel Nit ku sell ki Yàlla faloon ni Musalkat ak Àttekatu àddina si. Waaye Yàlla xamoon na lépp li nit ñu bon ñi naroon a fexee def, te Yàlla fasoon na yéene walbati seeni pexe yu soxor. Looloo tax ñuy jàng ne: "*Ki ci jalub*

*asamaan a ngi ree, Boroom baa ngi kekku seeni pexe!*” **(Ps 2:4**) Kon, tur wu jëkk, wi nu war a fàttaliku, te Yàlla jox ko Rammukat bi, mooy **Almasi bi**, li tekki: *Ki Yàlla fal*.

Ñaareelu tur wi nuy gis ci saar wii, mooy: **Buur bi**. Almasi bi mooy Buur bi. Jaare ko ci tur woowu Yàlla dafa bëgg ñépp xam ne, Almasi, bi mu yónni, te nit ñi bañ ko, dina mujj a nekk Kilifag àddina si! Ci bés pénc ba, ñépp dinañu sukk fa kanamam, ndaxte Moom mooy Buuru buur yi, Kilifag kilifa yi, Ki Yàlla fal. Naka noonu, Almasi bi dina nekk **sa Musalkat** mbaa mu nekk **sa Àttekat**, ndax **mooy Buur**, bi Yàlla fal ngir mu nguuru ba fàww!

Ci ñetteel bi, dégg nanu ci saar wii, weneen tur, wu Yàlla jox Almasi bi, te nu war ci xalaat bu baax. Mooy **Doom ji**. Yàlla dafa bëgg ñépp xam ne, Almasi bi moo di Doom ji mu bëgg.

Bala nuy faramfànce li tur woowuy tekki, xëy na war nanu fàttaliku ne, lépp li Daawuda bind ci Sabóor, bind na ko ak xel mi ko Yàlla sol. War nanu fàttaliku tamit ne, dafay am ci Mbindi yonent yi léeg-léeg, mbir yu jafee xam, waaye loolu terewul muy dëgg nag! Looloo tax Yàlla artu nu ci kàddoom, naan: "*Am na ci* [Mbind mi] *sax yu jafee xam, te ñi amul xam-xam te seen ngëm dëgërul di ko walbati, ba alag seen bopp!*" **(2Pi 3:16**)

Kon, nanu denc xalaat boobu ci sunu xel, te waxtaan tuuti ci ñetteelu tur wi Yàlla jox Almasi bi ci saar wii. Mbind mi ne na: "*Ma biral dogalu Aji Sax ji: Mu ne ma: Yaa di **sama Doom**, maa di sa Baay tey*." **(Ps 2:7**)

Ndax dégg ngeen kon li Aji Sax ji wax Almasi bi? Mu ne ko: "*Yaa di **sama Doom**, maa di **sa Baay***!" Ndax xam nga **lu tax** Yàlla tudde Almasi bi **Doomam**? Ndax xam nga **lu tur woowuy tekki**? Ak nu mu man a deme, yaakaar nanu ne, yeen ñépp xam ngeen bu baax li tur woowu **tekkiwul**. Ndaxte loolu tekkiwul ne, Yàlla dafa am soxna ba am ci doom. Mukk! Nun gëmunu loolu, te mënul a am sax, ndaxte Yàlla amul yaram ni nit. Yàlla xel la, te du jur doom ni ko nit di jure.

Kon nag, lu taxoon Yàlla wax Almasi bi, "*Yaa di **sama Doom**!*"? Man nanu gërëm Yàlla, ndaxte wax na nu lu tax. Amunu jotu jàll fu sore ci mbir moomu tey, waaye danu leen bëgg a dénk **ñetti xalaat** yu leer yuy wone **lu tax** Yàlla tudde Almasi bi **Doomam**.

1.) **Ci bu jëkk**, war nanu xam ne, Yàlla tudde na Almasi bi Doomam, ndaxte **ci kaw la jóge**. Képp ku xam Mbindi yonent yi, xam nga ne, Almasi bi jógewul ci góor, waaye ci jetaayu Yàlla la jóge. Ni ngeen ko xame, **Almasi bi amul woon baay ci kaw suuf**. Ci lu jëm ci meloom ci àddina, ci askanu Daawuda la soqikoo, ndaxte mu ngi juddoo ci janq bu bokk ci askanu Daawuda. Waaye ci lu jëm ci wàllu baayam, ci Xelum Yàlla doŋŋ la bawoo. Looloo taxoon Yàlla manoon a wax Almasi bi, ne: "*Yaa di **sama Doom**, maa di sa Baay tey!*"

2.) **Ci Ñaareel bi**, Yàlla tudde na Almasi bi Doomam, ndaxte Mbind mi ne na: **Yàlla ak Almasi bi ñoo yem sellaay**. Mënunu ci sore léegi, waaye bu nu àggee ci téereb Linjiil, dinanu gis ne, Almasi bi niroowul woon ak doomi Aadama yi taq bàkkaar! Déedéet! Almasi bi waroon na ganesi àddina ngir musal bàkkaarkat yi. Ndax boroomi bor man na feyal keneen ku am bor? Mukk! Almasi, bi amul woon benn boru bàkkaar, ba tax Mbind mi nee: Almasi bi "*dafa sell, du def lu bon, du taq bàkkaar, [te] bokkul dara ak bàkkaarkat yi!*" **(Yt 7:26**) Kon, gis nanu **ni Almasi bi selle ni Yàlla mi ko yónni selle**! Looloo taxoon Yàlla rusu ko woon a wooye **Doomam**.

3.) **Ci ñetteelu tomb bi** nag, war ngeen xam ne, Yàlla dafa tudde Almasi bi Doomam **ngir ràññale ko ak yeneen yonent yépp**. Gisoon nanu ba noppi yonent Yàlla Ibraayma, ni ñu ko tudde: 'Xaritu Yàlla'. Gis nanu yonent Yàlla Musaa, ñu koy wooye: 'Waayu Yàlla ji.' Waaye ban yonent la Yàlla wax: "*Yaa di **sama Doom**, maa di **sa Baay** tey*"? Almasi bi rekk lañu ko waxoon, ndaxte Almasi bi rekk mooy Ki jóge ci kaw, juddoo ci janq, te taqul bàkkaar.

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga **Almasi bi**, di **Buur**, bi Yàlla tudde **Doomam**? Yàlla dafa bëgg ñépp xam ko, te déglu ko, te gëm ko. Loolu moo tax yonent Yàlla Daawuda àggale saar wile ak baat yii:

*Léegi nag, yeen buur yi, amleen xel,*
*yeen kilifay kaw suuf dégluleen artu bi!*
*Jaamuleen Aji Sax ji ci biir ragal, tey bég ci biir weg.*
*Sujjóotalleen Doom ji, ngir ragal meram jóg,*
*ngeen ne mes sànku, ndax meram da naan milib wàcc,*
***Waaye ñi làqu ci moom, céy ñoo barkeel!* (Ps 2:10-12**)

Kon, fii lanu war a yem tey. Waaye, ci coobareg Yàlla, ci emisyoŋ biy ñëw, dinanu gëstoondook yeen ci yeneen taalif yu yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor.

Nu ngi tollu tey, ci sunu juróom-fukkeelu njàng te di leen fàttali ne, dajale nanu njàng yépp ci ay kaset. Su ngeen leen bëggee am ngir dégluwaat li nu jàngoon ca ndoorte la ba fi tey, man ngeen nu bind te dinanu leen wax naka ngeen di def ngir am leen. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Daawuda bindoon ci Sabóor naan: "***Jaamuleen Aji Sax ji ci biir ragal, tey bég ci biir weg. Sujjóotalleen Doom ji, ngir ragal meram jóg, ngeen ne mes sànku, ndax meram da naan milib wàcc, Waaye ñi làqu ci moom, céy ñoo barkeel!***" **(Ps 2:11,12**)

# 51 Daawuda ak deewug Almasi bi cib bant

(Sabóor 22)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gëstuwoon nanu ci ñaari saar yu jëkk, yi nekk ci téereb **Sabóor**. Fii ci emisyoŋ *YOONU NJUB* doon na baax lool, su nu amoon jotu jàng te waxtaan ci mbirum saar wu nekk ci Sabóor – waaye ndegam Sabóor téeméeri saar ak juróom-fukk la ëmb, loolu du man a nekk.

Wànte bala nuy ub téereb Sabóor, danu bëggoon a gëstoondook yeen ci beneen taalif bu Yàlla soloon ci xelum yonent Yàlla Daawuda, di **saar ñaar-fukk ak ñaar**. Saar wii, am na maana lool, ndaxte **day yégle ni Almasi bi naroon a deeyee ci biir metit yu tar, ngir feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar**. Ci saar wii la Daawuda, mi jiitoo Almasi bi junni at, doon yéglee lu mat fanweeri xew-xew yu waroon a am bés bi Almasi bi war a dee. Te su nu jànge téereb Linjiil, bi ëmb nettaliy Almasi bi, dinanu gis ni **lépp ame woon tembe, ni ko yonent Yàlla Daawuda yéglee woon**! Kon, man ngeen xam bu wóor ne, taalif bii jógewul ci xelu nit, waaye ci xelum Yàlla la jóge. Ndaxte **Yàlla doŋŋ** a man a yégle liy xewi te mu ame noonu.

Léegi nag, nanu déglu li yonent Yàlla Daawuda bindoon ci saar ñaar-fukk ak ñaar ci Sabóor junni at laata Almasi bi di ganesi àddina. Ci saar wii la Daawuda bindoon xalaat yi naroon a nekk ci xelum Almasi bi, bés bi mu waroon a tuur deretam, ngir ñu bare jot mbaalug bàkkaar yi. Mu ne:

*Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?*
*Lu tax sag wall ñëwul,*
  *te nga tanqamlu samay wonk?* **(Ps 22:2)**
*Moona Aji Sell ji nga,*
  *yaw mi toog ci jalub canti Israyil!* **(Ps 22:4)**
*Waaye man aw sax laa, duma nit;*
  *torox naa ci nit ñi, suufe ci xeet wi.* **(Ps 22:7)**
*Sama bakkan a ngi tuuru ni ndox,*
  *te samay yax yépp yoqi.*
*Sama xol mel ni sondeel,*
  *di seey ci sama biir.*
*Sama doole ŋiis na, ba ma mel ni xandeer;*
  *te làmmiñ wi taq ci denqaleeñ ji;*
*Tëral nga ma ci pëndu dee.*
*Ndaxte ay xaj ñu ngi ma wër,*
  *mbooloo mu bon dar ma kepp;*
  ***ñu bëtt samay loxo ak samay tànk!*** **(Ps 22:15-17)**

Nanu taxaw fii tuuti. Ndax jàpp ngeen li yonent Yàlla Daawuda bindoon ci mbirum Almasi bi, junni at laata muy ganesi àddina? Mu ne: "*Mbooloo mu bon dar ma kepp;* ***ñu bëtt samay loxo ak samay tànk!***" Ci wax yooyu la Daawuda doon yéglee ni doomi Aadama naroon a bëtte loxoy Almasi bi, ak i tànkam, maanaam: daaj ko cib bant.

Lu waral loolu? Lu tax yonent Yàlla Daawuda bind ci Sabóor ne, nit ñu bon, dinañu bëtt loxoy Almasi bi ak i tànkam? Lu tax Almasi bi waroon a dee dee gu mettee noonu? Lu tax Yàlla naroon a bàyyi nit ñi, ñu bóom Rammukat bu sell bi mu yónni?

Kàddug Yàlla wax na nu lu tax. Fàww Rammukat bi daj coono ak metit yu tar, dee dee gu mettee noonu, **ngir**

**wuutu nu**, gàddul nu mbugalug Yàlla. Ndegam peyug bàkkaar moo di dee ak alkandey safara ba fàww, fokk Almasi bi mos metiti safara, yoo xam ne, yi nun bàkkaarkat yi noo ko yelloowoon. Yàlla, ci yiwam, dogaloon na yónni Rammukat bu taqul bàkkaar, ngir mu jaar ciy coono yu mag, dee ci wàllu ñépp. Noonu la Yàlla man a ubbile doomi Aadama yoonu mbaalug bàkkaar ak buntu dund gu dul jeex, te ba tey dëkk ci njubteem! Almasi bi ñëw na ci àddina ngir gàddul nu mbugalu Yàlla, gi nu yelloo ndax sunu bàkkaar. **Deewug Almasi bu jub bi** moo tax Yàlla Aji Jub ji **man a àtte jub képp ku ko gëm**.

Li yonent Yàlla Daawuda bindoon ci mbirum deewug Almasi bi, lu doy waar la! Xalaatleen ci! Junni at laata Almasi bi juddu, Daawuda doon na benn-bennal ni Almasi bi naroon a daje coono ci kaw bant, ba ko nit ñi daajoon. Xëy na li nu war a xam te fàttaliku ko mooy lii: Waa Room ñoo sosoon daaj nit ci bant, muy dee gu metti, gi ñuy wooye 'crucifixion' ci Faraanse. Waaye bi ko Daawuda di bind ci Sabóor, xeetu Room amagul woon sax, te kenn xamagul woon pexem rey nit moomu di 'crucifixion', maanaam: daaj ko cib bant. Waaye Yàlla sol na xebaaru deewug Almasi bi ci bant ba ci xelu Daawuda, xiir ko mu bind ko ci Sabóor, **ngir nu man a xam xéll** ne, deewug Almasi bi ci bant ba, **pexem Yàlla la** ngir musal nu ci sunu mbugalug bàkkaar!

Dëgg gi saar wii ëmb leer na nàññ, te war nanu ko fonk. Waaye **Xebaaru Yàlla bile, ñépp nanguwuñu ko nag**. Ba tey, am na nit ñuy weddi li yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor ci mbirum saraxu Almasi bi. Mbind mi wax na ci ñoom ne: "*Yégleb deewu [Almasi bi] ca bant ba, ag ndof la ci ñiy sànku. Waaye ci nun ñi aw ci yoonu mucc gi, dooley Yàlla la!*" **(1Ko 1:18)** Ci lu wóor, ñiy weddi deewug Almasi bi cib bant, xamuñu Mbindi yonent yi, mbaa pexem Yàlla ngir musal bàkkaarkat yi.

Léegi, nanu gën a dugg ci li Daawuda bindoon ci anami deewug Almasi bi cib bant. Dégg nanu ni Almasi bi waxe naan:

***Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?*** **(Ps 22:2)**
***Ku ma gis di ma ñaawal, di ma biiñ, tey wëcc boppam naa:***
  ***Kii moo dénk boppam Aji Sax ji! Kon na ko xettali.***
  ***Ndegam sopp na ko, na ko musal!*** **(Ps 22:8-9)**
*Sama bakkan a ngi tuuru ni ndox,*
  *te samay yax yépp yoqi.*
*Sama xol mel ni sondeel, di seey ci sama biir.*
*Sama doole ŋiis na, ba ma mel ni xandeer;*
  *te* ***làmmiñ wi taq ci denqaleeñ ji****;*
*Tëral nga ma ci pëndu dee.*
*Ndaxte ay xaj ñu ngi ma wër,*
  *mbooloo mu bon dar ma kepp;*
  ***ñu bëtt samay loxo ak samay tànk****.*
*Samay yax yépp ñu ngi ne fàŋŋ;*
  ***nit ñi di ma seetaan****, ànd ci ak mbég.*
***Ñu séddoo samay yére,***
  ***tegoo ay bant sama col****.* **(Ps 22:15-19)**

Ci wax yooyu nag, Daawuda doon na yégle ne, ginnaaw ba nit ñi daajee Almasi bi ci bant, dinañu ko ñaawal, biiñ ko, seetaan ko, te séddoo ay yéreem, tegoo ay bant colam. Te loolu mooy li xewoon tembe, junni at ginnaaw Daawuda bind ko. Dégluleen li ñu bind ci Linjiil ci lu jëm ci deewug Yeesu Almasi bi. Mbind mi ne na:

*Noonu ñu daaj ko ca bant ba, ñu daldi séddoo ay yéreem, tegoo ko ay bant, ba noppi toog fa, di ko wottu. Ña fa doon romb di ko xas, di wëcc seen bopp ndax sib ko, naan:... Boo nekkee Doomu Yàlla, wàccal ci bant bi. Sëriñ su mag sa ak xutbakat ya ak njiit ya it di ko ñaawal, naan: Waa jii musal na ñeneen te mënul musal boppam! Ndegam mooy buuru Israyil, na wàcc léegi ci bant bi, nu gëm ko. Gannaaw dénk na boppam Yàlla,*

*kon na ko Yàlla musal, bu ko soppee, ndaxte nee na: Maay Doomu Yàlla!* **(Mc 27:35-36,39-43**)

Noonu la Linjiil di nettali ni waxi yonent Yàlla Daawuda ame woon.

Dégg nanu it tey ne, Daawuda waxoon na ni Almasi bi naroon a mare, te sonn lool ci yaramam, ak ci biir ruuwam ak xelam. Looloo tax Almasi bi yuuxu ci aaya bu jëkk bi, naan: "*Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?*" Te soo gëstoo ci Linjiil dinga ci gis ni loolu itam xewe woon tembe, ni ko Daawuda waxe woon ci Sabóor bii. Lu taxoon Almasi bi yuuxu ci kaw bant ba, ne: "*Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?*" Ndaxte Yàlla ku sell la, te mënul a dékku bàkkaar. Yàlla moom ci boppam waroon na dëddu Almasi bi ñu daaj ci bant bi, xàjjalikook Moom, ndaxte **Yàlla sëf na ko sunu mbugalu bàkkaar gépp**! Looloo tax Mbind mi ne: "*Almasi bi musul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar* ***ci sunu wàll****, ngir ci sunu bokk ci moom, nu man a doon njubteg Yàlla!*" **(2Ko 5:21**)

Waaye, cant ñeel na Yàlla ndaxte am na leneen lu yonent Yàlla Daawuda yégle woon ci Sabóor – te warees na koo xam! Ci saar fukk ak juróom-benn, Daawuda bindoon na ci mbirum Almasi bi, naan: "***Yaw Yàlla, doo wacc sama ruu ca barsàq, doo bàyyi sa waa ju sell yàqu****; dinga ma teg ci yoonu dund!*" **(Ps 16:10,11**)

Noonu la Daawuda yégle woon ni Yàlla fase woon yéene dekkal Almasi bi ci bàmmeel ba, ngir képp ku ko gëm, man a dund ak Moom ci jetaayu Yàlla ju sell ji ba fàww! Noonu, Linjiil ne na: "***Almasi bi dee na ngir dindi sunuy bàkkaar****, ni ko Mbind mi tërale,* ***suul nañu ko****,* ***mu dekki*** *ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale!*" **(1Ko 15:3,4**)

Te Daawuda bindoon na it ne, ginnaaw bu Almasi bi dekkee ci néew ya, Yàlla dina ko yéege asamaan, wax ko mu toog ci ndeyjooram, ba kera muy dellusi ngir àtte waa àddina si. Moom la Daawuda bind ci Sabóor, saar téeméer ak fukk, bi mu nee: "*Aji Sax ji nee na sama Boroom: Toogal ci sama ndeyjoor, ba kera may daaneel say noon ci sa kanam.*" **(Ps 110:1**)

Ci mujug saar ñaar-fukk ak ñaar nag, Daawuda bind na ne:

*Cati àddina yépp dinañu rabal seen xel,*
  *ba walbatiku ci Aji Sax ji,*
  *giiri xeet yépp sukk fi sa kanam. ...*
*Ñiy bëgg a ñëw dinañu ko jaamu,*
  *ay giiri giir dégg lu jëm ci moom.*
*Ñu ñëw, di biral jëfu njubam,*
  *ci xeet wi juddoogul ne:*
  ***Moo ko matal!*** **(Ps 22:28,31-32**) Amiin!

Ci baat yooyu la Sabóor bii jeexe. "***Moo ko matal!***" Lan la Almasi bi naroon a matal? Waroon na matal lépp li Yàlla digoon Aadama ak Awa ci mbirum Rammukat, bi waroon a ñëw, musal leen ak seeni askan ci seen mbugalug bàkkaar. Jaare ko ci deewam ci bant ba, Almasi bi waroon na matal takkandeeri saraxi mala, yi Yàlla laajoon bàkkaarkat yi ca jamano yu jëkk ya. Deewug Almasi bi waroon na matal it, misaalu xaru 'Tabaski'. Ni xar ma deewaloon doomu Ibraayma, Rammukat bi ñëw na **ngir deewal nu**, nun ñépp. Looloo tax, laata Almasi biy dee, mu waxoon ak baat bu dëgër, naan: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**) Te Yàlla firndeel na matug saraxu Almasi bi, ci li mu ko dekkal ca néew ya ca ñetteelu fan ba!

Kon nag, mbokk yi, su nu fàttee lépp li nu jàng tey, ba mu des lenn rekk, na nekk lii: **Lu mat junniy at lu jiitu juddub Yeesu Kirist, yonent Yàlla Daawuda yégle woon na ne: Bàkkaarkat yi, dinañu bëtt loxoy Almasi bi ak i tànkam**! Te bu nu fàtte it lu waraloon dee gu metti, gi Almasi bi dajoon. Dee na ngir **yaw**, ak **man**, ak **bàkkaarkat yépp**, ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk, waaye dinga am dund gu dul jeex!

Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*[Yeesu Almasi bi] sonn na **ngir yeen**! **Gàddu na moom ci boppam sunuy bàkkaar ca bant, ba ñu ko daajoon**, ngir nu tàggook bàkkaar, sóobu ci dund gu jub; ndax ay gaañu-gaañoom may na nu ag wér. Ndaxte [Almasi bi] ci boppam dee na benn yoon ba fàww, ngir dindi bàkkaar yi, moom mi jub ngir ñi jubadi, ngir yóbbu leen fa Yàlla! Ndaxte Yàlla jébbale na ko ngir sunuy tooñ, dekkal ko ngir àtte nu jub – ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk, waaye dinga am dund gu dul jeex!*" Amiin. **(1Pi 2:21,24 3:18 Ro 4:25 Yow 3:16**)

Mbokki déglukat yi, Yàlla na leen Yàlla leeral ci lépp li nu jàng tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Bu soobee Yàlla, ci emisyoŋ bi di ñëw dinanu jëm kanam ci Mbindi yonent yi, ba dugg ci nettalib doomu Daawuda, di yonent Yàlla Suleymaan. Waaye ku bëgg a yaatal sa xam-xam ci Mbindi yonent yi, bind nu, nu yónnee la kayit yu am maana. Sunu adarees mooy *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci waxi Almasi, yi Daawuda bindoon ci Sabóor bu yàgg, bi mu naan: "***Ñu bëtt samay loxo ak samay tànk!***" **(Ps 22:17**)

# 52 Ndamu Suleymaan

(1 Buur yi 2-10)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Su fekkee ne, Yàlla dafa la feeñu, ne la: "Waxal li nga bëgg, ma may la ko", lan ngay tànn? Fan yu gudd? Alal ju bare? Tur wu siiw? Walla leneen? Amoon na bés, Yàlla feeñu Suleymaan, doomu Daawuda, ci biir gént ne ko: **Waxal li nga bëgg, ma may la ko**. Ndax xam nga lan la Suleymaan tànnoon? Dinanu dégg tey ni mu tontoo woon Yàlla.

Ci juróom-benni njàng yi weesu, nu ngi doon gëstu ci nettalib yonent Yàlla Daawuda ak li mu bindoon ci Sabóor. Ci sunu njàng mi weesu gisoon nanu ni Daawuda yéglee woon ni doomi Aadama naroon a reye Almasi bi ci daaj ko ci bant, ak ni ko Yàlla di dekkale ca néew ya. Tey jii nag, fas nanu yéene jóge ci nettalib Daawuda, jàll ci nettalib doomam, ji ñuy tudde **Suleymaan**.

Kon, ci téereb Buur yi, saar ñaar, Mbind mu sell mi ne na:

*Bi Daawuda di jege àppam, mu dénk Suleymaan doomam naan: Maa ngi jaar ci bunt, bi àddina sépp di jaar. Nanga dëgërlu te góor-góorlu, ci wottu dénkaaney Aji Sax ji, sa Yàlla,* ***di jaar ci ay yoonam,...ni ñu ko binde ci yoonu Musaa; bu ko defee dinga am ndam ci lépp looy def ak fépp foo jublu****.* **(1Ki 2:1-2**)

*Noonu Daawuda fekki ay maamam, ñu suul ko ci dëkku Daawuda. Nguuru Daawuda ci Israyil tollu na ci ñeent fukki at. Gannaaw ga Suleymaan wuutu Daawuda baayam ca jal ba, te nguuram sax ba dëgër.* **(1Ki 2:10-12**)
*Suleymaan nag bëggoon na Aji Sax ji, tey wéy ci li mu tëral, ni ko baayam daan defe.* **(1Ki 3:3**)

*Noonu...Aji Sax ji feeñu Suleymaan guddi ci biir gént ne ko:* ***Waxal li nga bëgg, ma may la ko****. Suleymaan tontu: ...Aji Sax ji sama Yàlla, fal nga ma, ma wuutu Daawuda sama baay, te man waxambaane wu ndaw rekk laa, awma benn xam-xamu njiit.* **(1Ki 3:5-7**) *Kon nag* ***defal ma xel mu neex, ngir àtte sa mbooloo, di ràññe lu baax ak lu bon****. Ndax ana kan moo àttan yenub àtte sa mbooloo mu bare mii?*

*Ñaanug Suleymaan nag* ***neex Boroom bi****. Noonu Yàlla ne ko: Ndegam loolu ngay ñaan te ñaanoo gudd gi fan walla alal walla sa deewug noon yi, waaye xel mu neex ngir àtte dëgg, kon dinaa def li nga wax. Dinaa la may xel mu neex ak ràññe, ba nga xam ne ku mel ni yaw amul woon ci ñi la jiitu te du am ci ñi lay topp. Rax-ca-dolli dinaa la may li nga ma ñaanul, alal ak ndam, ba nga xam ne, ci sa giirug dund du am buur bu mel ni yaw. Te boo jaaree ci samay yoon, di wottu samay tëralin ak samay santaane, ni ko Daawuda sa baay defe woon, dinaa féq saw fan.*

*Ci kaw loolu Suleymaan yeewu, gis ne gént la woon. Noonu [mu] dellu Yerusalem, dem fa kanam gaal, gi yor kóllëreg Aji Sax ji, rendi fa sarax su ñuy lakk ak sarax su ñuy sante Yàlla. Mu woo jawriñam yépp ci ay ñam.*

*Bi loolu wéyee nag, am bés ñaari jigéeni moykat ñëw ca buur ba, taxaw fa kanamam. Kenn ki ne: Sang bi, man ak jigéen jii dëkkoon nañu ci genn kër, ma wasin fa kanamam ca kër ga. Ñetti fan gannaaw gi moom it mu wasin. Nun rekk noo dëkkoon, amul keneen ku dëkkoon ak nun, waaye nun ñaar rekk. Ci guddi jigéen jii tëdd ci kaw doomam, mu dee. Mu jóg ci xaaju guddi, fekk man sa jaam maa ngi doon nelaw, mu jël sama doom ji tëddoon ci sama wet, tëral ko ci wetam, ba noppi jël doomam ji dee, tëral ko ci sama wet. Bi bët setee, ma yeewu, ngir nàmpal sama doom, gis ne dee na, waaye bi mu leeree, ma xoolaat ko bu baax, ma gis ne, du doom ji ma jur. Waaye jigéen ja ca des ne: Mukk, sama doom mooy dund, sa doom dee na! Waaye ku*

*jëkk ka it ne, alamikk doomu keneen kaa dee, waaye sama doom mi ngi dund. Noonu ñuy wax fi kanam buur.*

[Kon, buur bi Suleymaan] *ne: Kii nee na sama doom mooy dund, te doomu ka ca des moo dee. Keneen kii ne alamikk doomu ki ci des moo dee, te doomam mi ngi dund. Mu dolli ci ne: Indilleen ma jaasi. Ñu indil ko ko. Te buur ne: Séddaleleen xale biy dund ñaar, te jox genn-wàll gi kii, jox genn-wàll gi ci des kale.*

*Noonu jigéen ji doomam jiy dund, yaramam daw ci doomam, mu daldi ne buur: Céy sang bi, joxleen ko xale biy dund, te buleen ko rey mukk! Waaye jigéen ja ca des ne: Duñu la ko jox, duñu ma ko jox. Nañu ko xar! Bi ko buur déggee, mu jël kàddu gi ne: Bu kenn rey xale bi, waaye joxleen ko jigéen ju jëkk ji, ndaxte mooy ndeyam. Noonu nag Israyil gépp dégg àtte, bi buur bi tëral.* ***Ñu daldi ragal buur, ndax li ñu gis ne Xelu Yàlla mi ngi ci moom, di ko tette ciy àtteem***. **(1Ki 3:9-28**)

*Yàlla jagleel Suleymaan xel ak ràññe yu réy ak xam-xam bu yaatu, ba mel ni peppi suufu géej.* ***Xelum Suleymaan moo sut*** *xelum waa penku yépp ak waa Misra gépp, te moo gën a am xel ñépp...te turam siiw ci xeet yi ko wër yépp. Génne na ñetti junniy léeb, fent junniy woy ak juróom. Dem na, ba buuri kaw suuf sépp ci xeet yépp, yi dégg xel mi Suleymaan àndal, di yebal ay nit, ngir ñu déglu xelam.* **(1Ki 4:29-32,34**)

Ginnaaw ga, Mbind mi day nettali ne, ca jamano jooja, dafa amoon **benn buur bu jigéen** bu déggoon ni xelum Suleymaan xóote ak ni ndamam réye. Ci kaw loolu, buur bu jigéen boobu daldi fas yéene dem Yerusalem, seeti Suleymaan, ba xam ndax li mu dégg ci moom **dëgg la am déet**. Wànte li ngeen war a xam mooy, buur bu jigéen boobu mu ngi dëkkoon ci réew mu sore lool Yerusalem, di réew mu ñuy wax Séba, te nekk ci bëj-saalumu Arabi Sawudit. Mooy réew mi ñuy wax tey, Yemen. Diggante réew moomu ak Yerusalem tollu na ci daanaka ñaari-junniy kilomet. Waaye diggante bu sore boobu terewul buur bu jigéen bu Séba jóg, tukki ngir seeti Suleymaan. Ci saar fukk nag, Mbind mi ne na:

*Bi buur bu jigéen bu Séba déggee tur wi Suleymaan am, ci kaw ndam li ko Aji Sax ji may, mu ñëw* ***ngir nattusi ko ci biir laaj yu xóot****. Mu agsi Yerusalem ànd ak topp mu takku, indaale giléem yu sëf xeeti ndàbb yu xeeñ, wurus wu baree-bare ak i per. Mu egg fa Suleymaan, diisoo ak moom ci lépp li mu denc ci xolam. 3Te Suleymaan tontu ko ciy laajam yépp, ba amul dara lu mu laaj te buur faramfàccewu ko. Bi buurub Séba gisee xel mi Suleymaan àndal mépp ak kër gi mu tabax, gis it ñam yi ciy lekkoom ak jetaayu jawriñ yi, boole ci coli surga yi koy topptoo ak fara buntu kër ak ñi ko wër, ak dëggastal yi muy jaar, dugg ci kër Yàlla gi, bi mu gisee loolu lépp, mu yéemu, ba ne tesax.*

*Mu ne buur ba: Xebaar bi ma déggoon ci sama réew, mu aju ci sa wax yu xóot ak sa xam-xam, dëgg la woon. Gëmuma ko woon, laata may ñëw, ba teg ci samay bët,* ***fekk waxuñu ma woon genn-wàll gi sax; sa xam-xam ak sa am-am weesu na fa ko sa tur yóbbu woon****. Say nit ak say jawriñ, barkeel nañu, ñoom ñi sax fi sa kanam, tey dégg sa xam-xam! Te cant ñeel na Aji Sax ji sa Yàlla, moom mi la bëgg, ba teg la ci jalub Israyil! Aji Sax ji dafa sopp Israyil, moo tax mu fal la buur, ngir ngay àttee dëgg, tey def lu jub!* **(1Ki 10:1-9**)

Fii lanu war a yem ci nettalib buur bu jigéen bu Séba. Wànte li kàddug Yàlla wax ci mbirum buur bu jigéen boobu yemul foofu. Ndaxte, daanaka junniy at ginnaaw jamano jooju am na lu Almasi bi waxoon ci mbirum buur bu jigéen bu Séba ak buur bi Suleymaan. Yeesu Almasi bi ne na: "*Ca bés pénc, buur bu jigéen, ba dëkkoon ca sudd, dina jógandoo ak niti jamano jii, yey leen; ndaxte dafa jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan, te* ***ku sut Suleymaan a ngi fi!***" **(Mc 12:42**)

Ndax dégg ngeen li Almasi bi wax? **Mu ne, buur bu jigéen bu Séba, mi gëstu woon ci ndamu Suleymaan, dafay daan ñépp ñi bañ a gëstu ci ndamu Almasi, bi Yàlla yónni ci àddina**. Buur bu jigéen bu Séba, moom, defoon na kem-kàttanam ngir gis ndamu Suleymaan te déglu xam-xamam. Demoon na sax ba tukki ñeenti junniy kilomet, dem ak dellusi, ba xam ndax li mu déggoon dëgg la am déet! Léegi nag, ci lu jëm ci **Almasi, bi** Yàlla yónni ci àddina – Moom moo sut fuuf Suleymaan ci ndam ak ci xel ak ci xam-xam ak ci kàttan – wànte lu ëpp ci doomi Aadama yi **ràññewuñu ndamam**, te **bëgguñu ci gëstu**, ba xam dëgg gi! Looloo taxoon, Yeesu Almasi bi wax ne: "*Ca bés pénc ba, buur bu jigéen, ba dëkkoon ca sudd, dina*

*jógandoo ak niti jamano jii, yey leen; ndaxte dafa jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan, te ku sut Suleymaan a ngi fi!*” **(Mc 12:42**)

Yaw miy déglu tey, **ndax ràññe nga ndamu Almasi**, bi Yàlla yónni? Walla danga ko yemale rekk ak yonent yi? Ba tey lu ëpp ci nit ñi faalewuñu Almasi bi, te xamuñu ko – ndaxte musuñu lëñbët ay mbiram ci Mbindi yonent yi!

Sunu jot léegi mu jeex, waaye bala nuy tàggoo tey, war ngeen a xam ne Buur bi Suleymaan bindoon na ñetti téere yu neex te xóot yu bokk ci Mbind mu sell mi. Ñooy téere yi ñuy wax: *Léeb yi*, *Waarekat bi*, ak *Woyu woy yi*. Te it, ni Daawuda baayam, Suleymaan bindoon na ay taalif yu bokk ci téereb Sabóor. Ngir àggale emisyoŋu tey bi nag, danu leen bëggoon a jàngal saar juróom-ñaar-fukk ak ñaar, wi yonent Yàlla Suleymaan bindoon ci Sabóor. **Suleymaan dafay yégle ci saar wii ne, Almasi, bi nit ñi xeeboon, dina dellusi ci àddina benn bés, ngir àtte nit ñi**. Nanu déglu nag li buur bi Suleymaan bindoon ci mbirum Buur bu mat, bi ko sut ci lépp. Ci mbirum Almasi bi, Suleymaan, bind na ne:

*Dina àtte sa mbooloo ci njub*
*ak néew-ji-doole ci dëgg. ...*
*Dina yilif géej gii,*
*ba...fa suuf yem.*
*Waa màndiŋ mi di ko sukkal,*
*ay noonam mëq suuf.*
*...buuri Séba ak Saba, féete bëj-saalumu Arabi,*
*di yónnee ay may.*
***Buur yépp di ko sujjóotal**,*
*xeet yépp di ko jaamu. ...*
*Na dund abadan!*
*...Na turam sax fàww te màqaan ni jant bi!*
*Xeet yépp dinañu barkeelu ci moom,*
*giir yépp di ko wooye Aji barkeel.*
*Barkeel ñeel na Yàlla Aji Sax ji, di Yàllay Israyil,*
*moom kenn miy def ay kéemaan!*
*Barkeel ñeel na turam wu màgg wi ba fàww;*
*na suuf sépp daj ak ndamam! Amiin, amiin.* **(Ps 72:2,8-11,15,17-19**)

Noonu la buur bi Suleymaan yéglee woon ne, benn bés, waa àddina sépp dinañu xam ne, Almasi bi mooy Ki Yàlla fal Buuru buur yi ak Àttekatu àddina si! Yaw nag, ndax ràññe nga sañ-sañu Almasi, bi ñëwoon, te nar a dellusi? Walla danga ko yemale rekk ak yonent yi? Soo gëstoo ci Mbindi yonent yi, dinga gis ne, Almasi bi mooy Ki yonent Yàlla yépp doon seede. Moom la Mbind mu sell mi wax, bi mu naan:

‟*Yonent Yàlla yépp seedeel nañu [Almasi bi] ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam!...**Ndax gëmuloo yonent yi?***” **(Jëf 10:43 26:27**)

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Bu soobee Yàlla, ci njàng miy ñëw, dinanu gëstu ci mbirum yonent Yàlla Iliyas, mi nga xam ne, moo ñaanoon te mu taw safara.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Almasi bi waxoon, bi mu naan: ‟***Ca bés pénc, buur bu jigéen, ba dëkkoon ca sudd, dina jógandoo ak niti jamano jii, yey leen; ndaxte dafa jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan, te ku sut Suleymaan a ngi fi!***” **(Mc 12:42**)

# 53 Yonent Yàlla Iliyas

(1 Buur yi 6-18)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gëstu woon nanu ci nettalib Suleymaan, doomu yonent Yàlla Daawuda. Gisoon nanu ni **Yàlla jagleele Suleymaan xel ak ràññe gu réy**. Ci jamanoy buur bi Suleymaan, Yerusalem moo doon dëkk bi gënoon a rafet ci àddina sépp. Wànte ci lépp li Suleymaan sampoon ci Yerusalem, amul woon dara lu ci sut **kërug Yàlla Aji Sax ji**, mu tabaxoon, ngir mu wuutu tàntu màggalukaay, bi Musaa ak bànni Israyil defaroon ci màndiŋ ma. Mbind mi day nettali ni buur bi Suleymaan jëfandikoo woon daanaka ñaari-téeméeri junni liggéeykat diirub juróom-ñaari at ngir tabax màggalukaay bu rafet boobu. Ba tey, manees na gis ci Yerusalem xeer yu réy, ya lalu woon ca fondamaa kër Yàlla, ga Suleymaan tabaxoon.

Bi këru Yàlla ga paree nag, sëriñ si rendi woon nañu **ay junni xar ak i yëkk, yu doon misaal Rammukat**, bi naroon a ñëw, tuur deretam ju tedd ji ngir bàkkaarkat yi. Noonu lañu jébbalee Yàlla kër, gi ñu tabaxoon ngir turam. Ginnaaw ba ñu rendee mala yooyu, te lakk leen ci rendikaayu xànjar, bi nekk fa kanam kër Yàlla ga, sëriñ si daldi jël gaalug kóllëre gi nekkoon ci tàntu màggalukaay ba, ñu duggal ko ci bérab bu sell-baa-sell ci këru Yàlla gu bees ga. Noonu bi sëriñ si génnee bérab bu sell-baa-sell, ci saa si, niiru ndamu Aji Sax ji fees bérab bu sell-baa-sell ba ca kër Yàlla ga! Noonu gis nanu ne, ni ndamu Yàlla feese woon bérab bu sell-baa-sell ci tàntu màggalukaay, ba Musaa ak bànni Israyil defaroon ci màndiŋ ma, noonu itam la ndamu Yàlla feese woon bérab bu sell-baa-sell ci màggalukaay, bi Suleymaan tabaxoon ci Yerusalem.

Ci lu jëm ci li des ci dundu Suleymaan nag, amunu jotu wax ci lépp. Waaye man ngeen xam rekk ne, mujug nguuram, melul woon ni ndoorte la. Dégluleen li ñu bind ci téereb Buur yi, saar fukk ak benn. Dinanu gisaat ne, kàddug Yàlla gu sell gi, du nëbb bàkkaari yonent yi.

Mbind mi ne na: *Waaye...buur Suleymaan denc na jigéeni doxandéem yu bare... Noonu ci magug Suleymaan, ay jabaram jeñ xolam ci yeneeni yàlla, ba* ***xolam bépp nekkatul ci Aji Sax ji Yàllaam, ni ko xolu baayam Daawuda nekke woon***. **(1Ki 11:1,2,4**)

Noonu Suleymaan tabax ca tund, wa féete penku Yerusalem, ay màggalukaay yu kawe ngir yàllay jabari doxandéemam yépp, ñuy taal cuuraay, di rendil sarax seeni yàlla. Bi mu ko defee, Aji Sax ji mere Suleymaan, ndax li mu dëddu kàddug Yàlla Aji Dund ju dëggu ji. Noonu Aji Sax ji ne Suleymaan: **Ndegam def nga loolu** te sàmmoo sama kóllëre ak samay tëralin, yi ma la jagleel, **dinaa séddale sa nguur ci ñaar**!

Noonu Mbind mi daf nuy nettali ne, ginnaaw ba Suleymaan deeyee, xeetu Israyil doon nañu xuloo ngir xëccoo nguur gi ci seen biir. Noonu la fukki giiri bànni Israyil ak ñaar, yi soqikoo ci doomi Yanqóoba, xàjjalikoo nekk ñaar, ni ko Yàlla waxe woon Suleymaan. Kon, nekkatuñu woon wenn xeet rekk, waaye léegi **ñaari xeet** lañu, maanaam: **Israyil** ak **Yuda**. Fukki giiri Israyil, ya nekk ci bëj-gànnaaru réew ma, booloo nekk nguuru Israyil. Te ñaari giir, yi nekk ci bëj-saalumu réew ma, booloo nekk nguuru Yuda.

Mbind mi day wone ni ñaari xeet yooyu ame woon buur yu bare. Lu ëpp ci buuri Israyil ak Yuda, ay buur yu bon lañu woon, ndaxte **dëddu nañu Yàlla Aji Sax ji, di topp diiney xeet yi leen wër**. Ci biir buuri Israyil yooyu yépp amoon na ci kenn ku gën a bon te gën a soxor yeneen buur yépp. Ndax xam nga ku mu doon? Mooy **buur bi Akab**. Akab moo di juróom-ñetteelu buur gannaaw Suleymaan.

Ci mbirum Akab, Mbind mi ne na: "*Buur bi Akab nag, defoon na lu ñaaw ci kanam Aji Sax ji, ba raw ñépp ñi ko jiitu woon*", **(1Ki 16:30**) jël jabar **Yesabel**, mi bañ kàddug Aji Sax ji. Te bi ko loolu doyatul Akab tabaxoon na ci Israyil ay kër ngir turu **Baal**, maanaam ki xeet yi leen wër daan teg Yàlla. Noonu, Akab

merloo Aji Sax ji, ci li mu doon jiite bànni Israyil, ñuy topp diiney neen.

Waaye ci jamano jooju, dafa amoon jenn waay ci Israyil ju àndoon ak Yàlla. **Iliyas** la tuddoon. Am bés nag, Yàlla yónni Iliyas ci buur bi Akab. Noonu, "*Iliyas...ne Akab: Giñ naa ci Aji Sax jiy dund, di Yàllay Israyil ji may jaamu, ci at yi du taw, du lay lu dul ci sama kàddu!*" **(1Ki 17:1**)

Naka noonu, diirub ñetti at ak genn-wàll, tawul woon ci réewum Israyil gépp. Xiif ba, metti woon na lool ci réew ma. Kon, ci saar fukk ak juróom-ñett, Mbind mi ne na:

*Bi loolu amee...kàddug Aji Sax ji wàcc ci Iliyas ci ñetteelu atum maral wa, ne ko: Demal taxaw ci kanam Akab, te dinaa wàcce taw ci kaw suuf si. Noonu Iliyas dem teewi ci kanam Akab.* **(1Ki 18:1-2**)

*Naka Akab di séen Iliyas, mu ne ko: Ndax yaw du yaa xëpp musiba ci Israyil? Iliyas tontu ne: Mukk! Xëppuma musiba ci Israyil! Yaw kay ak sa kër baay, ndax yeena bàyyi ndigali Aji Sax ji te ngeen topp Baal! **Léegi nag dajaleel Israyil gépp ci sama wet, ca tundu Karmel**, ak ñeenti téeméeri yonent yu Baal ak juróom fukk...*

*Bi loolu amee Akab yónni ay ndaw ci bànni Israyil gépp, te mu dajale yonent yi ca tundu Karmel. Noonu Iliyas ñëw, ba jege mbooloo ma mépp ne: **Ba kañ ngeen di bàyyee bajjantu ci ñaari wet yi**? **Su fekkee ne Aji Sax ji mooy Yàlla, toppleen ko**! **Su fekkee ne Baal la, toppleen ko**! Mbooloo ma bañ a tontu dara.*

*Noonu Iliyas newaat mbooloo ma: Man rekk maa des ci yonenti Aji Sax ji, te am na fii ñeenti téeméeri yonent ak juróom fukk yu Baal. [Kon nag,] nañu nu jox **ñaari yëkk**. Nañu tànn ngir seen bopp wenn ci yëkk yi, te nañu ko dagg ay dog, ba noppi ñu teg ko ci kaw matt mi, bañ cee def safara. Te man itam dinaa defar weneen yëkk wi, teg ko ci kaw matt mi, te duma ci def safara. Gannaaw loolu ngeen ñaan seen yàlla, te man dinaa ñaan Aji Sax ji. **Yàlla ji wuyu jaare ci safara, kooku mooy Yàlla!***

*Te mbooloo ma mépp tontu, naan: Baax na! Iliyas ne **yonenti Baal**: Tànnleen wenn ci yëkk yi, jëkkleen koo defar ndax yeena gën a bare. Te ngeen ñaan ci seen turu Yàlla, waaye buleen ci def safara. [Noonu], yonenti Baal jël yëkk, wa ñu leen jox, defar ko, gannaaw ga ñuy ñaan Baal dale ca suba ba ca digg-bëccëg, naan: Baal, wuyu nu! Waaye dégguñu genn kàddu walla genn tont. Te ñuy bajjantu di wër rendikaay, ba ñu defaroon. Ca digg-bëccëg, Iliyas di leen naqaral, ne leen: Yuuxuleen ca kaw! Ndegam mooy Yàlla, xanaa dafay waxtaan, walla dafa jàpp, mbaa mu tukki, walla xanaa muy nelaw, te dina yeewu! Noonu ñuy yuuxu bu kawe, te ci seen aada ñuy jamu ak jaasi ak i xeej, ba deret jiy tuuru ci seen kaw. Bi digg-bëccëg weesoo, ñuy daanu gàngri ba waxtu, wi ñuy jébbale saraxus ngoon. Waaye amul genn kàddu. Kenn wuyuwul, kenn faalewu leen.*

***Iliyas** ne mbooloo ma mépp: Jegesileen ma! Mbooloo ma mépp jege ko. Noonu Iliyas defaraat rendikaay bu Aji Sax ji bi ñu daaneeloon. Iliyas jël fukki doj ak ñaar, ni ca lim bu giiri doomi Yanqóoba, mi Aji Sax ji soppi tur wa ne ko: Israyil mooy doon saw tur. Iliyas defaraat ak doj yooyu rendikaay ngir Aji Sax ji. Mu gas ca la wër rendikaay ba kàmb gu man a def lu tollu ci ñaari mata. Mu jekkal matt mi, dagg yëkk wa ay dog, ba noppi mu teg ko ca kaw matt ma. Gannaaw loolu mu ne: Duyleen ñeenti njaqi ndox, tuur leen ci kaw sarax si ñuy lakk ak ci matt mi!*

*Mu dellu ne leen: Defleen ko ñaari yoon! Ñu def ko ñaari yoon. Mu ne: Defleen ñetti yoon! Ñu def ko ñetti yoon. Ndox ma wal, wër rendikaay ba, te ñu feesal kàmb ga sax ak ndox.*

*Ca waxtu wa ñuy jébbale saraxus ngoon, Iliyas yonent bi, dox ca kanam te naan: Aji Sax ji, Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Israyil! Nañu xam tey jii ne, yaay Yàlla ci Israyil, te maay sa jaam. Def naa yëf yii ci sa kàddu. Tontu ma, Aji Sax ji! Tontu ma, **ngir mbooloo mi xam ne, yaw Aji Sax ji, yaa di Yàlla, te yaw yaay delloosi seeni xol**!*

*[Noonu] safaras Aji Sax ji ne milib, daanu, lakk sarax si, matt mi, doj yi ak suuf si, naan ndox ma nekkoon ca kàmb ga! Bi mbooloo ma gisee loolu, ñu daanu, dëpp seen kanam ca suuf te naan:* ***Aji Sax ji mooy Yàlla****!* ***Aji Sax ji mooy Yàlla!***

*Noonu Iliyas ne leen: Jàppleen yonenti Baal yi, bu kenn ci ñoom raw! Ñu jàpp leen. Iliyas yóbbu leen ca dawle ju Kison, foofa mu rendi leen fa. Bi loolu amee Iliyas ne Akab: Yéegal, lekk te naan, ndaxte riirum taw a ngi dégtu. Akab yéeg ngir lekk ak naan. Waaye Iliyas yéeg ca njobbaxtalu tundu Karmel, [ngir ñaan]. ...[Noonu] ci diir bu gàtt asamaan si lëndëm ak i xàmbaar, ngelaw li jóg, te mu daldi am taw bu metti.* **(1Ki 18:17-42,45**)

Ci lu wóor, nettali bu doy waar bii, dafa fees ak ndamu Yàlla ak kàttanam, te soxlawul nu ciy teg wax. Waaye bala nuy tàggoo tey, xëy na man nanu fàttaliku rekk li yonent Yàlla Iliyas waxoon bànni Israyil, laata muy dëkk ñeenti téeméeri yonent yu dul dëgg ak juróom fukk yu Baal. Mu ne: "***Ba kañ ngeen di bàyyee bajjantu ci ñaari wet yi***? ***Su fekkee ne Aji Sax ji mooy Yàlla, toppleen ko! Su fekkee ne Baal la, toppleen ko!***"

Ci bu jëkk, bànni Israyil tontuwuñu woon dara. Wànte ba ñu gisee ni Yàlla Aji Sax ji nangoo ñaanu Iliyas ba tawloo safara ci rendikaayam, mbooloo mépp daanu, dëpp seen kanam ca suuf te naan: "***Aji Sax ji mooy Yàlla! Aji Sax ji mooy Yàlla!***" Noonu la yonent Yàlla Iliyas weere diiney Baal ju dul dëgg ci kanam ñépp te delloosi xoli bànni Israyil ci Aji Sax ji seen Yàlla – ci benn bés!

**Lu taxoon Yàlla wuyu Iliyas bi mu ko ñaane**, te faalewul ñaani yonenti Baal yi? Ndaxte Iliyas gëmoon na kàddug Yàlla Aji Dund ji, waaye yonenti Baal yi seen aaday diine doŋŋ lañu gëmoon. Seen ngëm sukkandikuwul ci Kàddug Yàlla Aji Dund ji.

Noonu, gis nanu ni yonent Yàlla Iliyas sante woon bànni Israyil ñu tànn

**Yàlla Aji Sax ji** walla **diiney Baal**.
**Dëgg** walla **fen**.
**Leer gi** walla **lëndëm gi**.
**Waxu Yàlla ju dëggu ji** walla **waxi diine yu sësul fenn**.

Xëy na am na kuy déglu tey, te war a tontu laaju yonent Yàlla Iliyas. "***Ba kañ nga di bàyyee bajjantu ci ñaari wet yi?***" Ba kañ ngay bàyyee bajjantu ci diggante kàddug Yàlla gu dëggu gi ak aada yu nit tëral, te sësul fenn? Mbind mi ne na: "***Kenn mënul a jaamoondoo ñaari sang****; fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla nga jàpp ci kenn ki, xeeb ki ci des. Mënuleen a boole jaamu Yàlla ak Alal.*" **(Mc 6:24**) Mënuleen a boole jaamu Yàlla Aji Sax ji ak diiney neen. "***Ba kañ nga di bàyyee bajjantu ci ñaari wet yi?***"

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox-daje njàng miy ñëw, ndaxte, bu soobee Yàlla, dinanu jëm kanam ci Mbindi yonent yi, te gëstu ci nettali bu doy waar ci mbirum benn yonent bu defoon ñetti fan ci biir jën wu réy wa. Ndax xam nga ban yonent la woon?

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li yonent Yàlla Iliyas waxoon bànni Israyil, bi mu naan: "***Ba kañ ngeen di bàyyee bajjantu ci ñaari wet yi? Su fekkee ne Aji Sax ji mooy Yàlla, toppleen ko!***" **(1Ki 18:21**)

# 54 Yonent Yàlla Yunus

(Yunus)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, gëstu woon nanu ci nettalib yonent Yàlla **Iliyas**. Iliyas yonent bu mag la woon, ndaxte kàttanu Xelum Yàlla solu woon na ko. Jàngoon nanu ni mu ñaane Yàlla, ngir mu bañ a taw, te ndox laalul suuf diirub ñetti at ak genn-wàll. Te gisoon nanu it ni Iliyas jànkoontee woon ak yonenti Baal yu dul dëgg yi, ba weer seen diine ju dul dëgg ci kanamu bànni Israyil yépp. Noonu la yonent Yàlla Iliyas delloosee xoli niti Israyil yu bare ci Yàlla seen Boroom.

Tey nag, danu bëgg a jëm kanam ba déglu nettalib beneen yonent, bu toppoon ci jamanoy Iliyas. Dinanu gis ni Yàlla tànne woon benn waayu Israyil bu tudd **Yunus**, sant ko **mu waareji ci ay doxandéem** yu nekkoon nooni Israyil. Nu ngiy jàng ci téereb Yunus. Ci saar wu jëkk wi, Mbind mi ne na:

*Kàddug Aji Sax ji wàccoon na ci Yunus, doomu Amitay, ci baat yii:* ***Jógal, te dem*** *Niniw, dëkk bu mag ba, te nga yuuxu ci kawam! Ndaxte coxoram agsi na ba fi man.* **(Jon 1:1-2**)

Ndax dégg ngeen li Yàlla santoon Yunus? Yàlla wax na ko, mu dem, artu waa dëkku Niniw, ñu tuub seeni bàkkaar – fekk Niniw googoo di péeyub réewum Asiri, te waa Asiri sax ñoo doon xeet wu soxor, wa bëggoon a far bànni Israyil!

Lu tax Yàlla bëggoon a yónni Yunus ci doxandéem yooyu xeeb te bañ bànni Israyil? Ndax Yàlla toppatoo na nooni Israyil itam? Waaw, waaw. Yàlla dogaloon na àtte waa Niniw, ndax seen bàkkaar egg na ba ci asamaan sax! Waaye **Yàlla amul benn bànneex ci nasaxal bàkkaarkat yi**. Li Yàlla bëgg mooy ñépp tuub seeni bàkkaar, te mucc. **Loolu moo taxoon Yàlla woo Yunus, sant ko mu dem ci waa Niniw**, artu leen, ngir ñu tuub seeni bàkkaar te bañ a sànku.

Waaye **Yunus bëggul woon a artuji ay noonam**! Yunus bëggul woon a nekk yonent ci dëkku Niniw! Yàlla dafa bëggoon waa Niniw réccu, ngir mu man leen a yërëm, waaye Yunus moom dafa bëggoon Yàlla mbugal leen! Looloo taxoon Yunus bañ ag yonentam, di fexee daw fu sore Aji Sax ji. Waaye fan la manoon a daw, ba sore jetaayu Yàlla?

Nanu jëm kanam léegi ci nettali bi. Mbind mi ne na:

***Noonu Yunus daldi jóg, daw****....ngir làquji fu sore Aji Sax ji. Mu àgg Yafo, te fekk fa gaal gu jëm Tarsis (maanaam fu sore lool Niniw); mu fey paasam, ànd ak ña ca gaal ga jëm Tarsis, fu sore Aji Sax ji.*

*Waaye* ***Aji Sax ji wol ci géej gi ngelaw lu metti****, te ngëlén lu réy am ci géej gi. Gaal ga di waaj a suux. Ña doon liggéey ca gaal ga tiit, di ñaan seeni yàlla, te ñu sànni ci géej gi yëf ya nekkoon ca gaal ga, ndax mu gën a woyof. Yunus moom wàccoon na ca taatu gaal ga, tëdd fa di nelaw, nelaw yu xóot. Ka doon dawal gaal ga ñëw ci moom, ne ko: Lu tax ngay nelaw? Jógal, ñaan ndimbal sa Yàlla! Xëy na mu yërëm nu te dunu sànku. Ñuy wax ci seen biir naan: Kaayleen, nu tegoo bant, ngir xam kan moo wàccee ci sunu kaw musiba mi. Ñu daldi tegoo bant, te mu dal ci kaw Yunus.*

*Noonu ñu ne ko: Wax nu kan moo indi musiba mi ci sunu kaw? Lan mooy sa liggéey, fan nga jóge ak man réew nga bokk te ci wan xeet nga askanoo? Mu tontu leen ne: Man Yawut laa, te dama ragal Aji Sax ji, Yàllay asamaan, moom mi sàkk géej ak suuf. Nit ñooñu daldi am njàqare ju réy, ne ko: Lu tax nga def lii? Ndaxte nit ña xamoon nañu ne dafa doon daw fu sore Aji Sax ji, ndaxte moo leen ko wax. Ñu ne ko: Nan lanu*

*lay def, ngir géej gi dal? Ndaxte géej gaa ngi doon gën a mer. Mu tontu leen ne: Yëkkatileen ma, sànni ma ci biir géej gi, te géej gi dina dal, ndax xam naa ne man, maa xëcc ngëlén li ci yeen! Nit ña di joow ngir jot tefes ga, waaye mënuñu ko, ndaxte géej gaa ngi doon gën a mer ci seen kaw.*

*Noonu ñu ñaan Aji Sax ji, naan: Ey Aji Sax ji, bul nu sànk ndax bakkanu nit kii, te bul nu sëf deretam! Ndax yaw, Aji Sax ji lu la neex ngay def. Noonu ñu jël Yunus, sànni ko ci géej gi te merum géej gi daldi dal. Ragal Yàlla gu réy jàpp nit ñooñu, te ñu def ay sarax ngir Aji Sax ji te def itam ay yéene.*

*Noonu* ***Aji Sax ji, yebal jën wu réy*** *mu wann Yunus. Diirub ñetti bëccëg ak ñetti guddi, Yunus nekkoon na ci biiru jën wa*. **(Jon 1:3-2:1**)

Nanu taxaw fii tuuti. Fi nu tollu léegi, gis nanu ni Yàlla toppe woon Yunus, yonentam bi doon daw! Yunus manoon na daw, waaye mënul woon a rëcc loxob Yàlla. Lu taxoon Yàlla toppe noonu Yunus? Ndaxte Yàlla dafa ko bëgg, te bëgg it mu def coobareem.

Noonu, gis nanu ni Yàlla yebale woon jën wu réy wa, ngir mu wann ko, waaye reyu ko. Lan la Yunus manoon a def ba musal boppam? Dara! Dara lu dul yuuxu ci Yàlla Aji Sax ji! Yàlla rekk a ko manoon a musal. Naka noonu ci saar ñaar, Mbind mi day nettali ni Yunus ñaane woon Aji Sax ji ci biiru jën wa, tuub bàkkaaram ci li mu bañ a déggal Yàlla. Diirub ñetti fan, Yàlla aar Yunus ci biir rabu géej woowa, ba mu ràññee bu baax ne: Déggal Yàlla moo gën daw Yàlla!

Amunu jotu jàng lépp li Yunus waxoon Yàlla ci biiru jën wa. Waaye war ngeen xam li mu mujjoon a wax, ndaxte lu am maana lool la! Ci ñetteelu fan ba, Yunus ne: "***Mucc gi, ci Yàlla lay jóge***!" **(Jon 2:9**) Naka noonu, bi Yunus waxe: "*Mucc gi, ci Yàlla lay jóge*!", Mbind mi ne na: "*Aji Sax ji wax ak jën wa mu goqi Yunus ci kaw suuf si!*" **(Jon 2:10**)

Kon, ci saar ñett, Mbind mi dafay wax ne:

*Ñaareel bi yoon, Aji Sax ji joxaat Yunus ndigal lii:* ***Jógal te dem*** *Niniw, dëkk bu mag ba, te nga yégle fa xebaar bi ma la jox. Bile yoon,* ***Yunus dégg na ndigalu Aji Sax*** *ji te mu daldi tegu ci yoonu Niniw. Dëkk bu doy waar te réy la woon, ñetti fan la nit waroon a dox ngir jàll ko. Noonu Yunus di dox bésub lëmm di yégle naan: Fileek ñeent-fukki fan, Niniw dina nasax!*

[Noonu] ***waa dëkk ba daldi gëm kàddug Yàlla****. Ñu fas yéene woor te ku nekk, la ko tàmbalee ca boroom alal ja ba ci ki gën a walaakaana, ku nekk muuroo saaku, xëppoo dóom. Buuru Niniw dégg mbir ma, daldi wàcc jalam, summi mbubbum buuram sàngoo saaku toog ci dóom. Te mu wax ñu siiwal ci Niniw gépp ndigal lii: "Na nit ñépp...yuuxu ñaan Yàlla ak seen doole jépp! Na ku nekk dëddu yoon wu bon wi mu topp ak jëfi tafaar yi muy def. Kon, xëy na Yàlla dina bàyyi meram mu tar mi, baal nu ngir nu bañ a sànku!"*

[Naka noonu,]***Yàlla daldi gis ni waa Niniw jëfe, mu xam ne réccu nañu seeni jëf yu bon. Yàlla daldi bàyyi li mu naroon a def te nasaxalu leen ni mu ko fasoon yéenee!*** **(Jon 3:1-10**)

Kon, gis nanu ni **Yàlla yërëme waa Niniw**, ndaxte gëm nañu kàddu, gi mu leen yónnee, ba tuub seeni bàkkaar ak xol yu toj te mokk! Waaye **Yunus moom, bégul** woon ci li Yàlla yërëm waa Niniw yi. Dégluleen li mu bind ci saar wu mujj wa. Mbind mi ne na:

***Yunus daldi mer lool ndax loolu****. Mu ñaan Aji Sax ji ne ko: Ey, Aji Sax ji! Du lii laa doon wax ba ma nekkee ca sama réew?! Te moytu lii moo taxoon ma daw jëm Tarsis. Ndax xamoon naa ne, Yaw Yàlla ju bare yiw ak yërmande nga, di ku yeex a mer te fees ak mbëggeel, te di baal ñi ngay tëkku. Léegi nag, Aji Sax ji, faatal sama bakkan, ndax dee moo ma gënal dund. Aji Sax ji tontu ko ne: Ndax jaadu na ngay mer?*

*Noonu Yunus daldi génn dem toog ca penkub dëkk ba. Mu defar fa mbaar dugg ca biir toog, di xaar ba xam*

*luy xew ca dëkk ba. Aji Sax ji daldi saxal genn xëy-màgg gu tiim Yunus te ker ga di féexal boppam ngir dalal meram. Te Yunus am mbég mu réy ndax xëy-màgg gi.*

*Wànte ca ëllëg sa, ba bët setee, Yàlla yebal aw sax mu lekk xëy-màgg gi, ba mu wow. Te bi jant bi fenkee, Yàlla daldi indi ngelawu penku lu tàng, te jant bi di lakk boppu Yunus. Bi muy waaj a xëm, Yunus di ñaan dee naan: Dee moo ma gënal dund! Yàlla laaj Yunus ne ko: Ndax jaadu na ngay mer ndax xëy-màgg gii? Mu tontu ne: Waaw-waaw, maa yey mer ba bëgg a dee sax!*

*Noonu Aji Sax ji ne ko: Yaa ngiy yërëm xëy-màgg gii nga xam ne sonnuloo ci te jëmbëtuloo ko, dafa sax ci genn guddi te dee ca guddi ga ca topp. Man nag, nga bañ ma yërëm Niniw, dëkk bu mag bi nga xam ne lu ëpp téeméer ak ñaar fukki junniy nit ñu rààññewul lu baax ak lu bon a nga fa dëkk, waxuma nag coggali bàyyima ya fa nekk.* **(Jon 4:1-11**) Foofu la téereb Yunus yem.

Mbokki déglukat yi, ci nettalib yonent Yàlla Yunus am na lu bare li nu man a gis ci mbirum jikkoy nit ak jikkoy Yàlla. Li nu ci man a xam mooy lii: **Yàlla du gënale**. Yunus gënale woon na lool, waaye Yàlla gënalewul. Ci lu wóor, **xolu Yàlla wuute woon na lool ak xolu Yunus**.

- Xolu Yunus dafa feesoon ak gënale. Waaye xolu Yàlla fees ak mbëggeel ak yërmande ci nit ñépp.
- Yunus bëggoon na ay mbokkam, te sib ay bañaaleem. Waaye Yàlla moom bëgg na waa Israyil ak waa Niniw ak xeeti àddina sépp!
- Yunus dafa bëggoon waa Niniw sànku, ndaxte ay nooni Israyil lañu woon. Waaye li Yàlla bëggoon mooy ñu tuub seeni bàkkaar, nangu kàddoom te mucc. Yàlla du gënale. Koo man a doon ak noo man a mel, **Yàlla sopp na la**! Dafa sopp waa àddina sépp! **Yàlla dafa bëgg nit ñépp, ci xeet yépp**, nangu seen bàkkaar ci kanamam, xam dëgg gi, gëm ko, te mucc.

Waaw, am na ñuy xalaat ne: "Yàlla dafa tànn ñenn ci nit ñi ngir ñu sànku ci safara, te tànn itam ñeneen ngir ñuy bànneexu ci Àjjana." Waaye ñiy xalaat loolu, ñu ngi xalaat lu dul dëgg ci mbirum Yàlla, mi jub te baax. Ndaxte Mbind mu sell mi ne na: "***Yàlla sunu Musalkat [dafa] bëgg ñépp mucc te xam dëgg gi!*** *Yàlla...bëggul kenn alku, waaye* ***ñépp tuub seeni bàkkaar****!*" **(1Tim 2:4 2Pi 3:9**) Wànte ñi bañ a tuub seeni bàkkaar – Yàlla dina leen àtte, "***ndaxte ubbiluñu seeni xol dëgg, gi leen manoon a musal****! Noonu Yàlla dina mbugal ñépp ñi gëmul woon dëgg gi, te doon bànneexu ci njubadi!*" **(2Tes 2:10,12**) Moom la Kàddug Yàlla Aji Sax ji di yégle.

Kon, bu leen ci dara nax. Yàlla du gënale mukk, te amul benn bànneex ci nasaxal bàkkaarkat yi. **Li Yàlla bëgg mooy nga xam dëgg gi, gëm ko, te mucc**! Looloo tax Yàlla, ci jamano yu weesu ya, tànnoon na ay nit, di ay yonent, xiir leen, ñu bind kàddug Yàlla, ngir nga man a xam yoonu mucc wi Yàlla tëral, **nangu ko te mucc**! Képp ku ko gëm, dina texe. Képp ku ko sàggane, dina sànku! Yàlla du gënale.

Fii nag lanuy yem tey, di tasewaat ak yeen emisyoŋ biy ñëw, ndegam neex na Yàlla, ngir jàng ci mbirum yonent bu mag bu yégle woon lu baree-bare ci lu jëm ci Rammukat, bi waroon a ñëw ci àddina ngir musal bàkkaarkat yi. Yonent boobu mooy Esayi – yonent Yàlla bi jiitoo Almasi bi lu tollu ci juróom-ñaari téeméeri at.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis/ *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku li nu jàng ci Mbind mu sell mi tey:

"***Mucc gi, ci Yàlla lay jóge!***" **(Jon 2:10**) "***Yàlla du gënale ... Dafa bëgg ñépp mucc ... Waaye su ngeen tuubul seeni bàkkaar, dingeen sànku, yeen ñépp!***" **(Jëf 10:34 1Tim 2:4 Lu 13:3**)

# 55 Yonent Yàlla Esayi

(Esayi)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, nu ngi doon gëstu ci nettalib yonent Yàlla **Yunus** ak ni mu doon fexee daw fu sore Aji Sax ji. Waaye fexee daw jetaayu Yàlla, mu ngi mel ni jéem a daw sa takkandeeru bopp. Noonu, gisoon nanu ni Yàlla ànde woon ak Yunus, ba ci biir jën wu réy wi sax!

Tey jii nag, danu fas yéene jàng ci mbirum yonent bi toppoon ci jamanoy Yunus, te turam siiw ci Kàddug Yàlla. Mooy **yonent Yàlla Esayi**, bi jamanoom jiitoo woon juróom-ñaari téeméeri at jamanoy Almasi bi. Esayi sëriñ la woon, buy liggéeyal Yàlla ci kër Yàlla, ga Suleymaan tabaxoon ci Yerusalem. Bés bu nekk, Esayi ak sëriñ sa ca des, waroon nañu jébbal Yàlla saraxi mala ci rendikaay ba, ngir misaal deretu Almasi, bi naroon a tuuru ndax bàkkaaru àddina. Waaye Yàlla dogalul woon Esayi nekk sëriñ kese.

Dégluleen kon li xewoon benn bés, bi Esayi nekkee ci biir kër Yàlla gi. Nu ngiy jàng ci téereb Esayi, saar juróom-benn. Esayi bind na ne:

*Ci at ma buur ba Osiyas deewee,* ***dama gis Boroom bi mu toog ci gàngune mu kawe lool****, te lafi mbubbam fees kër Yàlla gi. Ay malaakaa ngi ko tiim; ku nekk ci ñoom amoon na juróom-benni laaf; ñaar yu ñuy muure seen xar-kanam, ñaar yu ñuy muure seeni tànk, ak ñaar yu ñuy jëfandikoo ngir naaw. Kenn ku nekk a ngi doon yuuxu moroomam, te naan:* ***Aji Sax ji Boroom Kaaraange yi moo sell, sell, sell****!* ***Àddina sépp a ngi fees dell ak ndamam****! Fondamaab bunt ya di yëngu bu metti ndax baat bi doon jib, te kër ga fees ak saxar.*

*Noonu ma daldi ne:* ***Toroxte dikkal na ma****!* ***Sànku naa, ndaxte nit laa koo xam ne ay tuñam selluñu, rax-ca-dolli ma dëkk ci biir xeet woo xam ne, seeni tuñ dañu selladi, te samay bët gis nañu Buur bi, Aji Sax ji Boroom Kaaraange yi****! Waaye benn ci malaaka yi naaw wutsi ma, ma nga tëye ci loxoom xeer wu lakk ba xonq, mu jële ko ca rendikaayu sarax ba ak ay keppukaay. Mu daldi ca laal sama gémmiñ, te ne: Lii laal na say tuñ; say ñaawteef deñ na, te baal nañu la sa bàkkaar.*

*Ma dégg baatu Boroom bi naan: Ana kan laay yónni; te kan moo nuy demal? Ma tontu ne: Maa ngi, yónni ma!* **(Isa 6:1-8**)

Noonu la Yàlla Aji Sax ji feeñale woon Esayi ndamam ak sellaayam, woo ko, yónni ko, ngir mu dem, yégal kàddoom bànni Israyil, di Yawut yi, te bind ko ci téere ngir njariñu doomi Aadama yépp. Téereb Esayi, téere bu gudd la te xóot, te amunu jotu gëstu ci lépp li mu ëmb. Wànte ci emisyoŋ tey bi, dinanu fexee tënk xebaaru yonent Yàlla Esayi ci ñaari xalaat yu am maana.

Ci bu jëkk, dinanu gis ni Esayi yégale woon Yawut yi **xebaar bu bon** ci lu jëm ci seen bàkkaar ak mbugal gi ñu yelloo. Ci ñaareel bi, nu gis ni mu leen dégtale **xebaar bu baax** ci lu jëm ci Almasi, bi waroon a ganesi àddina ngir gàddul leen seen mbugalug bàkkaar.

- **Xebaar bu bon bi jëm ci bàkkaar ak peyam**.
- **Xebaar bu baax bi jëm ci Musalkat, bi nar a feyal bàkkaarkat yi seen boru bàkkaar**.

Ci tënk, loolu mooy waareb yonent Yàlla Esayi.

Nanu jëkk a jukki nag aaya yu néew, yiy wone **xebaar bu bon**, bi Yàlla sol Esayi, ngir mu yégal ko Yawut ya ak képp ku am ay nopp. Ci saar benn, yonent Yàlla Esayi dafa bind ne:

***Asamaan yi dégluleen, suuf joxeel ab nopp, ndax Aji Sax jaa ngi wax**: Dundal naa te yar ay xale, waaye tooñ nañu ma! Nag xàmmee na boroomam, te mbaam-sëf xam na gàmbam, waaye bànni Israyil xamul dara, sama mbooloo amul xel. Céy mbooloom moykat yi, dingeen torox! Yeen xeet wi xuus ci bàkkaar, di giir gi dëpp ci lu bon, yeen doom yu yàqu yi! Wacc ngeen Aji Sax ji, di xeeb Aji Sell ju Israyil; won ngeen ko gannaaw, ba dem fu sore!* **(Isa 1:2-4**)

***Bàyyileen a indi saraxi neen; sib naa seen cuuraay, xajootuma seeni màggal, muy ci terutel weer wi, mbaa bési noflaay yi, walla ndajey diine yi, mënatumaa muñ seeni ndajey kasara yi. Seeni màggali terutel weer wi, ak seeni xew ci bési diine, suur naa leen këll, ba tàyyi naa ci yen bi. Tàllalleen seeni loxo, ma dummóoyu leen. Bareelleen seeni ñaan, ma tanqamlu leen!*** **(Isa 1:13-15**)

Noonu la yonent Yàlla Esayi yedde woon Yawut yi ndax seen naaféq, te tënk seen bàkkaar ci wax jii: "***Yàlla Aji Sax ji ne na: Xeet wii ñu ngi may teral ci seen gémmiñ, waaye seen xol sore na ma. Seen màggal amul benn njériñ, ci li ñuy jàngale dénkaaney nit kese!***" **(Mc 15:8 Isa 29:13**)

Kon, ginnaaw ba Esayi yeddee Yawut yi ndax seen bàkkaar, mu daldi leen tàmbali xamal **xebaar bu baax**, bi am doole ngir sellal xolu képp ku ko gëm. Ci jot gi nu dese tey nag, nanu fexee jukki as lëf ci wax yu neex yooyu Esayi bindoon ci mbirum Almasi, bi naroon a ganesi àddina, ngir musal bàkkaarkat yi. Esayi dafa bind ci saar ñeent fukk ne:

"*Seen Yàlla nee na: Dëfëlleen sama mbooloo, dëfëlleen seen xol!*" **(Isa 40:1**) "*Baat baa ngi jib naan: **Xàll-leen yoonu Aji Sax ji** ca màndiŋ ma, maasale mbedd ca tàkk ga ngir sunu Yàlla! Na bépp xur fees, bépp tund màbb, muy mag mbaa ndaw; yoon wi ñagas ratax, te mbartal doon joor. Noonu ndamul Aji Sax ji feeñ, te nit ñépp gisandoo ko; ndax gémmiñu Aji Sax ji wax na ko.*" **(Isa 40:3-5**) *Yaw* [Yerusalem] *yéegal ci tund wu kawe, ngir yéene xebaar bu baax bi... Na sa kàddu jib te bul ragal, di wax dëkki Yuda: Seen Yàllaa ngii! **Boroom baa ngii, Aji Sax jaa ngi ñëw ak kàttan!*** **(Isa 40:9-10**)

Te ci saar juróom-ñaar, Esayi teg ci ne: "*Boroom bi, moom ci boppam dina leen won firnde; **janq bu musul a séy dina ëmb, jur doom jur góor**, tudde ko Emanuwel* (liy tekki: **Yàlla ganesi na nu**)!" **(Isa 7:14 Mc 1:23**)

Naka noonu dégg nanu yégleb Esayi ci ni Yàlla fasoon yéenee wàcce **Xelam** ak Kàddoom ci biiru benn janq bu musul a séy, ngir Musalkatu bàkkaarkat yi juddu ci àddina. Ni ngeen ko xame, Almasi bi amul woon baay ci kaw suuf. Laata muy juddu sax, mu ngi nekkoon ci asamaan, ndaxte mooy **Kàddu**, gi nekkoon ak Yàlla ci njàlbéen ga. Almasi bi, moo doon **Xelum Yàlla mi yor bindu nit**. Looloo taxoon Esayi man a yégle, naan: "*Janq bu musul a séy dina ëmb, jur doom jur góor, tudde ko Emanuwel* (liy tekki: **Yàlla ganesi na nu**)!"

Ci saar yi ci topp nag, Esayi bind na lu bare ci mbirum dikku Almasi bi. Am na fu mu ne:

*Xeet wi doon wéy ci lëndëm, gis nañu **leer gu mag**; ñi dëkkoon ci réew, mi dee njatt, leer fenkal na leen.* **(Isa 9:1**)
*Ndaxte **Doom juddul na nu**, mayees na nu doom ju góor, te dina yor nguur gi; dees na ko tudde: **Diglekat bu yéeme, Yàlla mi man lépp, Baay bu sax, Buuru jàmm!*** **(Isa 9:5**)

*Noonu gumba yi dinañu gis, tëx yi di dégg, lafañ di tëbentu ni kéwél, te làmmiñu luu ne tell ak mbég!* **(Isa 35:5-6**)

Ci aaya yooyu, dégg nanu yégleb yonent Yàlla Esayi ci ni Almasi bi naroon a indee ci kaw suuf sellaayu Yàlla ak yërmandeem, def ay jëf yu kenn deful, ngir ñépp man ci xam bu wóor ne: Almasi bu sell bii, ci jetaayu Yàlla la jóge! Looloo taxoon Esayi bind ne: Dees na tudde Almasi bi: "**Diglekat bu yéeme! Yàlla mi man lépp! Baay bu sax! Buuru jàmm!**" Ci lu wóor, Esayi melul woon ni niti jamanoy tey, ñiy fexee yemale Almasi bi ak yonent yi. Yonent Yàlla Esayi moom ràññe woon na ndamu Rammukat, bi naroon a jóge ci jetaayu Yàlla!

Léegi nag, bala nuy tàggoo, am na weneen saar wu nu war a jàng: saar juróom-fukk ak ñett. **Mooy saar wi gën a rafet te ëpp maana ci lépp li yonent Yàlla Esayi bindoon**, ndaxte, dafa ciy yégle ni Almasi bi naroon a tuure deretam ni xar mu ñuy rendi, ngir yenu mbugalug bàkkaaru àddina. Dégluleen ak xel xebaar bu baax, bi Yàlla jottali yonentam Esayi, juróom-ñaari téeméeri at lu jiitu jamanoy Almasi bi. Mbind mu sell mi ne na:

***Ana kan moo gëm sunu xebaar, ku xàmmee loxob Aji Sax ji? Ndaxte Jaam bi (maanaam: Almasi bi) màgg na ci kanamam mel ni njébbat, ni ngarab suy génn ci suuf su wow; amul woon jëmm, amul woon taar. Meloom amul woon lu nuy wootal ci moom. Nit ñi xeeb nañu ko, fakk ko, nitu naqar la, ku dëkke tiis; xeeb nañu ko, séexlu ko, ba mel ni ku ñuy daw. Danoo yaakaar ne, ci mbugal la nekk, Yàllaa ngi koy fàdd, di ko toroxal, te fekk sunuy tiis la yenu, gàddu sunuy naqar. Wànte sunuy bàkkaar a tax mu gaañu, ne làcc ndax sunuy tooñ; mbugal gi nu may jàmm, moom la dal, ay góomam ñoo tax nu wér. Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te Aji Sax ji yen ko sunuy jubadi, nun ñépp***.

***Fitnaal nañu ko, mu dékku ko te boolewu ca wax; mel ni xar mu ñuy rendiji, ni mburt mu luu ci kanami watkat, mu ne cell. Cig naaféq lañu ko àtte, ba yeew ko, rey; ñi mu tollool jamono, ku ci xalaat lii? Jukkee nañu ko ci ñiy dund, fàdd ko ngir bàkkaari askan wi. Suul nañu ko ci biir ñu bon ña, rob ko ak ku bare alal, te moona musul a def lu bon te fen génnewul ci gémmiñam. Waaye soob na Aji Sax ji, mu gaañ ko, yen ko tiis wu xel dajul. Bi mu jébbalee bakkanam ni sarax ngir fey bàkkaar yi, dina gis ag njabootam, te gudd fan, te jëfu Aji Sax jiy lawe ci loxoom. Bu ay coonoom matee, dina gis leer gi, te xolam sedd. Sama Jaam bi jub, ci xam-xamam dina àtte nit ñu bare njub, te gàddu seeni tooñ. Moo tax ma jox ko ci wàllu buur yi, muy séddu ci cérub ñi am tur; ndaxte jébbale na bakkanam ba dee te ñu boole ko ca limub ñu bon ña; ndaxte yenu na bàkkaari ñu bare te tinul ñi tooñ***. Amiin! **(Isa 53:1-12**)

Loolu mooy li Esayi bindoon ci mbirum coono, bi Almasi bi naroon a daj ngir feyal nu sunuy bàkkaar. Waaw. Fàww Rammukat bi sonn, tuur deretam, ngir Yàlla man nu baal sunuy bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem. Looloo taxoon Esayi bind ne: "*Sunuy bàkkaar a tax mu gaañu, ne làcc* **ndax sunuy tooñ** *... Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te* ***Aji Sax ji yen ko sunuy jubadi, nun ñépp***." **(Isa 53:5,6**) Amiin.

Aaya bu neex bii, dafay tënk xebaaru téereb Esayi ci ñaari xalaat. Xalaat bu jëkk bi dafa ëmb **xebaar bu bon**, te ñaareelu xalaat bi ëmb **xebaar bu baax**.

1.) Ci bu jëkk, war nanu xam ne, nun ñépp ay bàkkaarkat lanu te amunu benn pexe ngir musal sunu bopp! Moo taxoon Esayi bind ne: "***Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp!***"

2.) Ci ñaareel bi, fokk nu xam ne, Yàlla rabatoon na pexe ngir musal bàkkaarkat yi, te pexe moomoo ngi ci deewug Almasi bi ak ndekkiteem. Looloo tax Esayi bind ne: "***Sunuy bàkkaar a tax mu gaañu, ne làcc ndax sunuy tooñ ... te Aji Sax ji yen ko sunuy jubadi, nun ñépp!***"

- Yaw miy déglu tey, **ndax ràññee nga** ni say bàkkaar réye fa kanam Yàlla Aji Sell ji?
- Ndax **xam nga lu tax** Almasi bi waroon a tuur deretam ni xar mu ñuy rendiji?

Xalaatal bu baax ci waxi yonent Yàlla Esayi yii. Yàlla bëgg na leeral sa xel ci lépp li Esayi bind ci saar juróom-fukk ak ñett. Te su fekkee ne am na dara lu leerul ci sa xel ci li nu jàng tey, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li yonent Yàlla Esayi bind ne: "***Aji Sax ji nee na: Ñëwleen nu layoo! Bu seeni bàkkaar melee ni lu xonq curr, dinañu dellu weex ni meew, bu ñu xonqee ni deret, dinañu weex tàll ni perkaal!***" **(Isa 1:18**)

# 56 Yonent Yàlla Yeremi

(Yeremi)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, déggoon nanu ni yonent Yàlla **Esayi** binde woon lu bare ci mbirum Almasi, bi naroon a ñëw. Juróom-ñaari téeméeri at lu jiitu juddug Almasi bi, Yàlla soloon na ci xelum Esayi ni Musalkatu bàkkaarkat yi naroon a jógee ci jetaayu Yàlla, juddu ci janq, dund dund gu sell, te def ay kéemaan yu kenn deful. Wànte Esayi yégle woon na it ni Almasi bi naroon a tuure deretam ngir fey bàkkaar yi, mel ni xar mu ñuy rendiji. Te bu saraxam matee, dina noot dee, dekki ci bàmmeel ba, indi dund gu dul jeex ci képp ku ko gëm.

Tey ji nag, danu fas yéene jëm kanam ci nettaliy yonent yi, ba gis beneen yonent bu tedd, bu doon dund daanaka téeméeri at ginnaaw Esayi. Yonent boobu mooy **Yeremi**.

Ni nu ko gise woon ba noppi, xeetu Israyil, nekkatul woon wenn xeet rekk. Ñaari xeet la mujjoon a doon, di Israyil ak Yuda. Te fi nu tollu léegi ci Mbindi yonent yi, war ngeen xam ne, nguuru Israyil, ga nekkoon ci bëj-gànnaaru réew ma, tas na. Yàlla tàbbal na waa Israyil ci seeni loxoy noon, ndaxte gëmuñu woon waxi yonent yi ba tuub seeni bàkkaar. Kon, ci xeeti Yawut yi, **Yuda rekk a desoon**. Yuda mooy xeet wi nekk ci bëj-saalum, te péeyam moo doon Yerusalem, fa kër Yàlla, ga Suleymaan tabax nekkoon.

Yonent Yàlla Yeremi nag; Yawut la woon, bu juddoo ci dëkk bu ndaw, boo xam ne, digganteem ak Yerusalem mat na juróomi kilomet. Baayu Yeremi, sëriñ la woon ci kër Yàlla, ga nekkoon Yerusalem. Ci jamano jooju, lu ëpp ci Yawut, yi dëkkoon Yerusalem, **fonk nañu seen sàrti diine**, waaye **faalewuñu kàddug Yàlla Aji Sax ji**. Wànte Yeremi moom, nit ku fonkoon kàddug Yàlla la woon te déggal ko, te mu ngi doon séentu jamano ji Yàlla war a wàcce Almasi bi ci àddina.

Léegi nag, nanu dugg ci téereb Yeremi, ba gis ni ko Yàlla woowe, mu nekk yonentam. Ci saar benn Yeremi bind na ne:

*Kàddug Aji Sax ji wàcc ci man naan:* ***Laata ma lay muul ci sa biiru ndey, xam naa la, ber la, laata ngay juddu, fal la yonent ci xeet yi****.*

*Noonu ma tontu: Céy Boroom bi Aji Sax ji, man de duma waxkat, ndax xale laa!*

*Waaye Aji Sax ji ne ma: Bul ne: Xale laa; ndaxte dinga dem ci ñépp ñi ma lay yebal, wax leen lépp li ma la digal. Bu leen ragal, ndax maa ngi ànd ak yaw, di la xettali. Lii la Aji Sax ji wax. Gannaaw loolu Aji Sax ji tàllal loxoom, laal sama gémmiñ, ne ma: Def naa samay kàddu ci sa gémmiñ! Déglul, fal naa la tey ci xeet yi ak ci nguur yi, ngir ngay buddi ak a jàllarbi, ngay toj ak a tas, ngay tabax ak a jëmbët!* (**Jer 1:4-10**)

Noonu la Yàlla woowe Yeremi, mu nekk yonentam. Yàlla fal na ko ngir mu dem ci ay mbokki Yawutam, xamal leen ni leen Yàlla fasoon a yéenee àtte, su ñu tuubul seeni bàkkaar te woññiku ci Yàlla Aji Sax ji ak kàddoom gu sell gi. Ci lu wér, sasu Yeremi, sas wu diis te jafe la woon, ndaxte **Yawut yi bëgguñu kenn wax leen ne, seeni jëfi diine neexul Yàlla**!

Wànte diirub ñaar fukki at ak ñett, yonent Yàlla Yeremi doon na waare ci Yerusalem ak réewum Yuda, naan: "Na ngeen xam bu wóor ne, su ngeen tuubul seeni bàkkaar, ba déggal kàddug Aji Sax ji-Yàlla dina bàyyi kaaraangeg xeetu Babilon ñëw, dugg ci Yerusalem, toj dëkk bi te lakk ko, moom ak kër Yàlla gi! Te dinañu leen yóbbu ci réew mu sore, ngeen nekk seeni jaam!" Moom la Yeremi yëgaloon Yawut yi dëkk Yuda.

Nanu jukki tuuti ci wax ji Yeremi artoo woon ay mbokki Yawutam. Nu ngiy jàng ci téereb Yeremi, saar juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

*Lii mooy kàddu, gi Aji Sax ji wàcce ci Yeremi naan:* ***Taxawal ca buntu kër Aji Sax ji te sàbbaal leen kàddu gii****: Yeen ñépp waa Yuda, yeen ñiy jaar ci bunt yii, ngir màggal Aji Sax ji, dégluleen kàddug Aji Sax ji.*

*Aji Sax ji man lépp, di Yàllay Israyil nee na: Juballeen seeni yoon, tey rafetal seeni jëf, kon ma bàyyi leen ci bérab bii. Buleen def seen yaakaar ci waxi neen, naan: Fii mooy kër Aji Sax ji, fii mooy kër Aji Sax ji, [Yàlla du nu àtte mukk ndaxte] fii mooy kër Aji Sax ji! Waaye su ngeen déggoo ci jubal seeni yoon tey rafetal seeni jëf, di àtte dëgg diggante nit ak moroomam, te bañ a noot doxandéem, jirim ak jigéen ji jëkkëram faatu, su ngeen tuurul deretu ku tooñul, mbaate màggal yeneeni yàlla, bay lor seen bopp, noonu dinaa leen bàyyi ci bérab bii, ci réew mi ma jox seeni maam, ngeen dëkk fi sët ba ci sëtaat.* ***Waaye yeena ngi def seen yaakaar ci waxi neen, yi dul jariñ dara****. Lan nag! Ngeen bëgg a sàcc, bóom, njaaloo, lekk ngiñ,...topp yeneeni yàlla, yi ngeen musul a xam. Ba noppi ngeen ñëw fi sama kanam, ci kër gi ëmb sama tur, naan: Mucc nanu; daldi xuusati ci seeni ñaawteef!* **(Jer 7:1-10**)

Noonu la Yeremi doon yedde Yawut, yi doon **mbubboo xam-xamu Yàlla**, te seeni jëf dëppoowul ak li ñuy woote! Noonu ci saar fukk ak juróom-ñaar, Yeremi teg ci ne:

*Aji Sax ji nee na: Ku wóolu doom Aadama, yaa torox, ki wékku ci nit kese, te xolam sore Aji Sax ji.* **(Jer 17:5**)
*...[Ndaxte* ***xolu nit] dafa njublaŋ ci kaw lépp, te bon ba raw xel****; ku ko man a xam? Man Aji Sax ji maay natt xol, di seetlu xel, ngir delloo ku nekk jikkoom, fey ko li jëfam meññ.* **(Jer 17:9-10**)

Noonu la Yeremi artoo woon waa Yuda, di leen dénkaat ne: Su ngeen tuubul seeni bàkkaar te woññiku ci Yàlla, kaaraangeg Babilon dinañu tas dëkku Yerusalem ak kër Yàlla gii, te yeen dingeen nekk seeni jaam!

Yeen ñiy déglu, lu ngeen xalaat ci loolu? Ndax waa Yuda fonkoon nañu kàddu gi leen Aji Sax ji wax, jaarale ko ci gémmiñug Yeremi? **Lu ëpp ci ñoom fonkuñu ko**! Sëriñ si sax gëmuñu woon waxi Yeremi. Ndaxte bi sëriñ si déggee li mu waxoon, dañu ko daldi jàpp, dóor ko ay yar, jéng ay tànkam bésub lëmm. Sëriñ si mënuñu woon gëm ne, Yàlla dina bàyyi seeni noon, di waa Babilon, ñu dugg ci Yerusalem, yàq dëkk bi ak kër Yàlla, gi Suleymaan tabaxoon! Ci seen xalaat loolu mënul a am mukk! Moo taxoon ñu mere Yeremi ci li mu yégle woon te bind ko ci mbirum yàqug Yerusalem!

War ngeen xam it ne, du mbooloo ma ak sëriñ si rekk a bañoon a nangu waxi yonent Yàlla Yeremi, waaye buuru Yuda it, dafa ko bañoon. Ndaxte bi buur bi jànge téere, bi Yeremi bindoon, dafa daldi mer lool, **dagg téereb Yeremi** ak paaka, sànni ko ci taal ba ca ëtt ba, ba téere bépp lakk! Noonu la buuru Yuda jëfe woon. Tuubul woon ay bàkkaaram, te nanguwul kàddug Aji Sax ji. Waaw, buur bi lakkoon na téereb Yeremi, **waaye mënul woon a fanq dogalu Yàlla**. Noonu, Yàlla dafa xiiraat Yeremi ci bindaat kàddoom yépp ci beneen téere.

Su ngeen gëstoo ci téereb Yeremi, dinga gis ni **buuri Yuda ak sëriñ si ak waa réew ma fitnaale Yeremi lool**, ba tëj ko ay yooni yoon. Amoon na benn yoon sax ñu dugal Yeremi ci kàmb gu xóot, gu am ban bu tooy. Waaye Yàlla xettalisi ko, yónnee ko benn waa Afrig, mu génnee ko kàmb ga.

Leneen li ngeen war a xam mooy: li ñu ëpp ci Yawut yi **bañoon a déglu** waxi yonent Yàlla Yeremi taxul woon ñu bañ a déglu kenn. Am na ñu ñu doon déglu! Tànnoon nañu **déglu yonent yu dul dëgg**. Waaw, Mbind mi day nettali ne, ci jamano jooju dafa amoon nit, ñoo xam ne, dañu doon teg seen bopp yonenti Yàlla, waaye ci lu wóor, ay naaféq rekk lañu woon, di ay yonent yu dul dëgg, ndaxte **seen kàddu jógewul ci Yàlla**. Naka noonu, bi Yeremi di waare àtteb Yàlla bi naroon a dal ci kaw Yerusalem, yonent yu dul dëgg yi, ñoom, ñu ngi doon wax waa Yuda ne: "Déedéet, déedéet! Musiba yi Yeremi di yégle – du am! Babilon mënul tas Yerusalem! Kenn mënul toj kër Yàlla gi! Dungeen gis musiba! Jàmm rekk ngeen di am!”

Waaye Yeremi waxoon na Yawut yépp naan: Ci làmmiñu Aji Sax ji:

***Buleen déglu waxi yonent yiy yégle liy nar a xewi! Dañu leen di dugal ci mbiri neen***. *Peeñu yi ñu leen di nettali ci seen xol rekk la jóge, waaye jógewul ci gémmiñu Aji Sax ji!* **(Jer 23:16**) ***Yónniwuma Yonent yooyu, te daw nañu. Waxuma ak ñoom, te yégle nañu li nar a xewi***. *Su ñu teewe woon sama jetaay, kon dinañu dégtal samay kàddu sama mbooloo te waññileen ci yoon wu bon wi ñu topp.* **(Jer 23:21-22**)

Noonu la Yeremi artoo woon Yawut yi, ngir ñu moytu waxi ñiy waare lu dul dëgg. Waaye, ndeysaan, lu ëpp ci waa Yuda, faalewuñu artub yonent Yàlla Yeremi, **wànte ñu jàpp ci waxi yonent yu dul dëgg yi**. Waaye ci muj ga, buur bi, ak sëriñ si, ak mbooloo ma ak yonent yu dul dëgg yi, xamoon nañu kan a yoroon **kàddug Yàlla giy dëgg**! Ndaxte ci muj ga, Yàlla amaloon na lépp li Yeremi yégle woon mu jëm ci yàqug Yerusalem. Dégluleen li Mbind mi wax. Mu ne:

*Ca juróom-ñeenteelu atu nguuru Sédésiyas buuru réewu Yuda...****Nebukanesar*** *[buuru Babilon] ñëw ak kaaraangeem gépp, song Yerusalem. Mu toŋal dëkk ba, tabax ay tata ci li ko wër, gaw dëkk ba... Te ca juróom-ñeenteelu fanu weer wa, xiif ba tar lool ci biir dëkk bi, ba mburu amul ngir waa réew ma. Booba nag* ***ñu sam miiri dëkk bi, ba yett ci bunt****. [Noonu xarekat yi jàpp buuru Yuda,] indi ko fa kanam buuru Babilon...mu tëral àtte ci moom. Naka noonu ñu rendi doomi [buuru Yuda] fa kanamam, ba noppi luqi ay bëtam, yeew ko ak jéngi xànjar, yóbbu ko Babilon. [Noonu Nebukanesar buuru Babilon ak i xarekatam] lakk kër Aji Sax ji ak kër buur ak këri Yerusalem yépp, maanaam kër yi fa am solo yépp,* [te] *daaneel miir yi wër Yerusalem. Nebusaradan kilifag wottukat yi, jàpp jaam mbooloo ma des ca dëkk ba, ñoom ak ñi jébbaloon seen bopp buuru Babilon, ak la des ca waa réew ma. Waaye nag kilifag wottukat ya bàyyi fa ñenn ca néew-ji-doole yi, ñuy liggéey tooli réseñ yi ak di bey.* ***Noonu ñu yóbbu waa Yuda, ñu nekk jaam fu sore réew ma****.* **(2Ki 25:1-4,6,7,9-12,22**)

Kon, gis nanu ni **Yàlla amale woon lépp** li mu waxoon jaarale ko ci gémmiñu Yeremi, yonentam. Léegi Yawut yépp xamoon nañu bu wóor ne, waxu Yeremi moo doon **kàddug dëgg gi**. Wànte seen xam-xam boobu du leen jariñ lu bare, ndaxte léegi, ay jaam lañu woon ci loxoy xarekati Babilon.

Nan lanu man a jeexale sunu njàngum tey nag? Xanaa nii. Ci bésub àtte ba, doomi Aadama yépp dinañu mujj a xam lan mooy dëgg gi ak lan mooy fen. Waaye **li Yàlla bëgg mooy nga ràññe luy dëgg ak lu dul dëgg** ***léegi*** **– ndaxte ca bés pénc ba, xam dëgg gi nga xeeboon ci sag dund ci kaw suuf, du la jariñ dara**! Bu boobaa, rëccu dina fekk jëf weesu, ndaxte fekk na nga sànku ci sa biir bàkkaar! Loolu moo tax kàddug Yàlla ne: "***Tey jii*** *la jamano ju jekk ji;* ***tey*** *la bésub mucc gi!*" **(2Ko 6:2**)

"***Samay soppe, buleen gëm xel mu nekk, waaye nattuleen xel yi, ba xam ndax ci Yàlla lañu jóge walla déet, ndaxte naaféq yu bare yu mbubboo turu yonent jóg nañu, tasaaroo ci àddina si***." **(1Yow 4:1**) Amiin.

Kon nag mokki déglukat yi, fii lanuy yem tey. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu gis li xewoon ak Yawut, ya ñu yóbbu woon Babilon. Su fekkee ne am ngeen lu ngeen di laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li yonent Yàlla Yeremi bind, bi mu naan: ***Yàlla Aji Sax ji nee na: "Dingeen ma wut te gis ma, bu ci seen xol bépp àndee!***" **(Jer 29:13**)

# 57 Yonent Yàlla Dañeel

(Dañeel 1,6)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, gëstu woon nanu ci téereb yonent Yàlla **Yeremi**, mi jiitoo Almasi bi lu tollu ci juróom-benn téeméeri at. Gisoon nanu ni Yeremi artoo woon mbokki Yawutam yi, ne leen, su ñu tuubul seeni bàkkaar te woññiku ci Yàlla, kaaraangeg réewu Babilon dinañu tas dëkku Yerusalem, te jàpp leen niy jaam. Waaye lu ëpp ci Yawut yi, faalewuñu woon waareb Yeremi. Naka noonu jàngoon nanu ni kaaraangeg Babilon ñëwe, yàq Yerusalem, te jàpp Yawut ya, yóbbu leen fu sore ca Babilon. Lépp xewoon na tembe, ni ko Yàlla waxe woon jaarale ko ci gémmiñug Yeremi, yonentam.

Waaye yàqug Yerusalem taxul woon Yàlla bërgël Yawut yi, di xeet wi mu tànnoon bu yàgg. Yàlla mënul woon a fàtte **kóllëre**, gi mu fasoon ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, bi mu leen naan: "*Xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yeen!*" **(Ge 12:3 26:4 28:14**)

Yàlla fàttewul **pexe**, mi mu rabatoon ngir jaarale Musalkatu Àddina si ci xeetu Yawut, yi soqikoo ci Ibraayma. Naka noonu Mbind mi day nettali ni Yàlla toppatoo woon Yawut ya ci Babilon diirub **juróom-ñaar-fukki at**, ba kera mu leen delloo Yerusalem, ni mu ko digee woon. Waaye nag, ngir dégg nettali boobu, fàww ngeen muñ ba emisyoŋ biy ñëw.

Tey jii, danu fas yéene jàng ci mbirum benn waxambaanew Yawut, bu bokkoon ci ñi ñu yóbbu ci Babilon. Waxambaane woowu mooy **Dañeel –** yonent Yàlla Dañeel. Turu Dañeel mu ngiy tekki: '***Yàlla mooy sama Àttekat!***' Loolu moo doon seede Dañeel ci tënk. Dañeel ragalul woon kenn, ku dul Yàlla, mi nar a àtte àddina. Dañeel faalewul woon li nit di xalaat ci moom. Xalaati Yàlla rekk a amoon solo ci moom. Dañeel gëmoon na li yonent Yàlla Suleymaan bindoon bu yàgg, naan: "***Ragal nit ñi fiir la, wànte ki wékk yaakaaram ci Aji Sax ji, kooku ku aaru la!***" **(Pr 29:25**)

Ñi miin Mbindi yonent yi, xam nañu ne, Dañeel, yonent Yàlla dëgg la woon, ndaxte téere bu xóot bi mu bindoon dafa ëmb ay dëgg, yu xelum nit mënul a sos. Yonent Yàlla Dañeel bindoon na lu bare ci mbirum **nettaliy xeeti àddina si –** laata xeet yooyu doon am sax! Ci misaal, Dañeel bindoon na ni nguuri Pers, ak Geres ak Room naroon a ame, ak li ñu naroon a def, te mu bind ko ay téeméeri at laata lu ëpp ci xeet yooyu doon am sax! Te it, ni yonent Yàlla yépp, Dañeel moom itam **waxoon na ci mbirum Almasi, bi naroon a ñëw**.

Waaye ndegam jot gi nu am tey, mayu nu nu dugg ci xalaati Yàlla yi gën a xóot yi téereb Dañeel ëmb, dinanu yem ci gëstu tuuti ci **nettalib yonent Yàlla Dañeel** moom ci boppam.

Ci saar wu jëkk wi nag, danu ciy gis ni Nebukanesar buuru Babilon **tànne woon ci biir Yawut yi, ay waxambaane yu góorayiw**, te jekk ci bépp xam-xam ak njàng, te am xel ngir jàng araf yi ak làkku waa Babilon, ngir man a liggéey ci nguur gi. **Dañeel** bokkoon na ci waxambaane yooyu buur bi tànnoon.

Noonu la Dañeel tàmbalee woon di jàng ci lekkooli Babilon. Waaye ca bés bu jëkk ba sax, Dañeel daje woon na ak **ab jafe-jafe**. Jafe-jafe bi, moo doon: buuru Babilon gu réy gi, dafa dogaloon ne, waxambaane yooyu bokk ci lekkoolam, war nañuy naan biiñ tey lekk ñam wi ñu jagleel xërëm yi. Ndax Dañeel manoon na bokk ci màggalu xërëm yooyu? Mukk! Lu tax? Ndaxte Dañeel ragaloon na Yàlla! Dee moo gënaloon Dañeel def lu neexul Yàlla Boroomam. Noonu Mbind mi ne na: ***Dañeel nag jàpp ci xolam ne, du gàkkal boppam*** *ci ñami buur ak biiñ bi buur di naan, te mu ñaan njiitul jawriñ ya, ngir mu bañ koo fitnaal ci muy gàkkal*

*boppam*. **(Da 1:8**)

Naka noonu, Mbind mi day nettali ni Yàlla xettalee woon Dañeel ci jafe-jafe boobu, barkeel ko, may ko xàmmee ak xel, ba tax Mbind mi nee: *Noonu Dañeel tàbbi ci liggéeyu buur. Te ci mbir yépp yi laaj* ***xam-xam ak xel****, te buur bi seetlu leen ci, mu gis Dañeel* ***raw fukki yoon*** *tariyaax yi ak xërëmkati réewam*. **(Da 1:20**) Naka noonu, daanaka diirub juróom-ñaar fukki at, Dañeel doon na liggéeyal buuri Babilon yi, te Yàlla ànd ak moom.

Léegi nag, ci jot gi nu dese tey, bëgg nanu seet **beneen nettali ci mbirum Dañeel –** nettali boo xam ne, day wone ni Dañeel ragalewul woon kenn ku dul Yàlla doŋŋ. Dinanu gis ni Dañeel wuutee woon lool ak yeneen jawriñ yi doon liggéeyal buur bi. Ñoom dañuy wéy ci been dëgg gi, te di jiital alal di jot ay neexal – ndaxte ragal Yàlla sore na seen xol. Waaye Dañeel moom bañoon na lépp lu jubadi – ndaxte ragal Yàlla fees na xolam. **Fanaan ci kàmbu gaynde moo ko gënaloon bañ a neex Yàlla**.

Bala nuy dugg ci nettalib Dañeel ak gaynde yi, war ngeen xam ne, fi nu tollu léegi ci nettalib Dañeel, nguuru Babilon tuddatul woon Babilon, waaye Pers, ndaxte ñaari xeet, maanaam waa Medd ak waa Pers, ñoo nootoon nguurug Babilon, te séddale ko ñaar. Léegi Dañeel màggat la woon. Kon, ci saar juróom-benn, Mbind mi ne na:

*Dariyus [buur bi] gis ne jekk na mu fal ci nguur gi téeméeri kàngam ak ñaar fukk, ñu tas ci biir nguur gépp. Mu fal ci kaw kàngam yi ñetti jawriñ yu réy, te kàngam yi wékku ci ñoom, ngir buur bi bañ a yàqule dara, te Dañeel bokk ci ñett ñooñu.* ***Dañeel nag ci boppam raw yeneen jawriñ yi ak kàngam yi, ndaxte àndoon na ak xel mu xóot****, te buur di ko xalaat a fal ci nguur gépp.*

*Noonu jawriñ yi ak kàngam yi di wut yoon, wu ñu tuumaale Dañeel ci lu jëm ci mbiri nguur gi. Waaye mënuñoo gis wenn yoon, mbaa genn njuumte, ndaxte dafa takku, te gisuñu ci moom genn tooñ walla genn jubadi. Bi loolu amee góor ñooñu ne:* ***Dunu gis dara lu nu koy tuumaal****, su nu ko seetul ci yoonu Yàllaam.*

*Gannaaw loolu yeneen jawriñ yi ak kàngam yi gaaw dem ca kër buur ne ko: Buur Dariyus, na saw fan gudd! Jawriñi nguur gi, laman yi, kàngam yi, farba yi ak jaraaf yi bi ñu bokkee dajaloo, mànkoo nañu ngir buur bi àtte dogal te ñu dëggal tere bii:* ***Li feek fanweeri fan, képp ku jagleel ay ñaan jenn yàlla walla kenn nit ndare yaw, buur, dinañu ko sànni ci kàmbu gaynde yi****. Léegi nag ku tedd ki, dogalal tere bii, te bind ko, ngir du tebbiku ni ci yoonu Medd yi ak Pers, yi kenn mënul a tebbi. Ci kaw loolu Dariyus bind àtte bi ak dogal bi.*

***Bi Dañeel xamee ne, dogal nañu àtte bi, mu ñibbi te yéeg ca néeg ba féete kaw, ba palanteer yiy ubbiku jublu Yerusalem, te ñetti yoon bés bu nekk, muy sukk di ñaan ak di sant Yàllaam, ni mu ko daan defe ca bu jëkk****. Noonu góor ñooñu ne milib dugg, te ñu fekk Dañeel muy ñaan ak a dagaan Yàllaam. Gannaaw ga ñu dem fekki buur, te fàttali ko àtte, bi mu dogal naan: Ndax bindoo tere biy wax ne, li feek fanweeri fan, képp ku jagleel ay ñaan jenn yàlla mbaa kenn nit ndare yaw, buur, dinañu ko sànni ci kàmbu gaynde yi? Buur bi jël kàddu gi tontu ne: Mbir moomu dëggu na, sukkandiku ci yoonu Medd yi ak Pers, yi kenn mënul a tebbi. Ñu ne buur: Dañeel, di kenn ci ñi ñu lële woon Yuda, céy ku tedd ki, kooku de faalewu la, yaw ak dogal bi nga bind, te mu ngiy def ay ñaan ñetti yoon bés bu nekk!*

*Bi mu déggee loolu, buur bi am tiis wu réy, te mu jàpp a xettali Dañeel ci xolam, te ba bi jant biy so, mu di ko fexee musal. Waaye góor ñooñu ànd dellusi ca wetu buur, te ne ko: Ku tedd ki buur, xamal ne, ci yoonu Medd yi ak Pers yi, wareef la ci bépp àtte mbaa ndigal, lu buur bi dogal, deesatu ko man a tebbi. Noonu buur bi santaane, ñu indi Dañeel, te* ***sànni ko ci kàmbu gaynde yi****. Buur bi jël kàddu gi te ne Dañeel: Na la sa Yàlla musal, moom mi ngay jaamu ak takku gu mat. Ñu indi aw doj, te teg ko ca buntu kàmb ga, buur bi def ca màndarga ak jaaroom ak jaaro bu ay jaraafam, ngir ñu bañ a soppi dara ci ni Dañeel nekke. Lu ca tegu, buur bi dellu ci këram, bañ a lekk guddi gépp, bañ bépp bànneex, te mu fanaane xool.*

*Bi fajar di xar, buur bi jóg, daldi gaaw dem ca kàmbu gaynde ya. Bi muy jub kàmb gi, mu woo Dañeel ak baat bu tiis. Buur bi ne ko: Yaw Dañeel, jaamub Yàlla jiy dund, te nga di ko jaamu ak takku gu mat, ndax sa Yàlla xettali na la ci gaynde yi? Te Dañeel daldi wax ak buur bi:* ***Buur, na saw fan gudd! Sama Yàlla yebal na malaakaam, te tëj na gémmiñu gaynde yi, ba defuñu ma dara, ndaxte fekkuñu ci man genn tooñ fa kanamam, te set naa ci sa kanam, céy ku tedd ki buur, defuma dara lu bon****. Noonu buur bi am mbég mu réy, te mu joxe ndigal ñu génne Dañeel kàmb gi. Bi mu ko waxee, ñu jukkee Dañeel ci kàmb gi, te gisuñu ci moom benn gaañu-gaañu, ndaxte amoon na kóolute ci Yàllaam. Buur bi joxe ndigal nag ñu indi góor ñooñu tuumaaloon Dañeel, te ñu sànni leen ci kàmbu gaynde yi, ñoom, seeni doom ak seeni jabar, te laata ñuy àgg ca taatu kàmb ga,* ***gaynde yi daanu ci seen kaw****, te ñu dammaate seen yax yépp.*

*Gannaaw loolu buur Dariyus bind mbooloo yépp, xeet yépp ak waaso yépp yi dëkk ci kaw suuf ne: Na jàmm ju yaatu ànd ak yeen! Maa ngi joxe ndigal, ci sama déndu nguur gépp ne: Nañu ragal te am wegeel ci kanam Yàllay Dañeel, ndaxte mooy Yàlla jiy dund, te moo sax fàww! Nguuram du toxu mukk. Kilifteefam di wéy ba ca muj ga.* ***Moom mooy musal ak di xettali, di def ay kéemaan ak ay jaloore ci asamaan yi ak ci kaw suuf si. Moom moo musal Dañeel ci wewu gaynde yi!*** **(Da 6:2-28**) Amiin.

Ndax dégg ngeen li buuru yéeféer bi waxoon, ginnaaw ba mu gise ni Yàlla musale Dañeel ci gaynde yi? Mu ne: "*Maa ngi joxe ndigal, ci sama déndu nguur gépp ne:* ***Nañu ragal...Yàllay Dañeel****, ndaxte mooy Yàlla jiy dund, te moo sax fàww!*" **(Da 6:27**)

Yaw miy déglu tey, ndax ragal nga Yàllay Dañeel? Xëy na yaa ngiy laajte naan: **Kan mooy Yàllay Dañeel**? Yàllay Dañeel mooy Yàlla. Mooy Yàlla Aji Dund ju dëggu ji. Yàllay Dañeel mooy Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba. Yàllay Dañeel mooy Yàllay Musaa ak Daawuda. Yàllay Dañeel mooy Yàlla mi nu jottali Mbind mu Sell mi. Mooy Yàlla mi dige woon wàcce ab Rammukat, ngir musal bàkkaarkat yi ci doole ji raw dooley gaynde yi – maanaam ci dooley Seytaane ak bàkkaar ak safara su dul fey mukk! Yàllay Dañeel mooy jenn Yàlla ji am kepp!

**Ndax ragal nga Yàllay Dañeel**? Laajunu la ndax ragal nga say xarit ak seeni xalaat, walla ndax ragal nga say maam ak seeni aada, mbaa ndax ragal nga say njiit ak seeni sàrti diine! Li nu lay laaj mooy: Ndax ragal nga **Yàlla**? Ndax ragal nga Yàlla Aji Sax ji ak kàddoom gu sell gi?

Dañeel moom ragaloon na Yàlla, ba tax mënul woon a ragal nit! Dañeel ragaloon na Yàlla, ba taxoon mu sopp njub, te bañ lu bon. Dañeel ragaloon na Yàlla, ba taxoon fanaan ci kàmbu gaynde moo ko gënaloon fuuf weddi Yàlla Aji Sax ji!

Yaw nag, ndax ragal nga Yàlla? Ndax ragal nga ko ni ko Dañeel ragale woon? Ndax bañ nga lu jubadi, ni ko Dañeel bañe woon? Ndax fonk nga kàddug Yàlla, ni ko Dañeel fonke woon? Walla boog danga mel ni ñi ëpp ci doomi Aadama, yiy been dëgg gi, tey jiital xaalis, di sàggane Mbind mu sell mi? **Ndax ragal nga Yàlla Aji Sax ji**?

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Su fekkee ne am na dara lu leerul ci sa xel ci li nu jàng tey, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li kàddug Yàlla wax, bi mu naan: "***Ragal nit ñi fiir la, wànte ki wékk yaakaaram ci Aji Sax ji, kooku ku aaru la!***" **(Pr 29:25**)

# 58 Yonent Yàlla Sakariya

(Sakariya)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Am na ñaari emisyoŋ, jàngoon nanu ni yonent Yàlla Yeremi artoo woon ay mbokki Yawutam ne, su ñu fonkul kàddug Aji Sax ji, bañ a tuub seeni bàkkaar, Yàlla dina bàyyi xarekati Babilon, ñu duggsi, yàq seen réew, yóbbu leen fu sore. Wànte lu ëpp ci Yawut yi, faalewuñu woon artuy Yeremi. Kon, gisoon nanu ni kaaraangeg Babilon jógee woon penku, yàq Yerusalem, toj kër Yàlla ga, jàpp Yawut ya jaam, te yóbbu leen Babilon, ni ko yonent Yàlla Yeremi waxe woon. **Noonu la xeetu Yawut ya tase woon ndax seen bañ a dégg waxu yonent Yàlla yi**.

Wànte bu fekkee ne, ñàkk kóllëre amoon na ci xeetu Yawut ya, ndax loolu manoon na fanq kóllëreg Yàlla? Mukk! Dégluleen li yonent Yàlla Yeremi waxoon Yawut, ya nekkoon léegi ay jaam ci Babilon ndax seeni bàkkaar. Mu ne leen:

*Aji Sax ji man lépp, di Yàllay Israyil, wax na lii mboolem jaam ñépp, ñi ma jële Yerusalem, yóbbu Babilon: Bu juróom-ñaar fukki at, yi ma àppal Babilon, matee, dinaa leen nemmeeku, matal ci yeen sama kàddu gu rafet ga, ba delloo leen [Yerusalem]. **Ndax xam naa xalaat yi ma namm ci yeen**... **Du xalaati musiba waaye yu jàmm, ba may leen muj ak yaakaar**.* **(Jer 29:4,10-11**)

Ci wax jooju la yonent Yàlla Yeremi doon xamale Yawut ya ne, su fekkee sax ñoom fàtte nañu Yàlla, **Yàlla moom fàttewu leen**! Noonu, fileek juróom-ñaar fukki at, Yàlla dina leen delloo seen réewu maam. Moom la Yeremi waxoon Yawut ya nekkoon ay jaam ci Babilon. Ci dëgg-dëgg, **Yàlla kuy sàmm kóllëre la**! Yàlla fàttewul li mu digoon Ibraayma bu yàgg, bi mu ko naan: "Xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci xeet wiy soqikoo ci yaw!”

Yàlla fàttewul ni mu dogale woon dénk doomi Israyil kàddoom, ngir jottali ko doomi Aadama yépp. Ba fi nu tollu ci sunu njàng, gisoon nanu ni Yàlla doon tànne ay yonentam ci biir Yawut yi, xiir leen ñuy yégle kàddoom gu sell gi te bind ko ngir niti jamano yi di ñëw. Xam nanu ni Yàlla sole woon téereb Tawreet ci xelum Musaa, ak taalifi Sabóor ci xolu Daawuda. Te gisoon nanu it ni Yàlla xiire woon yeneen Yawut yu mel ni Yosuwe, Samwil, Suleymaan, Esayi, Yeremi ak Dañeel, ngir ñu bind kàddug Yàlla. Te it, gis nanu ni Mbindi yonent yooyu yépp ëmbe woon benn xalaat ak benn xebaar! Ndaxte li ko dale ci Ibraayma, jëm kanam, yonent Yàlla yépp yégle woon nañu yéene ju rafet, ji Yàlla rabatoon ngir jaarale Musalkatu Àddina ci xeetu bànni Israyil!

Tey jii nag, dinanu gis ni Yàlla doon jëmee kanam pexeem ngir wàcce Almasi bi ci àddina, ndaxte dinanu gis **ni mu delloo woon Yawut ya ci réew**, mi Almasi bi naroon a juddoo. Dinanu jàng ni Yawut ya dellusee woon Yerusalem, ginnaaw ba juróom-ñaar fukki at yi yonent Yàlla Yeremi yégle woon matee. Waaye bala nuy dugg ci saar wii, war ngeen fàttaliku ne, ci jamano jooju, réewum Babilon tuddatul woon Babilon, waaye Pers la tuddoon, ndaxte Pers a nootoon Babilon. Kon, ci téereb Esras, saar benn, Mbind mi ne na:

*Ca at mu jëkk mu Sirus, buuru Pers **ngir matal kàddug Aji Sax ji, gi Yeremi wax, Aji Sax ji leeral na xelum Sirus buuru Pers**, mu yéene ci kàddu gu bir ak ci mbind xebaar bii ci biir réewam mépp: Sirus buuru Pers nee na: Aji Sax ji, Yàllay asamaan yi, jox na ma réew yépp ci kaw suuf, te sant na ma, **ngir ma tabaxal ko kër ca Yerusalem** ci diiwaanu Yuda. Kan ci yeen a bokk ci mbooloom? Na Yàlla Boroomam ànd ak moom, mu dem Yerusalem ca Yuda, te na tabax kër Aji Sax ji, Yàllay Israyil!* **(Ezr 1:1-3**)

*Noonu, Boroomi kër yi soqikoo Yuda ak Bensamen, sëriñ yu mag ya ak ñi xeetu ci Lewi, ak ñépp ñi Aji Sax*

*ji leeral seen xel, jóg ngir dem tabaxi kër Aji Sax ji ca Yerusalem. Seen dëkkandoo yépp jox leen ndimbal; ay ndabi xaalis ak yu wurus, alal ak jur ak defukaay yu jafe, gannaaw sarax yépp yu sedd xol. Buur Sirus delloo ndabi kër Aji Sax ji, yi Nebukanesar jële woon Yerusalem te def leen ca kër yàllaam.* **(Ezr 1:5-7**)

Ndax Yàlla amaloon na li mu dige woon bu yàgg jaarale ko ci gémmiñug Yeremi yonentam? Waaw-kay! Gisoon nanu ba noppi ni Yàlla bàyyee woon buuru Babilon, mu yàq Yerusalem, te **toj** kër Yàlla ga **– ni ko Yeremi yégle woon tembe**. Te léegi gis nanu ni Sirus, buuru Pers, sante woon Yawut ya ne, ku bëgg rekk, na dellu ca seen réew, ngir **tabaxaat** kër Yàlla ga ak dëkku Yerusalem **– ni ko yonent Yàlla Yeremi yégle woon**. Ci lu wér, Aji Sax ji mooy Buuru buur yi! Moom mooy kiy doxal jamano yi, te lépp lu mu yégle, dina am!

Noonu, Mbind mi day nettali ni menn mbooloom Yawut génnee woon réewu Pers, tukki, ngir dellu réewum Yuda ak dëkku Yerusalem. Benn Yawut bu tudd **Sorobabel** moo leen jiite woon. Ba ñu agsee Yerusalem nag, li ñu gisoon, jaaxal leen lool. Dëkk bépp yàqu, te këru Yàlla gu rafet, gi Suleymaan tabaxoon, daanu. Desatu fa woon dara lu dul tojiti doj ak dóomu taal.

Naka noonu, Mbind mi day nettali ni Yawut yi jëkke woon dajaloo ca bérab ba këru Yàlla ga nekkoon, daldi fa defaraat rendikaayu sarax. Noonu, ñu rendi ay mala, gërëm Yàlla Aji Sax ji, te màggal ko ci li mu leen aaroon ca Babilon ak Pers diirub juróom-ñaar fukki at, te delloosi leen ci seen réew. Noonu, Mbind mi day nettali ni Yàlla ànde woon ak Yawut yooyu, dimbali leen, dooleel leen, ba tax ca muj ga, **ñu àggale liggéeyu tabaxaat kër Aji Sax ji, ak dëkku Yerusalem, ak miir yi ko wëroon sax**.

Xëy na am na ci yeen kuy laaj, naan: Waaw, ban maana la nettali dellusig Yawut ya ci Yerusalem am ci nun ñiy déglu emisyoŋ bi tey? Mbokk yi, dellusig Yawut ya ci seen réew, lu am maana lool la, ndaxte dafa dëppoo woon ak yéene ju rafet, ji Yàlla amoon ngir wàcce Rammukat bi ci àddina, ndaxte ci réewu Yudaa moomu la **Almasi bi** naroon a juddoo. Kon, fokk Yawut yi dellusi ci seen réew ngir Almasi bi man a fa juddu!

Ci jamanoy dellusig Yawut ya ca Yerusalem nag, Yàlla feeñaloon na leen benn yonent bu tudd **Sakariya**. War ngeen xam ne, Sakariya mile, bokkul ak Sakariya, baayu yonent Yàlla Yaxya. Yàlla yónni woon na Sakariya ngir feddali ngëmu Yawut yi, te xamal leen ne, àpp bi mu tëraloon ngir wàcce Almasi bi, mu ngi doon jegesi! Juróomi téeméeri at rekk a desoon, laata Rammukat bi di ganesi àddina!

Nanu gëstu tuuti kon ci wax yi Yàlla soloon ci xelum Sakariya. Nu ngiy jàng ci téereb Sakariya, saar benn. Mbind mi ne na:

*Kàddug Aji Sax ji wàcc ci yonent Yàlla Sakariya, doomu Derékia doomu Iddo ci baat yii: Aji Sax ji mer na mer mu tar jëme ci seeni maam! ...**Buleen mel ni seeni maam**, yi yonent Yàlla yu jëkk ya daan waxal naan: Ci làmmiñu Aji Sax ji man lépp: Dëdduleen seen yoon yu bon yi, ak seen jëf yu ñaaw yi! Waaye ñu bañ a dégg te ñu bañ maa faale; la Aji Sax ji wax. Seeni maam, ana ñu? Te yonent yi, ndax man nañoo dund fàww? Moona samay kàddu ak sàrt, yi ma joxoon samay jaam yonent yi, ndax agsiwuñu ci seeni maam?* **(Zec 1:1-2,4-6**)

Ndax déglu ngeen bu baax ni yonent Yàlla Sakariya artoo woon Yawut ya? Mu ne leen: ‟*Aji Sax ji mer na mer mu tar jëme ci seeni maam! Buleen mel ni seeni maam!*” Lu taxoon Yàlla mere maami Yawut ya? Yàlla dafa leen mere ndaxte **faalewuñu woon kàddug yonent**, yi mu leen yónnee! Loolu moo taxoon ñu mujj a nekk ay jaam ci Babilon. Ci lu wér, seeni maam amoon nañu diine, waaye xolu Yàlla seddul woon ci ñoom ndaxte fonkuñu woon waxu yonent yi. Yawuti jamano jooju dañu meloon ni niti jamanoy tey, ñiy wax naan: ‟Ax nun, gëm nanu yonent yépp!” Waaye ci lu wóor, gëmuñu yonent Yàlla yi, ndaxte **faalewuñu li ñu bindoon** ci Mbind mu Sell mi.

Noonu la ñi ëpp ci maami Yawut yooyu meloon. Fonkuñu waxi yonent yi. Dañu doon teral Yàlla ci seen

**gémmiñ**, waaye nanguwuñu kàddoom ci seen biir **xol**. Looloo taxoon Yàlla yónni jaamam Sakariya ca Yawut ya, ngir artu leen ngir ñu bañ a roy seeni maam, ñoom ñi daan bare lu ñuy wax: "Yàlla, Yàlla!", te faalewuñu kàddu, gi leen Yàlla jottali jaarale ko ci ay yonentam.

Ginnaaw ba Sakariya artoo noonu Yawut ya, mu tàmbali di yégle ni **Rammukat bi** naroon a feeñoo. Amunu jot ngir jàng lépp li yonent Yàlla Sakariya bindoon ci mbirum Almasi bi, waaye man nanu ci jàng ay jukki. Ci téereb Sakariya, saar juróom-ñeent yonent Yàlla Sakariya dafa ci xamle woon **ni Almasi bi naroon a ware mbaam, dugg Yerusalem**. Mu ne:

"*Bégleen bu baax, yeen waa Siyon! Damuleen ndax mbég, yeen waa Yerusalem! Seen buur a ngi ñëw ci yeen; ku jub la te am ndam, ku woyof te **war mbaam**, muy cumbur, doomu mbaam*." **(Zec 9:9**)

Wànte ci saar fukk ak benn Sakariya dafa ciy yégle ni nit ña naroon a gàntoo Almasi bi te **jaay ko ci fanweeri poseti xaalis**. Mu ne:

"*Wax naa leen: Su leen neexee, joxleen ma sama pey; su leen neexul, ngeen bàyyi. Noonu waññal nañu ma **fanweeri poseti xaalis** ngir sama pey*." **(Zec 11:12**)

Te ci saar fukk ak ñaar, yonent Yàlla Sakariya yégle woon na ci ne, Yawut yi duñu yem rekk ci jaay Almasi bi, waaye dinañu ko rey sax! Mu ne:

*Aji Sax ji ne na: "Bu loolu amee, dinaa sotti ci waa këru Daawuda ak ci Yerusalem xelum yiw ak dagaan, te **dinañu walbatiku xool ci man, ki ñu jam**.*" **(Zec 12:10**) "*Dinañu ko jooy ni ñuy jooye jenn doom kepp. Dinañu ko jooy jooy yu metti ni ab taaw. Te su ñu ko laajee: **Fan nga jële sa gaañ-gaañ yi ci say loxo**? Dina tontu: **ci biir kër ñi ma bëggoon laa leen jële***." **(Zec 13:6**)

Ci kàddu yooyu la yonent Yàlla Sakariya doon yéglee ne, Almasi bi dina am ay leget ci ay loxoom. Fu mu leen jële? Ci ay mbokki Yawutam, ya ko naroon a jam te daaj ko ci bant. Moom la yonent Yàlla Sakariya bindoon, te **dëppoo na tembe** ak li yonent Yàlla Daawuda moom itam yégle woon ci mbirum Rammukat bi, bi muy binde ci Sabóor, naan: "*Ñu bëtt samay loxo ak samay tànk*." **(Ps 22:17**)

Mbokk yi, Yàlla dafa bëggoon nu xam xéll ne, **deewug Almasi bi ci bant ba, dafa bokkoon ci pexe mi** mu rabatoon bu yàgg ngir musal doom Aadama ci seen peyug bàkkaar. **Fàww Almasi bu jub bi sonn, dee ngir ñu jubadi! Ci tënk, loolu mooy waareb yonent Yàlla yépp.** Ndax loolu lépp leer na ci sa xel? Ndax dégg nga bu baax li Sakariya yégle woon ci lu jëm ci Almasi bi, juróomi téeméeri at laata Almasi bi doon juddu? Ndax gëm nga li Yàlla yégle woon jaare ko ci yonentam yépp? Walla boog, danga mel ni Yawut, yi daan teral yonent Yàlla yi ci seen gémmiñ rekk, te gëmuñu seeni wax? Yaw nag, **ndax gëm nga yonent yi?**

Mbind mi dafa wax ci mbirum waxu yonent yi, ne:

"***Buleen...xeeb waxu yonent yi!***" **(1Tes 5:20**) Ndaxte "*waxu yonent yi wér na, te **war ngeen koo fonk**; mi ngi mel ni làmp, buy leer ci bérab bu lëndëm...[di] leeral seeni xol!*" **(2Pi 1:19-21**) "*Ndax gëmuloo yonent yi?*" **(Jëf 26:27**)

Mbokki déglukat yi, jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërëjëf.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li kàddug Yàlla wax, bi mu naan: "***Ndax gëmuloo yonent yi?***" **(Jëf 26:27**)

# 59 Yonent Yàlla Malasi ak Mujug Kóllëre gu jëkk gi

(Malasi)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Bu yàgg ba léegi nu ngi doon jàng ci xaaj bu jëkk bi ci Mbind mu sell mi. Xaaj booboo ngi tudd: ***Kóllëre gu jëkk gi***. Ci Faraanse ñu koy wooye: 'Ancien Testament.' Nu ñu ko man a tudde, li nu war a xam mooy xaaj bu jëkk boobu moo ëmb Tawreet, Sabóor ak téerey yonent yi. Ni nu ko gise, Yàlla jëfandikoo woon na lu ëpp fanweeri yonent, diirub junni at ak juróomi-téeméer, ngir ñu bind téereb Kóllëre gu jëkk gi.

Tey jii nag, agsi nanu ci emisyoŋ bu am solo lool, ndaxte danu fas yéenee àggale sunu tukki ci xaaj bu jëkk bi ci Mbind mu Sell mi. Waaye bala nuy jàng ci saar wiy ub téereb Kóllëre gu jëkk gi, danu bëggoon a waxtaan tuuti ci li nu taataanagum ci téere bu sell bii ca ndoorte la ba tey. Danuy fexee **tënk xebaaru yonent yépp ci ñetti xalaat yu am maana**. Ci lu gàtt, waareb yonent Yàlla yu jëkk yaa ngi nii:

1.) **Benn**: Yàlla ku **sell** la, te fàww mu àtte bépp bàkkaar.
2.) **Ñaar**: Doom Aadama yépp, dañu réer te sànku ci biir **bàkkaar**.
3.) **Ñett**: Yàlla fasoon na yéene wàcce ab **Rammukat** bu sell, bu naroon a gàddul doomi Aadama seen mbugalug bàkkaar.

Loolu mooy ñetti dëgg yi yonent Yàlla yépp doon waare, ci tënk. Nanu baamtuwaat ñetti tomb yooyu.

Tomb bu jëkk bi mooy: **Yàlla Ku sell la**.
Ñaareel bi: **Nit dafa selladi**, te amul menn pexe ngir musal boppam ci dooley Seytaane ak bàkkaar.
Ñetteelu tomb bi mooy: **Yàlla, am na pexe** ngir sellal bàkkaarkat yi te musal leen ci àtte ba. Te pexe moomoo ngi ci Almasi, bi naroon a ñëw.

Yaw miy déglu tey, ndax jàpp nga bu baax ñetti dëgg yooyu? Ndax dëgg yooyu jàpp nañu la? Ndax gis nga ni Yàlla selle? Ndax ràññe nga ni say bàkkaar réye ci bëti Ki la war a àtte? Ndax xam nga ne, Yàlla am na pexe ngir sellal la ci say bàkkaar?

Ci lu wóor, **Yàlla Ku sell la te nit selladi**. Gisoon nanu **ñaari dëgg yooyu** ay yooni-yoon ci sunuy gëstu ci Mbind mu sell mi. Sellaayu Yàlla a taxoon mu sàkk safara su dul fey mukk, ngir Seytaane ak képp ku ko topp! Sellaayu Yàlla a taxoon mu dàq Aadama ak Awa toolu Àjjana, bés ba ñu lekkee ci garab gi ñu leen terewoon. Sellaayu Yàlla a taxoon mu sant doomi Aadama ñu rendi ay mala te lakk leen ni sarax suy muur bàkkaar. Sellaayam a taxoon it Yàlla nanguwul saraxu Kayin. Sellaayu Yàlla a taxoon mu far bàkkaarkati jamanoy Nóoyin ak mbënnu ndox ma. Sellaayu Yàlla a taxoon mu tawloo safara ci kaw waa Sodom, ñoom ñi doon bànneexu ci bàkkaar. Te it sellaayam a tax Yàlla sàkk bés, bu muy àtte àddina ci njub.

Dégluleen li yonent Yàlla yi bind ci sellaayu Yàlla ak selladig nit. Ñu ne: "*Yaw Boroom bi yaay Aji Sax ji! Say bët dañoo sell ba mënuloo xool lu bon, te mënuloo dékku bàkkaar!*" **(Hab 1:12,13**) "*Waaye nun, ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp; te sunuy jëf yu jub yépp xasaw niy sagar yu tilim!*" **(Isa 64:5**) Kon nag, bu fekkee ne, nii la Yàlla selle, te nit taqe noonu sobe – kan moo man a mucc? Naka la doomi Aadama man a texee laaxira ci jetaayu Yàlla ju sell ji? Nan lanu man a mucce ci safara su dul fey mukk?

Tontul laaj boobu, mooy **ñetteelu tomb** ci xebaaru yonent yi. Ndaxte ginnaaw ba yonent Yàlla yi waare ni Yàlla selle, ak ni doomi Aadama selladee, danuy gis ni ñu doon yéglee it ne, Yàlla moom ci boppam **am na pexe** ngir sellal doomi Aadama ci seeni bàkkaar.

Loolu mooy waareb yonent yi ci tënk. Loolu mooy xebaaru téereb Kóllëre gu jëkk gi, di 'Ancien Testament.' Yàlla dige woon na yónni ci àddina **Rammukat bu jub, bi naroon a dee ci palaasu doomi Aadama yu jubadi yi**, ngir jot képp ku ko gëm. Loolu moo doon pexe mi Yàlla rabatoon ngir musal bàkkaarkat yi. Ci pexe moomu rekk la Yàlla man a baale bàkkaarkat yi, te ba tey dëkk ci sellaayam.

Kon, ngir jëme kanam pexeem ba wàcce Musalkat bi, gisoon nanu ni Yàlla woowe woon **Ibraayma**, ngir def ci moom xeet wu bees, wu yonent Yàlla yi ak Musalkatu Àddina si naroon a soqikoo. Looloo taxoon Yàlla wax Ibraayma, ne ko: "*Dinga nekk buntu barke...te **xeeti àddina yépp** dinañu barkeelu ci yaw*." Naka noonu, Ibraayma jur **Isaaxa** ci màggetam, te Isaaxa jur **Yanqóoba**; te Yanqóoba jur **fukki doom yu góor ak ñaar**, ñi sos xeetu **Israyil**. Noonu, gis nanu ne, bi Yàlla dee woo Ibraayma, dafa doon jëme kanam pexeem ngir yónni Rammukat bi ci àddina, ndaxte ci xeetu Israyil la Almasi bi naroon a soqikoo.

Ginnaaw loolu, gisoon nanu ni doomi Israyil toxoo réewum Kanaan, sanc ci Misra, nekk fa ay jaam diirub ñeenti téeméeri at. Waaye Yàlla fàttewul woon askanu Ibraayma, di bànni Israyil. Yàlla woo woon na **Musaa**, ngir mu goreel bànni Israyil, delloowaat leen ci réew mi Yàlla digoon seen maam Ibraayma bu yàgg. Te it, ci yonent Yàlla Musaa la Yàlla jaarale téere bi ñuy wax **Tawreet**, mu nekk fondamaa lépp li Yàlla fasoon yéene xamle ci jamano yi ciy topp.

Naka noonu, gisoon nanu ni Yàlla yónnee woon bànni Israyil ay yonent yu bare, wànte ñi ëpp ci Yawut ya, faalewuñu woon waxu yonent yi. Waaye ndax ñàkk kóllëreg bànni Israyil manoon na fanq kóllëre Yàlla ak pexe mi mu rabatoon ngir yónni Almasi bi ci àddina? Mukk! Noonu gisoon nanu ni Yàlla tànne woon **Daawuda** mu nekk buuru Israyil ak yonent, bi naroon a bind lu ëpp ci taalif yu neex te xóot yi nekk ci téereb **Sabóor**. Ci Sabóor, yonent Yàlla Daawuda bindoon na lu bare ci mbirum Almasi bi ak ni ko doomi Aadama naroon a fitnaale, ba daaj ko sax ci bant. Waaye Daawuda bindoon na it ci Sabóor ne, ginnaaw bu Almasi bi tuuree deretam ni sarax suy dindi bàkkaar, dina noot dee, dekki ca bàmmeel ba!

Waaye ci sunu gëstu, gisoon nanu itam ne, du Musaa ak Daawuda kesee bindoon ci mbirum Almasi bi, waaye **yonent Yàlla yépp yégle nañu dikkam**. Ci misaal, déggoon nanu ni yonent Yàlla **Esayi** yégle woon ni Almasi bi naroon a juddoo ni nga xam ne, kenn mësu ko juddoo. Mu ne: "*Janq bu musul a séy dina ëmb, jur doom jur góor, tudde ko Emanuwel, (li tekki Yàlla ganesi na nu)!*" **(Isa 7:14; Mc 1:23**) Moom la yonent Yàlla Esayi bindoon juróom-ñaari téeméeri at laata Almasi bi di ganesi àddina.

Amoon na it beneen yonent bu bokkoon jamano ak Esayi. Mu ngi tudd **Mise**. Yàlla xamaloon na Mise ci ban dëkk la Almasi bi waroon a juddoo. Dégluleen bu baax li yonent Yàlla Mise bindoon ci téereb Mise, saar juróom. Mu ne: "***Betleyem** Efrata, yaw mi tuuti, ba bokkoo ci teeru yi ci diiwaanu Yude, ci yaw laay feeñale kilifa giy yilif bànni Israyil, te cosaanam féete ca bési njàlbéen ga, fekk dara amagul!*" **(Mic 5:1**) Noonu la Mise doon yéglee ni Almasi bi waroon a juddoo ci dëkku Betleyem, di dëkku buur bi Daawuda! Te fileek ay njàng yu néew rekk, dinanu gis ni Yàlla amale loolu lépp, ndaxte ci dëkku Betleyem la Almasi bi juddoo, ni ko Yàlla yéglee woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam Mise.

Aa mbokki déglukat yi, ci lu wóor, Yàlla waajoon na dikku Musalkatu Àddina si bu baax-a-baax! Amunu jotu jàng waxi yonent yépp yi jëm ci Almasi bi, **ndaxte am na ci lu ëpp ñetti téeméeri wax, yu yonent yi bindoon ci mbirum dikku Almasi bi ci àddina**.

Xëy na yaa ngiy laaj: Waaw, lu tax Yàlla soloon ci xeli yonent yi wax yooyu yépp ci mbirum Almasi bi, **laata** muy ganesi àddina? Lenn rekk a ko waraloon. Yàlla dafa xiiroon yonent yi, ñu bind lu baree-bare ci mbirum Almasi bi, bala looluy ñëw, ngir bu lépp agsee, nga man a **xam xéll ne, ci lu wóor**, kii mooy Musalkat, bi Yàlla yónni! Yàlla bëggul kenn nax la! Yàlla dafa bëgg nga xam kan mooy Almasi bi, te noonu dinga ko man a gëm, topp ko! Loolu moo tax mu jox nu téere bu wér, bii ñuy tudde Kóllëre gu jëkk gi, **ngir ràññe luy dëgg ak lu dul dëgg**.

Léegi nag, ngir àggale sunub tukki ci téereb Kóllëre gu jëkk gi, danu bëggoon a jàng tuuti ci téereb **Malasi**,

di téere bu muj, bi nekk ci Kóllëre gu jëkk gi. Waxi yonent Yàlla Malasi am nañu maana lool ci nun, ndaxte ñooy wax yi Yàlla mujjoon a wàcceel doomi Aadama, laata Almasi biy ganesi àddina. Ñeenti téeméeri at rekk a ci desoon, laata Rammukat bi waroon a juddu! Dégluleen li yonent Yàlla Malasi bindoon ci saar wu mujj wi nekk ci Kóllëre gu jëkk gi. Mu ne:

"*Aji Sax ji man lépp nee na: Maa ngi nii di yónni sama ndaw.* ***Dina xàll yoon wi fi sama kanam****. Te dina ne parax dugg ci màggalukaayam, Boroom bi ngeen doon seet. Te Ndawul kóllëre gi ngeen doon séentu mu ngiy ñëw! ... Ndaxte maay Aji Sax ji, duma soppiku!* [Naka noonu] *yeen ñi wormaal sama tur,* ***Jantub Njub*** *dina leen fenkal, tey ceñeeram dinañu indi wér!*" **(Mal 3:1,6; 4:2**)

Noonu la yonent Yàlla Malasi yéglee woon ni Yàlla fasoon yéenee yónni benn yonent ci kanamu Almasi bi, ngir xàll yoonam. Ndax xam nga kooku moo doon ban yonent? Ci njàng mi di ñëw, dinanu gis ne, yonent bi naroon a xàll yoonu Almasi bi mooy yonent Yàlla **Yaxya**.

Wànte am na leneen lu nu war a gis ci aaya yii, ndaxte Malasi bindoon na it ne: "*Aji Sax ji man lépp nee na:* ***Ndawul kóllëre gi ngeen doon séentu mu ngiy ñëw! Ndaxte maay Aji Sax ji, duma soppiku!***" **(Mal 3:1**)

Ci kàddu yooyu la Yàlla doon yéglee ni Almasi bi naroon a indee **kóllëre gu bees gi**, ni mu ko digee woon bu yàgg. Diirub junniy at, Yàlla doon na laaj **saraxi mala** ngir baal doomi Aadama seeni bàkkaar. Loolu mooy **Kóllëre gu jëkk**, gi Yàlla dénk **ay yonentam**. Waaye **Almasi bi** mooy Ki naroon a indi ci àddina **Kóllëre gu bees gi**, ndaxte moom ci boppam waroon na **matal misaalu saraxi mala yépp**, di toxale noonu Kóllëre gu jëkk gi.

Almasi bi warul woon a ñëw ngir **dindi** waxi yonent yi, waaye **ngir ñu am ci Moom**. Looloo taxoon yonent Yàlla Malasi tudde ko '***Jantub Njub***'! Naka la Almasi bi naroon a mele ni jant bi? Yonent yi dañu mel ni weer wi walla sondeel yuy xuuy ci àddina su lëndëm si. Waaye Almasi bi, mooy jant bi fenk, ndaxte ñëw na ngir dàq sunu lëndëmu bàkkaar, teg nu ci **yoonu njub ba fàww**! Ana lan ngay doyeeti weer wi walla sondeel yi su jant bi nee fàŋŋ? Almasi bi mooy '**Jantu Njub bi**'! Dégluleen li beneen yonent yégle woon ci mbirum Almasi bi naroon a ñëw. Mu ne: "*Yàlla sunu boroom fees na ak yërmande,* ***ba tax muy wàcce ci nun jant buy fenk, ngir leeral ñi toog ci lëndëm, takkandeeru dee tiim leen, ngir jiite nu ci yoonu jàmm***." **(Lu 1:78,79**) Amiin!

Kon, mbokk yi, àggale nanu sunub tukki ci téereb Kóllëre gu jëkk gi. Naka noonu, ci njàng miy ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu dugg ci téere bu neex bi ci topp, maanaam ci Kóllëre gu bees, gi ëmb **Linjiil**. Ci Linjiil lanuy gis ni waxu yonent yi mate ci Almasi bi, ni dex yuy tàbbi ci géej.

Su fekkee ne am na dara lu leerul ci sa xel ci li nu jàng tey, na nga nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li kàddug Yàlla wax, bi mu naan:

"***Waxu yonent yi wér na, te war ngeen koo fonk; mi ngi mel ni làmp, buy leer ci bérab bu lëndëm, ba kera fajar di xar, te biddiiwub njël bi feq, leeral seeni xol!***" **(2Pi 1:19,20**)

# 60  Yonent Yàlla Yaxya ak Ndoortel Linjiil

(Luug 1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci sunu waxtaan wi weesu, àggale woon nanu sunub tukki ci xaaj bu jëkk bi ci Mbind mu sell mi, di xaaj bi ëmb Tawreet, Sabóor ak téerey yonent yi. Xaaj bu jëkk booboo ngi tudd: ***Kóllëre gu jëkk gi***. Ci Faraanse ñu koy wooye: 'Ancien Testament.' Tey jii nag, danu fas yéene dugg ci ñaareelu xaaju Kàddug Yàlla, ñu koy wooye ci Faraanse: 'Nouveau Testament', maanaam: ***Kóllëre gu bees gi***.

**Lu tax Yàlla séddale téereem bu sell bi ci ñaari xaaj yi**, di Kóllëre gu jëkk gi ak Kóllëre gu bees gi? Li ko waral mooy lii: Lépp li yonent Yàlla yi bind ci **Kóllëre gu jëkk gi**, bindoon nañu ko **laata Almasi biy juddu**. Waaye lépp li nekk ci **Kóllëre gu bees gi**, bindoon nañu ko **gannaaw ba Almasi bi juddoo**. Naka noonu, xebaaru yonent Yàlla yi bind Kóllëre gu jëkk gi moo doon: "Yàlla **dina yónni** Almasi bi!" Waaye xebaaru Kóllëre gu bees gi, mooy: "Yàlla **yónni na** Almasi bi, ni mu ko digee woon jaarale ko ci ay yonentam!"

Ndax solob Kóllëre gu jëkk gi ak solob Kóllëre gu bees gi leer na ci sa xel? Loolu lu am maana la, ndaxte dafa am nit ñu bëgg a tuumaal Mbind mu sell mi ndax li mu am 'Ancien Testament' ak 'Nouveau Testament'. Ci xalaatu ñooñu, li 'Nouveau Testament' di tekki mooy: dafa am ñu bëggoon a jël beneen téere mu wuutu Mbindi yonent yi! Waaye du noonu! Téereb 'Nouveau Testament', maanaam: Kóllëre gu bees gi, **tebbiwul** li yonent yu jëkk yi waxoon, waaye dafay wone **ni Yàlla amale waxu yonent yi**. Ndaxte ci Kóllëre gu jëkk gi yonent Yàlla yépp dañu doon yégle ne: "**Almasi bi dina ñëw! Dina ñëw! Dina ñëw!**" Waaye xebaaru téereb Kóllëre gu bees gi mooy: "**Almasi bi ñëw na! Ñëw na! Almasi, bi yonent Yàlla yépp doon yégle bu yàgg, ñëw na!**" Loolu mooy xebaaru Kóllëre gu bees gi.

Kon nag mbokk yi, man nanu **sant Yàlla** ak xol bu sedd guyy ci li Mbind mu sell mi ëmb Kóllëre gu jëkk gi **ak** Kóllëre gu bees gi. Ndaxte ci ñaari xaaj yooyu, man nanu ci gis ne, **li Yàlla dige woon bu yàgg, def na ko**! Yàlla wàcceel na nu Musalkat, bi mu digoon sunuy maam ci Tawreet, Sabóor ak téerey yonent yi. Ni gif di saxe, ba nekk guy, noonu la Kóllëre gu jëkk gi mate ci Kóllëre gu bees gi.

Ni ko lu bare ci yeen xame ba noppi, xaajub ñaareel bi ci Mbind mu sell mi, di **Kóllëre gu bees gi**, am na weneen tur. Tur woowu mooy ***Linjiil***. Linjiil baatu Araab la buy tekki:***xebaar bu baax bi***. Ci lu wóor, xebaaru téereb Linjiil, **xebaar bu baax lool la**, ndaxte day nettali ni Almasi bi matale li yonent Yàlla ya yégle woon, ba ubbil doomi Aadama buntub jàmm fa kanam Yàlla ba fàww!

Ci lu jëm ci téereb Linjiil nag, war ngeen xam ne, Almasi bi moom ci boppam, bindu ko woon. Waaye Yàlla dafa jëfandikoo woon **ñeenti nit**, ngir ñu bind nettaliy Almasi, bi ganesi àddina. Ñeenti nit ñooñoo ngi tuddoon: *Macë*, *Màrk*, *Luug* ak *Yowaana*. **Lu tax Yàlla xiiroon ñeenti nit ñu bind nettalib Almasi bi**? Lu tax jëfandikoowul woon benn nit rekk ngir mu bind Linjiil? Ndaxte Yàlla dafa nu bëgg a jottali kàddu gu wóor te mat a nangu. Yàlla dafa jëfandikoo ñeenti bindkat, **ngir dëggal kàddoom**. Ni taabalu ñeenti tànk di gën a dëgëre taabalu benn tànk doŋŋ, noonu itam la ñeenti seede gën a wóore benn seede kese. Naka noonu, Yàlla jëfandikoo woon na ñeenti seede, ngir nu man a xam ne, lépp li nuy jàng ci Linjiil ci mbirum Almasi bi, lu wér péŋŋ la; amul sikki-sàkka! Ni Yàlla sole woon ay waxam ci xeli yonent yu jëkk ya, noonu la Yàlla xiire itam ñeenti nit ñu bokkoon jamano ak Almasi bi, ngir ñu bind li ñu gisoon te dégg ko, ci mbirum Musalkatu Àddina si.

Ndax xam nga ci ban làkk la Macë, Màrk, Luug ak Yowaana bindoon Linjiil bu sell bi? Ci làkku gereg lañu ko bindoon. Waaye nun dinanu ko jàng ci làkku wolof, ndaxte lu ëpp ci nun déggunu gereg. Nu ngiy gërëm

Yàlla ci li mu def ci xoli ay boroom xam-xam fii ci Senegaal, ñu jël Linjiil bu gereg bi, sottil nu ko ci wolof. Naka noonu, téereb Linjiil bi nu am ci sunuy loxo tey, dëppoo na ak li Yàlla soloon ci xeli Macë, Màrk, Luug ak Yowaana.

Waaw, léeg-léeg danuy dégg ñiy fexee bëre ak Linjiil, di wax naan: "Kenn mënu ko wóolu! Dafa fees ak wax yu ci soppiku ak ay njuumte ak i werante ak nàngam ak nàngam...!" Waaye kuy bëree noonu ak Linjiil bu sell bi, mu ngiy bëre ak Yàlla moom ci boppam. Te nen du bëre ak doj!

Mbind mu sell mépp dafa wóor. Ni Kàddug Yàlla mate sëkk ci Tawreet ak Sabóor, noonu la mate sëkk itam ci Linjiil! Mbind mu sell mi dëngul fenn! Kenn mënul randal waxi Yàlla! Yàlla màgg na te àttan na aar kàddoom! Kàddug Yàllaa ngiy dund tey sax, kenn mënu ko soppi! Moom la Boroom bi moom ci boppam wax ci Linjiil, bi mu naan: "***Asamaan si ak suuf si dinañu wéy, waaye samay wax du wéy mukk!***" **(Mc 24:35**)

Kon nag mbokki déglukat yi, waxtu wi nu war a tàmbali **sunub tukki ci Linjiil bu sell bi**, di Kóllëre gu bees gi, agsi na. Ci sunu emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ci mbirum yonent Yàlla Malasi, mi jiitoo woon Almasi bi lu tollu ci ñeenti téeméeri at. Te war ngeen xam ne, ci diirub ñeent téeméeri at yi toppoon ci jamanoy Malasi, Yàlla yebalul woon ci xeetu Yawut yi benn yonent ngir mu waare te bind Kàddug Yàlla. Lu tax Yàlla yónniwul woon beneen yonent? Ndaxte téereb Kóllëre gu jëkk gi matoon na. **Yàlla waxoon na lépp li mu bëggoon a wax jaarale ko ci yonent yu jëkk ya**. Léegi Yàlla dafa doon xaar jamano ji muy tëral kóllëre gu bees, jaarale ko ci dikku Almasi bi.

Jàngoon nanu ba noppi yégleb yonent Yàlla Esayi ak yonent Yàlla Malasi, ci ni Yàlla fasoon yéenee yónni benn yonent ci kanamu Almasi bi, ngir xàllal ko yoonam. Ndax xam nga ban yonent la woon? Mooy yonent Yàlla Yaxya. Baayu Yaxya moo doon Sakariya. Sakariya sëriñ la woon, buy liggéeyal Yàlla ci màggalukaay, ba nekkoon Yerusalem. Léegi nag, nanu dugg ci Linjiil, ngir déglu li Luug bindoon ci mbirum juddug yonent Yàlla Yaxya. Nu ngiy jàng ci saar benn. Mbind mu sell mi ne na:

*Ca jamanoy Erodd, mi nekkoon buur ca réewu Yawut ya, amoon na sëriñ bu ñu tudde* ***Sakariya*** *te bokk ca mbootaayu sëriñ, sa askanoo ci Abiya. Jabaram* ***Elisabet*** *askanoo moom itam ci Aaroona. Sakariya ak jabaram ñu jub lañu ca kanamu Yàlla, di topp ni mu ware ndigal yi ak dogali Boroom bi yépp. Waaye amuñu doom, ndaxte Elisabet mënul a am doom, te it fekk ñoom ñaar ñépp ay màgget lañu.*

*Benn bés nag Sakariya doon def liggéeyu sëriñam ca Yàlla... Ca waxtu wa ñuy taal cuuraay la, mbooloo maa nga woon ca biti, di ñaan. Noonu* ***benn malaakam Boroom bi daldi feeñu Sakariya****, taxaw ca féeteek ndeyjooru taabal, ja ñuy lakke cuuraay. Naka la ko Sakariya gis, fitam daldi dem, mu tiit. Waaye malaaka ma ne ko: Bul ragal dara Sakariya, ndaxte sa ñaan nangu na. Elisabet sa jabar dina la jural doom, te dinga ko tudde Yaxya. Sa mbég lay doon, sa xol sedd ci, te ñu bare dinañu bég ci juddoom, ndaxte dina nekk ku màgg ca kanamu Yàlla. Du naan biiñ walla dara luy màndil, te bu juddoo, Xel mu Sell mi daldi ko solu. Dina delloosi niti Israyil yu bare ci Yàlla seen Boroom. Mooy jiitu, di yégle ñëwu Boroom bi, ànd ak xoli baay yi ak doom yi, ngir delloo ñi déggadi ci maanduteg ñi jub. Noonu dina waajal mbooloo muy teeru Boroom bi! Sakariya daldi ne malaaka ma: Nan laay xame ne, loolu dëgg la? Ndaxte mag laa, te sama jabar it màgget na. Malaaka ma tontu ko ne: Man maay* ***Jibril*** *miy taxaw ci kanamu Yàlla! Dañu maa yónni ngir ma wax ak yaw te yégal la xebaar bu baax boobu.* ***Léegi nag gannaaw gëmloo li ma wax, dinga luu te dootuloo man a wax, ba kera sama wax di am, bu jamanoom jotee****.*

*Fekk na booba mbooloo maa ngi xaar, jaaxle lool ci li Sakariya yàgg ca bérab bu sell ba [ci biir kër Yàlla gi]. Waaye bi mu génnee nag, mënul a wax ak ñoom. Noonu nit ña xam ne, dafa am lu ko feeñu ca bérab bu sell ba. Dafa luu, ba di leen liyaar. Bi Sakariya matalee liggéeyu sëriñam ba noppi, mu daldi ñibbi. Bi mbir yooyu weesoo, Elisabet jabaram ëmb...te naan: Lii mooy yiw wi ma Boroom bi defal, ba fajal ma li doon sama gàcce ci nit ñi!* **(Lu 1:5-25**)

Kon, gis nanu ni Yàlla yónnee woon Jibril malaakaam ci Sakariya ngir yégal ko ni ko Elisabet jabaram

naroon a jurale doom ju góor, ji nar a nekk yonent bu mag, biy xàll yoonu Almasi bi. Naka noonu, ci mujug saar wi, Mbind mi ne na:

*Gannaaw loolu jamano ji Elisabet war a mucc agsi, mu daldi jur doom ju góor. Dëkkandoom yi ak mbokkam yi yég ne, Boroom bi won na ko yërmande ju réy, ñu ànd ak moom bég. Bi bés ba dellusee, ñu ñëw xarafalsi xale ba, bëgg koo duppee baayam Sakariya. Waaye yaayam ne leen: Déedéet,* ***Yaxya*** *lay tudd. Ñu ne ko: Amoo menn mbokk mu tudd noonu. Ñu daldi liyaar baayam, ngir xam nan la bëgg ñu tudde xale ba. Sakariya laaj àlluwa, bind ci ne: Yaxya la tudd. Ñépp daldi waaru. Ca saa sa Yàlla dindi luu gi, Sakariya daldi waxaat, di màggal Yàlla. Waa dëkk ba bépp jaaxle, xew-xew yooyu siiw ca tundi Yude yépp. Ñi dégg nettali, bi jëm ci mbir yooyu, dañu koo denc ci seen xol te naan: Nu xale bii di mujje nag? Ndaxte leeroon na ne, dooley Boroom baa ngi ànd ak moom.*

*Sakariya baayu Yaxya daldi fees ak Xel mu Sell mi. Noonu mu wax ci kàddug Yàlla ne: Cant ñeel na Boroom bi, Yàllay Israyil,* ***ndaxte wallusi na mbooloom, ba jot leen! Feeñal na nu Musalkat bu am doole, bi soqikoo ci askanu Daawuda jaamam, ni mu ko yéglee woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam yu sell yi****. ...Yàlla wone na yërmandeem, ji mu digoon sunuy maam, te di* ***fàttaliku kóllëre, gi mu fas ak ñoom, di ngiñ li mu giñaloon sunu maam Ibraayma****...!* **(Lu 1:57-70,72-73**)

Ginnaaw ba Sakariya waxee loolu ba noppi, mu daldi walbatiku ci Yaxya liir bi, wax ci mbiram naan: *Yaw nag doom, dinañu lay wooye yonentu Aji Kawe ji,* ***ndaxte dinga jiitu, di yégle ñëwu Boroom bi, di ko xàllal yoon wi****. Dinga xamal mbooloom ni leen Boroom bi man a musale jaare ko ci seen mbaalug bàkkaar, ndaxte Yàlla sunu Boroom fees na ak yërmande, ba tax* ***muy wàcce ci nun jant buy fenk****, ngir leeral ñi toog ci lëndëm, takkandeeru dee tiim leen, ngir jiite nu ci yoonu jàmm!* **(Lu 1:76-79**) Amiin.

Noonu la Sakariya doon màggale Yàlla, ginnaaw ba Yaxya juddoo, ndaxte Sakariya xamoon na ne, **jamano ji Almasi bi war a feeñe agsi na**! Yaxya, doomu Sakariya, du woon Almasi bi, waaye ki war a jiitu, di **yégle dikku Almasi bi**, di ko xàllal yoon wi.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ndegam neex na Yàlla, ci njàng miy ñëw, dinanu gis ni Yàlla yebale malaakaam Jibril ci benn janq bu tudd Maryaama, ngir yégal ko juddug Almasi bi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Sakariya waxoon bi mu naan: "***Cant ñeel na Boroom bi...ndaxte...feeñal na nu Musalkat bu am doole...ni mu ko yéglee woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam yu sell yi!***" **(Lu 1:68-70**)

# 61 Almasi bi Yeesu!

(Luug 1; Macë 1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ni ngeen ko xame, diirub juróom-benn fukki njàng yi weesu, doon nanu gëstu ci Mbindi Kóllëre gu jëkk gi, maanaam ci Tawreet ak Sabóor ak téerey yonent yi. Waaye ci emisyoŋ bi weesu, duggoon nanu ci **Kóllëre gu bees gi**, maanaam ci Linjiil. ***Linjiil*** baatu Araab la buy tekki: ***Xebaar bu baax bi***. Te ci lu wóor, xebaaru téereb Linjiil, xebaar bu baax lool la ci képp ku ko gëm, ndaxte day nettali ni **Yàlla feeñale doomi Aadama Musalkat bu am doole, ni mu ko dige woon bu yàgg**.

Bala nuy duggaat tey ci Linjiil, dina baax su nu manee fàttaliku **lu tax Yàlla fasoon yéene wàcceel doomi Aadama ab Musalkat**. Ndax man ngeen fàttaliku li xewoon bés ba Aadama ak Awa defee bàkkaar? Ci Tawreetu Musaa, gisoon nanu ci ni Aadama tàbbale woon nit ñépp ci nguurug Seytaane ak ci nootaangeg bàkkaar. Bàkkaaru Aadama a tax nu juddu ci dëngte, nun ñépp. Ndaxte ni janax dul jure lu dul luy gas, noonu itam la Aadama mënul a jure lu dul luy def bàkkaar! Te sunu bàkkaar daan na nu ba amunu menn pexe ngir jubal sunu bopp ci kanamu Ki nu war a àtte!

Waaye nu ngi sant Yàlla ci li Mbindi yonent yi jeexewul ci nettalib bàkkaaru Aadama! Ndaxte ci bés ba Aadama ak Awa bàkkaare, Yàlla tàmbali woon na xamle **pexeem mu rafet, ngir wàcce Rammukat, bi war a musal doomi Aadama** ci nootaangeg Seytaane ak bàkkaar. Ca bés bu lëndëm boobu, Yàlla yégle woon na ni Rammukat bu sell boobu waroon a juddoo **ci jigéen rekk**, ndaxte Almasi, bi naroon a nekk Musalkatu bàkkaarkat yi, mënul a jóge ci doomi Aadama yi taq bàkkaar. Ci Yàlla doŋŋ la war a jóge.

Kon nag mbokk yi, nanu dellusi léegi ci téereb Linjiil, ba gis ni Yàlla amale li mu dige woon ci mbirum Rammukat bu sell, bi naroon a juddoo ci janq bu musul a ànd ak góor. Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni malaakam Yàlla Jibril, feeñoo benn Yawut bu tudd Sakariya, yégal ko ni mu waroon a jure ak jabaram, doom ju tudd Yaxya, muy ki naroon a xàll yoonu Rammukat bi. Léegi nag, nanu jëm kanam ci Linjiilu Luug, saar benn, ba gis ni Yàlla yebale malaakaam ci benn janq bu tudd **Maryaama**. Mbind mi ne na:

*Bi Elisabet* (yaayu Yaxya) *nekkee ci juróom-benni weeram, Yàlla yónni malaakaam Jibril ca dëkku Nasaret ca diiwaanu Galile. Mu yebal ko ca janq, bu ñu may waa ju* ***bokk ci askanu Daawuda*** *te ñu koy wax Yuusufa, waaye àndaguñu. Janq baa ngi tudd* ***Maryaama****.*

*Malaaka ma dikk ca moom, ne ko: Jàmm ngaam, yaw mi Boroom bi defal aw yiw; mu ngi ak yaw. Waxi malaaka ma daldi jaaxal Maryaama, muy xalaat lu nuyoo boobu man a tekki. Malaaka ma ne ko: Bul ragal dara Maryaama, ndaxte Yàlla tànn na la ci yiwam. Dinga ëmb, jur doom ju góor. Nanga ko tudde* ***Yeesu****. Ku màgg lay nekki, te dinañu ko wooye* ***Doomu Aji Kawe ji****. Boroom bi Yàlla dina ko jébbal nguuru Daawuda maamam. Noonu dina yilif askanu Yanqóoba ba fàww, te nguuram du am àpp*!

*Maryaama laaj malaaka ma, ne ko: Naka la loolu man a ame? Man de, janq laa ba tey. Malaaka ma tontu ko ne: Xel mu Sell mi dina wàcc ci yaw, te Aji Kawe ji dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinañu ko wooye Ku sell ki, Doomu Yàlla ji. Elisabet sa mbokk mi it dina am doom ju góor cig màggetam Ki ñu doon wooye ku mënul a am doom, mu ngi ci juróom-benni weeram. Ndaxte dara tëwul Yàlla. Maryaama ne ko: Jaamub Boroom bi laa. Na Yàlla def ci man li nga wax. Ci noonu malaaka ma daldi dem.* **(Lu 1:26-38**)

Nanu taxaw fi ngir waxtaan tuuti ci li xewoon bi malaakam Yàlla Jibril dikkee ci Maryaama. Gis nanu ne, Maryaama janq bu fonkoon kàddug Yàlla la woon, te ñu may ko jenn waa ju tudd *Yuusufa*, waaye àndaguñu. Te war ngeen xam it ne, Yuusufa ak Maryaama, ñoom ñaar ci askanu buur bi Daawuda lañu bokkoon. Loolu

lu am maana la, ndaxte yonent Yàlla yi yégle woon ne **Almasi bi dina juddu ci janq**, yégle woon nañu itam ne, **dina bokk ci askanu Daawuda**.

Te ngir kenn bañ a juum, am na leneen li ngeen war a xam ci mbirum Maryaama. Mooy lii: Maryaama doomu Aadama la woon ni nun ñépp, te naka noonu dafa judduwaale woon jikkoy bàkkaar. Fàww nu wax ko, ndaxte am na ñu bare ci jamano jii, ñu bëgg a teg Maryaama ci palaasu Yàlla ba di ko jaamu te di ko ñaan. Wànte loolu araam na. Ci lu wóor, **Maryaama ku jar a naw la**, ndax mooy ki Yàlla tànn ngir mu indi Almasi bi ci àddina. Waaye yiw woowu ko Yàlla jagleel, **taxul mu yelloo jaamu**, ndaxte Mbind mi nee na: "*Nanga màggal Yàlla sa Boroom, te jaamu ko **moom rekk!***" **(Mc 4:10**)

Léegi nag, ci aaya yi nu sooga jàng, gis nanu ni Jibril dikke ca Maryaama, ngir xamal ko ne, moom mooy janq bi Yàlla tànnoon ngir jaarale ci àddina Musalkatu bàkkaarkat yi. Te ginnaaw loolu, Jibril waxoon na Maryaama nan lañu war a wooye doom ji mu war a jur. Mu ne ko: "*Nanga ko tudde **Yeesu**.*" Tur woowu, di *Yeesu*, mu ngi tekki: ***Yàllaay musal***. Waaye am na weneen tur wu Jibril tudde Almasi bi. Ndax dégg ngeen ko? Dafa ko wooye: ***Doomu Aji Kawe ji***. Waaw, moom la Jibril waxoon. Jàngoon nanu ba noppi ci Sabóoru yonent Yàlla Daawuda, ni Yàlla wooyee Almasi bi *Doomam*. Te léegi dégg nanu ni malaakam Yàlla Jibril it tuddee Almasi bi *Doomu Yàlla*.

Mbokk yi, xam nanu ne ñu bare, bu ñu déggee tur wii di '**Doomu Yàlla**' dinañu wax ne, "Ax! Loolu mënul a am mukk! Astafurlah!" Wànte léeb wu yàgg dafa wax ne: "Bala ngay fél gémmiñu sàmm, nga xam lu mu walis." Naka noonu it, bala ngay xeeb tur wii, di Doomu Yàlla, war nga fexee xam lu mu tekki! Ci Mbind mu sell mi, dañu ciy tudde Almasi bi Doomu Yàlla ji daanaka téeméeri yoon ak ñaar-fukk ak juróom. Kon, nun ñi wóolu Mbindi yonent yi, ñemewunu weddi ne Yàlla dafa tudde Almasi bi Doomam. Li nu bëgg a xam kay mooy **lu tax** Yàlla tudde ko **Doomam**.

Li nu war a jëkk a xam nag, mooy li tur woowu, di Doomu Yàlla, **tekkiwul**. **Tekkiwul ne Yàlla dafa am soxna ba am ci doom**! Mukk! Kuy xalaat lu ni mel, mu ngiy sosal Yàlla! Yàlla mooy Aji Kawe ji te du jur doom ni ko nit di jure! Mukk! Loolu dafa war a leer nàññ ci sunuy xel. Amunu jot tey ngir faramfànceel leen lépp li turu *Doomu Yàlla* di tekki, waaye li ngeen war a xam tey mooy lii: Tur woowu **tekkiwul** ne Yàlla dafa am jabar ba am ci doom! Yaakaar nanu ne, loolu jafewul a dégg, ndaxte fii ci Senegaal, danuy faral di tudde '*doomu Senegaal*' képp koo xam ne ci réew mi nga dëkk, moona Senegaal mënul a am jabar bay am doom. Boo demee bitim réew, dañu naan la, 'Doomu Senegaal nga', waaye loolu taxul Senegaal di sa baay, wànte dafay wone ne Senegaal nga bawoo, fa nga jóge.

Kon noonu la itam ak Yeesu Almasi bi. Yàlla dafa ko woowe Doomam, ndaxte **ci Yàlla la bawoo**. Ci asamaan la jóge. Laata muy juddu sax mu ngi nekkoon ci Yàlla, ndaxte mooy **ruuwu Yàlla**. Almasi bi mooy '**Kalimatula**', di Kàddu gi nekkoon ak Yàlla ci njàlbéen ga. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Ca njàlbéen ga fekk na **Kàddu gi** am, te **Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla**, te **Kàddu gi Yàlla la woon**. Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom la Yàlla jaar, sàkk lépp. Amul dara lu ñu sàkk te jaarul ci moom... **Kàddu googu...ñëw, doon nit, dëkk ci sunu biir!***" **(Yow 1:1-3,9,14**) Amiin!

Waaw, Almasi bi mooy **Kàddug Yàlla**, gi jóge asamaan, juddu ci bindu nit. Te nun ñépp xam nanu ne, Yeesu Almasi bi, amul woon baay ci kaw suuf. Léegi nag, su fekkee ne, amul woon baay, kon, fu mu jóge? Doomu kan la? Dégluwaatleen li Jibril waxoon Maryaama. Mu ne ko: "***Xel mu Sell mi dina wàcc ci yaw, te Aji Kawe ji dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinañu ko wooye Ku sell ki, Doomu Yàlla ji***." **(Lu 1:35**)

Xëy na dégg ngeen ñuy wax, naan: "Waaw-waaw, xam nanu ne, Yeesu amul woon baay ci kaw suuf, waaye soloom sorewul, ndaxte Yàlla dafa bëggoon a wone kàttanam rekk. Ndaxte Yàlla sàkk na Aadama, te amul ndey, amul baay. Te ginnaaw loolu, mu sàkk Awa mu am baay kese, maanaam mu defare ko ca faar, ga mu jële ci Aadama. Kon, ngir wone kàttanam, Yàlla sàkk na Yeesu ci jigéen kese. Loolu rekk a taxoon Yeesu amul woon baay."

Aa mbokki déglukat yi, ci dëgg-dëgg, Yàlla Boroom Kàttan la te dara tëwu ko, waaye ci lu jëm ci juddug Yeesu ci janq, war ngeen xam ne, njériñam weesu na fuuf, wone kàttanu Yàlla rekk. Bu leen ci kenn nax! Juddug Yeesu ci janq ay junniy at ginnaaw ba Yàlla sàkkee Aadama ak Awa, am na lu ko waral! Ndax xam nga lu ko waral yaw? Mbind mu sell mi wax na nu ko, bi mu naan: "*Yeesu Almasi bi ganesi na àddina,* ***ngir musal bàkkaarkat yi!***" **(1Tim 1:15**) Looloo tax mënul woon a jóge ci góor gu taq bàkkaar!

Ni nu ko gise woon ba noppi, ci kaw pexe mi Yàlla rabatoon, Almasi bi dafa waroon a tuur deretam ni sarax suy fey bàkkaar. Naka noonu, fàww mu nekk ku amul benn tooñ, mel ni xaru tabaski mu sikkul te wàññikuwul.

Xalaatleen ci! Ndax boroom bor bu réy man na feyal ñeneen ñi am bor? Déedéet! Ki amul bor rekk a yelloo fey bori ñeneen. Naka noonu itam, Almasi bi dafa waroon a nekk nit ku amul benn boru bàkkaar, ngir mu man a feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar. Yàlla dafa bëgg nu xam ne, Almasi bi ak doomi Aadama yi, wuute nañu lool. Nun ñépp, danu mel **ni suuf su tilim**, ndax sunuy bàkkaar. Waaye Yeesu Almasi bi dafa mel **ni taw bi jóge asamaan**. Ku set la te sell woon, ni Yàlla sete te sell. Looloo taxoon Yàlla rusu ko wooye ***Doomam***! Kon nag mbokk yi, am nanu yaakaar ne, su ngeen fi jógee tey, seen xel dina gën a leer, ngeen gën a xam lu tax Yeesu Almasi bi waroon a juddu ci janq, te **lan la tur wi, di Doomu Yàlla, di tekki ak lu mu tekkiwul**.

Ngir àggale emisyoŋ bi tey nag, danu bëggoon jàng li ñu bindoon ci Linjiilu Macë ci mbirum juddug Almasi bi. Ndaxte ay weer ginnaaw ba Maryaama ëmbe, Yàlla yebaloon na malaakaam ca Yuusufa, mi nar a nekk jëkkëram. Ci loolu, Mbind mi ne na:

*Nii la Yeesu Kirist juddoo. Bi ñu mayee Maryaama ndeyam Yuusufa, waaye laata ñoo ànd, gis nañu ne dafa ëmb ci kàttanu Xel mu Sell mi. Yuusufa jëkkëram nag, mi nekkoon nit ku jub te bëggu ko woon a weer, mu dogoo tas séy bi ci kumpa. Waaye bi muy xalaat ci loolu, benn malaakam Boroom bi daldi ko feeñu ci gént, ne ko: Yaw Yuusufa, sëtu Daawuda, bul ragal a yeggali Maryaama sa jabar, ndaxte doom ji mu ëmb,* ***ci Xel mu Sell mi*** *la jóge. Dina jur doom ju góor, nga tudde ko* ***Yeesu***, ***ndaxte moo di kiy musal xeetam ci seeni bàkkaar****.*

***Loolu lépp xewoon na, ngir amal li Boroom bi wax, jaarale ko cib yonent****, bi mu naan: Janq bi dina ëmb, jur doom ju góor, ñu tudde ko Emanuwel, liy tekki:* ***Yàlla ganesi na nu****.*

*Noonu Yuusufa yeewu, yeggali jabaram, na ko ko malaakam Boroom bi sante woon. Waaye àndul ak moom, ba kera mu mucc, jur doom ju góor; mu tudde ko* ***Yeesu***. **(Mc 1:18-25**) Amiin.

Kon nag, fii lanu war a yem tey. Waaye bu soobee Yàlla, beneen yoon, dinanu jëm kanam ci Linjiil ba gis ni Yeesu Almasi bi juddoo woon. Wànte su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li malaaka ma waxoon Yuusufa ci mbirum Almasi bi, bi mu naan ko: "***Nga tudde ko Yeesu, ndaxte moo di kiy musal xeetam ci seeni bàkkaar!***" **(Mc 1:21**)

# 62 Juddug Yeesu Almasi bi

(Luug 2; Macë 2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, ci sunu gëstu ci Linjiil bu sell bi, gisoon nanu ni Yàlla yónnee woon malaakaam Jibril ca réewum Yawut ya, ca dëkku Nasaret, ca benn janq bu tudd Maryaama. Malaaka ma feeñu janq boobu ngir xamal ko ni mu naroon a ëmbe ci kàttanug Aji Kawe ji, jur doom ju góor, tudde ko ***Yeesu***. Yeesu mu ngi tekki: ***Yàllaay musal***. Noonu gisoon nanu ne, jamano ji gaayi Yàlla yi doon séentu bu yàgg, agsi woon na! **Rammukat**, bi Yàlla dige woon bés ba Aadama ak Awa bàkkaaree, mu ngi woon ci pendalu janq bi, di waaj a ganesi àddina! Tey jii nag, danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil ba gis **ni Yeesu juddoo**.

Bala nuy dugg ci Mbind mi tey, xëy na war nanu waxtaan tuuti ci **jamano ji** Almasi bi juddu woon. Ca jamano jooju, buuru Room, bi ñuy wax Sesaar Ogust, moo yilifoon réew yu bare, ba laawaale ca réewu Yawut ya sax. Wànte nootaangeg nguurug Room mënul a fanq pexe mi Yàlla amoon ngir wàcce Rammukat bi ci àddina. Yàlla fasoon na yéene jëfandikoo nguurug Room sax ngir amal waxu yonent yi.

Ci misaal, ndax man ngeen fàttaliku waxu Mise, yonent Yàlla bi jiitoo Almasi bi lu tollu ci juróom-ñaari téeméeri at? Mise yégle woon na ni Almasi bi naroon a juddoo ci dëkku cosaanu yonent Yàlla Daawuda, di **Betleyem**. Waaye Maryaama, mi naroon a jur Yeesu, dëkkul woon Betleyem, waaye **Nasaret** la nekkoon, dëkk boo xam ne, digganteem ak Betleyem tollu na ci daanaka téeméeri kilomet ak juróom-fukk. Kon, naka la Almasi bi manoon a juddoo ci Betleyem?

Ax mbokk yi, ni ngeen ko xame, dara tëwul Yàlla. Mu ngiy joo loxoom ci lépp liy xew ci kaw suuf, te lépp lu nar a ñëw, xam na ko. Naka noonu, dinanu jàng tey ne, bi jamano ji Maryaama waroon a mucc jegesee, buuru Room bu mag bi joxe ndigal ne: Na góor ak jigéen, kenn ku nekk dem ca sa dëkku maam ngir bindu fa, ngir fey galag! Fan la Maryaama waroon a dem nag? Ci Betleyem, dëkku buur bi Daawuda, ndaxte ci askanu Daawuda la bokkoon, moom ak Yuusufa jëkkëram.

Léegi nag, nanu dugg ci Linjiilu Luug, saar ñaar, ba gis ni Yeesu Almasi bi juddoo woon ci dëkku **Betleyem**, ni ko Yàlla dige woon bu yàgg. Mbind mi ne na:

*Ca jamano jooja **buur bu mag bu ñuy wax Ogust, joxe ndigal** ne, na ñépp binduji. ...Noonu ku nekk dem binduji ca sa dëkku cosaan. Yuusufa nag daldi jóge **Nasaret** ca diiwaanu Galile, jëm ca diiwaanu Yude ca **Betleyem**, dëkk ba Daawuda cosaanoo, ndaxte ci askanu Daawuda la bokk. Mu dem binduji, ànd ak Maryaama jabaram. Fekk booba Maryaama ëmb.*

*Bi ñu nekkee Betleyem, waxtu wa mu waree mucc agsi. **Mu taawloo doom ju góor**, mu laxas ko ci ay laytaay, tëral ko ca lekkukaayu jur ga, ndaxte xajuñu woon ca dalukaay ba*. **(Lu 2:1,3-7**)

Fàww nu taxaw fi tuuti. Ndax gis ngeen anam, yi nga xam ne, ci la Almasi bi juddoo? Am nanu fi lu doy waar lool! Moom mi nar a nekk Musalkat ak Àttekatu Àddina si, ci gétt gu xasaw la juddoo, ndaxte dalukaayi Betleyem yépp a feesoon dell. Juddu woon na ni **baadoolo**, ci anam yu suufe lool. Xëy na am na ñiy wax naan: "Loolu lu doy waar la! Su Yeesu dee Musalkatu Àddina si ak Buur bi nar a àtte doomi Aadama yépp, lu tax judduwul woon ci këru buur, ak ndam lu réy, ngir ñépp manoon a xam ne, mooy Buuru buur yi?”

Aa mbokk yi, li nu war a fàttaliku mooy lii: **Xalaati Yàlla bokkuñu ak xalaati nit**, te ndamu Yàlla bokkul ak ndamu àddina. Ci lu wér, juddug Yeesu àndoon na ak ndam lu réy-a-réy, waaye lu ëpp ci doomi Aadama yi ràññewuñu ko, ndaxte **ndamu Yàlla** ak **ndamu àddina si** dañu wuute lool.

Ci misaal, xëy na gis ngeen ay boroom alal yu dëkk ci kër yu réy te rafet, sol yére yu jafe, tey dund bés bu set dund gu neex, te ay surga di leen liggéeyal waxtu wu nekk, loo yóotu jot ko, loo joxoñ ñu dagg. Loolu mooy ndamu àddina. Wànte **ndam li neex Yàlla** wuute na ak **ndamu àddina**. Looloo taxoon Almasi, bi jóge ci jetaayu Yàlla, judduwul ci bànneex. Melul woon ni boroom alal, yi xamul naqaru baadoolo yi ak seen coono. Déedéet. Moom mi Yàlla yónni ngir wallusi doomi Aadama yi, juddu na ci anam yu suufe, ca gétt ga sax! Naka noonu it, kenn du man a wax ne: Almasi bi dafa ñëw ngir musal ñi am alal rekk! Yàlla dafa bëgg ñépp xam bu wóor ne, Rammukat, bi mu yónni, ganesi na àddina ngir xettalisi **képp ku ko gëm** – mag ak ndaw, góor ak jigéen, buur ak baadoolo, gor ak jaam. Noonu, Mbind mi ne na: "*Ndaxte yiwu sunu Boroom Yeesu Kirist umpu leen, **ni mu futtee am-amam ba ñàkk ngir yeen**, ndax ngeen **woomle cig ñàkkam**!*" **(2Ko 8:9**)

Léegi nag, nanu jëm kanam ci nettalib juddug Almasi bi, ndaxte li gën a neex ci nettali bi sax jàngagunu ko. Ndaxte ci guddi gi Yeesu juddoo ca gétt ga, Yàlla dafa yónni ay malaakaam ci ay sàmm yu daan fanaan ca tool, ya wër dëkku Betleyem. Dégluleen ni leen Yàlla xamale xebaar bu baax, bi jëm ci juddub Almasi bi. Mbind mi ne na:

*Fekk booba amoon na ca gox ba ay sàmm yu daan fanaan ca tool ya, di wottu jur ga. Noonu **benn malaakam Boroom bi feeñu leen**, ndamu Boroom bi daldi leer, melax, wër leen. Tiitaange ju réy jàpp leen. Waaye malaaka mi ne leen: Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp! **Tey jii ca dëkku Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy Almasi bi, di Boroom bi**! Ci firnde jii ngeen koy xàmmee: dingeen gis liir bu ñu laxas ci ay laytaay, tëral ko ci lekkukaayu jur. Bi mu waxee loolu, **yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan**, ànd ak moom, di sant Yàlla naan: **Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa, te ci àddina, na jàmm ji wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam!***

*Bi malaaka ya delloo ca asamaan, sàmm yi di waxante naan: Nanu dem boog Betleyem, seeti la fa xew, li nu Boroom bi xamal! Ñu daldi gaawantu dem, gis Maryaama ak Yuusufa, ak liir, ba ñu tëral ca lekkukaayu jur ga. Bi ñu leen gisee, ñu nettali la ñu leen waxoon ca mbirum xale ba. Ñi dégg li sàmm yi doon wax ñépp daldi waaru lool... **Noonu sàmm ya dellu ca seen jur, di màggal Yàlla, di ko sant ci li ñu déggoon lépp te gis ko, ndaxte lépp am na, ni ko Boroom bi waxe woon***. **(Lu 2:8-18,20**) Amiin.

Kon nag, kan la Yàlla jëkkoon a xamal xebaar bu baaxu juddug Almasi bi? Buuru Room? Boroom alal yi? Boroom diine yi? Déedéet, du ñooñu ñépp. Ñi Yàlla jëkkoon a yégal xebaaru juddug Almasi bi ñooy ay baadoolo, di ay sàmm yu suufe, yu doon séentu dikkam!

Léegi, ngir àggale nettalib juddub Almasi bi, nanu jëm kanam ci Linjiil, ba gis li xewoon daanaka benn at ginnaaw ba Yeesu juddoo. Sànq dégg nanu ni Yàlla yégale woon **ay baadoolo juddug Yeesu – jaarale ko ci ay malaakaam**. Te léegi dinanu gis ni Yàlla yégale juddug Almasi bi **ay boroom xam-xam – jaarale ko ci biddiiw bu réy te rafet**, bu feq ci asamaan si. Dégluleen li ñu bind ci Linjiilu Macë, saar ñaar. Mbind mi ne na:

*Bi nga xamee ne, Yeesu juddu na ci Betleyem ci diiwaanu Yude, amoon na ay boroom xam-xam, ñu jóge penku, ñëw Yerusalem. Booba, ci jamanoy buur bi Erodd la woon. Ñu ne: Ana buur bi juddul Yawut yi? **Ndaxte gis nanu biddiiwam ci penku, te ñëw nanu ngir màggal ko**. Bi ko Erodd buur ba déggee, mu daldi jaaxle, moom ak waa Yerusalem gépp. Mu woolu nag sëriñ su mag sépp ak xutbakati xeet wa, laaj leen fu Almasi bi, maanaam Kirist, war a juddoo. Ñu ne ko: Ca Betleyem ci diiwaanu Yude, **ndaxte lii lañu bind jaarale ko cib yonent**: Yaw Betleyem ci diiwaanu Yude, du yaw yaa yées ci njiiti Yude, ndaxte ci yaw la njiit di génne, kiy sàmm Israyil sama xeet.*

*Ci kaw loolu Erodd woolu ci kumpa boroom xam-xam ya, di leen ceddowu, ngir xam bu wóor kañ la biddiiw bi feq. Noonu mu yebal leen Betleyem naan: Demleen fa, seet bu wóor mbirum xale ba. Bu ngeen ci amee lu wóor nag, ngeen xamal ma ko, ngir man itam ma dem màggal ko*. **(Mc 2:1-8**) (Waaye, ci biir xolam, buur bi Erodd dafa fasoon yéene rey xale ba, ndaxte bëggul kenn nekk buur, su dul moom!)

*Ba [Boroom xam-xam ya] dégloo buur ba nag, ñu dem. Te biddiiw, ba ñu gisoon ca penku ba, ne tell jiite leen, ba àgg, tiim fa xale ba nekk. Ba ñu gisee biddiiw ba nag, ñu am mbég mu réy-a-réy. Ñu dugg ca kër ga, gis xale ba ak Maryaama ndeyam, ñu daldi sukk, di ko màggal. Ñu ubbi seeni boyetu alal, may ko wurus ak cuuraay ak ndàbb lu xeeñ, lu ñuy wax miir. Bi ñu ko defee, Yàlla artu na leen ci biir gént, ñu bañ a dellu ca Erodd. Noonu ñu jaar weneen yoon, ñibbi seen réew*. **(Mc 2:9-12**) Amiin.

Kon nag mbokki déglukat yi, loolu mooy nettalib juddub Almasi bi ci lu gàtt. Lu nu war a wax nag ci lépp li nu dégg tey? Xanaa lii: Juddug Yeesu Almasi bi **amul moroom**! Ci biir yonent yépp ak buur yépp ak niti àddina sépp, musul a am kenn ku ci juddoo ni Yeesu juddoo!

- Gis nanu tey ni Yeesu Almasi bi juddoo woon ci **janq** bu musul a ànd ak góor, **ni ko yonent Yàlla yi yégle woon tembe**.
- Dégg nanu it ni mu juddoo ci dëkku **Betleyem**, **ni ko yonent Yàlla Mise yéglee woon** ay téeméeri-téeméeri at laata Yeesu di juddu sax!
- Gis nanu ni **Yàlla yónnee woon malaakaam** ci Sakariya ak Maryaama ak Yuusufa ngir yégal leen ni Almasi bi war a juddoo ci kàttanug Yàlla.
- Gis nanu it ni **Yàlla yónnee woon ay junni-junniy malaakaa** ci sàmm ya, ngir xamal leen ne: "*Na ngeen màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa! Ci guddi gii, Musalkat bi ngeen doon séentu bu yàgg, juddu na!*"
- Te gis nanu tamit ni **Yàlla tege woon ab biddiiw bu réy ci asamaan si**, ngir xamal boroom xam-xam yu dëkk ca réew mu sore ne, Almasi bi, di Buuru buur yi, juddu na!

Mbokk yi, lu nu war a wax ci loolu lépp nag? Yaakaar nanu ne, nun ñépp a déggoo ci lii: Ci lu jëm ci juddoom, **Yeesu amul moroom**. Nit mësul a juddoo ni Nit kii. Kenn la ci juddoom. Mëneesu tëkkale ak keneen. Yeesu, weesu na yonent. **Mooy Ki yonent yépp doon yégle! Mooy Almasi, bi jóge asamaan**!

Mbokk yi, su Yeesu Almasi bi nekkoon benn yonent kese ci biir yonent yu bare, kon **lu tax** yonent Yàlla yépp yégle woon dikkam laata mu juddu? Te **lu waral** malaaka yi wàcc ngir màggal juddoom? Su Yeesu dee benn yonent rekk ci biir yonent yu bare, kon **lu taxoon** Yàlla teg biddiiw bu réy bi ci asamaan si ngir yégle juddoom? Te **lu waral** juddoom cib janq? **Na ngeen xalaat bu baax ci loolu lépp, ndax li Yàlla bëgg mooy leeral seen xel ci lépp**!

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng miy ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil ba gis ni Yeesu Almasi bi tàmbalee woon liggéeyam ci kaw suuf.

Yeen ñi nuy déglu, nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li malaakam Yàlla waxoon sàmm yi, bi mu naan: "***Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp! Tey jii ca dëkku Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy Almasi bi, di Boroom bi!***" **(Lu 2:10,11**)

# 63 Doom ju Sell ji

(Luug 2; Macë 3,4)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunu gëstu bi weesu ci Linjiil bu sell bi, gisoon nanu ni Yeesu Almasi bi juddoo woon. **Kenn mësul a juddoo ni Moom**. Ci jànq la juddoo, ci kàttanug Yàlla, ci dëkku Betleyem, ni ko yonent Yàlla yi yéglee woon tembe. Looloo taxoon, ci guddi gi mu juddu, Yàlla yónni ay malaakaam ca sàmm yu daan fanaan ca tool ya wër Betleyem, ñu ne leen: "*Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci **nit ñépp**! Tey jii ca dëkku Daawuda, **ab Musalkat** juddul na leen fa, te mooy Almasi bi, di Boroom bi!*" **(Lu 2:10,11**)

Tey nag, danu fas yéene gëstu ci **ni Yeesu meloon bi mu nekke xale ak bi mu màggee**. Téereb Linjiil daf nuy won ne, ginnaaw juddug Yeesu, Maryaama ak Yuusufa amoon nañu ñeenti doom yu góor ak ay doom yu jigéen. Noonu, foofu ci dëkku Nasaret, xale ba Yeesoo nga doon màggandoo ak i rakkam ci kër gu xat. Ni ngeen ko xame, Yuusufa jurul Yeesu, waaye ci bëti nit ñi, Yeesu doomu Yuusufa la woon, te ndegam Yuusufa minise la woon, Yeesu moom itam doon na def liggéeyu minise diirub at yi mu dëkk ci kër ga. Naka noonu, Yeesu tàmmoon na liggéey ak ñaq. Noonu, bind nañu ci Linjiil ne: "*Yeesoo ngi doon màgg ci jëmm, tey yokku ci xam-xam, te neex Yàlla ak nit ñi.*" **(Lu 2:52**)

Ni xale yépp – Yeesu dafa daan lekk, di nelaw, di fo te di jàng. Wànte amoon na lenn lu mu wuutee ak yeneen xale yi. Ndax xam ngeen lu mu doon? Mooy lii: ***Yeesu musul a def bàkkaar**! Jenn waxu njublaŋ musul a génn ci gémmiñam*. **(1Pi 2:22**) Mësul a soxla wax kenn: Baal ma àq, ndaxte mësul a tooñ kenn. Mënul def bàkkaar, ndaxte **bàkkaar amul woon** ci Moom! Jikko ju sell la amoon. Lu bon àndul ak Moom. Li neex Yàlla rekk la daan def. **Yoroon na sunu jëmm, waaye yorul woon sunu jikko ju bon!** Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Sëriñ bu mag bi nu am, [di Yeesu,] du ku mënul a bokk ak nun sunuy naqar; moom sax far jaar na ci nattu ni nun ci bépp fànn, waaye **deful bàkkaar**.*" **(Yt 4:14,15**)

Kon, bi Yeesu amee lu war a tollu ci fanweeri at, **waxtu wi mu war a tàmbale liggéeyam** ni Musalkatu àddina daldi jot. Am bés nag, mu tàggoo ak waa këram, jóge dëkku Nasaret, jublu dexu Yurdan fa yonent Yàlla Yaxya doon waaree te doon fa sóob nit ñi ci ndox.

Ndax fàttaliku ngeen Yaxya, mi mage Yeesu juróom-benni weer? Gisoon nanu ba noppi ne, Yaxya moo doon yonent, bi Yàlla yónni ngir waajal xoli nit ñi, ngir ñu tuub seeni bàkkaar, te teeru Almasi, bi leen Yàlla yónnee. Dégluleen li ñu bind ci Linjiil ci mbirum yonent Yàlla Yaxya ak ni mu doon xàlle yoonu Almasi bi. Ci Linjiilu Macë, saar ñett, Mbind mi ne na:

*Ca jamano jooja Yaxya feeñoon na, di waare ca màndiŋu Yude. Nii la doon waaree: **Tuubleen seeni bàkkaar, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji jege na**! Yaxya mooy ki ñu doon wax jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi, bi mu naan: Am na baat buy xaacu ca màndiŋ ma, ne: **Xàll-leen yoonu Boroom bi, juballeen fi muy jaar**! Yaxya nag mu ngi soloon mbubb, mu ñu ràbbe kawaru giléem, takk geñog der ci ndiggam. Ay njéeréer la doon dunde ak lem. Noonu ñépp génn jëm ci moom, ñi dëkk Yerusalem ak diiwaanu Yude, ak waa dexu Yurdan. Ñu nangu seeni bàkkaar, Yaxya sóob leen ca dexu Yurdan*. **(Mc 3:1-6**)

Nanu taxaw fi tuuti, ngir xalaat ci li nuy jàng. Ndax dégg ngeen waareb Yaxya? Ci tënk, nii la Yaxya doon waaree: "Tuubleen seeni bàkkaar! Dëdduleen seen jëf yu bon yi, te waaj a daje ak Almasi bu sell, bi jóge asamaan!" Naka noonu, ñi nangu seeni bàkkaar fa kanam Yàlla, Yaxya sóob leen ci ndoxum dex gi. Sóobe ci ndox, mënul woon a raxas seeni bàkkaar. Màndarga rekk la woon, muy wone ne ñooñu, tuub nañu seeni bàkkaar, ba jekk ngir nangu Almasi bi ni seen Musalkat.

Ci biir ñi wuyusi woon Yaxya nag, ngir mu sóob leen ci ndox, amoon na ci ñu bokkoon ci ñaari tariixa yi gën a siiw ci Yawut ya. Ñaari tariixa yooyu ñoo doon: *Sadusen yi* ak *Farisen yi*. Ñoom ñi ñuy wax **Sadusen yi**, ñooy ña gënoon a am alal ca Yawut ya, te am doole ca nguurug Room. Waaye ci seen biir xol faalewuñu Mbindi yonent yi. Ci lu jëm ci tariixab **Farisen yi** nag, ñoom ay boroom diine lañu woon, te farlu lool ci ñaan Yàlla, di woor, di génne asaka. Waaye seen màggal amul woon benn njériñ, ndaxte dañu doon fexee jub fa kanam Yàlla ci seen pexey bopp. Te it, Farisen yi, dañu jaxase woon seen aada ak kàddug Yàlla giy dëgg gi, ba seenug jaamu Yàlla mujj a nekk ngistal rekk te làmboo xeebeel ci ñi bokkul ci ñoom. Ci tënk, Farisen yi ak Sadusen yi dañu doon teral Yàlla ci seen **gémmiñ**, waaye seen **xol** sore na ko lool.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci saar wi, ba déglu ni Yaxya yedde woon boroom diine yooyu ndax seen naaféq. Mbind mi ne na:

*Noonu ay Farisen ak ay Sadusen yu bare ñëw ci Yaxya, ngir mu sóob leen ñoom itam ca dex ga. Waaye bi leen Yaxya gisee, mu ne leen: Yeen ñi fees ak daŋar mel ni ay co, ku leen artu, ngeen daw merum Yàlla mi nar a wàcc? Jëfeleen nag ni ñu tuub seeni bàkkaar, te buleen wax ci seen xel, naan: Nun daal doomi Ibraayma lanu! ndaxte maa ngi leen koy wax, Yàlla man na sàkkal Ibraayma ay doom ci doj yii. Sémmiñ wi tiim na reeni garab yi! Garab nag gu meññul doom yu baax, dees na ko gor, sànni ko ci safara si. Man maa ngi leen di sóob ci ndox, ci lu ànd ak tuub seeni bàkkaar.* ***Waaye kiy ñëw sama gannaaw moo ma ëpp kàttan, ba yeyoowuma koo yóbbul sax ay dàllam. Kooku dina leen sóob ci Xel mu Sell mi ak safara****. Layoom mu ngi ci loxoom, ngir jéri dàgga ja, ba mu set; pepp ma dina ko def ca sàq ma, waaye xatax ba dina ko lakk ci safara su dul fey mukk!*"

*Booba* ***Yeesu*** *jóge Galile, ñëw ngir Yaxya sóob ko ca dexu Yurdan. Waaye Yaxya gàntu ko ne: Man maa soxla nga sóob ma ci ndox, te yaa ngi ñëw ci man! Yeesu tontu ko: Bàyyil noonu, ndaxte war nanoo* ***mottali lépp lu jub****. Noonu Yaxya nangu*. **(Mc 3:7-15**)

Noonu la Yaxya sóobe woon Boroom bi Yeesu ci dexu Yurdan. Xëy na am na kuy laaj: Lu tax Yeesu mi amul woon bàkkaar, ñaan Yaxya, mu sóob ko ci ndox? Waaw, ci lu wóor, Boroom bi Yeesu soxlawul woon réccu ci dara, ndaxte musul a def bàkkaar. Lu taxoon nag Yeesu ñëw ci Yaxya, mu sóob ko ci ndox, ni mu daan sóobe bàkkaarkat yi ci ndox? Lan la Yeesu waxoon ci loolu? Yeesu dafa newoon Yaxya: "*Bàyyil noonu, ndaxte war nanoo mottali lépp lu jub*." Bi ñu koy sóob ci ndox nag, Yeesu dafa doon teg fi sunu kanam royukaay, te di won nit ñi ni mu ñëwe ngir dund niki nun, te dee ngir nun.

Léegi nag, ci mujug saar wi, Mbind mi ne na:

*Bi ko Yaxya sóobee ca dex ga* ***Yeesu*** *génn. Ca saa sa asamaan yi daldi ubbiku, te Yaxya gis* ***Xelum Yàlla*** *wàcc ci melow pitax, ñëw ci kaw Yeesu. Te* ***baat bu jóge asamaan*** *dégtu ne: Kii mooy sama Doom ji ma bëgg; ci Moom laa ame bànneex!* **(Mc 3:16-17**) Amiin.

Mbokk yi, ndax dégg ngeen li baat bi jollee asamaan waxoon? Baatu kan la woon? Waaw, moo doon baatu Yàlla Aji Sax, ji wax ne: "***Kii [maanaam: Yeesu] mooy sama Doom ji ma bëgg; ci Moom laa ame bànneex!***"? Jàngoon nanu ba noppi ci Mbind mu sell mi ni yonent Yàlla Daawuda ak malaakam Yàlla Jibril wooye Almasi bi: '*Doomu Yàlla*', te léegi dégg nanu ni ko Yàlla moom ci boppam wooye "*sama Doom ji ma bëgg!*" Lu taxoon Yàlla wooye Yeesu Doomam? Gisoon nanu ba noppi ne, tur woowu tekkiwul ne, Yàlla jur na Yeesu ci Maryaama. Loolu araam na! Kon, lan la Yàlla bëggoon a wax foofu? **Yàlla dafa tudde Yeesu Doomam ngir ràññale ko ak ñeneen ñépp**.

Naka la Yeesu wuutee ak doomi Aadama? Nii la wuuteek nun. Ñépp ñi soqikoo ci Aadama, am nanu jikko ju taq bàkkaar, waaye **du noonu ak Yeesu Almasi bi**. Moom amul woon benn bàkkaar, ndaxte ci Xelum Yàlla mu Sell mi la jóge! Ni nu ko gise sànq, Almasi bi yoroon na **sunu jëmm**, waaye yorul woon **sunu jikko ju bon**! Jikko ju sell te mat sëkk la amoon! Looloo taxoon Yàlla Aji Sell ji man a am bànneex ci Moom, ni baay di ame bànneex ci bàjjo! Danuy wax ne Doom ji mooy takkandeeru Baay bi. Ku gis doom, xam nu

baayam mel. Naka noonu itam, ku xam Yeesu, xam nu Yàlla mel, ndaxte Yeesu mooy Ki bawoo ci Yàlla **ngir feeñal jikkoom**. Kenn musul a gis Yàlla, waaye Almasi bi moo ko xamle! Yeesu moom kenn a amoon jikko ju sell, ndaxte moom kenn a bawoo ci Xelum Yàlla mu Sell mi! Looloo taxoon Yàlla rusul jollil baatam ci asamaan ne: "*Kii mooy sama Doom ji ma bëgg;* ***ci Moom laa ame bànneex***!"

Léegi, ci jot gi nu dese tey, danu bëgg a jàng tuuti ci saar ñeent, ba dégg li xewoon ginnaaw ba Yaxya sóobee Yeesu ci ndox, te baatu Yàlla dégtu ci asamaan, xamle ne, Yeesu mooy Doomam ju sell, ji mu bëgg. Mbind mi ne na:

*Bi loolu amee, Xelum Yàlla yóbbu Yeesu ca màndiŋ ma, ngir mu jànkoonte ak fiiri Seytaane. Yeesu nekk fa te* ***lekkul ñeent fukki bëccëg ak ñeent fukki guddi, door a xiif****. Noonu fiirkat bi, [di Seytaane], ñëw ci moom, ne ko:* ***Boo dee Doomu Yàlla****, santal doj yii, ñu nekk mburu. Waaye Yeesu tontu ko ne:* ***Mbind mi nee na****: Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla.* **(Mc 4:1-4**)

Mbokk yi, amunu jotu jàng lépp ci ni Seytaane doon fexee fiir Yeesu ngir mu déggal ko, di def bàkkaar, waaye li ngeen war a xam te fàttaliku ko mooy lii: Ni Seytaane fiire woon Aadama ak Awa ci toolu Àjjana ngir ñu def bàkkaar, noonu itam la Seytaane doon fexee fiir Yeesu ci màndiŋ ma ngir mu def bàkkaar.

Lu taxoon Ibliis doon fexee fiir Yeesu? Ndaxte xamoon na bu baax ne, Yeesu mooy Rammukat bu sell, bi ganesi àddina ngir musal doomi Aadama ci nootaangeem. Te Seytaane xamoon na ne, su Yeesu defe benn bàkkaar rekk, du man a musal doomi Aadama ci nootaangeg bàkkaar. Noonu, Mbind mi day nettali ni Seytaane songe Yeesu ay yooni-yoon, di ko jéem a nax, wànte Yeesu tàbbiwul ci fiiri Ibliis.

Waaw, ci lu wér, Seytaane daanoon na sunuy maam Aadama ak Awa, waaye mënul woon a daan Boroom bi Yeesu, ndaxte Yeesu mooy Doom ju sell, ji Yàlla wàcce ci àddina ngir musal doom Aadama yi ci dooley Ibliis. **Yeesu musul a def bàkkaar**. **Mënul a def bàkkaar sax**, ndaxte jikko ju sell la judduwaale. Looloo tax Mbind mi ne:

"*Kon nag* ***Yeesu mooy Sëriñ bu mag, bi nu soxla; dafa sell, du def lu bon, du taq bàkkaar****, bokkul dara ak bàkkaarkat yi, te yéege nañu ko fa Yàlla!* ***Niroowul ak yeneen sëriñ yu mag yi****; soxlawul di def bés bu set ay saraxi mala ngir bàkkaari boppam jëkk, teg ca yoy mbooloo mi. Yeesu def na sarax benn yoon ba fàww ngir dindi bàkkaar yi, bi muy joxe bakkanam.*" **(Yt 7:26**)

Kon, mbokk yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, te fas yéene tasewaat ak yeen njàng mi di ñëw, ngir dégg li yonent Yàlla Yaxya seede ci mbirum Almasi bi, te gis ñi jëkk a doon ay taalibeem. Waaye su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla leeral ci lépp li nu jàng tey te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax, bi mu naan: "***Yeesu Kirist feeñ na, ngir dindi bàkkaar yi, te moom amul benn bàkkaar!***" **(1Yow 3:5**)

# 64  Seedes Yaxya ci Yeesu (Mbotem Yàlla mi)

(Yowaana 1,3)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci dëgg-dëgg, Yeesu Almasi bi kenn rekk la ci juddoom ak jikkoom. Loolu lanu gisoon ci ñaari emisyoŋ yi weesu ci Mbind mu sell mi.

- Ci lu jëm ci **juddoom**, gisoon nanu ne, kenn musul a juddoo ni Yeesu, ndaxte ci janq la juddoo, ci kàttanug Xelum Yàlla mu Sell mi.
- Te gisoon nanu it, Yeesu kenn rekk la ci lu jëm ci **jikkoom**. Musul a am keneen ku judduwaale jikko ju sell ni Moom. Yoroon na sunu jëmm, waaye yorul woon sunu jikko ju bon. Yeesu taqul woon bàkkaar, ndaxte mooy Musalkat, bi Yàlla wàcce ngir gàddul nu sunu mbugalug bàkkaar.

Tey jii nag, danu fas yéene wéy ci téereb Linjiil, ngir dégg li **yonent Yàlla Yaxya** seede ci mbirum Yeesu. Yaxya mooy yonent, bi Yàlla yónni mu jiitu Almasi bi ngir xàllal ko yoonam. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar benn. Mbind mi ne na:

*Lii mooy **seedes Yaxya**. Amoon na bés Yawut ya yónni ay sëriñ ca Yaxya... Ñu jóge Yerusalem, ñëw ci moom, di ko laaj mooy kan. Yaxya tontu na leen te nëbbu ci dara, wóoral na leen ne, moom du Almasi bi.*

*...Noonu ñu laaj ko ne: Wax nu yaay kan, ngir nu man a tontu ñi nu yónni. Nga ne yaa di kan? Yaxya tontu leen li yonent Yàlla Esayi waxoon ne: Man maa di baat biy yégle ci màndiŋ mi, ne: Xàll-leen yoonu Boroom bi! ...Man maa ngi sóobe ci ndox, waaye am na ci seen biir ku ngeen xamul. Kookooy ñëw sama gannaaw, te **man sax yeyoowumaa tekki ay dàllam**. Lii xewoon na ci dëkku Betani, ca gannaaw dexu Yurdan, fa Yaxya doon sóobe.*

*Ca ëllëg sa, bi Yaxya gisee Yeesu muy ñëw ci moom, mu ne: **Xoolleen**! **Kii mooy Mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina**! **Moo taxoon ma wax ne: Am na kuy ñëw sama gannaaw, waaye moo ma gën a màgg, ndaxte nekk na laata may juddu**.* **(Yow 1:19-20,22,23,26-30)**

Fokk nu taxaw fi, ngir xalaat tuuti ci seedeb yonent Yàlla Yaxya. Ndax dégg ngeen ni mu tudde woon Yeesu? Nanu dégluwaat Mbind mi. Mu ne: "*Bi Yaxya gisee Yeesu muy ñëw ci moom, mu ne: 'Xoolleen! Kii mooy* ***Mbotem Yàlla****, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!*'" Jàngoon nanu ba noppi ni yonent Yàlla yi wooyee Almasi bi tur yu bare yu mel ni Rammukat bi, Musalkat bi, Buur bi, Boroom bi, Kàddu gi ak Doomu Aji Kawe ji – te léegi dégg nanu ni ñu ko tuddee '***Mbotem Yàlla mi***'. Tur wu am maana la, te mat a leeral.

Lu taxoon Yaxya tudde Yeesu Mbotem Yàlla mi? Ndax Yeesu mbote la woon? Déedéet, Yeesu du woon mbote dëgg, ni nun waa Senegaal dunu ay gaynde dëgg, su fekkee ne sax, noonu lanuy tudde sunu bopp léeg-léeg. Nun ñépp, xam nanu bu leer ne loolu waxin la rekk, ndaxte danu bëgg a mel ni gaynde ci lu jëm ci kàttan ak njàmbaar. Loolu leer na. Waaye lu taxoon Yaxya tudde Yeesu **Mbotem Yàlla mi**? Lu taxoon Yaxya joxoñ Yeesu, ne ay taalibeem: "*Xoolleen! Kii mooy Mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!*"? Lu ngeen xalaat ne loolu la tur woowu di tekki?

Ngir xam bu baax li tur woowu, di '*Mbotem Yàlla*' di tekki, war ngeen fàttaliku li Yàlla tëraloon gannaaw ba Aadama ak Awa bàkkaaree. Jàngoon nanu ni Yàlla dogale woon ne, ndegam peyug bàkkaar mooy dee, kon su deretu sarax su ñàkk sikk tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am. Naka noonu, gisoon nanu ni ñaareelu doomu Aadama ak Awa, di Abel, gëme woon Yàlla ba rendi **menn mbote**, jébbal ko Yàlla ci kaw rendikaay ba ni sarax suy dindi bàkkaar. Noonu, bi Yàlla gise deretu mbote ma, mu daldi teggil Abel mbugalug

bàkkaaram, àtte ko ni ku jub, ndaxte **mbote, ma amul genn tooñ, dee na ci palaasam**. Waaye Yàlla waxoon na it ne, deretu mbote moomu mënul a nekk peyug bàkkaar ba fàww, ndaxte maanaawu mala ak maanaawu nit yemul. **Mbote mi, takkandeer ak misaal rekk la woon ci Almasi bu sell, bi naroon a ganesi àddina, tuur deretam ci palaasu bàkkaarkat yi**.

Naka noonu, gisoon nanu ne, diggante jamanoy Abel ak jamanoy Almasi bi, ñépp ñi gëmoon Yàlla, dañu fonkoon saraxi mbote yi. Nóoyin, Ibraayma, Musaa, Daawuda, Esayi, Sakariya ak yonent yépp ak képp ku gëm kàddug Yàlla, doon nañu jébbal Yàlla ay saraxi mala yu ñàkk sikk. Noonu lañu doon séentoo jamano ji Yàlla war a wàcce Sarax su mujj sa, di Rammukat bu sell, bi naroon a tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar, ngir Yàlla man a baal bàkkaarkat yi, te ba tey dëkk ci njubteem.

Looloo tax, mbokk yi, bi yonent Yàlla Yaxya gise Yeesu muy jëmsi ci moom, mu daldi ko joxoñ, ne ay taalibeem: "***Xoolleen! Kii mooy mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!***" Noonu la Yaxya xamale ay taalibeem ne, Yeesu mi ci seen kanam, mooy Almasi bi, di sarax su mat sëkk, si yonent yépp doon yégle. Mooy sarax su sell, si ganesi àddina ngir dee ci palaasu doom Aadama yi, ngir Yàlla man nu baal sunuy bàkkaar ba fàww!

Ginnaaw loolu, Mbind mi ne na:

*Ca ëllëg sa Yaxya taxawaatoon na ca bérab booba, ànd ak ñaari taalibeem. Bi mu gisee Yeesu muy romb, mu daldi ne: **Kii mooy Mbotem Yàlla mi**! Ñaari taalibe ya dégg li mu wax, daldi dem toppi Yeesu. Yeesu geestu, gis ne, ñoo ngi koy topp. Mu ne leen: Lu ngeen soxla woon? Ñu tontu ko: Foo dëkk Ràbbi? (Ràbbi mi ngi tekki: Kilifa gi). Yeesu ne leen: Kaayleen gis. Noonu ñu dem, seeti fa mu daloon, ngoonalal ko. Ci tàkkusaani kaw la woon.*

*Kenn ci ñoom ñaar ñi déggoon li Yaxya wax te topp Yeesu, ma nga tuddoon Andare, te bokkoon ak Simoŋ Piyeer ndey ak baay. Andare dafa daldi dem seeti Simoŋ, ne ko: **Gis nanu Almasi bi**! ...Noonu mu yóbbu ko ci Yeesu. Yeesu xool ko, ne ko: Yaa di Simoŋ, doomu Yowaana. Dinañu la wooye Sefas. Sefas mi ngi tekki: Piyeer, maanaam xeer.*

*Ca ëllëg sa [Yeesu] fas yéene dem diiwaanu Galile te mu gis Filib. Yeesu ne ko: Toppal ci man. Filib mu nga dëkkoon Betsayda, dëkku Andare ak Piyeer. [Noonu] Filib dajeek Nataneel, ne ko: **Gis nanu ki yoonu Musaa wi ak yonent yi doon wax! Mu ngi tudd Yeesu, doomu Yuusufa, te dëkk Nasaret**! Nataneel tontu ko ne: Aa! Ndax dara lu baax man na jóge Nasaret? Filib ne ko: Ñëwal gis!* **(Yow 1:35-46**)

Noonu, gis nanu ni taalibey Yaxya tàmbalee woon topp Yeesu. Lu taxoon taalibey yonent Yàlla Yaxya tàggook moom ngir topp Boroom bi Yeesu? Lii moo tax. Dañu tàmbali woon topp Yeesu, ndaxte gëmoon nañu li leen Yaxya waxoon bi mu naan: **Yeesu mooy Almasi bi, di Mbotem Yàlla, mi yonent Yàlla yépp yégle woon**! Looloo taxoon bi kenn ci taalibey Yaxya, di Andare, ràññee ne, Yeesu mooy Almasi bi, mu daldi dem seeti mbokkam Simoŋ Piyeer, ne ko: ***Gis nanu Almasi bi!*** Te bi keneen ku tudd Filib ràññee kan mooy Yeesu, mu am mbég mu réy-a-réy, wax ak Nataneel, xaritam, ne ko: ***Gis nanu ki yoonu Musaa wi ak yonent yi doon wax! Mu ngi tudd Yeesu!***

Waaw – Andare ak Piyeer, ak Filib ak Nataneel – bég nañu lool bi ñu gisee Yeesu, ndaxte xamoon nañu ne, **diirub junniy at yonent yi doon nañu yégle ñëwug Almasi bi, te léegi ñu ngi koy gis ak seeni bët**! Rammukat bu am doole, bi yonent Yàlla yépp doon yégle, mu ngi woon ci seen biir! Naka noonu, Mbind mi day nettali ni ñeenti taalibey Yaxya yooyu tàmbalee topp Yeesu, nekk taalibeem yu jëkk. Ginnaaw loolu nag, Mbind mi ne na:

*Ba Yeesu demee ba ca kanam, mu gis yeneen ñaar ñu bokk ndey ak baay, ñuy Saag doomu Sebede ak Yowaana rakkam. Ñu nekk ci seen biir gaal ak Sebede seen baay, di defar seeni mbaal. Noonu Yeesu woo leen, [ne leen: **Ñëwleen topp ci man, ma def leen nappkati nit**]. Ca saa sa ñu daldi bàyyi gaal ga ak seen*

*baay, topp ci moom.*

*Ba loolu amee, Yeesu doon wër [diiwaanu] Galile gépp, di jàngale ci seeni jàngu tey yégle xebaar bu baax bi ci nguuru Yàlla; muy faj jàngoro yépp ak wéradi yépp ca nit ña, ba tax turam siiw ba ci biir réewu Siri mépp. Ñu di ko indil ñi wopp ñépp, ñi sonn ndax ay jàngoro ak metit yu bare, ñi rab jàpp, ñiy say ak ñi làggi, mu faj leen. Noonu mbooloo mu bare topp ci moom, jóge ci wàlli Galile ak diiwaan bi ñuy wax: Fukki dëkk yi, ci dëkku Yerusalem ak ci diiwaanu Yude, ba ci gannaaw dexu Yurdan.*" **(Mc 4:21-25**) Amiin.

Bu sóobe Yàlla, njàng mi di ñëw, dinanu gën a xuus ci nettali yiy wone ni Boroom bi Yeesu jàngale woon mbooloo ma, ak ni mu defe woon ay kéemaan ngir firndeel ki mu doon. Waaye ci jot gi nu dese tey, danu bëgg a jëm kanam ba gis li xewoon ak **yonent Yàlla Yaxya**.

Ni nu ko gise sànq, ginnaaw ba Yaxya yéglee ne, Yeesu mooy Almasi bi, taalibeem ya dañu ko daldi tàmbale bàyyi, benn-benn, ngir topp **Boroom bi Yeesu**. Ndax loolu soob na Yaxya? **Ndax bég na ci li ko ay taalibeem bàyyi, toppi Yeesu**? Lu ngeen ci xalaat?

Dégluleen li ñu bind ci Linjiilu Yowaana, saar ñett. Mbind mi ne na:

*Ci kaw loolu [am ñu] dem ca Yaxya ne ko: Kilifa gi, ndax fàttaliku nga kooka nga seede woon te mu nekkoon ak yaw ca gannaaw dexu Yurdan? Moom de, ma ngay sóobe ci ndox léegi te ñépp a ngay dem ca moom! Yaxya tontu leen: Kenn mënul a am dara, lu ko Yàlla joxul. Yeen ci seen bopp man ngeen a seede ne, waxoon naa ne, duma Almasi bi waaye dañu maa yónni ma jiitusi ko. Kiy céetal moo moom séetam. Waaye xaritu kiy céetal dafay taxaw di ko déglu, tey bég, bu déggee baatam.* ***Mbég moomu moo di sama bos tey, te fi mu nekk mat na sëkk. Li war moo di moom, mu gën a màgg te man, ma gën a féete suuf!*** **(Yow 3:26-30**)

Noonu la Yaxya birale **mbégam** ci li ko ay taalibeem bàyyi, toppi Almasi, bi mu koy seedeel. Mbégu Yaxya mat na sëkk, ndaxte **mataloon na yónnentam** ci li mu xàll yoonu Almasi bi. Ni yonent Yàlla yu dëgg yépp, Yaxya benn bëgg-bëggu xol rekk la amoon: Mooy jëmale nit ñi ci **Almasi bi**. Yaxya xamoon na ne, **yonent yi dañoo bare**, waaye **benn Musalkat** rekk moo am. Moo tax yonent Yàlla Yaxya ne na: "*Ku gëm [Almasi bi Yeesu], am nga dund gu dul jeex; ku déggadil [Almasi bi], amuloo dund gi, waaye merum Yàllaa ngi la tiim!*" **(Yow 3:36**)

Ci lu jëm ci mujug dundu Yaxya nag, Mbind mi ne na:

"*Noonu Yaxya teg ca yeneen ndénkaane yu bare, di yégal nit ña xebaar bu baax bi (ci mbirum Almasi bi). Waaye Yaxya yedd na Erodd boroom diiwaanu Galile, ndaxte dafa takkoon Erojàdd, jabaru magam, te it boole woon na ci yeneen ñaawteef.*" **(Lu 3:18-19**)

*Moo tax Erodd jàpp Yaxya, yeew ko, tëj. Te ci muj ga, mu dagg boppu Yaxya ngir neex jabaram.* **(Mk 6:17,27**) Noonu la Yaxya wuyujee Boroomam.

Mbind mi dafa nu wax ne, Yaxya, yonent bu mag la woon, ba sut sax yonent yi ko jiitu. Lu taxoon Yaxya gën a mag yeneen yonent yi? Tont laa ngii. **Yeneen yonent yépp, dañu doon yégle ne: "Almasi bi dina ñëw**! Dina ñëw! Dina ñëw!" Waaye yégleb yonent Yàlla Yaxya moo doon: "**Almasi ñëw na**! Mu ngi fii! Mu ngi tudd Yeesu! Xoolleen! Kii mooy Mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!" Moom la yonent Yàlla Yaxya seede ci mbirum Yeesu, te di àggalee noonu sasam ni yonent bu tedd, bi xàll yoonu Almasi bi.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Bu soobee Yàlla, ci emisyoŋ bi di ñëw, dinanu jëm kanam ci Linjiil bu sell bi, ba gis lu tax ñu tudde Yeesu Fajkat bu mag bi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla leeral ci lépp li nu jàng tey te ngeen xalaat ci li yonent Yàlla Yaxya yégle woon ci Yeesu Almasi bi, bi mu naan: "***Xoolleen! Kii mooy mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina!***" **(Yow 1:29**)

# 65 Fajkat bi

(Màrk 1,2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ni ko ñi ëpp ci yeen xame, fi nu tollu ci sunu tukki ci Mbind mu Sell mi, nu ngiy gëstu ci Linjiil, maanaam ci téere bu sell, biy nettali xebaar bu baax ci mbirum Almasi bi ganesi àddina ngir goreel doomi Aadama ci kilifteefu Seytaane. Ci emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ni Yeesu Almasi bi tàmbalee wër dëkk ya, di jàngal mbooloo ya, tey faj jàngoro yépp ak wéradi yépp ca nit ña, ba tax turam siiw ci biir réew mépp.

Tey nag, danu bëgg a wéy ci nettalib Yeesu Almasi bi, ba gis ni **njàngaleem** ak i **jëfam** wuutee lool ak ñépp ñi ko jiitu. Yeesu amul woon jabar, mbaa kër, mbaa alal. Lenn rekk a am solo ci Moom: mooy def coobarey ki ko yónni, te àggale liggéey, bi mu ko sant.

Ci Linjiilu Màrk, saar benn, Mbind mi ne na:

[Yeesu ak i taalibeem] *dem [dëkku] Kapernawum. Ca bésu noflaay ba nag Yeesu daldi dugg ci jàngu bi, di leen jàngal. Te ñu waaru ca njàngaleem,* ***ndaxte jàngal na leen ak sañ-sañ, bu seeni xutbakat amul****. Noonu am na ci jàngu bi nit ku rab jàpp. Mu daldi yuuxu naan: Yaw Yeesum Nasaret, loo nuy fexeel? Ndax dangaa ñëw, ngir alag nu? Xam naa la, yaa di Aji Sell, ji jóge ci Yàlla! Waaye Yeesu gëdd ko naan: Noppil te génn ci moom. Noonu rab wi daldi sayloo nit ki* ***te génn ci moom*** *ak yuux gu réy. Bi loolu amee, ñépp waaru, ba laajante naan: Kii mooy kan? Mii njàngale lu bees la te ànd ak sañ-sañ. Day sant rab yi sax, ñu di ko déggal. Noonu turam daldi siiw ci diiwaani Galile gépp.* **(Mk 1:21-28**)

Waaw, ci lu wóor, njàngalem Yeesu wuute woon na lool ak njàngalem xutbakat ya. Ñépp ñi nekkoon ci jàngu bi, di déglu Yeesu, waaru nañu lool ci ay waxam, "*ndaxte jàngal na leen ak sañ-sañ, bu seeni xutbakat amul.*"

Xam ngeen **xutbakat yi**. Ñooy ñi waroon a firi kàdduy Tawreet ak Sabóor ak téerey yonent yi. Waaye lu ëpp ci ñoom, mënuñu faramfànce bu jub Mbindi yonent yi, ndaxte xamuñu leen dëgg-dëgg. Xamoon nañu bu baax seeni farata diine, ak seeni aaday maam, waaye xamuñu kàddug Yàlla Aji Sax ji. Dañu daan teral Yàlla ci seen gémmiñ, waaye soppuñu kàddoom. Naka noonu, bi Yeesu, mi musul a jàng ci daaray xutbakat yooyu, duggee ci seeni jàngu, tàmbali faramfànce Mbindi yonent yi ak sañ-sañ, ak leer, xutbakat yi daldi rus lool. Te mënuñu weddi kéemaan, gi mu def, ndaxte ñépp gis nañu ni Yeesu faje nit ku rab jàpp, dàq rab yi. Te it, ñépp ñi nekk ci jàngu bi, waaru lool, ba laajante naan: "Kii mooy kan? Njàngale mu bees mi ànd ak sañ-sañ, fu mu ko jële? Day sant rab yi sax, ñu di ko déggal! Lu mel ni lii, musunu koo gis! Kenn musul a jàngalee ni nit kii! Kenn musul a jëfe ni Moom!"

Waaw. Li ko dale ci bés ba Aadama bàkkaaree, ba bés ba Yeesu Almasi bi tàmbalee def ay kéemaan, nit ñi mësuñu gis kenn ku ëpp doole Seytaane ak i malaakaam. Waaye léegi, gisoon nañu ki man a wax benn baat rekk, te Seytaane ak i rabam daw! Almasi bi jóge asamaan rekk a man a def loolu! Ndax dégg ngeen li nit ku ànd ak rab ka waxoon Yeesu? Dafa yuuxu naan: "*Yaw Yeesum Nasaret, loo nuy fexeel? Ndax dangaa ñëw, ngir alag nu?* ***Xam naa la, yaa di Aji Sell, ji jóge ci Yàlla!***" **(Mk 1:24**)

Nu gis ci wax yooyu ne, **rab yi** xam nañu bu baax fan la Yeesu jóge ak ku mu doon. Lu ëpp ci **doomi Aadama** ràññewuñu ki Yeesu doon, waaye Seytaane ak i malaakaam, dañu ko ragal lool, ndaxte xam nañu xéll ne, Yeesu mooy Kàddu, gi jóge ci Yàlla, te am sañ-sañ ngir sànni leen ci safara su dul fey mukk! Looloo tax ñu ragal turu Yeesu bay lox!

Léegi nag, nanu jëm kanam ci saar wi. Mbind mi ne na:

*Bi nga xamee ne, [Yeesu ak i taalibeem génn nañu] ci jàngu bi, ñu ànd ak Saag ak Yowaana, dem ci kër Simoŋ [Piyeer] ak Andare. Fekk gorob Simoŋ bu jigéen tëdd wopp ak yaram wu tàng; ñu daldi ko yégal Yeesu. Mu ñëw nag ci moom, jàpp loxoom, yékkati ko. Noonu* ***tàngoor wi daldi wàcc****, te soxna si di leen topptoo. Ca ngoon sa nag, bi jant sowee, ñu indil Yeesu ñi wopp ñépp ak ñi rab jàpp ñépp, ba dëkk bi bépp dajaloo ci buntu kër gi. Noonu mu wéral ñu bare, ñu wopp ak ay jàngoro yu wuute, te dàq ay rab yu bare. Waaye mu tere rab yi, ñu wax dara, ndaxte xam nañu ko.*

*Ca njël, laata bët di set, Yeesu jóg dem ca bérab bu wéet, di fa ñaan Yàlla. Simoŋ nag ak ñi ànd ak moom di ko seet fu nekk. Bi ñu ko gisee, ñu ne ko: Ñépp a ngi lay seet! Waaye Yeesu tontu leen: Nanu dem feneen ci dëkk yi nu wër, ma waare fa itam, ndaxte moo tax ma génn. Noonu mu wër ci diiwaanu Galile gépp, di waare ci seeni jàngu, tey dàq rab yi.*

*Am bés ku gaana ñëw ci moom, sukk, ñaan ko ne: Soo ko bëggee, man nga maa wéral. Yeesu yërëm ko, tàllal loxoom, laal ko, naan: Bëgg naa ko, wéral. Ca saa sa* ***ngaanaam daldi deñ****, mu wér.* **(Mk 1:29-42**)

Noonu la Yeesu faje jàngoro yépp ak wéradi yépp, di **yërëm** doom Aadama yi, ndaxte dañoo sonn ba ne yogg, mel ni xar yu amul sàmm. Waaye am na leneen lu waral kéemaan yu bare te réy, yi Yeesu doon def. Yeesu fajoon na jàngoro yépp, di dàq rab yi, **ngir firndeel ne, mooy Almasi, bi** Yàlla dige woon bu yàgg jaarale ko ci yonentam yi. Ci misaal, jàngoon nanu ba noppi ne, yonent Yàlla Esayi, ay téeméeri at laata Yeesu di juddu sax, bindoon na ne, bu Almasi bi ñëwee, "*gumba yi dinañu gis, tëx yi di dégg, lafañ di tëbentu ni kéwél, te làmmiñu luu ne tell ak mbég!*" **(Isa 35:5,6**) Ci wax jooju nag, yonent Yàlla Esayi doon na yégle ni Almasi bi naroon a defe ay kéemaan, yu kenn musul a def. Jàngoon nanu ba noppi ni Yàlla maye woon yonent Yàlla Musaa ak yonent Yàlla Iliyas ngir ñu def ay kéemaan yu réy. Waaye kéemaan yi ñaari yonent yooyu defoon, barewuñu, bu nu leen tollaleek kéemaan yi Almasi bi defoon. Te it, Musaa ak Iliyas amuñu woon benn doole ci seen bopp ngir def ay kéemaan. Waaye Yeesu Almasi bi fees na dell ak kàttanug Yàlla, ndaxte Moom ci boppam mooy kàttanug Yàlla!

Nanu jëm kanam léegi ci Linjiilu Màrk, saar ñaar. Mbind mi ne na:

*Bi ay fan weesoo, Yeesu dellusi dëkku Kapernawum, mu siiw ne mu ngi ci kër gi. Noonu nit ñu bare dajaloo fa, ba kenn amatul foo taxaw, du ci bunt bi sax. Te Yeesu di leen yégal kàddu gi. Noonu am, ñu ko indil ku yaramam wépp làggi, ñeenti nit jàppoo ko. Waaye mënuñu koo jege ndax mbooloo mi. Kon ñu daldi teggi kaw kër gi, di bëtt fa tiim bérab ba Yeesu nekk, daldi yoor basaŋ, ga làggi ba tëdd. Bi Yeesu gisee seen ngëm, mu ne làggi ba:* ***Sama waay, baal nañu la say bàkkaar****. Fekk ay xutbakat toog fa, ñu di werante ci seen xel naan: Kii kan la, ba sañ a wax lii; mi ngi sosal Yàlla. Ana ku man a baale bàkkaar yi, ku dul Yàlla doŋŋ?*

*Waaye Yeesu yég ci xelam li ñuy werante ci seen biir, ne leen: Lu tax ngeen di werantee nii ci seen xel? Lan moo gën a yomb, ma wax ku làggi ki: Baal nañu la say bàkkaar; walla ma wax ko: Jógal, jël sa basaŋ, tey dox. Waaye xam leen ne, Doomu nit ki, [di Almasi bi,] am na ci àddina sañ-sañu baale bàkkaar yi. Ci kaw loolu mu ne làggi ba:* ***Maa ngi la koy sant, jógal, jël sa basaŋ te nga ñibbi****. Ca saa sa mu jël basaŋam te génn fa kanam ñépp. Noonu ñépp waaru, di màggal Yàlla naan: Lu mel ni lii, musunu koo gis!* **(Mk 2:1-12**) Amiin.

Kon, ci nettali bii, gis nanu ne, kàttanug Yeesu yemul woon rekk ci **faj yaramu nit**, waaye itam am na kàttan ngir **faj xolu nit**! Yeesu, miy Fajkat bu mag bi, xamoon na ne, **jafe-jafe bu gën a metti** bi làggi ba am, du woon tànkam yu ñàkk doole, waaye moo doon **bàkkaar** bi nekk ci biir xolam. Moo taxoon Yeesu jëkk ko wax, ne: "*Sama waay, baal nañu la say bàkkaar*."

Waaye lan la xutbakat yi doon xalaat, bi Yeesu waxee loolu? Ñu ngi doon naan ci seen biir: "Yeesoo ngi sosal Yàlla! Kenn mënul a baale bàkkaar yi, ku dul Yàlla doŋŋ!" Am na luy dëgg ak lu dul dëgg ci seeni xalaat. Ci lu wóor, **kenn mënul a baale bàkkaar yi, ku dul Yàlla doŋŋ**! Waaye bi xutbakat yiy xalaat ne, Yeesu dafay sosal Yàlla, juum nañu, ndaxte li ñu xamul woon mooy **Yeesu moo di Rammukat, bi Yàlla wàcce**

**ngir jubale bàkkaarkat yi ak Yàlla!** Yeesu mooy Kàddug Yàlla, te noonu, bi **Yeesu** waxe: *baal nañu la say bàkkaar,* **Yàlla** moom ci boppam moo doon wax: ***Baal nañu la say bàkkaar!*** Boroom bi Yeesu mooy baatu Yàlla! Te du loolu rekk, waaye Yeesu moo di it ki juddu ngir joxe bakkanam **ni sarax** suy dindi bàkkaar. Ni baay di joxe doomam sañ-sañ ngir mu liggéeyal ko te di ko waxal, noonu la Yàlla joxe Yeesu sañ-sañu baale bàkkaar yi. Mbaalug bàkkaar amul ci keneen. Waaye xutbakat ya gëmuñu loolu.

Léegi, jot gi nu dese barewul, waaye bala nuy tàggook yeen, nanu jéemaat jàng tuuti ci aaya yi ci topp. Mbind mi ne na:

‟*Bi Yeesu jógee [kër ga mu faje woon ku làggi ka], mu gis nit ku tudd Macë, toog ca juuti ba. Yeesu ne ko:* ***Kaay topp ma****. Noonu Macë jóg, daldi ko topp*.” **(Mc 9:9**)

*Bi loolu amee, Yeesu ak i taalibeem di lekk ci kër [Macë], fekk ay juutikat ak ay boroom bàkkaar yu bare di lekkandoo ak ñoom, ndaxte ñu bare ci ñoom a ko toppoon. Waaye xutbakat yi bokk ci Farisen yi, bi ñu gisee ne, dafa bokk lekk ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar, ñu daldi laaj taalibe yi: Lu tax muy lekkandoo ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar? Noonu Yeesu dégg ko, mu ne leen:* ***Ñi wér soxlawuñu fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla; ñëwuma woo ñi jub waaye bàkkaarkat yi laay woo****.*” **(Mk 2:15-17**)

Ci wax yooyu nag, Yeesu, di Fajkat bu mag bi, dafa bëggoon won xutbakat ya ni ñu **wéradee** fa kanam Yàlla, ndax seeni **bàkkaar**. Waaye xutbakat ya, ràññewuñu seen bàkkaar. Ñu ngi doon tuumaal Yeesu sax ci li mu doon lekkandoo ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar. Wànte ganesi bàkkaarkat yi, te faj leen moo tax Almasi bi Yeesu juddu! Yeesu ñëw na ci àddina ngir faj doom Aadama ci feebar bi gën a bon, maanaam ci **bàkkaar**!

Yaw miy déglu tey, ndax ràññe nga ne judduwaale nga jàngoro ju metti, ji ñuy wax **bàkkaar**? Te bàkkaar bi nekk ci yaw a tax nga war a dee, jaar ci àtteb Yàlla Aji Sell ji. Waaye cant ñeel na Yàlla, ndaxte **am na ku la man a faj ci bàkkaar bi nekk ci sa biir xol**! Ndax xam nga ku mu doon? Waaw, moo di **Yeesu Almasi bi**. Moom moo di ki amul woon bàkkaar, te ganesi àddina ngir musal doomi Aadama ci seeni bàkkaar. Wànte bala Boroom bi Yeesu man a faj sa xol ci bàkkaar, fàww nga jëkk a gis sa wéradi fa kanamam. **Yeesu ñëwalul ñi foog ne jub nañu, waaye ñi xam ne ay bàkkaarkat lañu**. Looloo taxoon mu wax xutbakat ya, naan: ‟*Ñi wér soxlawuñu fajkat,* ***ñi wéradi*** *ñoo ko soxla; ñëwuma woo ñi jub waaye* ***bàkkaarkat*** *yi laay woo*.” Amiin.

Kon nag, mbokk yi, fii lanu war a yem tey. Ci emisyoŋ bi di ñëw, ci coobare Yàlla, dinanu wéy ci Linjiil, ngir dégg wax yu neex te xóot, yi génne woon ci gémmiñu Yeesu, di Fajkatu bàkkaarkat yi. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax xutbakat ya, bi mu naan: ‟***Ñi wér soxlawuñu fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla; ñëwuma woo ñi jub waaye bàkkaarkat yi laay woo!***” **(Mk 2:17**)

## 66  Jàngalekat bu mag bi

(Macë 5-7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu ni Yeesu Almasi bi doon wëre dëkki réewum Yawut ya, di jàngal mbooloo yi, di faj ñi feebar ak di dàq rab yi, ba tax ñépp waaru, bay laajante naan: "***Kii mooy kan****? Mii njàngale lu bees la te ànd ak sañ-sañ! Day sant rab yi sax, ñu di ko déggal!*" **(Mk 1:27**)

Tey jii nag, danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil, ba dégg ay **wax yu génne woon ci gémmiñug Boroom bi Yeesu** benn bés bi mu nekkee ca àll ba ak i taalibeem ak mbooloo mu bare. Amunu jotu jàngal leen lépp li Yeesu jàngaloon ay taalibeem bés boobu, waaye ku bëgg dégg waare bépp, man nga ko jàng ci Linjiilu Macë, saar juróom ba saar juróom-ñaar.

Kon nag mbokki déglukat yi, fu ngeen man a tollu léegi, nu ngi leen di ñaan, ngeen def ni ko ñi doon topp Yeesu defe woon, am na daanaka ñaari junni at – maanaam, ngeen toog, ubbi seeni nopp, te déglu waareb Jàngalekat bu mag bi, di Yeesu. Mbind mi ne na:

*Bi Yeesu gisee mbooloo ma nag, mu yéeg ca tund wa, toog; taalibeem ya ñëw ci moom. Mu daldi leen jàngal naan*:

*Yeen ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, **barkeel ngeen**, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yeena ko yelloo.*
*Yeen ñi nekk ci naqar, **barkeel ngeen**, ndax dees na dëfël seen xol.*
*Yeen ñi lewet, **barkeel ngeen**, ndax dingeen donni àddina si.*
*Yeen ñi xiif te mar njub, **barkeel ngeen**, ndax dingeen regg.*
*Yeen ñi am yërmande, **barkeel ngeen**, ndax dees na leen yërëm.*
*Yeen ñi am xol bu sell, **barkeel ngeen**, ndax dingeen gis Yàlla.*
*Yeen ñiy wut jàmm, **barkeel ngeen**, ndax dees na leen tudde doomi Yàlla.*
*Yeen ñi ñu fitnaal ndax seen njub, **barkeel ngeen**, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yeena ko yelloo.*
***Barkeel ngeen**, bu ñu leen di saaga, di leen fitnaal, di leen sosal lépp lu bon ngir man. Bégleen te bànneexu, ndax seen yool dina réy ci laaxira. Ndaxte noonu lañu daan fitnaale yonent yi fi jiitu.* **(Mc 5:1-12**)

*Buleen defe ne, ñëw naa ngir dindi yoonu Musaa ak waxi yonent yi. Ñëwuma ngir **dindi** leen, waaye ngir **ñu am ci man**. Ndaxte ci dëgg maa ngi leen koy wax, li feek asamaan si ak suuf wéyul, benn tomb walla benn rëddu araf du wéy mukk ci yoonu Musaa, **ba kera yépp di am**. Ku tebbi nag ba gën a tuuti ci ndigal yii, te ngay jàngal nit ñi noonu, dees na la tudde ki gën a tuuti ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Waaye ku leen di sàmm, di leen digle, dees na la tudde ku mag ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. **Ndaxte maa ngi leen koy wax, bu seen njubte ëppul njubteg xutbakat ya ak Farisen ya, dungeen tàbbi mukk ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji**.*

***Dégg ngeen ne**, waxoon nañu maam ya, ne leen: Bul rey nit; ku rey nit, yoon dina la dab. **Waaye man maa ngi leen di wax ne**: képp ku mere sa mbokk, dinañu la àtte.* **(Mc 5:17-22**)

*Te it **dégg ngeen ne**, waxoon nañu: Bul njaaloo. **Waaye man maa ngi leen di wax ne**: Képp ku xool jigéen, xédd ko, njaaloo nga ak moom ci sa xel.* **(Mc 5:27-28**)

***Dégg ngeen itam ne**, waxoon nañu maam ya, ne leen: Bul weddi sa ngiñ, waaye li nga giñ, def ko ngir Boroom bi. **Waaye man maa ngi leen di wax ne**: Buleen giñ dara; bumu doon ci asamaan, ndaxte moo di jalu Buur Yàlla; bumu doon ci àddina, ndax moo di tegukaayu tànkam... Sa waaw, na nekk waaw; sa déedéet,*

*na nekk déedéet. Loo ci teg, ci Ibliis la jóge.*

*Te it **dégg ngeen ne**, waxoon nañu: Bët, bët a koy fey; bëñ, bëñ a koy fey. **Waaye man maa ngi leen di wax ne**: Buleen bañ ku leen def lu bon, waaye ku la pes ci sa lexu ndeyjoor, jox ko ba ca des. Ku la bëgg a kalaame, ngir jël sa turki, nga boole ca it sa mbubb mu mag. Ku la ga, nga yenul ko doxub benn kilomet, àndal ak moom ñaar*. **(Mc 5:33-41**)

***Dégg ngeen ne**, waxoon nañu: Soppal sa moroom, te sib sa bañaale. **Waaye man maa ngi leen di wax ne**: Soppleen seeni bañaale te ñaanal ñi leen di fitnaal, ngir wone ne, yeenay doomi seen Baay bi nekk ci kaw. Ndaxte mu ngi fenkal jantam ci kaw ñu bon ñi ak ñu baax ñi, te muy tawal ñi jub ak ñi jubadi. Su ngeen soppee ñi leen sopp, ban yool ngeen am? Xanaa juutikat yi duñu def noonu it? Su ngeen nuyoo seeni mbokk rekk, lu ngeen def lu doy waar? Xanaa ñi xamul Yàlla duñu def noonu it? **Nangeen nag mat, ni [Yàlla] seen Baay bi ci kaw mate***. **(Mc 5:43-48**)

***Wottuleen a def seeni jëf yu jub ci kanamu nit ñi, muy ngistal**. Lu ko moy, dungeen am yool ci seen Baay bi nekk ci kaw.*

***Booy sàkk sarax** nag, bul yeble ci sa kanam, ñu yéene la. Moom la naaféq yi di def ca jàngu ya ak ca mbedd ya, ngir nit ñi màggal leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Waaye booy sàkk sarax, bu sa loxob càmmooñ xam li sa loxol ndeyjoor di def, ngir sa sarax nekk kumpa. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.*

***Bu ngeen di ñaan**, **buleen mel ni naaféq yi**, ñoom ñi bëgg di ñaan, taxaw ca jàngu ya ak fa mbedd yay daje, ngir nit ñi gis leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy ñaan, duggal ci sa néeg, tëj bunt bi, te nga ñaan sa Baay bi bët mënta gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.*

*Te it, bu ngeen di ñaan, buleen bareel wax yu amul njériñ, mel ni ñi xamul Yàlla; ñoom defe nañu ne, Yàlla dina leen nangul ndax seen wax ju bare. Buleen nirook ñoom, ndaxte seen Baay xam na seeni soxla, laata ngeen ko koy wax.*

*Yeen nag nii ngeen war a ñaane*:

***Sunu Baay** bi nekk ci kaw, na sa tur sell,*
*na sa nguur ñëw, na sa coobare am ci suuf mel ni ci kaw.*
*May nu tey li nu war a dunde*;
*te baal nu sunuy tooñ, ni nu baale ñi nu tooñ*;
*bu nu teg ci yoonu nattu, waaye nga musal nu ci lu bon.*
*Ndaxte yaw yaa yelloo nguur gi ak kàttan gi ak màggaay gi ba fàww*. Amiin. **(Mc 6:1-13**)

***Su ngeen di woor**, **buleen mel ni naaféq yi**, ñoom ñi yoggoorlu, di ñaawal seeni kanam, ngir seen koor feeñu nit ñi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy woor, xeeñalal sa bopp te nga sëlmu, ngir sa koor bañ a feeñu nit ñi, waaye mu feeñu sa Baay bi bët mënta gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.*

***Buleen dajale alal ci àddina**, fu ko max ak xomaag di yàqe, ak fu sàcc di dugg, jot ko. Waaye dajaleleen alal ci laaxira, fu ko max ak xomaag dul yàqe, ak fu sàcc dul dugg, jot ko. Ndaxte fu sa alal nekk, fa la sa xol nekk itam.* **(Mc 6:16-21**)***Kenn mënul a jaamoondoo ñaari sang**; fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla nga jàpp ci kenn ki, xeeb ki ci des. Mënuleen a boole jaamu Yàlla ak jaamu Alal.*

*Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, **buleen seen bakkan jaaxal**, ci lu ngeen war a lekk, walla lu ngeen war a naan. Buleen jaaxle it ngir seen yaram, ci lu ngeen war a sol. Xanaa bakkan gënul lekk, te yaram gënul koddaay? Seetleen picci asamaan: duñu ji, duñu góob, duñu denc ci sàq; teewul seen Baay bi ci kaw moo*

*leen di dundal. Ndax ëppuleen maana picc yi ci lu bare? Ana kan ci yeen, ci kaw njaaxleem, moo man a yokk waxtu ci àppam?*

*Te lu tax ngeen di jaaxle ngir koddaay? Seetleen bu baax, ni tóor-tóori ñax mi di saxe ci tool yi. Duñu liggéey, duñu ëcc, waaye maa ngi leen di wax ne, Suleymaan sax ci ndamam, soluwul woon ni benn ci ñoom. Yeen ñi néew ngëm! Bu Yàlla woddee nii ñaxum tool yi, miy sax tey, te bu subaa ñu def ko ci taal bi, ndax du leen gën a wodd? Buleen jaaxle nag, di wax ne: Lu nu war a lekk? Lu nu war a naan? walla: Lu nu war a sol? Ndaxte loolu lépp, ñi xamul Yàlla ñoo koy wut. Te seen Baay, bi nekk ci kaw, xam na ne am ngeen soxla ci loolu lépp.* ***Waaye jëkkleen a wut nguuram ak njubteem, te loolu lépp dina leen ko ci dollil***. **(Mc 6:24-33**)

***Buleen àtte seeni moroom ak ñaaw njort, ngir bañ ñu àtte leen yeen itam****. Ndaxte dees na leen àtte ak ni ngeen di àttee, nattal leen ak li ngeen di nattale. Lu tax ngay xool ñax gi ci sa bëtu mbokk, te gisuloo gànj gi ci sa bët yaw? Walla nan ngay waxe sa mbokk: May ma, ma dindil la ñax gi ci sa bët; fekk gànj a ngii ci sa bët yaw? Naaféq, jëkkal a dindi gànj gi ci sa bët, te noonu dinga man a gis bu leer, ngir dindi ñax gi ci sa bëtu mbokk.* **(Mc 7:1-5**) *Kon nag* ***lépp lu ngeen bëgg, nit ñi defal leen ko, yeen itam nangeen leen ko defal****; ndaxte loolu moo ëmb yoonu Musaa ak waxi yonent yi.*

***Jaarleen ci bunt bu xat bi****, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare. Waaye buntu dund gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul.*

***Moytuleen ñi mbubboo turu yonent****. Dañuy ñëw ci yeen, yor melow xar, waaye ci biir ay bukki yu soxor lañu. Dingeen leen xàmmee ci seeni jëf. Ndax dees na witte réseñ ci dédd, walla figg ci xaaxaam? Noonu garab gu baax gu nekk dina meññ doom yu neex, waaye garab gu bon dina meññ doom yu bon. Garab gu baax mënul a meññ doom yu bon, naka itam garab gu bon mënul a meññ doom yu neex. Garab gu nekk, gu dul meññ doom yu neex, dees na ko gor, sànni ko ca safara sa.* ***Ci seeni jëf nag ngeen leen di xàmmee****.*

***Du képp ku may wax: Boroom bi, Boroom bi; mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kawe ji****; ka cay dugg mooy kiy def sama coobareg Baay, bi nekk ci kaw. Bu bés baa, ñu bare dinañu ma wax: Boroom bi, Boroom bi, ndax du ci saw tur lanu daa waxe ci kàddug Yàlla? Ndax du ci saw tur lanu daa dàqe ay rab? Ndax du ci saw tur lanu daa defe ay kéemaan yu bare? Ci kaw loolu dinaa leen wax dëgg, ne leen: Musuma leen a xam; soreleen ma, yeen ñiy def bàkkaar.*

***Képp ku dégg nag lii ma leen wax, te di ko jëfe****, dinga mel ni* ***nit ku am xel, ku tabax këram****, samp ko ciw doj. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; waaye màbbul, ndaxte mu ngi jàpp ca doj wa.* ***Waaye képp ku dégg lii ma leen wax, te jëfewuloo ko****, dinga mel ni* ***nit ku ñàkk xel****, ku tabax këram ci gannuus bi. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; mu màbb, ba ne tasar.*

*Bi Yeesu waxee loolu ba noppi,* ***mbooloo ma daldi waaru ca njàngaleem****, ndaxte* ***jàngal na leen ak sañ-sañ****, bu seeni xutbakat amul.* **(Mc 7:12-29**) Amiin!

Mbokk yi, fii lanu war a yem tey, ndaxte sunu jot jeex na. Wànte nu ngi leen di jox dox-daje njàng miy ñëw, ngir xalaatandoo wax yu xóot, yu neex yi nu dégg tey, di wax yu génne ci gémmiñu Yeesu, Jàngalekat bu mag bi. Te li nga déglu tey, boo ko bëggee am ci kaset, man nga noo bind te dinanu la ko yónnee – te doo fey. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërëjëf.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax bés bi muy waare ci tund wa, bi muy naan: "***Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare. Waaye buntu dund gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul!***" **(Mc 7:13,14**)

# 67 Fàww ngeen judduwaat!

(Yowaana 3)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ba fi nu tollu ci sunu gëstu ci Linjiil bu sell bi, gisoon nanu ne, Almasi bi Yeesu kenn rekk la woon ci **juddoom**, ci **jikkoom**, ak **i jëfam**. Te ci emisyoŋ bi weesu, ràññe woon nanu it ne, Yeesu kenn rekk la ci **njàngaleem**. Musul a am keneen ku wax kàddu yu xóot te leer ni moom. Ñi ko doon déglu waaru woon nañu lool, ndaxte jàngal na leen ak sañ-sañ, bu seeni sëriñ ak seeni xutbakat amul. Juróomi baat yu génne ci gémmiñu Yeesu, moo gënoon a am jériñ fukki junniy baat yu bàyyikoo ci seeni kilifay diine yooyu. Naka noonu, gisoon nanu ne, ñi ëpp ci kilifay Yawut yi béguñu woon ci waxi Yeesu yi. Yemul woon rekk ci jàngale lu **woroo ak seeni aada**, waaye dafa doon **feeñal itam seen naaféq** ci kanamu ñépp!

Loolu lanu déggoon ci njàng mi weesu ci li Yeesu waare woon ca tund wa. Waare bi mu def bés boobu mënees na ko tënk ci juróomi baat. Juróomi baat yooyu ñooy: "***Buleen mel ni naaféq yi!***" **(Mc 6:5**) Lu taxoon Yeesu wax mbooloo ma, "*Buleen mel ni naaféq yi!*"? Ndaxte naaféq lu ñaaw-a-ñaaw la fa kanam Yàlla, te di sànke. Xam ngeen naaféq. Su amee kenn ku mbubboo jikko, ju dëppoowul ak li nekk ci biir xolam, naaféq la. Nitu naaféq, dafa mel *ni bàmmeel bu ñu weexal. Melo wu rafet la am ci biti, waaye ci biir dafa fees ak tilim ju nekk.* **(Mc 23:27**)

Wànte kenn mënul a nax Yàlla "*Lépp a ubbiku, ba ne fànn ci bëti ki nu war a àtte.*" **(Yt 4:13**) Naka noonu, Yeesu, mi xam xolu nit, gisoon na naaféq gi nekkoon ci boroom diine yi, di Farisen yi ak xutbakat yi. Ci biti, ñu farlu lañu woon ci ñaan Yàlla, di sàkk sarax, ak di woor, waaye ci seen biir xol, soppuñu woon Yàlla ak kàddoom. Naka noonu seeni jëf yu jub yépp, amuñu woon benn njériñ, ba taxoon **Boroom bi Yeesu jàngal ay taalibeem naan**:

*Bu ngeen di* ***ñaan****, buleen mel ni* ***naaféq yi****, ñoom ñi bëgg di ñaan, taxaw ca jàngu ya ak fa mbedd yay daje, ngir nit ñi gis leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp!* **(Mc 6:5**)
*Te booy* ***sàkk sarax*** *nag, bul yeble ci sa kanam, ñu yéene la. Moom la* ***naaféq yi*** *di def ca jàngu ya ak ca mbedd ya, ngir nit ñi màggal leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp!* **(Mc 6:2**)
*Te su ngeen di* ***woor****, buleen mel ni* ***naaféq yi****, ñoom ñi yoggoorlu, di ñaawal seeni kanam, ngir seen koor feeñu nit ñi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp!* **(Mc 6:16**)
***Buleen mel ni naaféq yi****! Ndaxte maa ngi leen koy wax, bu seen njubte ëppul njubteg xutbakat ya ak Farisen ya, dungeen tàbbi mukk ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji.* **(Mc 6:5 5:20**)

*Waaye yeen* ***ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla****, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yeena ko yelloo.*
*Yeen* ***ñi xiif te mar njub****, barkeel ngeen, ndax dingeen regg.*
*Yeen* ***ñi am xol bu sell****, barkeel ngeen, ndax dingeen gis Yàlla!*
*Na ngeen nag* ***mat****, ni [Yàlla] seen Baay bi ci kaw mate.* **(Mc 5:3,6,8,48**)

*Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar* ***bare****. Waaye buntu dund gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis* ***barewul****!* **(Mc 7:13,14**)

Noonu la Boroom bi Yeesu doon xiire nit ñi, ñu tànn yoon wi jëm ci dund gu dul jeex! Ndax jàpp ngeen li Yeesu wax ci mbirum yoonu mucc? Ku bëgg a gis Yàlla, te dëkk ci jetaayam ba fàww, nu mu war a mel? Lan la Yeesu wax ci loolu? Ci tënk, mu ne: **Fàww nga am xol bu sell te mat sëkk**!

Waaye naka la doom Aadama, mi sosoo ci bàkkaar, man a ame xol bu sell te mat sëkk? Ndax man na dem ba xolam bu bon soppaliku, nekk xol bu sell ni ko Yàlla bëgge? Mukk! Nit, ci boppam, amul menn pexe ngir sellal xolam. "Lu bant yàgg-yàgg ci ndox, du tax mu soppaliku mukk jasig!" Te naka noonu nun ñiy bàkkaarkat itam mënunu def dara lu nuy jubaleek Yàlla. Wànte **lu të nit, tëwul Yàlla**.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci Linjiil, ba gis ni benn boroom diine bu dëkk Yerusalem seetee Yeesu guddi ngir xam ni bàkkaarkat man a ame xol bu bees te sell, ba am wàll ci dund gu dul jeex gi. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar ñett. Mbind mi ne na:

*Amoon na ca Farisen ya nit ku ñu naan Nikodem te mu bokk ca kilifay Yawut ya. Genn guddi mu ñëw ca Yeesu, ne ko: Kilifa gi, xam nanu ne, Yàllaa la yónni ngir nga jàngal nu, ndaxte kenn mënul a def firnde yii ngay wone te Yàlla àndul ak moom. Yeesu tontu ko ne: **Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, képp ku judduwaatul doo man a seede nguuru Yàlla**.*

*Nikodem ne ko: Nit ku xas ba màgget, nan lay man a judduwaate? Ndax day dellu ci biiru yaayam ngir judduwaat? Yeesu tontu ko ne: Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, ku judduwul ci ndox ak ci Xelum Yàlla, doo man a bokk ci nguuru Yàlla. **Lu juddoo ci nit, nit la; waaye lu juddoo ci Xelum Yàlla, xel la. Li ma ne: Fàww ngeen judduwaat; bumu la jaaxal**. Ngelaw, fu ko neex lay jublu. Yaa ngi koy dégg waaye xamuloo fu mu jóge, xamuloo fu mu jëm. Noonu la mel it ci képp ku juddoo ci Xelum Yàlla.*

*Ci baat yooyu Nikodem ne ko: Nu loolu man a ame? Yeesu tontu ko ne: Yaw yaay jàngal bànni Israyil te xamuloo mbir yii? Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, noo ngi wax li nu xam, di nettali li nu gis, waaye nanguwuleen a gëm li nu seede. Gannaaw gëmuleen li ma leen di wax ci mbiri àddina, naka ngeen man a gëme, bu ma leen waxee ci mbiri asamaan? Kenn musul a yéeg ci asamaan su dul ki fa jóge, muy Doomu nit ki [maanaam: Almasi bi]. Te itam, **na Musaa sampe woon ab bant ca diggu màndiŋ ma, takk ca jaan, ja mu defare woon xànjar, fàww ñu yékkatee noonu Doomu nit ki, ngir képp ku ko gëm am ci moom dund gu dul jeex. Ndaxte Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp, ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk***. **(Yow 3:1-16**) Amiin.

Nanu xalaat tuuti ci li Boroom bi Yeesu wax kilifag diine gi ñu naan Nikodem. Lan la Yeesu wax Nikodem ne **moo war a xew ci moom bala mu man a am wàll ci dund gu dul jeex gi**? Mu ne ko: "*Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, képp ku judduwaatul doo man a seede nguuru Yàlla! **Fàww nga judduwaat!***" **(Yow 3:3**) Ndax Nikodem xamoon na lu judduwaat boobu di tekki? Déedéet! Looloo taxoon Yeesu wax ko ne: "*Yaw yaay jàngal bànni Israyil te xamuloo mbir yii? Lu juddoo ci nit, nit la; waaye lu juddoo ci Xelum Yàlla, xel la. Li ma ne: **Fàww ngeen judduwaat**; bumu la jaaxal!*" **(Yow 3:10,6,7**)

Ci tënk, Yeesoo ngi doon wax Nikodem, naan: "Ku bëgg a gis Yàlla te dëkk ci jetaayam bu sell diirub àllaaxira, **fàww nga juddu ñaari yoon**! Loolu tekkiwul ne, danga war a dellu ci sa biiru yaay ngir judduwaat! Waaye li judduwaat di tekki mooy lii: Fàww **Xelum Yàlla juddulaat la** ci laabal sa xol, te yeesalaat la ci dooleem. Fàww nga juddoo ci **kàttan gu jóge ci kaw**, ci **lu bokkul dara ak mbubboo diine**. Fàww nga soppiku **ci sa biir xol**! Lu juddoo ci Aadama, dafa taq bàkkaar, te mënul a am wàll ci nguuru Yàlla. Te doom Aadama yi amuñu benn doole ngir dindi bàkkaar bi nekk ci seen biir xol. Ni yàgg ci ndox dul soppalee ab bant jasig, noonu itam yàgg ci def jëfi diine ak jëf yu baax yi, mënul a sellal mukk xol bu bon bi. Fàww Yàlla moom ci boppam def kéemaan ci sa xol, yeesalaat ko, ndaxte "*lu yàqu mënul a am wàll ci liy sax abadan!*" **(1Ko 15:50**) *Fàww nga judduwaat!*"

Moom la Yeesu doon jàngal boroom diine boobu di Nikodem. Naka noonu, man nanu dégg ni Nikodem laaje Yeesu, ne ko: "Nu loolu man a ame? Maanaam, naka laa man a judduwaate ba am xol bu bees te sell?"

Yeesu tontu ko ne:

"*Na Musaa sampe woon ab bant ca diggu màndiŋ ma, takk ca jaan, ja mu defare woon xànjar, fàww ñu*

*yékkatee noonu Doomu nit ki, ngir **képp ku ko gëm** am ci moom dund gu dul* jeex. *Ndaxte Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp, ngir **képp ku ko gëm** am dund gu dul jeex te doo sànku mukk!*" **(Yow 3:14-16**)

Naka noonu, ngir xamal Nikodem ni mu man a rëcce ci àtteb safara te am wàll ci dund gu dul jeex gi, Yeesu fàttali na ko li xewoon ak i maamam ci màndiŋ ma ci jamanoy yonent Yàlla Musaa. Ni nu ko gise woon ba noppi ci Tawreet, amoon na bés bànni Israyil doon xultuwaat fa kanam Musaa ak Yàlla, ba taxoon Yàlla yebal ci seen biir ay jaan yu am daŋar, ñu màtt leen te ñu bare dee. Waaye bi bànni Israyil réccoo, gisoon nanu ni Yàlla sante woon Musaa mu defarlu **jaanu xànjar, yékkati ko cib bant, ngir képp ku ko xool rekk, doxe fa wér**, bañ a dee.

Naka noonu, Yeesoo ngi doon wax Nikodem ne, ni bànni Israyil waroon a xoole ci bant ba rekk ngir mucc ci dee, noonu la doom Aadama war a **gëme** rekk pexe mucc mi Yàlla indi ngir bañ a tàbbi safara. **Nun ñépp** danu mel ni bànni Israyil, yi jaan ya màttoon. **Seytaane** dafa mel ni jaan yu am daŋar, te **bàkkaar** mel ni daŋar juy fàdd nit. Ci lu wér, Seytaane màtt na doomi Aadama yépp te daŋaru bàkkaar naroon na nu sànk ci safara ba fàww, su fekkoon ne Yàlla saafaraalu nu ko! Amunu menn pexe ngir musal sunu bopp ci àtteb Yàlla, ndaxte peyug bàkkaar mooy dee ak safara su dul fey mukk. Waaye cant ñeel na Yàlla Aji Sax ji, ndaxte ni mu rabate woon pexe ngir musal bànni Israyil ci daŋaru jaan ya, noonu itam la rabate **pexe** ngir musal doom Aadama yi ci daŋaru bàkkaar.

Ndax xam nga lan mooy pexem Yàlla ngir wéral te yeesalaat xoli doom Aadama, yi fees dell ak bàkkaar? Lan la Boroom bi Yeesu wax ci loolu? Mu ne: Fàww ñu wékk Rammukat bu sell bi ci bant, ngir mu dee ci palaasu bàkkaarkat yi, "*ngir képp ku ko gëm am ci moom dund gu dul jeex...te doo sànku mukk!*"

Ku man a mucc nag? Lan la Mbind mi wax? Nee na: "***Képp ku ko gëm** ...doo sànku mukk!*" Kan lanu war a gëm nag? Fàww nga gëm Rammukat bi Yàlla yónni te nangu ko ni sa Musalkat. Fàww nga gëm ne, Yàlla, mi bëggul kenn sànku, yónnil na **la** ab Musalkat bu Sell, ngir mu gàddul **la sa** boru bàkkaar. Ci lu wér, peyug bàkkaar mooy dee, waaye tontub Yàlla bu jub ci bàkkaar mooy deewug Rammukat bi ci bant ba, moom mi jub ngir nun ñi jubadi.

Mbokk yi, Yàlla soppikuwul. Li Boroom bi Yeesu waxoon Nikodem, am na daanaka ñaari junni at, mu ngi la koy wax tey, yaw itam: "***Fàww nga judduwaat!***" Yàlla dafa la bëgg a juddulaat ci laabal sa xol, te yeesalaat la ci dooleem. Wànte fàww nga gëm xebaaram bu baax bi. Fàww nga gëm Almasi, bi mu yónni. Fàww nga gëm ne, Yeesu mi musul a def bàkkaar, gàddul na la sa boru bàkkaar, ngir nga man a dëkk ci jetaayu Yàlla ba fàww. Fàww nga judduwaat – ndaxte kàddug Yàlla ne na: "***Képp ku judduwaatul doo man a seede nguuru Yàlla!***" Amiin.

Jërëjëf ci déglu bi. Ci njàng miy ñëw, bu neexee Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ngir dégg ni Boroom bi Yeesu waxtaane ak jigéen ji amoon juróomi jëkkër. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Almasi bi Yeesu wax, bi mu naan: "***Li ma ne: Fàww ngeen judduwaat; bumu la jaaxal***." **(Yow 3:7**)

"***Yeen ñi am xol bu sell barkeel ngeen, ndax dingeen gis Yàlla!***" **(Mc 5:8**)

# 68 Almasi bi, di Musalkatu Àddina si!

(Yowaana 4; Luug 4)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ba fi nu tollu ci sunu gëstu ci Linjiil bu sell bi, gisoon nanu ne, Almasi bi Yeesu kenn rekk la ci **juddoom**, ci **jikkoom**, ciy **jëfam** ak ci **njàngaleem**.

- Ci lu jëm ci **juddoom**, gisoon nanu ne, kenn musul a juddoo ni Yeesu, ndaxte ci janq la juddoo, ci kàttanug Xelum Yàlla mu Sell mi.
- Gisoon nanu it ne, Yeesu kenn rekk la ci **jikkoom**, ndaxte musul a am keneen ku judduwaale jikko ju sell ni moom.
- Te it, Yeesu amul moroom ci **ay jëfam**, ndaxte kenn musul a def kéemaan yu mel ni yi mu def. Moo man a wax benn baat rekk, te ñi feebar daldi wér, Seytaane ak i rabam daw, te bàkkaar deñ.
- Ràññe woon nanu it ne, Yeesu kenn rekk la ci **njàngaleem**.

Gisoon nanu loolu ci emisyoŋ bi weesu ci waxtaan wi amoon ci diggante Yeesu ak benn kilifag diine bu tudd Nikodem. Yeesu won na ko ne, su fekkee ne, Xelum Yàlla yeesalaatul xolam, du man a tàbbi mukk ci jetaayu Aji Sell ji. Looloo taxoon Boroom bi Yeesu ne Nikodem ak bépp doom Aadama itam: ***Fàww ngeen judduwaat!*** **(Yow 3:7**)

Tey jii nag, dinanu déglu ni Almasi bi Yeesu waxtaane ak keneen ku wuute lool ak kilifag diine googu, di Nikodem. Nikodem, Yawut la woon, waaye ki nu war a gis ci sunu njàngum tey, **du woon Yawut**. Nikodem góor la woon; ki nu war a gis tey, **jigéen** la. Te Nikodem boroom diine la woon, waaye kii, **boroom bàkkaar** bu amoon juróomi jëkkër la woon. Ci bëti nit, kilifag diine gi, di Nikodem moo gënoon jigéenu moykat ji. Wànte du noonu fa kanam Yàlla, ndaxte doom Aadama yépp a nekk ci nootaangeg bàkkaar, muy boroom diine yi mbaa boroom bàkkaar yi. Looloo tax fàww doom Aadama yépp judduwaat ci kàttan gu jóge ci kaw!

Léegi nag, nanu dellusi ci Linjiil, ngir déglu **waxtaan wi amoon ci diggante Yeesu ak jigéenu moykat** ji dëkkoon Samari. Samari mooy diiwaan ba nekkoon diggante Yude ak Galile ci réewum Yawut ya. Ñu bare ci waa Samari ay làkk-kat lañu woon, kon Yawut ya tegoon nañu leen ay yéeféer, ba tax ñu noonoo. Waaye Yeesu Almasi bi moom du gënale, ndaxte Yàlla du gënale. **Yeesu ñëw na ci àddina ngir seet te musal bépp bàkkaarkat bu bëgg a am xol bu bees te sell**. Looloo taxoon Yeesu rusul woon a waxtaan ak jigéenu Samari ji amoon juróomi jëkkër.

Kon léegi nag, nanu déglu li ñu bind ci Linjiilu Yowaana, saar ñeent. Mbind mi ne na:

*Bi [Yeesu di] dem Galile, waroon na jaar ci diiwaanu Samari. Noonu mu agsi ci wetu dëkku Sikar ci tool, bi Yanqóoba mayoon doomam Yuusufa. Foofa la teenu Yanqóoba nekkoon. Yeesu toog ca pindu teen ba, di noppalu ndax coonob tukki ba. Ca digg-bëccëg la woon.*

*Noonu jigéenu waa Samari ñëw fa di root. Yeesu ne ko: May ma ndox, ma naan. (Fekk booba nag, taalibey Yeesu ya dañoo demoon ca biir dëkk ba, di jënd lu ñu lekk.) Jigéen ja tontu ko ne: Yaw, ngay* ***Yawut****, man maay jigéen ju dëkk Samari; nan nga ma man a ñaane ndox? (Jigéen ja wax na loolu, ndaxte Yawut ya bokkuñu woon ak waa Samari ndab yu ñuy lekke.) Noonu nag Yeesu tontu ko: Soo xamoon li Yàlla maye, xam ki lay ñaan ndox, kon yaw ci sa bopp, yaa koy ñaan, te moom dina la may* ***ndoxum dund****. Jigéen ja ne ko: Sang bi, teen bi xóot na te amuloo baag, kon fooy jële ndoxum dund? Xanaa kay xalaatuloo ne, yaa gën a màgg sunu maam Yanqóoba, moom mi nu gasal teen bii, mu naan ci moom ak i doomam, wëgg cig juram? Yeesu wax ko ne: Ku naan ci ndoxum teen bii, balaa yàgg mu maraat, waaye* ***ndox, mi may joxe, ku ci naan***

***du marati mukk**, ndaxte day nekk ci moom bëtu ndox, buy ball, di joxe dund gu dul jeex. Noonu jigéen ja daldi ko ne: Sang bi, may ma ci ndox moomu, ngir ma bañatee mar, bay ñëw ba fii di rootsi.*

*Yeesu ne ko: Demal woowi sa jëkkër te ñëw. Jigéen ja tontu ko ne: Awma jëkkër de. Yeesu ne ko: Wax nga dëgg ne, amuloo jëkkër, ndaxte amoon nga juróomi jëkkër, te ki nga nekkal léegi du sa jëkkër. Li nga wax dëgg la.*

*Jigéen ja ne ko: Sang bi, gis naa ne, **ab yonent** nga. Nun nag, naka-jekk sunuy maam ca tund wee ngay séen lañu daan jaamoo Yàlla, waaye yeen Yawut yi, dangeen ne Yerusalem lañu war a jaamoo Yàlla. Yeesu ne ko: Jigéen ji, gëmal lii ma lay wax: dina am jamano joo xam ne, du ci tund wale te du ci Yerusalem ngeen di jaamoo Baay bi. Yeen waa Samari, xamuleen li ngeen di jaamu. Nun Yawut yi, xam nanu li nuy jaamu, ndaxte kiy musal àddina ci Yawut yi la jóge. Waaye jamano dina ñëw, te agsi na ba noppi, jamano joo xam ne, jaamukat yi dëgg dinañu jaamu Baay bi ci xel ak ci dëgg. Ñooñu nag, ñooy jaamu Baay bi, ni mu ko bëgge. **Yàlla xel la, kon ñi koy jaamu war nañu koo jaamu ci xel ak ci dëgg**. Jigéen ja ne ko: Xam naa ne Almasi bi – maanaam Kirist – dina ñëw te bu ñëwee, dina nu leeralal lépp. Yeesu tontu ko: **Maa di Almasi bi, man miy wax ak yaw**.*

*Noonu nag taalibey Yeesu ya dellusi, gis muy wax ak ab jigéen. Ñu daldi jaaxle lool. Waaye kenn ñemewu ko woon ne: Looy laaj? walla: Lu tax ngay wax ak moom? Noonu jigéen ja wacc fa njaqam, daldi dem ca dëkk ba, ne leen: **Kaayleen gis; nit a nga fee ku ma wax lépp lu ma mas a def. Ndax kooku du Almasi bi**? Noonu waa dëkk ba jóg, jëm ca Yeesu.* **(Yow 4:4-30**)

*Bi jigéen ja nee waa dëkk ba: Wax na ma li ma def lépp; ñu bare gëm nañu Yeesu. Ñu daldi dikk, ñaan Yeesu mu dal ak ñoom. Yeesu toog fa ñaari fan. Ñu bare gëm ko ndax li mu doon wax. Ñu ne jigéen ja: Léegi gëm nanu, te du li nga wax a tax waaye **li nu gisal sunu bopp. Te xam nanu ne, dëgg-dëgg kii moo di Musalkatu àddina si!*** **(Yow 4:39-42**)

Fii la nettalib jigéenu Samari ji yem. Ci lu wér, nettali bu am solo la, ndaxte day wone ni jenn jigéenu moykat ràññee ne Yeesu mooy Musalkat, bi Yàlla wàcce. Waaye ci njàlbeenu waxtaan wi, jigéen ji xamul woon ki doon wax ak moom. Mu teg ko **ab Yawut** rekk ni yeneen Yawut yi. Waaye ci biir waxtaan wi, Yeesu wax ko lu nit kese mënul a xam, ba tax mu gis ne, kii kat, wuute na ak nit ñi, **ab yonent** la! Wànte dem na sax ba gis ne Yeesu mi doon wax ak moom **ëpp na yonent kese**, mooy **Almasi**, bi yonent Yàlla yépp yégle woon, di **Musalkatu Àddina si**!

Kon, gis nanu ne, ndegam jigéen ji ràññe woon na ne, nit ki toog ci pindu teen ba, te di wax ak moom mooy Almasi bi, mu daldi fa wacc njaqam, daw ca dëkk ba, ne leen: "*Kaayleen gis; nit a nga fee ku ma wax lépp lu ma mas a def. Ndax kooku du Almasi bi?*" **(Yow 4:29**)

Ginnaaw loolu nag, gis nanu ni waa dëkk ba génne, jëm ca Yeesu, ñaan ko mu dal ak ñoom. Noonu Yeesu toog fa ñaari fan, jàngal leen ni ñu man a ame xol bu bees, ba nekk ay jaamukati Yàlla ci xel ak ci dëgg. Naka noonu, Mbind mi ne na:

"*Ñu bare gëm ko ndax li mu doon wax. Noonu ñu ne jigéen ja: **Léegi gëm nanu, te du li nga wax a tax waaye li nu gisal sunu bopp. Te xam nanu ne, dëgg-dëgg kii moo di Musalkatu àddina si!***" **(Yow 4:41,42**)

Léegi nag, ci jot gi nu dese tey, nanu jëm kanam ci Linjiil, ba gis li xewoon ay fan yu néew ginnaaw ba Yeesu tàggoo ak waa Samari. Dinanu gis ne **ñépp nanguwuñu ne Yeesu mooy Musalkatu Àddina si**. Kon, ci Linjiilu Luug, saar ñeent, Mbind mi ne na:

*Yeesu dellu diiwaanu Galile, fees ak dooley Xelum Yàlla, te turam siiw ca diiwaan booba bépp. Muy jàngale ca seeni jàngu, te ñépp di ko tagg. Yeesu dem **Nasaret fa mu yaroo**, te ca bésu noflaay ba, mu dugg ca jàngu ba, ni mu ko daan defe. Noonu mu taxaw ngir jàngal mbooloo mi. Ñu jox ko téereb yonent Yàlla Esayi. Bi*

*mu ko ubbee, mu gis bérab ba ñu bind aaya yii:*

*Xelum Boroom baa ngi ci man, ndaxte moo ma tànn, ngir ma yégal néew doole yi xebaar bu baax bi. Dafa maa yónni, ngir ma yégal jaam ñi ne, dinañu leen goreel, yégal gumba yi ne, dinañu gis, te jot ñi ñu noot, tey yégle atum yiw, mi jóge ci Boroom bi.*

*Bi mu jàngee aaya yooyu ba noppi, mu ub téere bi, delloo ko ki koy denc, toog. Ñépp ña nekkoon ca jàngu ba dékk koy bët. Noonu mu daldi ne:* ***Tey jii, loolu Mbind mi wax mat na, bi ngeen koy déglu!*** **(Lu 4:14-21**)

Ci wax jii la Yeesu jiiñe boppam Almasi bi, di Musalkat bi yonent Yàlla Esayi bindoon ciy mbiram juróom-ñaar téeméeri at lu ko jiitu. Waaye Yawut yi dëkk Nasaret mënuñu nangu ne, Yeesu mii yaroo ci seen biir mooy Musalkatu Àddina, bi Yàlla yónni! Moo tax ñu xeeb ko, naan: "*Ndax kii du doomu Yuusufa?*" **(Lu 4:22**)

Waaye Yeesu artu woon na leen, ngir ñu bañ a xeeb Musalkat bi leen Yàlla yónnee. Wànte Mbind mi ne na:

*Bi ñu déggee wax yooya, ñépp ña nekkoon ca jàngu ba daldi fees ak mer. Noonu ñu jóg, génne [Yeesu] dëkk ba, yóbbu ko ca mbartalum tund, wa ñu sanc seen dëkk, ngir bëmëx ko ci suuf. Waaye moom mu jaar ci seen biir, dem yoonam*. **(Yow 4:28-30**)

Noonu la waa Nasaret doon fexee rey Yeesu. Lu taxoon ñu bëgg koo rey? Ndaxte Yeesu dafa tegoon boppam **Almasi**, bi sut yonent Yàlla yépp. Loolu rekk a taxoon ñu xeeb ko, di ko fexee rey. Waaye manaluñu woon Yeesu dara, ndaxte waxtu deewam jotagul woon. Te nag, Wolof Njaay dafa wax ne: "Garab gay doon pénc, lawbe du ko gis ba di ko gor."

Kon nag mbokk yi, nan lanu man a tënke sunu njàngum tey? Nii. Dégg ngeen tey ñaari nettali ci mbirum **ñaari mbooloo**. Ñaari mbooloo yooyu, dégg nañu ni Yeesu tege woon boppam Almasi bi, waaye seeni tontu ci li loolu wuute woon nañu lool.

1.) Ci bu jëkk, gis nanu jigéenu Samari, ji Yeesu dajeek ci teen ba. Dégg nanu ni jigéen jooju ak waa dëkkam nangoo woon waxi Yeesu ak mbég, te **ñu gëm** ne, Yeesu mooy Almasi bi, di Musalkatu Àddina si.
2.) Waaye ci sunu ñaareelub nettali, gis nanu waa Nasaret yi daje ci jàngu ba. Ñoom dañu xeeboon waxi Yeesu te **mënuñu gëm** ne, Yeesu mi yaroo ci seen dëkk mooy Almasi bi.

Noonu gis nanu tey ni bàkkaarkat, yi dëkk Samari nangoo woon ne, Yeesu mooy Musalkat bi jóge asamaan, waaye boroom diine, yi dëkk Nasaret ñoom, nanguwuñu ko.

Yaw miy déglu tey nag – kan ci ñaari mbooloo yooyu nga gën a niru? Ndax danga mel ni waa Samari **yi nangu Yeesu ni seen Musalkat**? Walla boog, waa Nasaret yi nga niru, **ñoom ñi bañ a nangu ne Yeesu mooy Ki Yàlla wàcce ngir musal bàkkaarkat yi**? Kan nga gën a niroo?

Dégluleen li Mbind mu sell mi wax ci mbirum Yeesu Almasi bi. Mu ne:
"*Leer gi feeñ na ci biir lëndëm gi, te lëndëm gi jàppu ko. Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko. Ñëw na ci réewam, te ay ñoñam nanguwuñu ko.* ***Teewul ñi ko nangu te gëm ci turam, may na leen, ñu am sañ-sañu nekk doomi Yàlla,***" [dëkk ci jetaayu Yàlla ba fàww]! **(Yow 1:5,10-12**) Amiin.

Kon nag, fii lanu leen di tàggoo tey, di leen jox dox-daje njàng miy ñëw, bu neexee Yàlla, ngir gis firnde yi Yeesu wone, ngir ñépp man a xam ne, mooy Musalkatu Àddina bu wóor bi. Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li waa Samari yi seede woon ci mbirum Yeesu, bi ñu naan: "***Dëgg-dëgg kii moo di Musalkatu Àddina si!***" **(Yow 4:42**)

# 69 Sañ-sañu Yeesu

(Macë 12; Yowaana 5)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ni ko ñi ëpp ci yeen xame, fi nu tollu ci sunu tukki ci Mbind mu Sell mi, nu ngiy gëstu ci téereb Linjiil, biy nettali xebaar bu baax ci mbirum Yeesu Almasi bi, di Musalkat, bi ganesi àddina ngir goreel doomi Aadama ci kilifteefu Seytaane.

Ci emisyoŋ yi weesu nag, gisoon nanu ni Yeesu doon wëre réewum Yawut yi, di **jàngale** Kàddug Yàlla, di **faj** ñi feebar ak ñi làggi ak ñi rab jàpp. Noonu mbooloo mu bare topp ci Moom. Waaye ñi ëpp ci **kilifay diine yi dañu ko añaane** woon, ndaxte àttanuñu xel mi muy waxe, te mënuñu weddi jaloore yu bare, yi mu def.

Kon, tey danuy wéy ci Linjiil ba gis ni Boroom bi **Yeesu jànkoontee ak kilifay diine** yooyu ci lu jëm ci **bésub noflaay** bi. Xam ngeen bésub noflaay bi. Moo doon juróom-ñaareelu bés ci ayu-bés gi, di bés bi Yàlla joxoon Yawut ya ngir ñu noppalu ci, gannaaw ba ñu liggéeyee juróom-benni fan. Waaye boroom diiney jamano jooja, di Farisen yi, doon nañu tuumaal Yeesu ndax li mu daan def jëf yu baax ci bésub noflaay ba. Loolu lañu doon taafantoo ngir suufeel ko, ndaxte gisuñu woon ci moom lenn lu bon lu ñu ko man a jiiñ.

Nanu déglu nag li ñu bind ci Linjiilu Macë, saar fukk ak ñaar. Mbind mi ne na:

*Amoon na **benn bésu noflaay** Yeesu jaar ci ay tool yu ñor, fekk ay taalibeem xiif; ñu daldi fàq ay gub nag, di lekk. Farisen ya nag gis ko, ne Yeesu: Gisal, say taalibe ñu ngi def lu jaaduwul ci bésu noflaay bi. Noonu Yeesu tontu leen: Ndax jànguleen la [yonent Yàlla] Daawuda defoon, ba mu xiifee, moom ak ña mu àndaloon? Xanaa yéguleen, ni mu dugge woon ca kër Yàlla ga, gis fa mburu, ya ñu jébbal Yàlla, mu daldi ko lekk. Fekk jaaduwul mu lekk ca, moom walla ña mu àndaloon; sëriñ sa rekk a ko sañoon a lekk. Te it ndax jànguleen ci yoonu Musaa, ne sëriñ sa ca kër Yàlla ga teraluñu bésu noflaay bi, te tooñuñu. Waaye maa ngi leen koy wax, am na ci seen biir **ku sut kër Yàlla ga**. Mbind mi nee na: **Yërmande laa bëgg, waaye du rendi saraxi mala**. Su ngeen xamoon lu wax joojuy tekki, kon dungeen teg tooñ ñi tooñul. Ndaxte **Doomu nit ki mooy boroom bésu noflaay bi**.* **(Mc 12:1-8**)

War ngeen xam ne Yeesu mi am lu ëpp ñaar téeméeri tur ci Mbind mu Sell mi, dafay faral di tudde boppam ***Doomu Nit ki***. Tur woowu, di Doomu Nit ki, day wone ni Almasi bi suufeele boppam, ba jël sunu bindu doom Aadama. Waaye dafay wone it ndamam, ndaxte Moom mi suufeel boppam ba nekk nit, mooy ki yore bépp sañ-sañ ak bépp àtte ci kaw doom Aadama yépp. Kon, Yeesu Kirist mooy Doomu Nit ki, di Boroom bésu noflaay bi ak Boroom lépp. Waaye Farisen ya, nanguwuñu loolu. Nanu jëm kanam léegi, ngir déglu li xewoon ginnaaw loolu.
Mbind mi ne na:

*Bi loolu amee, Yeesu jóge foofa, dugg ci seen jàngu, te amoon na fa **nit ku loxoom làggi**. Noonu Farisen ya laaj ko: Faj ci bésu noflaay bi, ndax loolu jaadu na? Fekk ñuy wut buntu tuumaal ko. Yeesu tontu leen: Ku fi amoon xar, mu daanu ci kàmb ci bésu noflaay bi, ndax doo ko jàpp, génne ko? Nit nag, ndax ëppul maana xar? **Kon def lu baax ci bésu noflaay bi jaadu na**! Noonu Yeesu ne nit ka: Tàllalal sa loxo! Mu tàllal ko nag, loxoom daldi wér, mel ni ba ca des. Farisen ya génn nag, daldi gise, ngir fexee reylu Yeesu. Waaye bi ko Yeesu yégee, mu sore foofa; te ñu bare topp ko, mu wéral leen ñoom ñépp.* **(Mc 12:9-15**)

Noonu, gis nanu ni Farisen yi tege tooñ Yeesu, ndaxte fonkul woon seeni aada. Boroom diine yooyu, ñu doy waar lañu woon. Amuñu woon benn yërmande ci ñi xiif, mbaa ñi feebar, waaye dañu bëggoon a gëmloo nit ñi ne, seen aada yiy aaye jëf yu baax ci bésu noflaay bi, ci Yàlla la bawoo! Wànte Yeesu, mi xam seeni xol

yu bon, fàttali na leen li Yàlla waxoon ci Mbind mi ne: "*Yërmande laa bëgg, waaye du rendi saraxi mala. Su ngeen xamoon lu wax joojuy tekki, kon dungeen teg tooñ ñi tooñul. Ndaxte Doomu nit ki mooy boroom bésu noflaay bi*." **(Mc 12:7-8**)

Léegi nag, nanu jëm kanam. Mbind mi ne na:

*Booba ñu indil ko* ***ku rab jàpp****, mu gumba te luu. Yeesu faj ko, ba ku luu ki di wax tey gis. Noonu mbooloo mépp yéemu naan: Ndax kii du Sëtu Daawuda bi? Bi Farisen ya déggee loolu nag, ñu ne: Kii, ci kàttanu Beelsebul [di Seytaane] buuru rab yi lay dàqe rab yi. Waaye Yeesu xam seen xalaat, ne leen: Réew mu xeex boppam tas, te dëkk mbaa kër guy xeex boppam du man a yàgg. Bu Seytaane dàqee Seytaane nag, xeex na boppam; kon naka la nguuram di man a yàgge? Te it, bu fekkee ne man damay dàq ay rab ci kàttanu [Seytaane], seeni taalibe nag, ci gan kàttan lañu leen di dàqe? Kon ñoo leen di àtte. Waaye bu fekkee ne, ci Xelum Yàlla laay dàqe rab, kon nguuru Yàlla agsi na ba ci yeen.* **(Mc 12:22-28**)

*Gannaaw loolu [nag,] Yawut ya amoon nañu genn màggal, moo tax Yeesu demoon Yerusalem. Ca wetu benn ci bunti dëkk ba nag, maanaam ca Buntu xar ya, am na fa bët bu tudd Betesda ci làkku yawut, te ñu wërale ko ak juróomi mbaar. Ca suufu mbaar yooyu la jarag yu bare, yu deme niki ay gumba, ay lafañ ak ay làggi, daan tëdd, di xaar ndox mi yengatu; ndaxte, ci ni ñu ko nettalee, benn malaakam Boroom bi da daan wàcc léeg-léeg di jax ndox mi. Bu ndox mi masaa yengu ba noppi, jarag ju ca jiitu, wopp joo amaan, daldi wér ca saa sa.*

*Amoon na* ***fa benn waay, bu feebaroon*** *lu mat fanweeri at ak juróom ñett. Bi ko Yeesu séenee mu tëdd, te mu xam ne, woppam ji yàggoon na lool, mu laaj ko ne: Ndax bëgg ngaa wér? Jarag ja tontu ko ne: Sang bi, duma am ku ma sóob ci ndox mi, bu yengoo; su ma ciy fexee dem, ñu jëkk ma ci. Yeesu ne ko: Jógal, jël sa basaŋ te dox. Ca saa sa mu daldi wér, jël basaŋam, daldi dox.*

*Mbir moomu dafa daje woon ak bésu noflaay ba, looloo tax ba Yawut ya daldi ne nit ku wér ka: Tey bésu noflaay la, te sunu yoon aaye na ngay yor sa basaŋ. Mu ne leen: Ki ma faj moo ma ne: Jëlal sa basaŋ te dox. Ñu ne ko nag: Ku la ne: Jëlal sa basaŋ te dox? Waaye waa ji xamul ki ko wéral, fekk booba Yeesu dem na, te nit ñu bare teewoon nañu ca bérab ba.*

*Bi ñu ca tegee ab diir, Yeesu dajeek moom ca kër Yàlla ga, ne ko: Déglul, fii mu ne, wér nga; bul defati bàkkaar, ngir ragal lu yées lii dal la. Noonu nit ka dellu, ne Yawut ya, Yeesu moo ko fajoon. Looloo tax Yawut ya di wut a sonal Yeesu, ndaxte daan na jëfe noonu ca bésu noflaay ba.*

*Waaye Yeesu tontu na leen ne: Sama Baay nekk na ba tey ci liggéey, kon man itam damay liggéey.* ***Baat boobu moo tax ba Yawut yi gën koo wut a rey, ndaxte yemul woon rekk ci bañ a topp ndigalu bésu noflaay ba, waaye dafa wax it ne, Yàlla Baayam la, ba teg boppam Yàlla****.* **(Yow 5:1-18**)

Nanu taxaw fi tuuti. Lu taxoon boroom diine yooyu sonal Yeesu, di ko wut a rey? Li Yeesu faj jarag ja ci bésu noflaay baa taxoon? Du loolu kese. Dañu ko doon wut a rey ndax **li mu wax ne, Yàlla mooy Baayam**. Te ñoom mënuñu nangu ne, Yeesu mooy Almasi, bi jóge ci jetaayu Yàlla.

Ci kaw loolu nag, Mbind mi ne na:

*Noonu Yeesu ne leen: Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, Doom ji mënul a def dara moom ci boppam; li mu gis Baay bi di def rekk lay def. Li Baay bi di jëf la Doom ji itam di jëf. Ndaxte Baay bi bëgg na Doom ji, ba di ko won lépp lu muy def, te dina ko won jëf yu ëpp kéemaan yii, ngir ngeen gën a waaru. Maanaam, ni Baay bi di dekkale ñu dee ñi, di leen jox dund gi, noonu la Doom ji di joxe dund gi ñi mu ko bëgg a jox. Baay bi du àtte kenn; àtte bi yépp, jox na ko Doom ji, ngir ñépp di teral Doom ji, ni ñuy terale Baay bi. Ku teralul Doom ji, teraloo Baay, bi ko yónni.* ***Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund****.* **(Yow**

**5:19-24**)

*Su ma **seedeelee** sama bopp, sama wax du am maana. Waaye keneen moo may seedeel, te bir na ma ne, la muy wax ci man dëgg la. Yeen yónni ngeen ay ndaw ci **Yaxya**, te seede na dëgg gi. Man ci sama bopp, soxlawuma seedes nit; waaye nag damay wax loolu rekk, ngir ngeen mucc. Yaxya meloon na ni làmp buy tàkk tey leeral, te nangu ngeen a bànneexu ab diir ci leeram.*

*Waaye yor naa ci man seede, su gën a mag si ma Yaxya di seedeel: maa ngi **def jëf, yi** ma Baay biy sant. Jëf yooyu may def nag ñooy seede ne, Baay bi moo ma yónni. Te **Baay bi** ma yónni, moom itam seede na ma. Musuleen a dégg baatam te musuleen a gis xar-kanamam, te kàddoom saxul ci yeen, ndaxte gëmuleen ki mu yónni. Yeena ngi gëstu Mbind yi, ndaxte dangeen cee yaakaar dund gu dul jeex. **Mbind yooyu** nag far, ci sama mbir lañuy wax; te bëgguleen a ñëw ci man ngir am dund!*

*Wutuma tagg yu jóge ci nit. Waaye yeen, xam naa leen; leer na ma ne amuleen ci seen xol benn mbëggeel ci Yàlla. Man ñëw naa ci sama turu Baay, te nanguwuleen ma, waaye bu keneen dikkee ci turu boppam, ngeen nangu ko. Bëgg ngeen ku leen di tagg, te wutuleen ngërëm, li jóge ci jenn Yàlla rekk ji am. Kon nan ngeen man a gëme? Buleen xalaat ne, maa leen di jiiñ dara ci sama kanamu Baay. Musaa, mi ngeen yaakaar, moo leen di booleek moom. Bu ngeen gëmoon **Musaa**, dingeen ma gëm man itam, ndaxte seedeel na ma. Waaye su fekkee gëmuleen li Musaa bind, kon nu ngeen man a gëme samay wax?* **(Yow 5:31-47**)

Ndax dégg ngeen ni Boroom bi Yeesu yedde woon Farisen, ya ko doon wut a rey? Ci tënk, nee na leen, **ku weddi Almasi**, bi Yàlla wàcce, **weddi nga Yàlla moom ci boppam**. Ku teralul Doom ji, teraloo Baay, bi ko yónni. Ku nanguwul waxi Yeesu ak sañ-sañam, nanguwuloo waxi Yàlla ak sañ-sañam. Waaye képp ku gëm Yàlla ak kàddoom, dinga gëm itam ne, Yeesu mooy Almasi, bi jóge asamaan, ndaxte yonent Yàlla yépp seedeel nañu ko. Képp ku xam te gëm Mbindi yonent yi, dinga xam te gëm it ne, Yeesu, doomu Maryaama, mooy Ki Yàlla fal ni Musalkatu àddina si, ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk, waaye dinga am dund gu dul jeex!

Moom la Yeesu waxoon boroom diine yi, bi mu naan: *Yeena ngiy gëstu Mbind yi, ndaxte dangeen cee yaakaar dund gu dul jeex. **Mbind yooyu nag far, ci sama mbir lañuy wax; te bëgguleen a ñëw ci man ngir am dund**! Buleen xalaat ne, maa leen di jiiñ dara ci sama kanamu Baay. [Yonent Yàlla] Musaa, mi ngeen yaakaar, moo leen di booleek moom. Bu ngeen gëmoon Musaa, dingeen ma gëm man itam, ndaxte seedeel na ma. **Waaye su fekkee gëmuleen li Musaa bind, kon nu ngeen man a gëme samay wax?*** **(Yow 5:39-40 46-47**) Amiin.

Mbokk yi, ngeen xalaat bu baax ci wax jii, ndax Yàlla dafa bëgg a leeral seen xel ci loolu lépp. Yàlla dafa bëgg dëgg nekk ci sunu xol. **Su nu waxee ne gëm nanu yonent yi kon fokk nu gëm Ki ñu doon seede**, maanaam **Almasi bi Yeesu**. Ndax ci dëgg gëm nga yonent yi?

Kon, fi lanu war a tàggoo ak yeen tey, ndaxte sunu jot jeex na. Waaye nu ngi leen di jox dox-daje njàng miy ñëw ngir jëm kanam ci nettali bu neex bi ci mbirum Almasi bi Yeesu.

Nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërë ngeen jëf.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Boroom bi Yeesu waxoon Farisen yi, bi mu leen naan: "***Su fekkee gëmuleen li* [yonent Yàlla] *Musaa bind, kon nu ngeen man a gëme samay wax?*"** **(Yow 5:47**)

# 70 Dooley Yeesu

(Màrk 4-6; Macë 9,10)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu **ni kilifay diiney Yawut yi tuumaale woon Yeesu di ko wut a rey ndax li mu wax ne: Yàlla Baayam la, ba teg boppam benn ak Yàlla**. Mbooloo mu bare toppoon na Boroom bi Yeesu fépp fu mu dem. Ci biir mbooloo moomu, amoon na ñu gëm waxi Yeesu, ak ñu ko gëmul itam. Yeesu tànnoon na fukki ndaw ak ñaar ci biir ñi ko gëm, ngir ñu ànd ak moom te mu yónni leen, ñu waareji xebaar bu baax bi ci mbirum Musalkat, bi Yàlla wàccee asamaan.

**Fukki ndaw ak ñaar**, ya Yeesu tànnoon nag, ñu ngi tuddoon Simoŋ, mi ñuy wax Piyeer, ak Andare mi bokk ak moom ndey ak baay; Saag doomu Sebede ak Yowaana rakkam – ñoom ñeent ay nappkat lañu woon. Ñi des ci ndaw ya, ñooy Filib ak Bartelemi, Tomaa ak Macë, juutikat ba woon, Saag doomu Alfe ak Tade; Simoŋ mi bokk ci mbooloo ma ñu tudde: Ñi farlu ci moom seen réew; ak Yudaa Iskariyo, mi nar a wor Yeesu. **(Mc 10:2-4**) Ñoo di fukki taalibe ak ñaar yi àndoon ak Yeesu.

Amoon na it **ay jigéen** ñu daan topp Yeesu fépp fu mu jëm, ñooñoo di Maryaama Magdala, mi Yeesu tàggale woon ak juróom-ñaari rab; Sànn, jabaru ku ñuy wax Kusa, mi doon wottu alalu buur bi Erodd; ak Susànn, ak ñeneen jigéen. Jigéen ñooñu ñoo doon joxe seen alal ngir dimbali Yeesu ak ay taalibeem. **(Lu 8:2,3**)

Ni nu ko gise ba noppi, mbooloo ma waaru woon na lool ci njàngaley Boroom bi Yeesu, ndaxte jàngal na leen ak sañ-sañ, bu seeni xutbakat amul. Sañ-sañu Yeesu ak dooleem yemul woon ciy wax rekk, waaye dafa doon feeñ it ciy jëfam yu ànd ak doole. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Nguuru Yàlla du waxi kese, waaye **doole la**!*" **(1Ko 4:20**)

Léegi nag, nanu jëm kanam ci nettalib Almasi bi Yeesu, ba gis **ni ko Yàlla Aji Sax ji joxe doole ak sañ-sañ** ci bépp mbindeef ak ci jépp doole ji am ci kaw suuf. Nu ngiy tàmbalee njàng mi tey ci Linjiilu Màrk, saar ñeent. Mbind mi ne na:

*Bés booba nag ci ngoon Yeesu ne taalibe yi: Nanu jàll dex gi. Mu yiwi mbooloo mi nag, [noonu mu ànd ak i taalibeem ci gaal, dem.] Naka noona **ngelaw lu mag daldi jóg**, duus yi sàng gaal gi, ba mu bëgg a fees. Fekk Yeesu tëdd di nelaw ci njegenaay ci taatu gaal gi. Taalibe yi daldi ko yee, naan: Kilifa gi, ndax sunu bakkan soxalu la? Ci kaw loolu Yeesu jóg, daldi gëdd ngelaw li, ne dex gi: **Noppil te dal**! Noonu ngelaw li dal, ba lépp ne nemm. Yeesu ne taalibe ya: Lu tax ngeen tiit? Ndax gëmaguleen? Ñu daldi ragal lool, naan ci seen biir: **Kii moo di kan, ba ngelaw li ak dex gi sax di ko déggal?*** **(Mk 4:35-41**)

*Noonu ñu jàll dex ga, ba teer ci diiwaanu waa Serasa. Bi Yeesu génnee gaal gi, **nit ku rab jàpp** jóge ca sëg ya, daldi ñëw kar ko. Kooku nag, ca sëg ya la dëkk te kenn mënu ko yeew, du ak càllala sax. Ndaxte ay yoon yu bare jéngoon nañu ko te yeew ko ak ay càllala, waaye waa ji daldi dagg càllala yi te damm jéng yi, ba kenn amul woon kàttanu téye ko. Guddi ak bëccëg mu nga woon ca sëg ya ak ca tund ya, di yuuxu te jam yaramam ak ay xeer.*

*Bi mu gisee Yeesu fu sore nag, mu daldi dawsi, sukk fa kanamam, di xaacu naan: Yaw Yeesu Doomu Yàlla Aji Kawe ji, loo may fexeel? Ci turu Yàlla, bu ma mbugal. Ndaxte Yeesu nee woon na ko: Yaw rab wu bon wi, génnal ci nit ki! Noonu Yeesu laaj ko: Noo tudd? Mu tontu ko: Coggal laa tudd, ndaxte ñu bare lanu. Muy ñaan Yeesu lool, ngir mu bañ leen a dàq ca réew ma. Fekk amoon na fa ca tund wa géttu mbaam-xuux yu bare yuy for. Rab ya ñaan Yeesu: Jox nu ndigal, nu dugg mbaam-xuux ya. Mu may leen ko. Noonu rab ya génn nit ka, dugg mbaam-xuux ya, ñu daldi bartalu, daanu ca dex ga, lab fa. Mbaam-xuux ya nag matoon*

*nañu ñaari junni.*

*Noonu sàmm ya daw ca dëkk ba ak ca àll ba, nettaliji mbir mi, ba nit ñi ñëw, seet li xew.* ***Ñu ñëw nag ci Yeesu, gis ka rab ya jàppoon toog, sol ay yére te ànd ak sagoom. Ñu daldi ragal****. Ña fekke woon mbir ma nag nettali leen mbirum nit ka ak mbaam-xuux ya. Ci kaw loolu ñu daldi ñaan Yeesu, mu sore seen réew. Bi Yeesu di dugg ci gaal gi, ki rab ya jàppoon ñaan Yeesu, ngir ànd ak moom. Waaye Yeesu mayu ko ko. Mu ne ko: Ñibbil ci say mbokk, nettali leen ni la Boroom bi yërëme, ba defal la lii lépp. Noonu waa ji dem ci diiwaanu Fukki dëkk yi, daldi fa yégle la ko Yeesu defal, ba* ***ñépp waaru****.*

*Noonu Yeesu jàllaat dex ga, taxaw ca tefes ga. Te nit ñu bare dajaloo, wër ko. Kenn ci njiiti jàngu ba nag, tudd Yayrus, ñëw ci moom. Naka la gis Yeesu, mu daanu ciy tànkam, di ko saraxu lu bare naan: Sama doom ju jigéen mi ngi bëgg a faatu; kaay teg ko loxo, ngir mu wér te dund. Noonu Yeesu ànd ak moom. Bi muy dem, mbooloo mu réy topp ko, di ko tanc. Amoon na fa nag* ***jigéen ju doon xëpp deret diirub fukki at ak ñaar****. Sonnoon na lool ci loxoy fajkat yu bare, sànk ci alalam jépp, te jëlewu ci genn tan, waaye faf wopp ja yokku. Noonu mu déggoon turu Yeesu, ne ci xelam: Su ma laalee ay yéreem rekk, dinaa wér. Mu jaxasoo ak mbooloo mi nag, doxe ko gannaaw,* ***laal mbubbam****.* ***Ci saa si deret ji taxaw****, mu yég ci yaramam ne, jàngoroom deñ na. Yeesu yég ci saa si ne, doole génn na ci moom. Mu walbatiku nag, ne mbooloo mi: Ana ku laal samay yére? Ay taalibeem tontu ko: Xanaa gisuloo mbooloo mi lay wër; ngay laaj: Ku ma laal? Waaye Yeesu di xool li ko wër, ngir gis ku ko def. Noonu jigéen ja ñëw, daanu ciy tànkam, wax ko dëgg gépp; mu tiit bay lox, ndaxte xam na li xewoon ci yaramam. Yeesu ne ko: Soxna si, sa ngëm faj na la; demal ci jàmm, te na sa jàngoro wàcc.*

*Bi Yeesu di wax nag, am na ku jóge ca kër njiit la, mu ñëw naan:* ***Sa doom faatu na****; matatul nuy sonal kilifa gi. Waaye Yeesu jàppul wax jooju; mu ne njiit la: Gëmal rekk te bañ a tiit. Noonu Yeesu dem, ànd ak Piyeer, Saag ak Yowaana rekk, ndaxte mayul keneen, mu ànd ak moom. Naka lañu ñëw ci kër njiit li, Yeesu dégg coow li; ñii di jooy, ñii di yuuxu. Mu dugg, ne leen: Lu ngeen di soow, tey jooy? Janq bi deewul, day nelaw rekk. Waaye ñu di ko ñaawal. Noonu Yeesu génne ñépp, woo baayu janq bi ak yaay ji ak ñi mu àndal, dugg fa janq bi nekk. Mu jàpp loxoom, ne ko: Talita kumi; liy tekki:* ***Janq bi, maa ngi la koy wax, jógal****.* ***Ca saa sa janq bi jóg****, daldi dox, ndaxte amoon na fukki at ak ñaar.* ***Ñépp daldi waaru, ba ne jomm****. Ci kaw loolu Yeesu dénk leen bu wóor, ñu bañ koo siiwal; teg ca naa: Mayleen janq bi, mu lekk.* **(Mk 5:1-43**)

*Bi Yeesu jógee foofa,* ***ñaari gumba*** *topp ko, di wax ca kaw naan: Yërëm nu, yaw Sëtu Daawuda bi! Noonu Yeesu dugg ca kër ga, gumba ya toppsi ko. Yeesu ne leen: Ndax gëm ngeen ne, man naa def li ngeen ma laaj? ñu tontu ko: Waaw, Sang bi. Kon Yeesu daldi laal seeni bët, ne leen: Na am, ni ngeen ko gëme.* ***Ca saa sa seeni bët daldi ubbiku****. Yeesu dénk leen bu wér, ne leen: Moytuleen kenn xam ko. Waaye ñu génn rekk, siiwal turam fu nekk.*

*Bi ñu fa jógee nag, amoon na ñeneen ñu ñëw fi moom, indil* ***ko ku rab jàpp, mu luu****. Yeesu dàq rab wa,* ***luu ba daldi wax****. Bi ñu ko gisee,* ***mbooloo ma waaru****, ñu ne: Lu mel nii, musuñu koo gis ci Israyil! Waaye Farisen ya ne: Ci kàttanu buuru rab yi lay dàqe rab yi!* **(Mc 9:27-34**)

*Bi loolu amee, Yeesu jóge fa, dellu réewam, ànd ak taalibe yi. Bésu noflaay bi nag mu jàngal leen ci seen jàngu, ba mbooloom ñi ko dégg waaru naan:* ***Lii, fu mu ko jële, te xam-xam bii mu yor, lu mu doon, ba muy def kéemaan yii****? Ndax kii du minise bi? Ndax du doomu Maryaama te magu Saag, Yuusufa, Yuda ak Simoŋ? Te ay rakkam yu jigéen ndax nekkuñu fi ak nun? Kon nag ñu daldi ko xeeb. Noonu Yeesu ne leen: Dees na faaydaal yonent, waaye du ci réewam, ciy mbokkam mbaa ci këram. Te Yeesu mënu faa def ay kéemaan yu bare, lu dul teg loxo yenn jarag, wéral leen.* ***Te mu waaru ndax seen ngëmadi****.*

*Bi loolu amee, Yeesu di wër dëkk ya, di jàngale. Noonu mu woo ci moom fukki taalibe ya ak ñaar, jox leen sañ-sañu dàq rab yi, yónni leen, ñu ànd ñaar-ñaar.* **(Mk 6:1-8**)

Mu digal leen nii: *Dégluleen, maa ngi leen di yónni,* ***mel ni ay xar ci biir ay bukki****. Muusleen nag niy jaan,*

*te lewet niy pitax. Waaye moytuleen nit ñi, ndaxte dinañu leen jébbal àttekat yi te dóor leen ay yar ci seeni jàngu*. **(Mc 10:16-17**)*[Wànte]* ***buleen ragal ñu man a rey yaram, te mënuñoo rey ruu, waaye ragalleen Ki man a sànk yaram ak ruu ci safara***. **(Mc 10:28**)

*Te it buleen defe ne, damaa ñëw ngir indi jàmm ci àddina; ñëwuma ngir indi jàmm, waaye jaasi laa indaale. Ndaxte ñëw naa ngir féewale doom ak baayam, doom ju jigéen ak ndeyam, jabar ak goroom; te nooni nit ñooy waa këram. Ku ma gënalul sa ndey walla sa baay, yeyoowuloo ma; ku ma gënalul sa doom ju góor walla ju jigéen, yeyoowuloo ma. Kuy rawale sa bakkan, ñàkk ko, te ku ñàkk sa bakkan ndax man, jotaat ko.* **(Mc 10:34-37,39**) Amiin.

Naka noonu, gis nanu tey ni Boroom bi Yeesu feese woon ak dooley Yàlla ci ay **waxam** ak ciy **jëfam**, ba taxoon mbooloom ñi ko dégg waaru naan: ***Lii, fu mu ko jële, te xam-xam bii mu yor, lu mu doon, ba muy def kéemaan yii?*** **(Mk 6:2**)

Téereb Yàlla wax na nu fu Yeesu jële kàttanam ak xam-xamam. Jëlewu ko fenn, ndaxte Moom ci boppam **mooy Kàttanug Yàlla ak Xelum Yàlla**. Boroom bi Yeesu def na jëfi Yàlla yépp ci kaw suuf, ngir won nit ñi **fu mu jóge ak ki mu doon**. Amoon na sañ-sañ ci bépp mbindeef ak ci jépp doole ju mën a am, ndaxte mooy '***Ruu Alla***', ak '***Kalimatula***', maanaam: Mooy **Xelum Yàlla** ak **Kàddug Yàlla**. Looloo tax Yeesu man a wax genn kàddu rekk, te dalal ngelaw li, faj ku rab jàpp. Kàttanug Yàlla gépp a ngi dëkk ci Yeesu. Looloo tax mu man a faj jigéen ju doon xëpp deret diirub fukki at ak ñaar. Jigéen jooju sànk alalam jépp ci fajkat yu bare ak seeni garab, waaye bi mu laalee yérey Yeesu rekk, mu daldi wér. Te bi Yeesu laalee bëti ñaari gumba yi, ca saa sa seeni bët daldi ubbiku. Te sañ-sañu Yeesu yemul ci ñiy dund rekk, waaye yoroon na it, sañ-sañu ñi dee. Looloo taxoon mu man a dekkal xale ba deewoon. Yeesu amoon na sañ-sañ bu raw sañ-sañu yonent kese, ndaxte Moom ci boppam **mooy Kàddug Yàlla giy dund, yor jëmmu nit.**

Kàttan **gépp** ak sañ-sañ **bépp** joxees na ko ko. Looloo tax képp ku nangu Yeesu Kirist ni sa Musalkat ak sa Boroom, waratoo ragal dara; du dee, du dund, du rab yi, du tey, du ëllëg! Te **soxlaatoo takki téere**, mbaa di tuur ay xàmb ndaxte **Boroom bi Yeesu moo lay aar**. Looloo tax Mbind mi ne: "***Ci [Yeesu] Kirist, maanaam ci yaramu nitam, la matug Yàlla gépp dëkk***, *te mat ngeen ci moom,* ***miy buuru kilifa yépp ak boroom sañ-sañ yépp!***" **(Kol 2:9**) Amiin.

Mbokk yi, jërëjëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, bu neexee Boroom bi, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ngir déglu ni Yeesu jàngale woon mbooloo ma ciy léeb.

Su fekkee ne, bëgg nga am téere, buy yaatal sa xam-xam ci Linjiil bu Sell bi, nanga nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ci Almasi bi, bi mu naan: "***Ci [Yeesu] Kirist, maanaam ci yaramu nitam, la matug Yàlla gépp dëkk!***" **(Kol 2:9**)

# 71 Ñaari léeb yu am maana

(Luug 8; Macë 13)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu ni Boroom bi Yeesu ame woon sañ-sañ bu raw sañ-sañu yonent kese. Yeesu feesoon na dell ak dooley Yàlla. **Moo doon Kàttanu Yàlla, gi yor bindu nit**! Looloo taxoon mu man a dalal ngelaw li, di dàq rab yi, di faj jàngoro yi ak gumba yi, te di dekkal ñi dee sax!

Tey jii nag, danu bëggoon a jëm kanam ci Linjiil, ba dégg ni Almasi bi Yeesu jàngale woon mbooloo ma ciy **léeb**. Yeesu dafa daan ëmb dëgg gi ciy léeb, ndaxte lu ëpp ci ñi ko daan topp, bëgg a xam kàddug Yàlla taxu leen woon a jóg. Li ñu bëggoon mooy Yeesu faj leen, tàggale seeni yaram ak **feebar**, waaye bëgguñu woon mu faj seeni ruu ci **bàkkaar**. Te it, amoon na boroom diine yu doon topp Yeesu, di ko déglu ngir rekk wut buntu tuumaal ko. Looloo taxoon Yeesu mënul a wax mbooloo ma dara lu dul ciy léeb, waaye daan na firil lépp ay taalibeem bu wéeteek ñoom.

Li nu war a fàttaliku mooy, Yàlla dafa bëgg ñépp xam dëgg gi te mucc, waaye ku sa xol dërkiis, Yàlla du la xamal dëgg gi mukk. Li Yàlla bëgg mooy nga wut dëgg gi, ni lu ëpp ci nit ñi gare seen bakkan ci wut alal! Moom la Yàlla wax ci Mbind mu Sell mi, jaarale ko ci yonentam, di Suleymaan, bi mu naan: "***Sooy wut dëgg gi ni ñuy wute xaalis, di ko wut ni ñuy wute alal, kon dinga xam lan mooy ragal Yàlla Aji Sax ji, te dinga am xam-xam bu jóge ci Yàlla***." **(Pr 2:4,5**)

Yaw miy déglu tey, ndax **dëgg gi** nga gën a fonk xaalis ak jeneen alal ju mu man a doon? Ndax kàddug Yàlla gu wóor gi mooy li jël palaas bu gën a am solo ci sa xel ak ci sa xol? Xëy na xamuloo bu wóor fan la sa xol tollu fa kanam Yàlla. Kon, nanga déglu **léebu beykat**, bi génne ci gémmiñu Boroom bi Yeesu. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Luug saar juróom-ñett. Mbind mi ne na:

*Dëkk ak dëkk nit ña di fa jóge jëm ca Yeesu, ba mbooloo mu bare dajaloo, mu wax leen léeb wii:* ***Dafa amoon beykat, bu demoon jiyi****. Bi muy saaw toolam nag, lenn ci pepp mi wadd ci kaw yoon wi, nit ñi joggi ci, picci asamaan lekk ko lépp. Leneen wadd ci bérab bu bare ay doj. Naka la sax rekk, daldi wow, ndaxte suuf si tooyul woon. Leneen nag wadd ci biir ay xaaxaam, ñu saxandoo, xaaxaam ya tanc ko. Li ci des dal ci suuf su baax, sax, nangu ba meññ téeméeri yoon lu ëpp la mu ji woon. Gannaaw loolu Yeesu wax ak kàddu gu dëgër ne:* ***Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp!***

*Taalibey Yeesu yi laaj ko lu léeb woowu di tekki. Mu tontu ne leen:... Lii la léebu beykat bi di tekki. Kàddug Yàlla mooy* ***jiwu wi****. Ki* ***féete ci yoon wi*** *mooy ki dégg. Gannaaw gi, Seytaane dafay ñëw, këf kàddu, gi ñu def ci xolam, ngir mu bañ a gëm te Yàlla musal ko. Ki nekk ci* ***bérab bu bare ay doj****, mooy ki dégg kàddu gi, ba noppi nangu ko ak mbég. Waaye wax ji saxul ci moom. Dina gëm ab diir, waaye bu nattu yi agsee, mu daldi dàggeeku. Ki jot ci jiwu wi* ***ci xaaxaam yi*** *mooy ki dégg kàddu gi, waaye nes tuuti soxla yi ak alal ak bànneexi àddina tanc ko, ba du àgg cig mat. Ki jot ci jiwu wi ci* ***suuf su baax si*** *nag, mooy ki dégg kàddu gi te denc ko ci xol bu baax, bu gore, te muñ ba jur njériñ.* Amiin. **(Lu 8:4-15**)

Ndax jàpp ngeen li léebu beykat bi di tekki? Ci lu wóor, léeb bu am maana lool la, ba taxoon Yeesu wax mbooloo ma ak kàddu gu dëgër ne: "*Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp!*"

Ci léebu beykat bi, gis nanu jiwu wi ak suuf si. Jiwu wi, lu muy misaal? Lan la ci Boroom bi Yeesu wax? Mu ne: **Jiwu wi mu ngi misaal Kàddug Yàlla gu wóor gi**. Suuf si nag, lu muy misaal? **Suuf si, xolu nit ki lay misaal**.

Waaw. Kàddug Yàlla dafa mel ni jiwu wu baax wi, ndaxte dafay dund te am na doole ngir meñ lu neex ci sa dund. Waaye xolu nit dafa mel ni suuf si, ndaxte man na dëgër lool. Nanu xalaat tuuti ci loolu. Ñaata wirgoy suuf lanu gis ci léeb bi? Gis nanu ni jiwu wi wadde ci ñeenti wirgoy suuf.

1.) Amoon na pepp mu wadd ci kaw**yoon wu dëgër wi**.
2.) Am na leneen lu wadd ci **bérab bu bare ay doj**.
3.) Am na lu wadd ci biir **ay xaaxaam**.
4.) Te am na it lu dal ci **suuf su baax si**.

Ci **bu jëkk** nag, Yeesoo ngi doon jàngale ci léeb wi ne, ñu bare ci àddina, **xol bu mel ni yoon wu dëgër** wi lañu am. Seen xol dafa dëgër ni gudoroŋ. Su pepp mi wadde ci kaw yoon wu dëgër wi – luy xew? Ndax dina sax, ba meññ? Mukk! Du man a sax, du man a meññ. Joggi rekk la ci nit ñi di def, te picci asamaan lekk ko lépp. Noonu la xoli ñu bare mel. **Ñi am xol bu mel ni suuf su dëgër si, ñooy ñi faalewul Mbindi yonent yi**. Seen aaday maam rekk lañu fonk, te naka noonu Kàddug Yàlla gu dëgg gi du man a meññ dara ci seen xol, ni pepp mi wadd ci kaw yoon wi dul meññ dara.

Ci lu jëm ci **ñaareelu wirgoy suuf** si nag, Yeesu waxoon na ci mbirum **bérab bu bare ay doj, te néew suuf**. Suuf si bare ay doj dafay misaal xolu ki gëstu tuuti rekk ci Mbind mu sell mi, nangu ko ci saa si ak mbég, **waaye du yàgg**, ndaxte Kàddug Yàlla gi jàppul bu baax ci moom. Dina gëm ab diir, waaye bu nattu yi agsee, mbaa ñu fitnaal ko ndax kàddu dëgg gi, mu dàggeeku ci saa si. Noonu la ñu bare mel. Kàddug Yàlla amul reen yu xóot ci seeni xol, ndaxte ngërëmu nit a leen gënal ngërëmu Yàlla. Bu ko defee, Kàddug Yàlla du leen jériñ dara, ni pepp mi wadd ci bérab bu bare ay doj dul jériñ dara.

Ginnaaw loolu nag, gis nanu **suuf si fees ak xaaxaam**. Luy xew ak pepp mi wadd ci biiri xaaxaam? Ndax dina man a meññ? Déedéet! Xaaxaam yee koy tanc. **Suuf si am xaaxaam moom, dafay misaal xolu ki dégg kàddug Yàlla, waaye soxlay àddina ak** naxi alal ak bëgge solu ko**, tanc kàddu gi, ba du jériñ dara**. Lu bare ci doomi Aadama, xol yu mel ni suuf su fees ak xaaxaam lañu am. Ñi mel noonu dañuy xalaat ne: "Waaw, benn bés, dinaa tàmbali gëstu ci Mbindi yonent yi. Bu ma amee jot, dinaa déglu kàddug Yàlla, *inshalla*." Waaye Seytaane xam na bu baax ne, doo am jot mukk. Ndaxte bés bu nekk dinga am ay jafe-jafe, yuy noot sa xol ak sa xel, te it danga war a liggéey, wut xaalis, dem marse, jaay, jënd, jàng, lekk, nelaw, ak nàngam ak nàngam. Sa dund dafay fees dell ak ay soxla, ba tax doo am jot mukk ngir gëstu ba xam dëggu Yàlla gi. Te kon, benn bés dee dina ñëw ne milib ci sa kaw, tàbbal la àllaaxira. Bés boobu ngay xam lan mooy dëgg gi ak lan mooy fen, waaye xam dëgg gi nga faalewul woon ci sag dund, du la jariñati dara, ndaxte bu boobaa, réccu dina fekk jëf weesu, ndaxte fekk na nga sànku!

Ci lu jëm ci **ñeenteelu wirgoy suuf** si nag, gis nanu ne, jiwu, wi beykat bi ji ci **suuf su baax**, dafa jóg, sax, di focci ay gub; mu àntu ba mat téeméeri yoon lu ëpp la mu ji woon. Suuf si jot ci jiwu wi, ba def ay gub nag, **day misaal ki dégg kàddug Yàlla te denc ko ci xol bu baax**, bu gore, te meññ njub ak dund gu dul jeex. Noonu lay mel ci képp ku nangu kàddug Yàlla ak xol bu woyof. Kàddug Yàlla dina yeesalaat sa xol, ba jox la sañ-sañu dëkk ci këru Yàlla ba abadan!

Ci tënk, loolu mooy li Yeesu bëgg a jàngale ci léebu beykat bi. Kàddug Yàlla dafa mel ni **jiwu wu baax wi**, sa xol mel ni **suuf su dëgër si**. Lu war a xew bala ñuy man a ji aw jiwu ci suuf su dëgër? Fàww ñu gàbb ko, beykat yi xam nañu loolu. Naka noonu, xol bu neex Yàlla mooy xol bu toj te mokk te jekk ngir nangu kàddug Yàlla, muy jiwu wu baax wi. Xol bu neex Yàlla mooy xol bu nangu kàddoom ci woyof. Moom la Mbind mu Sell miy wax bi mu naan: "*Ku nekk war ngaa farlu ci déglu, di yeex a wax... Moo tax* ***nanguleen ci woyof kàddu, gi leen Yàlla sol te man leen a musal****, di dëddu bépp sobe ak coxor gi daj àddina.*" **(Sa 1:19,21**)

Sa xol nag, fu mu tollu? Ndax am nga xol bu woyof te jekk ngir nangu li Yàlla wax ci Mbind mu Sell mi jaarale ko ci ay yonentam? Ndax Kàddug Yàllaa ngi sax ci sa biir xol? Walla boog, danga am xol bu mel ni bérab bu bare ay doj te fees ak xaaxaam?

Léegi nag, nanu jëm kanam ngir déglu beneen léeb bi Yeesu waxoon mbooloo ma. Mooy **léebu jëmb bi**. Mbind mi ne na:

*Noonu Yeesu dégtal leen beneen léeb, ne leen:* ***Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni nit ku ji jiwu wu baax ci toolam. Waaye bi nit ñi di nelaw, noonam ñëw, ji jëmb ci biir dugub ji, daldi dem****. Bi dugub ji saxee nag, jëmb bi saxaale ak moom. Noonu surgay boroom kër ga ñëw ci moom, ne ko: Góor gi, xanaa jiwuloo jiwu wu baax ci sa tool? Fu jëmb bi jóge nag? Mu tontu leen: Noon a ko def. Surga ya ne ko: Ndax nu dem dindi ko? Waaye mu tontu leen: Déedéet, ngir bañ a buddiwaale dugub ji, bu ngeen koy dindi. Bàyyileen ñoom ñaar, ñu màgg, ba ngóob ma jot. Bu ngóob ma jotee nag, dinaa wax ñi koy góob: Jëkkleen a dindi jëmb bi, takk ko ay say, lakk ko, waaye ngeen semb dugub ji ci sama sàq.* **(Mc 13:24-30**)

*Ci kaw loolu Yeesu bàyyi mbooloo ma, dugg ca kër ga. Taalibeem yi ñëw ci moom, ne ko: Firil nu léebu jëmb, bi sax ci tool bi. Noonu Yeesu tontu leen ne:* ***Doomu nit ki*** *(maanaam Almasi bi moom ci boppam) mooy ji jiwu wu baax wi;* ***àddina*** *mooy tool bi;* ***ñi bokk ci nguuru Yàlla*** *ñoo di jiwu wu baax wi;* ***ñi bokk ci Ibliis*** *ñooy jëmb bi;* ***Seytaane*** *mooy noon bi ko ji;* ***tukkitel àddina*** *mooy ngóob mi, te* ***malaaka yi*** *ñooy góobkat yi. Ni ñu dajalee jëmb ba, lakk ko, noonu lay nekke, bu àddina tukkee. Doomu nit ki dina yebal ay malaakaam, ñu jële ci nguuram lépp luy yóbbe nit bàkkaar, ak ñiy def bàkkaar, sànni leen ci safara; foofa dees na fa jooy te yéyu. Booba nag ñu jub ñi dinañu leer ni jant bi ci seen nguuru Baay.* ***Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp!*** **(Mc 13:36-43**) Amiin.

Noonu ci léebu jëmb bi, dégg nanu ni Boroom bi Yeesu méngalee àddina si ak toolu dugub. **Beykat bi** dafay misaal **Almasi bi**. **Jiwu wu baax wi** mooy **kàddug Yàlla**, gi génne ci gémmiñug Almasi bi. **Dugub jiy sax ci tool bi** day misaal **ñi bokk ci Yàlla** ci kaw seen gëm ci xebaar bu baaxu Almasi bi. **Noon**, bi ji jëmb ci biir dugub ji mooy **Ibliis**. **Jëmb bi** mooy **ñi bokkul ci Yàlla**, ndaxte nanguwuñu xebaaru Almasi bi. **Ngóob mi** mooy **bésu pénc ba**. **Dugub ji ñu semb ci sàq mi**, day misaal **ñi am sañ-sañu dund ci jetaayu Yàlla ba fàww**. Waaye **jëmb bi ñu dajale te lakk ko**, mooy misaal **ñi ñu nar a tàbbal ci safara su dul fey mukk**.

Yaw miy déglu tey, nan nga mel? **Ni dugub ji**? Walla **ni jëmb bi**? Bésu pénc baa ngiy ñëw. Àttekat baa ngi ci bunt bi. Ndax am nga kóolute fa kanam bésu àtte ba? Déglul nag li Yeesu Almasi bi wax ci mbirum bés boobu. Mu ne: "*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku* ***dégg*** *sama kàddu te* ***gëm*** *ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te* ***doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund****!*" **(Yow 5:24**) Amiin!

Jërëjëf ci déglu bi. Njàng miy ñëw, bu neexee Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ngir gis ni Yeesu dundale lu ëpp juróomi junniy góor ci juróomi mburu ak ñaari jën kese.

Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis / *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla leeral ci lépp li ngeen dégg tey, ndaxte Boroom bi Yeesu ne na: "***Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp!***" **(Mc 13:43**)

# 72 Ñam wiy joxe dund gi

(Màrk 6; Yowaana 6)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Boroom bi Yeesu waxe woon ak mbooloo ma, ëmb njàngaleem ciy léeb yu fees ak dëgg gu sax gi. Waaye **lu ëpp ci mbooloo ma jàppul woon li léebi Yeesu yi di tekki, ndax seen xol yu dërkiis**. Fonkuñu yëf ya ca kaw, waaye yi ci suuf rekk lañu faale. Li Yeesu nekk Musalkatu bàkkaarkat yi, taxul woon lu ëpp ci mbooloo ma topp ko. Ndimbal li mu leen doon defal rekk a taxoon ñu ànd ak Moom.

Tey jii nag, dinanu dégg yeneen wax, yu génne ci gémmiñug Yeesu, te gis ni mu dëggale waxam ak yeneen firnde, yu jóge ci Yàlla. Loolu moo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Ñam wiy joxe dund gi**.'

Léegi nag, nanu jëm kanam ci téere bu sell bi, di Linjiilu Màrk, saar juróom-benn. Mbind mi ne na:

*Gannaaw loolu ndaw yi dajaloo ci wetu Yeesu... Ci kaw loolu Yeesu ne leen: Nanu beddeeku, dem ci bérab bu wéet; ngeen noppalu fa tuuti. Waxoon na loolu, ndaxte amoon na ñu bare, ñu doon dem ak a dikk, ba amuñu sax jotu lekk. Noonu ñu dugg cig gaal, dem ca bérab bu wéet. Bi ñuy dem nag, am ñu leen gis, xàmmee leen, ñu daldi jóge ci dëkk yépp, daw, jiitu leen fa. Bi Yeesu génnee gaal gi, mu gis mbooloo mu réy, yërëm leen, ndaxte dañoo mel ni xar yu amul sàmm. Kon mu daldi leen jàngal lu bare.*

*Ca ngoon sa taalibe yi ñëw ci moom, ne ko: Fii àllub neen la, te léegi mu guddi. Yiwil mbooloo mi nag, ñu dugg ci àll bi ak dëkk yi nu wër, jënd lu ñu lekk. Waaye Yeesu tontu leen ne: Yeen joxleen leen lu ñu lekk. Ñu ne ko: Xanaa nu jënd lu tollook peyu juróom-ñetti weer ci mburu, jox leen ñu lekk? Yeesu laaj leen: Ñaata mburu ngeen am? Demleen seeti. Ñu dem seeti, ne ko: Juróomi mburu ak ñaari jën. Noonu Yeesu sant mbooloo mi, ñu def ay géew, toog ci ñax mu naat mi. Ñu toog nag ay géewi juróom fukk ak téeméer.*

*Bi loolu amee, Yeesu jël juróomi mburu yi ak ñaari jën yi, xool ci kaw, sant Yàlla, ba noppi mu damm mburu yi, jox ko taalibe yi, ngir ñu séddale ko mbooloo mi. Ñaari jën yi it mu séddale ko ñépp.* ***Noonu ñépp lekk ba suur****. Te it ñu dajale la desoon ca dammiti mburu ak jën ya, ñu nekk fukki pañe ak ñaar yu fees. Ñu lekkoon nag matoon na limu* ***juróomi junniy góor****.*

*Ci kaw loolu Yeesu sant ay taalibeem, ñu dugg ci gaal gi, jàll ba Betsayda, bi muy yiwi mbooloo mi. Bi mu tàggtoo ak mbooloo mi, mu yéeg ca tund wa, ñaan fa Yàlla. Noonu guddi jot, fekk gaal gi nekk ci diggu dex gi, te Yeesu rekk moo nekk ca tefes ga. Booba mu gis taalibe yi sonn lool ci joow gaal gi, ndax li leen ngelaw li soflu. Ca njël nag mu jëm ci ñoom, di dox ci kaw dex gi, ba xaw leen a raw. Bi ñu ko gisee nag, muy dox ci kaw dex gi, ñu foog ne njuuma la, daldi yuuxu. Ndaxte ñépp gis ko, te jommi ci. Waaye mu wax ak ñoom ci saa si, ne leen: Takkleen seen fit, man la, buleen tiit! Noonu mu fekksi leen ci gaal gi, ngelaw daldi ne tekk. Njàqarey taalibe ya nag weesu dayo, ndaxte seen xol dafa fatt, ba réere mbir kéemaan, gi Yeesu defoon ci mburu yi. Bi nga xamee ne jàll nañu, ba egg diiwaanu Senesaret, ñu teer fa, génn ca gaal ga.* **(Mk 6:30-53**)

*Ca ëllëg sa mbooloo, ma des ca geneen wàllu dex ga, gis ne genn gaal ga fa nekkoon rekk dem na. Xam nañu ne Yeesu bokku ko woon ak taalibe ya, ndaxte ñoom rekk a àndoon. Bi mbooloo ma gisee ne, Yeesu walla taalibe ya kenn nekkatu fa, ñu dugg ca gaal yooyu, dem seeti ko... Bi ñu fekkee Yeesu ca geneen wàllu dex ga, ñu ne ko: Kilifa gi, kañ nga fi ñëw? Yeesu ne leen: Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, firnde yi ngeen gis taxul ngeen may seet. Yeena ngi may wër ndax mburu, mi ngeen lekk ba suur.* ***Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu; li gën mooy ñam, wu sax abadan tey joxe dund gu dul jeex****. Ñam woowule, Doomu nit ki dina leen ko jox, ndaxte moom la Yàlla Baay bi tànn, mu nekk ndawam.* **(Yow 6:22,24-27**)

Nanu taxaw fi tuuti. Lu taxoon Yeesu wax mbooloo ma ne: "***Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu***"? Ndax loolu dafay tekki ne, waruñu liggéey ngir am lu ñu lekk? Déedéet, tekkiwul loolu, ndaxte Kàddug Yàlla ne na itam: "*Ku liggéeyul, du lekk.*" **(2Tes 3:10**)

Lu tax nag, Yeesu ne: "*Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu!*"? Li Yeesu doon wax mooy lii: Kuy liggéeyal sa biir rekk, tey wut yëfi àddina kese, dinga mujj a ñàkk lépp, ndaxte sa yaram dina yàqu, te dellu di pënd. Waaye am na lu nekk ci sa yaram lu dul yàqu mukk. Mooy **sa ruu**. Ruuwu nit dafay sax ba fàww **– ci jetaayu Yàlla**, mbaa **ci safara su dul fey mukk**. Looloo taxoon Yeesu ne: "*Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu; li gën mooy ñam, wu sax abadan tey joxe dund gu dul jeex!*" Noonu la Yeesu artoo woon mbooloo ma, ngir ñu bañ a fonk ñam wuy yàqu rekk, waaye ngir ñu fonk kàddug Yàlla gi dul wéy mukk. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla.*" **(Mc 4:4**) Moom la Yeesu wax.

Waaye ndeysaan, lu ëpp ci nit, ña wër Yeesu, faalewuñu kàddug Yàlla, te gëmuñu ki Yàlla yónni! Feesal seeni koll ak aw ñam, moo leen gënaloon feesal seeni xol dëgg, gi leen man a musal ci àtteb Yàlla. Looloo taxoon Yeesu ne leen: *Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu; li gën mooy ñam, wu sax abadan tey joxe dund gu dul jeex. Noonu ñu laaj ko ne: Lu nu war a liggéey ngir matal jëf yi neex Yàlla? Yeesu tontu leen ne:* ***Jëf ji neex Yàlla, moo di gëm ki mu yónni***. **(Yow 6:27-29**)

Ndax dégg ngeen tontub Yeesu? Naka la doom Aadama, mi sosoo ci bàkkaar, man a neexe Yàlla? Ndax man nanu liggéey ngir matal jëf yi neex Yàlla? Ndax man nanu musal sunu bopp ci dooley Seytaane ak bàkkaar? Ndax man nanu dem ba am xol bu sell te mat sëkk ni ko Yàlla bëgge? Mukk! "Lu bant yàgg-yàgg ci ndox, du tax mu soppaliku mukk jasig!"

Kon nag, naka la doom Aadama man a neexe Yàlla? Lan la Boroom bi Yeesu wax ci loolu? Mu ne: "*Jëf ji neex Yàlla,* ***moo di gëm ki mu yónni****!*" Lenn rekk mooy li nit man a def ngir neex Yàlla. Moo di **gëm** Rammukat bu sell, bi mu yónni.

Waaye gis nanu ne, lu ëpp ci mbooloo ma, gëmuñu woon ne, Yeesu mooy Musalkat, bi Yàlla yónni. Loolu moo taxoon ñu ne ko:

*Ban firnde nga nu man a won, ngir nu gëm la? Ban liggéey nga nar a def? Sunuy maam dunde nañu mànn ca màndiŋ ma, ndaxte Mbind mi nee na: Jox na leen ñu lekk ñam wu wàcce ca asamaan. Yeesu waxaat ne: Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, du Musaa moo leen jox ñam woowu wàcce ca asamaan; sama Baay ci boppam, moo leen di jox ñam wu wóor, wi wàcce ca asamaan. Ndaxte ñam, wi Yàlla di joxe, mooy ñam wiy wàcce ci asamaan tey jox àddina si dund gi. Ñu ne ko nag: Sang bi, kon dee nu faral di jox ci ñam woowu! Yeesu tontu leen ne:* ***Man maay ñam wiy joxe dund gi. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar!*** **(Yow 6:30-35**)

Ci wax yooyu nag, Yeesoo ngi doon wax ne: "Ni Yàlla wàcceele ci asamaan bànni Israyil aw ñam diirub ñeent fukki at ngir ñu bañ a dee ci biir màndiŋ ma, noonu la Yàlla wàcceele doom Aadama yépp ñam wiy joxe dund gu dul jeex ngir ngeen bañ a sànku ci seen biir bàkkaar!"

Ana ñam woowuy joxe dund gu dul jeex googu nag? Ndax am na ñam ci àddina, woo xam ne, soo ko lekkee, dinga man a dund ci jetaayu Yàlla ba fàww? Déedéet, loolu amul. Lan nag mooy ñam wiy joxe dund gu dul jeex gi? Lan la Boroom bi Yeesu wax? Nanu ko dégluwaat. Yeesu ne na:

***Man maay ñam wiy joxe dund gi****. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar! Waaye wax naa leen ko ba noppi; gis ngeen ma te taxul ngeen gëm! Képp ku ma [Yàlla] Baay bi jox dina ñëw ci man, te duma dàq mukk ki may fekksi...* **(Yow 6:35-37**) *Ndaxte lii mooy bëgg-bëggu Baay bi: képp ku gis Doom ji te gëm ko, am dund gu dul jeex, te bés bu mujj ba, dinaa ko dekkal!*

[Ci kaw loolu,] *Yawut ya tàmbale di ñurumtoo Yeesu, ndaxte dafa ne: Maay ñam wi wàcce ci asamaan. Ñu*

*naan: Ndax kii du Yeesu, doomu Yuusufa? Xam nanu ndeyam ak baayam. Kon nag lu tax léegi mu naan, mi ngi jóge asamaan?*

*Yeesu ne leen: Bàyyileen seen ñurumtu bi. ...Ku déglu te nangu waxi [Yàlla] Baay bi, dina ñëw ci man. Tekkiwul ne kenn mas na gis Baay bi. Ki jóge ci Yàlla doŋŋ ko gis. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku gëm am nga dund gu dul jeex. Maay ñam wiy joxe dund gi. Seeni maam lekk nañu mànn ca màndiŋ ma, teewul dee nañu. Waaye ñam wiy wàcce ci asamaan, ku ko lekk, doo dee.* ***Man maay ñam wiy dund te wàcce ci asamaan****. Ku lekk ci ñam wii, dinga dund ba fàww.* **(Yow 6:40-42,45-50**)

*Bi ñu dégloo Yeesu ba noppi, taalibeem yu bare nee nañu: Njàngale mii de, jafe na! Kan moo ko man a déglu? Yeesu gis ne taalibeem yaa ngi ñurumtoo loolu, mu ne leen: Ndax li ma wax da leen a jaaxal? Lan mooy am nag, bu fekkee gis ngeen Doomu nit ki dellu, yéeg fa mu jëkkoon a nekk? Xelu Yàlla mi mooy joxe dund gi; ñam wi jériñul dara. Kàddu yi ma leen wax, ci Xelum Yàlla lañu jóge te ñooy joxe dund gi. Waaye am na ci seen biir ñu ko gëmul. (Ndaxte Yeesu xamoon na ca njàlbéen ga ñan ñoo ko waroon a gëmadi ak kan moo ko waroon a wor.)*

*Ci loolu taalibeem yu bare dëpp, bañatee ànd ak moom. Yeesu daldi wax ak fukki taalibe yi ak ñaar, ne leen: Mbaa bëgguleen a dem, yeen itam? Simoŋ Piyeer ne ko:* ***Boroom bi, ci kan lanuy dem? Yaa yor kàddu yiy joxe dund gu dul jeex. Léegi nun gëm nanu te xam nanu ne, yaa di Aji Sell, ji jóge ci Yàlla!*** **(Yow 6:60-64,66-69**) Amiin.

Noonu gis nanu ni ñu bare dëppe, bañatee ànd ak Yeesu, ndax njàngaleem mu jafe mi. Waaye ci biir ñi doon topp Yeesu, amoon na ci ñu ko mënul woon a bàyyi, ndaxte wóor na leen ne, ci dëgg-dëgg Yeesu mooy Almasi bi, di Aji Sell, ji jóge ci Yàlla, di **ñam wiy joxe dund gu dul jeex gi**!

Noonu la. Ginnaaw ba nga xamee kan mooy Yeesu ci dëgg-dëgg ak ni mu mel-doo man a doyloo beneen boroom mukk! Yeesu moom kenn mooy ñam wiy joxe dund gi, te naka noonu Moom kenn a man a doy xolu ki xiif te mar xam-xamu yoonu mucc ak diggante bu jegeek Yàlla.

Yaw miy déglu tey, ndax xiif nga te mar dund gu dul jeex? Ndax bëgg nga am kóolute fa kanam Yàlla fi ci àddina ak ca àllaaxira? Kon, nga def sa xel ci woote bu réy, bi bàyyikoo ci gémmiñug Boroom bi Yeesu Kirist. Mu ne: "***Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay. ... Man maay ñam wiy joxe dund gi. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar!***" **(Mc 11:28 Yow 6:35**) Amiin.

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci emisyoŋ biy ñëw, bu neexee Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ba dégg ni féewaloo ame ci biir mbooloo ma ndax Yeesu.

Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis / *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Boroom bi Yeesu wax Moom ci boppam, bi mu naan: "***Man maay ñam wiy joxe dund gi! Ku ñëw ci man, doo xiif mukk!***" **(Yow 6:35**)

## 73 Féewaloo ca mbooloo ma ndax Yeesu

(Macë 15,16; Yowaana 7)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu ni Boroom bi Yeesu bareele juróomi mburu ak ñaari jën ngir dundal mbooloo mu ëpp juróomi junniy góor. Noonu ca ëllëg sa, amoon na mbooloo mu réy, mu wër Yeesu, waaye Yeesu, mi xam seen xol, ne leen: "*Yeena ngi may wër ndax mburu, mi ngeen lekk ba suur. Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu; li gën mooy ñam, wu sax abadan tey joxe dund gu dul jeex. Man maay* ***ñam wiy joxe dund gi****. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar!*" **(Yow 6:26,27,35**)

Noonu, gisoon nanu ni taalibe yu bare dëppee, bañatee ànd ak Yeesu – ndaxte ñam wi man a dundal seen yaram moo leen gënaloon ñam wi man a dundal seen ruu.

Tey nag danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil bu Sell bi, ba gis **ni Yeesu jànkoontee woon ak kilifay diiney Yawut yi**, ak **ni féewaloo ame ca biir Yawut ya ndax Yeesu**. Wànte bala nuy tàmbali, war ngeen xam ne, boroom diine yi ñuy wax 'Farisen', ak Yawut yi yépp dañuy topp aaday yoon, yi maam yi tëraloon. Ci misaal, bu ñu jógee pénc ma, su ñu sanguwul set, duñu lekk. Am nañu it yeneen aada yu bare, maanaam ni nga war a raxase ay kaas, ay njaq ak ay satala, ba ñu laab.

Nanu déglu kon, li ñu bind ci Linjiilu Macë saar fukk ak juróom. Mbind mi ne na:

*Ca jamano jooja amoon na bés ay Farisen ak ay xutbakat jóge Yerusalem, ñëw ci Yeesu, ne ko: Lu tax say taalibe di moy aaday yoon, yi maam yi tëral? Ndaxte duñu raxas seeni loxo, bala ñuy lekk. Waaye Yeesu tontu leen ne:* ***Yeen itam lu tax ngeen di moy li Yàlla santaane, ngir topp seeni aada****? Yàlla nee na: Teralal sa ndey ak sa baay; te it: Ku móolu sa ndey walla sa baay, dees na la rey. Waaye yeen dangeen ne: Ku wax sa ndey walla sa baay: Li ngeen war a jériñoo ci man, jébbal naa ko Yàlla; kooku amatul warugaru teral baayam.* ***Noonu tebbi ngeen kàddug Yàlla ndax seen aada****. Yeen ñi naaféq, Esayi waxoon na bu baax ci kàddug Yàlla ci seen mbir, bi mu naan:* ***Xeet wii ñu ngi may teral ci seen gémmiñ, waaye seen xol sore na ma! Seen màggal amul benn njériñ, ci li ñuy jàngale dénkaaney nit kese!*** **(Mc 15:1-9**)

Nanu taxaw fii tuuti. Gis nanu ni Yeesu weere naaféqu Farisen yi ak xutbakat yi ci kanam ñépp. Ñoom dañuy fexee jub ci kanamu nit ñi, waaye Yeesu xam na li nekk ci seen biir xol. **Xol bu set moo ëpp solo loxo yu set**. Jàpp, taxul sa xol sell. Su fekkee ne, danga am cin lu fees ak tos, ndax raxas biteem rekk dina ko tax a set? Mukk. Naka noonu itam, sàrti diine yi Yawut ya doon topp, amuñu woon benn njériñ ngir dindi bàkkaar bi nekk ci seen biir xol. Looloo taxoon Yeesu ne leen:

"***Yeen ñi naaféq****, Esayi waxoon na bu baax ci kàddug Yàlla ci seen mbir, bi mu naan: Xeet wii ñu ngi may teral ci seen* ***gémmiñ****, waaye seen* ***xol*** *sore na ma! Seen màggal amul benn njériñ, ci li ñuy jàngale dénkaaney nit kese!*" **(Mc 15:7-9**)

*Noonu Yeesu woo mbooloo mi ci moom, ne leen: Dégluleen te xam: du li dugg ci gémmiñ mooy indil nit sobe, waaye li ciy génne mooy indil nit sobe. Bi taalibeem ya déggee loolu, ñu ñëw ci moom, ne ko: Ndax xam nga ne, Farisen yi dañoo mer ndax loolu nga wax? Yeesu tontu leen ne: Garab gu sama Baay bi ci kaw jiwul, dees na ko buddi. Bàyyileen leen, ay gumba lañu, yuy wommat ay gumba;* ***bu gumba dee wommat moroomam nag, kon dinañu daanu ñoom ñaar ci kàmb****.*

*Piyeer nag jël kàddu gi, laaj Yeesu: Firil nu léeb wi. Noonu Yeesu ne ko: Ndax ba tey seen xol dafa tëju, yeen itam? Xamuleen ne, lépp lu dugg ci gémmiñ, ci biir lay jëm tey génn ca bérab bu làqu? Waaye li génn ci*

*gémmiñ mu ngi jóge ci xol; loolu mooy indil nit sobe. Ndaxte ci xol la xalaat yu bon di jóge, ak bóom, njaaloo, ndoxaanul yàqute, càcc, seede lu dul dëgg ak saaga.* ***Yooyu ñooy indil nit sobe****, waaye lekk ak loxo yoo raxasul du tax nit am sobe*. **(Mc 15:10-20**)

*Bi loolu amee, Yeesu jóge foofa, ñëw ci wetu dexu Galile; mu yéeg ca aw tund, toog fa. Ba mu fa nekkee, nit ñu bare ñëw ci moom, indaale ay lafañ, ay làggi, ay gumba, ay luu, ak ñeneen ñu bare. Ñu teg leen ci tànki Yeesu, mu faj leen. Nit ñépp waaru, ndaxte gis nañu luu yuy wax, làggi yu wér, lafañ yuy dox, ak gumba yuy gis. Ñu daldi màggal Yàlla Buuru Israyil*. **(Mc 15:29-31**)

[Gannaaw loolu nag] *amoon na ay Farisen ak ay Sadusen, yu ñëw ci Yeesu. Ñu fexe koo fiir, ba laaj ko ne: Won nu kéemaan guy firndeel sag yónnent, te mu jóge ci asamaan. Noonu Yeesu tontu leen: Ngoon gi dangeen naan: Du taw suba ndax asamaan si dafa xonq. Te suba gi ngeen naan: Tey daal dina taw, ndax asamaan si dafa xonq te xiin. Kon man ngeen a ràññe melow asamaan si, waaye mënuleen a ràññe firndey jamano ji nu tollu. Yeenay laaj firnde, yeen niti jamano ju bon jii, yeen ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla. Waaye dungeen jot genn firnde, gu dul firndeg [yonent Yàlla] Yunus*. **(Mc 16:1-4**)

*Ndaxte ni Yunus nekke woon ñetti guddi ak ñetti bëccëg ci biir rabu géej wu mag, noonu la Doomu nit ki di nekke ñetti guddi ak ñetti bëccëg ci biir suuf. Keroog bés pénc waa dëkku Niniw dinañu jógandoo ak niti jamano jii, yey leen; ndaxte bi leen Yunus waaree, tuub nañu seeni bàkkaar, te* ***ku sut Yunus a ngi fi****.* **(Mc 12:40-41**)

Noonu la Yeesu doon yéglee ne, ni yonent Yàlla Yunus defe woon ñetti fan ci biir rabu géej wu mag wa, noonu la Yeesu moom ci boppam itam waroon a defe ñetti fan ci bàmmeel ba. Te ni Yunus génne woon ci rabu géej wa ci ñetteelu fan ba, noonu itam la Yeesu naroon a dekkee ci néew ya ci ñetteelu fan ba, ngir joxe firnde ju ràññeeku ne, mooy Almasi, bi jóge asamaan!

Léegi nag, ci jot gi nu dese, nanu jëm kanam ba gis ni boroom diine ya wéye woon ci seen gëmadi. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar juróom-ñaar. Mbind mi ne na:

*Gannaaw loolu Yeesu doon na wër diiwaanu Galile. Bëggul woon a dem diiwaanu Yude, ndaxte Yawut ya dañu ko doon wut a rey. Fekk na bésu xewu Yawut ya, ñu koy wax màggalu Mbaar ya, mu ngi doon jubsi. Noonu rakki Yeesu yu góor ya ne ko: Jóge fi te dem diiwaanu Yude, ngir say taalibe gis, ñoom itam, jaloore yi ngay def. Ku bëgg a siiw, doo nëbb say jëf. Boo demee bay wone jaloore yu mel ni, fexeel ba ñépp gis la. Rakkam yi dañu doon wax loolu, ndaxte* ***ñoom itam gëmuñu ko woon****.*

*Yeesu ne leen: Sama waxtu jotagul. Ci yeen nag, waxtu yépp a baax. Àddina du leen bañ waaye bañ na ma, man, ndaxte maa wax ne, seeni jëf baaxul. Yeen nag demleen màggal ga. Demaguma màggal googu, ndaxte sama waxtu jotagul. Bi mu leen waxee loolu ba noppi, moom mu des Galile. Bi rakkam ya demee ca màggal ga, Yeesu itam sooga dem te kenn yégu ko; siiwalul demam. Fekk Yawut yaa nga ko doon seet ca màggal ga te naan: Ana waa ji? Ca biir mbooloo ma ñu ngi doon déeyante, di wax ci ay mbiram. Ñii naan: Nit ku baax la. Ñee naan: Déedéet, day nax nit ñi. Waaye kenn ñemewu koo tudd ca kaw, ndaxte dañoo ragaloon Yawut ya.*

*Bi ñu demee ba ca diggu màggal ga, Yeesu dem di jàngale ca kër Yàlla ga. Yawut ya nag jaaxle, daldi ne: Nu waa jii def ba xam lii lépp, moom mi jàngul? Yeesu daldi leen tontu ne: Li may jàngale, jógewul ci man, waaye ci ki ma yónni la jóge. Ku fas yéenee wéy ci bëgg-bëggu Yàlla, dina xam ndax sama njàngale ci Yàlla la jóge, walla ci sama coobare ...* Xanaa du Musaa moo leen jox ndigali Yàlla yi? Waaye kenn ci yeen sàmmu ko! Lu tax ngeen bëgg maa rey? **(Yow 7:1-17,19**)

*Mbooloo ma ne ko: Xanaa dangaa am ay rab! Ku lay wut a rey? Yeesu ne leen: Benn jaloore rekk laa def, te yeen ñépp ngeen jaaxle! Li leen Musaa jox ndigalu xarafal gune yi – jógewul kat ci Musaa; mi ngi tàmbalee ci seen maamu cosaan – moo tax ba ngeen nangoo xarafal nit ci bésu noflaay bi. Bu ngeen manee*

*xarafal nit ci bésu noflaay bi, ngir bañ a wàcc yoonu Musaa, lu tax nag ngeen mere ma, ndax li ma ci wéral nitu lëmm? **Bàyyileen di àtte ci ni ngeen di gise, te di àtte dëgg!*** **(Yow 7:20-24**)

*Noonu ñu koy wut a jàpp, waaye kenn manalu ko woon dara, ndaxte waxtoom jotagul woon. Moona nag, **ñu bare ca mbooloo ma gëm nañu ko. Ñu nga naan: Ndax bés bu Almasi bi dikkee, ay firndeem dina ëpp yu nit kii**? Farisen ya daldi dégg la mbooloo ma doon déeyante ci mbirum Yeesu. Sëriñ su mag sa ak Farisen ya yebal ay alkaati yu daan wottu kër Yàlla ga, ngir ñu jàppi ko.* **(Yow 7:30-32**)

*[Noonu] bés ba mujjoon ca màggal ga moo ca ëpp solo; keroog Yeesu taxaw, wax ca kaw ne: **Ku mar, na ñëw ci man; ku gëm, na naan! Ndaxte Mbind mi nee na: Ndox mu bare muy dundale dina xellee ci dënnam**.* **(Yow 7:37-38**) *Bi ñu déggee wax jooja, am ay nit ca mbooloo ma ñu naan: Dëgg-dëgg kii mooy Yonent bi war a ñëw! Ñeneen naan: Mooy Almasi bi! Ña ca des it ne: Waaye nan la Almasi bi man a jógee Galile? Mbind mi wax na ne, Almasi bi ci xeetu Daawuda lay wàcce te Betleyem, dëkku Daawuda, lay jóge. Noonu féewaloo daldi am ca biir mbooloo ma ndax Yeesu. Am na ca ñoom ñu ko bëggoon a jàpp, waaye kenn manalu ko woon dara*.

*Bi alkaati ya delloo, sëriñ su mag sa ak Farisen ya laaj leen ne: Lu tax indiwuleen ko? Alkaati ya ne leen: **Kenn musul a waxe ni nit kooku**! Noonu Farisen ya laaj leen: Mbaa naxuñu leen, yeen itam? Ndax am na kenn ci sëriñ si walla ci Farisen yi ku ko gëm? Déedéet! Waaye mbooloo mi xamuñu yoonu Musaa; ñu alku lañu! **Nikodem** bokkoon na ca Farisen ya fa nekkoon. Fekk moo seeti woon Yeesu lu jiitu. Mu ne leen: Ndax ci sunu yoon, man nañoo daan kenn te dégluwuñu ko, mbaa ñu xam lu mu def? Ñu tontu ko ne: Mbaa du yaw itam dangaa bokk ci diiwaanu Galile? Gëstul, kon dinga xam ne, benn yonent musul a jóge Galile. Gannaaw loolu ku ci nekk dellu sa kër*. **(Yow 7:40-53**)

Kon nag, mbokki déglukat yi, fii lanu war a yem tey, ndaxte sunu jot jeex na. Gis nanu ni sëriñ su mag sa ak xutbakat ya ak Farisen ya fitnaale Yeesu, di ko wut a jàpp ngir rey ko, waaye manaluñu ko woon dara, ndaxte waxtu wi Yeesu war a dee ni sarax ngir dindi bàkkaaru àddina, jotagul woon.

Lu ëpp ci njiiti Yawut yi, **xol bu dërkiis** doŋŋ lañu amoon. Gëmuñu Yeesu, te dogu nañu ci tëkku te dàq képp ku seede ne Yeesu mooy Almasi bi. Noonu gis nanu ne, **féewaloo** daldi am ca biir mbooloo ma ndax Yeesu.

Ñii naan: Nit ku baax la.
Ñee naan: Déedéet, day nax nit ñi.
Ñeneen naan: Ndax bés bu Almasi bi dikkee, ay firndeem dina ëpp yu nit kii?
Ña ca des ne: Mooy Almasi bi!

Yaw miy déglu tey nag, **loo wax** ci Yeesu? **Loo xalaat** ci Moom? Ndax xam nga lu tax Yeesu juddu, ñëw ci àddina? Déglul li Yeesu wax ci mbirum boppam. Mu ne: ‟***Lii moo tax ma juddu, ñëw àddina; ngir wax dëgg gi. Ku bokk ci dëgg gi dina nangu li ma wax***.” **(Yow 18:37**) Amiin.

Jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox-daje beneen yoon, bu neexee Yàlla, ngir jëm kanam ci Linjiil, ba gis ni Yeesu faje gumbag judduwaale ga. Su fekkee ne, bëgg nga am téere, booy gëstul sa bopp ci Mbind mu Sell mi, walla nga am loo bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na nga nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / St. Louis. *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / St. Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu waxoon, bi mu naan: ‟***Bàyyileen di àtte ci ni ngeen di gise, te di àtte dëgg***.” **(Yow 7:24**)

# 74 Leeru Àddina si

(Yowaana 8,9)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu ni sëriñ sa ak xutbakat ya ak Farisen ya **doon ñaawale Yeesu**, di ko wut a jàpp ngir rey ko. Waaye kenn mënu ko woon a jàpp, ndaxte waxtu wi mu war a dee, jotagul woon. Tey nag, danu bëgg a jëm kanam ci Linjiil ngir dégg ni Yeesu yeye woon ñi ko doon weddi, ak ni mu faje genn gumbag judduwaale. Loolu moo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Leeru Àddina si**.'

Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar juróom-ñett. Mbind mi ne na:

*Ca ëllëg sa ca fajar, [Yeesu dellu na] ca kër Yàlla ga, mbooloo ma fa teewoon wër ko. Mu toog, tàmbali di leen jàngal.* **(Yow 8:2)** *Yeesu...ne leen:* ***Man maay Leeru Àddina si. Ku ma topp doo dox cig lëndëm, waaye dinga am leeru dund****. Farisen ya ne ko: Yaw yaay seedeel sa bopp, kon li ngay wax du dëgg. Yeesu tontu leen: Maa ngi seedeel sama bopp, teewul li may wax di dëgg, ndaxte xam naa fa ma bàyyikoo, xam fa ma jëm. Waaye yeen xamuleen fa ma bàyyikoo ak fa ma jëm ...* **(Yow 8:12-14)** *...Yeen, fii ngeen bawoo, ci suuf, waaye man ca kaw laa jóge. Àddina ngeen soqikoo, waaye man bokkuma ci. ... Ñu ne ko: Yaay kan? Mu ne leen: Li ma leen waxoon ca njàlbéen ga. Bu ngeen yékkatee Doomu nit ki, dingeen xam ne, Maay ki nekk. Dingeen xam ne it, duma def dara man ci sama bopp. Li ma Baay biy jàngal rekk laay wax...* **(Yow 8:23,25,28)** *Te it* ***dingeen xam dëgg gi te dëgg gi dina leen goreel****.*

*Ñu tontu ko ne: Nun ci Ibraayma lanu soqikoo te musunoo nekk jaamu kenn. Nan nga nu man a waxe ne, dinañu leen goreel? Yeesu ne leen: Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax,* ***képp kuy bàkkaar, jaamu bàkkaar la****. Te jaam du bokk ci kër gi ba fàww, waaye doom, moom, ci kër gi la bokk ba fàww. Kon nag, bu leen Doom ji defee gor, dingeen doon ay gor tigi. Xam naa ne askanu Ibraayma ngeen. Waaye yeena ngi may wut a rey, ndaxte li may jàngale xajul ci yeen. Li ma sama Baay won laay wax; waaye yeen, li leen seen baay di wax ngeen di def. Ñu tontu ko ne: Ibraayma mooy sunu baay. Yeesu ne leen: Bu ngeen dee waa kër Ibraayma, dingeen jëfe ni moom. Léegi nag yeena ngi may wut a rey, man mi leen jottali dëgg, gi ma jële ca Yàlla. Ibraayma deful lu ni mel. Li ngeen donne ci seen baay rekk ngeen di def.*

*Ñu tontu ko ne: Nun de, dunu doomi araam. Benn baay rekk lanu am, mooy Yàlla. Yeesu ne leen:* ***Bu Yàlla doon seen baay, dingeen ma bëgg****, ndaxte ca moom laa jóge, ñëw ci ndigalam. Ñëwaluma sama bopp, waaye moo ma yónni. Lu tax dégguleen li ma leen wax? Li ko waral moo di mënuleen koo déglu. Seytaane mooy seen baay, te bëgg-bëggam ngeen di bëgg di def. Bóomkat la mas a doon. Du taxaw mukk ci dëgg, ndaxte dëgg nekkul ci moom. Buy fen, dëppoo na ak jikkoom, ndaxte fenkat la, te ci moom la fen soqikoo. Waaye man damay wax dëgg, moo tax gëmuleen ma. Kan ci yeen moo man a seede ne, bàkkaar naa? Su ma waxee dëgg nag, lu tax dungeen ma gëm? Ku nekk doomu Yàlla dina déglu ay waxam. Waaye nekkuleen doomi Yàlla, looloo tax dungeen déglu.*

*Yawut ya ne ko: Ndax danoo waxul dëgg, bu nu nee, nitu Samari nga te dangaa am ay rab? Yeesu ne leen: Awma rab; waaye sama Baay laay teral, te yeen dangeen may toroxal. Wutumaa màggal sama bopp. Keneen a ma koy wutal te mooy àtte. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, kuy sàmm sama wax doo dee mukk.*

*Yawut ya ne ko: Léegi wóor nanu ne, dangaa am ay rab! Ibraayma faatu na, yonent yépp faatu, yaw nga naan: Kuy sàmm sama wax, doo ñam dee. Sunu baay Ibraayma faatu na; mbaa du dangaa defe ne, yaa ko gën a màgg? Yonent yi itam faatu nañu. Waaw, loo teg sa bopp? Yeesu ne leen: Su ma dee màggal sama bopp, du am maana. Sama Baay a may màggal, moom mi ngeen naan, mooy seen Yàlla. Xamuleen ko nag; man maa ko xam. Su ma ne woon xamuma ko, ab fenkat laay doon ni yeen. Waaye xam naa ko te maa ngi*

*sàmm waxam. Seen baay Ibraayma bég na, bi mu yégee sama ngan. Bi mu ko gisee it, bég na ci lool! Yawut ya ne ko: Amaguloo juróom fukki at, ba noppi naan gis nga Ibraayma? Yeesu ne leen:* ***Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, laata ñuy sàkk Ibraayma, fekk na ma doon ki ñuy wax Maay ki nekk****. Noonu ñu for ay xeer, bëgg ko koo sànni ngir rey ko. Waaye Yeesu nëbbu, génn kër Yàlla ga*. **(Yow 8:32-59**)

[Gannaaw loolu nag,] *amoon na fu Yeesu jaaroon, gis fa* ***waa ju judduwaale gumba****. Taalibeem ya laaj ko ne: Kilifa gi, lu tax waa jii judduwaale gumba? Ndax bàkkaaram a ko waral, walla bu waajuram? Yeesu tontu ne: Ajuwul ci bàkkaaram walla ci bu waajuram. Waaye loolu dafa am, ngir jëfi Yàlla yi feeñ ci moom. Bëccëg lanu war a matal jëfi ki ma yónni; guddi dina ñëwi, goo xam ne, kenn du ci man a liggéey. Ci bi may nekk àddina, maay leeru àddina.*

*Bi Yeesu waxee loolu ba noppi, dafa daldi tifli, jaxase lor wa ak ban, tay ko ci bëti gumba ga, ne ko: Demal sëlmu ci bëtu Silowe.* ***Gumba ga daldi dem sëlmuji, dellusi di gis****. Dëkkandoom yi ak ñi ko xame woon bu jëkk ci yelwaan, naan: Xanaa du kii moo daan toog, di yelwaan? Ñii naan: Moom la de! Ñee naan: Du moom! Dañoo niroo rekk. Mu daldi leen ne: Man la de! Ñu ne ko: Lu ubbi say bët? Mu tontu ne: Ku ñuy wax Yeesu moo tooyal ban, tay ko ci samay bët, ne ma: Demal sëlmu ci bëtu Silowe. Ma dem nag sëlmuji, daldi gis. Ñu ne ko: Ana waa ji? Mu ne leen: Xamuma fu mu nekk.*

*Noonu ñu daldi indil Farisen yi nit ki gumba woon. Ndekete Yeesu, bés bi mu tooyale ban, ubbi bëti gumba ga, bésu noflaay la woon. Looloo tax Farisen ya di laajaat waa ja fi mu jaar bay gis léegi. Mu ne leen: Dafa tay ban ci samay bët, ma sëlmuji, ba fi ma nekk maa ngi gis. Ci noonu am ca Farisen ya ñu naan: Ki def lii, mënul a jóge ca Yàlla, ndaxte toppul ndigalu bésu noflaay bi. Ñeneen it di wax ne: Nan la boroom bàkkaar man a wonee yii firnde? Noonu ñu daldi féewaloo ci seen biir. Farisen ya laajaat ka gumba woon, ne ko: Yaw, loo wax ci moom? Yaw de la ubbil say bët. Mu ne leen: Yonent la.*

*Yawut ya mënuñu woon a nangu ne, nit ka dafa gumba woon tey gis léegi, ñu daldi wooluji ay waajuram, laaj leen ne: Ndax kii mooy seen doom, ji ngeen ne, gumba judduwaale la? Kon fu mu jaar, bay gis léegi? Waajur ya tontu ne: Xam nanu ne daal, sunu doom la te dafa judduwaale gumba. Waaye ni mu def léegi bay gis, xamunu ko, te xamunu it ki ko ubbil ay bëtam. Laajleen ko; magum jëmm la, te man na tontul boppam. (****Ragal Yawut ya nag moo taxoon*** *waajuri nit ka waxe noonu, ndaxte Yawut ya dañoo mànkoo woon ne, képp ku seede ne Yeesu mooy Almasi bi, ñu dàq la ca jàngu ba. Looloo tax waajur ya ne: Laajleen ko; magum jëmm la.)*

*Farisen ya dellu woowaat ka gumba woon, ne ko: Waxal sa digganteek Yàlla! Xam nanu ne, waa joojee boroom bàkkaar la! Mu tontu ne: Xamuma ndax boroom bàkkaar la am déet.* ***Li ma xam daal mooy gumba woon naa, te léegi maa ngi gis!*** *Ñu laaj ko ne: Lu mu la def? Nu mu la ubbile say bët? Mu ne leen: Wax naa leen ko ba noppi, waaye dégluwuleen ma! Lu ngeen bëgg ci ma di ko wax, di waxaat? Xanaa dangeen a bëgg a nekk yeen itam ay taalibeem?*

*Ci kaw loolu ñu daldi ko saaga, ne ko: Yaw yaay taalibeem. Nun, taalibey Musaa lanu. Xam nanu ne, Yàlla wax na ak Musaa; waaye kii, xamunu sax fu mu jóge. Waa ja ne leen:* ***Loolu de, doy na waar! Xamuleen fu mu jóge, te moo ubbi samay bët****! Xam nanu ne, Yàlla du déglu boroom bàkkaar. Waaye nag, dina déglu ki koy ragal tey def coobareem. Bi àddina sosoo ba tey, musuñoo dégg nit ku ubbi bëti gumbag judduwaale. Kon nit kookee nag, bu jógewul woon ca Yàlla, du man a def dara. Ñu tontu ko ne: Yaw, ci biir bàkkaar nga juddoo, ba noppi di nu jàngal? Noonu ñu dàq ko ca jàngu ba.*

*Yeesu daldi yég ne dàq nañu nit ka. Bi mu dajeek moom, mu ne ko: Ndax gëm nga Doomu nit ki? Waa ja ne ko: Wax ma mooy kan, Sang bi, ba ma man koo gëm. Yeesu ne ko: Gis nga ko ba noppi, te mooy kiy wax ak yaw. Waa ja ne:* ***Boroom bi, gëm naa la****.* ***Noonu mu jaamu Yeesu****. Yeesu ne ko: Àttee ma tax a ñëw àddina: ngir ñi gumba gis, ñiy gis gumba. Bi Farisen ya nekkoon ak moom déggee loolu, ñu ne ko: Xanaa kon nun it danoo gumba? Yeesu tontu leen ne: Bu ngeen gumba woon, dungeen am bàkkaar, waaye fi ak yeena ngi naan: Nu ngi gis; ci bàkkaar ngeen di dëkk.* **(Yow 9:1-41**) Amiin.

Noonu la Boroom bi Yeesu faje woon gumbag judduwaale gi, te yedd Farisen yi ndax seen gumbag xel. Ci lu wér, boroom diine ya doon sonnal ka gumba woon – seen gumbaa yéesoon silmaxa, ndaxte ñoom **man nañu gis, waaye bëgguñu gis**. Looloo taxoon ñu for ay xeer, ngir sànni leen Yeesu. Seen bëti xel lañu gëmm ngir bañ a nangu ne, Yeesu mooy Almasi bi, di Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ci njàlbéen ga.

Naka noonu, gis nanu tey **ñaari fànni ngumba**. Ñi **gumba ciy bët**, ak ñi **gumba ci xel**. Lëndëmu ngumbag xel moo yées lëndëmu silmaxa, ndaxte ku say bët gumba, doo man a gis mbiri àddina, wànte ku sa xol ak sa xel gumba, doo man a gis mbaa xam mbiri àllaaxira!

Kàddug Yàlla daf nuy won ne, doom Aadama yi dañu mel ni **ay gumba judduwaale** – ci seeni xel ak seeni xol. Ci lëndëmu bàkkaar lanu juddoo, te ci kaw sunu pexey bopp, amunu jenn yaakaar, mbaa benn xam-xamu Yàlla. Nu ngi toog ci biir lëndëm gi, te sax danu bañ leer gi, ni mbóot ragale leer.

Wànte Yàlla bëggul kenn ci nun toog ci lëndëm gi. Loolu moo tax mu feeñalal nu ab Musalkat bu am doole, di Boroom bi Yeesu Kirist. Loolu la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Yàlla sunu Boroom fees na ak yërmande, ba tax muy wàcce ci nun jant buy fenk, ngir **leeral** ñi toog ci lëndëm, takkandeeru dee tiim leen, ngir **jiite** nu ci yoonu jàmm.*" **(Lu 1:78,79**)

Ñëwug Yeesu ci àddina dafa mel ni jant buy fenk. Ni nu ko gise woon, yonent yi, ay làmp lañu woon, yuy leer ci àddina su lëndëm si, waaye Yeesu Kirist mooy Jant, bi indi leer ci ñépp. Yonent yi dañu mel ni biddiiw yi ak weer wiy leeral guddi, waaye **Yeesu mooy Jant**, biy leeral doom Aadama ngir musal leen ci lëndëmu bàkkaar. Ñaata jant a am ci àddina? Benn jant rekk moo am. Ñaata Musalkat la Yàlla wàcceel bàkkaarkat yi? **Benn rekk**. Waaye lu ëpp ci doom Aadama yi ràññewuñu loolu, ba tax ñuy wëndéelu ci lëndëmu bàkkaar ba tey. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: Yeesu Kirist mooy Leeru Àddina si. "*Leer gi feeñ na ci biir lëndëm gi, te **lëndëm gi jàppu ko**. Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te **àddina xamu ko**!*" **(Yow 1:5,10**) Yaw miy déglu tey, ndax yaa ngiy dox ci Leer gi? Walla dangay wëndéelu ci lëndëm ba tey?

Mbokk yi, jërëjëf ci déglu bi. Ci njàng miy ñëw, bu neexee Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ba gis ni ndamu Yàlla feeñe woon ci Yeesu nib jant.

Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Almasi bi Yeesu wax, bi mu naan: "***Man maay leeru àddina si. Ku ma topp doo dox cig lëndëm, waaye dinga am leeru dund***." **(Yow 8:12**)

# 75 Boroom Ndam li

(Macë 16,17)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, ci sunu gëstu ci téereb Linjiil, déggoon nanu ni Almasi bi Yeesu ubbee woon bëti gumbag judduwaale ga. Dara tëwul Yeesu ndaxte mooy ruuwu Yàlla, gi feeñ ci kaw suuf ci bindu nit. Looloo taxoon Yeesu manoon a noot bépp doole ju nekk ci kaw suuf – ngelaw li ak géej gi, rab yi, feebar ak dee. Mbooloo ma doon na ko laal, tey buuxanteek moom, waaye **lu ëpp ci nit ñi ràññeewuñu ku Yeesu doon ci dëgg-dëgg**. Dañu ko teg yonent, waaye ràññewuñu woon ne, matug Yàlla gépp a dëkk ci moom. Xamuñu woon ne, Yeesu mooy ruuwu Yàlla gi ak xolu Yàlla bi, di Boroom Ndam, li jóge asamaan.

Waaye ci sunu njàngum tey, bu soobee Yàlla, dinanu gis ni **Boroom bi Yeesu feese woon ak leeraayu ndamu Yàlla**, ak ni mu ko wonee, ci diir bu gàtt, keroog ba mu nekkee ak ñett ci ay taalibeem ca tund wa. Loolu moo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Boroom Ndam li**.' Léegi nag, nanu dellusi ci Linjiil bu sell bi. Mbind mi ne na:

*Benn bés Yeesu beddeeku mbooloo ma, di ñaan; taalibe yi nekk ci wetam. Mu laaj leen ne: Nit ñi, ku ñu wax ne moom laa? Ñu tontu ko ne: Am na ñu naan, yaa di Yaxya; ñeneen ne, Iliyas; ñi ci des ne, yaay kenn ci yonent yu jëkk ya dekki.* **(Lu 9:18-19**) *Noonu Yeesu ne leen: Waaye yeen, ku ngeen may teg? Ci kaw loolu Simoŋ Piyeer tontu ne: Yaa di Almasi bi, Doomu Yàlla Aji Dund ji! Yeesu tontu ko: Barkeel ñeel na la, Simoŋ doomu Yunus, ndaxte du nit moo la xamal lii, waaye sama Baay bi nekk ci kaw.* **(Mc 16:15-17**)

Nanu taxaw fii, ngir xalaat tuuti ci laaj bi Yeesu laajoon ay taalibeem keroog bi mu wéeteek ñoom. Dégg nanu ni leen Yeesu waxe woon ne: "***Nit ñi***, *ku ñu wax ne moom laa*?" Taalibe yi tontu Yeesu ne, lu ëpp ci nit ñi dañu ko teg kenn ci yonent yi. Ci kaw loolu, Yeesu laajaat leen ne: "*Waaye yeen, **ku ngeen may teg***?" Ci loolu, kenn ci taalibeem yi, di Simoŋ Piyeer tontu Yeesu ne ko: "***Yaa di Almasi bi, Doomu Yàlla Aji Dund ji!***"

Ci lu wér, laaj bi Yeesu laajoon ay taalibeem, laaj bu am maana la, te fàww ku nekk ci nun tontu ci! Yaw miy déglu tey, kan nga teg Yeesu? **Loo xalaat ci moom**? Ndax danga ko boole rekk ci yonent yi? Walla déggoo nga ak Piyeer ci li mu wax ne, Yeesu mooy Almasi, bi wàcce asamaan? Ndax gëm nga ne Yeesu mooy Musalkat, bi Yàlla dige woon bu yàgg, bés ba sunuy maam Aadama ak Awa bàkkaaree? Ndax nangu nga ne Yeesu mooy ki ñuy wooye *Doomu Yàlla Aji Dund ji*? Walla boog dangay weddi tur woowu te xeeb ko ndax li nga ko mënul a dékku? **Kan nga teg Yeesu yaw**?

Ni ngeen ko xame, ba tey am na nit **ñu bare ñuy weddi ne Yeesu mooy Doomu Yàlla ji**, ndaxte dañu xalaat ne, tur woowu dafay tekki ne Yàlla amoon na soxna ba am ci doom! Waaye du loolu lay tekki! Ndamu Yàlla weesu na loolu! Yàlla Xel la; kenn juru ko, te moom jurul kenn! ...**wànte loolu terewul Yàlla tudde Yeesu Doomam**! Ni nu ko misaale woon ba noppi, su ma demee bitim réew, dañu may tudde 'doomu Senegaal', waaye loolu tekkiwul ne, Senegaal dafa takk jabar ba am ci doom. Déedéet. Dañu may wax 'doomu Senegaal', ndaxte Senegaal laa bawoo, fa laa jóge.

Te noonu la itam ak Yeesu Almasi bi. Yàlla ak yonent yi dañu koy tudde 'Doomu Yàlla ji', ndaxte ci asamaan la jóge. Laata muy juddu sax, mu ngi nekkoon ci asamaan, ndaxte mooy ruuwu Yàlla. Yeesu yelloo na ñu tudde ko Doomu Aji Kawe ji, ndaxte mooy Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga, di Ki duppeekoo ci Yàlla, te feeñal jikkoom ci kaw suuf. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku gisoon Yeesu kon, xam nu Yàlla mel. Kon nag, nu gëm ko, walla nu bañ ko gëm, **Yeesu moo di Doomu Yàlla Aji Dund ji**, ndaxte ci Xelum Yàlla la bawoo.

Nanu wéy léegi ci Linjiilu Macë, ngir déglu li xewoon ginnaaw ba Piyeer waxee ne, Yeesu mooy Almasi bi, Doomu Yàlla Aji Dund ji. Mbind mi ne na:

*Li dale ci jamano jooja,* ***Yeesu tàmbale na xamal taalibeem yi ne, war na dem Yerusalem, daj fa coono yu bare****, jóge ca njiit ya, ca sëriñ su mag sa ak ca xutbakat ya;* ***ñu rey ko****,* ***mu dekki*** *ca ñetteelu fan ba. Bi mu waxee ba noppi, Piyeer woo ko ci pegg, bëgg koo yedd, ne ko: Yàlla tere, Boroom bi, loolu du la dal. Waaye Yeesu woññiku, daldi ne Piyeer: Sore ma Seytaane, bu ma xatal;* ***yëfi nit ngay fonk, waaye du yëfi Yàlla!*** **(Mc 16:21-23**)

Nanu xalaat ci loolu bala nuy wéy. Ndax dégg ngeen li Yeesu waxoon ay taalibeem? Dafa leen tàmbali woon di xamal ni mu war a deme Yerusalem, ngir tuur fa deretam ni sarax suy dindi bàkkaar. Mu ne: Fàww *mu dem Yerusalem, daj fa coono yu bare, jóge ca njiit ya, ca sëriñ su mag sa ak ca xutbakat ya; ñu rey ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba*. Noonu la Yeesu yéglee woon ni mu war a tuure deretam ngir feyal nu sunu boru bàkkaar.

Waaye Piyeer, **mënul woon a nangu** ne, Boroom bi Yeesu, mi yor bépp kàttan ak bépp sañ-sañ ci àddina, dina bàyyi njiiti Yawut yu soxor yi, ñu jàpp ko, fitnaal ko, rey ko! Looloo taxoon Piyeer ne Yeesu: *Yàlla tere, Boroom bi, loolu du la dal!* Waaye Yeesu xamoon na ne, tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar a taxoon mu ganesi àddina. Looloo tax kon mu ne Piyeer: *Sore ma Seytaane, bu ma xatal; yëfi nit ngay fonk, waaye du yëfi Yàlla!*

**Yeesu xamoon na lu tax mu ñëw** ci àddina. Dafa ñëw ngir joxe bakkanam, tuur deretam ju sell ngir bàkkaarkat yi, ni ko yonenti Yàlla yi yéglee woon bu yàgg. Yeesu ñëw na ngir li xaru tabaski misaal man a am ci Moom. Ax, mbokki déglukat yi, su nu fàtte lépp li nu jàng tey, ba mu des lenn, na nekk lii: **Yeesu Almasi bi ñëw na ci àddina ngir dee ni sarax suy fey bàkkaar**. Bu sóobee Yàlla, fileek njàng yu néew, dinanu gis ni loolu ame woon tembe ca Yerusalem, ni ko yonent Yàlla yi ak Yeesu ci boppam waxewoon lu jiitu. Kon mbokk yi, su amee ñuy yégle beneen xebaar bu dëppoowul ak bi yonent yépp yégle woon bu yàgg, loolu mënul a soppi dara ci dëgg gii jëm ci deewug Yeesu ak ndekkiteem. **Yàlla moom ci boppam mooy Ki dogaloon deewug Almasi bi ci bant**, te ndogalu Yàlla du tebbiku mukk!

Léegi nag, nanu jëm kanam, ba gis li xewoon benn ayu-bés ginnaaw ba Yeesu xamalee ay taalibeem ni mu war a jébbalee bakkanam ca Yerusalem. Mbind mi ne na:

*Juróom-benni fan gannaaw gi, Yeesu àndoon na ak Piyeer, Saag ak Yowaana rakkam, yóbbu leen fu wéet ci tund wu kawe lool.* ***Mu soppiku fa seen kanam****,* ***xar-kanamam di melax nib jant, te ay yéreem weex ni leer****.* **(Mc 17:1-2**)

*Am ñaari nit di waxtaan ak moom, muy yonenti Yàlla Musaa ak Iliyas. Ñoo feeñ ci ndamu Yàlla, di waxtaane demu Yeesu, gi muy àggalee yenam ci Yerusalem.* **(Lu 9:30-31**) *Piyeer nag daldi wax Yeesu, ne ko: Sang bi, bég nanu ci sunu teew fii; soo ko bëggee, dinaa fi defar ñetti mbaar, benn yaw, benn Musaa ak benn Iliyas. Waaye bi muy wax, niir wu leer muur leen, te baat jib ca niir wa naan:* ***Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko****! Bi taalibe yi déggee baat bi, ñu ne nërëm ci suuf, daldi tiit lool. Waaye Yeesu jegeñsi, laal leen naan: Jógleen, buleen ragal dara. Noonu ñu xool ci kaw, waaye gisatuñu kenn ku dul Yeesu rekk. Bi loolu amee, ñu wàcc ca tund wa. Bi ñuy wàcc nag, Yeesu sant leen ne: Buleen nettali kenn li ngeen gis, ba kera Doomu nit ki dekki*. **(Mc 17:4-9**) Amiin.

Ndax jàpp ngeen bu baax li xewoon ca tund wu kawe woowu? Mbir mu doy waar la te neex! Gis nanu ni jëmmu Yeesu soppikoo woon, xar-kanamam di melax nib jant, te ay yéreem di ray-rayi, weex tàll bay melax. Te Yàlla wàcce woon na ay yonentam, di Musaa ak Iliyas, ngir ñu waxtaan ak Yeesu ci mbirum deewam ca Yerusalem. Te gis nanu it ni aw niir wu leer muuree tund wa, te baatub Aji Màgg ji jib ca niir wa naan: "***Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko****!*"

Lu waral loolu lépp? Lu taxoon Yàlla def loolu lépp ci kanamu Piyeer ak Yowaana ak Saag? Lii moo tax.

Yàlla dafa bëggoon a jox ñetti seede yooyu firnde ju ràññeeku, ne ci dëgg-dëgg Yeesu mooy Doomam ji mu fal, te fàww ñépp déglu ko! Moom la Mbind mi tëral, bi mu naan:

"*Ku teralul **Doom ji**, teraloo **Baay, bi ko yónni**.*" **(Yow 5:23**) Ndaxte "*li jiitu tey Yàlla waxoon na ak maam ya ci wàll yu bare ak ci tëralin yu wuute jaarale ko ca **yonent ya**. Waaye ci mujug jamano jii nu tollu, Yàlla wax na ak nun jaarale ko ci **Doom ji**. Doomam jooju la Yàlla jagleel lépp, te ci moom la Yàlla jaar, sàkk àddina. **Doom ji moo di leer giy jollee ci ndamu Yàlla, di ki duppeekoo ci Yàlla**. Moo téye àddina ci kàddoom gu am doole gi. Te bi mu tijjee bunt ba nit di selle ci ay bàkkaaram, dafa toog fa ñu koy terale ca ndeyjooru Aji Màgg ji ca kaw, wone noonu ne, moo gën a màgg malaaka yi. Te it Yàlla jox na ko tur wu sut seen tur*. **(Yt 1:1-4**)

Te Mbind mi rax-ci-dolli ne: "*Nit kese [nag] **du nangu** yëfi Xelum Yàlla. Ag ndof lay doon ci moom, te du ko man a nangu, ndaxte ku yor Xelum Yàlla rekk moo ko man a ràññale... Moona am na xam-xam, bu nuy yégal ñi mat, xam-xam bu bokkul ci àddina si, te njiiti àddina si xamuñu ko, ñoom ñi nar a wéy. Nu ngiy yégle mbóotu xam-xamu Yàlla, mu nëbbu woon te Yàlla dogal ko ngir sunu ndam, laata àddina di sosu. Kenn ci njiiti àddina amul woon xam-xam boobu. **Su ñu ko amoon, kon duñu rey Boroom ndam li ci bant bi**.*" **(1Ko 2:14,6-8**) Amiin.

Yaw miy déglu tey, loo xalaat ci Yeesu? Koo wax ne moom la? Ndax gëm nga ne Yeesu mooy Boroom Ndam, li jóge asamaan? Walla boog, danga ko boole rekk ci yonent yi ni lu ëpp ci waa àddina si?

Bala nuy tàggoo tey, nanu déglu ay jukki ci li ndawi Yeesu yi di Piyeer ak Yowaana bindoon ci Linjiil ay at gannaaw ba ñu gisee ndamu Yeesu ca kaw tund wa.

Nanu jëkk a jàng seedes Piyeer. Mu ne:

"*Bi nu leen yégalee dooley Yeesu Kirist sunu Boroom ak ñëwam ci biir ndam, sukkandikuwunu woon ciy léeb yu sësul fenn, waaye **danoo teewe ag màggam**. Ndaxte Yàlla Baay bi sol na ko teraanga ak ndam, te baatub Aji Màgg ju tedd ji jib na ne: Sama Doom a ngii, di sama Soppe; ci moom laa ame bànneex! Te **nun dégg nanu baat boobu jóge asamaan**, bi nu nekkee ak moom ca tund wu tedd wa!*" **(2Pi 1:16-18**)

Yowaana moom lii la seede:

"*Nu ngi leen di bind ci mbirum Ki ñuy wax Kàddug dund gi, moom mi amoon ca njàlbéen ga; mi **nu dégg** te **gis** ko ak sunuy bët, mi **nu xool** te **laal** ko ak sunuy loxo. Dund feeñ na, te gis nanu ko...*" "*Gis nanu ndamam, mu fees ak yiw ak dëgg, ndam li Baay bi jox jenn Doomam ji mu am kepp!*" **(1Yow 1:1 Yow 1:14)**

Te ci mujug Linjiilu Yowaana, dafa bind ne:

"*Yeesu wone na it ci kanamu taalibe ya yeneeni firnde, yu ñu nettaliwul ci téere bii. **Waaye li ci nekk, bind nañu ko ngir ngeen gëm ne, Yeesu mooy Almasi bi, Doomu Yàlla ji, te seen ngëm may leen, ngeen am ci moom dund gi**.*" **(Yow 20:30,31**)

Amiin. Yàlla na leen Yàlla leeral ci li nu jàng tey. Te ku bëgg a gëstu ci lépp li Yowaana bind ci téereem, bind nu, nu yónnee la Linjiilu Yowaana, te doo fey dara. Sunu adarees mooy *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Ba beneen yoon. Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yàlla wax ca kaw tund wa ci mbirum Yeesu, bi mu naan: "***Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko!***" **(Mc 17:5**)

# 76 Sàmm bu baax bi

(Yowaana 10)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu, déggoon nanu Yeesu, mi xamoon lépp li ko waroon a dal, ni mu tàmbalee woon a xamal ay taalibeem ni **mu war a deewe ci Yerusalem, te dekki ci ñetteelu fan ba**. Yeesu xamoon na ne, tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar a taxoon mu juddu, ñëw ci àddina. Gisoon nanu it ni Boroom bi Yeesu wonee ndamam lu réy li, bi mu nekkee ca tund wa ak ñett ciy taalibeem. Xar-kanamu Yeesu doon na melax nib jant, te ay yéreem di ray-rayi, weex tàll bay melax. Noonu la ndamu Yàlla li dëkkoon ci Yeesu feeñoo.

Tey jii nag, danu bëgg a jëm kanam ci Linjiil bu sell bi, ngir gis ni Yeesu méngalee ñi koy topp ak **xar yu regg**. Looloo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Sàmm bu baax bi**'. Gisoon nanu ba noppi ci Mbindi yonent yi ni Yàlla di faral a méngalee doom Aadama yi ak **xar yu réer te ñàkk sàmm**. Waaye Yàlla bëggul doom Aadama sànku mel ni xar yu amul sàmm, ba tax mu wàcceel nu ab Musalkat, ngir jiite nu ci yoonu jàmm, te it ngir musal nu ci sunuy noon, maanaam ci Seytaane ak bàkkaar ak dee ak safara su dul fey mukk. **Ndax xam ngeen kan mooy Sàmm bu baax**, bi Yàlla wàcceel doom Aadama yi? Su ngeen ko xamul, nu ngi leen di woo ngeen déglu bu baax te xam lii ñu bind ci Linjiilu Yowaana, saar fukk.

Dafa am bés, Yeesu wax Yawut ya:

*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku jaar feneen fu dul ci buntu gétt gi, kooku sàcc la, saay-saay la. Waaye ki jaar ci bunt bi, mooy sàmmu xar yi...* **(Yow 10:1-2**) *Yeesu misaaloon na leen loolu, waaye xamuñu lu mu leen doon wax. Noonu Yeesu newaat: Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, man maay buntu gétt gi.* **(Yow 10:6-7**)

***Man maay bunt bi. Ku jaar ci man, dinga mucc****, dinga man a dugg ak a génn, dinga am it mbooy goo man a fore. Sàcc bi moom, day sàccsi rekk, di rey ak a yàq. Man damaa ñëw, ngir nit ñi am dund, ba nekk ci naataange.*

***Man maay sàmm bu baax bi****. Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram. Ki dul sàmm bi tey liggéeyal xaalis rekk waaye moomul xar yi, bu séenee bukki, day daw, bàyyi fa xar ya. Bu ko defee, bukki ba dal ca coggal ga, jàpp ca, tasaare ya ca des. Booba surga day daw, ndaxte xaalis rekk lay liggéeyal, faalewul xar ya. Man maay sàmm bu baax bi. Ni ma xame [Yàlla] Baay bi te Baay bi xame ma ni, noonu laa xame samay xar te ñoom it, ni lañu ma xame. Te it kat, dinaa joxe sama bakkan ngir xar yi... Baay bi bëgg na ma, ndaxte damay joxe sama bakkan ngir jëlaat ko. Kenn du ko jële ci man; maa koy joxe ci sama coobarey bopp. Am naa it sañ-sañu joxe ko te am naa sañ-sañu jëlaat ko. Loolu la ma sama Baay sant.*

*Kàddu yooyee ñoo féewalewaat Yawut yi. Ñu bare ca ñoom naan: Dafa ànd ak rab! Dafa dof! Lu tax ngeen koy déglu? Waaye ñeneen naan: Nit ku am ay rab du waxe nii. Ndax rab man na ubbi bëti gumba?* **(Yow 10:10-15,17-21**)

[Naka noonu], *Yawut ya wër ko, ne ko: Kañ nga nuy dindi ci kumpa? Boo dee Almasi bi, wax ko mu leer.*

*Yeesu tontu leen ne: Wax naa leen ko ba noppi, waaye gëmuleen. Jëf yi may def ci sama turu Baay ñoo may seede. Waaye gëmuleen ndaxte bokkuleen ci samay xar. Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. Dama leen di jox dund gu dul jeex; duñu sànku mukk, te kenn du leen jële ci sama loxo. Baay bi ma leen jox, moo gën a màgg lépp, te kenn mënul a jële dara ci loxob Baay bi.* ***Man ak Baay bi benn lanu****.*

*Yawut ya daldi foraat ay xeer, bëgg koo sànni, ngir rey ko. Noonu Yeesu ne leen: Def naa ci seen kanam jëf yu baax yu bare ci ndigalu [Yàlla] Baay bi. Ban ci jëf yooyu moo tax ba ngeen bëgg maa sànni ay doj?*

*Yawut ya ne ko: Jëf ju baax taxul nu bëgg laa sànniy xeer, waaye dangay suufeel turu Yàlla; yaw, nit rekk nga, ba noppi di* ***def sa bopp Yàlla****! Yeesu tontu ne: Bind nañu ci seen téereb yoon ne: Yàlla nee na: Ay yàlla ngeen. Yàlla wooye na ay yàlla ñi mu yónnee kàddoom, te xam nanu ne, kenn mënul a randal waxi Yàlla. Kon nu ngeen man a waxe ne, damay suufeel turu Yàlla ndax li ma ne Doomam laa, man mi Yàlla tànn, yónni ma ci àddina?* ***Su ma deful sama jëfi Baay, buleen ma gëm; waaye su ma ko defee, bu ngeen ma gëmul sax, gëmleen boog samay jëf, ngir ngeen xam te nangu ne, maa ngi nekk ci Baay bi te Baay bi nekk na ci man****. Ñu di ko wut a jàppaat, waaye mu bàyyi leen fa, dem*. **(Yow 10:24-39**)

Nanu taxaw fii ngir gëstu ci li nu sooga jàng. Ndax dégg ngeen li Yeesu wax Yawut yi? Ndegam jot gi mayu nu nu faramfànce waxi Yeesu yooyu yépp, xëy na man nanu jëmale sunu xalaat tey ci **ñaari tur** yi Yeesu tudde boppam ci saar wi. Ndax dégg ngeen leen? Ñaari tur yooyu ñooy: **Buntu gétt bi** ak **Sàmm bu baax bi**.

Ci bu jëkk nag, dégg nanu ne, ginnaaw ba Yeesu méngalee doom Aadama ak **xar yi** ba noppi, wax na mbooloo ma, ne leen: "***Man maay buntu gétt gi****. Ku jaar ci man, dinga mucc!*" **(Yow 10:9**) Lu tax Yeesu tudde boppam ***buntu gétt gi***? Dafa tudde woon boppam buntu gétt gi, ndaxte ci jamano jooju, sàmm yi dañu daan defar benn wërmbal. Wërmbal boobu nag, taxas walla xeer lañu ko daan defare, sàkkal ko benn bunt, bu jur ga daan jaar. Sàmm bi nag, bu guddi mësaan a jot, ba xar ya goor, sàmm bi moom ma nga daan fanaan ca buntu gétt ga ngir wottu ay xaram. Noonu, bala benn rabu àll di dugg ca gétt ga ngir fàdd am xar, fàww mu jaar ci bunt, bi sàmm biy tëdd – naka noonu, sàmm bi dina ko yég ngir dàq ko. Kon, sàmm bi ci boppam moo *doon bunt biy ub gétt* gi ngir dara du man a dugg ci biir.

Naka noonu, gis nanu ne, ndegam Yeesu mooy ***buntu gétt gi***, bala kenn di bokk ci géttu Yàlla gi, **fàww nga jaar ci Yeesu**. Ku bëgg a mucc ci fiiri Seytaane ak peyug bàkkaar ak dooley dee, **fàww nga jaar ci Yeesu**, ndaxte Moom kenn mooy bunt, bi man a tàbbal bàkkaarkat yi ci dund gu dul jeex gi. Moom la Mbind mi wax ci mbirum Yeesu Kirist, bi mu naan: "***Mucc amul ci keneen****, ndaxte ci ron asamaan* ***amul weneen tur****, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce*." **(Jëf 4:12**)

Ndax yeena ngiy fàttaliku li nu jàngoon bu yàgg ci mbirum yonent Yàlla Nóoyin ak mbënnu ndox ma? Ñaata bunt la Yàlla santoon Nóoyin, mu sàkk ko ca gaal, ga waroon a nekk rawukaay ci képp ku bëgg a rëcc àtteb ndox ma? **Benn rekk**. Xebaaru Yàlla ci niti jamanoy Nóoyin moo doon lii: Képp ku bëgg a rëcc àtte ba, fàww nga jaar ci benn bunt bi gaal am! Ku jaar ci bunt bi, **dinga mucc**. Ku jaarul ci bunt bi **dinga sànku**!

Naka noonu itam, ci lu jëm ci bésu pénc ba, Mbind mu sell mi dafa nuy firndeel ne, Yàlla, benn buntu mucc rekk la ubbil doom Aadama. Almasi bi moom ci boppam mooy bunt, bi man a tàbbal nit ñi ci dund gu dul jeex gi. Looloo taxoon Yeesu ne: "***Man maay bunt bi; ku jaar ci man, dinga mucc!*** *...Waaye ku jaar feneen fu dul ci buntu gétt gi, kooku sàcc la, saay-saay la!*" **(Yow 10:9,1**)

Léegi, fàww nu jàll ci ñaareelu tur wi Yeesu tudde boppam ci saar wi, maanaam: ***Sàmm bu baax bi***. Yeesu mooy Sàmm **bu baax** bi, ndaxte mooy ki nu bëgg ba joxe bakkanam ngir nun. Céy, moo di Sàmm bu baax lool! Ci mbiram, yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor ñaar-fukk ak ñett, ne:

"*Yàlla Aji Sax ji mooy sama sàmmkat, looloo tax duma ñàkk dara!*
*Da may toogloo ca mbooy gu naat,*
   *di ma tette ci ndox yu teey,*
   *di yeesal sama ruu.*
*Da may wommat ci yoon yu jub ndax turam.*
*Su may jaar sax ci xur wu lëndëm këruus,*
   *duma ragal dara, ndax Yaa ngi ànd ak man;*

*sa bantu sàmm ak sa nguul seral nañu sama xol.*
*Waajal nga ma añ, dëj ko fi sama kanam, janook samay noon;*
*diw nga sama bopp,*
*sama mbattu fees ba rembat.*
*Ci dëgg sa mbaax ak sa cofeel ñoo ma wër sama giiru dund gépp,*
*te dinaa dëkk ci kër Aji Sax ji ba fàww!*" **(Ps 23:1-6)**

Loolu la Daawuda bind ci Sabóor ci mbirum jàmm ak mbég ak kóolute gi mu amoon ci Sàmmkatam bu baax bi, di Yàlla Aji Sax ji.

Léegi nag, li nu war a ràññe mooy Almasi bi ci boppam mooy Sàmm bu baax, bi Daawuda doon wax, ndaxte mooy Ki bawoo ci Xelum Aji Sax ji, te feeñu ci melokaanu nit. Looloo taxoon Yeesu man a wax ne: "*Man maay sàmm bu baax bi!*" te "*Man ak* [Yàlla] *Baay bi* ***benn*** *lanu!*" **(Yow 10:11,30)** Wànte bi Yeesu waxe ne, benn la ak Yàlla, gis nanu ni Yawut ya fore ay xeer, bëgg koo sànni, ngir rey ko. Te li doy waar, mooy ba tey, lu ëpp ci doom Aadama dañuy fakkastalu ci waxi Yeesu yooyu, ndaxte dañuy xalaat ne, soo waxee ne, Yeesu benn la ak Yàlla, loolu dafay tekki ne, ñaari Yàlla lañu am. Waaye du noonu, ndaxte Mbind mi ne na: "*Aji Sax ji sunu Boroom, kenn rekk la!*" **(De 6:4)** **Jenn Yàlla kepp moo am, wànte loolu terewul Yàlla, mi nekk ci kaw, feeñu woon ci kaw suuf, ci melokaanu nit**.

Nanu ko fexee **misaal**. Xalaatleen ci jant, biy tàngal sunu àddina si, di ko leeral. Ñaata jant a am ci àddina? Benn jant rekk moo am. Ana fu jant bi nekk? Mu nga fu sore ci jaww ji. Waaye loolu terewul nuy yëg jant bi fii ci suuf, jaaree ko ciw naajam. Man nanu wax ne, jant bi ak naaj wi benn lañu, amul werante. Naka noonu itam, Kàddug Yàlla ne na: Yàlla ak Almasi bi benn lañu. Yàlla dafa mel ni jant bu tàng, sore, bu kenn mënta jege. Waaye Yeesu dafa mel ni naaj, wi nuy yëg fii ci suuf, ndaxte ganesi na àddina ngir xamle mbaaxu Yàlla Aji Màgg te Sell, ji nekk ci kaw.

Yeesu mooy **Sàmm bu baax**, bi jóge asamaan, doon nit, dëkk ci kaw suuf, dee, te dekki ngir jot doom Aadama ci alkande, ji sunu bàkkaar indi. Looloo taxoon Almasi bi Yeesu waxoon, ne: "*Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram. Man maay sàmm bu baax bi... Dinaa joxe sama bakkan ngir xar yi... Kenn du ko jële ci man; maa koy joxe ci sama coobarey bopp!*" **(Yow 10:11,14,18)**

Naka noonu, déggaat nanu ni Yeesu doon yégleewaat ni mu fase woon yéene joxe bakkanam, tuur deretam ngir gàddul doomi Aadama seen peyug bàkkaar. Waaw, ci lu wóor, Yeesu mooy **Sàmm bu baax bi**, ndaxte Yeesu mooy ki nu bëgg, ba joxe bakkanam ngir nun! Te it, mooy Ki dekki, te dina jox dund gu dul jeex képp ku gëm turam!

Yaw miy déglu tey, **ndax yaa ngiy topp Sàmm bu baax bi**? Walla keneen ngay topp? Bala nuy tàggoo tey, nanu dégluwaat Boroom bi Yeesu, mi ne:

"***Man maay bunt bi****; ku jaar ci man, dinga mucc! ...Waaye ku jaar feneen fu dul ci buntu gétt gi, kooku sàcc la, saay-saay la!* ***Man maay sàmm bu baax bi****. Sàmm bu baax bi day* ***joxe bakkanam*** *ngir ay xaram. Ki dul sàmm bi tey liggéeyal xaalis rekk waaye moomul xar yi, bu séenee bukki, day daw, bàyyi fa xar ya. ... Man maay sàmm bu baax bi...* ***Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. Dama leen di jox dund gu dul jeex; duñu sànku mukk, te kenn du leen jële ci sama loxo!***" **(Yow 10:9,1,11-14,27-28)** Amiin!

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, di leen jox dox-daje emisyoŋ biy ñëw, ndaxte, bu soobe Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, dégg ni Yeesu jàngalee ci mbirum yërmande ji fees xolu Yàlla. Su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB*, B.P. 370, Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu Almasi bi wax, bi mu naan: "***Man maay Sàmm bu baax bi. Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram!***" **(Yow 10:11)**

## 77 Ni Xolu Yàlla mel

(Luug 18, 15)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Fépp fu mu man a doon ci sunu gëstu ci Mbindi yonent yi, danuy gis ne, Yàlla ku sell la, te mënul a dékku bàkkaar. Gis nanu it ne, Yàlla du **Aji Sell** rekk, waaye itam **Aji Yërmande** la! Te loolu lu neex lool la ci nun, ndaxte yërmandeem lanu soxla, ndax nun ñépp tooñ nanu Yàlla tooñ gu jéggi dayo. Sunuy moy ak sunuy bàkkaar lu ñaaw lool lañu fa kanam Yàlla, te dinañu nu sànk ba fàww, su nu Yàlla yërëmul!

Tey jii nag, danu fas yéene jàng ci **ñaari léeb** yi Boroom bi Yeesu waxoon mbooloo ma. Ñuy léeb yoo xam ne, dañu nuy jàngal **ci mbirum yërmande ji fees xolu Yàlla, ak ni ko bàkkaarkat yi man a jote**.

Ci **léeb wu jëkk wi**, dinanu gis **ñaari nit**: Kenn ki, jotul yërmandey Yàlla, te keneen ki, jot na ko. Kenn ki, ci tariixay Farisen ya la bokk, te naka noonu ku farlu lool la ci ñaan Yàlla, di woor, aka sàkk asaka, di boroom diine ci bëti nit. Ki ci des, juutikat la te naka noonu boroom bàkkaar la ci bëti nit, ndaxte juutikat ya ñu dëng lañu woon.
Dégluleen kon léebu Farisen bi ak juutikat bi. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Luug. Mbind mi ne na:

*Yeesu waxaat léeb wii nit ñi foog ne jub nañu tey xeeb ñi ci des. Mu ne: Dafa amoon **ñaari nit** ñu dem ca kër Yàlla ga, di ñaan. Kenn ki ab Farisen la, ki ci des juutikat.*

***Farisen** baa nga taxaw di ñaan ci xelam, naan: Yaw Yàlla, maa ngi lay sant ci li ma melul ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii. Ayu-bés gu nekk damay woor ñaari yoon, di joxe asaka ci lépp lu ma wut.*

***Juutikat** ba moom, ma nga taxaw fu sore te bëggul a siggi sax, xool ca asamaan sa. Waaye ma ngay fëgg dënnam te naan: Yaw Yàlla, **yërëm ma, man miy bàkkaarkat**!*

*Yeesu teg ca ne: Maa ngi leen koy wax, nit kooku, ba muy ñibbi këram, moom la Yàlla àtte ni ku jub, waaye du Farisen ba. **Ndaxte képp kuy yékkatiku dees na la suufeel, te kuy suufeelu, ñu yékkati la**.* **(Lu 18:9-14**)

Lan la Boroom bi Yeesu bëgg a jàngale jaarale ko ci léeb wu gàtt wi? Ci tënk, Yeesu doon na jàngale ne, Yàlla dina yërëm **ñi xam seen njubadi** fa kanamam, te daan **ñi foog ne, ñu jub lañu**. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Yàlla day dàq ñi réy, di yiwal ñi woyof!*" **(1Pi 5:5**) Li nit ñiy fonk, Yàlla sib na ko. Yàlla mënul a nangu mukk ñuy damu, di xalaat ne: "Man, nit ku jub laa! **Damay** julli! **Damay** woor! **Damay** joxe asaka! **Damay dem** jakka ja! **Damay** dem 'Eglise'! **Damay** def nàngam ak nàngam!" Ndax 'damay' yooyu neex nañu Yàlla? Mukk! Xolu Yàlla mënul a sedd ci jëf yu bawoo cig réy.

Yàlla dafa sib xol bu réy. Fàttalikuleen Kayin, taawu Aadama, mi fexee woon jege Yàlla ak pexey boppam. Ndax Yàlla nanguloon na ko saraxam? Yàlla nangulu ko de! Te Yàlla soppikuwul. Ba tey, xolu Yàlla mënul a sedd ci **pexey nit**, ndaxte sunuy pexe matuñu ca kanamam. **Li Yàlla bëgg mooy nu ràññe sunu melow bàkkaar**, mel ni juutikat, bi fëgg dënnam te naan: "***Yaw Yàlla, yërëm ma, man miy bàkkaarkat!***" Ci xol bu toje noonu la Yàlla di bég. Waaye sib na ñi tëkkale seen bopp ak seeni moroom, mel ni Farisen, bi doon wax ci xelam, naan: "*Yaw Yàlla, maa ngi lay sant ci li ma melul ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii.*"

Li Farisen bi ràññewul woon mooy, ci bés pénc ba, Yàlla du nu méngale ak sunu moroom miy def bàkkaar, wànte yoonam wu sell wi, te mat sëkk la nuy méngaleel, yoonam wi nga xam ne moo wax, ne: "*Ku sàmm*

*yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp!*" **(Sa 2:10**) Ndaxte Yàlla mi ne: Bul njaaloo, teg na ca it ne: Bul fen. Ku njaaloowul nag, waaye nga fen benn yoon rekk, jàdd nga yoonu Yàlla, te doo man a dugg Àjjana, di jetaayu Yàlla – ndaxte Mbind mi nee na: "*Dara du fa dugg lu am sobe, mbaa kenn kuy sóobu ci ñaawteef walla fen!*" **(Pe 21:27**)

Looloo tax doomi Aadama soxla **yërmandey Yàlla**. Yaw miy déglu nag, ndax jot nga yërmandey Yàlla – mel ni juutikat bi ci léeb wi? Walla ndax ba tey dangay fexee jub ci **sa pexe bopp** – mel ni Farisen bi?

Léegi, ci jot gi nu dese, danu bëggoon a déglu **beneen léeb**, wuy wone ni xolu Yàlla feese ak yërmande, mel ni baay bu sopp ay doomam. Nu ngiy wéy ci Linjiilu Luug, saar fukk ak juróom. Mbind mi ne na:

*Ay juutikat ak ay boroom bàkkaar daan jegesi Yeesu ngir déglu ko. Farisen ya ak xutbakat ya di ñurumtu, naan: Waa jii mi ngi nangoo nekk ak ay boroom bàkkaar ak a lekkandook ñoom! Noonu Yeesu daldi leen wax léeb wii, ne leen:*

*...**Dafa amoon góor gu am ñaari doom**. Benn bés **caat ma** ne baay ba: Baay, damaa bëggoon, nga jox ma li may war a féetewoo ci ndono li. Noonu baay ba daldi leen séddale alalam. Ay fan yu néew gannaaw gi, caat ma fab yëfam yépp, dem ca réew mu sore, yàq fa alalam ci topp nafsoom.*

*Bi mu sànkee alalam jépp, xiif bu metti dal ca réew ma, mu tàmbalee ñàkk. Mu dem nag, di liggéeyal ku dëkk ca réew ma, kooku yebal ko ca ay toolam ngir muy sàmm mbaam-xuux ya. Mu xiif ba bëgg a lekk ca ñamu mbaam-xuux ya, ndaxte kenn mayu ko dara.*

*Mujj xelam dellusi, mu ne: Sama baay am na ay surga yu bare, te dañuy lekk ba suur. Man nag maa ngi fii di bëgg a dee ak xiif! Damay jóg, dem ca sama baay, ne ko: Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom; boole ma ci say surga. Mu daldi jóg, jëm kër baayam. Waaye **bi muy soreendi kër ga, baayam séen ko, yërëm ko**, daldi daw laxasu ko, fóon ko. Doom ja ne ko: Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom. Waaye baay ba ne ay surgaam: Gaawleen indi mbubb, mi gën a rafet, solal ko ko. Te ngeen roof ab jaaro ci loxoom te solal ko ay dàll. Indileen sëllu wu duuf wa, te rey ko, nu lekk te bànneexu; ndaxte sama doom jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na. Noonu ñu tàmbalee bànneexu.*

*Fekk booba **taaw** baa nga woon ca tool ya. Bi mu ñëwee, ba jub kër ga, mu dégg ñuy tëgg, di fecc. Mu daldi woo kenn ca surga ya nag, laaj ko lu xew. Mu tontu ko: Sa rakk moo dellusi, te sa baay rey na sëllu wu duuf wa, ndaxte ñibbisi na ci jàmm. Ci kaw loolu taaw ba daldi mer, bañ a dugg ca kër ga. Baayam daldi génn, ngir ñaan ko mu dugg. Waaye taaw ba tontu baayam, ne ko: Seetal ñaata at laa la liggéeyal, mel ni jaam, te musumaa moy sa ndigal, waaye yaw, musuloo ma may sax tef, ngir ma bànneexu, man ak samay xarit. Waaye bi sa doom jii dikkee, moom mi yàq sa alal ci ndoxaan, reyal nga ko sëllu wu duuf wi. Noonu baay bi tontu ko, ne ko: Sama doom, yaa ngi ak man bés bu nekk, te li ma am lépp, yaa ko moom. Waaye war nanoo bànneexu te bég, ndaxte sa rakk jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na.* **(Lu 15:1-3,11-32**)

Lii, léeb wu neex la, waaye li nu war a xam mooy lan la nu ci Yàlla bëgg a xamal. Gis nanu ci ñetti góor: baay bi, caat mi ak taaw bi.

- **Baay bi** ci léeb wi, dafay misaal **Yàlla**.
- **Caat** mooy misaal **bàkkaarkat, yi tuub seeni bàkkaar**, te woññiku ci Yàlla, ngir jot yërmande.
- **Taaw** day misaal nit, **ñi foog ne ñu jub lañu**, fekk dañu sore Yàlla.

Ci bu jëkk, nanu xalaat tuuti ci **caat**, mi toppoon nafsoom ca réew mu sore. Lu xewoon ak moom? Gis nanu ni mu mujj a ràññee ni mu tooñe Yàlla ak nit. Amoon na naqar ndax ay bàkkaaram, ba tax mu réccu, ne: "*Damay jóg, dem ca sama baay, ne ko: Baay, **tooñ naa** Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom; boole*

*ma ci say surga*." Noonu gis nanu ni caat mi dëddoo géttu mbaam-xuux ya, jëm kër baayam.

**Baay bi** nag, lu mu def? Ndax mere na doomam, ja yàqoon alalam? Ndax dafa ko boole rekk ciy jaamam? Déedéet! Yeesu ne na:

"*Waaye bi doom ja di soreendi kër ga, baayam séen ko, yërëm ko, daldi* ***daw laxasu ko, fóon ko****, daldi wax ay surgaam: Gaawleen indi* ***mbubb, mi gën a rafet, solal ko ko****. Indileen sëllu wu duuf wa, te rey ko, nu lekk te bànneexu; ndaxte sama doom jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na!*"

Lan lanu war a xam ci loolu lépp? Man nanu xam ne, Yàlla sunu Boroom dafa mel tembe ni baay boobu fees ak yërmande! **Yàlla dafa sopp bàkkaarkat yi**, te bëgg na leen yërëm, **wànte mu ngiy xaar bépp bàkkaarkat, mu tuub** ay bàkkaaram te jaar ci yoonu njub wi mu tëral.

Ci lu jëm ci **taaw bi** nag, gis nanu lu doy waar. Taaw bi, amewul woon xolu yërmande, bi nekk ci baayam. Looloo tax mu mer, bañ a dugg ca kër ga, te naan baayam: "***Seetal ñaata at laa la liggéeyal****, mel ni jaam, te musumaa moy sa ndigal, waaye yaw, musuloo ma may sax tef, ngir ma bànneexu, man ak samay xarit!*" Ndax dégg ngeen li taaw bi wax? Mu ne: "*Seetal ñaata at laa la liggéeyal, mel ni jaam!*" Waaye li taaw bi xamul woon, mooy baayam wutul woon doom, ju koy liggéeyal mel **ni jaam**. Li mu bëggoon mooy **doom ju ko sopp ci biir xolam**, te am bànneex ci def coobareem.

Ba tey, lu bare ci doomi Aadama dañoo mel ni taaw bi ñu gis ci léeb wii. **Jaami Yàlla kese** lañu teg seen bopp. Wànte Yàlla bëggul nu mel ni **ay jaam**. Li mu bëgg mooy nu mel ni **ay doom** ci Moom. Moom la Mbind mu sell mi wax ci mbirum képp ku nangu Yeesu Kirist ni seen Boroom ak seen Musalkat. Kàddug Yàlla ne na: "*Kon nekkatuleen fa kanam Yàlla,* ***ni jaam*** *bu ragal sangam, waaye Xel mi leen Yàlla sol, ay* ***doomi Yàlla*** *la leen def, ba tax nu di wooye Yàlla: Abba; maanaam: Baay!*" **(Ro 8:15**)

Yaw miy déglu nag, nan nga jàppe sa bopp? **Jaamu Yàlla**? walla **doomu Yàlla**? Nan nga gise sa bopp ci léeb, wi nuy sooga jàng? Ndax caat, mi ràññe woon tooñam, ba jot yërmandey baayam nga niru? Walla taaw, bi liggéeyal baayam, mel ni jaam nga gën a nirook? **Yàlla bëggul nga mel ni jaam bu ragal sangam**. Li mu bëgg mooy **nga mel ni doom ju sopp baayam**, te am bànneex ci def coobareem.

Yàlla ku la bëgg la, te bëgg na lool defal la yërmande, waaye mu ngi lay xaar, nga réccu te woññiku ci Moom. Loolu la yonent Yàlla Esayi bind, bi mu naan: "***Naka noonu Aji Sax ji bëgg na lool defal leen yiw, te mu ngi leen di xaar ngir defal leen ko, te dina jóg ngir yërëm leen. Ndax Aji Sax ji Yàlla ju jub la: Ñi yaakaar ci Moom ñépp barkeel nañu!***" **(Isa 30:18**)

**Yàllaa ngi lay xaar, nga ñëw ci Moom**, ni baay bi ci léeb wi doon xaare caatam mu dellusi ci kër gi. Yàlla dafa bëgg nga réccu ak xol bu toj te woyof. Soo ñëwee noonu ci Yàlla, te wut ko ak sa xol bépp, li wér péŋŋ mooy dinga dajeek Yàlla ju am xolu baay bu fees dell ak yërmande. Waaye ku réy ba sàggane yërmandey Yàlla, mënul a yaakaar dara, lu dul àtteb Yàlla, bu àndul ak benn yërmande!

Jërëjëf ci déglu bi. Ci emisyoŋ biy ñëw, bu soobe Yàlla, dinanu jëm kanam ci Linjiil, ba gis ni Yeesu dekkale néew, ba amoon ñeenti fan ca bàmmeel ba.

Yeen ñi nuy déglu, nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am, man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërëjëf.

Yàlla na leen Yàlla leeral ci li nu jàng tey, te ngeen fàttaliku li Mbind mu sell mi wax, naan: "***Yàlla day dàq ñi réy, di yiwal ñi woyof!***" **(1Pi 5:5**)

# 78 Ndekkite li ak Dund gi

(Yowaana 11, 12)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Fi nu tollu ci sunu gëstu ci Linjiil bu sell bi, gis nanu ni Almasi bi Yeesu ame **tur yu bare**, ngir nu gën a xam ki mu doon. Déggoon nanu ba noppi ni ñu ko tuddee: *Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ci njàlbéen ga... Doomu Yàlla Aji Kawe ji... Doomu Nit ki... Mbotem Yàlla mi... Musalkat bi... Ñam wiy joxe dund gi... Leeru Àddina si... Boroom Ndam li... Buntu gétt gi...* ak *Sàmm bu baax bi*. Tey nag, dinanu gisaat yeneen ñaari turi Yeesu: ñooy: '***Ndekkite li*** ak ***Dund gi***'.

Ba fi nu tollu, gisoon nanu ni Yeesu doon wëre réewum Yawut yi, di jàngale, di def lu baax, ak di faj ñi feebar ak ñi làggi ak ñi gumba ak ñi rab jàpp, ba tax mbooloo mu bare topp ko. Waaye boroom diine, yi ñuy wooye Farisen ya, dañu añaane woon Yeesu lool, ndaxte àttanuñu xel mi muy waxe, te mënuñu weddi **firnde** yi mu def.

Tey nag, danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil, ba gis ni Yeesu defe woon jeneen jaloore, ngir **woneeti ndamam, li mu am ci Yàlla, ngir nit ñi gëm ko**. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar fukk ak benn. Mbind mi ne na:

*Amoon na benn waay bu woppoon, ñu koy wax **Lasaar**. Ma nga dëkkoon Betani, moom ak **Maryaama ak Màrt**, mi mu bokkaloon ndey ak baay. Maryaama mooy jigéen jiy sottiji latkoloñ ci tànki Boroom bi, fompe ko kawaram. Moom la càmmiñam Lasaar woppoon. Ñaari jigéeni Lasaar yónnee ca **Yeesu**, ne ko: Boroom bi, sa xarit wopp na. Bi Yeesu déggee xebaar boobu, mu ne: Lasaar de, woppam jooju du ko mujje; day wone ndamu Yàlla tey màggal Doomu Yàlla ji. Yeesu soppoon na Màrt ak Maryaama ak Lasaar. Bi mu yégee nag ne, Lasaar wopp na, mu toogaat yeneen ñaari fan ca bérab, ba mu nekkoon.* (Yeesu xamoon na ne, Lasaar dina dee. Wànte Yeesu dafa fasoon yéene jëfandikoo deewug Lasaar ngir wone kàttanu Yàlla gi dëkk ci Moom, ngir nit ñi xam ne, ci kaw la jóge.)

*Gannaaw* [ba mu toogee ñaari fan ca bérab ba mu nekkoon nag, Yeesu waxoon na fukki taalibe ya ak ñaar, nee]: *Nanu dellu Yude. Taalibe ya tontu ko ne: Kilifa gi, yàggul dara waa Yude doon nañu la wut a rey ak i xeer, nga di fa dellu? Yeesu ne leen: Xanaa du bëccëg fukki waxtook ñaar la? ...Sunu xarit Lasaar nelaw na, waaye maa ngi dem yee ko. Taalibe ya tontu ne: Boroom bi, bu nelawee kay, kon dina wér. Yeesu dafa bëggoon a wax ne, **Lasaar dee na**, waaye taalibe yi dañoo xalaatoon ne, mbiri nelaw rekk lay wax. Ci kaw loolu Yeesu wax ci lu leer ne: Lasaar dee na. Bég naa ngir yeen ndax li ma fa nekkul, ngir seen ngëm gën a dëgër. Waaye nanu ko seeti*. **(Yow 11:1-9,11-15**)

*Bi Yeesu agsee, mu fekk ne, bi ñu dencee Lasaar ak léegi, mat na **ñeenti fan**. Betani ma nga woon ca wetu Yerusalem, diggante bi matul woon sax ñetti kilomet. Yawut yu bare ñëwoon nañu kër Màrt ak Maryaama, ngir dëfël leen ci seen deewu càmmiñ. Bi Yeesu ñëwee, Màrt yég ko, dem di dajeek moom; fekk booba Maryaamaa nga toogoon ca kër ga. Màrt ne Yeesu: Boroom bi, boo fi nekkoon de, sama càmmiñ li du dee! Waaye xam naa ne, fii nu tollu sax, loo ñaan Yàlla, mu may la ko. Yeesu ne ko: **Sa càmmiñ dina dekki**. Màrt tontu ko ne: Xam naa ne, dina jóg bésu ndekkite la, keroog bés bu mujj ba.*

*Yeesu ne ko: **Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund. Rax-ca-dolli kuy dund te gëm ma, doo dee mukk. Ndax gëm nga loolu**? Mu tontu ko ne: Waaw, Boroom bi. Gëm naa ne, yaay Almasi bi, di Doomu Yàlla, ji war a ñëw àddina. Bi Màrt waxee loolu, mu daldi dem woowi Maryaama, ne ko ci pett: Kilifa gaa ngi fi; mi ngi lay laaj. Bi Maryaama déggee loolu, mu daldi jóg, gaawantoo dem ca Yeesu...* **(Yow 11:17-29**)

*Bi Maryaama agsee nag ca Yeesu, ba gis ko, mu daanu ciy tànkam, ne ko: Boroom bi, boo fi nekkoon, sama cànmiñ du dee! Yeesu gis ne, mi ngi jooy te Yawut yi ànd ak moom itam ñu ngi jooy. Mu daldi jàq, am naqar wu réy. Mu ne leen: Fu ngeen ko denc? Ñu tontu ko ne: Kaay gis, Sang bi. Yeesu jooy. Noonu nag, Yawut ya ne: Gis ngeen ni mu ko bëgge woon! Waaye am na ca ñoom ñu doon wax, naan: Moom mi ubbi bëti gumba gi, ndax mënul woon a fexe ba Lasaar du dee? Yeesu dellu am naqar wu réy, daldi dem ca bàmmeel ba. Pax la mu ñu yett ci doj, ube ko xeer. Yeesu ne: **Dindileen xeer wi!***

*Màrt, jigéenu ku dee ki ne ko: Boroom bi, dina xasaw xunn fii mu nekk, ndaxte am na ci bàmmeel bi ñeenti fan. Yeesu ne ko: **Ndax waxuma la ne, boo gëmee, dinga gis ndamu Yàlla**? Ñu daldi dindi xeer wa. Yeesu xool ci kaw, ne jàkk asamaan, ñaan Yàlla ne: Baay, sant naa la ci li nga ma déglu ba noppi. Xam naa ne, doo jóg ci di ma déglu, waaye dama koy wax, ngir nit ñi ma wër gëm ne, yaa ma yónni. Bi mu waxee loolu, Yeesu woote ak baat bu dëgër, ne: **Lasaar, ñëwal ci biti**! Néew bi daldi génn, ñu gis càngaay, li ñu takke woon tànk yi ak loxo yi, ak kaala, gi ñu muure woon kanam gi. Yeesu ne leen: **Tekkileen ko, bàyyi ko mu dem!*** **(Yow 11:32-44**)

Du fii lanuy yem, waaye bala nuy àggale nettali bu doy waar bii, dina baax su nu manee xalaat tuuti ci kéemaan, gi Yeesu defoon! Ba àddina sosoo ba tey, musuñoo dégg nit ku man a jox dund néew, bu am ñeenti fan ci bàmmeel, néew boo xam ne, mu ngi doon tàmbali yàqu te xasaw. Waaye moom la Yeesu defoon tembe, bi mu dekkalee Lasaar ca néew ya.

Dooley dee, tëwul Boroom bi Yeesu, ndaxte Moom ci boppam mooy Kàddug Yàlla; di Ruuwu Yàlla, gi jóge asamaan. Ni Yàlla ame dund gi moom ci boppam, noonu it la ko Almasi bi ame. Te ni Yàlla di dekkale néew yi, di leen jox dund gi, noonu la Almasi bi di joxe dund gi ñi mu ko bëgg a jox, ndaxte Moom ci boppam mooy **Aji Dund ji**. Looloo taxoon bi Yeesu woowee Lasaar mu ñëw ci biti, néew bi daldi dundaat, jóg, génn bàmmeel ba. Looloo tax it, Yeesu manoon a wax jigéenu Lasaar, ne ko: "***Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund!***" **(Yow 11:25**)

Léegi nag, nanu àggale nettali bi, ngir xam li Yawut ya def, gannaaw ba ñu seede ni Yeesu dekkale Lasaar ca bàmmeel ba. Mbind mi ne na:

*Yawut yu bare ca ña ñëwoon kër Maryaama te gis li Yeesu defoon, **daldi koy gëm**. Waaye **amoon na it ñu demoon ci Farisen ya**, nettali leen la Yeesu defoon. Farisen ya ak sëriñ su mag sa woo kureelu àttekat ya ne: Nit kii kat, kéemaan yi muy def a ngi bëgg a bare. Lu nuy def nag? Ndaxte su nu ko bàyyee mu jàppoo nii, ñépp dinañu ko gëm, te kilifay Room yi dinañu ñëw, daaneel sunu kër Yàlla gi, tas sunu réew!*

*Amoon na ca ñoom ku ñuy wax **Kayif** te mu nekkoon sëriñ bu mag ba at mooma; mu ne leen: Xamuleen ci mbir mi dara. Xanaa xamuleen ne, **kenn nit rekk dee ngir ñépp**, mooy li gën ci yeen? Bu ko defee, réew mi du tas. (Loolu Kayif waxu ko woon ci sagoom, waaye li mu nekkoon sëriñ bu mag ba at mooma, moo tax Yàlla xiirtal ko mu ne, Yeesu dina dee ngir réew mi. Du woon rekk ngir xeet woowu, waaye ngir itam doomi Yàlla, yi tasaaroo yépp, dajaloo nekk benn.) Keroog la njiiti Yawut ya dogu ci rey Yeesu. Taxoon na ba Yeesu dootul doxantu ci biir Yawut ya. Noonu mu dem ca gox bu jege màndiŋ ma, ca dëkku Efrayim. Foofa nag la toog ak ay taalibeem.*

*Bésu Jéggi ba, di màggalu Yawut ya, mu ngi doon jubsi, ba ñu bare ca waa àll ba di dem Yerusalem balaa booba, ngir sanguji set. Ñu ngi doon wut Yeesu tey waxante ca kër Yàlla ga naan: Lu ngeen ci xam? Ndax dina ñëw ci màggal gi walla déet? Sëriñ su mag sa ak Farisen ya daldi santaane ne, bu kenn xamee fu Yeesu nekk, mu yégle ko, ngir ñu man koo jàpp.* **(Yow 11:45-57**)

*Juróom benni fan laata màggalu bésub Jéggi ba, Yeesu dem na Betani, dëkku Lasaar, mi mu dekkal. Foofa ñu defaral ko fa reer. Màrt moo ko doon séddale, te Lasaar bokkoon na ca gan ña. Noonu Maryaama daldi jël liibaru latkoloñ, ju raxul, ju ñuy wax nàrd, tey jar lu baree-bare. Mu sotti ko ci tànki Yeesu, ba noppi fomp ko ak kawaram. Xetu latkoloñ gi gilli ci kër gi yépp. Kenn ca taalibey Yeesu ya, muy Yudaa Iskariyo, mi ko*

*nar a wor, daldi ne: Lu tax jaayewuñu latkoloñ jii peyu atum lëmm, jox ko miskin yi?* *Waaye bi muy wax loolu, xalaatul woon miskin yi, ndaxte sàcc la woon; moo yoroon boyetu xaalis bi, te daan ci sàkk. Waaye Yeesu ne ko: Bàyyi ko! Jekkoon na mu denc ko ngir bés bu ñu may suul. Miskin yaa ngi ak yeen bés bu nekk, waaye dungeen ma gis ba fàww*.

*Bi ñu yégee ne, Yeesoo nga fa, mbooloom Yawut mu bare daldi dem Betani. Yeesu rekk yóbbuwu leen fa woon, waaye dañoo bëggoon a gisaale Lasaar, mi Yeesu dekkaloon.* ***Sëriñ su mag sa dogu ci ne, dañuy reyaale Lasaar, ndaxte moo waral Yawut yu bare dëddu leen, gëm Yeesu***. **(Yow 12:1-11**)

Fii nag lanu war a yem tey, ndaxte sunu jot léegi mu jeex. Waaye bala nuy tàggoo, am na lenn lu nu war a xalaat. Ndax gis ngeen ni njiiti diiney Yawut yi tontoo woon ci firnde ji leen Yeesu wonoon? Kenn ci ñoom mënul woon a weddi kéemaan gi Yeesu def, ndaxte ñépp a tegoon seeni bët ci Lasaar mi dekki ca néew ya. Waaye lan la sëriñ su mag sa ak yeneeni sëriñ defoon? Ndax tuub nañu seeni bàkkaar, te gëm ne Yeesu mooy Almasi bi, di Doomu Aji Kawe, ji jóge asamaan? **Tuubuñu de**! Firnde yi Yeesu def yépp taxul sëriñ sa ak seeni taalibe réccu te nangu Yeesu ni seen Boroom ak seen Musalkat.

Lan la sëriñ sa def nag? Dañu gën a bañ Yeesu sax, te mànkoo ngir rabat pexem rey ko! Te it, dogu ci reyaale sax Lasaar mi Yeesu dekkaloon, ndaxte moo waral Yawut yu bare dëddu sëriñ si, topp Yeesu! Céy, ni xoli kilifay diine yooyu dërkiise te sore Yàlla! **Amuñu woon benn cofeel ci Yàlla, mbaa ci dëgg gi**. Sàggane nañu firnde yu ràññeeku, yi Yeesu defoon ci seen kanam. Seen bànneexu bopp ak seen sutura ak am xaalis rekk lañu doon xalaat. Looloo taxoon ñu mànkoo ngir rey Yeesu, ndaxte dañu ragal ne, su ñu ko bàyyee mu jàppoo noonu, ñépp dinañu leen dëddu, topp Yeesu.

Lu ngeen xalaat ci kilifay diine yooyu? Kan moo soloon ci seen xel, ñu rey Yeesu? Seytaane mooy ki leen doon jiite, ndaxte dafa bañ Yàlla ak Almaseem. Seytaane dafa yaakaaroon ne, su njiiti Yawut ya reyloo Yeesu, loolu dina nasaxal pexem Yàlla ngir musal doomi Aadama ci dooleem. Waaye Seytaane xamul woon **ni Yàlla fasoon yéenee jëfandikoo deewug Almasi bi ngir nasaxal jëfi Ibliis, te goreel doomi Aadama, yi meloon ni ay jaam ndax ragal a dee**. Te it, amoon na leneen li Seytaane ak ñi àndoon ak moom ràññewul woon. Mooy lii: **Dooley dee du man a téye Boroom bi Yeesu**, te suuf du man a lekk néewam, ndaxte **Yeesu mooy ndekkite li ak dund gi**. Looloo tax Yeesu manoon a wax jigéenu Lasaar, ne ko: "***Man maay ndekkite li, maay dund gi***. *Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund... Ndax gëm nga loolu?*" **(Yow 11:25,26**)

Kon, fii lanu leen di tàggoo, di leen jox dox-daje njàng miy ñëw, ndaxte, bu soobe Boroom bi, dinanu jëm kanam ci Linjiil, gis ni Yeesu ware cumbur, dugg Yerusalem ba amal li yonent Yàlla yi bindoon bu yàgg ci mbiram. Su fekkee ne, bëgg nga am téere, buy yaatal sa xam-xam ci dundu Almasi bi, nanga nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Boroom bi Yeesu waxoon, bi mu naan: "***Man maay ndekkite li, maay dund gi! Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund! ...Ndax gëm nga loolu?***" **(Yow 11:25,26**)

# 79 Yeesu dugg na Yerusalem

(Luug 18-20)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu **ni Yeesu dekkale néew**, bu amoon ñeenti fan ci bàmmeel ba. Dooley dee, tëwul Boroom bi Yeesu, ndaxte Moom ci boppam mooy **ndekkite li ak dund gi**. Tey jii nag, danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil bu sell bi, ba gis ni Yeesu dugge Yerusalem, fa ñu ko naroon a reye. Li doy waar ci loolu mooy: **Yeesu xamoon na lépp li ko waroon a dal**, ak ni ko njiiti diiney Yawut ya ak waa Room naroon a fitnaale, ba daaj ko ci bant, waaye loolu terewul mu jëm Yerusalem. Ci loolu, Linjiil bi ne na: "*Bi jamano ji jegeñsee, ji Yeesu waree jóge àddina, dem asamaan, mu sigiñu ci dem Yerusalem.*" **(Lu 9:51**) Te bi muy dox, jëm Yerusalem, Yeesu wax na ay taalibeem: "*Fàww ñu sóob ma ci metit, te ba looluy mat, duma noppalu!*" **(Lu 12:50**)

Lu taxoon Yeesu sigiñu ci dem Yerusalem? Ngir jébbal boppam ci loxoy ñi ko bëgg a rey! **Lu doy waar a ngii!** Soo xamee ne, am na cib dëkk, ñu la bëgg a fitnaal te rey la, ndax dinga sigiñu ci dem dëkk boobu? Mukk! Waaye moom la Yeesu Almasi bi defoon, ndaxte xamoon na ne, **dee ni sarax suy dindi bàkkaar a taxoon mu juddu**. Yeesu ñëwul ci àddina ngir wut bànneexu boppam, waaye **ngir amal li yonent Yàlla yi bindoon bu yàgg ci mbiram**, maanaam: fàww Almasi bi sonn, tuur deretam ca gannaaw Yerusalem, ca tund, wa yonent Yàlla Ibraayma rendee woon xar ma wuutu woon doomam. Fàww li xaru tabaski doon misaal **am ci Yeesu**. Looloo taxoon Yeesu jëm Yerusalem, di dëkk boo xam ne, dafa meloon ci Moom ni kàmbu gaynde yu xiif, yu koy xaar.

Kon nag, man nanu wéy léegi ci sunu gëstu ci téereb Linjiil. Mu ne:

*Gannaaw loolu* ***ñu ànd jëm Yerusalem****, Yeesu jiitu; taalibe yi am njàqare, te ñi ci topp tiit. Noonu Yeesu* ***woowaat fukk ak ñaar ña cig wet, xamal leen li nar a xew ci mbiram****. Mu ne leen: Noo ngi dem Yerusalem,* **(Mk 10:32-33**)*[**te li yonent yi bindoon lépp ci mbirum Doomu nit ki dina mat**.]* **(Lu 18:31**) *...dees na jébbal Doomu nit ki ci loxoy sëriñ su mag sa ak xutbakat ya.* ***Dinañu ko àtte, teg ko dee, jébbal ko ñi dul Yawut, ñu ñaawal ko, di tifli ci kawam, dóor ko ay yar, rey ko****.* ***Waaye gannaaw ñetti fan dina dekki****.* **(Mk 10:33-34**)

*Waaye taalibe ya* ***dégguñu li mu leen doon wax****; kàddu yooyu ump na leen, te xamuñu li waxi Yeesu yooyu tekki. Bi Yeesu agsee dëkku Yeriko, am gumba gu toogoon ca wetu yoon wa, di yelwaan. Naka la gumba ga dégg mbooloo di jàll, mu laaj lan moo xew. Ñu wax ko ne: Yeesum Nasaret moo fay jaar. Noonu mu yuuxu ne: Yeesu, Sëtu Daawuda, yërëm ma! Ñi jiitu woon gëdd ko, ngir mu noppi. Waaye muy gën a yuuxu naan: Sëtu Daawuda, yërëm ma! Noonu Yeesu taxaw, santaane ñu indil ko ko. Bi mu jegesee, Yeesu laaj ko ne: Loo bëggoon ma defal la ko? Mu ne ko: Sang bi, damaa bëgg a gis. Noonu Yeesu ne ko: Na say bët gis! Sa ngëm faj na la. Ca saa sa mu daldi gis. Noonu mu topp ci Yeesu, di màggal Yàlla. Mbooloo mépp gis loolu, di sant Yàlla.* **(Lu 18:34-43**)

*Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya jege woon nañu Yerusalem, ba agsi dëkku Betfase ci wetu tundu Oliw ya. Noonu Yeesu yebal ñaari taalibe, ne leen: Demleen ci dëkk bi ci seen kanam. Bu ngeen eggee, dingeen gis* ***mbaam*** *mu ñu yeew ak cumburam; yiwileen leen, indil ma leen. Te bu leen kenn waxee dara, ngeen ne ko: Boroom bi da leen a soxla. Kon ca saa sa dina leen bàyyi, ñu dem. Yeesu def na noonu,* ***ngir la ñu waxoon jaarale ko cib yonent am****, bi mu naan: Waxal waa Siyon, seen buur a ngi ñëw ci yeen; ku lewet la, te war mbaam-sëf, dig cumbur, doomu mbaam.*

*Noonu taalibe ya dem, def loolu leen Yeesu sant. Ñu indi mbaam ma, moom ak cumbur ga, lal ci seeni yére,*

*Yeesu toog ca. Ña ëpp ca mbooloo ma lal seeni yére ca yoon wa, ñenn ña dagg ay cari garab, lal leen it ca yoon wa. Mbooloom ña ko jiitu ak ña ko topp ñépp di wax ca kaw naan: Osaana, yaw Sëtu Daawuda bi! Yaw miy ñëw ci turu Boroom bi, ku barkeel nga! Ca bérab yu gën a kawe, nañu ne: Osaana!* **(Mc 21:1-9**)

*Waaye ay Farisen yu nekkoon ca mbooloo ma ne Yeesu: Kilifa gi, yeddal sa taalibe yi! Noonu mu tontu ne: Maa ngi leen koy wax, bu ñu noppee ñoom, doj yiy xaacu! Bi Yeesu jegee dëkk ba ba séen ko,* ***mu jooy ko****, naan: Céy yaw itam, boo xamoon bésub tey yi la man a indil jàmm! Waaye...****rààññewoo jamano ji Yàlla ñëwe, wallusi la****!* **(Lu 19:39-42,44**)

*Bi nga xamee ne, Yeesu dugg na Yerusalem, dëkk ba bépp yengatu ne:* ***Kii moo di kan****? Mbooloo ma tontu leen ne: Kii moo di yonentu Yàlla Yeesu, bi jóge Nasaret ci Galile. Bi loolu amee, Yeesu dugg ca kër Yàlla ga, dàq ñépp ña fay jaay ak ña fay jënd. Mu* ***daaneel taabali weccikatu xaalis ya****, ak tooguy jaaykati pitax ya, naan: Mbind mi nee na:* ***Sama kër dinañu ko wooye këru ñaan ci Yàlla...waaye yeen def ngeen ko këru sàcc!***

*Noonu ay gumba ak ay lafañ ñëw ci moom ca kër Yàlla ga, mu faj leen. Bi nga xamee ne, sëriñ su mag sa ak xutbakat ya gis nañu yëf yu doy waar ya mu def, te dégg xale yu ndaw ya nekk ca kër Yàlla ga, di wax ci kaw naan:* ***Osaana, yaw Sëtu Daawuda bi****! ñu daldi mer* (ndaxte 'Osaana' mu ngiy tekki: Yàlla musal nu; te mujj a nekk baatu màggal Yàlla!). *Noonu [sëriñ sa] ne Yeesu: Ndax dégg nga li ñuy wax? Yeesu tontu leen ne: Waaw dégg naa ko. Ndax musuleen jàng lii ci Mbind mi: Ci gémmiñu perantal ak ñiy nàmp sàkkal nga sa bopp ay cant*? **(Mc 21:10-16**)

*Bi ko sëriñ su mag sa ak xutbakat ya déggee nag, ñu ragal ko, ndaxte mbooloo mépp dañoo waaru ci njàngaleem. Noonu ñu seet pexem reylu ko*. **(Mk 11:18**)

[Noonu Yeesu wax ay taalibeem naan:]***Waxtu wi*** *ñu war a feeñale ndamu Doomu nit ki* ***jot na****. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, fi ak peppu dugub ji wadd ci suuf jaarul ci dee, du man a weesu li mu doon: pepp doŋŋ. Waaye bu deeyee, dina jur pepp yu bare*. **(Yow 12:23-24**)

*Léegi nag damaa jàq. Lu may war a wax? Mbaa du dama naan: Baay, musal ma ci li nar a xew waxtu wiy ñëw? Déedéet,* ***ñëw naa sax ngir jaar ci waxtu woowu****. Baay, màggalal sa tur! Noonu ñu dégg baat bu jóge asamaan naan: Màggal naa ko ba noppi, te dinaa ko màggalaat! Mbooloo ma fa teewoon te dégg baat ba daldi ne: Dënnu la woon! Ñeneen naan: Malaakaa doon wax ak moom! Waaye Yeesu ne leen: Taxuma baat boobu jolli, waaye yeena tax. Àtteb àddina si jot na: léegi ñu dàq malaaka mu bon, mi jiite àddina si. Te man, bu ñu ma yékkatee, ma tiim suuf, dinaa wootal nit ñépp ci man.* ***Ci baat yooyu la doon misaale ni mu war a faatoo***. **(Yow 12:27-33**)

Nanu taxaw fii tuuti. Gis nanu ni Yeesu ware cumbur, dugg Yerusalem ak ni ko mbooloom Yawut ya sante, di ko tàccu, bëgg koo fal seen buur. Waaye mbooloo ma xamul woon lu tax Yeesu dugg Yerusalem. Taalibey Yeesu yi sax rààññewuñu li naroon a xew. Dañu yaakaaroon ne, Yeesu dina musal xeetu Yawut ya ci seen nootaangeg noon, maanaam: ci nguuru Room. Waaye loolu taxul woon Almasi bi Yeesu ñëw ci àddina si. **Ñëwul ngir tas nguuru Room, waaye ngir tas nguuru Seytaane**. Wàccul ngir soppi àddina su yàqu si, waaye **ngir soppi xolu nit ñi**. Ci dëgg-dëgg, benn bés, Yeesu Kirist dina dellusi ngir àtte waa àddina si, te defaraat dunyaa bépp, waaye bi mu jëkkee ñëw ci àddina, dafa **ñëwoon ngir dee ni sarax**; ngir musal doomi Aadama ci seen peyug bàkkaar.

Nanu wéy léegi ci nettali bi. Mbind mi ne na:

*Bés bu nekk Yeesu di* ***jàngale*** *ca kër Yàlla ga. Sëriñ su mag sa ak xutbakat ya, ñoom ak njiiti xeet wa, ñu ngi ko* ***doon wut a reylu****. Waaye xamuñu woon lan lañu man a def, ndaxte nit ñépp a ngi ko doon déglu, bañ benn baat raw leen*. **(Lu 19:47-48**)

*Benn bés Yeesu doon jàngal nit ña ca kër Yàlla ga, di leen yégal xebaar bu baax bi. Sëriñ su mag sa ak xutbakat ya ak njiit ya ñëw, ne ko: Wax nu ci ban sañ-sañ ngay defe yëf yii, walla* ***kan moo la may boobu sañ-sañ****. Yeesu tontu leen ne: Man itam dinaa leen laaj lenn: wax leen ma, la Yaxya daan def, di sóob nit ñi ci ndox, fu mu ko jële, ci Yàlla walla ci nit ñi? Ñu waxtaan ci seen biir naan: Bu nu nee: Ci Yàlla, dina laaj: Lu tax gëmuleen ko kon? Te bu nu nee: Ci nit ñi; mbooloo mépp dinañu nu sànni ay xeer, ndaxte gëm nañu ne Yaxya yonent la woon. Noonu ñu tontu ne, xamuñu fu mu ko jële. Yeesu ne leen: Kon man itam duma leen wax ci ban sañ-sañ laay defe yëf yii.*

*Noonu Yeesu daldi wax nit ña léeb wii:* ***Amoon na nit, ku jëmbët toolu réseñ****, batale ko ay beykat, dem tukki tukki bu yàgg. Bi tool bi ñoree nag, mu yónni surga ci ñoom, ngir jot wàllam ci meññeef gi. Waaye beykat yi dóor ko ay yar, dàq ko, mu dellu ak loxoy neen. Mu yónniwaat beneen surga, ñu dóor ko moom itam, toroxal ko, dàq ko, mu dellu ak loxoy neen. Mu yónneeti ñetteelu surga, ñu gaañ ko, dàq ko.*

*Boroom tool ba daldi ne: Nan laay def nag? Dinaa yónni sama doom, sama reeni xol. Xaj-na ñu weg ko, moom. Waaye bi beykat yi gisee doom ji, ñu ne ci seen biir: Kii moo war a doŋŋ tool bi; nan ko rey, moom ndono li! Ñu génne ko tool bi nag, rey ko.*

*Noonu Yeesu laaj leen: Nu leen boroom tool bi di def, nag? Xanaa ñëw, rey beykat yooyu, dénk tool ba ñeneen. Bi Yeesu waxee loolu, nit ña ne ko: Yàlla tere! Waaye Yeesu ne leen jàkk, daldi ne: Kon nag lu baat yii ci Mbind mi di tekki:* ***Doj wa tabaxkat ya sànni, mujj na di doju koñ. Képp ku dal ci doj woowu, dammtoo, te ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la****! Xutbakat ya ak sëriñ su mag sa ñu ngi doon wut a jàpp Yeesu ca taxawaay ba,* ***ndaxte xam nañu ne, ñoo tax mu wax léeb woowu****. Waaye ragal nañu mbooloo ma.* **(Lu 20:1-19**)

Noonu la Yeesu tontoo woon ñi ko doon wut a rey, jaarale ko ci léebu beykat yu soxor yi. Ndax xam ngeen li léeb woowu di tekki? Jafewul a firi. Ci léeb wi, Boroom bi Yeesoo ngi ciy méngale **Yàlla** ak boroom tool bi. Toolu réseñ yi, mooy **xeetu Israyil**. Beykat yu soxor yi dañuy misaal **kilifay Yawut ya**. Surga, yi boroom tool bi yónni ci beykat yi, maanaam surga, yi beykat yi xeeboon te sonnal leen, ñooy **yonent yi**. Te doomu boroom tool ba, di ki beykat yi reyoon, mooy misaal **Almasi bi Yeesu**.

Noonu gis nanu ni sëriñ sa ak xutbakat ya mere lool, ndaxte xamoon nañu xéll ne, ñoom la Yeesu doon wax. Xamoon nañu ne, ñoom la Yeesu doon méngale ak beykat yu soxor, yi fitnaal surgay boroom tool ba, te mujj a rey doomam sax. Naka noonu, Yeesu tegoon na leen **ñu sàggane waxu yonent yi**, ak **ñi naroon a mujj a bóom Almasi bi, di Doomu Yàlla Aji Kawe ji**. Te Yeesu yemul woon rekk ci wax leen léeb wi, waaye tariloon na leen it li ñu bind ci Sabóor ci mbiram, naan: "***Doj wa tabaxkat ya sànni, mujj na di doju koñ****. Képp ku dal ci doj woowu, dammtoo, te ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la!*" **(Lu 20:17,18 Ps 118**)

Noonu la Yeesu doon artoo kilifay diine yi, te di leen xamal ne, képp ku bañ a nangu **Musalkat**, bi Yàlla fal, Musalkat boobu dina mujj a nekk **sa Àttekat**!

Aa, baalleen nu àq mbokk yi, waaye sunu jot jeex na. Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Bu sóobe Yàlla, ci emisyoŋ biy ñëw, dinanu wéy ci nettali bu doy waar bi ci mbirum Yeesu ak kilifay diine yi. Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ci mbirum Almasi bi, bi mu naan: "***Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko!***" **(Yow 1:10**)

# 80 Wax yu dëgër te dëgg

(Macë 22-25)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci sunu njàng mi weesu, gisoon nanu **ni Almasi bi Yeesu duggee woon dëkku Yerusalem**. Li ci doy waar mooy **Yeesu xamoon na xéll ne, Yerusalem moo di fa sëriñ sa ak xutbakat ya nekkoon, ñoom ñi mànkoo ci bóom ko**! Yeesu xamoon na lépp li ko waroon a dal, waaye terewul mu dugg Yerusalem, ndaxte dee ni sarax suy dindi bàkkaar a taxoon mu juddu. Te ay fan rekk a desoon, laata ko sëriñ sa di jàpp, ngir reylu ko.

Kon nag mbokk yi, fu ngeen man a tollu léegi, nu ngi leen di ñaan, ngeen dékk nu seeni nopp, te déglu ni Boroom bi Yeesu artoo kilifay diiney Yawut yi, te gëdd leen ndax seen naaféq ak seen coxor. Wax yi nu nar a dégg tey, wax yu **dëgër te metti** lañu, waaye ni ngeen ko xame, léeg-léeg dëgg gi noonu lay mel. Ci lu wóor, "**Dëgg, kaani la**."

Ni nu ko gise woon ci emisyoŋ bi weesu, bés bu nekk Yeesu doon na jàngale ca kër Yàlla, ga nekk Yerusalem. Te it, bés bu nekk, sëriñ sa ak xutbakat ya doon nañu ko wut a reylu. Waaye xamuñu woon nan lañu ko man a defe, ndaxte nit ñépp a ngi doon déglu Yeesu ak tekk ak teey, bañ benn baat raw leen.

Naka noonu, ci Linjiilu Luug, saar ñaar fukk, Mbind mi ne na:

*Noonu [sëriñ su mag sa di ko] yeeru, daldi yónni ay nit* ***ñu mbubboo njub****, sas leen* ***ñu fexe koo jàpp ci ay waxam****, ngir jébbal ko boroom réew, ma yor kilifteef ak sañ-sañ. Ñu daldi ñëw ci Yeesu, ne ko: Kilifa gi, xam nanu ne li ngay wax te di ko jàngale lu jub la. Amuloo parlàqu, waaye dangay xamle yoonu Yàlla ci bu wóor. Wax nu, ndax jaadu na, nu fey buur bi Sesaar galag walla déet. Waaye Yeesu xam na seen pexe* [*ak seen naaféq, mu ne leen: Lu tax ngeen bëgg maa fiir? Indilleen ma posetu denariyon, ma seet. Ñu jox ko poset bi. Noonu Yeesu laaj leen*: **(Mk 12:15,16**) *Kan lañu ci def nataalam ak turam? Ñu tontu ko: Sesaar. Noonu mu ne leen:* ***Joxleen nag Sesaar li Sesaar moom, te jox Yàlla li Yàlla moom****! Noonu mënuñu ko woon a jàpp ciy waxam ci kanamu mbooloo ma; ñu waaru ci tontoom, ba wedam.* **(Lu 20:20-26**)

*Bés boobale ay* ***Sadusen*** *ñëw ci moom. Sadusen yi nag ñoom gëmuñu ne ndekkite am na. Noonu ñu laaj ko naan: Kilifa gi, Musaa nee woon na ci Tawreet: Boo xamee ne góor dee na te amul doom, na rakkam donn jabaram, ngir sàkkal magam njaboot. Amoon na ci nun nag juróom-ñaari góor, ñu bokk ndey ak baay. Taaw ba séyoon na, faatu; rakk ja donn jabar ja, ndaxte amul woon doom. Ñaareel ba ak ñetteel ba def noonu, ba ci juróom-ñaareel ba. Gannaaw ñoom ñépp, jigéen ja faatu. Ci ndekkite li nag, jabaru kan lay doon ci juróom-ñaar ñi, ndaxte ñépp jël nañu ko?* **(Mc 22:23-28**)

*Waaye Yeesu tontu leen ne:* ***Yeena ngi cig réer, ndaxte xamuleen Mbind mi mbaa kàttanu Yàlla!*** **(Mc 22:29**) *Ci àddina sii, góor ñi ak jigéen ñi dañuy séy. Waaye ña ñu àtte ne, yeyoo nañoo bokk ci dundu ëllëg ak ci ndekkite li, kenn du am jabar, kenn du am jëkkër. Dafa fekk ne mënatuñoo dee, ndaxte dañuy mel ni malaaka yi. Ay doomi Yàlla lañu ndaxte doomi ndekkite li lañu. Te Musaa sax wone na ne, néew yi dinañu dekki, ci saarum ngarab si. Foofa Musaa wooye na fa Boroom bi: Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, di Yàllay Yanqóoba. Kon nag nekkul Yàllay ñi dee waaye Yàllay ñiy dund la, ndaxte Yàllaa tax ñépp di dund.* **(Lu 20:34-38**)

*Bi nga xamee ne, mbooloo ma dégg nañu loolu, ñu waaru ndax li mu jàngale. Gannaaw gi,* ***Farisen ya*** *yég nañu ne, yey na Sadusen ya. Kon nag ñu daldi daje. Noonu kenn ci ñoom, ka nekk xutbakat, fexe koo fiir. Mu laaj ko: Kilifa gi, ban ndigal moo gën a màgg ci yoonu Musaa? Yeesu tontu ko ne:* ***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, ak sa xel mépp****. Loolu moo di li jëkk te ëpp ci li Yàlla santaane.*

*Te ñaareel bi noona la mel: **Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp**. Ñaari ndigal yooyu tënk nañu yoonu Musaa wépp, moom ak waxi yonent yi.*

*Bi Farisen ya dajee nag, Yeesu laaj leen: **Lu ngeen xalaat ci Almasi bi; kan la nekk sëtam**? Ñu tontu ko: Daawuda. Noonu Yeesu ne leen: Lu tax nag Daawuda, bi muy wax ci kàttanu Xelu Yàlla mi, di ko wooye Boroom bi ne: Boroom bi wax na sama Boroom: Toogal ci sama ndeyjoor, ba kera may daaneel say noon ci sa kanam. Gannaaw Daawuda nag wooye na ko: Boroom bi; nu muy nekke sëtam? Ci kaw loolu kenn mënu koo tontu genn kàddu. Te **li dale ci bés booba kenn ñemeetu koo laaj dara**.* **(Mc 22:33-46)**

*Gannaaw loolu Yeesu waxoon na mbooloo ma ak taalibeem ya, ne leen: Xutbakat ya ak Farisen ya ñu ngi toog ci jalu Musaa... [Wànte] buleen roy seeni jëf, ndaxte dañuy **wax waaye duñu ko jëfe**. Dañuy takk say yu diis, yen leen nit ñi, waaye duñu ko nangoo laal sax ak seen cati baaraam. Dañuy def seeni jëf yépp, ngir nit ñi gis leen, di takk ay téere yu réy, tey réyal seeni laari mbubb. Ca reeri xew yi, toogu yu yiw lañuy taamu, tey féete kanam ca jàngu ya. Dañoo bëgg ñépp nuyoo leen ñaari loxo ca pénc ma, di leen wooye: Kilifa gi. Waaye yeen buñu leen wooye: Kilifa gi, ndaxte kenn rekk moo di seen Kilifa, te yeen ñépp ay mbokk ngeen. Te buleen tudde kenn seen baay ci àddina, ndaxte kenn rekk moo di seen Baay, ki ci kaw. Buñu leen tudde it ay njiit, ndaxte kenn rekk moo di seen Njiit, mooy Kirist. Ki gën a mag ci yeen mooy ki nangoo nekk seen surga. **Kuy yékkatiku, dees na la suufeel; kuy suufeelu, ñu yékkati la**.*

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi tëj nguuru Yàlla Aji Kawe ji ci kanamu nit ñi; yeen dungeen ci dugg, te dungeen bàyyi ku ci bëgg a dugg, mu dugg ci!*

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi wër géej ak suuf, ngir sàkku benn taalibe, ba noppi ngeen def ko nitu safara, ku leen yées ñaari yoon!* **(Mc 23:1-15)**

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi sàkk asaka ci naana ak anet ak kumin, te sàggane yi gën a màgg ci yoonu Musaa, maanaam njub, yërmande ak ngëm. Loolu ngeen war a def, waxuma nag ngeen bàyyi la ca des. Yeen njiit yu gumba yi! Yeena ngi segg wallax-njaan, tey wann giléem!*

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi setal bitib kaas bi ak ndab li, waaye ci biir dafa fees ak càcc ak ëppal. Farisen yu gumba yi! Jëkkleen a setal biir kaas bi ak ndab li, ngir biti bi itam set!*

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal. Ci biti am nañu melo wu rafet, waaye ci biir dañoo fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. Yeen itam, ci ngistal dangeen a mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon!*

*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, **dingeen torox**! Ndaxte yeena ngi tabax xabruy yonent yi, tey rafetal bàmmeeli ñu jub ñi. Te yeena ngi wax ne: Bu nu fekke woon sunu jamanoy maam, dunu ànd ak ñoom ci tuur deretu yonent yi. Seede ngeen nii ne, yey ngeen seen bopp, te yeenay doomi ñi doon rey yonent yi, di aw seen tànki baay, ba yées leen sax. Yeen ñi mel ni ay jaan, te fees ak daŋar niy co, naka ngeen di mucce mbugalu safara? ... **(Mc 23:23-33)***

*Yerusalem, Yerusalem, yaw miy rey yonent yi, tey sànni ay doj ndaw yi, ba ñu dee, aka maa bëggoon a dajale say doom, ni ginaar di wuufe ay cuujam, te **nanguwuleen**!* **(Mc 23:37)**

*Bi Yeesu waxee ba noppi, mu génn ca kër Yàlla ga, dem. Noonu ay taalibeem ñëw ci moom, ngir won ko tabaxi kër Yàlla ga. Waaye mu tontu leen ne: Du gis ngeen yii yépp? Ci dëgg maa ngi leen koy wax, **lii lépp dina daanu, ba doj dootul des ci kaw doj**. Noonu, bi nga xamee ne Yeesu toog na ca tundu Oliw ya, taalibeem ya ñëw ci moom cig wet. Ñu ne ko: Wax nu kañ la loolu di am, te luy tegtale ne, yaa ngi ñëw te àddina di tukki?*

*Yeesu tontu leen ne: **Moytuleen, bu leen kenn nax**. Ndaxte ñu bare dinañu ñëw ci sama tur ne: Maa di Kirist; te dinañu nax ñu bare. Dingeen dégg ay xare ak coowi xare; wottuleen, buleen ci tiit, ndaxte loolu war na am, waaye booba muju jamano ji jotagul. Xeet dina jóg, xeex ak weneen xeet, réew xeex ak meneen réew. Dina am ay xiif ak ay yengu-yenguy suuf ci bérab yu bare. Waaye loolu lépp mooy ndoortel metit yi, mel ni jigéen juy matu. Bu boobaa, dees na leen jébbale, metital leen, rey leen; te xeet yépp dinañu leen bañ ndax sama tur. Bu loolu amee, ñu bare dinañu dàggeeku, di booleente tey bañante. Te it **ñu bare ñuy mbubboo turu yonent dinañu feeñ, nax nit ñu bare**.* **(Mc 24:1-11**)

*Booba nag, bu leen kenn waxee: Kaayleen gis, Kirist a ngi fi; mbaa: Mu nga fale; buleen ko gëm. Ndaxte ñi mbubboo turu Kirist ak ñi mbubboo turu yonent dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ñi Yàlla tànn, su loolu manoon a am. **Wax naa leen ko lu jiitu**. Bu ñu leen waxee nag: Seetleen, mu nga nale ca àll ba; buleen génn, mbaa ñu ne: Seetleen mu ngi nii ci biir kër gi; buleen ko gëm. Ndaxte ni melax di fàqe penku, te lerax ba sowu, noonu la ñëwu Doomu nit ki di mel...*

*Gannaaw metitu bés yooyule nag, ca saa sa jant bi dina lëndëm te weer wi dootul leer; biddiiw yi dinañu fàq, daanu ci asamaan, te kàttani asamaan yi yengu. **Booba firnde ji taxaw, Doomu nit ki feeñ ci asamaan, te xeeti àddina sépp dinañu jooy. Dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ànd ak kàttan ak ndam lu réy**. Dina yónni ay malaakaam ak baatu liit bu dégtu, ñu dajale ñi mu tànn ci ñeenti xebla yi, fa asamaan dale ba fu mu yem.* **(Mc 24:23-27,29-31**)

*Boo xamee ne, Doomu nit ki mu ngi ñëw ci ndamam, ànd ak malaaka yépp, booba dina falu ni buur, toog ci jalam bu soloo ndam. Bu boobaa, dees na dajale xeeti àddina yépp ci kanamam, te dina leen xàjjale, ni sàmm di xàjjalee xar yi ak bëy yi, mu teg xar yi ci ndeyjooram, bëy yi ci càmmooñam. Noonu Buur bi dina wax ñi féete ndeyjoor: Agsileen, yeen ñi sama Baay barkeel, jëlleen nguur gi ñu leen waajal li dale ci njàlbéenug àddina! ... Gannaaw loolu dina wax ñi ci càmmooñam: Soreleen ma yeen ñi alku, te dem ci safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam! ...**Noonu ñii dinañu sóobu ci mbugal gu dul jeex, waaye ñi jub dinañu tàbbi ci dund gu dul jeex!**"* **(Mc 25:31-34,41,46**) Amiin.

Kon nag, mbokki déglukat yi, fii lanu war a yem tey. Dégg nanu ni Boroom bi Yeesu **gëdde** woon kilifay diine yi ndax seen naaféq. Dégg nanu it, ni mu **artoo** woon ay taalibeem ci mbirum ñi naroon a ñëw ci ginnaawam, mbubboo turu yonent, ba nax nit ñu bare. Te ci mujj ga, dégg nanu ni Boroom bi Yeesu **yéglee** woon ni mu nar a dellusee ci àddina, jóge asamaan ak malaakaam yu am kàttan yi, ngir àtte ñi bañ a déggal xebaar bu baaxu Yàlla ci lu jëm ci Almasi bi.

Waaw, **wax yu dëgër** lanu dégg tey, waaye yemuñu ci dëgër rekk – **waxi dëgg** lañu tamit. Te naka noonu, **wax yu neex** lañu ci noppi ku leen gëm, ndaxte Boroom bi Yeesu ne na: "***Dingeen xam dëgg gi te dëgg gi dina leen goreel!***" **(Yow 8:32**) Amiin!

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox daje, beneen yoon, ngir gis ni benn ci taalibey Yeesu deme ca sëriñ su mag sa ngir wor Yeesu, jébbal ko loxoy ñi ko bëgg a rey. Su fekke ne bëgg ngeen waxtaan ak nun ci li ngeen di dégg ci emisyoŋ *YOONU NJUB* yi, man ngeen nu yónnee seen adarees te dinanu leen booleek kenn ci sunuy mbokk yi dëkk ci sa diiwaan walla ci gox bi nga dëkk ngir nga waxtaan ak moom ci Kàddug Yàlla gi. Nun nag sunu adarees mooy: YOONU NJUB, B.P. 370 St. Louis. YOONU NJUB, B.P. 370 St. Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Boroom bi Yeesu wax bi mu naan: "***Yeena ngi cig réer, ndaxte xamuleen Mbind mi mbaa kàttanu Yàlla!" Wànte "dëgg gi dina leen goreel!***" **(Mc 22:29 Yow 8:32**)

# 81 Reer bu mujj bi

(Macë 26)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ni ko ñi ëpp ci yeen xame, fi nu tollu ci sunu tukki ci Mbind mu Sell mi, nu ngiy gëstu ci Linjiil, di téere bu sell, biy nettali xebaar bu baax ci mbirum Yeesu, miy Rammukat bu sell, bi ganesi àddina ngir goreel doomi Aadama ci kilifteefu Seytaane. **Yeesu wuute woon na lool ak yeneen nit ñépp, ndaxte mooy Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga, te feeñu ci kaw suuf ci bindu nit**. Gisoon nanu ne, Almasi bi Yeesu kenn rekk la ci **juddoom**, ndaxte ci janq la juddoo, ci kàttanug Xelum Yàlla. Naka noonu itam, Yeesu, kenn rekk la ci **jikkoom**, ndaxte jikko ju sell la judduwaale, te musul a def bàkkaar. Ci lu jëm ciy **jëfam** nag, kenn musul a def kéemaan yu mel ni yi mu def. Yeesoo ëpp doole Seytaane ak rabam yépp, ngelaw li ak géej gi, feebar ak dee. Te ci lu jëm ci **njàngaleem**, ay noonam sax waxoon nañu ne: "*Kenn musul a waxe ni nit kooku!*" **(Yow 7:46**)

Waaw, Yeesu Kirist kenn rekk la woon ci juddoom, ci jikkoom, ciy jëfam ak ci njàngaleem. Waaye loolu taxul woon ñépp ràññe ne, Yeesu mooy Musalkat, bi jóge asamaan. Lu ëpp ci doomi Aadama xamuñu woon ku mu doon dëgg-dëgg. Dañu ko boole rekk ci yonent yi, waaye ràññewuñu ne mooy Yàlla mi leen ganesi ci boppam! Ci lu jëm ci kilifay diine Yawut ya, ñoom, yemuñu woon ci bañ a xam ku mu doon, waaye dañu mànkoo sax ci reylu ko! Naka noonu, ci njàng mi weesu, déggoon nanu ni Yeesu gëdde woon xutbakat ya ak sëriñ sa, ndax seen naaféq ak seen coxor. Waaye waxi Yeesu yooyu taxul ñu réccu. Kilifay diine ya, benn xalaat doŋŋ lañu amoon. Muy: **fàww ñu reylu Yeesu**!

Yeesu xamoon na xéll ne, dina dee ci Yerusalem, te boroom diine yooyu ñoo koy reylu. Naka noonu, gisoon nanu ne, Yeesu xamal na ay taalibeem ni ko sëriñ su mag sa ak xutbakat ya nar a tege dee, jébbal ko waa Room, ngir ñu ñaawal ko, di tifli ci kawam, dóor ko ay yar, daaj ko ci bant. Waaye gannaaw ñetti fan dina dekki! Noonu la Yeesu xamlee woon deewam ca bant ba ak ndekkiteem ca bàmmeel ba. Wànte Almasi bi Yeesu yemul woon rekk ci yégle **nan** la naroon a deewe, ak **fan** la waroon a deewe, waaye ci saar wii nekk ci sunu kanam tey, dinanu ci gis ni mu yéglee woon sax **kañ** la waroon a dee.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci Linjiilu Macë, saar ñaar-fukk ak juróom-benn, ngir déglu ni Yeesu waajale woon deewam ca bant ba. Mbind mi ne na:

*Bi nga xamee ne, Yeesu wax na loolu lépp ba noppi, mu ne taalibeem ya: Xam ngeen ne, ñaari fan a des ci màggalu bésu Teggi ba, te dinañu wor Doomu nit ki, daaj ko ci bant*. **(Mc 26:1-2**)

Ndax dégg ngeen li Yeesu wax ay taalibeem? Dafa leen xamal ne, doomi Aadama dinañu ko daaj ci bant **ci bésu màggalu Teggi ba**. Loolu lu am maana lool la. Ci sunu gëstu ci Tawreet, jàngoon nanu ci mbirum bésu Teggi ba. Bésu Teggi ba, ci tubaab moom lañuy wooye Paag, daa na xew ca weeru Yawut wu jëkk, dëppook weeru tubaab, wi ñuy wax awril. At mu nekk, ci xew moomu, Yawut yi daan nañu fàttaliku la xewoon ca jamanoy Musaa, ba xeetu Israyil nekkee jaami buur bu soxor bu tuddoon Firawna. Ca jamano jooju, Yàlla reyoon na bépp taaw bu góor ci këri waa Misra yi, ngir Firawna bàyyi xeetu Israyil ñu dellu ci seen réew. Waaye Yàlla joxoon na bànni Israyil ndigal ne, njaboot gu nekk waroon na rendi menn mbote mu sikkul, taqal deret ja ca seen bunti kër. Yàlla dafa leen digoon, ne: "***Su ma gisee deret ji, dinaa leen teggi!***" **(Ex 12:13**) Noonu, mbote ma deewoon na ci palaasu taaw ba. Yàlla jotoon na leen ak **deretu mbote ma**.

Noonu, diirub junni at ak juróomi téeméer, Yawut ya doon nañu rendi ay mbote at mu jot ca màggalu bésub Teggi ba, ngir fàttaliku ni leen Yàlla musale ci musiba dee, mi wàccoon ci réewum Misra. Wànte Yàlla

bëggul ñu yem ci **geestu**, fàttaliku li xewoon rekk. Jaare ko ci saraxi mbote yooyu, Yàlla dafa bëggoon ñuy xool kanam, **séentu** bés, bi Almasi bi naroon a tuur deretam ci bant ba, ngir musal bàkkaarkat yi ci musiba mu raw bépp musiba, di safara su dul fey mukk! Deewug Rammukat bi ci bant dafa waroon a nekk sarax su mujj si, di sarax su mat sëkk si yoonu Yàlla wu jub wi laajoon. Te Yàlla, ci xam-xamam, dogaloon na ne, Rammukat bi dina tuur deretam ci bésu màggalu Teggi ba, ba **amal misaalu saraxu mbote ma**, di àggale pexe mi Yàlla rabatoon ngir musal bàkkaarkat yi ci àtteem bu jub bi.

Léegi nag, nanu dellusi ci Linjiil. Man nanu tàmbalewaat ak aaya bu jëkk bi.

*Bi nga xamee ne, Yeesu wax na loolu lépp ba noppi, mu ne taalibeem ya: Xam ngeen ne,* ***ñaari fan a des ci màggalu bésu Teggi ba, te dinañu wor Doomu nit ki, daaj ko ci bant****. Booba nag sëriñ su mag sa ak njiiti xeet wa dajaloo ca kër gu réy gu sëriñ bu mag ba, tudd Kayif. Ñu daldi gise, ba xam lu ñu man a fexe, ba jàpp Yeesu, reylu ko. Waaye ñu ne: Bumu doon ci bésu màggal bi, ngir yengu-yengu bañ a am ci nit ñi.* **(Mc 26:1-5**)

*Ca waxtu woowu kenn ci fukki taalibe ya ak ñaar, ku tudd Yudaa Iskariyo, dem ca sëriñ su mag sa, ne leen: Lan ngeen ma man a jox, ngir ma jébbal leen Yeesu. Noonu sëriñ sa daldi ko waññal fanweeri poseti estateer. Li dale ci saa soosa nag Yudaa di fexe jamano, ju mu leen man a jébbal Yeesu.* **(Mc 26:14-16**)

[Noonu,] *bés bu jëkk ca màggal ga...taalibey Yeesu laaj ko: Foo bëgg, nu defaral la reeru Teggi bi? Bés bu jëkk booba nag mooy bés, ba ñuy faral a rendi xarum màggalu Teggi ba. Noonu Yeesu yebal ñaar ci taalibe yi, ne leen: Demleen ca dëkk ba, foofa góor, gu yenu njaq lu def ndox, dina taseek yeen, ngeen topp ko. Kër gi mu dugg nag, ngeen ne boroom kër gi: Kilifa gi nee na: Ana néegu gan, bi may lekke reeru Teggi bi, man ak samay taalibe? Dina leen won néeg, bu féete kaw te yaa, ñu defar ko, ba lépp jekk. Foofa ngeen nuy defarale reer bi. Bi mu ko waxee, taalibe ya dem ca dëkk ba, gis lépp, ni leen ko Yeesu waxe woon. Noonu ñu defar reer bi.* **(Mk 14:12-16**)

***Bi waxtu wi jotee****, Yeesu toog ak ndaw yi, ne leen:* ***Yàkkamti woon naa lool lekk ak yeen reeru Teggi bii, laata ñu may sonal****. Ndaxte maa ngi leen koy wax, dootuma ko lekk mukk, lu dul ba kera mu mat ci nguuru Yàlla.* **(Lu 22:14-16**) *Bi ñuy lekk nag, Yeesu ne leen: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, kenn ci yeen, ku bokk ak man di lekk sax, dina ma wor. Taalibe yi nag am naqar, ñu daldi ko ne kenn-kenn: Mbaa du man? Mu tontu leen: Kenn ci yeen fukk ak ñaar la, kuy cappandoo ak man ci ndab li. Doomu nit ki mu ngi dem, ni ñu ko waxe ci Mbind mi, waaye ki koy wor dina torox. Bañoon a juddu moo gën ci moom.* **(Mk 14:18-21**) *Yudaa mi ko nar a wor, laaj ko: Mbaa du man, kilifa gi? Yeesu ne ko: Wax nga ko.* **(Mc 26:25**) *Yudaa nag jël dogu mburu ma, daldi génn ca saa sa. Booba guddi woon na.* **(Yow 13:30**)

*Noonu, bi ñuy lekk, Yeesu jël* ***mburu****, sant Yàlla, [damm ko, jox leen ko naan: Jëlleen, lii sama yaram wi ma joxe la ngir yeen, Defleen lii, ngir fàttaliku ma.] Gannaaw loolu mu jël* ***kaas****, sant Yàlla, jox leen ko, ñépp naan ci. Mu ne leen: Lii sama deret la, ji fas kóllëre gi, te mu tuuru ngir ñu bare.* **(Mk 14:22-24**)

Loolu lañu bind ci Linjiil mu jëm ci reer bu mujj, bi Yeesu lekkandook i taalibeem, laata muy tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar. Dégg nanu ni Yeesu xamale woon fukki taalibeem ya ak ñaar ne, kenn ci ñoom dina ko wor. Moo di Yudaa Iskariyo. Ci bëti nit, Yudaa taalibey Yeesu bu takku la woon, waaye ci biir xolam, Yudaa xaalis ak mbiri àddina la fonkoon. Looloo taxoon Yudaa dem ca sëriñ su mag sa, ne leen: Lan ngeen ma man a jox, ngir ma jébbal leen Yeesu? Noonu sëriñ sa daldi ko waññal fanweeri poseti xaalis. Te li nu war a fàttaliku mooy loolu lépp xewoon na ngir amal li yonent Yàlla Sakariya yégle woon bu yàgg, bi mu bindee ne: *Dees na wor Almasi bi ci fanweeri poseti xaalis.* **(Zec 11:12**)

Waaye li gën a am solo ci lépp li nuy sooga jàng, mooy li Yeesu wax bi mu séddoo ak i taalibeem mburu mi ak kaas bi. Ndax dégg ngeen li mu leen wax? Nanu ko jàngaat. Mbind mi dafa ne:

"*Noonu, bi ñuy lekk, Yeesu jël* ***mburu****, sant Yàlla, damm ko, jox leen ko naan: Jëlleen, lii* ***sama yaram*** *wi ma*

*joxe la ngir yeen, Defleen lii, ngir fàttaliku ma. Gannaaw loolu mu jël* ***kaas****, sant Yàlla, jox leen ko, ñépp naan ci. Mu ne leen: Lii sama* ***deret*** *la, ji fas kóllëre gi, te mu tuuru ngir ñu bare.* **(Mk 14:22-24**)

Noonu, gis nanu ni Yeesu defe woon **ñaari misaal** ci kanamu taalibeem ya. Misaalu **mburu mi** ak misaalu **kaas bi**. Mburu, mi Yeesu dammoon, te jox ko ay taalibeem, dafay **misaal** yaramam, wi muy joxeji, ngir doomi Aadama man a dund ci jetaayu Yàlla ba fàww. Ci lu jëm ci kaas bi nag, war ngeen xam ne, ndoxum réseñ moo ci nekkoon, te loolu dafay **misaal** deret, ji Yeesu Almasi bi naroon a tuur ngir feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar.

Noonu, jaare ko ci **misaalu mburu mi** ak **misaalu kaas bi**, Yeesu doon na jàngal ay taalibeem ne, **joxe yaramam te tuur deretam a tax mu ganesi àddina**. Kuy dund ci suuf, ku nekk, war nga **lekk** ñam te **naan** ndox, naka noonu itam, ku bëgg a dund ba fàww ci jetaayu Yàlla, fokk nga **gëm** ne, Yeesu Kirist mooy ñam wiy joxe dund gu dul jeex gi, te deret ji mu tuur, mooy pexe mi Yàlla indi woon ngir jot la ci alkande, ji bàkkaar indi.

Aa, mbokki déglukat yi, su nu fàttee lépp li nu jàng tey, ba mu des lenn, na nekk lii: **Yeesu Kirist ganesi na àddina ngir gàddul la sa yenu bàkkaar**. Loolu mooy **xebaaru yonent Yàlla yi** ci tënk. Yàlla man na la baal say bàkkaar, jaarale ko ci deretu Rammukat bu sell, ji la tuurul. Diirub junniy at Yàlla doon na laaj saraxi mala ngir jéggal doomi Aadama seeni bàkkaar. Loolu mooy Kóllëre gu jëkk, gi Yàlla dénk ay yonentam.

Waaye Yeesu Almasi bi mooy Ki indi woon Kóllëre gu bees gi, ndaxte mooy **Ki mataloon misaalu saraxi mala yépp**, bi mu tuuree deretam ci bant bi. Yeesu Kirist ci boppam mooy Mbote mu mujj, mi ñu reyoon ca bésu Teggi ba, ngir képp ku ko gëm mucc ci àtteb Yàlla bu jub bi. Looloo tax Mbind mu sell mi ne: "[**Yeesu**] ***Kirist deewal na nu ca bant ba, mel ni mbote mu ñu rendi, jébbal ko Yàlla ca màggalu bésu Teggi ba***." **(1Ko 5:7**) "***Kirist mi musul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wàll, ngir ci sunu bokk ci moom, nu man a doon njubteg Yàlla***." **(2Ko 5:21**)

"*Deretu Yeesu, [mbotem Yàlla,]...dina nu sellal ci bépp bàkkaar!*" **(1Yow 1:7 Yow 1:29**) "*Xam ngeen ne, Yàlla jot na leen ci seen dund gu tekkiwul dara, gi maam ya nekkoon; te jotuleen ak yu deme ni xaalis mbaa wurus yuy wéy,* ***waaye ci deretu Kirist ju tedd ji, mel ni mbote mu sikkul te wàññikuwul****. Yàlla xamoon na ko, ba àddina sosoogul, waaye léegi ci mujug jamano feeñal na ko ndax yeen, ñi jaar ci moom, gëm Yàlla. Te Yàlla dekkal na ko, sol ko ndam, ngir ngeen wékk seen ngëm ak seen yaakaar* ***ci Yàlla****!*" **(1Pi 1:18-21**) Amiin.

Ngeen xalaat bu baax ci li ngeen dégg tey nag mbokki déglukat yi, ndax Yàlla dafa bëgg a leeral seen xel ci dëgg yu réy yooyu yépp. Ci njàng miy ñëw nag, bu soobe Yàlla, dinanu àggale nettali, bi jëm ci reer bu mujj bi, te gis ni sëriñ su mag sa jàppe Yeesu ngir rey ko. Su fekkee ne, bëgg nga am téere, buy yaatal sa xam-xam ci Mbind mu Sell mi, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li ñu bind ci kàddug Yàlla, ne: "***Deretu Yeesu, [mbotem Yàlla,]...dina nu sellal ci bépp bàkkaar!***" **(1Yow 1:7 Yow 1:29**)

# 82 Jàpp nañu Yeesu

(Yowaana 14; Macë 26)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci emisyoŋ bi weesu, jàngoon nanu ci mbirum **reer bu mujj**, bi Yeesu lekkandoo woon ak i taalibeem laata muy dee. Déggoon nanu ni Boroom bi Yeesu xamale woon fukki taalibeem ya ak ñaar ne, kenn ci ñoom dina ko wor, jébbal ko ay noonam. Gisoon nanu it ni Yeesu séddoo woon ak i taalibeem mburu mi ak kaas bi, di leen jàngal noonu ne, mburu mi mu dammoon, day misaal yaramam, wi muy joxeji ngir doomi Aadama man a dund ci asamaan ba fàww. Te kaasu ndoxum réseñ bi, di misaal deret, ji mu naroon a tuur ngir Yàlla man noo baal sunu boru bàkkaar ba fàww. Noonu la Yeesu doon woneewaat ay taalibeem ne, tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar a tax mu ganesi àddina.

Tey jii nag, danu fas yéene jëm kanam ci Linjiil, ngir déglu yeneen **wax yu neex te xóot**, yi génne ci gémmiñu Boroom bi Yeesu, ci **guddi gi ko sëriñ su mag sa ak seeni alkaati jàppsee**. Nu ngiy jàng ci Linjiilu Yowaana, saar fukk ak ñeent.

*Yeesu xamoon na ne, waxtu wi mu war a joxe bakkanam jot na. Mu daldi wax ay taalibeem, naan: Buleen jàq. Gëmleen* ***Yàlla*** *te gëm* ***ma****.* ***Am na néeg yu bare ca sama kër Baay, bu dul woon noonu, ma wax leen ko, ndaxte maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk****. Te su ma leen defaralee bérab booba ba noppi, dinaa dellusi, yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yeen itam. Te fa ma jëm, xam ngeen yoon wi.*

*Tomaa ne ko: Boroom bi, xamunu fa nga jëm. Kon nan lanuy man a xame yoon wi? Yeesu ne ko:* ***Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci [Yàlla] Baay bi te jaarul ci man****. Ndegam xam ngeen ma, dingeen xam itam sama Baay. Lu weesu tey, xam ngeen ko te gis ngeen ko. Filib ne ko: Boroom bi, won nu [Yàlla] Baay bi; loolu doy na nu. Yeesu tontu ko ne: Ni ma yàggeek yeen te ba tey Filib, xamuloo ma?* ***Ku ma gis, gis nga Baay bi****. Kon nag nan ngay man a laaje, naan: Won nu Baay bi? Xamuloo ne maa ngi nekk ci Baay bi te Baay baa ngi ci man? Kàddu yi ma leen di wax jógewuñu ci man, waaye Baay bi nekk ci man mooy matal ay jëfam. Gëmleen li ma leen wax ne: Maa ngi ci Baay bi te Baay baa ngi ci man; walla boog, gëmleen ndax jëf yi.* **(Yow 14:1-11**)

*Bu ngeen ma bëggee, dingeen topp sama ndigal. Te dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen* ***beneen Dimbalikat****, buy nekk ak yeen ba abadan. Kooku mooy* ***Xelu Yàlla, mi yor dëgg gi****. Àddina du ko man a nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yeen xam ngeen ko, ndaxte mi ngi dëkk ak yeen te dina nekk ci yeen. Duma leen bàyyi ngeen wéet. Dinaa dellusi ci yeen. Des na tuuti ci kanam, àddina du ma gisati; waaye yeen dingeen ma gis. Dinaa dund, moo tax yeen itam dingeen dund. Bu keroogee, dingeen xam nag ne, nekk naa ci sama Baay, yeen it nekk ngeen ci man, te maa ngi nekk ci yeen. Ki ma bëgg, mooy kiy nangu samay ndigal te di ko topp. Ku ma bëgg, Baay bi bëgg la, te man dinaa la bëgg, di la feeñu...* **(Yow 14:15-21**)

*Ku ma bëgg dina sàmm sama kàddu. Sama Baay dina ko bëgg te nun dinanu ñëw ci moom, te dëkk ci moom. Ku ma bëggul doo sàmm sama kàddu. Li may wax nag, jógewul ci man, waaye mi ngi soqikoo ci ki ma yónni. Lii dama leen koy wax ci bi may nekk ak yeen. Waaye* ***Dimbalikat****, bi leen Baay bi di yónnee ci sama tur,* ***muy Xelam mu Sell****, dina leen jàngal lépp, di leen fàttali li ma leen waxoon lépp. Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina mënul a joxe. Buleen jàq, buleen tiit.* **(Yow 14:23-27**)

Noonu la Boroom bi Yeesu dëfële xoli taalibeem, di leen waajal ngir li naroon a ami. Ndax dégg ngeen li leen Yeesu yégaloon ci lu jëm ci **Dimbalikat bi**? Lu am maana lool la, te war ngeen ko xam, ndaxte am na ci sunu jamanoy tey ñuy dëngal waxi Yeesu, ngir gëmloo nit ñi ne, Yeesu dafa yégle dikku beneen yonent. Waaye li Yeesu wax ci mbirum Dimbalikat bi, mënul a nekk yonent, ndaxte Yeesu ne na Xel kese la te kenn mënu

ko gis. Du malaaka, du mbindaafon.

Kan mooy Dimbalikat boobu nag? Yeesu moom ci boppam waxoon na nu ki mu doon. Nanu dégluwaat li Yeesu waxoon ci mbiram. Mu ne:

"*Dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat, **buy nekk ak yeen ba abadan**. Kooku mooy **Xelu Yàlla**, mi yor dëgg gi. ... **Dina nekk ci yeen**. Duma leen bàyyi ngeen wéet. Waaye Dimbalikat, bi leen Baay bi di yónnee **ci sama tur**, **muy Xelam mu Sell**, dina leen jàngal lépp, di leen fàttali **li ma leen waxoon lépp**.*" **(Yow 14:16-18,26**)

Kon nag, kan mooy Dimbalikat, bi Yeesu digoon ay taalibeem? Mooy **Xel mu Sell**, mi jóge ci Yàlla te nekkoon ci Yeesu. Mooy Xel mu Sell, mi Yàlla naroon a sol ci xolu képp ku gëm Boroom bi Yeesu. Yeesu digoon na ay taalibeem ne, ginnaaw bu deewee, dekki, te dellu asamaan, dina leen yónnee Xelam mu Sell, ngir mu dugg ci seeni xol, juddulaat leen, sellal leen, dooleel leen, te gindi leen "*ci lépp lu jëm ci yoonu dëgg.*" **(Yow 16:13**) Te fileek njàng yu néew, bu sóobe Yàlla, dinanu gis ni loolu ame woon tembe ca Yerusalem, ndaxte fukki fan ginnaaw ba Yeesu yéegee ba ca asamaan, Xel mu Sell mi wàccoon na ba fees xoli taalibey Yeesu yépp, ni mu ko digeewoon.

Mbokk yi, li nu leen bëgg a wax ci mbirum Dimbalikat bi, di Xel mu Sell mi, bare na, ndaxte li mu man a def ci dundu bàkkaarkat, neex na lool, waaye fàww nu jëm kanam léegi, ngir gis li xewoon ci guddi gu metti googu Yeesu tàggoo ak i taalibeem. Noonu, Mbind mi ne na:

*Gannaaw loolu ñu woy Yàlla, ba noppi génn, **dem ca tundu Oliw ya**. Booba Yeesu ne leen: Yeen ñépp dingeen ma dàggeeku ci guddi gii, ndaxte [yonent yi] bind nañu: Dinaa dóor sàmm bi, xari jur gi tasaaroo. Waaye bu ma dekkee, dinaa leen jiituji Galile. Piyeer nag daldi jël kàddu gi naan: Bu la ñépp dàggeekoo, man duma la dàggeeku mukk. Yeesu ne ko: Ci dëgg maa ngi la koy wax, ci guddi gii, bala ginaar a sab, dinga ma weddi ñetti yoon. Piyeer tontu ko: Boo xamee ne sax, damaa war a dee ak yaw, duma la weddi mukk. Taalibe yépp it waxe noonu.*

*Bi loolu amee, Yeesu ànd ak ñoom ba ca bérab bu tudd **Setsemane**, mu ne taalibe ya: Toogleen fii, ma dem fale, ñaan fa. Bi mu waxee loolu, mu ànd ak Piyeer ak ñaari doomi Sebede, daldi am tiis ba xonett. Mu ne leen: **Sama xol dafa tiis, ba may bëgg a dee**; toogleen fi, xool ak man. Bi mu waxee loolu, Yeesu dem ci kanam tuuti, ne nërëm ci suuf, di ñaan ne: **Sama Baay, bu manee am, na ma kaasu naqar bii teggi! Moona, bumuy ci sama coobare, waaye na sa coobare am**.* **(Mc 26:30-39**)

Nanu taxaw fii tuuti. Lan mooy kaasu naqar, bi Yeesu ragal a naan? Lu taxoon Yeesu am tiis ba bëgg a dee? Lii moo tax: Yeesu xamoon na ne, waxtu wi mu war a gàddul doomi Aadama seen mbugalu bàkkaar, jege na! **Waxtu, wi yonent Yàlla yépp yégle woon jot na**! Nit ñi dinañu fitnaal Rammukat bi, ba daaj ko sax ci bant, wànte li gënoon a metti ci Yeesu, moo doon li mu xamoon ne, Yàlla Baayam, bi ko bëgg, te mu bëgg ko, dina ko yen mbugalu bàkkaaru waa àddina sépp! Loolu moo taxoon Yeesu ñaan ne: "*Sama Baay, bu manee am, na ma kaasu naqar bii teggi! Moona, bumuy ci sama coobare, waaye na sa coobare am!*" **(Mc 26:39**)

Kon Mbind mi ne na:

*Noonu [Yeesu] ñëw ca taalibe ya, fekk leen ñuy nelaw. Mu ne Piyeer: Amuleen sax dooley xoolandoo ak man benn waxtu? Xoolleen te ñaan, ngir bañ a daanu cig fiir; seen xol jag na, waaye seen bind a woyof. Yeesu **delluwaat** di ñaan, ne: Sama Baay, bu fekkee ne, kaasu naqar bii mënu maa teggi te naanuma ko, kon na sa coobare am! Yeesu ñëwaat ca taalibe ya, fekk leen ñuy nelaw, ndaxte seeni bët dañoo diis. Mu daldi leen bàyyi, waxaat loolu **ñetteel bi yoon**. Noonu mu ñëw ca taalibe ya, ne leen: Nelawleen léegi te noppalu. Waxtu, wu ñu ma war a jébbale ci loxoy bàkkaarkat yi, jege na. Jógleen nu dem; xoolleen, ki may wor a ngi nii, di ñëw.*

*Bi muy wax loolu nag, **Yudaa** [Iskariyo] mi bokkoon ca fukki taalibe ya ak ñaar te naroon koo wor, agsi, ànd ak mbooloo mu bare, jóge ca sëriñ su mag sa ak ca njiiti xeet wa, te gànnaayoo jaasi ak yet. Fekk Yudaa moomu joxoon na leen tegtal, ne leen: Ki may fóon, moom la; jàppleen ko. Mu daldi ñëw ci Yeesu nag, ne ko: Salaamu àleykum, kilifa gi! daldi ko fóon bu tàng. Yeesu tontu ko: Sama xarit, xam naa lu tax nga ñëw. Noonu ñu daldi jegesi, song ko, **jàpp ko**.*

*Ca saa sa kenn ci ñi ànd ak Yeesu bocci jaaseem, dóor surgab sëriñ bu mag ba,* **(Mc 26:40-51)** [*noppu ndeyjooram dagg. Waaye Yeesu daldi laal noppu waa ja, wéral ko, di wax ki ko bëgg a aar ne:*] **(Lu 22:50,51)** *Roofal sa jaasi ci mbaram, ndaxte ku bocci jaasi, jaasi moo lay rey. **Xanaa xamuloo ne, man naa laaj sama Baay, te dina ma may ci taxawaay bi mbooloom malaaka mu xel dajul. Waaye su ma ko defoon, nan la Mbind mi man a ame? Ndaxte Mbind mi nee na, nii la war a ame**.* **(Mc 26:52-54)**

*Noonu Yeesu ne sëriñ su mag sa ak kilifay wottukati kër Yàlla ga ak njiiti xeet wa ko jàppsi woon: Jóg ngeen, gànnaayoo jaasi ak yet, mel ni ñuy topp sàcc. Moona maa nga woon ak yeen bés bu nekk ca kër Yàlla ga, te jàppuleen ma. **Waaye léegi seen waxtu la, ak jamanoy lëndëm gi!*** **(Lu 22:52-53)**

*Ci kaw loolu taalibe yépp dëddu ko, daw. Ña jàppoon Yeesu yóbbu ko kër Kayif, sëriñ bu mag ba, fa xutbakat ya ak njiit ya daje.* **(Mc 26:57)**

Noonu, gis nanu tey, ni Yeesu jébbale woon boppam ci loxoy ñi ko bëgg a réy. Xëy na am kuy laaj ne: Waaye, lu taxoon Yeesu bàyyi boppam ci loxoy noonam? Moom mi dalaloon ngelaw li, di dàq rab yi, di faj gumba yi, di dekkal ñi dee – **lu waraloon mu bañ a musal boppam ciy noonam**? Yeesu ci boppam wax na nu lu ko waral. Ndaxte bi ko kenn ci ay taalibeem bëggee aar, Yeesu ne na ko:

"*Roofal sa jaasi ci mbaram ... Xanaa xamuloo ne, man naa laaj sama Baay, te dina ma may ci taxawaay bi mbooloom malaaka mu xel dajul. **Waaye su ma ko defoon, nan la Mbind mi man a ame? Ndaxte Mbind mi nee na, nii la war a ame**.*" **(Mc 26:52-54)**

Lu taxoon Yeesu bàyyi ay noonam nag, ñu jàpp ko? Dafa ko defoon **ngir amal Mbindi yonent yi**. Ndaxte yonent Yàlla yépp yégle woon nañu bu yàgg ne: Fàww Almasi bi dékku ay coono, tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar. Fàww Rammukat bu jub bi dee ngir ñi jubadi, ngir yóbbu leen fa Yàlla. Waaw, Almasi bi Yeesu ganesi na àddina ngir amal waxi yonent yi. Loolu moo taxoon mu bàyyi ay noonam, ñu jàpp ko.

Kon mbokk yi, fii nag lanuy yem tey, wànte fas nanu yéene tasewaat ak yeen ci njàng miy ñëw ngir gis ni sëriñ su mag sa ak waa Yerusalem ak seeni kilifa àndandoo ngir àtte Yeesu, ba daan ko, te amale noonu waxu yonent yi.
Nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp ñu ngi koy amal ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. Buleen fàtte def seen adarees ci mbind mu leer. Jërëjëf.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu waxoon ay taalibeem, bi mu naan: "***Sama ñam moo di def coobarey ki ma yónni te àggale liggéey, bi mu ma sant. Baay bi bëgg na ma, ndaxte damay joxe sama bakkan ngir jëlaat ko. Kenn du ko jële ci man; maa koy joxe ci sama coobarey bopp**.*" **(Yow 4:34 10:17,18)**

# 83 Daan nañu Yeesu

(Macë 26,27; Yowaana 18,19)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunu tukki ci Mbind mu Sell mi, gisoon nanu ni yonent Yàlla yépp yéglee woon **pexe mi Yàlla rabatoon** ngir musal bàkkaarkat yi ci mbugal gu dul jeex. Lan mooy pexem mucc moomu? Mooy deewug Almasi bi ca bant ba. Yonent Yàlla yépp seede nañu ne, fàww Almasi bu Jub bi dee, tuur deretam ngir ñi jubadi, gàddul nu sunu mbugalug bàkkaar, mel ni xarum tabaski, mu sikkul te wàññikuwul. **Ci pexe moomu kese** la nu Yàlla man a baale sunuy bàkkaar, te **ba tey dëkk ci njubteem**.

Léegi nag, ci sunu gëstu 'chronologique' ci Mbindi yonent yi, nu ngiy jege nettali bu jëkk ci maana, di nettali bu 'historique' jëm ci deewug Yeesu Kirist ak ndekkiteem. Kon nag, ndegam neex na Yàlla, tey, ak ci njàng yi di ñëw, dinanu jëm kanam ci Linjiil ba gis ni Almasi bi Yeesu jébbale bakkanam dee, ngir gàddu bàkkaaru nit ñu bare.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni sëriñ su mag sa jënde ab workat, mu yóbbu leen fa Yeesook i taalibeem nekkoon. Noonu gisoon nanu **ni ñu jàppe Yeesu**, yeew ko, yóbbu ko. **Doy na waar de**! Lu taxoon Yeesu, mi fees dell ak dooley Yàlla, bàyyi ay noonam, ñu jàpp ko? Dafa leen bàyyi ñu jàpp ko **ngir amal waxi yonent**, yi yégle ne: Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ngir képp ku ko gëm, Yàlla baal la say bàkkaar.

Léegi nag, nanu wéy ci Linjiil ba gis li xewoon ci guddi gu lëndëm googu, ginnaaw ba kilifay diine ya jàppee Yeesu. Mbind mi ne na:

***Ñi jàpp Yeesu, yóbbu ko ci sëriñ bu mag bi, te foofa la sëriñ su mag si, njiit yi ak xutbakat yi yépp dajaloo****.* *Piyeer nag topp ko fu sore, ba ci ëttu sëriñ bu mag bi, mu toog fa ak alkaati yi, di jaaru ci taal bi.*

*Noonu sëriñ su mag si ak kureelu àttekat yi yépp di* ***wut ku man a seede lu daan Yeesu****, ba ñu man koo reylu, waaye gisuñu kenn. Teewul sax naaféq ñu bare ñëw, seede ci Yeesu lu dul dëgg, waaye seen seede ànduñu. Ba mujj naaféq taxaw, seede ci moom naan: Nun daal dégg nanu, mu ne: Dinaa toj kër Yàlla, gii loxoy nit liggéey, tabax ci ñetti fan geneen, gu nit liggéeyul. Waaye ba tey seeni wax ànduñu.*

*Ci kaw loolu sëriñ bu mag bi taxaw ci seen kanam, ne Yeesu: Doo tontu? Lu la nit ñi di jiiñ? Waaye Yeesu tontuwul dara, ne cell. Sëriñ bu mag bi dellu nag ne ko: Ndax yaa di Almasi bi, Doomu Yàlla ju tedd ji? Yeesu tontu ko:* ***Moom laa****. Te dingeen gis, Doomu nit ki toog ci ndeyjooru Aji Kàttan ji, di ñëw ci niiri asamaan! Bi ko sëriñ bu mag bi déggee nag, mu daldi mer, ba xotti ay yéreem, naan: Weddi na Yàlla, lu nu doyeeti seede? Lu ngeen ci xalaat?* ***Noonu ñépp teg ko dee****! Ci kaw loolu ñu daldi tifli ci moom, takk ay bëtam, di ko dóor ay kurfeñ, naan ko: Yaw, wax nu ci kàddug Yàlla, ku la dóor? Ba noppi alkaati yi teeru ko ak ay pes.*

***Piyeer*** *nag ma nga toogoon ci ëtt bi féete suuf. Noonu benn mbindaanu sëriñ bu mag ba romb fa. Mu gis Piyeer di jaaru, xool ko jàkk, naan: Yaw itam àndoon nga ak Yeesum Nasaret moomu. Waaye Piyeer weddi ko, naan: Xawma li ngay wax, dégguma ci dara. Mu daldi génn, dem ca buntu kër ga. Foofa nag mbindaan mi gisaat ko, mu ne ñi fa taxaw: Waa jii ci ñoom la bokk. Waaye Piyeer weddiwaat ko. Nes tuuti ñi fa taxaw ne Piyeer: Yaw mii de, ci lu wóor bokk nga ci, nde waa Galile nga. Waaye Piyeer daldi giñ ak a waat, naan: Xawma nit ki ngay wax. Ci saa si ginaar sab ñaareelu yoon. Noonu Piyeer fàttaliku li ko Yeesu wax: Bala ginaar a sab ñaari yoon, dinga ma weddi ñetti yoon. Mu daldi jooy jooy yu metti.* **(Mk 14:53-72)**

*Ci suba teel [nag], sëriñ su mag sépp ak njiiti xeet wa gise, ngir fexee reylu Yeesu. Ñu yeew ko, yóbbu ko, jébbal ko Pilaat boroom réew ma. Bi nga xamee ne,* ***Yudaa*** *mi woroon Yeesu gis na ne, daan nañu ko, mu am naqaru xol. Mu dem nag ca sëriñ su mag sa ak njiit ya, delloo leen fanweeri poset yu xaalis, ne leen: Am naa bàkkaar ci li ma wor nit ku tooñul, ngir ñu rey ko. Ñu tontu ko: Lu ciy sunu yoon? Loolu yaa ko yég. Noonu Yudaa sànni xaalis ba ca kër Yàlla ga, jóge fa, dem, takk buum ci baatam, xaru.* **(Mc 27:1-5**)

*Bi loolu wéyee, ñu jële Yeesu ca Kayif,* [kenn ci ñaari sëriñ yu mag yi,]***yóbbu ko ca kër boroom réew ma****. Ci waxtuw njël la woon. Waaye Yawut ya yéeguñu ca taaxum kaw ma. Dañoo bañoon a taq sobe, ngir man a lekk ca ñamu màggalu Jéggi ba. Looloo tax* ***Pilaat*** *boroom réew ma génn, dajeek ñoom. Mu laaj leen ne: Lu ngeen di jiiñ waa jii? Ñu tontu ko ne: Bu deful woon lu bon, duñu la ko jébbalsi. Pilaat ne leen: Jëlleen ko, yeen, te àtte ko ci seen yoon. Yawut yi ne ko: Yoon mayu nu, nu àtte nit, teg ko dee. Noonu la kàddug Yeesu gi ame, ci li mu misaaloon ni mu war a faatoo.*

*Gannaaw loolu Pilaat duggaat ca taaxum kaw ma, woo Yeesu, ne ko: Ndax yaa di buuru Yawut yi? Yeesu tontu ko ne: Ndax yaa ko xalaat, wax ko, am dañu la koo xelal ci man? Pilaat ne ko: Mbaa xalaatoo ne, man Yawut laa? Sa xeet ak sëriñ su mag si ñoo ma la jébbal. Lan nga def? Yeesu tontu:* ***Sama kilifteef nekkul ci àddina. Bu sama kilifteef nekkoon àddina, sama surga yi dinañu xeex****, ngir bañ ñu jébbal ma Yawut yi. Waaye sama kilifteef nekkul àddina. Pilaat ne ko: Kon yaw buur nga? Yeesu tontu ko: Wax nga ko; buur laa.* ***Lii moo tax ma juddu, ñëw àddina: ngir wax dëgg gi. Ku bokk ci dëgg gi dina nangu li ma wax****. Pilaat laaj ko ne: Luy dëgg gi? Bi mu waxee loolu ba noppi, Pilaat daldi génnaat, jëm ca Yawut ya, ne leen: Gisuma ci moom genn tooñ! Seen aada laaj na, ma bàyyil leen kenn, saa su ñuy def màggalu bésu Teggi bi. Xanaa ma bàyyil leen buuru Yawut yi? Noonu ñu daldi yuuxuwaat: Déedéet, waxunu kii; Barabas lanu wax! Fekk Barabas moomu taskatu réew la woon.* **(Yow 18:28-40**)

[Noonu] *Pilaat ne sëriñ su mag sa ak mbooloo ma:* ***Gisuma genn tooñ ci nit kii!*** *Waaye ñu sax ci seeni wax naan: Mi ngi jógloo mbooloo mi, di jàngale ci réewu Yawut ya mépp, li dale ci Galile ba fii! Bi Pilaat yégee baat yooyu, mu laajte ne: Ndax nit kii Galile la dëkk? Bi mu yégee ne, Yeesoo ngi nekk ci diiwaan bi Erodd yilif, mu yónnee ko Erodd, mi nekkoon ci jamano jooju ci Yerusalem.*

*Bi* ***Erodd*** *gisee Yeesu, mu am mbég mu réy. Bu yàgg ba tey dafa koo bëggoon a gis, ndaxte déggoon na ñuy wax ci ay mbiram te yaakaaroon na ne, dina ko gis mu def kéemaan. Noonu mu laaj ko ay laaj yu bare, waaye Yeesu tontuwul dara. Sëriñ su mag sa ak xutbakat yaa nga fa woon, di ko jiiñ bu metti. Noonu Erodd ak ay xarekatam toroxal Yeesu, di ko ñaawal. Gannaaw loolu mu solal ko mbubb mu rafet, delloo ko Pilaat. Erodd ak Pilaat dañoo bañante woon bu jëkk, waaye ca bés booba doon nañu ay xarit.*

*Pilaat daldi woo sëriñ su mag sa, njiit ya ak mbooloom Yawut ya, ne leen: Indil ngeen ma nit kii, ne ma, day jàddloo yoon mbooloo mi. Léegi nag man mii laaj naa ko ci seen kanam, waaye* ***gisuma tooñ ci moom ak li ngeen koy jiiñ lépp****! Erodd itam gisul tooñ gu mu def, ndegam yónneewaat na nu ko! Nit kii deful genn tooñ gu jar ñu koy rey. Kon nag dinaa ko dóorlu ay yar te bàyyi ko. Waaye ñu bokk di yuuxu, ñoom ñépp naan: Reyal kii te bàyyi* ***Barabas****! Dañoo tëjoon Barabas, ndaxte dafa jéem a tas dëkk ba, te rey nit. Pilaat waxaat ak mbooloo ma, ndaxte dafa bëggoon a bàyyi Yeesu. Waaye ñuy yuuxu naan:* ***Daaj ko ci bant****!* ***Daaj ko ci bant****, ba mu dee! Pilaat ne leen ñetteel bi yoon: Lu tax? Gan tooñ la def? Gisuma ci moom dara lu jar dee. Kon dinaa ko dóorlu ay yar te bàyyi ko.* **(Lu 23:4-22**)

*Noonu Pilaat joxe ndigal,* ***ñu dóor Yeesu ay yar****. Xarekat ya ràbb* ***kaalag dég****, teg ko ci boppu Yeesu, solal ko mbubbum xarekat mu xonq curr. Ñu di ko jegeñsi,* ***di ko pes****, naan ko: Nuyu nanu la, yaw buuru Yawut yi!* **(Yow 19:1-3**) [*Ba noppi ñu daldi tifli ci kawam, fab bantu xat ba, dóor ko ci boppam.*] **(Mc 27:30**) [Noonu] *Pilaat génnaat, ne leen: Gis ngeen, maa ngi leen koy indil ci biti, ngir ngeen xam ne, waa jii, gisuma ci moom genn tooñ! Yeesu nag génn, tegoo mbubbum xarekat mu xonq mi ak kaalag dég gi. Pilaat it ne leen: Waa jaa ngii! Waaye bi ñu ko gisee, sëriñ su mag sa ak alkaati ya di yuuxoo, naan:* ***Daaj ko ci bant****!* ***Daaj ko ci bant****, ba mu dee! Pilaat ne leen: Jëlleen ko, yeen, daaj ko ci bant, ndaxte gisuma ci moom genn tooñ. Yawut yi tontu ko ne: Am nanu aw yoon, te ci yoon woowu,* ***war na dee ndaxte teg na boppam Doomu Yàlla****.*

*Bi Pilaat déggee wax jooju, dafa gën a tiit, dugg ca taax ma, daldi ne Yeesu:* ***Foo jóge****? Waaye Yeesu tontuwu ko. Pilaat ne ko: Man ngay bañ a waxal? Xanaa xamuloo ne, am naa sañ-sañu bàyyi la, te am naa itam sañ-sañu daaj la ci bant? Yeesu tontu ko ne: Amuloo benn sañ-sañ ci man su dul bi la Yàlla jox. Looloo tax ba ki ma jébbal ci say loxo am na bàkkaar, bi gën a réy. Booba nag la Pilaat doon fexee bàyyi Yeesu. Waaye Yawut ya di yuuxoo, naan: Boo bàyyee kii, doo xaritu buur bi Sesaar. Nit ku teg boppam buur, noonub Sesaar la!* **(Yow 19:1-12**)

[*Bi Pilaat déggee loolu, te mu*] *xam ne, du ci man dara, fekk na sax yengu-yengu bi gën a am doole, mu daldi fab ndox, raxas ay loxoom ca kanamu mbooloo ma, ne leen: Set naa ci deretu ku jub kii; nu ngeen xam, defleen ko. Ñépp tontu ko: Na deretam dal ci sunu kaw ak sunu kaw njaboot!* **(Mc 27:24-25**) ***Noonu Pilaat, mi wut a neex mbooloo mi, bàyyil leen* [*reykat bi, di*] *Barabas,* [*jébbal leen Yeesu*]*, ngir ñu daaj ko ci bant*.** **(Mk 15:15**)

Kon nag, mbokki déglukat yi, dégg nanu tey ni sunuy maam amale waxu yonent yi, ci li ñu xeeb Almasi bu sell bi te jub, ba daan ko ngir mu dee! Lu tax ñu daan ko? **Ndaxte mënuñu woon a dékku leeru dëgg gi**. Yeesu waxoon na leen dëgg gi, te dëgg googu weer na seeni naaféq ak seeni ñaawteef. Yeesu Moom ci boppam mooy dëgg gi! Leer gi ñëw na ci àddina, waaye nit ñi lëndëm gi lañu taamu ndax seeni jëf yu bon. Te ndegam doom Aadama yi mënuñu woon a dékku Leer gi, kon amuñu pexe mu dul fexe fey ko. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Leer gi feeñ na ci biir lëndëm gi, te lëndëm gi jàppu ko! ... Kenn ci njiiti àddina si xamuñu ko...[suñu ko xamoon,] kon duñu rey Boroom ndam li ci bant bi.... [Boroom bi Yeesu Kirist,] ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko! Ñëw na ci réewam, te ay ñoñam nanguwuñu ko!* ***Teewul ñi ko nangu te gëm ci turam, may na leen, ñu am sañ-sañu nekk doomi Yàlla!***" **(Yow 1:5 1Ko 2:6,8 Yow 1:10-12**) Amiin.

Mbokk yi, jërë ngeen jëf ci déglu bi. Danu fas yéene tasewaat ak yee nag njàng miy ñëw ndegam neex na Yàlla, ngir gis ni bàkkaarkat yi amale woon li yonent Yàlla Daawuda bindoon ci Sabóor ci mbirum Almasi, bi naan: "Ñu bëtt samay loxo ak samay tànk!" **(Ps 22:17**)

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li yonent Yàlla Esayi yégle woon bu yàgg ci mbirum coonoy Almasi bi, bi mu naan: "***Fitnaal nañu ko, mu dékku ko te boolewu ca wax; mel ni xar mu ñuy rendiji, ni mburt mu luu ci kanami watkat, mu ne cell***." **(Isa 53:7**)

# 84 Yeesu dee na cib bant

(Macë 27; Yowaana 19)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Njàng mi weesu, gisoon nanu ci ni njiiti diiney Yawut yi jàppe woon Boroom bi Yeesu, yóbbu ko ci këru sëriñ bu mag ba ci guddi, **àtte ko** cig naaféq **ba daan ko**, yóbbu ko ci Pilaat boroom réew ma, ngir ñu daaj ko ci bant. Noonu gisoon nanu ni xarekat ya dóore woon Yeesu ay yar yu tar, ràbb kaalag dég, teg ko ci boppam, ñaawal ko, pes ko, tifli ci kawam, te fab bantu xat ba, di ko dóor ci boppam. **Noonu la doomi Aadama yi xeebe woon Aji Jub ji; di Boroom Ndam, li jóge asamaan**. Ñi fitnaale Yeesu noonu xamuñu waxu yonent yi. Teewul ñu ngi doon amal waxu yonent yi, ci li ñu daan Yeesu te fitnaal ko, ndaxte yonent yi bindoon nañu ne, noonu la Almasi bi war a sonne ci loxoy bàkkaarkat yi.

Tey ji nag, danu war a jëm kanam ci Linjiil, ba gis **ni sunuy maam daaje Yeesu ci bant, ba amal li yonent yi yégle woon bu yàgg**. Bala nuy tàmbale njàngum tey mi, war ngeen xam ne, ci jamano ji Yeesu doon dund ci kaw suuf, léeg-léeg nguuru Room dafa daan rey tooñkat yi ci kaw daaj leen cib bant, waaye googu dee tooñkat yi gën a soxor te bon rekk lañu ko jagleeloon. Ci Faraanse dañuy tudde dee googu: 'Crucifixion'. Dee gu mettee-metti la woon, te ànd ak toroxte ju réy-a-réy!

Xëy na am na kuy laaj: Lu taxoon Yàlla dogal Almasi bi, di reeni xolam, dee dee gu torox googu? Lii moo tax. Fàww Yeesu dee dee gu metti lool, ndaxte bàkkaar musiba mu metti la! **Bàkkaar mooy bon-bonu àddina**, te su fekkee ne Yàlla dina la baal say bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem, **fokk mu àtte say bàkkaar ak àtte bu jub te mat**! Ni nu ko gise woon ay yooni-yoon, Yàlla du man a baale bàkkaar nii rekk, ndaxte Àttekat bu Jub la! Fàww mu mbugal **bépp** bàkkaar! Peyug bàkkaar mooy dee ak safara su dul fey mukk! Wànte xebaar bu baax bi mooy Yàlla yónnil na nu Musalkat bu sell te am doole, ngir mu tuur deretam ni sarax suy dindi bàkkaar.

Kon nag mbokk yi, agsi nanu léegi ci **nettali bu sell**, bi xel mënta takk, ci lu jëm ci **ni Boroom bi Yeesu joxee bakkanam ci bant**, ngir musal nu ci merum Yàlla, mi waroon a dal ci sunu kaw ndax sunuy bàkkaar. Ci Linjiilu Yowaana, saar fukk ak juróom-ñeent, Mbind mi ne na:

***Noonu Pilaat jébbal leen Yeesu, ngir ñu daaj ko ci bant****. Bi leen ko Pilaat jébbalee, ñu jël ko, yóbbu. Yeesu ci boppam gàddu bant ba, génn ngir dem ca fa ñuy wax: Bérabu kaaŋu bopp; ñu koy wooye: Golgota; ci làkku yawut.* **(Yow 19:16-17**)

*Bi ñuy yóbbu Yeesu, ñu jàpp ku ñuy wax Simoŋ te mu dëkk Siren, ku jóge ca wet, ga féete ak tool ya, sëf ko bant, ba ñuy war a daaj Yeesu, ngir mu gàddu ko, topp ci moom. Mbooloo mu baree nga ko toppoon, te jigéen ñu baree ngi doon yuuxu, di ko jooy.* **(Lu 23:26-27**)

*... Yóbbaale nañu itam ñeneen, ñuy ñaari defkati lu bon, ngir rey leen. Bi xarekat ya agsee ba ca bérab, ba ñuy wooye Kaaŋu Bopp, ñu daaj fa Yeesu ca bant, daajaale ñaari defkati lu bon ya, kenn ca ndeyjooram, ka ca des ca càmmooñam. Noonu Yeesu ne:* ***Baay, baal leen, ndaxte xamuñu li ñuy def****! ... Mbooloo maa nga fa taxaw di seetaan. Njiit ya di ko reetaan naan: Musal na ñeneen; na musal boppam, su fekkee mooy Almasi bi, ki Yàlla fal! Xarekat ya it di ko ñaawal. Ñu jegesi, jox ko bineegar te naan: Su fekkee ne yaay buuru Yawut yi, musalal sa bopp!* **(Lu 23:32-37**)

*Pilaat santaane itam ñu bind, teg ko ca kaw bant, ba ñu ko daajoon. Mbind ma lii la wax: Kii mooy Yeesum Nasaret, buuru Yawut yi. Mbind mooma, Yawut yu bare jàng nañu ko, ndaxte fa ñu daajoon Yeesu ca bant ba jege woon na dëkk ba, te mbind ma ci làkku yawut la woon, ci làkku waa Room, ak ci gereg. Noonu sëriñ*

*su mag su Yawut ya ne Pilaat: Bul bind: Buuru Yawut; bindal rekk: Kii moo ne mooy buuru Yawut yi. Pilaat tontu leen ne: Xas naa koo bind, du deñ!*

*Xarekat ya, bi ñu daajee Yeesu ca bant ba, ba noppi dañoo jël ay yéreem, séddale ko ñeenti cér, ku nekk benn. Jël nañu it mbubbam, mu ñu ràbb ca kaw ba ci suuf te amul benn ñaw. Xarekat ya di waxante naan: Mbubb mi, bunu ko xotti, waaye nanu ko tegoo ay bant, ngir xam ku koy moom. Noonu la* [kàddu gi yonent Yàlla Daawuda bind ci Sabóor] ***waroon a ame**, bi mu naan: "Séddoo nañu samay yére, tegoo ay bant sama mbubb." Loolu nag la xarekat ya def.* **(Yow 19:19-24**)

[Naka noonu] *kenn ca defkatu lu bon ya ñu wékkoon ci bant, di ko xas, naan ko: Xanaa du yaw yaay Almasi bi? Musalal sa bopp te musal nu! Waaye ka ca des yedd moroom ma, naan ko: Xanaa ragaloo Yàlla, yaw mi ñuy mbugal ni moom! Nun yelloo nanu sunu mbugal waaye moom, deful dara. Noonu mu ne: Yeesu, fàttaliku ma, boo dellusee ci sa nguur. Yeesu tontu ko ne:* ***Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii dinga texe ak man ca jetaayu Yàlla***. **(Lu 23:39-43**)

*Li tàmbalee digg-bëccëg, ba ci tisbaar, réew mépp lëndëm. Ci tisbaar nag Yeesu wootee kàddu gu dëgër naan:* ***Elowi, Elowi, lema sabaktani***, *liy tekki:* ***Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma****? Ñenn ci ña fa taxaw nag, bi ñu ko déggee, ñu ne: Mu ngi woo yonent Yàlla Iliyas. Noonu* [am na ku] *ne: Bàyyileen, nu seet, ba xam Iliyas dina ñëw, wàcce ko*. **(Mk 15:33-36**) (Nit ñi waxoon nañu loolu ndaxte xamuñu li xew, te xamuñu li Yeesu waxoon. Ràññewuñu ne, ci biir waxtu yu lëndëm yooyu, li tàmbalee digg-bëccëg, ba ci tisbaar, réew mépp dafa lëndëmoon ndaxte **Yàlla moo yenoon Rammukat bu Sell bi, mbugalu bàkkaaru doomi Aadama yépp**, ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk!)

*Bi loolu wéyee, gannaaw Yeesu xam na ne, lépp mat na léegi, mu ne nag, ngir amal Mbind mi:* ***Damaa mar***. *Amoon na foofa gutt, bu fees ak bineegar. Noonu ñu jël sagar, tooyal ko ca, takk ko ci bantu garab, gu ñuy wax isob, teg ko ci gémmiñu Yeesu. Bi Yeesu muucoo bineegar bi, mu ne:* ***Lépp mat na!*** **(Yow 19:28-30**) [Noonu] *Yeesu woote ak kàddu bu dëgër, naan:* ***Baay, jébbal naa la sama ruu****! Bi mu waxee loolu, mu delloo ruuwam Yàlla*. **(Lu 23:46**)

*Bi mu ko defee, ridob* ***bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga xar ñaar, li dale ci kaw ba ci suuf****! Njiitu xare, bi taxawoon ci kanamu Yeesu nag, bi mu gisee ni Yeesu deeye, mu ne: Ci dëgg, nit kii Doomu Yàlla la! Amoon na fa nag ay jigéen, ñu leen dand, di xool. Xàmmee nañu ci: Maryaama mi dëkk Magdala, Maryaama yaayu Saag mu ndaw ak Yuusufa, ak Salome. Bi Yeesu nekkee Galile, jigéen ñooñu ñoo ko doon topp, di ko topptoo. Amoon na fa it yeneen jigéen yu bare, yu àndoon ak moom, ba ñëw Yerusalem.* **(Mk 15:38-41**)

*Keroog ba ñu dee waajal bésu noflaay ba la woon, te Yawut ya bëgguñu néew ya des ca bant ya, ndaxte bésu noflaay boobu fonkoon nañu ko lool. Ñu ñaan Pilaat, mu dammlu tànki ña ñu daajoon, te jële leen fa. Noonu xarekat ya dem, damm tànki ku jëkk ka, teg ca ka ca des, ca ña ñu daajaale woon ak Yeesu. Bi ñu agsee ci Yeesu, dammuñu ay tànkam, ndaxte gis nañu ne booba faatu na. Waaye* ***kenn ca xarekat ya daldi jël xeej, jam ko ko ci wet, ca saa sa deret ak ndox di tuuru****. Kiy nettali mbir yooyu, da cee teg bëtam, te li muy wax dëgg la. Moom ci boppam xam na ne, li muy wax dëgg la, ngir yeen itam ngeen gëm, ndaxte loolu dafa xew* ***ngir Mbind mi am****: Benn yaxam du damm. Lenn it Mbind mi wax na ko: Dinañu gis ki ñu jamoon.*

*Gannaaw loolu* ***Yuusufa mi*** *[bare alal, te mu]* ***dëkk Arimate, ñaan Pilaat ngir yóbbu néewu Yeesu****. Yuusufa taalibe Yeesu la woon ci lu kenn yégul, ndaxte dafa ragaloon Yawut ya. Pilaat may ko ko. Yuusufa daldi dem, yóbbu néewu Yeesu. Nikodem itam ñëw, moom mi masoon a seeti Yeesu guddi. Mu indaale lu war a tollook fanweeri kiloy cuuraay lu ñu defare ndàbbi miir ak banti aloos. Ñu jël néewu Yeesu, laxas ko ci càngaay, boole ko ak cuuraay li, ni ko Yawut yi tàmmoo def, bu ñuy waajal néew. Tool a nga woon ca wetu bérab, ba ñu daajoon Yeesu, te ca tool booba amoon na fa bàmmeel bu ñu musul a suul kenn. Ca bésu Waajal la woon, ba Yawut ya doon waajal bésu noflaay ba, te bàmmeel ba jege woon na. Foofa lañu denc Yeesu.*" **(Yow 19:31-42**)

Mbokk yi, fii lanu war a yem ci njàng mi tey, doonte sax nettalib Almasi bi yemul ci bàmmeel ba! Sunuy xol sedd nañu lool ci li nu leen man jox dox-daje ngir déglu njàng mi di ñëw, te tudd: '**Yeesu dekki na**!'

Ci lu wóor, li nu dégg tey, mbir mu doy waar la! Gis nanu ni sunuy maam xeebe woon Almasi bu sell bi te bóom ko ci daaj ko ci bant. Wànte li nu war a fàttaliku mooy deewug Almasi bi ci bant bi dafa dëppoo tembe ak yéene ju rafet, ji Yàlla amoon ba àddina sosoogul.

Ndax dégg ngeen li Boroom bi Yeesu yégle ci kaw bant ba, laata muy dee? Mu ne, "***Lépp mat na***!" Lu taxoon Yeesu ne, "*Lépp mat na!*"? Ci lu wér, diiney àddina si, duñu wax, "*Lépp mat na!*" Li ñuy wax mooy: "Dara matatul! Fàww nga musal sa bopp ci sa kaw i jëf yu baax! Ayca! Dee liggéey! Dara matatul! Ku bëgg a dem Àjjana, fàww nga jëf, sàkk sarax, topp say sàrti diine, fitnaal sa yaram ak nàngam ak nàngam!"

Waaye Xebaar bu baaxu Yàlla mooy: "***Lépp mat na!*** Gëmal rekk te dinga mucc! Kirist feyal na la sa boru bàkkaar ak deretam!" Alxumdulilaay, soxlatunu indi ay saraxi xar, ni ko sunuy maam ya jiite woon jamanoy Almasi bi waroon a defe. Yeesu Kirist mooy Sarax su mat sëkk si Yàlla joxe benn yoon ba fàww! "*Lépp mat na!*" Desatul dara ci nun, lu dul gëm li Yàlla seede ci Almasi bi ak saraxam. "*Lépp mat na!*" Li yonent yépp yégle woon ci lu jëm ci deewug Rammukat bu jub bi, mat na! Deewug Yeesu ca bant ba amaloon na li yonent Yàlla Esayi bindoon bu yàgg, bi mu naan:

"*Suul nañu [Almasi bi] ci biir ñu bon ña, rob ko ak ku bare alal, te moona musul a def lu bon te fen génnewul ci gémmiñam. ...* ***Wànte sunuy bàkkaar a tax mu gaañu, ne làcc ndax sunuy tooñ; mbugal gi nu may jàmm, moom la dal, ay góomam ñoo tax nu wér. Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te Aji Sax ji yen ko sunuy jubadi, nun ñépp!***" **(Isa 53:9,5,6**)

Yaw miy déglu tey, **ndax gëm nga yonent yi**? Ndax gëm nga ne Yeesu mooy Almasi bi te mooy ki mataloon liggéeyu mucc, bi yonent Yàlla yépp yégle woon? Ndax xam nga léegi lu waraloon deewug Rammukat bu Sell bi ci bant ba? **Man ak yaw** noo ko waral! **Sunuy bàkkaar ñoo tax** mu gaañu, mel ni xarum tabaski mu sikkul. Sunuy bàkkaar ñoo tax nu yelloo mbugal gu dul jeex ci safara. Waaye dootunu sànku, ndaxte Yàlla, ci kaw mbëggeel gu réy gi mu am ci nun, wàcce na Aji Sell, ji mu wooye Doomam ji mu bëgg, ngir mu gàddul nu sunu mbugalu bàkkaar. Moom la Mbind mu Sell mi wax, bi mu naan:

"*Kuy nangoo deeyal nit ku jub, yombul a gis, waaye nag jombul am na, ku nangoo deewal ku baax.* ***Waaye Yàlla firndeel na mbëggeelam ci nun, ci li Kirist dee ngir nun, bi nu nekkee sax ay bàkkaarkat!***" **(Ro 5:7,8**) "*Yeesu Kirist mi musul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wàll, ngir ci sunu bokk ci moom, nu man a doon njubteg Yàlla!*" **(2Ko 5:21**)

Jërëjëf ci déglu bi. Soo amee looy laaj ci lu jëm ci matug sarax si Boroom bi Yeesu defal doom Aadama yi walla beneen laaj, nanga nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci wax yu xóot te neex yi Yeesu yéene ca bant ba, laata muy dee, bi mu ne: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**)

## 85 Yeesu dekki na!

(Macë 28; Luug 24; Yowaana 20)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, gisoon nanu **ni Almasi bi Yeesu tuure woon deretam ca bant**, ba ñu ko daajoon, ngir fey bàkkaari àddina, te **ubbil bàkkaarkat yi buntu jàmm ba fàww**. Deewug Almasi bi ca bant ba, mooy xebaar bu gën a am maana ci Mbind mu Sell mépp, ndaxte dee googoo tax Yàlla man nu baal sunuy bàkkaar, te ba tey dëkk ci njubteem. Waaye su fekkee ne deewug Almasi bi mooy **xebaar bu gën a am maana**, li nuy jàng tey mooy **xebaar bu gën a neex**, ndaxte dinanu dégg **ni Yàlla dekkale Yeesu ca néew ya**.

Ni nu ko jànge woon, ginnaaw ba Yeesu saaye ca bant ba, kenn ci xarekat ya jël xeej, jam ko ci wetu Yeesu, te ca saa sa deret ak ndox di tuuru, doon firndeel ne, Yeesu dee na. Gisoon nanu it ni ku bare alal robe Yeesu, dugal ko ca bàmmeel bu bees, ba mu yettaloon boppam ciw doj. Noonu, ñu béraŋ doj wu mag ca buntu bàmmeel ba, dem.

Bu ko defee nag, Mbind mi ne na:

*Ba bët setee nag, ca bés ba topp bésu Waajal ba, sëriñ su mag sa ak Farisen ya dajaloo, jëm ci Pilaat. Ñu ne ko: Boroom réew mi, fàttaliku nanu ne, naxkat booba waxoon na, bi muy dund naan:* ***Gannaaw ñetti fan dinaa dekki****. Danoo bëggoon nag, nga santaane, ñu wottu bàmmeel ba, ba am ñetti fan, ngir bañ taalibeem ya ñëw, sàcc néew ba, tey yégle ne, dekki na. Bu ko defee, nax bu mujj boobu dina yées bu jëkk ba. Pilaat tontu leen: Amleen, ay wottukat a ngi nii. Demleen wottuji ko, ni ngeen mane. Noonu ñu dem, tëj bàmmeel ba bu wóor, ñu tay ca doj wa màndarga, teg fa wottukat ya*. **(Mc 27:62-66**)

*Gannaaw bésu noflaay ba nag, ca fajar ga,* ***ca bés bu jëkk ca ayu-bés ga****, Maryaamam Magdala ak Maryaama ma ca des dem, seeti bàmmeel ba. Fekk suuf yengu woon na bu metti, ndaxte* ***benn malaakam Boroom bi wàcc na ci asamaan, ñëw béraŋ doj wa, toog ci kaw****. Meloom mel na ni melax, ay yéreem weex tàll ni perkaal. Ñi doon wottu tiit bay lox, daldi mel ni ñu dee*. **(Mc 28:1-4**)

[Naka noonu, bi jigéen ña agsee ci sëg yi]*, ñu fekk ñu béraŋ doj wa uboon bàmmeel ba. Ñu dugg ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewu Boroom bi Yeesu. Noonu, ba ñu nekkee ak seen njaaxle, am na ñaar ñu leen feeñu, sol yére yuy melax. Jigéen ña am tiitaange ju mag, daldi dëpp seen jë ci suuf. Waaye ñu ne leen:* ***Lu tax ngeen di seet kiy dund ci biir néew yi****?* ***Nekkatu fi; dekki na****! Fàttalikuleen la mu leen waxoon, ba mu nekkee Galile. Nee woon na: Fàww ñu jébbal Doomu nit ki bàkkaarkat yi, ñu rey ko ci bant, mu dekki ca ñetteelu fan ba. Noonu ñu daldi fàttaliku kàdduy Yeesu ya. Bi ñu jógee bàmmeel ba, ñu dem nettaliji loolu lépp fukki ndaw ya ak benn, ak ña ca des ñépp. Jigéen ñooñoo doon Maryaamam Magdala, Sànn, ak Maryaama yaayu Saag. Yeneen jigéen yi leen gunge woon itam nettali loolu ndaw ya. Waaye ñu teg wax jooju ay jeneer, ba gëmuñu jigéen ñooñu.* **(Lu 24:2-11**) [*Ndaxte taalibe yi xamaguñu woon Mbindi yonent, yi doon wone ne, Yeesu dafa war a dekki.*] **(Yow 20:9**) *Waaye Piyeer daldi jóg, daw, dem ca bàmmeel ba. Bi mu àggee, mu sëgg, yër, gisul lu dul càngaay la. Noonu mu dëpp ñibbi, jaaxle lool ci li xew*.

***Ca bés boobu****, ñaar ci taalibe yi di dem dëkku Emayus, te mu sore Yerusalem ci lu mat fukki kilomet. Ñu waxtaane li xewoon lépp. Bi ñuy waxtaan ak a sotteente xalaat,* ***Yeesu ci boppam dab leen, ànd ak ñoom, fekk seeni bët muuru, ba mënu ko woon a xàmmee****.*

*Yeesu ne leen: Lan ngeen di waxtaane nii ci yoon wi? Noonu ñu taxaw, seen xol jeex. Kenn ci ñoom, ki tudd Këleyopas, ne ko: Xanaa yaw rekk yaa ñëw Yerusalem te umple li fi xewoon ci fan yii? Yeesu ne leen: Lu fi xew? Ñu tontu ko ne: Mbirum Yeesum Nasaret. Ab yonent la woon bu doon def ay jëf yu mag, di wax ay*

*kàddu yu am doole, ci kanamu nit ñi ak ca kanamu Yàlla. Waaye sunuy sëriñ su mag ak sunuy njiit ñoo ko jébbal nguur gi ngir ñu àtte ko, teg ko dee, ba daaj ko ci bant. Nun nag danoo yaakaaroon ne, mooy kiy nar a jot Israyil. Waaye bi loolu xewee ak léegi, tey la ñetteelu fan bi. Teewul nag am na ay jigéen yu bokk ci nun yu nu jaaxal. Dañoo fajaru ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewam. Ñu dellusi, nettali nu ne, ay malaaka feeñu nañu leen, yégal leen ne, mi ngi dund. Ñenn ci sunu àndandoo yi dem nañu ca bàmmeel ba, fekk lépp mel, na ko jigéen ña waxe woon. Waaye moom gisuñu ko.*

*Noonu Yeesu ne leen:* ***Yeen daal, yeena ñàkk xel, te seen xol yeex a gëm li yonent yi yégle woon! Xanaa du Almasi bi dafa waroon a daj boobu coono te dugg ci ndamam?*** *Noonu mu tàmbalee ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent yépp, tekkil leen li Mbind mi wax lépp ci* ***ay mbiram****.*

*Bi ñuy jub dëkk ba ñu jëmoon nag, Yeesu def ni kuy jubal yoonam. Waaye ñu téye ko, ne ko: Toogal fii ci nun, ndaxte jant baa ngiy so, te léegi mu guddi. Noonu mu dugg, toog ca ñoom. Bi ñu tàmbalee di reer, Yeesu jël mburu ma, gërëm Yàlla, ba noppi damm ko, jox leen ko. Bi mu defee loolu, lépp leer ci seeni bët, ñu daldi ko xàmmee. Waaye Yeesu ne mes, gisatuñu ko. Noonu ku nekk naan sa moroom: Ndax sa xol seddul woon, bi muy wax ak nun ci yoon wi, tey tekki Mbind mi? Ñu daldi jóg ca saa sa, dellu Yerusalem, fekk fa [taalibe ya]. Ñooñu ne leen:* ***Dëgg la, Boroom bi dekki na, te feeñu na Simoŋ****! Ñaari taalibe ya ñoom it, daldi leen nettali la xewoon ca yoon wa ak ni ñu xàmmee Yeesu bi mu dammee mburu ma.*

*Bi ñaari taalibe ya dee wax noonu,* ***Yeesu taxaw moom ci boppam ci seen biir****, ne leen: Na jàmm wàcc ci yeen. Ñu daldi tiit, foog ne dañoo gis njuuma. Waaye Yeesu ne leen: Lu tax ngeen jaaxle, ak lu tax ngeen di xel ñaar ci seen xol?* ***Xoolleen samay loxo ak samay tànk****. Man mii la. Laalleen ma te xam, njuuma amul yaram walla ay yax, ni ngeen gise, ma am ko. Bi mu leen waxee loolu, mu won leen ay loxoom ak ay tànkam. Waaye ba tey mënuñu woon a gëm ndax seen mbég ak jaaxle. Noonu Yeesu laaj leen ne: Ndax am ngeen fii lu ñu lekk? Ñu jox ko dogu jën, wu ñu lakk. Mu jël ko, lekk ci seen kanam.*

*Noonu mu ne leen: Bi ma nekkee ak yeen, waxoon naa leen baat yii:* ***li ñu bind lépp ci samay mbir ci yoonu Musaa ak ci téerey yonent yi ak ci Sabóor dafa war a am. Noonu mu ubbi seen xel ngir ñu xam li Mbind mi di wax. Mu ne leen: Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ñu ko binde, te it ñuy yégle xeet yépp ci turam, dale ko ci Yerusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal leen. Yeenay samay seede****.* **(Lu 24:12-48**)

*Fekk na Tomaa, mi bokk ci fukki taalibe yi ak ñaar, ... nekku fa woon, bi Yeesu ñëwee. Yeneen taalibe yi ne ko: Gis nanu Boroom bi!!! Waaye mu ne leen: Su ma gisul fa ñu daajoon pont ya ci ay loxoom, te defuma ca sama baaraam, su ma tegul it sama loxo ci wetam, duma ko gëm mukk! Bi ñu ca tegee ayu-bés, taalibe Yeesu ya dajewaat ca biir kër ga, Tomaa itam a nga fa woon. Bunt yépp tëju woon nañu, waaye Yeesu ne tëll ci seen biir, ne leen: Na jàmm wàcc ci yeen! Noonu mu ne Tomaa: Indil sa baaraam fii te seet sama loxo; indil sa loxo, teg ko ci sama wet. Bàyyil di weddi te nga gëm. Tomaa tontu ko ne:* ***Sama Boroom, sama Yàlla****! Yeesu ne ko:* ***Li nga ma gis a tax nga gëm? Ki bég mooy ki gëm te gisu ma!***

*Yeesu wone na it ci kanamu taalibe ya yeneeni firnde, yu ñu nettaliwul ci téere bii.* ***Waaye li ci nekk, bind nañu ko ngir ngeen gëm ne, Yeesu mooy Almasi bi, Doomu Yàlla ji, te seen ngëm may leen, ngeen am ci moom dund gi****.* **(Yow 20:24-31**) Amiin!

Nettali bi nu jàng tey, ni mu neexe! **Yeesu dekki na**! Dee mënu ko téye. Ci ñetteelu fan ba, Yeesu génn na càngaay li, mel ni lëpp-lëpp bu génne tulli. Càngaay li rekk a desoon fa mu tëddoon. Boroom bi Yeesu Kirist dekki na ciw yaram, wu ànd ak ndam, mu dëppook yaram, wi képp ku ko gëm nar a jot benn bés! Looloo tax Mbind mi ne:

"*Kirist dekki na, di ku jëkk a dekki, ni gub yi ñu jëkk a tànne ci ngóob mi, jagleel leen Yàlla. Gannaaw ci nit la dee gi jaar, dugg àddina, kon it ci nit la ndekkite li jaar.* ***Kon ni ñépp deeye ci seen bokk ci Aadama, noonu la ñépp di dundaate ci seen bokk ci Kirist!***" **(1Ko 15:20-22**)

Ndekkitel Yeesu dafay firndeel ne, mooy Ki mu jiiñ boppam. Ndax man ngeen fàttaliku ni Yeesu waxe woon, ne: "*Buleen jàq. ... **Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund!***" (**Yow 14:1 11:25**) Yeesu dige woon na jox dund gu dul jeex képp ku ko gëm, waaye su nootul woon dee, Moom ci boppam, nan la manoon a musale ñeneen ñi ci dooley dee ak bàkkaar ak safara?

Ci misaal, dafa mel ni xale buy foo ci duusi tefesu géej. Ci saa si, am koro*n* bu am doole bu ñëw yóbbu ko ci biir géej. Mu jéem ba sonn, mënul a dellusi ci tefes gi. Xam ngeen ne kooku su amul ku ko wallu dafay dee. Am benn waay ci tefes gi, mu séen xale bi, yuuxu ko, ne: "Bul ragal, dinaa la musal!" Noonu, waa ji daldi féey ba fa xale ba nekk, waaye ndeysaan, koroŋ bi ëpp ko doole. Moom ak xale bi labandoo. Waa ji, amoon na yéeney wallu xale bi, wànte amul woon kàttan gu mu yeggalee yéeneem. Koroŋu géej gi moo ko ëpp doole.

Naka noonu danuy faral a dégg ñoo xam ne dañuy teg seen bopp ay musalkat, naan nit ñi: "Toppleen ma te wóolu ma rekk, te dingeen texe." Waaye ñiy wax loolu, mënuñu def li ñuy dige. Mënuñu sax musal seen bopp, ndaxte dañu ñàkk doole ngir noot dooley bàkkaar ak dee, ni seeni moroom. Kàttanu dee moo sut seen bos, ndax bu ñu deewee, dees na leen suul, ñu yàqu ci biir bàmmeel ba.

Waaye demewul woon noonu ak Almasi bi Yeesu. Moom, dee na ni sarax suy dindi bàkkaar, ñu suul ko, te ci ñetteelu fan ba nag, mu génn bàmmeel ba! Musul a am ci biir yonent yi ku dee, ñu suul ko, te mu daldi génn bàmmeel ba! Waaye Almasi bi Yeesu loolu la defoon nag! Moo daan dee ak bàmmeel ba! Noot na bàkkaar ak Seytaane ak barsàq! Te li gën a neex ci loolu lépp mooy: **Képp ku gëm** xebaar bu baax boobu jëm ci deewug Yeesu Kirist ak ndekkiteem, dinga bokk ci ndamam ba fàww! Moom la Boroom bi Yeesu yégle woon ginnaaw ba mu dekkee, naan: "***Bul ragal dara! Maay ki jëkk te maay mujj! Maay Aji Kiy Dund. Dee woon naa, waaye maa ngii di dund ba fàww, yor caabiy dee ak ju barsàq!***" (**Pe 1:17,18**)

Yàlla dekkal na Yeesu, ngir nga man a xam bu wóor ne, mooy Musalkat bi ak Àttekatu Àddina, bi Yàlla fal. Loolu la Mbind mi wax, bi mu naan:

"***Mucc amul ci keneen****, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce! ... Ndaxte* [Yàlla] *sàkk na bés, bu muy àtte àddina ci njub, dénk ko Nit ki mu tànn; te* ***firndeel na loolu bu wóor, ci li mu ko dekkal ca néew ya!*** *...* [Waaye]***soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko, dinga mucc!***" (**Jëf 4:12 17:31 Ro 10:9**) Amiin!

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Bu soobee Yàlla, ci njàng miy ñëw, dinanu wéy ci Linjiil ba gis ni Boroom bi Yeesu yéege woon asamaan, ginnaaw ba mu feeñoo ay taalibeem diirub ñeent-fukki fan, di leen won ay firnde yu bare te wér ne mu ngiy dund.

Yàlla na leen Yàlla leeral ci lépp li ngeen dégg tey, te na ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu sell mi wax, bi mu naan: "***Yàlla jébbale na Yeesu sunu Boroom ngir sunuy tooñ, dekkal ko ngir àtte nu jub!***" (**Ro 4:25**)

## 86 Yeesu yéeg na ci asamaan

(Macë 28; Luug 24; Jëf ya 1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Lu yàgg, doon nañu gëstu ci Linjiil bu sell bi, di téere bi ëmb nettalib Musalkat bi man lépp, di Yeesu Kirist. Ni nu ko gise woon ba noppi, '**Yeesu**' mu ngi tekki: Yàllaay musal. Te '**Kirist**' baatu gereg la, di Almasi bi ci làkku ebrë, tey tekki Ki Yàlla fal. Yeesu Kirist kon, mooy Ki Yàlla fal **ngir musal** doomi Aadama ci nootaangeg bàkkaar.

Waaye, ni nu ko gise woon, **lu ëpp ci nit ñi ràññeewuñu woon ku Yeesu doon ci dëgg-dëgg**. Am na ñu ko tegoon yonent, waaye xamuñu ne, Yeesu mooy Ruuwu Yàlla, gi jóge asamaan, feeñ ci kaw suuf ci bindu nit. Ñeneen ña, mel ni sëriñ sa ak kilifay Yawut ya, dañu ko añaane woon lool, te ci mujj ga, rey nañu ko ci wékk ko ci bant. Waaye loolu lépp, Yàlla dogaloon na ko te xam ko lu jiitu. Deewug Almasi bi ci bant ba, dëppoo woon na tembe ak yéene Yàlla, ji mu yégle woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam. Te ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Yàlla dekkale woon Yeesu. Ndekkitel Yeesu dafay firndeel ne, Yàlla nangu na deret ji Yeesu tuur ni njëg gu doy sëkk gi man a jot doomi Aadama ci dooley bàkkaar ak ragal dee ak mbugalu safara.

Gannaaw ba Yeesu dekkee nag, gisoon nanu ni mu feeñoo woon ay taalibeem, di leen won ay legetam, fa xarekat yi daajoon pont ya ci ay loxoom ak i tànkam. Te jàngoon nanu it, ni Yeesu lekke woon ak ñoom ngir firndeel leen ne, ci dëgg-dëgg, mu ngiy dund! Noonu, téereb Linjiil day nettali ni Yeesu feeñoo woon ay taalibeem diirub ñeent-fukki fan, di diisoo ak ñoom ci lu jëm ci nguuru Yàlla gi.

Tey jii nag, ci ndimmalu Yàlla, dinanu gis **ni Yeesu tàggoo ak ay taalibeem, yéeg ci asamaan**. Ci saar wi mujj ci Linjiilu Macë lanuy tàmbalee sunu njàngum tey. Mbind mi ne na:

*Noonu fukki taalibe ya ak benn dem ci biir Galile, ca tund wa leen Yeesu digaloon. Bi ñu gisee Yeesu, ñu màggal ko, waaye ñenn ñi am xel ñaar. Yeesu jegesi, ne leen*: **(Mc 28:16-18**) [*Demleen ci àddina sépp, yégal xebaar bu baax bi mbindeef yépp. Ku gëm te ñu sóob ko ci ndox, dina mucc; ku gëmul, dees na ko daan*.] **(Mk 16:15,16**) ***Sañ-sañ bépp****, jox nañu ma ko ci kaw ak ci suuf. Demleen nag sàkk ay taalibe ci xeet yépp, sóob leen ci ndox ci turu Baay bi ak Doom ji ak Xel mu Sell mi; te ngeen jàngal leen, ñuy sàmm lépp li ma leen sant. Te maa ngi ànd ak yeen bés bu nekk, ba kera àddina di tukki*. **(Mc 28:18-20**)

Ndax dégg ngeen li Boroom bi Yeesu wax ay taalibeem? Wax na leen ne, képp ku **gëm** xebaar bu baax bi ci mbirum deewam ci bant ba ak ndekkiteem ci bàmmeel ba, **dinga mucc**! Waaye ku **gëmul**, dees na ko **daan**! Ni nu ko gise woon, Yeesu tuur na deretam ni sarax su man a far sa boru bàkkaar ba fàww. Waaye deret ji la Yeesu tuuraloon, du la jériñ dara, boo ko gëmul ci sa biir xol. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp, ngir **képp ku ko gëm** am dund gu dul jeex te doo sànku mukk. ...**waaye ku ko gëmul** daan nañu la ba noppi, ndaxte gëmuloo ci turu Doom ji Yàlla am kepp.*" **(Yow 3:16,18**)

Noonu la. Soo gëmee xebaar bu baaxu Yeesu Kirist, dinga mucc, waaye soo ko gëmul, dinga sànku ci say bàkkaar. Loolu mooy kàddug mucc, gi Yàlla wàcceel doom Aadama yi. Looloo taxoon Yeesu sant ay taalibeem ne: "*Demleen ci àddina sépp, yégal xebaar bu baax bi mbindeef yépp! Sañ-sañ bépp, jox nañu ma ko ci kaw ak ci suuf. Demleen nag sàkk ay taalibe ci xeet yépp!*" **(Mk 16:15 Mc 28:18-20**)

Ndax dégg ngeen li Yeesu waxoon ay taalibeem? Mu ne leen: "***Sañ-sañ bépp****, jox nañu* ***ma*** *ko ci kaw ak ci*

*suuf. Demleen nag sàkk ay taalibe ci xeet yépp!*” **(Mc 28:18-19**) Lu taxoon Yeesu wax ne am na sañ-sañ bépp, ci kaw ak ci suuf?

Ci sunuy njàng ci Tawreetu Musaa, gisoon nanu ni Yàlla sàkke nit ku jëkk ka, di Aadama. Jàngoon nanu ni ko Yàlla maye woon sañ-sañ ngir mu yilif lépp li Yàlla sàkkoon. Yàlla dafa bëggoon Aadama nguuru ak Moom ba fàww. Waaye Aadama ñàkkoon na sañ-sañ boobu, bés ba mu tebbee ndigalu Yàlla, ba lekk ci garabu xam lu baax ga ak lu bon. Te ndegam Aadama mooy sunu maam, te ndegam musiba du yem ci boppu boroom, nun ñépp it ay bàkkaarkat lanu; ci nguuru bàkkaar lanu juddoo nun ñépp, fu sore Yàlla ak ndamam lu réy.

Waaye, nu ngiy sant Yàlla, ndaxte Mbindi yonent yi dañuy wone ni Yàlla **rabate pexe** ngir ubbil doomi Aadama buntu dellusi ci Yàlla. Bunt boobu, mooy **Almasi bu sell**, bi jóge asamaan, ngir tuur deretam ni sarax suy sellal nit ñi ci seeni bàkkaar. Almasi bi Yeesu jaaroon na ci nattu ni Aadama, waaye deful bàkkaar. Ku mat te sell la woon, ni Yàlla mate te sell. Looloo taxoon Yàlla rusu ko wooye **Doomam**. Noonu, bi Yeesu joxee bakkanam ni sarax suy dindi bàkkaar, Yàlla dekkal na ko, def ko Boroom lépp, dénk ko "sañ-sañ bépp...ci kaw ak ci suuf.”

Wànte xëy na am na kuy laaj, naan: Waaye su fekkee ne, Yeesu mooy Boroom lépp, lu tax nag sunu àddina si fees dell ba tey ak naqar ak bàkkaar? Mbind mu sell mi wax na lu waral loolu, bi mu naan:

"*Ni ñépp deeye ci seen bokk ci **Aadama**, noonu la ñépp di dundaate **ci seen bokk ci Kirist**. **Waaye ku nekk ak ayam**. Kirist moo jëkk, mel ni gub yi ñu jëkk a tànne ci ngóob mi, ba noppi, bu Kirist dellusee, ñi bokk ci moom jël seen ay. Gannaaw ga, mujug jamano taxaw, te Kirist dina noot gépp kilifa, ak bépp sañ-sañ ak doole, ba noppi delloo nguur gi kiy Yàlla di Baayam!*” "*Dina **fomp** bépp rangooñ ci seeni bët; te dee **dootul am** walla naqar walla jooy walla metit, ndaxte yëf yu jëkk ya wéy nañu.*” **(1Ko 15:22-24 Pe 21:4**)

Ci aaya yooyu ak yeneen aaya yu bare yu nekk ci Kàddug Yàlla, man nanu ci gis bu leer ne, Yàlla dénk na Yeesu bépp sañ-sañ ngir mu noot lépp, te àtte ñépp, waaye fi nu tollu, nootagul lépp, te àtteegul waa àddina si. Wànte benn bés, Yeesu Kirist dina dellusi ci àddina, te bu dellusee, dina noot lépp, yeesalaat lépp.

Waaye li nga war a xam léegi mooy, koo man a doon ak foo man a nekk, Yàlla santaane na, nga **tuub** say bàkkaar, ba woññiku ci Moom, te **gëm** xebaar bu baax, bi jëm ci deewug Boroom bi Yeesu Kirist ak ndekkiteem. Yonent yépp seede nañu ne: Képp ku gëm xebaar bu baaxu Kirist Yeesu, Yàlla dina la baal say bàkkaar yépp ci turam, yeesalaat sa xol ci dooley Xel mu Sell mi, te may la jàmm ak Yàlla ba fàww. Soo gëmee Kirist, Moom dina ñëw ci yaw, samp **nguuram ci sa biir xol**!

Wànte ku sàggane Musalkat, bi Yàlla yónni, Musalkat boobu, dina mujj a nekk sa Àttekat! Moom la Mbind mi wax bi mu naan:

"*Sunu Boroom Yeesu Kirist [dina jóge] asamaan, feeñ fi! Keroog dina ànd ak malaakaam yu am kàttan, safara su yànj wër ko, mu feeñ **ngir mbugal ñi xamul Yàlla te bañ a déggal xebaar bu baaxu sunu Boroom Yeesu**. Seen pey mooy alku ba fàww, ñu dàq leen fu sore Boroom bi ak ndamam lu réy! Dina ñëw bés booba, ngir ndamam jolli ci biir gaayam yu sell yi, te ñépp ñi ko gëm yéemu ci moom!*” **(2Tes 1:7-10**)

Léegi nag nanu wéy ci nettali bi nekk sunu kanam. Gis nanu ba noppi ni Yeesu feeñoo ay taalibeem diirub ñeent-fukki fan, gannaaw ba mu dekkee. Dinanu gis léegi ni mu tàggoo ay taalibeem, yéeg asamaan. Mbind mi ne na:

*Am bés [nag bi Yeesu doon lekk ak ay taalibeem], mu sant leen ne: Buleen sore Yerusalem, waaye ngeen xaar li Baay bi dige woon, te ma waxoon leen ko. Ndaxte Yaxya daa na sóob nit ñi ci ndox, waaye yeen dees na leen sóob ci **Xel mu Sell mi** fii ak ay fan yu néew.* **(Jëf 1:4-5**)

Ndax dégg ngeen li Yeesu wax? Jàngoon nanu ba noppi ni mu digee woon ay taalibeem ne, ginnaaw bu deewee, dekki, te dellu asamaan, dina leen yónnee Dimbalikat bi, di Xelam mu Sell mi, ngir mu dëkk ci seeni xol, juddulaat leen, sellal leen, dooleel leen, te gindi leen ci lépp lu jëm ci yoonu dëgg. Te léegi, dégg nanu ni mu sante ay taalibeem ñu xaar ñëwug Xel mu Sell mi. Ci njàng mi di ñëw, bu soobee Yàlla, dinanu gis ni Xel mu Sell mi wàcce woon ngir fees xoli taalibey Yeesu yépp, ni ko Yeesu digee woon.

Waaye nanu jëm kanam léegi ci Mbind mi. Mu ne:

*Bi [taalibey Yeesu] dajaloo ak moom nag, ñu laaj ko: Boroom bi, ndax ci jamano jii ngay yékkatiwaat nguuru Israyil? Mu tontu leen: Ngeen xam jamano yi ak saa, yi Baay bi dogal ci sañ-sañam, loolu mayuñu leen ko. Waaye bu Xel mu Sell mi ñëwee ci yeen, dingeen jot kàttan, te nekk samay seede ci dëkku Yerusalem, ca diiwaani Yude ak Samari yépp, ak ba fa àddina yem.*

*Bi mu waxee loolu, te ñu di ko xool, **Yàlla yéege na ko, te aw niir jël ko, làq ko seeni bët**. Bi muy dem nag, te ñu ne jàkk asamaan, ñaar ñu sol yu weex daldi ne seef, taxaw ci seen wet. Ñu ne leen: Yeen waa Galile, lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan si? Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan!* (**Jëf 1:6-11**) Amiin.

Noonu la Boroom bi Yeesu yéege ci asamaan, dellu ci këru Yàlla Baayam, fa mu jóge woon. Ni demam ànde woon ak ndam! Te mbooleem taalibeem, nekkoon nañu fa ngir seede ni mu yékkatikoo! Léegi, xamoon nañu bu wóor ne, Yeesu mile ñu doon àndal diirub ñetti at yi weesu, ci dëgg-dëgg, moo di Almasi, bi yonent yépp doon wax! Li ko dale ci juddoom, ba ci deewam ak ndekkiteem ak yéegam, Yeesum Nasaret **amaloon na lépp** li yonent yi yégle woon ci mbiram, ba yéeg ci kaw ni ko yonent Yàlla Daawuda yéglee woon ci Sabóor. Noonu Mbind mi ne na: "*Gannaaw bi Boroom bi Yeesu waxee ak [ay taalibeem], mu yékkatiku, dem asamaan, toog ci ndeyjooru Yàlla.*" (**Mk 16:19**)

Te, ni nu ko jàngee sànq, ginnaaw ba mu yékkatikoo, ñaari malaaka feeñu ay taalibeem ne leen: "*Lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan si? **Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan!***") (**Jëf 1:11**) Waaw mbokki déglukat yi, benn bés Yeesu Kirist dina dellusi ci niir yi. Te **bu bés boobaa ñépp dinañu teg seeni bët ci moom, te ñépp dinañu xam ne, mooy Ki Yàlla fal ni Musalkat bi ak Àttekatu Àddina si**! Moom la Mbind mu Sell mi wax, bi mu naan:

"*Njàlbéen ga fekk na Kirist yor melow Yàlla, waaye aakimowul taxawaayam ci li mu méngoo ak Yàlla. Waaye daa wàcce boppam, ba tollook nit ñi, def boppam surga. Te bi mu yoree bindu nit, daa suufeel boppam, di dégg ndigal, ba joxe boppam, ñu daaj ko sax ci bant. Moo tax Yàlla **kaweel ko lool**, jox ko **tur wi tiim yépp**, ngir turu Yeesoo tax **ñépp sukk**, ci asamaan, ci kaw suuf, ci biir suuf; te **ñépp bokk genn kàddu** naan: Yeesu Kirist mooy Boroom bi; ci màggug Yàlla Baay bi!*" (**Fb 2:6-11**)

Kon mbokk yi, fii lanu war a yem tey, wànte fas nanu yéene tasewaat ak yeen emisyoŋ bi di ñëw, ngir gis ni Yàlla wàccee Xel mu Sell mi, ngir mu dëkk ci xolu képp ku gëm Yeesu Kirist te nangu ko ni Musalkatam ak Boroomam.
Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis / *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li malaaka ya waxoon taalibe ya, bi ñu naan: "***Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan!***" (**Jëf 1:11**)

# 87  Xel mu Sell mi ñëw na!

(Jëf ya 1,2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunuy njàng yi weesu ci Linjiil, doon nanu gis **ni Boroom bi Yeesu amale woon lépp li yonent Yàlla yi bindoon bu yàgg ci mbirum deewug Almasi bi ak ndekkiteem**. Jàngoon nanu ni Yeesu tuure deretam ju sell ji ca bant, ba ñu ko daajoon, ngir feyal doom Aadama yi seen boru bàkkaar. Gisoon nanu it, ni ñu ko wàccee woon ca bant ba, tàbbal ko ci bàmmeel. Waaye ci ñetteelu fan ba, Yàlla dekkal na ko! Gannaaw ba Yeesu dekkee nag, feeñu woon na ay taalibeem diirub ñeent fukki fan, di leen firndeel ne, dëgg la, mu ngiy dund. Te ci njàng mi weesu, gisoon nanu ni Yeesu tàggoo woon ak ay taalibeem, ak ni mu yéegee asamaan ci kanamu ay taalibeem.

**Ndax yeena ngiy fàttaliku li Yeesu mujj a sant ay taalibeem, laata mu yékkatiku, dem Àjjana**? Nanu jàngaat li mu leen waxoon.

[Yeesu] *sant leen ne: Buleen sore Yerusalem, waaye* ***ngeen xaar li Baay bi dige woon****, te ma waxoon leen ko. Ndaxte Yaxya daa na sóob nit ñi ci ndox, waaye yeen dees* ***na leen sóob ci Xel mu Sell mi*** *fi ak ay fan yu néew. ...****Bu Xel mu Sell mi ñëwee ci yeen, dingeen jot kàttan, te nekk samay seede ci dëkku Yerusalem, ca diiwaani Yude ak Samari yépp, ak ba fa àddina yem****. Bi mu waxee loolu, te* [ay taalibeem] *di ko xool, Yàlla yéege na ko, te aw niir jël ko, làq ko seeni bët. Bi muy dem nag, te ñu ne jàkk asamaan, ñaar ñu sol yu weex daldi ne seef, taxaw ci seen wet. Ñu ne leen: Yeen waa Galile, lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan si? Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan!* **(Jëf 1:4-5 8-11**)

Noonu la Yeesu tàggoo woon ay taalibeem, dellu Àjjana fa mu jóge woon, toog ca ndeyjooru Aji Màgg ji ca kaw. Te foofu la nekk ba tey, di xaar ba kera muy dellusi ngir àtte àddina. Ndax dégg ngeen li Yeesu santoon ay taalibeem laata muy yéeg asamaan? Dafa leen santoon ñu toog Yerusalem, ba ñu sol leen Xel mu Sell, mi naroon a jóge ci kaw.

Xëy na am na kuy laaj: **Kan mooy Xel mu Sell moomu**? Xel mu Sell mi mooy Xelu Yàlla. Mooy Xel mi doon xiir yonent yi, ñuy bind tey yégle kàddug Yàlla ci jamano yu jëkk ya. Xel mu Sell mi, mooy Xelum Yàlla Aji Kawe, ji wàccoon ci janq bu tudd Maryaama, ngir mu ëmb te jur Doom ju Sell ji. Mooy Xel, mi nekkoon ci Almasi bi Yeesu. Te it, Xel mu Sell mi mooy Dimbalikat, bi Yeesu digoon ay taalibeem, bi mu leen naan:

"*Dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat, buy nekk ak yeen ba abadan. Kooku mooy Xelu Yàlla, mi yor dëgg gi. Àddina du ko man a nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yeen xam ngeen ko, ndaxte mi ngi dëkk ak yeen te dina nekk ci yeen.*" **(Yow 14:16,17**)

Li Yeesu digoon ay taalibeem ci mbirum ñëwu Dimbalikat boobu, lu am maana lool la ci nun nu dégg ko, ndaxte am na ci sunu jamanoy tey ñiy bëgg a gëmloo nit ñi ne, Yeesu dafa doon yégle dikku beneen yonent. Waaye Dimbalikat, bi mu dige woon, mënul a nekk nit sax, ndaxte Yeesu wax na bu leer ne: **Xel kese la** te **kenn mënu ko gis**, te **dina dëkk ci taalibe Kirist yi ba abadan**. Kan mooy Xel mu Sell moomu nag? Mooy Xel, mi Yàlla sol ci xolu ñépp ñi gëm Almasi bi, ngir juddulaat leen, sellal leen, dooleel leen, tàmpe leen ni ay ñoñam, te may leen cér ci jetaayam bu sell ba fàww.

Tey nag, dinanu gis ni Yàlla sottee woon Xelam mu Sell moomu ci kaw taalibey Yeesu yi ca **bésu Pàntakot ba**. Pàntakot, màggal la woon, gu Yàlla dénkoon Bànni Israyil ci jamanoy yonent Yàlla Musaa. Man nga ko

jàng ci Tawreet. Ca bés boobu la bànni Israyil daan sante Yàlla ndax naataange, ja mu leen daan may ca ngóobum lors ma. Waaye li gën a am solo ci màggalu Pàntakot ga mooy lii: Pàntakot mooy bés, bi Yàlla tànnoon lu yàgg ngir wàcce Xelam mu Sell mi ci kaw mbooloom ñi gëm Kirist. Ni màggalu Pàntakot xewe woon juróom-fukki fan ginnaaw màggalu Bésub Teggi ba, noonu la, Yàlla dogale woon wàccee Xel mu Sell mi juróom-fukki fan ginnaaw ba Yeesu deewee te dekki.

Kon nag, nanu jëm kanam léegi ci Kàddug Yàlla, ba gis li xewoon ginnaaw ba Yeesu tàggoo ay taalibeem, dellu asamaan. Mbind mi ne na:

***Bi loolu amee,* [taalibey Yeesu] *jóge ca tund, woowu ñuy wax: tundu Oliw ya****, te mu dend ak Yerusalem lu tollu ak kilomet, ñu daldi dellu Yerusalem. Bi ñu dikkee, ñu yéeg ca néeg, ba sut ca taax ma, fa ñuy dal. Ñoo doon Piyeer, Yowaana, Saag ak Andare, Filib ak Tomaa, Bartelemi ak Macë, Saag doomu Alfe, ak Simoŋ mi bokkoon ci mbooloo mi ñuy wax: Ñi farlu ci moom seen réew; ak Yudaa doomu Saag. Ñoom ñépp ñoo bokk menn xel, di wéy ci ñaan ci Yàlla, ànd ak jigéen ñi ak Maryaama, ndeyu Yeesu, ak rakki Yeesu yu góor*. **(Jëf 1:12-14**)

***Bi bésu màggalu Pàntakot agsee* [nag], *ñoom ñépp booloo nañu ci benn bérab****. Ca saa sa riir jollee asamaan, mel ni ngelaw lu gaaw te bare doole, daldi fees dell kër, ga ñu toog. Te ay làmmiñ, yu mel ni safara, feeñu leen, ñu tasaaroo ci seen biir, toŋ ca kaw kenn ku nekk.* ***Noonu ñu fees ak Xel mu Sell mi ñoom ñépp****, ñu daldi wax yeneeni làkk, ni leen Xel mu Sell mi maye, ñu wax ko.*

*Fekk booba amoon na ay Yawut, yu daloon Yerusalem, doon ay nit ñu ragal Yàlla te bokk ci xeeti àddina yépp. Bi nit ñi déggee riir ma nag, ñépp dajaloo, daldi waaru ci li ñu leen dégg, ñuy wax ku nekk sa làkk. Ñu waaru te yéemu naa: Gisleen, ñiy wax ñépp, ndax duñu waa diiwaanu Galile? Naka la man a ame nag, nu di leen dégg, kenn ku nekk ci nun, ñuy wax ci sa làmmiñ, wi nga nàmp? Nun ñi ay Pàrt, waa Medi ak waa Elam, nun ñi dëkk Mesopotami, réewu Yawut yi, Kapados, Pont ak Asi, di waa Firisi, Pamfili, Misra ak weti Libi, yi dend ak Siren, nun ak gan ñi jóge Room, Yawut yi ak ñi tuub ci yoonu Yawut yi, waa Kereet ak Araab yi, nun ñépp nu ngi leen di dégg, ñuy yégle màggaayi Yàlla ci sunuy làkk! Noonu ñépp waaru, ba jaaxle lool, ñuy waxante ci seen biir ne: Lii lu muy tekki? Waaye ñenn ñi di leen ñaawal ne: Waay! ñii dañoo màndi ak biiñ.*

***Ci kaw loolu Piyeer taxaw, ànd ak fukki ndaw ya ak benn, mu wax ci kaw****, di yégal mbooloo ma ne: Mbokki Yawut yi ak yeen ñépp ñi dëkk Yerusalem, dégluleen bu baax te xam lii ma leen di wax! Nit ñii màndiwuñu, ci ni ngeen ko fooge, ndaxte nu ngi ci yoor-yoor rekk. Waaye lii mooy li Yàlla waxoon, jaarale ko ci yonentam Yowel ne: Yàlla nee na: Ci bés yu mujj yi, dinaa tuur ci sama Xel ci kaw nit ñépp; seen xeet wu góor ak wu jigéen dinañu wax ci kàddug Yàlla...* **(Jëf 2:1-17**) *Booba nag ku woo Boroom bi ci aw turam, dinga mucc! Yeen mbokki Israyil, dégluleen wax jii! Yeesu mi dëkk Nasaret, nit la woon, ku Yàlla dëggal ci seen kanam ciy kéemaan, ay jaloore ak firnde, ya Yàlla defoon jaarale ko ci moom ci seen biir; yeen xam ngeen ko.* ***Moom nag jébbale nañu ko, jaar ci nas, bi Yàlla dogaloon te xam ko lu jiitu; te yeen rey ngeen ko ci daaj ko ci bant, jaarale ko ci loxoy bàkkaarkat. Waaye Yàlla dekkal na ko****, daggal ko buumi dee, ndaxte dee mënu ko téye. [Yonent Yàlla] Daawuda wax na ci mbiram ne:*

*Saa su ne gis naa Boroom bi ci sama kanam, gannaaw mu ngi ci sama ndeyjoor, kon duma raf. Moo tax sama xol sedd, may woy sama bànneex, te it sama yaram di tëdd ci yaakaar. Ndaxte doo bàyyi sama ruu ci barsàq, te doo seetaan sa waa ju sell, mu yàqu...* **(Jëf 2:21-27**)

*Mbokk yi, man naa leen a wax lu wóor ci mbirum maam Daawuda, ne dee na te suul nañu ko; bàmmeelam mu ngi ci nun ba tey. Waaye yonent la woon, te xamoon na ne, Yàlla digoon na ko ci ngiñ ne, dina teg ci nguuram kenn ci askanam. Kon gis na lu ñëwagul, di wax ci mbirum ndekkitel Kirist ne, bàyyiwuñu ko ci barsàq, te yaramam yàquwul. Yeesu moomu nag, Yàlla dekkal na ko; nun ñépp seede nanu ko! Yàlla yéege na ko ak ndeyjooram, te jot na ci Baay bi Xel mu Sell mi ñu dige woon, ba tuur lii ngeen gis te dégg ko. Ndaxte du Daawudaa yéeg ci asamaan, waaye moom ci boppam nee na: Boroom bi wax na sama Boroom:*

*Toogal ci sama ndeyjoor, ba kera may daaneel say noon ci sa kanam.*

***Na bànni Israyil gépp xam bu wóor nag ne, Yeesu moomu ngeen daajoon ci bant, Yàlla def na ko Boroom ak Almasi bi!***

*Bi ko mbooloo ma déggee, naqaru xol wu metti jàpp leen; ñu daldi ne Piyeer ak ndaw ya ca des: Mbokk yi, lu nu war a def? Piyeer tontu leen ne: Tuubleen seeni bàkkaar, te kenn ku nekk ci yeen, ñu sóob ko ci ndox ci turu Yeesu Kirist!* ***Noonu Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar, te may leen Xel mu Sell mi****! Ndaxte li Yàlla dige woon, yeena ko moom ak seeni doom ak ñu sore ñépp, di ñépp ñi Yàlla sunu Boroom di woo ci moom. Noonu mu artu leen ak yeneen wax yu bare, di leen dénk ne: Rëccleen ci niti jamano ju dëng jii!* **(Jëf 2:29-40**) Amiin.

Mbokki déglukat yi, ndax dégg ngeen bu baax waare bi? Ci tënk, Piyeer a ngi doon yégal mbooloo moomu nekkoon Yerusalem ne: "Yàlla yónnee na leen Almasi bi, di Yeesu, ni mu ko digee woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam, wànte yeen xeeb ngeen ko, bóom ko ci li ngeen ko daaj ci bant. Waaye Yàlla dekkal na ko; nun ñépp seede nanu ko! Te Yàlla yéege na ko ak ndeyjooram, te may na nu Xel mu Sell mi mu ko digoon! Rëccleen nag, te woññiku ci Yàlla, ndaxte **yonent yépp seedeel nañu ko ne, ñi gëm turu Almasi bi Yeesu, Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar te may leen Xel mu Sell mi**!"

Noonu la ndawu Kirist, di Piyeer, doon yéglee **xebaar bu baaxu mucc**, ci kaw ngëm ci Yeesu Almasi bi. Bi ko mbooloo ma déggee nag, naqaru xol wu metti jàpp leen, ndaxte ràññe nañu ne, Yeesum Nasaret mi ñu daajoon ci bant, mooy Boroom Ndam, li jóge asamaan! Yeesu mile ñu xeeboon mooy Almasi, bi Yàlla dige woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam! Naka noonu, bés boobu, **amoon na ñu bare ñu tuub** seeni bàkkaar, woññiku ci Yàlla, te **gëm** ci turu Boroom bi Yeesu Kirist. Bu ko defee, Mbind mi ne na:

"*Ñi nangu ay waxam nag, ñu sóob leen ci ndox, te ca bés booba lu mat limub ñetti junniy nit yokku nañu ci ñoom. Te taalibe yi fees nañu ak mbég ak Xel mu Sell mi*.". **(Jëf 2:41 13:52**)

Noonu ci bésu Pàntakot boobu, mbooloom ñi gëm Yeesu Kirist daldi juddu.

Mbir mi nu dégg tey, ba mu xewee ak léegi am na daanaka ñaari junni at. Kon, xëy na dina am kuy wax ne: "Loolu de, du sama mbir! Man, bokkuma ci ñi daaj Almasi bi ci bant! Yawut yi ak waa Room ñoo ko def, waaye man sama yoon nekku ci! Duma ci dugg, ndaxte: "Ku wàcc sa and, and boo war mu toj!"" Waaye li nu war a xam mooy: Mbir mii, sunu 'and' la, nun ñépp! Sunu mbir la! **Sunuy bàkkaar** ñoo tax Almasi bi gaañu! **Sunuy tooñ** ñoo tax Yàlla bàyyi nit ñi fitnaal Soppeem, ba daaj ko sax cib bant! Te li nu war a fàttaliku mooy lii: Yeesu mile **nit ñi daajoon, Yàlla dekkal na ko**, ngir muy **Musalkatu** képp ku ko **gëm**, tey **Àttekatu** képp ku ko **gëmul**. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Koo man a doon ak foo man a nekk, Yàlla santaane na, nga tuub say bàkkaar. Ndaxte sàkk na bés, bu muy àtte àddina ci njub, dénk ko Nit ki mu tànn, te firndeel na loolu bu wóor, ci li mu ko dekkal ca néew ya!*" **(Jëf 17:30,31**)

Xalaatal bu baax ci wax jii, ndax Yàlla bëgg na leeral sa xel ci lépp. Nu ngi lay gërëm ci déglu bi. Soo bëggee am téere, buy yaatal sa xam-xam ci xebaar bu baaxu Yàlla bi nga dégg tey, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li ndawu Kirist Piyeer waare woon, bi mu naan: "***Récculeen nag, te woññiku ci Yàlla... ndaxte yonent yépp seedeel nañu ko ne, ñi gëm turu Almasi bi Yeesu, Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar ... te may leen Xel mu Sell mi!***" **(Jëf 2:38 10:43**)

# 88 Yeesu dina dellusi!

(Peeñu ma 19-22)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Nu ngi tollu tey ci sunu juróom-ñett-fukkeelu njàng ak juróom-ñett ci sunu **gëstu bu 'chronologique' ci Kàddug Yàlla**. Ni nu ko gise woon, diirub junniy at, Xelum Yàlla daa na xiir lu ëpp fanweeri yonent, ngir ñu bind xaaj bu jëkk bi ci Mbind mu Sell mi, maanaam Tawreet, Sabóor ak téerey yonent yi. Xaaj bu jëkk booboo ngi tudd: **Kóllëre gu jëkk gi**. Ci xaaj boobu, yonent yépp bokkoon nañu benn xalaat ak benn baat, di nu wax ne: Yàlla Ku sell la te jub, te noonu fàww mu àtte bépp bàkkaar. Wànte Yàlla, ku bare yërmande la itam, te bëggul doomi Aadama yi sànku ci seeni bàkkaar. Naka noonu gisoon nanu ni Yàlla digee woon ñëwu Rammukat bi, di Almasi bu sell, bi naroon a juddu ci janq, ganesi àddina ngir dee ca bant ba, ngir feyal doom Aadama yi seen boru bàkkaar, ubbi leen noonu buntub mucc ba fàww.

Ci ñaareelu xaajub Mbind mu Sell mi nag, di **Kóllëre gu bees gi**, maanaam ci Linjiil, gisoon nanu ne, bi àpp bi Yàlla tëraloon matee, feeñal na Musalkat bi, di Reeni xolam, ni mu ko digee woon jaarale ko ci ay yonentam. Kooku mooy Yeesu Kirist, di Mbotem Yàlla, di Doomu Aji Kawe ji. Nit ku sell te mat la woon, te fees dell ak kàttanu Yàlla, ndaxte mooy Ruuwu Yàlla ci boppam. Moona sunuy maam rey nañu ko ci daaj ko ci bant. Waaye Yàlla dekkal na ko ci ñetteelu fan ba, biral ko, yéege ko ci palaas bu gën a kawe ci asamaan, ni ko yonent yi yéglee woon.

Nettali bu neex, bii téereb Yàlla ëmb, am na bopp, te am na geen. Am na ndoorte, ak muj ni bépp nettali. **Àddina su bon si gisagul mujug nettali bi**, waaye kàddug Yàlla wax na nu ni Almasi bi Yeesu nar a dellusee, ngir daaneel Seytaane, àtte waa àddina si ci bésu pénc ba, te yeesal asamaan ak suuf. Looloo waral sunu njàngum tey di tudd: '**Yeesu Kirist dina dellusi**!'

Li nuy jàng tey, nu ngi koy jukkee ci wàll wi mujj ci Linjiil, maanaam ci téere bi ñuy wooye: **Peeñu ma**. Peeñu ma, téere bu xóot la te ànd ak doole, ndaxte day yégle it li nar a xewi ci mujug jamano ak ni àddina di tukkee.

Téereb Peeñu ma, ñaar fukki saar la ak ñaar, ñuy saar yoo xam ne, dañuy yégle ndam lu réy ci ñi gëm. Waaye ci ñi gëmul, saar yii dañu ëmb tiitaange gu réy-a-réy, ndaxte téereb Peeñu bi dafay wone ne: Soo bañee nangu Yeesu Kirist ni **sa Musalkat**, dina mujj a nekk **sa Àttekat**! Ku nanguwul **Mbotem Yàlla**, dinga dajeek **Gayndeg Yàlla**, ndaxte Boroom bi Yeesu, mi dee, mel ni mbote mu ñuy rendi ngir dindi bàkkaar, dina dellusi, mel ni gaynde guy yëmmu ngir àtte! Moom la Mbind mi wax bi mu naan:

"*Boroom bi Yeesu Kirist [dina jóge] asamaan, feeñ fi! Keroog dina ànd ak malaakaam yu am kàttan, safara su yànj wër ko, mu feeñ ngir mbugal ñi xamul Yàlla te bañ a déggal xebaar bu baaxu sunu Boroom Yeesu!*" **(2Tes 1:7,8**)

Léegi nag, nu ngi leen di ñaan, ngeen déglu jukki yi nu jële ci téereb Peeñu bi, ba gis Boroom bi Yeesu, ginnaaw ba mu delloo asamaan, ni mu yebale malaaka ci ndawam Yowaana, ngir won ko ni mu nar a dellusee ci tukkitel àddina si. Ci saar wu jëkk wi, Yowaana bind na ne:

***Lii mooy li Yeesu Kirist feeñal, te mu tukkee ca Yàlla, ngir mu won ay jaamam mbir, yi dëgmël di ñëw***. *Yónni na malaakaam, ngir xamal ko ab jaamam Yowaana. Kooku mi ngi seede fii li mu gis lépp, maanaam kàddug Yàlla ak seede, si ñu seedeel Yeesu Kirist. Barkeel ngeen, yaw miy jàng ak yeen ñiy déglu wax yii jóge ca Yàlla, te di sàmm li ñu ci bind, ndaxte waxtu wi jege na*.

*Man Yowaana maa leen di bind... Na yiw ak jàmm féete ci yeen, jóge ci Yàlla, moom ki nekk, ki nekkoon démb te di ñëw ëllëg.* ***Na ndam li ak nguur gi féete ak Yeesu Kirist ba fàww, moom mi nu bëgg te yiwi nu ci sunuy bàkkaar ak deretam ji tuuru, te def nu ay buur, nuy jegeñ Yàlla Baayam, di ko jaamu****. Amiin.* ***Gisleen, mi ngi ñëw ci niir yi, te ñépp dinañu teg seeni bët ci moom, ba ci ñi ko jam sax. Te xeet yi nekk ci kaw suuf yépp dinañu jooy ndax moom! Waaw! Amiin! Boroom bi Yàlla nee na: Man Yàlla maay Alfa ak Omega, maay ki nekk, ki nekkoon démb, te di ñëw ëllëg, man Aji Kàttan ji*. **(Pe 1:1-4,6-8**) Amiin.

Nanu jàll léegi ba ci saar fukk ak juróom-ñeent. Mbind mi ne na:

[Noonu] *ma dégg lu mel ni baat bu xumb, bu jollee ca mbooloo mu bare ca asamaan, naan: Aleluya! Mucc gi, ndam li ak kàttan gi, Yàlla sunu Boroom moo ko yeyoo! Ay àtteem dañoo dëggu te jub!* **(Pe 19:1-2**) *...Ma dégg lu mel ni baatu mbooloo mu bare, mel ni riiru duusi géej, ni yenguy dënnu yu réy, naan: Aleluya! Ndaxte sunu Boroom Yàlla Aji Kàttan ji dugg na ci nguuram!* **(Pe 19:6**) [***Nguuru àddina, jébbalaat nañu ko sunu Boroom ak Almaseem, te dina nguuru ba fàww!***] **(Pe 11:15**)

*Bi loolu wéyee, ma gis asamaan si ubbiku. Noonu fas wu weex feeñ. Ki ko war ma nga tudd:* ***Ku Takku te Dëggu****, te* ***ci njub*** *lay àtte ak a xare. Ay bëtam di xuuy ni safara te mu am mbaxanay buur yu bare ca boppam. Bind nañu ci moom tur wu kenn xamul ku dul moom. Sol na mbubb, mu ñu sóob ci deret, te* ***Kàddug Yàlla gi mooy turam****. Xarekat yi nekk ci asamaan topp ci moom, war ay fas yu weex, sol mbubb yu weex te set. Am na jaasi ju ñaw, juy génn ci gémmiñam, ngir dóor xeet yi, mu di leen jiite ak yetu weñ, te mooy nappaaje réseñ yi ci segalukaayu mer mu tàng, mu Yàlla Aji Kàttan ji. Ci mbubbam ak ci poojam bind nañu ci tur wii:* ***Buuru buur yi, Kilifag kilifa yi****.* **(Pe 19:11-16**)

*Noonu ma gis malaaka mu wàcce ca asamaan, yor caabiy kàmb ga ak càllala gu réy. Mu jàpp ninkinànka ja, di jaani cosaan ja, muy Tuumaalkat bi, maanaam* ***Seytaane****. Malaaka ma yeew ko diirub junniy at, sànni ko ci kàmb gi, tëj ko, sakk bunt bi ko tiim ci kaw. Noonu du nax xeet yi, ba kera junniy at yi di mat. Gannaaw loolu fàww ñu yiwi ko diir bu gàtt. Noonu ma gis ay gàngune, ñu jox ña ca toog sañ-sañu àtte. Noonu ma gis ruuwi ñi ñu bóomoon ndax li ñu doon seedeel Yeesu te gëm kàddug Yàlla... Ñu daldi dekki, nguuru ak Kirist diirub junniy at.* **(Pe 20:1-5**)

*Bu junniy at ya matee, dinañu yiwi Seytaane ca kasoom, te dina dem naxi xeet yi ci ñeenti xeblay àddina ... Dina leen dajale ngir xare, te dinañu bare ni peppi suuf cig tefes. Dinañu sam suuf sépp, di wër dalu gaayi Yàlla yi ak dëkk, bi Yàlla bëgg. Waaye safara daldi jóge asamaan, lakk leen.* ***Dees na jàpp Seytaane, mi leen daan nax, sànni ko ci déegu safara ak tamarax bi, mu fekki rab wa ak naaféq ba mbubboo yonent. Foofa dinañu leen mbugal guddi ak bëccëg ba fàww!***

*Noonu ma gis* ***gàngune mu mag te weex****, ak ka ca toog. Asamaan ak suuf daw, sore ko, ba ne mes! Ma gis néew ya, mag ak ndaw, ñu taxaw ca kanamu gàngune ma. Ñu daldi ubbi ay téere, ubbi itam beneen téere, téereb dund bi. Ñu àtte néew ya, ku nekk ci say jëf, ni ñu ko binde woon ca téere ya. Noonu géej gi gëq néew, yi nekkoon ci moom; dee ak barsàq delloo néew, ya ñu yoroon. Ñu àtte ñépp ci seeni jëf. Ñu jàpp dee ak barsàq, sànni ca déegu safara sa. Déegu safara soosu moo di ñaareelu dee.* ***Képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci déegu safara si!*** **(Pe 20:7-15**)

*Noonu ma gis* ***asamaan su bees si ak suuf su bees si****, ndaxte asamaan su jëkk sa ak suuf su jëkk sa wéyoon nañu, te géej gi amatul.* **(Pe 21:1**) *...Ma dégg baat bu xumb jibe ca gàngune ma, naan: Dalub Yàllaa ngi ci biir nit ñi! Dina dëkk ak ñoom, nit ñi dinañu nekk ay gaayam, te moom Yàlla ci boppam dina ànd ak ñoom, nekk Yàlla seen Boroom! Dina fomp bépp rangooñ ci seeni bët; te* ***dee dootul am*** *walla naqar walla jooy walla metit, ndaxte yëf yu jëkk ya wéy nañu*!

*Noonu ki toog ca gàngune ma ne: Maa ngi yeesal lépp! Mu ne ma: Bindal, ndaxte kàddu yii yu wóor lañu te dëggu. Mu teg ca, ne ma: Lépp mat na! Maay Alfa ak Omega, njàlbéen gi ak muj gi.* ***Ku mar, dinaa la may ci bëtu ndoxum dund mi, te doo fey dara****. Ku daan, dinga am cér ci mbir yii. Dinaa* ***nekk Yàlla sa Boroom****,*

*te dinga nekk* ***doom ci man****. Waaye ñi ragal, ñi gëmul, ñiy def lu ñaaw, ñiy bóom nit, ñiy njaaloo, luxuskat yi, xërëmkat yi, ak fenkat yépp,* ***seen añ*** *moo di déegu safara ak tamarax bi. Loolu mooy ñaareelu dee gi.* **(Pe 21:3-8**)

*Noonu malaaka ma won ma dexu ndoxum dund, mu leer ni weer bu set, di génn ca* ***gàngune mu Yàlla ak Mbote ma****, xellee ca digg péncu dëkk ba. Ca weti dex ga amoon na ca garabu dund, guy meññ fukki yoon ak ñaar... Musiba dootul am. Gàngune mu Yàlla ak Mbote mi mu ngi ci dëkk bi, te ay jaamam dinañu ko jaamu. Dinañu gis xar-kanamam, te turam dina nekk ci seen jë. Guddi dootul am, te kenn dootul soxla leeru làmp walla naaju jant, ndaxte Boroom bi Yàlla moo leen di leeral. Te dinañu nguuru ba fàww! Noonu malaaka ma ne ma: Wax jii ju wóor la te dëggu. Boroom bi, Yàlla jiy leeral xeli yonent yi, moo yónni malaakaam, ngir mu won ay jaamam mbir yi dëgmël di ñëw.* **(Pe 22:1-6**)

[Man Yeesu, maa ngi leen di wax ne:]*...****Maa ngi ñëw léegi****, indaale pey gi, ngir delloo ku nekk lu méngoo ak ay jëfam. Man maay Alfa ak Omega, ki jëkk te mujj, njàlbéen gi ak muj gi. Yeen ñi fóot seeni mbubb, ngir sañ a lekk ci garabu dund gi te dugg ci bunti dëkk bi, barkeel ngeen. Waaye ñi ci biti ñooy...ñépp ñiy sopp fen te di ci wéy. Man Yeesu maa yónni sama malaaka, ngir mu seede leen mbir yii ci digg mboolooy ñi gëm. Man maay car, bi soqikoo ci Daawuda, di biddiiwu njël bu leer bi. Te Xelum Yàlla ak séetu Mbote mi ñu ngi naan: Ñëwal! Képp ku dégg wax jii, na ne:* ***Ñëwal****!* ***Na képp ku mar ñëw; ku bëgg, duyal ci ndoxum dund mi te doo fey dara!***

*Man Yowaana maa ngi koy wax képp ku dégg waxi Yàlla, yi nekk ci téere bii:* ***ku ci yokk dara****, Yàlla dina dolli ci sa mbugal musiba, yi ñu wax ci téere bii!* ***Ku dindi dara ci waxi Yàlla****, yi nekk ci téere bii, Yàlla dina dindi sa wàll ca garabu dund ga ak dëkk bu sell ba, ñaar yooyu ñu bind ci téere bii! Kiy seede mbir yii nee na:* ***Waaw, maa ngi ñëw léegi****! Amiin! Boroom bi Yeesu, ñëwal! Na yiwu Boroom bi Yeesu ànd ak yeen ñépp.* ***Amiin!*** **(Pe 22:12-21**)

Noonu la Yàlla àggalee téereem bu yéeme bi, di dige ne: Boroom bi Yeesu Kirist mi doomi Aadama yi daajoon cib bant, dina dellusi ci kanam tuuti, ànd ak kàttan ak ndam lu réy, ngir jëlsi ñi ko gëm, te àtte ñi ko gëmul!
Yaw mi dégg lii tey nag, ndax am nga kóolute ci kanam bés boobu Boroom bi Yeesu di jóge asamaan? Ndax bokk nga ci ñi ko nangu ni seen Musalkat ak seen Boroom? Ndax gëm nga ci sa biir xol ne, Yeesu Kirist, mi musul a def bàkkaar, Yàlla sëf na ko say bàkkaar, ngir jaare ci Moom, Yàlla man na la àtte ni ku jub? **Ndax bind nañu sa tur ci téereb dund bi**? Lan mooy sa diggante ak Yeesu Kirist? Ndax mooy sa Musalkat? walla sa Àttekat lay nekki? Boo déggee tey jii baatu Yàlla bi, bul dëgër bopp, ndaxte Mbind mi ne na: "***Tey jii*** *la jamano ju jekk ji;* ***tey la bésub mucc gi****!*" "[Wànte] *nun ñi dégg mucc gu mag gi,* ***bu nu ko sàgganee, nan lanuy man a rëcce mbugalu Yàlla****?*" **(2Ko 6:2 Yt 2:3**)

Fii lanu war a yem tey, waaye soo bëggee am téereb Linjiil, ngir gëstu ci, bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. L.

Ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci waxi Yeesu yu mujj yi nekk ci Mbind mu Sell mi, bi mu naan: "***Waaw, maa ngi ñëw léegi!***" **(Pe 22:20**)

# 89 Xebaar bu baax bi!

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunu gëstu ci téereb Linjiil, déggoon nanu Boroom bi Yeesu Kirist, gannaaw ba mu dekkee, ni mu sante ay taalibeem, ne leen: "***Demleen ci àddina sépp yégal xebaar bu baax bi mbindeef yépp***." **(Mk 16:15**) Te gannaaw bi Yeesu yékkatikoo, dem asamaan, benn ci ay taalibeem, tudd Pool, bind na ne:

"*Yàlla woo na ma, ma nekk ndawam, sas ma liggéeyu xamle* ***xebaaram bu baax bi***. ***Xebaar bu baax boobu***, *Yàlla dige woon na ko bu yàgg, jaarale ko ciy yonentam, ñu def ko ci Mbind mu sell mi ... Awma benn werante ci* ***xebaar bu baax bi*** *may waare, ndax mbirum Yàlla la, mu làmboo dooleem, ngir musal képp ku ko gëm ... Ndaxte* ***xebaar bii*** *day wone, ni nit man a jube ci kanamu Yàlla, sukkandikoo ci ngëm rekk, tàmbalee ci ngëm, yem ci ngëm!*" **(Ro 1:1,2,16,17**)

**Xebaar bu baax bi! Xebaar bu baax bi! Xebaar bu baax bi!** Waaw, lan mooy **Xebaar bu baax**, bi nu Kàddug Yàlla di wax ak a waxaat? Tey jii, ci ndimbalu Xelum Yàlla, danu leen bëggoon a indil ay leeral ci **Xebaar bu baax**, bi nu doon déglu bu yàgg ba tey ci sunuy gëstu ci Mbind mu Sell mi.

Waaye bala nuy waxtaan ci mbirum Xebaar bu baax bi, fokk nu fàttaliku **xebaar bu bon**, bi jëkkoon a am. Fan la xebaar bu bon bi ame woon? Yeen ñépp xam ngeen ne, ca njàlbéen ga, gannaaw ba Yàlla sàkkee asamaan ak suuf, Yàlla dafa sàkk Aadama ak Awa, tàbbal leen ci toolu Àjjana ci kaw suuf. Yàlla sàkk na leen, ngir ñu xam ko, bëgg ko, màggal ko ba fàww. Wànte ngir nattu leen, Yàlla ne Aadama: "*Garab yi ci tool bi yépp man ngeen ci xéewlu, waaye garab gi nekk ci diggu tool bi moom, buleen ci lekk. Ndaxte bés bu ngeen ci lekkee dingeen dee!*" **(Ge 1:16-17**)

Wànte ndeysaan, xebaar bu bon bi mooy Aadama ak Awa déglu nañu jaan ja, di Ibliis, mu fiir leen ba ñu lekk ca garab ga. Te seen tooñ a tax bàkkaar ak coono ak dee dugg ci àddina – yàq Aadama ak Awa ak itam képp ku soqikoo ci ñoom, ndaxte, ni ngeen ko xame, "musiba du yem ci boppu boroom." Dégluleen kon xebaar bu bon bi Kàddug Yàlla di waare. Mu ne:

"*Dogal nañu ne, benn yoon rekk la nit ñiy dee, te* ***gannaaw ga la àtte bay ñëw****! ... Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund!... Boroom bi [dina ñëw] ngir àtte ñépp, te mbugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef, yi ñu jëf ci ñeme Yàlla; di leen fàttali it kàddu yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar ak seen weddi!*" **(Yt 9:27 10:31 Yu 1:15**)

Loolu mooy **xebaar bu bon bi**. **Nun ñépp ay bàkkaarkat lanu, te fàww nu jaar ci àtteb Yàlla**!

Waaye **Xebaar bu baax bi** mooy: foofa ca toolu Àjjana, Yàlla, mi bare yërmande, yégle na ne, dina mës a yónnee ci àddina Kenn ku taqul bàkkaar; kuy soqikoo ci jigéen ju musul a séy. Nit ku sell ki, **Rammukat** bu jub bi, dina jébbale boppam ñu rey ko ngir fey bàkkaaru Aadama ak askanam. Mbugalu bàkkaar, gi nu yelloo, ci Moom la waroon a dal. Loolu mooy Xebaar bu baax, bi Yàlla yégle woon bés bi Aadama ak Awa bàkkaaree.

Gannaaw loolu, Yàlla jëfandikoo nit, ñi mu tànnoon, ñuy yégle ñëwug Rammukat boobu, di **Almasi bi**. Yonent yooyu, kenn ku ci nekk, am na mbir yu mu yégle ci Almasi bi, ngir rekk, bés bu ñëwee ñépp xam ne mooy Ki Yàlla fal. Ci misaal, yonent Yàlla Esayi, mi jiitoo Almasi bi lu tollu ci juróom-ñaar téeméeri at, yégle na naka la Almasi bi waroon a juddoo, ne: "*Jànq bu musul a séy dina ëmb, jur doom ju góor, tudde ko Emanuwel, liy tekki: Yàlla ganesi na nu.*" **(Isa 7:14 Mc 1:23**) Beneen yonent bu tudd Mise moom yégle woon na ne, Almasi bi dina jóge ca kaw, juddu ci suuf, ci dëkk bu ndaw bi ñuy wax **Betleyem**. Te foofa la Almasi bi juddoo tembe. Moona ba ko Mise di wax ay téeméeri at la lu jiitu jamano Almasi bi.

Waaye yonent yi yemuñu ci yégle juddug Almasi bi rekk, ndaxte yégle woon nañu it **ni mu war a daje coono yu metti, deewal bàkkaarkat yi**. Ci misaal, yonent Yàlla Daawuda ak yonent Yàlla Esayi bindoon nañu ne, nit ñi dinañu xeeb Almasi bi, tifli ci kawam, fitnaal ko, dóor ko, bëtt ay loxoom ak i tànkam, ba rey ko. Wànte loolu lépp Yàlla dogal na ko ngir muccug doom Aadama yi ci mbugal gi leen doon xaar ndax seeni bàkkaar. Te yonent Yàlla Daawuda yemul ci yégle deewug Almasi bi, wànte dem na sax ba yégle ne, Yàlla du ko bàyyi muy yàqu ci biir bàmmeel, waaye **dina ko dekkal** ngir firndeel mucc gu wóor gi Almasi bi indil doom Aadama yi.

Ci lu jëm ci juddug Almasi bi, werante barewu ci noonu. Waaye ci lu jëm ci deewam ak ndekkiteem, ñu bare dañu ciy fakkastalu. Dañuy wax, naan: Nan la Yàlla man a seetaane ñuy toroxal Almasi, bi mu yónni woon? Wànte li nit ñi jàppul, mooy lii: **Yàlla mooy ki dogal ne Almasi bi war na sonne noonu ndax sunuy bàkkaar**. Loolu mooy li yonent Yàlla yi yégle, bi ñu naan: *Soob na Aji Sax ji mu gaañ Almasi bi...ni sarax ngir fey bàkkaar yi*." **(Isa 53:10**)

Ndax gëmunu yonent yi? Danu ne, gëm nanu leen. Kon, **su nu gëmee yonent yi ci dëgg-dëgg**, danu war a gëm itam **li ñu bind**. Danu war a fàttaliku ne, yonent yi waxuñu woon ci seen coobare bopp, wànte Yàlla moo daan sol ci seeni xel li ñu daan wax. Kon, yonent yooyu, bu nu leen bañee gëm, kan lanuy weddi? **Yàlla**. Yàlla lanuy weddi ndax moo waxloo woon yonent yi, bi ñuy yégle ne, Almasi bi dina dee ni sarax suy dindi bàkkaar.

Ndegam Yàlla ku bëgg àddina la te bëggul kenn sànku ci biir bàkkaar, mu dogal deewu Almasi bi. Fàww nit ku jub dee ngir ñu jubadi ngir musal leen ci àtteb Yàlla. Moom la saraxu mbote yaak xar ya ñu daan def doon misaal ci jamano yu jëkk ya. **Yeesu Kirist**, mi juddu ci jànq, ci kàttanug Yàlla, **mooy sarax si Yàlla joxe, mu mat sëkk te mujj**. Ni ngeen ko dégge ba tàyyi: "Tungune du teew ñuy nataal." Sarax su mat si sikkul kay, bu nu ko amee, waratunu sonal sunu bopp ci ay sarax yu matadi yu ñuy def ak a defaat. Ndax man ngeen fàttaliku li Boroom bi Yeesu mujjoon a yéene ca bant ba, laata muy dee? Mu ne woon: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**) Feyal na la sa boru bàkkaar benn yoon ba fàww. Lenn doŋŋ a des nga def ko: Mooy nga **gëm ko**. Ni nu ko jànge ci sunu ndoortel njàngum tey jii, Mbind mi ne na: "[Xebaar bu baaxu deewu Yeesu Kirist ak ndekkiteem] ... *mbirum Yàlla la, mu làmboo dooleem, ngir musal **képp ku ko gëm!***" **(Ro 1:16**)

Ndeysaan, am na ñu bare ñu ko bañ a gëm, naan, mbirum deewug Yeesu ak ndekkiteem ay léeb kese la. Lu ëpp ci nit ñi xamuñu Ki Yeesu doon, ci dëgg-dëgg. Moona, bu nu jàngee ci Linjiil, danuy gis ne, lépp li yonent Yàlla ya yégle woon ci Almasi bi, Yeesu Kirist amal na ko tembe – muy ci lu jëm ci juddoom; ci dundam, ci deewam ak ci ndekkiteem. Moo tax Linjiil di nu wax, ne: "[Yeesu] *Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar, **ni ko [Mbindi yonent yi] tërale**, suul nañu ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba, **ni ko [Mbindi yonent yi] tërale**.*" **(1Ko 15:3,4**)

**Lépp nag xewoon na ni ko yonent yi waxe woon tembe**. Ñi bañoon Yeesu, ñaawal nañu ko, fitnaal nañu ko, réy ko, te ñi ko bëggoon suul nañu ko. Wànte dee mënu ko woon téye ci biir bàmmeel ba. Kon, gisoon nanu ne, ca ñetteelu fan ba, ñeenti jigéen jóg ca fajar, dem ca bàmmeel, ba ñu suuloon Boroom bi Yeesu, gis mu ubbiku, kenn nekkatu ca! Yeneen taalibe ya itam dem ca bàmmeel ba te gisuñu néewu Boroom bi. Yàggul dara, ka deewoon te dekki tàmbali feeñu ay taalibeem lu mat ñeent-fukki fan. Dëgg la! Almasi bi noot na dee! Te ndekkitel Yeesu dafa firndeel ne, Yàlla nangu na saraxam ngir feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar, **ngir képp ku ko gëm**, dinga bokk ci dundam gu sax, gi mu indi.

Loolu mooy Xebaar bu baax bi. **Boroom bi Yeesu Kirist dee na ngir dindi say bàkkaar, te génn na ca bàmmeel ba ca ñetteelu fan ba ngir may la dund gu dul jeex**. Te njariñu Xebaar bu baax boobu nag mooy musal képp ku ko gëm.

Kon nag, laaj bi nga war a tontu tey mooy: **Ndax gëm nga ko**? Kàddug Yàlla dafa wax ne: Tey jii mooy bésu mucc bi! Boo déggee Xebaar bu baax bi, bul dëgër bopp! Gëmal! Mucc gi, du peyu jëf yu nuy def, ndaxte kenn mënul a def jëf yu doy ngir am Àjjana. Yàlla du la **jaay** mukk muccam gu réy gi; dafa la ko bëgg a **may**!

Lenn rekk ay tax nga dugg ci Àjjanay Yàlla ji.

1.) Mooy nga jëkk a **ràññe** ne bàkkaarkat nga te amuloo benn doole ngir neex Yàlla.
2.) Gannaaw gi, nga **gëm** ne Yeesu mooy Musalkat, bi la Yàlla yónnee, mu dee ca bant ba ngir dindi say bàkkaar te dekki ngir may la dund gu dul jeex.

Boo gëmee Xebaar bu baax bii nag, **man na la wóor ne dinga tàbbi Àjjana** ndaxte Yàlla ci boppam moo wax ne: *Maa ngi leen di bind yëf yii, ngir ngeen **xam** ne, am ngeen dund gu dul jeex, **yeen ñi gëm** turu Boroom bi Yeesu Kirist.* **(1Yow 5:13**)

Man miy wax ak yeen tey, ci sama wàllu bopp, man naa leen wax ne, bu jëkk xamuma woon fan laay dem bu ma deewee. May laajte fu nekk, amuma tont lu leer. Wànte bi may gëstu ci Linjiil nag, ci laa gis ne, axakay, man naa xam fan laa jëm bu ma deewee, ndax Yeesu Almasi bi Moom ci boppam wax na ci Linjiil ne: "*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, **am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund!***" **(Yow 5:24**) Wax na itam, ne: "*Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, **dinga dund!***" **(Yow 11:25**)

Noonu laa gëme ki nga xam ne mooy Almasi, bi Yàlla dige woon bu yàgg ca toolu Àjjana, te yonent yépp doon yégle ne, "***Képp ku ko gëm Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam***." **(Jëf 10:43**) Ma jël sama yaakaar jépp, wékk ko ci Boroom bi Yeesu Kirist. Booba ba léegi Yàlla dafa dalal sama xel. Xel-ñaar amatul ci man. Sama ëllëg leer na nàññ ndax jëfu Yeesu ca kaw bant ba. Ci sama dundu taalibe Kirist, coono am na; metit bare na ndax sama ngëm gi dëppoowul ak coobare mbokk yeek xarit yi, wànte jàmm rekk. Jàmm ju bawoo ci Yàllaa ngi fees sama xol ak sama xel. Te Yeesoo ma ko defal, Moom mi ne: "*Bu leen àddina bañee, xamleen ne, man lañu jëkk a bañ. ... Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina mënul a joxe. Buleen jàq, buleen tiit*." **(Yow 15:18 14:27**)

Te nag xarit yi, loolu Boroom bi def ngir man, def ko itam ci man, man na leen ko defal kenn ku nekk ci yeen. Lenn rekk lay laaj ci yaw: **mooy nga jox ko sa xol**. Li ci des Moom dina ko def. Ndaxte Boroom bi Yeesu ci boppam nee na: "*Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay. Jébbaluleen ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol*." **(Mc 11:28,29**)

Soo gëmee Xebaar bu baax bu deewug Almasi bi ak ndekkiteem, Yàlla dina la baal say bàkkaar, àtte la ni ku jub, te bind sa tur ci téereb dund gi. Te it, boo gëmee Xebaar bu baax bi, Yàlla dina la tàmpe ni ñoñam, yebal Xelu Yeesu ci sa xol. Te naka noonu, Xel mu sell, mi nekk ci yaw, dina soppi sa dund ak sa dundin, ndaxte Mbind mi ne na: "*Bu nit bokkee ci Kirist, mbindeef mu bees la. Li jëkk wéy na, lu bees a fi teew*." **(2Ko 5:17**)

Kon nag, mbokki déglukat yi, koo man a doon, foo man a nekk, noo man a tollu, ngay góor, jigéen, mag mbaa ndaw, Boroom bi Yeesu Kirist man na la may dund gu bees **– ci kaw nga gëm Xebaar bu baax bi**.

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB*, B.P. 370, Saint Louis. *YOONU NJUB*, B.P. 370, Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu sell mi wax ci mbirum ñi wékk seen yaakaar ci Xebaar bu baaxu Yàlla. Mu ne: "[**Yàlla musal na nu**] ***te woo nu ci dund gu sell, ci lu ajuwul ci sunuy jëf, waaye ci dogalu boppam ak yiwam, wi nu Yàlla may ci Kirist Yeesu, ba àddina sosoogul. Te léegi biral na ko ci feeñug sunu Musalkat Kirist Yeesu, mi nasaxal dee te feeñal dund ci xebaar bu baax bi, te muy dund gu sax!***" **(2Tim 1:9,10**) Amiin.

# 90 Laaji nit ak Tonti Yàlla (1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Nu ngi leen di gërëm yeen ñépp ñi nu bind di nu laaj ay laaj ci li Mbind mu Sell mi jàngale. Yaakaar nanu ne, am ngeen mbég ci bataaxal yi, ak téere yi ak kaset, yi nu leen yónnee. Nu ngiy gërëm it, ñi takku ci déglu sunuy emisyoŋ doonte binduleen nu ay bataaxal. Nu ngiy ñaanal ñépp, Yàlla barkeel ku nekk ci yeen, te mu leeral seeni xol, ngeen xam bu baax yoonu mucc wu jub, wi mu tëral.

Tey jii, li nu fas yéene def xaw na wuute ak li nu baaxoo di def. Danu bëggoon a bokk ak yeen **laaj**, yi nu sunuy mbokki déglukat laajoon. Laaj yooyu lanu jagleel emisyoŋu tey bi ak bi di ñëw. Dinanu fexee tontu laaj bu nekk, tey **sukkandiku nag ci Mbind mu Sell** mi kese, ndaxte Kàddug Yàlla gi rekk mooy leer gu wóor, gi nu war a gindi ci biir lëndëm gi. Ni ñu ko binde ci Sabóor: "***Céy Aji Sax ji, sa Kàddu ... niit la ci samay tànk, di leer ci sama yoon!***" **(Ps 119:105**)

Kon, nanu jàll léegi ci laaj yi. Ngir jàppale nu tey, am na sunu xarit bu nekk ci 'studio bi', ngir jàngal nu laaj yi nu war a tontu. Léegi kon nanu ko bàyyee ak kàddug gi...

1.) Jërëjëf. Laaj bu jëkk, bi nu jot ci benn bataaxal, mooy bii: **Yeen ñiy def Emisyoŋ *YOONU NJUB* yi, ci ban diine ngeen bokk**?

Nun ay **taalibey Yeesu Kirist** lanu. Alxuraan dafa nuy tudde: '*Ehlulkitaab*', liy tekki: '*Gaayi Téere bi*'. Am ñeneen ñi nu tudde 'ay Kereceen', liy tekki: 'Gaayi Kirist'. Waaye su nu leen waxe ne ay Kereceen lanu, nu ngi leen di fàttali ne, am na ñu bare ñu teg seen bopp Kereceen, waaye loolu taxul ñu nekk Gaayi Kirist yu wóor. Ni nu ko jànge ba noppi, Yeesu Kirist newoon na: "*Du képp ku may wax: Boroom bi, Boroom bi; mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kawe ji; ka cay dugg mooy kiy def sama coobareg Baay, bi nekk ci kaw!*" **(Mc 7:21**)

Li nu leen man a xamal ci gàttal rekk mooy, nun ñiy waajal emisyoŋ yii, Yàlla dafa defoon bu yàgg ci sunuy xol, nuy wut dëgg gi ngir xam ko. Danu bëggoon a xamal sunu bopp waxu Yàlla Aji Dund ji. Te ci sunu gëstu ci Biibal bi, maanaam ci Tawreet ak Sabóor ak téerey yonent yi ak Linjiil, nu ràññee ne, Yeesu Kirist, mi juddoo ci janq, mooy Musalkat bu sell, bi yonent Yàlla yépp doon wax. Yeesu mooy Sarax su mat sëkk, si Yàlla joxe, ngir feyal doom Aadama yi seen boru bàkkaar benn yoon ba fàww, ngir képp ku ko gëm man a dund ci jetaayu Yàlla ba fàww! Looloo tax nuy ay taalibey Yeesu. Te man nanu leen wax it ne, réccuwunu li nu ko gëm, ndaxte may na nu diggante bu neex ak Yàlla, ak kóolute fa kanam dee, te it, bés bu nekk rekk mu ngi nuy won takkuteem ak mbëggeelam. Ci Boroom bi Yeesu Kirist, Yàlla may na nu lépp lu aju ci dund gu sax! Am nanu ci Moom lépp li sunuy xol soxla!

2.) Jërëjëf. Laaj bi ci topp nag, laaj bu am maanaa la, te yelloo tont bu leer. Kii ne na: **Man de, dama am lu ma jaaxal. Jàng naa ci Alxuraan fu sunu yonent Muhamet digal jullit yépp, ñu gëm téerey yi Biibal bi ëmb, di Tawreet, Sabóor ak Linjiil. Te ci sama biir xol, bëgg naa gëm xebaar bu baaxu Almasi bi, bi Biibal biy waare, waaye am na ci samay xarit ñu may wax ne, mënatunu wóolu Biibal bi, ndaxte dañu ko soppi. Nee nañu, Biibal bi am tey méngoowul ak Biibal bu jëkk ba. Lan ngeen di tontu ci loolu?**

Nu ngi lay gërëm bu baax ci laaj boobu nuy faral a dégg. Ci sunu àddina sii, ñu baree foog ne, mënuñu wóolu Biibal bi, ndaxte dégg nañu ne, am na ñu ko soppiwoon. Laaj bi nekk sunu xel nag, mooy: Ndax tuuma jooju dëgg la? Ndax am na ñu yàq Biibal bu jëkk bi?

Bala nuy tontu laaj boobu, am na lu nu bëgg a laaj ñiy jiiñaate ne, am na ñuy yàq téerey yonent yu jëkk yi. Soo nee dañu soppi Biibal bi, wax nu: fan nga jële xalaat boobu? Ñi koy wax, fan lañu sukkandiku? **Kañ** lañu

soppi woon Biibal bi? **Kan** moo ko soppi? **Fan** lañu ko soppee? **Yan** soppiku ñoo ci nekk? **Nan** nga xame loolu? Ana firnde ji?

**Ci lu gàtt**, li nu la man a wax mooy, **soo gëstoo ba xam dëgg gi**, dinga mujj a xam ne, xalaat bi di dañu yàq Biibal bi, amul benn fondamaa. Ñiy wax loolu, ci léeb yu sësul fenn lañu sukkandiku. Amuñu benn firnde bu wone ne, am na ñi soppi woon Biibal yu jëkk yi. Moona am na firnde yu bare yu wone ne, kenn soppiwul woon Biibal bi. Soo goree te gëstu ci xew-xew yi jëm ci Biibal bi, dinga mujj a gis ne, Yàlla Aji Kàttan ji aar na kàddoom gu sell, gi mu xiiroon ay yonentam, ñu bind ko ci Biibal bi.

Tey jii, ci 'musée' yi ak 'universités' yu mag yi ci àddina si, ay boroom xam-xam denc nañu daanaka 24,000 téerey Linjiil yu màggat, di Kóllëre gu bees gi, yoo xam ne, ñoo jiitu jamanoy Muhamet ay téeméeri téeméeri at. Ci lu jëm ci Kóllëre gu jëkk gi moom, maanaam: Tawreetu Musaa ak Sabóor ak téerey yonent yi, war ngeen xam ne, denc nañu ay téere yu jiitoo jamano Muhamet lu ëpp ñeenti-téeméeri at. Te boo méngalee téere yu màggat yooyu ak téere yi nu am ci sunu loxo tey, dinga gis ne, **benn lañu**. Yàlla aar na Kàddoom.

Kenn mënul a soppi Biibal bi, ndaxte ca ndoorte la, amoon na ay téeméeri-téeméeri téerey Biibal bi, yu xutbakat yi bindoon ak teey. Ku bëggoon a soppi Biibal bi, dafa waroon soppi téerey Biibal yépp, te loolu mënul a nekk! War ngeen xam it ne, ci jamano ji topp ci jamanoy Kirist, ay boroom xam-xam tàmbali woon nañu **sotti Biibal bi ci yeneen làkk yu bare te wuute**. Kenn mënul woon a dem ba soppi Biibal yi nekk ci àddina sépp! Loolu mënul woon a nekk. Tey jii nag, bind nañu Biibal bi ci lu ëpp ñaari junniy làkk yu wuute. Boroom bi Yàlla aar na Kàddoom, te ay surgaam ñoo ngi koy sotti ci làkki waa àddina si, ndaxte dafa bëgg ñépp dégg ko ak seeni nopp, xam ko ci seeni xel, nangu ko ci seeni xol, te mucc.

Mbokk yi, ci lu wóor, ku wax ne Kàddug Yàlla soppiku na, kookoo ngiy saaga Yàlla, mu ngi koy soxal, di wax ne, Yàlla mënul aar Kàddoom! Waaw, ràññee nanu ne, am na kenn ku bëgg a soppi te yàq Kàddug Yàlla – kooku mooy **Ibliis**. Ci Tawreet, jàngoon nanu ni Yàlla nee woon Aadama, "*Bés boo lekkee ci garab gii **dingeen dee!***" (**Ge 2:17**) Waaye Seytaane, lu mu waxoon Aadama ak Awa? Mu weddi li Yàlla wax, ne leen, "***Dungeen dee!***" (**Ge 3:14**) Noonu la Seytaane jéeme woon soppi kàddug Yàlla gi. Te ni ngeen ko xame, Aadama ak Awa tànnoon nañu jàpp ci li leen Seytaane wax. Waaye ca muj ga, lépp xewoon na ni leen ko Yàlla waxe woon. Ci bés boobu, Aadama ak Awa dee nañu ci seeni ruu, te seeni yaram it tàmbali wow te dee. Seytaane fenkat la. Kàddug Yàlla Aji Sax ji mooy dëgg. Seytaane man na nax nit ñi, ne leen: "Biibal bi soppiku na!" waaye loolu taxul mu soppiku. Ndaxte Boroom bi Yeesu, Moom ci boppam, ne na: "***Kenn mënul a** randal waxi Yàlla!*" (**Yow 10:35**) "*Asamaan si ak suuf dinañu wéy, waaye **samay wax du wéy mukk!***" (**Mc 24:35**) Amiin.

3.) Jërëjëf ci tont bu leer boobu. Ñetteelu laaj bi mooy: **Lu tax ngeen tudde Yeesu 'Doomu Yàlla'? Yàlla jurul kenn, te kenn juru ko, kon, nan la Yeesu man a nekke Doomam**?

Gëstu nanu ci laaj bu am solo boobu ay yooni-yoon léegi. Waaye, ndeysaan, ba tey am na nit ñu bare ñuy xeeb tur wu neex woowu, di Doomu Yàlla ji, ndaxte xamuñu li mu tekki. Ci bu jëkk nag, xamleen ne du nun noo tudde Yeesu 'Doomu Yàlla'! Nun tuddewunu ko ko, **Yàlla** moo ko ko tudde! Ni nu ko gise woon, ci Mbind mi, Yeesu am na lu ëpp ñaar téeméeri tur, ngir nu man a gën a xam ki mu doon. Bi maana, dañu ko tudde: '***Bunt bi***', waaye loolu taxul Yeesu di buntu dénk walla bu seng. Tudde nañu ko it: '***Ñam wiy joxe dund gi***', waaye loolu tekkiwul ne Yeesu ñam la, mel ni ceebu jën bu ñuy lekk. Déggoon nanu it ni yonent Yàlla yu wuute tuddee woon Almasi bi: '***Mbotem Yàlla mi***', waaye loolu taxul mu nekk am xar.

Naka noonu itam, bu Yàlla tuddee Yeesu ***Doomam***, war ngeen xam ne, loolu tekkiwul ne, Yàlla dafa takkoon jabar ba am ci doom! Kuy xalaat lu ni mel, mu ngiy sosal Yàlla! Su ma demee bitim réew, dañu may tudde 'doomu Senegaal', ndaxte Senegaal laa bawoo. Waaye loolu tekkiwul ne, Senegaal dafa takk jabar ba am ci doom! Naka noonu itam, Yàlla ak malaaka yi ak yonent yi dañu tudde Almasi bi 'Doomu Yàlla ji', ndaxte ci Yàlla la bawoo. Yeesu amul woon baay ci kaw suuf. Laata muy juddu sax, mu ngi dëkkoon ci asamaan, ndaxte mooy 'Kalimatula', di **Kàddu**, gi nekkoon ak Yàlla ci njàlbéen ga. Moom la Mbind mi wax, bi mu

naan:

"*Ca njàlbéen ga fekk na Kàddu gi am, te Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla, te Kàddu gi Yàlla la woon. Kàddu googu...ñëw, doon nit, dëkk ci sunu biir ... Mu fees ak yiw ak dëgg, ndam li Baay bi jox jenn Doomam ji mu am kepp. Kenn musul a gis Yàlla, waaye Bàjjo bi, di Yàlla te nekk ak Baay bi, moo ko xamle!*" **(Yow 1:1,9,14,18**)

Kon. Gis nanu ne, Yeesu Kirist mooy 'Kàddug Yàlla' gi yor bindu nit.

Lan mooy Kàddug Yàlla? Xëy na dinga tontu ne, Kàddug Yàlla mooy li Yàlla sol ci xeli yonent yi, ñu bind ko. Wax nga dëgg. Mbindi yonent Yàlla yi dañu mel ni ay bataaxal, yi nu Yàlla yónnee. Waaye mayleen nu, nu laaj leen: su fekkee ne, sa benn xarit bu baax dafa dëkk ci beneen dëkk – lan moo gën ci yaw: mu bind la **ay bataaxal** rekk, walla mu ñëw, **seetsi la moom ci boppam**? Waaw, mu ñëw moom ci boppam moo lay gënal, ngir nga man a jàkkaarlook moom, ngeen waxtaan. Léegi nag, ndegam Yàlla ku mag la te dara tëwu ko te ndegam dafa bëgg a xamal nit ñi ni mu mel ak lan mooy coobareem ci nun, ndax danga xalaat ne, dafa nuy yónnee ay bataaxal kese, walla dafay ñëw Moom ci boppam seetsi nu? Mbokk yi, xebaar bu baax bi yonent yi yégle mooy **Yàlla ci boppam naroon na ganesi niti bàkkaarkat yi**!

Te ci Linjiil, gis nanu ni Yàlla wàccee woon Kàddoom, di Ruuwam, di reeni xolam, ngir mu yor bindu nit, dëkk ci biir nit ñi. Nit kooku mooy Yeesu Kirist. Te bañ ko walla bëgg ko, Yàlla dafa ko tudde **Doomam**, ne ci mbirum Yeesu: "*Kii mooy sama **Doom ji ma bëgg**, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko!*" **(Mc 17:5**) Yeesu yelloo na ñu tudde ko Doomu Aji Kawe ji, ndaxte mooy Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga, di Ki duppeekoo ci Yàlla, ba feeñal jikkoy Yàlla ci nit ñi. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku xamoon Yeesu kon, xam nu Yàlla mel. Noonu Mbind mi ne na:

"*Li jiitu tey Yàlla waxoon na ak maam ya ci wàll yu bare ak ci tëralin yu wuute **jaarale ko ca yonent ya**. Waaye ci mujug jamano jii nu tollu, **Yàlla wax na ak nun jaarale ko ci Doom ji**. Doomam jooju la Yàlla jagleel lépp, te ci moom la Yàlla jaar, sàkk àddina. Doom ji moo di leer giy jollee ci ndamu Yàlla, di ki duppeekoo ci Yàlla. Moo téye àddina ci kàddoom gu am doole gi. Te bi mu ubbee bunt ba nit di selle ci ay bàkkaaram, dafa toog fa ñu koy terale ca ndeyjooru Aji Màgg ji ca kaw, wone noonu ne, moo gën a màgg malaaka yi. Te it Yàlla jox na ko tur wu sut seen tur*." **(Yt 1:1-4**) Amiin.

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ci coobare Boroom bi, ci emisyoŋ biy ñëw dinanu wéy ci yeneen laaj ak seeni tont. Su fekkee ne dangeen bëgg a yaatal seen xam-xam ci lenn ci li ngeen dégg tey, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB.* / B.P. 370. / Saint Louis. Mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Biibal bi wax, bi mu naan: "***Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww!***" **(1Pi 1:24**)

# 91 Laaji nit ak Tonti Yàlla (2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokki déglukat yi, gannaaw ba nu leen nuyoo ba noppi, danu bëggoon a wéy ci li nu tàmbali woon ci emisyoŋ bi weesu, maanaam: tontu **laaj yi** nu jote ci yeen ñi nu bind. Nu ngiy sant ñépp ñi nu bind ay bataaxal, yu ëmb ay laaj. Bala nuy tàmbali, am na lenn lu nu bëgg a leeral. Bu nuy tontu ci seeni laaj, ñemewunu sukkandiku ci sunu xam-xamu bopp walla leneen. **Ci Kàddug Yàlla doŋŋ lanuy sukkandiku**. Nun, xamunu dara lu dul lu nu Yàlla xamal ci Mbind mu sell mi. Li Yonent Yàlla Yaxya waxoon ci Linjiil mooy dëgg: "*Kenn mënul a am dara, lu ko Yàlla joxul*." (**Yow 3:27**) Kon, nanu dellusi léegi ci seeni laaj. Ba léegi, am nanu fii sunu benn xarit ngir jàngal nu laaj yi nu war a tontu.

1.) Baax na. Am nanu fi benn bataaxal bu wax ne: **Wax ngeen ci benn emisyoŋ ne: "Lu bon mënul a jóge ci Yàlla." Weddi naa loolu, ndaxte dama gëm ne, Yàlla lu bon la jëkk a sàkk soog ciy teg lu baax**.

Jërëjëf. Wolof yi dañuy wax ne: kenn du tontu ab laaj ak beneen laaj, waaye xëy na man nanu tontu laaj bi ak beneen laaj. Mooy: Ndax Yàlla man na dékku lu bon? Yonent Yàlla Abbakuk bind na ne: "*Yaw Boroom bi yaay Aji Sax ji, say bët dañoo sell ba mënuloo xool lu bon te mënuloo dékku bàkkaar*." (**Hab 1:12,13**) Kon, bu Yàlla mënul dékku lu bon, warunoo gëm ne, Yàlla man na bind lu bon.

Mënunu ci sore léegi, waaye Kàddug Yàlla daf nuy wone ne, Ibliis ak xolu nit, mooy mbënnu lépp lu bon, te Yàlla ak kàddoom mooy mbënnu lépp lu baax. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Ndax ndox mu lewet ak mu wex dinañu ballandoo ci genn mbënn*? *...Mukk!*" (**Sa 3:11**) "*Yàlla **Aji Leer** la, te **genn lëndëm nekkul** ci moom*." (**1Yow 1:5**) "[Kon] *bu la fiir galanee, bul ne: Yàllaa ko dogal; ndaxte **Yàlla jegewul ak mbon fenn, te du fiir kenn**. Waaye ku sa bakkan nax, ba man la, looloo lay dugal ci fiir... Yeen samay mbokk yi ma bëgg, buleen juum ci lii: Gépp **may gu baax ak gépp jagle gu mat**, ci Yàlla la jóge, di Baay bi sàkk leeri asamaan, fekk moom du soppiku, mbaa muy leer ak di lëndëm. Ci coobareem la nu sole kàddug dëgg gi, ba nu judduwaat, nuy tànneefu lépp lu mu bind*." (**Sa 1:13-18**) Amiin.

2.) Laaj bi ci topp mooy: **Su fekkee ne Yàlla ku sell la te fees ak yërmande ni ngeen ko waxe, lu tax kon muy seetaan xeex yeek xare yi, reyante yeek lu ñaaw li ci àddina? Ndax dafa mënul a def dara ngir wallu nit ñi nekk ci musiba**?

Waaw, Yàlla Boroom Yërmande la, te li mu waroon a def ngir wallusi nit ñi nekk ci musiba, **def na ko ba noppi**! Yónni na Rammukat bu jub bi, di Yeesu Kirist, ngir jubale nit ñi ak boppam. Kon bala nit ñi man a juboo ci seen biir, li ñu war a jëkk a def mooy gëm Musalkat bi Yàlla yónni, jébbalu ci Moom. Nun ñépp, bu sunu digganteek Yàlla baaxee, diggante nit ak nit soogay man a mel ni ca war. Bu ko defee, jàmm ne ñoyy. Kon xanaa gis ngeen ne lépp a ngi **aju ci nun**? Fàww nu jël saafara, si nu Yàlla indil.

Ci lu jëm ci ñaawteef, yi fees àddina te yàq ko, Kàddug Yàlla dafay xamle ni Boroom bi Yeesu Kirist war a dellusee ci tukkitel àddina, ngir àtte ñépp ñi gëmul woon dëgg gi, te doon bànneexu ci bàkkaar. Léegi, bu Boroom bi Yeesu daaneelee nooni Yàlla yépp nag, dina yeesal dunyaa bépp, te noonu li ñu wax ci Mbind mi dina mat, mooy li mu wax ne: "***Musiba dootul am**... [walla] dee, walla naqar walla jooy, walla metit, ndaxte yëf yu jëkk ya wéy nañu!*" (**Pe 22:3 21:4**)

3.) Ñetteelu laaj bi nu am tey mooy bii: **Man de dama am lu ma jaaxal. Dama foog ne, man su ma defee bàkkaar, lu bàkkaar ba man a jur, ci sama kaw lay dal, waaye warul a topp sama doom ndaxte defu ko. Waaye yeen dangeen wax ne: Sunu maam Aadama, bàkkaar ba mu defoon ca toolu Àjjana, moo**

**law ci doom Aadama yépp, ba tax Yàlla war leen a mbugal. Loolu nan la man a nekke?**

Xam nga, Wolof yi dañuy wax ne: "Musiba du yem ci boppu boroom." te "Kéwél du tëb doom ja bëtt." Nun ñépp ànd nanu ci ne: Soo juree doom, yar ko mu gimmee ci say loxo, màgge sa kër, lu mu bon-bon, dina jël jikko ci yaw miy waajuram – sa waxin, sa doxin, sa xalaatin, ak sa jëfin. Nun ñépp nag Aadama ak Awa ñoo nu jaboote, ci ñoom ñi ñàkkoon a dégg ndigalu Yàlla lanu soqikoo. Noonu, kan ci nun moo man a wax ne, mësul a moy benn yoon ndigali Yàlla? Amul, du kenn sax. Kon boog jikkoy bañ ndigalu Yàlla jooju nekk ci sunu xol, fan lanu ko donne? Ci Aadama. Ndaxte bàkkaar bi nekkoon ci moom moo law ba ci nun. Nu bañ ko walla nu bëgg ko, loolu la. Moom la Kàddug Yàlla di wax tembe, bi mu nee: "*Bàkkaar ci* ***kenn nit*** *la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te* ***dee daldi law ci nit ñépp****, ndaxte* ***ñépp a bàkkaar****!*" **(Ro 5:12**)

Waaye nag, yaakaar jeexul, ndaxte Kàddug Yàlla wax na it, ne: "*Jàddug kenn nit ka rekk moo waral Yàlla daan ñépp; noonu itam jëf* ***ju jubu keneen nit ka*** *rekk moo ubbi bunt, ba ñépp man a jub ci kanamu Yàlla, te am dund gu bees*." **(Ro 5:18**) Léegi man nanu jàll ci beneen laaj su la neexe.

4.) Waaw, am na fii kenn ku laaj, ne: **Dimbalikat, bi Yeesu yéglewoon ne dina ñëw gannaawam, te ñu koy woowe 'Parakletos' ci làkku Gereg, ndax ñëw na? Su fekkee ne ñëw na, mooy kan ak kañ la ñëw**?

Ni nu ko jànge woon ci Linjiil, laata Boroom bi Yeesu di dellu asamaan, déggoon nanu ni mu dige woon ay taalibeem ne:

"*Dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat, buy nekk ak yeen* ***ba abadan****. Kooku mooy* ***Xelu Yàlla****, mi yor dëgg gi. Àddina du ko man a nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yeen xam ngeen ko, ndaxte mi ngi dëkk ak yeen te dina nekk* ***ci*** *yeen. ...*[Kon] *buleen sore Yerusalem, waaye ngeen xaar li Baay bi dige woon, te ma waxoon leen ko. Ndaxte Yaxya daa na sóob nit ñi ci ndox, waaye yeen dees na leen sóob ci Xel mu Sell mi fi ak ay fan yu néew*." **(Yow 14:16,17 Jëf 1:4,5**)

Li Yeesu digoon ay taalibeem ci mbirum ñëwu Dimbalikat boobu, lu am maana lool la ci nun nu dégg ko, ndaxte am na ci sunu jamanoy tey ñiy bëgg a gëmloo nit ñi ne, Yeesu dafa doon yégle dikku beneen yonent. Waaye Dimbalikat, bi mu dige woon, **mënul a nekk nit**, ndaxte Yeesu wax na bu leer ne: **Xel kese la** te **kenn mënu ko gis**, te **dina dëkk ci taalibe Kirist yi ba abadan**. Kan mooy Xel mu Sell moomu nag? Xel mu Sell mi mooy Xelu Yàlla. Mooy Xel mi doon xiir yonent yi, ñuy bind tey yégle kàddug Yàlla ci jamano yu jëkk ya. Xel mu Sell mi, mooy Xelum Aji Kawe, ji wàccoon ci janq bu tudd Maryaama, ngir mu ëmb te jur Doom ju Sell ji. Mooy Xel, mi nekkoon ci Almasi bi Yeesu. Te it, mooy Xel, mi Yàlla sol ci xolu ñépp ñi gëm Almasi bi, ngir juddulaat leen, sellal leen, dooleel leen, tàmpe leen ni ay ñoñam, te may leen cér ci jetaayam bu sell ba fàww. Loolu la Mbind mi wax ne:

"*Yeen ... bi ngeen déggee kàddug dëgg gi, di xebaar bu baax, bi leen tegtal yoonu mucc, te ngeen gëm ko,* ***Yàlla tàmpe na leen ni ñoñam ak Xel mu Sell mi mu dige woon. Te Xel mi mooy dawal gi nu Yàlla jox ci cér, bi mu nu dencal****, ba kera muy goreel ñi mu jotal boppam, te ñépp jollil ndamam!*" **(Ef 1:13,14**)

5.) Beneen laaj a ngi nii: **Lu tax ñu séddale Biibal bi ñaari xaaj yi, di 'Ancien Testament' ak 'Nouveau Testament**'?

Ci tënk, li nga war a xam mooy lii: Lépp li yonent Yàlla yi bind ci 'Ancien Testament', maanaam, ci **Kóllëre gu jëkk gi**, bindoon nañu ko **laata** Almasi biy juddu. Waaye lépp li nekk ci 'Nouveau Testament', di **Kóllëre gu bees gi**, bindoon nañu ko **gannaaw** juddub Almasi bi. Naka noonu, xebaaru yonent Yàlla yi bind Kóllëre gu jëkk gi moo doon: "Yàlla **dina yónni** Almasi bi!" Waaye xebaaru Kóllëre gu bees gi, mooy: "Yàlla **yónni na** Almasi bi, ni mu ko digee woon jaarale ko ci ay yonentam!" Kon, bu nu jaaxle ci li Biibal bi am ñaari xaaj, waaye nanu sant Yàlla ak xol bu sedd guyy ci li Mbind mu sell mi ëmb Kóllëre gu jëkk gi **ak** Kóllëre gu bees gi. Ndaxte ñaari xaaj yooyu, man nanu ci gis ne, li Yàlla dige woon bu yàgg, def na ko! Yàlla wàcceel na nu Musalkat, bi mu digoon sunuy maam ci Tawreet, Sabóor ak téerey yonent yi. Ni gif di saxe,

ba nekk guy, noonu la Kóllëre gu jëkk gi mate ci Kóllëre gu bees gi.

6.) Am na fii ku laaj ne: **Dañuy wax ne nit mënul a xam ndax Àjjana la jëm, walla Safara. Yàlla rekk a ko xam. Te yeen ngeen di wax ne xam ngeen ne su ngeen deewee tey jii sax, yeena nga jëm Àjjana. Fan ngeen sukkandiku ngir wax loolu**?

Mayleen nu, nu tontu laaj bi ak beneen laaj. Li nu bëgg a laaj mooy lii: **Ndax Yàlla man na tebbi waxam**? Walla kuy sàmm kóllëre la? Li nga war a fàttaliku mooy lii: Yàlla moom ci boppam mooy ki sol ci xoli yonent yi ñu bind ne:

‟*Yonent Yàlla yépp seedeel nañu ko ne, **ku gëm*** **[Boroom bi Yeesu Kirist],** ***Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam***.” **(Jëf 10:43**) ‟*Maa ngi leen di bind yëf yii, yeen ñi gëm turu Doom Yàlla ji, **ngir ngeen xam ne, am ngeen dund gu dul jeex!***” **(1Yow 5:13**)

Gannaaw nag Yàlla ci boppam mooy ki wax ne: Man ‟ngeen xam ne, am ngeen dund gu dul jeex”, kon nun nooy kan, bay wax ne: kenn mënul a xam fu muy nekk diirub àllaaxira? Maanaam ku dee xamul fu mu jëm?

7.) Laaj bu mujj bi ñu war a jël tey mooy bii: **Su fekkee ne dégg naa bu baax li ngeen jàngale ci mbirum Yeesu ak mucc gi, kon man naa gëm Yeesu Kirist ni sama Musalkat te gannaaw loolu may dunde nu mu ma neexe, di def lu bon, te bu ma deewee dem Àjjana. Ndax loolu la Biibal bi di jàngale**?

Sunu jot daanaka jeex na, wànte li nu leen man a xamal ci lu gàtt léegi mooy lii: Nu bañ ko walla nu bëgg ko, Xebaaru deewug Boroom bi Yeesu Kirist ci bant ba ak ndekkiteem ci bàmmeel ba, mooy pexe mu jub, mi Yàlla tëral ngir **musal bàkkaarkat yi** ci **mbugalug bàkkaar** ak **dooley bàkkaar**. Te soo nangoo xebaar bu baax boobu ci sa xol ak ngëm gu wér, Kàddug Yàlla dafay yégle ne: Ci saa sa, Yàlla dina def ñaari jëf ci yaw.

a.) Ci bu jëkk: **Yàlla dina la baal say bàkkaar yépp** ci turu Kirist, ni mu ko dige woon.
b.) Te ci ñaareel bi: **Yàlla dina yeesalaat sa xol** ci dooley Xel mu Sell mi, te noonu, dinga tàmbali sopp njub te bañ lu bon, ndaxte Yàlla sol na la jikkoom ju sell. Moom la Mbind mi dige, bi mu naan:

‟*Bu nit bokkee ci [Yeesu] Kirist, mbindeef mu bees la. Li jëkk wéy na, lu bees a fi teew*.” **(2Ko 5:17**) ‟*Ndaxte... Kirist...joxe na bakkanam ngir nun, ba jot nu ci **lépp lu bon**, te beral nu boppam, di xeet wu **sell** te **ràññeeku ci jëf yu baax!***” **(Tit 2:14**)

Kon, bu nit gëmee Boroom bi Yeesu Kirist dëgg-dëgg, dootul man a dunde ni mu ko neexe, di wéy ci sax ci def lu bon, ndaxte Yàlla sol na ko Xelam mu Sell. Te ‟*li Xelu Yàlla mi di meññ [ci dundu taalibe Kirist yi] mooy: mbëggeel, mbég, jàmm, muñ, laabiir, mbaax, kóllëre, lewetaay ak maandute*.” **(Gal 5:22,23**)

Sunu jot, jeex na tey, waaye, bu soobee Yàlla, dinanu fexee gën a gëstu ci laaj boobu ci emisyoŋ biy ñëw. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su fekkee ne dangeen bëgg a yaatal seen xam-xam ci lenn ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis. Mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel. Nu ngi leen di tàggu ak wax jii nekk ci Sabóori yonent Yàlla Daawuda: ‟***Jëfi Yàlla dëngul fenn, waxi Aji Sax ji moo sell ni wurus wu ñu xelli. Pakk la buy aar képp ku ko wóolu!***” **(Ps 18:31**)

# 92 Dundug Taalibe Yeesu Kirist

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ni nu leen ko dige woon ci emisyoŋ bi weesu, tey jii, danu fas yéene gëstu ci **ni kuy topp Yeesu Kirist war a dunde ba neex Yàlla**. Dinanu gis ni ngëm gi taalibe Kirist am ci xolam, war a feeñe ci xalaatinam, ci waxinam, ci jëfinam – ci dundinam gépp daal.

Waaye nanu jëkk a fàttaliku kan mooy taalibe Yeesu Kirist bu wóor. Ni nu ko gise woon, taalibey Kirist mooy nit koo xam ne, nangu na ne, bàkkaarkat la fa kanam Yàlla Aji Sell ji, te amul benn yaakaar dugg Àjjana ci kaw doole boppam. Waaye mu gis itam pexe mi yonent yépp yégle woon, ci li Yàlla man a baal doomi Aadama seeni bàkkaar. Pexe moomu mooy deewug Yeesu Kirist mu jub mi ca bant ba, Moom mi Yàlla jébbale ci dee "*ngir sunuy tooñ, dekkal ko ngir **àtte nu jub**.*" **(Ro 4:25**)

Ci tënk nag, taalibe **Yeesu mooy ku nangu xebaar bu baaxu Almasi bi Yeesu ak xolam bépp**, te xam ci lu wóor ne, ay bàkkaaram yépp deñ nañu, ni ko Yàlla digee ci Kàddoom. Kooku Yàlla jàpp na ko ni doomam. Moom lañu bind ci Linjiil ne: "*Ñi nangu* [Almasi bi Yeesu] *te gëm ci turam, may na leen, ñu am sañ-sañu **nekk doomi Yàlla**. Ñooñu judduwuñu ci deret... Ñu ngi juddu ci Yàlla*." **(Yow 1:12,13**) Te soo nekkee doom ci Yàlla ci kaw ngëm ci Yeesu Kirist ak saraxam, doo sànku mukk, te Yàlla dina la may sañ-sañu dund ba fàww ca jetaayam, ci Àjjana!

Xëy na dina am kuy werante naan: Aa, su fekkee ne tàbbi Àjjana nii la yombe cib taalibe Yeesu, kon kooku man na dunde ni mu ko neexe, di def lu ko neex, te du ragal àtte ba, ndaxte Yàlla baal na ko ay bàkkaar yépp ba noppi ndax ngëmam ci Yeesu Kirist! Ndax noonu la?

Xalaat boobu nag, xalaat bu doyadi la te day wone ne, kuy xalaate noonu xamagul luy bàkkaar, te it, xamul Yàlla Aji Sell ji. Yeesu Kirist ñëw na ngir **goreel nu** ci nootaangeg bàkkaar; ñëwul ngir xiir nu nu sax ci bàkkaar. Ku gëm Yeesu Kirist **nekkatul jaamu bàkkaar**! Ci dëgg-dëgg, ñi bokk ci Ibliis rekk a man a def bàkkaar te di ci am bànneex. Waaye ku Yàlla musal, baal ko ay tooñam ci yiwam ci kaw ngëm – kooku dina am xol bu soppiku. Yàlla dina laabal xolam ba mu set wecc. Nit ku Yàlla defal loolu, day daw bépp sobe. Loolu la Mbind mi wax ne: "*Bu nit bokkee ci Kirist, mbindeef mu bees la. Li jëkk wéy na, lu bees a fi teew*." **(2Ko 5:17**)

Nu ngi leen di laaj, boo solee mbubb mu set te weex tàll, ndax dinga toog fu am sobe walla nga cay dem? Déedéet, dangay moytu lépp lu man a taqal sa yére. Noonu la ak képp ku Yàlla raxas ay bàkkaaram. Dootul bëgg a séq dara ak lu neexul Yàlla. Ci misaal, su la kenn baalee boru xaalis bu réy, ndax dinga ko man a defal lu ñaaw ngir gaañ ko? Déedéet, dinga def loo man sax **ngir neex ko**. Naka noonu, su la Yàlla baalee sa boru bàkkaar bu réy, te musal la ci mbugal gu dul jeex gi, ndax doo ko gërëm di ko sargal ciy xalaat ak wax ak ciy jëf sa giiru dund?

Dégluleen li Linjiil wax ci mbirum ñi bokk ci Boroom bi Yeesu. Mu ne:

*Nun itam, ñu ñàkk xel lanu woon te déggadi, ñu réer bay jaamu ay bëgg-bëgg ak i bànneex yu wuute, nu dëkk ci coxorte ak ñeetaange, di ñu sikk tey sikkante. Waaye naka noona Yàlla sunu Musalkat feeñal na mbaaxam ak cofeelam, ba musal nu; ajuwul ci jëf yu jub yu nu def, waaye ci yërmandeem rekk. Mu juddulaat nu ci laabal sunu xol, te yeesalaat nu ci dooley Xel mu Sell, mi mu nu sotti ba mu baawaan, ci darajay Yeesu Kirist sunu Musalkat. Ci noonu Yàlla àtte na nu jub ci kaw yiwam, te sédd nu ci dund gu dul jeex, gi nuy séentu.* **(Tit 3:3-7**)

[Kon,] *gannaaw gaayi Yàlla yu koy déggal ngeen, buleen toppati bëgg-bëgg, yi ngeen toppoon, bi ngeen*

*xamagul Yàlla. Waaye na seen dund gépp sell, ni Yàlla mi leen woo selle. Ndaxte Mbind mi nee na: **Sell-leen, ndaxte ku sell laa!*** **(1Pi 1:14-16**)

Nan lanu man a tënke dundinu taalibe Kirist nag? Nii: Li Yàlla bëgg ci ay doomam, mooy ñu feeñal jikkoom ci seen nekkin fi ci kaw suuf. Ci tënk: **Yàlla dafa bëgg ay doomam nirook Moom**. Kon nag, naka la Yàlla mel? Li ëpp maana ci melow Yàlla, man nanu ko tënk ci ñaari jikko. Ñaari jikko yooyu, ñooy **cell** ak **mbëggeel**. Yàlla Aji Sell la. Te it, Yàlla Aji Mbëggeel la. Lan mooy coobareem nag ci nun ñi bokk ci moom? **Dafa bëgg nu sell ni mu selle, te nu bëggante ni mu nu bëgge**.

Dund gu sell ak xolu mbëggeel ñoo war a ràññale ñi bokk ci Yàlla ak ñi ci des. Ci loolu, Kàddug Yàlla ne na:

*Lii mooy ràññale doomi Yàlla ak doomi Seytaane: képp ku dul def lu jub bokkoo ci Yàlla; naka noonu itam, ku soppul sa mbokk bokkoo ci Yàlla.* **(1Yow 3:10**)

*Ndaxte yiwu Yàlla feeñ na, te ubbil na ñépp buntu mucc. **Moo nu digal, nu dëddu weddi ak bëgg-bëggi jamano**, tey dund ci àddina cig maandu, njub ak ragal Yàlla, di séentu bés bu tedd bi nu yaakaar, maanaa Yàlla ju màgg ji, di sunu Musalkat Yeesu Kirist, feeñ ci biir ndamam. Joxe na bakkanam ngir nun**, ba jot nu ci lépp lu bon, te beral nu boppam, di xeet wu sell te rààññeeku ci jëf yu baax**.* **(Tit 2:11-14**)

*Kon nag **bàyyileen di fen**, tey wax dëgg kenn ku nekk ci moroomam, ndax ku nekk sa genn-wàllu moroom nga. Ku mer, bu mu jàll aw kaañ; bu jant bi sowaale seen mer, ba ngeen may Seytaane bunt. Ku daan sàcc, **na ko dëddu** te jublu ci liggéey lu baax ci ay loxoom, ngir mu **man a dimbali ñi néew doole**. Bu genn kàddu gu ñaaw génn ci seen gémmiñ, waaye su wax yegsee, nangeen wax lu rafet, ba faj soxlay seeni moroom, te teg ñi leen di déglu ci yoonu yiw. **Buleen yóbbe tiis Xelu Yàlla mu Sell**, mi leen tàmpe ngir bésu goreel ba. **Dëdduleen lépp luy wex** mbaa tàng bopp, luy mer mbaa coow, lépp luy xaste mbaa coxor. Te ngeen baax ci seen diggante, di laayante biir tey baalante, ni leen Yàlla baale ci turu Kirist.* **(Ef 4:25-32**)

*Yeen nag ñiy guney Yàlla, yi mu bëgg ci xolam, **royleen ko** ci loolu. Ngeen wéer seen dund ci mbëggeel, mel ni Kirist mi nu bëgg, ba joxe bakkanam ngir nun, di sarax su ñu jébbal Yàlla, te neex ko ni xetu latkoloñ. Waaye naka njaaloo ak bépp sobe mbaa bëgge, jéllale naa jëf ji sax, waaye **bu ko làmmiñ tudd**, ni mu jekke ci gaayi Yàlla yu sell yi. Dawleen it yu jekkadee, ni wax ju ñaaw mbaa waxi caaxaan ak kaf yu bon, te ngeen sax ci sant Yàlla. Na leen wóor ne, kenn ku jikkowoo ndoxaan, sobe mbaa bëgge, maanaam bokkaale Yàlla, kooku du am cér ci nguuru Kirist ak Yàlla. ...Lëndëm ngeen woon, waaye léegi leer ngeen ndax seen bokk ci Boroom bi. **Dundeleen nag ni ay guney leer**.* **(Ef 5:1-5,8**)

[Kon nag] *samay soppe, nanu bëggante, ndax mbëggeel ci Yàlla la bawoo; képp ku bëgg sa mbokk nag, ci Yàlla nga juddoo, te xam nga Yàlla. Ku bëggul sa mbokk, xamuloo Yàlla, ndax Yàlla Aji Mbëggeel la.* **(1Yow 4:7-8**) *Danuy wéy ci mbëggeel, ndax moo nu jëkk a bëgg. Su kenn nee, bëgg naa Yàlla, te bëgguloo sa mbokk, dangay fen; ndaxte ku bëggul sa mbokk mi ngay gis, doo man a bëgg Yàlla mi nga gisul. Te jox na nu ndigal lii: **ku bëgg Yàlla, nga bëgg sa mbokk**.* **(1Yow 4:19-21**)

Moom la Mbind mi wax ci mbirum dundinu kuy topp Yeesu Kirist. **Ndax loolu lépp dafay tekki ne taalibe Kirist bi mënatul def bàkkaar? ... walla dafay bëgg moroomam ni mu bëgge boppam waxtu wu nekk**? Déedéet! Ba tey bàkkaar man na ko dal, waaye dootu ci sax. Su defee bàkkaar nag, man na jariñoo dig bi nekk ci Kàddug Yàlla te ne: *...Deretu Yeesu...dina nu sellal ci bépp bàkkaar. Su nu waxee ne amunu bàkkaar, kon nax nanu sunu bopp, te dëgg nekkul ci nun. **Su nu nangoo sunuy bàkkaar** ci kanamam, fekk kuy sàmm kóllëre la te jub, ngir baal nu sunuy bàkkaar, te sellal nu ci lépp lu jubadi.* **(1Yow 1:7-9**)

Kon nag, gis nanu ne, bokk ci Yeesu Kirist, du **diine** kese; **diggante** la. Bu nit bokkee ci Kirist, **diggante bu neex lay am ak Yàlla Aji Mbëggeel ju sell ji**. Diggante bu jege, boobook Yàlla, te Aadama ak Awa ñàkkoon ko ndax seen bàkkaar, Yàlla mayaat na nu ko, jaarale ko ci deret ji Yeesu tuur ci kaw bant ba. Yàlla dootul

fàttaliku sunuy tooñ, ndaxte Yeesu feyal na nu sunu boru bàkkaar. Jaare ko ci sunu bokk ci Kirist, Yàlla moo di sunu Baay, te nuy ay doomam. Ci kër gi lanu bokk. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: *Am nanu bunt ci Yàlla Baay bi, jaar ci Kirist, ci ndimbalu menn Xel mu Sell mi. Noonu* ***dootuleen ay doxandéem*** *mbaa ay gan, waaye am ngeen baat ci kureelu gaayi Yàlla yu sell yi, te* ***waa këram ngeen***. **(Ef 2:18-19**)

Noonu la. Ñi bokk ci Yeesu Kirist, am nañu diggante bu neex ak Yàlla ci kaw suuf, ak cér bu sax ci kaw. Waaye naka la taalibey Kirist man a toppatoo digganteem, bi mu am ak Yàlla ci kaw suuf? Ci loolu, gis nanu ci Kàddug Yàlla, **ñeenti sas**, yu nu war a fonk, nun taalibey Kirist, ngir nu man a xam bu baax coobareg Yàlla, di dund dund gu dëppoo ak sunu bokk ci Boroom bi, ba neex ko ci fànn gu nekk, te yokk sunu xam-xam ci Yàlla.

1.) Sas bu jëkk bi mooy: Taalibe Yeesu **dafay dunde Kàddug Yàlla**, di ci xalaat bés bu nekk te nangu ko ci xolam. Mbind mu sell mi, moo nuy xamal liy coobare Yàlla. Mooy ñam wiy dundal sunu xel te di ko dooleel. Ñam wu neex-a-neex la. Ki bëgg Yàlla dëgg-dëgg soxlawul ñu koy xiir ci déglu kàddu Yàlla gi, ndaxte dafa koy xiif ni ñam wi muy dunde bés bu nekk.

2.) Waaye ki fas yéene sax ci diggante bi mu am ak Yàlla dina am it lu mu bëgg séddook Moom. Moo tax ñaareelu sas wi mooy **ñaan Yàlla**, di sunu Baay bi nekk ci kaw. Ci taalibey Yeesu, ñaan mooy waxtaan ak Yàlla, ni ngay waxtaane ak sa xarit bi nga gën a bëgg. Taalibe Yeesu amul waxtu wu mu war a ñaane Boroomam, waaye war na sax ciy ñaan, ay tinu ak i gërëm. Warul am sax saa su xelam nekkul ci Yàlla. Taalibe Yeesu yi, xam nañu ne ñaan, lu am doole la, ndaxte Boroom bi Yeesu ci boppam dig na ay taalibeem ne:

"*Lu ngeen ñaan ci sama tur, maa koy def.*" **(Yow 14:14**) Te it, "*Buleen jaaxle ci dara, waaye ci lépp wéetalleen Yàlla [seen Baay], diis ko seeni soxla ci ñaan gu ànd ak cant.*" **(Fb 4:6**)

3.) Ñetteelu sas wi nag, mooy **bokk ci ñeneen ñi gëm Boroom bi Yeesu** te bëgg ko. Ni gillit yu nekk cib taal dul gaaw a feye, noonu la ñiy topp Yeesu war a saxe ci bokk ngir dëgëralante. Moom la Mbind mi wax, bi mu nee:

"*Nanu seet ni nu man a xiirtalante cig mbëggeel ak ci jëf yu baax. Te bunu bàyyi sunu ndaje yi, ni ko ñenn ñi di defe, waaye nanuy nàddante ci ngëm, di ko feddali, fi ak yeena ngi gis bésu [dellusig] Boroom biy jubsi.*" **(Yt 10:24,25**)

4.) Ñeenteelu sas wi nag mooy ban? Dégluleen li Yeesu waxoon **ay taalibeem** laata muy yéeg asamaan. "Mu ne leen:

*Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko [yonent yi] binde, te it ñuy yégle xeet yépp ci turam, dale ko ci Yerusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal leen. Yeenay samay seede.*" **(Lu 24:46-48**)

Kon ñeenteelu sasu taalibe Kirist yi, mooy **nekk ay seedeem**, di faramfàcce xebaaru Almasi bi Yeesu, mi deewoon ngir may nit ñi diggante bu neex ak Yàlla ba fàww. Te seede soosu warul a yem ci wax, wànte dafa war a ànd itam ak dund gu soppiku goo xam ne mooy dëggal te di firndeel xebaar bi. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Nguuru Yàlla du waxi kese, waaye doole la!*" **(1Ko 4:20**) Yaw miy déglu tey, ndax am na ci sa dund, bés boo xam ne ci nga tase woon ak Musalkat bi, di Yeesu Kirist, mu baal la say bàkkaar te yeesal sa xol? Ndax sa dund fees na ak sellaayu Yàlla ak mbëggeelam?

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, di leen fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu Sell mi wax, bi mu naan: "***Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom. Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf***." **(1Yow 1:5,6)**

# 93 Nafar #1: Aadama: Bàkkaar!

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Doon nanu gëstu ci Mbindi yonent yi lu yàgg ba léegi. Gis nanu ni Yàlla xiire lu ëpp fanweeri yonent, ñu bind kàddoom, giy wone yoonu njub wi Yàlla indi ngir bàkkaarkat yi man a jub fa kanamam. Gisoon nanu ni yonent Yàlla yu wér yépp bokke benn xalaat ak benn xebaar ci lépp li ñu bind ci lu jëm ci yoonu mucc woowu, ndaxte li ñu bindoon ballewul ci seen xeli bopp, waaye ci Xelum Yàlla la jóge. Ci ndimmalul Yàlla nag, **tey ak ñetti emisyoŋ yi di ñëw**, dinanu fexee nafar te tënk lépp li nu jàngoon ci Mbind mu Sell mi.

Kon mbokki déglukat yi, nanu dellusi léegi **ci fondamaa bi Yàlla ci boppam tegoon**, di téere bi jëkk ci Kàddug Yàlla, di **Tawreet**, bi Yàlla sol ci xelu Musaa, yonentam. Ndax man ngeen a fàttaliku aaya bu jëkk bi? Dafa ne: "***Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf***." **(Ge 1:1**) Ci aaya boobu, gisoon nanu ne, ca njàlbéen ga, laata ñuy sàkk dunyaa bi ak malaaka yi ak nit ñi, **Yàlla rekk a amoon**. Yàlla mooy Boroom Àllaaxira, di Xel mu Sax mi. Amul njàlbéen te amul muj! Mooy Aji Kàttan, ji gis lépp, xam lépp, man lépp!

Ci saar wu jëkk wi nag, jàngoon nanu ci ni Yàlla sàkke asamaan, suuf, géej ak li ñu ëmb lépp ci juróom-benni fan. Yàlla bindoon na lépp ngir nit, ki mu fasoon a yéene sàkk. Looloo taxoon, ci juróom-benneelu fan ba, Yàlla ne:

"*Nanu bind nit ci sunu melo ak ci sunu misaal, mu yilif jëni géej gi ak picci asamaan, mboolem jur gi, suuf sépp ak lépp lu ciy raam. Noonu Yàlla sàkk nit ci melokaanam...*" **(Ge 1:26,27**)

**Nit moo di mbindeef mi ëpp solo ci lépp li Yàlla sàkk**, ndaxte Yàlla dafa ko sàkk ci melokaanam! Yàlla fasoon na yéene am diggante bu xóot te neex ak nit ki mu bindoon. Looloo tax mu sol ci ruuwu nit **xel** ba mu man a xam Yàlla, may ko **xol**, ba mu man a bëgg Yàlla te dénk ko **coobare**, ba mu man a tànnal boppam déggal Yàlla walla ñàkk koo déggal.

Bu ko defee, ci saar ñaar, jàngoon nanu ni Yàlla dugale nit ku jëkk ka, Aadama, ci tool bu naat, bu fees ak garab yuy meññ meññeef yu rafet a gis te neex a lekk. Gisoon nanu it, ni Yàlla defare jigéen ca faar, ga mu jële ci Aadama, indil ko ko. Aadama tudde ko Awa. Noonu la Yàlla barkeele nit ki mu sàkkoon.

Wànte war nanu fàttaliku ne, bi Yàlla sàkkee góor ak jigéen ci melokaanam te jox leen lépp li ñu soxla woon, bëggul woon mbir mi yem foofu. Li mu bëggoon itam, mooy jot dara lu jóge ci ñoom. Lan la Yàlla doon wut ci nit ñi mu sàkk? Dafa bëggoon, **ñu bëgg ko** ak seen xel mépp, ak seen xol bépp, ak seen coobare gépp, ba am ak Moom diggante bu xóot te neex ba fàww. Ci kaw loolu nag, gisoon nanu ni Yàlla tege woon **nattu** ci kanamu nit ku jëkk ka, ngir wone fu xolam tollu. Laata ñuy sàkk jigéen ja sax, Yàlla dénkoon na Aadama ndigal lii, ne ko: "*Man ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog **fàww nga dee**!*" **(Ge 2:16,17**) Noonu la Yàlla nattoo woon Aadama, di ko artu ne, peyug jàdd yoonu Yàlla mooy dee, tàggalikoo ak Yàlla ba fàww.

Noonu, ci saar ñett, Mbind mi daf nuy nettali ni, benn bés, bi Aadama ak Awa taxawee ca wetu garab ga Yàlla tere woon, Seytaane, di malaaka mi bañoon kilifteefu Yàlla, ñëw ci ñoom ci melow jaan. Mu ne leen:

"*Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi?" Awa tontu jaan ja: "Man nanoo lekk ci doomi garabi tool bi. Waaye ci lu jëm ci garab gi ci digg tool bi, Yàlla ne na: Buleen ci lekk, buleen ko laal sax, ngir ragal a dee." Noonu jaan ja ne jigéen ja: "Mukk! Dungeen dee! Waaye Yàlla xam na ne, bés bu ngeen ci lekkee, seeni bët dinañu ubbiku, te dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.*" **(Ge 3:1-5**)

Lan la Yàlla waxoon Aadama ak Awa ne dina leen dal su ñu lekkee ci garab gi mu leen aaye? Mu ne leen:

"***Dingeen dee!***" Lan la Seytaane wax nag? Mu ne leen: "***Dungeen dee!***" Kàddug kan la Aadamaak Awa tànn, gëm ko te nangu ko? Kàddug Yàlla? walla kàddug Seytaane? **Kàddug Seytaane lañu tànnoon, bañaaleb Yàlla**!

Ginnaaw loolu nag, Yàlla lu mu def? Ndax dafa seetaan Aadama ak Awa noonu rekk? Seetaanu leen de! Yàlla dafa daldi def li mu leen tëkkoo woon, woo leen, àtte leen, móolu leen, ñoom ak suuf si, daldi leen dàq ci biti tool bu neex, bi mu leen sàkkaloon. Naka noonu, ci bésub naqar boobu, Aadama ak Awa deewoon nañu ci seen ruu. **Tàggaliku woon nañu ak Yàlla** miy mbëndu dund. Te mënatuñu yaakaar dara léegi lu dul deewug yaram ak mbugal gu dul jeex, ndaxte peyug bàkkaar mooy dee ba fàww, ni ko Yàlla waxe woon.

Ci lu wóor, bàkkaar musiba bu bon la. Benn bàkkaar kesee taxoon Aadama tàggalikook Yàlla, moom ak askanam wépp! Bàkkaar dafa xaw a mel ni jàngoro ju ñuy wax SIDAA. Ni ngeen ko xame, SIDAA feebar bu nit ñiy wallante la, gën a gaa bare ci yëfi saay-saay. Musiba mu wër àddina la. Ku doomu SIDAA dugg ci yaramam, du ko bàyyi abadan. Ku am SIDAA man na ko wàll doomam. SIDAA dafay rey, fàdd képp ku ko am. Noonu la **bàkkaar** mel. Mu ngi fépp, ci ñépp, te day sànk nit ñi ba fàww. Waaye nu ngiy sant Yàlla, ndaxte am na fu jàngoro bàkkaar wuuteek jàngoro SIDAA. Ci lu jëm ci SIDAA, amagul garab gu koy faj, **wànte am na lu man a faj** nit ñi taq bàkkaar. Yàlla ci boppam joxe na saafara, soo xam ne, su nu ko jëfandikoo, dina nu sellal ci bàkkaar ba fàww.

Ndax man ngeen fàttaliku **dig gu neex**, gi Yàlla joxe woon bés ba Aadama ak Awa bàkkaaree? Waaw, ci bés ba bàkkaar duggee ci àddina, gisoon nanu ni Yàlla digee woon wàcce ci kaw suuf, Rammukat bu sell, bi man a jot doomi Aadama ci musibay bàkkaar ak Seytaane ak mbugal gu dul jeex. Te jàngoon nanu it, ni Yàlla yéglee woon ni Rammukat boobu waroon a juddoo ci jigéen rekk, maanaam ci janq bu musul a séy, ndaxte Ki Yàlla yónni ngir musal bàkkaarkat yi, mënul woon a jóge ci askanu Aadama wi taq bàkkaar. Ci Xelum Yàlla mu Sell mi la waroon a bawoo.

Naka noonu, gisoon nanu ci Linjiil ne, ay junniy at ginnaaw ba Yàlla digee wàcce Musalkat boobu, bi àpp bi Yàlla tëraloon matee, amoon na Kenn ku juddu ci àddina, waaye amul woon baay, ci janq la juddoo. Mu ngi tuddoon **Yeesu**, liy tekki: Yàllaay musal. Yeesu mooy Rammukat bu sell, bi Yàlla dige woon, bés ba Aadama ak Awa bàkkaaree, amul werante. Moom la.

Nanu dellusi ci sunu nafar ci lu jëm ci li xewoon bés ba bàkkaar dugge ci àddina. Ndax fàttaliku ngeen lu Aadama ak Awa defoon ginnaaw ba ñu lekkee ci garabu xam lu baax ak lu bon? Dañu ràbboon xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg, ngir fexee muur seen gàcce, ndaxte yaramu neen lañu defoon laata ñuy bàkkaar.

Ndax Yàlla nangu na yére yi ñu defaraloon seen bopp? Déedéet! Lu tax Yàlla nanguwul yére yooyu? Ndaxte dafa leen bëggoon a jàngal ne, amul dara lu nit man a def ngir muur gàcceg bàkkaaram fa kanam Yàlla! Wànte am na lu Yàlla defaloon Aadama ak Awa ngir muur seen gàcce. Gisoon nanu ni Yàlla tànne woon mala yu amul genn tooñ, rendi leen, fees leen, defaral ci Aadama ak Awa ay yérey der, solal leen ko. **Noonu la Yàlla jàngale woon Aadama ak Awa ne, peyug bàkkaar mooy dee**! Te Yàlla yemul rekk ci rendi ay mala, waaye dafa santoon Aadama ak askanam ñu di rendi ñoom itam mala yu amul sikk ni sarax yuy muur bàkkaar, ba kera jamano ji Yàlla di wàcce Rammukat bu jub bi.

Noonu Yàlla won leen ne, **wenn yoonu mucc rekk moo am, muy yoonu deretu sarax si**. Yoonu njub, wi Yàlla tëraloon, santaane na ne: Fàww ñu tànn ay mala yu amul sikk, rendi leen ni sarax suy muur bàkkaar. Sarax yooyu dañu **daan misaal Rammukat bu sell**, bi naroon a ñëw, tuur deretam ci bant ba, ngir feyal askanu Aadama seen boru bàkkaar. Kon, jaare ko ci saraxi mala yooyu, Yàlla tegoon na ci kanam bàkkaarkat yi takkandeeru Almasi bi Yeesu mi naroon a dee ni sarax suy dindi bàkkaar. *Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamanoy Rammukat bi, ba jéggal leen seeni bàkkaar*. **(Ro 3:25**)

Ci saar wi topp ci nettalib bàkkaaru Aadama ak digu Yàlla gu neex gi, jàngoon nanu ci mbirum ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, di Kayin ak Abel. Gisoon nanu ni Abel jébbale Yàlla mbote mu amul sikk, rendi ko, ni

sarax suy muur bàkkaar, ni ko Yàlla santaanee woon. Waaye Kayin moom, dafa doon fexee jege Yàlla ci pexey boppam, di ko indil li mu beyoon. Noonu Mbind mi ne: "*Yàlla Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin*." **(Ge 4:4,5**)

Lu tax Yàlla nangulul Kayin saraxam? Ni nu ko gise woon, yoonu njub wi Yàlla dogaloon ne na: "***Bu deret tuuruwul mbaalug bàkkaar du am!***" **(Yt 9:22**) Waaye Kayin faalewul woon yoonu sarax, wi Yàlla tëral. Kayin dafa mbubboo woon gëm Yàlla, wànte ay jëfam weddi na ko, ndaxte jébbalewul woon saraxu deret ni ko Yàlla laaje woon. Looloo taxoon Yàlla gàntu ko, moom ak saraxam. Waaye Yàlla nangul na Abel saraxam, ba jéggal ko ay bàkkaaram yépp, ndaxte Abel gëmoon na kàddoom, ba indil Yàlla deretu mbote.

Noonu gisoon nanu ne, Abel dafay misaal ñi Yàlla àtte ni ñu jub ndax seen ngëm ci Almasi bi Yeesu, mi tuur deretam ngir fey bàkkaar yi. Kayin moom, dafay misaal ñiy fexee jub fa kanam Yàlla ci seen pexey bopp, ba tax ñu bañ a nangu saraxu Rammukat, bi Yàlla wàccee asamaan.

Ba tey, **ñaari yoon** yooyu rekk ñoo am. Yoonu Abel ak yoonu Kayin. Ci wan yoon ngay jaar, yaw? Ndax nangu nga yoonu Abel, di yoonu njub, wi sukkandiku ci saraxu Almasi bu sell, bi Yàlla wàcce? Walla yaa ngiy aw ba tey ci yoonu Kayin, di yoonu njubadi, wi wékku ci jëfi nit ak sàrti diine?

Mbokki déglukat yi, xamleen ne: **Yàlla ku jub la**, te mënul a dékku bàkkaar! Yàlla mënul woon a wax Aadama ak Awa, Kayin ak Abel, ak waa àddina sépp: "Ndeysaan! Def ngeen bàkkaar, waaye garaawul! Amul solo, damay fàtte rekk ne mas ngeen def bàkkaar!" Ndax Yàlla man na baale bàkkaar noonu? Mukk! Su Yàlla defe loolu, naka la bàkkaarkat yi man a ràññee sellaayam?

Ngir àggale sunu njàngum tey, nanu déglu li ñu bind ci Linjiil ci lu jëm ci **yoonu mucc wu jub**, wi Yàlla tëral. Mbind mi ne na:

"*Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law* ***ci nit ñépp****, ndaxte ñépp a bàkkaar! ... Waaye* ***gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam man na leen a àtte ni ñu jub ci dara****. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamanoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamano jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem. ...* ***Ndaxte peyu bàkkaar mooy dee, waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom!***" **(Ro 5:12 3:24-26 6:23**) Amiin.

Jërë ngeen jëf ci déglu bi. Ci njàng mi di ñëw, ndegam neex na Yàlla, dinanu wéy ci sunu nafaru xebaaru yonent yi, ba gis ni Yàlla woowe woon Ibraayma ngir jëme kanam yéeneem ju rafet, ji mu jaarale ci Yeesu Kirist. Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis / *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu sell mi wax, bi mu naan: "***Peyu bàkkaar mooy dee, waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom!***" **(Ro 6:23**)

## 94  Nafar #2: Ibraayma: Jub ci kaw ngëm!

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Tey nag, danuy wéy ci sunu **nafar** ci xebaaru yonent yi. Ni nu ko gise woon, li nekk ci Mbindi yonent yi, nettali la. **Nettali bu neex la**, ci ni Yàlla jëfe ci kaw suuf ngir seet te musal doom Aadama, yi réer ci biir bàkkaar. Ci tënk, **xebaaru yonent yi mooy xebaar bu baax, biy wone ni bàkkaarkat yi man a jube ci kanamu Yàlla**.

Nettali bi téereb Yàlla ëmb, am na ndoorte ak muj, ni bépp nettali. Ci sunu njàng mi weesu, nafaroon nanu ndoortel nettali bi, ba gis ni nit ku jëkk ka, di Aadama, tànne woon topp Seytaane, bañaaleb Yàlla! Benn bàkkaaru Aadama a tax askanam wépp juddu ci biir bàkkaar, ci kaw yoonu Safara. Am na ñuy fexee weddi loolu, naan: "Bàkkaaru Aadama jafe-jafeem la moom kese, waaye du sunu mbir!" Waaye ñiy wax loolu, umple nañu Mbindi yonent, yi wax ne: "*Bàkkaar **ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina**, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar!*" **(Ro 5:12**)

Wolof yi dañuy wax ne: "Musiba du yem ci boppu boroom." Naka noonu, alkandey bàkkaaru Aadama yemul woon ci moom rekk, waaye law na ba ci nun ñépp, mel ni jàngoro juy wàlle. Benn bàkkaaru Aadama a tax nit ñépp judduwaale jikkoy bàkkaar. "Janax du jur lu dul luy gas", te naka noonu itam, nun ñépp a donne sunu maam jikkoom ju bon ji. Te li wér péŋŋ mooy jikkoy bàkkaar bi nekk ci nun dina nu sànk ba fàww – su fekkoon ne Yàlla saafaraalu nu ko! Waaye cant ñeel na Boroom bi, Yàlla Aji Sax ji, ndaxte ci bés ba Aadama ak Awa bàkkaaree, gisoon nanu Yàlla, ci njubteem ak yërmandeem, ni mu digee wàcce ci kaw suuf, Rammukat bu jub, bi naroon a juddoo ci janq, ngir tuur deretam ni sarax suy fey boru bàkkaari doomi Aadama.

Noonu, ci sunu gëstu ci téereb Linjiil, gisoon nanu ne, bi àpp bi Yàlla tëraloon matee, wàcce na Ki mu dige woon. Kan mooy Musalkat boobu Yàlla dige woon? Mooy Nit ku jub ki, di **Yeesu Kirist**. Dégluleen ni Kàddug Yàlla wonee wuute-wuute bi am ci diggante Aadama, mi def bàkkaar, ak Kirist, mi deful bàkkaar. Mbind mi ne na:

"*Bàkkaaru kenn nit tax na **dee** tàbbi àddina, yilif ñépp ni buur; waaye jëfu keneen nit ka, maanaam Yeesu Kirist, moo ko suul, ba tax ñu bare tàbbi **ci dund gu bees**, falu ni ay buur... Jàddug kenn nit ka rekk moo waral **Yàlla daan ñépp**; noonu itam jëf ju jubu keneen nit ka rekk moo **ubbi bunt, ba ñépp man a jub ci kanamu Yàlla**, te am dund gu bees. Aadama moomu dafa déggadil Yàlla, ba yóbbaale ñu bare, ñu nekk i **bàkkaarkat**; noonu itam Yeesu Kirist dafa déggal Yàlla, yóbbaale ñu bare itam, **ñu jub**.*" **(Ro 5:17-19**)

Moom la Mbind mi wax ci mbirum ñi bokk **ci Aadama**, ak ñi bokk **ci Yeesu Kirist**. Nun ñépp ci melow Aadama lanu **juddoo**. Waaye Yàllaa ngiy woo doomi Aadama, ñu **judduwaat** ci seen biir xol; summi **melow Aadama**, sol **melow Kirist**! Naka la loolu man a ame? **Ci kaw ngëm rekk**! Ndaxte Mbind mi ne na, soo gëmee ci sa xol ne, Yeesu Kirist, mi musul a def bàkkaar, feyal na la say bàkkaar, Yàlla dina la juddulaat ci laabal sa xol, te yeesalaat la ci dooley Xel mu Sell mi. Noonu, dinga nekk mbindeef mu bees ci Kirist, te dootuloo dundal sa bopp, waaye Ki dee te dekki ci sa wàll ngay dundal.

Léegi nag, nanu dellusi ci Tawreet, ngir wéy ci sunu nafar, ba fàttaliku **ni Yàlla jëmee woon kanam pexeem** ngir yónni Rammukat bi ci àddina. Ci sunu njàng yu 'chronologique' yi, gisoon nanu ci ñaari doomi Aadama yu jëkk ya, di Kayin ak Abel. Abel gëmoon na li Yàlla dige woon ci mbirum Rammukat, bi naroon a ñëw ngir tuur deretam ni sarax, waaye Kayin gëmu ko. Yàlla layoowoon na ak Kayin ngir mu réccu, wànte Kayin deful lu dul mer rekk, ba rey Abel, rakkam.

Ba mu ko defee, gisoon nanu ni lu ëpp ci doomi Aadama toppe woon ci tànki Kayin, sóobu ci bàkkaar, ba

tax ba nu agsee ci jamano Nóoyin, Mbind mi ne: "*Coxoru nit réyoon na lool ci àddina, te fu ñu man a tollu, **lu bon rekk lañu daan xinte***." (**Ge 6:5**) Noonu, gisoon nanu ni Yàlla dogale far doomi Aadama ak mbënnu ndox ma. Ca jamano ju yàqu te dëng jooja, Nóoyin rekk a gëmoon li Yàlla dige woon ci lu jëm ci Rammukat bi naroon a ñëw. Naka noonu, gisoon nanu ni ko Yàlla sante woon mu defar gaal gu réy, gi naroon a nekk rawukaayu njabootam ak bàyyima yu bare. Diirub téeméeri at Yàlla dafa doon muñal bàkkaarkat yi, dajeek Nóoyin doon yett gaal ga. Wànte kenn réccuwul woon ba gëm kàddug Yàlla, lu dul Nóoyin ak njabootam. Kon, ca muj ga, Yàlla, miy sàmm kóllëreem, defoon na lépp li mu digewoon te far ñépp ñi bañoon a dugg ci gaal gi, di rëccukaay, gi mu leen waajal.

Bu ko defee, gisoon nanu it ni sëti Nóoyin doon fàttee kàddug Yàlla ndànk-ndànk, ndaxte ñoom itam ay doomi Aadama lañu woon, di ay bàkkaarkat judduwaale. Naka noonu, jàngoon nanu ci mbirum dëkku Babel, ak ni nit ñi fexee woon boole waa àddina ci benn bérab, tabax dëkk bu réy ak sooroor bu kawe ngir bañ kilifteefu Yàlla. Wànte Yàlla àtte na leen ci li mu safaan seen làkk, ba tasaare leen ci kaw suuf sépp.

Noonu lanu àgge woon ci nettali bu neex ci mbirum **yonent Yàlla Ibraayma**. Ci lu wóor, Ibraayma am na palaas bu am maanaa lool ci pexe mi Yàlla rabatoon ngir jot doom Aadama ci nootaangeg bàkkaar. Baayu Ibraayma xërëmkat la woon, te Ibraayma moom itam bàkkaarkat la woon, ni doomi Aadama yépp. Waaye gisoon nanu Yàlla, ci yéeneem ju rafet, ni mu feeñoo woon Ibraayma, sant ko mu jóge kër baayam, génn réewam. Yàlla fasoon na yéene def ci Ibraayma xeet wu bees, wu Rammukat bu sell bi naroon a jaar ba ñëw ci àddina. Moom lanu jàngoon ci Tawreet, téereb Njàlbéen ga, saar fukk ak ñaar, bi Yàlla wooye Ibraayma, ne ko:

"*Jógeel sa réew, ci say mbokk ak ci sa kër baay, te nga ñëw ci réew, mi ma lay won! Dinaa def ci yaw xeet wu yaa, di la barkeel te màggal saw tur te dinga nekk buntu barke. Ku la teral, ma barkeel ko; ku la móolu, ma alag ko; te **xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw***." (**Ge 12:1-3**)

**Lu taxoon Yàlla sant Ibraayma mu toxu ci meneen réew**? Lii moo tax: Yàlla dafa fasoon yéene def ci moom xeet wu bees. **Lu tax Yàlla bëggoon a def xeet wu bees ak Ibraayma**? Ndaxte ci xeet woowu la Yàlla fasoon yéene jaarale yonent yi ak Mbind mu sell mi. Te ci muj ga, ci xeetu Ibraayma woowu, la Yàlla dogaloon a wàcce **Rammukat** bi ci àddina. Loolu moo taxoon Yàlla dig Ibraayma, ne ko: "*Dinga nekk buntu barke...te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw*."

**Ndax Yàlla amaloon na li mu digoon Ibraayma**? Waaw kay! Ibraayma, mi amoon téeméeri at, ak Saarata jabaram, ji am juróom-ñeent fukki at te musul a ëmb – gisoon nanu ni leen Yàlla joxe doom, di Isaaxa, ni mu ko dige woon. Noonu Isaaxa jur Yanqóoba, te Yanqóoba jur fukki doom ak ñaar, ñi sos xeet wu bees wi, di **Israyil**. Te yeen ñi xam Mbind mu sell mi, xam ngeen ne, ci xeetu Israyil la Rammukat bi soqikoo, ndaxte Maryaama miy yaayam, sëtu Ibraayma la woon. Looloo tax aaya bu jëkk bi ci Linjiil ne: "*Lii mooy cosaanu Yeesu Kirist, sëtu Daawuda, **sëtu Ibraayma***." (**Mc 1:1**) Lu jëm ci meloom ci àddina – Yeesu Kirist, ci askanu Ibraayma la jóge. Waaye lu jëm ci xelam mu sell – Doomu Aji Kawe ji la, ndaxte mooy Ruuwu Yàlla, gi bawoo asamaan, juddu ci kaw suuf.

Waaye nanu dellusiwaat ci nettalib Ibraayma, ndaxte am na leneen lu nu war a fàttaliku ci mbiram. Ni nu ko gise woon, Ibraayma ci bàkkaar la juddoo, ni doomi Aadama yépp. Wànte Kàddug Yàlla dafa nuy won ne, tey jii, Ibraaymaa ngi ci Àjjana, di jetaayu Yàlla bu sell bi, te foofa lay nekk ba fàww! Léegi nag, li nu bëgg a xam mooy lii: **Lan la Ibraayma defoon, ba tax Yàlla baal ko ay bàkkaaram, àtte ko ni ku jub, ba teeru ko ci Àjjana**? Lan la Mbind mi wax ci loolu? Nee na: "*Ibraayma **gëm** na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam **ni njub***." (**Ge 15:6**)

Ibraayma gëm na **Yàlla** – Yàlla moom ci boppam. Ibraayma gëm na **li ko Yàlla wax**. Looloo tax Yàlla jagleel ko njub; def ko nit ku jub. Yaw miy déglu tey, **ndax gëm nga Kàddug Yàlla ni ko Ibraayma gëme**? Waxunu, ndax gëm nga ne Yàlla am na, walla ndax Yàlla kenn la. Ibliis moom ci boppam xam na ne, Yàlla kenn la! Li Yàlla bëgg, mooy nga gëm **li mu wax** ci mbirum yoonu mucc wi mu tëral, ni ko Ibraayma gëme!

Gisoon nanu ngëmu Ibraayma ci nettalib Tabaski. Ndax fàttaliku ngeen li Ibraayma yégle woon ca tund wu tedd wa, bés ba mu rendee xar ma ci palaasu doomam? Dafa waxoon ne: "*Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi ngir sarax si!*" **(Ge 22:8**) Te ginnaaw ba mu rendee xar ma, mu daldi tudde tund woowa: Yawe-Yire, muy tekki: "*Boroom bi **dina ko indi**!*" **(Ge 22:14**) Lu taxoon Ibraayma tudde tund woowu: "*Boroom bi **dina ko indi***", te fekk Yàlla indi woon xarum sarax si ba noppi? Ndaxte Ibraayma, nib yonent, dafa doon yégle li amagul woon. Bi Ibraayma waxee ne: "*Boroom bi **dina ko indi***", dafa doon yégle li naroon a xewi ca tund, woowa xar ma wuutoo woon doomam ca rendikaay ba. Dafa doon séentu bés bi Rammukat bi naroon a tuur deretam ca tund woowa, **ngir musal képp ku ko gëm ci àtteb Yàlla bu jub bi**.

Naka noonu, ci sunu gëstu ci Linjiil, gisoon nanu ni Yeesu Kirist ganesee àddina daanaka ñaari junniy at ginnaaw jamanoy Ibraayma, ak ni mu amale waxu Ibraayma. Ndaxte ca gannaaw Yerusalem, ca tund wa Ibraayma rendee woon xarum tabaski ma, foofa la Rammukat bi Yeesu tuur deretam ngir jot doomi Aadama. Te looloo taxoon, bi ñu ko daajee ci bant ba, laata muy delloo ruuwam Yàlla, déggoon nanu ni Yeesu waxe woon ak kàddu gu dëgër, naan: "***Lépp mat na!***" Lu taxoon Yeesu wax: "Lépp mat na!"? Waxoon na loolu, ndaxte **deewam ca bant ba, matal na pexem mucc**, mi Yàlla yégle woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam. **Deewug Yeesu matal na misaalu xarum tabaski ma ak saraxi mala yépp**!

Yaw miy déglu tey, ndax gëm nga ne Yeesu Kirist ci boppam mooy Xarum Tabaski mu mat mi te mujj te Yàlla wàcce woon ko? **Ndax bokk nga ak Ibraayma ngëmam**? Dégluleen li Linjiil wax ci mbirum ngëmu Ibraayma. Mu ne:

*Sunu maam Ibraayma... nu mbiram tëdde? Bu fekkoonte ne Ibraayma, ci kaw i jëfam la ko Yàlla àttee ni ku jub, kon am na lu mu ci man a damoo. Waaye demewul noonu ci kanamu Yàlla. Lan la Mbind mi wax ci loolu? Nee na: **Ibraayma gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub**.* **(Ro 4:1-3**)...*Moo tax Yàlla jagleel na Ibraayma njub. Waaye loolu lañu bind ne: Yàlla jagleel na ko njub; **du Ibraayma rekk a moom wax ji**. **Nun itam ci wax jooju lanu bokk**, te Yàlla dina nu jagleel njub, **nun ñi gëm** Yàlla, mi dekkal Yeesu sunu Boroom. Ndaxte Yàlla jébbale na ko ngir sunuy tooñ, dekkal ko **ngir àtte nu jub**.* **(Ro 4:22-25**) Amiin!

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, te fas yéene tasewaat ak yeen emisyoŋ biy ñëw. Ndegam neex na Yàlla, danu fas yéene jëm kanam ci sunu nafaru xebaaru yonent yi, ba gis beneen yonent bu mag, bu Yàlla tànn ngir waajal dikku Musalkatu Àddina si. Yonent boobu mooy Musaa.

Su fekkee ne am ngeen laaj ci li nu jàng tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis. / *YOONU NJUB* / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax, bi mu naan: "***Ibraayma gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub***." **(Ro 4:3**)

# 95 Nafar #3: Musaa: Yoonu Yàlla wu sell wi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey nag danuy wéy ci sunu **nafar** ci xebaaru yonent yi, di xebaar bu baax, biy wone ni bàkkaarkat yi man a jube ci kanamu Yàlla. Ba léegi nu ngiy nafar Tawreet, di téere bi Yàlla soloon ci xelum Musaa, yonentam. Ni nu ko gise woon, Tawreetu Musaa am na njériñ lool ci képp ku bëgg a xam dëgg gi, ndaxte mooy fondamaa bi Yàlla tegoon, ngir nu man a nattu lépp li nuy dégg, ba xam ndax ci Yàlla la jóge walla déet.

Ci ndoortel Tawreet, gisoon nanu ni sunu maam **Aadama** bàkkaare woon, ak **ni bàkkaaram lawe** ci askanam wépp, mel ni jàngoro juy wàlle, ba indaale naqar ak dee ak mbugal gu dul jeex, ni ko Yàlla Aji Sax ji tëkkoo woon. Waaye nu ngiy sant Yàlla ci li Mbind mi ne: "*Fa bàkkaar bare, yiwu Yàlla gën faa bare!*" **(Ro 5:20**) Noonu, gisoon nanu ne, ci bés ba Aadama ak Awa bàkkaare, Yàlla, ci yiwam, yégle woon na ne, dina yónnee benn bés ci àddina ab **Rammukat**, ngir jot doomi Aadama ci alkande, ji bàkkaar indi.

Ci njàngu nafar mi weesu nag, gisoon nanu ni Yàlla woowe woon **Ibraayma**, dige def ak moom **xeet wu bees**, wu yonent yi ak Rammukat bi naroon a soqikoo. Noonu Ibraayma jur Isaaxa; te Isaaxa jur Yanqóoba; Yanqóoba jur fukki doom yu góor ak ñaar. Te Yàlla soppi woon na turu Yanqóoba, mu nekk **Israyil**.

Léegi nag, nanu wéy ci sunu nafar, ba gis ni Yàlla jëfandikoo woon askanu Ibraayma, di bànni Israyil, ñu nekk ay misaal ak i royukaay, ngir won doom Aadama yi, ni Yàlla Aji Sax ji mel, ak ci wan yoon la bàkkaarkat yi war a jaar ba rëcc àtteem bu jub bi, texe.

Ci sunu gëstu ci Tawreet, gisoon nanu ni Yàlla bàyyee woon doomi Israyil, ñu nekk ay jaam ci réewum Misra diirub ñeenti téeméeri at, ni mu ko xamale woon Ibraayma bu yàgg. Bi àpp bi Yàlla tëraloon matee nag, yónnee na bànni Israyil **Musaa**, mi bokkoon ci ñoom, te màgge ci kër Firawna, buuru Misra bu soxor bi.

Noonu Yàlla yebbaloon na Musaa ci Firawna ngir mu wax ko: "*Yàlla Aji Sax ji ne na: Bàyyil sama mbooloo, mu dem jaamu ma!*" **(Ex 5:1**) Waaye Firawna bañ, di reetaan naan: "*Kuy Aji Sax ji? Duma bàyyi bànni Israyil mukk ñu dem!*" **(Ex 5:2**) Ci kaw loolu nag, Yàlla xamaloon na boppam Firawna ak waa Misra jaarale ko ci juróom-ñeenti musiba yu metti, yu dal waa réew mépp ba des bànni Israyil. Waaye firnde yeek kéemaan yi Yàlla def ci kanamu Firawna taxul mu réccu, ba déggal kàddug Musaa. Noonu Yàlla ne Musaa: "*Dinaa wàcce meneen musiba ci Firawna ak ci Misra. Gannaaw loolu mu bàyyi leen, ngeen dem.*" **(Ex 11:1**)

Noonu gisoon nanu ni Yàlla **fàdde taaw**, ya nekkoon ci kër Firawna ak ci këri waa Misra yépp. Waaye Yàlla musaloon na taawi bànni Israyil yi, ndax **deretu mbote**, ma ñu taqaloon ci seeni bunti kër. Ndaxte Yàlla moom ci boppam digoon na leen ne: "*Deret ji nekk ci seeni buntu kër, xàmmeekaay lay doon ngir yeen. **Bu ma gisee deret ji, dinaa leen teggi**, te musiba du leen dal!*" **(Ex 12:13**) Kon nag, jaare ko ci deretu mbote ma, gisoon nanu ni Yàlla teggee woon këri bànni Israyil, bañ a fàdd seeni taaw. Waaye mu réy taawi waa Misra yépp, ndaxte taqaluñu woon deretu mbote ci seeni buntu kër. Noonu la Yàlla goreele bànni Israyil ci loxoy Firawna.

Ni nu ko gise woon, njariñ li nettalib bésub Teggi boobu ëmb, moo gën a am solo fuuf muccug doomi Israyil ci nootaangeg Firawna. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Mbir yooyu leen daloon misaal la ci nun...ñiy dund ci jamano jii lépp mat.*" **(1Ko 10:11**) Li Yàlla bëgg a xamal ñépp mooy lii: Nettalib deretu mbote, ma bànni Israyil taqaloon ci seeni buntu kër ngir Yàlla aar seeni taaw ci dee, te goreel leen ci nootaangeg Firawna – **misaal la ci yoonu mucc**, wi Yàlla tëral ngir musal bàkkaarkat yi ci dee fàww, te goreel leen ci buur bi gën a soxor Firawna, maanaam: Seytaane!

Kàddug Yàlla daf nuy won ne, doom Aadama yépp dañu mel ni **ay jaam**! Xëy na am na kuy wax: "Waaw-waaw, xam nanu ne, ay jaami Yàlla lanu!" Waaye loolu dëppoowul ak li Boroom bi Yeesu wax ci Linjiil, bi mu naan: "*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, képp kuy def bàkkaar, jaamu bàkkaar la!*" **(Yow 8:34**) Te gannaaw doomi Aadama ay jaami bàkkaar lañu, ay **jaami Seytaane** lañu tamit, ndaxte Seytaane mooy kilifa bàkkaar. Te li wér péŋŋ mooy ku di jaamu Seytaane, amuloo menn pexe ngir goreel sa bopp! Ndax jaam man na goreel boppam? Ndax man na jox dara kilifaam ba, mu bàyyi ko mu dem yoonam? Xëy na loolu man na dox ak kilifa gu baax, waaye du man a dox ak ku mel ni Seytaane. Ni Firawna, Seytaane tamit du bàyyi mukk ay jaamam ñu dem! Céy nun doomi Aadama aka noo torox! Ana ku nuy goreel ci nootaangeg Seytaane, mi nu def ay jaam? Cant ñeel na Yàlla! Yónnil na nu **ku nu man a goreel**! Mooy Musalkat bu am doole, bi wàcce asamaan, te yonent Yàlla yépp seedeel nañu ko.

Ci **Tawreet**, jàngoon nanu ni Yàlla digee woon toj boppu Seytaane jaare ko ci Rammukat bu Sell, bi naroon a juddu ci janq. Ci **Sabóor**, déggoon nanu ni yonent Yàlla Daawuda binde ne, **Rammukat**, boobu Yàlla tudde Doomam, dees na bëtt ay loxoom ak i tànkam, rey ko ci biir metit yu tar! Ci **Linjiil** nag, jàngoon nanu lu bare ci mbirum Rammukat bu yéeme boobu. Mooy doomu Maryaama, di Yeesu Kirist, mi dundoon dund gu mat sëkk, ba noppi dee ci bant ba ngir sunuy bàkkaar te dekki ci bàmmeel ba. Noonu la Yeesu matale woon li yonent Yàlla yi bindoon bu yàgg ci mbirum Musalkatu bàkkaarkat yi.

Ci dëgg-dëgg, Yeesu Kirist mooy ***Mbotem Yàlla***, mi tuuroon deretam mel ni mbote ya ñu rendi ca bésu Teggi ba! Daanaka junni at ak juróomi téeméer ginnaaw ba Yàlla goreelee bànni Israyil jaare ko ci deretu mbote ma, gisoon nanu ni Yàlla bàyyee woon nit ñi, ñu daaj Yeesu mu jub mi ci bant ba. Te li ngeen war a xam mooy **ci bésu màggalu bésu Teggi ba lañu ko daajoon**! Noonu la **Yeesu Kirist amale woon tembe misaalu mbotem bésu Teggi ba**. Ñàkka xam a tax nit ña daaj ko ci bés booba, waaye Yàlla dogaloon na ko, ba àddina sosoogul, ndaxte Yeesu mooy sarax su mat sëkk, su mujj, si Yàlla tànnoon. Deretu Yeesu Kirist mooy njëg gu jaadu, gi Yàlla laaj ngir jot doom Aadama yi ci nootaangeg bàkkaar. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Yeesu Kirist deewal na nu ca bant ba, mel ni mbote mu ñuy rendi, jébbal ko Yàlla ca màggalu bésu Teggi ba! ...Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamanoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamano jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem.*" **(1Ko 5:7 Ro 3:25,26**)

Léegi, nanu bàyyi nettalib bésub Teggi ba, jéem a fàttaliku li nu jàngoon ci mbirum yoon wu sell, wi Yàlla dénk bànni Israyil,. Ci sunu gëstu ci Tawreet, gisoon nanu ni ndamu Yàlla feeñoo woon Musaa ak bànni Israyil ci biir màndi? ma, wàcce ci tundu Sinayi ci biir safara ak dënnu, ak i melax. Noonu la Yàlla jottalee bànni Israyil fukki ndigalam yu sell yi ak yeneen ndigal yu bare, yi ñuy wooye: **Yoonu Musaa**. Yàlla sant leen ne:

"***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, ak sa xel mépp!*** **(De 6:5**)

*Bul am yeneen yàlla ndare man! Bul sàkkal sa bopp xërëm*! **(Ex 20:3-4**) *Bul jëfandikoo turu Aji Sax ji di Yàlla seen Boroom cig neen!* **(Ex 20:7**) *Deel fàttaliku bésu noflaay bi, def ko bés bu sell!* **(Ex 20:8**)

***Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp!*** **(Le 19:18**)

*Teralal sa ndey ak sa baay! ...Bul rey nit! ... Bul njaaloo! ...Bul sàcc! ...Bul fen! ...Bul bëgg yëfi jaambur!*" **(Ex 20:12-17**)

Te ci ndigal yu sell yooyu, Yàlla tegoon na ci wax yii: "*Ku sàmm yoon wépp, waaye **xëtt ci lenn ndigal rekk**, jàdd nga yoon wépp! Képp ku dul topp **lépp** lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na alku!*" **(Sa 2:10 Gal 3:10**) Moom la yoon wu sell, wi Yàlla dénk Musaa wax!

Yaw miy déglu tey, **ndax sàmm nga yoonu Yàlla wu sell, woowu santaane ne: Fàww nga mat sëkk ci xalaat, ak ci wax ak ci jëf – li ko dale ci sa bésub juddu ba sa bésub dee**? Bés bu nekk, waxtu wu nekk, guddeek bëccëg, fàww nga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol **bépp**, ak sa bakkan **bépp**, ak sa xel **mépp**! Te it, fàww nga bëgg sa moroom, **ni nga bëgge sa bopp**! Ndax matal nga yoon wu sell woowu? Yaw ak man xam nanu ne, matalunu ko de! Mbind mi ne na: "*Ku jub amul, du kenn sax! ...Su nu waxee ne amunu bàkkaar, kon nax nanu sunu bopp, te dëgg nekkul ci nun.*" **(Ro 3:10 1Yow 1:8**) Ci li góor jur, kenn musu ci matal lépp li Yàlla bëgg, ndaxte jikkoy bàkkaar lanu judduwaale, nun ñépp.

Xëy na am na kuy laaj, naan: Su fekkee ne, kenn mënul a matal yoonu Musaa, lu tax nag, Yàlla jottali ko doom Aadama yi? Ndax Yàlla ku bëgg ñépp alku la? Déedéet, Yàlla Aji Mbëggeel la, te bëggul kenn alku! Kon, lu tax Yàlla jottali bàkkaarkat yi ndigalam yu sell yi, bi mu xamee xéll ne, kenn mënu leen a matal? Lan mooy solob ndigal yooyu? Yàlla tontu na laaj boobu, bi mu naan:

"*Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; **solob ndigal yi daal mooy wone bàkkaar**! ...Yoon wi tëj na ñépp ci dooley bàkkaar, ngir ñi gëm Yeesu Kirist jot li Yàlla dige woon ci seen kaw ngëm!* **(Ro 3:20 Gal 3:22**)

Kon gis nanu ne, Yàlla dénk na bàkkaarkat yi ndigalam yu sell yi, ngir won nu sunu matadi fa kanamam, te tette nu ci Yeesu Kirist, mi nu gàddul **alkande, ji bàkkaar indi**. **Ci biir nit ñi, Boroom bi Yeesu Kirist rekk a ci mataloon ndigali yoon wu sell**, wi Yàlla dénkoon Musaa. Ni nu ko gise woon, Yeesu wuute na lool ak nun, ndaxte bokkul ci sunu jikkoy bàkkaar. Yeesu mooy Ruuwu Yàlla, gi jóge asamaan, te juddoo ci janq bu musul a séy. Yeesu yoroon na sunu jëmm, waaye yorul woon sunu jikko ju bon. Looloo taxoon, bi mu nekkee ci kaw suuf, mu manoon a wax ne: "*Buleen defe ne, ñëw naa ngir dindi yoonu Musaa ak waxi yonent yi. Ñëwuma ngir dindi leen, waaye **ngir ñu am ci man**!*" **(Mc 5:17**)

Ndax dégg ngeen li Yeesu wax? Diis na lool te neex! Yeesu ne, ñëw na ci àddina ngir **amal** yoon wu sell, wi Yàlla dénk Musaa! Ndax jàpp ngeen loolu? **Yeesu Kirist defal na nu, li nu mënul woon a defal sunu bopp mukk nun doomi Aadama**! **Matal na yoonu Musaa wu sell wi**, te gannaaw loolu, mu daldi tuur deretam ci kaw bant ba, **ba gàddul nu sunu alkande**, ngir musal nu ci àtteb Yàlla bu jub bi!

Yeesu yeyoowula dee, ndaxte musul a def bàkkaar. Wànte ngir matal pexem mucc mi Yàlla dige woon bu yàgg, Boroom bi Yeesu, ci coobarey boppam, joxe na bakkanam ngir nun. Te ginnaaw ba mu tuuree deretam ngir feyal nu sunu boru bàkkaar, Yàlla dekkal na ko ci ñetteelu fan ba! Dégluleen li Mbind mu sell mi wax ci loolu. Mu ne:

"*Yoon[u Yàlla wu sell wi,] **mënul a dab ñi bokk ci Yeesu Kirist**! Ndaxte...lu yoonu Musaa mënul woon a def, ndax néew dooley nit, Yàlla defe na ko nii: Dafa yónni Doomam, ngir mu yor sunu jëmm, nun ñiy ay bàkkaarkat, te mu jébbale bakkanam, ngir dindi bàkkaar yi. Noonu la Yàlla tase nguuru bàkkaar ci nit.*" **(Ro 8:1,3**)

Yaw miy déglu tey, ci wan yoonu ngay jaar? Ci lan nga wékk sa yaakaar? Ndax wékk nga ko ci xebaar bu baaxu Yàlla ci mbirum Rammukat bu jub, bi la gàddul sa alkande? Walla ci say jëfi bopp nga wékk sa yaakaar ba tey? Bul fàtte kon li Kàddug Yàlla wax, bi mu naan:

"*Ñiy wékku ñépp ci jëfi yoon wi, ñu alku lañu, ndaxte bind nañu ne: **Képp ku dul topp lépp** lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na **alku**. Waaye [Yeesu] Kirist **jot na** nu ci alkande, ji yoon wi indi; mu gàddul nu ko, ba far alku moom ci boppam... ngir **képp ku ko gëm** am dund gu dul jeex te doo sànku mukk!*" **(Gal 3:10,13 Yow 3:16**)

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, te di leen fàttali ne su ngeen amee ay laaj walla ngeen bëgg a jot téere, buy yaatal seen xam-xam ci Mbind mu Sell mi, man ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St L.

Ci njàng mi di ñëw, ci coobareg Yàlla, dinanu àggale sunu nafar ci Mbindi yonent yi ba gis ni Almasi bi Yeesu matale woon lépp li yonent yi yégle woon ci mbiram, ba ubbil doomi Aadama buntu mucc ak jàmm ba fàww!

Yàlla na leen Yàlla leeral ci li nu jàng tey, te ngeen fàttaliku li Mbind mu sell mi wax, naan: "***Yoon[u Yàlla wu sell wi,] mënul a dab ñi bokk ci Yeesu Kirist!***" **(Ro 8:1**)

# 96 Nafar #4: Yeesu Kirist: "Lépp mat na!"

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Am na ñetti emisyoŋ, tàmbali woon nanu nafar xebaaru Mbindi yonent yi. Tey nag, ci ndimmalu Yàlla, fas nanu **yéene àggale nafar boobu**. Kon, danuy tudde sunu emisyoŋ tey bii: "**Lépp mat na**!"

Ni nu ko gise woon, **ñaari xaaj yu am maana**, la Yàlla séddale téereem, ñuy Kóllëre gu jëkk gi ak Kóllëre gu bees gi. Xaaj bu jëkk bi ci Téereb Yàlla bi moo ëmb Tawreet, Sabóor ak yeneen mbindi yonent yi. Gisoon nanu ci **Kóllëre gu jëkk** googu ni sunu maam Aadama déggadile woon Yàlla, ba dugal askanam wépp ci nguuru Seytaane. Wànte jàngoon nanu it ni Yàlla digee woon wàcceel doomi Aadama Musalkat bu am doole, ngir jot ñi réer ci lëndëmu bàkkaar.

Kon, ngir **jëme kanam pexeem** ba wàcce Musalkat boobu, déggoon nanu ni Yàlla woowe woon Ibraayma ci màggetam, ne ko: "*Dinaa def ci yaw xeet wu yaa... te dinga nekk buntu barke...te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw!*" **(Ge 12:2-3**) Noonu gisoon nanu ni Yàlla defe Ibraayma baayu xeetu Israyil. Xeet woowu la Yàlla dénk Mbindi yonent yi. Naka noonu, diirub junniy at ak juróomi téeméer, Yàlla yónnee na bànni Israyil kàddoom, gi mu sol ci xelu lu ëpp fanweeri yonent – li ko dale ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent Yàlla Yaxya. Jaarale ko ci yonent yooyu, Yàlla wone njubadig doomi Aadama fa kanamam, te yégal leen ci ñëwug Rammukat bu jub, bi naroon a tuur deretam, ngir feyal doomi Aadama seen boru bàkkaar.

Ni nu ko gise woon, Kóllëre gu jëkk, gi Yàlla fasoon ak bàkkaarkat yi, dafa laajoon ay saraxi mala, di santaane ne: "*Su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am – **ndaxte peyu bàkkaar mooy dee!***" **(Yt 9:22 Ro 6:23**) Waaye saraxi mala, yi nit ñi daan def ci jamano yu jëkk ya, mënuñu woon a nekk peyug bàkkaar ba fàww, ndaxte **maanaawu mala ak maanaawu nit yemul**. Ci misaal, su ma amee benn oto fowukaay, ndax man naa dem fa ñuy jaaye oto, weccee ko fa ak benn Peugeot 505? Mukk! Lu tax? Ndaxte dayo fowukaay bi ak bu oto dëgg bi yemul. Naka noonu itam, saraxi mala, yi Yàlla santaane woon ci jamano ju jëkk ja, mënuñoo dindi bàkkaar yi, ndaxte dayo mala ak bu nit yemul. Ni nu ko gise woon, saraxi mala yi, ay misaal kese lañu woon, ba kera jamano ji Yàlla wàcce Sarax si dëgg, di Rammukat bu jub, biy indi Kóllëre gu bees.

Ñaareelu xaajub Téereb Yàlla nag, mooy Linjiil, di **Kóllëre gu bees**, gi Yàlla fas ak nit, jaarale ko ci deretu Rammukat, bi jóge asamaan. Téereb Linjiil mooy nettali **ni Rammukat bi mataloon misaalu saraxi mala yépp**, bi mu tuuree deretam ci kaw bant ba, ngir nu man a jot mbaalug bàkkaar yi.

Lu taxoon Rammukat bi war a jóge asamaan? Ndaxte **amul woon kenn ci biir doom Aadama yi, ku man a rammu bàkkaarkat yi fa kanam Yàlla**, ndaxte ñépp a yenu sëfu bàkkaar. Ci misaal, jigéen ju yenu paanu ndox, ndax man na yenul keneen paanam? Mënul a am. Te naka noonu itam, bàkkaarkat mënul a rammu beneen bàkkaarkat. Waaye Rammukat, bi Yàlla wàcce, di Yeesu Kirist, yenuwul woon ëmbu bàkkaar, ndaxte mooy Ruuwu Yàlla, di Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci Xelum Yàlla mu Sell mi la bawoo, ba tax ñu tudde ko Doomu Aji Kawe ji. Ci janq la juddoo. Yoroon na sunu jëmm, waaye yorul woon sunu jikko ju bon. Amul woon yenu bàkkaar. Looloo taxoon Yàlla man ko yen sunuy bàkkaar, nun ñépp! Dee na ngir sunuy tooñ. Te ñetti fan ginnaaw ga, mu dekki ngir may nu dund gu bees. Noot na dee ak bàmmeel ba! Noot na Seytaane ak bàkkaar!

Nun ñépp, ci kàmbu bàkkaar gu xóot gi lanu juddoo, te amul kenn ku nu man a xettalisi, ku dul Ki jóge ci kaw! Almasi bi Yeesoo jóge ci kaw. Te soo ko wóoloo, dina la xëcc, génne la kàmbu bàkkaar gi, ndaxte ci kaw la jóge, ngir xettalisi doomi Aadama. Te it, ci kaw la dellu, ngir rammu ñi ko gëm. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Jenn Yàlla képp moo am, ak benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi, di nit ki Kirist Yeesu, mi joxe*

*bakkanam ngir jot ñépp!*" **(1Tim 2:5,6**) "*Kon nag, Yeesu mooy sëriñ bu mag, bi nu soxla; dafa sell, du def lu bon, du taq bàkkaar, bokkul dara ak bàkkaarkat yi...te bi mu ubbee bunt ba nit di selle ci ay bàkkaaram, dafa toog fa ñu koy terale ca ndeyjooru Aji Màgg ji ca kaw!*" **(Yt 7:26 1:3**) Amiin.

Ni nu ko gise woon ci Linjiil, bi Almasi bi Yeesu nekkee ci kaw suuf, amoon na ñu ko gëmoon. Ñi ràññee ki mu doon, bégoon nañu lool, ndaxte xam nañu ne, diirub junniy at yonent yi doon nañu yégle ñëwug Musalkat boobu – te léegi gis nañu ko ak seeni bët! Noonu ci biir taalibey Yeesu yi, déggoon nanu ni mu ci ame woon ñu ci dem, wuti seeni mbokk ak seeni xarit, ne leen: "***Gis nanu Almasi bi! Gis nanu ki yoonu Musaa wi ak yonent yi doon wax! Mu ngi tudd Yeesu!***" **(Yow 1:41,45**)

Waaye ndeysaan, lu ëpp ci ñi bokkoon ak Yeesu jamano, **ràññewuñu ki mu doon dëgg-dëgg**! Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga...ñëw, doon nit, dëkk ci sunu biir! Leer gi feeñ na ci biir lëndëm gi, te lëndëm gi jàppu ko! Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko! Ñëw na ci réewam, te ay ñoñam nanguwuñu ko!*" **(Yow 1:2,14,5,10-11**)

Ni nu ko gise woon, nit ñu bare seede woon nañu firnde yi ak kéemaan, yi Almasi bi Yeesu def. Yeesoo nootoon feebar yépp, ak ngelaw li, ak rab yi, ak bàkkaar ak dee, waaye loolu lépp taxul nit ñi ràññee ki mu doon, ndaxte Seytaanee gëlëmal seeni xel. Mbooloo ma doon na ko laal, tey buuxanteek moom, waaye xamuñu ko! Dañu ko teg yonent kese ci biir yonent yu bare, waaye gëmuñu ne, matug Yàlla gépp a dëkk ci moom.

Noonu gisoon nanu ni sëriñ sa ak kilifay Yawut ya, bañe woon Yeesu, añaane ko lool. Te ci muj ga, ñu rey ko ci daaj ko ci bant! Waaye noonu la ko Yàlla dogale woon lu jiitu, ndaxte deewug Almasi bi ci bant ba, dëppoo woon na tembe ak **yéeneem ju sell**, ji mu yégle woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam! Looloo taxoon, ci guddi ga sëriñ sa jàpp Yeesu ngir réylu ko, déggoon nanu ni Yeesu waxe taalibe ba ko bëggoon a aar, ne ko:
"*Xanaa xamuloo ne, man naa laaj sama Baay, te dina ma may ci taxawaay bi mbooloom malaaka mu xel dajul.* ***Waaye su ma ko defoon, nan la Mbind mi man a ame? Ndaxte Mbind mi nee na, nii la war a ame.***" **(Mc 26:53,54**)

Yeesu xamoon na lu tax mu ñëw ci àddina. Dafa ñëw ngir joxe bakkanam; ngir tuur deretam ngir bàkkaarkat yi, ni ko yonenti Yàlla yi yéglee woon bu yàgg. Yeesu ñëw na ngir li xaru tabaski ma ak saraxi mala yépp doon misaal man a am ci moom. Ndax man ngeen fàttaliku li Yeesu mujjoon a wax ci kaw bant ba, laata muy delloo ruuwam Yàlla? Waaw, Mbind mi ne na: "Yeesu woote na ak baat bu dëgër, naan: "***Lépp mat na!***", daldi dee. Te bi mu ko defee, ridob bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga xar ñaar, li dale ci kaw ba ci suuf!" **(Yow 19:30 Mk 15:37,38**)

Lu taxoon Yeesu wooteek baat bu dëgër, naan: "*Lépp mat na!*"? Te lu taxoon ridob kër Yàlla ga xar ñaar, maanaam ridob bérab bu sell, ba ñuy wis deretu saraxi mala ya ngir muur bàkkaar? Yàlla teri woon na rido boobu, te Yeesu waxoon na ne: "Lépp mat na!" ngir ñépp man a xam bu wóor ne, **jaarale ko ci deret ji mu tuur**, Yeesu matal na yéeneb Yàlla **ci li mu man a baal** doomi Aadama seeni bàkkaar, te may leen sañ-sañu bokk ci ndamam ba fàww!

**Boroom bi Yeesu Kirist ci boppam mooy Ki matal waxi yonent yi, ak misaali saraxi mala yi**, ba ubbil bàkkaarkat yi buntu mucc ba fàww! Te, ni nu ko gise woon, ndekkiteem ca ñetteelu fan ba, mooy firnde ju ràññeeku, ne Yàlla nangu na saraxu Kirist ni **njëg gu jaadu**, gi man a far bàkkaar yi ba abadan! Yeesu Kirist mooy Sarax su mat sëkk, si Yàlla jox waa àddina si, ngir képp ku ko gëm doo sànku mukk, waaye dinga am dund gu dul jeex!

Léegi nag, ngir àggale sunu nafar ci xebaaru yonent yi, danu leen di ñaan, ngeen déglu aaya yu xóot, te neex,

yi nekk ci Linjiil ci mbirum Sarax su mat te mujj, si Almasi bi Yeesu joxe, bi mu tuuree deretam ci kaw bant ba ngir fey bàkkaar yi. Mbind mi ne na:

*Yoonu Musaa wi dafa misaal xéewal yi waroon a ñëw;* ***takkandeer la ci yëf yu dëggu yi, waaye du ñoom ci seen bopp****. Looloo tax mënul a yeggale ci mat gi ñi ñëw ci Yàlla, ndaxte at mu nekk duñu jóg ci jébbal Yàlla sarax yooyu. Sarax yi ñuy def, bu ñu manoon a sellal ñiy jaamu benn yoon ba fàww, kon dinañu leen bàyyi, ndaxte dootuñu am yeraange ci seeni bàkkaar. Waaye dañuy fàttaliku bàkkaar yi ci sarax yi ñuy def at mu jot.* ***Ndaxte deretu yëkk yi ak ju sikket yi mënuñoo dindi bàkkaar yi****.*

*Looloo tax bi muy wàcc àddina, [Boroom bi Yeesu] Kirist nee na: "Bëggoo saraxu mala walla beneen sarax, waaye aw yaram nga ma defaral. Sarax yu ñuy lakk walla sarax yiy dindi bàkkaar yi, benn neexu la ci! Moo tax ma ne: Damaa wàcc ngir def sa coobare, yaw Yàlla, mu dëppoo ak li ñu bind ci sama mbir ci téereb yoon wi.* **(Yt 10:1-7**) *Noonu toxal na jëfin wu jëkk wa, ngir wuutal fi weneen wu bees.* ***Te ci li Kirist def coobareg Yàlla, bi mu joxee yaramam sarax benn yoon ba fàww, moo tax nu sell ci bàkkaar****! Bés bu nekk sëriñ si dañuy taxaw di liggéeyal Yàlla, di sax ci def sarax, yu mënul a dindi bàkkaar yi mukk. Waaye nag sëriñ bii di Kirist, bi mu saraxee sarax bu am doole ngir dindi bàkkaar yi benn yoon ba fàww, dafa toog ca ndeyjooru Yàlla, di xaar ba kera mu daaneelal ko ay noonam ci kanamam.* ***Noonu ñi ñuy sellal, ci benn sarax rekk la leen yeggali cig mat ba fàww****. Te it Xel mu Sell mi seedeel na nu ko; dafa jëkk a wax ne: Boroom bi nee na: Kóllëre gaa ngii, kóllëre gi may fas ak ñoom, bu bés yooyule weesoo. Dinaa def samay ndigal ci seen xol, bind ko ci seen xel. Noonu mu tegaat ca ne: Dootuma fàttaliku seeni bàkkaar walla seeni tooñ. Kon nag fu ñuy baale bàkkaar, aajootul sarax su koy dindi.*

*Mbokk yi, gannaaw nag* ***deretu Yeesu*** *may na nu sañ-sañu dugg ca bérab bu sell-baa-sell, nuy jaar ci rido bi, ci yoon wi mu nu ubbil, di yoon wu bees tey dund, maanaam ndax li mu joxe yaramam sarax te mi ngi dund, te gannaaw am nanu sëriñ bu mag, biy yilif waa kër Yàlla, kon nanu jege Yàlla* ***ak xol bu laab, ak ngëm gu ànd ak kóolute****... Nanu jàpp ci yaakaar, ji nu am, te bañ a toqi, ndaxte ki nu dig, lu mu wax def ko. Nanu seet ni nu man a xiirtalante cig mbëggeel ak ci jëf yu baax.* **(Yt 10:9-24**)

*Gannaaw ba nu nangoo xam dëgg gi ba noppi, bu nu teyee di def bàkkaar, kon sarax dootul am ngir bàkkaar yooyu. Déedéet, bu nu defee noonu, dinanu tiit di xaar àtte ba, muy taal bu yànj, bi war a lakk nooni Yàlla yi. Ku weddi ndigali yoonu Musaa wi, te ñaar walla ñetti nit seede ko, dina dee ci lu amul benn yërmande. Ku* ***xeeb Doomu Yàlla ji te fonkadi deretu kóllëre****, ji ñu ko sellale, te muy toroxal Xelum Yàlla, mi indi yiw,* ***naka la mbugalam war a gën a yéese****? Xam nanu ki wax ne: Man maay àtte, maay fey jëf. Te newaat na: Boroom bi dina àtte ay gaayam. Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund!* **(Yt 10:26-31**)
"***Kon nun ñi dégg mucc gu mag gi, bu nu ko sàgganee, nan lanuy man a rëcce mbugalu Yàlla?***" **(Yt 2:3**)

Ci kàddu yooyu la Yàlla artoo nit ñépp, ngir ñu bañ a sàggane mucc gu réy, gi deretu Almasi bi Yeesu ëmb. **Ku xeeb Sarax, si Yàlla ci boppam joxe – war na xam ne, sarax ngir dindi bàkkaar dootul am**! Deesul dara lu dul àtteb Yàlla, bu àndul ak benn yërmande! Yeesu Kirist mooy Sarax su mat sëkk, si Yàlla joxe, ngir **képp ku ko gëm doo sànku mukk**, waaye dinga am dund gu dul jeex. Yeesu waxoon na ci kaw bant ba, ne: "*Lépp mat na!*" Te ndegam Yeesu mooy baatu Yàlla – bi Yeesu waxee: "*Lépp mat na!*" – Yàlla moom ci boppam moo wax: "***Lépp mat na!***"

Yaw miy déglu tey, ndax gëm nga ne, Yeesu Kirist matalal na la liggéeyu mucc? Walla dangay jéem a musal sa bopp ba tey ci sa kaw jëfi bopp?

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, di leen tàggu ba beneen yoon. Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu Almasi bi yéene woon ca bant ba, bi mu nee: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**)

# 97 Safara!

(Luug 16)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbind mu Sell mi ne na:

"*Ñi ragal, ñi gëmul, ñiy def lu ñaaw...ak fenkat yépp, seen añ moo di* ***déegu safara ak tamarax bi****.*" **(Pe 21:7,8**) "*Dees na leen sànni ci biti ci lëndëm gi...ci safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam! Foofa dees na fa jooy te yéyu*." **(Mc 8:12 25:41**) "*Noonu ñii dinañu sóobu ci* ***mbugal gu dul jeex****, waaye ñi jub dinañu tàbbi ci dund gu dul jeex!*" **(Mc 25:46**)

Lii mooy li Kàddug Yàlla wax ci mbirum bérabu metit, bi ñuy wooye Safara!

**Safara**! Neexul a waxtaane! Bëggunu ci xalaat sax! Teewul nag, ci mbirum Safara lanu fas yéene jàng tey, ndaxte, ci Mbind mu Sell mi, Yàlla dafa ciy wax lu bare sax ngir artu nit ñi, ñu bañ faa dem. Tey kon, ak njàng miy ñëw, danu fas yéene gëstu ci Mbind mi te jàng li mu wax ci Safara ak Àjjana, ak ni mu nu man a wóore ne, dinanu dem Àjjana, te dunu tàbbi Safara. Xam nanu ne, lu ëpp ci nit ñi dañuy xalaat ne, kenn xamul luy xew àllaaxira, ak fan lañuy nekk ëllëg. Waaye dañuy xalaate noonu, ndaxte xamuñu yoonu mucc wi Yàlla tëral, mbaa digi Yàlla yu rafet, yiy maye kóolute gu dëgër! Ndax Kàddug Yàlla wax na nu ne, man nanu xam bu wóor ne, dinanu dem Àjjana? Waaw-waaw! Kàddug Yàlla ne na: "*Maa ngi leen di bind yëf yii, yeen ñi gëm turu Doomu Yàlla ji,* ***ngir ngeen xam ne, am ngeen dund gu dul jeex****!*" **(1Yow 5:13**)

Yaw miy déglu tey, ndax am nga dund gu dul jeex googu Kàddug Yàlla di yégle? Bés boo deewee, **ndax xam nga** fan la sa ruu jëm? **Ndax wóor na la** ne, dinga texe, te doo tàbbi Safara? Su fekkee amuloo kóolute googu, sunu njàngum tey mi war na laa soxal.

Ni nu ko gise woon ci Linjiil, bi Musalkat bi Yeesu nekkee ci kaw suuf, dafa daan faral di jàngal nit ñi ci mbirum **Safara** ak **Àjjana**. Waaye li Yeesu jàngale ci lu jëm ci safara, moo ëppoon li mu jàngale ci mbirum Àjjana, ndaxte dafa xamoon mbugal gu tar gi nekk safara, te bëggul kenn tàbbi ci. Léegi nag, nanu dellusi ci Linjiil, ba déglu ni Yeesu jàngalee woon mbooloo ma ci mbirum Safara. **Dégluleen nettali bu wér bii**, ci mbirum ñaari nit ñu faatu woon. Nu ngi ci Linjiilu Luug, saar fukk ak juróom-benn. Yeesu wax na ak mbooloo ma, ne:

*Dafa amoon* ***boroom alal****, juy sol yére yu rafet te jafe, tey dund bés bu set dund gu neex. Fekk* ***miskin*** *mu ñuy wax* ***Lasaar*** *daan tëdd ca buntu këram, fees dell ak ay góom, te bu sañoon, di lekk ci desiti ñam wiy rot ci lekkukaayu boroom alal ji. Xaj yi sax daan nañu ñëw, di mar ay góomam.*

*Noonu miskin ma dee, malaaka yi yóbbu ko* ***ca wetu Ibraayma****. Boroom alal ja itam dee, ñu suul ko. Bi ñu koy mbugal* ***ca safara****, mu téen, séen fu sore Ibraayma ak Lasaar ci wetam.* **(Lu 16:19-23**)

Nanu taxaw fii tuuti. Ndax jàpp ngeen li xewoon ak boroom alal ja ak miskin ma, di Lasaar? Fan la Lasaar demoon bi mu deewee? Ci saa sa, ruuwam a nga woon **ca Àjjana**, di jetaayu Yàlla, fa yonent Yàlla Ibraayma nekkoon bu yàgg. Boroom alal ja nag, fan la demoon? Ci saa sa, ruuwam a nga woon **ca Safara** sa ñu di ko mbugal. Te foofu la nekk ba tey!

Lu taxoon nag, miskin ma, di Lasaar, dem Àjjana, te boroom alal ja dem Safara? Ci bu jëkk war ngeen xam ne, nekk baadoolo taxul nga texe, te am alal ju bare it taxul nga sànku! Lasaar, baadoolo ba, dem na Àjjana

ndaxte **faale woon na yoonu mucc** wi Yàlla yégle ci Mbindi yonent yi.

Ci lu jëm ci boroom alal ja moom, **dafa sàggane Kàddug Yàlla**. Boroom alal jooju, dafa meloon ni nit ñu bare ci sunu jamanoy tey ñoom ñi nga xam ne, dañuy mbubboo diine, te xam ne Yàlla kenn la, te Mbindi yonent yi am na – waaye ñu ngi ci yoonu Safara, ndaxte jaaruñu ci yoonu mucc, wi yonent Yàlla yépp seede ci Mbind mi. Seen bànneexu bopp ak alal a leen gënal ñuy déglu Kàddug dëgg, gi jóge ci Yàlla. Te naka noonu, ci seeni bàkkaar lañuy sànku, mel ni boroom alal ja.

Nanu wéy léegi ci nettali bi, ba déglu ni Yàlla bàyyee boroom alal, ja nekk Safara, mu wax ci diir bu gàtt ak yonent Yàlla Ibraayma, mi nekk Àjjana. Yàlla dafa bëgg nu sàkku xam-xam ci wax yi bàyyikoo ci nit kooku nekk ci safara. Boroom bi Yeesu wéy na ci nettali bi, ne:

*Bi ñuy mbugal [boroom alal ja] ca safara, mu téen, séen fu sore Ibraayma ak Lasaar ci wetam. Noonu mu yuuxu ne: Maam Ibraayma, yërëm ma! Yebalal Lasaar, mu sëpp catul baaraamam ci ndox, seralal ma sama làmmiñ, ndaxte maa ngi sonn lool ci safara sii! Ibraayma ne ko: Sama doom, fàttalikul ne, jot nga sa bànneex ci àddina, fekk Lasaar dëkk ci tiis. Looloo tax xolam sedd fii, yaw nag, ngay sonn. Rax-ca-dolli it am na kàmb gu xóot sunu diggante ak yeen, ba tax ñi bëgg a jóge fii jëm ci yeen, walla ñi bëgg a jóge foofu jëmsi ci nun, duñu ko man.*

*Noonu boroom alal ja ne: Kon nag maam, maa ngi lay ñaan, nga yebal Lasaar ca sama kër baay, ndaxte am naa fa juróomi rakk. Na leen artu, ngir ñu bañ a ñëw ñoom itam ci bérabu metit wii! Ibraayma ne ko: **Say doomu baay, ñu ngeek yoonu Musaa ak téerey yonent yi. Nañu leen déggal**!*

*Boroom alal ja ne ko: Déedéet, maam Ibraayma, waaye su kenn dekkee, dem ca ñoom, dinañu tuub seeni bàkkaar! Waaye Ibraayma tontu ko ne: **Su ñu dégluwul Musaa ak yonent yi, kon ku dekki sax, du tax ñu gëm!*** **(Lu 16:23-31**)

Fii la nettalib boroom alal ja ak Lasaar yem. Ci lu wóor, bérab bi ñuy wooyee Safara, lu metti la, fu benn yërmande amul! Gis nanu ni fa boroom alal ja sonne, te kenn mënu ko wallu ba may ko benn toqu ndox sax! Te li gën a metti mooy: Boroom alal joojoo nga fa ba tey! Mu nga ci Safara di xaar bésu pénc, ba nga xam ne, ci la ñuy sànni ruuwam ak yaram yépp ci bérab ba ñuy wooyee **déegu safara ak tamarax bi**! Te foofu nag, fa lay nekk ba fàww, ak **ñépp ñi bañoon a déggal xebaaru yonent Yàlla yi**, xebaar bu baaxu Yeesu Kirist! Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci déegu safara...ak tamarax bi...te saxar siy jóge ci seen mbugal dina gilli ba fàww.... duñu noppalu guddi ak bëccëg!*" **(Pe 20:15 14:10,11**)

Xalaatleen ci! Képp ku sàggane yoonu mucc wi Yàlla tëral ba tàbbi Safara, du dee **mukk**, du génn **mukk**, te Safara, du fey **mukk**! **Mukk**! **Ba fàww**! Xam nanu ne, am na ñuy xalaat ne, ginnaaw ba bàkkaarkat yi sonnee ab diir ci Safara, dinañu génn, tàbbi Àjjana. Waaye xalaat boobu dëppoowul ak Kàddug Yàlla, gi wax ne: "*Dogal nañu ne, benn yoon rekk la nit ñiy dee, te gannaaw ga la àtte bay ñëw!*" **(Yt 9:27**)

Ku dee, tàbbi Safara, fa lay sax ba fàww, te ku tàbbi Àjjana itam, dina fa sax ba fàww! Te naka noonu itam, amul fenn ci Mbindi yonent yi, fu ñuy ñaanal néew yi. Ñaanal ñi dee, ci aaday nit la soqikoo, waaye soqikoowul ci Yàlla! Ñaanal ñi dee, mënul a wàññi coonoy ña ca Safara, mbaa musal leen ci bésu pénc ba. Te ci lu jëm ci ñi nekk Àjjana, li wér péŋŋ mooy ñoom soxlawuñu sunuy ñaan, ndaxte ñu ngi ci jetaayu Yàlla, ak mbégte mu mat sëkk!

Mbokki déglukat yi, **buleen kenn nax ci ay waxi neen**! Am na ñuy wax it ne: "Aa, Yàlla, ku baax la! Du sàkk jaamam yi, ba noppi di leen lakk! Nun ñépp, dina nu yërëm, dugal nu Àjjana!" Waaye ñooñu li ñuy wax teguñu ko fenn fu wér. Dañuy wax loolu rekk ngir dalal seen xel ci li ñu tànn sàggane yoonu mucc wi Yàlla tëral. Su ñu woññikuwul ci Yàlla, nangu yoonu njub, wi mu leen ubbil, benn bés dinañu xam ne ci dëgg, safara am na! Wànte bu boobaa dina fekk **réccu wees**!

Ndax dégg ngeen li boroom alal ja ñaan Ibraayma? Dafa ko ñaanoon, mu yebal Lasaar ca këru baayam, ngir mu artu juróomi rakkam yi deewagul woon, "ngir *ñu bañ a ñëw ñoom itam ci bérabu metit wii*!" Nan la ko Ibraayma tontoo? Mu ne ko: "***Say doomu baay, ñu ngeek yoonu Musaa ak téerey yonent yi. Nañu leen déggal!***" Wànte boroom alal ja ne ko: "*Déedéet, maam Ibraayma, waaye su kenn dekkee, dem ca ñoom, dinañu tuub seeni bàkkaar!*" Ibraayma tontu ko ne: "***Su ñu dégluwul Musaa ak yonent yi, kon ku dekki sax, du tax ñu gëm***."

Yaw miy déglu tey, ndax xam nga xebaar bu baaxu yonent Yàlla, yi la man a musal ci Safara? Ci xebaar boobu lanu doon gëstu bu yàgg fii ci seen Emisyoŋ *YOONU NJUB*. Ci tënk, gisoon nanu ne, xebaar bu baaxu yonent yi, mooy xebaaru Rammukat bu Sell, bi Yàlla wàcce, ngir mu dee ci bant ba ngir fey say bàkkaar, te mu dekki ca ñetteelu fan ba, **ngir képp ku ko gëm ci sa biir xol doo tàbbi Safara**! Loolu mooy xebaar bu baax, bi la man a musal ci àtteb Yàlla bu jub bi!

Ni nu ko gise woon ci njàng yu jëkk ya, nit taxul woon Yàlla sàkk Safara, waaye Seytaane ak malaakaam yu bon yi la ko sàkkaloon. Wànte sunu bàkkaaru maam Aadama a tax nun ñépp nu juddoo fu sore Yàlla, ci biti toolu Àjjana ci kaw suuf, ci biir nguurug Seytaane, ci kaw yoonu Safara. Ci lu wér, jikkoy bàkkaar bi nekk ci nun **dina nu sànk ba fàww**, su fekkee ne Yàlla **saafaraalu nu ko**, ndaxte peyug bàkkaar mooy dee ak safara su dul fey mukk. Ci sunu dooley bopp, amunu menn pexe ngir rëcc ci Safara! Waaye nu ngiy sant Yàlla ci li mu rabat pexe mu mu nu man a baale sunuy bàkkaar! Lan mooy pexe moomu? Mooy **deewug Almasi bu Sell bi**. Ca bant ba, Yàlla yen na Yeesu Kirist sunu mbugalu bàkkaar, benn yoon ba fàww! Lu xelu nit mënta jàpp la. Waaye moom la Mbind mu Sell mi wax, bi mu naan: "*Yeesu Kirist ci boppam dee na benn yoon ba fàww, ngir dindi bàkkaar yi,* ***moom mi jub ngir ñi jubadi****, ngir yóbbu leen fa Yàlla!*" **(1Pi 3:18**)

Gisoon nanu ni nit ñi fitnaale woon Yeesu, dóor ko ay yar yu tar, teg kaalag dég ci boppam, ñaawal ko, pes ko, tifli ci kawam, daaj ko ci bant! Yàlla bàyyi na nit ñi ñu sonnale Soppeem noonu, ngir wone mbugal, gi sunuy bàkkaar laaj. Lépp li nit ñi defoon Yeesu – nun, noo ko yelloo ndax sunuy bàkkaar. Wànte Yàlla, ci kaw mbëggeelam gu réy gi mu am ci nun, yenoon na Almasi bu Sell bi, di Doomam ji mu bëgg, sunu mbugalu bàkkaar, jaarale ko ci loxoy nit ñu soxor ñi.

Wànte war ngeen xam ne, coonoy Yeesu ca bant ba, yemul woon rekk ci li ko nit ñi defoon. Mbindi yonent yi won nañu nu ne, bi Yeesu di sonn ci kaw bant ba, Yàlla ci boppam moo ko yen tiis wu xel mënta jàpp. Yàlla sëf na Rammukat bi Yeesu sunu peyug bàkkaar, di **sunu Safara**, benn yoon ba fàww, ngir man nu jot ci Safara, te ba tey dëkk ci njubteem!

Ni nu ko gise woon, peyu bàkkaar mooy dee, te ginnaaw loolu, tàbbi ci lëndëmu Safara, fa Yàlla di dëkkal ba fàww képp ku bañ a gëm Xebaar bu baax bi! Wànte Yàlla, mi bëggul kenn sànku, ngir musal nu ci Safara, dëddu na Doomam ju Sell ji ci kaw bant ba, yen ko sunu Safara! Ni nu ko jànge woon, bi Yeesu deewee ci kaw bant ba, réew mépp dafa lëndëmoon këruus – mel ni Safara – la tàmbalee digg-bëccëg, ba ci tisbaar, te noonu déggoon nanu ni Yeesu wootee woon ak kàddu gu dëgër, naan: "***Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?***"

Lu taxoon Yàlla dëddu Almasi bi, di Soppeem, ci bant ba? **Man ak yaw a tax**! Sunuy bàkkaar a tax! Diirub waxtu yu lëndëm yooyu, Yàlla yenoon na Almasi bi sunu mbugalu bàkkaar; sunu Safara! Dëgg gu xóot la, te sunuy xel mënuñu jàpp lépp li mu ëmb, waaye li wér péŋŋ mooy: **soo ko gëmee ci sa biir xol, dinga mucc, te doo tàbbi Safara mukk**, ndaxte nangu nga saraxu Rammukat bu Sell, bi Yàlla joxe ci sa wàll. Mel ni xarum Tabaski, mi jotoon doomu Ibraayma ci dee – Yeesu Kirist dee na ngir jot la ci dee gu amul àpp ci bérab bu ñuy wax **Safara**!

Ndegam Yàlla yen na Yeesu Kirist sa Safara, benn laaj a am. Mooy: Ndax nangu nga saraxu Almasi bi? **Ndax gëm nga** ne, Yeesu Kirist mu jub mi feyal na la sa boru bàkkaar? Walla yaw yaa di dem Safara, feyal sa bopp sa boru bàkkaar diirub àllaaxira? **Yaay tànn nag**. Lan ngay tànn yaw? **Àjjana**? walla **Safara**?

Jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox daje ci njàng miy ñëw, ngir gëstoondook yeen ci lu wuute lool ak li nu jàng tey, ndaxte, bu soobee Yàlla, dinanu gëstu ci mbirum bérab bu neex bu ñuy wooyee 'Àjjana'...

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu Sell mi wax, bi mu naan: "***Kon nun ñi dégg mucc gu mag gi, bu nu ko sàgganee, nan lanuy man a rëcce mbugalu Yàlla?***" **(Yt 2:3**)

# 98 Àjjana!

(Peeñu ma 21, 22)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci sunu njàng mi weesu ci Mbindi yonent yi, nu ngi doon gëstu ci bérabu mbugal gu dul dakk gi, di **Safara**. Safara mooy bérabu metit, bi ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam. Mooy fa képp ku sàggane yoonu mucc wi Yàlla tëral war a tàbbi, tàggook Yàlla ba fàww! Moom la Mbind miy wax, naan: "*Képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci déegu safara...ak tamarax bi...te saxar siy jóge ci seen mbugal dina gilli ba fàww....duñu noppalu guddi ak bëccëg!*" **(Pe 20:15 14:10,11**)

Ci lu wóor, Safara mooy mbir mi gën a metti ci lépp lu nit man a xalaat. Wànte tey jii, danu fas yéene gëstu ci mbir mi gën a neex, ci li xelum nit man a xalaat, ndaxte bëgg nanu jàng ci mbirum **Àjjana**, di bérab bu fees ak ndam, li Yàlla dencal ñi ko bëgg dëgg-dëgg.

Ci lu wér, nit ñi am nañu ay xalaat yu bare te wuute ci lu jëm ci bérabu Àjjana, ak li nit war a def ngir tàbbi ca. Ci misaal, ñi bokk ci diiney penku yi, dañu gëm ne, àjjana yu bare ñoo am, te seeni neexaay wuute, te fa ku nekk jëm a ngiy aju ci li mu liggéey. Am na it ñeneen ñuy xalaat ne, fàww nit ki jëkk a jaar ci safara, te ginnaaw ba mu feyee boru bàkkaaram ba noppi, mu texe. Am na itam ñeneen ñuy xalaat ne, Àjjana mooy bérab bi Yàlla dencal ñi takku ci seen sàrti diine, bérab boo xam ne, li ñu fay def mooy bànneexu, lekk, naan ak séy ak jigéen ñu gën a rafet. Ci dëgg, xalaati nit bare nañu lool ci lu jëm ci Àjjana ak yoon wi fa jëm. Waaye li nu tax a jóg tey, **du li nit ñi xalaat** ci mbirum Àjjana, wànte **li ci Kàddug Yàlla wax**!

Bérabu Àjjana am na tur yu bare ci Mbindi yonent yi. Ci misaal, dañu koy tudde: *Asamaan ... Gàngunem Yàlla mi ... Jetaayu Yàlla bi*. *Këru Aji Sax ji*. *Dëkkuwaayu Yàlla bu Sell bi*. *Bérab bu Kawe te Sell*. *Dëkk bu sell bi*. *Dëkku Yàlla jiy dund,* muy *Yerusalem ga ca asamaan*. *Këru malaaka yu sell yi ak Mbote mi*. *Jetaayu Boroom bi Yeesu ak ndamam lu réy*. *Këru gaayi Yàlla yu sell*, yi ñu bind seen tur ca asamaan. Te ci Linjiil, gisoon nanu ni Almasi bi Yeesu tuddee bérab boobu: '*Sama Këru Baay*', ndaxte foofa la nekkoon laata muy juddu ci kaw suuf.

Ci tënk nag, Àjjana mooy **dëkkuwaayu Yàlla**. Ni nu ko gise woon, Yàlla mu ngi fépp, teewul am na benn bérab bu sell te leer te rafet, fa gën a sore biddiiw yi, fu Yàlla dëkk ci ndamam! Bérab boobu mooy fa Doomu Aji Kawe ji, di Yeesu, toog ca gànguneem, ca ndeyjooru Aji Màgg ji, di xaar ba kera mu dellusi ci àddina si ngir àtte ko, yeesalaat ko. Te it, Àjjana mooy fa alfunniy alfunniy junniy junni malaaka wër gàngune ma, ñoom ak gaayi Yàlla yi, di mbooloo mu réy, mi Yàlla jot ngir boppam jaare ko ci deretu Mbotem Yàlla mi, di Boroom bi Yeesu Kirist.

Ci mujug Linjiil, di téereb Peeñu bi, ci ñaari saar yu mujj yi, Yàlla joxoon na Yowaana ndawam peeñu, ngir won ko dëkk bu sell, bi Boroom bi defar, di Àjjana, ngir ñi ñu bind seen tur ci téereb dund gu dul jeex gi. Dégluleen li Mbind mi wax ci mbirum dëkku Àjjana.

*Noonu Xelum Yàlla solu ma, malaaka ma yóbbu ma ci kaw tund wu réy-a-réy. Noonu mu won ma...**dëkk bu sell bi**...ànd ak **ndamu Yàlla**. Leeraayam mel ni leeraayu per bu jafe lool, ni jamaa buy ray-rayi. Miir bu réy te kawe moo ko wër te am fukki bunt ak ñaar, te bu ca nekk malaaka taxaw ca wet ga...* **(Pe 21:10-12**)

*Dëkk ba dafa kaare, guddaay ba ak yaatuwaay ba ñoo tolloo... Fondamaay miiru dëkk ba rafetale nañu leen xeeti per yu nekk... Fukki bunt ya ak ñaar, ay per yu weex lañu. Bunt bu nekk di benn per kepp. Péncu dëkk ba di wurusu ngalam, leer ni weer bu set. Gisuma ca dëkk ba kër Yàlla, ndaxte **Boroom bi Yàlla Aji Kàttan ji ak Mbote ma**, [di Yeesu,] ñooy màggalukaay ba. Dëkk ba soxlawul jant walla weer ngir leeral ko, ndaxte*

***ndamu Yàlla** moo koy leeral, te Mbote ma moo nekk làmpam. Xeeti àddina si dinañu dox cig leeram... Bunti dëkk ba duñu tëju bëccëg, te guddi du fa am... **Dara du fa dugg lu am sobe, mbaa kenn kuy sóobu ci ñaawteef walla fen. Ñi ñu bind ci téereb dund bu Mbote mi rekk ñoo fay dugg**.* **(Pe 21:16,19,21-25,27**)

*Noonu malaaka ma won ma dexu ndoxum dund, mu leer ni weer bu set, di génn ca **gàngune mu Yàlla ak Mbote ma**, xellee ca digg péncu dëkk ba. Ca weti dex ga amoon na ca garabu dund, guy meññ fukki yoon ak ñaar... Musiba dootul am [walla dee walla naqar walla jooy walla metit!**#Pe 21:4**] **Gàngune mu Yàlla ak Mbote mi mu ngi ci dëkk bi**, te ay jaamam dinañu ko jaamu. Dinañu **gis xar-kanamam**, te **turam** dina nekk ci seen jë. Guddi dootul am, te kenn dootul soxla leeru làmp walla naaju jant, ndaxte **Boroom bi Yàlla moo leen di leeral**. Te dinañu nguuru ba fàww*! **(Pe 22:1-5**) Amiin.

Noonu la Yàlla wone woon Yowaana dëkk bu sell, bi mu dencal ñi aw ci yoonu mucc, gi mu tëral. Ci jot gi nu dese tey nag, bëgg nanu xalaat tuuti ci li Kàddug Yàlla wax ci mbirum **yoonu mucc** googu. Naka lanu man a wóore ne, dinanu dem Àjjana, te dunu tàbbi Safara?

Ndax man ngeen a fàttaliku li Almasi bi Yeesu waxoon ay taalibeem ci mbirum këru Yàlla Baayam ak yoon wi fa jëm? Mu ne woon leen:

"*Buleen jàq. Gëmleen Yàlla te gëm ma. Am na **néeg yu bare** ca sama kër Baay, bu dul woon noonu, ma wax leen ko, ndaxte **maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk**. Te su ma leen defaralee bérab booba ba noppi, dinaa dellusi, yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yeen itam. Te fa ma jëm, xam ngeen yoon wi... **Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci [Yàlla] Baay bi te jaarul ci man***." **(Yow 14:1-6**)

Moom la Almasi bi Yeesu wax. **Moom ci boppam mooy yoonu mucc wi**. Ku jaarul ci Doomu Aji Kawe ji, di Rammukat bu Sell, bi Yàlla wàcce ngir musal bàkkaarkat yi, doo dugg mukk ci jetaayu Yàlla bu sell bi! **Mukk!** Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Mucc **amul ci keneen**, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce! ...Ndaxte jenn Yàlla kepp moo am, ak **benn Rammukat** kepp diggante Yàlla ak nit ñi, di Nit ki Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp. Loolu mooy seede si Yàlla joxe, bi waxtu wi jotee*." **(Jëf 4:12 1Tim 2:5,6**)

Loolu mooy li Mbind mu Sell mi wax. Rammukat bi, di Yeesu Kirist, mi bawoo ci Yàlla, **mooy yoon**, wi jëm Àjjana. Yóbbu nit ñi ci Yàlla a taxoon mu juddu ci àddina, dund dund gu sell ci kaw suuf, tuur deretam ni sarax, te dekki ci ñetteelu fan ba. Kenn du ñëw ci Yàlla te jaarul ci Moom. Ndax gëm nga loolu? Ndax gis nga ni **Almasi bi Yeesu moom ci boppam nekke yoon**, wiy tàbbal bàkkaarkat yi ci jetaayu Yàlla? Xëy na man nanu ko misaal ak **benn nettali**.

Dafa amoon nit ku dëkk ci benn dëkk bu ndaw fu sore ca biir àll ba. Moom nag, mu ngi bokk ci xeet yooyu nga xam ne duñu sol ay yére. Lu mel ni geño rekk lañuy takk ci seeni ndigg. Nit kooku nag, dafa amoon suuf su muy beye, waaye nit ku ko ëpp doole ñëw nangu suufam ba amatul sax fu mu beye. Te kenn dimbaliwu ko ngir mu jotaat suufam, ndax li mu ñàkk.

Benn bés mu xalaat ne, dafa war a dem péeyub réew ma, gis Presidaan bi ñaan ko mu dimbali ko, ndaxte déggoon na ne, boroom réew mi daal, ku jub la, te am yërmande. Mu daldi jóg, di dox, di dox, di dox, ba àgg ca dëkk bu réy ba, ak ci këru Kilifag réew mi. Kër ga nag, aka réy te rafet!

Ba mu agsee ca buntu miiru kër ga, **bëgg a dugg** ak tilimaayam ak yaramu neenam, ab wattukat ne ko: "Eh sama waay, foo jëm nii?" Mu tontu ko ne: "Kilifag réew mi laa bëgg a gis." Wattukat ba ne ko: "Moo! Danga foog ne fii ku mu neex rekk ñëw dugg? Te yaw sax, xam nga ne mënoo fi dugg ak sa yaramu neen ak sa taqaay! Ayca ca gannaaw waay – bala ma lay kaaf ci kaso bi!"

Waa ju ñàkk ji daldi walbatiku, dem, waaye xàddiwul. Mu dem kon di yelwaan subaak ngoon ba am xaalis

bu doy. Mu daldi jënd ay yére yu ñàkk solo, sangu ba set, solu, wutiwaat kër Kilifag réew mi.

Ba mu agsiwaatee ci bunt bi, wattukat ba ne ko: "Sol nga ay yére, wànte yére yi jaguñu ngir mën a teew ci kanamu boroom réew mi. Te sax bu sa yére yi jagoon itam, doo man a dugg, **fàww nga am sañ-sañu dugg** ci biir këru Kilifag réew mi. Yaw, amuloo benn sañ-sañu dugg fi! Ayca!"

Ba mu ko defee nag waa ji daldi xàddi ne: "Céy maaka waaru, coono gi ma daj yépp te taxul sax ma man a teew ci jetaayu boroom réew mi!" Yaakaaram jeex tàkk, mu dem toog ci wetu yoon wi te jaaxle lool.

Wànte bi loolu di xew, boroom réew mi, séen ko, moom ak taawam ba nekk ca wetam. Mu ne doom ja: "Demal seet waa jale ba xam lu mu bëgg." Ba doomu presidaan ja agsee fekk ko mu ne tócc, mu ne ko: "Góor gi, ndax man naa la dimbali ci lenn? Lu doon say tànk, ak lu la tax a jaaxle nii?" Góor gi ne ko: "Man daal, dama bëgg a gis boroom réew mi, mu të m ticc. **Def naa lu nekk nag, waaye dara**!"

Xaleelu góor ba ne ko: "Man maay doomu boroom réew mi, te sama baay moo ma yónni ngir ma wallusi la." Mu ànd ak moom nag ba këru Presidaan bi. Ba ñu agsee ca wattukat ba daan tere waa ji dugg, wattukat bi dafa leen tóojal ak wegeel gu mat sëkk, ñu dugg ca biir kër boroom réew mi. Noonu la góor ga gise boroom réew mi, jot ndimbal li mu soxla, **ci ndimbalu doomu boroom réew mi ak sañ-sañam**.

Mbokk yi, noonu la deme itam ci lu jëm ci ñi bëgg a dugg Àjjana, di jetaayu Yàlla bu sell ba. Du ku mu neex rekk nga dem ca nu mu la neexe. Say jëfi bopp, du tax nga dugg jetaayu Buuru buur yi, ni nu ko gise ci nettali bii. Nun ñépp, danu mel ni waa ju ñàkk, ja bëggoon a teew ci jetaayu Presidaan bi ak tilimaayam ak yaramu neenam. Looloo tax Mbind mi nee: "*Ni ku am sobe lanu mel, nun ñépp, te sunuy jëf yu jub yépp a xasaw niy sagar yu tilim!*" **(Isa 64:5**) Àjjana, bérab bu sell la, te "*dara du fa dugg lu am sobe, mbaa kenn kuy sóobu ci ñaawteef walla fen!*" **(Pe 21:27**)

**Kenn mënu la tàbbal ci bérab bu sell boobu, ku dul Ki fa jóge**! Te Kooku mooy Yeesu Kirist, di Doomu Aji Kawe, ji jóge asamaan, dee ni sarax suy dindi bàkkaar, dekki, dellu asamaan!

Kan moo man a dugg Àjjana nag? Ñi ñu sellal **ci kaw ngëm ci Rammukat bi Yeesu ak deret ji mu tuur**! Ñoom rekk ñooy dugg Àjjana! Moom la Mbind mi wax, bi mu naan:

"*Ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. Waaye gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam man na leen a àtte ni ñu jub ci dara. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole!*" **(Ro 3:22-25**)
"*Seedes nit ñi, dinanu ko nangu, waaye seedes Yàlla moo gën a wóor, ndax boobu seede mooy li Yàlla seede ci Doomam. Ku gëm Doomu Yàlla ji, am nga seede boobu ci sa xol. Ku gëmul Yàlla, teg nga ko kuy tebbi waxam ndaxte gëmuloo li Yàlla seede ci Doomam.* ***Te seede si mooy lii: Yàlla jox na nu dund gu dul jeex, te dund googoo ngi ci Doomam. Ku am Doom ji, am nga dund gi; ku amul Doomu Yàlla, amuloo dund gi****. Maa ngi leen di bind yëf yii, yeen ñi gëm turu Doomu Yàlla ji, ngir ngeen xam ne, am ngeen dund gu dul jeex!*" **(1Yow 5:9-13**)

Yaw miy déglu tey, **ndax xam nga** ne, am nga dund gu dul jeex? **Ndax wóor na la** ne, dinga tàbbi Àjjana, bég ci jetaayu Yàlla Aji Sell ji ba fàww? Ndax bind nañu sa tur ci téereb dund bu Mbote mi? Ndax nangu nga yiwu Yàlla, wi Rammukat, bi jóge ci jetaayu Yàlla, indi?

Xalaatleen bu baax ci li nu jàng tey, ndaxte Yàlla bëgg na leeral seen xel ci lépp. Su fekkee ne am na lu ngeen bëgg a laaj ci li nu jàng tey, na ngeen nu bind ci *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis / *YOONU NJUB*. / B.P. 370. / Saint Louis.

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax, bi mu naan: "***Lu bët gisul, nopp déggu ko te xel xalaatu ko, loolu la Yàlla dencal ñi ko bëgg!***" **(1Ko 2:9**)

# 99 Lu ngeen xalaat ci Yeesu? (1)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Bu yàgg ba léegi, nu ngi doon gëstu ci Mbindi yonent yi, ba gis yoonu njub wi Yàlla tëral ngir bàkkaarkat yi man a jub fa kanamam. Gisoon nanu ni waxu yonent Yàlla yi mate ci Almasi bi Yeesu, ni dex yuy tàbbi ci géej. Tey jii nag, ak ci njàng miy ñëw, danu fas yéene nafarandook yeen ndamu Ki yonent yi doon wax. Loolu moo waral ñaari njàng yiy tudd: '**Lu ngeen xalaat ci Yeesu?**'

Ci sunu gëstu ci Linjiil, déggoon nanu ni Yeesu daan laaje nit ñi: "***Lu ngeen xalaat ci Almasi bi?***" **(Mc 22:42**) Ci lu wér, laaj bu am maana la, te fàww ku nekk ci nun tontu ci. Ci lu wóor, sunu texe ci àddina ak àllaaxira mu ngi aju ci sunu tont ci laaj bile. Léegi Almasi bi Yeesu dellusi, te bu ñëwee, dina la laaj ni mu ko laaje woon niti jamanoom ne: "Yaw nag, loo xalaat ci man?"

Li nu tax a jóg mooy xamal leen kan mooy Yeesu ci dëgg-dëgg. Li nu gën a soxal mooy kenn bañ leen a nax ci mbir moomu. Nu ngi leen di ñaan ngeen bañ a xalaat ne Yeesu Kirist ab yonent kese la, mbaa nit ku baax rekk ci biir nit ñi. Déedéet, **kenn la**! Amul moroom ci àddina ak ca laaxira. Lu ngeen xalaat ci Moom? Ku ngeen koy teg? Am na fukki laaj, yu nu leen bëgg a laaj ci mbiru Yeesu Almasi bi.

1.) **Ci bu jëkk, lu ngeen xalaat ci juddoom gu yéeme gi**?

Amul keneen ku juddoo ni Moom. Mooy Yeesu *doomu Maryaama*. Xam ngeen ne dañuy wax, Yaxya *doomu Sakariya*, Suleymaan *doomu Daawuda*, Ismayla *doomu Ibraayma*. Nit ñépp seen santu baay lañuy sant walla ñu toftal seen turu baay ci seen tur. Lu tax nag Yeesu moom ñu toftal turu yaayam ci turam? Ndaxte amul woon baay ci kaw suuf. Ci janq la juddoo. Ci kàttanu Yàlla kepp la juddoo, te góor raxu ci. Juróom-ñaari téeméeri at laata Almasi bi di juddu, yonent Yàlla Esayi waxoon na ni mu waroon a juddoo, bi mu naan: "***Janq*** *bi dina ëmb, jur doom ju góor, ñu tudde ko Emanuwel (liy tekki: Yàlla ganesi na nu)!*" **(Isa 7:14 Mc 1:23**)

Ci pëndu suuf la Yàlla sàkke sunu maam Aadama te nun ñépp ay doomi Aadama lanu, ni yonent yi itam. Ci suuf lanu bokk. Waaye moom, Boroom bi Yeesu, ci asamaan la bawoo. Moo tax ñu koy woowe: Ruuwu Yàlla. Nun ñépp, danu mel ni suuf su tilim, ndax sunuy bàkkaar. Waaye Yeesu Almasi bi dafa mel ni taw bi jóge asamaan, ndaxte ku set te sell la, ni Yàlla sete te sell. Danuy jàng ci Linjiil ne: "*Yeesu Kirist* ***ganesi na àddina*** *ngir musal bàkkaarkat yi*." **(1Tim 1:15**) Laata Yeesu di ganesi àddina si, ma nga woon ci jetaayu Yàlla, ndaxte mooy Ruuwu Yàlla. Dafa tànn moom ci boppam ñëw, yore bindu nit, ngir musal nu ci sunuy bàkkaar. Mu nga jóge ca kaw.

Dañuy nettali ne, dafa amoon bés ñaari góor daanu cib teen. Kenn ki ne moroom ma: "Xettali ma waay ci bérab bu naqari bii! Génne ma ci rappaxit bu bon bii!" Waaye moroom ma ne ko: "Yaw daal, yaa ñàkk xel, nan laa lay génnee te man ak yaw yépp nekk ci biir teen bu xóot bi?" Ñoom ñaar ñépp a ngi woon ci biir, te kenn mënul génnee moroomam. Ba mu ko defee nag, ñu dégg baat bu bawoo ca kaw di leen wax ñu jàpp ci buum gi mu yoor ca teen ba. **Nit, ka daanuwul woon ca teen ba rekk mooy ki leen manoon a dimbali**. Indil na leen wall gi jóge ci kaw.

Ñi gën ci yonent yi mënuñu nu woon a musal ci kàmbu bàkkaar ndax ay bàkkaarkat lañu, ñoom itam. Waaye Yeesu moom donnul jikkoy bàkkaar bi nekk ci nit. **Ci kaw la jóge**. Ci janq la juddoo. Gisoon nanu it ni Yàlla yónnee woon ay malaakaam, ak ni mu tege woon biddiiw bu réy ci asamaan si, ngir yégle juddug Almasi bu sell bi, di Musalkatu Àddina si! Lii moo kéemaane! Nit mësul a juddoo ni Nit kii. Kenn la ci juddoom. Mëneesu ko tëkkale ak keneen.

Waaye màggaayu Yeesu yemul ci juddoom. Yeesu kenn la itam ci jikkoom.

2.) Ñaareelu laaj, bi nu leen bëgg a laaj nag, mooy: **Lu ngeen xalaat ci jikkoom ju sell ji**?

Yeesu, Ku mat sëkk la woon. Mësul a def bàkkaar benn yoon sax. Mësul a ñaan ngir ñu baal ko, ndaxte mësul a tooñ kenn. Bépp nit ku ragal Yàlla war nay tuub bàkkaaram tey ñaan ñu baal ko. Yonent Yàlla yépp def nañu ko. Waaye man ngeen a wër ci Kàddug Yàlla ba mu daj, te du ngeen ci gis benn aaya buy wax ne Boroom bi Yeesu dafa ñaan ngir ñu baal ko. Soxlawul woon ñu koy baal ndegam **amul woon bàkkaar**. Ay xaritam ak ay noonam seede nañu ne, mënuñu gis ci Moom genn tooñ. Amul keneen ku amul bàkkaar. Boroom bi Yeesu weesu na yonent. Mooy Ruuwu Yàlla gu sell, gi feeñ ci kaw suuf. Waaw, Yeesu, kenn la ci jikkoom. Mëneesu ko tëkkale ak keneen.

Waaye am na leneen itam li nu war a xam. Yeesu kenn la itam ci ay waxam.

3.) **Lu ngeen xalaat ci njàngaleem**?

Benn bés ay noonam yebal nañu ay xarekat ngir jàpp ko. Ba ñu agsee déglu njàngaleem, ñu dellu te jàppuñu ko. Dañu waaru te naan: "*Kenn mësul a waxe ni nit kooku!*" **(Yow 7:46**)

Xalaatleen ci li mu wax ci boppam, ne: "*Maay* ***leeru àddina si****. Ku ma topp doo dox cig lëndëm, waaye dinga am leeru dund*." **(Yow 8:12**) Yonent yi dañu mel ni weer wi ak biddiiw yi di xuuy ci àddina su lëndëm si. Waaye Yeesu dafa mel ni jant bi. Ana lan ngay doyeeti weer wi ak biddiiw yi su jant bi fenkee? Yonent yi tudde nañu Almasi bi: Jantu Njub bi. Weer wiy wàññiku, dafa mel ni yonent yi. Waaye Yeesu Kirist mooy jant bi. Ndax mës ngeen a gis jant bi muy gën a wàññiku? Déedéet, du fey mukk. Réew yépp lay leeral. Yeesu Kirist dafa mel ni jant bi. Du wéy mukk. Réewi àddina yépp a ko bokk.

Yeesu ne na itam: "*Man maay* ***yoon wi****,* ***dëgg gi*** *ak* ***dund gi****.*" **(Yow 14:6**) Yeesu wuute na lool ak kilifay diine yiy santaane naan: "Defleen lii, toppleen jàngale mii. Yoon waa ngi. Jëfeleen ndigal yi..." Yeesu Kirist dafa wax ne: "**Man maay** yoon wi. Gëm ma, topp ma, te dinga am sañ-sañu dund ci jetaayu Yàlla ba fàww." **Yeesu ci boppam mooy yoon wi**. Nanu fexee misaal li loolu di tekki.

Dafa amoon xale bu tuuti bu réeroon ci benn dëkk bu mag. Mu laaj benn alkaati ngir mu tegtal ko yoonu goxam. Kooka ne ko: "Dangay tàllal ba ca kanam, nga jàdd ci ñaareel kon ba ci sa càmmooñ, jàddaat ca ñetteelu kon ci sa ndeyjoor, ba noppi nag nga jàll pom bi, jaar ca tali bu wërngalu ba, dogiwaat yoonu wu mag wa..." Rekk ngone sa ne yikkët jooy. Moona alkaati bi yoon wi la ko doon tegtal, waaye xale bi dafa ñàkk doole te ragal a topp li ñu ko tegtal. Waaye ci saa soosu am ku mu bokkal gox ku fa jaar. Mu jàpp xale ba ci loxoom, yóbbu ko. Bi xale bi doxee ba sonn, mu fab ko ba ñu àgg ca kër ga. Alkaati ba **dafa ko tegtaloon yoon wi**. Wànte nit ka ca des nag, **moom moo doon yoon wi** ndax dafa ko yóbbu.

Yeesu ne na: **Man maay yoon wi**. Maay yoon, wi jëm Àjjana, di kër Yàlla. "*Man maay yoon wi, dëgg gi ak dund gi. Kenn du ñëw ci Yàlla Baay bi te jaarul ci Man!*" **(Yow 14:6**) Ci lu wóor, kenn mësul a waxe ni Boroom bi Yeesu! Kenn la. Mëneesu ko tëkkaleek keneen.

Waaye ndamu Yeesu yemul ci juddoom, jikkoom, ak njàngaleem. Man nanu ko gis itam ci ay jëfam.

4.) **Lu ngeen xalaat ci kàttanu jëfi Yeesu**?

Man na lépp. Kàttan gépp ak sañ-sañ bépp joxees na ko ko. Lépp luy jëfu Yàlla, Boroom bi Yeesu def na ko ci kaw suuf, ngir won nit ñi fu mu jóge ak ki mu doon. Ana kan moo man a dalal ngelaw li, su dul Yàlla? Yeesu dalal na ngelaw li. Ana kan moo man a dekkal nit ku dee, su dul Yàlla? Yeesu dekkal na ñu dee. Ana kan moo man a ubbi bëti gumba, su dul Yàlla? Yeesu def na loolu tamit. Wéral na xeetu jàngoro ju nekk. Genn kàddu rekk la daan wax rab yi daw. Soppi na dundu nit ñu bare te musal leen ci bàkkaar.

Yonent yi, ci turu Yàlla lañu daan defe ay kéemaan. Waaye Boroom bi Yeesu ci turu boppam la daan defe ay kéemaan. Moom mooy ki manoon a jàkkaarlook góor goo xam ne, am na fanweeri at ak juróom-ñett te doxul, mu ne ko: "*Maa ngi la koy wax: Jógal te dox!*" **(Yow 5:8**) Nit ka daldi jóg te dox. Mësul a jëfandikoo garab. Ci turu boppam ak ci kàttanu kàddoom rekk la daan wérale nit ñi.

Nit ku ñuy wax Lasaar dafa faatu woon, ñu suul ko. Ba Yeesu agsee foofa fekkoon na ñu suul Lasaar ba mu am ñeenti fan. Yeesu dem ca bàmmeel ba ne: "*Lasaar, ñëwal ci biti!*" **(Yow 11:43**) Néew ba daldi génn bàmmeel ba. Yeesu am na sañ-sañu dekkal néew yi, ba tax mu man ne: "*Maay **ndekkite li** ak **dund gi***" **(Yow 11:25**)

Bés dina ñëw boo xam ne, ñépp ñi nekk ci bàmmeel yi, dinañu dégg baatam te jóg, taxaw fa kanamam. Yaw miy déglu tey dinga génn sa bàmmeel itam su la fekkee nga dee. Waaye léegi sax, Boroom bi Yeesu man na la may dund gu bees, ak sañ-sañu dund ba fàww ci kaw, soo ko gëmee ni sa Musalkat ak sa Boroom. Ba tey Yeesoo ngiy soppi dundu nit ñu bare ci àddina sépp. **Man na soppi sa dund, yaw itam**. Loo xalaat ci Yeesu? Loo xalaat ciy jëfam? Kenn la. Aji Kàttan la. Mëneesu ko tëkkaleek keneen.

Bala nuy tàggook yeen tey, des na leneen lu nu leen bëgg a laaj ci mbirum Yeesu. Mooy lii:

5.) **Lu ngeen xalaat ciy turam ak ay dàkkentalam**?

Ni nu ko gise woon, ci Mbindi yonent yi, Yeesu am na lu ëpp ñaar téeméeri tur, ngir nu man a gën a xam ki mu doon. Dañu koy tuddee: Emanuwel... Kàddu gi... Doomu Nit ki... Mbotem Yàlla mi... Rammukat bi... Musalkat bi... Ñam wiy joxe dund gi... Garab gu wóor gi... Sàmm bu baax bi... Leeru Àddina si... Boroom Ndam li... Ndekkite li... Alfa ak Omega, Ki Jëkk te Mujj, Njàlbéen gi ak Muj gi... Bunt bi... Yoon wi, Dëgg gi ak Dund gi... **Doomu Yàlla Aji Kawe ji**... ak yeneen tur yu bare.

Gisoon nanu yonent Yàlla Musaa, ni ñu ko tuddee: 'waayu Yàlla.' Yonent Yàlla Ibraayma xamees na ko ci 'xaritu Yàlla.' Waaye kenn rekk a am ku ñuy wooye '**Doomu Yàlla**'. Léegi nag, waxleen nu, kan moo gën a jege nit, xaritam walla doomam? Waxleen dëgg gi nekk ci seen xol rekk nag. Waaw, Yeesu lañuy woowe Doomu Yàlla. Yàlla dafa tudde Yeesu Doomam ngir ràññale ko ak ñeneen ñépp. Danuy jàng ci Linjiil ne Yàlla dafa wax ci Yeesu ne: "*Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex! Dégluleen ko!*" **(Mc 17:5**)

Lan la Yàlla bëggoon a wax foofu? Danuy wax ne doom ji mooy takkandeeru baay bi. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku xam Yeesu kon, xam nu Yàlla mel. Moom la Mbind mi wax, bi mu naan: "*Kenn musul a gis Yàlla, waaye Bàjjo bi, di Yàlla te nekk ak Baay bi, moo ko xamle*." **(Yow 1:18**)

Ndax bëgg nga xam Yàlla, am diggante bu neex ak moom ba fàww? Kon, ñëwal ci Boroom bi Yeesu, mi Yàlla tudde Doomam. Doom man na wax ci turu baayam teewal ko feneen. Loolu mooy li Yeesu def bi mu nekkee ci biir nit ñi. Looloo tax ñu tudde ko: Emanuwel, liy tekki: ***Yàlla ganesi na nu**!*

Am na ñu foog ne, Yàlla Aji Kawe ji mënul a feeñ ci kaw suuf ci bindu nit. Wànte kuy xalaate noonu, juum na, te umple ne, pexe mi Yàlla rabatoon ngir musal bàkkaarkat yi, dafa ëmb ne, fàww Xelum Yàlla ci boppam wàcc, feeñu ci kaw suuf ci yaramu nit, ngir xamal boppam doomi Aadama yi, te jot leen ci loxoy Ibliis. Mbokk yi, **Yàlla ku màgg la**, te amul àpp, te dafa bëgg ñépp xam ko. Looloo taxoon mu doon nit, dëkk ci kaw suuf.

Lu ngeen xalaat ci turi Almasi bi Yeesu? Ay dàkkentalam benn la fi.
Lu ngeen xalaat ci juddoom ak jikkoom? Ci ay waxam ak i jëfam?
Ku ngeen koy teg? Mëneesu ko tëkkaleek keneen. Amul moroom. Kenn la.

Waaw, sunu jotu tey jeex na – waaye bu soobee Yàlla, ci njàng miy ñëw lanuy àggale njàngum tey, mi tudd:

'Lu ngeen xalaat ci Yeesu?'

Yàlla na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax, bi mu naan: "***Ci* [Boroom bi Yeesu] *Kirist, maanaam ci yaramu nitam, la matug Yàlla gépp dëkk, te mat ngeen ci moom!***" **(Kol 2:9,10**)

# 100 Lu ngeen xalaat ci Yeesu? (2)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbégte ci li nu man a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Tey jii danuy wéy ci waxtaan, wi nu tàmbali woon emisyoŋ bi weesu, te mu tudd: '**Lu ngeen xalaat ci Yeesu?**' Laaj boobu, laaj bu am maana lool la, ndaxte fa nga war a nekk diirub àllaaxira mu ngi aju ci li nga xalaat ci Yeesu Almasi bi. Léegi nag, nanu jëm kanam ci sunu waxtaan ci mbirum Boroom bi Yeesu Kirist. Ci emisyoŋ bi weesu, ñaanoon nanu leen lu ngeen xalaat ci **juddoom gu kéemaane**, ak ci **jikkoom ju sell**, ak ci **waxam yu yéeme**, ak ci **kàttanam gu réy** ak ci **dàkkentalam yu kawe**. Tey nag, am na yeneen juróomi laaj, yi nu leen bëgg a laaj ci mbirum Yeesu.

Laaj bu jëkk bi mooy:

6.) **Lu ngeen xalaat ci deewam?**

Ndax xam nga **fan** ngay deewe? Walla **nan** ngay deewe? Ndax xam nga **kañ** ngay dee? Man ak yeen ñépp war nanu nangu ne xamu ci yooyu dara. Waaye Yeesu melul woon ni nun. Moom xamoon na **fan** lay deewe te yégle woon na ko itam. Ca Yerusalem la waroon a deewe. Yégle woon na it **nan** la waroon a deewe. Jàngoon nanu ba noppi ni muy xamale taalibeem yi ne:

"*Nu ngi dem Yerusalem, te li yonent yi bindoon lépp ci mbirum Doomu Nit ki dina mat. Dinañu ko jébbal ñi dul Yawut, ñu ñaawal ko, saaga ko, tifli ci kawam. Gannaaw ba ñu ko dóoree ay yar ba noppi, dinañu ko rey, waaye ca ñetteelu fan ba dina dekki*." **(Lu 18:31-33**)

Waxoon na ay taalibeem it **kañ** la waroon a dee, muy: Bés bi nga xam ne ca la Yawut yépp waroon a rey am mbote ngir xewum Paag ma. Ca bés boobu la waroon a dee ni Mbotem Yàlla, ni sarax suy dindi bàkkaari àddina.

Deewug Yeesu wuute na ak yeneen dee yépp, ndaxte **Moom tànnoon na dee**, Moom ci boppam. Déggoon nanu ni Yeesu waxe ne: "*Kenn jëlewul sama bakkan ci man; maa koy joxe ci sama coobarey bopp. Am naa sañ-sañu joxe ko, te am naa it sañ-sañu jëlaat ko*." **(Yow 10:18**) Yeesu mësul a def bàkkaar; looloo tax manoon naa bañ a jaar ci dee. Manoon na yéegaat asamaan fa mu jóge woon rekk, bañ a jaar ci dee. Wànte dafa tànn dee ndax mbëggeelam ci ñeneen ñi. Joxe na bakkanam ngir nun. Dee na ngir sàkkul nu mbaal gi, warlul nu Àjjana. Juróom-ñaari téeméeri at laata Almasi bi di ganesi àddina, yonent Yàlla Esayi waxoon na lu tax Rammukat bi waroon a dee, bi mu naan:

"***Sunuy bàkkaar a tax mu gaañu, ne làcc ndax sunuy tooñ****; mbugal gi nu may jàmm, moom la dal, ay góomam ñoo tax nu wér. Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te* ***Aji Sax ji yen ko sunuy jubadi, nun ñépp***." **(Isa 53:5,6**)

Man ak yaw a tax Almasi bi Yeesu dee. Moom Sàmm bu baax bi, joxe na bakkanam ngir ay xaram. Nit mësul a dee ni moom mukk. Mëneesu ko tëkkaleek keneen. Kenn la ci nit ñi.

Waaye am na beneen laaj bu ngeen war a tontu. Mooy:

7.) **Lu ngeen xalaat ci ndamam ci dee gi – maanaam: ci ndekkiteem?**

Yeesu dee na, ñu suul ko. Ay noonam def nañu seen kem-kàttan ngir wattu bàmmeel ba. Ñu béraŋ xeer wu mag ube ko bàmmeel ba, tay ko ba mu dëgër. Ñu teg fa ay xarekat ngir wattu bàmmeel ba. Wànte loolu

terewul mu dekki ci biir néew yi. Dëgg la, Boroom bi Yeesu dekki na ca ñetteelu fan ba, te feeñu ay taalibeem! Te gannaaw ga feeñu na lu ëpp juróomi téeméeri seede ci benn yoon. Nit ñooñu gis nañu ko, laal ko, lekkandoo ak moom gannaaw ndekkiteem. Wonoon na leen gaañu-gaañu ya cay loxoom, ay tànkam ak ca wetam. Waaw, dekki na ni mu ko yéglee woon tembe! Yàlla dekkal na Yeesu ngir jox àddina sépp firnde ne, nangu na jëfu Yeesu ci bant ba, ni sarax suy fey bàkkaar yi.

Dee noon bu réy la. Sunuy maam dee nañu. Yonent yi itam dee nañu, te ba tey, seeni néew ñu ngi ci seeni bàmmeel. Nun it, fàww nu dee benn bés. Waaye cant ñeel na Yàlla, **Yeesu Kirist daan na dee**! Mu ngiy dund tey, te man na musal ñépp ñi ñëw ci Yàlla jaar ci moom, ndaxte mu ngiy dund te dafa leen di rammu. Ndax am na beneen yonent buy dund tey gannaaw ba mu jaare ci dee ba noppi? Amul. Yeesu Kirist, Moom kenn a noot bàmmeel ba. Mu ngiy dund tey, ba tax nun ñi ko gëm, dunu ragal dee. Dee mooy dem rekk, nekk ak sunu Boroom ci kaw. Waaw, Yeesu, Kenn la te mëneesu ko tëkkale ak keneen. Amul moroom ci kaw suuf ak ci asamaan. Lu ngeen xalaat ci ndamam ci dee gi?

Beneen laaj a ngii:

8.) **Lu ngeen xalaat ci yéegam ci asamaan?**

Gannaaw ba Boroom bi Yeesu dekkee ci néew ya, feeñu na ay taalibeem diirub ñeent-fukki fan. Noonu, gisoon nanu ni mu tàggook ñoom, yéeg asamaan, toog fa ñu koy terale ca ndeyjooru Yàlla ca kaw, wone noonu ne, moo gën a màgg malaaka yi ak yonent yi ak nit ñépp! Moom la Mbind mi wax ne:

"*Yàlla **kaweel [na] ko lool**, jox ko **tur wi tiim yépp**, ngir turu Yeesoo tax ñépp sukk, ci asamaan, ci kaw suuf, ci biir suuf; te ñépp bokk genn kàddu naan: Yeesu Kirist mooy **Boroom bi**; ci màggug Yàlla Baay bi!*" **(Fb 2:9-11**)

Waaw, Yeesu kenn la. Mëneesu ko tëkkale ak keneen!

Ci loolu nag, beneen laaj a ngii ci sunu kanam. Mooy bii:

9.) **Lu ngeen xalaat ci delluseem ci kaw suuf?**

Yeesu Kirist dina dellusi. Wax na ko. Yonent yi yégle nañu ko. Malaaka yi wax nañu ko. Taalibe Kirist yu wér yépp a ngiy xaar delluseem. Dina dellusi jël mbooloom, yóbbaale ko asamaan. Dina àtte àddina si ci njub, nguuru ci kaw suuf sépp. Dina nekk Buuru àddina si. Dafa war a nguuru diirub junniy at ba noonam yépp sukk ciy tànkam. Waaw, dina dellusi léegi. Kenn ku nekk dina nangu ne mooy Buuru buur yi, Kilifag kilifa yi.

Mu ngiy ñëw, te yaw, dinga teew ci kanamam, Moom Àttekat bu mag bi. Bés boo jàkkaarlook Moom dina la laaj: "**Loo xalaatoon ci man?**" Looy tontu bu boobaa? Soo tontoo: "Foogoon naa ne, ab yonent kese nga ci biir yonent yi," dina la laaj lu tax gëmuloo ko ci dëgg-dëgg, te dinañu la daan, ndaxte gëmuloo woon li yonent yi seede ci mbiram – maanaam, **Moom mooy Doomu Yàlla ji jóge asamaan, di benn Musalkat bi am kepp**.

Kan mooy dellusi ngir nguuru? Ibraayma, Musaa, Daawuda, walla beneen yonent? Déedéet. Boroom bi Yeesu Kirist mooy Kiy dellusi. Moom dina nekk Àttekat bi. Yàlla firndeel na loolu bu wóor, ci li mu ko dekkal ci néew ya. Mu ngiy dellusi. Bët yépp dinañu ko gis. Wóom yépp dinañu sukk. Làmmiñ yépp dinañu wax ne, "*Yeesu Kirist mooy Boroom bi!*"

Ci kaw loolu nag, agsi nanu ci laaj bu mujj bi. Moo di:

10.) **Lu ngeen xalaat ci li mu bëgg ngeen def ko?**

Boroom bi Yeesu ne na: "***Ñëwleen ci man**, yeen ñépp ñi sonn te diis, **dinaa leen may noflaay**. Jébbaluleen ci man te jàng ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol!*" **(Mc 11:28,29**)

Tey jii sax mu ngi leen di woo. Ba mu woowee taalibe yu jëkk ya, dañu bàyyi woon lépp, topp ko; seen kër, seeni waa kër, seen liggéey ak ñoom seen. Loolu la bëgg ngeen def ko. Loolu tekkiwul ne danga war a bàyyi sa kër ak sa liggéey ngir topp Yeesu, waaye danga ko war a jébbal sa dund gépp, jox ko palaas bu jëkk ci sa xol. Dafa bëgg nga wóolu ko, gëm ko, nangu ko ni sa Musalkat ak sa Kilifa. **Lépp la bëgg ci yeen –** sa xel, sa xol, sa yaram ak sa ruu. Su fekkee ne mooy ki mu teg boppam, kon li mu bëgg lépp, lu jaadu la.

Ni nu ko gise woon, Yeesu Kirist kenn rekk la te mëneesu ko tëkkaleek keneen. Kenn la ci **juddoom**, ci **jikkoom**, ciy **njàngaleem**, ci **ay jëfam**, ciy **turam ak ay dàkkentalam**, ak ci **coonoom ak deewam**, ci **ndekkiteem**, ci **yéegam**, ci **delluseem** ak ci **kàttanam ngir soppi xoli doom Aadama yi**. Mu ngiy dund tey. Mu ngi ànd ak ñi ko gëm. Léegi mu dellusi. Amul moroom ci asamaan ak ci àddina. Looloo tax mu am sañ-sañu nekk Buur bi ak Boroom bi ci seen dund!

Yaw miy déglu tey, Boroom bi Yeesu Kirist dafa bëgg a nekk sa Musalkat ak sa Boroom. Loolu sax moo waral mu dee ci bant ba te dundaat! Am na doole ngir dindi say bàkkaar yépp, may la diggante bu neex te xóot ak Yàlla ba fàww. Man na la juddulaat ci laabal sa xol, te yeesalaat la ci dooley Xel mu Sell mi – waaye **fàww nga wékk sa yaakaar ci Moom ak saraxam**.

Li doy waar mooy, bare na ñoo xam ne, Yeesu Kirist ku yéeme la ci ñoom, waaye musuñu ko nangu ni seen Boroom ak seen Musalkat. Gëm rekk ne, Yeesu yonent bu mag la, yem ca doyul! **Fàww nga nangu pexem mucc mi Yàlla tëral**. Nun doomi Aadama yépp, am nanu jafe-jafe mooy **bàkkaar**. Yàlla saafaraal na nu sunu jafe-jafe, waaye **fàww nu jël ko**!

Su ma feebaree, dem kër doktoor, mu bindal ma ay garab, ma jënd leen, ba noppi ñibbi, tegg leen ci sama kaw taabal di xool garab yi, garab yi di ma xool. Ndax loolu dina tax ma wér? Déedéet! Ngir man a wér, fàww ma **jël** garab bi, di ko naan **ni ñu ko binde**. Garabu Yàlla mooy Boroom bi Yeesu Kirist ak deret ji mu tuur ci bant ba.

Léegi, lu ci des nag? Danga war a nangu ne, bàkkaarkat nga te **amuloo menn pexe** ngir musal sa bopp ci àtteb Yàlla bu jub bi di ñëw. Noonu, war nga **gëm rekk ci sa biir xol** ne, Boroom bi Yeesu Kirist gàddul na la sa mbugalug bàkkaar. Soo gëmee ne, Kirist dee na te dekki na ngir musal la, kon Yàlla **dina la baal** say bàkkaar, **yónni** Xelam mu Sell mi ci sa xol, **may** la sañ-sañu dund ci jetaayam ba fàww!

Yaw miy déglu tey, ndax jël nga garabu Yàlla, bi la man a musal ci musibay bàkkaar ak safara su dul fey mukk? Ku xeeb garabu Yàlla boobu, di **deret, ji Almasi bi Yeesu tuur**, war nga xam ne, **beneen garab amul** ngir dindi sa bàkkaar! Amul! Yàlla **amul meneen pexe** ngir jubale bàkkaarkat yi ak boppam. Déglul bu baax li Mbind mu sell mi wax, ci mbirum yoonu njub, wi Yàlla tëral, ngir nit jub ci kanamam ba fàww! Mbind mi ne na:

*Sàmm yoon wi **taxul kenn jub** ci kanamu Yàlla... Waaye léegi nag Yàlla feeñal na, **ni nit man a jube ci kanamam**, ci lu séqul ak yoonu Musaa dara. Waaye ba tey yoonu Musaa ak waxi yonent yi seedeel nañu ko. **Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci**. Ndaxte ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. **Waaye gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam man na leen a àtte ni ñu jub ci dara**. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamanoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamano jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem. Kan a man a bàkku nag ci kanamu Yàlla? Kenn! Lu ko waral nag? Xanaa sàmm yoon? Déedéet! **Ngëm rekk**.* **(Ro 3:20-27**)

"*Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen mucce* ***ci kaw ngëm****, te loolu* ***jógewul ci yeen****,* ***mayu Yàlla*** *la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.*" **(Ef 2:8,9)** "*Soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko,* ***dinga mucc****. ... Ndaxte...* ***képp ku woo Boroom bi ciw turam, dinga mucc!***" **(Ro 10:9,13)** Amiin!

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi ak teewlu bi, di leen sant it ci li ngeen ànd ak nun ci sunu gëstu ci Kàddug Yàlla ci téeméeri njàng yi nu def fii ci emisyoŋ *YOONU NJUB*. Na leen Yàlla barkeel te lépp lu ngeen fi dégg nekk xéewal yuy baawaan ci seen dund. Nu ngi leen di fàttali ne emisyoŋ yi nuy def yépp am nañu ci ay kaset. Ku leen bëgg a am man nga noo bind te dinanu la wax ni ngay def ba am leen. Su fekkee itam ne ay téere ci Mbind mu Sell mi ñoo la gën a soxal, man nga nu bind, nu yónnee la ay téere. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis. *YOONU NJUB* / B.P. 370. / St. Louis.

Noo ngi leen di tàggook ñaan gu neex, gii nekk ci Kàddug Yàlla: "***Yàlla mi leen man a aar ci gépp jeng, te teewal leen fa kanam ndamam, ngeen ñàkk sikk te fees dell ak mbég. Yàlla miy kenn, di sunu Musalkat, na yelloo ndam ak màgg, kàttan ak nguur, jaar ci Yeesu Kirist sunu Boroom, démb, tey, ëllëg ba fàww. Amiin!***" **(Yu 1:24,25)**

# 101 Nowel

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu, di leen wax bisimila ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Am nanu mbégte ci li nu xam ne yeen a ngi nuy déglu ak cawarte gu ànd ak teewlu.

Tey danu leen fas yéene dikke njàng mu jëm ci xewum **Nowel**. Jamono jii Nowel di jegesi, gox yu bare ci àddina ñu ngiy rëj-rëji di ko waajal. Kon warees na mën a laaj ñaari laaj yii: **Lan mooy Nowel?** ak **Lan moo dul Nowel?**

Li nu bëgg a jëkk a laaj nag mbokk yi, mooy: **Lan moo dul Nowel?**

Xam ngeen ne bésu Nowel, ñi ëpp ci nit ñi dañu ko teg bésu feet rekk. Moo waral ñenn ñi di ko séentu ak a waajal. Bu agsee ñu cay topp seen nafsu: ñii di baali, ñee di xawaare, di màndi ak a def yu ni mel. Ñu mel noonu duñu ay taalibe Kirist. Mbaa ñu koy wuyoo te réere mbir solob Nowel. Kàddug Yàlla nag moom leer na. Mu ne: "*Kuy topp sa nafsu nii ngay jëfe: njaaloo, xalaat yu bon, def i ñaawteef ak say cér...*" **(Gal 5:19**) Waaye loolu ci dee la jëme boroom.

Léegi nag xam naa ne dinga ma ne: Aa, man de loolu laa gis gaa yi di def! Te sax, su loolu dul Nowel, kon **luy Nowel**? Laaj bu am soloo ngoogu.

**Lan mooy Nowel?**

Nowel **pàttaliku** la. Nowel mooy bés bi way-gëm Yeesu yépp di fàttaliku seen juddug Musalkat. Kon taalibe Kirist yu wér yi, ci xewum Nowel lañuy fàttalikoo ak a màggal juddug Yeesu Kirist, Musalkatu bàkkaarkat yi. Ku tollu ni Musalkatu àddina nag, bu ñu demee bay màggal juddoom, war na nekk ci anam yu ñu rafetlu.

Waaw, ndaxte juddu gu kéemaane googu, Yàlla ci boppam moo ko jëkk a yégle. Ba Aadama ak Awa daanoo ci fiiru Seytaane mi mbubboo woon jaan, la ko Yàlla ne:

"*Dinaa def mbañeel ci sa diggante ak* ***jigéen ji****, ci sa diggantey xeet* ***ak xeetam****. Dina toj sa bopp, te dinga ko màtt ci tëstën.*" **(Ge 3:15**)

Noonu la Yàlla tàmbalee xamle pexeem mu rafet, ngir wàcce Musalkat bi. Yàllaa ngi doon yégle ni Musalkat bi waroon a juddoo ci jigéen rekk. Ndaxte ki naroon a nekk Rammukatu bàkkaarkat yi, mënul a jóge ci nit ñi taq bàkkaar.

Gannaaw ba Yàlla ci boppam yéglee ñëwug Musalkat bi, jëfandikoo na it yonent yu bare, diirub junniy junni at, ngir yégle juddu gu kéemaane gi. Yonent Yàlla Esayi waxoon na **naka la Musalkat biy juddoo** bi mu naan:

"*Boroom bi ci boppam dina leen jox firnde te mooy:* ***janq bi dina ëmb, jur doom ju góor****, mu tudde ko Emanuwel.*" **(Isa 7:14**)

Yonent Yàlla Mise moom xamle woon na **bérabu juddug Almasi bi** bi mu naan:

"***Betleyem*** *Efrata, yaw mi tuuti, ba bokkoo ci teeru yi ci diiwaanu Yude, ci yaw laay feeñale kilifa giy yilif bànni Israyil, te cosaanam féete ca bési njàlbéen ga, fekk dara amagul!*" **(Mic 5:1**)

Noonu kon la Mise doon yéglee ni Almasi bi waroon a juddoo ca Betleyem, dëkku yonent Yàlla Daawuda.

Ci lu wér, Yàlla waajoon na dikku Musalkatu àddina si bu baax-a-baax! Bi waxtu wa jotee ci Yàlla, mu yebal malaakaam Jibril, mu xamal Maryaama ne dina ëmb, jur doom ju góor. Nanu déglu li ci Kàddug Yàlla wax.

Mu ne:

*Bi Elisabet* [soxnas yonent Yàlla Sakariya] *nekkee ci juróom-benni weeram, Yàlla yónni malaakaam Jibril ca dëkku Nasaret ca diiwaanu Galile. Mu yebal ko ca janq, bu ñu may waa ju bokk ci askanu Daawuda te ñu koy wax Yuusufa, waaye àndaguñu. Janq baa ngi tudd Maryaama.*

*Malaaka ma dikk ca moom, ne ko: Jàmm ngaam, yaw mi Boroom bi defal aw yiw; mu ngi ak yaw. Waxi malaaka ma daldi jaaxal Maryaama, muy xalaat lu nuyoo boobu mën a tekki. Malaaka ma ne ko: Bul ragal dara Maryaama, ndaxte Yàlla tànn na la ci yiwam. Dinga ëmb, jur doom ju góor. Nanga ko tudde Yeesu.* ***Ku màgg lay nekki, te dinañu ko woowe Doomu Aji Kawe ji. Boroom bi Yàlla dina ko jébbal nguuru Daawuda maamam. Noonu dina yilif askanu Yanqóoba ba fàww, te nguuram du am àpp.***

*Maryaama laaj malaaka ma, ne ko: Naka la loolu mën a ame? Man de, janq laa ba tey. Malaaka ma tontu ko ne: Xel mu Sell mi dina wàcc ci yaw, te Aji Kawe ji dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinañu ko woowe Ku sell ki, Doomu Yàlla ji. Elisabet sa mbokk mi it dina am doom ju góor cig màggetam. Ki ñu doon wooye ku mënul a am doom, mu ngi ci juróom-benni weeram. Ndaxte dara tëwul Yàlla. Maryaama ne ko: Jaamub Boroom bi laa. Na Yàlla def ci man li nga wax. Ci noonu malaaka ma daldi dem.* **(Lu 1:26-38**)

Xarit yi nuy déglu, noonu la Yàlla doon jëmee kanam pexeem mi mu waajaloon ca njàlbéen ga ngir xettalisi doom Aadama yi. **Lu Yàlla nar, kenn mënu ko fanq.**

Ni ngeen ko dégge, Jibril yégaloon na Maryaama mbir yu am solo yu jëm ci doom ji mu nar a am. Li nu mën a jëkk a jàpp ci yégleb malaaka mi, mu jëm ci liir bi mooy: **Ay waajuram tànnaluñu ko woon turam.** Yàlla ci boppam moo ko tànnaloon aw tur. Nan la Yàlla tudde liiru Maryaama bi waroon a juddu? **Yeesu** la ko tudde, liy tekki: **Kiy musal.** Kon tur wi wuyu na Boroom ndax Yeesu mooy benn Musalkat bi am kepp. Mooy **pom**, bi doom Aadama yi war a aw ngir jéggi déegu safara ak tamarax biy añu képp ku gëmadi. **(Pe 21:8**)

Waaye xarit yi, am na leneen lu malaakam Yàlla mi waxoon Maryaama ci Doomam ji naroon a juddu. Jibril dafa ko wax ne: "***Ku màgg lay nekki***". Waaw, bir na àddina ne, Yeesu ku màgg la. Lépp ci cosaanu àddina si wone na ko. Te lépp li Yàlla ak malaaka yi ak yonent yi yégle woon ci moom am na. Màggaayam deesu ci xel-ñaarati ndaxte moom rekk la Kàddug Yàlla wax ne moo nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom la Yàlla jaar sàkk lépp li mu sàkk. **(Yow 1:3,4**) Loolu tekkiwul ne ñaari Yàlla ñoo am ndaxte Yeesu ci boppam mooy Kàddug Yàlla, gi jóge asamaan, juddu ci bindu nit. Kii, mëneesu koo gën a màgg. Ci lu wér, dara tëwul Yàlla! Lépp lu nar a xew ci kaw suuf xam na ko, te mën na ko jëfandikoo, def ca ay nammeelam.

*Noonu, ...bi àpp bi Yàlla tëraloon matee, yónni na Doomam, mu juddoo ci jigéen...* [ni ñu ko yéglee woon]. **(Gal 4:4**) Kon léegi nanu déglu ni Kàddug Yàlla nettalee juddug Yeesu. Mu ne: "*Ca jamono jooja buur bu mag bu ñuy wax Ogust, joxe ndigal ne, na ñépp binduji. Noonu ku nekk dem binduji ca sa dëkku cosaan. Yuusufa nag* [mi ñu may Maryaama, te àndaguñu woon] *daldi jóge Nasaret ca diiwaanu Galile, jëm ca diiwaanu Yude ca Betleyem, dëkk ba Daawuda cosaanoo, ndaxte ci askanu Daawuda la bokk. Mu dem binduji, ànd ak Maryaama jabaram. Fekk booba Maryaama ëmb. Bi ñu nekkee Betleyem, waxtu wa mu waree mucc agsi. Mu taawloo doom ju góor, mu laxas ko ci ay laytaay, tëral ko ca lekkukaayu jur ga, ndaxte xajuñu woon ca dalukaay ba.*

*Fekk booba amoon na ca gox ba ay sàmm yu daan fanaan ca tool ya, di wottu jur ga. Noonu benn malaakam Boroom bi feeñu leen, ndamu Boroom bi daldi leer, melax, wër leen. Tiitaange ju réy jàpp leen. Waaye malaaka mi ne leen: Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp. Tey jii ca dëkku Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy Almasi bi, di Boroom bi. Ci firnde jii ngeen koy xàmmee: dingeen gis liir bu ñu laxas ci ay laytaay, tëral ko ci lekkukaayu jur. Bi mu waxee loolu, yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan, ànd ak moom, di sant Yàlla naan: Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa, te ci àddina, na jàmm ji wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam! Bi malaaka ya delloo ca asamaan, sàmm yi di waxante naan: Nanu dem boog Betleyem, seeti la fa xew, li nu Boroom bi xamal. Ñu*

*daldi gaawantu dem, gis Maryaama ak Yuusufa, ak liir, ba ñu tëral ca lekkukaayu jur ga.*

*Bi ñu leen gisee, ñu nettali la ñu leen waxoon ca mbirum xale ba. Ñi dégg li sàmm yi doon wax ñépp daldi waaru lool. Waaye Maryaama moom, takkoon na mbir yooyu yépp, di ko xalaat ci xolam. Noonu sàmm ya dellu ca seen jur, di màggal Yàlla, di ko sant ci li ñu déggoon lépp te gis ko, ndaxte lépp am na, ni ko Boroom bi waxe woon. Yóbbu nañu Yeesu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem Bi bés ba dellusee, jamonoy xarafal xale ba agsi. Ñu tudde ko Yeesu, ni ko malaaka ma diglee woon, laata ko yaayam di ëmb.*" **(Lu 2:1-21**)

Mbokki déglukat yi, noonu la Yeesu juddoo. Muy juddu gu kéemaane, gu mësul a am te dootul am. Lii lépp Yàlla def na ko ngir won la ne, kooku mooy ki waroon a juddu. Li tax Musalkat bi juddu nag mooy, ngir musal waa àddina ci musiba mi di bàkkaar. Kàddug Yàlla wone na bu leer ne doom Aadama yépp a bàkkaar te ñu ngi ko donne ci sunu maam Aadama. Waaw, mbokk yi, solob Nowel weesu na fi ko ñenn ñi tënk. Juddug Yeesu mooy may gi ëpp solo ci nit.

Noonu, bi Yeesu Musalkat bi juddoo, am boroom xam-xam yu mag yu ko seetsi. Kàddug Yàlla ne na:

"*Bi nga xamee ne, Yeesu juddu na ci Betleyem ci diiwaanu Yude, amoon na ay boroom xam-xam, ñu jóge penku, ñëw Yerusalem. Booba, ci jamonoy buur bi Erodd la woon. Ñu ne: Ana buur bi juddul Yawut yi? Ndaxte gis nanu biddéewam ci penku, te ñëw nanu ngir **màggal ko**. Bi ko Erodd buur ba déggee, mu daldi jaaxle, moom ak waa Yerusalem gépp. Mu woolu nag sëriñ su mag sépp ak xutbakati xeet wa, laaj leen fu Almasi bi, maanaam Kirist, war a juddoo. Ñu ne ko: Ca Betleyem ci diiwaanu Yude...Ci kaw loolu Erodd woolu ci kumpa boroom xam-xam ya, di leen ceddowu, ngir xam bu wóor kañ la biddéew bi feq. Noonu mu yebal leen Betleyem naan: Demleen fa, seet bu wóor mbirum xale ba. Bu ngeen ci amee lu wóor nag, ngeen xamal ma ko, ngir man itam ma dem màggal ko. Ba ñu dégloo buur ba nag, ñu dem. Te biddéew, ba ñu gisoon ca penku ba, ne tëll jiite leen, ba àgg, tiim fa xale ba nekk. Ba ñu gisee biddéew ba nag, ñu am mbég mu réy-a-réy. Ñu dugg ca kër ga, gis xale ba ak Maryaama ndeyam, **ñu daldi sukk, di ko màggal**.*" **(Mc 2:1-5,7-11**)

Mbokki déglukat yi, Boroom xam-xam yooyu ngeen dégg, Yàllaa leen tànnoon jox leen firnde ju wér. Nekk ay boroom daraja terewu leen a màggalsi Musalkat bi. Wànte lépp defoon nañu ko ci anam yu ñu rafetlu. Almasi bi Yeesu, yelloo na màggal ci anam yu ñu rafetlu. Kon xarit yi nuy déglu, jàppleen benn yoon ne pàttalikum juddug Musalkat bi, wareesu ci def mukk lu jekkadi. Soo ci daan def lu jekkul ndax ñàkk a xam, bul ko ci defati. Ndaxte bés boobu la Yàlla may àddina ngën gi may. Waaw, **Musalkat bi Yeesu mooy ngën gi may.** Geneen may ëppu ko maanaa ci bëti Yàlla. Am ko, mooy am alal ju wóor te wér. Bu ñu la mayee may gu neex nag, nooy def? **Danga koy jël**, du noonu? Léegi kon, nooy def ak Musalkat bi Yeesu? Xamal ne sa laaxira mu ngi aju ci li ngay def ak may gile. Ndaxte Mbind mu sell mi ne na:
"*Peyug bàkkaar mooy dee, waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom.... Jërëjëfati yaw Yàlla ndax sa may googu weesu dayo!*" **(Ro 6:23 2Ko 9:15**)

Waaw, Musalkat bi dafa juddu ngir fey sa boru bàkkaar ci gàddu mbugal gi naroon a dal ci sa kaw. Moo tax képp ku ko gëm, génn nga ci dee tàbbi ci dund gu dul jeex. Ku ko gëmul nag dinga sànku ba fàww.

Sama xarit, fàtte mënul a ñàkk. Waaye boo fàttee lépp li nu jàng tey, lii moom, fexeel mu des ci sa xel: sooy fàttalikooti juddug Musalkat bi ci jamonoy Nowel, xamal ne dafa war a am ci mbég, dëgg la, waaye itam ci anam yu yiw, ànd ak cant ak ngërëm te xam ne mooy bésu pàttaliku juddug Musalkatu àddina. Du Musalkatu way-gëm Kirist yi rekk. Sa Musalkat la yaw itam ci kaw nga gëm ko. **(1Tim 4:10**)

Nu ngi leen gërëm ci déglu bi te di leen wax ne su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis. Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax ci Musalkat bi. Mu ne: "***Peyug bàkkaar mooy dee, waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom.... Jërëjëfati yaw Yàlla ndax sa may googu weesu dayo!***" **(Ro 6:23 2Ko 9:15**)

# 102 Deewu Yeesu

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Sunu mbégte réy na ci li nu xam ne yeen a ngi nuy déglu ak takkute. Bég nanu it ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Mbokk yi nuy déglu, Wolof Njaay dafa ne: "**Garab gay doon pénc, lawbe du ko gis ba di ko gor!**" Tey, dinanu dégg ni nu léebu Wolof boobu mën a dimbalee ngir nu jàpp li ëpp njariñ ci xabaaru yonent yi.

Kon li nu fas yéene jàng a ngi jëm ci deewu Yeesu ca bant ba. Deewug Almasi bi Yeesu mi ñuy wax Isaa, mu ngi xaw a mel ni garabu pénc gi ci léebu wolof bi. Méngoo naak la ca yonent yi yégle woon bu yàgg. Moona terewul mu am ñu ci ñàkk a ànd naan: *déedéet, Yàlla mënul a seetaan yonentam, muy toroxe noonu.* Waaye ñooñu dañu réere mbir ne, noonu la ko Yàlla bëgge woon ndaxte bàkkaar musiba mu réy-a-réy la! Te ngir Yàlla mën la baal te du moy njubteem, fokk mu àtte say bàkkaar, àtte bu jub. Yàlla Àttekat bu Jub la moo tax mënul a baale bàkkaar noonu rekk. Yeen a ngiy fàttaliku ni Yàlla waxe sunuy maam Aadama ak Awa ci toolu Àjjana ne: "Su ngeen lekke ci garab gi ma tere, dingeen DEE, maanaam dingeen xàjjalikook man ba fàww! Peyug bàkkaar mooy dee ak safara abadan te nit amul menn pexem musal boppam ci àtteb Yàlla bu jub bi! Peyug bàkkaar mooy DEE, tàbbi safara! Looloo tax ca jamono yu jëkk ya, Yàlla daan laaj ay saraxi mala. Noonu xar mi amul sikk dee ci palaasu tooñkat yi, muur seeni bàkkaar. Waaye saraxi mala yooyu ay misaal kese lañu woon ci Musalkat bu Sell bi naroon a ñëw. Kon xabaar bu baax bi nu war a xam tey jii, mooy am na daanaka ñaari junni at, Yàlla yónnee na nu Musalkat bu am doole, mu tuur deretam di sarax bi nu feyal mbugalug bàkkaar benn yoon ba fàww.

Leneen li nit ñooñule war a xam itam mooy li yonent yi waxoon ci deewu Almasi bi lu yàgg laata muy ñëw. Ci tënk, yonent Yàlla Ibraayma yégle woon na deewug Almasi bi bés bi mu saraxee xar, ma wuutu woon doomam. Yonent Yàlla Daawuda it, xamle woon na ci Sabóor ni ñuy bëtte loxoy Almasi bi ak i tànkam.

Ba léegi ci mbirum deewug Almasi bi, dégluleen li ci yonent Yàlla Esayi bindoon lu jiitu dikku Almasi bi. Mu ne:

"...*Sunuy bàkkaar a ko tax a gaañu, mu ne làcc ndax sunuy ñaawteef; mbugal gi nu may jàmm ci moom la dal, te ay góomam ñoo tax nu wér. Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp; te Yàlla yen ko sunu njubadi nun ñépp. Fitnaal nañu ko, dóor ko, te ubbiwul gémmiñam, mu mel ni mbote mu ñuy yóbbu ca rendikaay ba, mel ni xar mu luu ci kanamu ñi koy wat; mu ne cell. Cig naaféq lañu ko àtte, ba yeew ko, rey; ñi mu tollool jamono, ku ci xalaat lii? Jukkee nañu ko ci ñiy dund, fàdd ko ngir bàkkaari askan wi. Suul nañu ko ci biir ñu bon ña, rob ko ak ku bare alal, te moona masul a def lu bon te fen génnewul ci gémmiñam. Waaye soob na Aji Sax ji, mu gaañ ko, laral ko. Bi mu jébbalee bakkanam ni sarax, ngir fey bàkkaar yi, dina gis ag njabootam te gudd fan, te jëfu Aji Sax jiy lawe ci loxoom.*" **(Isa 53:5-10**)

Kon gis ngeen bu leer ne, deewu Yeesu, lu Yàlla nammoon la te waajal ko, yégle ko jaare ci yonent yi. Waaye "Garab gay doon pénc, lawbe du ko gis ba di ko gor." Yàlla njuuy na Seytaane ak i gaayam yi doon jéem a fanq pexeem. Kenn mënul woon fanq deewu Yeesu Almasi bi ndax coobare Yàlla la. Deewug Musalkat bi Yeesu mooy "garab gi doon pénc" ci Mbindi yonent yi! Deewug Kirist mooy xolu xabaaru Yàlla! ba tax Yàlla ne, képp ku bëgg a mucc ci àtte biy ñëw, fàww nga gëm xabaaru deewug Kirist ci bant ba. Ku ko nanguwul xanaa di ko weddi, yaa ngi mel ni lawbe bu ñëw cib dëkk, di jéem a gor seen garabu pénc! Luy xew su boobaa? Li wér mooy waa dëkk ba dinañu mer lool! Noonu itam, Mbind mu Sell mi ne na, bésub àtte ba, merum Yàlla dina wàcc ci ñépp ñi weddi xabaaru Yonent yi ne: "*Yeesu Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar ni ko Mbind mi tërale!*" **(1Ko 15:3**)

Gannaaw li yonent yi yégle ci mbirum deewu Musalkat bi, Yeesu ci boppam, daan na faral a wax ay taalibeem ne war na dem Yerusalem ga mu naroon a deewe te mu daj fa coono yu bare, yu jóge ca njiit ya, ca sëriñ su mag sa ak ca xutbakat ya; ñu rey ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba. **(Mc 16:21**)

Loolu lépp ame woon na ni ñu ko waxe woon. Bi Yeesu ak i taalibeem àggee Yerusalem, ñu jàpp ko, dóor ko, saaga ko, xas ko, tëfli ko, def ko lu ñaaw lu nekk. Gannaaw gi, ñu daaji ko ca bérëb ba ñuy wax kaaŋu bopp; di Golgota, ci làkku yawut.

Noonu Kàddug Yàlla ne na,

"*Bi ñuy yóbbu Yeesu, ...Yóbbaale nañu itam ñeneen, ñaari defkati lu bon, ngir rey leen. Bi xarekat ya agsee ba ca bérab, ba ñuy wooye Kaaŋu Bopp, ñu daaj fa Yeesu cib bant, daajaale ñaari defkati lu bon ya, kenn ca ndeyjooram, ka ca des ca càmmooñam. Noonu Yeesu ne:* ***Baay, baal leen, ndaxte xamuñu li ñuy def!*** *Mbooloo maa nga fa taxaw di seetaan. Njiit ya di ko reetaan naan: Musal na ñeneen; na musal boppam, su fekkee mooy Almasi bi, ki Yàlla fal! Xarekat ya it di ko ñaawal. Ñu jegesi, jox ko bineegar te naan: Su fekkee ne yaay buuru Yawut yi, musalal sa bopp!*" **(Lu 23:26,32-37**)

Bi xarekat ya, daajee Yeesu ca bant ba, ba noppi dañoo jël ay yéreem, séddale ko ñeenti cér, ku nekk benn. Jël nañu it mbubbam, mu ñu ràbb ca kaw ba ci suuf te amul benn ñaw. Xarekat ya di waxante naan: Bunu xotti mbubb mi, waaye nanu ko tegoo ay bant, ngir xam ku koy moom. Noonu, xarekat ya def nañu la yonent Yàlla Daawuda bindoon ne:

"*Séddoo nañu samay yére, tegoo ay bant sama mbubb*." **(Yow 19:23-24**)

*Noonu, kenn ca defkatu lu bon ya ñu wékkoon ci bant, di ko xas, naan ko: Xanaa du yaw yaay Almasi bi? Musalal sa bopp te musal nu! Waaye ka ca des yedd moroom ma, naan ko: Xanaa ragaloo Yàlla, yaw mi ñuy mbugal ni moom! Nun yelloo nanu sunu mbugal waaye moom, deful dara. Noonu mu ne: Yeesu, fàttaliku ma, boo dellusee ci sa nguur. Yeesu tontu ko ne: Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii dinga texe ak man ca jetaayu Yàlla*. **(Lu 23:39-43**)

*Li tàmbalee digg-bëccëg, ba ci tisbaar, réew mépp lëndëm. Ci tisbaar nag Yeesu wootee kàddu gu dëgër naan:* ***Elowi, Elowi, lema sabaktani,*** *liy tekki:* ***Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?*** *Ñenn ci ña fa taxaw nag, bi ñu ko déggee, ñu ne: Mu ngi woo yonent Yàlla Iliyas. Noonu* [kenn ci ñoom] *ne: Bàyyileen, nu seet, ba xam Iliyas dina ñëw, wàcce ko*. **(Mk 15:33-36**)

Waaw, ñoom ñu ngi doon wax loolu ndaxte jàppuñu woon li xew ak li Yeesu waxoon. Ràññewuñu woon ne, ci diir bu lëndëm boobu, diggante digg-bëccëg ak tisbaar, li taxoon réew mépp lëndëm mooy li Yàlla yenoon Rammukat bi mbugalu nit ñi.

*Bi loolu wéyee, gannaaw Yeesu xam na ne, lépp mat na léegi, mu ne nag, ngir amal Mbind mi: Damaa mar. Amoon na foofa gutt, bu fees ak bineegar. Noonu ñu jël sagar, tooyal ko ca, takk ko ci bantu garab, gu ñuy wax isob, teg ko ci gémmiñu Yeesu. Bi Yeesu muucoo bineegar bi, mu ne:* ***Lépp mat na*!** **(Yow 19:28-30**) [Noonu] *Yeesu woote ak kàddu gu dëgër, naan:* ***Baay, jébbal naa la sama ruu!*** *Bi mu waxee loolu, mu delloo ruuwam Yàlla*. **(Lu 23:46**)

Mbokki déglukat yi, mbir mu doy waar a ngi nii! Yawut ya toroxal nañu Almasi bi, bóom ko. Wànte nanu bàyyi xel ci ne, deewug Almasi bi ca bant ba, dafa dëppoo woon tembe ak pexe mi Yàlla laloon ca njàlbéen ga. Noonu, laata Yeesu di dee, xamle na ca kaw bant ba ne: "**Lépp mat na!**" Lu taxoon Yeesu ne: "**Lépp mat na!**"? Diine juy wax ne: "**Lépp mat na!**" Kenn gisu ko fenn. Li ñuy wax kay mooy: "Feek yaa ngiy dund, dara matagul. Sag mucc a ngi aju ci sa dayob jëf yu baax! Waaye yaw miy déglu, xamal ne, Xabaar bu baax bi Yàlla wàcce mooy: "**Lépp mat na!**" Kirist feyal na la sa boru bàkkaar ak deretam ji tuuru! Sant Yàlla! Soxlaatunu tuur deretu mala ndaxte, "**Lépp mat na!**" Yeesu Kirist mooy Sarax su mat si Yàlla joxe benn yoon ba fàww!

Kon xarit yi, leer na ne deewu Yeesu du li ñenn ñiy tudde **aksidaan.** Te it du keneen moo dee ci palaasam! Yeesu moo dee! Moom ci boppam joxe na ci firnde yu wóor bi muy wax kañ, fan, ak naka lay deewe. Yeesu

xamoon na lépp lu jëm ci mbirum deewam. Ndax yaw mën nga xam kañ, fan, ak naka ngay deewe? Xamuloo ko, keneen it mënu ko xam, ak ku mu mën a doon nag! Yeesu rekk a ko mënoon.

Moo tax, lépp li yonent yi yégle woon ci deewu Rammukat bi, mat na! Waaw, yaw miy déglu, ndax gëm nga ne Yeesoo matal mucc gi yonent Yàlla yépp daan yégle? Walla dangay jéem a gor garab guy dooni pénc? Maanaam ndax dangay weddi dëgg gi nga xam ne moo ëpp maanaa ci xabaaru yonent yi? Wolof Njaay ne na: "**Garab gay doon pénc, lawbe du ko gis ba di ko gor!**" Xamal it ne Yàlla ne na:

"*Yégleb deewu Yeesu Kirist ci bant bi, ag ndof la ci ñiy sànku. Waaye ci nun ñi aw ci yoonu mucc gi, dooley Yàlla la.... Waaye li àddina teg ag ndof, Yàlla tànn na ko, ngir rusloo boroom xam-xam yi ... Nu ngi yégle mbóotu xam-xamu Yàlla, mu nëbbu woon te Yàlla dogal ko ngir sunu ndam, laata àddina di sosu. Kenn ci njiiti àddina amul woon xam-xam boobu. Su ñu ko amoon, kon duñu rey Boroom ndam li ci bant bi*. **(1Ko 1:18,27 2:7,8**)

Yàlla Aji mbëggeel la, te *firndeel na mbëggeelam ci nun, ci li Kirist dee ngir nun, bi nu nekkee sax ay bàkkaarkat!* **(Ro 5:7,8**) Yeesu nag moom, li tax mu mënoon a dee ngir far sunuy tooñ moo di, dafa sell, te taqul bàkkaar ndax donnul bàkkaar bi nekkoon ci sunu maam Aadama. Kàddug Yàlla seedeel na ko ko bi mu naan: "*Yeesu Kirist mi mësul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wàll, **ngir ci sunu bokk ci moom, nu mën a doon njubteg Yàlla***!" **(2Ko 5:21**) Musalkat bu ni mel la nit soxla ngir am jàmm ak Yàlla. Deewu Yeesu mooy jubale képp ku ko gëm ak Yàlla. Moo tax taalibe Kirist bu wér dafay am kóolute ne, bu deewee tey jii, tàbbi Àjjana.

Xarit yi nuy déglu, li nu mënul woon a jëf ba tàbbi Àjjana, Yeesu defal na nu ko. Joxe na bakkanam ni sarax su mat. Lenn rekk a la war léegi, mooy nga gëm li Almasi bi wax ci bant ba ne: "***Lépp mat na!***" Bu ko defee dinga mucc ni ko Yeesu waxe woon ne: "Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund." **(Yow 5:24**) Kon yaw miy déglu tey, ci lan nga wékk sa yaakaar ngir tàbbi Àjjana? Ci sa diine, ci say jëf yu baax, ci sa aada...walla danga wékk sa yaakaar ci xabaaru Yàlla bu baax biy wax ne: Yeesu Almasi bi dee na ci sa palaas ngir feyal la sa boru bàkkaar?

Jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di jox dox daje beneen yoon. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci wax ju am solo ji Yeesu wax laata muy dee ca bant ba ne: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30**)

# 103 Paag

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Am nanu mbégte mu réy ci li nu xam ne yeen a ngi nuy déglu ak takkute. Bég nanu it ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Bu ngeen koy fàttaliku, jàngoon nanu fi ni Yàlla jëfandikoo woon waare yonentam yi ngir yégle juddug Musalkat bi ak deewam. Gisoon nanu it ne lépp li ñu yégle woon, ame na ni tembe. Moo tax gannaaw ndekkiteem, Yeesu ne woon na taalibeem yu mu feeñu woon:

‟*Yeen daal, yeen a ñàkk xel, te seen xol yeex a gëm li yonent yi yégle woon! Xanaa du Almasi bi dafa waroon a daj boobu coono te dugg ci ndamam? Noonu mu tàmbalee ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent yépp, tekkil leen li Mbind mi wax lépp ci ay mbiram. Mu ne leen: Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ñu ko binde, te it ñuy yégal xeet yépp ci turam, dale ko ci Yerusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal leen.*” **(Lu 24:25-27,46-47**)

Kon loolu moo nuy dugal ci sunu njàngum tey mi jëm ci xewum Paag. Ndaxte danu gis ne solob Paag ump na ñu bare. Dañuy seetlu ne yoonu way-gëm Kirist kesee fi sosu te sampu ci ndekkitel ki ko sos. Moom rekk, amul weneen. Moo tax ndekkite li nekk njàngale mu am solo ci ngëmu gaayi Kirist.

Léegi nag, ngir jëm kanam, tànn nanu ñaari yonent, di Daawuda ak Ose, bokk ci yonent yi yégle woon li Musalkat bi nar a defal mbindeef yi. Bu nu jëlee yonent Yàlla Daawuda, dinanu gis ne bindoon na waxi Musalkat bi ci Sabóor ne:

‟*Yaw Yàlla, doo wacc sama ruu ca barsàq, doo bàyyi sa waa ju sell yàqu; dinga ma teg ci yoonu dund.*” **(Ps 16:10,11**) *Yuuxuy ndam ak mucc jib nañu ci xaymay ñu jub ñi: ndeyjooru Aji Sax ji feeñal na kàttanam! Ndeyjooru Aji Sax ji jóg na! Ndeyjooru Aji Sax ji feeñal na kàttanam!* ***Duma dee, dinaa dund, te dinaa nettali jëfi Aji sax ji. Aji Sax ji duma na ma, waaye jébbalu ma dee gi.*** *Ubbilleen ma bunti njub gi: dinaa dugg, dinaa tagg Aji Sax ji. Buntu Aji Sax jaa ngi nii: ci moom la aji jub yi di jaar. Dama lay tagg, ndaxte nangul nga ma, ndaxte musal nga ma. Doj wa tabaxkat ya sànni nekk na doju koñ wa. Ci Aji Sax ji la loolu jóge: kéemaan la ci sunuy bët. Bésub tey jii Yàlla moo ko def, na doon bànneex ak mbégte.* **(Ps 118:15-24**)

Naka yonent Yàlla Ose moom, bindoon na ne:

*Ñëwleen nu dellu ci Aji Sax ji! Ndaxte xotti na, waaye dina wéral; dóor na, waaye dina faj sunuy góom.* ***Fileek ñaari fan dina nu delloo dund gi; ci ñetteelu fan bi dina nu yëkkëtiwaat, te dinanu dund ci kanamam.*** *Nanu xam, nanu wut a xam Aji Sax ji; ñëwam dafa wóor ni fajar. Dina ñëw ngir nun, mel ni taw bi, mel ni tawu cooroon buy nàndal suuf si.* **(Ho 6:1-3**)

Mbokki déglukat yi, ay junniy at gannaaw ba yonent yi yéglee ndekkitel Almasi bi Yeesu, jaare ko ci kàddu yooyu ak yeneen yu ni mel, Piyeer, di kenn ci ndawi Kirist yi, dëggal na leen bi mu naan:

‟*Mbokk yi, mën naa leen a wax lu wóor ci mbirum maam Daawuda ne, dee na te suul nañu ko; bàmmeelam mu ngi ci nun ba tey. Waaye yonent la woon, te xamoon na ne, Yàlla digoon na ko ci ngiñ ne, dina teg ci nguuram kenn ci askanam. Kon gis na lu ñëwagul, di wax ci mbirum ndekkitel Kirist ne, bàyyiwuñu* [néewu Yeesu] *ci barsàq, te yaramam yàquwul. Yeesu moomu nag, Yàlla dekkal na ko; nun ñépp seede nanu ko.*” **(Jëf 2:29-32**)

Kon, dégg ngeen ni yonent Yàlla yi yéglee woon ndekkitel Kirist. Ci kaw li nu jàng ci yeneen emisyoŋ, war ngeen xam ne, Paag mooy ‟week-end” bi nga xam ne ci la Yeesu dee ca kaw bant ba te **dekki ca néew ya.** Ca la Yeesu dekki woon! Moo tax sax am ñu tudde Paag, ‟**xewum ndekkite li**”. Wànte ndax xam nga fan la ‟Paag” ci boppam soqikoo? Laaj bu am soloo ngi noonu.

Ci loolu, li nu war a jëkk a xam mooy, gannaaw ba Yawut ya nekkee ca Misra ñeenti téeméeri ati njaam, Yàlla fàttaliku la mu digoon yonent Yàlla Ibraayma ba mu ko nee:

*...sa askan dina nekk ay doxandéem ci réew mi ñu moomul, ñu di leen def ay jaam, lakkal leen diirub ñeenti téeméeri at. Waaye waa réew moomu leen di def i jaam, dinaa leen àtte. Bu loolu amee nag,* ***sa askan dina ca génn*** *ak alal ju bare.* **(Ge 15:13,14**)

Noonu, Yàlla tànn ci Yawut yi kenn ku tudd Musaa. Yàlla yónni ko ca Firawna ngir mu génne mbooloo ma réewum Misra. Waaye Firawna bañ leen a bàyyi. Noonu Yàlla wàcce fukki musiba ci waa Misra ngir ñu bàyyi bànni Israyil ñu dem. Waaye ca fukkeelu musiba ma, di deewu taaw ya, la leen Firawna soog a bàyyi. Moona Yàlla artu woon na Firawna ne ko: Soo bàyyiwul sama mbooloo mi, ñu dem, dinaa rey képp kuy taaw ci réew mi, dale ko ci sa taaw ba ci taawi surga yi gën a ndaw ak taawi bàyyima yépp. Wànte Firawna dëgëral xolam, bañ leen a bàyyi ñu dem. Waaye li wér mooy, Yàlla moom, lu mu wax def ko.

Bi loolu amee kon, Yàlla ne ñoom Musaa:

"*Weer wii dina doon ci yeen weer wi jiitu ci weer yi, di weer wi jëkk ci at mi. Waxleen ak mbooloom Israyil mépp, ne leen: 'Ci fukkeelu fanu weer wii, na boroom kër gu nekk jël ab gàtt, kër gu nekk ak gàttam. Su fekkee kër ga dafa tuuti cib gàtt, nañu ko séddoo ak dëkkandoo bi leen gën a jege, xayma ko ci ni nit ñi tollu.*

*Nangeen tànn gàtt bi, mu dëppoo ak li ku nekk mën a lekk. Tànnleen kuuy walla sikket, mu foq benn te* ***amul sikk****. Ngeen denc ko ba ci fukkeelu fan bi ak ñeent ci weer wii. Bu keroogee, li dale ci ngoon, ba jant bi so, na mbooloom Israyil mépp ànd reyandoo seeni gàtt. Gannaaw loolu* ***nañu jël ca deret ja, taqal ko ci ñaari jën yi séq buntu kër gi, ak ci njëwal bunti kër, yi ñuy lekke gàtt yi.*** *...Guddi googu, man Aji Sax ji dinaa jaar ci biir réewu Misra te dinaa fàdd taawi réewu Misra yépp, dale ko ci nit ñi ba ci mala yi, te it dinaa bugal yàllay Misra yépp. Deret ji nekk ci kër, yi ngeen dëkk nag, dina doon xàmmeekaay ngir yeen.* ***Bu ma gisee deret ji, dinaa leen teggi, ba menn musiba du leen laal, bu may fàdd réewum Misra.*** *Bés boobu pàttaliku lay doon ci yeen, ngeen di ko màggal.'*" **(Ex 12:2-7; 12-14**)

Noonu la Paag, maanaam "**saraxu bésu Teggi ba**" sosoo. Yàlla ne gaayi Israyil, na bés boobu doon pàttaliku ci yeen, ngeen di ko màggal. Ci sarax boobu la Yàlla jaare goreel bànni Israyil ci seenug njaam. Ñoom, mënuñu woon génne seen bopp ci njaam googu, waaye Yàlla amoon na pexe. Pexe mi moo doon **xar mu sikkul** mi leen Yàlla santoon ñu rendi ko, diw deret ja ci bunti kër ya. Noonu malaakam yàqkat mi rey taawi Misra te **teggi leen**. Booba la leen Firawna génne ñu dem. Kon ci loolu, mel na ne dañu dee woon te léegi dekki nañu, wóor na leen ne mucc nañu ci Firawna. Yàlla ne woon na leen, **bésu pàttaliku** lay doon ci yeen. Moo waral ba léegi ñuy fàttaliku bés boobu ci xew mii ngeen gën a xam ci **Paag**.

Mbokki déglukat yi, ci xewum pàttaliku moomu, di **Paag,** ca la Yeesu dekki woon. Kon day misaal rekk ne, Yeesu moo di **saraxu bésu Teggi** bi Yàlla tànn. Gannaaw ba Yeesu deewee, dekki na ngir biral ne, képp ku ko gëm, boo deewee it, benn bés dinga dekki ni mu dekkee tey dund ba fàww.

Kon gannaaw ay junniy at, li yonenti Yàlla yi di Daawuda ak Ose yégle woon ci ndekkitel Musalkatu àddina si, lépp ame na noona. Ñetti fan gannaaw ba ñu robee Yeesu, jigéen ñu daan ànd ak Moom dem ca bàmmeel ba. Noonu, ñu fekk suuf yëngu ndax li benn malaaka wàcce asamaan, béraŋ doj, wa uboon bàmmeel ba.

Noonu Kàddug Yàlla nee na:

[Bi jigéen ñi agsee], *ñu fekk ñu béraŋ doj wa uboon bàmmeel ba. Ñu dugg ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewu Boroom bi Yeesu. Noonu, ba ñu nekkee ak seen njaaxle, am na ñaar ñu leen feeñu, sol yére yuy melax. Jigéen ña am tiitaange ju mag, daldi dëpp seen jë ci suuf. Waaye ñu ne leen:* ***Lu tax ngeen di seet kiy dund ci biir néew yi? Nekkatu fi; dekki na!*** *Fàttalikuleen la mu leen waxoon* [ne:] *Fàww ñu jébbal Doomu nit ki bàkkaarkat yi, ñu rey ko ci bant,* ***mu dekki ca ñetteelu fan ba****.* **(Lu 24:3-7**)

Noonu la Yeesu wonee ne moo daan dee! Yeesu moo ëpp kàttan dee. Yeesu def na la mu waxoon Yawut ya ba mu naan leen: "*Daaneelleen kër Yàlla gii, **ma daldi koy yëkkati ci ñetti fan**.*" (**Yow 2:19**) Kër Yàlla gi ko taxoon di wax, du woon am taax mu loxoy nit defar, yaramam a ko taxoon di wax. Ci dëgg, Yeesu mooy ki mu teg boppam. Maanaam Musalkatu àddina si. Su Yeesu nootul woon dee, nan lay mën a musale ñeneen ñi ci dooley dee ak bàkkaar ak safara? Xalaatal ci loolu!

Moo tax ndekkitel Yeesu nekk bànneex bu réy ci ñi ko gëm ndaxte ndam la. Dafay wone ne benn bés itam, Yeesu dina dekkal ñi ko gëm ñépp. Ndekkite li mooy firndeel ne ñi gëm Yeesu am nañu mucc gi. Yàlla nangu na saraxu yaramu Yeesu. Gannaaw ba Yeesu nee: **Lépp mat na!** Yàlla ne na: **Amiin!** jaarale ko ci ndekkitel Yeesu!

Kon yaw miy déglu, xamal ne boo gëmee saraxu Yeesu, dina la dekkal bés, ni mu dekkee moom ci boppam. Kàddug Yàlla biral na ko naan:

"*Ci mbirum ñi nelaw nag mbokk yi, bëgguma ngeen réere mbir ba tiis ni aji gëmadi yi amul jenn yaakaar. Ndegam gëm nanu ne, Yeesu dee na te dekki, noonu it Yàlla dina indaale ak Yeesu ñépp ñi ko gëm te nelaw.*" (**1Tes 4:13,14**)

Xam ngeen ne ñu baree ngi teg seen bopp ay musalkat, di wax ak a def lépp ngir nit ñi wóolu leen, topp leen. Waaye mënuñu def li ñuy dige. Ana kan ci ñoom moo dee te dekki? Seen ëllëg sax wóoru leen ndaxte amuñu dooley noot bàkkaar ak dee. Kàttanu dee moo sut seen bos, ndax bu ñu deewee, dees na leen suul, ñu des ci seeni bàmmeel ba keroog bésu àtte ba. Yeesu nag moom, dee na ni mbotem **saraxu bésu Teggi** ba di **Paagu** Aji Sax ji, ñu suul ko, mu noot kàttanu dee, dekki ca ñetteelu fan ba! **Kenn mësul a gis lu ni mel!** Ci biir yonent yi sax, mësu cee am ku dee, ñu suul ko, mu dekki! Waaye Almasi bi Yeesu moom daan na dee ak bàmmeel! Noot na bàkkaar ak Seytaane ak barsàq! Kon na la wóor ne, mooy Musalkatu àddina. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

"***Mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce!***" (**Jëf 4:12**)

Waaw, yaw miy déglu, **ndax gëmuloo yonent yi?** Xam naa ne gëm nga yonent yi. Waaye du la jariñ dara soo gëmul li ñu wax ci Musalkat bi Yeesu. Gëmal li yonent yi wax ci ki Yàlla yónni, lu ko moy sa ngëm day neen. Kàddug Yàlla wax na ne:

"***Soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko, dinga mucc.***" (**Ro 10:9**)

Kon nag jërëjëf ci déglu bi ba beneen yoon. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li malaaka ya waxoon jigéen ña ne: "***Lu tax ngeen di seet kiy dund ci biir néew yi? Nekkatu fi; dekki na!***" (**Lu 24:5,6**)

# 104 Mu ngiy dund

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu, nuyoo bi gën a tedd fii ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Am nanu mbégte ci li ngeen fullaal emisyoŋ bi, ba di ko déglu ak teewlu gu mat. Loolu, seeni bataaxal firndeel nañu ko. Kenn ku nekk ci yeen nu ngi koy delloo njukkal.

Su ngeen koy fàttaliku, gisoon nanu fi ni Yeesu firndeele woon ne dee woon na. Waaye deewul woon yem ca. Dafa dekki ñetti fan gannaaw ga ngir firndeel ne Yàlla nangu na saraxu yaramam. Noonu, képp ku gëm Yeesu dinga am dund gu dul jeex gi te mu dekkal la bés, ni mu dekkee woon moom ci boppam. Xarit yi nuy déglu, Wolof Njaay dafa ne: *Suuxlu mbër, làng ak moom a ko gën, muy bëre di daan ngay ree.* Yeesu mooy **mbërum** Yàlla mi, te Yàlla moom du am mbër muy daanu, mukk!

Mbokk yi nuy déglu, loolu moo tax nu fas yéene waxtaan tey ci li xewoon gannaaw ba Yeesu dekkee. Booba, jigéen ña seeti woon bàmmeel ba, gisoon nañu fa ñaari malaaka yu leen wax ne:

"*Lu tax ngeen di seet kiy* ***dund*** *ci biir néew yi?* ***Nekkatu fi; dekki na!*** *Fàttalikuleen la mu leen waxoon, ba mu nekkee Galile. Ne woon na: Fàww ñu jébbal Doomu nit ki bàkkaarkat yi, ñu rey ko ci bant,* ***mu dekki ca ñetteelu fan ba****.*" **(Lu 24:5-7)**

Noonu la jigéen ñooñu, di Maryaamam Magdala, Sànn, ak Maryaama yaayu Saag, deme nettaliji mbir yi Taalibe Yeesu ya. Waaye ñu teg wax yooyu ay gént, ba gëmuñu leen.

Ci kaw loolu nag, Kàddug Yàlla ne:

"*Ca bés boobu, ñaar ci taalibe yi di dem dëkku Emayus, te mu sore Yerusalem ci lu mat fukki kilomet. Ñuy waxtaane li xewoon lépp. Bi ñuy waxtaan ak a sotteente xalaat, Yeesu ci boppam dab leen, ànd ak ñoom, fekk seeni bët muuru, ba mënuñu ko woon a xàmmee. Yeesu ne leen: Lan ngeen di waxtaane nii ci yoon wi? Noonu ñu taxaw, seen xol jeex. Kenn ci ñoom, ki tudd Këleyopas, ne ko: Xanaa yaw rekk yaa ñëw Yerusalem te umple li fi xewoon ci fan yii? Yeesu ne leen: Lu fi xew? Ñu tontu ko ne: Mbirum Yeesum Nasaret. Ab yonent la woon bu doon def ay jëf yu mag, di wax ay kàddu yu am doole, ci kanamu nit ñi ak ca kanamu Yàlla. Waaye sunuy sëriñ su mag ak sunuy njiit ñoo ko jébbal nguur gi ngir ñu àtte ko, teg ko dee, ba daaj ko ci bant. Nun nag danoo yaakaaroon ne, mooy kiy nar a jot Israyil. Waaye bi loolu xewee ak léegi, tey la ñetteelu fan bi. Teewul nag am na ay jigéen ñu bokk ci nun ñu nu jaaxal. Dañoo fajaru ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewam. Ñu dellusi, nettali nu ne, ay malaaka feeñu nañu leen, yégal leen ne,* ***mu ngi dund****. Ñenn ci sunu àndandoo yi dem nañu ca bàmmeel ba, fekk lépp mel, na ko jigéen ña waxe woon. Waaye moom gisuñu ko.*

*Noonu Yeesu ne leen:* ***Yeen daal, yeen a ñàkk xel, te seen xol yeex a gëm li yonent yi yégle woon! Xanaa du Almasi bi dafa waroon a daj boobu coono te dugg ci ndamam?*** *Noonu mu tàmbalee ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent yépp, tekkil leen li Mbind mi wax lépp ci ay mbiram.*

*Bi ñuy jub dëkk ba ñu jëmoon nag, Yeesu def ni kuy jubal yoonam. Waaye ñu téye ko, ne ko: Toogal fii ci nun, ndaxte jant baa ngiy so, te léegi mu guddi. Noonu mu dugg, toog ca ñoom. Bi ñu tàmbalee di reer, Yeesu jël mburu ma, gërëm Yàlla, ba noppi damm ko, jox leen ko. Bi mu defee loolu, lépp leer ci seeni bët, ñu daldi ko xàmmee. Waaye Yeesu ne mes, gisatuñu ko. Noonu ku nekk naan sa moroom: Ndax sa xol seddul woon, bi muy wax ak nun ci yoon wi, tey tekki Mbind mi*?

*Ñu daldi jóg ca saa sa, dellu Yerusalem, fekk fa* [seen yeneen àndandoo ya]. *Ñooñu ne leen: Dëgg la, Boroom bi dekki na, te feeñu na Simoŋ! Ñaari taalibe ya ñoom it, daldi leen nettali la xewoon ca yoon wa ak ni ñu xàmmee Yeesu bi mu dammee mburu ma. Bi ñaari taalibe ya dee wax noonu, Yeesu taxaw moom ci boppam ci seen biir, ne leen: Na jàmm wàcc ci yeen. Ñu daldi tiit, foog ne dañoo gis njuuma. Waaye Yeesu ne leen:* ***Lu tax ngeen jaaxle, ak lu tax ngeen di xel-ñaar ci seen xol? Xoolleen samay loxo ak samay tànk. Man mii la. Laalleen ma te xam, njuuma amul yaram walla ay yax, ni ngeen gise, ma am ko.*** *Bi mu leen waxee*

*loolu, mu won leen ay loxoom ak ay tànkam. Waaye ba tey mënuñu woon a gëm ndax seen mbég ak jaaxle. Noonu Yeesu laaj leen ne: Ndax am ngeen fii lu ñu lekk? Ñu jox ko dogu jën, wu ñu lakk. Mu jël ko, lekk ci seen kanam.*

*Noonu mu ne leen: Bi ma nekkee ak yeen, waxoon naa leen baat yii: li ñu bind lépp ci samay mbir ci yoonu Musaa ak ci téerey yonent yi ak ci Sabóor dafa war a am. Noonu mu ubbi seen xel ngir ñu xam li Mbind mi wax. Mu ne leen: Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ñu ko binde, te it ñuy yégal xeet yépp ci turam, dale ko ci Yerusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal leen.*" **(Lu 24:13-47**)

Bi Yeesu dekkee, yemul woon ci feeñu ñi ñu tudd ci jukki bii, di jigéen ña, ñaari taalibe ya jëmoon Emayus, Simoŋ ak fukk ak ñaar ña. Ndaxte ci diirub ñeent-fukki fan, Yeesu feeñu na leen itam ca tefesu dexu Galile, **(Yow 21:1**) feeñu na ci benn yoon lu ëpp juróomi téeméeri mbokki taalibe. **(1Ko 15:6**) Laata muy yéeg di dellu ca Baay bi it feeñu na leen, barkeel leen soog a yëkkëtiku. **(Lu 24:50**) Peeñu yooyu yépp, mënees na jàng ni ñu deme woon ci Kàddug dëgg gi.

Kon yaw miy déglu, ci sa xalaat, lu tax Yeesu feeñu ay taalibeem gannaaw bi mu dekkee? Lu tax bi mu dekkee demul ca saa sa ca kaw, fa mu jóge woon? Peeñuy Yeesu ci diir boobu nekkoon nañu ngir firndeel ne **mu ngiy dund** ni mu ko waxe woon ci Linjiil ne: "*Des na tuuti ci kanam, àddina du ma gisati; waaye yeen dingeen ma gis. **Dinaa dund,** moo tax yeen itam **dingeen dund**.*" **(Yow 14:19**) Lu mat ñeent-fukki fan, Yeesu doon na feeñu ay taalibeem ngir firndeel ne mu ngiy dund. Noonu muy waxtaan ak ñoom ci lu jëm ci nguuru Yàlla, soog a yéeg, dellu ca Baay ba. **(Jëf 1:3**) Yeesu doon na leen leeralal mbir yi tey dëfël seen xol ba ñu jekk ngir defi sas wi mu leen dénk. Maanaam yégleji mucc gi nekk ci turam. Li ko waraloon mooy booba, ay taalibeem déggaguñu woon li Mbind mi wax ci Moom ne: "Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ñu ko binde, ñuy yégal xeet yépp ci turam, dale ko ci Yerusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal leen."

Gannaaw peeñu yi Yeesu feeñu ay taalibeem ci diir boobu mu dekkee te yéegagul, am na itam yeneen peeñu yu mu feeñu ay nit. Ñuy gën a dëgëral dëgg gi di, **Yeesoo ngiy dund**. Ci misaal téere Peeñu ma nettali na nu peeñub kenn ci taalibey Yeesu ya, di Yowaana. Mu nettali ci Kàddug Yàlla ne:

"*Xelum Yàlla solu ma ci bésu Boroom bi, te noonu ma dégg ci sama gannaaw baat, bu xumb nig liit, naan: Bindal ci téere li ngay gis, te yónnee ko juróom-ñaari mboolooy ñi gëm, ca dëkki Efes, Samirin, Pergam, Catir, Sàrd, Filadelfi ak Lawdise. Noonu ma geestu, ngir seet ku doon wax ak man. Ba ma geestoo, yem ci juróom-ñaari làmpi diwlin yu wurus, gis ku taxaw ci biir làmp ya, niroo ak doomu nit. Mu sol mbubb mu gudd, takk ngeñaayu wurus ci ndiggam. Boppam ak kawaram weex tàll ni perkaal, ay bëtam di xuuy ni safara. Ay tànkam mel ni xànjar bu yànj bu ñu xelli, baatam di riir ni duusi géej. Mu yor ci loxol ndeyjooram juróom-ñaari biddéew, jaasiy ñaari boor yu ñaw di génn ci gémmiñam, xar-kanamam leer nàññ ni jantub njolloor. Naka laa ko gis,* [ma] *daanu ci ay tànkam ni ku dee. Waaye mu teg loxol ndeyjooram ci sama kaw, ne ma: **Bul ragal dara. Maay ki jëkk te maay mujj. Maay Aji Kiy Dund. Dee woon naa, waaye maa ngii di dund ba fàww**, yor caabiy dee ak ju barsàq!*" **(Pe 1:10-18**)

Waaw, Yeesu Kirist mi dekki dootul dee mukk ndax dee mënatul dara ci moom. Mu ngiy dund ba fàww, toog ca ndeyjooru Yàlla di nu fa ñaanal. Moom ci boppam waxoon na ne ni Yàlla ame dund gi, noonu la maye Doom ji, mu am dund gi. **(Yow 5:26**) Kon ni mu nu wóore ne Kirist mi dekki, mu ngiy dund noonu la nu wóore ne, ni muy dunde dinanu dunde noonu ak moom ba fàww ca Àjjana.

Bi Yeesu waxee ne, **dinaa dund, moo tax yeen itam dingeen dund**, mu ngi doon biral ne ñi koy gëm ñépp ci jamono yépp, dinañu am dund gu dul jeex gi ni mu ko ame moom ci boppam. Maanaam képp ku wékk sa yaakaar ci moom, boo deewee dinga tàbbi Àjjana. Loolu nag dëgg gu wér, gu dul dandu la te Yeesu joxe na ci firnde keroog ba ñu ko daajaalee ak ñaari defkati lu bon ca bant ba. Kenn ci ñaar ñooñu dafa gis ne bàkkaarkat la te réccu. Mu wëlbatiku ci Yeesu xam ne moo ko mën a musal. Yeesu xamal ko ne, ci kaw ngëmam googu, bu deewee dina tàbbi Àjjana.

Yaw miy déglu it, xamal ne mën nga xam bu wóor ne boo deewee tàbbi Àjjana. Xam nga bu jëkk, saraxi mala ya, Yeesu lañu doon misaal. Te ndegam Tungune du teew ñuy nataal, loolu moo tax ci mujug jamono, bi Yeesu ñëwee joxe yaramam ni sarax, ñu war a dëddu bépp saraxu mala. Fi mu ne nii, li Yàlla bëgg ci kenn ku nekk mooy ñu gëm Yeesu ni Musalkat bi am kepp. Ndaxte deretu Yeesu ji tuurul waa àddina la Yàlla di gis ci way-gëm Kirist bi ni mu gise woon deret ja ca bunti këri bànni Israyil ca Misra ba teggi leen. Moo tax ñi gëm Yeesu ni seen Musalkat duñu jaar ca àtte ba, mel ni kenn ci ñaari defkati lu bon ya ñu daajaale woon ak Yeesu ca kaw bant ba.

Kàddug Yàlla ne na:

‟*Kenn ca defkatu lu bon ya ñu wékkoon ci bant, di ko xas, naan ko: Xanaa du yaw yaay Almasi bi? Musalal sa bopp te musal nu! Waaye ka ca des yedd moroom ma, naan ko: Xanaa ragaloo Yàlla, yaw mi ñuy mbugal ni moom! Nun yelloo nanu sunu mbugal waaye moom, deful dara. Noonu mu ne: Yeesu, fàttaliku ma, boo dellusee ci sa nguur. Yeesu tontu ko ne:* ***Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii dinga texe ak man ca jetaayu Yàlla****.*” **(Lu 23:39-43**)

Dégg ngeen ko! Kon nag, yaw miy déglu tey, bul werante, kaay! Yeesu mi di dund mën na la may dund gi. Tey jii la bésu mucc gi, ëllëg mën naa fekk mu yéex. Li nga mën a def tey bul ci xaar ëllëg. Boo gëmee Yeesu, moo lay warlul Àjjana, booy dee tey di tàbbi Àjjana. Yeesu moo ko wax te firndeel ko. Yàlla ci boppam ne na; ‟*Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko*” **(Mc 17:5**) Fàttalikul ne Wolof Njaay ne na: *Suuxlu mbër, làng ak moom a ko gën, muy bëre di daan ngay ree.* Yeesu mi Yàlla tànn, mooy **mbër** mi daan dee. Mbërum Yàlla mënul woon a def lu dul daan dee. Te it Yeesu mbërum Yàlla mi, dafay daan ci bépp anam ci dund gi. Amiin! Loolu nag, xel mu dal, jàmm ju wér ak yaakaar ju sax la jural taalibe Kirist yi. Moo tax nuy bég ci sunu Musalkat bu am doole bi.

Xarit yi, fii lanuy yem ak yeen tey ba beneen yoon fii ci *YOONU NJUB*. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey walla ci meneen mbir, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu waxoon Yowaana bi mu ko feeñoo naan: ‟***Bul ragal dara!*** *Maay ki jëkk te maay mujj! Maay* ***Aji kiy Dund****. Dee woon naa, waaye* ***maa ngii di dund ba fàww!***” **(Pe 1:17,18**)

# 105 Tabaski

Mbokki déglukati emisyoŋ *YOONU NJUB*, nu ngi leen di nuyu ci seen tur ak ci seen sant, di leen gërëm ci déglu bi. Sunu mbég réy na ndax ni ngeen fullaale emisyoŋ bii di seen bos. Jot nanu bataaxal yi ngeen nu bind yépp te di yaakaar ne yeen itam jot ngeen sunuy yos. Jërë ngeen jëf, yeen rekk lanuy bége.

Tey nag danu fas yéene waxtaan ak yeen ci lii di xew mu réew mi xam lool te mu nekk aada bu yàgg. Xew moomu nag di Tabaski. Kon nu fas yéene jàng ci li Kàddug Yàlla wax ci Tabaski. Fan ak nan la Tabaski sosoo te lu tax mu am, ak it ndax lees war di def ba tey la.

Yeen ñépp, su ñu waxee Tabaski, seen xel daldi dem ci yonent Yàlla Ibraayma mi ñuy wax xaritu Yàlla. Wànte yoonu sarax, jiitu na sax yonent Yàlla Ibraayma mi tax Tabaski gën a siiw. Yonent yépp santaane nañu rendi ab gàtt li ko tàmbalee ci Aadama ba ci Kirist. Bi Aadama ak Awa daanoo ci fiiru Seytaane, ba lekk ca doomi garab ga leen Yàlla tere woon ca toolu Àjjana, def nañu li ñuy tudde bàkkaar. Moona Yàlla waxoon na bu leer ne peyug bàkkaar mooy dee. Terewul nag Yàlla ci yërmandeem, moom ci boppam mu rendi ab gàtt muy sarax ngir muur seen bàkkaar. Noonu la leen Yàlla tegtale yoonu sarax ngir defaraat seen diggante. Ndaxte Kàddug Yàlla ne na: "*...deret lañuy sellale lépp, te bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am.*" **(Yt 9:22)**

Yeen ñiy déglu, loolu kon mooy xar mi tax ñuy wax Tabaski. Sarax su ñuy lakk la daan nekk. Waaye sarax soosu amoon na matadi gu ca nekkoon. Mooy ne, at mu nekk dañu ko waroon a defaat. Ndegam matul woon, kon lan la ci Yàlla jublu woon? Li ci Yàlla jublu woon mooy misaal Mbote mu mat sëkk mi waroon a ñëw te dee benn yoon ba fàww. Misaal moomu sax mu ngi gënoon a leere ci sunu jamonoy maam Ibraayma ak nattu ba ko Yàlla doon nattu ca doomam ja di Isaaxa.

Gannaaw ba Ibraayma a Saarata jabaram séyee lu yàgg lool te amuñu doom ñoom ñaar, Yàlla mujj leen may doom ji mu leen digoon bu yàgg. Saarata am doom ju góor cig màggatam, muy Isaaxa. Ibraayma ak soxnaam bég lool ci doom ji leen Yàlla may. Am bés nag, Yàlla defloo Ibraayma lu doy waar la te metti. Tawreet a ngi nu koy nettali naan:

"*Amoon na bés, Yàlla doon nattu Ibraayma, mu ne ko: Ibraayma! Mu tontu ne: Maa ngii. Yàlla ne ko: Jëlal sa doom Isaaxa, jenn ji nga am te nga bëgg ko, nga dem ca réewu Morisa ca tund wa ma lay wax, joxe ko fa, mu nekk sarax su ñuy lakk.*" **(Ge 22:1,2)**

Mbir mu doy waar a ngi noonu. Lan la Yàlla bëggoon Ibraayma def ko? Dafa ko sant, mu jël doomam ji mu xaaroon ñaar-fukki at ak juróom, te bëgg ko lool, mu yóbbu ko ciw tund, rendi ko fa ni sarax su ñuy lakk! Ndax mënees na dégg loolu?

Waaye, nan la Ibraayma tontoo Yàlla? Moom daal werantewul ak Yàlla. Dafa daldi jóg rekk di dem te xamagul sax fan la jëm. Kàddug Yàlla ne na:

"*Noonu Ibraayma jóg ci suba teel, takk mbaamam, ànd ak ñaari surgaam ak doomam Isaaxa. Mu xar Macë ma ngir sarax su ñuy lakk, daldi jóg, jëm fa ko Yàlla wax. Ca ñetteelu fan ba Ibraayma daldi xool, séen bérab ba fu sore.*" **(Ge 22:3,4)**

Diirub ñetti fan nag, Ibraayma ak doomam ak ñaari surga ya, di dox, jëm ca tund wa. Xolu Ibraayma fees, bi muy jege bérab ba. Li ko Yàlla santoon, nattu bu tàng te metti la woon. Waaye du woon dara lu dul ngir wone fu ngëmam tollu. Wànte booba, Ibraayma moom xamul woon ne loolu nattu la!

*Ba ñu àggee ca bérab ba ko Yàlla wax, Ibraayma dajale ay doj ngir defar rendikaayu sarax; mu riime ca matt ma, daldi yeew Isaaxa doomam, teg ko ci kaw rendikaay ba. Ibraayma tàllal loxoom, daldi jël paaka ba, ngir rendi doomam. Waaye malaakam Boroom bi tollu ci asamaan woo ko, ne ko: "Ibraayma!" Mu tontu*

*ko: "Maa ngii!" Malaaka ma ne ko: "Bul jëmale sa loxo ci waxambaane wi; bu ko def dara, ndaxte léegi xam naa ne, ragal nga Yàlla, ci li nga ma gàntuwul sa jenn doom ji nga am!"*

*...Ibraayma geestu, gis ci gannaawam kuuyum xar, mu béjjén ya lonku ci as ngarab. Ibraayma dem, daldi jël kuuy ma, joxe ko, mu wuutu doomam, nekk sarax su ñuy lakk. Noonu Ibraayma tudde bérab boobu: Yawe-Yire. Liy tekki:* ***Boroom bi dina ko indi.*** **(Ge 22:4-14**)

Mbokki déglukat yi, dégg nanu ni Yàlla tege woon dee Isaaxa doomu Ibraayma, ak gannaaw gi, ni mu ko musale ci dee ci yiwam. Kàddug Yàlla ne na nun ñépp a ngi mel ni doomu Ibraayma jooju. Maanaam ay bàkkaarkat lanu, te yeyoowunu lu dul àtteb Yàlla. Waaye Yàlla sopp na nu, ba wallusi nu ak pexem mucc mi. Lan mooy pexem mucc moomu? Nettalib Tabaskee nuy won ne, yoonu mucc, wi Yàlla tëral, mooy yoonu Sarax su mat sëkk si.

Gis nanu it ci nettali bi, ni Yàlla indee am xar, mu deewal doomu Ibraayma. Xar ma sikkul, der ba foful. Ci as ngarab la béjjén ya lonku woon. Su xar ma amoon benn sikk nag, dootul mat ba mën a wuutu doomu Ibraayma ci kaw rendikaay ba. Kon sarax si Yàlla indi woon, xar mu mat la woon.

Yeen a ngiy fàttaliku gannaaw ba Aadama ak Awa bàkkaaree te Yàlla dogaloon ne: Ndegam peyug bàkkaar mooy dee, mbaalug bàkkaar du am, su deret tuuruwul. Kon, képp ku bëggoon ñu baal ko ay bàkkaaram, dafa waroon a def saraxu mala mu sikkul. Mu rendi ko, jébbal ko Yàlla ni sarax su ñuy lakk. Noonu la mala, ma amul genn tooñ di deewe, wuutu tooñkat ba. Noonu rekk la Yàlla mënoon a baale doomi Aadama yi seeni bàkkaar, te wéy ci njubteem. Lu ko moy, dootul nekk Aji jub.

Noonu Yàlla jëfandikoo ay yonent yu daan yégle ñëwu Musalkat boobu. Yonent Yàlla Esayi waxoon na ne xarum sarax su mat sëkk si, bés bu ñëw te dees na ko fitnaal, dóor ko, gaañ ko, jam ko te rey ko ndax sunuy bàkkaar. Te it mbugal gi nu may jàmm ci moom la dal. Kooku nag, mooy **Rammukat**, bi **xar ma** dee woon ci palaasu Isaaxa doon misaal. Mu war a ganesi àddina, dee ci palaasu bàkkaarkat yépp, ngir Yàlla mën a baal képp ku ko gëm.

Naka noonu, gis nanu ne, li xewoon ak Ibraayma, nattu bi ko daloon ci Isaaxa, ak kuuy ma wuutu doomam, ay misaal lañu woon, di takkandeer ci **Mbote** mu mat sëkk mi naroon a ñëw, deewal bàkkaarkat yi. Moo tax Kàddug Yàlla naan:

*"Yoonu Musaa wi dafa misaal xéewal yi waroon a ñëw; takkandeer la ci yëf yu dëggu yi, waaye du ñoom ci seen bopp. Looloo tax mënul a yeggale ci mat gi ñi ñëw ci Yàlla, ndaxte at mu nekk duñu jóg ci jébbal Yàlla sarax yooyu.* ***Sarax yi ñuy def, bu ñu mënoon a sellal ñiy jaamu benn yoon ba fàww, kon dinañu leen bàyyi, ndaxte dootuñu am yeraange ci seeni bàkkaar.*** *Waaye dañuy fàttaliku bàkkaar yi ci sarax yi ñuy def at mu jot. Ndaxte deretu yëkk yi ak ju sikket yi mënuñoo dindi bàkkaar yi. Looloo tax bi muy wàcc àddina, Kirist nee na: Bëggoo saraxu mala walla beneen sarax, waaye aw yaram nga ma defaral. Sarax yu ñuy lakk walla sarax yiy dindi bàkkaar yi, benn neexu la ci. Moo tax ma ne: Damaa wàcc ngir def sa coobare, yaw Yàlla, mu dëppoo ak li ñu bind ci sama mbir ci téereb yoon wi. Wax na bu jëkk: Saraxi mala walla yeneeni sarax, sarax yu ñuy lakk walla sarax yiy dindi bàkkaar, bëgguloo leen te benn neexu la ci. Teewul yoon wi moo leen santaane. Noonu mu tegaat ca ne: Damaa wàcc ngir def sa coobare.*

*Noonu toxal na jëfin wu jëkk wa, ngir wuutal fi weneen wu bees.* ***Te ci li Kirist def coobareg Yàlla, bi mu joxee yaramam sarax benn yoon ba fàww, moo tax nu sell ci bàkkaar.*** *Bés bu nekk sëriñ si dañuy taxaw di liggéeyal Yàlla, di sax ci def sarax, yu mënul a dindi bàkkaar yi mukk. Waaye nag sëriñ bii di Kirist, bi mu saraxee sarax bu am doole ngir dindi bàkkaar yi benn yoon ba fàww, dafa toog ca ndeyjooru Yàlla, di xaar ba kera mu daaneel ko ay noonam ci kanamam."* **(Yt 10:1-13**)

Xarit yi nuy déglu, lii lépp am na solo te war ci bàyyi xel. Ndaxte li wér te leer mooy, deretu mala mënul woon a nekk peyug bàkkaaru nit ba fàww. Misaal rekk la woon, mu waroon a dakk benn bés ndaxte mala ak

nit yemuñu maanaa. Mbir mi am na fu mu waroon a yem. Moo tax yonent Yàlla Ibraayma ne woon: "**Boroom bi dina ko indi.**" Cig yonentam kon, Yàlla wonoon na Ibraayma liy ñëw. Muy yégle li naroon a xewi ca tund, wa xar mi wuutoo doomam, Isaaxa. Ndaxte kat, warees na cee xalaat. Su fekkee ne keroog Yàlla indi woon na am kuuy, ba Ibraayma rendi ko ci palaasu doomam, lu tax nag mu ne, **Boroom bi dina ko indi?**

**Waaw,** lan la Boroom bi waroon a indeeti? Li Boroom bi waroon a indi mooy, Mbote mu mat sëkk mi. Mbote mu sikkul mi wàññikuwul, la doon yégle booba. Mu sant Yàlla ci li mu ko indil xar, mu wuutu doomam ci rendikaay bi. Wànte muy gërëm Yàlla it ci li mu nar a indi Mbote mu mat mi, benn bés ci tund woowu, muy sarax su gën saraxu xar mi musal doomam Isaaxa. Sarax si Yàlla war a indi, su am doole lay nekk ngir musal nit ci dee ak ci safara. Xabaar bu baax, bi Ibraayma doon yégle mooy: **Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi ngir sarax si benn yoon ba fàww.** Noonu, kenn dootul soxla rendi ay saraxi mala at mu nekk.

La yonent Yàlla Ibraayma ak yeneen yonent yi gisoon ci mbirum Mbote mu mat mi daldi agsi. Yàlla wàccee na yërmandeem ci benn janq bu mësul a séy. Janq ba ëmb, jur doom ju góor, ñu tudde ko Yeesu. Kon Musalkat bi juddu na ca Betleyem. Mbotem Yàlla mi ñëw na. Wolof Njaay nag nee na: "*Tungune du teew ñuy nataal.*" Xar ma wuutu woon doomu Ibraayma, ka mu doon misaal ñëw na, mooy Yeesu Musalkat bi. Yonent Yàlla Yaxya mi ko jiitusi woon di ko xàllal yoon wi, benn bés gis na Yeesu muy ñëw, mu ne ay taalibeem: "*Xoolleen, kii mooy* ***Mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina****.*" **(Yow 1:29**)

Gannaaw gi, Yeesu Kirist ci boppam ne woon na, dina dee ni xarum sarax, ngir fey bàkkaari àddina. Noonu mu jébbale boppam, ñu daaj ko ca bant ba, ca tund woowee xar ma wuutoo woon Isaaxa. Loolu la xarum Ibraayma ma doon misaal. Takkandeer la woon ci Musalkat, bi Yàlla dige woon ngir musal bàkkaarkat yi ci àtteem bu jub bi! Loolu dafay wone mbëggeelu Yàlla ci doom Aadama yi. **Yàlla Aji Mbëggeel la.** Mooy turam wi ñu bare di wut guddeek bëccëg, ci seen xam-xam yu réy yi te mënuñu koo gis, mënuñu koo nànd sax, te li leen tënk, muur seen xel moo di deewu Kirist gi ci rax. Moo tax Kàddug Yàlla ne: "*...yégleb deewu Kirist ca bant ba, ag ndof la ci ñiy sànku. Waaye ci nun ñi aw ci yoonu mucc gi, dooley Yàlla la.*" **(1Ko 1:18**)

Yaw miy déglu tey, ndax gëm nga ne, mbugal gi lay may jàmm ci Yeesu miy Mbotem Yàlla la dal? Moo tax Yeesu ne: 'Ñëwleen ci man, gëmleen ma te dinaa leen may noflaay. Képp ku ma gëm doo jaar ca àtte ba ndaxte àtte nañu ma ci sa palaas. Ni xarum Ibraayma ma deewe woon ci palaasu Isaaxa, noonu laa deewe ci sa palaas.' "*Kon gëmal Yeesu Boroom bi, kon dinga mucc.*" **(Jëf 16:31**)

Mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey. Li wóor mooy tey dégg ngeen ci mbirum Tabaski lu bokkul ak ni ngeen ko xame woon. Kon su ngeen amee laaj bind leen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Saraxi mala yi dañu doon misaal xéewal yi waroon a ñëw; ... waaye du ñoom ci seen bopp. Ndaxte deretu*** **[mala yi]** ***mënuñoo dindi bàkkaar yi.***" **(Yt 10:1,4**)

## 106  Dimbalikat bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg tey topp yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér jiy bawoo ci Moom rekk. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Xarit yi nuy déglu, ma laaj leen: <u>Ndax nit mën naa dund ba abadan?</u> Xam naa ne seen tont mooy: **déedéet!** Waaw, lu tax nag bi Yeesu di waaj a dellu asamaan mu ne woon ay taalibeem: "***dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat, buy nekk ak yeen ba abadan.***"? **(Yow 14:16**) Ngir leeral loolu moo tax sunu njàngum tey tudd **Dimbalikat bi**. Kon tey dinanu gëstoondook yeen ci **ni Yeesu tegtale Dimbalikat** bi ak **ni ko Yàlla sottee ci taalibey Yeesu ya**.

1. Noonu am bés Yeesu ne ay taalibeem:

"*Buleen jàq. Gëmleen Yàlla te gëm ma. ...Bu ngeen ma bëggee, dingeen topp sama ndigal. Te dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen* ***Dimbalikat****, buy nekk ak yeen* ***ba abadan****. Kooku mooy Xelu Yàlla, mi yor dëgg gi. Àddina du ko mën a nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yeen xam ngeen ko, ndaxte mu ngi dëkk ak yeen te dina nekk ci yeen. Duma leen bàyyi ngeen wéet. Dinaa dellusi ci yeen. Des na tuuti ci kanam, àddina du ma gisati; waaye yeen dingeen ma gis. Dinaa dund, moo tax yeen itam dingeen dund. Bu keroogee, dingeen xam nag ne, nekk naa ci sama Baay, yeen it nekk ngeen ci man, te maa ngi nekk ci yeen. Ki ma bëgg, mooy kiy nangu samay ndigal te di ko topp. Ku ma bëgg, Baay bi bëgg la, te man dinaa la bëgg, di la feeñu... Ku ma bëgg dina sàmm sama kàddu. Sama Baay dina ko bëgg te nun dinanu ñëw ci moom, te dëkk ci moom. Ku ma bëggul doo sàmm sama kàddu. Li may wax nag, jógewul ci man, waaye mi ngi soqikoo ci ki ma yónni.*

*Lii dama leen koy wax ci bi may nekk ak yeen. Waaye Dimbalikat, bi leen Baay bi di yónnee ci sama tur, muy Xelam mu Sell, dina leen jàngal lépp, di leen fàttali li ma leen waxoon lépp. Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina mënul a joxe. Buleen jàq, buleen tiit.*" **(Yow 14:1,15-21,23-27**)

Xarit yi nuy topp ci emisyoŋ *YOONU NJUB*, noonu la Yeesu dëfële xolu taalibe ya, jox leen ay tegtal ci **Dimbalikat bi.** Muy lu am solo te ku nekk war ko dégg, ndaxte ñu baree ngiy dëngal li Yeesu wax. Ñuy jàngale ne, dikku beneen yonent la Yeesu doon yégle fii. Waaye tegtal yi Yeesu joxe ci Dimbalikat bi, leer na nàññ. **Dimbalikat bi**, du nit te mënul woon a nekk nit sax.

Kon kan mooy Dimbalikat boobu? Yeesu moom ci boppam waxoon na nu ki mu doon. Nanu dégluwaat li mu waxoon ci mbiram. Mu ne: Dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat, buy nekk ak yeen <u>ba abadan</u>. Kooku mooy <u>Xelu Yàlla</u>, mi yor dëgg gi. Mu ne it, <u>dina nekk ci yeen</u>. Kenn mënul a teg bët Xelum Yàlla mi, waaye mënees na gis li muy def jaare ko ci taalibe Kirist yi mu dëkk ci ñoom. Mu tegati ca ne, duma leen bàyyi ngeen wéet. Waaye Dimbalikat, bi leen Baay bi di yónnee ci sama tur, muy Xelam mu Sell, <u>dina leen jàngal lépp, di leen fàttali li ma leen waxoon lépp</u>. Xarit yi, ban yonent moo fi ñëw gannaaw Yeesu te fàttali **lépp li Yeesu waxoon?** Amul!

2. Léegi nag nanu seetandoo ni loolu ame woon tembe. Maanaam ni Yàlla sottee Xel mu Sell mi di **Dimbalikat** bi ci taalibe Yeesu yi, fukki fan gannaaw ba Yeesu yéegee asamaan. Looloo ngi ame woon ci bésu Pàntakot, doon am xew ca Israyil te Yàlla digaloon leen ñu ko ciy sant ndax ngóobum pepp mi ñuy tudde lors. Waaye li nu gën a soxal ci màggalu Pàntakot ga mooy, bés boobu la Yàlla tànnoon ngir wàccee Xelam mu Sell mi ci mbooloom ñi gëm Kirist. Juróom-fukki fan gannaaw màggalu Bésub Teggi ba, di Paag la Pàntakot daan xew. Noonu, Yàlla dogal na wàccug Xel mu Sell mi juróom-fukki fan gannaaw ndekkitel Yeesu.

Léegi nanu déglu li ci Kàddug Yàlla wax. Mu ne:

*Bi loolu amee,* [taalibey Yeesu ya] *jóge ca tund, woowu ñuy wax: tundu Oliw ya, te mu dend ak Yerusalem*

*lu tollook kilomet, ñu daldi dellu Yerusalem. Bi ñu dikkee, ñu yéeg ca néeg, ba sut ca taax ma, fa ñuy dal. Ñoo doon Piyeer, Yowaana, Saag ak Andare, Filib ak Tomaa, Bartelemi ak Macë, Saag doomu Alfe, ak Simoŋ mi bokkoon ci mbooloo mi ñuy wax: Ñi farlu ci moom seen réew; ak Yudaa doomu Saag. Ñoom ñépp ñoo bokk menn xel, di wéy ci ñaan ci Yàlla, ànd ak jigéen ñi ak Maryaama, ndeyu Yeesu, ak rakki Yeesu yu góor.* **(Jëf 1:12-14**)

*Bi bésu màggalu Pàntakot agsee, ñoom ñépp booloo nañu ci benn bérab. Ca saa sa riir jollee asamaan, mel ni ngelaw lu gaaw te bare doole, daldi fees dell kër, ga ñu toog. Te ay làmmiñ, yu mel ni safara, feeñu leen, ñu tasaaroo ci seen biir, toŋ ca kaw kenn ku nekk. Noonu ñu fees ak Xel mu Sell mi ñoom ñépp, ñu daldi wax yeneeni làkk, ni leen Xel mu Sell mi maye, ñu wax ko. Fekk booba amoon na ay Yawut, yu daloon Yerusalem, doon ay nit ñu ragal Yàlla te bokk ci xeeti àddina yépp. Bi nit ñi déggee riir ma nag, ñépp dajaloo, daldi waaru ci li ñu leen dégg, ñuy wax ku nekk sa làkk. Ñu waaru te yéemu naa: Gisleen, ñiy wax ñépp, ndax duñu waa diiwaanu Galile? Naka la man a ame nag, nu di leen dégg, kenn ku nekk ci nun, ñuy wax ci sa làmmiñ, wi nga nàmp? Nun ñi ay Pàrt, waa Medi ak waa Elam, nun ñi dëkk Mesopotami, réewu Yawut yi, Kapados, Pont ak Asi, di waa Firisi, Pamfili, Misra ak weti Libi, yi dend ak Siren, nun ak gan ñi jóge Room, Yawut yi ak ñi tuub ci yoonu Yawut yi, waa Kereet ak Araab yi, nun ñépp nu ngi leen di dégg, ñuy yégle màggaayi Yàlla ci sunuy làkk! Noonu ñépp waaru, ba jaaxle lool, ñuy waxante ci seen biir ne: Lii lu muy tekki? Waaye ñenn ñi di leen ñaawal ne: Waay! ñii dañoo màndi ak biiñ.*

*Ci kaw loolu Piyeer taxaw, ànd ak fukki ndaw ya ak benn, mu wax ci kaw, di yégal mbooloo ma ne: Mbokki Yawut yi ak yeen ñépp ñi dëkk Yerusalem, dégluleen bu baax te xam lii ma leen di wax! Nit ñii màndiwuñu, ci ni ngeen ko fooge, ndaxte nu ngi ci yoor-yoor rekk. Waaye lii mooy li Yàlla waxoon, jaarale ko ci yonentam Yowel ne: Yàlla nee na: Ci bés yu mujj yi, dinaa tuur ci sama Xel ci kaw nit ñépp; seen xeet wu góor ak wu jigéen dinañu wax ci kàddug Yàlla... Booba nag ku woo Boroom bi ci aw turam, dinga mucc!*

*Yeen mbokki Israyil, dégluleen wax jii! Yeesu mi dëkk Nasaret, nit la woon, ku Yàlla dëggal ci seen kanam ciy kéemaan, ay jaloore ak firnde, ya Yàlla defoon jaarale ko ci moom ci seen biir; yeen xam ngeen ko.* ***Moom nag jébbale nañu ko, jaar ci nas, bi Yàlla dogaloon te xam ko lu jiitu; te yeen rey ngeen ko ci daaj ko ci bant, jaarale ko ci loxoy bàkkaarkat. Waaye Yàlla dekkal na ko****, daggal ko buumi dee, ndaxte dee mënu ko téye.* [Yonent Yàlla] *Daawuda wax na ci mbiram ne: Saa su ne gis naa Boroom bi ci sama kanam, gannaaw mu ngi ci sama ndeyjoor, kon duma raf. Moo tax sama xol sedd, may woy sama bànneex, te it sama yaram di tëdd ci yaakaar. Ndaxte doo bàyyi sama ruu ci barsàq, te doo seetaan sa waa ju sell, mu yàqu...*

*...Mën naa leen a wax lu wóor ci mbirum maam Daawuda, ne dee na te suul nañu ko; bàmmeelam mu ngi ci nun ba tey. Waaye yonent la woon, te xamoon na ne, Yàlla digoon na ko ci ngiñ ne, dina teg ci nguuram kenn ci askanam. Kon gis na lu ñëwagul, di wax ci mbirum ndekkitel Kirist ne, bàyyiwuñu ko ci barsàq, te yaramam yàquwul. Yeesu moomu nag, Yàlla dekkal na ko; nun ñépp seede nanu ko! Yàlla yéege na ko ak ndeyjooram, te jot na ci Baay bi Xel mu Sell mi ñu dige woon, ba tuur lii ngeen gis te dégg ko. Ndaxte du Daawudaa yéeg ci asamaan, waaye moom ci boppam nee na: Boroom bi wax na sama Boroom: Toogal ci sama ndeyjoor, ba kera may daaneel say noon ci sa kanam.* ***Na bànni Israyil gépp xam bu wóor nag ne, Yeesu moomu ngeen daajoon ci bant, Yàlla def na ko Boroom ak Almasi bi****!*

*Bi ko mbooloo ma déggee, naqaru xol wu metti jàpp leen; ñu daldi ne Piyeer ak ndaw ya ca des: Mbokk yi, lu nu war a def? Piyeer tontu leen ne: Tuubleen seeni bàkkaar, te kenn ku nekk ci yeen, ñu sóob ko ci ndox ci turu Yeesu Kirist!* ***Noonu Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar, te may leen Xel mu Sell mi!*** *Ndaxte li Yàlla dige woon, yeen a ko moom ak seeni doom ak ñu sore ñépp, di ñépp ñi Yàlla sunu Boroom di woo ci moom. Noonu mu artu leen ak yeneen wax yu bare, di leen dénk ne: Rëccleen ci niti jamano ju dëng jii! Ñi nangu ay waxam nag, ñu sóob leen ci ndox, te ca bés booba lu mat limub ñetti junniy nit yokku nañu ci ñoom.* **(Jëf 2:1-41**)

Mbokki déglukat yi, Yeesu lu mu dige dina ko def. Fukki fan gannaaw ba mu delloo asamaan, tollook juróom-fukki fan gannaaw ndekkiteem, yónnee na Xel mu Sell mi di Dimbalikat bi mu dige woon. Noonu

taalibeem yépp fees ak Xel mu Sell mi ba tax, Piyeer ànd ak fit, di yégle mucc gi nekk ci gëm Yeesu Almasi bi. Bi ko mbooloo ma déggee, ñu gis ne lii du neenu neen. Ñu daldi ànd ak naqaru xol wu metti, ndaxte léegi xam nañu ne, Yeesu mi ñu xeeboon ba daaj ko cib bant, mooy Almasi, bi Yàlla dige woon bu yàgg jaare ko ciy yonentam! Moo tax keroog, ñu bare tuub nañu seeni bàkkaar, te gëm Yeesu.

Naka noonu, ñu fees ak mbég ak Xel mu Sell mi. Bésu Pàntakot boobu la Xel mu Sell miy Dimbalikat bi wàcc ci képp ku gëm Kirist. Mu méngook ni ko Yeesu digee woon. Bés boobu it la mbooloom ñi gëm Kirist sosu. **Xel mu Sell mi mënul woon a nekk nit.** <u>Nit mënul a dund ba abadan!</u> Moo tax **Dimbalikat bi** Yeesuy wax mënul woon a nekk nit. Dimbalikat bi, **xel la!** Mooy Xelum Yàlla mi. Te it nanu bàyyi xel ci ne, amul ñu yelloo Xel mu Sell mi ak ñu ko yelloowul ci taalibe Yeesu yi. Te Kàddug Yàlla sax far ne na: Ku amul Xelum Kirist nag, bokkuloo ci moom. **(Ro 8:9**)

Yaw miy déglu, ndax bëgg nga am ab **Dimbalikat** bu lay taxawu ci lépp ak fépp? Xamal ne loolu mën na nekk. Waaye danga war a jëkk a nangu ne Yàlla kat ku sell la te nit di bàkkaarkat. Noonu nga nangu sa bàkkaar ci kanamu Yàlla. Nga xam itam te gëm ne Yàlla joxe na Yeesu mu dee ngir nekk sarax siy fey bàkkaari képp ku ko gëm. Gannaaw loolu, nga gëm Yeesu benn Musalkat bi mën a defaraat sa diggante ak Yàlla. Noonu dinga am dund gu dul jeex maanaam boo deewee tàbbi Àjjana. Kon boo gëmee Yeesu Yàlla dina la may Xel mu Sell mi. Te itam Xel mu Sell mi Yàlla di sol ci xolu képp ku gëm Boroom bi Yeesu moo lay juddulaat, sellal la, di la jàngal, di la dooleel, te di la gindi, "*ci lépp lu jëm ci yoonu dëgg.*" **(Yow 16:13**) Ndaxte Yàlla amul xejj ak seen. Képp ku gëm Yeesu Kirist ni Musalkat bi am kepp, dina la may Xel mu Sell mi ci saa si. Noonu dinga am dundu ndam sooy wékku ci kàttanam bés bu nekk. Ndax bëgg nga am **Dimbalikat** bu ni mel? Jar na ko am jaru ko? Amul benn werante ci ne jar na ko!

Kon nag xarit yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi, su ngeen amee ay laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Yeesu waxoon ay taalibeem ne leen: "*Bu ngeen ma bëggee, dingeen topp sama ndigal. Te dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen* ***Dimbalikat****, buy nekk ak yeen* ***ba abadan****. Kooku mooy Xelu Yàlla, mi yor dëgg gi*." **(Yow 14:15-17**)

# 107  Dellusig Yeesu Kirist

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy sant Yàlla te di bég ci li nu mën a dellusi di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Xam ngeen ne, bi àpp bi Yàlla tëraloon matee, feeñal na Yeesu Musalkat bi, ni mu ko digee woon. Waaye maam ya daaj nañu ko ci bant, ba mu dee. Wànte Yàlla dekkal na ko ci ñetteelu fan ba, yéege ko ci asamaan, ni ko yonent yi yéglee woon. Nettalib dundu Yeesu weesu na bàmmeel ba, dafa wéy ba ci ni muy jógewaate asamaan, jëlsi ñi ko gëm fii ci àddina. Kàddug Yàlla dafa am bopp, am geen. Loolu moo tax tey ci mbirum **dellusig Yeesu** lanu fas yéene jàng.

Mbokki déglukat yi, ña jamonowaaleek Yeesu, amoon na ci ñu ko bañoon a gëm. Naka tey itam, am na ñu ko bañ a gëm. Ñu dem sax bay weddi ne dina dellusi. Ñii naan: aa, loolu waxi kese la waay! Ñenn ñi naan: kiy ñëw ci mujug jamono dafay jël soxna bu boobaa. Am ñeneen nag ñu naan: dootul ñëw, bu doon ñëw dikk na bu yàgg. Mbokki déglukat yi, lu wér lu ñu tibbe ci Kàddug Yàlla moo di, Yeesu ci boppam mooy kiy ñëw, du keneen. Waxoon na ko sax bi mu naan: "*Su ma leen defaralee bérëb ba dinaa dellusi jël leen ba fu ma nekk ngeen nekk fa yeen itam*" **(Yow 14:3**) Te bi mu dekkee, di feeñu ay taalibeem lu mat ñeent-fukki fan, bés dajale na leen, tàggu leen daldi yéeg, dellu asamaan, fa mu jóge woon. Noonu taalibe ya taxaw ne jàkk asamaan si di xool. Booba, ñaari malaaka ne seef, taxaw ci seen wet ne leen: "*Yeen waa Galile, lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan si? **Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan.***" **(Jëf 1:11**)

Naka ñi yaakaar ne bu Musalkat bi dellusee dafay takk soxna, dañu desee dégg ne, loolu misaal la ci diggante bi Musalkat bi am ak Mbooloom ñi gëm Kirist. Kàddug Yàlla dafa ne: "*Dama leen di fiire ak fiiraange gu jóge ca Yàlla, ndaxte dama leen bëgg a jébbal jenn jëkkër kepp, muy Kirist, ngeen set ni janq.*" **(2Ko 11:2**) Lii nag mbóotum Yàlla la. Moo taxoon ndawu Yàlla li di Pool waxoon waa Efes ne: "*Loolu ëmb na mbóot mu xóot; man maa ngi wax ci lu jëm ci Kirist ak mbooloo mi.*" **(Ef 5:32**) Li nu war a dégg ci loolu mooy ne, Kirist Yeesu ci boppam moo di dellusi. Te bu dellusee, dina jël Mbooloom ñi gëm Kirist, mi ñu misaal nib séet. Noonu Kàddug Yàlla ne na: "*Nanu bég te bànneexu te jox ko ndam li, ndaxte céetu **Mbote mi** agsi na, **séet bi** waaj na. ...Yeen ñi ñu woo ci reeri céetu Mbote ma, barkeel ngeen. ...Kàddu yii ñooy kàdduy Yàlla, di kàddu yu dëggu.*" **(Pe 19:7,9**)

Ñeneen ñiy wax ne Yeesu du ñëwati, bu doon ñëw ñëw na bu yàgg, dañu war a xam ne, Boroom bi kuy sàmm kóllëre la! Lu mu dige dina ko def, lu mu yéex yéex ci xalaatu nit. Moo tax Kàddug Yàlla ne: "*...buleen umple ne, benn bés ak junniy at ñoo yem fi Boroom bi. Li Yàlla dige, dina ko def, ... Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar.*" **(1Pi 3:8,9**)

Xarit yi nuy déglu, ndawu Boroom bi tudd Yowaana bind na ci saar wi jëkk ci téereb Peeñu ma ne:

"*Man Yowaana maa leen di bind... Na yiw ak jàmm féete ci yeen, jóge ci Yàlla, moom ki nekk, ki nekkoon démb **te di ñëw ëllëg**. Na ndam li ak nguur gi féete ak Yeesu Kirist ba fàww, moom mi nu bëgg te yiwi nu ci sunuy bàkkaar ak deretam ji tuuru, te def nu ay buur, nuy jegeñ Yàlla Baayam, di ko jaamu. Amiin. **Gisleen, mu ngi ñëw ci niir yi, te ñépp dinañu teg seeni bët ci moom, ba ci ñi ko jam sax.** Te xeet yi nekk ci kaw suuf yépp dinañu jooy ndax moom! Waaw! Amiin! Boroom bi Yàlla nee na: Man Yàlla maay Alfa ak Omega, maay ki nekk, ki nekkoon démb, te di ñëw ëllëg, man Aji Kàttan ji.*" **(Pe 1:4-8**)

Yeen ñiy déglukat yi, waxleen ma, kan ngeen yaakaar ne moom la Kàddug Yàlla di wax foofu ne mu ngiy ñëw? Yeesu lay wax, leer na nàññ! Ki yéegoon kay moo mën a wàcc du keneen. Ana kan lañu jamoon ci wet ku dul Yeesu? Moom mooy dellusi lijjanti àddina si. Fii àddina tollu tey, xam ngeen ne soxla na ku ko mën a lijjanti. Xare yi duñu jeex, réew ak réew, nit ak nit. Yëngu-yënguy suuf yi, ak yeneen musiba ak i jëyyë yu nit mënul dara gën nañoo takkarnaase. Ay junniy junni nit di ca faatoo saa su nekk. Bés bu nekk nit am

njàqare luy xew ëllëg. Ba tax na mënunoo ñàkk a xalaat, moo, àddina day waaj a tukkeem!? Waaye nit ak xam-xam am bu réy lott na ci xam mbaa nànd xalaati Yàlla. Kenn xamul kañ la àddina di tukki. Waaye nag Yeesu joxe woon na màndarga yiy firndeel mujug jamono. Loolu lépp nag ñu ngi koy gis tey te dafay wone ne léegi Yeesu dellusi! Bi ko taalibeem ya laajee kañ lay dellusi Yeesu dafa leen ne woon:

"*Dingeen dégg ay xare ak coowi xare; wottuleen, buleen ci tiit, ndaxte loolu war na am, ...Xeet dina jóg, xeex ak weneen xeet, réew xeex ak meneen réew. Dina am ay xiif ak ay yëngu-yënguy suuf ci bérab yu bare. Waaye loolu lépp mooy ndoortel metit yi, mel ni jigéen juy matu. ...Bu loolu amee, muju jamono ji jot.*" **(Mc 24:6-9,13-14**)

Kon foofu lanu sukkandiku ngir wax ne noo ngi ci mujug jamono.

Mbokki déglukat yi, li wér mooy àddina ay doxandéem rekk lanu fi. Doxandéem nag, fexee sampu ci réewum jaambur waru ko. Bu ko jéemee, bés dina ko réccu. Lenn ci li tax Yeesu yéegoon asamaan gannaaw ndekkiteem mooy, defaral ñi ko gëm seen kër dëgg. Te su leen defaralee bérab ba ba noppi, **dina dellusi yóbbaale leen** ba fu mu nekk ñu nekk faak moom. **(Yow 14:1-3**) Kon nag yeewuleen. Kàddug Yàlla ne na:

"*...Xam ngeen bu baax jamono ji nu tollu; jamonoy yeewu jot na, ndax léegi sunu mucc gën na noo jege, ca ba nu dooree gëm. Guddi gi màgget na, bët a ngi bëgg a set. Nanu bàyyi nag jëf yu lëndëm, te ràngoo gànnaay yi nu Yàlla jox, ngir dund ci leer gi. Gannaaw nu ngi ci leer gi, na sunug dund rafet. Bunu naan sàngara ba màndi tey bànneexu; bunu njaaloo tey def i ñaawteef ak sunuy cér; bunu xuloo mbaa nuy ñeewante. Waaye gànnaayooleen Yeesu Kirist Boroom bi, te bañ a topp seen bakkan ciy bëgg-bëggam yu bon.*" **(Ro 13:11-14**)

Ci lu wér, dellusig Boroom bi gën naa jege. Dafa jamp sax! Te noonu, sunug mucc ci coono, yi àddina ëmb yépp gënati naa jege: feebar, fitnay noon, ñàkk, nattu yeek ñoom seen. Loolu lépp léegi dootul am ndaxte bu Boroom bi dellusee dina soppi sunu yaram wii ba mu mel ni bosam bi mu dekkee. Bu booba dees na dëfël xoli ñépp ñi gëm Yeesu. Moo tax ñu sunum xel dal, ndaxte: "[Yàlla] *Moo nu digal,* [nuy] *séentu bés bu tedd bi nu yaakaar, maanaa Yàlla ju màgg ji, di sunu Musalkat Yeesu Kirist, feeñ ci biir ndamam.*" **(Tit 2:12,13**) Te moom lanuy séentu. Bàyyileen xel ci ne, bu guddi màggatee, jant bu fenk a ciy topp. Kiy fenkal jant bi léegi mu agsi te mooy Yeesu.

Waaye ndax booba dina la fekk nga jekk, nekk ci leer gi? Kàddug Yàlla ne na: "*...Nanu bàyyi nag jëf yu lëndëm, te ràngoo ngànnaay yi nu Yàlla jox, ngir dund ci leer gi. Gannaaw nu ngi ci leer gi.*" **(Ro 13:12**) Ak koo mën a doon, bu fekkee sax danga bon ba foog ne soxalatuloo Yàlla, bul ñàkk yaakaar. Xamal ne Yàlla bëgg na la ba tey te joxe na Yeesu ngir musal la. Mën nga dellu ci Yàlla jaare ko ci deretu Yeesu ji tuuru ngir yaw te dinga nekk ci leer gi. Li të nit, tëwul Yàlla.

Kon yaw miy déglu, gisal nga sa bopp ne ñi bañ a nangu Yeesu, amuñu jenn yaakaar ci kanamu dee. Bu ñuy xalaat dee, seen xol dafay tiis, ñu ragal ndax xamuñu la ñuy fekki. Ñi gëm Yeesu ñoom, xam nañu la ñuy fekki, te loolu du deñ, Ki leen warlul Àjjana, kenn du jële dara lu mu moom ciy loxoom. Moo waral taalibe Kirist yi am kóolute gu tax ñu xam ne dara ak kenn mënu leen tàggale ak mbëggeelu Kirist.

"*Du ay nattu, te du njàqare, du it fitna, du xiif walla rafle, du it ay ngaañ walla jaasi sax. ...Ndax wóor na* [leen] *ne, dara mënu* [leen] *tàggale ak mbëggeelam; du dee, du dund, du malaaka yi, du seeni kilifa, du tey, du ëllëg, du boroom doole yi, du li ci kaw mbaa li ci suuf, mbaa leneen lu ñu bind; dara mënu* [leen] *tàggale mukk ak mbëggeel, gi* [leen] *Yàlla jox ci Kirist Yeesu* [seen] *Boroom.*" **(Ro 8:35,38,39**)

Ndax bëgg nga am kóolute gu ni mel? Kirist rekk a mën a joxe kóolute googu. Amul ci keneen, ndax moom rekk a dee ngir musal nit te jubale ko ak Yàlla. Xam nga, Yàlla dafa sell ba dara lu sellul mënu ko jege. Te nit dafa taq bàkkaar. Waaye Yàlla jox na la pexem tàggook bàkkaar bi dox seen diggante. Mooy pexem deretu Kirist ji tuuru ca bant ba. Kon lépp sotti na! Waruloo def dara di ca yaakaar mucc. Yàlla def na lépp bi mu

jébbalee Yeesu mu dee. Gëm ko rekk a ci des. Noonu dinga tàbbi Àjjana ni ko kàddug Yàlla waxe. Kon yaw itam mën nga am kóolute gi taalibe Yeesu yi am ci ëllëg ci kaw nga gëm Kirist, moom rekk.

Ngëmu way-gëm Kirist yi ñu wékk ci saraxu Yeesu moo tax ñu am xel mu dal te lenn rekk yitteel leen ci biir rëj-rëji àddina su nëx sii. Dañuy def seen xol ci feeñug Boroom bi. Fu ñu tollu di séentu bés bu tedd bi ñu yaakaar. Kon ak lu mën a xew, lenn rekk moo nuy soxal, lenn rekk lanuy xaar: **Dellusig Yeesu**. Moo tax nuy moytu àddina jiital nu ba nu fàtte ne mbir mi jamp na. Moom la taalibe Yeesu yu wér ya daan def. Di bëre ba ub làmbu ngëm, daw ba àkk, sàmm mboolem dëgg, gi ñu leen dénk. Te noonu Yàllaa ngi leen di xaare añu ñu jub, di kaalag ndam gi leen Boroom, biy jox ca bés ba, ñoom ak képp ku def xolam ci [dellusig] Boroom bi. **(2Tim 4:7,8**) Ñi gëm Yeesu, ci kàttanu Xel mu Sell mi lañuy bëree, du ci seen dooley bopp. Ndaxte amuñu jenn doole ak kàttan ci seen bopp. Yàllaa leen di kàttanal ba ñu mën lépp. Moo tax, lu mu yàgg yàgg duñu xàddi! Xam nañu ne li Boroom bi dige dina ko def, lu mu yéex yéex ci xalaatu nit.

Kon yaw miy déglu, fàttalikul la malaaka ya waxoon waa Galile ya ne leen ***Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci* [àddina] *ni ngeen ko gise, muy dem asamaan*. (Jëf 1:11**) Kon nag bala booba, defarul ba jekk. Ni ngay defaroo mooy nga xam ne tey jii la bésu mucc bi. Nga xam it ne muñug Boroom bi yiw la ci yaw te ëllëg wóorul ndax muñug Yàlla am na fu muy yem. Ci àddina sii rekk nga mën a ame ngëm ci saraxu Almasi bi Yeesu. Loolu kepp moo la mën a tax a mucc ci safara su dul fey mukk siy xaar ñépp ñi weddi.

Kon xarit yi, fii lanuy yem tey di leen jox dox-daje beneen yoon ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ci dellusig Yeesu ne: "**...[Bu boobaa]** ***ndigal lu jamp dina jib, baatu kilifa ci malaaka yi dégtu, liitu Yàlla jolli, te Boroom bi moom ci boppam dina wàcce ca asamaan.*" (1Tes 4:16**)

# 108 Tukkitel àddina

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngi dellu di sant Yàlla ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokk yi nuy déglu, déggoon ngeen ni Yeesu ci boppam xamle woon na dina dellusi. Te ba tey Kàddug Yàllaa ngi nuy xamal ni Almasi bi Yeesu nar a ñëwaate ci tukkitel àddina ngir àtte ñi bañ gëm xabaar bi Yeesu yégle. Mu ne:

"*...ndigal lu jamp dina jib, baatu kilifa ci malaaka yi dégtu, liitu Yàlla jolli, te Boroom bi moom ci boppam dina wàcce ca asamaan. ...keroog dina ànd ak malaakaam yu am kàttan, safara su yànj wër ko, mu feeñ ngir* <u>*mbugal*</u> *ñi ...bañ a déggal xabaar bu baaxu sunu Boroom Yeesu. Seen pey mooy alku ba fàww, ñu dàq leen fu sore Boroom bi ak ndamam lu réy*." **(1Tes 4:16 2Tes 1:7-9**)

Xarit yi nuy déglu, loolu moo tax sunu njàngum tey tudd: **Tukkitel àddina ak bésu pénc.** Xam ngeen ne, Yeesu mi dee, ñu suul ko mu dekki ca ñetteelu fan ba, yéegoon na asamaan. Noonu, dina dellusi ngir daaneel Seytaane, <u>àtte waa àddina</u>. Sunu Boroom Yeesu Kirist mooy Àttekat bu jub bi Yàlla tànn mu war a dellusi àtte àddina. Tey jii, Yeesu bëgg na nekk sa **Musalkat** te mën na ko nekk ci waxtu wii sax. Bés bi muy ñëwaat dina fekk mu yéex ndax bu boobaa àtte rekk a koy tax jóg. Kon soo toogee ba bés boobu, Yeesu sa **Àttekat** rekk lay nekk, dootul mën a doon sa Musalkat.

Dafa am bés, Yeesu doon waaree ci mbirum tukkitel àddina. Ba mu noppee, mu dem toog ca tundu Oliw ya. Noonu ay taalibeem ñëw ci moom di ko laaj kañ la loolu di am? Te lan mooy tegtale ñëwam?

Kàddu Yàlla ne:

"*Yeesu tontu leen ne: Moytuleen, bu leen kenn nax. Ndaxte ñu bare dinañu ñëw ci sama tur ne: Maa di Kirist; te dinañu nax ñu bare. Te it ñu bare ñuy mbubboo turu yonent dinañu feeñ, nax nit ñu bare. Te gannaaw lu bon day law, mbëggeelug ñi ëpp dina wàññiku. Waaye ku muñ ba ca muj ga, mucc. Noonu xebaar bu baax bii ci nguuru Yàlla, dees na ko yégle ci àddina sépp, ngir mu nekk seede ci xeet yépp. Bu loolu amee, muju jamono ji jot.*

*Booba nag, bu leen kenn waxee: Kaayleen gis, Kirist a ngi fi; mbaa: Mu nga fale; buleen ko gëm. Ndaxte ñi mbubboo turu Kirist ak ñi mbubboo turu yonent dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ñi Yàlla tànn, su loolu mënoon a am.*

*Wax naa leen ko lu jiitu. Bu ñu leen waxee nag: Seetleen, mu nga nale ca àll ba; buleen génn, mbaa ñu ne: Seetleen mu ngi nii ci biir kër gi; buleen ko gëm. Ndaxte ni melax di fàqe penku, te lerax ba sowu, noonu la ñëwu Doomu nit ki di mel. Fa médd nekk, fa la tan yiy dajee.*

*Gannaaw metitu bés yooyule nag, ca saa sa jant bi dina lëndëm te weer wi dootul leer; biddiiw yi dinañu fàq, daanu ci asamaan, te kàttani asamaan yi yengu. Booba firnde ji taxaw, Doomu nit ki feeñ ci asamaan, te xeeti àddina sépp dinañu jooy. Dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ànd ak kàttan ak ndam lu réy. Dina yónni ay malaakaam ak baatu liit bu dégtu, ñu dajale ñi mu tànn ci ñeenti xebla yi, fa asamaan dale ba fa mu yem.*

*Asamaan ak suuf dinañu wéy, waaye samay wax du wéy mukk. Ni bési Nóoyin ya, noonu lay mel, bu Doomu nit ki di ñëw. Ndaxte ca bés ya jiitu mbënn ma, nit ñaa ngi doon lekk di naan, góor ñaa ngi doon takk jabar, tey maye seeni doom, ba bés ba Nóoyin duggee ca gaal ga; xalaatuñu woon dara, ba kera ndoxum mbënn ma di dikk, yóbbu leen. Noonu lay mel ci ñëwu Doomu nit ki.*" **(Mc 24:4,5,11-14,23-31,35,37-39**)

Mbokki déglukat yi, ñu bare umplewuñu ne àddina sii dina tukki bés, te Yàlla àtte mbindeef yi. Waaye

terewul nit ñiy dunde ni mu leen neexe; faalewuñu Yàlla ak ay waxam. Am ci ñoñ, seen dëgër bopp ak seen bañ kilifteefu Yàlla tax ñu naan, lii daal léebi neen la, tukkitel àddina amul. Li am mooy, ku dee rekk la àddinaam tukki.

Ñooñu nag ñoo tax Kàddug Yàlla naan:

‟*...Muju jamono dingeen gis ay tiiñalkat, di topp seen bakkan; dinañu leen tiiñal ci di leen ne: **Ki dige woon ne dina ñëw, ana mu?** Ndaxte baay ya nelaw nañu, waaye lépp a ngi dox ca njàlbéen ga ba tey. Fekk bëgguñoo xam lii: Kàddug Yàllaa tax, asamaan ak àddina yu jëkk ya juddoo ca ndox, te dunde ko. Te ndox it moo labal àddina sa, raafal ko. Te kàddug Yàlla googu moo denc asamaan yii fi nekk ak suuf si, ngir lakk leen; **Yàllaa ngi leen di nége bésub àtte, ba muy alag ñi weddi.** ...buleen umple ne, <u>benn bés ak junniy at ñoo yem fi Boroom bi. Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar. Waaye bésu Boroom bi dina ñëw, bett àddina ni sàcc. Su boobaa, asamaan yi dinañu ne rajax toj</u>, lu ne ci àddina lakk ba seey, te suuf ak lu mu ëmb, dina ne fànn fa kanam Yàlla. Su boobaa, asamaan yi dinañu lakk, ba naaw ni pënd, te lu nekk ci àddina dina lakk, ba seey nib dóom. ...*[kon nag,] *jàppleen ne, muñug sunu Boroom muccu nit la.*” **(1Pi 3:2-10,12,15**)

Mbokk yi, Yàlla du waxantu, su nee dina àtte àddina, dina ko def. Ñiy nax seen bopp walla di jéem a gën a baax Yàlla naan: <u>Yàlla du sàkk doom Aadama yi ba noppi di leen lakk; dina baal ñépp, ci yërmandeem.</u> Dëgg la, Yàlla Aji Yërmande la, waaye bu nu fàtte ne Aji Sell la itam. Te sellaayam a tax ba mënul a jege ku sellul. Noonu joxe na yoon wu nit mën a selle ci bàkkaar, di ngëm ci Kirist Yeesu. Wànte soo ko sàgganee, nan ngay mucce ci mbugalu Yàlla? Mënul a nekk. Moo tax Kàddug Yàlla ne: ‟*Gëmal Yeesu Boroom bi, kon dinga mucc.*” **(Jëf 16:31**) Menn pexem mucc moomu kepp la Yàlla tëral.

Léegi nanu jàll ci yeneen jukki yu nekk ci téere Peeñu ma. Peeñu ma, mooy téere bi mujj ci Linjiil, waaye taxul mu yées ci. Ndaxte: ‟*Mbind mu Sell mépp, ci gémmiñu Yàlla la jóge, te am na njariñ ngir **jàngal** nit ñi, **yedd** leen, **jubbanti** leen te **yee** leen ci njub.*” **(2Tim 3:16**) Kon Peeñu ma, téere bu xóot la ndaxte dafay yégle liy xew ci mujug jamono, ak it ni àddina di tukkee. Dafay yégal ndam lu réy ñi gëm Kirist, te ñi gëmul Kirist ñoom, mu ëmbal leen tiitaange ju réy-a-réy. Yowaana mi bind téere bile, Yàlla wonoon na ko bu leer cib peeñu ni Yeesu Almasi bi di ñëwe ci mujug jamono **ngir daaneel Seytaane te àtte waa àddina si** ci bésu pénc. Mu ne:

‟*...Ma gis asamaan si ubbiku. Noonu fas wu weex feeñ. Ki ko war ma nga tudd: **Ku Takku te Dëggu**, te **ci njub** lay àtte ak a xare. Ay bëtam di xuyy ni safara te mu am mbaxanay buur yu bare ca boppam. Bind nañu ci moom tur wu kenn xamul ku dul moom. Sol na mbubb, mu ñu sóob ci deret, te **Kàddug Yàlla gi** mooy turam. Xarekat yi nekk ci asamaan topp ci moom, war ay fas yu weex, sol mbubb yu weex te set. Am na jaasi ju ñaw, juy génn ci gémmiñam, ngir dóor xeet yi, mu di leen jiite ak yetu weñ, te mooy nappaaje réseñ yi ci segalukaayu mer mu tàng, mu Yàlla Aji Kàttan ji. Ci mbubbam ak ci poojam bind nañu ci tur wii: **Buuru buur yi, Kilifag kilifa yi.***” **(Pe 19:11-16**)

‟*Bu junniy at ya matee, dinañu yiwi Seytaane ca kasoom, te dina dem naxi xeet yi ci ñeenti xeblay àddina... Dina leen dajale ngir xare, te dinañu bare ni peppi suuf cig tefes. Dinañu sam suuf sépp, di wër dalu gaayi Yàlla yi ak dëkk, bi Yàlla bëgg. Waaye safara daldi jóge asamaan, lakk leen. **Dees na jàpp Seytaane, mi leen daan nax, sànni ko ci déegu safara ak tamarax bi, mu fekki rab wa ak naaféq ba mbubboo yonent. Foofa dinañu leen mbugal guddi ak bëccëg ba fàww**!*

*Noonu ma gis gàngune mu mag te weex, ak ka ca toog. Asamaan ak suuf daw, sore ko, ba ne mes! Ma gis néew ya, mag ak ndaw, ñu taxaw ca kanamu gàngune ma. Ñu daldi ubbi ay téere, ubbi itam beneen téere, téereb dund bi. Ñu àtte néew ya, ku nekk ci say jëf, ni ñu ko binde woon ca téere ya. Noonu géej gi gëq néew, yi nekkoon ci moom; dee ak barsàq delloo néew, ya ñu yoroon. Ñu àtte ñépp ci seeni jëf. Ñu jàpp dee ak barsàq, sànni ca déegu safara sa. Déegu safara soosu moo di ñaareelu dee. **Képp ku ñu bindul sa tur ci téereb dund bi, dees na la sànni ci déegu safara si**!*” **(Pe 20:7-15**)

"*Noonu ma gis asamaan su bees si ak suuf su bees si, ndaxte asamaan su jëkk sa ak suuf su jëkk sa wéyoon nañu, te géej gi amatul. ...Ma dégg baat bu xumb jibe ca gàngune ma, naan: Dalub Yàllaa ngi ci biir nit ñi! Dina dëkk ak ñoom, nit ñi dinañu nekk ay gaayam, te moom Yàlla ci boppam dina ànd ak ñoom, nekk Yàlla seen Boroom! Dina fomp bépp rangooñ ci seeni bët; te dee dootul am walla naqar walla jooy walla metit, ndaxte yëf yu jëkk ya wéy nañu!*

*Noonu ki toog ca gàngune ma ne: Maa ngi yeesal lépp! Mu ne ma: Bindal, ndaxte kàddu yii yu wóor lañu te dëggu. Mu teg ca, ne ma: Lépp mat na! Maay Alfa ak Omega, njàlbéen gi ak muj gi. Ku mar, dinaa la may ci bëtu ndoxum dund mi, te doo fey dara. Ku daan, dinga am cér ci mbir yii. Dinaa nekk Yàlla sa Boroom, te dinga nekk doom ci man. Waaye ñi ragal, ñi gëmul, ñiy def lu ñaaw, ñiy bóom nit, ñiy njaaloo, luxuskat yi, xërëmkat yi, ak fenkat yépp, seen añ moo di déegu safara ak tamarax bi. Loolu mooy ñaareelu dee gi.*" **(Pe 21:1,3-8**)

"*...Maa ngi ñëw léegi, **indaale pey gi**, ngir **delloo ku nekk lu méngoo ak ay jëfam**. Man maay Alfa ak Omega, ki jëkk te mujj, njàlbéen gi ak muj gi. Yeen ñi fóot seeni mbubb, ngir sañ a lekk ci garabu dund gi te dugg ci bunti dëkk bi, barkeel ngeen.*" **(Pe 22:12-14**)

Sama xarit, kàddu yu kéemaanee ngi nii. Waaye yaw, ndax am nga kóolute ci kanamu bés boobu? Ndax nangu nga Yeesu ni sa Musalkat ak sa Boroom? Xamal ne, Yeesu mi mësul a bàkkaar la Yàlla sëf say bàkkaar, ngir Yàlla mën la àtte ni ku jub. Gëm ko mooy jenn jëf kepp, jiy tax ñu bind sa tur ci téereb dund bi. Amul jeneen jëf ju baax ju la mën a musal. Yonent Yàlla Esayi wax na ne, sunu jëf yu jub yépp dañu mel ni sagar yu tilim. Kon jenn jëf ji lay tax a mucc ci àtte biy ñëw ak ci safara su dul fey abadan, mooy saraxu Musalkat bi Yeesu. Soo ko gëmee dinga mucc, ku ko gëmul nag, Kàddug Yàlla ne na, dinga sànku ba fàww.

Kon nag foo tollu yaw? Ndax wóor na la ne bind nañu sa tur ci téereb dund bi? Loo nar a séq ak Yeesu? Sa **Musalkat** nga bëgg mu nekk walla sa **Àttekat**? Rikk waay, bul dëgër bopp, gëmal te mucc ci àtte biy ñëw. Li leer mooy, soo bañee nangu Yeesu Kirist ni sa **Musalkat**, dina nekki sa **Àttekat!** Amul sikki-sàkka.

Jërëjëf ci déglu bi, su ngeen amee laaj ci njàngum tey mi, bindleen nu ci: YOONU JUB B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax ne: "*...**Bésu Boroom bi dina ñëw, bett àddina** ni sàcc. Su boobaa, **asamaan yi dinañu ne rajax toj. Tey jii*** [nag] *la jamono ju jekk ji; **tey la bésub mucc gi***!" **(1Pi 3:10 2Ko 6:2**)

# 109 Rammukat bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu te di leen ñaanal déglub jàmm fii ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Jërë ngeen jëf ci seeni bataaxal. Nu ngiy am yaakaar ne ku nekk ci yeen jot na tontam.

Xarit yi nuy déglu, la ko dale ca ndoortel cosaanu nit, doom Aadama yi yëgoon nañu ne dañu am soxla ci ku dox ci seen digganteek Yàlla di leen fa rammu. Ndaxte fépp fu nit mën a nekk ci àddina, leer na ci xelam ne Yàlla am na te dafa mer ndax tooñ gu ko doom Aadama tooñ. Noonu nit gis ne dafa war a am pexem dalal merum Yàlla. Kon nit gisoon na ne ki war a mën a dalal merum Yàlla, dafa war a nekk ku am cofeel ci ñépp, te am gëddë ci kanamu Yàlla. Wànte boobaak léegi, seetlu nañu ne ay rammukat ak i njiit yu bare feeñ nañu ci àddina waaye saa su ci nekk yooyu njiit wone nañu lu tas yaakaaru ña leen tegoon ci seen digganteek Yàlla. Kon mbokki déglukat yi, loolu moo sabab sunu gëstub tey bii jëm ci **Rammukat** bi nit soxla.

Bu nu jàngee ci Kàddug Yàlla dinanu gis ne Yeesu Kirist mooy sëriñ bu mag bi. Rammukat, **bi nit ñi soxla** moom la. Moom tànnul woon boppam, Yàllaa ko tànn. Ndaxte bind nañu ne:

‟*Kenn mënul a teral sa bopp ba doon ab sëriñ, su dul ne Yàllaa la woo, ni mu ko defe woon Aaroona.*” **(Yt 5:4**)

Yeesu mi Yàlla woo def ko sëriñ bu mag bee mag, mooy ki mën a xettali doom Aadama yi te di wallu ñi wékk seen yaakaar ci moom.

‟*Looloo taxoon mu war a mel niy doomi baayam ci bépp fànna, ngir doon seen sëriñ bu mag fa kanam Yàlla,* [mi] *leen yërëm te di sàmm kóllëre, **te ci ag sëriñam joxe na bakkanam ngir dindi bàkkaari nit ñi, ba Yàlla baal leen.*** [ndaxte] *gannaaw sonn na ci nattu yi mu daj, mën na dimbali ñiy jaar ciy nattu.*” **(Yt 2:17,18**)

Yonent Yàlla Musaa ne woon na bànni Israyil:

‟*Boroom bi, seen Yàlla, dina leen feeñalal ci seen xeet yonent bu mel ni man; nangeen ko déggal ci lépp, lu mu leen wax. Képp ku déggalul yonent boobu, dees na la far ci xeet wi.*” **(De 18:15 Jëf 3:22,23**)

Waaye nag li mat a leeral mbokk yi nuy déglu, mooy, ni Musaa nirook yonent bi mu doon wax, di **Rammukat bi**, mu ngi jëmoon ci seeni kéemaan ak ci li Musaa goreeloon mbooloo ma ci loxoy Firawna. Wànte ci dëgg-dëgg, Rammukat bi moo sut Musaa. Seeni liggéey, su nu leen di tëkkale, ci misaal rekk lay yem. Dafa am bés Yeesu ànd ak ñett ciy taalibeem di Piyeer, Saag ak Yowaana, ñu dem ci tund wu kawe te wéet. Ba ñu fa nekkee, jëmmu Yeesu soppeeku te ay yéreem weex tàll ba jaaxal leen. Kàddug Yàlla ne na:

‟*Noonu ñu gis yonenti Yàlla Iliyas ak Musaa, di wax ak Yeesu. Piyeer daldi ne Yeesu: Kilifa gi, bég nanu ci sunu teew fii; nanu defar **ñetti mbaar, benn yaw, benn Musaa ak benn Iliyas**. Fekk xamul lu muy wax, ndaxte tiitaange jàpp na leen ñoom ñett ñépp. Noonu niir muur leen, te baat jibe ca niir wa, naan: Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko. Ci saa si taalibe yi xool, waaye gisatuñu kenn, ku dul Yeesu rekk.*” **(Mk 9:4-8**)

Yeen ñi nuy déglu, ndax dégg ngeen li Piyeer wax Yeesu? Mu ne, Kilifa gi, nanu fi defar ñetti mbaar, benn **yaw,** benn **Musaa** ak benn **Iliyas.** Loolu dafay wone rekk ne Piyeer xamagul woon ci dëgg ne Yeesu moo sut yonent yi mu ko doon tëkkaleel. Ab diir gannaaw ga nag Piyeer mujjoon na gis bu leer ne Yeesu mooy Rammukat bu amul dend bi. Moo tax gannaaw gi mu mënoon a wax:

‟***Mucc amul ci keneen* [ku dul Rammukat bi Yeesu], *ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce. Te yonent yépp seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.*”** **(Jëf 4:12 10:43**)

Ci jamono ji nu nekk itam am na ñu yaakaar ne Rammukat bi moo yem ak yonent yi walla seeni njiit. Waaye ñooñu war nañu déglu li leen Yàlla di wax. Muy li mu waxoon keroog ca tund wa ne: "*Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex.*" Xam ngeen ne deesul yemale doom ak surgay baayam ci kër gi. Naka noonu it, mëneesul yemale **Rammukat bi** ak yeneen njiit yi, ak lu ñu am am daraja. Ndaxte, kan ci ñoom moo dem ba tuur deretam ngir nit ñi? Amul! Moom rekk a tuur deretam ngir raxas bàkkaari àddina. Kon nan lañu mën a yeme ak Rammukat bi? Moo tax nag Yàlla ne: "***Dégluleen ko!***" Maanaam déggalleen ko! Bi **Rammukat** bi feeñee ci biir xeetam, indaale mucc gi, ñi ëpp ci ñoom dañu ko won gannaaw. Foofa nag, tàmbali rekk la woon, ndax Wolof Njaay dafa ne, *mbey ci sa wewu tànk.* Kon terewul Yàlla jëmale kanam pexeem mi mu tëraloon ca njàlbéen ga ngir musal àddina sépp, amul xejj ak seen.

Noonu la, Yeesu **Rammukatu** àddina yemul ak kenn ci njiiti àddina yi. Amul moroom, kenn la ci liggéeyam. Noonu la ko Kàddug Yàlla indee bi mu naan:

"*...Am nanu sëriñ bu mag bu mel noonu,* ***moom mi toog ci ndeyjooru Aji Màgg ja*** *ca nguuram ca kaw. Mu ngi liggéey ca bérab bu sell-baa-sell, di màggalukaay bu dëggu.... Liggéeyu sëriñ, bi ñu jox Yeesu, moo gën a màgg liggéeyu sëriñ* [yiy rendi saraxi mala], *mel ni it kóllëre, gi Yeesu fas diggante Yàlla ak nit, moo sut kóllëre gu jëkk ga te mu tëdd ci ay dig yu ëpp yu jëkk ya.*" **(Yt 8:1-2,6**)

"*...Kirist ñëw na, doon sëriñ bu mag, bi joxe xéewal yi teew. Jaar na ca màggalukaay ba gën a màgg te gën a mat, te màggalukaay booba loxol nit defaru ko, maanaam bokkul ci àddina sii. Noonu Kirist dugg na benn yoon ba fàww ca bérab bu sell-baa-sell. Duggu fa ak deretu sikket yi ak yu yëkk yi. Waaye mi ngi duggaale ak* ***deretu boppam*** *te indil na nu noonu* ***njot gu amul àpp****. Deretu sikket yi ak ju yëkk yi, ak wëllu, wi ñu lakk te di suy dóom bi ñi taq sobe, ñooy sellal yaram. Su fekkee ne, noonu la deme nag, du kon deretu Kirist moo ëpp doole? Jox na bakkanam Yàlla, def ko sarax su amul sikk jaarale ko ci dooley Xel miy sax abadan. Kon deretam moo mën a sellal sunu xel, mi nu doon yedd ndax jëf yu jëm ci dee, ngir nu mën a jaamu Yàlla jiy dund. Looloo tax mu nekk* ***Rammukat bi*** *ci wàllu kóllëre gu bees* ***ci diggante Yàlla ak nit ñi****, ngir ñi Yàlla woo*[, ñu] *am cér bu sax ci kaw, te mu digoon leen ko, ndaxte Kirist dee na, ngir jot ñi jàdd yoon....*" **(Yt 9:11-15**)

Mbokki déglukat yi, <u>leer na ne **Rammukat bi**, jariñu boppam taxu ko jóg. Sunu njariñ ak sunu tawféex a ko tax a jóg</u> ba tax mu ne dafa ñëwe te du ngir ñu nekk ay surgaam, waaye ngir muy seen surga, ba joxe bakkanam ngir njotug ñu bare. **(Mk 10:45**) Ci lu wér Yeesu mooy **Rammukat**, bi jar a dénk sa bopp. Moom waxoon na ne:

"*Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. Dama leen di jox dund gu dul jeex; duñu sànku mukk, te kenn du leen jële ci sama loxo. Baay bi ma leen jox, moo gën a màgg lépp, te kenn mënul a jële dara ci loxob Baay bi.*" **(Yow 10:27-29**)

Yaw miy déglu, ban Rammukat nga bëgg a wóolu? Rammukat bi xamul ci loo nekk sax, walla Rammukat bi la mën a gis ca fa mu toog di la ñaanal ak a toppatoo? Tont li amul sikki-sàkka. Danga bëgg a topp Yeesu miy Rammukatu àddina bi Yàlla tànn. Moom, soxlawul sa dara. Dafa lay may dund gi ba noppi, fa mu toog ca wetu Baay bi mu di la sàmm ak a wattu sa ngëm. Loolu am na solo ndaxte xam ngeen léeg-léeg Seytaane dem ba bëgg a jekku taalibe Kirist bi, daaneel ko sax ci bàkkaar. Waaye li wér mooy su loolu amee, taalibe Kirist bi du ci mën a bég. Xel mu Sell mi dëkk ci moom dafay tiis. Noonu taalibe Kirist bi du mën a sax ci bàkkaar bi. Dafa koy daldi réccu ndaxte xam na ne Boroomam dee na ngir moom, ba tax du ko bëgg a sonalati. Taalibe Kirist yu wér yi noonu lañuy xalaate ci lu jëm ci mbirum bàkkaar. Bu weesoo Kirist, kan moo mën a wax ne du def bàkkaar mukk. Mbind mi ne na:

"*Su nu waxee ne amunu bàkkaar, kon nax nanu sunu bopp, te dëgg nekkul ci nun. Su nu nangoo sunuy bàkkaar ci kanamam* [nag], *fekk kuy sàmm kóllëre la te jub, ngir baal nu sunuy bàkkaar, te sellal nu ci lépp lu jubadi.*" **(1Yow 1:8,9**)

Yowaana rax-ci-dolli ne:

‟*Samay doom, maa ngi leen di bind..., ngir ngeen bañ a def bàkkaar. Waaye su kenn defee bàkkaar, ba tey am nanu ku nuy* ***rammu*** *ci Baay bi,* ***mooy Yeesu Kirist*** *mu jub mi. ...Moo joxe bakkanam, ngir dindi sunuy bàkkaar, te du sax sunuy bàkkaar rekk, waaye yu àddina sépp.*” **(1Yow 2:1,2**)

Kon nag sama waay, Yeesu mooy sëriñ bu mag bi, di wasiila bi nga soxla. Moom rekk doy na ci Yàlla. Kon wareesul teg keneen sunu digganteek Yàlla. Ndaxte Kàddug Yàlla ne na:

‟*Jenn Yàlla kepp moo am, ak benn* ***Rammukat*** *kepp diggante Yàlla ak nit ñi,* ***di nit ki Kirist Yeesu****, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp.*” **(1Tim 2:5,6**)

Su fekkee nag ne Yeesu doy na ci Yàlla, lu tax du doy ci yaw? Bul dëgër bopp mel ni maam ya bañoon a doyloo **Rammukat** bi. Doylool Yeesu Rammukat bi, muy ki lay jokkale ak Yàlla. Loolu mooy tànn bi gën a am maanaa ci sa dund. **Bul werante, jëmal kanam!**

Ñi gëm Yeesu, Yàllaa ngi leen di wax naan: ‟*...Yeen jege ngeen tund wi ñuy wax Siyon, di dëkku Yàlla jiy dund, muy Yerusalem ga ca asamaan. Jege ngeen it junniy junni malaaka, yu bég-a-bég ba daje di màggal; jege mbooloom taawi Yàlla, yu ñu bind seen tur ca asamaan. Jege ngeen Yàlla, jiy àtte ñépp; jege ruuwi nit ñu jub, ñi àgg cig mat; jege Yeesu,* ***Rammukat*** *bi sàmm kóllëre gu bees gi; jege deretam, ji ñu wis. Te deret jooju, li muy yégle moo gën a neex li deretu Abel doon yéene.*” **(Yt 12:22-24**)

Kon yaw miy déglu, gisal nga sa bopp ne jege **Rammukat bi**, mooy tekki ne Yàlla dafa lay jàppe ni ku sell. Bu fekkee sax neneen la la nit ñi di xoole, mbaa ñu lay tuumaal lu mu mën a doon. Li am solo, jàpp ko bu baax, mooy ni la Yàlla ci boppam di xoole. Kon boo gëmee Rammukat bi, dinga mën a jege Yàlla Aji Sell ji, ndaxte léegi Sell nga ci kanamam. Amul kenn ku mën a jege Yàlla te selloo. Te Rammukat bi toog ci ndeyjooru Yàlla rekk a mën a tax nga sell ba mën a jege Yàlla.

Fàttalikul ne <u>Yeesu mooy Rammukat bu wóor bi dul wut njariñu boppam.</u> Moom sunu njariñ rekk a ko mës a soxal ci suuf ak ca asamaan, guddeek bëccëg. Bàyyil xel itam ci ne, Rammukat bi mën na la wallu ci lépp ndaxte:

‟Gannaaw sonn na ci nattu yi mu daj, **mën na dimbali ñiy jaar ciy nattu**.” **(Yt 2:18**)

Te it,

‟*Sëriñ bu mag bi nu am,* [di Yeesu Rammukat bi] *du ku mënul a bokk ak nun sunuy naqar; moom sax far jaar na ci nattu ni nun ci bépp fànna, waaye* ***deful bàkkaar****.*” **(Yt 4:15**)

Kon fii lanuy yem ak yeen di leen jox dox-daje emisyoŋ biy ñëw ndegam neex na Yàlla. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P 370 Saint Louis Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: ‟***Jenn Yàlla kepp moo am, ak benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi, di nit ki Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp.***” **(1Tim 2:5,6**)

# 110  Kereceen dëgg

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu, nuyoo bi gën a tedd ci turu Yeesu Almasi bi. Am nanu mbégte ci li ngeen di déglu seen emisyoŋ *YOONU NJUB* ak teewlu gu mat. Seeni bataaxal yi nuy jot firndeel nañu ko. Nu ngi leen di delloo njukkal.

Tey danu bëgg a waxtaan ci lan mooy taalibe Kirist. Moo tax nu tànnal leen jukki bii ci Linjiilu Màrk. Mu ne dafa am bés Yeesu nekk ci genn kër di jàngal mbooloo mu bare:

‟*Noonu ndeyu Yeesu ak ay rakkam ñëw, ñu taxaw ci biti, yónnee, woo ko. Fekk booba mbooloo nga toog, wër ko. Ñu ne ko nag: Sa yaay ak say rakk ñu ngi taxaw ci biti, di la laaj. Waaye Yeesu tontu leen: Kan mooy sama ndey? Ñan ñooy samay rakk? Noonu mu xool ñi ko wër naan: Sama yaay ak samay rakk a ngii; ndaxte kuy def coobareg Yàlla, kooku mooy sama rakk ak sama jigéen ak sama ndey.*” **(Mk 3:31-35**)

Bi loolu amee, Yeesu gis ne wax jii kat ak jataay bii may na ko mu leeral lu am solo ci ñi ko gëm ca jamono jooja ak ñépp ñi koy gëmi ëllëg. Ci kaw loolu Yeesu ne waa ja: Kan mooy sama ndey? Ñan ñooy samay rakk? Maanaam, ñan ñooy sama njaboot? Tont li, tekkiwul ne mbirum njaboot soxalul Yeesu. Déedéet! Yeesu ci boppam sax firndeel na ne, mbokk lees war a fonk la bi mu naan naan: ‟*...Teralal sa ndey ak sa baay...*” **(Mk 7:10**) Te Pool mi di ndawu Yeesu waxoon na it ne: ‟*...Ku defalul ay mbokkam dara, rawatina ay waajuram, weddi na yoonu ngëm wi, ba yées ku gëmadi.*” **(1Tim 5:8**) Kon leer na ne mbirum mbokk, lu soxal Yeesu la. Waaye lan la mu bëggoon a wax bi mu nee waa ja: **Ñan ñooy sama njaboot?**

Mbokki déglukat yi, bi Yeesu nee: ‟*Sama yaay ak samay rakk a ngii; ndaxte kuy def coobareg Yàlla, kooku mooy sama rakk ak sama jigéen ak sama ndey.*” Dafa bëggoon a wax ne, ay mbokkam dëgg, ñooy ñi fullaal ay waxam. Ñooy ñi koy déglu ak a def li muy wax. Kon daal kereceen maanaam taalibe Yeesu, ñooy ñi gëm Yeesu, di ko déglu ak a déggal. Dégg ndigal am na solo lool ci ngëmu kereceen bi. Nan lañuy dégloo Kirist ndegam gisunu ko ni ko taalibe yu jëkk ya daan gise? Mënees na déglu Yeesu jaare ko ci kàddug Yàlla gi nuy jàng walla ci waare yi ci ndajey Mbooloo mi mbaa itam ci yeneen taalibe Kirist yu fees ak Xel mu Sell mi.

Njaboot gi nag, yemul ci ñooñu gëmoon Yeesu ca jamono jooja. Ndaxte Yeesu dafa waxoon ne <u>képp</u> kuy def coobare Yàlla moo bokk ci Njaboot gi. Coobare Yàlla nag, mooy ñépp gëm Yeesu Almasi bi, mucc, ba kenn du sànku. Boroom bi Yeesu gisoon na ne njaboot gi dina yaatu, dem ba ci cati àddina bi mu naan:

‟*Am naa yeneen xar yu bokkul ci **gétt gii**. War naa leen a indi, ñoom it, te dinañu déglu sama baat. **Genn coggal** ay am ak **benn sàmm**.*” **(Yow 10:16**)

Tey jii, képp ku gëm Yeesu ni sa Musalkat bi dee ca bant ba ngir say bàkkaar, bokk nga ci genn gétt, muy mbooloom ñi gëm Kirist mi ci gox bi nga nekk. Lu gétt yi bare bare nag ci àddina, **genn coggal rekk a am** muy Mbooloom ñi gëm Kirist ci àddina sépp. Loolooy wone ne, ñi gëm Kirist genn njaboot lañu ak kër gu ñu mën a bokk, te Yeesu Kirist kesee di Boroom kër gi, du keneen.

Kër goo gis nag am na <u>Maram Baraanam</u> walla sax <u>ay Maram Baraan</u>. Moo tax kàddug Yàlla di nu ñaax ngir nu bañ a soppi sunu melokaan niki way-gëm Kirist waaye nu di ci bàyyi xel fu nu tollu. Mu ne:

‟*...Maa ngi leen di dénk, ngeen dund dundin wu yellook wooteb Yàlla. Ngeen **woyof** toyy te **lewet**, di **muñalante** tey **baalante ci mbëggeel**, te dem ba fu seen kàttan yem, ngeen likkoo ci jàmm, bay sàmm booloo gi leen Xelum Yàlla may.*” **(Ef 4:1-3**)

Kon, ñaari màndarga yii war nañu feeñ ci kereceen yu wér: Mbëggeel ak Sellaay.

Naka li di mbëggeel, nekk na lu am solo ba nga xam ne sax, Yeesu tënkoon na yoonu Musaa wi ci ñaari ndigal ne:

- **Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp.** Ni loolu mën a ame ci dundu taalibe Kirist bu wér, Kàddug Yàlla wax na ko bi mu naan:

"*Kon nag mbokk yi, ...maa ngi leen di ñaan, ngeen jébbal* [Yàlla] *seen yaram wépp. Na seen dund mel ni sarax su ñuy defal Yàlla, sarax su sell, te neex ko. Loolu mooy njaamu, gi leen war. Bu leen àddina jey, waaye yeesluleen ci seen xel, ba soppiku, ngeen mën a xam bu wér coobareg Yàlla, di lépp lu baax, neex ko te mat sëkk.* **(Ro 12:1,2**)

Taalibe Kirist bu wér dafay jébbal Yàlla léppam, dara du des, waaye nag su amee as ruq soo moomal sa bopp di ca def lu la neex, Yàlla du mën a gërëm lu ni mel. Yàlla, kenn mënu ko nax. Lu waay di wuyoo, dafa koy niru. Kàddug Yàlla ne na:

"*Bu leen ci dara nax; kenn du foontoo Yàlla, ndaxte lu waay ji, moom ngay góob.*" **(Gal 6:7**)

- **Nanga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.**

Nun ñépp ànd nanu ci, amul kenn ku bañ sa bopp. Ni nga bëgge sa bopp nag, noonu nga war a bëgge sa moroom. Moo tax Kàddug Yàlla ne: "*Buleen yem ci toppatoo seen bopp rekk, waaye booleleen ci seeni moroom.*" **(Fb 2:4**) Xanaa dinga ne: Kan mooy sama moroom ba ma war ko bëgg ni ma bëgge sama bopp?

Déglul li ci Yeesu wax. Mu ne:

"*Dafa amoon nit ku jóge woon Yerusalem, jëm Yeriko. Ay sàcc dogale ko, futti ko, dóor ko ba muy bëgg a dee, dem bàyyi ko fa. Faf <u>ab sëriñ</u> jaar ca yoon wa, séen nit ka, <u>teggi</u>. Benn waay it, <u>bu soqikoo ci giiru Lewi</u>, aw ca bérab booba, séen waa ja, <u>teggi</u>. Waaye **benn waay bu dëkk Samari** bu doon tukki, ñëw ba jege waa ja, **gis ko, yërëm ko**. Noonu mu ñëw, diw ko diwlin ak* [alkol] *ngir faj gaañu-gaañu ya, bandaas ko. Gannaaw loolu mu teg ko ci mbaamam, yóbbu ko cib fanaanukaay, di ko topptoo. Bi bët setee, mu génne ñaari poseti xaalis, jox ko boroom kër ga, ne ko: Nanga toppatoo nit kooku. Bés bu ma fi jaaratee, dinaa la fey, man ci sama bopp, lépp loo ci dolli ci xaalis.*

*Yeesu teg ca ne: Lu ciy sa xalaat? Kan ci ñett ñooñu moo jëfe ni kuy jëf jëme ci moroomam, ba ñu gisee nit ka sàcc ya dogale woon? Xutbakat ba tontu ko ne: Xanaa ki ko won yërmandeem. Yeesu ne ko nag: Demal tey def ni moom.*" **(Lu 10:30-37**)

Déggal ma lii! Waa ji dëkk Samari, moo mujj a romb nit ki soxla woon lool ag wall. Mu yërëm ko, fajal ko ay gaañu-gaañoom te yóbbu ko ci bérëb bu mu mën a noppaloo. Maanaam def na ko ni boppam, toppatoo ko. Moona Yawut yi dañu tegoon waa Samari yi ay yéeféer! Waaye Yàlla xol lay seet. Sëriñ yeek nit ñu am daraja yi romboon nit ka, dañu teggi, waaye ki ñu tegoon ku bon, moo def jëf ju baax ji Yàlla gis te fonk ko. Loolu mooy misaal cofeelu taalibe Kirist ci képp kuy nit.

Kon, nu gis ci loolu ne, sama moroom mooy képp ku Yàlla sàkk. Fu nit ki mën a bawoo sa moroom la, ak nu mu mën a mel, ak lu ko mën a dal, ak lu mu ñàkk ñàkk solo ci bëti nit ñi. Yàlla du gënale kenn ak moroomam. Firnde li mooy; mu ngiy taw tey fenkal jant bi ci kaw ñi ko gëm ak ñi ko gëmul! Moo tax Kàddug Yàlla ne: "*Bu benn gënale laal seen ngëm ci sunu Boroom Yeesu Kirist.*" **(Sa 2:1**)

**Ci lu jëm ci sellaay,** war nanu wékku ci Xel mu Sell mi bés bu set. Noonu dina nu may doole ba sunu dund dëppoo ak li nu gëm te di ko woote. Maanaam njub ak sellaay. Yeesu ne na:

"*Yeen a di leeru àddina. Dëkk, bu nekk ci kaw tund, du mën a nëbbu. Te it duñu taal làmp, dëpp cig leget, waaye dañu koy wékk, ba muy leeral ñi nekk ci kër gi ñépp. **Na seen leer leere noonu ci kanamu nit ñi**, ngir ñu gis seeni jëf yu rafet, te màggal seen Baay bi ci kaw.*" **(Mc 5:14-16**)

Kon, taalibe Kirist bu wér warul a nekk rekk ku sawar ci déglu te bu fa jógee dellu di dunde nu kenn rafetluwul. Loolu taxul ñuy wax taalibe Kirist. Kàddug Yàlla artu nanu ci loolu naan:

"*...Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom. Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf. Waaye bu nuy dox ci leer gi, ni mu nekke moom ci boppam ci leer gi, kon bokk nanu ci sunu biir, te deretu Yeesu Doomam dina nu sellal ci bépp bàkkaar.*" (**1Yow 1:5-7**)

Noonu mbokki déglukat yi, bu kenn jaawale ñi gëm Yeesu ak seen xol bépp, ak ñi seen ngëm yem ci làmmiñ wi rekk. Taalibe Yeesu dëgg, day bëgg Yeesu, di topp ay ndigalam mu gënal ko lépp, ni nu Yeesu bëgge ba joxe bakkanam, nu gënal ko lépp. Mbëggeelu taalibe Kirist bi ci Yeesu war a dem ba leneen dootul fees bëtam. Bu boobaa lanu koy mën a déggal, te nag, du nu jural lu dul ay xéewal. Waawaaw! Yàlla moo ko wax jaare ci gémmiñu yonent Yàlla Yeremi ne: "*Xam naa ne li ma leen di mébétal du ay mébéti musiba. Wànte mébéti jàmm ak yiw, ak xéewal yu bare, laa leen dencal.*" (**Jer 29:11**) Loolu la Yàlla namm ci Njabootam, ci bépp way-gëm Kirist bu dëggu.

Mbokki déglukat yi, melokaanu kereceen bu wér mooy: **mbëggeel ak sellaay**. Noonu dina mën a jébbal Yàlla yaramam wépp, dundam mel ni sarax su ñuy defal Yàlla. Sooy wuyoo taalibe Kirist nag, te sa dund wéeruwul ci kàttanu Yeesu, doo mën a dunde noonu. Soo gëmul Yeesu nag moom waxi noppi. Ndaxte nit du mën a dunde noonu te jëkkul a wékk yaakaaram ci Yeesu miy dooleel.

Naka ñiy mbubboo taalibe Kirist, di wax ak a jëfe noo xam ne Yeesu diglewu ko, Yeesu joxe na ci ay tegtal ne:

"*Dingeen leen xàmmee ci seeni jëf. Ndax dees na witte réseñ ci dédd, walla figg ci xaaxaam? Noonu garab gu baax gu nekk dina meññ doom yu neex, waaye garab gu bon dina meññ doom yu bon. Garab gu baax mënul a meññ doom yu bon, naka itam garab gu bon mënul a meññ doom yu neex. Garab gu nekk, gu dul meññ doom yu neex, dees na ko gor, sànni ko ca safara sa. Ci seeni jëf nag ngeen leen di xàmmee. Du képp ku may wax: Boroom bi, Boroom bi; mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kawe ji; ka cay dugg mooy kiy def sama coobareg Baay, bi nekk ci kaw.*" (**Mc 7:16-21**)

Kon, lu jaadu la nit ñi ràññe taalibe Kirist bi ci mbëggeel, mbég, jàmm, muñ, laabiir, mbaax, kóllëre, lewetaay ak maandute. Seede taalibe Kirist bi lu soxal Boroom bi la. Ndaxte mooy tax, bu fekkee sax noon yi di nu sosal ay ñaawteef, ñuy gis sunuy jëf yu rafet. Noonu bés bu leen Yàlla feeñoo ci menn mbir, ñu màggal Yàlla. (**1Pi 2:12**)

Mbokki yi, nanu fàttaliku ne taalibe Kirist bu wér dafay dem ba jeex ci ngëmam. Roq su nu moomal sunu bopp warul a am ci sunu dund, ba tax nu mën a doxi yoon wu Yàlla yëgul. Doonte kenn mënul a dox lu Yàlla yëgul. Yàlla gis na li nit ñi gisul, xam na li nit ñi uppale te moom kenn mënu ko nax. Kenn du foontoo Yàlla, ndaxte lu waay ji, moom ngay góob.

Jërëjëf ci déglu bi, su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Yeesu waxoon ne: "***Du képp ku may wax: Boroom bi, Boroom bi; mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kawe ji; ka cay dugg mooy kiy def sama coobareg Baay, bi nekk ci kaw.***" (**Mc 7:21**)

# 111 Xabaar bu baax bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom bi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir mën a mucc ci mbugalu bàkkaar ba fàww. Sunu mbégte réy na ndax li nu mën a dellusi di dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Xarit yi nuy déglu, xam ngeen bi Yeesu dekkee, santoon na ay taalibeem, ne leen: "*Demleen ci àddina sépp yégal* ***xabaar bu baax bi*** *mbindeef yépp*" **(Mk 16:15**) Noonu, gannaaw bi Yeesu delloo asamaan, kenn ciy taalibeem, tudd Pool, nee na: "Yàlla woo na ma, ma nekk ndawam, sas ma liggéeyu xamle <u>xabaaram bu baax bi</u>. <u>Xabaar bu baax boobu</u>, Yàlla dige woon na ko bu yàgg, jaarale ko ciy yonentam, ñu def ko ci Mbind mu sell mi

...***Awma benn werante ci <u>xabaar bu baax bi</u> may waare, ndax mbirum Yàlla la, mu làmboo dooleem, ngir musal képp ku ko gëm ... Ndaxte <u>xabaar bii</u> day wone, ni nit mën a jube ci kanamu Yàlla, sukkandikoo ci ngëm rekk, tàmbalee ci ngëm, yem ci ngëm***!" **(Ro 1:1,2,16,17**)

Wóor na ma ne yaa ngi naan: *Lan mooy Xabaar bu baax bi? Te ban njariñ la ma amal?* Ma di la xamal ne, ndegam neex na Yàlla, tey ci loolu lanu leen fas yéene indil ay leeral. Waaye jëkkal a xam ne, su Xabaar bu baax amee, dafay tegtale ne **xabaar bu bon** am na. Kon bala nuy sore danuy jëkk a waxtaan ci mbirum **Xabaar bu baax bi**. Nanu fàttaliku fan ak nan la **xabaar bu bon bi** ame woon ba noppi?

Xam nga ca njàlbéen ga, ba Yàlla sàkkee asamaan ak suuf ba noppi, lépp a baax lool. Gannaaw gi Yàlla sàkk Aadama ak Awa, tàbbal leen ci toolu Àjjana bu rafet boobu ci kaw suuf. Yàlla sàkk na leen, ngir ñu xam ko, bëgg ko, di ko màggal ba fàww. Wànte Yàlla di leen nattu, ne Aadama:

"*Garab yi ci tool bi yépp man ngeen ci xéewlu, waaye gi ci diggu tool bi moom, buleen ci lekk. Ndaxte bés bu ngeen ci lekkee dingeen dee!*"

Wànte **xabaar bu bon bi** mooy Aadama ak Awa déggaluñu Yàlla. Ki ñu déglu mooy jaan ja, di Ibliis, mi leen fiir ba ñu lekk ca garab ga. Seen tooñ googoo tax bàkkaar ak coono ak dee dugg ci àddina. Noonu Aadama ak Awa ak képp ku soqikoo ci ñoom, yàqu. "Musiba du yem ci boppu boroom." Lii mooy **xabaar bu bon** bi Kàddug Yàlla di waare. Mu ne:

"*Dogal nañu ne, benn yoon rekk la nit ñiy dee, te gannaaw ga la àtte bay ñëw! ... Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund!... Boroom bi* [dina ñëw] *ngir àtte ñépp, te bugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef, yi ñu jëf ci ñeme Yàlla; di leen fàttali it kàddu yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar ak seen weddi!*" **(Yt 9:27 10:31 Yu 1:15**)

<u>Xabaar bu bon baa ngi noonu</u>. Maanaam **nun ñépp ay bàkkaarkat lanu, te fàww nu jaar ci àtteb Yàlla!**

Waaye sant Yàlla! Ndaxte **Xabaar bu baax** am na te mooy: foofa ca toolu Àjjana, Yàlla Aji yërmande ji, yégle na ne, dina mës a yónnee ci àddina Kenn ku taqul bàkkaar; kuy soqikoo ci jigéen ju musul a séy. Kooku di Rammukat bu jub bi, dina jébbale boppam ñu rey ko ngir fey bàkkaaru Aadama ak askanam. Mbugalu bàkkaar, gi nu yelloo, ci Moom la nar a dal. Mooy **Xabaar bu baax**, bi Yàlla yégle woon bés bi Aadama ak Awa bàkkaaree.

Gannaaw loolu, Yàlla jëfandikoo nit, ñu mu tànn, di ay yonent, ñuy yégle ñëwug Rammukat bi. Ku nekk ci yonent yooyu am na mbir yu mu yégle ci Almasi bi, ndax bés bu ñëwee nit ñi xam ne mooy Ki Yàlla fal. Ku ci mel ni yonent Yàlla Esayi, mi jiitoo Almasi bi lu tollu ci juróom-ñaar téeméeri at, yégle na naka la Almasi bi waroon a juddoo, ne: "*Jànq bu musul a séy dina ëmb, jur doom ju góor, tudde ko Emanuwel, liy tekki: Yàlla ganesi na nu.*" **(Isa 7:14 Mc 1:23**) Yonent Yàlla Mise moom yégle woon na ne, Almasi bi dina jóge ca kaw, juddoo dëkk bu ndaw bu ñuy wax Betleyem. Te foofa la Almasi bi juddoo tembe. Moona ba ko Mise

di wax ay téeméeri at la lu jiitu jamono Almasi bi la woon.

Yonent yi nag yemuñu woon ci yégle juddug Almasi bi rekk. Daan nañu yégle itam ni mu waroon a daje coono yu metti te deewal bàkkaarkat yi. Ci misaal, yonent Yàlla Daawuda ak yonent Yàlla Esayi bindoon nañu ne, nit ñi dinañu xeeb Almasi bi, tifli ci kawam, fitnaal ko, dóor ko, bëtt ay loxoom ak i tànkam, rey ko. Wànte loolu lépp Yàlla dogal na ko ngir muccug doom Aadama yi ci mbugal gi leen doon xaar ndax seeni bàkkaar. Te yonent Yàlla Daawuda yemul ci yégle deewug Almasi bi, dem na sax ba yégle ne, Yàlla du ko bàyyi muy yàqu ci bàmmeelam, waaye dina ko dekkal ngir firndeel mucc gu wóor gi Almasi bi indil nit ñi.

Barewul werante ci lu jëm ci juddug Almasi bi. Waaye ci lu jëm ci deewam ak ndekkiteem, ñu baree ngi ciy fakkastalu. Ñu naan: Nan la Yàlla mën a seetaane ñuy toroxal Almasi, bi mu yónni woon? Wànte li ñooñu jàppul, mooy: <u>Yàlla mooy ki dogal ne Almasi bi war na sonne noonu ndax sunuy bàkkaar</u>. Loolu mooy li yonent Yàlla yi yégle, bi ñu naan: "*Soob na Aji Sax ji mu gaañ Almasi bi...ni sarax* ***ngir fey bàkkaar yi***." **(Isa 53:10)**

Ndax danu desee gëm yonent yi? Su nu nee, gëm nanu leen, kon ci dëgg-dëgg, danu war a gëm itam **li ñu bind**. Nanu fàttaliku ne, yonent yi mësuñoo wax ci seen coobare bopp. Yàlla moo daan sol ci seeni xel li ñu daan wax. <u>Kon, yonent yooyu, bu nu sofentalee seeni wax, walla nu weddi leen, kan lanuy weddi</u>? <u>Yàlla</u> lanuy weddi ndax moo leen waxloo woon bi ñuy yégle ne, Almasi bi dina dee ni sarax suy dindi bàkkaar.

Ndegam Yàlla ku bëgg àddina la te bëggul kenn sànku ci biir bàkkaar, mu dogal deewu Almasi bi. Fàww nit ku jub dee ngir ñu jubadi ngir musal leen ci àtteb Yàlla. Moom la saraxu mbote yaak xar ya ñu daan def doon misaal ci jamano yu jëkk ya. <u>Yeesu Kirist</u>, mi juddu ci jànq, ci kàttanug Yàlla, <u>mooy sarax si Yàlla joxe, mu mat sëkk te mujj</u>. Ni ngeen ko dégge ba tàyyi: "*Tungune du teew ñuy nataal.*" Sarax su mat, si sikkul bu nu ko amee, waratunu sonal sunu bopp ci ay sarax yu matadi yu ñuy def ak a defaat. Ndax mën ngeen fàttaliku li Boroom bi Yeesu mujjoon a yéene ca bant ba, laata muy dee? Dafa ne woon: "***Lépp mat na!***" **(Yow 19:30)** Feyal na la sa boru bàkkaar benn yoon ba fàww. Dara desatul ci bor bi. Lenn doŋŋ a la dese: Nga **gëm ko**. Ni nu ko jànge ci sunu ndoortel njàngum tey mi, Mbind mi ne na: "*Xabaar bu baax bi...mbirum Yàlla la, mu làmboo dooleem, ngir musal* ***képp ku ko gëm!***" **(Ro 1:16)**

Ndeysaan, ñu baree ngi bañ a gëm Yeesu naan, deewam ak ndekkiteem ay léebi neen la. Ñi ëpp ci nit ñi xamuñu Ki Yeesu doon, dëgg-dëgg. Moona Linjiil wone na bu leer ne, lépp li yonent Yàlla yi yégle woon ci Almasi bi, Yeesu Kirist amal na ko. Moo xam mu jëm ci juddoom, ci dundam, ci deewam walla ci ndekkiteem. Moo tax Linjiil naan nu:

"[Yeesu] *Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar,* ***ni ko Mbind mi tërale****, suul nañu ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba,* ***ni ko Mbind mi tërale.*** *Te yonent yépp seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.* [Ndaxte,] *mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce.*" **(1Ko 15:3,4 Jëf 10:43 4:12)**

Kon, lépp xewoon na tembe ni ko yonent yi waxe woon. Diirub at yi Yeesu nekk di waare ak jàngale ci kaw suuf, ay bañaaleem fitnaal nañu ko, ñaawal ko, dóor ko te réy ko. Ay soppeem nag ñoom, daldi ko suul. Wànte dee mënul woon téye Yeesu ca bàmmeel ba. Ni nu ko gise woon, ca ñetteelu fan ba, ñeenti jigéen jóg fajar, jëm ca bàmmeel, ba ñu dencoon néewu Boroom bi Yeesu. Ba ñu agsee, ñu gis bàmmeel bi ubbeeku. <u>Kenn nekkatu ca! Mu ne wëyëŋ!</u> Yeneen taalibe ya dem ca bàmmeel ba te ñoom it, gisuñu néew ba. Yàggul dara, ka deewoon te dekki tàmbali feeñu ay taalibeem lu mat ñeent-fukki fan. Noonu la Yàlla firndeele ne, nangu na saraxu Yeesu. Noonu, <u>képp ku ko gëm</u>, dinga bokk ci dundam gu sax, gi mu indi. Loolu mooy **Xabaar bu baax bi**. <u>Boroom bi Yeesu Kirist dee na ngir dindi say bàkkaar, te génn na bàmmeel ba ca ñetteelu fan ba ngir may la dund gu dul</u> jeex. Njariñu Xabaar bu baax bii nag mooy musal képp ku ko gëm.

Kon laaj bi mooy: <u>Ndax gëm nga ko?</u> Mbind mi ne na, tey jii mooy bésu mucc bi! Boo déggee Xabaar bu baax bi, bul dëgër bopp! Gëmal! Mucc gi, du peyu jëf yu jub, ndaxte kenn mënul a def jëf yu doy ba tax nga

tàbbi Àjjana. Muccug Yàlla gi du jaay! Dafa la koy <u>may</u>! Yeesu fey na ba noppi. Yaw lii rekk a la war:

1.) Nga nangu ne Yàlla dafa sell te lu taq bàkkaar mënu ko jege fenn walla di ko neex.
2.) Bu loolu wéyee nga nangu nit bàkkaarkat la ni ko Kàddug Yàlla waxe bi mu naan, ñépp a bàkkaar. Noonu nga gis ne amuloo menn pexem jege Yàlla.
3.) Bu ko defee nag gëm ne Yàlla am na pexe ngir nga mën ko jege. Pexe mi mooy joxe na Yeesu mu dee ca bant ba ngir far sunu boru bàkkaar ca kanamu Yàlla.
4.) Noonu, soo gëmee ne Yeesu mooy Musalkat, bi la Yàlla yónnee, mu dee ca bant ba ngir far say bàkkaar. <u>Na la wóor ne Yàlla baal na la.</u> Te dinga tàbbi Àjjana ndaxte Yàlla ci boppam moo wax ne: "*Maa ngi leen di* [wax] *yëf yii, ngir ngeen <u>xam</u> ne, am ngeen dund gu dul jeex, <u>yeen ñi gëm</u> turu Boroom bi Yeesu Kirist*." **(1Yow 5:13**)

Xarit yi, tey jii, am na ñu bare ñoo xam ne, bu jëkk xamuñu woon fan lañuy dem bu ñu deewee. Ñuy laajte ak a gëstu ba gis lu kéemaane ci Linjiil. Maanaam Linjiil xamal leen ne, ku nekk mën na xam fu mu jëm bu deewee. Mbóot moomu, Almasi, bi Yàlla dige woon ca toolu Àjjana, te yonent yépp doon yégle moo ko feeñal bi mu naan:

"*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, <u>am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund</u>!*" **(Yow 5:24**)

Wax na itam, ne: "*Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, <u>dinga dund</u>!*" **(Yow 11:25**)

Ci lu wér, li nu seetlu mooy, ñi wékk seen yaakaar ci Boroom bi Yeesu ñépp, Yàlla dalal na seen xel, xel-ñaaratuñu. Seen ëllëg leer na nàññ ndax jëfu Yeesu ca kaw bant ba. Dëgg la, ci seen dundu taalibe, coono ak metit am na, <u>wànte jàmm rekk</u>. Jàmm ju bawoo ci Yàllaa ngi leen fees.

Kon sama waay, fàttalikul ne Boroom bi Yeesu mën na la may dund gu bees soo gëmee **Xabaar bu baax bi**. Mu ngi taxaw ci sa buntu xol di fëgg, xaarul lu dul nga ubbil ko dugg ba may la dund gu mucc ayib gu lay jëmale ci Yàlla.

Kon fii lanu leen di bàyyi ba beneen. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ku ci am laaj ci li nu jàng tey, bind nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li benn ndawu Yeesu waxoon ne: "***Awma benn werante ci Xabaar bu baax bi may waare, ndax mbirum Yàlla la, mu làmboo dooleem,* [te]*...day wone, ni nit mën a jube ci kanamu Yàlla, sukkandikoo ci ngëm rekk, tàmbalee ci ngëm, yem ci ngëm.***" **(Ro 1:16,17**)

# 112 Fu nit jëm gannaaw dee

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngi dellu di sant Yàlla ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokki déglukat yi, Wolof Njaay ne na: "Garab gu tooy dina mës a wow." Waaw, nun ñépp xam nanu kon ne, benn bés fàww nu dee. Mëneesul muus ak wane ba bañ cee jaar. Waaye lu tax nit war a jaar ci dee? fan lanu jëm bu nu deewee? Naka lees fay deme? Laaj yooyu, soxal nañu bépp doom Aadama, su ko waxee ak su ko waxul. Moo waral nu fas ci yéene gëstu ba tax nu tudde sunu njàngum tey mii, <u>fu nit jëm gannaaw dee.</u> Kàddug Yàlla nag moom, am na tont ci lépp lu soxal nit ci àddina ak ca laaxira. Kon dinanu gis li mu wax ci mbir mile.

Bu nu jàngee ci Biibal bi danuy gis bu leer ne, Yàlla mi sàkk asamaan ak suuf ak li ñu ëmb lépp, nit la ci gën a fonk. Nit rekk la Yàlla sàkk ci melokaanam, mu am xel, di xalaat, loolu wuutale ko ak bàyyima yi. Mu am xol, di bëgg te it Yàlla may nit coobare, mu mën a tànn li mu bëgg a def. Cér bu réy bile Yàlla sédd nit, séddu ko leneen. Fonk nit a tax, laata ko Yàlla di sàkk sax, waajaloon na nit lépp li mu soxla. Moo tax Yàlla jëmbatoon ab tool, tudde ko: "Toolu Àjjana." Mu saxal ca tool ba, lépp luy garab gu rafet a gis te neex a lekk. Loolu lépp ngir bànneexu nit ak tawféexam.

Waaye ngir nattu mbëggeelu nit ak dégg ndigalam, Yàlla def ca diggu tool ba ñaari garab: garabu dund ga, ak garabu xam lu baax ak lu bon. Noonu Yàlla ne nit: "Mën ngaa lekk ci bépp garabu tool bi ba mu des garabu xam lu baax ak lu bon. ...ndaxte bés boo ci lekkee, fàww nga dee." Li Yàlla bëggoon mooy Aadama ak Awa wone seen wegeel, ci topp benn ndigal kepp. Waaye ndeysaan, Seytaane feeñu Awa ci bindu jaan. Mu nax leen ñu lekk ca doomi garab ga leen Yàlla tere woon. Ca saa sa seeni bët ubbiku te seen xel dee. Ñu xam ne def nañu yaramu neen; ñu daldi ràbb xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg ngir nëbb seen gàcce.

Noonu la bàkkaar ak dee jaare ci Aadama, dugg ci àddina. Waaye Yàlla xamoon na ne nit, cig ndofam, dina bañ kilifteefam di fexee jiiteel boppam dundam. Loolu mooy li Yàlla tudde "**bàkkaar.**" Keroog nit dee na ci wàllu xel te loolu moo tax it benn bés, nit dina dee ci wàllu yaram. Bi nit defee li ko Yàlla tere woon, ci la dee maanaam ci la tàqalikoo ak Yàlla, ci la dee. Ci misaal dafa mel ni su ma daggee benn caru garab. Car waa ngi tooy ba tey waaye dee na ndax taqatul ci garab gi. Bés bu nekk dafay gën a wow. Te benn bés dina wow koŋŋ ba ñu sànni ko cib sébb mu tàkk. Noonu la ak nit itam. Tey nit a ngiy dem ak a dikk waaye tàqalikoo na ak Yàlla ba mënatul def jenn jëf ju Yàlla gërëm.

1. **Ñi daan jëf lu bon, dinañu dekki, ñu daan leen.**

Bàkkaar bi Aadama defoon, moom mi nu meññ nun ñépp, moo waral nit war a dee benn bés te Yàlla bugal ko ci safara su dul fey mukk. Ndaxte bàkkaar bi nekkoon ci Aadama, moo topp bépp doom Aadama. Mooy sunu maam te, "Jinax du jur lu dul luy gas." Képp ku sàggan ba dee ci say bàkkaar dinga tàbbi safara ba fàww. Bàkkaaru Aadamaa tax Yàlla ne nit, pënd nga te dinga dellu nekkaat pënd. Moo tax dee du jaas, ñépp dinañu ci jaar.

Waaye Yàlla Aji mbëggeel la, ba tax mu waajal mucc gi doom Aadama yi soxla, di Almasi bi, Musalkat bu sell bi mu yónnee mu dee ca bant ba ngir ubbil nit buntu mbaalug bàkkaar. Benn bés néew yi dinañu dekki, mu bugal ñépp ñi bañoon a déggal Yàlla, ba gëm Yeesu, ñépp ñi saxoon ci lu bon, bañ a nangu mucc gi Yàlla waajal jaare ko ci Musalkat bi. Kàddug Yàlla ne na, dees na leen bugal ca safara guddeek bëccëg ba fàww. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

"*...bés bu sunu Boroom Yeesu Kirist jógee asamaan, feeñ fi. Keroog dina ànd ak malaakaam yu am kàttan, safara su yànj wër ko, mu feeñ ngir mbugal ñi xamul Yàlla te bañ a déggal xabaar bu baaxu sunu Boroom Yeesu. Seen pey mooy alku ba fàww, ñu dàq leen fu sore Boroom bi ak ndamam lu réy.*" **(1Tes 1:7-9)**

2. **Ñi daan jëf lu baax dinañu dekki, dund ba fàww**

Yeen ñi nuy déglu, xam ngeen ne bare na ñu sàlloo def lu baax. Waaye su fekkee ne ngëm ci Boroom bi Yeesu lalu ko, du jariñ nit ki tus. Fi def lu baax di tàmbalee mooy, nga gëm ki Yàlla fal, yónni ko ngir mu musal nit ñi, muy Yeesu Kirist. Moom Yeesu sax ne na:

"*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund.*" **(Yow 5:28,29,24**)

Kon ñi gëm Yeesu, gëm ay waxam te di ko jëfe, ñooñu tànneefu Yàlla lañu ci Kirist, booba àddina sosoogul. Te jëf yu baax yi ñuy def, du ci seen kàttanu bopp, waaye ci kàttanu Xel mu Sell mi lañu koy defe. Ni ko Kàddug Yàlla waxe ne:

"*Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yéen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu. Ndaxte jëfu Yàlla lanu; moo nu bind ci Kirist Yeesu, ngir nu wéy ci jëf yu rafet, yi mu nu fàgguloon ca njàlbéen ga.*" **(Ef 2:8-10**)

Kon, boroom jëf yu baax yi Yàlla di gis ñooy ñi gëmoon Yeesu ci seen dund.

Ñooñu nag Yàllaa leen tànnoon ca njàlbéen ga. Noonu la ko Kàddug Yàlla waxe ci téereb Efes, saar benn naan:

"*Cant ñeel na Yàlla baayu sunu Boroom Yeesu Kirist, mi nu sotti ci sunu bokk ci Kirist lépp luy barkeel ci baatin, te nekk ca bérab yu kawe ya. Ndaxte ba àddina sosoogul, tànn na nu ci Kirist, ngir nu mën a teew fa kanamam, sell te ñàkk sikk.* ***Ci kaw mbëggeelam séddoo na nu lu jiitu, def nu ay doomam jaarale ko ci Yeesu Kirist, ndaxte looloo doon yéene ju rafet, ji mu tëral ci coobareem.*** *Na ndamam jolli ndax yiw wu réy, wi mu nu sotti ci Soppeem bi. Moom jot na nu ak deretam ji ñu tuur, maanaam baal nu sunuy bàkkaar, ci kaw yiw wu yaatu, wi mu nu baawaanal. Te Yàlla sol na nu xel mu mat ak dégg, ci feeñal nu mbóoti coobareem, dëppook yéeneem ju rafet, ji mu jaarale ci Kirist. Mu tëral ne, bu jamono yi wéyee ba lépp mat, dina dajale lépp ci kilifteefu Kirist, muy ci kaw, muy ci suuf. Te am nanu cér ci moom, bu nu Yàlla sédd lu jiitu ci dogalam, moom miy doxal lépp ci ni mu ko àttee ci coobareem.*" **(Ef 1:3-11**)

Xarit yi, nanu fàttaliku ne Yàlla bëggul kenn sànku waaye ñépp mucc te tàbbi Àjjana. Loolu mooy coobare Yàlla ci bépp doom Aadama. Seytaane mi daaneeloon sunu maam Aadama ci bàkkaar, moom moo bëgg nit sànku waaye du Yàlla.

Mbokki déglukat yi, bañ kenn sànku moo tax Yàlla tëral yoon wu nit mën a rëcce ci àtte bi koy xaar. Noonu Yàlla yebal Yeesu Musalkat bi moom kepp ki nga xam ne moom mën a defaraat diggante nit ak Yàlla bi yàqu woon ndax bàkkaaru Aadama. Moo tax Kàddug Yàlla naan:

"*Jenn Yàlla kepp moo am, ak benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi, di nit ki Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp.*" **(1Tim 2:5,6**)

Kon ñi gëm Yeesu te wékk seen yaakaar jépp ci moom, Kàddug Yàlla ne na, bu ñu deewee it bés dinañu dekki, ànd ak Boroom bi di dund ci mbég. Moo tax mu ne nu:

"*Ndegam gëm nanu ne, Yeesu dee na te dekki, noonu it Yàlla dina indaale ak Yeesu ñépp ñi ko gëm te nelaw. Nu ngi leen di wax lii tukkee ci Boroom bi: nun ñiy dund te des fi, ba kera Boroom biy dellusi, dunu jiitu ñi nelaw. Ndaxte ndigal lu jamp dina jib, baatu kilifa ci malaaka yi dégtu, liitu Yàlla jolli, te Boroom bi moom ci boppam dina wàcce ca asamaan. Booba ñi gëm Kirist te dee dinañu jëkk a dekki; gannaaw loolu nun ñiy dund te des fi, dinanu ne fëyy ak ñoom jëm ci niir yi, taseji ak Boroom bi ci jaww ji. Te noonu dinanu nekk ak Boroom bi ba fàww.*" **(1Tes 4:14-17**)

Kon soo xamee te nangu ne bàkkaarkat nga, nga gis it ne amuloo menn pexe ngir tàbbal sa bopp Àjjana te mbindeef ni yaw it amul pexe mi. Gannaaw loolu, nga gëm ci sa xol te wax ak sa gémmiñ ne Yeesu Kirist mooy Boroom bi te moom kepp moo di sa Musalkat. Noonu Yàlla baal na la say bàkkaar. Mën na la wóor ne boo deewee dinga dem Àjjana. Lii nag du xalaati nit, Yàlla ci boppam moo ko wax. Xam ngeen bu baax ne Yàlla du waxantu, te it du wax di ca dellu gannaaw. "*Li Yàlla maye, dootu ko nangu mukk, te ku mu woo ci boppam, dootu la dàq mukk.*" **(Ro 11:29**)

Kon gis nga léegi naka lees mën a deme Àjjana. Yàlla mi sàkk lépp, xam lépp, mën lépp, dafa bëgg nga xam ko, di ko topp te boo deewee tàbbi Àjjana ba fàww. Waaye sama xarit, fàttalikul ne: Yàlla ku sell la, te tëral na yoon wu sell ngir képp ku ko bëgg a jege mën caa jaar. Soo fi bàyyee yoon woowu jaar ca wa la neex, naka ngay tàbbee ci Àjjanay Yàlla ji? Kenn xamu ko! Dëgër bopp baaxul. Mu ngi mel ni nit ku jóge Saalum war a dem Gànnaar. Mu dem ba gaaraas, dugg ci woto buy jëm Kaasamaas te naan: bu soobee Yàlla dinaa àgg Gànnaar." Ndax nit kooku dina dugg biir Gànnaar? Déedéet! Ci lu wér, Kaasamaas la ko woto bi jëme." Ngir tàbbi Àjjana, ci yoon wi Yàlla tëral lanu war a jaar, moo di Yeesu mi ne, man maay yoon wi, ku jaar ci man dinga mucc.

Ñu baree ngi wax naan, man de maa ngi góor-góorlu ci santaane Yàlla yi. Dañu réere mbir ne soo toppee santaane Yàlla yépp te xëtt ci benn kepp, mu ngi mel ci kanamu Yàlla ne, xëtt nga ndigal yépp. Kon ba tey bàkkaarkat nga. Loo jub jub ci bëti nit ñi ak lu say jëf yu baax bare bare, amul solo ndax mënuloo àgg ci sellaay bi Yàlla bëgg. Noonu sànku nga te tàqalikook Yàlla.

Koo mën a doon kon, yëgal ne Yàlla xam na sag tële ba joxe Doomam ju Sell ji, Yeesu, mu dee gàddu sa mbugalu bàkkaar. Biibal bi ne na: "Peyu bàkkaar mooy dee, waaye mayug Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom." Mucc gi du lu ñuy ñaq, may la, mayu Yàlla la. Du peyug jëf ngir kenn du ci kañu. Ni Yeesu waxe woon Nikodem ne dafa war a judduwaat ngir am dund gu dul jeex, yaw itam danga war a judduwaat ngir mën a tàbbi Àjjana. Bàyyil xel ci ne, ñaari bérëb rekk ñoo am yu doom Aadama mën a dem gannaaw dee: Safara ak Àjjana. Fan nga bëgg a dem yaw? Wóor na ma ne, Àjjana ngay tontu. Waaye fa nga jëm ëllëg, tey jii nga koy sabablu ndax fii nga koy ame ci kaw nga gëm Yeesu Kirist mi tuur deretam ngir far say bàkkaar. Soo ko gëmul nag, di ko xeeb ak a tuutal, Kàddug Yàlla ne na dinga sànku ba fàww maanaam dinga tàbbi Safara ci lu wér.

Kon mbokk yi, jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di tàggu ba beneen. Su ngeen amee laaj ci njàngum tey mi, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Tey jii** la jamono ju jekk ji; **tey la bésub mucc gi*!**" **(2Ko 6:2**)

# 113 Wóolu Yàlla

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu, di am mbégte ci déglu bi ngeen nuy déglu ci rajo yépp yi seen emisyoŋ *YOONU NJUB* di jàll. Jërëjëf it ci seen bataaxal yi nuy jot ñuy firndeel seen mbëggeel ci emisyoŋ bi. Nu ngiy delloo njukkal kenn ku nekk ci yeen tey am yaakaar ne yeen a ngiy jot tont yi nu leen di yónnee. Jërëjëfati.

Tey nag sunu waxtaan a ngi jëm ci mbir mu jafe ci nitu jamonoy tey jii. Maanaam **wóolu Yàlla** ci lépp lu xew ci sa dund ak li xewagul sax.

Am na ñu fitnay àddina jeñ, gétën leen, ñu dem sax ba naan: Naka lañu mën a wóoloo Yàlla? Ndaxte coono bare na, xaalis ñàkk na, jaaxle nanu lool te gisunu lu ci Yàlla def. Kon nees koy wóoloo?

Mbokki déglukat yi, li nu war a jëkk a xam mooy, dëgg la yenn saa Yàlla seetaan nit mu jaar ciy nattu, waaye lu bon, lu ñaaw ak coono yi nit di daj ci àddina, soqikoowul ci Yàlla. Coobare Yàlla moo doon nit dund ànd ak tawféexam. Moo tax Yàlla waajaloon ko tool bu taaru te lépp nekk ca biir. Amoon nañu lépp li ñu soxla woon, ngir seen dund neex. Noonu la Yàlla wone mbëggeelam gépp Aadama ak Awa, rax-ca-dolli, Mu may leen ñu mën a tànnal seen bopp.

Waaye ndeysaan, soo amee sañ-sañu tànn te tànnoo la gën, fitna rekk lay jur. Noonu la Seytaane ñëwe nax Aadamaak Awa ba ñu wóoloodiku Yàlla, lekk ca garab ga mu leen tere woon. Moona yeneen garab, yi ci des yépp a nga woon ca tool ba ngir ñu ciy xéewlu. Biibal bi ne na, Seytaane mooy baayu naxkat yi. Kon pexeem joyul, nax na leen. Te kat, ngir moytu loolu lépp, lenn rekk la Aadama ak Awa waroon a def, muy wóolu Yàlla ba déggal ko.

Aadama ak Awa dañu waroon a saxal ci seen xol sant Yàlla ci dund gi mu leen may. Waaye Yàlla, ci xam-xamam bu amul dayo, xamoon na ne nit ñi, ci seenug ndof, dinañu lànk, bañ kilifteefam di fexee jiiteel seen bopp seenug dund. **Loolu mooy ñàkk a wóolu Yàlla.** Li Yàlla bëgg mooy nu wóolu ko ci lépp moom mi ne: "*Duma la wacc mukk, duma la wor mukk.*" **(Yt 13:5**) Yàlla, du wax di sànni, lépp lu mu wax rekk, joxe na ciy firnde ngir ñi dëgër bopp mën a xam ne wax jii, Kàddug Yàlla la du ay taqale. Wóolu Yàlla, mooy li war kullu nit. Kon du lu ñuy wax nii rekk sànni, ñépp la war a soxal. Wànte bu nu fàtte ne li koy lal nag, mooy ngëm. Royukaay yi ci Kàddug Yàlla indi bare nañu.

Ci bu jëkk, Yonent Yàlla **Ibraayma**. Ay yooni yoon ci dundam, sunu maam Ibraayma wone woon na ni mu wóoloo Yàlla ba def yoo xam ne, xelu nit kese lott na ci nangu ko. Ci misaal, dafa am bés Aji Sax ji woo Ibraayma ne ko mu dem ciw tund ngir **rendi fa doomam.** Déggal ma loolu rekk! Moona doom jooju di Isaaxa, mooy doom ji Yàlla digoon Ibraayma, mu koy xaar ñaar-fukki at ak juróom soog koy am. Muy doom ju mu bëgg ci xolam. Waaye taxul Ibraayma werante ci ak Yàlla.

Noonu Ibraayma jóg fajar, sëf Macë ci mbaamam ànd ak Isaaxa ak ñaar ciy surgaam daldi tegu ci yoon wi. Bi ñu doxee ba ca ñetteelu fan ba, Ibraayma séen bérëb ba fu sore. Noonu mu ne ay surgaam: Toogleen fii xaar nu yeen ak mbaam mi, **man ak Isaaxa nu dem ba fale, màggal Yàlla te dellusi ci yéen.** Ibraayma yor ci loxoom safara sa ak paaka ba, mattum sarax sa, mu yen ko Isaaxa ñu ànd dem.

Léegi nag déglul mbir mu doy waar ma xewoon keroog. Kàddug Yàlla ne na:

"*...Isaaxa ne Ibraayma baayam: "Baay!" Mu tontu ko: "Waaw, sama doom." Isaaxa ne ko: "Safara saa ngii, matt maa ngi, waaye ana mbote mi ngir sarax si?" Ibraayma ne ko: "Sama doom,* ***Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi ngir sarax si."*** *Noonu ñu ànd ñoom ñaar. Ba ñu àggee ca bérëb ba, Ibraayma dajale ay doj ngir rendikaayu sarax; mu teg ca Macë ma, daldi yeew Isaaxa doomam, teg ko ci kaw Macë ma ca rendikaay ba. Ibraayma tàllal loxoom, daldi jël paaka ba, ngir rendi doomam.*

*Waaye malaakam Boroom bi tollu ci asamaan woo ko, ne ko: "Ibraayma!" Mu tontu ko: "Maa ngii!" Malaaka ma ne ko: "Bul jëmale sa loxo ci waxambaane wi; bu ko def dara, ndaxte* ***léegi xam naa ne, ragal nga Yàlla,*** *ci li nga ma gàntuwul sa jenn doom ji nga am! Ba mu ko déggee, Ibraayma geestu, gis ci gannaawam kuuyum xar, mu béjjén ya lonku cis ngarab. Ibraayma dem, daldi jël kuuy ma,* [rendi] *ko, mu wuutu doomam, nekk sarax su ñuy lakk."* **(Ge 22:7-13**)

Ci dëgg-dëgg, li Yàlla santoon Ibraayma, nattu bu tàng la te metti. Waaye taxul mu wóoloodiku Yàlla ndax xamoon na ne, Yàlla kuy sàmm kóllëre la. Ibraayma wóolu woon na Yàlla ba gëm ne su doom ji deewee sax, Yàlla miy dekkal néew yi, am na Kàttanu dekkal Isaaxa. **(Yt 11:19**) Noonu, Yàlla sàmm na kóllëreem ak Ibraayma ci li mu indi am xar, mu wuutu Isaaxa, doomam. Xar ma Yàlla indi woon mu wuutu doomu Ibraayma ca rendikaay ba amul woon benn sikk, ndaxte su amoon benn sikk rekk, dootul woon mat ba mën a wuutu Isaaxa. Waaye nag, xar ma takkandeer rekk la woon ci beneen sarax, sarax su gën a màgg te gën a mat, di Rammukat bi Yeesu mi naroon a tuur deretam ngir fey boru bàkkaaru doom Aadama yi.

Ba tey ci mbirum wóolu Yàlla, Kàddug Yàlla indil na nu meneen misaal mu am solo ci sunu jamonoy tey jii. Bekkoor ak xiif, yu siiw lañu ci gox yu bare ci àddina. Te sax, ci réew yi xiif tàbbeegul it, mënees na gis ne nit ñi am nañu ay jafe-jafe ngir am ab dund bu doy ngir njaboot yi. Waaye loolu warul a tax nit ñàkk yaakaar bay wóoloodiku Yàlla.

Ci loolu nanu yërandoo nettalib senn soxna su jëkkëram faatu woon. Soxna saa ngi dëkkoon **Sarepeta,** di dëkk bu nekkoon ci tefesu réewum Liban gii tey. Soxna soosu, ñu ngi ko tudde: **Jëtunu Sarepeta** ja. Moom **Jëtunu Sarepeta** jooju, réew ma mu dëkkoon dafa amoon bekkoor te sësul ci kenn ku koy dimbali ngir mu am lu mu dunde moom ak jenn doom ju góor ji mu amoon. Xiif boobu, lawoon na ba ca Israyil itam. Te foofa ca Israyil, amoon na fa ab yonent bu ñuy wax Iliyas. Ba xiif ba tàmbalee laal Iliyas, Yàlla sant ko mu dëkki ca Sarepeta.

Xoolal ni Yàlla di defe ay mbiram. Waaye dunu ci sore, léegi nanu déglu ni Kàddug Yàlla nettalee taseeb yonent Yàlla Iliyas ak jëtunu Sarepeta ja. Mu ne:

"*Bi muy agsi nag ca buntu dëkk ba, mu gis fa jigéen ju jëkkëram faatu juy taxan. Mu woo ko ne: «Maa ngi lay ñaan, nga dem indil ma tuuti ndox ci ndab li, ngir ma naan.» Jigéen ja dem wuti ndox. Iliyas dellu ko woo ne ko: «Ma a ngi lay ñaan, nga indil ma dogu mburu.»*

*Waaye jigéen ja tontu ne: «Giñ naa ci Aji Sax ji, sa Yàlla jiy dund, amuma mburu, te desewuma lu dul ŋëbu sunguf ci njaq ak tuuti diwlin ci ab tax. Maa ngi taxan, ba noppi ñibbi, togg loolu ngir man ak sama doom ju góor. Dinanu ko lekk, gannaaw loolu dinanu dee.» Iliyas ne ko: «Bul ragal dara. Ñibbil te def ni nga wax. Lakkal ma rekk ci loolu aw kàmp, te nga indil ma ko, ba noppi nga defaral sa bopp ak sa doom. Ndaxte Aji Sax ji, di Yàllay Israyil nee na: "**Sunguf si ci njaq li du ñàkk mukk, te diwlin ji ci tax bi du wàññiku mukk, ba kera Aji Sax jiy wàcce taw ci kaw suuf si.**"» Mu daldi dem nag, def ni ko Iliyas wax. Te ci diir bu yàgg muy am lu mu lekk, moom ak waa këram ak Iliyas itam. Sunguf si woon ci njaq li jeexul, te diwlin ji ci tax bi wàññikuwul, ni ko kàddug Aji Sax ji waxe jaare ci Iliyas.* **(1Ki 17:10-16**)

Ni ngeen ko dégge xarit yi, jëtunu Sarepeta ji wóolu woon na Yàlla ba tax ñàkkatul woon lu mu dunde. Noonu, gis nanu ne jigéen jile royukaay bu am solo la. Li wér mooy, su bañoon a déglu te topp santaaney Iliyas, li ciy topp mooy lott, laatikaaf ba ci dee, amul sikki-sàkka. Waaye jigéen ja dund na, moom ak doomam ndaxte wóolu woon na Yàlla. Loolu lu am solo la. Jëtunu Sarepeta ji wóolu na Yàlla ba joxe li mu amoon as néew. Nun itam, Yàllaa ngi nuy laaj li nu am as néew. Muy lan? Muy nu wóolu ko ba gëm Ki mu yónni di Musalkat bi Yeesu mi dee ngir raxas sunuy bàkkaar. Ndaxte ci moom Almasi bi rekk lanuy ame jàmm ak Yàlla ak jàmmu Yàlla ci sunu biir xol. Lépp lu nu mën a wut ci àddina, looloo ci ëpp maanaa, li ci des lépp lu mën a ñàkk la. Te sax, Yàlla biral na nu ne, bu nu ko wóoloo ci lépp, dunu ñàkk dara, Yàlla dina nu toppatoo ci sunu soxlay àddina itam. Ci moom la sunuy aajo ak sunuy soxla yépp di fajoo.

Léegi, nanu jàll ci beneen royukaay bu kéemaane ci wàllu wóolu Yàlla ak muñ. Kooku moo di **yonent Yàlla Ayóoba,** Ayóoba nit ku jub te maandu la woon. Amoon na juróom-ñaari doom yu góor ak ñett ñu jigéen. Ku am alal la woon ndaxte amoon na jur ak i surga yu bare ba jéggi dayo. Am bés, ñu xamalsi ko ne juram ga, lii lël nañu ko, lee dënnu wadd na ci seen kaw ñoom ak sàmm ya, ñu dee. Te keneen xamalsi ko ne fukki doomam ya daje woon ca kër taaw ba, ngelaw lu ànd dënnu dal na ca kaw kër ga ñu nekkoon. Kër ga màbb rey leen ñoom ñépp. Loolu lépp di nattu yu tiis te doy waar. Waaye ci loolu xewoon lépp, li ci mat a jàpp mooy la yonent Yàlla Ayóoba wax keroog ba ñu ko indilee xabaar yu naqari yooyu. Mu ne: "*Indaalewuma dara bi may ganesi àddina te duma yóbbaale dara bu may génn àddina. Yàlla mi ma dénkoon moo ko jëlaat. Sant Yàllaa ma war.*" **(Job 1:20,21**)
Mbokk yi nuy déglu, wóolu Yàlla mooy nangu ne Yàlla xam na lépp, mën lépp, gis lépp am pexe ci lépp. Keneen ku dul moom, xamuloo, mënuloo te amuloo. Te it, wóolu Yàlla mooy, nga xam te nangu ne, lu waxtu wa jot ci sa dund Yàlla dina ko defe ni mu ko soobe.

Nanu xam ne, li nu gis ci sunu njàngum tey mii, Yàlla defoon ko ak Ayóoba, def ko ak Ibraayma ak jëtunu Sarepeta ja ak ñeneen ciy gaayam, ndax li ñu ko wóolu, ba tey Yàlla mën na ko def. **Wóolu ko rekk!** Nanu fàttaliku ne, wóolu Yàlla, mooy gëm ne moo xam lépp, mën lépp, gis lépp am pexe ci lépp. Wóolu Yàlla, mooy nangu ay dogalam cig woyof ak muñ te jiital ko ci lépp. Yeesu ne na: "*Jëkkleen a wut nguuru Yàlla ak njubteem te loolu lépp dina leen ko ci dollil.*" **(Mc 6:33**) Maanaam woneel sa kóolute ci Yàlla ci bépp fànna ci sa dund te muy lu wér. Su ko defee li ci des, Yàllaa koy toppatool boppam. Ñépp ñi wékk seen yaakaar ci Yeesu te wóolu ko, Yàlla moo leen di toppatool boppam. Du leen batale ak kenn. Man xam naa loolu te mën naa ko wax ndax dama ko dund. Gannaaw li ma Yàlla di toppatoo ci wàllu liggéey ak soxlay bés bu nekk, dafa may aar di ma sàmm ci musiba yeek jëyyë yi.

Dafa am genn guddi, ci atum 1989, may nelaw ci sama néeg ca Waalo. Bi ñaari waxtu yu tegal ñeent-fukki simili jotee fekk ñépp nelaw ba yàndoor. Man doŋŋ ci sama néeg, ci saa soosu am xeer wu jóge ca kaw daanu ci sànke bi ma tëddoon. Noonu ma yeewu gis muy xeer, ma saf saw. Bi ma tegee sama tànk ci buntu néeg bi rekk, di génn, néeg bi ne: **bruum!** daanu. Kenn mësu koo gis! Ku ci tegul say bët rekk doo ko gaaw a gëm.

Ñi doon nelaw ca yeneen néeg ya daldi yeewu. Céy, Yàlla kuy sàmm kuy sàmm kóllëre la! Wolof Njaay nee na: "Yàlla bindul ku mu dul rey waaye am na ñu mu dul toroxal." Ñooy ñi ko wóolu ci seen lépp! Yàlla def na loolu ndaxte Boroom bi Yeesu Kirist mooy sama Musalkat. Moo may sàmm fu nekk. Ni ko Yonent Yàlla Daawuda binde ci Sabóor ne: "*Yàlla Boroom bi mooy sama sàmmkat, looloo tax duma ragal dara.*"

Kon mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey. Jërë ngeen jëf ci déglu bi, su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.
Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla ne: "***Buleen jaaxle nag, di wax ne: Lu nu war a lekk? Lu nu war a naan? walla: Lu nu war a sol? ndaxte ...seen Baay, bi nekk ci kaw, xam na ne am ngeen soxla ci loolu lépp. Waaye jëkkleen a wut nguuram ak njubteem, te loolu lépp dina leen ko ci dollil.***" **(Mc 6:31-33**)

# 114 Guney mbedd yi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy sant Yàlla ci li nu mën a delluseek yeen ci seen emisyoŋ bi ngeen sopp di *YOONU NJUB.*

Mbokk yi nuy déglu, Wolof Njaay dafa wax ne: "*Koo jurul doo ko yërëm.*" Te man xam naa ne ànd ngeen ci. Waaye li ñuy gis ci àddina sii de, wone na ne, am na ñu jur te amuñu benn yërmande ci ña ñu jur. Moo tax tey nu fas yéene waxtaan ak yeen ci mbir mu doy waar lool te soxal daanaka réewi àddina yépp rawatina nag réewi Afrig yii. Mbir moomu moo di **guney mbedd yi.** Maanaam xale yu góor ak it yu jigéen yuy taxawaalu ci mbedd yi. Mu am sax ci xale yooyu ñoo xam ne, mbedd mi lañu def muy seen dëkkuwaay, seen kër. Booy doxantu ci mbeddi Ndakaaru walla yeneen dëkk yu mag yi, li ngay seetlu benn la: **Gune yuy tambaalu ci mbedd yi.**

Naka Mbootaayu xeet yi, xayma na limu guney mbedd yi, te nee nañu ñu ngi tollu ci lu mat téeméeri milyoŋ yu tasaaroo ci biir àddina sépp. **Guney mbedd yi** ñu ngi ëppe nag ci dëkki taax yu mag yi ci Afrig. Ci Senegaal, ay gëstukat gis nañu ne guney mbedd yi ëpp nañu fi ñetti téeméeri junni. Seeni at a ngi tollu ci juróom-benni at jëm fukki at ak juróom-ñett.

Ci dëgg-dëgg mbokki déglukat yi, mbir mu naqari la te metti ci xol. Bu ñu ko seetloo nag, lenn ci mbir yi koy sabab mooy jafe-jafe yi réewi àddina yépp jànkoonteel te mu gën a tare ci sunu réew yi ñu tudde réew yi néew doole te nguur yi amuñu dooley xeex musiba mi, ni mu ware. Ba tax na xale yi mënuñu àggale seen njàng walla sax kenn du leen dugal lekkool. Seeni soxla yi gën a ndaw sax, waajur yi mënuñu leen faj. Noonu xale daldi tàbbi ci mbedd mi. Seetlu nañu it ne, guney mbedd yi ay xeeti xeet lañu:

1. Ñi bawoo ci njaboot yu ndóol yi,
2. Ñi bawoo ci waajur yu tàggoo,
3. Jirim yi,
4. Ñi ñu dénkaane a.ñ.s...

Kon xarit yi, gis ngeen ne, ñi ëpp ci guney mbedd yi, xale yu sësatul ci kenn ku leen mën a taxawu lañu. Ñu bare ci gune yooyu, dale ko ca, ba ñu juddoo, ñii seen dund doyul, ñee kenn soppu leen te amuñu yar ak toppatoo ba ca war. Tàbbi googu xale yi tàbbi ci mbedd mee tax guney mbedd yi ñàkk njaboot. Waaye boo leen fekkee ci seeni màkkaan, dañu dajaloo def ay làng nekk seen njabootu bopp. Ñuy dunde sàcc ak tafaar te it seetlu nañu ne, ñu bare ci ñoom dañuy dorogewu ngir am fitu def lu ñu mënul a def bu ñu àndee ak seen sago. Waaye su ñu jëfewul noonu, duñu mën a dund. Ndeysaan, noonu lañuy jànge mbon ak càcc, te ñu jigéen ñi boole ci di jaay seen bopp. Muy mbir mu kéemaane moo xam ne képp kuy waajur wu baax rekk metti na sa xol.

Mbokki déglukat yi, guney Mbedd yi, nun ñépp a ko seetloondoo, léegi lu jafe la ngay doxantu te gune yooyu lëjaluñu la. Boo sàgganee sax bëccëg ndarakàmm ñu tafu la mbaa ñu foqati sa kalpe walla sa takkaay. Booy tukki, mënatoo am jàmm, ñu nga ca gaaraas ya di gétën tukkikat yeek gan ñi. Boo demee ja ba di jënd ñu nga fa, booy raf ñu wommi la, ne mes. Kon ku naaféqul xam nga ne mbir mii, lu am la te ñu war cee dog aw waar. Waaye nag bu kenn xalaat ne mbir mi ñeneen ñoo ko war a toppatoo mu deñ fi. Déedéet! Kenn ku nekk ci nun am na ci cér te war cee sàkk pexe ba lii jóge fi ci anam yi gën a yell. Mbaa boog mu wàññeeku lool.

Xarit yi, dëgg la, guney mbedd yi tawat bu wër àddina la te nekk lu jafee saafara. Waaye mënees na wax rekk ne:

Ci bu jëkk, ngir mu saafarawu fàww ñu jàppale ci nguur yi ak képp kuy yëngatu ci mbirum suqaliku. Noonu ñu mën a suqali koom-koom bi, wàññi ñàkkum liggéey bi boroom kër yi nekke. Xale yi tollu cim njàng, ñu dugal leen lekkool te taxawu leen ba ñu mën a àggale seenum njàng. Te it, waajur yi xamul, ñu fexe ba xamal

leen ni ñuy toppatoo seen njur, moytu nef. Loolu yépp di tekki rekk ne, nguur yi war nañu fexee gën a góor-góorlu. Ñu jël seeni matukaay ngir miskin yi mën a am. Ñu moytu ñi woomle di gën a woomle, ñi ñàkk di gën a ñàkk.

Ci ñaareel bi, naka kureel yiy yëngatu ci wàllu suqali nekkinu doomu Aadama, ñoom itam waroon nañu gën a xar seen tànku tubéy ci dimbali xale yi. Ñu fexe ba yee gune yi ñu xam li ñu bëgg ak fa ñu jëm. Waaye tamit, kureel yooyu taxaw ci faj aajoy gune yi nga xam ne xas nanu ba tàbbi ci mbedd mi. Ñu àndandook **xale yooyu** ci wut pexe yu saafara jafe-jafe yi ñuy jànkoonteel.

Naka ñetteelu pexe mi, di pexe mi ci gën a am solo. Mooy waajur yi ci seen bopp, war nañu yeewu, taxaw jonn fexe ba xale dootuñu génn kër yi. Naka? Maanaam bu jafe-jafe yi tàmbalee feeñ, ñu jéem ko fa yemale ni mu gën a gaawe. Ni ñu ko mën a defe nag mooy:

- fexe ba dundu xale yi ci biir njaboot gi bañ a ànd ak fitna. Ñuy kaf ak xale yi di dab seen bànneex te bañ leen a tàmmal nag lu dul wéy
- ñuy seet li soxal xale yi ñu di ci waxtaan ak ñoom
- bu xale yi tàmbalee di jànkoonteek yenn jafe-jafe yi, ñu leen di muñal ak a yedd, moytu leen di bundaxataal
- ñu di leen dimbali ba ñu xam seeni mën-mën te it wóolu seen bopp

Mbokki déglukat yi, ba tey ci mbirum waajur yi, ci dëgg warunu nax sunu bopp, su mbir mii di guney mbedd yi amee bay law, li muy wone rekk, ci gàttal mooy: ñàkk a farlu ci yenn waajur yi ak itam ñu bare ci waajur yi, xamuñu lu bare ci ni ñuy toppatoo seenum njur. Càggante googu wax dëgg, bokk na ci yi jur lii ñépp teg seeni bët, di **guney mbedd,** yi ñuy faral a tudde "**fàqmaan**" ak "**buujumaan**" ak lu ma xamul.

Ci loolu nuy ñaax waajur yi nu ko sañ a wax, ñu farlu gën a takku ba gune yi des ci kër yi, bañ a génn di def mbedd mi seeni kër. Ndaxte kat, waajur yi war nañu xam ne, Yàlla bëggul kenn torox rawatina nag xale yi. Yàlla ku fonk xale yi la te xel-ñaar amul ci ne, Yàlla bëggul benn xale di taxawaalu. Coobare Yàlla mooy gune gu nekk am njaboot gu mu mën a màgge. Kon waajur wu nekk am na ay wareef ciy doomam. Maanaam war na leen yar, jàngal leen, di leen jubbanti ci mbëggeel ak cofeel te tette leen ci ngëm gu wér ci Yàlla jiy dund. Moo tax Kàddug Yàlla wax ne:

"*Yeen* [waajur] *yi ...buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen yar leen, di leen yemale ak a yee ci Boroom bi.*" **(Ef 6:4**)

Waaye ndax dees na joxe loo amul? Déedéet! Wolof Njaay dafa ne: "*Garab du meññ lu dul la ñu ca gajj.*" Kon loolu dafay junj ne, fokk waajur wi jëkk a xam Yàlla, bëgg ko te wóolu ko ci lépp. Su loolu amul, gune gi du mën a am cëslaay te du am kilifa. Te kat, "*Ku amul kilifa, jinne di sa kilifa.*" Ku sañoon nag doo jur sa doom jinne di nekk kilifaam. Kon nag su waajur wi gëmee Yeesu, bëgg ko te wóolu ko ci lépp, gune gi dina mën a am cëslaay gu dëgër. Nun waajur yi, nanu teel a jóg ci gune yi, ndaxte: "*Garab dees koy jubbanti ca ba muy lu tuuti.*" Lu ko moy mu damm mbaa jublu fu dul gënal kenn.

Ci loolu nag, am na misaal yu baax ci Kàddug Yàlla. Su nu tànnee waajur yu mel yu genn gune gu tudd Timote, dinanu gis ne ñoom nekkoon nañu royukaay yu baax ci seen doom. Maamu Timote, di Lowis ak yaayam Ënis, ñoo ko yaroon. Li tax Pool tudd leen ci bataaxal bi mooy ngëm gu wér gi mu gisoon ci ñoom. Mu bëggoon Timote di ko fàttaliku. Li gënoon a am solo nag ci ñoom mooy li ñu daan jàngal Timote Kàddug Yàlla gi bi muy xale. Bi Timote di ngune su tuuti lañu ko tàmbali woon di jàngal. Ñoom xalaatuñu woon ni ko ñu bare di waxe naan: Aa, xale la, xamul dara. Déedéet! Ñoom dañu sukkandiku woon ci li Yàlla wax ne:

"*Yaral gune gi yar bu méngook yoon wi mu war a topp te noonu, bu màggatee, du ko wàcc.*" **(Pr 22:6**)

Waaw, loolu mooy li waajuri Timote yi defoon. Moo tax it Timote amul woon jotu nekk "**fàqmaan**" walla "**buujumaan**". Bi Timote màggee, am bés mu dégg waareb xabaar bu baax bi, daldi gëmal boppam Yeesu

te nangu ko ni Musalkatam. Looloo taxoon Timote amoon dund gu rafet ci kanamu Yàlla ak nit ñi, te ñu seede lu baax ci moom.

Waaye leneen lu am solo te bépp waajur war ci bàyyi xel mooy, njàngalem waajuri Timote yemul rekk ci li ñu jukkee ci Mbind mu sell mi. Bés bu nekk dañu daan dund li ñu ko doon jàngal. **Nekkuñu woon ay naaféq yuy jàngale lii, ba noppi di def leneen.** Seen dundin dafa doon fésal seen ngëm bés bu set. Te loolu am na solo ci xale yi ndax dañu am ay bët ak xel mu ñaw di ci xalaat li ñuy gis. Loolu lu jar a bàyyi xel la. Naka waajur yii doon Lowis ak Ënis, naam ay yawut yu fonk seen diine lañu woon waaye terewul bi ñu déggee ñuy waare ci mbirum Yeesu, Almasi bi Yàlla dige woon, dañu ko gëm.

Mbokk mi nuy déglu, xëyna yaw itam ku fonk sa diine nga waaye sa dundin mënul fésal sa ngëm. Xamal ne Yeesu Almasi bi, mën na la dimbali ba sa ngëm di feeñ ci sa dundin soo ko gëmee. Kàddug Yàlla dafa ne, garab gu baax, ciy meññeefam lañu koy xàmmee. Te Yeesu wax na ne: "*Man maay **garab gi**; ...**ki sax ci man te ma sax ci moom, dina meññ**, ndaxte bu ngeen saxul ci man, dungeen mën dara*.”. **(Yow 15:5**) Kon gëmal Yeesu te bu jëkk, dina la baal say bàkkaar. Gannaaw gi, jaare ko ci Xel mu Sell mi, dina la may kàttanu dund dund gu dëppoo ak sa ngëm ci Kirist.

Bu loolu amee rekk, ci ngay soog a mën a def ci gune gi lu mel ni li waajuri Timote yi defoon ci seen doom ba nekkul "**fàqmaan**” walla "**buujumaan**”. Bu loolu amee nag, sa jaan wàcc na te ndegam neex na Yàlla, gune gi dina mën a ràññee te tànnal boppam yoon wu jub wi. Dina mën a am ngëm gu koy may kàttanu dëddu lépp lu bon, bépp xarit walla àndandoo bu koy jeñ ci lu safaanoo ak njub ak yoon.

Ci loolu, mbokk yi nuy déglu, bu nu fàtte itam ne bokk na ci wareefi waajur yi, ñuy toppatoo gune yi ci seen soxlay àddina ak seeni aajo.

"*...Ndaxte du gune moo war a yor waajuram, waaye waajur moo war a yor gune yi*. **(2Ko 12:14**)

Yor ab xale yemul ci wàllu baatin waaye itam ci saayir. Kon yor bu mat te rafet la war a nekk. Ñu bañ a gënale xale yi ndax loolu mën na jur mbañeel ba noonoo sax am ci njaboot gi. Te loolu mën na dem ba tax yenn xale yi gedd kër gi, dëkki ci mbedd mi. Loolu du lu gën te ni nu ko xame, safaan rekk lay jur.

Léegi nag xanaa nu fàttaliku rekk ne, ba tey ci mbirum guney mbedd yi, yaraange gi ñépp la dal rawatina nag waajur yi. Kon ñuy yaakaar farlu gu gën a tar dina feeñaat ci waajur yi, ñu gën a taxaw temm ba gune yi des ci kër yi. Te it, ñuy fàttaliku ne Yàlla bëggul benn xale di torox ndax fonk gi mu leen fonk. Waajur wu nekk wareefam ciy doomam mooy dundal leen, jàngal leen, di leen jubbanti te bañ leen di bundaxataal.

Kon nag mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey. Nu ngi leen jox dox-daje emisyoŋ biy ñëw ndegam neex na Yàlla. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Yeen* [waajur] *yi ...buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen yar leen, di leen yemale ak a yee ci Boroom bi.*” (Ef 6:4**)

# 115 Soxna yu bare

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji Jub ji bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Sant nanu Yàlla ci li nu leen mën di bége yeen ñépp ñiy déglukati emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokk yi, su ngeen amee pàttaliku, mësoon nanu fi jàng ci mbirum Kayin, taawu Aadama ak Awa. Bi Yàlla sàkkee Aadama, mu gis wéetaayu góor ndaxte rabu-àll yépp amoon nañu moroom mu ñu àndal. Aadama moom, gisul kenn ku mu nirool. Noonu Yàlla tàbbal Aadama ci nelaw yu xóot, jël ag faar ci moom sàkkal ko ci benn soxna. Bi Aadama yeewoo, mu gis soxna si mu nirook moom, mu tudde ko Awa ndax li ñu ko jële ci góor. Noonu Yàlla ne:

"*Looloo tax góor dina beru ndeyam ak baayam, ànd ak jabaram,* [**ñoom ñaar**] *ñu nekk kenn.*” **(Ge 2:24**)

Noonu la Yàlla sàkkale sunu maam Aadama soxna. Muy **benn soxna** kepp.

Loolu moo tax sunu njàngum tey mi jëm ci mbirum **soxna yu bare**. Kon dinanu gis lu tax ak ci kan la jël soxna yu bare tàmbalee te it lu tax muy wéy di law. Ci loolu lépp nag fi nuy sukkandiku mooy Mbind mu sell mi.

Mbokki déglukat yi, yeen a ngiy fàttaliku ne Aadama ak Awa amoon nañu ñaari doom. Kayin seen taaw ak Abel rakkam. Ni seeni waajur, ñoom it ay bàkkaarkat lañu woon. Waaye xamoon nañu ne, Yàlla am na te dafa bañ bàkkaar. Ñoom ñaar ñépp xamoon nañu ne, ku bëgg a jege Yàlla, fàww mu jaar ci yoonu saraxe deret wi Yàlla tëral. Noonu, am bés ku nekk fas yéene màggal Yàlla ci jébbale sarax. Kayin jël ci li mu bey, jébbal ko Aji Sax ji, ngir màggal ko. Abel moom jébbal Yàlla yi jëkk a juddu te gën a duuf ci géttam. Aji Sax ji nangul Abel, waaye nangulul Kayin. Kayin mer lool, ba xar-kanamam lëndëm.

Loolu nag deful lu dul wone ne Kayin dafa mbubboo woon ngëm, waaye ay jëfam weddi na ko. Gémmiñam a doon teral Yàlla waaye xolam sore woon na ko ndaxte li Yàlla laajoon mooy deretu mbote. Waaye moom mu indil ko jëfi loxoom. Kon màggalam amul woon benn njariñ ci kanamu Yàlla. Kayin fippu na bañ a nangu yoon wu jub, wi Yàlla tëral. Noonu Kayin bañ a réccu xanaa mu nax rakk ji yóbbu ko ca tool ya, daanu ci kawam, rey ko. Seetal ma lii rekk! Kayin bañoon na tuur deretu mbote ngir Yàlla baal ko ay bàkkaaram waaye léegi mu ngi nii tuur na deretu rakkam ju jub ji! Lii mooy wone ne képp ku bañ a def coobare Yàlla, fàww nga def coobare Ibliis. Amul sikki-sàkka!

Mbokk yi nuy déglu, lii lépp wax nanu ko ci Kayin ndaxte ndate danuy jàng tey ci mbirum soxna yu. Kon jaadu na nu xam kan mooy ki jëkk a takk lu ëpp benn jabar. **(Ge 4:19**) Kooku nag nag ci Kayin bóomkat boobule la soqikoo. Mu ngi tuddoon **Lemeg!** "Kéwél du tëb doom ja bëtt” Lemeg aw na ci tànki Kayin ba yées ko sax! Kàddug Yàlla ne na: *Lemeg bóomoon na ñaari nit, daldi bàkku ci kanamu jabar ya ndax li mu gën a soxor Kayin, maamam!* **(Ge 4:23**) Xarit yi, loolooy wone ne Lemeg moom itam, faalewul woon waxu Yàlla Aji Sax ji. Moom it bóomkat la woon, di ku yég boppam. Topp nafsoom a ko gënaloon def coobare Yàlla!

Kon mbokk mi nuy déglu, jàppal ne, **ab bóomkat bu bañ a réccu ba sore Yàlla,** mooy ki jëkkoon a jël **lu ëpp benn soxna.** Ndax ku mel noonu nga bëgg a def sa royukaay? Xam naa yaa ngi naan ci sa xel: "Aa, loolu nag, sunu aada la. Ay nit ñu màgg daan nañu ko def te ba tey ñu ngiy jël soxna yu bare.” Dëggit! Waaye loolu taxul mu nekk li Yàlla bëgg ñu topp ko. Sooy fàttaliku, ca njàlbéen ga, ñaata soxna la Yàlla sàkkaloon Aadama? Du woon ñaari soxna de! **Benn soxna** la ko Yàlla sàkkaloon. Ndax Yàlla dafa amul woon kàttanu sàkkal Aadama yeneen soxna? Axakay! Yàlla amoon na kàttanu sàkkal Aadama juróomi soxna walla sax lu ko ëpp, su fekkoon ne mooy li mu namm.

Lépp lu Yàlla def dafa koy def mu mat, baax te jekk. Yàlla mi sàkk nit, moo gën a xam keneen ku mu mën a doon li gën ci nit. Kon **benn soxna** la Yàlla bëggoon Aadama am ko te loolu nekk royukaay ci bépp doom

Aadama. Waaye Lemeg moom daldi nekk "Maram-Baraan" mi jëkk ci askanu Aadama ci mbirum soxna yu bare. Moom faalewul woon Yàlla te it bëggul woon lu dul topp nafsoom ba tax mu takk ñaari jabar: Ada ak Silla.

Naka ñi toppoon aaday Lameg jooju, Yàlla santu leen ko woon. Amul fenn ci Mbind mi fu ko Yàlla defe ab santaane. Ñi ko def ñépp ci seen coobare bopp lañu ko defe. Moo tax it daanaka ñoom ñépp ba ñu ko defee ay coono yu mënoon a ñàkk ci seen dund juddoo nañu ca. Ci loolu nanu jël ñaari misaal rekk ci ñoom: Ibraayma ak Suleymaan.

Ci lu jëm ci [Ibraayma], Yàlla digoon na ko ne dina may askanam réewum Kanaan te xeeti àddina yépp dinañu barkeelu ci moom. Ay ati at gannaaw ga, Ibraayma ak jabaram Saarata gis ne ñu ngiy màggat te amaguñu doom ju tax ñu mën a am aw askan. Noonu Kàddug Yàlla ne:

"[Saarata] *amul woon doom ci jëkkëram* [Ibraayma]. *Te fekk, amoon na jaam, bu juddoo Misra te tudd Ajara.* [Saarata] *ne* [Ibraayma]: *Déglul ma wax la; Aji Sax ji deful ma am doom. Kon nag, maa ngi lay ñaan, nga dem ci sama jaam bi, ndax Yàlla def, mu jural ma doom.* [Ibraayma] *nag dégg waxu* [Saarata]. *Loolu amoon na, gannaaw ba* [Ibraayma] *dëkkee fukki at ca réewum Kanaan. [Saarata] daldi jël jaamam Ajara, jox ko* [Ibraayma] *jëkkëram, ngir mu ànd ak moom. Noonu* [Ibraayma] *dem ca Ajara, mu daldi ëmb.* ***Ajara nag, bi mu yégee ëmb bi, mu daldi xeeb sangam* [Saarata].**

*Kon* [Saarata] *daldi wax* [Ibraayma] *ne ko: Tooñ gi ma Ajara tooñ, yaa ma ko yóbbe! Jox naa la sama jaam, ngir nga dem ci moom, waaye bi mu yégee ëmb bi, daf maa xeeb. Na Aji Sax ji àtte sama diggante ak yaw!* [Ibraayma] *tontu* [Saarata] *ne ko: Sa jaam a ngi ci say loxo, def ko lu la neex.***[Saarata]** ***nag daldi ko toroxal, ba Ajara daw ko fu sore.***" **(Ge 16:1-6**)

Dégg ngeen ni yàkkamtig [Ibraayma] taxe mu déglu jabaram [Saarata] ba jël ab ñaareel. Waaye kujjeg ñaari soxna yi jur na wax ci diggante [Ibraayma] ak aawoom Sarayi. Kujje gi jur na it kañaan ci [Saarata] ndax li Ajara ëmb. Noonu Ajara it xeeb na [Saarata] te mere ko. Kon coow ak coxor tàbbi na ci kër [Ibraayma] ndax jabar yu bare.

Naka **Suleymaan** moom, amoon na alal ak xam-xam lool. Nekkoon na buur bu dëgër tey sàmm ndénkaaney Yàlla Aji Sax ji. Kàddug Yàlla ne na, bi Daawuda baayam jegee àppam, dénku woon na Suleymaan ne ko:

"*Maa ngi jaar ci bunt, bi àddina sépp di jaar. Nanga dëgërlu te góor-góorlu, ci wottu dénkaaney Aji Sax ji, sa Yàlla, di jaar ci ay yoonam,...ni ñu ko binde ci yoonu Musaa; bu ko defee dinga am ndam ci lépp looy def ak fépp foo jublu. ...Gannaaw ga Suleymaan wuutu Daawuda baayam ca jal ba, te nguuram sax ba dëgër.* **(1Ki 2:2,3,12**)

Bi Suleymaan wuutoo buur Daawuda ci nguuru Israyil, Yàlla jagleeloon na ko xel ak ràññee bu jéggi dayo. Waaye ndeysaan, ci mujug dundam, jabaram ya taxoon nañu mu sóobu ci lu dëppoowul ak coobare Yàlla. Suleymaan dem na ba tabaxal jabar ya ay bérëb yu ñuy màggale seeni yàlla. Moona Suleymaan xamoon na bu wér ne jeneen yàlla ju dul Aji Sax ji amul. Wànte bëgg a neex ay soxnaam a ko ci dugaloon. Loolu la Kàddug Yàlla wax ne:

"*Bi Suleymaan màggatee, ay jabaram jeñ xolam ci yeneeni yàlla, ba xolam bépp nekkatul ci Aji Sax ji Yàllaam, ... Te Suleymaan tabax ca tund, wa féete penku Yerusalem, màggalukaay bu kawe ngir Kemos, yàlla ju araam ju Mowab, ak màggalukaayu Molog, yàlla ju araam ju bànni Ammon. Noonu la defal jabari làkk-katam yépp, ñuy taal cuuraay, di rendil sarax seeni yàlla.*" **(1Ki 11:4-8**)

Waaw, ndax soxna yu bare ak bànneexu bakkan, jar na njaboot gu xëtt? Ndax jar na siis ak kañaan tàbbi ci biir kër goo xam ne ag dal a fa mës a am? Te itam, ndax jar na sore Yàlla mbaa di dugg ci mbir yu mu gërëmul te bëggul ko? Déedéet! Jaru ko kay!

Xarit yi nuy déglu, ci sunu cosaanu Afrig gii, dëgg la, jël soxna yu bare, bokk na ci aaday yenn xeet yi. Waaye dañuy gis ne bokk na ci yi ko daan waral, wàllu koom-koom ak gëddë ak ñoom seen. Ndaxte démb daan nañu gën a weg nit ku am njaboot gu sakkan. Boo amaan soxna yu bare ñu jural la doom yu bare. Ñoo lay liggéeyal te doo fey dara. Ñii nekk ci tool yiy bey, bu ko defee nga mën a bey tool yu yaatu te am ngóob mu sakkan. Ña ca des féete ci càmm gi di toppatoo jur gi sa alal ñoŋ. Ku mel noonu daan nañu ko tudde boroom barke. Ñu daan ko gën a jox wegeel ak gëddë ndax alalam.

Waaye nag mbokki déglukat yi, la woon démb, du tey. Dundinu démb, wuute na ak bu tey, rawatina ci yenn gox yi. Moo tax waratunu yem ci seet wàllu koom-koom bi rekk ak sunu nafsu. Loolu warul a tax nit ki di jël soxna yu bare, di aw ci yoon wu Yàlla diglewul. Li wér te ñu war ci bàyyi xel daal mooy: ca njàlbéen ga, Yàlla tànnalul woon Aadama lu dul benn soxna, muy Awa. Kon misaal mi fi Yàlla tegal bànni Aadama mooy genn góor, jenn jabar. Waaye bàkkaar bi dëkk ci nit moo koy xiir ci tànn lu safaanook coobare Yàlla.

Mbokk yi nuy déglu, nanuy fàttaliku ne gannaaw ba Yàlla sàkkee góor ga te gis wéetaayam, **benn soxna kepp** la ko sàkkaloon, muy misaal mi fi Yàlla tegal bànni Aadama yépp. Waaye gis ngeen li sëtu Aadama bi di Lemeg tànn. Tànn na lu wuuteek misaal mi Yàlla joxe ci séyu Aadama. Maanaam góor gu nekk, benn soxna. Lemeg moom daldi tànn takk lu ëpp benn soxna. Noonu ñeneen aw ciy tànkam, bañ a topp misaalu Yàlla.

Waaye gis ngeen noonu ne, li Biibal biy yaatu lépp, boo ko lëñbëtee, li nga ciy fekk ci boroomi soxna yu bare weesuwul fukki nit ak ñett, ñuy: **Lemeg** mi sos jooju jëfi, **(Ge 4:19**) **Ibraayma**, **(Ge 16:3**) **Esawu** magu Yanqóoba, **(Ge 26:34 28:9**) **Yanqóoba** doomu Isaaxa, **(Ge 29:28**) **Sédéyon** doon àttekat ca Israyil, **(Jud 8:30**) **Elkana**, baayu Samwil, **(1Sa 1:2**) buur ba **Daawuda**, **(2Sa 3:3**) buur ba **Suleymaan**, **(1Ki 11:3**) **Achhour**, **(1Ch 4:5**) **Robowam** doomu Suleymaan, **(2Ch 11:18**) **Abiya** doomu Robowam di it sëtu ci Suleymaan, **(2Ch 13:21**) **Yowas** doon buur ca Israyil, **(2Ch 24:3**) **Belchatsar** doon buur ca Babilon. **(Da 5:2,3**)

Boo déggee tur yooyu yépp xanaa dinga ne: "Waaye nit ñooñu kat, am na ci ay niti Yàlla, kon su nu leen royee kay baax na." Su fekkee loolu mooy sa xalaat, xamal ne li ci Yàlla jublu mooy nga gis ne Yàlla rekk a mat ba tax lu nit am am daraja mën naa moy coobare Yàlla. Kon ñoom Yàlla def na ñu bind seeni mbir ci Biibal bi ngir nu bañ a topp seen misaal yi jëm ci jël soxna yu bare. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

"*Mbir yooyu leen daloon misaal la ci nun, te bind nañu ko ngir artu nu, nun ñiy dund ci jamono jii lépp mat.*" **(1Ko 10:11**)

Wànte su fekkee ne bi ngay gëm Yeesu dafa fekkoon nga am lu ëpp benn soxna, Kàddug Yàlla dafa ne:

"*Na kenn ku nekk jàpp ci li mu nekkoon, bi ko Yàlla woowee. ...Fàww ku nekk wéy ci kanamu Yàlla ci fànna ga mu nekkoon, bi ko Yàlla woowee.*" **(1Ko 7:20,24**)

Mbokki déglukat yi, dinanu dellusi ci mbir mii ci yeneen njàng jëmmi jamono. Waaye tey bala nuy jeexal bëggoon nanu leen bàyyee aaya yii nu jukkee ci Kàddug Yàlla. Mbind mi ne na:

"*Buleen màndi ...ci sàngara, liy ndeyu ñaawteef, waaye feesleen ak Xel mu Sell mi; di waxante ci seen biir ci ay taalifi Sabóor, ci ay woy ak ay cant yu tukkee ci Xelum Yàlla, di woy ak a kañ Boroom bi ci seeni xol. Gërëmleen Yàlla Baay bi ci turu Yeesu Kirist Boroom bi, fu ngeen mën a tollu, ci lu mu mën a doon; teg ca nangul sa moroom ci biir wegeelu Kirist.* **(Ef 5:18-21**)

*Naka yeen jigéen ñi, nangeen nangul seeni jëkkër, ni su doon Boroom bi. Ndaxte góor mooy kilifag jabaram, ni Kirist nekke kilifag mbooloom ñi gëm, muy jëmmam ji muy sàmm. Ni mbooloo mi nag jiitale Kirist, noonu la jigéen ji war a jiitale jëkkëram ci lépp. ...Na góor bëgg jabaram, ni mu bëgge boppam. Bëgg sa jabar, bëgg sa bopp la. Ndaxte kenn mësul a bañ sa yaram. Waaye danga koy dundal, di ko fonk. Noonu it la Kirist fonke*

*mbooloo mi; ndaxte noo di céri jëmmam. ...Na góor gu nekk bëgg jabaram, ni mu bëgge boppam, te jigéen ji weg jëkkëram."* **(Ef 5:22-24,28-30**)

Kon xarit yi nuy déglu, fii lanuy yem ak yeen tey. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku aaya bii ci Mbind mi naan: "***Yàlla Aji Sax ji nelawloo Aadama nelaw yu xóot, mu rocci genn ciy faaram,...defar* [jenn] *jigéen* [kepp] *ca faar ga, ...indil ko ko* [muy soxnaam.]**" **(Ge 2:21,22**)

# 116 Ger

Mbokki déglukat yi, Asalaamaalikum. Nu ngi leen di nuyu nuyoo yi gën a tedd te di leen ñaanal déglub jàmm. Nu ngiy yeesal sunu cant ci bépp soppey emisyoŋ *YOONU NJUB*. Nu ngi leen di bége ndax seen farlu ci déglu bi umpunu.

Mbokk yi, ndax ku nekk cig gaal war na def luy suuxal gaal gi? Xam naa yaa ngi naan: "Aa! Mukk, xanaa ku xelam wayul mooy def lu ni mel!" Waaw wax nga dëgg, loolu kay ku dese am xel rekk a koy def. Waaye nag bu nu seetloo li am ci àddina ak ci sunuy réew, dinanu gis ne ñu mel noonu bare nañu fi lool. Ci naka? Ndaxte bu la sa ndëngte xiiree ci nga jënd nit ba defloo ko lu dëppoowul ak sàrt yi réew mi tëral, ndax niroowuloo ak ku nekk cig gaal te di ko bënn? Axakay! Kon wayadi weesuwul loolu.

Yeen sunuy soppe, loolu nag moo tax sunu emisyoŋ tey bi jëm ci mbir mu law te doy waar mi ñuy tudde **ger**. Lan mooy ger? Nun ñépp xam nanu ne nit lees di ger. Te ger nit mooy jënd ko ak xaalis walla ak weneen xeetu alal ju mu mën a doon ba nit ki, la mu waroon a def mbaa wax, mu gëmm cay bëtam. Ger mu ngi bawoo ci goreedi giy jeñ nit ci xalaat boppam rekk te du xalaat li mbir mi mën a jural askan wi ciy safaan. Ger mooy ndoortel njubadi, fen, naxaate ak càcc. Kon nanu xalaataat te ubbi sunuy bët, gis ne ger lu bon la ci koom-koomu réew mu mu mën a doon. Loraange gi muy teg am réew, kenn mënu ko natt. Ni max di fënëxale bant ba dootul am benn njariñ, noonu la ger di def nit ba fa du mujje lu dul fu ñaaw rekk.

Mbokki déglukat yi, ndegam bu ñuy wax am réew nit ñaa tax, bu ger lawee ci nit ña ba fënëxal leen, mënees na wax ne mooma réew **wopp** na lool sax. Te wopp jooju kat, su ñu ca jógul, réew ma du jëmati kanam mukk. Li koy waral mooy, ger dafay tax ñi ñàkk liggéey di gën a yokku te peyooru ñiy liggéey di gën a wàññeeku. Geraate gi nit ñi dëkke te duñu ko tudde turam xanaa di ko nës-nësal ak a fexee rafetal, am sax ñu koy woowe **njëgu guró, njëgu póon** ak ñoom seen, moo tax tali yi, loppitaal yi, lekkool yeek kër yi baaxatuñu. Ger musiba la muy gën a law bés bu set. Laal na ñu bare ak fu bare. Ana wan wàll ci àddina la musiba mile laalul? Geraate bokk na ci yi sabab xare yi, xiif gi ak yeneen metit yu bare ci àddina. Ger moo tax ba nguur yi di ñàkk ay junniy junni milyaar ci doomu xaalis weer wu nekk ndax liggéeykat yu dëng yi ñuy ger. Ndimbal yiy jóge bitim réew di tàbbi ci réew yi ngir néew-doole yi, ger moo tax ba ñi ko yeyoo duñu ko gis walla bu ñu ko gisee it, duñu ci jot ni mu ware.

Mbokk yi nuy déglu, ndax laajagum ngeen seen bopp fan la ger jóge? Nanu déglu li ci Linjiil wax. Mu ne:

"***...<u>Ci biir... xolu nit</u>, la xalaat yu bon di jóge*** *ak ndoxaanu yàqute, càcc ak bóom, njaaloo ak bëgge, coxor, naaféq, ñaawteef, ñeetaan, saaga, réylu ak jëfi ndof. Lu bon loolu lépp day génn ci nit, di ko indil sobe.*" **(Mk 7:21-23**) Yonent Yàlla Yeremi teg ca ne: "***Xolu nit*** *moo gën a* ***dëng*** *loo gis te dafa* ***soxor***" **(Jer 17:9**)

Dëgg la, xolu nit dafa dëng te soxor. Moo tax ger it lu yàgg la ci àddina. Ci jamonoy Yeesu itam ger lu siiw la woon. Waaye ni ko ñenn ñi mën a xalaate, yemul rekk ci ñi ñu teg ay niti bàkkaar. Déedéet! Amoon na ci biir boroom daraja yi ak it ci ñiy wuyoo turu diine. Te ba tey am na ci seen biir. Noonu Yeesu ci boppam won na nu ne njiiti diiney jamonoom, amoon na ci ñu dëng te nekkoon ay gerkat. Ba tax mu ne woon leen:

"*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yeen a ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal. Ci biti am melo wu rafet, waaye ci biir fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. ...* ***ci ngistal dangeen ... mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon.***" **(Mc 23:27,28**)

Loolu nag du woon waxi neen yu Yeesu doon sànni noonu rekk. Ci biir Kàddug Yàlla, firnde yu baree ngi ci. Waaye bi ci yées mooy bi Yeesu deewee ba dekki. Booba, njiiti diine ya xam ne bu ndekkite li siiwee, ñu bare dinañu gëm Yeesu. Ñu dajaloo, diisoo, ba noppi sos ay wax, **jënd xarekat**, ya doon wattu bàmmeel ba, jox leen xaalis bu bare.

Mbokk yi, jënd ngoru nit ba la mu waroon a def du ko def, mbaa la mu warul woon a def mu def ko, yàgg

na fi. Waaye yàgg fi taxul muy lu ñu mën a rafetlu, bu fekkee sax ñi koy def mënees na cee ràññee boroomi daraja ci bépp fànna. Te ni ngeen ko xame, Yàlla du tebbi ay waxam. Su waxee ne dina bugal ñi jubadi, dina ko def. Waaye yërmandeem a tax muy muñ di xaar nga réccu tuub te wëlbatiku ci moom léegi ci bi muy teel. Xëyna yaa ngiy xalaat naan, man ku jub laa. Man duma geraate te kenn mënuma ger. Juum nga sama xarit! Ndax yaakaar nga ne yaa ëpp xel Yàlla mi ne, ñépp a bàkkaar? Yonent Yàlla Esayi ne na: "***Sunu njubte gépp dafa mel ni sagar wu tilim*** **[ci bëti Yàlla.]**" **(Isa 64:5**) Kon, su fekkee sax ne, ci bëti nit ñi, ku jub nga, ba tey ci bëti Yàlla, bàkkaarkat bu soxla yiwu Yàlla nga.

Kon ci dëgg-dëgg, jafe-jafe bi mooy xolu nit. Mooy sa xol! Ger dafa am ci réew yi ndaxte mu ngi nekk **ci xolu nit**. Nit boppam lay ëpp li muy xalaat, moona Yàlla wax na bu leer ne, buleen yem ci xalaat seen bopp rekk, waaye ngeen boole ci seeni moroom. **(Fb 2:4**) Xolu nit dafa dëng te soxor, te amul kenn ku mën a wax ne génn na ci. Te sax boo koy seet léegi, dafa mel ni mbir mi dafa gën a takkarnaase. Nit ñi dañu gën a ràkkaaju ci njublaŋ ak ndëngte ba noppi, ñu mel ni sax dañu koy damoo. Yàlla nag waxoon na ko bi mu naan:

"*...jamono dina ñëw, joo xam ne, nit ñi ... dinañu jublu ci seeni bëgg-bëgg, ...*[te]*...Bési tiis yu tar ñu ngi nuy tëru ci muju jamono...*[nit ñi] *dinañu siis te fonk xaalis, ...duñu am kóllëre, ... ay workat lañuy doon, di ñu ëppal te bare tiitar; seen bànneex a leen gënal Yàlla. Dañuy mbubboo diine waaye nanguwuñu koo dugal seen xol.*" **(2Tim 4:3 3:1,2,3,4**)

Xarit yi nuy déglu, loolu moo waral nuy waare xabaar bu baax bi ëmb deewu Yeesu Kirist ak ndekkiteem, ngir képp ku ko dégg te gëm Yeesu ni sa Musalkat, am dund gu dul jeex. Bu ko defee nag, jaare ko ci Xel mu Sell mi, Yàlla may la kàttan, nga mën a rëcc ci fiiri Seytaane yu deme niki ger ak ñoom seen. Wànte ñu baree ngiy bañ di sofental Xabaar bii nga xam ne moo leen mën a musal. Waaye Kàddug Yàlla ne na:

"*...ñi dëgër bopp, ba tanqamlu dëgg gi, di topp lu jubadi, seen pey mooy dooni merum Yàlla ak toroxte. Ki doon def lu bon, peyam mooy tiis ak metit wu tar, muy Yawut ci bu jëkk, mbaa ki dul Yawut.*" Te it, "*Ndaw tiitaange ci ku sàggan ba tàbbi ci loxoy Yàlla jiy dund!*" **(Ro 2:8,9 Yt 10:31**)

Ci lu wér, mbugal gi Yàlla dig ñiy tanqamlu dëgg gi, di topp njubadi, dina ko def. Yaw mi ñuy ger mbaa ngay geraate, ndax loolu jarul nga réccu tey jii te wëlbatiku jébbal sa dund Yàlla jiy dund? Xamal ne yaakaar am na tey jii, ndaxte Yàlla sàkk na pexe ngir muccug nit. Am na **kenn nit kepp** ku dundoon ci kaw suuf ku donnul woon bàkkaar ak njubadi gi nekk ci doom Aadama yi. Kooku mooy Yeesu mi ngeen gën a xam ci Isaa Ibn Maryaama. Moom kepp la Mbind mi wax ci moom ne:

"*...dafa **sell**, du def lu bon, **du taq bàkkaar**, **bokkul dara ak bàkkaarkat yi**, te yéege nañu ko fa Yàlla.*" **(Yt 7:26**) Lu jiitu Yeesu di dellu fa Yàlla dundoon ci kaw suuf di wër di jàngale lu jëm ci nguuru Yàlla ak **dund gu sell,** ba mën la tegtal yoonu dund gu sell.

Yaw miy déglu, li wér mooy, soo gëmee Yeesu dinga nekk nit ku bees, ku mën a dund **dund gu sell.** Ndaxte dinga nekk mbindeef. Li jëkk weesu, lu bees teew. **(2Ko 5:17**) Bu ko defee nag, nit ku bees ki ngay nekk dootul bëgg a séq dara ak njublaŋ, dootul laal lenn luy xeetoo ak ger walla geraate. Noonu ci sa bokk ci Yeesu Kirist mi mësul a def bàkkaar te Yàlla def ko bàkkaar ci sunu wàll, **dinga mën a doon njubte gu wér, gu ñépp mën a teg seen bët.** Xel mu Sell mee lay may kàttan, nga mën a rëcc ci fiiri Seytaane yu deme niki ger ak ñoom seen. Képp ku lay woowati ci ndëngte ak jëf yu lëndëm, doo ko ca fekki ndax bañatee teg tiis sa Musalkat bi dee ngir say bàkkaar.

Ci misaal dafa mel ni waxambaane wa ak yaayam ju màggat ja ko musaloon ci kaso. Waaw, dafa amoon senn soxna su màggat su amul woon lu dul benn doom. Doom ji nag jalgati yoon, ñu tëj ko kaso. Yaayam ju màggat ji mu amoon kepp, yenuji ay xeer ngir am xaalis bu mu ko feyale ngir mu génn. Waaye liggéey bi metti woon na lool ci soxna. Xeer yi xotti loxo yi ba ñuy nàcc. Bi soxna si dajalee ba am xaalis bu doy, mu fey ñu génnee doomam. Naka noonu, waa ji génn kaso, gis góom yu metti yi ci loxoy yaayam. Yaayam xamal ko ne gaañu-gaañu yi ciy loxoom ñoo tax mu génn kaso. Ab diir gannaaw gi, xariti waa ji woowaat ko ciy

ñaawteef. Mu am ngor, am jom tax mu tontu ay xaritam ne leen: "Sama yaay sonn na lool ngir ma génn kaso. Kon nan laa mën a jàkkaarlook loxoom yu xottiku yii ba noppi di defati lu ni mel?"

Noonu lay doon ak yaw itam soo wékkee sa ngëm ci Yeesu Kirist. Ci yoon dangay am jom ak ngor te xam coono bi sa Musalkat daj ngir musal la. Noonu sa dund neex Yàlla te nga am kàttan gu bawoo ci Xel mu Sell mi ba tax, dootuloo bëgg a jege sax fu ñuy defe luy samandaay njubadi rawatina di geraate ak a bàyyi ñu lay ger. Muy ci lu ni fàŋŋ mbaa muy ci lu nëbbu. Ci lépp, Boroomam la ciy seet, moom mi ne, ...Amul dara lu nëbbu, lu ñu warul a biral, mbaa luy kumpa lu ñu warul a siiwal. **(Mc 10:26**)

Dëgg la, njuumte mënul a ñàkk, waaye taalibe Kirist bu wér du dëkk ci def lenn njuumte rekk. Taalibe Kirist bu wér dootul mën a sax ci lu neexul Boroom bi. Te loolu dafa dëppook li Kàddug Yàlla wax bi mu naan:

"*Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf. Waaye bu nuy dox ci leer gi, ni mu nekke moom ci boppam ci leer gi, kon bokk nanu ci sunu biir, te deretu Yeesu Doomam dina nu sellal ci bépp bàkkaar. Su nu waxee ne amunu bàkkaar, kon nax nanu sunu bopp, te dëgg nekkul ci nun.* ***Su nu nangoo sunuy bàkkaar ci kanamam, fekk kuy sàmm kóllëre la te jub, ngir baal nu sunuy bàkkaar, te sellal nu ci lépp lu jubadi.***" **(1Yow 1:6-9**)

Kon nag xarit yi, fàttalikuleen ne, li mën a saafaraal jafe-jafe bi di ger ak geraate, mooy kenn ku nekk wékk sa ngëm ak sa yaakaar jépp ci Yeesu te jébbal ko sa dund gépp. Noonu Xel mu Sell mi moo lay may kàttan **ba ger ak geraate sore la** te lépp looy doxati, dina nekk **njubte** gu kenn dul laam-laamee.

Bu ko defee nag mbokk yi nuy déglu, fii lanuy yem ak yeen tey di leen jox dox-daje emisyoŋ biy ñëw ndegam neex na Yàlla. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Bu nit bokkee ci Kirist, mbindeef mu bees la. Li jëkk wéy na, lu bees a fi teew.***" **(2Ko 5:17**)

# 117 Alal

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg yoonu njub wi mu tëral te di ko topp, ngir am jàmm ju wér ak Moom rekk. Am nanu mbégte ci li nu mën a delluseek yeen ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ab woykat mës na wax ne, bu amoon saaku xaalis, du tal a nelaw. Wax na dëgg, ñi barele alalu àddina walla di ko sàkkoo barele, dañuy sóobu ci fitnaak njàqare yu bare ba tax seeni nelaw du doy.

Waaw, mbokki déglukat yi, tey jii danu bëggoon a waxtaane li di alal. Nu fas yéene gis ni ñu ko war a jàppe mu dëppook li ci Kàddug Yàlla wax bi mu naan:

‟*...ragal Yàlla, gu ànd ak doylu, wërsëg la.* ***Ndaxte indaalewunu fi dara, te dunu yóbbaale dara.*** *Kon su nu amee lekk ak koddaay, nanu ko doyloo. Waaye ñiy sàkkoo barele, dinañu jànkoonte ak i nattu, ba dugg ci fiir, di xuus ci bëgg-bëggi neen yuy yóbbe ayib, tey sóob nit cig réer ak sànkute. Ndaxte* ***bëgge ci xaalis mooy ndeyu ñaawteef yu bare****; <u>am na ñu ko wut, ba moy ci yoonu ngëm</u>, te seen xol di dagg ndax tiis yu bare.*” **(1Tim 6:6-10**) ‟***Te* [sax]*, moom àddina sépp lu muy jériñ nit, bu ñàkkee bakkanam?*”** **(Mc 16:26**)

Kon su nu sukkandikoo ci aaya yii nu jàng léegi danuy gis ne ngëm gu dëggu alal la, ci kaw nga doyloo Yàlla. Bu ko defee nag Yàlla du la fàtte mukk. Dëgg la, alal aayul, li nu bëgg a wax kon mooy, ni nit kiy gise alal, ni mu koy wute ak ni mu koy jàppe, loolu mooy li ko mën a lor mbaa mu jariñ ko. Ñu bare ci ñiy sàkkoo barele alal, seen yitte yépp moo di yokk seen alal, ak nu ñu ko mën yokke nag. Noonu, Yàlla dootul am sax palaas bu jëkk bi ci seen dund. Alal, alal, alal rekk, te su nit demee ba tollu foofu, alal jaa koy moom. Kàddug Yàlla nag moom dafay wone ne, alal ji lay jariñ mooy alal ji la moomul. Maanaam alal ji nga ñaq mu lew la domm, te it nga koy jëfandikoo ci lu neex Yàlla.

Mbokk yi nuy déglu, loolu la Yeesu bëggoon a wax bi mu naan mbooloo ma:

‟*Buleen dajale alal ci àddina, fu ko max ak xomaag di yàqe, ak fu sàcc di dugg, jot ko. Waaye dajaleleen alal ci laaxira, fu ko max ak xomaag dul yàqe, ak fu sàcc dul dugg, jot ko. Ndaxte* ***fu sa alal nekk, fa la sa xol nekk itam.***” **(Mc 6:19-21**)

Yaw mi nuy déglu, fan la sa alal nekk? Ci ban bànk nga denc sa alal? Ci kaw li nu jàng léegi ci Mbind mu Sell mi, nu war a gis ci bu jëkk ne, wutinu alal dafa war a sell. Su dul loolu, ni ko yonent Yàlla Suleymaan waxe, alal ju lewul lay doon te buy dem dafay mel ni luy naaw. Ñaareel bi, bu fekkee nag Yàlla dafa la dénk alal, mu lew la, ni nga war a def mooy dajale ko ca laaxira, ci bànk bu wóor bi. Ni nga koy defe mooy, di ci wodd ak a leel ndóol, yi tax ñuy wax ndóol. Waaw yenn saa nga gis nit ñu ne la dafa ñàkk te muy jëfandikoo ci yaramam ay porodiwi yu koy soppi te ñu jafe lool. Fan la nit kooku di jële la mu koy jënde? Ndax dafa ko mënul woon a jëfandikoo ngir dund? Loolu benn rekk la ci biir yeneen misaal yu bare yu ni mel. Mbokk yi, Yàlla dafa nu sàkk ak am xel nu war ciy xalaat bañ a mel niy bàyyima.

Ci loolu kon nanu bàyyi xel ci ne, keroog bés ba, Yeesu dina ñëw ci ndamam te dina falu ni buur. Dina toog ci jalam bu soloo ndam. Bu boobaa dina dajale xeeti àddina yépp, xàjjale leen ni sàmm di xàjjalee ay xar ak i bëy. Noonu Yeesu dina ne ñi féete ndeyjooram, maanaam ñi daan wodd ñi rafle te daan leel ñi xiif a.ñ.s.:

‟*...Agsileen, yeen ñi sama Baay barkeel, jëlleen nguur gi ñu leen waajal li dale ci njàlbéenug àddina. Ndaxte xiifoon naa, ngeen jox ma, ma lekk; te mar, ngeen jox ma, ma naan; nekkoon naa ab doxandéem, ngeen fat ma; te rafle, ngeen wodd ma; woppoon naa, ngeen seetsi ma; te ñu tëj ma, ngeen ñëw fi man. Ci kaw loolu ñi jub dinañu tontu ne: Boroom bi, kañ lanu la gisoon, nga xiif, nu jox la, nga lekk; mbaa nga mar, nu jox la, nga naan? Kañ lanu la gisoon, nga nekk ab doxandéem, nu fat la; mbaa nga rafle, nu wodd la? Kañ lanu la gisoon, nga wopp mbaa ñu tëj la, nu ñëw ci yaw? Noonu Buur bi dina leen tontu ne: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, saa yu ngeen defalee loolu kenn ki gën a ndaw ci samay mbokk yii, man ngeen ko defal.*” **(Mc**

**25:34-40**)

Gannaaw loolu, Buur bi dina wax ñi féete càmmooñ maanaam ñi daawul wodd ñi rafle, daawuñu leel ñi xiif a.ñ.s. te fekk mënoon nañu ko. Buur bi ne leen:

"*...Soreleen ma yeen ñi alku, te dem ci safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam. Ndaxte xiifoon naa waaye joxuleen ma, ma lekk, te mar waaye joxuleen ma, ma naan. nekkoon naa ab doxandéem, waaye fatuleen ma; te rafle, waaye wodduleen ma; woppoon naa te ñu tëj ma, waaye seetsiwuleen ma. Ci kaw loolu dinañu tontu ne: Boroom bi, kañ lanu la gisoon, nga xiif, mbaa nga mar, nga nekk ab doxandéem mbaa rafle, nga wopp mbaa ñu tëj la, te topptoowunu la? Kon dina leen tontu ne: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, saa su ngeen ko defalul kenn ci ñi gën a ndaw, man ngeen ko defalul. Noonu ñii dinañu sóobu ci mbugal gu dul jeex, waaye ñi jub dinañu tàbbi ci dund gu dul jeex.*" **(Mc 25:41-46**)

Mbokk yi nuy déglu, nii lanu Yàlla dénke ay pexe yu nu mën a aw ba liggéey loo xam ne lu nu mën a denc lay doon ci sàq ya ca asamaan ngir ëllëg mu nekk kaalag ndam ci nun. Noonu bu nu demee ba ci sunu mujug dund dinanu mën a waxandook Pool ne:

"*Bëre naa ba ub làmbi ngëm, daw naa ba àkk. ...Fi mu ne Yàllaa ngi may xaare añu ku jub, di kaalag ndam gi ma Boroom, biy àttekat bu jub, di jox ca bés ba.*" **(2Tim 4:7,8**)

Kon xarit yi, leer na ne nun bëggunu wax ne boo amee alal rekk nekk nga ku war a tàbbi Àjjana sooy saraxe ak a wodd aji rafle. Déedéet! Dafa am lu ko jiitu. Mooy danga war a jëkk a gëm ki Yàlla yónni ngir musal la ci mbugalu bàkkaar di Yeesu. Kenn du jiital ab sareet soog cay takk fas wa. Fas wi mooy jiitu, sareet bi topp ci mu koy xëcc. Noonu la ci Mucc gi ak jëf yu baax yi. Say jëf yu baax mënuñu la musal. Kàddug Yàlla dafa ne:

"*...Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu. Ndaxte jëfu Yàlla lanu; moo nu bind ci Kirist Yeesu, ngir nu wéy ci* ***jëf yu rafet, yi mu nu fàgguloon ca njàlbéen ga.***" **(Ef 2:8-10**)

Waaye nag yaw mi amul alal, amuloo barke ba tax nga bëgg a jàq. Bul jàq! Yaw itam mën nga am alal joo dajale ca laaxira jaare ko ci sa ngëm ci Musalkat bi Yàlla yónni mu deewal àddina ca bant ba. Kon gëmal Yeesu Kirist te doyloo Yàlla, te noonu, am nga lépp. Noonu, bul jaaxleeti ci dara. Ndaxte su boobaa dinga am li gën a am solo. Muy mucc ci Safara ak mbugalu bàkkaar. Li ci des lépp, Yàlla mi nga wóolu moo koy toppatoo. Moo tax Yeesu ne woon ay taalibeem:

"*...buleen seen bakkan jaaxal, ci lu ngeen war a lekk, walla lu ngeen war a naan. Buleen jaaxle it ngir seen yaram, ci lu ngeen war a sol. Xanaa bakkan gënul lekk, te yaram gënul koddaay? Seetleen picci asamaan: duñu ji, duñu góob, duñu denc ci sàq; teewul seen Baay bi ci kaw moo leen di dundal. Ndax ëppuleen maana picc yi ci lu bare? Buleen jaaxle nag, ...* ***Waaye jëkkleen a wut nguuram ak njubteem, te loolu lépp dina leen ko ci dollil.***" **(Mc 6:25-31,33-33**)

Mbokki déglukat yi, ni nu ko gise ci ndoortel njàng mii, bëggunu jàngale ne alal dafa aay. Li nu bëgg a wax mooy fi nit kiy teg alal maanaam ni muy jàppe alal ji mooy li am solo. Dafa am bés, benn waxambaane wu bare alal seeti Yeesu ne ko:

"*Kilifa gu baax gi, lu ma war a def, ngir am wàll ci dund gu dul jeex gi? Yeesu tontu ko: ... xam nga ndigal yi: Bul bóom, bul njaaloo, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg, bul nangu alalu jaambur, teralal sa ndey ak sa baay. Waa ji ne ko: Kilifa gi, loolu lépp sàmm naa ko li dale ci samag ndaw ba tey. Noonu Yeesu xool ko, am cofeel ci moom, mu ne ko: Lenn rekk moo la dese. Demal jaay li nga am, may ko miskin yi te* ***dinga woomle ci asamaan;*** *boo noppee, nga ñëw topp ci man. Waaye ci wax jooju xar-kanamam lëndëm, mu jóge fa ak tiis, ndaxte ku bare woon alal la.*

*Noonu Yeesu xool taalibe yi ko wër, ne leen: Boroom alal dugg ci nguuru Yàlla, lu jafee ngoogu! Wax jooju nag daldi jaaxal taalibe yi lool. Waaye Yeesu neeti leen: Samay xarit, dugg ci nguuru Yàlla, lu jafee ngoogu! Giléem jaar ci bën-bënu pusó, moo gën a yomb boroom alal dugg ci nguuru Yàlla. ... Waaye ñu bare ci ñi jiitu ñooy mujji; ñi mujj ñooy jiituji.*" **(Mk 10:17-25,31**)

Aa, xarit yi nuy déglu, li Yeesu wax doy na waar kat. Mu ne, giléem jaar ci bën-bënu pusó, moo gën a yomb boroom alal dugg ci nguuru Yàlla. Te it, ñu bare ci ñi jiitu tey, ñooy mujji ëllëg; te ñi mujj tey ñooy jiituji. Waaw, ñooñu ñooy boroom alal yi nga xam ne seen alal a leen moom. Boroom alal yooyu nag, boo ko seetee, daanaka ñoo jiitu ci lépp fii ci àddina. Lu ñu joxoñ, ñu dagg, bunt bu ñu fëgg mu ubbiku. Ñooy jënd ndawal buur, ger liggéeykat bu gore bi ba mu sóobu ci lu yoon tere a.ñ.s... Waaye li ñu war a xam mooy, bu ñu teelul a dakkal li ñu nekke te jóg ci seen bopp, jébbalu ci Boroom bi, dinañu bokk ci ñiy mujji ëllëg ni ko Mbind mi waxe. Te kon dinañu bokk ci ñooñee Buur bi nar a wax: "*Soreleen ma yeen ñi alku, te dem ci safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam.*" **(Mc 25:41**)

Kon xarit yi, tàbbi ci safara su dul fey mukk ndax bànneexu ab diir ci àddina sii di wéy jar na ko? Déedéet! Kon nag saafara si mooy nga gëm Yeesu ni sa Musalkat bi dee ca bant ba ngir musal la ci safara. Gannaaw gi, nga wékk sa yaakaar jépp ci Moom di def lépp ci turam te itam ngir moom. Te noonu, yaa ngiy dajale alal ca laaxira, fa ko max ak xomaag dul yàqe te sàcc du ko jot.

Kon sama waay, léegi leer na la ne sa alal mën naa tax nga sànku. Waaye itam sa alal mën naa tax nga am ay yooli yool ca laaxira. Waaye nag amul kenn ku ag muccam mën a aju ci alalam. Fii ci àddina ngay ame mucc gi, fii nga koy ñàkke itam. Ni ko Mbind mi waxe ne:

"***Tey jii la jamono ju jekk ji; tey la bésub mucc gi.***" **(2Ko 6:2**)

Kon loolu mooy tekki ne fii ci àddina rekk nga mën a gëme Yeesu mi la mën a musal, te boo deewee tàbbi Àjjana. Waaw tey jii la, du ëllëg, du ci sa kaw i jëf walla ci sa kaw alal ju bare. Ci sa kaw ngëm ci Musalkat bi dee ci palaasu bàkkaarkat yi rekk la. Fàttalikul ne:

"*Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww.*" **(1Pi 1:24**)

Loo barele, barele dinga ko fi bàyyi bés. Noonu soo moomoon àddina sépp ba noppi boo deewee ñàkk sa bakkan tàbbi Safara, lu mu lay jariñati? Xamal ne ak loo mën a wecceel sa bakkan rekk, jaru ko. Kon dund ba fàww ci Àjjana, ngëm ci Yeesu rekk a koy maye. Kaalag ndam ak alal ju wóor ca Àjjana, mooy sa liggéey bu takku ci sas wi la Boroom bi dénk.

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj ci li ngeen dégg tey, ngeen bind nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370. Saint Louis. *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***...Ragal Yàlla, gu ànd ak doylu, wërsëg la. Te it moom àddina sépp lu muy jériñ nit, bu ñàkkee bakkanam? Te nit, lu mu war a weccee bakkanam?***" **(1Tim 6:6 Mc 16:26**)

# 118 Ndogalu Yàlla

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nuyu nanu leen ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy dellu di sant Yàlla ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Xarit yi nuy déglu, xam ngeen ne bés bu Yàlla sàkk ngeen dégg nit def mbir mu Yàlla ci boppam aaye te ñu naan: Yàllaa ko dogal. Mbaa nit tàbbi ci ñaawteef ba mu jural ko safaan, bu ko defee, kenn du ko wax dëgg xanaa ñu naan ko muñal, Yàllaa ko dogal, lu Yàlla rëdd ci sa jë la. Ndogalu Yàlla kenn mënu ci dara. Moona loola nit ka def nun ñépp xam nanu ne Yàlla araamal na ko. Kon nun ñi naan Yàllaa ko dogal ngir dalal xelu kooku, ay naaféq lanu te nu ngiy Tuumaal Yàlla.

Ci loolu kon, li ñu war a xam, mu leer ci xel yi moo di, waxi Yàlla du safaanoo. Yàlla du njuuy kenn, jegewul mbon te du soppiku mbaa muy leer ak di lëndëm. Kàddug Yàlla dafa ne:

"*Bu la fiir galanee, bul ne: Yàllaa ko dogal; ndaxte Yàlla jegewul ag mbon fenn, te du fiir kenn. Waaye ku sa bakkan nax, ba mën la, looloo lay dugal ci fiir. Kon bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*" "*Yàlla Aji Leer la te genn lëndëm nekkul ci moom.*" **(Sa 1:13-15 1Yow 1:5**)

Mbokki déglukat yi, ni nu ko dégge ci aaya yi nu jàng léegi, Yàlla du fiir kenn. Seytaane mooy fiir nit, tàbbal ko ci lu neexul Yàlla. Kon kay su nit ki defee bàkkaar ba mu jural ko fitna ak naqar dañu waroon a wax ne, Seytaanee ko dogal te ñu bañ cee taqal Yàlla. Ci misaal, su genn góor ak jenn jigéen toppee seen nafsu, moy yoonu séy ba ëmb soqikoo ca, loolu kay wax dëgg, bu ñu nee Yàllaa ko dogal, ñu ngi koy tooñ. Am déet? Waawaaw, ndaxte Yàlla mënul a dogal lu ni mel.

Nanu xam ne Seytaane mooy ndeyu bépp ñaawteef. Mooy fiirkat, bi fiiroon sunuy maam Aadama ak Awa ca toolu Àjjana ba ñu daanu ci bàkkaar. Aadama ak Awa déglu nañu Ibliis ba lekk ca garab ga leen Yàlla tere woon. Noonu, ci seen benn jàdd yoon googu la bàkkaar dugge ci àddina indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp. Seytaane dafa xam ne këram mooy safara moo tax muy def lépp ngir noot nit ñi ba yóbbaale fa.

Mbokki déglukat yi, Seytaane du tàyyi de. Ba mu jógee ci sunuy maam Aadama ak Awa, fiir na ay niti Yàlla ak yonent yu bare. Ñu bare ci ñoom, Seytaane moyloo na leen coobare Yàlla. Kon xam nga ne yaw itam du la bàyyi ci jàmm. Am na kenn nag koo xam ne, moom itam Seytaane fiiroon na ko wànte deful benn bàkkaar, mooy Yeesu Kirist. Moom Musalkat bi, Seytaane dafa ko fiiroon ngir fanq yéene bi Yàlla amoon ci moom. Yéeneb Yàlla ci Musalkat bi moo doon musal doomu Aadama yi ci safara abadan jaare ko ci deewam.

Noonu Seytaane xaar ba jamono ju yell ngir fiir Musalkat bi Yeesu. Xam ngeen ne, ni Seytaane di fiire benn la. Liy wuute mooy anam yi ak *detaay* yi. Waaye yi muy laal ci nit bu koy fiir benn la, du soppiku.

Nanu déglu Kàddug Yàlla ba gis ni Seytaane fiire woon Yeesu. Mu ne:

"*Xelum Yàlla yóbbu Yeesu ca màndiŋ ma, ngir mu jànkoonte ak fiiri Seytaane. Yeesu nekk fa te lekkul ñeent-fukki bëccëg ak ñeent-fukki guddi, door a xiif. Noonu* [Seytaane] *fiirkat bi ñëw ci moom, ne ko: Boo dee Doomu Yàlla, santal doj yii, ñu nekk mburu. Waaye Yeesu tontu ko ne: Mbind mi nee na: Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla.*

*Bi mu waxee loolu, Seytaane yóbbu ko ca dëkk bu sell ba, teg ko ca njombaxtalu kër Yàlla ga. Mu ne ko: Boo dee Doomu Yàlla, tëbal ci suuf, ndaxte Mbind mi nee na: Dina jox ay malaakaam ndigal ci sa mbir, ñu leewu la ci seeni loxo, ngir nga bañ a fakkastalu ciw doj. Yeesu tontu ko: Bind nañu it ne: Bul diiŋat Yàlla, sa Boroom.*

*Gannaaw loolu Seytaane yóbbu ko ci kaw tund wu kawe lool, won ko réewi àddina yépp ak seeni ndam. Mu ne ko: Lii lépp dinaa la ko may, boo sukkee màggal ma. Waaye Yeesu tontu ko: Sore ma Seytaane, ndaxte*

*Mbind mi nee na: Nanga màggal Yàlla sa Boroom, te jaamu ko moom rekk.*" **(Mc 4:1-10**)

Xarit yi, ni ngeen ko dégge, fiir ci ñetti xeet yii rekk lay laale nit:

- Bëgg-bëggu yaram **(Mc 4:3; Ge 3:1-3; 1Yow 2:16**)
- Réyug àddina **(Mc 4:5,6; Ge 3:4-5; 1Yow 2:16**)
- Xemmemu bët **(Mc 4:8,9; Ge 3:5-6; 1Yow 2:16**)

Gannaaw ñeent-fukki bëccëg ak ñeent-fukki guddi yu Yeesu lekkul, mu xiif. Seytaane def ko am siiw, jëkk koo fiir ci wàllu bëgg-bëggu yaram. Mu ne Yeesu: "*Boo dee Doomu Yàlla, santal doj yii, ñu nekk mburu.*" Ku nekk xam na ne lekk aayul, su ëppul. Waaye naka ngay ame lekk ga moo jar a seet. Seytaane dafa bëggoon a jeñ Yeesu ci jëfandikoo kàttanam ci lu dëppoowul ak coobare Yàlla. Su la Seytaane xiiree ci sàcc alalu jaambur ngir faj sab xiif, faj nga aajo bu mat aajo waaye pexe mi awul yoon. Kon bu la ca safaan fekkee waruloo wax ne Yàllaa ko dogal.

Ñaareelu fiir gi Seytaane fiiroon Yeesu, mu ngi jëm ci réyug àddina. Seytaane yóbbu ko ca njombaxtalu kër Yàlla ga, ne ko: "*Boo dee Doomu Yàlla, tëbal ci suuf, ndaxte Mbind mi nee na: dina jox ay malaakaam ndigal ci sa mbir, ñu leewu la ci seeni loxo, ngir nga bañ a fakkastalu ciw doj*." Ni ngeen ko xame réy lu bon la, Yàlla aaye na ko ay yooni yoon ci Mbind mu Sell miy wax ne:

"*Yàlla dàq na ñi réy, waaye yiwal na ñi woyof.*" **(Sa 4:6**) "*Kuy yëkkatiku, dees na la suufeel; kuy suufeelu, ñu yëkkati la.*" **(Mc 23:12**)

Réyug àddina dafa di mbir moo xam ne Seytaane da ciy daaneel ñu bare. Li ko waral mooy nit dafa bëgg siiw ak nii laa tollu, bëgg gisleen ma. Moo waral yenn saa nit dugganteek Seytaane, mu may ko ndam ak bayre. Bu ko defee, ñi xamul daldi foog ne Yàllaa ko barkeel, fekk na Seytaane la. Te moom, lu mu la may, dina la laaj lu ko ëpp fuuf. Noonu, bés bu ko Seytaane toroxalee ñu naan Yàllaa ko nattu, ndogalu Yàlla la. Fekk na yoonu Yàlla nekkul ca loola.

Ci ñetteelu fiir gi, Seytaane yóbbu Yeesu ba ci kaw tund wu kawe, won ko ndami réewi àddina yépp ne ko: "*Lii lépp dinaa la ko may, boo sukkee màggal ma.*" Fiir gii mu ngi laal mbirum Xemmemu bët. Kon li Seytaane di laal ci fiir gii mooy xemmem. Maanaam bëgg a am bépp mbir mu say bët tegu, nga bëgg leen yilif, bëgg leen a moom. Bàkkaaru Daawuda ak Batséba jabaru Uri, looloo ko juroon. Yaw miy dox ci mbedd mi itam walla sax feneen foo mën a nekk ba say bët tegu ci senn soxna nga xemmem ko. Nga daldi sàkk say pexe ba joteek ndaw si, xamal ne Seytaane tanc na la ci fiiru xemmemu bët. Bu nëbboo mbaa mu feeñ bu kenn ne Yàllaa ko dogal. Lu ni mel, mënul a jóge mukk ci Yàlla, Seytaane mi la noot moo koy jëf ci yaw te bu loolu dakkul Yàlla dina la bugal bés

Waaw, li wér mooy, "*...bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*" **(Sa 1:15**) Bi bëgg-bëggu Aadama ëmbee, wasin na bàkkaar te bàkkaar ba jur dee. Jikkoy Yàlla ju sell ji, dafa laaj mu àtte bépp bàkkaar. Noonu, Yàlla dina àtte doom Aadama yépp ni mu àttee woon Aadama ne ko, gannaaw lekk nga ci garab gi ma la tere, dinaa rëbb suuf si ndax yaw. Coono ak metit ngay dëkke ci àddina. Ci saw ñaq ngay jële sab dund ba keroog ngay dee ndax pënd nga, te dinga dellu nekk pënd. Loolu la bàkkaar jur, muy coono naqar ak dee. Waaw, peyug bàkkaar mooy dee! Kon yaw mi xemmem jiital ba tax nga dëkk ci bàkkaar, na la wóor ne Yàlla du waxantu. Benn bés àtteb Yàlla dina wàcc ci sa kaw soo tuubul te dëddu bépp bàkkaar.

Waaye Yàlla nag Aji Yërmande la, moo tax ba Aadama bàkkaaree, dafa ko wuti bëgg mu tuub bàkkaaram. Nekk Aji Yërmandee tax Yàlla ubbi buntu mucc! Kàddoom gu Sell gi ne na:

"*Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp!*" **(Lu 2:10**) "*Ndaxte yiwu Yàlla feeñ na, te ubbil na ñépp buntu mucc!*" **(Tit 2:11**)

Buntu mucc bi Yàlla ubbil nit ñépp mooy deewu Musalkat bi Yeesu ngir képp ku ko gëm mucc ci mbugalu bàkkaar. Loolu mooy yéeneem ju rafet ji Yàlla am ngir musal nit ñi Seytaane këpptal ba tëj leen ci fiiram yi tudd: bëgg-bëggu yaram, réyug àddina ak xemmemu bët. Ci ñetti fànna yooyu rekk la Seytaane di fiir ñépp te amul kenn ku ci mën a mucc. Kon koo mën a doon, soxla nga mucc, gi bawoo ci Musalkat bi Yeesu te Yàlla waajaloon ko ca njàlbéen ga. Ci dëgg Yeesu mooy ki la mën a wallu ndax moom, jaar na ci fiiri Seytaane ni nun ci bépp fànna, waaye deful bàkkaar benn yoon sax. Kon li lay mën a rawale ci firi Seytaane, mooy nga wóolu Yeesu. Noonu ci kàttanam, moom mi të Seytaaneek i pexeem, dinga mën a raw. Waaye li wér mooy, ci sa dooley bopp doo mën a rëcc.

Waaw, léegi leer na ne Yàlla du fiir kenn ngir mu daanu ci bàkkaar. Wànte nag dina nattu ay gaayam. Njariñu nattu moom, mooy gën a dëgëral ngëmu gaa Yàlla yi ak seen pas-pas ci topp coobare Yàlla. Kon, naam Yàlla dina nattu ay gaayam waaye du leen teg mukk nattu ba mu weesu li ñu mën a dékku. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

‟*...Yàlla kuy sàmm kóllëre la, te du nangu nattu bi wees seen kàttan, waaye cib nattu, dina leen ubbil bunt bu ngeen mën a récce, ba ngeen mën koo dékku.*” **(1Ko 10:13**)

Waaye nag yaw déglukat bi, ngir loolu mën a nekk dëgg ci sa dund, fàww nga gëm saraxu Yeesu ca bant ba. Nga gëm Yeesu ni sa Musalkat bi dee ca bant ba ngir sag mucc te nga jébbal ko sa dund gépp mu koy jiite. Maanaam ngay def coobareem bés bu nekk. Noonu, bu fiiri Seytaane taxawee, dinga gis ni kàttanu Yeesu di jëfe ci yaw, may la doole ba doo daanu ci fiiri Seytaane yiy yóbbe nit mbugal. Fàttalikul ne Yeesu mooy Musalkat bu wóor bi. Dafa la bëgg a dimbali ndaxte li nga nekke neexul Yàlla te yaw sax soo wéetee xalaataat, dinga gis ne neexu la. Waaye problem bi mooy, amuloo kàttanu të Seytaane. Moo tax Yeesoo ngi taxaw ci sa buntu xol di fëgg, mu ngiy xaar nga ubbil ko, mu dimbali la. Waaye wolof Njaay dafa ne: ‟Ndimbal, na ca fekk loxol boroom.” Moom Yeesu, sunu njariñ tey ak ëllëg rekk a ko yëkkati. Mooy ki la mën a wallu ci kanamu fiiri Seytaane ndaxte Moom:

‟*Gannaaw sonn na ci nattu yi mu daj* [ci kanamu Seytaane]*, mën na dimbali ñiy jaar ciy nattu.*” **(Yt 2:18**) Ndaxte Yeesu, ‟*...du ku mënul a bokk ak nun sunuy naqar;* [ndax] *jaar na ci nattu ni nun ci bépp fànna, waaye deful bàkkaar.*” **(Yt 4:15**) Kon ci yaw la des léegi, gëmal Yeesu te dinga mucc ci mbugalu bàkkaar ndaxte, *yonent yépp seede nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.* **(Jëf 10:43**)

Kon mbokk yi, jërëjëf ci déglu bi. Nu ngi leen di tàggu ba beneen. Bu ngeen amee laaj ci njàngum tey mi, buleen xel-ñaar, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: ‟*Bu la fiir galanee, bul ne: Yàllaa ko dogal; ndaxte Yàlla jegewul ak mbon fenn, te du fiir kenn. Waaye ku sa bakkan nax, ba man la, looloo lay dugal ci fiir. Kon bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*” **(Sa 1:13-15**)

# 119 Sibbiru

Mbokki déglukati emisyoŋ *YOONU NJUB*, nu ngi leen di nuyu di leen gërëm ci déglu bi. Am nanu mbégte ndax seen cofeel ci emisyoŋ *YOONU NJUB* yi. Jot nanu seeni bataaxal te di yaakaar ne yeen itam jot ngeen sunuy yos. Bég nanu it ci yeen ñi nuy taseel ngeen nuy xamal seen bànneex ci emisyoŋ yi. Nu ngi leen di bége yeen ñépp.

Bi loolu wéyee xarit yi, xam ngeen ne Wolof Njaay dafa wax ne: "**Xoddiku bala ngay lakkle.**" Ñuy faral di wax it ne, wér-gi-yaram amul njëg. Loolu moo tax tey nu bëgg a waxtaan ci mbirum feebar bile nga xam ne dañu koy faral a ñàkkal solo. Moona feebar la buy def ay musiba. Boobu feebar, moo di **sibbiru**.

Kon tey danu leen fas yéene baaxe ay gëstu yu jëm ci feebaru sibbiru. Gëstu yaa ngi jóge ci mbind yoy, boroomi xam-xam ñoo ko def mu jëm ci mbirum sibbiru ci réewi Afrig yi waaye itam ci Senegaal. Bala loolu nag am na doxantu bu nu defoon ci kër yeek mbedd yi. Kon nu dégtal leen **li nit ñi xam ci sibbiru ak lan lañu ci umple.**

[VOX POP #1]

Mbokk yi, dégg ngeen li waa mbedd mi xalaat ci feebar bi di sibbiru. Waaye sunu doxantu yóbbu woon nanu it ci fajkat yi. Kon léegi dunu def lu dul déglu li doktoor bi nu taseel **wax ci jàngoroy sibbiru ak li muy digle ñu def ko ba mën cee mucc ci sibbiru.**

[VOX POP #2]

Aa, mbokki déglukat yi, noo ko déggandoo. Sibbiru tóoxidóona yi muy def ci nit jéggi na dayo. Li sibbiru di rey ci doomu Aadama bare na lool. Wax nañu sax ne sibbiru moo ëpp li muy rey ciy nit at mu nekk beneen feebar bu bon bi ñuy wax sidaa. Waaw, sibbiru bokk na ci jafe-jafe yi gën a mag yi Afrig am ci wàllu wér-gi-yaram. Sibbiru, feebar la buy bawoo ci doomu jàngoro bu ñuy wax *porotsoyeer* di jóge ci yoo wu jigéen wu ñu tudde *anofel*. Feebaru sibbiru mooy mbas mi yées ci bérëb yu tàng yi ci àddina sépp. **At mu nekk** mu dal daanaka juróomi téeméeri milyoŋ ci doomu Aadama. Te lu tollook benn milyoŋ ci ñoom dinañu ci faatu ci àddina sépp. Naka kureel gi tudd **OMS,** di toppatoo lu jëm ci wàllu wér-gi-yaram wax nañu ne lu tollook ñaari téeméer ak juróom-fukki milyoŋ ci àddina si ñu ngiy wéyaale doomu jàngoro ji ci seen deret.

Kon nag mbokki déglukat yi, yeen yaay yi, jaboot yi ak bépp boroom kër, sibbiroo ngi noonu ak i musibaam. Xëyna xamoon ngeen ko te di ko moytu. Waaye mën na am itam xamu leen ko woon. Lu ci mën a am rekk, tey moom lay amatul. Dégg ngeen ko, sibbiru baaxul. Jarul a sàggane ndax sàggane ko, mooy lor sa bopp ak sa njaboot. Waaye itam sàggane ko mooy lor koom-koomu réew mi.

Waaw, sàggane sibbiru lor koom-koomu réew ndaxte ku sibbiru du mën a dem tool. Ay tës-tës dañuy daldi dakk te ay yëngu-yëngoom taxaw, noonu njariñam jeex ndax tële.

Waaye sibbiru yemul ci làggal koom-koom. Sibbiru dafay tas mbokk di yàq ab ànd. Lu tax ma wax loolu? Ndaxte boroom xam-xam yi dañu wax ne bu nit sibbiroo te fajuñu ko mën na tax mu mel ni ku jommi. Muy gis ak a wax mbir yu doy waar. Loolu lépp ndax tàngaayu yaram wi ko sibbiru biy indil. Bu ko defee nag bu nit kiy waxtu ba tudd fa nit, ñu yàq deram naan dees koy joxoñ te fekk demewul noonu.

Ci loolu, dafa amoon benn waxambaane wu tudd Maxtaar. Mu feebar ci jamonoy nawet. Feebar bi metti ba jaaxal ay mbokkam. Bi Maxtaar tàmbalee am ay metiti bopp yu tar a tar, demul ca saa sa seeti doktoor. Muy sooxaalee jàngoro ji ba mbir miy bëgg a yàgg te tanewul. Booba lay soog a dem ca néegu wér-gi-yaram ba. Doktoor ba seet ko, bindal ko ay pikiir. Wànte bi Maxtaar pikiiroo ñaari yoon rekk xaw a tane, àggalewul la ca des.

Ay fan gannaaw gi, feebar bi songaat Maxtaar te gën a metti. Muy waxtu, di tudd ay turi nit. Yàlla baax na nag ba ay waajuram amee xel. Su dul woon loolu kon dinañu tam ñooña Maxtaar doon tudd. Wànte ñoom xamoon nañu ne li waral waxtu yi mooy feebar bi dafa àgg ci yuur gi. Maxtaar ñàkk doole ba, genn guddi mu jóg di sawi rekk daldi daanu xëm. Noonu seen waa kër di yuuxu yaakaar ne dee na. Bi loolu wéyee, ñu delloowaat ko ca doktoor ba, mu seetaat ko te tàmbaliwaat meneen paj. Maxtaar di ci dem ba ni mu wére.

Xarit yi nuy déglu, coono boobu yépp, sibbiru moo ko tegoon sunu xarit Maxtaar. Kon sibbiru jàngoro ju jar a moytu la. Ndaxte sibbiru yemul rekk ci metti bopp, xëm, ay waccu ak ñàkk doole waaye dafay rey! Kon nag mbokki déglukat yi, ndegam Wolof Njaay dafa ne: "**xoddiku bala ngay lakkle.**" Yaakaar nanu ne yeen ñépp dingeen jël seeni matukaay ba, bu jàngoroy sibbiru dootu leen jege fenn. Nu fàttali leen matukaay yi. Maanaam gépp njaboot ak képp ku dëkk ci bérëb yi sibbiru am, dañu war a fagaru, boole ci seen dundin xeet ak sibbiru. Ci noonu, ñi am jàngoro ji, ñu fexe ba faj leen. Ñi mu dalul, ñu aar leen ndax mu bañ leen a dal. Nu baaxe leen sàrt yii nga xam ne ku sàmmoonteek ñoom, bu ci Yàlla àndee dinga mën a mucc ci jàngoroy sibbiru.

- Dañu war a aar xale yu ndaw yi ci màtt-màtti yoo yi. Maanaam ñu fexe ba am ay sànke walla payon, takk leen di ci fanaan. Sànke yooyu mënees na leen xooj ci ndoxum poson muy rey bépp yoo wu ci tag.
- Dañu war itam fekk luqi yoo yi fa ñu nekk, ñu rey leen ba duñu màgg. Noonu ñu sëkk taa-taa yi, fexe ba lépp luy ndab lu yàqu bañ a taaju di duy ndox ci jamonoy nawet. Ñax gu bon gi wër kër yi ñu dagg ko lakk.
- Na jigéenu wérul yi di naan niwaakin walla kolorokin ngir aaru ci jàngoroy sibbiru. Doomu jàngoroy Sibbiru mën na yàq ëmb su jigéenu wérul ji dul naan doom yi koy aar ci sibbiru.
- Su yaramu xale tàngee, ñu jéem a wàññi tàngaayu yaram wi. Waaye su demee ba bëgg laa jaaxal, laggal gaaw a yóbbu ko kër doktoor.
- Ku sibbiru, nañu koy may ndox muy naan te ñu jox ko muy lekk. Amaana du bëgg dara ci lekk gi waaye ñu seet lu mu mën a lekk te bëgg ko ñu jox ko.

Kon mbokk mi nuy déglu, léegi am nanu yaakaar ne, dinanu am ndam ci sunu xeex ak sibbiru. Ci kaw nag nu topp tegtali boroom xam-xam yi. Kon fàttalikul ne, "**Xoddiku bala ngay lakkle.**" Waaw, léebu boobu lu wér la ci sunu wàllu wér-gi-yaram, waaye itam ci wàllu baatin, lu wér la. Maanaam ci lu jëm ci mucc gi, nit dafa war a xoddiku, waajal ko ba jekk bala bésu àtte bay agsi te mbugal ne milim daanu ci kawam. Yàlla dafa wax ci kàddoom ne tey la bésu mucc bi. Maanaam tey nga mën a waajal sa laaxira. Nan nga ko mën a waajale tey? Ni nga ko mën a waajale tey mooy bañ a jàpp rekk ci sa xel ne, Yàlla baax na.

Dëgg la, Yàlla ku baax la, amul benn werante! Waaye bul fàtte ne Yàlla ku jub la itam. Yàlla jox na la tey yoon mucc wi la mën a tax a raw ci mbugalu safara. Kon lu la teree xoddiku bala ngay lakkle? Lu la ko teree gëm? Buntu xoddiku di buntu mucc bi la Yàlla ubbil mooy Yeesu Kirist mi la mën a aar ci mbugalu ëllëg. Gëm saraxu Yeesu mooy ni nga mën a xoddikoo ba doo lakkle. Moo waral Yeesu Kirist ñëw ci àddina, dee ca bant ba ngir say bàkkaar, ñu suul ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale. Noonu, soo nangoo sag tooñ fa kanam Yàlla te xam ne mënuloo def lenn lu lay tax a mucc. Gannaaw gi nga gëm ne sa bàkkaar a tax Almasi bi Yeesu dee, ngir jubale la ak Yàlla, dinga texe ca laaxira. Noonu mooy ni nga mën a xoddikoo ngir bañ a lakkle ëllëg.

Déglul li ci Mbind mi wax, mu ne: "[Yeesu Kirist] *gàddu na moom ci boppam sunuy bàkkaar ca bant, ba nu ko daajoon, ngir nu tàggook bàkkaar, sóobu ci dund gu jub; ndax ay gaañu-gaañoom may na nu ag wér. Kon nun ñi dégg mucc gu mag gi, bu nu ko sàgganee, nan lanuy rëcce mbugalu Yàlla*?" **(1Pi 2:24 Yt 2:3**)

Sama xarit, ni nga ko xame, ay wax yu bawoo ci Yàlla du mën a neex ñépp. Rawatina su jëmee ci mbirum dee, mbugalug safara ak ñoom seen. Nit dafa bëgg ñu koy wax li ko neex rekk. Nun nag loolu taxunoo jóg. Li Yàlla wax lépp lanu bëgg a wax, moom lanu war a wax. Léegi nag yaw yaa xam. Soo xoddikoo, mucc cig lakk. Soo xoddikuwul nag, xamal ne lakk gi du la moy.

Kon xarit yi, fii lanuy yem tey te di leen jox dox-daje ci beneen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Waaye su ngeen

amee laaj ci li ngeen dégg tey, bind leen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax nag ci léebu wolof bu tey bi di, "**xoddiku bala ngay lakkle.**" te it ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Tey jii la jamano ju jekk ji; tey la bésub mucc gi.***" **(2Ko 6:2**)

# 120 Jàmm

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp am jàmm. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

‟**Lu dul jàmm, jàmm a ko gën.**” Mbokki déglukat yi, loolu Wolof Njaay a ko wax. Muy lu wér, te yaakaar naa ne yeen ñépp ànd ngeen ci. Réew mii nu nekk de, jàmm nekk na fi lu ñuy faral a dégg. Ci nuyoo yi, ci ñaan yi, ci bérëb yi ñu koy duppe niki Jàmm-a-gën. Kon waa Senegaal daal bëgg nañu jàmm ci seeni wax. Waaye ndax jàmm am na ci biir nit ñi ak ci biir xol yi?

Ci loolu am na doxantu bu nu def laaj nit ñi laaj yii: Lan mooy jàmm? Am jàmm, lan lay tekki? Te nan la nit mën a ame jàmm ju wér? Loolu lanu leen laaj ngeen tontu ci. Kon léegi nanu déglu seeni xalaat ci mbirum jàmm.

[VOX POP]

Xarit yi nuy déglu, gannaaw ba nu leen dégloo ci mbir mi, léegi nanu déglu li Kàddug Yàlla wax ci mbirum jàmm. Xam ngeen ne Yàlla rekk mooy boroom jàmm. Mooy maye jàmm te ku mu jàmmal nga am jàmm. Bëgg-bëggu Yàlla mooy ñépp am jàmm. Nit ñi bare na ci ñoñ, jàmm ci seen làmmiñ rekk la nekk. Moo waral nga gis ag kër daanaka ñépp nekk ay noon. Nit jóg dal ci kaw moroomam, gaañ ko mbaa mu rey ko. Ab dëkk song beneen dëkk, am réew di xareek meneen réew. Tafaar bare lool ci àddina. Moo waral itam geer monjaal bu jëkk bi ak ñaareelu geer bi, ba sax ñuy ragal ne ñetteelu geer ci àddina dina am. Ana fan la loolu lépp jóge? Jógewul fenn fu dul ci xolu nit. Li ko waral nag mooy xolu nit dafa dëng, soxor te ñàkk jàmm. Mooy li Yeesu waxoon ne:

‟*...Ci xol la xalaat yu bon di jóge, ak bóom, njaaloo, ndoxaanul yàqute, càcc, seede lu dul dëgg ak saaga.*” **(Mc 15:19**)

Waaye sama xarit, bul wax mukk ne loolu dafa am ñu ko yeyoo ak ñu ko yeyoowul, déedéet! Xoolal àddina si, fan la jàmm am ba muus mën a dëkk ak xaj, gaynde mën a wëttandook kéwél? Amul! Du sax ci réew yi ñuy wax ne ‟réewi jàmm” lañu. Muy ci réewi nit ñu ñuul ñi di ci réewi Nasaraan yi walla yu Araab yi. Xolu nit dafa dëng, soxor te ñàkk jàmm. Loolu mëneesu ko weddi. Weddi ko mooy weddi li Yàlla wax ci Mbind mi ne:

‟*Ku jub amul, du kenn sax. Amul kenn ku xam yëfi Yàlla, mbaa kenn ku koy wut. Ñépp jeng nañu, ba kenn amalatul Yàlla njériñ. Kenn du def lu baax, du kenn sax! Seen put a ngi xasaw ni méddum ñetti fan, seen làmmiñ làggi ci njublaŋ, te seeni kàddu aay ni daŋaru ñàngóor. Duñu génne ci seen gémmiñ lu dul ay móolu ak i xas. Ñu sawar lañu ci rey nit. Fu ñu jaar, foofa yàqu ak musiba. Xamuñu yoonu jàmm, te ragal Yàlla sore na seen xol.*” **(Ro 3:10-19**)

Yaw mi nuy déglu tey, ndax dangay wut jàmm ci lu wóor? Ndax xam nga yoonu jàmm wi am kepp? Am jàmm ju wóor àddinaak laaxira, mu ngiy bawoo ci nga nekk doomu Yàlla. Lan mooy nekk doomu Yàlla? Mooy nga gëm Yeesu Kirist mi Yàlla yónni ngir mu far say bàkkaar tàbbal la noonu ci yoonu jàmm. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

‟*Yeen ñiy wut jàmm, barkeel ngeen, ndax dees na leen tudde doomi Yàlla.*” **(Mc 5:9**)

Seytaane mi nga xam ne bëggul jàmm te bëggul it kuy wut jàmm, mooy muur bëti nit ñi ba duñu gis jàmm ji leen Yàlla waajal ci Musalkat bi. Mbaa bu ñu ko gisee it ñu dëgg ci seen tànk. Waaye Wolof Njaay ne na: ‟Deretu bopp du moy mbaggu boroom.” Waa Yerusalem it ci jamonoy Yeesu, noonu lañu meloon. Keroog ba fa Yeesu jëmee ngir ñu war ko daaj ci bant ba mu dee, Yeesu dafa séen dëkk ba daldi ko jooy ne:

"*Céy yaw itam, boo xamoon bésub tey yi la mën a indil jàmm! Waaye fi mu ne, mënuloo ko gis.*" {**Lu 19:42**)

Sama xarit, ndax bëgg nga xam yoonu jàmm te am jàmm ju wér àddina ak laaxira? Gëmal Yeesu Musalkat bi, noonu dina la may jàmm ju sax abadan. Yeesu yemul ak ñeneen ñiy dige li ñu mënul a def. Moom ne na:

"*Sàcc bi, ... day sàccsi rekk, di rey ak a yàq.* [Waaye] *man dama ñëw, ngir nit ñi am dund,* [gu ànd ak jàmm] *ba nekk ci naataange.*" **(Yow 10:10**)

Yeesu dafa ñëw ngir musal la ci mbugalu bàkkaar bi nu donne ci maam Aadama. Yeesu dafa bëgg a defaraat sa diggante ak Yàlla. Noonu nga am jàmm ak Yàlla te bañati ko ragal. Waaye nga am **jàmm ak Yàlla** te am **jàmmu Yàlla** ci sa xol. Noonu dinga am wegeel ci Yàlla di ko jaamu ni mu ko bëgge. Am jàmm ak Yàlla te am jàmmu Yàlla ci sa xol, mooy li ëpp solo ci dundu nit. Bu loolu amoon ci xolu nit ñépp, jàmm dina yokku ci goxi àddina yi gën a rëb. Amul werante! Bu ko defee kon xare yi ak tafaar yeek ñoom seen dinañu wàññeeku lool sax.

Wànte nag nanu xam lenn, du ñépp ñoo am **jàmm ak Yàlla**. Moona ñépp mënoon nañu ko am. Mu ngi aju ci kenn ku nekk. Képp ku gëmul Yeesu Kirist ni sa Musalkat bi dee ci sa palaas, amuloo jàmm ak Yàlla. Te sooy wut jàmm ak keneen, na la leer ne wut jàmm ak Yàlla moo ko war a jiitu. Xëyna yaa ngi naan ma, toppal fale waay! Man am naa jàmm ak Yàlla. Li koy firndeel mooy duma tooñ sama Boroom te damay def lépp ba duma tooñ it sama moroom. Ma ne la, waaw góore waay! Waaye li nga umple mooy, sellaayu Yàlla mayu ko mu nangu lenn lu jóge ci sa jëfi bopp. Ndaxte kenn sellul fa kanam Yàlla. Ni nga mën a ame jàmm ak Yàlla daal, nenn rekk la. Mooy nga nangu pexe mi mu tëral ngir jubale la ak boppam. Pexe moomu moo di deewu Almasi bi Yeesu. Mbugalu Yàlla gi naroon a wàcc ci sa kaw, dal na Yeesu Kirist ba ñu ko daajee ca bant ba. Ndax gëm nga saraxu Yeesu? Loolu rekk moo la mën a may jàmm ak Yàlla. Du leneen, du keneen. **Kon gëmal Yeesu te wékk sa yaakaar jépp ci moom kepp.** Waaw, bu loolu amee na la bir ne doo jaar ca àtte ba. Yàllaa ko wax ci Kàddoom bi mu naan, yoon mënatul a dab ki bokk ci Kirist. Ndaxte Yàlla, ci njubteem, àtte na Kirist ci sa palaas.

Kon doomu ndey, yaw miy wut jàmm, ak yaw miy dox jàmm, ndax jëkk ngaa wut jàmm ak Yàlla? Ndax am nga jàmm ak Yàlla? Mooy li nga war a jëkk a sàkku. Wóor na ma ne bëgg nga am jàmm ak Yàlla. Amul sikki-sàkka. Kon li ngay def mooy, ñëwal ci Yeesu! Bokk nga ci wooteem bi mu naan:

"*Ñëwleen ci man yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay.* ***Jébbaluleen ci man*** *te jàng ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol. Ndaxte sama kilifteef lewet na te sama yen diisul.*" **(Mc 11:28-30**)

Yeesoo ngi lay woo ci moom. **(Pe 3:20**) Soo gëmee, dina dugg may la dund gu dul jeex gi. Li ñépp di wut te wóoru leen fu mu nekk. Yeesu ne na: "*Man maay ndekkite li,* ***maay dund gi. Ku ma gëm, boo deewee it, dinga dund.***" **(Yow 11:25**)

Ci lu wér, bokk ci sunu maam Aadamaa tax nu ñàkk jàmm ja nu amoon ak Yàlla ca ndoorte la. Waaye léegi, su nit bokkee ci Kirist, day daldi amaat **jàmm ak Yàlla**. Te nag yemul foofu. Dafay am **jàmmu Yàlla ji Kirist di def ci xolu ku ko gëm.** Dëgg la, jàmmu Yàlla, Yeesu Kirist moo koy joxe. moo waral Kàddug Yàlla naan:

"*Na leen Boroom jàmm may jàmm ci fépp ak ci lépp.*" **(2Tes 3:16**)

Kenn ci doomu Aadama yi judduwaalewul jàmmu Yàlla. Wànte Boroom bi Yeesu dafa bëgg a def ci way-gëm Kirist yépp jàmmu Yàlla di dalug xol. Moo tax mu ne:

"*Buleen jàq...*" **(Yow 14:1**) "*Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina mënul a joxe. Buleen jàq, buleen tiit.*" **(Yow 14:27**)

Looloo waral xolu taalibe Kirist bu wér, lenn luy lal ñàkk jàmm du ci toog. Boroom bee koy wattu ni ko yonent Yàlla Esayi waxe ne:

‟*Képp ku dëgër ci ngëmam dinga ko may jàmm, ...ndaxte wóolu na la.*” **(Isa 26:3**)

Ci loolu, mbokk yi nuy déglu, gis ngeen ni ki bëgg a dox jàmm war a jëkk a def. Waaw boo bëggee dox jàmm te di ko wax, yaw ci sa bopp danga war a am jàmm ba noppi. Ndaxte naka la nit di joxee li mu amul? Mënul a nekk! Waaye gannaaw bi nga amee **jàmm ak Yàlla** te Yeesu def **jàmmam ci sa xol**, léegi booy dox jàmm, dina mën a nekk lu wér te meññ njariñ. Ndaxte bu boobaa, Yeesu moo lay jiite ci lépp ndax Yeesu dafa ñëw ngir jiite nu ci yoonu jàmm. Yeesu moo dindi bépp ñag bu doxoon démb ci diggante ñi gëm Yeesu tey ni seen Musalkat ba jàmm mën a am. Moo tax Mbind mi ne:

‟*...léegi, ci seen bokk ci Kirist Yeesu, yeen ñi sore woon jege ngeen ndax deretu Kirist ji ñu tuur. Ndaxte* ***mooy sunu jàmm,*** *moom mi jël Yawut ak ki dul Yawut, def nu benn. Ñag bi doxoon sunu diggante te sosoon sunu dëngoo, moo ko màbb ci li mu joxe yaramam. ... Noonu la nu jële, Yawut ak ki dul Yawut, def nu benn ci moom, ba nu jàmmoo.*” **(Ef 2:13-15**)

Mbokki déglukat yi, man mii laata may gëm Yeesu Kirist, daan naa faral a laajte, **bés bu ma deewee, fan laa jëm, Àjjana walla safara?** Ndaxte amuma woon jàmm ci sama xol. Moona amoon naa diine ni ñépp. Bi ma gëstoo nag ba gis ne Yeesu Kirist mooy Musalkatu àddina te képp ku ko gëm dinga texe, ma gëm ko. Léegi am naa jàmm ju wér ci sama xol. Xam naa ne su ma deewee tàbbi Àjjana. Yeesu du fenn mukk te moo ne: ‟*...Ku ma gëm, boo deewee it, dinga dund.*” **(Yow 11:25,26**)

Yaw miy déglu, ndax gëm nga loolu? ‟**Lu dul jàmm, jàmm a ko gën.**” Soo dee wutkatu jàmm jàppal lii: ngir xam yoonu jàmm wi te am jàmm ju wóor àddina ak laaxira, fàww nga gëm Yeesu Kirist mi Yàlla yónni ngir mu far sa boru bàkkaar te tàbbal la ci yoonu jàmm.

Léegi nag, yaw mi gëm Musalkat bi te di ko jiital ci lépp, Yeesu def na jàmmam ci sa xol. Jàmm joojoo tax lu mën a xew, way-gëm Kirist bi dafa naan tekk wóolu Boroomam. Muy ñaan te xam ne, **jàmmu Yàlla ji xel mënul a takk, dina aar xolam ak i xalaatam ci darajay Kirist Yeesu.**

Xarit yi nuy déglu, sunu jot jeex na. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Ku am laaj ci li nu jàng tey, mën nga nu bind ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax ne: ‟*Yeen ñiy wut jàmm, barkeel ngeen, ndax dees na leen tudde doomi Yàlla; Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina mënul a joxe*” **(Mc 5:9 Yow 14:27**)

# 121 Ngistal

Asalaamaalikum xarit yi nuy déglu. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir mucc ci mbugalu safara ba fàww. Sunu mbégte réy na ndax li nu mën a dellusi di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokki déglukat yi, Mbind mi dafa ne: "***Nit, liy feeñ lay seet, waaye Yàlla xol lay seet.***" **(1Sa 16:7**) Loolu lu Yàlla waxoon la jaare ko ci gémmiñu yonent Yàlla Samwil. Muy wax ju kenn ku nekk mën a seede ag wéram. Misaal mi sax mën naa bañ a sore. Bés bu set nu gis lu ni mel fi nu wër. Nit ñaa ngiy wax ak a def ngir fexee feeñal lu wuuteek li nekk ci ñoom, ci seeni xol. Lépp, ngir rekk nit ñi gis leen, naw leen. Loolu, **ngistal la**. Ngistal nag lu yàgg ci àddina la. Waaye yàgg fi taxul mu nekk lu baax. Nit, li muy gis ak a dégg dafa ko yitteel lool. Wànte Yàlla moom, **xol lay seet**.

Kon ni ngeen ko njorte, loolu moo nuy dugal ci sunu njàngum tey, mi jëm ci mbirum ngistal. Nanu jàngandoo li ci Yeesu wax ci Linjiil. Dafa am bés Boroom bi Yeesu nekk ca biir Kër Yàlla ga di waare. Mu ne mbooloo ma:

"*Xutbakat ya ak Farisen ya ñu ngi toog ci jalu Musaa. Lépp lu ñu leen wax nag, defleen ko te sàmm ko, waaye buleen roy seeni jëf, ndaxte <u>dañuy wax waaye duñu ko jëfe</u>. Dañuy takk say yu diis, yen leen nit ñi, waaye duñu ko nangoo laal sax ak seen cati baaraam.*" **(Mc 23:2-3**)

Noonu Yeesu wëlbatiku ca xutbakat ya ak Farisen ya ne leen:

"*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi,**<u>dingeen torox</u>**! Ndaxte yeen a ngi sàkk asaka ci naana ak anet ak kumin, te sàggane yi gën a màgg ci yoonu Musaa, maanaam <u>njub</u>, <u>yërmande</u> ak <u>ngëm</u>. Loolu ngeen war a def, waxuma nag ngeen bàyyi la ca des. Yeen njiit yu gumba yi! Yeen a ngi segg wallax-njaan, tey wann giléem.*
*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi,**<u>dingeen torox</u>**! Ndaxte yeen a ngi setal bitib kaas bi ak ndab li, waaye ci biir dafa fees ak càcc ak ëppal. Farisen yu gumba yi! Jëkkleen a setal biir kaas bi ak ndab li, ngir biti bi itam set.*
*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi,**<u>dingeen torox</u>**! Ndaxte yeen a ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal. Ci biti am nañu melo wu rafet, waaye ci biir dañoo fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. Yeen itam, ci **ngistal** dangeen a mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon.*
*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi,**<u>dingeen torox</u>**! Ndaxte yeen a ngi tabax xabruy yonent yi, tey rafetal bàmmeeli ñu jub ñi. Te yeen a ngi wax ne: Bu nu fekke woon sunu jamonoy maam, dunu ànd ak ñoom ci tuur deretu yonent yi. Seede ngeen nii ne, yey ngeen seen bopp, te yeenay doomi ñi doon rey yonent yi, di aw seen tànki baay, ba yées leen sax. Yeen ñi mel ni ay jaan, te fees ak daŋar niy co, naka ngeen di mucce mbugalu safara*?" **(Mc 23:13-33**)

Xarit yi, noo déggandoo waxi Yeesu yu dëgër yii mu jëme woon ci xutbakat ya ak Farisen ya. Maanaam Boroom diiney jamono jooja. Yeesoo ngi doon daan seen dundinu **ngistal** ba tax mu waxoon leen keroog juróom-ñetti yoon: '**dingeen torox!**' Tey nag dunu am jotu faramfànce lépp. Waaye tànn nanu ñeenti '**dingeen torox!**' yu mujj, yi leen Yeesu waxoon ngir gis li Mu ci bëggoon a jàngale.

1- Kon, ci bu jëkk, danuy gis ni Yeesu waxe woon Boroom diine yooya, ne leen:

***Dingeen torox**! Ndaxte yeen a ngi sàkk asaka ci naana ak anet ak kumin, te sàggane yi gën a màgg ci yoonu Musaa, maanaam njub, yërmande ak ngëm. Loolu ngeen war a def, waxuma nag ngeen bàyyi la ca des. Yeen njiit yu gumba yi! Yeen a ngi segg wallax-njaan, tey wann giléem.*

Juróomeelu '**dingeen torox!**' bii, dafay ŋàññ sàrt yu dëng yi xutbakat yi ak Farisen yi tëraloon, fonk leen te sàggane li gën a am maanaa fa kanam Yàlla. Dañu daan topp warugari diine yu sew-sewaan yi. Waaye amuñu

yërmande ci kenn te duñu doxal njub ci lenn ndax seen ngëm gu ñàkk a xóot. Li amoon solo ci ñoom mooy ni leen nit ñi di gise. Loolu nag, ba tey am na fi. Am na ñoñ, dañuy jàngale te seen dundin dëppoowul ak li ñuy wax. Nekkewuñu fi lu dul seet njuumte yu ndaw yi nekk ci dundu nit ñi. Te ñoom, duñu gis bàkkaar yu sax, yi nekk ci seen dund ñoom. Moo tax Yeesu doon wax naan:

"*Lu tax ngay xool ñax gi ci sa bëtu mbokk, te gisuloo gànj gi ci sa bët yaw? Nan ngay waxe sa mbokk: May ma, ma dindil la ñax gi ci sa bët; fekk gànj a ngi ci sa bët yaw? **Naaféq**, jëkkal a dindi gànj gi ci sa bët, te noonu dinga mën a gis bu leer, ngir dindi ñax gi ci sa bëtu mbokk.*" **(Mc 7:3-5**)

Ñu mel noonu, Yeesu ne na duñu ay royukaay yu baax, ak lu ñu yiw yiw ci bëti nit ñi.

2- Gannaaw loolu, Yeesu ne woon na leen:

***Dingeen torox**! Ndaxte yeen a ngi setal bitib kaas bi ak ndab li, waaye ci biir dafa fees ak càcc ak ëppal. Farisen yu gumba yi! Jëkkleen a setal biir kaas bi ak ndab li, ngir biti bi itam set.*

Mbokki déglukat yi, ni ngeen ko dégge, juróom-benneelu '**dingeen torox!**' bile, dafay daan Farisen yi ak xutbakat yi ci seenug bëgg feeñ. Seen yitte yépp mooy fexe ba nit ñi jàppe leen ay boroomi diine, teg leen fu kawe. Noonu ci biti, ci li nit ñiy gis, ñu mel ni ñu yiw. Fekk ci biir, fa Yàlla di xool, mu nga fees dell ak xeetu bàkkaar bu nekk. Noonu Yeesu xamal leen ne, li ñu waroon a jëkke, mooy setal ci biir, maanaam xol bi. Foofee nga xam ne, fa la bàkkaar yeek lépp lu bon di bawoo. Noonu li ñuy fexee wone ci biti dina mën a jag. Wànte ngir loolu mënoon a am dañu war a réccu te tuub seeni bàkkaar te gëm Almasi, bi Yàlla dige woon di Yeesu. Waaye ñoom, ñu gàntu Yeesu mi leen mën a fanqal mbugalu safara. Li Yàlla bëgg mooy réccu gu wér ak ngëm ci Musalkat, bi mu yónnee. Loolu mooy tax sa dund mën a meññ njub ak dëgg giy bawoo ci biir xol.

3- Waaye Yeesu jeexalagul ci "dingeen torox" yi! Noonu, mu neeti leen:

***Dingeen torox**! Ndaxte yeen a ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal. Ci biti am na melo wu rafet, waaye ci biir fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. ...Ci **ngistal** dangeen a mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon.*

Ni ngeen ko dégge, xarit yi nuy déglu, juróom-ñaareelu '**dingeen torox!**' bii, dafay dellu di biral **ngistalug** njiiti diine yooya. Muy ngistal gu wér, ba tax Yeesu di leen méngale ak i bàmmeel. Bitib bàmmeel mën naa rafet lool. Waaw, am na bàmmeel yu yànj lool. Waaye la nekk ca biir, kenn bëggu caa teg say bët. Bi Yeesu waxee loolu, yemalewu ko woon ca Farisen ya. Niti jamonoy tey jii itam bare na ci ay "Farisen ak i xutbakat". Maanaam ba tey, am na ñuy wax lu baax cib dégg, di def lees mën a rafetlu. Wànte boo ko seetee ba ca biir rekk, mu nekk mbir yoy, jógewuñu ca xol ya. Dañuy koy def ak a wax ngir wut aw woy ca nit ña leen di déglu. Ñu mel noonu, Yeesu ne na, jot nañu seen yool ba noppi. Yàlla, **xol lay seet**.

4- Te gannaaw loolu, Yeesu ne leen:

***Dingeen torox**! Ndaxte yeen a ngi tabax xabruy yonent yi, tey rafetal bàmmeeli ñu jub ñi. Te yeen a ngi wax ne: Bu nu fekke woon sunu jamonoy maam, dunu ànd ak ñoom ci tuur deretu yonent yi.*

Xarit yi nuy déglu, juróom-ñetteelu '**dingeen torox!**' bii mooy bi mujj. Yeesu nag nekk di ci won xutbakat yi ak Farisen yi ne, ñoo yem kepp ak seen maam ya daan rey yonent yi. Soppikuwuñu, ndax: **Kéwél du tëb, doom ja bëtt.** Wone nañu ko ci seeni jëf. Moo tax Yeesu laaj leen laaj bu am solo bob, tont li ci Moom mi ñu bañoon a gëm rekk la nekk. Da leen a laaj ne:

"***Yeen ñi... fees ak daŋar niy co, naka ngeen di mucce mbugalu safara*?**"

Laaj bii, waxuma Farisen ya sax, waaye war na soxal képp kuy doomu Aadama. Moo tax yaw miy déglu itam, boo nu mayee nopp, ci kanam tuuti nu indil la tontub laaj bu am solo bile.

Waaye jëkkal a xam ne, njiit yooyu ñoo daan jàngale téereb yoonu Yàlla wi Mu dénkoon yonent Yàlla Musaa. Ñoom xutbakat yeek Farisen yi, li ëpp ci seenum njàngale, ameesul woon dara lees ci mënoon a wax. Waaye nag li ñu daan jàngale, daawuñu ko jëfe ñoom ci seen bopp. Moo tax Yeesu doon dànkaafu nit ña naan leen: Buleen roy seeni jëf. **(Mc 23:3**) Yeesu ne itam: "*Wottuleen a def seeni jëf yu jub ci kanamu nit ñi, muy ngistal. Lu ko moy, dungeen am yool ci seen Baay bi nekk ci kaw*." **(Mc 6:1**)

Kon sama waay, boo déggee ni Boroom bi Yeesu artoo woon mbooloo ma ngir ñu moytu **ngistal,** xanaa dinga ne, waaw, naka lees mën a moytoo ngistal nag? Yeesu tegtal na ni loolu mën a ame. Waaye ndegam deesul jiital ab sareet soog cay takk aw fas, moo tax Yeesu ne woon Farisen ya ak xutbakat ya: "**Yeen ñi... fees ak daŋar niy co, naka ngeen di mucce mbugalu safara?**" Muy laaj bu kenn ku nekk mën a laaj boppam tey. *Naka laay mucce ci mbugalu safara?*

Mbokk mi nuy déglu, nii la mbir yi war a deme ngay soog a am tontub laaj boobu. Yaw ci sa bopp, dangay jëkk a gis ne, Yàlla dafa sell ba dara lu taq bàkkaar mënu ko jege. Gannaaw loolu, nga nangu ne, nit bàkkaarkat la. Ndaxte Mbind mi ne na, ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla. Te loolu, bàyyiwul kenn kuy doomu Aadama. Ndaxte sunu maam Aadama mi jëkk a daanu cig fiir, moo nu bàyyee ndono lii di bàkkaar. Boo nangoo loolu ba noppi, nga gis ne kon, nit amul pexem jege Yàlla ci kàttanu boppam. Waaye Yàlla moom, am na pexe mu Mu waajal. Pexe mi mooy, Yàlla yónnee na Almasi bi, Yeesu mi mu fal, mu dee ca bant ba, tuur deretam ngir far sa boru bàkkaar. Noonu, soo gëmee Yeesu ni sa Musalkat, dinga mucc ci mbugalu safara. Rax ci dolli, Yàlla dina def ci yaw Xelam mu Sell, mi lay may doole, ba nga mën di moytu ba say jëf bañ a nekk **ngistal** ni ko Yeesu waxe.

Ngistal mën na feeñ ci fànna yu bare ci dundu nit, mel ni: Ci sàkk sarax, ci ñaan, ci koor a.ñ.s.... Moo tax baax na nuy fàttaliku li Yeesu wax ci mbir yooyu ak yeneen yi ci des yépp.

Ci misaal, mbirum **sàkk sarax**, Yeesu dafa ci wax ne: "*Booy sàkk sarax, bu sa loxo càmmooñ xam li sa loxol ndeyjoor di def, ngir sa sarax nekk kumpa. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo*." **(Mc 6:3,4**)

Yeesu teg ca it ne: "*Bu ngeen di **ñaan**, buleen mel ni naaféq yi, ñoom ñi bëgg di ñaan, taxaw ca jàngu ya ak fa mbedd ya daje, ngir nit ñi gis leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy ñaan, duggal ci sa néeg, tëj bunt bi, te nga ñaan sa Baay bi bët mënul a gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.*" **(Mc 6:5,6**)

Noonu Yeesu wax itam ci mbirum **koor** ne: "*Su ngeen di woor, buleen mel ni naaféq yi, ñoom ñiy yoggoorlu, di ñaawal seeni kanam, ngir seen koor feeñu nit ñi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy woor, xeeñalal sa bopp te nga sëlmu, ngir sa koor bañ a feeñu nit ñi, waaye mu feeñu sa Baay bi bët mënul a gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo*." **(Mc 6:16-18**)

Kon yaw miy déglu, fàttalikul ne yii yépp mënees na ko defe ni ko Yàlla bëgge. Wànte dafa am lu ko war a jiitu. Mooy nga jëkk a gëm Almasi bi Yeesu ni sa Musalkat bi dee ca bant ba ngir rawale la ci mbugalu safara. Noonu Xel mu Sell mi dina la may kàttanu moytu ba say jëf duñu nekk **ngistal** ci fànna bu mu mën a doon ci sa dund. Waaye su loolu jëkkul a am, dangay sonal sa bopp rekk.

Kon, nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax ne: "***Wottuleen a def seeni jëf yu jub ci kanamu nit ñi, muy ngistal.***" **(Mc 6:1**) "***Nit, liy feeñ lay seet, waaye Yàlla xol lay seet.***" **(1Sa 16:7**)

# 122 Rëy

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Sunu mbégte réy na ci li nu xam ne yeen a ngi nuy déglu ak takkute. Nu ngiy dellu di bég ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB* bi ngeen sopp a déglu.

Mbokk yi, Wolof Njaay ne na: "**Rëy day sewloo nit.**" Waaw, nit ku rëy dafay yëg boppam, foog ne moo gën a baax, moo gën a mën, moo gën a xam. Du teg ñeneen ñi ñuy nit, du faale kenn. Moona dañuy wax naan: *Boo yëkkëtee ab loxo ne yëguma kenn, yëkkëtil beneen bi ne kenn yëgu ma.*

Lii kon moo nuy dugal ci sunu njàngum tey, mi jëm ci mbirum **rëy**. Muy mbir mu gaaw a solu nit, ba tax nu war cee bàyyi xel fu nu tollu te sax, dog ciw waar. Koo mën a doon, ndegam nit nga rekk, mbir mii mën na laa dab. Mbind mi dafay nettali ne, dafa am bés,

"*Werante am ca biir taalibe [Yeesu] ya, ñuy laajante kan moo gën a màgg ci ñoom. Yeesu mi xam seen xalaat, jël ab xale, teg ci wetam, ne leen: ...Ki gën a* <u>*woyof*</u> *ci yeen ñépp [ba mel ni xale], kooku moo gën a màgg.*" **(Lu 9:46-48**)

Ana yan mbir kon ñoo mën a sabab rëy ci nit?

**Juddu bu rëy** mën na sabab ag rëy ci nit. Waaye ay laaj a ngi nii yu kenn ku nekk ci nun war a tontu: Yaa di kan? Ci lan nga sosoo? Ci kan nga soqikoo? Ci lu wér, bu nu goree te jub, li nu war a tontu ci laaj yooyu mooy: Man nit laa! Ci pënd laa sosoo! Te ci maam Aadama laa soqikoo! Waaw su fekkee ne nun ñépp ci Aadama mi Yàlla sàkke pënd lanu soqikoo, ana lan moo waral nu war a rëy-rëylu? Li ko waral mooy, Seytaanee koy def ci sunuy xol moom mi nga xam ne rëy-rëyloo taxoon mu bëggoon a teg boppam Yàlla. Ba tax Yàlla jële ko ci malaakam leer, ma mu nekkoon. Aji Sax, ji dul jox ndamam kenn, daaneel ko, mu nekk Ibliis te tabaxal ko kër, muy safara. Kër goo xam ne fa lay dëkk abadan moom ak ñépp ñi koy déggal. Kon mbokk mi nuy déglu, xamal ne, man ak yaw dunu dara lu dul pënd. Ana kon lu fi jar a yëkkëtiku? Ci loolu, Kàddug Yàlla ne na: "*...Pënd nga, te dinga dellu nekk pënd.*" **(Ge 3:19**)

Naka **alalu àddina** itam, ni ngeen ko xame, mën na sabab rëy ci nit. Yeesu ne na:

"*Dafa amoon waa ju bare alal, te ay toolam nangu lool, muy werante ci xelam naan: Nu ma war a def? Ndaxte amatuma fu ma dajale sama ngóob mi. Noonu mu ne: Nii laay def: [damay] daaneel* <u>*sama*</u> *sàq yi, defaraat yu gën a réy, ba mën cee dajale* <u>*sama*</u> *dugub ji ak* <u>*sama*</u> *am-am jépp. Te dinaa kañ* <u>*sama*</u> *bopp ne: Yaw mii, am nga alal ju bare, ju mën a dem ay ati at; noppalal sa yaram, di lekk, di naan, tey bég. Waaye Yàlla ne ko:* ***ñàkk xel!*** *Guddig tey, dees na jël sa bakkan. Kon li nga dajale lépp, ku koy moom*?" **(Lu 12:16-20**)

Nettali bii dafay wone rekk ne, alal nekkul li ëpp solo ci dundu nit ki. Xoolal boroom tool bii, bi mbeyam àntoo, dugub ji ne gàññ, amul dara lu mu ciy xalaat a def lu dul fas yéene yàq sàqam, yi def dugubu daaw ji. Moona mënoon na xool fa ko wër. Kon du ñàkk mu gis fa ku aajoyoo peppum daawam ja. Moo gënoon mu koy xalaat a lakk mbaa di ko suul. Waaye boppam rekk la doon xalaat: <u>Samay</u> sàq, <u>sama</u> dugub, <u>sama</u> am-am. Sama, sama rekk. Xamul ne li mu am sax moomu ko. Yàlla dafa ko ko dénk rekk. Waaye moom, bu weesoo boppam keneen amul solo.

Te nag, waa ji, bu xalaatam joyul woon, li mu naroon mooy bu yàqee sàq ya, lakk dugubu daaw ja ba noppi, dafay defaraat sàq yu gën a yaatu. Noonu, mu fat ca dugubu renam. Bu noppee, mu tàmbali jëfandikoo jot gi ko Yàlla jox, mu yaakaar ne moo ko moom. Te naru ci woon def dara lu dul tëdd, lekk ak naan tey bànneexu rekk. Waaye Yàlla joyal pexeem, faat bakkanam ci guddi googu sax. Noonu Yàlla laaj ko: "Li nga dajale lépp, ku koy moom?" Nun it war nanu bàyyi xel ci laaj boobu. Ak koo mën a doon. Loolu moo tax Pool, ndawu Yeesu Kirist waxoon Timote mi nekkoon njiit ci menn mbooloom ñu gëm Yeesu ne ko:

"*Ñi barele alalu àddina nag, dénk leen ñu bañ a* ***rëy****, te bañ a wékk seen yaakaar ci koom-koom yi saxul fenn, waaye ñu wékk ko ci Yàlla, mi nuy may naataange ju mat, ngir nu mën ciy bànneexu.*" **(1Tim 6:17**)

Yàlla bëggul kenn wékk yaakaaram ci **alal** ak **koom-koom** yi saxul fenn ba tax ngay bàkku ak a teg sa bopp foo àggul. Àgg fenn fi sax warul tax nga yëkkëtiku. Li Yàlla bëgg mooy nga denc sa alal ca sàq ya ca asamaan. Bu ko defee mu nekk sa kaalag ndam ëllëg.

Kon xarit yi, dëgg la, juddu bu rëy ak alal dinañu sabab rëy. Waaye itam, **xam-xam** ak **daraja** mën nañu sabab **rëy** ci nit. Looloo tax Kàddug Yàlla ne:

"*...Xam-xam day tax ba nit yëg boppam, waaye mbëggeel day yëkkëti ngëm. Ku xalaat ne xam nga dara, sa xam-xam* [des na te], *bënnagul*." **(1Ko 8:1,2**)

Yeesu nettali woon na benn léebu bu jëm ci nit ñiy rëy-rëylu di xeeb ñi ci des ndax seen daraja. Mu ne:

"*Dafa amoon ñaari nit ñu dem ca kër Yàlla ga, di ñaan. Kenn ki ab Farisen la, ki ci des juutikat. Farisen baa nga taxaw di ñaan ci xelam, naan: Yaw Yàlla, maa ngi lay sant ci li ma melul ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii. Ayu-bés gu nekk damay woor ñaari yoon, di joxe asaka ci lépp lu ma wut. [Waaye] juutikat ba moom, ma nga taxaw fu sore te bëggul a siggi sax, xool asamaan. ...Ma ngay fëgg dënnam te naan: Yaw Yàlla, yërëm ma, man miy bàkkaarkat. Yeesu teg ca ne: Maa ngi leen koy wax, nit kooku, ba muy ñibbi këram, moom la Yàlla àtte ni ku jub, waaye du Farisen ba. Ndaxte képp <u>kuy yëkkëtiku dees na la suufeel</u>, te <u>kuy suufeelu, ñu yëkkëti la.</u>*" **(Lu 18:10-14**)

Loolu la Yeesu waxoon ci nitu diine kooku ak ñi mel ni moom. Dañuy rëy-rëylu, di def seeni jëf ngir nit ñi gis leen, di leen tagg ak a naw. Noonu, bu ñu demee ci xew yi itam toogu yu yiw yi lañuy taamu, te it bëgg di féete kanam ca jàngu ya. Ñuy wut kilifteef te bëgg ñépp di leen nuyoo ñaari loxo. Waaye ñoom ak ñi mel ni ñoom nañu xam ne, *kuy yëkkëtiku, dees na la suufeel* bés. **(Mc 23:12**)

Ci loolu nag, bëggunu wax ne wareesul jox wegeel ñi ko yelloo. Doom dafa war a woowe pàppaam "baay" te ki feebar it, mën na woowe fajkat bi "doktoor" Yàlla sax dafa wax, ci lu jëm ci sunu jokkalante ak nit ñi ne: "*Joxleen ku nekk* [cér ba] *mu yelloo*" **(Ro 13:7**)

Waaye am **daraja**, xam-xam walla lu mën a doon, warul a tax kenn di teg boppam fu ko Yàlla tegul. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Ku la def, ba nga gën a màgg ñi ci des?* ***Loo am lu ñu la mayul?*** *Te bu ñu la ko mayee, lu tax nga di ci tiitaru, mel ni mayuñu la ko*?" **(1Ko 4:7**)

Kon góor gi, jigéen ji, yaw mi nuy déglu tey, suufeelu moo la war, moo nu war nun ñépp. Su dul loolu, bés Yàlla dina la suufeel te loolu moom, lu jar a moytu la. Fàttalikul li Kàddug Yàlla wax ne: "*Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww.*" **(1Pi 1:24**)

Xanaa yaa ngi naan: Waaw waaye, ndax **rëy** am na saafara? Waawaaw! Yàlla am na saafaraam! Ndaxte dara tëwul Yàlla. Saafaras rëy mooy **woyof**. Kàddug Yàlla dafa ne:

"*Yeen ñépp, solooleen woyof ci seen biir, ndaxte: Yàlla day ...yiwal ñi woyof.*" "*Suufeelleen seen bopp fa kanam Boroom bi, kon dina leen yëkkëti*." **(1Pi 5:5 Sa 4:10**)

Loolu mooy saafara si Yeesu joxe ngir doom Aadama bu ci sax, rëcc ci rëy. Yeesu moom, du wax di wàcc, lépp lu mu mës a jàngale moo ca daan jiitu. Ci mbirum woyof ak suufeelu itam, joxe woon na ci misaal. Muy royukaay buy dimbali képp ku bëgg a aw ciy tànkam, bëgg a soloo woyof te rëcc cig rëy. Mbind mi ne na:

"*Yeesu ak taalibe yaa ngi doon reer* [bés], *mu daldi jóge ca reer ba, summi mbubbam, daldi jël ab sarbet,*

*laxas ko ci ndiggam. Noonu mu sotti ndox cib këll, daldi tàmbali raxas tànki taalibe ya, di leen fomp ak sarbet, ba mu laxasaayoo. ... Bi mu leen raxasalee seeni tànk ba noppi, Yeesu solaat mbubbam, dellu toogaat ne leen: Ndax xam ngeen li ma leen defal? Yeen a ngi may wooye: Kilifa gi, ak: Boroom bi; te wax ngeen dëgg, moom laa. Kon bu fekkee ne, man miy Boroom bi te di Kilifa gi, maa leen raxasal seeni tànk, yeen itam war ngeen di raxasalante seeni tànk. Bàyyil naa leen fi royukaay, ngir ngeen di jëf, nii ma jëfeek yeen. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, jaam gënul a màgg sangam, mbaa ndaw, ki ko yónni. Gannaaw xam ngeen loolu, bu ngeen doxalee noonu, dingeen bég.*" **(Yow 13:2,4,5,12-17**)

Noonu, Yeesu Kirist Boroom ndam li bàyyi na fi royukaay di pexe mu ñu mën a aw ba rëcc ci **rëy**. Waaye nag, jëfe noonii Yeesu jëfee woon keroog, yombul. Mën ngaa jéem waaye doo ci sore. Dangay sonn, xàddi. Kon mbir mi dafa am lu koy jiitu. Li koy lalu moo di, fàww nga jëkk a judduwaat. Su fekkee ne xamuloo lan mooy judduwaat, jarul nga ciy am kersa mbaa nga koy rus a laajte. Loolu daloon na benn boroom xam-xam bu mag bu ñuy woowe Nikodem. Kàddug Yàllaa ngi nu koy nettali naan:

"*Amoon na ca Farisen ya nit ku ñu naan Nikodem te mu bokk ca kilifay Yawut ya. Genn guddi mu ñëw ca Yeesu, ne ko: Kilifa gi, xam nanu ne, Yàllaa la yónni ngir nga jàngal nu, ndaxte kenn mënul a def firnde yii ngay wone te Yàlla àndul ak moom. Yeesu tontu ko ne: Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, képp ku judduwaatul doo mën a seede nguuru Yàlla.*

*Nikodem ne ko: __**Nit**__ __ku xas ba màgget,__ __**nan lay mën a judduwaate**__**?** Ndax day dellu ci biiru yaayam ngir judduwaat? Yeesu tontu ko ne: Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, ku judduwul ci ndox ak ci Xelum Yàlla, doo mën a bokk ci nguuru Yàlla. Lu juddoo ci nit, nit la; waaye lu juddoo ci Xelum Yàlla, xel la. Li ma ne: Fàww ngeen judduwaat; bumu la jaaxal. Ngelaw, fu ko neex lay jublu. Yaa ngi koy dégg waaye xamuloo fu mu jóge, xamuloo fu mu jëm. Noonu la mel it ci képp ku juddoo ci Xelum Yàlla. Ci baat yooyu Nikodem ne ko: Nu loolu mën a ame? Yeesu tontu ko ne: Yaw yaay jàngal bànni Israyil te xamuloo mbir yii? Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax,**... na Musaa sampe woon ab bant ca diggu màndiŋ ma, takk ca jaan, ja mu defare woon xànjar, fàww ñu yëkkatee noonu Doomu nit ki, ngir képp ku ko gëm am ci moom dund gu dul jeex.***" **(Yow 3:1-11,14,15**)

Kon yaw miy déglu, aaya yi nuy soog a jàng may nañu la, nga dégg léegi ne, ngir mën a rëcc ci fiirug Seytaane gii di rëy, fàww nga **woyof**. Wànte ngir nga mën a dunde woyof, danga war a jëkk a **judduwaat**. Fàww nga gëm Almasi bi Yeesu. Moom mi ñu wékkoon ca bant ba ngir képp ku wékk sa yaakaar ci moom mucc ci mbugalu safara. Ba bànni Israyil tooñee Yàlla ca màndiŋ ma, Yàlla Aji Sax ji dafa waxoon Musaa mu tëgglu jaanu xànjar wékk ko cib bant. Noonu képp ku jaan màttaan, nga réccu te xool ca jaan, ja ñu wékk, daldi wér. Noonee Musaa wékke woon jaanu xànjar ja cib bant, ngir ku jaan màtt, bu ko xoolee mucc. Noonu itam, képp ku xool, maanaam képp ku gëm Yeesu mi tuur deretam ca bant, ba ñu ko wékkoon, dinga am ci Moom dund gu dul jeex. Bu loolu amee, Xel mu Sell mi dina la taxawu bés bu set, ngir may la kàttan ba nga mën a **woyof** te rëcc ci **rëy** ak **bépp bàkkaar**.

Kon nag mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey ba beneen yoon. Jërëjëf ci déglu bi, su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ne: "***Yàlla day dàq ñi réy, di yiwal ñi woyof.***" **(1Pi 5:5**)

## 123 Njaboot gi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Boroom jàmm, ji bëgg ñépp dégg tey topp yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér jiy bawoo ci Moom rekk. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Xarit yi, Mbind mi ne na: "***[Na ku nekk di] wax dëgg ...moroomam, ndax ku nekk sa genn-wàllu moroom nga.***" (**Ef 4:25**) Loolu wax ju wér la ju mën a defar bépp ànd, rawatina ag njaboot. Noonu kon lanuy dugge ci sunu njàngum tey mi jëm ci mbirum **njaboot**. Bu ko defee, dinanu gis lan mooy njaboot, ñan ñoo ko séq ak lan la Yàlla di xaar cig njaboot.

Noonu xarit yi, ni ngeen ko xame, gannaaw ba Yàlla sàkkee Aadama, Aadama dafa xool li ko wër, gisul kenn ku mel ni moom ku koy wéttali. Ci kaw loolu, Yàlla ne: "*Dinaa... sàkkal* [Aadama] *ku mel ni moom* [mu] *di ko dimbali. ... Bi loolu amee, Yàlla Aji Sax ji nelawloo Aadama nelaw yu xóot; ... rocci genn ciy faaram, ...defar jigéen ca faar, ga mu jële ci Aadama, indil ko ko.*" **(Ge 2:21,22**)

Gannaaw loolu, Yàlla wax na it ne: "*Góor dina beru ndeyam ak baayam, ànd ak jabaram, <u>ñu nekk kenn</u>.*" **(Ge 2:24**) Loolu tekkiwul ne boo séyee rekk, dangay wacc say waajur. Déedéet! Loolu dëppoowul sax ak li Mbind mi wax ci diggante doom ak waajuram bi mu naan: "*Teralal sa ndey ak sa baay... Ndaxte ki defalul ... dara ... ay waajuram, weddi na yoonu ngëm wi, ba yées ku gëmadi.*" **(Ef 6:2,3 1Tim 5:8**)

Kon, li Yàlla bëgg, su mënees nekk, mooy taalibe Kirist bi séy, sos njabootu boppam. Noonu duñu may kenn muy jël seen palaas. Ku nekk dafa war a toppatoo njabootu boppam. Kër mënul a am ñaari kilifa: Ñaari kuuy bu ñu naanandoo ci mbalka, béjjén dalante.

Kon nu gis ne ag njaboot a ngi tàmbalee ci séyub genn góor ak jenn jigéen. Te gannaaw ba Yàlla sàkkee Aadamaak Awa, dafa leen ne woon: "*Nangeen giir te bare, ba fees àddina.*" **(Ge 1:28**) Naka noonu, ñaari way-dencante yu nekk it, su leen ko seenug wér mayee, mën nañoo am ay doom, mu di barke bu bawoo ci Aji Sax ji. Ci kaw loolu kon nu gis ne njaboot ñett ñii la ëmb: <u>Jëkkër</u> ji, <u>soxna si</u> ak <u>doom</u> yi. Waaye itam ñoom ñett ñooñu, ku ci nekk, Yàlla jox na ko ay wareef yu mu war a sàmm ngir tawféexu njaboot gi doon lu bir. Ngir loolu mën a am nag, ku nekk ci ñoom dafa war a am Xelum Yàlla ci biir xolam, di ko déggal. Moom la Mbind mi wax mi mu naan:

"*Gëmal Yeesu Boroom bi, kon dinga mucc, yaw ak sa njaboot. ... Kuy topp sa nafsu nag, doo mën a neex Yàlla. ... Ku amul Xelum Kirist ... bokkuloo ci [Yàlla]...**Feesleen ak Xel mu Sell mi,... teg ca nangul sa moroom ci biir wegeelu Kirist.***" **(Jëf 16:32 Ro 8:8,9 Ef 5:18,21**)

Léegi nanu gëstoondoo ci wareefi kenn ku nekk ci ñett ñooñu.

Ci bu jëkk, Yàlla dafa jox sas wu réy góor ñi bi mu waxee ci Kàddoom ne:

"*Góor mooy **kilifag** soxnaam, ni Kirist nekke kilifag mbooloom ñi gëm, muy jëmmam ji muy sàmm.*" **(Ef 5:23**) Loolu nag tekkiwul ne góor ñi dañu war a noot seeni soxna. Wànte li leen Yàlla sant mooy li Mu wax ne: "*Yeen nag góor ñi, na ku nekk **bëgg** jabaram, ni Kirist bëgge mbooloo mi, ba joxe bakkanam ndax moom, ... <u>Na góor **bëgg** jabaram, ni mu bëgge boppam</u>. Bëgg sa jabar, bëgg sa bopp la. Ndaxte kenn mësul a bañ sa yaram. Waaye danga koy dundal, di ko fonk. Noonu it la Kirist fonke mbooloo mi; ndaxte noo di céri jëmmam. Mbind mi nee na: Moo tax góor dina beru ndeyam ak baayam, di taq ci jabaram, ñoom ñaar doon kenn.*" **(Ef 5:25,28-31**)

Ci lu wér, góor warul a noot soxnaam ndax li muy kilifaam. Waaye wareefu góor kay, moo di mu <u>**bëgg**</u> jabaram ni mu bëgge boppam. Te sax ni Yàlla sàkkale woon Aadama soxna, kéemaan gu mat a bàyyi xel la. Rawatina ci sunu jamono jii nga xam ne ñu bare joxuñu jigéen gëddaam. Ni Yàlla sàkke jigéen mooy wone

ne ku ñu war a fonk la. Ndaxte ci faaru góor la ko Yàlla sàkke. Muy firndeel ne Yàlla sàkku ko ngir ñu koy toroxal. Su Yàlla nammoon loolu ci jigéen kon ci tëstënu Aadama la koy sàkke. Noonu jigéen nekk ku ñuy dëggaate. Waaye defu ko, kon jigéen dees koy teral.

Mbind mi won na nu it ne, mbëggeelu góor ci soxnaam lu am solo la. Maanaam daal, ni mu bëgge boppam la ko war a bëgge. Kon mu war ko jaral sax bakkanam. Mel ni Kirist mi bëgg mbooloom way-gëm Kirist mi ba mu jaraloon ko jébbal boppam dee. Te it góor dafa war a bëgg soxnaam di ko toppatoo ni mu bëgge boppam. Nun ñépp xam nanu ne amul kenn ku ànd ak sagoom ku bañ boppam. Ku nekk dafa fonk tey toppatoo boppam. Noonii la góor gu nekk war a **fonke** soxnaam, di ko **dundal**, **dëkkal** ko te di ko **dëkkoo**. Bu mbëggeelu jëkkër wéree ci soxnaam, dina jur lii di <u>muñ</u>, <u>njéggal</u>, <u>laabiir</u>, <u>takkute</u> ak <u>yërmande</u>. Noonu góor gi dina jiite jabaram bu jekk di ko aar ak a sàmm. Bu boobaa, du nekk jëkkër ju wex mbaa mu tàng bopp ba bu génnee, kenn du yàkkamti mu dellusi ci kër gi.

Waaye, naka jabar yi ñoom it, am nañu ay wareef ci njaboot gi, ci seen digganteek seen jëkkër. Moom la Yàlla wax bi mu naan:

"*Naka yeen jigéen ñi, nangeen* ***nangul*** *seeni jëkkër, ni su doon Boroom bi. Ndaxte góor mooy kilifag jabaram, ni Kirist nekke kilifag mbooloom ñi gëm, muy jëmmam ji muy sàmm.* <u>*Ni mbooloo mi jiitale nag Kirist, noonu la jigéen ji war a jiitale jëkkëram ci lépp.*</u>" **(Ef 5:22-24**)

Kon li Yàlla wax ci aaya yii wone na bu leer ne, li Mu sant jabar ci boroom këram, mooy mu **déggal** ko. Dégg ndigal lu am solo la. Bépp réew mu bëgg a aw yoon, dina sukkandiku ci kilifteef ak ndigal. Maanaam fàww am réew am ay kilifa ak ñuy déggal sàrti réew ma. Su nguur guy doxal loolu amul, réew ma dina jaxasoo. Ku nekk di def lu ko neex ba réew ma jaare ca tas. Noonu it la ag njaboot mel. Njaboot goo gis war na am kilifa te njaboot ga di ko déggal ci lépp lu baax, dëppook coobare Yàlla. Yàlla ci boppam moo jiital góor jox ko kilifteef ci biir njaboot gi. Yàlla firndeel na ko ci li mu jëkk a sàkk góor soog cay teg jigéen. Góor la Yàlla jox **kilifteef**, jigéen mu sant ko **nangul** boroom këram.

Waaye jigéen ñi dañu war a xam ne, nangul sa jëkkër taxul jigéen yées mbaa mu gën a suufe góor. Déedéet! Bare na sax jigéen ñu sut góor ci fànna yu bare, ci saayir ak ci baatin. Waaye jigéen la Yàlla ne mu nangul jëkkër ni su doon Boroom bi. Kon bu jigéen déggalee jëkkëram, Yàlla ci boppam lay déggal. Te loolu rekk waroon na tax mu nangul boroom këram te bañ a fippu. Fippu ay musiba rekk lay jur. Bu nu delloo sunu xel ca toolu Àjjana, dinanu gis ne fippu ak bañ a dégg ndigal, bokkoon na ci li tax sunu maam Awa lekk ca doomu garab ga. Noonu Awa nangulul woon jëkkëram ndax jëloon na palaasu jëkkëram, jiite ko ci yoonu bàkkaar. Te, Aadama, moom, tànn déggadil Yàlla, noonu, bàkkaar daldi dugg ci àddina. {**Ro 5:12**) Li loolu jur lépp ciy safaan nag, gisees na ko.

Wànte mbokki déglukat yi, ñaare, dégg ndigalu jigéen ñi dafay dellu ci mbëggeelu góor ñi. Maanaam su góor gu nekk bëggoon jabaram ni Yeesu Kirist bëgge mbooloom ñi gëm Kirist. Kon jigéen ñi duñu am jafe-jafe yu bare ci nangul seeni jëkkër. Waaye nag loolu warul a tere soxna si xam ne fitnaal boroom këram waru ko. Ndaxte Yàlla rocciwul woon yaxu kaaŋ walla kawar ci boppu góor sàkke ko jigéen. Ba tax na kon, jigéen warul a fexee toog ci kaw boppu jëkkëram. Ci tënk daal, wareefu jigéen mooy **déggal** jëkkëram ci lépp luy coobare Boroom bi. Jigéen dafa war a jiital jëkkëram ci lépp ni jàngu bi jiitale Kirist. Warul a def mbaa muy dugg ci lenn te déggoowuñu ca. Mooy tax yaw jabar ji, nga jekk ngir dimbali sa jëkkër ci sas wi ko Yàlla dénk, di sasu njiit ci njaboot gi. Te loolu dina biral sa wegeel ci sa jëkkër ni ko Mbind mi santaanee. **(Ef 5:33**) Ci lu wér, jigéen mbindeef mu Yàlla fonk la. Ba tax na, amul keneen ku ko mën a wuutu ci palaasam bi ko Yàlla teg.

Xarit yi nuy déglu, su ku nekk ci ñaari way-dencante xamee sas wi ko Yàlla dénk te di ko doxal. Su ku nekk di wut njariñu moroomam, dinañu dund ci bànneex. Noonu, su leen Yàlla mayee ay bant, doom yi dinañu nekk ci anam yi gën ci seenub yar. Waaye lii lépp laata muy mën a am te jur bànneex buy sax, fàww mu am lu ko jiitu. Maanaam sa dundu ngëm dëppoo ak ni ko Yàlla bëgge. Te li Yàlla bëgg ci képp kuy nit mooy nga

gëm Musalkat bi Mu yónni mu dee ca kaw bant ba ngir far boru bàkkaaru doomu Aadama yi. Bu ko defee, dinga am kàttanu def wareef yii yépp, am dundu njaboot gu dal te barkeel. Ndax bu boobaa, lépp ci loxoy Yàlla nga koy wékk. Wànte soo wékkee lépp ci sa mën-mëni bopp, li wér mooy mën nga jéem wànte dara. Ndaxte Mbind mi ne na: "*Su Yàlla tabaxul kër gi, ñi koy tabax dañuy liggéey cig neen.*" **(Ps 127:1)**

Bu loolu wéyee, doom yi ñoom it, Yàlla sant na leen ne:

"*Naka yeen xale yi, nangeen **déggal** seeni waajur, ci li ngeen bokk ci Boroom bi, ndaxte <u>looloo rafet</u>. Teralal sa ndey ak sa baay; mooy ndigal li jëkk a ëmb dig, maanaam: Ngir nga am gudd fan, gu ànd ak jàmm. [Te yeen waajur] yi, ...buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen yar leen, di leen yemale ak a yee ci Boroom bi.*" **(Ef 6:1-4)**

Li nuy gis mooy ne, Mbind mi day ñaax waajur yi, ñu farlu ci yaru xale yi. Mu war a nekk yar bu dal. Waaye itam ñu bañ leen a bàyyeek seen sago ñuy asaru. Dañu leen war a yar, di leen jàngal ak a jubbanti ci mbëggeel ak cofeel te di leen tette ci ngëm gu wér ci Yàlla jiy dund. Boroom kër gu nekk sàmm la ci njabootam te ëllëg dees na ko laaj ni mu doon toppatoo gétt, gi ko Yàlla dénk. Waaye nag xarit yi, deesul joxe loo amul! Te it dëgg-dëgg, "*Garab du meññ lu dul la ñu ca gajje.*" Moo tax, fàww waajur wi jëkk a xam Yàlla, bëgg ko te wóolu ko ci lépp. Su loolu amul, fan la doom yi di jële cëslaay? Waaye su waajur wi amee ngëm gu wér ci Boroom bi Yeesu, bëgg ko te wóolu ko ci lépp, doom yi dinañu mën a am cëslaay gu wér. Noonu xale yi dinañu sawar ci déggal waajur yi. Waaye xale ñoom, su waajur yi melul na ñu waroon a mel sax, li war xale yi mooy ñu weg leen te bëgg leen. Bu ko defee, njariñ rekk lañu ciy jële.

Léegi nag, xanaa nu fàttali leen rekk ne, li nu dégg lépp ci mbirum njaboot ak sas yi Yàlla dénk ñi ko séq, am nañu solo. Waaye ni nu ko tàmbalee woon wax sànq; wareef yooyu yépp, ak koo mën a doon, doo leen mën a matal mukk soo feesul ak Xel mu Sell mi; maanaam soo sukkandikuwul ci Boroom bi Yeesu gannaaw ba nga ko gëmee ni benn Musalkat bi am kepp. Ni ko Mbind mi tërale, Yeesu moo di Musalkat bi dee ca bant ba te dekki ca ñetteelu fan ba. Looloo tax Mbind mi nee:

"***Récculeen nag, te woññiku ci Yàlla... ndaxte yonent yépp seedeel nañu ko ne, ñi gëm turu Almasi bi Yeesu, Yàlla dina leen baal seeni bàkkaar, te may leen Xel mu Sell mi!***" **(Jëf 2:38 10:43 2:38)**

Wànte soo wékkul sa yaakaar ci Musalkat bi Yàlla yónni, jéem rekk tële bàyyi ngay def. Ndaxte kàttan gi war a nekk ci yaw nga soog a mën a sàmmoonteek wareefi njaboot gi, ci Boroom bi Yeesu rekk nga ko mën a ame. Noonu, soo gëmee saraxu yaramu Yeesu miy Musalkat bi, dinga mucc ci mbugalu safara su dul fey mukk. Te du loolu rekk ndaxte, jaare ko ci kàttanu Xel mu Sell mi, Yàlla dina la may bés bu nekk xel, ak mën-mën nga nekk boroom kër walla soxna mbaa doom juy jëfe ay wareefam ci biir njaboot gi, mu dëppook ni ko Yàlla bëgge.

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ne: "***Gëmal Yeesu Boroom bi, kon dinga mucc, yaw ak sa njaboot.***" **(Jëf 16:32)** "**[Feesal]** ***ak Xel mu Sell mi, ... teg ca nangul sa moroom ci biir wegeelu Kirist.***" **(Ef 5:18,21)**

# 124 Koor

Mbokki déglukati emisyoŋ *YOONU NJUB*, nu ngi leen di nuyu di leen gërëm ci déglu bi. Sunu mbég réy na ndax ni ngeen fullaale emisyoŋ bii di seen bos. Bataaxal yi ngeen nu bind yépp jot nanu leen, te di am yaakaar ne, ku nekk jot na tontam.

Xarit yi nuy déglu, am na jëf ju am solo ci niti diine yu bare ci àddina. Jëf jooju moo di li ñuy tudde **koor**. Moo tax tey, nu bëggoon a gëstoondook yéen ci mbirum koor ba xam ni ko Kàddug Yàlla gise. Noonu dinanu gën a xam lan mooy njariñu koor.

Ci gàttal, mënees na wax ne koor moo di bàyyi ab diir lekk, naan, séy a.ñ.s... Ci wàllu saayir, ñi seen xam-xam màcc jëm ci wér-gi-yaramu doom Aadama, wax nañu ne koor lu baax la ci nit. Pexe la muy may mbàq giy muluñ ñam yi, muy noppalu léeg-léeg. Loolu am na solo ci mbàq gi, ndaxte njàng mu nekk war na am àllarba.

Waaye solo koor weesu na foofu. Li wóor mooy, su njariñam yemoon ci wàllu saayir rekk, kon ñu bare duñu ko fullaal. Wànte fekk na ci wàllu baatin itam, koor dafa am solo. Koor nag, ñaari xeet la: Koor gu coobarewuwul ak koor gu coobarewu. Koor gu coobarewuwul, moo di lu mel ni koorug ñeent-fukki fan ga yonent Yàlla Musaa defoon ca kaw tund wa mu tase woon ak Yàlla. **(Ex 34:28 De 9:9**) Mooy itam koorug yonent Yàlla Eliyas ca tukkeem ba mu jëmoon ca ... dëkku Oreb. **(1Ki 19:8**) Moo di it, koorug ñeent-fukki fan ya Yeesu nekke woon ca màndiŋ ma, laata muy tàmbali liggéeyam ci kaw suuf. **(Mc 4:1,2**) Daanaka kenn ku nekk ci ñett ñooñu, fekk na ko ci anam yu ko mayul woon mu mën a sàkku aw ñam wu mu xéewloo. Waaye su fekkee ne koor yooyu coobarewuwuñu woon, am na yeneen misaali koor yu coobarewu. Mooy xeetu koor gi nga xam ne danga koy def te lenn gawu la ci. Mënees na cee gis misaal, ci dundu niti Yàlla yu bare ci Mbind mu sell mi. Ñoom la doon soob, ñu def ko ci seen coobare bopp.

Noonu dañuy gis ci Kàddug Yàlla ne, amoon na koor yoy, mbas a daan am, walla njekkar. Bu ko defee, nit ñi, ci seen coobare bopp daldi woor boole ko ak ñaan ci Yàlla. Ngir Yàlla wéral leen, soreel leen mbas mi walla fitna ji. **(Jer 36:9 Joe 1:14**) Te itam gis nanu ci Kàddug Yàlla ne, bu taalibe Yeesu ya daan am mbir mu jafee linjanti, daan nañu wóor ci seen coobare bopp boole ko ak ñaan ci Yàlla. Ci misaal, bu ñu waraan sóobu ci mbir mu am solo ci liggéeyu Boroom bi. Dafa am bés,

‟...[taalibe Yeesu ya] *di jaamu Boroom bi ak di woor, Xel mu Sell mi ne [leen]: Beralleen ma Barnabas ak Sool ngir liggéey, bi ma leen woowe. Bi ñu ko déggee, ñu daldi woor ak a ñaan, teg leen ay loxo, ba noppi bàyyi leen ñu dem.*” **(Jëf 13:2,3**)

Te itam gis nanu ne bu ñu daan am lu leen jaaxal, dañu daan woor, boole ko ak i ñaan ci Yàlla, ngir mu dimbali leen, faj seen aajo. Benn bés, taalibe ya amoon nañu jafe-jafe ak rab wu dëgër bopp. Mbind maa ngi koy nettali naan:

‟*...Genn góor* [dafa] *ñëw ci* [Yeesu bés]*, sukk naan: Sang bi, yërëmal sama doom, ndaxte* [dafay] *say, di am coono bu metti; léeg-léeg mu daanu ci safara, léeg-léeg mu daanu ci ndox. Indi naa ko ci say taalibe, waaye mënuñu koo faj. ...Noonu Yeesu tëkku rab wa, rab wa génn ca xale ba, mu daldi wér ca saa sa. Bi loolu amee, taalibe ya ñëw ci Yeesu, laaj ko ci pegg: Lu tax nun mënunu woon a dàq rab wi? Yeesu tontu leen ne: ...xeetu rab wii du génn lu dul ciy* ***ñaan ak koor****.*” **(Mc 17:14-16,18-21**)

Kon xarit yi, bokk na ci jëmuy koor gu dëggu, toroxal bakkan. Noonu ruu gi gën a am doole, nga gën a mën a wéet ak Yàlla ci ay ñaan. **(Ps 35:13 Isa 58:3,4**) Wéet ak Yàlla googu nag moom am na lu mu war a jur. Moo di li yonent Yàlla Esayi wax ne koor gu dëggu mooy:

‟*...Yewwi jéngi coxorte yi, dagg buumi njaam yi, goreel ñi ñu noot. Ku xiif nga leel ko, ku rafle nga wodd ko te fat doxandéem bu ndóol.*” **(Isa 58:6,7**)

Noonu, ca jamonoy Kóllëre gu jëkk gi, koor nekkoon na lees daan faral a def. Yoonu Yawut dafa santoon ña koy topp ñuy woor benn bés ci at mi. **(Le 23:27-29**) Terewul nag Farisen ya sàkkoon yeneen fan yu ñu daan woor ci at mi. Wànte dara sababu ko woon lu dul ngistal. Ci jamonoy Yeesu it, nit ñi daan nañu woor. Benn bés taalibey Yaxya dañu dem ci Yeesu, ne ko:

‟*Lu tax nuy woor, nun ak Farisen yi, te say taalibe duñu woor? Yeesu tontu leen: Ndax gan yi ñëw cig céet dinañu naqarlu dara, li feek boroom céet gaa ngi ànd ak ñoom? Waaye bés yaa ngi ñëw, yu ñuy jële boroom céet gi ci seen biir; booba nag dinañu woor. Xam ngeen ne, kenn du daax mbubb mu màggat ak sekkit wu bees; ndaxte sekkit wi day ñoddi mbubb mi, te xottiku bi gën a yaatu.*” **(Mc 9:14-16**)

Li loolu di misaal mooy, Yaxya dafa doon jagal la mu fekkoon nit ña nekk ca te noonu mu doon leen waajal ba ñu mën a teeru te nangu Yeesu Musalkat, bi mu leen jëmale woon. Moo tax ba waxtu wa jotee, mu séen Yeesu ne leen: ‟*Kii mooy Mbotem Yàlla mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina si.*” **(Yow 1:29**) Kon Yaxya dafa doon jagal la mu fa fekkoon. Yeesu nag moom, dafa ñëw indi lu bees. Yiwu Yàlla la Yeesu indaale. Mu méngale ko ak ndimo lu bees. Koor, ya Yawut ya daan amal te bokkul ak koor ga leen seen yoon santoon. Koor yooyu aaday nit kese lañu woon, kon kenn warul woon ‟forse”... taalibe Yeesu ya ci topp aada yooyu ndaxte du lu xelu. Ku nekk xam na ne, ndimo lu bees kay soo ko dabb-daaxee sagar wu màggat. Saafara suy jur jàngoro rekk lay doon. Noonu it, dundu baatin wu bees wi Yeesu indi, mënul a ànd ak dund goo xam ne mu ngi sës ci aada yu nit tëral.

Loolu lépp nag tekkiwul ne taalibe Yeesu yi waruñu woor. Waaye bu ñu demee bay woor itam, war nañoo moytu def ko ngir sàkku ca njub. Waruñu woore ni lenn ca niti jamonoy Yeesu ya Mu doon ŋàññ. Waaw, dafa am bés, Yeesu nettali ab léebu jëme ko ci ñi foog ne seen jëfi diinee leen di tax a jub. Mu ne:

‟*Dafa amoon ñaari nit ñu dem ca kër Yàlla ga, di ñaan. Kenn ki dib Farisen* [maanaam ab Boroom diine], *ki ci des juutikat. Farisen baa nga taxaw di ñaan ci xelam, naan: Yaw Yàlla, maa ngi lay sant ci li ma melul ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii. Ayu-bés gu nekk damay woor ñaari yoon, di joxe asaka ci lépp lu ma wut. Juutikat ba moom, ma nga taxaw fu sore te bëggul a siggi sax, xool asamaan. Waaye ma ngay fëgg dënnam te naan: Yaw Yàlla, yërëm ma, man miy bàkkaarkat. Yeesu teg ca ne: Maa ngi leen koy wax, nit kooku, ba muy ñibbi këram, moom la Yàlla àtte ni ku jub, waaye du Farisen ba.*” **(Lu 18:10-14**)

Ci nettali bi, Yeesu doon na jàngale ne, Yàlla du àtte kenn ni ku jub, ci kaw li nit teg jëf yu baax, mel ni woor, sàkk asaka, ak ñoom seen. Xolu Yàlla du sedd mukk ci pexey nit, ndaxte sunuy pexe matuñu ca kanamam. Li Yàlla bëgg mooy nu ràññe sunu melow bàkkaar, mel ni juutikat, bi fëgg dënnam te naan: 'Yaw Yàlla, yërëm ma, man miy bàkkaarkat!' Li Yàlla bëgg mooy nu gëm yoonu mucc wi Mu tëral. Koor, mën na am njériñ, waaye ci lu jëm ci jubale bàkkaarkat yi ak Yàlla Aji Sell ji, amul benn njériñ.

Ci Linjiil, Yeesu tegtal na melokaanu kuy woor ne:

‟*Su ngeen di woor, buleen mel ni naaféq yi, ñoom ñi yoggoorlu, di ñaawal seeni kanam, ngir seen koor feeñu nit ñi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy woor, xeeñalal sa bopp te nga sëlmu, ngir sa koor bañ a feeñu nit ñi, waaye mu feeñu sa Baay bi bët mënta gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.*” **(Mc 6:16-18**)

Kon mbokki déglukat yi, koor warul ànd ak ngistal ak bàkku. Xoolal Farisen ya, njiiti diine yu naaféq yooyu. Ni nu ko gise ba noppi, at mi daan nañu ci woor lu mat ñetti weer ak genn-wàll. **(Lu 18:12**) Moona terewul keroog ba Yeesu di jàngal mbooloo ma ca kaw tund wa mu ne leen: ‟...*Bu seen njubte ëppul njubteg xutbakat ya ak Farisen ya, dungeen tàbbi* [Àjjana] *mukk.*” **(Mc 5:20**) Kon ñoom, seen koor yooya, ana lu mu leen jariñ? Tus! Kon yaw miy def ni ñoom it, sa koor dara la la dul jariñ!

Waaye, Yeesu bëggul woon wax ne fàww nga weesu ñetti weer ak genn wàll yi Farisen ya daan woor ci at

mi ngir sa koor mën la jariñ dara. Déedéet! Li Yeesu bëggoon a wax mooy, waaw, mën nga woor waxtu wu mu la soobee. Ndaxte amul fenn ci Mbind mi fu ñu wax ne, waxtu sàngam ci at mi, nanga woor nàngami fan. Amul! Waaye itam leneen li Yeesu bëggoon a wax mooy, li lay tax a mucc, du say jëf yu baax. Li ko waral mooy ni ko yonent Yàlla Esayi waxe woon bi mu naan: "*Nun ñépp a taq bàkkaar te sunuy jëfi njub yépp mel ni sagar wu tilim...*" **(Isa 64:5**)

Kon daal mbokki déglukat yi, leer na ne njub fa kanam Yàlla, mënul a jóge ci jëfi nit. Koor, benn xeetu jëf ju baax la. Njariñam mooy noot sa bakkan, ba nga gën a mën a wéet ak Yàlla, ci ñaan ak di gëstu ci Mbind mu Sell mi. Ndegam nag koor jëf la, te mu leer nàññ ci Kàddug Yàlla ne, kenn du mucc ci kaw i jëfam, nanu wut mucc gi fi mu nekk. Kàddug Yàllaa ne na:

"*...Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.*" **(Ef 2:8,9**) Yeesu ne na: "*Man maay **bunt bi.** Ku jaar ci man, **dinga mucc**.*" **(Yow 10:9**)

Kon yaw miy déglu, li nga war a xam mooy, mënuloo def **dara** ngir jubale sa bopp ak Yàlla. **Dara!** Li war a am ngir nga mën a tàbbi Àjjana ëllëg, Yàlla defal na la ko ba noppi. Defal na la **lépp**! **Dara desatul! Jenn jëf** ji la mën a musal ci safara, Yeesu def na ko ba noppi bi mu tuuree deretam ci kaw bant ba ngir feyal la sa boru bàkkaar, benn yoon ba fàww. Deewug Almasi bu sell bi, pexem Yàlla la. Mooy pexe mi Mu rabat ngir baal la say bàkkaar te ba tey dëkk ci sellaayam. Noonu, Mbind mi ne na boo wékkee sa yaakaar ci jëfu Musalkat bi la gàddul sa mbugalu bàkkaar, Yàlla dina la baal. Mooy li yonent yépp seedeel Yeesu ne ku ko gëm, "**Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.**" **(Jëf 10:43**)

Loolu moo tax ñépp ñi gëm Mbindi yonent yi, xam nañu ne **mucc gi** mënul a jóge ci doom Aadama, mayu Yàlla la. Bu Mucc gi nekkoon luy jóge ci nit, kon xoggaliku dina gën a bare. Waaye Kàddug Yàlla dafa wax ne: "*...**du peyu jëf,** ngir **kenn du ci kañu**. Ndaxte **jëfu Yàlla lanu**; moo nu bind ci Kirist Yeesu, ngir nu wéy ci jëf yu rafet, yi mu nu fàgguloon ca njàlbéen ga.*" **(Ef 2:9,10**) Kon, taalibe Yeesu yi, jëfi Yàlla lañu. Yàlla mooy ki nu may Xelam ak dooleem ngir nu wéy ci jëf yu rafet. Su dul woon loolu duñu mën a def jenn jëf ju baax ci bëti Yàlla.

Léegi nag yaw miy déglu, ndax jekk nga ngir am dund gu fees ak jëf yu baax? Wóor na ma ne bëgg nga ko. Te loolu it la Yàlla di xaar ci yaw. Waaye nag ngir mu mën a nekk, ci anam yi gënal Yàlla, fàww mu am lu ko jiitu: Danga war a nangu ne **bàkkaarkat** nga ba joteetuloo ci sellaayu Yàlla. Te soo gëmee ne Yeesu mi **la** tuural deretam ca bant ba ngir far**say** bàkkaar, Yàlla dina la baal, di la àtte ni ku jub... te it, Yàlla dina la may Xelam mu sell, di **kàttanu def ay jëf yu Mu rafetlu, yu àndul ak benn ngistal.**

Kon nag fii lanuy yem ak yeen tey. Su ngeen amee laaj, bind leen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax bi mu naan: "***...Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.***" **(Ef 2:8,9**)

# 125  Liggéey

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji yërmande ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi te di ko topp. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Wolof Njaay dafa wax ne: **Ñaq, jariñu.** Liy wone ne, bu nit bëggee tedd dafa war a liggéey. Waaye xanaa laaj bi ñu mën a laajte mooy, ak ni Yàlla bëgge doom Aadama, lu tax Mu teg nit coonob liggéey? Waaye bu ngeen nu toppee dinanu ci gëstoondook yeen ci sunu njàngum tey mi jëm ci mbirum **liggéey,** di mbir mu am solo.

Xarit yi, ni ngeen ko xame, Yàlla ci boppam moo jëkk a liggéey. Mbind mi ne na:

‟*Noonu la Yàlla sottale asamaan yeek suuf, ak lépp li ñu ëmb. Ca juróom-ñaareelu fan ba, Yàlla sottal liggéeyam, bi mu defoon; te Mu noppalu ca juróom-ñaareelu fan ba ci liggéeyam bi mu defoon bépp.*” **(Ge 2:1-2**)

Gannaaw loolu, Muy soog di liggéeyloo nit. Ndaxte ba Yàlla sàkkee àddinaak li ci biiram lépp, sàkkaale woon na toolu Àjjana itam. Mu dugal nit ca tool ba nag, dénk ko aw sas. Ni ko Mbind mi waxe ne:

‟*Boroom bi Yàlla jël nit ki, tàbbal ko ci toolu Àjjana ngir mu koy bey te di ko wattu.*” **(Ge 2:15**)

Kon liggéey, moo di sas wi Yàlla sasoon nit ca toolu Àjjana ci kaw suuf. Muy bey te di wattu tool ba. Loolu wone na ci lu wér ne nit moom, Yàlla sàkku ko woon ngir muy yàccaaral. Waaye Yàlla barkeeloon na liggéey bi mu dénkoon nit. Noonu, ay xéewal rekk la ca nit doon jële. Bu nu sukkandikoo ci loolu lépp, xanaa kon dinanu mën a laaj sunu bopp: Waaw, naka ak kañ la liggéey nekk coonook fitna ci nit? Kàddug Yàlla indi na tont ci loolu di nu xamal ne lépp a ngi tàmbali bés ba nit daanoo ci fiiru Seytaane. Booba la liggéey noppee nekk mbég ak bànneex ci nit; daldi nekk warugar wu diis, wu ko dul wàccati ba keroog muy sàngoo suuf. Ndaxte gannaaw ba Aadama ak Awa bàkkaaree, Yàlla dafa ne Awa:

‟*Dinaa yokk sa coonob ëmb, ngay wasin ci metit, te say bëgg-bëgg di jëm ci sa jëkkër waaye moo lay yilif. Mu ne Aadama: Ndegam sa waxu jabar nga dégg ba lekk ci garab gi ma la tere woon. Dinaa alag suuf si ndax yaw. Ci coono nga ciy ame sa dund ba ba ngay dee.* [Suuf] *dina la meññal ay dég ak i dagg te ci ñaxum tool yi ngay lekk. **Ci saw ñaq** ngay dunde ba kera ngay dellu ci suuf si ma la jële; ndaxte pënd nga, te dinga dellu nekk pënd.*” **(Ge 3:16-19**)

Mbokki déglukat yi, ni ngeen ko dégge, bépp coonoo ak metit bu doom Aadama di daj ci liggéey, bàkkaar a ko waral. Moona li Yàlla jublu woon ci liggéey, moo doon xéewalu nit. Waaye bàkkaar a tax ba solo liggéey réer te mu mujj a nekk coono ci nit. Moo tax léegi nit di daŋ-daŋi bay bëgg a dee te du tax mu am ca bànneex ba mu ca waroon a am bépp. Waaye metti warul a tax nit bañatee liggéey. Ndaxte liggéey a lay tax a am looy suturloo, lu mu néew néew. Kon liggéey am na solo ci jëm-kanamu nit, ci jëm-kanamu gox mbaa ab dëkk. Te itam liggéey dafa am solo ci suqali koom-koomu réew. Am réew, bu nit ña takkoo, kenn ku nekk jàpp ci lenn di ca yëngu ànd ak fulla, léegi réew ma jëm kanam. Wànte bu ñépp nee yàcc rekk, dara du jëm kanam.

Kon xarit yi nuy déglu, bu kenn may bàkkaar ak xat-xati jamono ñu tanc pas-pas bi nekk ci nun ba sunu yasara di yàcciku. Ku nekk xam na ne jamono jii, am loo dundale sa njaboot ëmb na coono bu réy ci ñi ëpp ci nit ñi. Moo tax coono ak naqar tàbbi ci njaboot yu bare. Te nag, mbir yi àgg na foo xam ne, liggéey tax na nit di def moroomam yu jekkadi, yu kenn rafetluwul. Waxuma sax ci ku ne gëm na Yàlla, wànte ruslu na sax ci ay bàyyima. Ñu ngiy jëfandikoo liggéey di ci jariñoo seeni moroom. Walla ñu def liggéey muy jumtukaayu nooteel. Waaye, ndax loolu day tekki ne nit dafa war a toog rekk, bañ a def dara, bañ a yëngatu ci lenn? Déedéet! Mbind mu sell mi sax ne na:

"*Lépp loo mën a teg sa loxo rekk, jàpp ci te def ko.* ...[su dul lu Yàlla aaye]" **(Ec 9:10**)

Kon loolu di woneeti ne, kenn warul a xeeb liggéey. **Amul benn liggéey bu bon** su dul sàcc, a.ñ.s.... Yàlla ne na: "*Fullawooleen dund ci jàmm, ...tey* <u>*lekk seen ñaq.*</u> *Noonu ... dungeen soxlaal kenn dara.*" **(1Tes 4:11,12**)

Moo tax mbokk yi, lu leer la Kàddug Yàlla wax ci yaafus yi bëggul a faste xànc ak moroom ma. Mu ne: "***...Ku liggéeyul, du lekk.***" **(2Tes 3:10**) Liggéey moo war nit, su ko ko wér-gi-yaramam mayee. Su ko mënee nag te bëggu koo def, wareesu koo dundal. Yeesu miy royukaay ci bépp fànna ci dundu doom Aadama, daan na liggéey ak i loxoom. Minise la woon ca dëkku Nasaret. **(Mk 6:3**) Barkeelaatoon na liggéey jaare ko ci li mu daan liggéey. Joxaatoon na liggéey maanaa ma mu amoon fa kanam Yàlla te ñàkkoon ko ndax bàkkaar.

Kon gis ngeen ne, Yàlla santul kenn toog bañ a jéem dara. Bu fekkee sax ne nitu diine nga, mënuloo ko mbubboo ngir bañ a liggéey. Yonent yi Yàlla yónni woon, ku ci nekk amoon na mécce. Ñépp la liggéey war. Pool mi nekkoon kenn ci ndawi Yeesu ya, moom it, daan na liggéey. **(Jëf 18:3**) Te ñetti mbir yii ñoo ko waraloon:

- Ci bu jëkk, Pool dafa nekkoon kuy daan dooleem ngir **faj soxlay boppam** ba **fajaale ci soxlay ñeneen**. Kon nekk boroom xam-xam taxu ko woon ne yàcc. Moo tax mu wax ci Linjiil ne:

"*Nammuma xaalisu kenn mbaa wurusam mbaa koddaayam. Xam ngeen ne, faj naa samay soxla ak soxlay ñi ànd ak man ci sama loxo yii.*" **(Jëf 20:33-34**)

- Ñaareel bi, Pool **bëggul woon a wéeru ci kenn.** Ba tax mu daan ñaq di ca jariñu. Nii la ko waxe taalibe Yeesu ya dëkkoon Asi ne leen:

"*Mbokk yi, yeen a ngi fàttaliku sunu coono ak sunu ñaq; xam ngeen ni nu liggéeye guddi ak bëccëg, ngir bañ a diis ci seen kaw ...*" **(1Tes 2:9**) "*Kuy bey war na am yaakaar, te kuy bojj di yaakaar a jot wàllam. Nu ji ci yeen yëfi Xelum Yàlla, ba noppi góobe ci yeen yëfi àddina, ndax loolu dafa ëpp li nu war a séentu? Ndegam ñeneen a am sañ-sañ boobu ci yeen, nun kon waxi-noppi. Waaye nag jariñoowunu sañ-sañ boobu. Danuy far muñ lépp, ngir bañ a indi ndog ci yoonu xabaar bu baax bu Kirist bi. Xanaa xamuleen ne, ñiy liggéeyal yëf yu sell yi, dañuy lekk ñam, wi ci kër Yàlla gi, te ñiy liggéey ci bérëb, bi ñuy rendee sarax yi, dañuy jot seen wàll ci sarax yi? Naka noonu it Boroom bi digle na ne,* ***ñiy yégle xabaar bu baax bi, nañu ci dund.*** *Waaye man jariñoowuma benn ci sañ-sañ yooyu.*" **(1Ko 9:10-15**)

- Ñetteelu mbir mi tax Pool daan daan dooleem mooy dafa bëggoon a nekk **royukaay** ci yaafus yi. Moo tax mu ne:

"*Ci lépp won naa leen royukaay...* [te] *ba nu nekkee ca yeen, lii lanu tëraloon: Ku liggéeyul, du lekk. Léegi nag, dégg nanu ne, am na ci yeen ñuy wéy ci tayel; liggéeyuñu dara, lu dul di dugg ci lu seen yoon nekkul. Ñu deme noonu nag, nu ngi leen di sant, te di leen dénk ci turu Boroom bi Yeesu Kirist, ñuy liggéey ci jàmm, tey dunde seen ñaq.*" **(Jëf 20:35 2Tes 3:10-12**)

Kon ni ngeen ko dégge, liggéey la Yàlla santaane ndax mooy jëme am réew kanam. Yàlla dafa mës a bëgg nit di daan dooleem bañ a tayel.

Ci loolu nag, bu liggéey amee, fàww mu am kuy liggéeylu, di **njaatige** bi. Mu am it kiy liggéey, di **liggéeykat** bi. Naka jekk, ñaar ñooñoo séq liggéey. Bu liggéey doxee, njaatige ak liggéeykat ñoo def seeni wareef. Waaw, ndaxte ku nekk ci ñoom ñaar dafa am wareef wu ko Yàlla teg.

Njaatige bi, dafa war a xam ne liggéeykat dees koy jox àqam ba mu mat sëkk. Mu jox ko pey ga mu yelloo ca waxtu wa. Noonu la ko Kàddug Yàlla waxe bi mu naan: "*...Joxal teraanga ju mat sëkk ñi ciy rafetal seen*

*liggéey,...Ndaxte: Ku ñaq, jariñu. ...te liggéeykat yelloo na jot peyam.”* **(1Tim 5:17,18 Lu 10:7**) Noonu, bokk na ci jox liggéeykat àqam, nga fey ko ni mu gën a gaawe. Loolu la Mbind mi bëgg a wax bi mu naan: "*Feyal liggéeykat bi bala jant a so; ...ndax am na ci soxla.”* **(De 24:15**) Bu njaatige téyee peyooru liggéeykat bi, soo moytuwul soxla yi dinañu ko xàttarbi, daaneel ko. Bu waxtu wa jotee te feyuñu liggéeykat bi, dina metti. Kon na njaatige yi bàyyi xel ci loolu ak ci lii leen Kàddug Yàlla wax naan: "*Yorleen seeni* [liggéeykat] *ci nu jub te aw yoon, xam ne, yeen itam am ngeen ab Sang ca asamaan.”* **(Kol 4:1**)

Waaye mbokk yi, du njaatige yi rekk la Yàlla sant ñu rafetal. Naka **liggéeykat** bi itam, na xam li ko war te di ko def. Mbind maa ngi wax ak ñoom naan:

"[Liggéeykat] *yi, nangulleen ci lépp seen* [njaatige]*, yi ci àddina. Buleen ko def rekk ci seen kanam, di sàkku ngërëm, waaye na nekk lu dëggu ci yeen, ndax seen ragal Boroom bi. Lu ngeen mën a def, na ci seen xol tàlli; ngeen def ko ngir Boroom bi, te du ngir nit.”* **(Kol 3:22,23**) Mu rax-ci-dolli ne: "*...Déggalleen seeni* [njaatige] *ak wegeel gu mat sëkk, waxuma ñi baax te lewet rekk, waaye sax ñu wex ñi.”* **(1Pi 2:18**)

Kon xarit yi, muy liggéeykat bi di njaatige bi, li leen Yàlla sant mooy lii:

"*Fonkleen yëf ya ca kaw, te ngeen bañ a faale yi ci suuf, ...Bàyyileen di fen seeni moroom, ...sellal leen, sopp leen, solooleen ...yërmande, laabiir, woyof, lewet, ak muñ. Muñalanteleen, di baalante, su amee kuy tawat moroomam. ...Waaye ku def lu bon, Boroom bi dina la delloo sa jëf, te du gënale.”* **(Kol 3:1,2,9,12-13,25**)

Ci lu wér, noonu rekk la mbir yi mën a deme ngir ab liggéey mën a barkeel. Bu liggéeykat bi fonkee liggéeyam, defe ko ni ñu ko séntoo ci moom. Njaatige bi def li ko yoon sant, bu boobaa sàcc ay waxtu, yàq, geraate, ak lépp luy indi toskare dina fi toxoo. Kenn dootul soxla ñu lay taxawu ngay soog a liggéey na mu ware. Bu loolu amee rekk, ci la réew mi di tàbbi ci naataange ji ñépp di séentu te mu tëwa agsi.

Waaye nag ndeysaan, loolu du mën a nekk feek sa dund dëppoowul ak ni ko Yàlla bëgge. Liy tax loolu mën a nekk mooy nga gëm Musalkat, bi mën a soppi sa dund. Njuumte mën na dab ku nekk naam. Waaye soo gëmee Yeesu, nekk taalibe bu wér, doo mën a dëkk ci njuumte. Taalibe Kirist bu wér dootul mën a sax ci lu neexul Yàlla. Mbind mee ko wax bi mu naan:

"*Su nu waxee ne bokk nanu ci* [Yàlla]*, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf. Waaye bu nuy dox ci leer gi, ni mu nekke moom ci boppam ci leer gi, kon bokk nanu ci sunu biir, te deretu Yeesu Doomam dina nu sellal ci bépp bàkkaar.”* **(1Yow 1:6,7**)

Kon gis nga ne fàww nga wékk sa yaakaar ci li nu Yàlla defal jaarale ko ci Yeesu Kirist. Foofu nga war a tàmbalee. Ni nga mën a wékke sa yaakaar ci Yeesu ba jekk ci bépp jëf ju rafet, nii la:

Jëkkal a nangu ne Yàlla ku sell la te dara lu taq bàkkaar du ko jege fenn. Itam, nga nangu ne ñépp a bàkkaar te man ak yaw it ci lanu bokk. Noonu nga gis kon ne, kenn amul <u>menn pexem</u> jege Yàlla Aji Sell ji. Wànte Yàlla moom, am na pexe, waajal na pexe ngir nga mën ko jege. Pexe mi mooy Musalkat bu sell, mi Yàlla joxe mu dee ca bant ba ngir far boru bàkkaaru doom Aadama yépp. Loolu mooy li yonent yi yéglee woon, ngir képp ku gëm saraxu deretu Musalkat bi Yeesu, doo sànku mukk. Boo gisee loolu lépp te nga **gëm** Yeesu ni**<u>sa</u>** Musalkat, bi **<u>la</u>** Yàlla yónnee, na la wóor ne mucc nga ci mbugalu safara. Te Yàlla dina la may Xelam mu Sell miy tax nga mën a am dund gu dëppoo ak ni Mu ko bëgge. Noonu, sooy liggéeykat mbaa njaatige, walla koo mën a doon, dinga am kàttanu **rafetal** bés bu nekk ni ko Yàlla bëgge.

Ci loolu nag, Mbind mi daf wax ay taalibe Kirist yi, naan leen: Yeen liggéeykat yi, na ngeen

"*déggal seeni sang ci lépp, te liggéeyal leen ba seral seen xol, bañ cee boole werante mbaa sàcc. Waaye nañu wone takkute gu mat,* ***ba rafetal ci lépp njàngalem Yàlla sunu Musalkat.*** *Ndaxte yiwu Yàlla feeñ na, te ubbil na ñépp buntu mucc. Moo nu digal, nu dëddu weddi ak bëgg-bëggi jamano, tey dund ci àddina cig maandu,*

*njub ak ragal Yàlla, di séentu bés bu tedd bi nu yaakaar, maanaam Yàlla ju màgg ji, di sunu Musalkat Yeesu Kirist, feeñ ci biir ndamam.* ***Joxe na bakkanam ngir nun, ba jot nu ci lépp lu bon, te beral nu boppam, nu di xeet wu sell te ràññeeku ci jëf yu baax***" **(Tit 2:9-14**)

Kon jërëjëf ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel. Tey danu leen di tàggoo li Mbind wax ne: "***Lu ngeen mën a def, na ci seen xol tàlli; ngeen def ko ngir Boroom bi, te du ngir nit.***" **(Kol 3:22,23**)

# 126  Seytaane

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji yërmande ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi te di ko topp. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Xarit yi, Wolof Njaay dafa wax ne: "**Seytaane waxul dëgg waaye yàq nay xalaat.**" Tey kon danu fas yéene jàng ci mbirum fippukat bu jëkk ba, di Seytaane. Bu ko defee dinanu ko gën a nànd ba xam nees koy moytoo ngir bañ di daanu ciy fiiram.

Bu nu xoolee àddina si, dinanu gis ne dafa fees dell ak bàkkaar. Foo xool say bët yem ci jëf yu bon. Nopp it du jóg ci dégg mbir yu jekkadi. Te laaj yi kenn ku nekk di laaj ñooy, waaw, ana lu tax nit yéese nii? Fan la yu bon yii yépp jóge? Fu nekk nit ñi di fa jéem a jële tont. Waaye Yeesu moom xamle ne tont li sorewul. Mu ne, dégluleen te xam:

"*Du li dugg ci gémmiñ mooy indil nit sobe, waaye <u>li ciy génne mooy indil nit sobe.</u> ...Lépp lu dugg ci gémmiñ, ci biir lay jëm tey génn ca bérëb bu làqu. Waaye <u>li génn ci gémmiñ mu ngi jóge ci xol [te] loolu mooy indil nit sobe. Ndaxte ci xol la xalaat yu bon di jóge, ak bóom, njaaloo, ndoxaanul yàqute, càcc, seede lu dul dëgg ak saaga.</u>*" **(Mc 15:11,17-19**)

Xarit yi nuy déglu, yu bon yooyuy balle tey, ci xolu nit, ba tax mu dëkke gilaawaali ak i jëyyë, nekkuñu woon ci xolu Aadama ba ko Yàlla sàkkee. Kon lu bon jógewul ci Yàlla. Te Yàlla sàkkul lu bon, ni ko ñenn ñiy waxe. Mbind mi ne na, Yàlla jegewul ag mbon fenn. **(Sa 1:13**) Wànte bàkkaar yi nekk ci xolu nit, kon kan moo ko ci def? Ki ko ci sol, du keneen ku dul Seytaane! Mooy noon bi fippu woon ba tax Yàlla alag ko. Seytaane moomu nag moo jiwoon doomu bàkkaar ci xolu Aadama te nun ñépp nu donn ko. Looloo tax nu war ko xam bu baax. Bu ko defee, nu mën a moytu di daanu ciy fiiram. Ndegam nag danu bëgg a gën a xam Seytaane ngir gën koo mën a moytu, lu war la nu xam **fan la jóge.** Ci loolu, danuy gëstu ci Mbind mu sell mi ngir xam li mu ci wax.

Ca jamono yu yàgg ya, Yàlla dafa sàkkoon ay xel yu bare ba mëneesu leen lim. Xel yooyu, ñu leen di tudde malaaka ni ko Kàddug Yàlla waxe naan: "[Yàlla] *def na malaakaam yi, ñu mel ni ay ngelaw, ... mu def leen niki safara.* [Te] *malaaka yépp ay xel lañu ...yuy liggéeyal Yàlla.*" **(Yt 1:7,14**) Kon, malaaka yi, ay xel lañu ni Yàlla nekke xel. Te it, dañu mel ni ngelaw ak safara. Xam ngeen ne ngelaw mëneesu ko gis te safara it deesu ko laal. Yàlla dafa sàkk malaaka yi ñu rafet, am doole ak xam-xam. Malaaka yépp ay mbindeef yu sell lañu woon. Benn ci ñoom bonul woon. Waaye it, ñoom ñépp yemuñu woon. Am na ci yu gën a rafet te ëpp xel, te amoon na ci seen biir malaaka mu ci ëpp xel te gën cee rafet. Moo doon Lusifer. Ngir xam **fan la Seytaane ak lu bon jóge**, fàww nga xam nettalib Lusifer moomu.

Kon Mbind maa ngi nuy xamal ne, bi Yàlla sàkkee malaaka yi, Lusifer mi turam di tekki: **Kiy melax,** moo doon malaaka mi ci gën a rafet, ëpp ci xel ak doole. Lusifer, malaaka mu jub la woon, doon malaakam wottukat. Ku feesoon ak xam-xam te ànd taar bu jéggi dayo. Te it amoon na ca biir Àjjana alal ju xel mënul a takk. **(Eze 28:12-17**) Moom nag Lusifer, mu daldi teg ay bëtam ci xéewal yooyu mu amoon. Mu fàtte ne Yàllaa ko defal loolu lépp. Xolam jey ko ndax taaram ak xam-xamam. Mu tàmbali wax ci xolam naan: "***...Dinaa** yéeg asamaan, **Dinaa** yéege sama gàngune ba mu tiim biddéewi Yàlla; **Dinaa** toog ca tundu pénc ma ca catul bëj-gànnaar; **Dinaa** yéeg ba àgg fa niir ya yem, **ma** nirook Aji Kawe ji.*" **(Isa 14:13,14**)

Mbokki déglukat yi, ni ngeen ko dégge, jël palaasu Yàlla, toog ci gànguneem la Lusifer nammoon. Moo ñàkk ngor! Li ko Yàlla defal lépp amul lu mu koy feye lu dul fexee jël palaasam! Wànte Yàlla xamoon na lépp li Lusifer ak malaaka yi àndoon ak moom naroon. Dara umpul Yàlla! Du gëmmeentu, du nelaw. Xam na lépp, laata muy am sax. Kon, lan la Yàlla defoon? Ndax bàyyi na Lusifer mu jël palaasam? Déedéet! Yàlla du seetaan kenn muy jël ndamam mbaa mu di ko jéem a wuutu. Kon bi Lusifer tàmbalee mébétam yooyu, Yàlla dafa ko dàq moom ak i malaakaam, sàkkal leen safara. Safara su dul fey la leen Yàlla sàkkal muy seen dëkkuwaay abadan. Ñoom ak ñi leen di topp ñépp. Noonu Yàlla ne Seytaane: "*Yaa ngi nii, biddéewu njël bu*

*yànj bi! Xàwwikoo nga asamaan, daanu nga ci suuf.*" **(Isa 14:12**)

Ci kaw loolu la Yàlla soppi turu Lusifer, wi doon tekki **kiy melax**. Mu tudde ko Seytaane, liy tekki **bañaale**. Foofu la Seytaane jóge te noonu la ame, moom ak malaaka yi ko toppoon te ñu leen tudde ay rab walla ay xel yu bon. **(Pe 12:4**) Yàqoon na xelu malaaka yooyu ba yóbbaale leen. Ndaxte "**Seytaane waxul dëgg waaye yàq nay xalaat.**" Te ba léegi nag Seytaane noppiwul di xeex ak Yàlla te di jéem a fanq ay jëfam. Wànte lu tooy ci moom lay jóge de. Ndaxte Yàllaa ko ëpp xel ak xam-xam fuuf.

Waaye, xarit yi nuy déglu, war ngeen xam ne, bi loolu lépp di am, fekk na Yàlla sàkkagul woon nit. Gannaaw gi la Yàlla sàkk nit, tàbbal ko ci toolu Àjjana. Seytaane nag bëgg a yóbbaale nit ca safara sa ñu ko sàkkal. Tax mu ñëw fiir nit ngir moom it mu déggadil Yàlla. Saar ñett ci téereb Ge, fa la nuy gise **ni bàkkaar dugge ci àddina**. Te it, ci wenn saar wi lañuy gise lu tax xolu nit dëng te soxor ba tax àddina feese nii ak metit ak coono. Ca ndoorte la, Aadama ak Awa ñu nga woon ca toolu Àjjana. Ñu nekk ci naataange te am diggante bu rattax ak Yàlla. Wànte keneen a nga woon ak ñoom ca tool ba di yoloos yoloosi. Kooku mooy Seytaane. Noonu, am bés Aadama ak Awa taxaw ca wetu garab, ga leen Yàlla tere woon, Seytaane ñëw nag ci melow jaan. Mu tàmbali wax ak ñoom. Mbind mi ne na: "*Jaan nag moo gënoon a muus ci rabi àll yépp, yi Aji Sax ji sàkk. Noonu mu ne jigéen ja: 'Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi*?'" **(Ge 3:1**) Seytaane dafa ñëwoon ci melow jaan ndaxte booba, ni ko Mbind mi waxe, jaan moo gënoon a muus ci rabi àll yépp.

Seytaane fiirkat la, fenkat la te ba tey soppikuwul. "*Du taxaw mukk ci dëgg, ndaxte dëgg nekkul ci moom. Buy fen, dëppoo na ak jikkoom, ndaxte fenkat la, te ci moom la fen soqikoo.*" **(Yow 8:44**) Seytaane dafa muus te di faral a mbubboo lu baax. Moo tax Kàddug Yàlla di nu artu naan: "*Seytaane moom ci boppam day mbubboo malaakam leer.* [Noonu], *moytuleen ñi mbubboo turu yonent. Dañuy ñëw ci yeen, yor melow xar, waaye ci biir ay bukki yu soxor lañu.*" **(2Ko 11:14 Mc 7:15**)

Seytaane naxkat la, moo tax mu ñëw ci Awa wax ak moom ne: "*Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi*?" Déggal li mu wax Awa! Mu ne ko: Ndax Yàlla wax na bu wóor ne: Buleen lekk ci genn garab ci tool bi?" "**Seytaane waxul dëgg waaye yàq nay xalaat.**" Noonu la yàqe xelu Awa daldi ko xel-ñaarloo. Xarit yi, noonu rekk la Seytaane di jëfe ba tey. Soppikuwul, bérëb yeek anam yi rekk ñooy wuute.

Ba tey ci saar ñett ci téereb Ge, Mbind mi ne na:

"*Jigéen ja tontu jaan ja: 'Mën nanoo lekk ci doomi garabi tool bi. Waaye garab gi ci digg tool bi, Yàlla nee na: Buleen ci lekk, buleen ko laal sax, ngir ragal a dee.' Jaan ja ne jigéen ja: 'Mukk! Dungeen dee! Waaye Yàlla xam na ne, bés bu ngeen ci lekkee, seeni bët dinañu ubbeeku, te dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.' Noonu jigéen ja gis ne, garab gi neex na lekk, rafet na gis, te jar na bëgg ngir mën a ràññee; kon mu daldi witt ciy doomam, lekk ko; mu jox ci it jëkkëram, ji nekk ak moom, mu lekk.*" **(Ge 3:2-5,6**)

Mbokk yi nuy déglu, noonu la Seytaane def ba tàbbal bàkkaar ci xolu nit. Kon noonu la lu bon tàmbalee am ci àddina. Booba ba léegi lu bon jógul ci àddina ndaxte nit tànn na ay waxi fen bàyyi dëgg gi. Keroog la nit tàmbalee topp lëndëm gi, bàyyi leer gi ndax li mu gëm waxi Seytaane, bañaaleb Yàlla bi te bañ a gëm waxi Yàlla Aji Mbëggeel ji. Moo tax it, am na lu leen ca fekk. Déggadig Aadama ak Awa googu, am na lu mu leen jural. Waaw, gannaaw ba ñu déggadilee Yàlla, topp Seytaane, Yàlla daan na leen, ni mu ko waxe woon. Na mu daane woon Seytaane ba mu fippoo. Mbind mi ne na:

"*Yàlla Aji Sax ji ne jigéen ja: <u>Dinaa def coono ci sa matu, te ci metit ngay wasin</u>; dinga xér ci sa mbëggeel jëme ci sa jëkkër, te moo lay yilif. Mu ne Aadama: Gannaaw dégg nga sa waxu jabar, ba lekk ca garab ga ma la tere, dinaa rëbb suuf si ndax yaw. <u>Ci kaw metit ngay jële sa dund bés bu nekk</u> sa giiru dund gépp. Suuf si dina la saxal <u>ay dég ak i dagg</u>, te ci meññeefu tool yi ngay lekk. Ci saw ñaq ngay jële li ngay dunde, ba kera ngay dellu ci suuf, fa ma la jële; ndaxte pënd nga, te dinga dellu nekk pënd.*" **(Ge 3:14-19**)

Xarit yi, **loolu la bàkkaaru Aadama ak Awa jur**: Metit ak coono, naqar ak tiis, wopp ak dee: di teqalikook Yàlla Aji Sell ji ba fàww. Loolu mooy yéeneb Seytaane ci nit. Kon nanu xam bu baax kan mooy Seytaane ak lan lanuy fexeel. Dara du pexeem lu dul wut ñu mu àndal abadan ca safara su dul fey sa ko Yàlla sàkkal. Moo taxoon mu daaneel Aadama ak Awa ci fiir. Tey jii it, looloo tax muy wut a noot képp kuy nit. Wànte Yàlla Aji yërmande ji sàkkaloon na nit pexe ngir mu mën a rëcc ci dooley Ibliis ak ci peyug bàkkaar. Ni nu ko gise woon, ca jamono yu jëkk ya, yoonu Yàlla santoon na nit mu tuur deretu mala ngir Yàlla mën koo baal, ndaxte mbugal, gi bàkkaar laaj mooy dee. Saraxi mala yooya nag, dañu daan misaal rekk Sarax bu mat bi Yàlla doon waajal. Mu di Musalkat bi Yeesu, mi mësul a def bàkkaar, Moom mi ñëw ngir dee ci palaasu bàkkaarkat yi, benn yoon ba fàww. Yeesu jànkoonte na ak fiiri Seytaane ni sunu maam Aadama, wànte Yeesu Moom daanuwu ca.

Tey, amunu jotu jàng ni Seytaane doon fexee fiir Yeesu ngir mu def bàkkaar. Waaye li ngeen war a xam mooy, ni Seytaane fiire woon Aadama ak Awa ci toolu Àjjana, <u>ngir ñu def bàkkaar</u>, noonu it la Seytaane doon fexee fiire Yeesu ca màndiŋ ma, <u>ngir Mu def bàkkaar</u>. Seytaane xamoon na bu baax ne, Yeesu mooy Rammukat bu sell, bi ganesi àddina ngir musal doom Aadama yi ci nooteelam. Te Seytaane xamoon na it ne, su Yeesu defee benn bàkkaar rekk, du mën a musal doom Aadama ci nooteelu bàkkaar. Looloo tax Seytaane songoon Yeesu ay yooni-yoon, di ko jéem a nax, **wànte Yeesu tàbbiwul ci fiiram**. Ci lu wér, Seytaane daanoon na sunuy maam Aadama ak Awa ak seen askan wépp, waaye **mënul woon a daan Boroom bi Yeesu**. Ndaxte Yeesu mooy Aji Sell, ji wàcce asamaan ngir musal doom Aadama yi ci dooley Ibliis. Looloo tax Mbind mi ne:

"***Gis nanu Yeesu**. Wàcce nañu ko, def ko mu gën a suufe tuuti malaaka yi, ngir mu dee ci wàllu ñépp, ndaxte loolu la Yàlla dogal ci yiwam. Waaye léegi Yàlla kaalaa na ko teraanga ak ndam ndax coono bi mu daj ba dee. ...Yeesu... moom ci boppam, wàcc na, jëmmoo ni [doom Aadama yi], ngir dee, **ba mën caa daaneel Ibliis, mi yore dooley dee gi. Noonu mu yiwi nit, ñi meloon ni ay jaam seen giiru dund gépp ndax ragal a dee.***" **(Yt 2:9,14,15**)

Yaw miy déglu, fàttalikul ne pexem Seytaane moo di yóbbu la safara, wànte pexem Yàlla moo di yóbbu la Àjjana. Kon, jëlal say matukaay. Mooy nga xam ne:

- Yàlla dafa sell te mënul a dëkk ak kenn ku taq bàkkaar.

- Yàlla dafa bëgg nga nangu ne, yaw itam, bàkkaarkat nga fa kanamam, te amuloo menn pexe ngir musal sa bopp ci doole Seytaane, bàkkaar, dee ak safara. Waaye Yàlla sàkk na pexe mu nit mën a rawe. Yeesu ci boppam, mi mësul a def bàkkaar**<u>mooy pexem Yàlla</u>**. Mbind mi ne na: **Yàlla yónni na Yeesu Kirist "<u>ngir nasaxal jëfi Seytaane</u>"**, **(1Yow 3:8**) ba suul musiba, yi bàkkaaru Aadama indi. Noonu, képp ku gëm li la Yàlla defal jaarale ko ci Boroom bi Yeesu Kirist, dinga mucc ci mbugalu safara su dul fey siy xaar Seytaane ak i gaayam, te dinga am diggante bu neex te jege ak Yàlla sa Boroom.

Jërëjëf ci déglu bi. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu sell mi wax, naan: "***Yeesu... wàcc na, jëmmoo ni [doom Aadama yi], ngir dee, ba mën caa daaneel Ibliis, mi yore dooley dee gi. Noonu mu yiwi nit, ñi meloon ni ay jaam seen giiru dund gépp ndax ragal a dee.***" **(Yt 2:14,15**)

# 127 Këru naxekaay

Asalaamaalikum mbokk yi nuy déglu. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Dellusi nanu di leen sant ci seen teewlu ak seeni bataaxal yiy biral seen takkute ci déglu emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Xarit yi, dégg ngeen ñuy wax naan: "**Àddina këru naxekaay la.**" Muy lu wér! Ndaxte am na ñu àddina ak li ci biiram tax ñu foog ne, bu asamaan si doon wadd ñu mën ko aw. Dañu xamul ne àddina këru naxekaay la. Moo waral tey, nu bëggoon a gëstu ci moomu mbir ba gis li ci Mbind mi wax.

Li kenn ku nekk war a jëkk a jàpp, moo di àddina ak li ci biiram, dara du fi des. Ba tax na dara jaru fi ñaaw. Danu fi romb rekk jëm ca këru dëgg ga. <u>Kenn</u> ak <u>lenn</u> du fi des! **Asamaan sii** ak **suuf sii,** dañuy wéy. **(Mc 24:35**) Ay buur ak boroomi màqaama yu woomlee ngi fi woon; lu ñu yóotuwaan jot ko. Lu ñu daan joxoñ ñu dagg. Ñenn ci ñoom, Seytaane jaare ca noot leen, àddina jey leen, nax leen ba amuñu sax jotu xalaat Yàlla. Waaye sax dàkk ci ñàkk jotu xalaat ci Yàlla ak coobareem, ci sànku ba fàww rekk lay jëme nit. Loo jënde coobare Yàlla nag, loola jaru ko. Ndaxte ci lu wér, àddina **këru naxekaay** rekk la. **Naxkat bu mag** bi di Seytaane, baayu fenkat yi, **(Yow 8:44**) moo nekk ci dunyaa bi di ko nëxal. Ndaxte, ni ko Mbind mi waxe, "*...àddina sépp a ngi tëdd ci loxoy Ibliis.*" **(1Yow 5:19**) Ni mu fene woon Aadamaak Awa ba bàkkaarloo leen, noonu lay def ba tey, di fen nit ñi, bëgg leen a jàpploo ci lu dul wéy.

Dëgg la, pexem Ibliis du lenn lu dul nekk di **fen** nit ñi ba ñu bañ a gis ne àddina sii day wéy te dara du fi des. Mbaa bu ñu ko gisee it, ñu lànk bañ ko faale. Noonu ñu nekk ci li seen bakkan bëgg, jàppe àddina ni kër guy wéy abadan. Moona Kàddug Yàlla ne na:

"*Buleen sopp àddina si ak li ci biiram. Ku sopp àddina, mbëggeelu* [Yàlla] *nekkul ci moom. Ndaxte lépp lu nekk ci àddina, maanaam <u>bëgg-bëggu yaram</u>, <u>xemmemu bët</u> ak <u>réyug àddina</u>, loolu du jóge ci* [Yàlla] *waaye ci àddina. Te àddina si **day wéy**, waaye kuy def coobareg Yàlla **dinga sax ba fàww.***" **(1Yow 2:15-17**)

Ni ngeen ko dégge, Seytaane naxkat bi, soppikuwul. Te itam, ay pexeem soppikuwuñu ndaxte ci ñetti anam yooyu rekk lay fiire. Ci la fiire woon Aadama ak Awa. Ci la fiire woon it Yeesu te ba tey, ci pexe yooyu lay naxe nit, ñi mënagul a gis ne àddina, **këru naxekaay la.** Kon ñetti pexey Seytaane yooyu ñooy: bëgg-bëggu yaram, **(Ge 3:1-3 Mc 4:3 1Yow 2:16**) réyug àddina **(Ge 3:4-5 Mc 4:5,6 1Yow 2:16**) ak xemmemu bët. **(Ge 3:5-6 Mc 4:8,9 1Yow 2:16**) Moona Yàlla jógul ci di nu artu ngir nu bañ a sopp àddina ak li ci biiram; ndax nu bañ a may Seytaane fu mu nu noote.

Ci lu jëm ci **bëgg-bëggu yaram**, mooy bépp bëgg-bëgg bu jëm ci yu mel ni ndoxaanul yàqute walla topp bànneexu àddina bu amul kem. Bu ko defee Seytaane dina la ci dimbali lool sax. Naka ñaareelu xeetu fiir gi Seytaane di naxaatee, mooy **xemmemu bët.** Seytaane dafay xiir nit ki ci, muy sàkkoo am lépp lu ay gëtam ne toq. Buy yëfi jaambur itam, mu bëgg koo moom. Te lu mu xas ba teg ci loxoom, dafa koy xëllëmtoo ak a soxare ñeneen ñi. Ci lu jëm ci ñetteelu fiir gi, di **réyug àddina,** dafa nekk mbir mom, bare na ñu ci Seytaane di daaneel. Li ko waral mooy nit dafa bëgg siiw, ak nii laa tollu. Moo waral yenn saa nit dugganteek Seytaane, mu may ko ndam ak bayre. Bu ko defee ñi desee xam, foog ne Yàllaa barkeel nit kooku. Fekk Yàlla laalul ci loola dara, jinne yiy liggéeyandook Seytaane la. Waaye Seytaane moom, du maye dara cig neen. Lu mu la may, dina jële ci yaw lu ko ëpp fuuf! Kon moytu war na, te gis ne pexe yi Seytaane di jëfandikoo yépp, ay bëgg-bëgg la leen di def ci xolu nit. Wànte Kàddug Yàlla ne na: "*...bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*" **(Sa 1:15**) Kon nanu teey ci bëgg-bëgg yi.

Yeesu xamoon na ne, **àddina këru naxekaay** gu jarul a jàpp la. Moo tax moom jàppul woon àddina te diglewu ko. Yaw nag, boo dëgëree bopp ba jàpp àddina itam, bés dina ñëw àddina bàyyi la. **Àddina dafa mel ni ñetti fan. Ñaar ña wéy nañu, ñetteel baa ngi tollu ci tàkkusaan.** Kon ana lu ci desati? Dara! Mooy li Mbind mi naan: "*...Waxtu wu mujj wi jot na! ...Moytuleen, bu leen kenn nax.*" **(1Yow 2:18 Mc 24:4**) Kon

xarit yi, li wér mooy Yàlla dina àtte àddina sii ni mu àttee woon àddina ca jamonoy yonent Yàlla Nóoyin. Dëgg la, Yàlla dige na ne dootul tukkal àddina jaare ko cim ndox bi mu naan:

‟*Fi ak suuf si di teew, ji ak góob, sedd ak tàngaay, nawet ak noor, guddi ak bëccëg, duñu wéy ba fàww. ...Dootuma tas [mukk] bépp mbindeef ak mbënn! Ndoxum tuufaan dootul faagaagal àddina si.*” **(Ge 8:22 9:11**)

Waaye loolu terewul ne àtteb àddina moom du jaas. Li ci kéemaane nag moo di bii yoon, safara la ko Yàlla di faagaagale. Loolu la Mbind miy wax bi mu naan:

‟*Ndox ...moo labal àddina [su jëkk] sa, raafal ko. Te kàddug Yàlla ... moo denc asamaan yii fi nekk ak suuf si, ngir **lakk** leen. Su boobaa, asamaan yi dinañu ne rajax toj, lu ne ci àddina lakk ba seey, te suuf ak lu mu ëmb dina ne fàŋŋ fa kanam Yàlla. ...Asamaan yi **dinañu lakk**, ba naaw ni pënd, te **lu nekk ci àddina dina lakk**, ba seey nib dóom.*” **(1Pi 3:6,7,10,12**)

Kon ndax loolu dafa wonewul bu leer ne fii dara du fi des? Axakay! Waaw, ana kon lan moo fi jar yenn yi? Dara jaru ko fi! Te it, mbir mi dafa jamp a jamp ba nar a bett ñu bare sax. Màndarga yi Yàlla joxe woon ñu ngi ni ne jonn. Ci misaal Yàlla ne woon na yonent Yàlla Dañeel:

‟*Yaw nag Dañeel, nanga denc wax yii ñu nekk kumpa te nga tëj bu baax téere bi ba <u>mujug jamono</u>. Bu boobaa ñu bare dinañu ko jàng, te <u>xam-xam dina yokku</u>.*” **(Da 12:4**)

Fi nu tollu ci àddina sii, kenn mënul a weddi ne loolu Yàlla waxoon Dañeel amul. Xam-xam gën naa yokku. Seet ko ci wàllu ‟*technologie*”. Ku ko xamul it dégg nga lépp li nit di sos ak a amal ci mbirum xarala ak xereñ ci bépp fànna. Misaal mi ci gën a bir mooy ci wàllu ‟*informatique*” di xam-xam yi ëmbu ci mbirum ‟*ordinatër*” yi. Léegi daanaka lu nekk lees mën a def ak xeetu masin yooyu.

Naka xeetu masin yu xarala yooyu sax, tey jii, am na ci yoy, tax nañu ba ñu bare ànd ak tiitaange ba mel ni ñu toog cib nen. Li ko waral, yenn réew yi yor yenn xeetu '*bomb*' yu mën a raafal askanu lëmm, ci diir bu gàtt. Te ku nekk xam na ne, ni ko Yeesu yéglee woon, ame na ni tey. Ndaxte ci gox yu bare ci àddina, ñu ngiy dégg ay xare ak coowi xare. Xeet a ngi jóg di dal ci weneen xeex. Réew a ngi dal ci meneen réew. **(Mc 24:4-8**) Ndax loolu dafa bokkul ci màndarga yi Yeesu tegtale mujug jamono? Kon loolu deful lu dul dëggal li Mbind wax ne:

‟*Bési tiis yu tar ñu ngi nuy tëru ci mujug jamono. Ndaxte [Bu boobaa] nit ñi dinañu ...fonk xaalis, <u>di ñu réy tey yëg seen bopp</u>, ñuy xaste tey xëtt ndigalu waajur; duñu am kóllëre, sell mbaa cofeel; dañuy jàpp mer ak a sos; ñu xér lañuy doon, ñu soxor te bañ lu baax; ay workat lañuy doon, di ñu ëppal te bare tiitar; seen bànneex a leen gënal Yàlla. Dañuy mbubboo diine waaye nanguwuñu koo dugal seen xol.*” **(2Tim 3:1-5**)

Mbokki déglukat yi, ci lu wér, loolu lanuy gis ci jamono jii. Nit ñaa ngi jàppe àddina ak li ci biiram ni lu dul jeex. Ñu foog ne daal xanaa lépp fii la yem ba tax faalewuñu Yàlla ak i waxam. Seen bopp lañu gën a fonk Yàlla. Lu leen neex def, nu leen neex dunde. Waaye li mbir miy jur mooy bési tiis yu metti yi Yàlla nar a xëpp ci àddina ak ci kaw képp ku bañ a wëlbatiku ci benn Musalkat bi am kepp. Li gën a doy waar ci jukki bi moo di, Kàddug Yàlla dafa nu ciy won ne ñi ëpp ci nit ñi, ay boroomi diine lañuy doon waaye seen diine jariñu leen tus. Ndax lan? Ndaxte ci biti la seen diine yem. Dañu ko mbubboo rekk! Te ku naaféqul xam ne lii lépp am na te jege la lool sax. Kon li muy firndeel, moo di àddina dootul yàgg. Moo tax Yeesu ne:

‟*Jàngleen misaalu garabu figg ga. Boo xamee ne ay bànqaasam duy nañu, ay xobam sëq, xam ngeen ne nawet jege na. Noonu yeen itam, bu ngeen gisee loolu lépp, xamleen ne [njeextel àddina] jege na.*” **(Mc 24:32,33**)

Kon xarit, yaw miy déglu, xippil! Xippi jot na! Bul bàyyi àddina ak li ci biiram nax la. Ndaxte bul fàtte ne

**àddina këru naxekaay la!** Ku ko jàpp it, bés dina ñëw moom mu bàyyi la nga detteelu. Kon yaw moomii jàppe àddina ni kër guy sax, tee nga koo teel a dëddu. Dëddu ko te wëlbatiku ci Yeesu. Moom dina la may texe àddina ak laaxira. Fàttalikul li Mbind mi wax ne: "...***Kuy def coobareg Yàlla dinga sax ba fàww.***" **(1Yow 2:17**) Xam naa nag dinga ma ne, lan moo di def coobare Yàlla? Coobare Yàlla, ni ko Mbind mi waxe, mooy nga mucc, am dund gu dul jeex gi. Bañ a bokk ci ñi àtteb Yàlla nar ne milib ci seen kaw. Dund gu dul jeex gi moom, mooy nga xam Yàlla, xam it Yeesu benn Musalkat bi mu yónni mu dee ci sa palaas ngir far boru bàkkaaru képp ku ko gëm. **(Yow 17:3**)

Waaye nag, xamal ne fii ci àddina rekk nga mën a ame **mucc** gi ndaxte Mbind mi ne na:

"***Tey jii la jamono ju jekk ji; tey la bésub mucc gi. [Kon] boo déggee waareb xabaar bu baax bii, bul dëgër bopp.***" **(2Ko 6:2 Yt 4:7**)

Fii ci àddina rekk nga mën a gëme Boroom bi Yeesu mi la mën a musal, ngir boo deewee tàbbi Àjjana. Tey la, du ëllëg, du ci sa kaw i jëf mbaa ci jëfi keneen ku mën a doon. Ci kaw ngëm, ci deretu Musalkat bi tuuru ca bant ba rekk la. Deretu Yeesu rekk a la mën a ubbil buntu Àjjana ndaxte yoonu Yàlla wu sell dafa wax ne: "Peyug bàkkaar moo di dee, teqalikoo ak Yàlla ba fàww!" Wànte Yàlla, ci yiwam, sàkk na pexem musal bàkkaarkat yi nu doon. Pexe mi mooy **Sarax** bu mat sëkk, bu Almasi bi Yeesu. Ni xar ma deewoon ci palaasu doomu Ibraayma ngir musal ko ci àtteb Yàlla. Noonu la Almasi bi Yeesu deewe ca bant ba ci sa palaas. Sunuy bàkkaar la gàddu ca bant ba ngir Yàlla mën nu baal. Noonu, Yàlla daan na bàkkaar te daanul bàkkaarkat bi te terewu ko dëkk ci njubteem.

Kon fàttalikul ne nit ñax la. Ak koo mën doon, ak loo mën am. Sa ndam a ngi mel ni tóor-tóor kese. Te ñax day wow, tóor-tóor di ruus. Waaye li Yàlla wax, du deñ mukk! Noo def mu am, ak lu mu yéex yéex ci xalaatu nit. **(1Pi 1:24**) Waaw, tee ngaa jóg ba jóg jotee? Daw ca ba ngay am i tànk! Ni nga mën a jóge nenn kepp la. Nga wékk sa yaakaar ci benn Musalkat bu wóor bi am kepp, Almasi bi Yeesu. Fàttalikul ne **àddina këru naxekaay la!** Pexem Seytaane ak jëmoom mooy nax la ba tàbbal la safara su dul fey mukk. Bul ko nangu! Jëmu Yàlla moo gën ci yaw, mooy nga nekk ak Moom ba fàww ca Àjjana. Fippul te jël say matukaay:

- Nga jëkk a nangu ne Yàlla dafa mat te sell ba mënul a dëkk ak kenn ku taq bàkkaar.
- Nga nangu itam ne bàkkaarkat bu matadi nga fa kanam Yàlla te tëlee musal sa bopp. Ndaxte, ni ko Mbind mi waxe, ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla.
- Noonu, nga nangu ne, amuloo pexem musal sa bopp te keneen ku mu mën a doon, amul pexe ci musal boppam sax waxumaak keneen.
- Gannaaw loolu, nga nangu ne Yàlla sàkk na pexe mu nit mën a mucce. Maanaam deretu Yeesu ja tuuru ca bant ba te raxas bàkkaaru képp ku ko gëm. Noonu, soo gëmee ne Yeesu deewal na la, te muy ngëm gu wér, dinga **mucc ci mbugalu safara** ba fàww. Rax ci dolli Yàlla dina la may kàttanu **rëcc ci naxi àddina!**

Kon fii lanuy yem ak yéen tey. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen fàttaliku li Mbind mi wax naan: "***Àddina si day wéy, waaye kuy def coobareg Yàlla dinga sax ba fàww.***" **(1Yow 2:17**)

# 128  Ndaw ñi (ak seen céri séy)

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji Jub ji bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy sant Yàlla ci li nu leen mën di bége yeen ñépp ñiy déglu emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Xarit yi, dégg ngeen ñuy faral a wax naan: "**Dox sag ndaw aayul, waaye dëkk cee bon.**" Waaye itam ni ngeen ko xame, loolu moo waral ñuy gis ndaw ñu bare di def naka su dul noonu. Ba tax kon nu bëggoon a jëmale sunu waxtaanu tey ci mbirum ndaw ñi. Li wér mooy ndaw ñi moom, mënees na cee def ay emisyoŋi emisyoŋ. Waaye tey, li nu fas yéene mooy waxtaan ci mbirum ndaw ñi ak seen "*céri séy*".

Bir na leen ne, xalaatu ñu bare ci ndaw ñi mooy: Damay fo léegi, noonu su ma demee ba nekk mag soog a tuub, jublu ci jaamu Yàlla gu gën a yell. Waaye ndax xalaat boobu dëppoo naak li Yàlla xalaat ci ndaw ñi? Ndax Yàlla dafa soxlawul jaamug ndaw ñi? Walla boog, ndax ndaw ñi dañu dul dee bés, teew fa kanam Yàlla Àttekat bu jub bi? Bala nuy dikk ci laaj yooyu, nanu gëstoondoo tuuti ba gis lu tax ndaw ñi mën a am ay bëgg-bëgg yu leen di jeñ cig **moy**.

Su nu nee ndaw ñi, xaleelu góor yeek yu jigéen yi, ñépp ci lañu. Doonte sax ñu nekk ñu wuute ci ni leen Yàlla binde. Seen wuute googu sax moo tax kenn ku nekk mel ni day xëcc moroom mi. Loolu nag mën naa jur safaan rawatina bu ñu tollee ci yenn at yi. Waaye wuute góor ak jigéen Yàllaa ko def. Te it, njaboot gi ak '*société*' bi, dañuy sàkku ci xale bu góor ak bu jigéen ay mën-mën yu wuute. Moo tax, ni ñu wuutee ci seeni céri yaram, ñu wuutee ni ci seeni jikko. Gën gaa bare, gune gu góor mooy gën a sañ, ëpp doole, te gën a luubu. Bu gune yi amee 4 at jëm 5, dañuy tàmbali di jéem a niru seeni waajur ci fànna yu bare.

Wànte jamono ji gën a metti ci waajur yi moo di jamono yi gune yiy yëg ak a gis ay coppite ci seeni yaram. Gune gu jigéen gi tàmbali di gis baaxu jigéen. Ku góor ki tàmbali di gis baaxu góor. Bu gune yi agsee fii, coppite yu gaaw-a-gaaw ñooy am ci seen dund. Loolu mooy firndeel ne ñu ngiy jóge cig ngune, jëm ci waxambaane ak njegemaar. Yàlla di waajal seeni yaram ba ñu jekk cim njur. Ci yoon, su ñu jotee rekk doom mën na ci sosoo. Waaye fi mu nekk, seeni xalaat war na nekk ci seenum njàng ak ci seen ëllëg te bañ a fowe seenug ndaw. Kon ni ngeen ko dégge, benn ci mbir yi tax ndaw ñi mën a am ay bëgg-bëgg yu leen di jeñ cig **moy,** moo di ay nit lañu ni ñeneen nit ñi. Te day fekk seen yaram tollu foo xam ne dañuy yëg li yaramu bépp nit ku tollu ci séy di yëg.

Bu loolu wéyee, mën nañu gis itam ne, meneen mbir mu tax ndaw ñi mën a tàbbi cig **moy,** moo di <u>toppandoo</u>. Waaw, bu ngóor si ak njanq si demee ba gis baax, gën gaa bare dañuy foog ne léegi ay mag ñu sotti, ñu dara tëwatul lañu. Dëgg la, seen yaram ci jamono jooju wone na ne agsi nañu ci diir bu am solo ci seen dund. Seen xalaatin tàmbali wuute ak bu jëkk waaye tekkiwul ne seen xel ak seen xam-xam agsi nañu cig ñor. Foofu la jamonoy bëgg a moom seen bopp di taxawe. Bu ñu daan dégg ndigali kilifa yi, léegi dañuy tàmbali di bañ, di fippu, di jéngu. Ñuy bëgg di def ni mag ñi te ñaare sax duñu laaj xalaatu mag ñi. Duñu def lu dul <u>toppandoo</u> seen yeneen moroom yi ndax bëgg a **mel** ni ñoom. Ñoom lañuy roy te di tënku ci seeni xalaat gën gaa bare. Moona loolu ci ay jëyyë rekk la leen di tàbbal, di jur ci seen dund ay safaan yu leen mën a topp seen giiru dund.

Loolu moo tax, am na solo lool kóolute dox diggante xale yi ak waajur yi. Bu xale tolloo ci jamono jooju, na kilifa yi di fàttaliku ne, xale bi tollu na foo xam ne, mu ngiy fexee biral meloom ak jikkoy boppam. Noonu kilifa yi, moo xam jàngalekat bi la walla waajur wi, dañu war a xam ne rëy-rëylug xale bi, dëgër fitam, dëgër bëtam, yàkkamteem a.ñ.s.... tekkiwul mbañeel walla ñàkk mbëggeel ci ñoom. Li ñu ci war a gis mooy, xare ngir moom seen bopp: di xalaatal seen bopp, di defal seen bopp li leen soob, tànnal seen bopp seeni xarit ak seen jubluwaayi bopp. Bu ko defee nag kilifay xale yi dañu leen war a taxawu ci coppite yooyu. Ñu bañ leen a toŋal waaye ñuy waxtaan ak ñoom ni ay xarit. Sas wu rëy la ci waajur yi. Moo tax Mbind mi naan: "*Yéen [waajur yi], buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen ...di leen yemale ak a yee...*" **(Ef 6:4**) Lu jiitu lii di agsi, waajur yi war nañu fexe ba wóoloonte am ci seen digganteek xale yi.

Waaye xale yi it, nañu xam ne Wolof Njaay ne na: "**Nag wéq na doom ja waaye bañu ko.**" Maanaam, ci yoon, waajur yi lu baax rekk lañu leen bëggal. Ci loolu, na ndaw ñi déglu bu baax li leen Yàlla wax bi mu naan: "*Naka yeen xale yi, nangeen déggal seeni waajur.*" **(Ef 6:1**) ndaxte waajur yi dañuy bañ rekk àndandoo dugal leen ci gilaawaali. Dëgg la, yenn waajur yi dañu wex, waaye xér ci seen doom rekk a ko waral, du bañ leen. Boo gisee ñu bañ toppandoo dugal leen ci **moy**, jafe-jafe yu bare dañu ci mën a soqikoo. Ci misaal, am na réew mom, ci atum 1960 boo jëloon 100 xaleelu góor yu am 17 at, 25 ya xam nañu jigéen. Nga jël 100 xale yu jigéen, 10 ya xam nañu góor. Tey jii lim yooyu yokku nañu ba tollu ci 55% ci góor ñi ak 40% ci jigéen ñi. Lim yu yokku yooyu nag, taxul jëf jooju nekk lu baax walla lu ñu war a sofental. Ndaxte mën naa jur gën gaa néew mbir yii: <u>ëmb bu ànd ak i jafe-jafe</u> ak <u>ay feebari séy</u>. Te it, <u>mën na am xale bu góor bi, fowe ku jigéen ki rekk a ko tax a jóg</u>. Bu amee li mu bëgg, fàtte ko mbaa sax mu weeje ko. Loolu nag mën na indi yaakaar ju tas ak naqar wu réy ci jigéen ñi. Ba tax ku jigéen ki, li des ci dundam, dootul wóolu genn góor, dafay xalaat ñépp a yem.

Kon ci dëgg-dëgg, li war ndaw ñi, mooy li war bépp doom Aadama. Mooy ñu bañ a fowe mbëggeel. Ndaxte Yàlla ci boppam moo jëkk a bañ ag **moy**. Ñaar ñu buumu séy doxagul ci seen diggante jote araam na ci ñoom. Moo tax yaw miy wax naan: "**Dox sag ndaw aayul...**" Xanaa xamuloo ne Yàlla dafa ne: "...*Sell-leen, ndaxte ku sell laa.*" **(1Pi 1:16**) Wax jii di "Dox sag ndaw aayul..." dëppoowul ak li Yàlla xalaat ci ndaw ñi! Ndaxte li Yàlla digle te namm ko ci ndaw ñi mooy **sellaay**. Moo tax Mbind miy wax képp kuy ndaw naan: "*Dawal bépp bëgg-bëggu* [ndaw], *te sóobu ci njub. ...*" **(2Tim 2:22**) Waaw, yenn bëgg-bëgg yu mel ni **moy**, ku nekk xam na ne du jur lu dul safaan. Ñi tollu ci séy te mën ko, Kàddug Yàlla dafa leen sant ñu séy su ñu mënul a téye seen bopp. **(1Ko 7:9**) Ñi tolloogul ci séy, am nañu lu leen doy mbubb ak tubéy. Nañu toppatoo seenum njàng walla seen njàngum mécce ba mu bënn.

Kon ma laajaat ñiy wax naan, "**Dox sag ndaw aayul...**" Ndax Yàlla dafa soxlawul jaamug ndaw ñi? Axakay! Li Kàddug Yàlla wax ndaw ñi wone na ne Yàlla dafa bëgg ñu def seen xel ak xol ci Moom. Mu ne:

"*Fàttalikul Yàlla mi la sàkk, ci bi ngay ndaw, bala bés yu naqari yi di agsi te at yi ñëw nga naan: dund gi safatuma neex.*" **(Ec 12:3**)

Ci lu wér kon, Yàlla dafa bëgg nga tàmbali ko jaamu léegi ci sag ndaw. Mu gënal la bànneexu àddina buy wéy. Ndax sa bànneexu bakkan a la gënal dégg ndigalu Yàlla? Xam nga bu baax ne, mag dina dee waaye ndaw itam day dee, teew fa kanam Yàlla Àttekat bu jub bi. Te képp ku lànk bañ a sàkku sellaay, bi Yàlla namm ci yaw xanaa di wéy cig moy, li wér mooy soo tasewul ak mbugalu Yàlla fii ci àddina it, dinga taseek moom laaxira. Mbind mi ne na:

"*Toxal nañu dëggu Yàlla ... ba faaleetuñu sax Aji Bind, ji yelloo cant ba fàww. Loolu moo tax nag Yàlla bërgël na leen ci seeni bëgg-bëgg yu ruslu. ... ñu di jot seen peyu réer ci seeni yaram* **(Ro 1:25-27**) [te it,] *...ñiy def lu ñaaw,* [ak] *ñiy njaaloo, ...seen añ moo di déegu safara ak tamarax bi [dul fey mukk.] Loolu mooy ñaareelu dee gi.*" **(Pe 21:8**)

Kon mbokk mi nuy déglu, tee nga wëlbatiku ci Yeesu bala muy yéex? Leer na nàñ̃ñ ci Kàddug Yàlla ne, Yeesu Almasi bi ñëw na ci àddina ngir musal nu ci peyug bàkkaar<u>**ak**</u> **dooleem**. Yeesu mën na loolu ndaxte mooy Ki jóge asamaan, di Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga, di Ki duppeekoo ci Yàlla, te feeñal jikkoom ci kaw suuf. Yeesu ñëw na ngir musal nu ci sunu jafe-jafe bu am doole, bi di bàkkaar ndaxte ku sell te mat sëkk la. Moo tax soo wékkee sa yaakaar ci Yeesu te muy lu wér, **dinga bég <u>ñaari yoon</u>**.

Bu jëkk, **dinga am dund gu dul jeex gi** ni ko Mbind mu sell mi waxe ne: "*Képp ku gëm ne Yeesu mooy Almasi bi, juddu nga ci Yàlla ... Maa ngi leen di bind yëf yii... ngir ngeen* ***xam*** *ne,* ***am ngeen*** *dund gu dul jeex.*" **(1Yow 5:1,13**)

Ñaareel bi, soo wékkee sa yaakaar ci Boroom bi Yeesu, Xel mu Sell miy dëkk ci yaw, **dina la may bés bu nekk kàttanu dëggal ci say jëf li neex Yàlla**, te di daw lépp luy jëfi lëndëm yu amul benn njariñ bay weer

sax képp ku koy def. Ndaxte ci dëgg-dëgg, waxtaane li ñenn ñiy nëbbu di def, lu ruslu la. **(Ef 5:10-12**) Ci loolu kon, Yàlla dafa bëgg nga wàkkirlu ci Moom doore ko ci bi ngay ndaw. Waaye yemul foofu ndaxte Yàllaa ngiy artu képp kuy ndaw naan:

"...[Su la neexe,] *bànneexul* [te] *def sa xol ci mbégte diirub sag ndaw, toppal yoon yi la sa xol ak say bët jëme; waaye xamal ne loolu lépp dina tax Yàlla àtte la bés.*" **(Ec 12:1**)

Loolu di wone rekk ne Yàlla du gétën kenn. Kenn ku nekk a yor sa céggal guy. Soo bëggee, nekkal ci lu la neex, wéyal ci li nga nekk di jéem a nax Yàlla naan, danga ci tollu, dangay dox sag ndaw ba nekk mag sooga tuub. Sa bopp rekk ngay nax! **Deretu bopp du moy mbaggu boroom.** Benn bés àtteb Yàlla dina taxaw fekk pexem réccu amatul.

Wànte yaw mi nga xam ne danga bëgg a neex Yàlla te rëcc ci fiiri Seytaane mi lay fexee tàbbal cig **moy** ak mbugalu ëllëg, pexe am na. Yonent Yàlla Suleymaan ne na:

"*Dëddaleel naqar sa xol, te nga soreel saw yaram lépp lu bon.*" **(Ec 12:2**)

Loolu nag ni mu mën a ame nenn rekk la. Mooy nga wëlbatiku ci Yeesu, jébbalu ci Moom. Su fekkee ne loolu soxal na la, kon lii war na leer ci sa bopp:

- Nga gis ne Yàlla ku sell la te mat. Te dara ak kenn ku sellul mënu ko jege fenn.
- Nga gis te nangu ne bàkkaarkat bu matadi nga fa kanam Yàlla, te mënuloo ko jege ci sa pexey bopp, walla ci pexem keneen ku mu mën a doon. Ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla.
- Nga jàpp itam ne Yàlla bëggul kenn sànku, ba tax mu sàkk pexe mu Mu waajaloon ca njàlbéen ga ngir daan bàkkaar te bañ a daan bàkkaarkat bi te ba tey dëkk ci njubteem. Pexe mi mooy deewu Yeesu Almasi bi ni Sarax bu mat sëkk ngir képp ku wékk sa ngëm ci Moom mucc ci àtte biy ñëw.
- Noonu, soo gëmee ne Boroom bi Yeesu deewal na la, dinga am dund gu dul jeex gi. Te it, Xelum Yàlla dina la may bés bu nekk, kàttanu rëcc ci **moy** gi wër àddina. Noonu, dootoo bëgg a jege fu ñuy defe jëf yu ni mel, ngir bañ a yóbbe tiis Xelum Yàlla mi dëkk ci yaw.

Nu ngi leen di tàggoo li ndawu Kirist, di Pool bindoon jëmewoon ko ci Linjiil ci benn waxambaane, di taalibe Kirist, bu tudd Timote. Mu ne ko:

"*Bu la kenn xeeb ndax say at, waaye defal sa bopp royukaayu ñi gëm ci say wax ak say jëf, ci sa mbëggeel, sa ngëm ak sa sellaay. Li feek may dikk, saxal ci jàng, di biral Mbind mi ci mbooloo mi, di leen dénk ak a jàngal. ...*[Ndaxte] *Mbind mu sell mépp, ci gémmiñu Yàlla la jóge, te am na njariñ ngir jàngal nit ñi, yedd leen, jubbanti leen te yee leen ci njub. Noonu waayu Yàlla ji dina mat, ba jekk ci bépp jëf ju rafet.*" **(1Tim 4:9-13 2Tim 3:16,17**)

Kon xarit yi nuy déglu, fii lanuy yem ak yeen tey. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 St-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 St-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen bàyyi xel ci li Mbind mi digal képp kuy ndaw bi mu naan: "***Dawal bépp bëgg-bëggu [ndaw], te sóobu ci njub, ngëm, mbëggeel, jàmm, ànd ak ñépp ñiy tudd turu Boroom bi ak xol bu sell.***" **(2Tim 2:22**)

# 129 Bul am yeneen yàlla ndare man

Mbokki déglukat yi, asalaamaalikum. Nu ngiy nuyu ñépp ci turu Yàlla Aji yërmande ji bëgg ñépp xam yoonu mucc, wi te jaar ci. Sunu mbégte réy na ci li nu Yàlla may nu mën a dellusi ànd ak yéen ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey jii nag xarit yi nuy déglu, danu fas yéene tàmbali ay njàng yu toftalante, jëm ci fukki ndigali Yàlla yi. Noonu dinanu gis ni ko Yàlla wàccee, ña Mu ko wàcce woon ca ñoom, lu tax Yàlla wàcce woon fukki ndigal yi ak lan mooy njariñu fukki ndigal yi ci bépp doom Aadama.

Ni ngeen ko xame, bi Yàlla sàkkee nit, dafa bëggoon dundinam dëppook coobare Boroomam. Yàlla mi nu sàkk, amul keneen ku ko gën a xam, ni nu war a dunde. Ba tax na, gannaaw ba nit bàkkaaree sax, teewul Yàlla wéy ci bëgg ko. Noonu Yàlla di fexee delloosi nit ci Moom. Mu jëfandikoo ay pexe yu wuute ngir waajal nit ñi, te di ca misaal pexe mu wér, mi Mu nar a jëfandikoo ci mujug jamono. Fukki Ndigal yi, bokk nañu ci pexe ak misaal yi Yàlla jëfandikoo ngir waajal doom Aadama yi. Yàlla wàcce woon na fukki ndigal yi, ngir ñu nekk gindikukaay ci bànni Aadama. Fukki ndigal yi, dees na ko tudde itam yoonu Musaa wi ndaxte ci yonent Yàlla Musaa la ko Yàlla jaarale bi Mu koy jottali doom Aadama yi.

Yéena ngiy fàttaliku ba yonent Yàlla Yanqóoba ak fukki doomam yu góor yaak ñaar toxoo réewum Misra ngir rëcc ci xiif bu metti ba. Ca ndoorte la, dëkkoon nañu ci jàmm foofa ca Misra. Wànte diir bu yàgg gannaaw ga, beneen buur falu ca réew ma te ñu tàmbali di fitnaal sëti Yanqóoba ya, di bànni Israyil. Ñu def leen ay jaam diirub ñeenti téeméeri at ca réewum Misra moomu nga xam ne, ay doxandéem lañu fa woon. Waaye loolu du woon li ñuy tudde "*hasard*" ci ñoom. Dafa dëppoo tembe ak ni ko Yàlla xamale woon maam Ibraayma ba mu ko naan:

"*Déglul bu baax li ma lay wax: sa askan dina nekk ay doxandéem ci réew mi ñu moomul, ñu di leen def ay jaam, lakkal leen diirub ñeenti téeméeri at. Waaye waa réew, moomu leen di def i jaam, dinaa leen àtte. Bu loolu amee nag, sa askan dina ca génn ak alal ju bare.*" **(Ge 15:13,14 Jëf 7:6**)

Ba loolu xewee nag, njaam ga metti lool. Yuuxi bànni Israyil àgg fa Yàlla. Yàlla daldi dogu ci dagg seen buumi njaam. Yàlla feeñal ci seen biir yonent bu tudd Musaa, jëfandikoo ko ngir xettali bànni Israyil. Mu génne leen ca njaam ga ñu nekkoon. Xeetu Israyil jëm Kanaan di réew ma Yàlla digoon seen maam Ibraayma. Waaye yoon wa bare ay tolof-tolof te metti ba tax ñuy ñurumtu. Ñu dem sax ba namm réewum njaam ga, te bëgg caa dellu. Waaye seen njiit Musaa di leen dëfël ak a yedd rekk bañ a tàyyi.

Ba ñu demee ba tollook wenn tund wu ñuy woowe tundu Sinayi, ñu dal fa. Yàlla wax ak xeet wa jaare ko ci yonent Yàlla Musaa. Yàlla dafa woo Musaa mu yéeg ca kaw tund wa. Foofa, Mu jox ko fukki ndigal yi ngir yee leen ci njub, jubbanti leen te <u>joxoñ leen yoonu mucc ak sellaay</u>. Ndaxte xeet wa dëkkoon na ñeenti téeméeri at ca Misra. Te Yàlla bëggul woon ñu mel ni waa réew ma, ci xërëm, ci jaamu ay yàlla yu dul dëgg ak ci def i ñaawteef ci seen diggante. Wànte leneen li jar a bàyyi xel moo di,

"*Yoonu Musaa wi dafa mel ni ab jàngalekat buy jëmale nit ñi ci Kirist Yeesu, ngir Yàlla àtte nu jub ci kaw ngëm*". **(Gal 3:24**)

Kon war na leer ci boppu ñépp ne Yàlla joxewul fukki ndigal yi ngir ku leen sàmm tàbbi Àjjana. Su doon loolu kenn du dugg Àjjana. Waaw, ndaxte amul nit ku mën a wax ne mësul a xëtt benn ci fukki ndigal yi. Te Kàddug Yàlla ne na:

"*...Ku sàmm yoon wépp, waaye [nga] xëtt ci lenn ndigal rekk, [mu ngi mel ni] jàdd nga yoon wépp.*" **(Sa 2:10**) Mu rax ci dolli ne: "*Sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; <u>solob ndigal yi ...mooy wone bàkkaar</u>.*" **(Ro 3:20**)

Loolu lépp kon, xarit yi nuy déglu, su ngeen nu toppee fii ci emisyoŋ *YOONU NJUB*, ndegam neex na Yàlla dinanu ci dellusi, gëstoondoo ci.

Noonu, ba Musaa nekkee ca kaw tundu Sinayi, Mbind mi xamal na nu ne kàddu yii la ko fa Yàlla bindal ci ñaari àlluway xeer ngir mu jottali ko xeet wa. Xanaa dinga ne waaw, lu waral ñaari àlluway xeer? Ndax benn rekk dafa doyul woon? Xam nga, dafa mel ni ab "*contrat*" la woon, diggante xeet wa ak Yàlla. Ñoom dañu dige woon ne: "*Lépp lu nu Yàlla Aji Sax ji sant, dinanu ko def!*" **(Ex 19:8**) Noonu Yàlla bind santaane yi ci ñaari àlluwa. Ndaxte boo amee ab "*contrat*" ak kenn, fàww mu nekk gën gaa néew ñaari "*exemplaires*", ku nekk denc benn. Noonu la deme woon. Bosu Yàlla it a nga woon ñu denc ca kër-Yàlla ga. Lii lañu bindoon ca àlluwa ya:

1. **Bul am yeneen yàlla ndare man.**
2. **Bul sàkkal sa bopp xërëm.**
3. **Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen.**
4. **Deel fàttaliku bésu noflaay bi.**
5. **Teralal sa ndey ak sa baay.**
6. **Bul bóom.**
7. **Bul njaaloo.**
8. **Bul sàcc.**
9. **Bul seede lu dul dëgg** ci sa moroom.
10. **Bul xemmem. (Ex 20:3-17**)

Xarit yi, mënees na seetlu ci fukki ndigal yi ne, ñaari pàcc la: ñeent yu jëkk yi, di pàcc bu jëkk bi, mu ngi jëm ci diggante nit ak Yàlla. Ñaareelu pàcc bi moom, di juróom-benni ndigal yu mujj yi, mu ngi jëm ci diggante nit, ak moroomu nitam. Seetlu boobu dëppoo naak ni Yeesu tënke fukki ndigal yi bés, ba ko ab xutbakat doon fiir naan ko: "Kilifa gi, ban ndigal moo gën a màgg ci yoonu Musaa?" Yeesu tontu ko ne:

"*<u>Nanga bëgg Yàlla</u> sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, ak sa xel mépp. Te ... <u>Nanga bëgg sa moroom</u>, ni nga bëgge sa bopp.*" **(Mc 22:37,39**)

Nun nag dale ko tey ak ci njàng yiy ñëw, ndegam neex na Yàlla, fukki ndigal yooyu lanuy benn-bennal. Kon léegi nu ñëw ci ndigal lu jëkk, li nu soxal tey. Li ci Yàlla santaane mooy: "**Bul am yeneen yàlla ndare man.**" Lu tax Yàlla bañ nit am jeneen yàlla walla yeneen yàlla yu dul Moom? Ci bu jëkk, nun ñépp xam nanu ne Yàllaa nu sàkk. Kon su amee ku yeyoo màggal, jaamu ak ñu di ko sargal, Yàlla Aji bind ji rekk la war a nekk. Te it, Yàlla dafa bañ, ñuy jël ndamam, li mu yelloo moom kepp, di ko jagleel keneen. Yàlla ci boppam moo ne:

"*Bu leen* [leen] *sujjóotal te bu leen* [leen] *jaamu, ndaxte man maay Aji Sax ji, di Yàlla* [seen] *Boroom. Yàlla ju fiir laa, di topp tooñu maam yi ciy sët ba ci sëtaat, su ñu ma bañee.*" **(Ex 20:5**)

Yaw miy déglu nag, boo déggee lii, mën na am dinga ne: "Aa, loolu de bànni Israyil rekk a ko taxoon a jóg. Moomuma ko man mi gëm jenn Yàlla rekk. Ñoom ay yéeféer yu ñàkk xel lañu. Ndaxte li leen Yàlla defal lépp, ku ñu ko defal nga war a wàkkirlu." Dëgg la, ay yooni yoon, bànni Israyil dañu daan dëddu santaaney Yàlla. Moo tax ba tey, ñenn ñi jéppi leen te di leen ŋàññ. Waaye déglul li Kàddug Yàlla wax. Mu ne:

"*Mbir yooyu ...bind nañu ko ngir artu nu, nun ñiy dund ci jamono jii lépp mat. Kon nag kiy naw [boppam] ba yaakaar ne taxaw nga, moytul ...!*" **(1Ko 10:6,11-12**) *Kon yaw mi am ay nopp, déglul bu baax bañ a xarab*. **(Mc 11:15**)

Jamono jooja bànni Israyil nekkee jaam ca Misra, waa réew ma dañu daa jaamu ay yàlla yu bare. Firawna seen buur sax, ci yàlla yi ñu daan jaamu ak a màggal la bokkoon. Ba tax Kàddug Yàlla wax ci ñoom ne:

"*Tegoon* [nañu] *seen bopp boroomi xel, fekk ñu ñàkk xel lañu. Toxal nañu ndamu Yàlla Aji Sax ji, wuutal fa...nit ku dul sax. ...Moo tax Yàlla bërgël leen ci seeni bëgg-bëgg, ñu sóobu ciy ñaawteef... Toxal nañu dëggu Yàlla, tëral fen, di màggal ak a jaamu mbindeef, ba faaleetuñu sax Aji Bind, ji yelloo cant ba fàww.*" **(Ro 1:22-25**)

Noona la Yàlla bañoon bànni Israyil ak doom Aadama yépp mel ko. Waaye ndeysaan, ba tey, noona la nit ñiy jëfe. Kon nanu fàttaliku ne nun ñépp, fa kanam Yàlla, ay njàddari yu ñàkk xel lanu. Tanewunu bànni Israyil, ku naaféqul rekk mën a seede ne tey jii it, bare na ñu mel ni ñoom. Ndaxte ba tey, nit a ngi teg moroomu nitam palaas ba Yàlla kepp yeyoo. Ag réer la, te ñu bare gisewuñu ko ni. Waaye képp ku sàggane santaaneb Yàlla bile, sax ci di ko moy, li wér mooy laax dina la lakk. Te loolu la la Yàlla di bañal, ba tax mu lay artu ci ndigal lii.

Neexul ba neexul waaye ñi nga teg fa Yàlla ci boppam waroon a toog, xamal ne ñoo di sa yàlla. Nanu koy fàttaliku, ndaxte Yàlla kat, bëggul ku toog ci palaasam. Wax na ko bi Mu naan: "*Man maay [Yàlla] Aji Sax ji, loolu mooy sama tur; duma jox **keneen** sama ndam.*" **(Isa 42:8**) Bu nit demee bay def loolu te fekk Yàlla wax li mu wax ci ndigal lu jëkk li ne, **bul am yeneen yàlla ndare man,** ndax loolu dafa wonewul ñàkk xelu nit ak réeram? Moo tax Mbind mu sell mi wax ne:

"*Nag sax xam na boroomam te mbaam-sëf ràññee wuddu kilifaam* [waaye nit moom, xamul dara, amul xel.]" **(Isa 1:3**)

Loolu deful lu dul wone ne Yàllaa nu gën a xam sunu bopp. Nanu jàpp ne Yàlla du waxantu. Li Mu jublu ci ndigal lu jëkk li, mooy ñépp xam ne jenn Yàlla rekk a am, di Yàlla mi sàkk asamaan, suuf, jaww ji ak li ñu ëmb lépp. Gannaaw ba nga xamee loolu, nga bañ fa yem, wànte nga nangu ko te mu bir ci sa dundin. Maanaam mu bir ci say wax ak ci say jëf, ci sa digganteek Yàlla ak doom Aadama yi. Waaye soo yaakaarul lu dul sa kàttanu bopp, loolu du nekk mukk ci yaw. Ndaxte nit bàkkaarkat la te li gën a yomb ci nafsoom mooy gëm tey topp li muy gis. Moo tax Yeesu ne: "*Ki bég mooy ki gëm te gisu ma!*" **(Yow 20:29**)

Xam te nangu ne jenn Yàlla rekk a am, ndoorte lu am solo la ci nit ki bëgg a aw ci yoonu mucc wi. Moo tax yaw mi bëgg a tàbbi ci dund gu dul jeex gi, war na nga jëkk a xam ne:

-Yàlla kenn rekk la te dafa sell ba ay gëtam mënuñu tegu ci dara lu sellul.

-Teg ca, nga xam te nangu ne bàkkaarkat nga fa kanamu Yàlla. Ndegam nag Yàlla ku sell la te benn bàkkaarkat mënu ko jege fenn, kon yaw it, doo ko mën a jege sax bay mucc. Te it, nga gis ne amul keneen ku mën a jege Yàlla ci pexey boppam mbaa meneen pexe mu mu mën a doon. Ndaxte Mbind mi ne na, ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla.

-Bu loolu leeree ci sa bopp, nga xam nag ne, mbëggeelu Yàlla ci nit ñi, tax na Mu waajaloon pexe mu ñu mën a mucce ci bàkkaar bi noot doom Aadama yépp. Ndax xam nga lan mooy pexe moomu? Danuy gis ci Tawreet ne, bés bi Yàlla joxee Musaa fukki Ndigal yi, bés boobu it la waxoon Musaa ak bànni Israyil ñu rendi ay mala ni sarax suy muur bàkkaar! Yàlla dafa bëggoon jàngal bànni Israyil la Mu jàngaloon seeni maam Aadama ak Abel ak Nóoyin ak Ibraaymaak i sëtam, ne: '*Bu deret tuuruwul, njéggalug bàkkaar du am!*' **(Le 16:14,15 17:11**) Ndegam njariñu saraxi mala yooyu, moo doon muur bàkkaari nit, ba kera Yàllay yónni Rammukat bu sell bi. Tey jii kon, gannaaw ba Yeesu Kirist Musalkat bi ñëwee, joxe na bakkanam ni sarax buy dindi bàkkaar. Moom mënoon na loolu ndaxte Moom rekk mooy Ki déggaloon ndigali Yàlla yépp te mottali lépp lu jub.

-Moo tax, ci kaw saraxu Yeesu Almasi bi, Yàlla mën na laa àtte ni ku jub. Moom mi amul woon bàkkaar, gàddul na la sa boru bàkkaar. Yeesu ci boppam mooy pexem Yàlla mi Mu nasoon ngir baal nu sunuy bàkkaar. Lenn rekk nga war a def, mooy nga gëm ko. Soo gëmee saraxu deretam, Yàlla dina la baal say bàkkaar, may la sañ-sañu dëkk ci jetaayam bu sell ba fàww! Noonu, dootoo bokk ci ñiy sàkkal seen bopp ay yàlla, ci fànna

bu mu mën a doon.

Fii lanu leen di tàggoo ba njàng miy ñëw nu gëstoondook yéen ci ñaareelu ndigal li. Su ngeen bëggee ay leeral ci li nu jàng, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li jenn Yàlla ji am kepp wax ne: "***Man maay [Yàlla] Aji Sax ji, loolu mooy sama tur [te] duma jox <u>keneen</u> sama ndam.***" **(Isa 42:8**)

# 130  Xërëm yi

Asalaamaalikum mbokk yi nuy déglu. Nu ngi nuyu kenn ku nekk ci turu Yàlla Boroom bi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Am nanu mbég ci li nu mën a teewaat fii di àddu ngeen di déglu seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Danuy daldi wéy rekk ci sunu njàng yi jëm ci fukki ndigali Yàlla yi. Emisyoŋ bi weesu, gisoon nanu li Yàlla wax ci ndigal lu jëkk li ne: "***Bul am yeneen yàlla ndare man.***" **(Ex 20:3**) Mu nekk santaane bu mat a bàyyi xel. Ndaxte ay sang moom soo leen amee, li wér mooy dinga jeng. Ndaxte kenn mënul jaamoondoo ñaari sang. Fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla boog nga jàpp kenn ki, xeeb keneen ki. Muy lu wér. **(Mc 6:24**) Ci dëgg, Yàlla bëggul kenn jël ndamam li mu yelloo moom kepp, di ko jagleel keneen. Kenn kepp, ki ñu war a jaamu, moo di Yàlla. Ndaxte keneen sàkku nu ku dul Moom. Te li wér mooy Yàlla dina àtte képp kuy jaamu walla màggal ku dul Moom. Moona teewul mu am ñuy wéy ci jaamu seen moroomu nit. Am it ñuy defar ay xërëm, di ca nax seen bopp.

Tey nag, danuy sukkandiku ci ñaareelu ndigal li naan: "**Bul sàkkal sa bopp xërëm.**" Am na it ci Mbind mi, fu Yàlla nee: "*Man maay* [Yàlla] *Aji Sax ji, loolu mooy sama tur; duma jox...sama ndam* [ak]*...sama teraanga xërëm yi.*" **(Isa 42:8**)

Laaj bi ñu mën a laajte moo di: **Lan mooy xërëm?** Kàddug Yàlla dafa ne:

"*Bul sàkkal sa bopp xërëm, di ko* [niroole] *dara lu nekk ci kaw asamaan, mbaa ci suuf, mbaa ci ndox, yi suuf tiim. Bu leen sujjóotal te bu leen jaamu.*" **(Ex 20:4-5**)

Kon nu dégge ci loolu ne, xërëm mooy**lépp** lu ñu yett walla ñu tabax ko, mbaa ñu taar ko ba mu am jëmmu lenn lu nekk asamaan, ci kaw suuf, mbaa ci biir suuf, ba noppi di ko sujjóotal ak a jaamu; di ca yaakaar ndimbal ak wall.

Waaye xërëm yemul ci nataal, yi ñuy yett ak xàmb, yi ñuy def ci yenn bérëb yi, di fa tuuruji. Lépp luy dox sa digganteek Yàlla rekk, mënees na koo woowe xërëm. Gisees na nit ñoñ, futbal mooy seen yàlla. Ndaxte futbal a leen gënal lépp, gënal leen Yàlla sax! Su dul futbal, mën naa nekk leneen loo xam ne, dafay dox seen digganteek Yàlla. Nga xam ne duñu sax am jotu Kàddug Yàlla ba di ko toppatoo. Nga gis nag ñeneen ñoñ, gàllaaj yee di seen yàlla. Loolu di wone rekk ne, Yàlla doyu leen. Ndaxte soo takkee gàllaaj sàngam, bés bu musiba teewee, ba Yàlla def nga rëcc ca, li wér mooy sama gàllaaj gi ngay wax! Di ko damoo. Kon leer na ne foofu moom Yàlla bokku fa! Ñenn ñi, alal mooy xërëm bi dox seen digganteek Yàlla, wuutu ko ci palaas bi gën a kawe ci seen dund. Bu ko defee, ñu àttan a dugg ci lu neexul Yàlla ngir am alal walla yokk seen am-am. Ndax alal ju ni mel du xërëm? Axakay, ndax moo fees xol bi, ba tax laa mën a lëkkalook i xërëm ngir am, mbaa yokkule. Moona Yàlla kepp moo di Ki waroon a fees xol yi, ñu di ko jaamu ak a màggal Moom kepp, te yaakaar lépp ci Moom kenn. Xërëm day soreel nit Yàlla ba tax na, lees war a moytu la. Yàlla artu na ci doom Aadama ni mu koy defe naka-jekk, ci lépp lu ko mën a lor. **(1Yow 5:21 1Ko 10:14**) Lan moo tax Yàlla artu mbindeefam yi ciy xërëm? Ndaxte xërëm boo gis, ay rab a nga làqu ca gannaaw. Te rab yooya Seytaane lañuy liggéeyal. Kon ci ñiy jëfandikoo mbir yooyu, Seytaane mooy kiy fas ak a fecci; di joxe, di xañe. Bu teyee mu def ci ñoom luy samandaay yiw. Bu ëllëgee mu indil leen safaan.

Xarit yi nuy déglu, su fekkee ne Yàlla mën na te genn lëndëm nekkul ci moom, kon lan la nit ñiy wuti ci xërëm yeek yu ni mel? Li ko waral mooy, nit dafa gumba ci wàllu baatin. Waaye Kàddug Yàlla moom leer na nàññ. Mu ne:

"*Bu ñu fekk ci seen biir kenn kuy jëfandikoo méccem gisaane, kuy xool ci biddéew yi di wax li nar a xew, kuy luxus mbaa ñeengo, mbaa kenn kuy seetlu ci ñiy wax ak jinne yi 11 walla di gisaane, bu kenn wax ak néew yi. Ndaxte képp kuy def lu ni mel, Boroom bi sib na ko.*" **(De 18:10-12**)

Ñiy jëfandikoo xërëm yi, mën na am dañu fekk seeni maam daan ko def. Walla boog ñu nekk rekk nit ñu cay wuti kaaraange ak jàmm, joo xam ne saxul. Ci loolu, bare na li ñuy gis nit di jéem a dalal xelam, di tuuruji ci xàmb yi mbaa mu jublu ci yeneen xeeti xërëm. Noonu mu ngiy dugganteek Seytaane. Mënees na koo xam walla ñu ñàkk koo xam. Seytaane nag may leen luy samandaay tawféex, doole mbaa bayre. Ñi amul ag ràññee foog ne Yàllaa barkeel nit ñooñu. Déedéet! Mbiri xërëm rekk la. Waaye ñi ëpp ci nit ñi dañu ràññeewul lu jóge ci Yàlla ak lu bawoo ci Seytaane miy nëbboo xërëm yeek yu ni mel. Kon nanu bàyyi xel ci ne yenn saa, Seytaane du neex a ràññee. Ndaxte day mbubboo malaakam leer. **(2Ko 11:14**) Yàlla nag moom, Aji leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom. Du leer ak di lëndëm mukk! **(Sa 1:17 1Yow 1:5**)

Mbokki déglukat yi, lees war a xam mooy, Seytaane lu mu la may, bés dina ñëw, mu wex la xàtt. Waaw, dees war a bàyyi nëpp-nëppal bi! Dafa jot, ñépp xam ne, Seytaane sang bu soxor la. Lu mu la may, na la wóor ne, dina jële ci yaw lu ko ëpp fuuf! Te li ci doy waar moo di, Yàllaa ngi xaare xërëmkat yi, kër goo xam ne ma nga ca déegu safara ak tamarax bu dul fey mukk! **(Pe 21:8**) Yàlla Aji Sax ji, Yàlla ju fiir la, te it sellaayam ak njubteem ñoo tax du ñàkk a daan ñiy fexee jagleel ndamam xërëm yi. Noonu, Yàlla ne na dina leen dummóoyu. **(Le 20:6**) Kon gis ngeen ne, li Seytaane bëggal doom Aadama yi, mooy yàqal leen tey ak ëllëg. Kaaraange ak jàmm ji mu lay may ci xërëm yi, jaru ko, ndaxte saxul. Bu saxoon kon bu ca gaa ñi demee benn yoon bàyyi ko. Waaye dañu koy def ak a defaat. Te na ñu cay gën a yàgg, xërëm yi di leen gën a njatt. Mbind mi ne na:

"*Sarax yi ñuy def, bu ñu mënoon a sellal ñiy jaamu benn yoon ba fàww, kon dinañu leen bàyyi, ndaxte dootuñu am yaraange ci seeni bàkkaar. Moo tax* [Yeesu Kirist] *ne: Damaa wàcc ngir def sa coobare, yaw Yàlla, mu dëppoo ak li ñu bind ci sama mbir ci téereb yoon wi. ...Te ci li Kirist def coobareg Yàlla, bi mu joxee yaramam sarax* <u>*benn yoon ba fàww*</u>*, moo tax nu sell ci bàkkaar...Noonu ñi ñuy sellal, ci* <u>*benn sarax rekk*</u> *la leen yeggalee cig mat ba fàww.*" **(Yt 10:2,7,10,14**)

Kon yaw, mi ragal ak wut jàmm taxoon di topp xërëm yi. Xamal ne yaa ngi leen doon jaamu bàyyi Yàlla. Waaw, ana kon **lan mooy saafara si?** Mooy pexe mi Yàlla joxe. Pexe moomoo di deretu Yeesu ji tuuru benn yoon ba fàww. Wolof Njaay ne na: "**Safara, ndox a koy fey.**" Bi Yeesu di dund ci kaw suuf wone na ay yooni yoon ne moo ëpp doole rab yeek jinne, yi nuy ragal bay giifal seen mer, di leen jaamu. Benn firnde rekk ci biir firnde yu bare, yi nekk ci Mbind mu sell mooy, dafa am bés, Yeesu dem diiwaanu waa Serasa, mi ñuy wax tey Yurdan. Bi mu àggee, nit ku rab jàpp kar ko. Waa ji nag, ca sëg ya la daan fanaan. Kenn amul woon kàttanu téye ko. Ay yooni yoon dafa daan dagg buum ya ñu ko daa yeewe. Mu ngi àndoon ak doole joo xam ne, jéng yu ñu jataŋe mu damm ko. Yaramam wépp, mu xotti ko ak ay xeer. Keroog nag mu séen Yeesu, daldi dawsi, sukk ci kanamam ne ko: *Lan nga may fexeel? Bul ma mbugal! Ndaxte Yeesu dafa ne ko woon: "Yaw rab wi, génnal ci nit kii. ...Noonu rab ya génn nit ka, dugg mbaam-xuux* [yu fa nekkoon] *ñu daldi bartalu, daanu ca dex ga, lab fa. Mbaam-xuux ya nag matoon nañu ñaari junni. Noonu sàmm ya daw ca dëkk ba ak ca àll ba, nettaliji mbir mi, ba nit ñi ñëw* [di] *seet li xew. Ñu ñëw nag ci Yeesu, gis ka rab ya jàppoon toog, sol ay yére te ànd ak sagoom, ñu daldi* [waaru]." **(Mk 5:2-15**)

Ci dëgg-dëgg, loolu jar na waaru! Yeesu moo ëpp doole rab yeek jinne yi ngay ragal. **Saafara si** mooy pexe mi la Yàlla jox ngir nga mën cee génn. Pexe mi mooy Boroom bi Yeesu, mi ëpp doole Seytaane ak rab yépp. Moo tax Yeesu mënoon a wax:

"*Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina [walla xërëm yi] mënul a joxe. Buleen jàq, buleen tiit.*" **(Yow 14:27**)

Su fekkee ne danga nekkoon ci mbiri xërëm ba sore ci lool sax, bul ñàkk yaakaar. Almasi bi Yeesu bëgg na la teeru, tàggale la ak rab yi laxasu ci xërëm yi. Gannaaw ga, dina la feg, barkeel la teg ci. Soo nangoo wëlbatiku te wékku ci Moom kese. Bul mel nag ni mbokki waa ji Yeesu wéraloon ci nettali bi. Ñoom, ba ñu agsee ba gis waa ji wér peleg, santuñu Yàlla ci seen mbokk mi dofoon te léegi mu wér. Waaye dañu ne Yeesu mi ko xettali, tàqale ko ak i rabam: *soreel sunum réew:* Ñu dàq Yeesu. Aka ñoo goreedi! Waaye ba tey noonu la nit mel. Ba tey Yeesu dafa leen bëgg a tàqaleek seeni xërëm ak rab, yi ci laxasu, noot leen. Waaye dañuy

bañ. Kon ñoom it dañu dàq Yeesu. Fat ab sàcc ak ub sàmbaa-bóoy a leen gënal ñuy fat Almasi bi ak ñi koy topp. Wànte yaw mi bëgg a rëcc ci xërëm yi, ak mbugal ga ñuy jur ëllëg, su fekkee ne soxal na la dëgg, xoolal jàkk ci Yeesu, nga nangu ne:

- Jenn Yàlla rekk a am te dafa sell ba mënul a dend ak lenn walla kenn ku sellul.

- Noonu nga gis itam ne, amul nit ku sell ci bëti Yàlla. Ndaxte ni ko Mbind mi waxe, ku jub amul, du kenn sax ndaxte ñépp a bàkkaar. Looloo tax pexem mucc mu bawoo ci nit, amul. Ndegam Yàlla ku sell la nag, fàww mu àtte bépp bàkkaar! Nun, amunu menn pexem musal sunu bopp ci àtteb Yàlla, bi war a dal ci sunu kaw ndax sunuy bàkkaar.

- Waaye, sant Yàlla! Ndaxte Yàlla ci boppam ubbi na bunt bu ko nit mën a jegee, ci kaw ngëm rekk. Pexe mi, yonent yépp seede nañu ne, mooy deretu Yeesu Kirist, ji tuuru ngir musal képp ku ko gëm. Waaw, Yeesu mi mësul a def bàkkaar, tuur na deretam ju sell ngir feyal nu sunu mbugalug bàkkaar! Yeesu Almasi bi dee na ci kaw bant ba ci sunu palaas ngir musal nu ci àtteb Yàlla bu jub bi. Mel ni xar ma deewoon ca kaw rendikaay ba ca palaasu doomu yonent Yàlla Ibraayma. Wànte xabaar bu baax, bi nu Yàlla jagleel yemu fa, ndaxte Mbind mi ne na:

‟[Yeesu] *Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar, ni ko Mbind mi tërale, suul nañu ko, Mu dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale!*”. **(1Ko 15:3,4**)

Waaw, feyal nu sunu boru bàkkaar a tax Almasi bi Yeesu tuur deretam ca kaw bant ba. Ndekkitel Yeesu firndeel na bu leer, ne Yàlla nangu na deretu Yeesu ni sarax, bi nu mën a sellal ci bépp bàkkaar. Yeesu noot na dee, bàkkaar, ak Seytaane miy làqu ci rab yi. Kuy wékk sa yaakaar ci keneen walla leneen, yaa ngiy sàkkal sa bopp ab xërëm, ndaxte Mbind mi ne na:

‟***Jenn Yàlla képp*** *moo am, ak* ***benn Rammukat kepp*** *diggante Yàlla ak nit ñi, di nit ki* <u>*Kirist Yeesu*</u>*, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp. Loolu mooy seede si Yàlla joxe, bi waxtu wi jotee.*” **(1Tim 2:5,6**)

Yaw miy déglu, ndax gëm nga seedes Yàlla? Soo gëmee Yeesu ak saraxam, Yàlla dina la jot ci mbugalu safara su dul fey mukk. Rax-ci-dolli, jaare ko ci kàttanu Xel mu Sell mi, Yàlla dina la may bés bu nekk, kaaraange ak jàmmu xol. Ndaxte gannaaw ba Yeesu tuuree deretam ngir feyal nu sunu boru bàkkaar, te Mu noot dee ba dekki – léegi, soo ko gëmee rekk, bokk nga ci Moom te dangay daldi am **jàmm ak Yàlla**. Te it, am **jàmmu Yàlla** ji Kirist di def ci xolu ñi ko gëm rekk.

Kon mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey. Njàng miy ñëw, ci ñetteelu ndigal li lanu fas yéene sóobu. Fileek booba, su ngeen amee ay laaj, ngeen bind nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mu wax ne: ‟***Wottuleen seen bopp ciy xërëm.***” **(1Yow 5:21**)

# 131 Bul tudd turu Yàlla Aji Sax ji cig neen

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nuy dellu di sant Yàlla ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ bi ngeen sopp di *YOONU NJUB*.

Xarit yi, ci sunu njàng mi weesu, nu ngi tollu woon ci ñaareelu ndigal li. Gisoon nanu ci li Yàlla wax ne: "**Bul sàkkal sa bopp ay xërëm.**" Te gisoon nanu ne xërëm yemul rekk ci nataal, yi ñuy yett ak xàmb yi ñuy def, ci yenn bérëb yi, di fa tuuruji. Wànte xërëm dem na ba ci lépp, loo xam ne dafay dox sa digganteek Yàlla. Mën naa nekk ay yëf walla nit. Ñu leen di sujjóotal ak a jaamu ngir yaakaar ca ñoom ndimbal ak wall. Waaye gisoon nanu ne, noonu la xërëm di soreele nit Yàlla. Ba tax xërëm nekk lees war a moytu. Ndaxte xërëm yoo gis, ay rab a nga ca gannaaw. Te rab yooyu Seytaane lañuy liggéeyal. Te Seytaane moom, toroxal nit rekk a ko tax a jóg, du leneen! Moo tax Yàlla di nu artu ciy xërëm. Ñi dëgër bopp nag, Yàlla wax na ne, dina leen dummóoyu.

Léegi nag, Yàllaa ngi naan ci ñetteelu ndigal li: "***Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam.***" (**Ex 20:7**) Kon loolu lanu fas yéene gëstoondoo ba gis li Yàlla bëgg nu jàng ko ci. Xanaa boo déggee walla nga jàng ndigal lii, dinga laaj sa bopp: "Naka lañu mën a <u>sofentale turu Yàlla</u>?"

Mbokk yi, laaj bu am soloo ngi noonu. Ku am seetlu, dinga gis ne, ni nit ñiy sofentale turu Yàlla, mooy dañuy yendoo ñàkkal faayda aw turam. Ndaxte dangay dégg ñuy jëfandikoo turu Yàlla ci mbir yu àndul ak benn fulla. Su leen njàqare dabee walla mbir bett leen, nga dégg ñuy tudd turu Yàlla. Ñenn ñi duñu ci sax xalaat. Waaye ñu bare teyeef la ci ñoom. Moo tax bés bu nekk nga gis ku digaaleek moroomam naan ko: "Bu soobe Yàlla, dinaa def nàngam!" Fekk na li muy wax, fasu ko yéene def sax. Turu Yàlla wi muy jëfandikoo, ay fen kepp la ci bëgg a gëmloo ka muy waxal. Tuur ko lëndëm ba dem rekk la bëgg. Ñenn ñi ñoom, dangeen di séq mbir ñu naan la: "Waat naa ko ci Yàlla, lii ak lee ...!" Fekk na waxul dëgg. Waaye da lay fexee gëmloo safaanu dëgg gi.

Waaw, ndax ñooñu dañu nekkul di sofental turu Yàlla, bu ñuy def yooyu? Axakay! Ñu ngiy sofental turu Yàlla. Noonii la ñu bare di yendoo. Mu nekk mbir mu law te siiw, ba tax ñu bare bàyyeetuñu xel ci ne, Yàlla bëggu ko. Bu ñu koy def duñu sax faale Yàlla. Kon jaadu na nu xam itam ne, Yàlla du seetaan mukk kuy sofental turam. Boo nekkee nitu dëgg, du jar ngay waat ak a giñ ngir ñu gëm la. Waaye loolu dees na ci dellusi ci yeneen emisyoŋ. Nanu jàppagum rekk ne, Almasi bi Yeesu ne na:

"*Buleen giñ dara; bumu doon ci asamaan, ...bumu doon ci àddina, ...bumu doon it ci benn [bérëb]. ...Bul giñ it ci sa bopp, ndaxte mënuloo weexal mbaa ñuulal benn ci say kawar.* ***Sa waaw, na nekk waaw; sa déedéet, na nekk déedéet.*** *<u>Loo ci teg, ci Ibliis la jóge</u>.*" (**Mc 5:34-37**) Te it Mbind mi rax na ci dolli ne: "*Nangeen yem ci waaw ak déedéet ngir bañ cee layoo fa kanam Yàlla.*" "*Na seen dund gépp sell,* ***ni Yàlla...selle****!*" (**1Pi 1:14,15; Sa 5:12**)

Naka la Yàlla selle? Mbokki déglukat yi, sellaayu Yàlla deesu ko laam-laamee. Yàlla dafa sell ba nga xam ne, du nekk sax fu sellul. Kenn ku sellul it, du ko mën a jege fenn! Am na ci Mbind mi ay misaal yu baree bare, yu mën a wone sellaayu Yàlla. Waaye danu leen ciy tànnal benn rekk. Muy bés ba Yàlla Aji Sax ji feeñoo yonent Yàlla Musaa ci tàkk-tàkku safara cis ngarab ca kaw tundu Sinayi. Keroog, Musaa dafa jàdd ne day seet loolu lu mu. Noonu Yàlla woo ko ne ko: "***Musaa, Musaa! bul jegesi. Summil say dàll, ndaxte bérëb bii nga taxaw, suuf su sell la!***" (**Ex 3:5**) Ci lu wér, bérëb boobu, dafa selloon ndax teewaayu Yàlla ca bérëb ba! Kon Kàddu gii Yàlla wax Musaa ne ko bul jegesi, summil dàll yi ndaxte bérëb bu sell nga taxaw, mën nanu ci gis ne ci dëgg, amul werante, Yàlla ku sell la! Waaye itam, Yàlla dafa bëgg ñépp ràññee sellaayam mel ni malaaka yi ci jetaayam. Ñoom ñépp ràññee nañu sellaayam. Ba tax na, guddeek bëccëg duñu noppee wax naan: «*Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji, moo sell, sell, sell!*» (**Pe 4:8**) Waaye nit ñi, ñoom ñi Yàlla gën a fonk ci càkkeef gi, ndax ràññee nañu sellaayu Yàlla? Déedéet! Li ëpp ci nit ñi faalewuñu sax Ki Yàlla doon. Te ñàkk a ràññee sellaayu Yàllaa tax ñuy sofental turam di ko tudd ci waxi caaxaan yu nekk.

Ñàkk a ràññee sellaayu turu Yàlla lu garaaw la, lool sax! Wànte am na lu ko gën a garaaw. Li ko gën a garaaw mooy, lànk bañ a ràññee**<u>lan mooy</u> turam!** Bi Yàlla waxee ak Musaa ca ngarab sa doon tàkk te lakkul, ca kaw tundu Sinayi, dafa ko doon tegtal turam ngir waa àddina sépp mën ko xam. Dégluleen bu baax li Mbind mi wax. Mu ne:

‟*Noonu Yàlla ne [Musaa] ...* «*Maay sa Yàllay baay, di Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba.*» *Musaa nag nëbb xar-kanamam, ndax ragal a xool Yàlla. Te Aji Sax ji ne ko:* «*Ci lu bir, gis naa fitna, ji sama mbooloo di daj Misra. Dégg naa it seen yuux ndax jaraaf, yi leen di jéñ ci liggéey. Te ñëwante naa leen ndax seeni coono. Damaa wàcc nag, ngir rëccal leen ci loxoy waa Misra, jële leen ca réew ma, yóbbu leen ci meneen réew mu naat te yaatu....*»” **(Ex 3:5-8**)

Noonu, Yàlla wax na Musaa ne dina ko yónni ca Firawna buuru Misra, ngir mu goreel bànni Israyil ci seenug njaam. Waaye Musaa ne Yàlla:

«*Su ma demee ci bànni Israyil, ne leen: Seen Yàllay maam moo ma yónni ci yeen; dinañu ma laaj:* ***Nu mu tudd?*** *Kon lu ma leen di tontu?*» *Yàlla ne Musaa:* «***Maay ki nekk!*** *Nanga waxe nii ak bànni Israyil:* ***Aji Nekk ji*** *moo ma yónni ci yeen.*» *Yàlla dellu, ne ko:* «***Aji Sax ji, di Yàllay maam yi, Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa ak Yàllay Yanqóoba, moo ma yónni ci yeen. Loolu mooy sama tur ba fàww!***» **(Ex 3:12-15**)

Ndax dégg ngeen li Yàlla wax ci lu jëm ci turam? Lan mooy turu Yàlla? Xëy na dinga ne: «Turu Yàlla mooy ***Yàlla*** rekk!» Wànte, ***Yàlla*** du**<u>turam</u>** de! ***Yàlla*** mooy <u>ki mu doon</u>. ***Yàlla*** mooy Yàlla, waaye turam du ***Yàlla***. Ci misaal, man, **nit** laa, wànte sama tur du ***nit***! Dama am sama turu bopp ak samaw sant. Yàlla Moom itam, am na tur. Ci Mbind mi, am na ay téeméeri tur sax. Wànte turam wi ci gën a siiw mooy...**<u>Aji Sax ji</u>**.

Kan mooy Yàlla? Mooy **Aji Sax ji**! Mooy Boroom Àllaaxira! Mooy Kiy dund ba fàww! Mooy Kiy sax abadan. Ni mu mel tey, la meloon démb. Ni mu mel démb ak tey, lay mel ba fàww. Te ni nu ko jànge it, Yàlla waxoon na Musaa: ‟Maay sa Yàllay baay, di Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba. ...Damaa wàcc nag, ngir rëccal [bànni Israyil] ci loxoy waa Misra...» Mbokk yi, am nanu fi lu neex lool! Ci lu wóor, Yàlla Aji Sax ji dafa kawe, màgg, te sell... wànte ba tey, Mooy it, Ki mën a wàcce boppam ngir wallusi nit, ki mu sàkkoon!

Ci lu wóor, turam dafa màgg, sell te baax. Looloo tax, ci ñetteelu ndigal li, Yàlla waxoon na bànni Israyil ne: ‟***Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam!***” **(Ex 20:7**)

Tey jii, amunu jotu leeral lépp li Kàddug Yàlla jàngale ci ñetteelu ndigal li. Wànte su fekkee ne, danga bëgg a moytu ba bañ a sofental turu Yàlla, am na lu nu war a ràññee. Mooy lii: Almasi bi Yeesu ganesi àddina **ngir xamle turu Yàlla.** Yeesu ñëw na ngir nit ñi mën a xam turu Yàlla ak Ki mu doon. **(Yow 17:26**)

Ni nu ko gise woon, Yeesu mooy '<u>Kalimatula</u>', di Kàddu gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Moom la Linjiil bu sell bi wax, bi mu naan:

*Ca njàlbéen ga fekk na Kàddu gi am, te Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla, te Kàddu gi Yàlla la woon. Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom la Yàlla jaar, sàkk lépp. Amul dara lu ñu sàkk te jaarul ci moom. Ci moom la dund gi nekk, te dund googu mooy leeral nit ñi.* **(Yow 1:1-4**) ***Kàddu gi ñëw, doon nit, dëkk ci sunu biir. Gis nañu ndamam, mu fees ak yiw ak dëgg, ndam li Baay bi jox jenn Doomam ji mu am kepp.*** **(Yow 1:14**) *Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko. Ñëw na ci réewam, te ay ñoñam nanguwuñu ko. Teewul ñi ko nangu te gëm ci* ***turam****, may na leen, ñu am sañ-sañu nekk doomi Yàlla.* **(Yow 1:10-12**) ***Ndigali Yàlla yi, ci gémmiñu Musaa lañu leen jaarale; yiw wi ak dëgg gi, Yeesu Kirist moo ko indaale. Kenn mësul a gis Yàlla, waaye Bàjjo bi, di Yàlla te nekk ak Baay bi, <u>moo ko xamle</u>.*** **(Yow 1:17-18**)

Kon, Mbind mi dafa nuy won ne, Kàddu gi, di baatu Aji Sax, ji doon wax ak Musaa jaare ko ci tàkk-tàkku safara cis ngarab, mooy Ki ganesi àddina si, sanc ci yaramu nit. Mu ngi tudd **Yeesu.**

Jaarale ko ci juddoom, jikkoom, ay waxam, ak i jëfam, Almasi bi Yeesu wone woon na ne, mooy Kàddug Aji Sax, ji wàcce asamaan, yor bindu nit. Yeesu ne na:

‟*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, laata ñuy sàkk Ibraayma, fekk na ma doon ki ñuy wax **Maay ki nekk**.*” **(Yow 8:58**) ‟*[Coobareg Yàlla mooy] ñépp di teral Doom ji, ni ñuy terale [Yàlla] Baay bi. Ku teralul Doom ji, teraloo Baay, bi ko yónni.*” **(Yow 5:23**) ‟*Man ak Baay bi benn lanu. ...Ku ma gis, gis nga [Yàlla] Baay bi. ...Xamu[leen] ne maa ngi nekk ci Baay bi te Baay baa ngi ci man? Kàddu yi ma leen di wax jógewuñu ci man, waaye Baay bi nekk ci man mooy matal ay jëfam. Gëmleen li ma leen wax ne: Maa ngi ci Baay bi te Baay baa ngi ci man; walla boog, gëmleen ndax jëf yi.*” **(Yow 10:30 14:9-11**)

Kon noonu la Almasi bi Yeesu xamale woon nit ñi ne, mooy Doomu Aji Sax, ji bawoo asamaan, waaye lu ëpp ci nit ñi gëmuñu ko.

Yeesu defoon na ay jëf yu kenn deful. Dara tëwu ko. Mënoon na noot bépp doole ci kaw suuf – ngelaw li ak géej gi, rab yi, feebar ak dee. Defoon na kéemaan yooyu ngir nit ñépp mën a xam **fu Mu jóge** ak **Ki mu doon**. Wànte lu ëpp ci mbooloo ma ràññeewuñu ki mu doon. Dañu ko daan teg yonent, waaye ràññewuñu woon ne, matug Yàlla gépp a ngi dëkk ci moom. Xamuñu woon ne, Yeesu Kirist mooy Kàddug Yàlla Aji Sax, ji bawoo asamaan. Dañu doon sofental turam.

Wànte Mbind mi ne na:

‟*Su ñépp nekkoon ay naaféq, du tere Yàlla nekk dëgg.*” **(Ro 3:4**) ‟*Ge fekk na Kirist* [Yeesu] *yor melow Yàlla, waaye aakimowul taxawaayam ci li mu méngoo ak Yàlla. Waaye daa wàcce boppam, ba tollook nit ñi, def boppam surga. Te bi mu yoree bindu nit, daa suufeel boppam, di dégg ndigal, ba joxe boppam, ñu daaj ko sax ci bant. Moo tax Yàlla kaweel ko lool, jox ko **tur wi tiim yépp**, ngir **turu <u>Yeesoo</u>** tax ñépp sukk, ci asamaan, ci kaw suuf, ci biir suuf; te ñépp bokk genn kàddu naan: Yeesu Kirist mooy Boroom bi; ci màggug Yàlla Baay bi.*” **(Fb 2:6-11**)

Ndax dégg ngeen li Kàddug Yàlla wax ci mbirum tur wi tiim tur yépp? Nanu ko jàngaat. Mu ne:

‟*...Yàlla kaweel* [na] *ko lool, jox ko **tur** wi tiim yépp, ngir **turu <u>Yeesoo</u>** tax ñépp sukk, ci asamaan, ci kaw suuf, ci biir suuf; te ñépp bokk genn kàddu naan: Yeesu Kirist mooy Boroom bi; ci màggug Yàlla Baay bi.*” **(Fb 2:9-11**) ‟*Te mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan **amul weneen tur**, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce.*” **(Jëf 4:12**)

Yaw miy déglu tey, ndax ràññee nga turu Yàlla? Ndax fonk nga ko? Walla boog danga bokk ci ñiy sofental turam? Ngir nga mën a barkeelu ëllëg, danu lay ñaan nga xalaat bu baax ci ñetteelu ndigalu Yàlla bi ne: ‟***Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam.***” **(Ex 20:7**)

Kon jërëjëfati ci déglu bi. Ndegam neex na Yàlla, njàng miy ñëw dinanu tàbbi ci ñeenteelu ndigal li. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax ne: ‟***Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam.***” **(Ex 20:7**)

## 132  Bésu Noflaay bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir mucc ci mbugalu bàkkaar ba fàww. Sunu mbégte réy na ci li nu mën a dellusi ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Mbokk yi, ci njàng mi nu weesu, déggoon nanu ni Yàlla santaanee naan: "***Bul tudd turu Aji Sax ji, di Yàlla seen Boroom, cig neen, ndaxte Aji Sax ji du seetaan mukk kiy sofental turam.***" **(Ex 20:7**) Noonu gisoon nanu ne ndigal lii day artu ñiy sofental turu Yàlla. Maanaam ngir ñu bañ di tudd turu Yàlla ci mbir yu ñàkk fulla ak ciy naxaate, ciy wuruj mbaa ci ay fen. Ndaxte Yàlla ku sell la, te fàww mu àtte ñiy caaxaane turam. Noonu gisoon nanu ne, ñi faalewul ndigal lii, ñu ngiy xëcc merum Yàlla ci seen kaw.

Tey nag, sunu gëstoo ngi tollu ci ñeenteelu ndigal li. Yàlla dafa ci wax ne: "***Deel fàttaliku bésu noflaay bi.***" **(Ex 20:8**) Mën na am fi nga nekk, yaa ngi laaj sa bopp naan: "Lan mooy bésu noflaay bi? Lu tax Yàlla bëgg nit di ko fàttaliku? Te, nan lees koy fàttalikoo?" Laaj yu am soloo ngoogu. Moo tax nu fas yéene gëstu ci tey su ngeen nu mayee nopp.

Xam ngeen ba noppi ne, ca njàlbéen ga, ba dara nekkul woon dara, ca la Yàlla fasoon yéene sàkk lépp. Noonu, li nuy gis lépp tey, Yàllaa ngi ko sàkk ci juróom-benni fan. Ca bés bu jëkk ba la Yàlla sàkkoon leer gi. **(Ge 1:1-5**) Ñaareelu bés ba, Mu sàkk asamaan si. **(Ge 1:6-8**) Ca ñetteelu bés ba, Yàlla sàkk géej, suuf ak lépp luy sax ci kaw suuf. **(Ge 1:9-12**) Ca ñeenteelu bés ba, Aji Kàttan ji sàkk jant bi, weer wi ak biddéew yi. **(Ge 1:13-19**) Ca juróomeelu bés ba, Yàlla sàkk njanaaw yi ak lépp luy dund ci biir ndox. **(Ge 1:20-23**) Ca juróom-benneelu bés ba nag Yàlla sàkk bàyyima yeek nja-àll yépp, ak nit. **(Ge 1:24-27**) Noonu, Yàlla mataloon na jëfam jépp. Mu daldi noppalu nag, ca juróom-ñaareelu bés ba. Waaye, nanu jàpp ne, sonn taxul woon Yàlla noppalu ca juróom-ñaareelu bés ba. Déedéet! Yàlla du sonn mukk!

Yàlla dafa noppalu woon ndaxte, ni ko Mbind mi waxe: 'Matal na jëfam!' Lépp matoon na! Looloo tax Yàlla noppalu woon ci liggéeyam bépp, ca juróom-ñaareelu bés ba. Waaye, leneen li taxoon Yàlla noppalu ca juróom-ñaareelu fan ba, mooy ngir tegal nu fi royukaay. Naka noonu, Yàlla waxoon na bànni Israyil bés, ne leen:

"*Nangeen di fàttaliku bési noflaay yi, ndaxte loolooy fésal diggante, bi ngeen am ak man, te di fàttali ne man Aji Sax ji, maa leen tànn def leen sama mbooloo.*" **(Ex 31:13**)

Bésu noflaay bi kon, mooy bés, bi Yàlla sant nit, mu cay noppalu, gannaaw bu liggéeyee juróom-benni fan. Yàlla moo ci jëkk a joxe misaal. Li tax nag Yàlla bëggoon nit di fàttaliku bésu noflaay bi, mooy ngir nit am pexem dal-lu. Waaye itam mu jëfandikoo ko ngir jagleel Yàlla bés bi, di ko ci màggal cig teewlu. Bëgg jàmmu nit ak tawféexam ci saayir ak ci baatin, moo tax Yàlla jox ko santaane bile. Kenn umplewul ne, yaramu nit ak xelam, dañu soxla noppalu. Bu nit dëgëree bopp, ba di liggéey fu mu tollu te du noppalu, yaramam ak xelam duñu ko mën a dékku. Mën na caa doxe wopp ciw yaram mbaa cim xel. Li ñuy tudde*«surmenage»* Loolu la nu Yàlla di bañal. Te Wolof Njaay sax wax na ko: «**Njàng moo gis, am na àllarba**» Bi ci des mooy, su nit di tërërëri rekk, bañ a faale Yàlla ci dara, li wér mooy, yéex walla gaaw, waaye fa muy mujje du baax. Ba tax Yàlla bëgg, nu jagleel ko diir bu ñu koy wéetal di ko ca fàttaliku.

Ni nu mën a fàttalikoo bésu noflaay bi mooy, Yàlla ci boppam moo ne bés bi, bésu noflaayu Aji Sax ji la. Kon bésam la. Bésu Boroom bi la! Ba tax na bu ñu koy fàttaliku, wareesul xalaat ne ab bés lañuy jaamu. Mukk! Bés yépp a yem fa kanam Yàlla. La ñuy def ci bés bu nekk, loolu mooy li gën a amal solo Yàlla. Bésu noflaay bi, Yàlla lees ci war a jaamu, Moom mi sàkk lépp ak ñépp. Ndaxte jaadu na te yell, léeg-léeg nu taxaw, bàyyi lépp, di wéetal Yàlla sunu Boroom. Muy bés bob, danu cay feddali sunug jaamu Yàlla. Bëggunu wax ne benn bés kepp lees war a fàttaliku Yàlla te yeneen bés yi, kenn mënu ci jaamu Yàlla walla nu cay def lu nu neex. Déedéet! Mbind mi dafa wax ne:

"*...Màggalleen Yàlla ci seen yaram.*" **(1Ko 6:20**) "*Sawarleen te bañ a tayel, di jaamu Boroom bi ak seen xol bépp.*" **(Ro 12:11**) "*Dëkkleen ci ñaan Yàlla, farlu ci, boole ci ngërëm.*" **(Kol 4:2**)

Kon loolu, dafay wone rekk ne, danu war a sàlloo def sunu xol ci Yàlla. Bés bu nekk, saa su nekk. Jaamu Yàlla amul wakaans. Kàddug Yàlla ne na, jaamukat yu wér yi, ci xel ak ci dëgg lañuy jaamu Yàlla, ndaxte Yàlla xel la. **(Yow 4:24**) Amul foo mën a nekk te doo fa mën a wéetal Yàlla. Mbir mi ci xol bi ak ci xel mi la. Waaye su Yàlla feesul xol yi, keneen walla leneen dina ko fees, te loolu ci sànku rekk la lay jëme. Moo tax Yàlla ne: "**Deel fàttaliku bésu noflaay bi!**"

Waaye leneen li nuy seetlu itam mooy, ndigal lii Yàlla wax ne: "**Deel fàttaliku bésu noflaay bi**", moo di, fi la pàcc bu jëkk, bi jëm ci diggante nit ak Yàlla jeexe, ci fukki ndigal yi. Te su nu doon wër baat yi gën a am solo ci pàcc bile, mënees na wax ne **mbëggeel,** walla boog **bëgg,** bokk na ca. Maanaam **bëgg Yàlla.** Nu gis ci loolu nag ne, li **bëgg Yàlla** ëmb fii, mooy <u>jaamu</u> Yàlla; <u>takku</u> ci Yàlla. Ndaxte Yàlla dafa ne:

"*Nanga dox say soxla juróom-benni fan, def* [ca] *sa liggéey bépp.* [waaye nanga noppalu ci juróom-ñaareelu fan bi.] *Ndaxte ci juróom-benni fan la Aji Sax ji sàkk asamaan, suuf, géej ak li ñu ëmb lépp. ...<u>Aji Sax ji, di Yàlla sa Boroom,</u>* <u>[moo]</u> *<u>jagoo ...bésu noflaay bi</u>, di juróom-ñaareelu fan bi.* [Ndaxte] *noppalu na, ca juróom-ñaareelu fan ba.*" **(Ex 20:9,11,10**)

Ni ngeen ko dégge, Yàlla moo barkeelal boppam bésu noflaay bi. Mu def ko muy bés bu sell. Te ni nu ko waxe woon, Yàlla soxlawul daray nit. tawféexu doom Aadama rekk a ko soxal. Noonu, nu gis ne, li bésu noflaay bi di tekki ci nun tey mooy, Yàlla dafa bëgg nu noppalu ci sunu yenub bàkkaar te tàbbi ci noflaayam. Naka la loolu mën a ame ngay laaj? Boo gëmee ne Musalkat, bi Yàlla yónni dee na ngir fey sa boru bàkkaar, bokk nga ci gaayu Yàlla, yi mu waajalal noflaayam, ni ko Mbind mi waxe naan:

"*Yàllaa ngi dencal ay gaayam noflaay, bu nirook noflaayu Yàlla ca juróom-ñaareelu fan ba. Ndaxte képp ku mës a dugg ca noflaayu Yàlla, noppalu na ci ay jëfam ni Yàlla. Nanu farlu boog, ngir dugg ci noflaay boobu, ba kenn bañ a déggadi, ba daanu ni maam ya, ca màndiŋ ma.*" **(Yt 4:9-11**)

Xarit yi, tey jii, ni ko benn Rammukat bi am kepp waxe, "LÉPP MAT NA!" **(Yow 19:30**) Fa ñeneen ñiy jàngalee naan: «Dara matul, lenn sotteegul! Dangeen war a woor, di ñaan! Liggéeyleen ngir yaakaar ca ag mucc!» Yeesu moom wax ne: "**LÉPP MAT NA!**" Te Yàlla naan leen: "Noppaluleen ndax li ma leen defal! Noppaluleen! Dama bëgg ngeen noppalu ci seeni jëf, ni ma noppaloo woon ci samay jëf! Lépp mat na!"

Misaal maa ngi nii ci Kàddug Yàlla, gi nu indil seede bii naan:

"*Bés bu nekk sëriñ si dañuy taxaw di liggéeyal Yàlla, di sax ci def sarax, yu mënul a dindi bàkkaar yi mukk. Waaye nag <u>sëriñ bii di Kirist, bi mu saraxee sarax bu am doole ngir dindi bàkkaar yi benn yoon ba fàww, dafa</u> <u>**toog ca ndeyjooru Yàlla**</u>, di xaar ba kera mu daaneel ko ay noonam ci kanamam. Noonu, ñi ñuy sellal, ci benn sarax rekk la leen yeggali cig mat ba fàww ...*" **(Yt 10:11-14**)

Kon nanu xam ne, liggéey bi nu waroon bépp, Musalkat bu am doole bi defal na nu ko ba noppi. Te léegi, mu nga toog ca ndeyjooru Yàlla. Mu ngi ci noflaayam te dafa nu ci bëgg a boole. Waaye laata muy mën a nekk, fàww nga gëm Yeesu Kirist miy Boroom bi, di Rammukat bi la deewal te dekki ca ñetteelu fan ba, ngir Yàlla mën la àtte ni ku jub fa kanamam. Wànte Mbind mi ne na: "*...Ku amul ngëm doo mën a neex Yàlla....*" **(Yt 11:6**) Waaye lan mooy ngëm Yàlla? Mooy nga gëm lépp li Mu la defal ci Almasi bi, te noppalu ci li Mu la defal! Mooy doyloo jëfu Musalkat bi, bañ koo xeeb, di jéggib dig. Almasi bi Yeesu ci boppam moo ne:

"*Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay. Jébbaluleen ci man te jàng ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol. Ndaxte sama kilifteef lewet na te sama yen diisul.*" **(Mc 11:28-30**)

Noflaay gu ni mel mëneesu ko am feneen walla ci keneen! Ci lu wér, Almasi bi Yeesu rekk mooy ki la mën a rawale. Njiiti diiney jamonoy Yeesu, seen ñàkk a nangu ki Yeesu doon, moo tax ñu bañoon ko gëm. Noonu, Yàlla neenal seen ngëm. Tey jii itam, ñu baree ngi bañ a nangu ki Yeesu doon. Ñuy dem sax ba di ko wut a tuumaal fu ñu tollu ni Farisen ya, ca jamonoy Yeesu. Waaye, Wolof Njaay ne na: "**Nen du bëreek doj**" Ndax li wér mooy, su ñu teelul a soppi seen xalaat ci Yeesu, Yàlla dina neenal seen ngëm ñoom itam. Ngir daw loolu kon, fàww nga aw ci yoon wi Yàlla rëdd. Nga gëm menn pexe mi Yàlla waajaloon bu yàgg, ngir muccug doom Aadama yépp.

Noonu, yaw mi doon jaaxle ak a laajte nan nees mën a rawe. Bul jaaxleeti! Xamal ne Yàlla ubbi na bunt. Mu di buntu mucc bi yonent Yàlla yépp doon yégle. Mooy bunt bi nga mën a defaroo ak Yàlla te mu àggale la ci nekk jawriñ, ju ag bëgg Yàllaam di fés cig takkuteem ci Boroom bi. Bunt boobu moo di Musalkat, bi Yàlla tànn, yónnee ko waa àddina. Moo tax bi mu ñëwee, moom Musalkat bi di Yeesu, mu wax lu kenn mësul a wax. Te it, kenn dootul wax lu ni mel. Ne na: "*Man maay bunt bi. Ku jaar ci man, dinga mucc; ...Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du* [tàbbi Àjjana] *te jaarul ci man.*" **(Yow 10:9 14:6**) Kon, gis nga, ci Yàlla <u>benn bunt</u> kesee am te <u>genn dëgg</u> it a am, ak <u>wenn yoonu</u> mucc kepp. Noonu la! Wolof Njaay ne na: "**Dëgg dina bas ay bët waaye du ko luqi.**"

Noflaay gi la Yàlla bëgg a jagleel daal, ci Yeesu Kirist rekk nga ko mën a ame. Mooy noflaay bi lay teggil bépp yen bu la njattoon. Nga daldi féex ci kàttanu deretu Musalkat bi tuuru ca bant, ba ñu ko daajoon! Ndaw jàmm ju bare ci ñi gëm te wóolu Almasi bi! Moo tax Mbind mi ne:

"*Léegi nag, gannaaw Yàlla àtte na nu jub ci kaw ngëm, nanu jàpp ci jàmm, ji nu am fa kanam Yàlla, jaarale ko ci sunu Boroom Yeesu Kirist. Moo nu ubbil bunt ci Yàlla, nu taxaw temm ci yiwam, jaar ci ngëm. Te it, nu ngi bég ci négandiku, Yàlla boole nu ci ndamam.*" **(Ro 5:1-2**)

Kon yaw miy déglu, su fekkee ne aw ci benn buntu noflaay, bi Yàlla waajal doom Aadama yi soxal na la, fàttalikul ne:

- Dangay jëkk a nangu ne bàkkaarkat nga, nangu itam sag néew doole fa kanam Yàlla. Ndaxte fileek loolu amul, mënuloo yaakaar ag mucc ci Yàlla.
- Gannaaw gi, nga gëm te nangu ne, Yàlla rekk a mat te moom kesee sell. Waaye sellaayam tax na ba amul kenn nit ku ko mën a jege. Ak ku mu mën a doon; ndaxte ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla. Te yoonu Yàlla mooy peyug bàkkaar maanaam dee, te xàjjalikook Yàlla ba fàww.
- Boo xamee loolu, te nga gëm ne Yàlla, ci kaw njubteem ak yërmandeem, sàkkal na pexe, boobu jafe-jafe. Pexe mi mooy, joxe na Yeesu Kirist mi mësul a bàkkaar ngir mu dee, tuur deretam ci sa palaas, ngir feyal la sa boru bàkkaar. Mu nekk bunt, bi Yàlla ubbi ngir nga sell ba mën koo jegeel sa bopp. Te it, soo ko gëme, Yàlla dina la may kàttanu nekk surgaam bu mbëggeelam di fés bés bu nekk ci takkuteem ci Yàlla bés bu nekk.

Kon xarit yi nuy déglu, fii lanuy tàggook yéen tey. Njàng miy ñëw, ndegam neex na Yàlla, ci juróomeelu ndigal li lanuy tàbbi. Su ngeen bëggee ay leeral ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 St-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 St-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen bàyyi xel ci wooteb Almasi bi naan: "***Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay!***" **(Mc 11:28**)

# 133 Teralal sa ndey ak sa baay

Mbokki déglukat yi, asalaamaalikum. Nu ngi leen di nuyu yeen ñépp ci turu Yàlla Aji yërmande, ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi, te di ko topp. Sunu mbégte réy na ndax xam seen takkute ci emisyoŋ *YOONU NJUB* bii di seen bos.

Ci sunu njàng mi weesu, gisoon nanu ci ñeenteelu ndigal li, Yàlla wax ca ne: "***Deel fàttaliku bésu noflaay bi.***" **(Ex 20:8**) Nu gisoon ne bésu noflaay bi, Yàlla dafa ko sàkk ngir jàmmu nit ak tawféexam ci saayir ak baatin. Ndaxte Yàlla dafa sant ay gaayam ñu ber bés boobu, ngir noppalu ci seenub liggéey. Waaye itam Yàlla dafa leen sant ñu jagleel ko boobule bés. Kenn umplewul ne yaramu nit ak xelam dañu soxla noflaay léeg léeg. Lu ko moy, nit dina wopp ciw yaram mbaa cim xel. Loolu bokk na, ci li Yàlla di bañal nit. Waaye su nit dëgëree bopp, di tërëtëri rekk, bañ a faale Yàlla ci dara, li wér mooy, dina ko wex xàtt. Beneen bi mooy, Yàlla dafa bëgg nu jagleel ko ab diir di ko ca wéetal ak a jaamu. Moo tax bésu noflaay bi, nekk bésu Boroom bi! Tekkiwul nag ne benn bés kepp lees war a fàttaliku Yàlla. Ndaxte Kàddug Yàlla sax dafa wax ne: "Màggalleen Yàlla...[te] Sawarleen [ci] bañ a tayel, di jaamu Boroom bi ak seen xol bépp." **(1Ko 6:20 Ro 12:11**)

Léegi nag, nanu jëm kanam ci sunu gëstu ci fukki ndigal, yi Yàlla dénk Musaa ak bànni Israyil, ngir ñu xamle leen ci àddina si. Dikk nanu tey ci **juróomeelu ndigal li,** di ndigal li jëkk ci juróom-benni ndigal yu mujj, yi jëm ci ni nit war a jëflanteek moroomu nitam. Yàlla Aji Sax ji dafa waxoon bànni Israyil, ne: "***Teralal sa ndey ak sa baay, ngir am gudd gi fan ca réew ma lay Aji Sax ji sa Yàlla di jox.***" **(Ex 20:12**) Juróomeelu ndigal lii, dees ciy gis ne, sunuy waa jur, dañu am solo <u>lool</u>, di ñu mat a fonk. Te fàww nu jox leen cér bi ñu yelloo. Waaye du loolu lanuy gis ci njaboot yu bare, ndaxte dangay gis doom yoo xam ne, seeni waa jur dañuy wax, ñu tebbi seen ndigal, gëdd leen, ciibatu leen, dem seen yoon. Te duñu am benn toppatoo ci waajur yi xanaa dëkk ci tàngal seeni xol rekk. Waaye juróomeelu ndigal li, dafa wax ci anam yu leer naan: "**<u>T-e-r-a-l-a-l</u> sa ndey ak sa baay...!**" Coobare Yàlla nag, ci doom yi, mooy ñu sopp seeni waajur te déggal leen.

Nun mag yi, bu nu déggee ndigal lii, xëy na mu am ñuy xalaat: '*Aaa, lii nag gune yi war nañu ko déglu de!*' Waaw, dëgg la, gune yi war nañu ko déglu, waaye ndax mag ñi tamit amuñu ci wàll? Walla boog mag ñi dañu amul ndey ak baay? Axakay! Kon nag ñépp la ndigal lii soxal. Moo tax nag, ci sunu njàngum tey mi, nu fas yéene ci gis ni ndigal lii ame solo ci <u>ñépp</u>. Du ci xale yi rekk, waaye ci xale yeek ci mag ñi. Wolof Njaay dafa wax ne: "**Guney tey ñooy dooni magi ëllëg.**"

Moo tax, ci juróomeelu ndigal lii, Yàlla sant doom yi ñuy **teral ndey ak baay.** Waajur dafa am solo ci Yàlla. Fi mu leen teg ci fukki ndigal yi sax wone na ko. Bi Yàlla noppee ci digganteem ak nit, waajur yi la ci toftal. Waajur, Yàllaa ko tegal boppam ci palaas bu am solo bi mu tegu. Ba tax nu war leen a fonk, wormaal leen, jox leen cér bi ñu yelloo. Moo tax Mbind mi naan:

"*...Yeen xale yi, nangeen déggal seeni waajur, ci li ngeen bokk ci Boroom bi, ndaxte looloo rafet. Teralal sa ndey ak sa baay; mooy ndigal li jëkk a ëmb dig, maanaam ngir nga am gudd fan, gu ànd ak jàmm.*" **(Ef 6:1-3**)

Ciy jamono, Yàlla digoon na gudd fan guney bànni Israyil su ñu déggalee seeni waajur. Waaye loolu tekkiwul ne, tey jii, ñi bokk ci Kirist te déggal seeni waajur, fàww ñu gudd fan. Ndaxte am na way-gëm Kirist yu déggal seeni waajur te terewul ñu gàtt fan. Benn misaal ci Mbind mi mooy <u>Ecen</u>. Moom kenn la woon ci way-gëm Kirist yu jëkk ya. Dafa am bés, muy waare ca kanamu yawut ya. La mu doon wax di dëgg gu kenn mënul a tebbi. Waaye dëgg googee jëmoon ci Almasi bi, neexul woon gaa ña. Ba tax ñu sànni koy xeer ba mu faatu. Moona Ecen ndaw lu dégg ndigal la woon. Waaye bakkanam rotoon na cig ndawam. **(Jëf 7:54-60**)

Waaye am na itam leneen lu am solo lool ci ndigalu tey li. Mu di, xale yi dinañu barkeel, su ñu déggalee seeni waajur. Xale yiy déggal seeni waajur ci lépp luy coobare Boroom bi, dinañu gën a bég yeneen xale yi. Gune yu bare yu seen aw fan gàtt walla ñu torox ci àddina, daanaka jaaxalul kenn. Ndaxte boo ko seetee ba ca biir,

dañu nekkoon xale yu yaruwul. Di ay fippukat yu faalewul kenn. Du seeni waajur sax waxatuma meneen mag. Moona ci cosaanu Afrig ak réew mii nu nekk, doom, doomu ñépp la. Waajur yemul woon rekk ci ñi ñi sukk jur xale bi. Mag mu nekk amoon na wareef ak sañ-sañu yar xale bi, bijjanti ko su ko gisee ci lu jaaduwul. Naka noonu, xale bu nekk itam amoon na wareefu, mag mu mu gis, jàppe ko ni waajuram. Mu wormaal ko, jox ko cér ni su doon ay waajuram. Cosaan loolu, woroowul ak njàngalem Kàddug Yàlla gi. Ndaxte su nu sukkandikoo ci li Mbind mi wax, mënees na jàpp ne, xale dafa war a wormaal mag.

Ndegam Wolof Njaay day wax ne: "**Guney tey ñooy dooni magi ëllëg.**" Kon wér na ne su xale bi melul ni mu war a mel tey, bu rëccee ba doon mag ëllëg it, du nekk mag mu wormaal ay waajuram ni mu ware. Ndaxte: "*Garab la ñu ca gajj lay meññ.*" Loolu nag di dellu rekk di wone sas wu réy wi waajur yi am ci yaru doom yi, dale ko ca ba ñuy lu tuuti. Ndaxte dañu ne: "**Garab ba muy lu tuuti lees ko war a jubbanti.**" Lu ko moy dina jublu fu dul gënal kenn. Bu boobaa, boo ko bëggee jubbanti nag mu damm. Yaru xale dees koy teel a tàmbali. Bañ a topp ñiy wax naan: '*Bàyyi ko waay! Xale la! Xamul dara!*' Axakay, am na lu mu xam. Su xamagul Yàlla itam, xam nab yar. Te li mu xamul sax, yaa ko ko war a tàmbalee xamal ndànk ndànk. Yonent Yàlla Suleymaan dafa ne:

"*Kuy bañ a yar doomam, bëggu ko, ...ki bëgg doomam dafa koy jubbanti. Bant ak yar dafay indi xam-xam, waaye gune gu ñu boyal dina teg ndeyam gàcce.*" (**Pr 13:24; 29:15**)

Loolu leer na nàññ ndax xale bu kenn newul ñall a ngi, du mën a nekk kuy dégg ndigalu waajur walla meneen mag ci lu jaadu. Te nag, "Ku amul kilifa, jinne di sa kilifa."

Ci loolu, Yeesu Almasi, bi mësul a def bàkkaar, mooy royukaay bu mat bi ci ñépp. Nanu déglu li xewoon ci dundam bi mu amee fukki at ak ñaar. Linjiil bu sell bi dafa wax ne:

"*At mu jot nag waajuri Yeesu yi daan nañu dem Yerusalem, ngir màggali bésu Jéggi ba. Noonu bi Yeesu amee fukki at ak ñaar, ñu dem màggal ga, ni ñu ko daan defe naka-jekk. Bi màggal ga tasee, ñu dëpp ñibbi, waaye xale ba Yeesu des Yerusalem, te ay waajuram yéguñu ko. Ñu xalaat ne, Yeesu dafa àndoon ak ñeneen ñi ñu bokkaloon yoon. Bi ñu doxee bésub lëmm, ñu tàmbale di ko seet ci seen mbokk yi ak seen xame yi. Bi ñu ko gisul nag, ñu daldi dellu Yerusalem, seeti ko. Ca gannaaw ëllëg sa ñu fekk ko ca kër Yàlla ga, mu toog ci jàngalekati Yawut yi, di déglu ak di laajte. Ñépp ñi dégg li mu wax, yéemu ci xel, mi mu àndal, ak ni mu doon tontoo. Naka la ko waajuram yi gis, ñu daldi waaru. Yaayam ne ko: Sama doom, lu tax nga def nu lii? Man ak sa baay nu ngi la doon seet, jaaxle lool. Mu ne leen: Lu tax ngeen may seet? Xanaa xamuleen ne, damaa war a nekk ci sama kër Baay? Waaye xamuñu li kàddoom yi doon tekki. Noonu Yeesu daldi ànd ak ñoom, dellu Nasaret te déggal ay waajuram. Fekk yaayam moom takk mbir yooyu yépp ci xolam. Yeesoo ngi doon màgg ci jëmm, tey yokku ci xam-xam, te neex Yàlla ak nit ñi.*" (**Lu 2:41-52**)

Kon gis ngeen, bi ko yaayam ak Yuusufa wëree ba gis ko, fekk sax amaana Yeesu bëggagul woon a ñibbi. Waaye mu déggal waajuram ñu daldi ànd dellu seen dëkk, Nasaret. Yeesu, mi jóge asamaan, royukaay bu baax la ci bépp fànna ci dundu nit. Te yemul foofu ndax wax na ne doom yi, gannaaw ba ñu joxee wegeel gu mat sëkk seeni waajur, nañu leen teral, di leen taxawu seen kem-kàttan ci seeni soxla ndax wareef la. (**Mc 15:4**)

Waaye mbokki déglukat yi, ndegam ci sunu cosaan, xale dafa war a wormaal mag it, li nuy seetu ci guney tey yi moo di, ñu ci bare toppuñu cosaan loolu. Ndaxte am na ci ñoñ, bu seeni waajur mbaa meneen mag waxee lu leen neexul, ñu gëdd leen; ciibatu leen, ne wërëñ dëdd. Weguñu seeni waajur te duñu am it benn toppatoo ci ñoom. Xanaa dëkk ci tàngal seeni xol rekk. Waaye du dundin woowu lañuy jàng ci juróomeelu ndigal li. Li Yàlla bëgg mooy doom yi sopp seeni waajur te déggal leen ci lépp luy coobare Yàlla.

Wànte loolu dafay dellusi rekk ci sas wi waajur yi am ci yar bi. Wareef la ci bépp waajur, mu bañ a boyal ay guneem. Waaye mu leen di toppatoo, di leen yee te di leen jubbanteek ub yar su ko laajee. Ndaxte "wéqi nag, tekkiwul mbañeel ci doomam." Wànte ci biir yar bi nag, waajur wi war na ànd ak sagoom. Te it, bañ a

bundaxataal xale yi. Kàddug Yàlla dafa nuy won ne, warunu saaga mbaa di jaxase sunuy doom. Ndaxte loolu boo ko yàggee def gune, benn bés dina jéngu, fippu ba mu jural ko safaan. Bu boobaa nag, yaw waajur wi, am nga ci wàll. Ngir moytu loolu lépp kon, waajur wi war na jubbanti ci mbëggeel ak cofeel te di tette xale yi ci ngëm gu wér ci Yàlla jiy dund. Moo tax Kàddug Yàlla wax ne:

"*Yeen* [waajur] *yi ...buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen yar leen, di leen yemale ak a yee ci Boroom bi.*" **(Ef 6:4**)

Loolu moo di sasu bépp waajur mu jëm ci teg xale yi ci yoonu njub.

Wànte, ndax mënees na joxe lees amul. Kenn du tegtale bérëb boo xamul. Yaw ci sa bopp, soo jubul fa kanam Yàlla, naka ngay mën a tege keneen ci yoonu njub? Soo xamul fu bérëb sàngam féete, doo mën a teg kenn ci yoon wa fa jëm! Li nu bëggoon nag mooy ku nekk dégge wax jii, ni ko Mbind mi waxe bi mu naan:

"*Ku jub amul, du kenn sax. Amul kenn ku xam yëfi Yàlla... ñépp jeng nañu, ba kenn amalatul Yàlla njariñ. ...*[Te] *xamuñu yoonu jàmm...*" **(Ro 3:10-12,17**)

Waaye xarit yi, ndax loolu day tekki ne buntu yaakaar tëj na? Déedéet! Yaakaar kay am na! Ndaxte Kàddug Yàlla ne na itam:

"*Léegi nag Yàlla feeñal na, ni nit mën a jube ci kanamam, ci lu séqul ak yoonu Musaa dara. Waaye ba tey yoonu Musaa ak waxi yonent yi seedeel nañu ko.**<u>Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci.</u>** Ndaxte ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. Waaye gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara.*" **(Ro 3:21-24**)

Kon yaw waajur wi nuy déglu, xëyna ku fonk sa diine nga. Waaye fexe ba sa doom nekk ku dégg ndigal te weg ay waajuram, të na la. Bul xàddi, pexe am na. Waaye fàww yaw ci sa bopp nga jëkk a nekk ku jub fa kanam Yàlla. Ni ñu ko jànge léegi, Yeesu Almasi bi rekk moo la mën a def ku jub fa kanam Yàlla. Looloo tax Mu ne:

"*Man maay **garab gi**; ...**ki sax ci man te ma sax ci moom, dina meññ.** ...Bu ngeen saxul ci man* [nag,] *dungeen mën dara.*". **(Yow 15:5**)

Kon yaw waajur wi ci sa bopp, jëkkal a wàkkirlu ci Musalkat bi, di Boroom bi Yeesu. Lu ko moy, dara du sotti ci sa mën-mënu bopp. Pexe mi, mu ngiy tàmbalee ci nga am ngëm gu wér ci Almasi bi Yàlla fal, di Yeesu. Moom rekk a mësul a jalgati yoonu Yàlla. Moom kenn a mënoon a wax ne: "*Li neex [Yàlla Baay bi] <u>rekk</u> laay def!*" **(Yow 8:29**)

Kon sama xarit, muy yaw muy keneen, képp ku gëm li Yàlla ci boppam seede ci lu jëm ci deewu Yeesu ca bant ba, ak ndekkiteem ca néew ya, te nangu Yeesu ni Musalkatam, dina am dund gu dul jeex. Noonu yaw it, su loolu amee ci sa dund, li wér mooy Yàlla baal na la say bàkkaar. Rax-ci-dolli, dafay jaare ci Xel mu Sell mi, di la may bés bu set kàttanu def ci say doom yar bi leen di tax a nekk ñu fonk seeni waajur ak bépp mag.

Kon xarit yi, fii lanu leen di tàggoo tey. Njàng miy ñëw, ndegam neex na Yàlla dinanu gëstoondook yeen ci juróom-benneelu ndigal li. Su ngeen bëggee ay leeral ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen di fàttaliku li Mbind mi wax ne: "***Naka yeen, xale yi, na ngeen déggal seeni waajur... Yeen* [waajur] *yi it, buleen bundaxataal xale yi, waaye ngeen yar leen, di leen yemale ak a yee ci Boroom bi.***" **(Ef 6:1,4**)

# 134 Bul bóom

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu, ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy dellu, di sant Yàlla ci li nu mën a teewaat fii, di leen dégtal seen emisyoŋ bi ngeen sopp di *YOONU NJUB*.

Yeen a ngiy fàttaliku ne, ci sunu njàng mi weesu, ci fukki ndigal, yi Yàlla dénk yonent Yàlla Musaa, nu ngi tollu woon ci juróomeelu ndigal li. Fi Yàlla naan: "***Teralal sa ndey ak sa baay...***" (**Ex 20:12**) Muy ndigal loo xam ne, kenn du werante amug soloom. Ndaxte ci aaday réew mi, bokk na ci wareefi doom, teral waajuram. Te it, képp ku ko mat ndey walla baay, mu jox ko cér ba. Waaye gisoon nanu itam sasu waajur yi. Muy sas wu am maanaa ci yaru gune yi ngir ñu mel na ca war. Waajur wi nga xam nag ne, fexe ba doomam nekk ku dégg ndigal te am wegeel ci ñépp, të na ko, warul a xàddi. Dafa fekk rekk ne, fàww yaw ci sa bopp, nga jëkk a nekk ku jub fa kanam Yàlla. Loolu nag, gisoon nanu ne Almasi bi Yeesu rekk mooy pexe miy tax mu mën a nekk ci yaw.

Tey nag, ci juróom-benneelu ndigal li lanu fas yéene jàll. Yàlla dafa ci wax ne: "***Bul bóom.***" (**Ex 20:13**) Muy ndigal lu gàtt; waaye am solo lool ci Yàlla ak ci nit! Bóom, moo di rey nit ci teyeef! Lan lañuy gis ci àddina si nu nekk? Dafa mel ni nit ñi faaleetuñu waxu Yàlla. Ndax nit a ngi jóg, dal ci kaw moroomu nitam, faat bakkanam; mbaa mu rendi ko ni ñuy tëre am xar. Aw xeet jóg dal ci kaw weneen xeet, faagaagal ko. Am réew jóg song meneen réew, faat fa bakkan yu jotewul dara ak mbir ma. Moona nit du moomeelu keneen ku dul Yàlla. Aji Sax ji kesee am sañ-sañu rocci ruuwu nit.

Waaye lii lépp dafay woneeti ni nit tooñee Boroomam, ci fexee sàcc sañ-sañ bi Yàlla jagoo moom kepp. Te sax boo bóomee nit, yemuloo rekk ci tooñ Yàlla, waaye yaa ngiy fésal ne faalewuloo ko. Ndaxte Yàlla dafa sàkk nit ci melokaanam, gën koo fonk ci lépp li mu sàkk. Wànte nag, ni ko Wolof Njaay waxe rekk daal, noonu la: "**Janax du jur lu dul luy gas.**" Waaw, ndaxte boo gisee lii lépp, li ko waral moo di bàkkaar bi nekk ci xolu bépp doom Aadama. Mooy bàkkaar bi nu donne ci sunu maam Aadama mi jëkkoon a fippu, tebbi santaaneb Yàlla ca toolu Àjjana. Ay doomam juddu, donn bàkkaar ba. Te loolu, Kayin taawu Aadama, fésal na ko ci li mu rey rakkam Abel. Kayin daldi nekk noonu ki jëkk a bóom nit.

Xëyna yaa ngi naan: «Waaw, waaye man loolu soxaluma ndax mësuma rey nit te it, fasuma ko yéene.» Su fekkee ne loolu mooy sa xalaat, nga baal ma, waaye juum nga. Ndaxte bu nu gëstoo ci Kàddug Yàlla, danu ciy gis ne, rey nit du faat bakkan rekk. Gën naa xóot loolu! Mbind mi dafa wax ne:

"*Képp ku bañ sa mbokk,* ***reykat nga!***" (**1Yow 3:15**) Te Almasi bi Yeesu rax-ci-dolli ne: "[Waxuma la sax bañ, waaye] *képp ku mere sa mbokk, dinañu la àtte... ca safara.*" (**Mc 5:22**)

Kon yaw miy wax naan mbir mii soxalu la, loo xalaat ci loolu Mbind mi wax? Soo waxalee Yàlla rekk, ndax mën nga wax ne mësuloo mere sa moroom? Ndax ñeme nga wax ne, mësuloo bañ kenn? Ndax mësuloo xool nit rekk, neexu la, nga xalaat walla sax nga wax ne: «**Kii rekk laa bañ man!**»? Amul kenn ku mën a wax ne, mësul a yëg lu ni mel! Kon nag sama waay, xamal ne Mbind mi ne na, saa boo mësee yëg lu ni mel, mu jëm ci keneen, mu ngi mel ni danga rey nit kooka. Ndegam nag noonu la ko Yàlla gise, kon ñaata yoon nga "*rey*" sa moroomu nit? Ci dëgg, li nu Mbind mi feeñal fii, lu xaw a naqaree dégg la. Waaye lu am la! Wareesul mere nit mbaa di ko bañ. Wolof Njaay sax dafa wax ne, "**Nit kenn du ko bañ.**" Naka noonu, Kàddug Yàllaa ngi nuy artu naan:

"*Ku mer, bu mu jàll aw kaañ;* <u>*bu jant bi sowaale seen mer*</u>*, ba ngeen may Seytaane bunt.*" (**Ef 4:26,27**)
"*Ndaxte ci xol la xalaat yu bon [yi] di jóge, ak bóom...*" (**Mc 15:19**)

Ci loolu kon, yaw miy xool nit rekk bañ ko, mu ngi mel ni danga ko rey. Fa kanam Yàlla miy àttekat bu jub bi, yaak ki rey, dara wuutalewu leen.

Waaye itam, bóom yemul rekk ci faat bakkanu keneen. Am na yeneen fànnay bóom yu ñu war a bàyyi xel. Lu ci mel ni **xaru.** Maanaam faat sa bakkanu bopp. Dañuy wax naan: «**Xaru daganul!**» Te muy dëgg it. Kon bu nit àndeek sagoom faat bakkanu boppam, moom ak ki faat beneen bakkan ñoo yem kepp. Noonu itam, naka ki nga xam ne moom reyul nit, faatul bakkanu boppam waaye mu **santaane ñu reyal ko keneen**; li nasaraan yiy tudde "*commanditaire*", li wér mooy kookule it, fa kanam Yàlla, moo yem àtte ak ki rey. Dafa mel ni li Wolof Njaay naan: "**Sàcc ak ki ko yebal, ñépp sàcc lañu.**" Noonu, yaw mi reylu sa moroomu nit ba noppi toog fale ne xiim, dëgg la, mën ngaa ñàkk a feeñ fii ci àddina. Waaye li wér mooy, àtteb Yàlla bi lay xaar moom, doo ca mën a rëcc mukk; su fekkee ne, bi ngay dund, jotuloo réccu fa kanam Yàlla, te nga nangu yoonu mucc wi mu tëral.

Ba tey, ci beneen fànna bóom, lii di **yàq ab ëmb** itam, ci la bokk. Ndaxte yàq ëmb rey nit la! Nañu ko wax mu leer! Yonent Yàlla Daawuda bindoon na ci Sabóor, naan:

"*Yaa ma sàkkal baatin, ràbb ma ci sama biiru ndey. Maa ngi lay sant ci li ma nekk mbindeef mu xel dajul te yéeme; Say jëf ñooy kéemaan, xam naa ko bu leer... Say bët ne ma jàkk, fekk may béemuur kese; te ñu bind ci sa téere fan yi ñu ma àppal, laata benn di ci nekk. Céy Yàlla ni ma say xalaat soxale! ni lim bi yaatoo!*" **(Ps 139:13,14,16,17**)

Bakkanu ñépp la Yàlla fonk! Te ci lu wér, Yàqum ëmb, rey nit la! Moo tax ñu war ko leeral ci boppu nit ñi koy faral a jëfandikoo ngir dindi ëmb bu ñu yittewoowul. Ñu bare sax xam nañu ne baaxul, waaye dañu koy naxasaale ba mujj, far kenn tegatu ko muy dara. Moo tax ngay gis nit nekk cig moy ba yenoo cab ëmb, mbaa sax mu ëmb ci yoon, waaye bëggul a am doom rekk. Noonu mu dogu ci yàq ëmb bi, daldi def ay déebaa-déebam ak i xarfa-fuufaam, ba ëmb bi deñ. Bu ko defee nag ñu naan: 'Ndeysaan, ndogalu Yàlla la!' Déedéet! Ñi naan Yàllaa ko dogal, ay naaféq yuy tuumaal Yàlla lañu. Naka lañu mën a xalaate ne Yàlla Aji sell ju jub ji mën na dogal ñuy faat bakkanu muumin? Te nag, su mbir mi doon ndogal sax, dama ne, loxol boroom a nga ca! Yàlla nag moom, ay waxam du safaanoo te jegewul fu ñuy defe lu bon. Moo tax Mbind mi ne:

"*Yàlla Aji leer la te genn lëndëm nekkul ci moom. ...Bu la fiir galanee, bul ne: Yàllaa ko dogal; ndaxte Yàlla jegewul ag mbon fenn, te du fiir kenn. Waaye ku sa bakkan nax, ba mën la, looloo lay dugal ci fiir. Kon bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*" **(1Yow 1:5 Sa 1:13-15**)

Danu ko war a wax mu leer! Kiy yàq ab ëmb, ak ka koy yàqlu yépp, ay bóomkat lañu. Doom jooju, ndax dafa dul boroom bakkan? Waaw, su fekkee ne boroom bakkan la nag, ana lan la def ba ñu koy bóom? Bu def amee kay, ña sabablu ba doom ja juddu, ñooñoo def lu jar ab daan. Ndaxte doom ja moom, waxul kenn mu ëmb ko! Yàlla Aji Sax ji rekk mooy ki am sañ-sañu rocci ruu, waaye du nit. Su fekkee ne, daw gàcceek tiis moo la ko jaraloon; mbaa boog sàmm sa daraja ci bëti ñi, walla leneen lu mën a doon, bumu la ko dara jaralati! Ak nu mu mën a deme, warul a tax kenn di jalgati santaaneb Yàlla bile. Yàlla du tebbi ay waxam mukk. Te bakkanu nit dafa foor lool fa Yàlla, ba tax Mu wax ci Kàddoom ne:

"*...Bépp ...nit ku rey moroomam dina* [layoo] *ak man. ...Ku tuur deretu nit, nit dina tuur deretam, ndaxte Yàlla ci melokaanam la sàkke nit.*" **(Ge 9:5,6**)

Wareefu nit ci moroomam, du bóom ko ndax amu ci benn sañ-sañ. Li nit di xarala ak a xereñ lépp, du yàgg ba mu sàkk nit, boroom ruu, ni ko Yàlla sàkke ci pëndub kese. Kon wareefu nit ci moroomu nitam, mooy bëgg ko, di ko aar ba safaan du ko gaar. Bala kenn di mën a def loolu nag, fàww mbëggeelu Yàlla lalu ci xolam. Waaye naka la mbëggeelu Yàlla di nekke ci yaw su fekkee ne dangay sofental pexe, mi la Yàlla may ngir nga mën a jot mbëggeelam? Nekk boroom diine walla woote daraja, taxul nga jot mbëggeelu Yàlla. Koo mën a doon, ni la Yàlla di xoole, moo di, bàkkaarkat. Terewul nag Yàlla firndeel mbëggeelam ci doom Aadama yi, bi ñu nekkee sax ay bàkkaarkat. **(Ro 5:8**) Moo tax Yàlla daldi yónni Kàddoom, di Almasi bi Yeesu, mi yonent yépp daan yëgle ag dikkam. Noonu, bi Boroom bi Yeesu ñëwee, moom ci boppam ne na:

‟*Bu ngeen toppee samay ndigal, dingeen sax ci sama mbëggeel, ni ma toppe sama ndigali Baay, ba tax ma sax ci mbëggeelam. ...Genn mbëggeel mënul a weesu joxe sa bakkan ngir say xarit.*” **(Yow 15:10,13**)

Naka noonu, lenn rekk a mën a firndeel sa mbëggeel ci Yàlla Aji Sax ji, ‟moo di **gëm** ki mu yónni.” **(Yow 6:29**) Kon yaw miy déglu, gis nga ne, doo mën a bëgg Yàlla walla sa moroom mukk mu dëppook ni ko Yàlla bëgge, te gëmoo jëkk, ki Yàlla yónni di reenu xolam, Yeesu Kirist, moom mi la bëgg ba joxe bakkanam ngir yaw.

Mbind mi nag ne na:

‟*Mbëggeel gi Yàlla am ci nun, xam nanu ko te gëm ko. Yàlla Aji Mbëggeel la, te képp ku sax ci mbëggeel, yaa ngi sax ci Yàlla, mu dëkk ci yaw. ...Su kenn nee, bëgg naa Yàlla, te bëgguloo sa mbokk, dangay fen; ndaxte ku bëggul sa mbokk mi ngay gis, doo mën a bëgg Yàlla mi nga gisul. Te jox na nu ndigal lii: ku bëgg Yàlla, nga bëgg sa mbokk. ...Ku bëggul sa mbokk, yaa ngi ci dee ba tey. Képp ku bañ sa mbokk,* ***reykat nga****; te xam ngeen ne, ku rey nit amuloo dund gu dul jeex. Ci lii lanuy xàmmee luy mbëggeel:* [Yeesu] *Kirist joxe na bakkanam ngir nun; te nun itam war nanoo [jekk ngir] joxe sunu bakkan ngir sunuy mbokk.*” **(1Yow 4:16,20,21 3:14-16**)

Loolu la Kàddug Yàlla wax. Te ci dëgg, bu loolu amee rekk, ci ngay jekk ba sa mbëggeel ci sa moroom jaral la dee. Ki la jaral joxe sa bakkan nag, waxuma la bóom ko, waaye doo ko sax xalaatal lu bon! Am déet?

Kon, moo xam danga mës a fitnaal nit, walla nga mës a bóom, ci fànna bu mu mën a doon. Waaye itam, boo dee sax ku mësul a def lenn ci mbir yooyu. Li wér mooy, mës ngaa ñàkk a bëgg sa moroom; walla nga mës koo mere. Noonu, xamal ne àtteb Yàllaa ngi la tiim. **Lenn rekk nag moo la ci mën a rawale.** Mooy nga **gëm** benn Musalkat bi am kepp, di Yeesu Kirist. Moom Aji Mbëggeel la! Ndax jekk nga ngir wékk sa yaakaar ci Moom ak li mu la defal, ngir Mu may la dund gu bees? Li nga war xam mooy:

- Yàlla dafa sell. Te ku sellul du ko mën a jege fenn.

Ci bëti Yàlla, nun ñépp, **danoo mel ni ay bóomkat** ci fànn yu bare. Wànte xabaar bu baax bi mooy:

- Yàlla, ci <u>njubteem</u> ak ci <u>mbëggeelam</u>, sàkk na pexe moo ko mën a jegee.

Maanaam amal na li mu dige woon bu yàgg jaarale ko ci ay yonentam.

Mu di ñëwug Kàddoom, di Ruuwam,<br>
Mu **wàcc**, yor bindu nit,<br>
**dund** dund gu sell,<br>
**dee** ca bant ba ngir sunuy tooñ,<br>
**dekki** ngir àtte nu jub.

Mbokk mi, ndax loolu leer na? Ndax xam nga bu baax lu tax Yeesu Almasi bi waroon a tuur deretam ca kaw bant ba?

Waaw, def na ko ngir amal li yonent yi bind ci mbiram, wànte it, li nga war a gën xam mooy: **Yeesu Kirist dee na <u>ngir yaw</u>**! Tuuroon na deretam ni sarax suy dindi bàkkaar **ndax <u>yaw</u>; ndax <u>man</u>**! Ci lu wóor, **sunuy bàkkaar a ko bóom**, kon su nu ko gëmee, Yàlla dina nu baal, àtte nu ni ñu jub.

Ci loolu, Mbind mu sell mi sax dafa ne: ‟***Bóom ngeen Aji Dundal ji, waaye Yàlla dekkal na ko! ...Tuubleen seeni bàkkaar nag te woññiku ci Yàlla, ngir seeni bàkkaar far.***” **(Jëf 3:15,19**) Ndaxte ‟*yonent yépp seedeel nañu [Yeesum Nasaret] ne,* ***ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.***” **(Jëf 10:43**)

Kon xarit yi, fii lanu leen di tàggoo. Emisyoŋ biy ñëw, ndegam soob na Yàlla, dinanu tàbbi ci juróom-ñaareelu ndigal li, ba gis li nu ci Yàlla bëgg a xamal. Su ngeen amee laaj, ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax ne: "***Bóom ngeen Aji Dundal ji, waaye Yàlla dekkal na ko! ...Tuubleen seeni bàkkaar nag te woññiku ci Yàlla, ngir seeni bàkkaar far.***" **(Jëf 3:15,19**)

# 135 Bul njaaloo

Asalaamaalikum xarit yi nuy déglu. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy santati Yàlla ci li nu mën a teewaat fii di àddu ngeen di teewlu seen emisyoŋ bi ngeen sopp, di *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, nu ngi doon waxtaan ci juróom-benneelu ndigal li ne: "***Bul bóom.***" **(Ex 20:13**) Muy santaane boo xam ne, mëneesul wax ne amul palaas ci jamono jii. Ndaxte bir na ñépp ne, bare na ñoñ, faat bakkan ak naan ndox lañu yemale. Noonu gisoon nanu ne, bóom yemul rekk ci rey nit. Am na yeneen fànnay bóom te ñu war cee bàyyi xel: **xaru**, santaane **ñu reyal la nit**, **yàq ab ëmb** a.ñ.s.. Loolu lépp rey nit la. Nga bañ ko walla nga nangu ko, noonu la fa kanam Yàlla.

Ci sunu njàngum tey mi nag, dinanu gëstoondook yeen ci juróom-ñaareelu ndigal li Yàlla naan: "***Bul njaaloo!***" **(Ex 20:14**) Njaaloo moo di xeetu moy Yàlla gi góor walla jigéen ju nekk ci buumu séy di jëflanteek keneen ku dul ka muy séyal. Loolu nag <u>suufeel séy la</u>; te it, <u>li mu ëmb ciy musiba bare na</u>. Nanu jëkk a seet lu tax nu wax ne, njaaloo suufeel séy la. Gannaaw gi, nuy soog a ñëw ci lenn ci musibay njaaloo.

Kon danu wax ne,**<u>njaaloo dafay suufeel séy</u>** ndaxte Mbind mu Sell mi leer na nàñña ci ne: séy may la gu jóge ci Yàlla Aji Sell ji. Looloo tax ñu war a sellal néegu séy. Waaye itam ñu sellal ci bépp fànna ci sunu dund. Mbind mi ne na:

"***Na ñépp fullaal séy, te lalu séy ... bañ a taq sobe. Ndaxte Yàlla dina àtte ñu yàqu ñi ak njaalookat yi.***" **(Yt 13:4**)

Aaya bii wone na bu leer ne, li Yàlla bëgg moo di <u>kenn</u> bañ a sofental séy. Ndaxte séy Yàllaa ko fi samp lu jiitu sax bàkkaar di tàbbi ci àddina. Li Yàlla bëgg, wax na ko ci téereb Tawreet bi nuy nettali na séy bu jëkk ba deme woon, ak na way-dencante yooya, di Aadama ak Awa, ànde woon. Mu ne:

"*...Yàlla Aji Sax ji ne: 'Wéet baaxul ci nit, kon dinaa ko sàkkal ku mel ni moom di ko dimbali.' ...Noonu ...Yàlla Aji Sax ji nelawloo Aadama nelaw yu xóot; te ba muy nelaw, mu rocci genn ciy faaram, fatt fa mu ko jële ak suux. Yàlla Aji Sax ji defar jigéen ca faar, ga mu jële ci Aadama, indil ko ko. Aadama ne: 'Kii daal, yax la ci samay yax, di suux ci sama suux! Dees na ko tudde jigéen, ndaxte ci góor lees ko jële.' Looloo tax góor dina beru ndeyam ak baayam, ànd ak jabaram, ñu nekk kenn.*" **(Ge 2:18,21-24**)

Mbokk yi, coobare Yàlla, moo doon Aadama am benn soxna te yem ca. Ba tey jii, coobare Yàlla soppikuwul. Yàlla dafa bëgg góor gu nekk yem ci soxnaam te bañ a am benn bëgg-bëgg bu bon ci jeneen jigéen. Jigéen ñi itam naka noonu! Waaye li ñuy seetlu ci àddina sii, doy na waar lool. Dafa mel ni daal séy moom, nit ñi dañu ko jàppe niy caaxaan rekk. Nit day nekk cig buum ba noppi, di doxale nu ko neexe. Maanaam fu ko bakkan ba jeñ, mu jëm fa. Ku ay gëtam tegu mu neex ko, dara dootul nekk yitteem lu dul fexee àgg ci moom. Dina dem sax ba mu jaral ko tàggook soxnaam ngir rekk am ko. Waaye bu ci duggee, ab diir gannaaw gi, mu gis keneen ku foqati ay gëtam, mu tàbbeeti ca, wacc ki mu àndal. Am na ñoñ sax, duñu far jaar ci séy. Dañuy nekk noonu rekk, kenn ki dëkkali moroom mi. Ñu dëkk ci njaaloo niy nja-àll. Moona Yàlla santul loolu kenn kuy nit. Moo tax muy lu araam fa kanam Yàlla. Dëgg, deesu ko nëpp-nëppal! Yàlla dëgg gi nekk ci xol la bëgg.

Kon nanu fàttaliku ne njaaloo yemul rekk ci joteek keneen ku dul sa soxna walla ku wuuteek sa jëkkër. Njaaloo yemul ci li ngay def ak céri yaram. Waaye dafa ëmb it, li nekk ci biir xol yeek xel yi. Moo tax Boroom bi Yeesu ne woon bés:

"*...dégg ngeen ne, waxoon nañu [ne]: Bul njaaloo. Waaye man maa ngi leen di wax ne: <u>Képp ku xool jigéen, xédd ko, njaaloo nga ak moom ci sa xel</u>.*" **(Mc 5:27,28**)

Aa, gaa ñi, loolu doy na waar aax! Su nu sukkandikoo ci lii Boroom bi Yeesu wax fii, dinanu gis bu leer ne amul kenn ku mën a wax ne ndigal lii soxalu ko. Ndaxte, ñaata yoon ngay dox ci mbedd mi, taseek nit, xool ko am ci moom yéeneb joteek moom? Ndax mën nga waññ ñaata yoon la la dal? Ñenn ñi sax, dinañu ko génne ci seen gémmiñ, ñeneen ñi duñu ko wax waaye fekk na seen xel a nga ca. Ndaxte Wolof Njaay ne na: Xel mëneesu ko tëye. Waaye xamal ne, Kàddug Yàlla wax na ne, saa soo defee loolu bàkkaar nga. Mel na ni njaaloo ngaak nit ka. Saa soo mësee xemmem jigéen, walla góor, bàkkaar nga ci sam xel. Te sax xemmem googu mën na laa yóbbu ci njaaloo ak nit kooka. Xam naa yaa ngi naan: Aa, su dee loolu kon ana ku mën a mucc?

Wax nga dëgg, mucc ci jamono jii, lu jafe lool la! Rawatina booy dox ci mbedd yi, ak col gu doy waar geek jëf yu kenn rafetluwul yi. Boo séenee loo warul a xool ci wet gii ba tax nga dummóoyu xool gee wet, dinga fa fekk lu yées la nga doon bañ say bët tegu ca. Wànte su Yàlla feesee xel yeek xol yi, pexem Seytaane dina joy. Waaw, yombul ndaxte boo koy seet ba ci biir, dafa mel ni nit ñeey jàppale Seytaane. Kon yaw mi bëggul a fenqu ci pakki Seytaane, xamal ne li gën a am solo, mooy li fees sa xol ak sa xel. Ci lu wér, njaaloo baaxul, dafay suufeel séy. Te séy nekk na lu tedd lu kenn warul a ñàkkal fulla ndax Yàllaa nu ko jagle. Kon wareefu nit moo doon rafetal séy, sellal ko ndax Yàlla barkeel ko. Waaye bu njaaloo gu tëwa dakk tàbbee cib séy, melokaanu séy day daldi safaanook coobare Yàlla.

Bu ngeen ko seetloo nag xarit yi nuy déglu, dingeen gis ne, li ëpp ci nit ñi joxuñu séy gëddë ba ca war. Moona leer na ne njaaloo ak lépp lu xeetook moom, day suufeel séy. Te yemul rekk ci suufeel ko, dafa ëmb itam musiba yu bare. **<u>Lenn ci musiba yi njaaloo mën a jur</u>** moo di yaw miy njaaloo, dangay ñàkkal sa bopp fulla, ñàkkal fulla sa way-dencante ci kanamu doom Aadama yi. Ba tax na, bu mbir mi dakkul, dina dem ba kenn dootul weg sa way-dencante, yaw waxi noppi. Te it, ci misaal, njaaloo gu law, gi tëwa dakk tax na ay way-dencante yu wóoloonte woon di moytoonte. Ci goxi àddina yu bare, njaaloo xëtt na fa ay njaboot, tas fa kër yu bare. Tàbbal na naqar, tiis ak toroxte ci xoli gune yu bare, ba seen àddina yàqu yaxeet. Lenn ci xale yii ñuy tudde "Guney mbedd yi," ñu ngi bawoo ci njaboot yu xëtt yi. Te njaboot yu xëtt yooyu, lu ci bare mbiri njaaloo bokk na ci li leen xëtt. Noonu, gune yi daldi ñàkk kilifa, tàbbi ci mbedd mi, muy seen kër. Lii nuy wax ci gune yi, lu am la. Ñépp a ko seetlu, foo jëm gis leen ñuy lëjal nit ñi ak di leen fitnaal. Bëccëgu ndarakàmm lañu lay tafu mbaa sax ñu foqati sa alal ne mes. Wànte xale yooyu, ana lan lañu def ba war a yeyoo dund gu ni yéese? Ñoom defuñu dara! Waajur yi kay ñooy ndeyi-mbill yi. Ndaxte bu ñu fëlxoo kay, gune yi dinañu tasaaroo. 'Bu Macaam demee, lu fa uppu di defati?'

Waaye ndegam nit ñi bañ nañu faale Yàlla, bay jëfe ci seeni cér ni mu leen soobe, dinañu jot seen peyug jëf. Te pey googu yemul rekk ci njaboot gu xëtt, tasaaroo. Wànte dem na ba ci ñuy tàbbi ci mbugalu àddina, fekk gog laaxira gi dul jaas, agseegul sax. Maanaam ci seen njaaloo googu mën nañu ca jële ay wopp yu bon. Moo waral Mbind mi naan:

"*Bu leen ci dara nax; kenn du foontoo Yàlla, ndaxte lu waay ji, moom ngay góob.*" **(Gal 6:7**)

Waaw, boo xamee ne nit ki sax na ci dundinam wu bon te bañ ko dëddu, wëlbatiku ci jenn Yàlla jiy dund kepp. Li wér mooy Yàlla dina ko bërgël ci bëgg-bëggam yu ruslu, di ko xaare bésu àtte, ba Aji jub jiy bugal ci safara. Képp ku bañ a réccu te nangu yoonu mucc wi Yàlla tëral. **(Ro 1:26 Jëf 21:8**)

Ci taalibey Yeesu yi nag, Kàddug Yàlla daf nu wax, naan:

"*Lii nag mooy coobareg Yàlla, ngeen sell, maanaam ngeen moytu njaaloo; ngeen noot seeni cér ci cell ak tedd, te xemmem bañ leen a jiital, ni xeeti àddina yi xamul Yàlla. ...bu kenn ci yeen laal yëfi jaambur, ngir bañ koo tooñ. Ndaxte waxoon nanu leen bu yàgg te artu leen ne, ñiy def loolu, Boroom bi dina leen mbugal. Ndaxte Yàlla woo na nu, nu dund cig cell, waaye du ci sobe. Ku tanqamlu wax jii nag, defoo ko nit, Yàlla nga ko def....*" **(1Tes 4:3-8**)

Kon yaw miy déglu te bëgg a dëddu sa dundin wi dëppoowul ak ni Yàlla bëgg. Xamal ne saafaras njaaloo

sorewul. Waaw, ndaxte Mbind mi dafa ne: Na kenn ku nekk bëgg ki muy séyal. **(Ef 5:28**) Mën na am yaa ngi naan: Aa, man kay bëgg naa ki may séyal waaye terewul ma mel ni ma mel. Kon su fekkee loolooy sa xalaat, xamal ne mbëggeel, gi Yàlla bëgg mu nekk ci yaw, jëm ci ki ngay séyal des na. Ndaxte googu mbëggeel soo ko ko bëggee, dootoo ko mën a def lu ñaaw. Waaw, ndaxte bu boobaa, dinga bëgg sa soxna, mbaa sa boroom kër, ni nga bëgge sa bopp. Bir na ñépp ne, ku ànd sagoom du def boppam lu ñaaw, lu metti walla lu bon. Noonu nga dul defe sa bopp safaan nag, ni nga dootul mën a defe lu ni mel ki ngay séyal. Loolu moo di bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.

Ci loolu nag, Mbind mi ne na: "*Buleen ameel kenn dara, lu dul mbëggeel; ndax ku bëgg sa moroom, wàccoo nga ak yoonu Musaa. Ndaxte ndigali Yàlla yépp, yi deme ni:* ***Bul njaaloo****, bul rey nit, bul sàcc, bul bëgge, walla leneen ndigal lu mu man a doon, wax jii moo leen ëmb:* ***Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp.*** *Ku bëgg sa moroom, doo ko tooñ; kon ku wéy ci mbëggeel matal nga yoonu Musaa.*" **(Ro 13:8-10**)

Bëgg sunu moroom, walla bëgg ki nu séyal, ni nu bëgge sunu bopp, lu jafe lool la! Ci sunu dooley bopp, dunu ko mën a matal mukk. Wànte Yàlla am na pexem soppi nu, may nu doole, ba **mbëggeel**<u>**am**</u> gu réy gi, mën a "*baawaan ci sunu xol.*" **(Ro 5:5**)

Waaw, Yàlla dafa bëgg a soppi sunuy xol yu siis yi, noot leen ak mbëggeelam gu réy gi. Lan mooy pexem Yàlla moomu nag? Mooy lii:

- Ci bu jëkk, fàww nga nangu ne, Yàlla Aji Sell la, ju kenn mënul jege cig ñàkk sell.
- Gannaaw gi, nga nangu ne bàkkaarkat nga. Te du yaw kese waaye ñépp a bàkkaar, ni ko Mbind mi waxe: "Ñépp jeng nañu, ba kenn amalatul Yàlla njériñ. Kenn du def lu baax, du kenn sax!" **(Ro 3:12**)
- Bu loolu leeree ci sa bopp, nga gis léegi ne pexe mi, ci Yàlla <u>Aji Sell ji</u> rekk la mën a jóge. Te pexe moomu moo di deewu Yeesu Kirist ca bant ba. Mbind mi ne na: "*Jenn Yàlla kepp moo am, ak* ***benn Rammukat kepp*** *diggante Yàlla ak nit ñi, di ... Kirist Yeesu, mi joxe bakkanam ngir jot ñépp.* [Te] *gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara.*" **(1Tim 2:5,6; Ro 3:24**)
- Noonu, ngir Yàlla baal la te boole la ci ñi muy may xol ak xel mu bees, fàww nga gëm li Yàlla seede ci mbirum deretu Yeesu, ji tuuru ngir raxas la ci bépp bàkkaar. Gëm ko rekk moo lay boole ci ñi Yàlla àtte jub. Ndaxte jub fa kanam Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye. Kon soo ko gëmee, bokk nga ci. **(Ro 3:22-25**)

Kon, pexem Yàlla ngir nga nekk nit ku bëgg ki muy séyal ni nga bëgge sa bopp, mooy nga gëm muccug Yàlla gi nekk ci Kirist. Noonu Yàlla moo lay may xol bu bees boo mën di defe coobareem. **(Eze 36:26**) Loolu di tekki rekk ne xolu bàkkaarkat bi nu donne ci maam Aadama, dunu ci mën a def mukk coobare Yàlla. Fàww xol bi soppeeku! Te amul leneen lu ko mën a soppi lu dul gëm Yeesu Kirist mi tuur deretam ngir feyal nu sunu boru bàkkaar. Mooy saafara si, du leneen. Naka noonu, Mbind mi ne na:

"***Bu nit bokkee ci Kirist, mbindeef mu bees la. Li jëkk wéy na, lu bees a fi teew...*** **[Ndaxte]** ***Kirist mi mësul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wàll, ngir ci sunu bokk ci moom, nu mën a doon njubteg Yàlla.***" **(2Ko 5:17,21**)

Kon xarit yi nuy déglu, fii lanu leen di tàggoo ba njàng miy ñëw. Ndegam neex na Yàlla dinanu gëstoondook yeen ci juróom-ñetteelu ndigal li. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi te di leen fàttali ne, mën ngeen nu yónnee seeni laaj ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370, Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax ne: "***Bul njaaloo! ...Bu leen ci dara nax; kenn du foontoo Yàlla, ndaxte lu waay ji, moom ngay góob.***" **(Ex 20:14 Gal 6:7**)

# 136 Bul sàcc

Mbokki déglukat yi, asalaamaalikum. Nu ngiy gërëm Yàlla ci li nu fi mën a teewaat di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB* bi ngeen di topp ak teewlu. Nu ngi leen di sant ci xalaat yu am solo, yi ngeen nuy yéwéne saa yu nekk.

Ba léegi nu ngiy wéy ci njàngum fukki ndigal, yi Yàlla dénkoon yonent Yàlla Musaa ak bànni Israyil, ngir ñu xam ni Yàlla selle, teg ci ràññee seenug selladi. Ci emisyoŋ bi weesu, nu ngi woon ci juróom-ñaareelu ndigal li, fi Yàlla nee: "***Bul njaaloo!***" **(Ex 20:14**) Mu di ndigal lol, am na solo lool te mat a yéene mu jëm kaw, rawatina ci jamono ju rëb jii. Ndaxte li ëpp ci nit ñi, joxuñu séy gëddë ba ca war. Dañu dëkk ci ñàkk a sellal séy gu ànd ak maa-tay. Moona ku nekk gis na toroxte ak tumurànke gi njaaloo tàbbal ci kër yi. Gisoon nanu it ne njaaloo yemul rekk ci joteek ku dul sa soxna walla sa boroom kër. Yemul ci li ngay def ak sa céri yaram, waaye dafa ëmb itam li nekk ci biir xol yeek xel yi. Moo tax Yeesu waxoon bés ne:

"*<u>Képp ku xool jigéen, xédd ko, njaaloo nga ak moom ci sa xel</u>.*" **(Mc 5:28**) Li wér mooy, fàww Yàlla Aji Sell ji mbugal ca safara su dul fey mukk bépp njaalookat bu bañ a réccu te nangu yoonu mucc wi Mu tëral. Ndaxte Mbind mi ne na:

"*Xanaa xamuleen ne, ñi jubadi duñu bokk ci nguuru Yàlla? Bu leen ci kenn nax: ñiy doxaan, walla xërëmkat yi, ak njaalookat yi, ak góor-jigéen ñi ak ñi ko nangu, walla sàcc yi ... duñu bokk ci nguuru Yàlla. Te am na ñu meloon noonu ci yeen. Waaye Yàlla fóotal na leen seeni bàkkaar, sellal leen, àtte leen ni ñu jub, ci turu Boroom bi Yeesu Kirist ak ci dooley Xelum Yàlla, sunu Boroom.*" **(1Ko 6:9-11**)

Bu loolu wéyee, tey danuy jëm kanam ci fukki ndigal yi, dugg nag ci juróom-ñetteelu ndigal li. Mu di santaane bi Yàlla naan: "***Bul sàcc!***" **(Ex 20:15**) Ndigal lii nag, leer na ba daanaka matul woon a faramfànce sax. Waaye dégg-déggu nit mel na noo xam ne, fàww nu waxtaan ci. Te it, su Yàlla demee ba fàggandiku ndigal lu ni mel ci Mbind mu sell mi, fekk na booba muy lu mat a bàyyi xel. Moo tax nu fas yéene gëstoondook yeen ci laaj yii di: **Kan mooy sàcc? Lu tax Yàlla tere sàcc?**

Bala nuy tàbbi ci yooyu laaj, xanaa nu jëkk a fàttali rekk ne jëf ji di sàcc, mooy jël yëfu jaambur ju la kenn mayul. Loolu moom deesu ci werante sax. Léegi nag, **ana kan mooy sàcc?** Loolu kay mooy wax ji! Kon sàcc moo di képp ku jël lu ñu la joxul. Ci anam bu mu mën a doon; su boroom àndul ca jël ba, sàcc nga. Lu këf ka tuuti tuuti, lu mu ñàkk ñàkk solo. Ku def lu ni mel ab sàcc nga! Waaye léegi nit ñi dem nañu ba ràññeetuñu luy sàcc ak lu dul sàcc ndax li ñu ñàkkal fulla yenn xeeti sàcc yi. Moo waral yenn sàcckat yi, teguñu sax seen bopp ay sàcc. Nit ñi it, jàppeetuñu ag càcc loolee ñuy def. Ci misaal dangay gis nit koo xam ne, wóor na Yàlla wóor nit ñépp ne, la mu mën ak la muy def de, peyooru weer kese taxul kenn mën ko. Ay moroomam yu mu tollool ndombo-tànk ñu ngi fi te mënuñu li mu mën. Moona dàqu leen yaxanal te gënu leen a fàggandiku. Kon leer na ne sa waay moomu, leneen a ko tax a mën li mu mën. Waaye ndegam mu nga cay mënal gaa ñi, di ci jëf, jëf yu 'baax' ci yenn bérëb yi ñuy tudde kër Yàlla. Di ci baaxe ñenn ñi ñuy woowe niti Yàlla, du yàgg ba kenn gise li muy def nig càcc walla ñu jàppe ko moom ci boppam nib sàcc. Bu amee ñu seen xel romb loolu sax, naaféq yi, duñu ko ko wax mukk ndax njariñ la ñuy jële ca moom. Noonu, nit kay def loolu ci alal jooju, yaakaar ne jëf yooyu mën nañoo setal alal jooju te mu jële ca ngërëm, njéggal ak yërmande Yàlla. Nax na boppam! Te li wér, mu war ko xam mooy, du rëcc mukk mbugalu Yàlla. Ndaxte ci bëti Yàlla, ab sàcc la! Su réccuwul, bañ a wëlbatiku ci Boroom bi ba gëm yoonu mucc wi mu tëral, amul benn werante ne Yàlla dina ko bugal bés. Mbugal googu nag mën naa tàmbalee fii ci àddina. Ndax bés bu ko yoon dabee, dina daj mbir. Waaye lu mbugal googu tar tar, ga koy xaar ca laaxiraa koy raw fuuf!

Mbokki déglukat yi, sàcc yiy sàcc ay milyoŋ walla ay milyaar di ci def luy samandaay ag mbaax, ñook sàcc biy këf caq yi ak a sàcc biteeli gaas yi, ñoo yem kepp fa Yàlla; su fekkee sax nit ñi yemalewuñu leen. Ndaxte li Yàlla wax moo di: "***Bul sàcc!***" Kon koo mën a doon, loo mën a sàcc, nu mu mën a tollu, ak lu mën a sabab càcc ga, xamal ne jéggi nga sàrt bu Yàlla ci boppam tëral.

Ci noonu, nanu bàyyi xel ci ne, càcc am nay wàll yu bare. Càcc yemul rekk ci fekk yëfi jaambur yu ñu teg nga fab ko. Waaw, ndaxte yaw mi sa njaatige dénk liggéey, di la ca fey, fekk doo liggéey waxtu yu doy. Di tappale rekk ngir waxtu wi dem, bu boobaa sàcc nga! Yaa ngi sàcc sa xaalisu njaatige bi mu lay fey te liggéeyuloo ko! Ki nga xam ne itam, dafay xëysi ca bérëbu liggéeyam, taal rajo bàyyi fa. Mbaa mu summi mbaxanaam teg, daldi génn. Ku fa ñëw soxla ko ñu naan: 'dafa génn, mu ngi ñëw, sorewul.' Fekk feni kese la, ndax la des ca bëccëgub keroog booba, deesu ko fa gisati. Nga yaakaar nag ne, yaw miy def loolu doo sàcc? Axakay yaa ngi sàcc sa njaatige!

Mbokki déglukat yi, loolu baaxul ci benn këru liggéeyukaay. Dafa koy tax a daanu. Baaxul it ci koom-koomu réew mi. Fàww nit ñi xam loolu te dog ciw waar. Ndaxte su dakkul ba këri liggéeyukaay yiy daanu, du kenn nit ka doon dëngal rekk a koy yëg de. Boroom njaboot yu bare dañu cay doxe ñàkk am xëy. Fitna ak toskare tàbbi ca seeni njaboot. Moo tax Mbir yii, kenn waru leen sofental naan: Aa, garaawul! Axakañ, garaaw na ndax du def lu dul lawal fi ndóol.

Yàlla nag Moom, Mu ngi wax ay gaayam ci Linjiil naan: "...*Nangulleen ci lépp seeni* [njaatige]*, yi ci àddina. Buleen ko def rekk ci seen kanam, di sàkku ngërëm, waaye na nekk lu dëggu ci yeen, ndax seen ragal Boroom bi. Lu ngeen mën a def, na ci seen xol tàlli; ngeen def ko ngir Boroom bi, te du ngir nit, xam ne Boroom bi dina fey seeni jëf, mu di cér bi mu leen dencal.* [Yeesu] *Kirist mooy Boroom, bi ngeen di liggéeyal.*" **(Kol 3:22-24**)

Ba tey ci xeeti càcc yi, mbokki déglukat yi; su nit defee ay pexe ba jot ci alalu jaambur ci luy samandaay yoon, sàcc la. Ci misaal dafa mel ni yaw mi nit dénk këram. Mbaa boog ñu wóolu la, dénk la weneen xeetu alal. Nga dem ba jëmmi jamono, daldi bëgg a teg loxo ci alal jooju. Mu jaral la dugg ak génn, yéeg ak wàcc ba alal ja nekk ci sa tur. Moo xam lu ko mën a sabab, ak foo mën a sukkandiku, waaye loolu njublaŋ la, càcc la. Yàlla nag moom, mënul a ànd ci loolu; su fekkee sax àttekat yi gën a ràññeeku ñoo ko dogal. Ndaxte sàcc la te Yàlla aaye na ko.

Xarit yi, **li tax Yàlla tere sàcc** nag moo di, càcc lor sa moroom la. Te it lor sa bopp la! Santaane bii di "**Bul sàcc!**" dafay tekki ne: Danu war a ragal Yàlla te bëgg ko, ngir bañ a fab sunu alalu moroom. Waaye nu dimbali ko sax ci ñoŋal alalam. Li Yàlla bëgg mooy ku nekk weg sa moroom, di ko sàmmle lépp lu mu moom. Te it, coobare Yàlla mooy kenn ku nekk daani dooleem, yem ci li Mu ko xéewale. Mooy li Mbind mi sant taalibey Yeesu bi mu naan:

"***Ku daan sàcc, na ko dëddu te jublu ci liggéey lu baax ci ay loxoom, ngir mu mën a dimbali ñi néew doole.*" (Ef 4:28**)

Yàlla yemul rekk ci bëgg ay gaayam dëddu càcc, dafa bëgg itam ñu "jublu ci liggéey lu baax ci [seeni] loxo" ngir am lu ñu mën a may ñi nekk ci soxla. Ñi nga xam ne nag bëgguñu daani seen doole lu dul defi naka su dul noona, Kàddug Yàllaa ngi leen di artu naan: "*Sàcc yi ...duñu dugg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji.*" **(1Ko 6:10**) Ci lu wér, ndegam artu yu leer nàññ yii yépp ñu ngi ci Mbind mi, ana lan moo waral kon nit dëgëre nii bopp te bañ a déggal Yàlla? Te lan moo tax càcc gi tëwa dakk xanaa di gën a law?

Xam naa yaa ngi naan: 'Aa, loolu kay jarul a laaj: Pólis a deful liggéeyam. Te njiit yi it defuñu li leen war ci fàggandiku mbir yooyu, wutal askan wi am xëy; teg fi kaaraange gu doy, ak nàngam ak nàngam...' Nga baal ma, waaye su fekkee loolu moo di sa xalaat, juum nga. Ndaxte jafe-jafe bi dëgg, du kilifa yi, du pólis bi, doonte sax am nañu sas wu leen Yàlla jox ci loolu lépp. Gis nga boo demee ci kaso yi, ñu ngi fees dell. Moona terewul gaa ñi mel ni, ñu gën a ràkkaaju. Lii itam am na, boo seetee dinga gis ne, sàcc yi nekk ci biti kaso ñoo ëpp fuuf, moona ñu bare ci ñoom xam nañu bu baax li leen di xaar su ñu leen jàppee. Wànte taxul ñu riggal. Kon leer na ne jafe-jafe bi feneen la fu dul càgganteg kilifa yi walla ñàkkum jumtukaayu ñi féetewoo kaaraange gi. Réew yi seen jumtuwaayu kaaraange doy sax terewul càcc ga takkarnaase fa. Kon jafe-jafe bi nit am ba tax mënul a topp ndigalu Yàlla bii di: "**Bul sàcc!**" mooy bàkkaar bi dëkk ci xolu doom Aadama. Wànte mbugalu sàcc, ni beneen bàkkaar bu mu mën a doon, moo di dee, tàqalikook Yàlla ba fàww!

Moom la Yàlla wax ci Mbind mu sell mi ne: "*Peyu bàkkaar mooy **dee.***" **(Ro 6:23**) Kon sàcc, bi sax cig càcc ba xëy wuyuji Boroomam, safaraa koy xaar fa mu jëm.

Kon yaw miy déglu te sab loxo di dem, mën naa am bëgg nga ci génn. Wànte bul xàddi naan: 'Man daal amatuma yaakaar, ndax fu nekk dem nanu fa maak samay bokk ngir ñu tëyeel ma loxo bi, waaye dara!' Bul xàddi! Waaye itam, bul tegati sa yaakaar ci sa kàttanu bopp walla ci pexey keneen ngir génne la ci. Ay yooni yoon a ngii ngay jéem di tële; ñu lay baaxe pexe yu dul àntu ba sa xoli mbokk jeex tàkk. Xamal nag ne yaakaar ju wér am na! Yàlla fàggandiku na pexe mi la ci mën a génne. Pexe moomu, ci Yeesu Kirist la ko Yàlla jaarale. Su fekkee ne soxal na la, fi nga war a tàmbalee mooy:

- Nga jëkk a xam ne, Yàlla Aji sell la te mëneesu ko jege cig ñàkk a sell.
- Nga nangu it ne bàkkaarkat nga ni bépp doom Aadama. Ndaxte ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla. Te ni nu ko gise tey jii, nun ñépp ay sàcc lanu fa kanam Yàlla Aji Sell ji! Kon pexe mi nekkul ci nit.
- Nga gis kon ne, pexe mi Yàlla joxe ngir doom Aadama yépp mën a tinkeeku ci nooteelu Seytaane, mooy deewu Yeesu Kirist mi tuur deretam ca bant ba ngir fey boru bàkkaari ñépp. Te it, nga xam ne, Yeesu mi dee, dekki woon na ca ñetteelu fan ba. Yàlla dafa ko dekkal ngir wone ne Yeesu rekk moo mësul a def bàkkaar!
- Noonu, ngir am dund gu dul jeex, te nga mucc ci fab alalu jaambur ci anam bu mu mën a doon; fàww nga gëm ne deretu Yeesu tuuru na ngir raxas la ci bépp bàkkaar, te dekki na ngir may la dund gu dul jeex. Ndaxte Mbind mi na na: "***Yàlla jébbale na [Yeesu Kirist] ngir sunuy tooñ, dekkal ko ngir àtte nu jub.***" **(Ro 4:25**) Kon boo ko gëmee Yàlla dina la boole ci ñiy jële ci moom, bés bu nekk, kàttanu **jubal ci lépp.** Ndaxte jubal rekk a am solo fa kanam Yàlla. Waaye soo gëmul Boroom bi Yeesu, doo am kàttan gi la koy tax a mën bés bu nekk.

Dégluleen li Mbind mi wax ci mbirum gaayi Kirist, laata ñu doon gëm xabaaru Musalkat bi Yeesu. Linjiil ne na:

"*Ndaxte nun itam, ñu ñàkk xel lanu woon te déggadi, ñu réer bay jaamu ay bëgg-bëgg ak i bànneex yu wuute, nu dëkk ci coxorte ak ñeetaange, di ñu sikk tey sikkante. Waaye naka noona Yàlla sunu Musalkat feeñal na mbaaxam ak cofeelam, ba musal nu; ajuwul ci jëf yu jub yu nu def, waaye ci yërmandeem rekk. Mu juddulaat nu ci laabal sunu xol, te yeesalaat nu ci dooley Xel mu Sell, mi mu nu sotti ba mu baawaan, ci darajay Yeesu Kirist sunu Musalkat. Ci noonu Yàlla àtte na nu jub ci kaw yiwam, te sédd nu ci dund gu dul jeex, gi nuy séentu.*" **(Tit 3:3-7**)

Kon fii lanuy taxawandi tey ba njàng miy ñëw, ndegam neex na Yàlla. Bu ko defee, nu gëstoondook yeen ci juróom-ñeenteelu ndigal li. Nu ngi leen di gërëm ci teewlu bi te di leen fàttali ne, su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, mën ngeen nu bind ci: *YOONU NJUB* B.P. 370, St-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370, St-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax way-gëm Yeesu yi ne: "***Ku daan sàcc, na ko dëddu te jublu ci liggéey lu baax ci ay loxoom, ngir mu mën a dimbali ñi néew doole.***" **(Ef 4:28**)

## 137  Bul seede lu dul dëgg ci sa moroom: Bul fen!

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji dëgg, ji bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral. Nuy santati Yàlla ci li nu fi mën a teewaat di àddu ngeen di teewlu seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Mbokk yi nuy déglu, xam ngeen ne, ba fi tey nu ngiy wéy ci njàngum fukki ndigal, yi Yàlla dénk Musaa ak bànni Israyil. Naka emisyoŋ bi weesu, nu ngi doon gëstu ci juróom-ñetteelu ndigal li. Yàlla wax ci lu amul benn sikki-sàkka bi mu nee: "***Bul sàcc!***" **(Ex 20:15**) Naka noonu, gisoon nanu ne, sàcc lor sa moroom la. Te it càcc gu law day delloo gannaaw am réew. Kon ni nu tënke woon njàng mi weesu mooy: Sunu ragal Yàlla ak sunu mbëggeel ci Moom dafa war a àgg fu, dootunu luubal sunu alalu moroom. Waaye nu koy dimbali sax ci ñoŋal ko. Yàlla bëggul kenn loru. Li Mu bëgg ci ay gaayam, mooy ku nekk weg moroomam, sàmmle ko lépp lu mu moom. Te it, kenn ku nekk daani dooleem, doyloo li Mu ko baaxe. Moo tax Mbind mi sant taalibe Yeesu yi ne:

"*Ku daan sàcc, na ko dëddu te jublu ci liggéey lu baax ci ay loxoom, ngir mu mën a dimbali ñi néew doole.*" **(Ef 4:28**)

Tey jii nag xarit yi nuy déglu, danu fas yéene tàbbi ci juróom-ñeenteelu ndigal li. Muy fi Yàlla wax naan: "***Bul seede lu dul dëgg ci sa moroom!***" **(Ex 20:16**) Seede, mooy su mbir xewee, nga nettali la nga ca gis mbaa la nga ca dégg. Naka seede lu dul dëgg nag moom, mënees na ko dëppaleek **ay fen!** Ki koy def, moom soxlawul sax dara di xew. Mën na xalaat mbir, sos ko, waxal kenn lu dul dëgg ngir rekk kooka loru ca.

Naka ñiy seede lu dul dëgg, Yoonu àttekati àddina teg na leen ndaan gu ko jar. Waaye Kàddug Yàlla moo jëkk a xamle ne:

"*Kiy seede lu dul dëgg deesu ko ñàkk a daan. Te moom kiy wax ay fen dina sànku.*" **(Pr 19:9**)

Yàlla dafay dànkaafu mbindeefam yi, ñu moytu jëf ju ñaawe ni, <u>seede lu dul dëgg ci seeni moroom</u> ndaxte li muy jural nit mooy sànku. Kon juróom-ñeenteelu ndigal lii, dafay tekki ne danu war a ragal Yàlla te bëgg ko, ba nga xam ne dunu naaféq ci lenn di fenal sunu moroom. Dunu ko wor, dunu ko jëw mbaa nuy yàq deram. Waaye danu koy baal, di ko waxal lu baax. Di fexe ba lépp lu nu koy waxal mu nekk ngëneel ci moom te lépp ëmbu ci dëgg gi Yàlla bëgg.

Noonu mën nanu gis ne ndigal lii, dafay fésal ñaari fànna ci melokaanu Yàlla:

Bi ci jëkk, moo di Yàlla, Aji dëgg la. Fen jegewu ko fenn! Li Mbind mi wax moo di: "[Seytaane mooy] *fenkat* [bi], *te ci moom la fen soqikoo!*" **(Yow 8:44**) Naka noonu, képp kuy fen, dëppoo na ak jikkoy Seytaane. Moom moo fenoon sunuy maam Aadama ak Awa ca toolu Àjjana ba ñu daanu ci bàkkaar. Te bàkkaar booboo nu tax a nekk tey jii, ci jafe-jafe yi ngeen gis yépp. Seytaane nag soppikuwul, ba tey mu ngiy nax nit ñi, bañ rekk ñu jàppe **fen** ni ko Yàlla jàppe. Looloo waral nit di fen ngir sàng sutura moroomam. Fen ndax kersa ak ñoom seen. Ñu naan sax: **Fen wuy defar mbokk, du fen.** Waaye bu ñu gëmee loolu ba di ko jëfe, nanu xam ne nu ngiy doxal tëralinu nit, bàyyi bu Yàlla miy Aji dëgg te di xaar dëgg ci nun, ci lépp. Yàlla wax na bu leer ne: **Bul Fen!** Te déggal Yàlla, moo gën déggal nit! **(Jëf 5:29**) Ndaxte nit lu mu la mere mere, du mën ci yaw dara te fekk Yàlla àndu ca. Bu nit ki demoon sax ba mën a faat sa bakkan, fa lay yem. Moo tax Mbind mi ne:

"*...Buleen ragal ñu mën a rey yaram, te mënuñoo rey ruu, waaye ragalleen* [Yàlla,] *Ki mën a sànk yaram ak ruu ca safara.*" **(Mc 10:28**)

Ci dëgg-dëgg, **fen wuy defar mbokk, su dul fen ci nit ñi itam, fen la fa kanamu Yàlla.** Ndaxte Yàlla Aji dëgg la te lépp luy samandaay aw fen mënu cee ànd. Loolu dafa war a leer! Seede lu dul dëgg ci sa moroom,

**fen la!** Su nu ko defee ngir sàng sutura nit sax walla ngir wut a neex nit mbaa lu ni mel, lu bon la. Te Mbind mi ne na: ‟*...Fenkat yépp, seen añ moo di déegu safara.*” **(Pe 21:8**) Yàlla mënul a dëkkandook **benn** bàkkaar sax. Te fen, ak nu mu mën a tollu, ak lu ko mën a sabab, bàkkaar la fa kanam Yàlla! Kon fànna bi jëkk, bi ndigalu tey liy fésal ci melokaanu Yàlla moo doon: **Yàlla Aji dëgg la te mënul a tebbi ay waxam! (Tit 1:2 Yt 6:18**) Moo tax Kàddoom ne:

‟*...Bàyyileen di fen, tey wax dëgg kenn ku nekk ci moroomam. ...*” **(Ef 4:25**)

Ñaareelu fànna bi ndigal lii di fésal ci melokaanu Yàlla moo di, **Yàlla bëggul njubadi.** Yàlla dafa jub te mënul a teg ay bëtam ci njubadi. Te li wér mooy, Yàlla dina àtte nit ñi ci seen njubadi. Mu gaaw walla mu yéex. Mbind maa ngi koy wax sax naan:

‟*Merum Yàllaa ngi feeñe asamaan, wàcc ci nit ñi, ndax ...seen njubadi gépp, ñoom ñi suul dëgg gi, di topp lu jubadi. Seen xol fees na ak njubadi, ... njublaŋ ak ... yàq der ...*” ‟*Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex-yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar.*” **(Ro 1:18,29,30 1Pi 3:9**)

Li ko dale ca njàlbéen ga la Yàlla tàmbalee feeñal njubteem. Waaye nit ñi dëkk ci wone ne, dox ci njubadee leen gënal topp njubteg Yàlla. Waaye Yàlla noppiwul di feeñal ñàkk a àndam ci doxalinu nit ñi. Wone na ay yooni yooni ne ku jub la te dina àtte gépp njubadi. Loolu lépp, ngir nit ñi dëpp, aw ci yoonu xéewal ak muj gu rafet gi mu leen xàllal.

Ci dëgg, Yàlla bëggul bàkkaar, te dafa koy àtte. Waaye terewul mu bëgg nit ba tax, ci mujug jamono, Yàlla yónni Almasi bi Yeesu, ku jub ki, ngir Yàlla àtte ko ci palaasu nit ñépp. Mbind mi wax na ci mbirum Yeesu mu sell mi ne:

‟[Yeesu Kirist] *mësul a def bàkkaar, te jenn waxu njublaŋ mësul a génn ci gémmiñam. Saaga nañu ko te feyyuwul, fitnaal nañu ko te tëkkuwul, waaye mu dénk boppam Ki yor àtte bu dëggu bi. Gàddu na moom ci boppam sunuy bàkkaar ca bant, ba ñu ko daajoon; ngir nu tàggook bàkkaar, sóobu ci dund gu jub; ndax ay gaañu-gaañoom may na nu ag wér. Ndaxte yeen a ngi réeroon niy xar, waaye léegi dellusi ngeen ci sàmm, biy aar seeni xol.*” **(1Pi 2:22-25**)

Noonu, képp ku gëm Yeesu Almasi bi, Yàlla baal la say bàkkaar ci turam, àtte la ni ku jub. Bi Yàlla indee pexe moomook léegi mat na ñaari junniy at. Am na ñu ko nangu ak woyof ci àddina sépp. Waaye ba tey, li ëpp ci nit ñi bëgguñu ko nangu ndax seenug réy. Moona meneen pexem rëcc ci mbugalu bàkkaar ak njubadi amul. Artub Yàlla nag moom amul benn sikki sàkka. Mu ne:

‟*...Ñi dëgër bopp, ba tanqamlu dëgg gi, di topp lu jubadi, seen pey mooy dooni merum Yàlla ak toroxte.*” **(Ro 2:8**)

Kon képp ku tànn bañ a aw ci pexe mi Yàlla tëral, yaa tànnal sa bopp yoonu safara. Tee boog nuy wax dëgg, di seedeel dëgg sunu moroom ci anam bu mu mën a doon, ak lu nu ca mën a fekk. Ndaxte mooy li neex Yàlla Aji jub ji.

Waaye nag, nanu bàyyi xel ci ne, loolu du mën a am ci kenn ci kaw kàttanu boppam. Boo jéemee, su doxee tey it, ëllëg du dox. Ndaxte nit dafa ñàkk doole ngir taxaw temm ci **geñoo dëgg** te **sàngoo njub** fu mu tollu. Li ko waral xam ngeen ko, moo di bàkkaar bi dëkk ci doomu Aadama. Moo tax Boroom bi Yeesu ne: ‟*Seen xol jag na waaye seen bind a woyof.*” **(Mc 26:41**) Mën nga nekk ku baax ci bëti nit ñi, di yéene lu baax waaye du tax nga mën koy def foo tollu. Seytaane mooy jaare ci dooley bàkkaar bi nu donne ci maam Aadama di nasaxal say mébét. Wànte sama xarit, Yàlla bàyyiwunu nu toskare nde kon dootul nekk Aji yërmande. Moo tax Mu fàggul nu pexe mu nu mën a rawe ci pexey Seytaane, yi nga xam ne fen ci la bokk. Pexe mi am kepp te Yàlla fàggul nu ko, moo di deretu Yeesu Kirist ja mu tuuru woon ba mu deewee ca bant ba.

Fàttalikul li Mbind mi wax ne: "*Peyug bàkkaar mooy dee*" [te] "*...Bu deret tuuruwul mbaalug bàkkaar du am.*" **(Ro 6:23 Yt 9:22**) Noonu Yeesu tuur na deretam, dee ndax sunuy fen ak sunuy bàkkaar yépp, ngir képp ku ko gëm, Yàlla baal la say bàkkaar. Loolu mooy xabaar bu baax, bi mu dige woon jaare ko ci gémmiñu yonent yi ko daan yëgle ay junniy junni at laata muy am. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

"[Yeesu] *Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar, ni ko Mbind mi tërale, suul nañu ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale.*" [te] "*Mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce.*" **(1Ko 15:3,4 Jëf 4:12**)

Kon nag, bu nit tawatee, ab fajkat bindal ko garab bi koy faj. Bu amee garab bi ba noppi teg ko ci taabalam di ko xool, ana lan la ko garab biy jariñ? Tus la ko dul jariñ! Liy tax garab bi mën ko jariñ daal, mooy mu jëfandikoo ko. Naka noonu itam, feebar bi yées ci nit, moo di bàkkaar ndax safara la ko jëme ci lu wóor. Waaye garab bi nit soxla ngir bañ a taseek mbugalu bàkkaar, moo di Yeesu Kirist mi nu deewal ca bant ba. Ci saraxu Yeesu Almasi bi la Yàlla jaare, wone bu leer ne, ku jub la te baax – ndaxte dafa mbugal sunu bàkkaar, waaye mu baal nu nun bàkkaarkat yi, te ba tey dëkk ci njubteem. Yeesooy Ki amal misaalu saraxi mala, yi Yàlla santaane woon ca jamono yu jëkk ya. Moom kepp la

"*Yonent yépp seedeel ... ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.*". **(Jëf 10:43**)

Yeesu Almasi bi rekk moo la mën a def ku wér ci say wax ak ci say mébét. Maanaam nga nekk nit ku dundam di meññ jëf yu baax yi Yàlla naw. Moo tax Yeesu mënoon a wax naan:

"*Ñëwleen ci man, yeen ñépp ..., dinaa leen may noflaay. Jébbaluleen ci man te jàng ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol. ... Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund. ... Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.*" **(Mc 11:28-30 Yow 5:24 Ef 2:8,9**)

Kon yaw miy déglu te am jafe-jafe ak bépp xeetu fen, boo ci bëggee génn, jëkkal a gëm Yeesu. Lu ko moy, dangay sonal sa bopp ci jéem ak a jéemaat waaye dara du sotti. Pexe mi, ngir génn ci këpptalu Seytaane bii di **fen**, moo di nga jébbal sa dund Yeesu. Bu la soxalee, nanga jëkk a xam ne:

- Yàlla Aji Dëgg la, te mënul dëkkandook fen! Dafa sell ba ay gëtam mënuñu tegu ci dara lu sellul. Moo tax muy sàkku sellaay gu mat sëkk ci bépp nit.
- Nga xam itam te nangu ne, nit ku mu mën a doon, fenkat la, bàkkaarkat la. Ba tax na, amul jenn jëf juy jóge ci nit ju ko mën a musal ci safara.
- Waaye Yàlla sàkk na pexe mu ko nit mën a jegee. Mooy pexem deewu Yeesu Kirist mi "mësul a def bàkkaar, te jenn waxu njublaŋ mësul a génn ci gémmiñam." Moom tuur deretam ca bant ba ngir feyal la sa mbugalug bàkkaar.
- Noonu, soo nangoo sa melow bàkkaarkat fa kanam Yàlla, te nga gëm ne Yeesu dee na te dekki ngir feyal la sa boru bàkkaar bi la jëme woon safara, Yàlla dina la baal say bàkkaar te ràng la njubteg Kirist. Naka noonu, dinga nekk mbindeef mu bees, te Yàlla dina soppi sa xol, may la doole ngir nga bañ di wax lu dul dëgg, tey wax lu dëggu, lu jub ak lu sell.

Ci loolu nag, Mbind mu Sell mi ne na: "*Xebaar bi nu dégg ci Yeesu Kirist, di leen ko yégal, mooy lii: Yàlla Aji Leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom. Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf. Waaye bu nuy dox ci leer gi, ni mu nekke moom ci boppam ci leer gi, kon bokk nanu ci sunu biir, te deretu Yeesu Doomam dina nu sellal ci bépp bàkkaar. Su nu waxee ne amunu bàkkaar, kon nax nanu sunu bopp, te dëgg nekkul ci nun. Su nu nangoo sunuy bàkkaar ci kanamam, fekk kuy sàmm kóllëre la te jub, ngir baal nu sunuy bàkkaar, te sellal nu ci lépp lu jubadi.*" **(1Yow 1:5-9**)

Kon xarit yi, fii lanu leen di tàggoo tey ba njàng miy ñëw ngir gëstoondook yeen ci fukkeelu ndigal li. Su

ngeen bëggee ay leeral ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen bàyyi xel ci li Mbind mi wax ne: "***Buleen dundeeti ni xeeti àddina yi, ci seeni xalaati neen ak seen xel mu lëndëm...Bàyyileen di fen, tey wax dëgg kenn ku nekk ci moroomam...***" **(Ef 4:17,18,25)**

# 138 Bul xemmem sa alalu moroom

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral te mucc ba fàww ci mbugalu bàkkaar. Sunu mbégte réy na ci li nu leen mën a dégtalaat seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci njàng mi weesu nu ngi tollu woon ci juróom-ñeenteelu ndigal li. Mu jëmoon ci mbirum **seedeel sa moroom lu dul dëgg.** Gisoon nanu ne seede lu dul dëgg, ki koy def, soxlawul sax dara di xew. Mën naa xalaat mbir, sos ko ngir waxal moroomam lu dul dëgg, ngir rekk lor ko. Loolu nag gisoon nanu ne ciy **fen** la bokk. Te fen moom, way defar mbokk ak weneen a ca yem. Ci bëti Yàlla, fen la rekk te dees na àtte ka koy def. Mu dëppook ni ko yonent Yàlla Suleymaan binde naan:

"*Kiy seede lu dul dëgg, deesu ko ñàkk a daan. Te moom kiy wax ay fen dina sànku.*" **(Pr 19:9**)

Kon, su nu ne bëgg nanu Yàlla Aji dëgg ji, loolu dafa war a feeñ ci nun. Maanaam dootunu fenal sunu moroom. Dootunu ko wor, dootunu ko jëw mbaa di yàq deram. Waaye danu koy baal, fexe ba lépp lu nu koy waxal, mu nekk ngëneel ci moom te lépp ëmbu ci biir dëgg gi Yàlla bëgg.

Léegi nag, nanu jëm kanam ci fukki ndigal yi. Sunu njàngum tey, mu ngi jëm ci fukkeelu ndigal li. Fii la ñaareelu pàcc bi jëm ci diggante nit ak moroomu nitam jeexe. Pàcc bu jëkk bi, bu ngeen koy fàttaliku, moo ëmb ndigal yi jëm ci diggante Yàlla ak nit ñi. Te pàcc bu mujj bi nu nar a jeexal tey, moo ëmb ndigal yi jëm ci diggante nit ak moroomu nitam. Noonu, ci fukkeelu ndigal li, Yàlla da ciy wax naan: "***<u>Bul xemmem</u>*** *<u>sa kër moroom. Bul xemmem jabaram, walla jaamam bu góor mbaa bu jigéen, nagam walla mbaamam, mbaa dara lu mu moom</u>*." **(Ex 20:17**)

Laaj biy tàbbi ci sunuy xel, bu nu déggee aaya bii, mooy: lan moo di **xemmem**? Xemmem, mëneesu ko gis, ndaxte ci biir xol la nekk. Wànte Yàlla Moom gis na ko. Te xemmem dina feeñ ci kanamu nit, ndaxte day jur jëf yu ñaaw, mel ni bóom, sàcc ak njaaloo. Xemmem, moo di gis yëfi jaambur bëgg ko, ba di ca wut a jot. Loolu moo juroon bàkkaaru Daawuda ak Batséba jabaru Uri ja. Noonu, ndigal lii dafa nuy won bu leer ne, Yàlla xam na bu baax ni xolu nit dënge te soxor. Ci xol la xemmem ak bëgg-bëgg yu bon di bawoo. **(Jer 17:9 Mc 15:19**) Moo tax li ndigal lii di tekki mooy, danu war a bëgg Yàlla te ragal ko ba, dunu wut a jot ci ndonol jaambur walla këram ci njublaŋ walla sax, ci luy samandaay yoon fekk du yoon. Nit lees mën a nax, waaye du Yàlla. Kon sunu ngëm dafa nu war a may, nuy sàmmle nit ki alalam ba mu ñoŋ.

Waaye sunuy xol yu dëng a tax nuy xemmem jabaru jaambur. Di teg sunuy bët ci li mu am: këram walla jeneen alal ju mu mën a doon. Su fekkee sax nit ñaa ngi koy sofental, fa kanam Yàlla xemmem bàkkaar la! Yàlla dafa bëgg nit doylu. Mu dëppoo ak li mu wax ci Mbind mi ne, "*indaalewunu fi dara, te dunu yóbbaale dara*". **(1Tim 6:7**) Bu ñépp xamoon loolu te gëm ko, di ko jëfe, dinañu noppalu. Waaye ndeysaan, Seytaane dafay jëfandikoo pexe mii di **xemmem** ngir nax doom Aadama yi, di leen noot. Kàddug Yàlla ne na Seytaane mooy baayu fenkat yi. **(Yow 8:44**) Ba sunu jonni Yàlla tey jii, Seytaane jógul ci fenam yooyu. Mu ngiy jaxase àddina ak i fenam. Ba tax ñu bar di wéy ci waawam. **(1Yow 5:19**)

Ni Ibliis **xemmemloo** woon Aadama ak Awa ba ñu teg seeni bët ci lu ñu leen aaye woon; ñu bëgg ko, fexe ba jël ko, **(Ge 3:5-6**) noonu la ko Seytaane doon jéeme ak Boroom bi Yeesu. **(Mc 4:8,9**) ...Ndaxte ba Seytaane yóbboo Yeesu ba ci kaw tund wu kawe wa, won ko ndami réewi àddina yépp, dafa ne ko woon: "Lii lépp dinaa la ko may, boo sukkee màggal ma." Booba ma ngay fexee daaneel Yeesu ci **xemmem**. Waaye àntuwul! Pexey Seytaane nag soppikuñu! Ba tey noonu lay def ngir fexee daaneel cig fiir doom Aadama yi. Moo tax Kàddug Yàlla di nu artu naan:

"*Buleen sopp àddina si ak li ci biiram. Ku sopp àddina, mbëggeelu [Yàlla] nekkul ci moom. Ndaxte lépp lu nekk ci àddina, maanaam bëgg-bëggu yaram,* ***<u>xemmemu bët</u>*** *ak réyug àddina, loolu du jóge ci [Yàlla] waaye*

*ci àddina. Te àddina si* ***day wéy****, waaye kuy def coobareg Yàlla* ***dinga sax ba fàww.***" **(1Yow 2:15-17**)

Kon benn ci ñetti fiir yi Seytaane sopp di naxe nit ñi, mooy **xemmemu bët.** Ci lay aw ngir xiir nit ki muy sàkkoo am lépp lu ay gëtam tegu. Buy yëfi jaambur sax, mu bëgg caa jot. Bu la lu ni mel dalee nag, li nga war a bàyyi xel moo di, Seytaane lu mu la jox, dina la laaj lu ko ëpp fuuf! Du maye cig neen. Kon nanu moytu te xam ne **xemmem** pexe la mu Seytaane di jëfandikoo, ngir féewale nit ak Yàlla mi ne,**<u>Bul xemmem</u>** sa daray moroom, dara! **(Ex 20:17**)

Xarit yi, li waral Yàlla aaye **xemmem** mooy, day sabab ñaawteef yu bare yu deme ni: fen, càcc, njaaloo, bóom a.ñ.s.... Te loolu lépp a ngi sababoo ci topp sa nafsu, bëgg àddina. Moo waral Yàlla di nu artu nu bañ a sopp àddina ak li ci biiram. Bu ko defee Seytaane du am fu mu nu noote moom ak bëgg-bëgg yu bon yi muy fexee sol ci xol yi. Ndaxte Kàddug Yàlla kat dafa ne:

"*...bu bëgg-bëgg ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bu bàkkaar màggee, jur dee.*" **(Sa 1:15**)

Ba bëgg-bëggu Aadama ëmbee, lan la wasinoon? Bàkkaar la wasinoon! Te bàkkaar ba daldi jur dee! Yàlla Aji Sell ji nag Moom, dina àtte doom Aadama yépp ak bépp bàkkaar, ni mu àttee woon Aadama ba mu ko naan, gannaaw lekk nga ci garab gi ma la tere, dinaa rëbb suuf si ndax yaw. Coono ak metit ngay dëkke ci àddina. Ci saw ñaq ngay jële sab dund ba keroog ngay dee ndax pënd nga, te dinga dellu nekk pënd. **(Ge 3:17-19**) Céy bàkkaar! Coono, naqar ak **dee,** rekk lay jur. Ndaxte peyug bàkkaar a di dee!

Kon yaw mi **xemmem** jiital ba tax nga dëkk ci bàkkaar, na la wóor ne Yàlla du wax di wacc. Bés, àtteb Yàlla dina wàcc sa kaw soo wëlbatikuwul ci moom te nangu ci kaw ngëm yoonu mucc wi Mu tëral! Ba Aadama bàkkaaree, Yàlla dafa ko wuti woon ndax bëgg mu tuub bàkkaaram. Yaw itam, Yàlla ubbil na la buntu mucc ba tax Mbind mi ne:

"*Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xabaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp! ...Ndaxte yiwu Yàlla feeñ na, te ubbil na ñépp buntu mucc!*" **(Lu 2:10 Tit 2:11**)

Naka buntu mucc bi Yàlla ubbil nit ñépp mooy saraxu deretu Musalkat bi Yeesu jaare ko ci deewam ca bant ba, ak ndekkiteem ca bàmmeel ba, ngir képp ku ko gëm rëcc ba fàww ci mbugalu bàkkaar.

Dëgg la, benn bu nekk ci fukki ndigali Yàlla yi, am na solo. Waaye li ñu war a bàyyi xel mooy sàmm ndigal yi nag, taxul kenn mucc. Loolu fàww mu leer! **Jéem a sàmm fukki ndigal yi mënul a tax kenn mucc!** Ndaxte amul kenn ku leen mën a matal lépp. Te boo góor-góorloo sax ba sàmm leen waaye nga mës cee xëtt benn kepp, ci anam bu mu mën a doon, wàcc nga yoon wépp ni ko Mbind mi waxe bi mu naan:

"*...Ku sàmm yoon wépp, waaye* [nga] *xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp. Ndaxte Yàlla mi ne: Bul njaaloo; teg na ca ne: Bul rey nit. Ku njaaloowul nag, waaye nga rey nit, jàdd nga yoon wépp. Kon nag lu nu war a wax? Ndax bàkkaar ci yoonu Musaa la jóge? Mukk! Waaye moo ma xamal luy bàkkaar. Ndaxte su ma yoon wi waxul woon: Bul bëgg yëfi jaambur; kon duma xam luy xemmem.*" **(Sa 2:10,11 Ro 7:7**)

Ci lu wér, kenn ci nun mënul a wax ne, «Mësuma xemmem!» Walla «bés bu nekk ma matal fukki ndigal yi!» Amul kenn ku ko mënu a wax! Du kenn sax! Ak nu sa màqaama mën a tollu, bés bu nekk nga wax, xool, def walla sax nga xalaat loo xam ne doy na ngir xàjjalikook Yàlla ba fàww ca safara. Soo mësul a xemmem alalu kenn it, mës ngaa xërëm, sàcc, fen, xalaat lu jaaduwul, mbaa yu ni mel. Te nanu fàttaliku ne, benn bàkkaar kese la Aadama ak Awa defoon ca tool ba, te Yàlla dàqoon na leen. Kon nun itam benn bàkkaar rekk ci sunu dund, doy na ci Yàlla ngir nu tàqalikoo ba fàww ak Moom Aji Sell ji! Lu matul, mënul a ànd ak lu mat. Yàlla ku mat sëkk la! Looloo tax newul woon ñoom Aadama, bàkkaar bii bu ndaw la walla bu yem la. Naa xaar ba ñu def bàkkaar bu gën a réy. Déedéet! Benn bàkkaar ba ñu jëkk a def, ci la leen Yàlla dàqe jetaayam bu sell ba. 'Kéwél nag du tëb, doom ja bëtt.' Ni maam Aadama, amul menn mbindeef mu mën a sàmm fukki ndigal yépp ba matal njubte gi Yàlla bëgg!

Waaw, kon ana lan mooy njariñu fukki ndigal yi? Seen njariñ mooy: dañu may won rekk ne mënuma musal sama bopp, rax-ci-dolli di ma tegtal Ki ma mën a musal! Kooku moo di kenn kepp ki matal yoonu Musaa wépp te jàddu ci lenn. Mooy Yeesu Kirist! Looloo tax Mbind mi ne: "*...Ci Kirist la yoonu Musaa dëppe, ba tax ku ko gëm, dinga jub fa kanam Yàlla.*" **(Ro 10:4**) Kon yoonu Musaa wi danu ko war a jàppe rekk nib **gindikat**, buy wone yoon wi. **(Gal 3:24**) Yoon wi muy joxoñ, mooy Yeesu Kirist. Moom Yeesu ci boppam wax na ko bi mu naan: "*Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci* [Yàlla] *te jaarul ci man.*" **(Yow 14:6**) Kon képp ku gëm ne Yeesu mooy yoon wi, Yàlla dina la àtte ni ku jub. Te bu boobaa, dina mel ni matal nga fukki ndigal yépp.

Nanu déglu li ci Mbind mi wax. Mu ne:

"*Xam nanu nag ne, lépp lu yoonu Musaa wax, wax na ko ñi nekk ci yoon woowu, ngir gémmiñ yépp ne miig, te waa àddina sépp jaar ci àtteb Yàlla. Ndaxte sàmm yoon wi taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; solob ndigal yi daal mooy wone bàkkaar.*

*Waaye **léegi nag Yàlla feeñal na, ni nit mën a jube ci kanamam**, ci lu séqul ak yoonu Musaa dara. Waaye ba tey yoonu Musaa ak waxi yonent yi seedeel nañu ko. **Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci.** Ndaxte ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. Waaye gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamonoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamono jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem.*" **(Ro 3:19-26**)

Kon, sàmm yoon taxul kenn mucc ci safara. Naka noonu it, bañ a xemmem sa alalu moroom, taxul nga jub fa kanam Yàlla. Boo bëggee jub fa kanam Yàlla daal, fàww nga wékk sa yaakaar ci benn Musalkat bi Yàlla joxe. Noonu, dinga mucc ci mbugalu safara abadan. Pexem Seytaane mooy tàbbal la safara. Waaye pexem Yàlla ci yaw, wuute na. Yàlla joxe na pexe mi nga mën a mucce ci safara ba noppi. Jaratul nga koy wëri fenn. Pexem mucc mi Yàlla joxe mooy Yeesu Kirist mi dee te dekki ngir Yàlla mën nu àtte ni ñu jub. Yàlla moom def na wàllam. Léegi, yaa ci des! Yaw yaa war a jël say matukaay. Maanaam, fàww nga **gëm** xabaaru Almasi bi Yeesu. Soo ko gëmee, Yàlla dina la baal ci turam, may la bés bu nekk kàttanu raw ci pexem Seytaane mi di **xemmem.**

Kon mbokki déglukat yi, fii lanuy yem ak yeen tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi te di leen fàttali ne su ngeen amee ay laaj, mën ngeen nu bind ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis. Walla boog, ngeen bind nu ci sunu adarees electronik, maanaam:**yoonunjub@sentoo.sn** *YOONU NJUB* nag, nii lañu ko binde: Y-O-O-N-U-N-J-U-B at sentoo.sn

Na leen Yàlla barkeel te nag, ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mu sell mi naan: "***Yàlla du àtte kenn ni ku jub ci kaw sàmm yoon, waaye ci gëm Yeesu Kirist. Kon nun itam gëm nanu Kirist Yeesu, ngir Yàlla àtte nu jub ci kaw gëm Kirist, te du ci sàmm yoon.***" **(Gal 2:16**)

# 139  Tënkub fukki Ndigal yi

Mbokki déglukat yi, nu ngi dellu di leen nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp dégg te nangu yoonu njub wi mu tëral, ngir am jàmm ju wér ak Moom ba fàww. Am nanu mbég ci li nu mën a dellusi di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB*.

Ci njàng mi weesu, nu ngi tollu woon ci fukkeelu ndigal li di: "***Bul xemmem**sa kër moroom. Bul xemmem jabaram, walla jaamam bu góor mbaa bu jigéen, nagam walla mbaamam, mbaa dara lu mu moom*." **(Ex 20:17**) Muy ndigal lu am solo luy biral ne njub gi Yàlla bëgg, doom Aadama mënu ci àggale boppam. Moo waral xeetu xemmem gu nekk am. Muy ci jamono jii, di ca ya jiitu. Xemmem, ni nu ko gise woon, moo di gis yëfi jaambur bëgg ko ba di ca wut a jot. Waaye fukkeelu ndigal li doon nu tegtal ne danu war a bëgg Yàlla te ragal ko ba, dunu wut a jot ci lennu kenn ci luy samandaay yoon fekk du yoon.

Kon xarit yi, tey jii la sunuy njàng ci fukki ndigal yi di jeex. Noonu ci njàngum tey mi dinanu fexee def ab tënk, faramfàncewaale ci solob fukki ndigal yi. Xam ngeen ne waxoon nanu fi ne, fukki ndigal yi ñaari xaaj la. Xaaj bu jëkk, bi di ay santaane yu jëm ci diggante nit ak Boroomam. Ak ñaareelu xaaj bi jëm ci nit ak moroomu nitam. Mu dëppoo ak ni Yeesu ci boppam tënke woon fukki ndigal yi bi muy wax ci Linjiil naan:

"***Nanga bëgg**<u>Yàlla sa Boroom</u> ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, ak sa xel mépp. [te] ...**Nanga bëgg** <u>sa moroom</u>, ni nga bëgge sa bopp.*" **(Mc 22:37,39**)

Waaye nag, dégg tënk bu gàtt bile, bu mu tax nga foog ne noonu la yombe! **Bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp.** Ak **bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp,** lu jafe la! Moona mën na nekk nag. Ni mu mën a ame ci nit mooy nga nangu yoonu mucc wi, te nga jébbal Yàlla sa dund gépp, Mu koy jiite ci bépp fànna. Noonu du am sax as roq sooy yilifal bopp. Bu ko defee, dina dem ba sa dund mel ni sarax su ñuy defal Yàlla, sarax su sell, te neex ko. Soo wékkoo nag ci sa kàttanu bopp walla ci kàttanu nit ni yaw, li wér mooy doo dem mukk ba bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp! Ngir loolu am moom, fàww nga aw ci benn Rammukat bi am kepp di Almasi bi Yeesu. Moom ne na:

"*Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci [Yàlla] Baay bi te jaarul ci man.* [Te it,] *Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm, ...am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund. Yeen a ngi gëstu Mbind yi, ndaxte dangeen cee yaakaar dund gu dul jeex. Mbind yooyu nag far, ci sama mbir lañuy wax.*" **(Yow 14:6 5:24,39**)

**Nanga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.** Daanaka ñépp ànd nañu ci ne, kenn bañul boppam. Li Mbind mi santaane nag mooy, ni nga bëgge sa bopp, nga bëgge ko sa moroom. Waaye nit ñi, seen xalaatin ak bu Yàlla dafa wuute ba mel ni Yàllaak yaali. **(Isa 55:8,9**) Ci bëti Yàlla, amul wuute-wuute ci nit ñi Mu sàkk. Ñépp ay moroom lañu ci bëti Yàlla. Waaye la ko dale ca Kayin ma reyoon Abel rakkam, la nit ñi tàmbali di def, ku mën sa moroom duma. Ku ëpp sa moroom doole walla xam-xam di ko fexee noot mbaa nga di ko def surga. Yàlla nag moom, du gënale kenn ak moroomam. Ñi yëkkati seen bopp ba teguñu ñenn ñi seen moroom, nañu xam ne, ku ñu mën a doon, ñoom ak ñi ñuy xeeb, ñoo bokk fa ñu jëm...

Dafa am bés Yeesu di jàngale cib bérëb. Noonu benn njiit ci diine laaj ko, kan mooy moroomam mi mu war a bëgg ni boppam. Déglul ni ko Yeesu tontoo. Mu ne ko:

"*Dafa amoon nit ku jóge woon Yerusalem, jëm Yeriko. Ay sàcc dogale ko, futti ko, dóor ko ba muy bëgg a dee, dem bàyyi ko fa.*

*- Faf <u>ab sëriñ</u> jaar ca yoon wa, séen nit ka, <u>teggi</u>.*
*-<u>Benn waay it, bu soqikoo ci giiru saraxalekat ya</u>, aw ca bérëb booba, séen waa ja, <u>teggi</u>.*
*- Waaye <u>benn waay **bu dëkk Samari**</u> bu doon tukki, ñëw ba jege waa ja,<u>**gis ko, yërëm ko**</u>. Noonu mu ñëw, diw*

*ko diwlin ak [alkol] ngir faj gaañu-gaañu ya, bandaas ko. Gannaaw loolu mu teg ko ci mbaamam, yóbbu ko cib fanaanukaay, di ko topptoo. Bi bët setee, mu génne ... xaalis, jox ko boroom kër ga, ne ko: Nanga toppatoo nit kooku. Bés bu ma fi jaaratee, dinaa la fey lépp loo ci dolli ci xaalis.*

*Yeesu daldi ko ne: Kan ci ñett ñooñu moo jëfe ni kuy jëf jëme ci moroomam, ba ñu gisee nit ka sàcc ya lottaloon? Njiitu diine ba tontu ne: Xanaa ki ko won yërmande. Yeesu ne ko: Demal tey def ni moom.*” **(Lu 10:30-37**)

Kon, nu gis ci loolu ne, sama moroom mi ma war a bëgg ni ma bëgge sama bopp mooy képp ku Yàlla sàkk. Fu nit ki mën a bawoo ak fu mu mën a bokk, ak lu mu ñàkk ñàkk solo ci bëti nit ñi, sama moroom la. Yàlla du gënale kenn ak moroomam ndax juddu walla dayo. Nanu bàyyi xel ci aaya bii nekk ci Mbind mi te naan:

‟*Su kenn nee, bëgg naa Yàlla, te bëgguloo sa mbokk, dangay fen; ndaxte ku bëggul sa mbokk mi ngay gis, doo mën a bëgg Yàlla mi nga gisul.*” **(1Yow 4:20**)

Lii lépp mbokki déglukat yi, dafay firndeel ne, ci dëgg, tënk fukki ndigal yi ba ñu doon ñaar doŋŋ sax, taxul ñu yomb a sàmm. Nit mënul a matal fukki ndigal yi ci kàttanu boppam. Ndegam nag kenn du mën a matal fukki ndigal yi, te Yàlla ci boppam xamoon na ko, li wér kon moo di laaj bii daj na xel yépp. Maanaam,**<u>lan mooy solo fukki ndigal yi?</u>** Tontu ci laaj bii dafay laaj nu jëkk a fàttaliku ne, lépp lu Yàlla def, dafa fekk mu dëppook sellaayam bu mat. Nun ñépp ànd nanu ci ne, Yàlla ku sell la te mënul a dékku lu selladi. Mënul a nangu lenn lu matadi. Waaye xam ngeen it ne, nit dafa matadi ba tax mënul a àggale boppam ci sellaay bi Yàlla bëgg. Mbind mi ne na: ‟*Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla!*” **(Ro 3:23**) Te benn bàkkaar rekk doy na ngir sorele nook Yàlla ba fàww.

Loolu cëslaay bu wér la am. Ndaxte, ñaata bàkkaar la Aadama defoon ngir Yàlla dàq ko toolu Àjjana? Yàlla nekkul woon di xaar mu def fukkeelu bàkkaaram de! Bàkkaar bi Aadama jëkk a def, ci la ko Yàlla génne! Ndaxte Yàlla dafa sell ba mënul a dëkk ak bàkkaar. Mënul a dékku benn bàkkaar sax. Xarit yi nuy déglu, Yàlla soppikuwul! Ba tey jii, benn bàkkaar rekk doy na ci tàbbal safara doom Aadama bu mu mën a doon, bu tuubul te gëm pexe mucc mi am kepp, di Yeesu, Rammukat bi. Bu nu foog ne noo gën a laabiir Yàlla. Ku sellul ni ko Yàlla bëgge dinga taseek mbugalam. Boo sàmmee yoon wépp waaye nga xëtt ci <u>benn ndigal kepp,</u> xamal ne jalgati nga yi ci des yépp!” **(Sa 2:10**) Te ana kan moo mën a wax ne, mësul a jalgati lenn lu Yàlla wax? Amul! Du kenn sax! Moona Kàddug Yàlla ne na: ‟*Képp ku dul topp lépp lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na alku!*” **(Gal 3:10**)

Kon yaw mi doon laajte naan: **Lan mooy solob fukki ndigal yi?** Seen solo bare na. Ci misaal, nekk nañu ndigal yoy, bu ñu leen di jëfe, dinañu dimbali ak a yemale askan wi ba jikko yi defaru. Wànte li gën a am solo ci fukki ndigal yi, moo di won nit ñi ne ay bàkkaarkat lañu. Woon leen ne mënuñu àggale seen bopp ci mat gi Yàlla bëgg. Moo tax Kàddug Yàlla naan: ‟...***Solob ndigal yi daal mooy <u>wone</u> bàkkaar!***” **(Ro 3:20**) Ndax dégg nga li Yàlla wax? Mu ne, solob ndigal yi, du ngir setal, sellal walla jubal nit ki. Waaye <u>solo ndigal yi mooy **wone** bàkkaar</u>. Yàlla wàccewul ndigal yi ngir musal nu ci àtteem bi dul jaas. Dafa leen joxe ngir won nu ne, ay bàkkaarkat yu soxla ab Musalkat lanu!

Léegi kon, li gën a jamp ci nit ñi, mooy ñu ràññee Musalkat bi ñu soxla ngir Mu àggale leen ci mat gi Yàlla bëgg ci ñoom! Mbind mu Sell maa ngiy joxoñ tey feeñal kenn kepp ki mën a xettali nit ci jafe-jafeem bii di bàkkaar. Kooku moo di Almasi bi Yeesu. Moom mi nga xam ne, doom Aadama yi jaral nañu ko Mu dee ni sarax ngir ñoom. Moo leen tuural deretam ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk. Rammukat boobu la Kàddug Yàlla naan:

‟*Yonent yépp seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam. ...*” **(Jëf 10:43**) Moo tax yonent Yàlla Yaxya séen Yeesu bés, joxoñ ko naan: ‟*Kii mooy mbotem Yàlla mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru [waa] àddina.*” **(Yow 1:29**) Mbind mi ne na tamit: ‟*Mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce.*” **(Jëf 4:12**)

Kon yaw miy teewlu, xamal ne boo gëmee Yeesu Musalkat bi, dinga mucc te Yàlla dina la jàppe ni ku jub. Yeesu mën na loolu ndaxte joxe na bakkanam ngir yaw. Naka saraxi mala yi Yàlla digle woon bu jëkk, Moom lañu doon misaal. *Tungune nag du teew ñuy nataalati.* Saraxi mala yi amatuñu njariñ gannaaw ki ñu doon liyaar ñëw na. Kon tey ci Moom lees war a wékk yaakaaru texe. Ndaxte Moom rekk moo di Ki sàmm ndigali Yàlla yépp. Yelloo woon na joxe bakkanam ni sarax suy dindi bàkkaar ndaxte Moom, amul woon benn bàkkaar. Naka noonu, ci kaw sarax bu mat sëkk, bi Rammukat bi joxe, Yàlla mën na la àtte ni ku jub. Ndaxte Moom mi amul bàkkaar, gàddul na la sa boru bàkkaar.

Kon mbokk mi, soo fàttee lépp li nu jàngoon ci fukki ndigal yi, rikk waay lii moom, na des ci sa xel:

Bu jëkk, nga jàpp ne, sàmm fukki ndigal yi mënul a tax kenn texe! Mbind mi wax na ko bi mu naan: "*Ñiy wékku ñépp ci jëfi yoon wi, ñu alku lañu ndaxte bind nañu ne: Képp ku dul topp lépp lu ndigali yoon wi santaane, Yàlla na alku.*" "*Ndaxte ku sàmm yoon wépp, waaye* [nga] *xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp!*" **(Gal 3:10 Sa 2:10**) Kon leer na ne, yaw ak man kenn mënu ci musal boppam.

Ñaareelu xalaat bi moo di, Yàlla rekk moo am pexem musal bàkkaarkat yi, du nit; ak màqaama mu nit ka mën a am! Noonu Yàlla saafara na jafe-jafe bi! Mooy li Mbind mi wax ne: "*Peyug bàkkaar moo di **dee**, waaye mayug Yàlla moo di dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom.*" **(Ro 6:23**)

Kon nag xamal ne léegi lépp ci yaw rekk la des. Yàlla moom def na lépp li ko waroon ngir musal la ci mbugalu bàkkaar ca safara su dul fey abadan. Kàddug Yàlla ne na: "*Yàlla du àtte kenn ni ku jub ci kaw sàmm yoon, waaye ci gëm Yeesu Kirist.*" **(Gal 2:16**) Noonu, soo gëmee li Yàlla seede ci mbirum Yeesu Musalkat bi, li nga doon ragal lépp dina ne mes! Te ci Yàlla, léegi dafay mel ni matal nga fukki ndigal yi. Ndaxte Yeesu defal na la ko. Kon doo jaar ci àtteb Yàlla biy ñëw.

Looloo tax Mbind mi ne: "*Léegi nag yoon mënul a dab ñi bokk ci Yeesu Kirist. Ndaxte kàttanu Xelum Yàlla, tukkee ci Kirist Yeesu, di may nit dund gu bees, goreel na ma ci nootaangeg bàkkaar ak dee. Lu yoonu Musaa* [maanaam fukki ndigal yi] *mënul woon a def, ndax néew dooley nit, Yàlla defe na ko nii: dafa yónni Doomam, ngir mu yor sunu jëmm, nun ñiy nekk ay bàkkaarkat, te mu jébbale bakkanam, ngir dindi bàkkaar yi. Noonu la Yàlla tase nguuru bàkkaar ci nit. Ba tax na léegi njub, gi yoonu Musaa di digle, am na ci nun, ñiy déggal Xelu Yàlla mi, te bañ a topp sunu nafsu.*" **(Ro 8:1-4**)

Kon mbokki déglukat yi, xalaat yooyu lanu leen di bàyyee. Xanaa di leen gërëmati ci seen takkute. Nu leen di fàttaliwaat rekk ne, su ngeen amee ay laaj ci li nu jàng tey, walla ci fukki ndigal yi nuy soog a jeexal, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* / B.P. 370 / Saint-Louis / *YOONU NJUB* / B.P. 370 / St-Louis.

Na leen Yàlla barkeel, te ngeen fàttaliku li Mbind miy wax naan: "***Sàmm [fukki ndigal yi] taxul kenn jub ci kanamu Yàlla; solob ndigal yi ...moo di wone bàkkaar***" **(Ro 3:20**)

# 140 Mbëggeel

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji Mbëggeel ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi mu tëral te di ko topp. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB* bi ngeen sopp.

Xarit yi, xam naa ñu bare ci yéen ànd nañu ci li ñu naan: **Bëti mbëggeel xoolatul melo.** Ci lu wér am na nit ñoo xam ne, am nañu mbëggeel ci seeni moroom. Ci misaal, fajkat yi nekk ci kureeli wallu, yiy dem ci tooli xare yi di taxawu ñi am ay gaañu-gaañu. Ñoom, balu fetal yeek kano yi ñuy soqi ñu di leen romb fu nekk, teewul ñuy def seen liggéey. Ana lu waral ñuy jaay seen bakkan ci tooli xare yi? Li ko waral mooy seen **mbëggeel** ci nit. Lu yéemee ngi noonu waay! Wànte am na genn mbëggeel gu gën a kéemaaneeti. Mooy mbëggeelu Yàlla ci waa àddina. Loolu sax moo nuy tàbbal ci sunu njàngum tey mi jëm ci **mbëggeel**.

Waaw, Mbind mi ne na, mbëggeel mooy jokkale lépp, ba mu mat. **(Kol 3:14**) Waaye ci jamono ju yàqu jii, boo tuddee baatu mbëggeel rekk, ñenn ñi seen xel dafay jëm ci mbir yu kenn rafetluwul. Nitu àddina moo mel noonu, Seytaane dafay ànd ak moom di fexee jalgati xalaati Yàlla. Waaye kenn mënul a fanq pexey Yàlla. Kon mbëggeel, ci ni ko Yàlla gise, mooy tax nga am yërmande ci nit ba defal ko lu mu yelloowul. Baal ko sax safaan bi mu yelloo. Noonu la nu Yàlla bëgge, yërëm nu ba baal nu. Mbind mi ne na:

"*Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk.*" **(Yow 3:16**)

Xarit yi, googu mbëggeel rekk mooy gi wér. Ndaxte booba, fekk na yelloowunu ko, defalunu Yàlla tus lu mu nuy bëgge nii. Yàlla rekk a mën lu ni mel.

Laata nuy wéy, xarit yi nuy déglu, nanu fàttaliku rekk ne, bu Mbind mu Sell mi waxee: "*Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp...*" loolu tekkiwul ne Yàlla dafa am soxna ba am ca doom. Mukk! Li tax Mbind mi tudde Yeesu Doomu Yàlla lii la: Dafa fekk ne, Yeesu ci boppam, mooy Kàddu Yàlla gi ñëw, doon nit, dëkk ci àddina. Ci kaw la Yeesu jóge, ci jetaayu Yàlla. Tur woowu, di Doom Yàlla ji, dafay rààñale Yeesu Almasi bi ak yeneen yonent yépp. Danuy wax ne doom mooy takkandeeru baayam. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku xam Yeesu ci dëgg-dëgg kon, xam nu Yàlla mel. Ndax bëgg nga xam Yàlla, am diggante bu neex ak moom ba fàww? Kon, na nga gëstu ci Boroom bi Yeesu, mi Yàlla tudde Doomam. Ndax bëgg nga xam mbëggeelu Yàlla mi weesu dayoo? Kon, na nga gëstu ci Yeesu, ndaxte Moom ñëw na ci àddina si ngir wone mbëggeelu Yàlla Aji Kawe ji.

1- Mbëggeelu Yàlla, mu ngi jëkkoon a feeñ ci li nu Yàlla def nu nekk mbindeef yi Mu gën a fonk. Ba Yàlla sàkkee nit ñi, sànniwu ko woon ci àddina su wow te naqari. Lu jiitu Yàlla di sàkk doom Aadama, dafa ko waajal lépp ba mu rafet lool te baax. Gannaaw gi, muy soog a sàkk nit may ko xel, xol, ak coobare. Mu may nit lépp li mu soxla: tool bu rafet, garab yu naat, lekk gu doy, xel mu dal, péex mu mucc ayib boole ci nag may ko soxna su jekk lool te yànj, muy wéttalam. Waaye ndax nit delloo na Yàlla njukkal ci loolu? Déedéet, dafa sax wone ag goreedi! Goreedeem a tax amul lu muy def lu dul di déggal Seytaane mi ko defalul dara.

2- Wànte Yàlla Aji Mbëggeel la, te naka noonu Mbind mi dafa nuy won ne, bés bi Aadama ak Awa déggadile Yàlla, Yàlla ci boppam yégle woon na pexeem ngir tooñkat yi mën a dellusi ci Yàlla. Yàlla Aji Sell ji feeñaloon na pexe mu bàkkaarkat yi mënoon a jaar, ba jub ci kanamam. Gisoon nanu ni Abel, doomu Aadama, gëme woon pexem Yàlla moomu, ba rendi mbote mu amul sikk, ni sarax suy fey bàkkaar. Abel gëm na li Yàlla wax, ne: "*Peyug bàkkaar moo di dee*", *te* "*Su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am!*" **(Ro 6:23 Yt 9:22**) Saraxu mbote mi moo taxoon Abel am xel mu dal fa kanam Yàlla. Xamoon na ne, moom ci boppam, bàkkaarkat bu yelloo mbugalu Yàlla la, wànte mbote, ma amul woon genn tooñ, wuutu na ko. Mbote moomu mu rendi, misaal la woon ci Musalkat, bi naroon a ñëw ci àddina ngir tuur deretam ni sarax su suy far boru bàkkaari nit ñi, benn yoon ba fàww.

3- Bu loolu jàllee, ni ko Yàlla digee woon, mbëggeelam a ngi feeñaat ci li Mu joxe Musalkat boobu, di Doomam Yeesu Kirist ni sarax. Loolu di pexe mi Yàlla nas ngir rawale nit ci mbugalu safara gi koy xaar. Lan moo tax Yàlla def Doomam sarax? Te sarax boobu ngir kan la? Nun doom Aadama yi, noo ko waral. Ndaxte Yàlla dafa sàkk lépp mu baax. Waaye ba musiba ma ñëwee, lépp daldi wuute ak bu jëkk. Bàkkaaru nit jur coono, metit, naqar xiif, mar, wopp, dee a.ñ.s.... Yàlla gis ne nit mënul a génne boppam ci musiba mi ko Seytaane tàbbal. Noonu, mbëggeelu Yàlla tax Yàlla mënu noo seetaan. Mu yebal Yeesu Almasi bi, mu wàcc, yor bindu nit ngir defaraat li sunu bàkkaar yàqoon. Ci dëgg-dëgg, Yàlla Aji mbëggeel la!

4- Noonu, mbokki déglukat yi, liy firndeel mbëggeelu Yàlla ci bàkkaarkat yi mooy ni ko aaya bi waxe.

*Yàlla dafa bëgg waa àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp* [di Yeesu Musalkat bi], *ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk*. **(Yow 3:16**)

Moo tax Mbind mi ne na tamit:

‟*Yàlla firndeel na mbëggeelam ci nun, ci li Kirist dee ngir nun, bi nu nekkee sax ay bàkkaarkat! Gannaaw Kirist tuur na deretam nag, ngir Yàlla àtte nu jub, rawati na ne, dina nu musal ci merum Yàlla.*” **(Ro 5:8-9**)

Kon nu gis fii itam ne, mbëggeelu Yàllaa tax mu xettalisi doom Aadama yi ‟*bi nu nekkee sax ay bàkkaarkat!*” Noonu képp ku gëm Musalkat bi Yàlla wàccee, maanaam Boroom bi Yeesu, boo deewee tàbbi Àjjana. Amul xejj ak seen nag. <u>Képp</u> ku gëm la wax. Képp ku gëm sarax bi Yàlla joxe ngir fey boru bàkkaar bi maam Aadama ak Awa defoon ba tàbbal nu ci dee.

Xarit yi, looloo tax Yàlla joxe Doomam mu dee ca bant ba. Yàlla baal na nu bor bi gën a rëy. Kon yaw itam war nga am mbëggeel ak yërmande ci sa moroom. Dafa am bés Yeesu, ngir wone naka la ame solo nu am mbëggeel gi nuy xiir ci am yërmande ba mën a baale. Mu ne:

‟*...Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni buur, bu bëgg a waññ alalam ak ay jaraafam. Ba mu tàmbalee waññ nag, ñu indil buur ba ku ko ameel ay milyoŋ yu baree-bare. Waaye jaraaf ja amul lu mu feye. Kon nag sangam santaane, ñu jaay ko moom ak jabaram ak ay doomam ak lépp lu mu am, ngir fey bor ba. Kon jaraaf ja daanu ciy tànkam, ne ko: Muñal ma, dinaa la fey lépp. Noonu sangam yërëm ko, bàyyi ko, baal ko bor ba. Bi loolu amee jaraaf ja génn, gis menn moroomu jaraafam, mu ko ameel ay junni. Mu daldi ko jàpp, poñe ko, ne ko: Fey ma li nga ma ameel. Kon moroomam daanu ci suuf, ñaan ko ne: Muñal ma, dinaa la fey. Waaye moom nanguwul. Mu dem, tëj ko kaso, ba kera mu fey li mu ko ameel. Bi ay moroomam gisee loolu nag, ñu am naqar wu réy, daldi dem, xamal seen sang li xew lépp. Sang ba nag woolu jaraaf ja, ne ko: Yaw jaraaf ju soxor nga! Baal naa la sa bor bépp, ndaxte tinu nga ma. <u>Lu tax yaw itam yërëmoo sa moroom, ni ma la yërëme</u>? Noonu sang ba mer, jébbal ko ñiy fitnaale ca kaso ba, ba kera muy fey li mu ko ameel lépp.* ***Noonu la leen*[Yàlla]** ***di def, bu ngeen baalul ... seen mbokk ak xol bu sedd.*** ” **(Mc 18:23-35**)

Waaye yaw, naka nga mën a jekke ba am mbëggeel googu? Xëyna jéem nga ay yooni yoon waaye doxul. Danga tàmbaleewul fi Yàlla bëgg nga tàmbalee fa. Fàww nga jëkk a nangu njéggal gi la Yàlla bëgg a may. Boo tawatee ba fajkat bi seet la, jox la garab yi nga war a naan ba wér; garab yi duñu la jariñ dara, soo leen naanul. Fàww nga nangoo jëfandikoo garab yi. Noonu itam, fàww nga nangu Musalkat bi la Yàlla yónnee. Bul gàntu Fajkat bu mag bi. Bul sàggane Mucc gi nekk ci Almasi bi Yeesu. Gëm ne Yeesu dee na te dekki ca ñetteelu fan ba ni ko Mbind mi tërale, loolu rekk a la mën a musal. Boo ko gëmee, Xel mu Sell mi dina meññ mbëggeel ci sa dund. Ngay soog a mën a bëgg sa moroom ni sa bopp. Lu ko moy, dangay sonal sa bopp rekk.

Ci misaal maa ngi feek foto benn mbokk ci Boroom bi, mu ngi tudd Bambay, dëkk ca réewum Seraa Lewon. Ca xareb réewum Seraa Lewon ba la ko benn way-fippu fekk seen dëkk dagg ñaari loxoom. Way-fippu ya rey waa dëkk ba yépp. Bambay ak yeneen ñetti góor rekk ñoo rëccoon ca waa dëkk ba. Fii may waxeek yéen, Bambay ak waa ji daggoon ay loxoom ñoo dëkk ci benn dëkk. Bambay da koy faral a séen ca biir dëkk ba.

Benn kureelu àttekat ya ca tirbinaal ba may ko pexe ngir topp ci yoon waa ji këtt ay loxoom. Waaye mbëggeelu Yeesu gi nekk ci Bambay tax na mu ne waa tirbinaal: 'Man de baal naa ki ma tax a nekk kuuñ nii. Ndaxte su ma ko toppee, du tax samay loxo dellusi; kon dinaa ko ñaanal.' Bambay mënoon na baal waa ji dagg ay loxoom ndaxte moom ci boppam xamoon na ne Yàlla baal na ko jaare ci ngëmam ci deewu Yeesu Musalkat bi. Xarit yi nuy déglu, ni Bambay baale ab noonam, mooy mbëggeel gu wér, di mbëggeel goo xam ne, jógewul ci Bambay ci boppam. Waaye ci Yàlla la jóge.

Yàlla Aji Mbëggeel ji ne na: "*Amleen mbëggeel, giy jókkaale lépp, ba mu mat.*" [ndaxte] "*Su fekkee ne, damay wax làkki nit ñi ak yu malaaka yi sax, te boolewuma ci mbëggeel, duma dara lu dul ndënd muy riir, walla jóolóoli buy kandaŋ-kandaŋi. Su ma yéglee wax ju tukkee ci Yàlla, ma xam lépp luy kumpa, ma yor xam-xam bépp, te gëm Yàlla ba mën a randal ay tund, fekk boolewuma ci mbëggeel, duma dara. Te it, su ma doon saraxe li ma am lépp, di bàyyi ñu lakk sama yaram, ba rey ma, su ma ci boolewul mbëggeel, du ma jariñ dara. 4 Ku bëgg dafay muñ, te laabiir. Ku bëgg* <u>*du iñaan*</u>*,* <u>*du kañu*</u>*,* <u>*du tiitaru*</u>*,* <u>*du def lu jekkadi*</u>*,* <u>*du wut njariñu boppam*</u>*,* <u>*du naqari deret*</u>*,* <u>*du ñaaw njort*</u>*.* <u>*Du bég ci lu awul yoon.*</u> *Waaye [ku bëgg,] dina bég ci lépp luy jollil dëgg. Mbëggeel day baale lépp, am ngëm ci lépp, yaakaar lépp, muñ lépp. Mbëggeel amul àpp. ...Léegi nag ñett yii ñooy sax: ngëm, yaakaar [ak] mbëggeel; te* ***mbëggeel moo ci raw****.*" **(Kol 3:14 1Ko 13:1-8,13**)

Kon, mbëggeel mooy lépp te moom rekkay sax ba fàww. Fu mbëggeel amul, dara du fa dox ni mu ware. Su mbëggeel amul ci nit, ak lu mu mën a def ci lu baax, du jariñ tus. Cooway bare rekk waaye Yàlla du ko gis te du ko déglu sax. Moo tax Kàddug Yàlla bare lool lu mu nuy ñaax ci mbëggeel. Yeesu dafa waxoon ay taalibeem ne leen:

"*Maa ngi leen di jox ndigal lu bees: bëgganteleen.*" **(Yow 13:34**)

Kon fàttalikul ne, mbëggeel mooy tax nga yërëm nit ba defal ko lu mu yelloowul. Nga mën ko baal safaan bi mu yeyoo, ni nu Yàlla bëgge, yërëm nu, ba baal nu, fekk yelloowunu ko. Lii lépp, du mën a am ci sa kàttanu bopp. Fàww nga gëm li Yàlla seede ci lu jëm ci Doomam. Bu ko defee, dinga am mucc gi te Xelum Yàlla mu Sell miy meññ mbëggeel dina wàllisi ci yaw ba mbir yii di feeñ ci sa dund. Xamal ne tey jii nag la jamono ju yell ji. Tey la bésu mucc bi. Boo déggee tey jii waareb xabaar bu baax bi, bul dëgër bopp. Gëmal Boroom bi Yeesu Yàlla baal la, may la kàttanam ngir nga mën a bëgg nit ñi ni Mu leen bëgge. **(2Ko 6:2,Yt 4:7**)

Kon nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee ay laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370. Saint-Louis. *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Kàddug Yàlla wax ne: "***Lii mooy mbëggeel, du sunu mbëggeel ci Yàlla, waaye mbëggeelam ci nun, ba mu yónni Doomam, mu joxe bakkanam, ngir dindi sunuy bàkkaar.*****[te]** ***...bu nu Yàlla bëggee nii, nun itam war nanoo bëggante.***" **(1Yow 4:10,11**)

# 141  Léebu ñaari kër yi

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji yërmande ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi te di ko topp. Am nanu mbégte ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB* bi ngeen sopp.
Tey danu fas yéene tàmbali ay njàng ci léebuy Yeesu yi nekk ci Linjiil. Bi Yeesu nekkee ci kaw suuf, daan na faral a jàngale, di ko jaare ci ay léebu. Lu tax mu daan wax ci ay léebu? Yeesu daan na wax di ko jaarale ciy léebu ngir njàngaleem dal, ba ñi koy déglu bañ koo dégg ak noppi kese waaye ñu dégg li muy wax te xam ko. Te itam, Yeesu dafa daan wax ciy léebu ngir amal li ñu yëgle woon jaarale ko cib yonent naan: "*Dinaa leen wax ciy léebu, di yëgle yëf yu nëbbu li dale ca njàlbéen ga, ba bésu tey.*" **(Ps 78:2 Mc 13:35**)

Kon xarit yi, ngir dugg ci sunu njàngum tey mi, dafa amoon nawet boo xam ne, fii ci réew mi, ci benn dëkk bu mag, dëkkuwaay yu bare dañu fa daanu woon. Lu waraloon dëkkuwaay yooyu daanu? Li taxoon mooy, ndox mi dafa bare woon te ngelaw la am doole lool. Mu am kër yu bare, ci gox yu bare, ndox ma gajafal leen te ngelaw la bëmëx leen ñu nërméelu. Waaye ana lan moo waral néeg yooyu ne woon nërëm ci suuf? Ngelaw lee bare woon doole, dëgg la! Wànte, ana lan moo taxoon yii kër daanu te yeneen yi daanuwuñu? Tont li yomb na. Kër yeek néeg yi daanu woon, ni ñu leen sampe moo baaxul woon. Maanaam **dañu amul woon fondamaa yu dëgër**. Kër nag gu sampuwul ci fondamaa bu dëgër, yàgg yàgg dina daanu.

Xarit yi nuy déglu, tey danu bëgg a tàmbali ak léebu bi Yeesu waxoon ña mu doon jàngal ca kaw tund wa. Mooy léebu ñaari nit ña doon tabax kër. Ba Yeesu jàngalee mbooloo ma ba noppi, mu ne leen:

"*<u>Képp ku dégg</u> nag lii ma leen wax, te di ko jëfe, dinga mel ni nit ku am xel, ku tabax këram, samp ko ciw doj. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; waaye màbbul, ndaxte mu ngi jàpp ca doj wa. Waaye képp ku dégg lii ma leen wax, te jëfewuloo ko, dinga mel ni nit ku ñàkk xel, ku tabax këram ci gannuus bi. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; mu màbb, ba ne tasar.*" **(Mc 7:24-27**)

Kon lan lanu mën a jàpp ci léebu bile? Ci lu wér, gën gaa néew mënees na cee jànge ñaari mbir. Muy ñaari nit, ku nekk di tabax ag kër. Kenn ki defaral na këram fondamaa bu dëgër. Keneen ki moom, defaralul këram cëslaay: Fondamaa bu dëgër. Nu gis ci loolu kon ne bu fekkee sax kër ya niroo cib gis, am na lu am solo lool lu leen wuutale. Li wuutale ñaari kër yooyu mooy fondamaa bi. Loolu di misaal nag ñi gëm kàddug Yàlla dëgg-dëgg, ak ñiy wuyoo gëm Yàlla rekk wànte faalewuñu kàddoom. Ku ci nekk nag ci ñaari xeeti nit ñooñu, sa ngëm mooy sa kër gi ngay tabax. Fondamaa bi moom, mooy misaal fi nga samp sa ngëm.

Nanu jëkk a seetandoo mbiri nit ki tabax këram te defaral ko fondamaa bu dëgër, bu sampu ciw doj. Li nu ci mën a jàpp, nit kooku ku am xel la. Waaw, te nag nit kooku mooy misaal képp ku dégg njàngalem Yeesu, gëm ko te di ko jëfe. Ni nu ko waxe ba noppi, ci bëti nit ñi, këru nit kooku mën na nirook geneen kër gu mu mën a doon fekk nag wuute nañu lool sax. Liy wuutale këram ak yeneen kër ya mooy li ëpp solo cig kër. Moo di fondamaa ba. Ndaxte kër, su amee fondamaa bu dëgër, bu ngelaw agsee ak taw, lu ñu bare bare bàyyi ko fa. Kër waa ji tabax ci fondamaa bu dëgër bi wone na ko.

Loolu lépp nag li ci Yeesu Almasi bi bëggoon a wax moo di, <u>képp</u> ku dégg ay waxam, gëm ko te di ko jëfe, ku am xel nga. Yaa ngi mel kuy tabax sa kër te defal ko fondamaa bu dëgër. Kooku mooy taalibe Yeesu bu wér. Noonu kër gi ngay tabax mooy sa ngëm. Te fondamaa bi nga ko samp mooy Almasi bi Yeesu, Moom mi yonent Yàlla yépp yégle woon. Ngëm gu sampuwul ci fondamaa bu wóor bi di Yeesu, mu ngi mel ni kër gu fondamaa nekk fàkk-teg. Yeesu mooy fondamaa bi, beneen fondamaa amul! Loolu la Kàddug Yàlla wax bi mu naan: "*Ci li jëm ci fondamaa bi, kenn mënu fee tëral beneen, bu dul bi fi xas a taxaw, muy Yeesu Kirist.*" **(1Ko 3:11**) Loolu la Mbind mi wax noo ko déggandoo. Yeesoo di **fondamaa** bi doom Aadama yi war a samp seen kër maanaam **seen ngëm**. Képp ku samp sa ngëm ci Moom, ngëm googu du neen, du nërméelu. Mbind mu sell mee ko wax!

Mbokki déglukat yi, loolu dëgg gu wér la. Muy wone rekk ne ku samp sa ngëm ci Musalkat, bi Yàlla fal, ngëm googu du mën a neen. Dina la jural jàmm ak Yàlla te boo deewee tàbbi Àjjana. *Man mii, laata may gëm Yeesu, wóoruma woon fan laa jëm bu ma deewee. Waaye léegi amatuma ci xel-ñaar. Lu tax? Ndaxte Yàlla xamal na ma ci téerey Yonent Yàlla yi, maanaam ci Biibal bi, ne sama ngëm ci Moom, dund gu dul jeex la may jural. Te du man rekk, wànte képp ku ko gëm, génn nga ci dee, tàbbi ci dund.* Yeesu moo jar a dénk sa bopp, moom mi ne:

"*Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. Dama leen di jox dund gu dul jeex;* ***duñu sànku mukk,*** *te kenn du leen jële ci sama loxo. Baay bi ma leen jox, moo gën a màgg lépp, te kenn mënul a jële dara ci loxob Baay bi.*" Te Yeesu rax ca dolli ne: "*maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk. Te su ma leen defaralee bérëb booba ba noppi, dinaa dellusi, yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yeen itam.*" **(Yow 10:27-29 14:2,3**)

Kon yaw mi wékk sa yaakaar ci Boroom bi Yeesu ba noppi, saxal ci moom. Xamal ne sa ngëm samp nga ko ci **fondamaa** bu wóor, bu dëgër bi. Ak lu mën a xew, na sa xel daj ne, fondamaa bi moom, du soppiku te du déqatiku mukk! Du soppiku ndaxte Yeesu ci boppam du soppiku te noonu, du la wacc mukk. Ci yaw daal la des, Yeesu moom, jekkal na lépp. Moo tax mu ne:

"*Saxleen ci man; ma sax, man itam, ci yeen. Ni car mënul a ame ay doom, bu saxul ci garab, noonu itam dungeen mën a meññ li may jëfe ci yeen, bu ngeen saxul ci man. ...Sàcc bi...day sàccsi rekk, di rey ak a yàq. Man damaa ñëw, ngir nit ñi am dund, ba nekk ci naataange. <u>Man maay sàmm bu baax bi</u>. Sàmm bu baax bi* ***day joxe bakkanam*** *ngir ay xaram.*" **(Yow 15:4 10:10,11**)

Léegi nag ci mbirum nit, ki defaralul këram fondamaa, Yeesu dafa ci ne:

"*Képp ku dégg lii ma leen wax, te jëfewuloo ko, dinga mel ni nit ku ñàkk xel, ku tabax këram ci gannuus bi. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ca kaw kër ga; mu màbb, ba ne tasar.*"

Ndeysaan, loolu mooy misaal li nar a dal <u>képp kuy wuyoo taalibe Kirist rekk</u> ak it <u>képp ko bañ a gëm</u>. Ñaar ñooñoo bokk menn mbuus. Kon ñaareelu tabaxkat bi ku ñàkk xel la ndaxte bi muy tabax këram, gasalu ko fondamaa bu dëgër. Dafa fàkk rekk teg. Dëgg la, kër waa ji nag, mën naa rafet lool cib gis te niru lu dëgër. Waaye ndeysaan, boroom def na jotam ak dooleem ci neen. Ndaxte kër gi sampuwul ci betoŋ. Nit kooku fullaalul li ëpp solo ci tabaxum kër, muy fondamaa bi. Xalaatul sax li ko ci mën a fekk ëllëg! Xamul sax ne bés dina ñëw kër gi ne nërëm, daanu ci kawam! Bu boobaa nag réccu dina fekk jëf wees!

Kon xarit yiy déglu emisyoŋ *YOONU NJUB*, ndax mën ngeen nu wax kan la waa jii di misaal ci léebu Yeesu bi? Waa ji, dafay misaal ki dégg waareb xabaar bu baax bi, ne gëm na ko wànte ci làmmiñam rekk la yem ndax du ko jëfe. Mbaa sax, li gën a gàtt, mu bañ a gëm xabaar bu baax, bi yonent Yàlla yépp a yégle woon. Xeeti nit ñooñu, Kàddug Yàlla ne na dañu ñàkk xel ndaxte fullaaluñu li ëpp solo ci dundu nit. Kon ñooñu, lu seen xam-xam réy réy, ci bëti Yàlla, xamuñu dara. Ndaxte xabaar bu baax bi leen mën a tax a mucc, yëfi dof lañu ko teg. Waaye Yàlla Aji Sax ji xamoon na loolu lu jiitu muy am ba tax mu wax ci Mbind mi ne:

"*...Yégleb deewu* [Yeesu] *Kirist ca bant ba, ag ndof la ci ñiy sànku. Waaye ci ...ñi aw ci yoonu mucc gi, dooley Yàlla la. ... Ana boroom xam-xam bi? Ana kaaŋ mi? Ana boroom làmmiñ wu neex, wi ci àddina sii? ...Gannaaw àddina si ci xam-xamam demul ba xam Yàlla, ...soob na Yàlla mu musal ñi gëm, jaar ci yégleb xabaaru Kirist, fekk ag ndof la ci bëti nit. ...Li ñuy wax ag ndof ca wàllu Yàlla moo gën a tedd xam-xamu nit. Te li ñuy wax ñàkk dooley Yàlla moo ëpp kàttan dooley nit.*" **(1Ko 1:18,20-21,24,25**)

Kon daal xarit yi, li ëpp solo ci dundu doom Aadama, moo di fi mu wékk ngëmam. Ki fullaalul fondamaa bi, bu taw beek wal miy misaal àtteb Yàlla dalee ci kawam, ndax kër gi dina ko mën a dékku? Déedéet! Ni kër, gu sampuwul ci fondamaa bu dëgër di daanoo lu mu yàgg yàgg, noonu la àtteb Yàlla di dale ci kaw képp ku nanguwul Yeesu benn Musalkat bi am kepp. Bu àtteb Yàlla dalee ci kaw xeeti nit ñooñu, dinañu nërméelu,

sànku ba fàww ndax seen ngëm sampuwul ci **doj** wi. Yeesu Kirist mooy doju koñ wi tabaxkat yi sàggane, sempi teg fale. Moona, ma waxati ko, mooy fondamaa bu wóor bi. Ngëm giy rawale nit ba du taseek mbugalu Yàlla, ci Yeesu la war a sampu. Moom mi tuur deretam ca bant ba, dekki ca ñetteelu fan ba ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk! Li ci des lépp gannuusu kese la! Ngëm gu sampu cib gannuus nag ku ne xam na ne yàgg yàgg dina màbb.

Kon yaw miy déglu, ci ban fondamaa nga nekk di tabax sa kër? Ci doj wu dëgër wi walla ci gannuus bi? Ci kan nga bëgg a wékk sa ngëm? Ci Musalkat bi am kepp di Yeesu Almasi bi walla ci nitu kese, ku mënalul boppam dara? Fàttalikul ne Yeesu mooy fondamaa bu wóor bi. Yeesu Kirist moo di Rammukat bu sell, bi tuur deretam ngir wallu doom Aadama yi sànku ndax seen jàdd yoon. Keneen deful lu ni mel bu weesoo Yeesu! Moom dafa lay jubale ak Yàlla mu sell, mi dara lu sellul mënul a jege. Ñépp a selladi ci kanamu Yàlla mi war a bugal bépp bàkkaar. Xabaar bu baax bi, mooy Boroom bi Yeesu mi mësul a def bàkkaar, gàddul na la sa mbugalug bàkkaar. Noonu, gëm saraxu Almasi bi ca bant ba rekk moo la mën a sellal. Mooy fondamaa bu wóor bi!

Fàttalikul ne Seytaane dafa lay wut a nax, di jéem a dalal sa xel nga foog ne am nga mucc gi. Fekk loolu lépp naxi neen la. Soo wëlbatikuwul ci benn Musalkat bi am kepp, dinga bokk ak Seytaane àtteem bi koy xaar, di safara ba fàww. Du sama xalaati bopp waaye Mbindi yonent yee ko wax. Pexe mi ngir rëcc ci mbugal googu, mooy gëm ne Yeesu Kirist dee na ca bant ba ngir feyal képp ku ko gëm boru bàkkaaram. Ndax bëgg nga mucc ci àtteb Yàlla bi dul jaas? Xam naa ne, bëgguloo tàbbi ci loxoy Yàlla Àttekat bu jub bi. Xalaat ci rekk sax day indi tiitaange. Kon jëmal kanam, nga wékk sa ngëm ci Rammukat bi. Bul nangu kenn fàbbi la. "Ku nekk ak sa bàmmeelu bopp." Bu boobaa ku nekk mbiri boppam da koy doy mbubb ak tubéy. Te, "bala kenn a laax jaay, laax lekk." Ndegam nag tey jii am nga jotu tànn yoonu njub wi Yàlla tëral, lu koy tere!

Ci dëgg, Yeesu moo di **fondamaa** bi doom Aadama yi war a samp **seen ngëm,** ngir am dund gu sell te mucc ci mbugal giy xaar képp ku gëmadi. Ngëm gu sampu ci Musalkat, bi yonent Yàlla yépp seedeloon, du neen mukk! Jàmm rekk la lay jural. Jàmm ak Yàlla te it dina la may jàmmu xol, jàmm ji àddina mënul a maye.

Mbokk yeek xarit yi nuy déglu, fii lanuy yem ak yeen tey. Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi te di leen jox dox-daje emisyoŋ biy ñëw. Su ngeen amee laaj ci njàngum tey mi, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ne: "***Ci li jëm ci fondamaa bi, kenn mënu fee tëral beneen, bu dul bi fi xas a taxaw, muy Yeesu Kirist.***" **(1Ko 3:11**)

## 142 Léebu jëmb bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngi dellu di sant Yàlla ci li nu fi mën a teewaat di leen dégtal seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Xarit yi nuy déglu, ndax mës ngeen gis tool bu ñu dul beyaat? Maanaam tool bu kenn dul dindi ñax gi sax ci biir gàncax gi? Xam naa dingeen ne, Aa! Ku ne xam na ne ab tool kat dees koy beyaat. Lu ko moy, ñax ma dina mëdd gàncax ga. Waawaaw! Man mii it ànd na maak yeen ci loolu! Waaye kaay ma xamal la ne, am na tool bob, kenn du ko beyaat. Waaw, soo bëggee xam boobu tool mooy ban, topp nu ci sunu léebu tey bi nu Yeesu indil ci Linjiil te dinanu gis ni loolu mën a ame!

Dafa am bés Yeesu di jàngal mbooloo ma ci mbirum nguuru Yàlla. Noonu mu ne leen:

‟...*Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni nit ku ji jiwu wu baax ci toolam. Waaye bi nit ñi di nelaw, noonam ñëw, ji jëmb ci biir dugub ji, daldi dem. Bi dugub ji saxee nag, jëmb bi saxaale ak moom. Noonu surgay boroom kër ga ñëw ci moom, ne ko: Góor gi, xanaa jiwuloo jiwu wu baax ci sa tool? Fu jëmb bi jóge nag? Mu tontu leen: Noon a ko def. Surga ya ne ko: Ndax nu dem dindi ko? Waaye mu tontu leen: Déedéet, ngir bañ a buddiwaale dugub ji, bu ngeen koy dindi. Bàyyileen ñoom ñaar, ñu màgg, ba ngóob jot. Bu ngóob jotee nag, ma wax ñi koy góob: Jëkkleen a dindi jëmb bi, takk ko ay say, lakk ko, waaye ngeen semb dugub ji ci sama sàq.*” **(Mc 13:24-30)**

Bi Yeesu waxee léebu jëmb bi mbooloo ma ba noppi, mu firil ko ay taalibeem ne leen:

‟*Doomu nit ki mooy ji jiwu wu baax wi; àddina mooy tool bi; ñi bokk ci nguuru Yàlla ñoo di jiwu wu baax wi; ñi bokk ci Ibliis ñooy jëmb bi; Seytaane mooy noon bi ko ji; tukkitel àddina, mooy ngóob mi, malaaka yi ñooy góobkat yi. Ni ñu dajalee jëmb ba lakk ko, noonu lay nekke, bu àddina tukkee. Doomu nit ki dina yebal ay malaakaam, ñu jële ci nguuram lépp luy yóbbe nit bàkkaar, ak ñiy def bàkkaar, sànni leen ci safara; foofa dees na fa jooy te yéyu. Booba nag ñu jub ñi dinañu leer ni jant bi ci seen nguuru Baay.*” **(Mc 13:37-43)**

Mbokki déglukat yi, ni ngeen ko dégge, Boroom bi Yeesu jëfandikoowaat na mbiri mbey ci léebu bii. Waaye bii yoon anam yi wuute nañu. Waaw, fii danu fiy gis ne, ndeke am na tool bob, deesu ko beyaat. Maanaam tool bu ñuy bàyyi ñax ma saxaaleek gàncax ga. Tool boobu kon mooy àddina sii. Ci misaal, Doomu nit ki, maanaam Yeesu Kirist, moo ji ci toolu Yàlla bi di àddina. Yàllaa yónni Almasi bi ci toolam mu jisi ko. Maanaam mu sàkkusi ñu nangu seen bàkkaar fa kanam Yàlla te gëm ko. Moo tax bi Yeesu nekkee ci àddina mu ne woon:

‟...*Doomu nit ki ñëw na, ngir seet te musal ñi réer.*” **(Lu 19:10)**

Kon li tax Yeesu ñëw ci àddina leer na. Mooy ngir musal ñi réer. Mën na am yaw miy déglu nag yaa ngi naan ci sa xel: ‟Aa! Man de xawma ku réer waaye du man mii nga xam ne maa ngi def sama warugari diine.” Waaye mbokk, fàttalikul ne Kàddug Yàlla ne na, loolu taxul kenn jub fa kanam Yàlla. Te ku jub amul ci bëti Yàlla, du kenn sax. Ñépp a bàkkaar ndax seen bokk ci maam Aadama. Wànte Yeesu Kirist moom, taqul bàkkaar; du def bàkkaar. Te loolu téere yi ànd nañu ci. Moo tax mu mënoon a deewal bàkkaarkat yi. Kon ñi bokk ci nguuru Yàlla gi, mooy ñi dégg xabaar bu baax bi te xam ne amul dara lu ñu mën a def ba musal seen bopp. Ñu gis it ne amul keneen ku leen mën a musal ku dul Musalkat bi Yeesu. Noonu ñu gëm ko ni seen Musalkat bi ñëw goreel leen ci safara.

Kon, naka tool bi moom, ni ngeen ko dégge mooy àddina. Ni jëmb bi raxe ci biir dugub ji, noonu la àddina jaxasook lu baax ak lu bon: Nit ñu jub fa kanam Yàlla ak nit ñu dëng ci gis-gisu Yàlla. Ñu dëng te jubadi, ñooy ñi bañ a nangu Musalkat bi yilif leen. Kon ci Ibliis lañu bokk. Ñooñu la jëmb biy misaal, ñooy ñax gu bon gi bëgg a mëdd dugub ji, maanaam ñi gëm Kirist te di ko déggal. Seytaane mi xel-ñaarloo woon Aadamaak Awa ca toolu Àjjana ba ñu moy ndigalu Yàlla, mooy ki ji ñax gu bon gi ci tool bii di àddina. Lépp

lu bon, ci moom la bawoo; mu tàbbal ko ci dundu nit. Ba tey Seytaanee ngiy def ci xolu nit sikki-sàkka ci lu jëm ci dëggu Yàlla gi ba nit du nangoo xéewlu ci xéewal, yi Yàlla bëgg a jagleel doom Aadama yépp jaare ko ci Musalkat bi Yeesu.

Naka weddi googu, moo tax ba surgay boroom tool bi maanaam malaaka yi, laaj seen kilifa ndigalu buddi ñax gu bon gi. Bu desoon ci malaaka yi rekk kon raafal nañu bu yàgg ñépp ñi won gannaaw mucc gi leen Yàlla jagleel ci Almasi bi. Waaye Yàlla mi yeyoo àtte bu jub, bi dul jaas, dafay muñal doom Aadama yi. Tey yërmande Yàllaa ngi teew te ku nekk mën na ci jot. Waaye bés dina ñëw te soreetul sax. Bés boobu yërmandey Yàlla dina wéy. Booba Yàlla dina wax ay malaakaam ñu àtte nit ñi àtte bu jub. (aaya 41) Moo tax ñi foog ne Yàlla dina mujj a baal ñépp ci yërmandeem, juum nañu! Waaye Yàllaa ngi xaar bés bu mujj ba ngir tàqale ñu bon ñeek ñu jub ñi, ni ñuy tàqalee xatax ak dugub.

Xarit yi, lenn rekk a ko waral Yàlla di muñ ba tey, moo di dafa bëgg ku nekk tuub, wëlbatiku ci Musalkatu àddina bi. Tey jii jotu dellu ci Yàlla am na. Bésu àtte bi jamp na, misaal yi ci Yeesu joxe yépp a ngii ne fàŋŋ. Yeen a ngi dégg ay xare ak coowi xare. Xeet a ngi jóg, di xeex ak weneen xeet. Réew a ngi dal ci meneen réew. Xam ngeen it ne am na ay xiif ak ay yëngu-yënguy suuf ci gox yu bare ci àddina fi mu nekk nii! Waaye Yeesu ne na:

"*Loolu mooy ndoortel metit yi, mel ni jigéen juy matu. ...Gannaaw metitu bés yooyule nag, ca saa sa jant bi dina lëndëm te weer wi dootul leer; biddéew yi dinañu fàq, daanu ci asamaan, te kàttani asamaan yi yëngu. Booba firnde ji taxaw, Doomu nit ki feeñ ci asamaan, te xeeti àddina sépp dinañu jooy. Dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ànd ak kàttan ak ndam lu réy.*" **(Mc 24:28,29,30**)

Mbokki déglukat yi, gisal ngeen seen bopp ne loolu yépp mu ngiy am ci àddina si te léegi dafa gën a tar sax. Xare yeek musiba yi bare nañu te bàyyiwul benn gox ci àddina. Kon bés bu mujj bi Yàlla daan yégle jaare ci yonent yi, jege na lool. Mënees na wax sax ne jamp na. Mën na nekk tey sax, moo tax Linjiil ne, boo déggee waareb xabaar bu baax bi ci Almasi bi Yeesu, bul xaar, bu xasee ba agsi kat, bu boobaa dina fekk réccu wees. Ndaxte bu liit ga wolee, malaaka yi di góobkat yi, dinañu dajale ñi bokk ci Kirist Yeesu maanaam ñi ko gëm, tàbbal leen ci jataayu Yàlla, ci Àjjana. Te ñi bañoon a gëm rawukaay bi leen Yàlla jox ci àddina, ñu dajale leen ni ñuy dajalee xatax, lakk leen ca safara. Safara soosu nag, Mbind mi xamal na nu ne safara su dul fey mukk la! Te bu boobaa jooy, réccu ak yéyu dina bare. Te nag, su boobaa, yuux dina jibe fu ko ñu bare foogewul. Wànte ñi jub ci anam yi ko Yàlla bëgge, ñoom bu boobaa dina fekk ñuy bànneexu ci jataayu Yàlla te di leer ni jant bi.

Kon yaw miy déglu, looy xaar? Fan nga féete? Ndax wóor na la ne bokkuloo ci jëmb bi nekk ci tool bi te ñu nar koo dajale lakk? Ndax bokkuloo ci ñi xeeb xabaaru Musalkatu Yàlla bi, ba nar a sànku ba fàww ca safara? Wóor na ma ne sa bëgg-bëgg mooy bokk ci ñiy bànneexuji ci jataayu Yàlla ba fàww. Waaye kenn ku nekk yaa mën a jëlal sa bopp sa matukaay ba mucc ci safara. Keneen mënu la ko defal. Matukaay bi nag mooy nga gëm benn Rammukat bi am kepp di Yeesu Kirist. Mucc gi doom Aadama yépp di wut, mu ngi ci benn Musalkat bi am kepp di Almasi bi Yeesu. Kon daal mbir soo koy wut, danga koy wut fa mu nekk! Lu ko moy dinga wut ba sonn te doo ko gis tus. Moom Yeesu mi xam lépp laata sax muy xew, ne woon na:

"*...Bu leen kenn waxee: Kaayleen gis, Kirist a ngi fii; mbaa: Mu nga fale; buleen ko gëm. Ndaxte ñi mbubboo turu Kirist ak ñi mbubboo turu yonent dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ñi Yàlla tànn, su loolu mënoon a am. Wax naa leen ko lu jiitu. Bu ñu leen waxee nag: Seetleen, mu nga nale ca àll ba; buleen génn, mbaa ñu ne: Seetleen mu ngi nii ci biir kër gi; buleen ko gëm.*" **(Mc 24:23-26**)

Sama waay, àddina mooy tool bi kenn dul beyaat. Yàlla bëggul ñu beyaat tool bi ndax dafa bañ nga sànku. Dafa bëgg nga am jotu xippi te xool jaxran ba bañ a barastiku ci mbartalum dee. Moo tax yeewul! Xamal ne Yàlla jox na la pexe tey jii te won na la fu mu nekk. Pexe mi mooy deretu Kirist ji tuuru ca bant ba ngir boo ko gëmee nga mën a bokk ci ñiy bànneexuji ci jataayu Yàlla ba fàww. Pexe mi du soppiku mukk! Moo tax Mbind mi ne:

"*Gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamonoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamono jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem.*" **(Ro 3:24-26**)

Kon lépp mat na! Waratuloo def dara di ca wut ag mucc. Yàlla def na lépp bi mu yónnee Yeesu mu jébbale dundam ngir **képp** ku ko gëm am dund gu dul jeex ci jataayu Yàlla. Yeesu matal na lépp! Gëm ko rekk a ci des te dinga mucc, texe àddinaak laaxira.

Xëyna yaa ngi naan: "*waay yaw, bul sonal sa bopp, li ngay wax mënunu ko dégg te dunu ko topp ndax moomunu ko, du sunu mbir.*" Su fekkee ne loolu mooy sa xalaat, ci dëgg dama la bëgg a xamal ne, sa xam-xam ci mbirum Yeesu des na. Yeesu dafa wax ne,

"*...Man damaa ñëw, ngir nit ñi am dund, ba nekk ci naataange. Man maay sàmm bu baax bi. Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund.*" **(Yow 10:10,11 5:24**)

Yeesu xeeti àddina yépp la ñëwal. Ndax dafa leeragul ba tey ci yaw ne Yeesu mooy sarax bu mat bi la Yàlla joxeel? Yàlla def na loolu ndax xam na ne moom mi sell, yaw mi sellul mënoo ko jegee neneen nu dul noonu. Ndax nit ñépp a bàkkaar te bàkkaar booboo dox sunu digganteek Yàlla. Te ngir Yàlla mën la jàppe ni ku sell, fàww nga gëm ne saraxu Musalkat bee la mën a musal.

Kon yaw miy déglu, ngir mën a amaat diggante bu baax ak Yàlla, danga war gëm Musalkat bi mu yónni. Noonu dinga tàbbi ci Àjjanaam ji nga xam ne bokku ko ak kenn te moom rekk mooy dogal ku fa war a dugg mu dëppook anam yi Mu tëral. Ña fay dugg mooy ñi wékk seen yaakaar ci Yeesu Kirist. Noonu, soo bañee bokk ci jëmb bi malaaka yi nar a dajale ca bés pénc, lakk ko, gëmal saraxu Musalkat bi Yeesu. Soo lànkee nag li wóor mooy, ca bés booba dina yónni ay malaakaam ñu dajale ñi ko bañoon a gëm ñépp, tàbbal leen safara su dul fey abadan. Yeesu ne na:

"***Asamaan si ak suuf dinañu wéy, waaye samay wax du wéy mukk.***" **(Mk 13:31**)

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis. Walla boog, ngeen bind nu ci sunu adarees electronik, maanaam: **yoonunjub@sentoo.sn** *YOONU NJUB* nag, nii lañu ko binde: Y-O-O-N-U-N-J-U-B at sentoo.sn

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat ci li Mbind mi wax ne: "***Li Yàlla dige, dina ko def, lu mu yéex yéex ci xalaatu nit. Xanaa kay da leen a muñal, ndax bëggul kenn alku, waaye ñépp tuub seeni bàkkaar.***" **(1Pi 3:9**)

# 143 Ñaari doom ya

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu, di am mbégte ci déglu bi ngeen nuy déglu. Di leen sant ak a delloo njukkal ci seeni bataaxal yiy firndeel seen cofeel ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Jërëjëfati.

Dégg ngeen ba tàyyi ñu naan Wolof Njaay ne na: "**Lu waay di wuyoo da koy niru.**" Waxu Wolof Njaay jooju moo nuy tàbbal ci sunu njàngum tey, mi jëm ci benn léebu bu Boroom bi Yeesu waxoon. Sunu yaakaar mooy, waxu Wolof Njaay bii dimbali nu tey, ba nu mën a ràññee melow ña Yeesu doon waxal ak la mu leen bëggoon a wax, jaarale ko ci léebub tey bi.

Kon dafa am bés, Yeesu di wax ak sëriñ su mag Saag njiiti xeet wa ci jamonoom ne leen:

"*...Kenn nit amoon na ñaari doom. Am bés, mu ñëw ca taaw ba, ne ko: Sama doom, demal tey liggéeyi ca sama toolu réseñ. Taaw ba tontu ko ne: Maa ngi dem baay; waaye demu ca. Gannaaw gi, baay ba ñëw ca* [tofo] *ba, wax ko noonu. Mu tontu ko ne: Bëgguma caa dem; waaye gannaaw loolu xelam soppiku, mu dem ca. Noonu Yeesu laaj leen: Kan ci ñaari doom yooyu moo def coobareg baayam? Ñu ne:* [tofo] *bi. Kon Yeesu ne leen: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, juutikat yi ak jigéeni moykat yi ñoo leen di jëkk a dugg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Ndaxte Yaxya ñëw na ci yeen ci yoonu njub, te gëmuleen ko; waaye juutikat yi ak jigéeni moykat yi gëm nañu ko. Te gannaaw bi ngeen gisee loolu, seen xel soppikuwul sax, ba ngeen gëm ko.*" **(Mc 21:28-32**)

Mbokk yi nuy déglu, ni ngeen ko dégge, léebu bii Yeesu waxoon na ko ngir feeñal melow xolu sëriñ su mag Saag njiiti xeet wa ca jamono jooja. Ñoo waroon a jàngal xeet wa waxu Yàlla te gindi leen ci yoonu njub. Waaye ay naaféq lañu woon, dañu doon mbubboo ngëm rekk waaye seen xol sore woon na ko. Ñoom la jenn doom, ji ci léebu bile di misaal. Ka baayam yebal tool mu ne bu gaaw, **maa ngi dem te demul**. Naka njiiti Israyil yooyu itam, dafa mel ni, bi ñu leen joxee sasu nekk ay sëriñ ak i njiit, dañu ko nangu ne, **dinanu def lépp li nu Yàlla sant.** Wànte ci dëgg, li xew mooy, safaan ba rekk lañu dëkke woon. Seen dundin firndeeloon na ne defuñu dara ci li ñu dige woon.

Waaw, ndaxte bi ñu déggee Yaxya muy waare lu jëm ci Almasi bi Yàlla dige woon bu yàgg, gëmuñu ko. Moona xamoon nañu bu baax li Yàlla yégle woon lu ko jiitu. Xamoon nañu ne, gannaaw ba Aadama ak Awa moyee ndigalu Yàlla, Yàlla boroom yërmande fasoon na yéene yónni, ci mujug jamono, Ku taqul bàkkaar te di soqikoo ci jigéen ju mësul a séy. Kooku moo di Rammukat bi, maanaam ki nar a indi barke ak mucc, gi Yàlla dige woon. Waaye ñoom giiru sëriñ soosu, bi leen yonent Yàlla Yaxya woowee ci yoonu njub wiy tax ñu réccu seen bàkkaar te am mucc gi bawoo ci Musalkatu àddina, dañu lànk. Réy a leen taxoon a xeeb Yeesu. Amoon nañu ay bët waaye taxul woon ñuy gis. Dañu bañoon a gis dëgg gi. Ci lu wér, magum jëmm moom bu jaaxaanee ci naaj wi ne gisuma jant bi, kenn mënu ci dara! Loolooy wone seenug mbubboo diine. Dafay wone ne **li ñuy wuyoo, niruwuñu ko, jëfewuñu ko!** Te it wone nañu noonu ne yonent yi ñuy tiitaroo, gëmuñu leen ndax gëmuñu li ñu wax ci benn Musalkatu àddina bi am kepp. Moo tax Mbind mi wax ci ñoom ak ñu ni mel ne:

"*...xam* [nañu] *yoon wu jub wi, ba noppi dëddu ndigal lu sell li ñu déggoon,* [kon] *bañoon koo xam moo gënoon ci ñoom.*" **(1Pi 2:22**)

Waaye Yàlla du yem ak ñoom foofu ndax waajalal na leen ab añ.

Wànte ba tey jii, am na ñu ni mel. Mbokki déglukat yi, nanu moytoo mel ni maam yooya. Nanu wattu sunu bopp te bañ a xalaat ne ñooñu ay yéeféer lañu woon. Yaw itam, ndax say jëf dañu wonewul lu ni mel? Ndax sag topp Yàlla melul ni bob Farisen yeek xutbakati jamonoy Yeesu? Ñoom de, lii la leen Yeesu waxoon te na la wóor ne du ñoom rekk waaye itam képp ku sa dund mel ni seen yos. Yeesu dafa leen ne woon:

"*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yeen a ngi setal* ***bitib*** *kaas bi ak ndab li,*

*waaye **ci biir** dafa fees ak càcc ak ëppal. Farisen yu gumba yi! Jëkkleen a setal **biir** kaas bi ak ndab li, ngir **biti bi** itam set. ...dingeen torox! Ndaxte yeen a ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal. Ci biti am nañu melo wu rafet, waaye ci biir dañoo fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. ...**ci ngistal dangeen mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon.***" **(Mc 23:25-28**)

Kon xarit yi nuy déglu, gis ngeen ni sëriñ Saag njiiti xeet wa ca jamonoy Yeesu meloon. Bi ñu xamee li Yàlla wax ak li mu yéene lépp ci mbirum Almasi bi, jaarale ko ci yonent yi, taxul woon ñu nangu ko. Dañu def samandaay kuy liggéeyal Yàlla, fekk duñu def sax li mu leen sant. Loolook neen a yem. Yeesu ne na *dañu daan takk say yu diis, yen* [ko] *nit ñi, waaye* [ñoom duñu ko] *nangoo laal sax ak seen cati baaraam. Dañuy def seeni jëf yépp, ngir nit ñi gis leen, di takk ay téere yu réy, tey réyal seeni laari mbubb. Moo tax...buleen roy seeni jëf, ndaxte dañuy wax waaye duñu ko jëfe.* **(Mc 23:4,5,3**)

Bu loolu wéyee, mbokki déglukat yi, nu wéy ba tey ci sunu léebu bi ba gis li Yeesu wax ci jeneen doom ji. Mu ne: "*Gannaaw gi, baay ba ñëw ca* [tofo ba]*, wax ko* [mu dem tool]*. Mu tontu ko ne: Bëgguma caa dem. Waaye gannaaw loolu xelam yedd ko mu soppi xalaatam, daldi dem tool.*" (aaya 30) Dégg ngeen ni doom jii def? Dafa jëkk a bañ ne du dem tool, nekk ci lu ko neex. Waaye bi mu **seetaatee xelam, réccu na** daldi dem tool. Moom la Yeesu méngale ak ni juutikat yeek caga ji, ak ñépp ñi ñu teg ñu bon, jëfe woon bi ñu déggee waareb xabaaru Yàlla bu baax bi.

Moona, ñooñu nekkuñu woon ñu mbiri diine ak waxi Yàlla yitteel. Xam ngeen juutikat yi ci jamono jooja. Ro, yi nootoon Israyil lañu daan liggéeyal. Ñuy jël seen xaalis, di laaj lu weesu li ñu leen laajloo. Ba tax waa réew mépp siboon leen. Jigéeni moykat yi ñoom, ku nekk xam na seeni yëngu-yëngu ba tax kenn nawloowu leen woon. Ñooñii nag ñooy ñi ñu tegoon ñu bon, ñu yées, ba di leen laale bant bu gudd. Waaye li ñuy seetlu mooy ñoom, ñoo gënoon a ragal Yàlla ci seen xol ba tax seen xel soppiku ñu gëm yoonu njub wi Yàlla tëral, wànte du woon sëriñ sa. Ñoom ñi ñu teg ñu tekkiwul dara, ñoom la seeni xol gën a woyof. Noonu, ñu gis seen ñàkk doole fa kanamu Yàlla te bi ñu déggee Yaxya muy yégle lu jëm ci Musalkat, bi Yàlla yónni, ñu gëm ko. Moo tax Kàddug Yàlla ne na:

"*Yeen ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yeen a ko yelloo.*" **(Mc 5:3**)

Xarit yi, nit ñooñu xanaa nekkuñu woon ay aafis yuy liggéeyal Yàlla ni njiiti diiney xeet wa. Wànte terewul bi ñu déggee waareb yoonu njub wi Yàlla tëral, mu laal seeni xol, ñu gëm ko te Yàlla baal leen seen bàkkaar. Yeesu nag ne, ñooñu dinañu tàbbi ci nguuru Yàlla bàyyi fa boroom kaala yu réy, ya bëggul woon a gëm yoonu njub wi Yàlla tëral. Ndaxte Mbind mi ne na:

"*...Aji Sax ji du fonk li nit di fonk. Nit li ci biti lay seet, waaye Yàlla Aji Sax ji Moom, xol lay seet.*" **(1Sa 16:7**)

Léegi nag nu ñëw ci li Yeesu waxoon sëriñ Saag njiiti diine ya ne leen:

"*...Yaxya ñëw na ci yeen ci yoonu njub, te gëmuleen ko; waaye juutikat yi ak jigéeni moykat yi gëm nañu ko. Te gannaaw bi ngeen gisee loolu, seen xel soppikuwul sax, ba ngeen gëm ko.*" **(Mc 21:32**) Xarit yi nuy déglu, noonu la xoli njiit yooyu meloon ndax seenug réy, waxoon nanu ko ba noppi. Waaye seen melokaan woowu, du woon lu bett Boroom bi Yeesu. Xamoon na ne noonu la mbir yiy deme, mu dëppook ni ko yonent yi jiitu waxe woon. Yonent ya dañu yégle woon ne Almasi bi di **doj** wi Yàlla samp, dafay fakkastale. Xeer la wuy daaneel nit ñu mel ni xutbakat yeek Farisen yi. Waaye Mbind mi ne na: "*Ku wéeru ci Moom, sa yaakaar du tas* [mukk!]*...Kon nag yeen ñi gëm, am ngeen cér ci teraangaam. Waaye...**Doj wa tabaxkat ya sànni**, mujj na di doju koñ.*" **(Isa 8:14 Ro 9:33 1Pi 2:7**)

Ci dëgg, ñu bañ ko walla ñu nangu ko, Yeesu nekk na ki mu doon ba noppi: Musalkatu àddina. Mbindeef mënu ci dara! Lu mat ñaari junniy at a ngi nii yoo xam ne, ay boroom daraja, ay buur, ak i kilifa ci gox yu bare ci àddina, démb niki tey, dañu mës di xeex ki Yàlla fal. Ñuy jéem a nasaxal jëfu Yeesu, di fexee

faagaagal ñi koy topp te di wut a fey seen ngëm ci pexe yu wuute. Waaye Boroom bi mooy aar Kàddoom te di ànd ak taalibeem yu wér yi ni mu ko digee naan:

‟*Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. duñu sànku mukk, te kenn du leen jële ci sama loxo.*” **(Yow 10:27,28**)

Moo tax kenn walla dara du mën a def ci ñoom safaan. Ni ko Mbind mi wax ne:

‟*Gannaaw Yàlla ànd na ak nun, kan moo nu mënal dara? ...Kan moo nu mën a tàggaleek mbëggeelu Kirist? ...Du dee, du dund, du malaaka yi, du seeni kilifa, du tey, du ëllëg, du boroom doole yi, du li ci kaw mbaa li ci suuf, mbaa leneen lu ñu bind; dara mënu noo tàggale mukk ak mbëggeel, gi nu Yàlla jox ci Kirist Yeesu sunu Boroom.*” **(Ro 8:31,35,38,39**)

Loolu la Wolof Njaay naan: ‟**Suul ker, du ko teree feeñ!**” Te noonu la ko Sabóor indee it bi mu naan:

‟*Lu tax xeeti àddina di riir, te giir yiy nas pexey neen? Buuri àddina di tëkku, te boroom tur yiy diisoo, jànkoonte ak Aji Sax ji tey bañ Ki mu fal.*” **(Ps 2:1,2**)

Ndeysaan, xamuñu ne Yeesu Almasi bi mooy boroom ndam li, démb, tey ak ba fàww. Amiin!

Naka sëriñ Saag njiiti xeet wa gëmul woon li leen yonent Yàlla Yaxya waxoon ci Almasi bi, Yeesu dafa wax ne, ñoom ay gumba lañu, yuy wommat gumba. Gumba nag buy wommat moroomam, dinañu daanu ñoom ñaar ñépp ci kàmb. **(Mc 15:14**) Waaye, ngeen yaakaar ne niti jamono jii ñoo tane nit ñooña? Déedéet! Ndaxte yonent Yàlla Suleymaan dafa ne: ‟*Amul dara lu bees ci nit, ñi jant biy fenk ci seen kaw*.” **(Ec 1:9**) Ba tey dañuy wax ak a def lu dëppoowul ak diine walla ngëm mbaa daraja ji ñuy mbubboo di ko woote. **Lu waay di wuyoo da koy niru!** Waaw, lu tax sëriñ sa ak njiiti diiney jamonoy Yeesu gëmuñu woon li leen yonent Yàlla Yaxya waxoon ci Almasi bi? Lan la leen Yaxya doon yégal lu ñu mënul woon a nangu? Mbind mi ne na, sas wi Yàlla dénkoon Yaxya doomu Sakariya, moo doon: ‟*delloo niti Israyil yu bare ci Yàlla seen Boroom. Mooy jiitu, di yégle ñëwu Boroom bi* [Yeesu]*, ànd ak xel mi ak doole, ji yonent Yàlla Iliyas amoon. ...Noonu dina waajal mbooloo muy teeru Boroom bi.*” **(Lu 1:16,17**)

Waaw, Yàlla yónni na Yaxya ngir mu waajal ñëwu Boroom bi Yeesu. Waaye njiiti diine yi xamoon li Mbind mi wax ci Almasi bi, bañ koo nangu. Ñi ñu teg ñu bon, ñooñu ñoo ko gëmoon. Moo tax Yeesu ne: ‟*...ñi mujj ñooy jiituji, ñi jiitu ñooy mujj*.” **(Mc 20:16**) Yaw miy déglu nag, ndax bëgg nga bokk ci ñiy jiituji ëllëg? Li wér mooy bëgg nga cee bokk. Wax ji kay mooy ndax dinga def li nga war a def ngir bokk ci ñiy jiituji ëllëg! Lenn rekk nga war a def. Mooy nga gëm li yonent yi wax ci Almasi bi ne, képp ku ko gëm Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam. Ndaxte mucc amul ci keneen, te ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce su dul turu Yeesu. **(Jëf 10:43 4:12**)

Almasi bi Yeesu def na lépp ba mu joxee bakkanam ca bant ba, tuur deretam, faral la sa boru bàkkaar te dekki ca néew ya ca ñetteelu fan ba. **Lépp mat na!** Gëm rekk nga war a def léegi, du leneen. Ndaxte Mbind mi ne na:

‟*Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la; du peyu jëf, ngir kenn du ci kañu.*” **(Ef 2:8,9**)

Xarit yi nuy déglu, fii lanuy yem ak yeen tey. Jërëjëf ci déglu bi, su ngeen amee laaj, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci waxu Yeesu jii ne: ‟***Lu tax ngeen may wooye: Boroom bi, Boroom bi te dungeen def li may wax*?**” **(Lu 6:46**)

# 144 Fukki janq ya

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngiy sant Yàlla di leen bége yeen déglukati emisyoŋ *YOONU NJUB* yépp.

Mbokk yi, dellusi nanu fas yéene jàngandook yeen tey beneen léebu. Xam ngeen ne Wolof Njaay dafa wax ne: **Fàggu moo gën faju.** Moo waral nu bëgg a gëstu ci léebu fukki janq ya. Fukki janq yooyu Yeesu nettali woon seen mbir, lanu bëgg a seet ba gis la xewoon ak ñoom ak lees ca mën a jànge.

Mbind mi ne na:

‟*Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dina mel ni fukki janq, ñu fab seeni làmp, génn, gatanduji* <u>*boroom séet ba*</u>*. Fekk juróom ca janq ya di ñu am xel, juróom ya ca des ñàkk xel.* <u>*Ñi ñàkk xel*</u> *nag fab nañu seeni làmp, waaye fabaalewuñu diwlin; waaye* <u>*ñi am xel*</u> *ñoom fab nañu seeni làmp, fabaale diwlin ciy njaq. Ni boroom séet bi yeexee ñëw nag, ñépp gëmmeentu bay nelaw. Noonu ci xaaju guddi baat jib ne: Boroom séet baa ngi, génnleen, gatandu ko! Bi ko janq ya déggee, ñu jóg, defar seeni làmp. Ñi ñàkk xel wax ñi am xel: Mayleen nu ci seen diwlin, ndaxte sunuy làmp ñu ngi bëgg a fey. Waaye ñi am xel tontu leen ne: Li nu yor du doy ngir nun ak yeen; tee ngeen a dem ca jaaykat ya, jënd. Bi nga xamee ne, dem nañu jëndi, boroom séet ba agsi. Ñi amoon diwlin ci seeni làmp, ànd ak boroom séet ba ca reer ya. Noonu* <u>*bunt ba tëj*</u>*. Gannaaw loolu janq ya ca des agsi, naan: Sang bi, Sang bi, ubbil nu. Waaye mu tontu leen ne: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, xamuma leen. Yeewuleen nag, ndaxte xamuleen bés ba mbaa waxtu wa.*” **(Mc 25:1-13**)

Mbokki déglukat yi, dégg ngeen li dal fukki janq yooyii. Ba ñu demee ca seen céetug xarit, xamoon nañu ne boroom séet bi dina guddee ñëw. Waaye li leen umpoon, mooy waxtu wa boroom séet bi nar a agsi. Noonu, juróom ña fàggu petarol bu doy ngir seeni làmp mën a tàkk guddi gépp su ko laajee. Waaye juróom ña ca des ñoom, fàgguwuñu woon petarol bu doy. War ngeen xam ne, ca jamono yooya Yeesu nettali woon léebu bii, ci aaday Yawut yi, bu céet mësaan am, xariti ku jigéen ki dañu daan ñëw wéttalisi ko. Te ña daan gatanduji ku góor ki, buy jëlsi soxnaam, ci xarit yu jigéen yooyu lañuy bokk. Loolu nag defe naa sax jafewul a dégg ci nun fii, ndax am nanu fi aada yu ni xaw a mel.

Kon su nuy faramfànce léebu bii, danuy gis ne, **boroom séet bi,** Yeesu Kirist lay misaal. Xam ngeen ne fi mu ne nii, Boroom bi Yeesoo nga toog ca ndeyjooru Yàlla te foofa lay jóge ñëwaat fii. Noonu la ko malaaka ya waxe woon taalibeem, ya taxawoon di xool jàkk asamaan keroog ba mu yéegaat jëm asamaan. Ñu ne leen:

‟*Yeen waa Galile, lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan si? Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina dellusi ci ni ngeen ko gise, muy dem asamaan.*” **(Jëf 1:11**)

Bu Yeesu ñëwaatee fii nag, dafay jëlsi ‟**séetam**” bi di **Jàngu bi** maanaam mbooloom ñi gëm Kirist ci àddina sépp. Ci loolu nag, am na ñu ñàkk a dégg li Mbind mi di jàngale fii. Ñu naan, séet bi dafay wone ne bu Yeesu dellusee ci àddina, dina jël soxna te am ciy doom. Ñooñu dégguñu li Mbind mu sell mi wax ci mbir moomu. Li ñu ci war a dégg mooy li Yeesu waxoon ay taalibeem naan leen:

‟*...Maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk. Te su ma leen defaralee bérëb booba ba noppi, dinaa dellusi, yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yeen itam.*” **(Yow 14:2,3**)

Loolu mbóot la moo xam ne, Kàddug Yàlla leeral na ko bi mu naan:

‟*Yeen nag góor ñi, na ku nekk bëgg jabaram, ni Kirist bëgge* <u>*mbooloo mi*</u>*, ba joxe bakkanam ndax moom, ngir sellal ko ak kàddoom, ba mu laab ni ku sangu set. Noonu dina ko jël, mu mel ni* <u>***séet***</u> *bu ñu waajal, di* <u>***mbooloom***</u> *mu soloo ndam, te gàkkul, rasul, taqul leneen, waaye mu sell te amul sikk. ...Loolu ëmb na mbóot mu xóot;* [mu] *jëm ci* <u>*Kirist*</u> *ak* <u>*mbooloo mi*</u>*.*” **(Ef 5:25-27,32**)

Xarit yi nuy déglu, nii lees war a dégge "**séetu**" Mbote mi di Kirist Yeesu. Waaye su amee ñenn ñu déggul wax bii du doon mbetteel gu réy ci nun ndaxte, naka la nit mën a dégge li Yàlla bëgg a wax te amul Xelum Yàlla? Mbind mi wax na ko bi mu naan:

"*Kan ci nit ñi moo xam yëfi nit? Xanaa xelum nit mi nekk ci moom rekk a ko xam. Noonu it, kenn xamul yëfi Yàlla, ku dul Xelum Yàlla. Nun nag Xel mi nu jot, jógewul ci àddina, waaye Yàllaa nu ko sol. Te loolu nu Yàlla may yéglewunu ko ci ay baat, yu soqikoo ci xam-xamu nit, waaye nu ngi koy yégle ci baat, yi soqikoo ci Xelum Yàlla, di tekkantal yëfi Xelum Yàlla ci ay baat yu mu nu sol.*" **(1Ko 2:11-13**)

Xarit yi nuy déglu, na Yàlla rekk am ndam! Kon ba tey, ci mbirum **fukki janq yi**, am na ñu ko dégge ne Kàddug Yàlla, di Biibal bi dafay wone ne mënees na denc soxna yu bare. Waaye loolu ñàkk a dégg aaday Yawut yi rekk la. Ñiy wax loolu dañu réere mbir li fi Kàddug Yàlla bëgg a jàngale. Li fukki janq yi di misaal fii daal mooy mboolem way-gëm Kirist yi ci biir <u>Jàngu bi</u> nekk ci àddina sépp. Te ñooñu dees leen di ràññee ci ñaari pàcc: ñi nga nga xam ne dañuy wuyoo turu Kirist rekk ak ñi ko gëm dëgg te di dund ci anam yu yellook kuy xaar ñëwaatu Yeesu. Ci loolu kon, **juróomi janq yu am xel yi,** ñooy misaal ñi gëm Yeesu Kirist te seen dund, dëppook dundinu ñuy xaar seen ñëwaatu Boroom bi di Yeesu. **Juróomi janq yu ñàkk xel yi** nag ñoom, ñoo di misaal ñiy wuyoo turu Yeesu rekk te fekk duñu ko dund.

Noonu, nanu gëstu tuuti ci ñaari kureeli way-gëm yooyu. Nu tàmbalee ci janq yu am xel yi. **Ñi am xel**, ba ñuy dem, dañu fab seeni làmp, fabaale petarol bu doy ciy njaq ngir bu, la nekk ca seeni làmp jeexee, ñu duyaat leen. Noonu, lu boroom séet bi guddee guddee, seeni làmp duñu fey. Mooy misaal ne, sunu ngëm ci Yeesu dafa war a nekk lu wér. Bu ko defee, Xel mu Sell mi nu Yàlla may mën a def liggéeyam ci sunu dund. Ni diw walla petarol bi ñu def ci làmp bi taxe ba làmp biy tàkk di leeral, noonu la Xel mu Sell miy def ci dundu taalibe Kirist bu wér. Dafa koy jiite di ko gindi ci dundam. Loolu la Yeesu bëgg képp ku koy topp def ko. Xel mu Sell mi mooy làmp bi nuy leeral. Moo tax Yeesu ne woon:

"*Yeen a di leeru àddina. Dëkk, bu nekk ci kaw tund, du mën a nëbbu. Te it duñu taal làmp, dëpp cig leget, waaye dañu koy wékk, ba muy leeral ñi nekk ci kër gi ñépp. Na seen leer leere noonu ci kanamu nit ñi, ngir ñu gis seeni jëf yu rafet, te màggal seen Baay bi ci kaw.*" **(Mc 5:14-16**)

Kon daal juróomi janq yu am xel ñoo di misaal taalibe Yeesu yu dëggu yi. Ñoom, fu ñu tollu, dañuy bàyyi xel ci dellusig Yeesu. Bu ko defee seen dundin dina nekk lu ñépp di rafetlu.

Léegi nag bu nu ñëwee ci janq yi<u>**ñàkk xel,**</u> danuy gis ne ñoom, fab nañu naam seeni làmp waaye fabaalewuñu petarol bu doy ngir fàggandiku guddeeg boroom séet bi. Noonu ba guddi ga xóotee, ñu ñàkk petarol. Li leen dal nag, mat naa bàyyi xel. Ba ñu dawee di jëndi petarol, boroom séet ba ñëw ci seen gannaaw. Noonu ba ñu wutee petarol ba dellusi, mënuñu woon a dugg ca néegu berndeel ba. La daloon niti jamonoy Nóoyin ya dal na leen. Fàgguwuñu woon, defuñu woon ni seeni juróomi moroom ya ca des. Dañu sàggane woon mbir mu am solo.

Noonu, du ñépp ñiy wuyoo turu Kirist ñooy jëfe ay ndigalam. Du ñoom ñépp ñooy dund dundin wu dëppook coobare Boroom bi. Juróomi janq yu sàggan yii misaal nañu ñiy wuyoo turu Yeesu rekk te duñu def lu dul topp seen nafsu. Benn bés dinañu bëgg a dugg ci nguuru Yàlla mu të leen. Li ko waral du coxorug Yàlla. Mukk! Ndaxte Yàlla soxarul! Li ko waral kay, moo di Yàlla dafa sell te mënul a bokk jataay ak dara lu sellul. Nit ñooñu, Kàddug Yàlla dafa ne, dingeen leen xàmmee ci seeni jëf. Ndax mëneesul witte réseñ ci dédd, walla figg ci xaaxaam. Te garab gu bon, doom yu bon lay meññ, mënul a meññ doom yu neex. Garab gu dul meññ doom yu neex nag, dees na ko gor, sànni ca safara. **(Mc 7:17-20**) Loolu keroog bés bu mujj ba lay am.

Kon nag mbokki déglukat yi, bi nga xamee ne janq ju sàggan jooju wuti nañu petarol ba dellusi, ñu fekk boroom séet ba moom agsi na ba dugg ak ñu am xel ña, <u>tëj bunt ba</u>. Ñu fëgg a fëgg ba sonn waaye dara. Jamonoy dugg weesu woon na. Ba ñu amee jot, xalaatuñu woon ci seeni làmp.

Waaye yaw miy déglu wax jii, lan nga ci mën a jànge? Danga war a xam ne, tey jii, bunt bi ubbiku na! Buntu mucc bi ubbiku na ba ne fàŋŋ ngir képp ku bëgg a mucc ci mbugalu safara ëllëg daldi dugg. Bunt bi nag, du ubbiku ba fàww. Fàttalikul li Yeesu wax ci léebu bii ne:

"*Yeewuleen nag, ndaxte xamuleen bés ba mbaa waxtu wa.*" (**Mc 25:13**)

Kon tey, am nga jotu xalaat ci sa ëllëg. Am nga jotu dogu tey jii fan nga bëgg a nekk diirub laaxira. Bunt baa ngi ne ŋàpp di xaar nga dugg ba mucc mel ni juróom-ñetti nit ña mucce woon ca mbënnum ndox ma ca jamonoy yonent Yàlla Nóoyin. Mel itam ni juróomi janq yi duggandook boroom séet ba ca biir néegu bernde ba. Xarit yi, mbir yooyu yépp dañuy misaal Àjjana ak ña cay tàbbi. Kon looy xaarati yaw miy déglu? Bul xaar! Kàddug Yàlla nee na:

"*Tey jii la jamono ju jekk ji; tey la bésub mucc gi.*" (**2Ko 6:2**)

Dëgg la, tey la bésu mucc bi ndaxte muñug Yàlla kat, am na fu mu yem de. Niti jamonoy Nóoyin ya, Yàlla mayoon na leen jot gu doy ngir ñu gëm. Wànte ba ñu lànkee, Yàlla deful lu dul xaar waxtu wa mu àppoon jot. Ba waxtu wa jotee, Yàlla daldi tëj bunt gaal ba. Noonu pexem mucc jeex tàkk ci ña bañoon a dugg ca gaalu mucc ga. Kon sama waay, nanu waxante dëgg. Bés ba, dina mel ni keroog ca mbënnum Nóoyin ma. Kàddug Yàlla ne:

"*...Bés ya jiitu mbënn ma, nit ñaa ngi doon lekk di naan, góor ñaa ngi doon takk jabar, tey maye seeni doom, ba bés ba Nóoyin duggee ca gaal ga; xalaatuñu woon dara, ba kera ndoxum mbënn ma di dikk, yóbbu leen. Noonu lay mel ci ñëwu Doomu nit ki.*" (**Mc 24:38-39**)

Bu boobaa nag, réccu dina fekk jëf wees ci lu wér. **Fàggu moo gën faju.**

Kon yaw itam, mbaa doo mel ni ñu dëgër bopp ñooña? Jaaral ci buntu mucc, bi Yàlla waajal doom Aadama yi. Yeesu ne na:

"***Man maay bunt bi. Ku jaar ci man, dinga mucc, ...Man maay yoon wi, dëgg gi, ak dund gi. Kenn du ñëw ci Baay bi te jaarul ci man.***" (**Yow 10:9 14:6**)

Ndax gëm nga loolu? Bés a ngiy ñëw, Yàlla dina tëj bunt bi. Bu Yàlla tëjee nag amul kenn ku am màqaamay tijji. Fàttalikul ne, ba bunt ba tëjee, te janq ya jëndi woon petarol agsi, dañu fëgg ba sonn, waaye kenn ubbiwul. Boroom séet ba ne leen: Ci dëgg maa ngi leen koy wax, xamuma leen.

Kon sama xarit, ngir moytu lu ni mel, danga war a nangu ne Yàlla daal, Aji Sell la te yaw ak man ay bàkkaarkat lanu. Itam, nga nangu ne sa bàkkaar a tax mënoo jege Yàlla. Te loolu moom, du yaw rekk, ndaxte ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamu Yàlla. Bu loolu wéyee nag, nga nangu ne Yàlla, ci mbaaxam ak yërmandeem, saafaraal na jafe-jafe bi. Saafaraal na ko ci li mu yónni Yeesu Kirist mu dee ci sa palaas, ca bant ba, ñu suul ko mu dekki ca ñetteelu fan ba. Boo gëmee loolu, mu nekk ngëm gu wér ci sa xol, xamal ne Yàlla baal na la say bàkkaar, may la Xelam mu Sell mi. Te ni ko Yeesu mi dul waxantu waxe, "*Génn nga ci dee tàbbi ci dund.*" (**Yow 5:24**)

Kon nag mbokki déglukat yi, ci loolu lanu leen di tàggoo te di leen jox dox daje emisyoŋ biy ñëw ndegam neex na Yàlla. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen déglu bu baax Kàddug Yàlla giy wax naan: "***Yeewuleen nag! ...te jóge ci biir néew yi ...Noonu sàmmleen seen dundin, waxuma ni ñu amul xel, waaye ni ñu am xel.***" (**Mc 25:13 Ef 5:14,15**)

# 145 Beykat yi ak doomu boroom tool bi

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp nangu yoonu njub wi mu tëral. Nu ngi dellu di sant Yàlla ci li nu leen mën a dégtal seen emisyoŋ bi ngeen sopp, di *YOONU NJUB.*

Mbokki déglukat yi, xam ngeen ne dañu naan: "**Ku rey say noon, say bokk jeex.**" Muy wax joo xam ne mënees na koo dëggal, ndax misaal yu bare, yu xew ci gox yu wuute. Loolu di wund rekk ne, nooni nit a ngi ëppe ciy bokkam. Ci loolu, dinanu jàng tey beneen léebu bu Boroom bi Yeesu waxaatoon jëmaleeti ci sëriñ su mag sa, xutbakat ya ak njiiti xeet wa. Yeesu ne leen:

"*...Amoon na fi benn boroom kër, bu jëmbët toolu réseñ. Mu ñag tool bi, gas ci biir pax, ngir nal ci réseñ ji. Mu tabax wottukaay, batale ko ay beykat, daldi tukki. Bi nga xamee ne, bëgg nañu witt réseñ yi, mu yónni ay surgaam ci beykat yi, ngir jot wàllam ci meññeef mi. Waaye beykat yi jàpp surga yi, kenn ki ñu dóor ko ay yar, keneen ki ñu rey ko, ki ci des ñu sànni ko ay doj. Boroom kër gi nag yónniwaat yeneen surga, yu ëpp yu jëkk ya, beykat yi def leen noonu ñoom itam. Mujj mu yónni doomam naan: Xëyna ñu weg sama doom. Waaye bi beykat yi gisee doom ji, ñu ne ci seen* [xel]*: Kii moo war a donn tool bi; nanu ko rey, moom ndonoom. Ñu jàpp ko nag, génne ko tool bi, rey ko.*

*Noonu Yeesu laaj leen: Bu boroom tool bi ñëwee nag, na muy def beykat yi? Ñu ne ko: Dina rey reyin wu ñaaw nit ñu soxor ñooñu, batale tool bi yeneen beykat, yu koy jox wàllam ci jamonoy meññeef. Kon Yeesu ne leen: Xanaa mësuleen jàng lii ci Mbind yi: <u>Doj wi tabaxkat yi sànni; mujj na di doju koñ;</u> ci Boroom bi la loolu jóge, te yéemu nanu ci. Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, dinañu leen xañ nguuru Yàlla, dénk ko <u>xeet wuy def ay jëfam.</u> Ku dal ci <u>doj wii</u>, dammatoo; ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la. Bi nga xamee ne, sëriñ su mag sa ak Farisen ya dégg nañu léebam..., ñu xam ne ñoom lay wax. Noonu ñu di ko fexee jàpp, waaye ragal nañu nit ña, ndaxte ñépp teg nañu ko ab yonent.*" **(Mc 21:33-46**)

Xarit yi nuy déglu, gis ngeen ne léebu bii, day wone ni njiiti diine yooyu taxawe woon ci tànki rey Yeesu gannaaw ba ñu ko gàntoo, bañ koo gëm. Xam ngeen ne yonent Yàlla Yanqóoba mi Yàlla soppi woon turam mu tudd Israyil juroon na fukki doom yu góor ak ñaar. Te ñooñoo sos fukki giir ak ñaar yi tax ñu naan bànni Israyil. Maanaam xeetu Yawut yi. Ñu nekk xeet wi Yàlla tànn ngir jëme kanam pexeem mi mu tëraloon ngir musal àddina ci mbugalu bàkkaar. Waaye nekk xeet wi Yàlla tànn taxul woon seen dundinu bés bu nekk dëppoo ak li Yàlla bëgg.

Wànte seen ñàkk déggal Yàlla terewul Yàlla nekk kuy sàmm kóllëre. Noonu, ci xeetu Yawut yi la Yàlla daan génnee yonent yi mu daan yebal ci mbooloo ma di leen gindi ci coobareem. Te itam ci seen biir la Yàlla beraloon boppam genn giir di giiru Lewi ñu nekk ay sëriñ. Seen sas moo nekkoon di toppatoo mbiri kër Yàlla ga te di jàngal xeet wa mbiri diine. Niti diine yooyee, ak Farisen ya ca jamonoy Yeesu ak ñi mel ni ñoom, ñoo taxoon Yeesu wax léebu tey bi.

Laata Musalkat biy ñëw, Yàlla yónni woon na ay yonent ngir ñuy jàngal nit ñi, di leen yedd, di leen jubbanti. Waaye itam ngir ñu waajal ñëwu Musalkat bi jaare ko ci misaali sarax, yi yoonu Yàlla wi tëraloon te sëriñ ya daan leen def. Sarax yooya nag, Yàlla jubluwu ci woon mucc gu sax. Déedéet! Li ci Yàlla jublu woon mooy ñu xam ne ay misaal lañu woon rekk. Dañu doon misaal **saraxu** Musalkat bi doon waaj a ñëw te nekk **sarax bu mat bi.** Moom la Mbind miy wax naan:

"*Yoonu Musaa wi dafa misaal xéewal yi waroon a ñëw; takkandeer la ci yëf <u>yu dëggu yi,</u> waaye <u>du ñoom ci seen bopp</u>. Looloo tax mënul a yeggale cig mat ñi ñëw ci Yàlla, ndaxte at mu nekk duñu jóg ci jébbal Yàlla sarax yooyu. Sarax yi ñuy def, bu ñu mënoon a sellal ñiy jaamu benn yoon ba fàww, kon dinañu leen bàyyi, ndaxte dootuñu am yeraange ci seeni bàkkaar. Waaye dañuy fàttaliku bàkkaar yi, ci sarax yi ñuy def at mu jot. Ndaxte deretu yëkk yi ak ju sikket yi mënuñoo dindi bàkkaar yi. <u>Looloo tax bi muy wàcc àddina, Kirist Yeesu nee na: Bëggoo saraxu mala walla beneen sarax, waaye aw yaram nga ma defaral. Sarax yu ñuy lakk walla sarax yiy dindi bàkkaar yi, benn neexu la ci. Moo tax ma ne: Damaa wàcc ngir def sa coobare, yaw</u>*

*Yàlla, mu dëppoo ak li ñu bind ci sama mbir ci téereb yoon wi. ...li Kirist def coobareg Yàlla, bi mu joxee yaramam sarax benn yoon ba fàww, moo tax nu sell ci bàkkaar. Bés bu nekk sëriñ si dañuy taxaw di liggéeyal Yàlla, di sax ci def sarax, yu mënul a dindi bàkkaar yi mukk. Waaye nag sëriñ bii di Kirist, bi mu saraxee sarax bu am doole ngir dindi bàkkaar yi benn yoon ba fàww, dafa toog ca ndeyjooru Yàlla, di xaar ba kera mu daaneel ko ay noonam ci kanamam.* ***Noonu ñi ñuy sellal, ci benn sarax rekk la leen yeggali cig mat ba fàww.*** " **(Yt 10:1-7,10-14**)

Kon, laata Almasi bi di ñëw, Yàlla waajaloon na ko te waajal itam waa àddina ngir ñu mën koo gëm ba am ci moom muccug ruu. Waaye ndax waa àddina jàppoon nañu bu baax li leen Yàlla nammaloon? Déedéet! Sunu léebu tey bi dafa nuy won ni nga xam ne njiiti diine ya jëfe woon nañu ko, jëme ci Ki indil àddina mucc gu sax gi. **Boroom tool bi**, mooy misaal Yàlla mi sàkk lépp, moom lépp ak fépp. Gannaaw ba Seytaane daaneelee Aadama ci bàkkaar, nit mënatul woon jege Yàlla Aji Sell ji. Moo tax Yàlla ci yërmandeem, mu xalaat menn pexe ngir musal doom Aadama yi. Ndaxte Yàlla, boroom tool bi di àddina, dafa ko bëgg lool. Moo tax mu joxe ki mu tudde Doomam, di Yeesu, ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk. *Waaye nag mbokki déglukat yi, xanaa nu fàttali rekk ne, Doomu Yàlla tekkiwul ne Yàlla dafa am soxna ba am ca doom. Mukk! Xalaatunu ko sax! Li tax Yàlla tudde Yeesu Doomam mooy, Yeesu ci kaw la jóge, ci jataayu Yàlla. Dafa xaw a mel ni Móodu-móodu bi dem Itali walla Amerig. Bu ñu koy wonaleek nit dañu naan kii doomu Senegaal la. Moona Senegaal séyul ak jigéen ba ciy am doom. Dañuy waxe noonu ndax li waa ji bawoo Senegaal. Naka noonu itam, Yàlla ak malaaka yi ak yonent yi dañu tudde Yeesu Almasi bi 'Doomu Yàlla ji', ndaxte ci Yàlla la bawoo. Yeesu amul woon baay ci kaw suuf. Laata muy juddu sax, mu ngi dëkkoon ci asamaan, ndaxte mooy 'Kalimatula, di Kàddu, gi nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga.*

Léegi nag, nanu dellusi ci léeb bi. Ni ngeen ko dégge, **tool bi** mooy misaal waa àddina. Mbëggeel ak cofeel gi Yàlla am ci waa àddina moo tax mënul woon seetaan nit di sànku ba fàww ndax bàkkaaram. Ba tax Yàlla dénk tool bi ay beykat ngir ñu toppatoo tool bi, mu meññ bu baax a baax. Ñuy waajal noonu dellug nit ci Yàlla ak muccug nit ci mbugalu bàkkaar. Ci loolu ñu gis ne, **beykat yi** Yàlla dénkoon tool bi ngir ñu toppatoo ko, ñoo di sëriñ Saag njiit ya Yàlla dénkoon sasu jàngal mbooloo ma ba ñu xam Kàddug Yàlla. Ñu xam it li Yàlla namm ci ñoom. Waaye ndax defoon nañu li taxoon Yàlla dénk leen tool bi? Déedéet! Te sax yemuñu woon ci ñàkk a def seen liggéey ni mu ware. Ndaxte bi nga xamee ne Yàlla gis na seenug ñàkk a farlu ak takkute ci liggéey bi mu leen dénk, dafa yónni ay surgaam, di yonent yi, ngir ñu gindi mbooloo ma. Waaye njiiti diiney xeet wa toroxal yonent yooyu ni ko léebu bi indee. Te it Mbindi yonent yi wax nañu ko bi ñu naan:

"*...ñeneen ñi [ci yonent yi] dékku nañu ay xas, ak ay yar, ay jéng, ak kaso yi; ñii, sànni nañu leen ay xeer ba ñu dee; ñii ñu xar leen ñaar; ñii, ñu reye leen jaasi. Ñu ngi doon wëndéelu, sol ay deri xar ak yu bëy, di ay walaakaana; ñu di leen sonal, di leen fitnaal. Ñu ngi leen doon def noonu, fekk àddina sax yelloowu leen. Ñu ngi doon wëreelu ci àll yi ak ci tund yi, dal ci xunti yi ak ci kàmb yi.*" **(Yt 11:36-38**)

Noonu la, ay njiiti diine ñoo daan toroxal yonent, yi Yàlla daan yónni. Naka Yeesu itam, ay njiiti diinee ko sonaloon witt di ko tuumaal, ba daan ko teg ko dee. Moom la doomu boroom tool biy misaal ci léebu bii. Bi nga xamee ne liggéeykat yi di njiiti diine yi dóor nañu te rey yonent yi, Yàlla dafa yebal **doomam, reenu xolam.** Mu yaakaar ne dinañu ko rus nag, waaye mu mel ne sax dañu gën a ràkkatiku ndax añaane ko. Noonu la boroom diine yi kootoo ba reylu Almasi. Moona Yeesu du woon doxandéem ci ñoom. Ca réew ma la bokkoon, di fa yeewoo ñu xam ko, xam ay mbokkam. Maanaam daal yawut la woon ni ñoom. Waaye ñu soxare ko. Ci dëgg, "**Ku rey say noon say mbokk jeex.**" Wax bu jar a seetaat a ngi. Te loolu Yeesu firndeel na ko keroog ba mu delloo Nasaret dëkkam, ànd ak taalibe ya. Dafa fekk muy bésu noflaay, mu dugg ca jàngu ba, jàngal leen ba ñi ko doon déglu ñépp waaru ci xam-xamam. Ñuy laajante nag ndax kii du doomu Maryaama te di magu ñoom Saag? Te rakkam yu jigéen yi, ndax du ñoo fi nekk ak nun? Dañu doon wax loolu ndax xeebeel waaye itam kiñaan ga juddoo ci ñoom ba ñu gisee kiraama yi nekk ci Moom. Waaye Yeesu ne leen: "***Dees na faaydaal yonent, waaye du ci réewam, ciy mbokkam mbaa ci këram.***" **(Mk 6:4**)

Naka sëriñ su mag sa ak njiiti xeet wa, ñoom xamuñu woon ne, ci seen kootoo googii la Yàlla naroon a jaar

ngir amal nammeelam; di musal doom Aadama yi ci mbugalu bàkkaar jaare ko ci deewu Almasi bi. Loolu mooy li gënoon ci waa réew ma waaye itam mooy li gënoon ci doom Aadama yépp. Moo tax keroog ba sëriñ sa dajee di xalaat ci nu ñuy sàkkale pexe Yeesu, Yàlla jëfandikoo gémmiñu Kayif ma nekkoon sëriñ bu mag ba ca at mooma mu ne mbooloo ma: ‟*Xanaa xamuleen ne, kenn* ***nit rekk dee ngir ñépp, mooy li gën*** *ci yeen? Bu ko defee, réew mi du tas.*” **(Yow 11:50**) Li Kayif waxoon, waxu ko woon ci coobare boppam. Li mu nekkoon sëriñ bu mag ba ca at moomaa taxoon Yàlla xiir ko mu ne, Yeesu dina dee ngir réew mi. Te du woon ngir xeet woowa rekk, waaye itam ngir àddina sépp, ngir képp ku ko gëm dinga am dund gu dul jeex.

Mbokki déglukat yi, Yàlla moo dogal mbir yi deme noonu. Gannaaw ba Yàlla yebalee yonent yi, yónni na Doomam mu ñëw ci mujug jamono ngir Mu dee, tuur deretam te jaare ca jubale nit, ñi selladi ak Yàlla mi sell. Deretu Almasi bi rekk mooy li mën a sellal nit ba mu mën a jegewaat Yàlla. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

‟*...bu deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am.*” **(Yt 9:22**) Te it, ‟*Li jiitu tey Yàlla waxoon na ak maam ya ci wàll yu bare ak ci tëralin yu wuute jaarale ko ca yonent ya. Waaye ci mujug jamono jii nu tollu, Yàlla wax na ak nun jaarale ko ci Doom ji. Doomam jooju la Yàlla jagleel lépp, ... Te bi mu ubbee bunt ba nit di selle ci ay bàkkaaram, dafa toog fa ñu koy terale ca ndeyjooru Aji Màgg ji, ca kaw.*” **(Yt 1:1-2,3**)

Xarit yi, loolu mooy menn pexe mi am kepp ngir muccug doom Aadama yi. Yàlla mi sàkk lépp te moom lépp ku bare yërmande la. Wànte bàkkaar bi nu donne ci sunu maam Aadama moo tax kenn mënatul woon jege Yàlla Aji Sell ji. Waaye yërmandeem tax na ba Yàlla yónni Musalkat bi Yeesu mi mësul a bàkkaar. Noonu mu dee ci sunu palaas. Ndax gëm nga loolu? Mbaa meloo ni sëriñ su mag Saag Farisen, ya bañoon a nangu Almasi bi Yàlla yónni? Ndax gëm nga Ki Yàlla tudde reenu xolam? Kenn amul lu ko gën a jege reeni xolam. Kon su Yàlla nee Yeesu mooy reenu xolam, kuy wut a neex Yàlla, fàww nga bëgg te nangu kii di reenu xolam, di Yeesu.

Jërëjëf ci déglu bi. Su ngeen amee laaj ci li ngeen dégg tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ci Yeesu ne: ‟***...Doj wi tabaxkat yi sànni; mujj na di doju koñ; ...Ku dal ci doj wii, dammatoo; ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la.***” **(Mc 21:42,44**)

# 146 Waayu Samari ju baax ji

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Almasi bi Yeesu. Sunu mbég réy na ci li nu mën a dellusi ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Nu ngi leen di delloo njukkal ndax seen cofeel ci emisyoŋ bi, bir na nu.

Xarit yi nuy déglu, Mbind mi dafa wax ne: "***...Ci dëgg ... Yàlla du gënale.***" **(Jëf 10:34**) Ci lu wér! Lii nag moo tax tey nu tànnal leen beneen léebu Boroom bi Yeesu. Mu ngi ko waxoon ba mu yónnee taalibeem ya, ñu yégleji nguuru Yàlla gi ba dellusi. Booba, ab xutbakat bu nekkoon ca mbooloo ma di jéem a wedamloo Yeesu. Waaye nanu déglu Mbind mi ba dégg li xutbakat ba wax ak li ko Yeesu tontu. Noonu dinanu gis ne, "***Ñépp a yem fa kanam Yàlla.***" **(Ro 2:11**)

Mbind mi ne na:

"*Noonu benn xutbakat daldi jóg ngir fexee fiir Yeesu, ne ko: Kilifa gi, <u>lan laa war a def, ba am dund gu dul jeex?</u> Yeesu ne ko: Lu ñu bind ci yoonu Musaa? Lan nga ciy jàng? Nit ka ne ko:* ***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp****; te it:* ***Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp.*** *Yeesu ne ko nag: Li nga wax dëgg la. Boo defee loolu, dinga dund ba fàww. Waaye xutbakat ba bëggoon a am aw lay, ne Yeesu: <u>Kan mooy sama moroom nag</u>?*

*Yeesu tontu ko ne: Dafa amoon nit ku jóge woon Yerusalem, jëm Yeriko. Ay sàcc dogale ko, futti ko, dóor ko ba muy bëgg a dee, dem bàyyi ko fa. Faf ab sëriñ jaar ca yoon wa, séen nit ka, teggi. Benn waay it, bu soqikoo ci giiru Lewi, aw ca bérëb booba, séen waa ja, teggi. Waaye <u>benn waay, bu dëkk Samari</u>, doon tukki, ñëw ba jege waa ja, gis ko, yërëm ko. Noonu mu ñëw, diw ko diwlin ak biiñ ngir faj gaañu-gaañu ya, bandaas ko. Gannaaw loolu mu teg ko ci mbaamam, yóbbu ko cib fanaanukaay, di ko toppatoo. Bi bët setee, mu génne ñaari poseti xaalis, jox ko boroom kër ga, ne ko: Nanga toppatoo nit kooku. Bés bu ma fi jaaratee, dinaa la fey, man ci sama bopp, lépp loo ci dolli ci xaalis. Yeesu teg ca ne: Lu ciy sa xalaat? Kan ci ñett ñooñu moo jëfe ni kuy jëf jëme ci moroomam, ba ñu gisee nit ka sàcc ya dogale woon? Xutbakat ba tontu ko ne: Xanaa ki ko won yërmandeem. Yeesu ne ko nag: <u>Demal tey def ni moom.</u>*" **(Lu 10:25-37**)

Mbokk yi nuy déglu, noo déggandoo nettali bii. **Yàlla du gënale kenn ak moroomam.** Xam ngeen ne xutbakat yi, ni nu ko fi waxe woon, ay boroom xam-xam lañu woon ci diine Yawut yi. Ñoom ñooy firikati téereb yoonu Musaa wi. Yawut yi nag, dañu tegoon waa Samari ay yéeféer. Ba tax bëgguñu woon séq ak ñoom dara. Ba tey, am ñuy jëfe noonu. Ñu yaakaar ne ñoo gën ñépp, te xamuñu ne ñoom fa ñuy natt ngëneel, du foofa la ko Yàlla di natt. Xamal ne Yàlla ngëm gi nekk ci biir xolu nit lay seet. Seetul mbubb mu réy meek yu ni mel. Misaal mi leer na ci léebu bi. Sëriñ yeek nit ñu am daraja, romboon nañu nit ka, mu soxla wall lool. Waaye ñu teggi, dummóoyu, xool géej. Ba tey jii lu mel noonu rekk a fi am. Wànte mbetteel gi mooy lii: Nit ku bokk ci ñi ñu tegoon ñu bon, bokk ci xeetu Samari yi Yawut yi xeeboon. Kooku moo def jëf ju baax ji Yàlla tagg, naw ko. Loolu nag dëppoo na ak li Wolof Njaay di wax naan: Bu nu demee ba ca cippaa ndaw ja, **yuux dina jibe fu ñu ko foogewul.**

Xutbakat bi ci léebu bii, xamees na ne laajam du woon laaj bu dëggu ci moom: du woon laaj bu boroom di wut a xam. Mënees na gis bu leer ne, ñaari mbir a ko taxoon a jóg:

1- Dafa doon fexee **fiir** Yeesu bi mu ko nee: "*Lan laa war a def, ba am dund gu dul jeex*?" (aaya 25) Waaye yaw miy déglu te bëgg a xam bu wér lan nga war a def ba am dund gu dul jeex. Maanaam lan nga war a def ba boo deewee tàbbi Àjjana. Déglul li la Kàddug Yàlla wax.

Mu ne: ..."***Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp****; te it,* ***nanga bëgg sa moroom, ni sa bopp.***" (aaya 27)

Ñaari mbir yu am soloo ngi noonu ba tax Yeesu ne woon, yoonu Musaa wi nga xam ne fukki ndigal la ëmb,

tënkees na ko ci ñaari ndigal kepp. Maanaam bëgg Yàlla ak bëgg sa moroom. Ci mbirum **bëgg Yàlla,** xam naa dinga ma ne, yaw gën a waane. Nun ba nu bëggee Yàlla juddooguloo! Waaye, sama xarit, lan mooy **bëgg Yàlla** ci yaw? Nan nga dégge bëgg Yàlla? Ndaxte **bëgg Yàlla**, dafay jur déggal Yàlla, **déggal kàddoom**. Waaw, ndaxte Yàlla ak kàddoom benn lañu. Ci misaal, su Maxari nekkee ci gannaaw per mi di àddu nga dégg ko, danga naan, kooku de, Maxari la. Moona gisuloo Maxari. Wànte kàddoom nga xàmmee ba tax nga ne kooku Maxaree. Noonu la, Yàlla ak kàddoom duñu ñaar, kenn lañu. Moom la Mbind mi wax bi mu naan:

"*Ca njàlbéen ga fekk na Kàddu gi am, te Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla, te Kàddu gi Yàlla la woon. Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom la Yàlla jaar, sàkk lépp. Amul dara lu ñu sàkk te jaarul ci moom. ...Kàddu googu mooy leer gu wóor, gi ñëw ci àddina te di leeral nit ku nekk. Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko.*" **(Yow 1:1-3,9,10**)

Kon loolu wone na bu leer ne **Yeesu** mooy **kàddug Yàlla**. Noonu, **ki bëgg Yàlla**, mooy **ki bëgg Yeesu** te **gëm** ne mooy Musalkat, bi Yàlla yónni ngir mu feyal la sa boru bàkkaar jaare ko ci deewam ca bant ba. Moo tax Mbind mi ne:

"*Soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko, dinga mucc. Ndax xol la nit di gëme, ba tax mu jub ci kanamu Yàlla; làmmiñ it la nit di waxe ne, mu ngi ci Kirist, ba tax Yàlla musal ko.*" **(Ro 10:9,10**)

2- Léegi nu jàll ci ñaareelu mbir mi taxoon xutbakat bi àddu. (aaya 29) Mu ne Yeesu:*Kan mooy sama moroom*? Noonu gis nga ne mu ngi doon wut aw **lay,** di fexee wone ne am na ñoñ, moom du seen moroom. Maanaam ay moroomam barewuñu ci xeet wi. Ñi ëpp ci nit ñi, moo leen gën a jub moom miy xutbakat. Kon sempalu nit rekk du mën a doon moroomam. Ba tax na moom du leen mën a bëgg ni mu bëgge boppam. Te loolu mooy li sabab Yeesu nettali nu léebu waayu Samari ji. Kon li ci Boroom bi Yeesu jublu mooy ci bu jëkk, xamal góor googu waaye itam ñépp ñiy gise ni moom ne, su fekkee sax ab xutbakat nga, kilifa, boroom daraja, am xam-xam ci sa wàllu diine, loolu taxul nga gën kenn. Te it, taxul nga am dund gu dul jeex gi nga xam ne lu waay am te amuloo ko, amoo dara. Soo bëggee Yàlla dëgg, tey déggal Kàddoom, lu sa xam-xamam bare bare, du la tax a yëg sa bopp. Du tax it ngay dëggaate ñeneen ñi, ak fu ñu mën a bokk, ak lu ñu mën a gëm. Dangay xoole nit ku nekk ni sa moroom mu Yàlla sàkk.

Waaye ngir loolu mën a am ci anam yu wér, yu dëppook sellaayu Yàlla, fàww nga jëkk a jaar ci yoonu mucc wi la Yàlla waajal ci Yeesu Kirist. Noonu dinga nekk mbindeef mu bees. Li ko waral mooy, Yàlla dafa sell te nit di bàkkaarkat. Jafe-jafeb nit, moo di bàkkaar. Bàkkaar bi nu donne ci Aadama moo tax amul nit ku sell fa kanam Yàlla. Noonu benn bàkkaarkat mënul a dëkkandook Yàlla. Moo tax koo fi gis, mu ngiy wut a sell, di jéem a jege Yàlla. Moona sell fa kanam Yàlla, gëm saraxu Musalkat bi rekk a la koy tax a def. Moo tax ci yërmandeem, Yàlla defal nu xéewal gu xel mënul a takk. Mooy Yeesu miy benn Musalkat bi am kepp, mi dee ca bant ba ngir gàddul nu sunu boru bàkkaar. Noonu soo ko gëmee, boo deewee dinga rëcc ci safara su dul fey mukk. Kon ngir am dund gu dul jeex gi, ci yaw la des. Kàddug Yàlla ne na:

"*Yonent yépp seedeel nañu* [Yeesu] *ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.*" **(Jëf 10:43**)
"*Ndaxte bind nañu ne: Képp ku woo Boroom bi ciw turam, dinga mucc. Ndaxte soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm* [ko] *ci sa xol ...dinga mucc.*" **(Ro 10:13,9**)

Mbokk mi, li leer nàññ ci Kàddug Yàlla mooy: Ku bëgg a jege Yàlla, fàww nga mat sëkk, ni Yàlla ci boppam mate sëkk. Waaye, ana kan moo mën a wax ne ku mat sëkk la te sell ni Yàlla? Amul! Yeesu Kirist mi jóge asamaan rekk a ko mën a wax. Ci biir nit ñi, kenn rekk a bëggoon Yàlla ak xolam bépp. Mooy Yeesu. Te it, ci biir nit ñi, kenn rekk a bëggoon moroomam ni mu bëgge woon boppam. Mooy Yeesu. Nun ñépp danu yelloo àtteb Yàlla ndax sunug ñàkk a bëgg Yàlla ak sunug ñàkk a bëgg sunu moroom. Wànte Yeesu deewal na nu, te dekki ca ñetteelu fan ba. Li Yàlla di xaar ci man ak yaw mooy nu gëm ne, Boroom bi Yeesu mu mat sëkk mi, dee na ci sama palaas ngir dindi sama bàkkaar. Soo gëmee loolu, Yàlla dina la baal sa bàkkaar yépp te ràng la njubteg Yeesu.

Sama xarit, bu loolu amee ci yaw rekk, ci ngay soog a mën a jot nag Xelum Yàlla mu sell miy meññ ci sa dund jëf yi neex Yàlla. Jëf yooyu, bokk na ci **bëgg sa moroom** ni nga bëgge sa bopp. Moo tax Kàddug Yàlla naan:

‟*Gannaaw yërmandey Yàlla baree na noonu, maa ngi leen di ñaan, ngeen jébbal ko seen yaram wépp. Na seen dund mel ni sarax su ñuy defal Yàlla, sarax su sell, te neex ko. Loolu mooy njaamu, gi leen war. Bu leen àddina jey, waaye yeesluleen ci seen xel, ba soppiku, ngeen mën a xam bu wér coobareg Yàlla, di lépp lu baax, neex ko te mat sëkk.*” **(Ro 12:1,2**)

Kon yaw miy déglu, mbaa meloo ni Xutbakat bi doon jàppe ñeneen ñi ay yéeféer? Fu nit ki mën a bawoo sa moroom la, ak nu mu mën a mel. Ak lu ko mën a dal, ak lu mu ñàkk ñàkk solo ci bëti nit ñi, Yàlla dafa ko fonk. **Yàlla du gënale kenn ak moroomam.** Firnde ji mooy; mu ngiy taw tey fenkal jant bi ci kaw ñi ko gëm ak ñi ko gëmul! Te Kàddug Yàlla ne na:

‟*...Képp ku mu mën a doon, yaw miy àtte sa moroom ak ñaaw njort, amuloo **aw lay**, ndaxte àtte sa moroom, daan sa bopp la. Yaa ngi koy àtte ndax ay jëfam, fekk yaw itam noonu ngay jëfe. ...ñiy jëfe noonu, Yàlla dina leen àtte. ...Bu **benn gënale laal seen ngëm**... su ngeen gënalee, bàkkaar ngeen, te yoonu Yàlla dina leen dab ni ñu moy. Ndaxte ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp.*” **(Ro 2:1,2 Sa 2:1,9,10**)

Ci dëgg, kenn bañul boppam. Kon ni nga bëgge sa bopp noonu la Yàlla bëgg nga bëgge ko sa moroom. Moo tax Kàddug Yàlla ne:

‟*Buleen yem ci toppatoo seen bopp rekk, waaye booleleen ci seeni moroom.*” **(Fb 2:4**)

Sa moroom mooy képp ku Yàlla sàkk ni yaw.

Gis nga, bi Yeesu nee xutbakat bi ci léebu bi:*<u>Demal tey def ni moom</u>*. Maanaam ni waayu Samari ji, moom mi dimbali woon moroomam mi tollu woon diggante, (aaya 37) dafa bëggoon a wax it ne, képp ku ko gëm, sa wareef mooy nga am cofeel ak mbëggeel ci doom Aadama yépp ndax dañu tollu diggante. Muy soxla bu jamp! Di <u>mucc</u> ci mbugalu Yàlla gi tiim nit te du jaas. Ndaxte doom Aadama yi dañu dëng te soxor. Ñu réer lañu fa kanam Yàlla. Su fekkee sax ay boroom xam-xam lañu. Li wér mooy soxla nañu Yeesu miy *waa Samari bu baax bi* ñëw ci àddina si, fekk ñu gaañu, sonn, te kàttanu dee tiim leen.

Kon mbokk mi nuy déglu, koo mën a doon, am nga soxla ci mucc gi Yeesu rekk di joxe ngir mën a mel ni Yàlla bëgg. Nanu fàttaliku ne, nu ndamu nit ak xam-xamam ak darajaam mën a tollu, àddina lay yem:

‟*Ndaxte indaalewunu fi dara, te dunu yóbbaale dara bu nuy dem... Nit ñax la, ndamam di tóor-tóor kese; ñax day wow, tóor-tóor ruus, waaye kàddug Boroom bi day sax ba fàww.*” **(1Tim 6:6 1Pi 1:24**)

Kon xarit yi, fii lanuy yem tey ba beneen. Su ngeen bëggee xóotal seen xam-xam ci mbirum mucc, gi leen Yàlla bëgg a may, mën ngeen nu bind, nu yónnee leen benn téere bu tudd 'Tout ce qu'ont dit les prophètes’ te dungeen ci fey dara. Téere bii nu leen bëgg a baaxe, ëmb na lu ëpp junni aaya yu nekk ci Mbindi yonent yi. Boo noppee jàng téere bii, dinga mën a xam bu baax li Yàlla bëgg ñépp xam ko: Ki mu doon ak li mu def ngir nga mën a dëkk ak Moom ba fàww. Kon nag, soo bëggee am benn «exemplaire» ci téere bii di 'Tout ce qu'ont dit les prophètes’, bind nu ci sunu adarees bi, di: *YOONU NJUB* BP 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* BP 370 Saint-Louis.

Na leen Boroom bi barkeel te ngeen xalaat ci li Kàddug Yàlla wax ne: ‟***Ci dëgg... Yàlla du gënale.***” **(Jëf 10:34**)

# 147  Xar mu réer ma

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji mbëggeel ji bëgg ñépp xam yoonu mucc wi te di ko topp. Bég nanu ci li nu mën a dellusi tey ngir dégtal leen seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Mbokk yi nuy déglu, xam ngeen ne Wolof Njaay dafa naan: "**Alalu golo ca lex ba.**" Muy dëgg gu wér ndax fonk gu golo fonk alalam. Moo tax dunu am benn coono ci biral ne bu alalam jooju rëccoon ba wadd, bëgg koo réer, dina ko wut ba gis ko. Te sax misaal mi mën naa bañ a sore. Ku fi sa alal réeroon, li wér mooy dinga ko wut ba gis ko. Mu jaral la sax fu nekk nga yéene ko fa.

Lii moo nuy dugal ci njàngum tey mi, di beneen léebu bu Yeesu waxoon. Fekk na booba, ay juutikat ak ay boroom bàkkaar, dañu ko déglusi woon. Ba ñu déggee njàngaleem, ñu nangu ne seen dundin jagul fa kanam Yàlla. Noonu ñu gëm Yeesu, di ànd ak moom. Bi Farisen yeek xutbakat ya gisee loolu, ñuy ñurumtu. Ñuy fexee tuumaal Yeesu naan, dafay ànd ak a lekkandoo ak ay boroom bàkkaar.

Ci loolu, Yeesu daldi leen wax léebu bii, ne:

"[Kenn] *ci yeen, soo amoon téeméeri xar, te benn réer ci, nooy def? Ndax doo bàyyi ca parlukaay ba juróom-ñeent-fukki xar yaak juróom-ñeent, toppi ma réer, ba gis ko? Te boo ko gisee, dinga ko gàddu ak bànneex, yóbbu ko kër ga. Boo àggee ca kër ga, dinga woo say xarit ak say dëkkandoo, ne leen: Kaayleen bànneexu ak man, ndaxte gis naa sama xar ma réeroon. Maa ngi leen di wax lii: ci noonule, dina am mbég ci asamaan, bu benn bàkkaarkat tuubee ay bàkkaaram. Te mbég moomu mooy ëpp mbég, miy am ndax juróom-ñeent-fukk ak juróom-ñeent ñu jub, te soxlawuñoo tuub seeni bàkkaar.*" **(Lu 15:4-7**)

Xarit yi nuy déglu, danu leen tànnal léebu bii ndaxte xam ngeen ne àddina sépp alalu Yàlla la. Rawatina nag nit ñi. Nit rekk la Yàlla sàkk ci melokaanam. Moo waral nit am xel, xol, ak coobare. Noonu mu mën a xam Yàlla, bëgg ko, di ko déggal te di ko màggal. Moo tax Mbind mi ne, Yàlla lanu fi nekkal. **(1Ko 8:6**) Nekkalunu fi keneen! Mu leer nu walla mu ñàkk noo leer, Yàlla dafa sàkk nit ngir mu xam ko, di ko jaamu giiru dundam. Moo tax Yàlla sàkk Aadama ak Awa ci melokaanam ñu nekk **alalam** ji mu gën a fonk. Waaye ndeysaan, nit tànn déggal Seytaane. Ba tax Seytaane daaneel ko ci bàkkaar. Noonu nit tàqalikook Boroomam, réer.

Mbokki déglukat yi, noonu la nit nekke alalu Yàlla ji réer. Te lépp, ñàkk a topp ndigalu Yàllaa ko yóbbe nit. Waaye, ku sa alal réer, fàww nga seeti ko. Ndegam nit mooy alalu Yàlla ji mu gën a fonk, Yàlla daldi tàmbali yégle ne dina yónni reenu xolam di Musalkat bi. Musalkat boobu nag, sasam moo doon wuti nit, jubale ko ak Yàlla. Moo tax bi Yeesu Musalkat bi ñëwee, Yàlla yen ko sunu njubadi nun ñépp, ni ko yonent Yàlla Esayi waxe woon ne:

"*Nitu naqar la woon te dëkke coono. ...sunuy metit ak sunuy naqar la gàddu, te [ñu] yaakaar ne ci mbugal la nekkoon, ne Yàlla fàdd na ko, toroxal ko. Waaye sunuy bàkkaar a ko tax a gaañu, mu ne làcc ndax sunuy ñaawteef; mbugal gi nu may jàmm, ci moom la dal, te ay góomam ñoo tax nu wér. Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te Aji Sax ji yen ko sunuy njubadi, nun ñépp.*" **(Isa 53:3-6**)

Ci lu wér, deewu Musalkat bi, mooy njëg gi nu Yàlla feyal ngir nu mën a delluwaat ciy loxoom, nun ñi réeroon niy xar yu ñàkk xel. Yàlla dafa mës a bëgg nit dellusi ci moom ba tax mu koy seet, di ko wër. La ko dale keroog ba nit bàkkaaree ca tollu Àjjana ba tey, Yàllaa ngi koy seet. Wut googu Yàlla di wut nit ngir delloosi ko fi moom, firndeel na ko ci mujug jamono, ci li mu yónni Yeesu mu ñëw "*ngir seet te musal ñi réer*", ni ko Linjiil waxe. **(Lu 19:10**) Waaye nit dëgër bopp rekk, ni xar mu bañ a topp sàmmam.

Léegi, nanu dellusi ci sunu niti diine yi ci léebub tey bi. Lu tax bi Farisen yeek xutbakat yi gisee Yeesu muy ànd, ak boroomi bàkkaar, ak a lekkandook ñoom, ñuy ñurumtu di ko tuumaal? Ndaxte ñoom, dañu amul woon yërmande ci bàkkaarkat yooyule. Te it, gisuñu woon ne nit ñooñu tamit, bokk nañu ci mbindeefi Yàlla, yi Mu

bëgg ñu dellusi fi Moom. Moo tax Yeesu waxoon leen ne:

"*Yeen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yeen a ngi tëj nguuru Yàlla Aji Kawe ji ci kanamu nit ñi; ... dungeen ci dugg, te dungeen bàyyi ku ci bëgg a dugg, mu dugg ci. Dingeen torox! Ndaxte yeen a ngi wër géej ak suuf, ngir sàkku benn taalibe, ba noppi ngeen def ko nitu safara, ku leen yées ñaari yoon.*" **(Mc 23:13-15**)

Ñoom niti diine yooyu, li leen gënoon a soxal ci nit, du muccam. Moo tax dara jaralu leen woon ñu toogandook nit, ñi ñuy tudde boroomi bàkkaar. Waaye Yeesu moom, xamoon na ne dafa war a nekk ci seen biir, ngir mën leen a génne ci seenug réer, ni ko Mbind mi waxe ne:

"*Ci biir ñi néew ngëm, meloon naa ni ku néew ngëm, ngir gindi leen. Doon naa lépp ci ñépp, ngir def lépp lu ma mën, ba ñenn mucc ci.*" **(1Ko 9:20-22**)

Kon ni ngeen ko dégge, Yeesu xamoon na ne fàww mu dugg ci biir bàkkaarkat yi. Su ko deful woon, kon li wér mooy dinanu dee ci sunuy bàkkaar. Te bu boobaa, dinanu dajeek mbugalu Yàlla. Njiiti diine yu jamonoy Yeesu ñoom itam, dañu soxla woon mucc gi Yeesu indi. Képp kuy nit soxla nga mucc googu. Wànte ñoom dañu xalaatoon ne jub nañu ba soxlawuñu ko. Waaye loolu, wéetuñu ci, ndax ba tey, am na ñuy xalaate noonu. Ba tey, am na ñu foog ne ñu jub lañu. Moona Kàddug Yàlla ne na "*ku jub amul, du kenn sax*". **(Ps 14:1 Ro 3:10**) Te li Boroom bi Yeesu wax sax leer na. Dafa ne: "*Ñëwuma ngir woo ñi [foog ne] jub [nañu], waaye ngir woo bàkkaarkat yi, ñu tuub seeni bàkkaar*." **(Lu 5:32**) Bi Yeesu di wax loolu, xamoon na ne doom Aadama yépp dañu dëng fa kanam Yàlla. Ana kan moo mën a wax ne bëccëg bépp, du ci def benn bàkkaar, ci xalaat, ci wax walla ci jëf? Amul! Moona Yàlla dafa wax ne: "*...ku sàmm yoon wépp, waaye xëtt ci lenn ndigal rekk, jàdd nga yoon wépp.*" **(Sa 2:10**) Ndaxte Yàlla mi ne: Bul njaaloo; teg na ca ne: Bul fen. [Kon] ku njaaloowul ...waaye ngay fen, jàdd nga yoon wépp. Loolu nag kon, moo tax Mbind wax it ne: "*Yàlla du àtte kenn ni ku jub ci kaw* [ay jëfam] *waaye ci gëm Yeesu Kirist. ...Ndaxte du caageenug sàmm yoon mooy tax Yàlla àtte kenn ni ku jub*." **(Gal 2:16**) Kon xarit yi nuy déglu, léegi leer na ne, jub fa kanam Yàlla, gëm Almasi, bi Mu yónni rekk mooy tax nit def ko. Kenn mënul a jub ci jëfi boppam.

Mbokki déglukat yi, nanu fàttaliku ne, nun nooy ñi Yàlla gën a fonk ci li mu sàkk lépp. Waaye sunu bàkkaar a nu tàqaleek Yàlla ba tax nu réer. Wànte ba tey terewul Yàlla bëgg nu. Looloo tax Mu yebal Yeesu Kirist Musalkat bi, ngir mu ñëw ci àddina wutsi nu. Noonu Yeesu feyal nu sunu boru bàkkaar, ba mu deewee ca bant ba. Te ñetti fan gannaaw ba mu deewee, mu dekki, génn bàmmeel ba! Nootal nu dee gi ak safara ba fàww! Ki nu defal loolu mooy Musalkat bu am doole bi nu Yàlla yónnee! Noonu bu nu ko gëmee, ci la nuy mën a dellu fa Yàlla te bokk ci mbégteem. Ci léebu bi, bi boroom gétt gi seetee xar, ma réeroon ba gis ko, dafa ko gàddu, yóbbu ca kër ga. Te ba mu àggee, mu woo ay xaritam ak i dëkkandoom ngir bànneexu ak moom ndax li xaram mi réeroon feeñ. Naka noonu, yaw miy déglu, Yeesu **Sàmm bu baax bi**, mu ngi lay wut. Mu ngiy wut ñi "*...xam seen ñàkk doole*" **(Mc 5:3**) te bëgg a dellu ca Yàlla. Moom mooy **yoonu dellu ca Yàlla**. Moo tax mu sañoon a wax: "***Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay.***" **(Mc 11:28**)

Gannaaw ba Yeesu deewee ba dekki, tàggoo woon na ak i taalibeem laata muy yéeg asamaan. Mu ne leen: "*Demleen ci àddina sépp, yégal xabaar bu baax bi mbindeef yépp. Ku gëm te ñu sóob ko ci ndox, dina mucc; ku gëmul, dees na ko daan.*" **(Mk 16:15,16**) Ndax dégg ngeen li Yeesu waxoon? Mu ne, <u>képp **ku gëm** xabaar bu baax bi ci mbirum deewam ak ndekkiteem, **dinga mucc!**</u> Waaye<u>**ku gëmul**, dees na ko **daan!**</u> Dëgg la, Yeesu tuur na deretam ni sarax bu mën a far sa boru bàkkaar. Wànte du la jariñ dara soo ko gëmul. Noonu la kay! Soo gëmee xabaar bu baaxu Yeesu Kirist, dinga mucc. Bu ko defee, yaw mi réeroon, léegi dellu nga ca Yàlla. Waaye nag soo ko gëmul, mu ngi mel ni yaw mi réeroon ñu won la yoonu dellu ca Yàlla, nga bañ ne doo ci aw. Bu ko defee nag, li wér mooy dinga sànku ci say bàkkaar. Ni xar mu amul sàmm ci màndiŋ ma, xam nga bukki walla njàppaan a ko fay fekk fàdd ko, mu sànku. Noonu itam, képp ku bañ a ñëw ci Yeesu Sàmm bu baax bi, Seytaane dina la fàdd, nga sànku ba fàww.

Wànte ñi Yeesu woo te ñu gëm ko, dina leen delloo ca Yàlla. Te noonu, mbég mu réy mooy am ca asamaan, ni mbég di ame ci kër boroom get, gi xaram ma réeroon te feeñ. Moo tax Yeesu wax ci njeextel léebu tey bi ne: "*Ci noonule, dina am mbég ci asamaan, bu benn bàkkaarkat tuubee ay bàkkaaram.*" **(Lu 15:7**) Waaye xarit yi, mbég moomuy am ca asamaan, ndax bàkkaarkat bi tuub ay bàkkaaram, mooy ëpp fuuf mbég miy am ca kër boroom xar mu feeñ ma. Kon buleen fàtte ne niti diiney jamonoy Yeesu ya, li leen gënoon a soxal ci nit, du muccam, rawatina sax ñi ñuy tudde niti bàkkaar. Seen daraja bopp rekk a leen soxaloon. Waaye Yeesu moom xamoon na ne dafa war a dugg ci seen biir ngir mën leen a delloo ca Yàlla. Ba tax mu daan dugg ci biir bàkkaarkat yi ngir gindi leen, ba ñenn ci ñoom mucc. Yeesu xamoon na ne, su ko deful, kon nun ñépp dinanu dee ci sunuy bàkkaar.

Kon yaw miy déglu te gëmaguloo Yeesu ba tey, xamal ne, nga dellusi ci Moom rekk la Yàlla bëgg ci yaw. Ak koo mën a doon, mu ngi lay xaar. Fàttalikul ne Yeesu ne na, Man maay yoon wi. Ñëwleen ci Man yeen ñépp ñi sonn te diis, <u>dinaa leen may noflaay</u>. Te it fàttalikul ne, Yàlla def na li mu waroon a def lépp ngir wut la, nga mën a dellu ci Moom. Yaw rekk yaa ci des! Yàlla nag moom, jaayul mucc gi, dafa la ko bëgg a <u>may.</u> Dafa la ko bëgg a baaxel. Ndaxte Yeesu miy kenn kepp ki la mënoon a feyal, fey na ba noppi!

Léegi lenn rekk nga war a def: nangu xabaaru Yàlla Aji Sax ji, maanaam: nangu ne Yàlla dafa sell, te amul lenn lu taq bàkkaar lu ko mën a jege fenn. Bu loolu wéyee nga nangu ne nit bàkkaarkat la ni ko Kàddug Yàlla waxe bi mu naan, ñépp a bàkkaar. Noonu nga gis ne kenn amul menn pexem jege Yàlla, du yaw, du man du keneen ku am pexe ma. Bu ko defee nag nga gëm ne Yàlla moom, am na pexe. Yàlla waajal na pexe ngir nga mën a dellusi ci moom. Pexe mi mooy Yeesu mi mu joxe mu dee ca bant ba ngir far sunu boru bàkkaar. Noonu, nga gëm ne Yeesu mooy Musalkat, bi la Yàlla yónnee, mu deewal la ca bant ba, ñu suul ko, te mu dekki ca ñetteelu fan ba. Boo ko gëmee, gëm saraxu yaramam, na la wóor ne am nga mucc gi ndax deretu Almasi bi tuuru ngir far bàkkaaru képp ku ko gëm. Noonu, ci sunu léebu tey bi, ni nit ki doon bànneexoo ndax xaram ma réeroon te feeñ; noonu lay ame mbég ca asamaan, bu benn bàkkaarkat nangoo mucc, gi ko Yàlla waajal ci Yeesu.

Nanu déglu li Yeesu ci boppam waxoon. Mu ne: "*Man maay sàmm bu baax bi. Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram. ... Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa leen te ñu ngi may topp. <u>Dama leen di jox dund gu dul jeex; duñu sànku mukk</u>...*" **(Yow 10:11,27,28**)

Nu ngi leen di gërëm ci déglu bi te di leen jox dox daje beneen yoon ci waxtu wii. Su ngeen amee laaj ci li nu jàng tey, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint-Louis... walla ci sunu adarees electronik, maanaam:**<u>yoonunjub@sentoo.sn</u>** Y-O-O-N-U-N-J-U-B@sentoo.sn.

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Yeesu wax ne: "***Doomu nit ki dafa ñëw ngir seet te musal ñi réer.***" **(Lu 19:10**)

# 148  Doom ju réer ja

Mbokki déglukat yi, nu ngi leen di nuyu, di am mbégte ci déglu bi. Nu ngi leen di sant ak a delloo njukkal ci seeni bataaxal yiy firndeel seen cofeel ci seen emisyoŋ *YOONU NJUB*. Jaa ngeen jëfati.

Dégg ngeen ñuy wax naan: "**Daw ca ba ngay am i tànk.**" Muy lu wér lees mën a firndeel ci fànna yu bare. Nit dina nekk ci yen anam ci dundam mu gisal boppam ne li mu nekke kat, am na lu ko gën. Bu ko defee nag am na ñoñ, duñu am fitu dëpp. Waaye ñenn ñi ñoom, dinañu am fitu jóg daw ba daw jotee. Te am na ci Mbind mi kenn koo xam ne, defoon na lu ni mel bés, ngir mucc ci dundu toroxte gu ko nafsoom tàbbaloon.

Kooku, kenn la woon ci ñaari doom yu genn góor amoon. Lii moo nuy duggal ci sunu léebu tey, bi nu Yeesu indil. Mu ne:

"*...Dafa amoon góor gu am ñaari doom. Benn bés, caat ma ne baay ba Baay, damaa bëggoon, nga jox ma li ma war a féetewoo ci ndono li. Noonu baay ba daldi leen séddale alalam. Ay fan yu néew gannaaw gi, caat ma fab yëfam yépp, dem ca réew mu sore, yàq fa alalam ci topp nafsoom. Bi mu sànkee alalam jépp, xiif bu metti dal ca réew ma, mu tàmbalee ñàkk. Mu dem nag, <u>di liggéeyal ku dëkk ca réew ma</u>, kooku yebal ko ca toolam ngir muy sàmm mbaam-xuux ya. Mu xiif ba bëgg a lekk ca ñamu mbaam-xuux ya, ndaxte kenn mayu ko dara. <u>Mujj xelam dellusi</u>, mu ne: Sama baay am na ay surga yu bare, te dañuy lekk ba suur. Man nag maa ngi fii di bëgg a dee ak xiif! <u>Damay jóg, dem ca sama baay, ne ko: Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom; boole ma ci say surga.</u> Mu daldi jóg, jëm kër baayam. Waaye bi muy [jege] kër ga, baayam séen ko, yërëm ko, daldi daw laxasu ko, fóon ko. Doom ja ne ko: <u>Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom. Waaye baay ba</u> ne ay surgaam: Gaawleen indi mbubb, mi gën a rafet, solal ko ko. Te ngeen roof ab jaaro ci loxoom te solal ko ay dàll. Indileen sëllu wu duuf wa, te rey ko, nu lekk te bànneexu; ndaxte* ***sama doom jii, dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na.*** *Noonu ñu tàmbalee bànneexu."*

*Fekk booba taaw baa nga woon ca tool ya. Bi mu ñëwee, ba jub kër ga, mu dégg ñuy tëgg, di fecc. Mu daldi woo kenn ca surga ya nag, laaj ko lu xew. Mu tontu ko: Sa rakk moo dellusi, te sa baay rey na sëllu wu duuf wa, ndaxte ñibbisi na ci jàmm. Ci kaw loolu taaw ba daldi mer, bañ a dugg ca kër ga. Baayam daldi génn, ngir ñaan ko mu dugg. Waaye taaw ba tontu baayam, ne ko: Seetal ñaata at laa la liggéeyal, mel ni jaam, te musumaa moy sa ndigal, waaye yaw, musuloo ma may sax tef, ngir ma bànneexu, man ak samay xarit. Waaye bi sa doom jii dikkee, moom mi yàq sa alal ci ndoxaan, reyal nga ko sëllu wu duuf wi. Noonu baay bi tontu ko, ne ko: Sama doom, yaa ngi ak man bés bu nekk, te li ma am lépp, yaa ko moom. Waaye war nanoo bànneexu te bég, ndaxte* ***sa rakk jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na.***" **(Lu 15:11-32**)

Nanu jàpp ne, ci sunu léebu tey bi, góor gi di baayu ñaari waxambaane yi, mooy misaal <u>Yàlla,</u> mi sàkk ñaari nit ñu jëkk ña, di Aadama ak Awa. <u>Taaw, bi nu mujj a gis ci léebu bi,</u> day misaal nit, <u>ñi foog ne ñu jub lañu</u>, fekk dañu sore Yàlla. <u>Caat mi nag,</u> mooy misaal <u>bàkkaarkat, yi ràññee seen melow bàkkaarkat</u>, te woññiku ci Yàlla, ngir jot yërmandeem. Caat moomii nag, mooy ki nu fi gën a soxal tey. Lu tax? Ndaxte li mu wone fii, noonu la xolu nit mel dëgg.

Mbokki déglukat yi, noo déggandoo li xew ak caatum góor gi. Mën na am ngeen teg waxambaane wii ab fippukat, naan amul ngor te ku mën a fecci kóllëre la. Waaw loolu dëgg te ànd naa ceek yeen. Waaye xarit yi, bunu fàtte ne nun itam ci genn wet, ay fippukat lanu fa kanam Yàlla. Ndaxte bi sunuy maam Aadama ak Awa bañee topp ndigalu Yàlla, ba lekk ca garab, ga Mu leen tere woon, dañu fippu woon. Dañu bëggoon a mos leneen, xam leneen. Seytaane fiir leen ba ñu gëm ne seen dund dina gën a neex te gën a féex su ñu fippoo bañatee topp ndigali Yàlla. Te ndegam nun ñépp Aadama ak Awa ñoo nu meñññ, kon nun ñépp itam ay fippukat lanu. Noonu lanu tàbbee nun itam ci bàkkaaru fippu. Ni Aadama ak Awa fippoo woon fa kanam Yàlla, noonu lañu nu yóbbaalee ci seen déggadi. Moo tax, ak nu nit mën a mel, ak nu mu mën a tollu, mu ngi ci biir. "**Doom ja, baay ba.** Te **boo gajjee am ngeer, ngeer rekk a fay jebbi**." Moo tax bu nu réccuwul, na

nu wóor ne sunug fippu ci dee la nu jëme.

Ci léeb wi, gis nanu ni caat mi ame woon lépp li mu soxla ca kër baayam. Waaye mu toog ba mu neex ko rekk, kenn defu ko, kenn waxu ko, mu fippu. Mu ne, na ko baayam jox wàllam ci ndono li. Ndono loo xam ne, ka ngay donn a ngi ne jaxran, dara jotu ko. Waaye kuy bëgg a dee ak kuy bëgg a toxu kenn mënul dëkk ak ñoom. Caat mi bëggatul woon dara ci dëkk ak baayam. Dafa tàyyi woon ci jëfe ay santaaneem ak di topp ay ndigalam. Booba xanaa xelam dem na ci jëgg yu daan aw seen wetu kër te daan fa sippi ab diir bala ñuy wéy. La mu daan dégg jëgg yay waxtaane dëkk yu neex, ya ñu daan dem, moo ko taxoon bëgg a dañ kumpaji réew yooya. Noonu caatum góor gi bëgg a mos dundin wu bakkane woowu. Mu waaj ba foog ne jekk na, gàddu ëmbam, daldi dem ndax bëgg a gis leneen, xam leneen. Wànte ndeysaan, ba mu àggee ca réew mu sore ma, mu kasar-kasaree fa alalam jépp. Àndandoo yu bon ya mu fa amoon, xaalis ba rekk a leen yitteeloon. Ñu yàqle ko alalam ci moy. Te ba mu demee ba amatul dara, ñu dëddu ko, gisatul kenn. Noonu, bekkoor faf tàbbi ca réew ma. Toroxte dikkal ko, mu wéet.

Mbokki déglukat yi, noonu la nit mel. Ca njàlbéen ga nit amoon na lépp li mu soxla woon ca toolu Àjjana ba ko Yàlla sancaloon. Waaye bëgg 'liberté' tax mu déggal Seytaane te xamul ne 'liberteem' googoo koy jurali musiba. Kon ci dëgg, danu mel ni caat mii, dëddu Yàlla ak i santaaneem. Kasar-kasaree sunu dund, gi nu waroon a jébbal Yàlla ba mu jeex tàkk. Moo tax Kàddug Yàlla ne, ku jub amul, du kenn sax. Ñépp a bàkkaar. Mu rax-ci-dolli ne:

"*Te bi ñu xamee Yàlla, taxul ñu màggal ko ni mu ware, mbaa ñu sant ko. Waaye ñu daldi réer ci seen biiri xalaat yu mujjul fenn, ba tax seen xol gumba, ba lëndëm këruus.*" **(Ro 1:21**)

Lii mooy melokaanu nit, ci kanamu Boroomam bi ko sàkk. Ci nit, àddina dafa mel ni réew mu bekkoor, xat, bare tiis ak naqar ci wàllu baatin itam.

Caat mi nag, bekkoor bi daloon ca réew ma indiloon na ko xat-xat ak tiis. Waaye bekkoor boobu xéewal la woon ci moom ndaxte tax na xelam delloosi, mu xalaataat. Ba mu seetaatee boppam, gisoon na ne ku ñàkk xel la. Ndaxte mu nga foofu di torox fekk baayam la mu am a nga ne gàñña. Noonu, mu dogu ci dellu kër baayam. Booba gis na ne yeyootul woon sax nekk doomu góor gi ndax jëfinam ju ñaaw. Mu gis ne lenn du ko jagal mbaa rawale ko, lu dul mu dellu ca baayam, réccu te tuub bàkkaaram ndax góor gi baal ko. Kon caat mi fas yéene def noonu. Mu tegu ci yoon wi, ngir réccuji.

Xarit yi nuy déglu, bi nga xamee ne caat mi dem na ba séen kër ga, fekk na booba baayam a nga ko doon séenu. Bés bu nekk góor gi dafa doon xaar doomam dellusi. Bi baay bi séenee caat mi, mu daw laxasu ko, fóon ko. Noonu caat mi daldi def li mu fasoon yéene. Mu tuub bàkkaaram, ne baayam: "*<u>Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom..</u>.*" Mu bëgg a wéy, ngir wax baayam mu bàyyi ko mu nekk jaamam. Waaye <u>baayam bàyyiwu ko mu àggale</u> ndax bëggul woon doomam nekk jaamam. Mu ne ay surgaam: *Gaawleen indi mbubb, mi gën a rafet, solal ko ko. Te ngeen roof ab jaaro ci loxoom te solal ko ay dàll. Indileen sëllu wu duuf wa, te rey ko, nu lekk te bànneexu. Ndaxte* ***sama doom jii, dafa dee woon te dundaat na. Dafa réeroon te feeñ na*****!**

Mbokki yi, gannaaw xam nanu ne Yàlla dafa nu gise ni caat mii, kon leer na ne, li Yàlla di xaar ci nun mooy nu def ni caat mi mujj a def. Maanaam nu gis sunu bàkkaar te nangu ko fa kanam Yàlla. Yàlla mooy Aji Yërmande ji te dafa bëgg nu dellu ca Moom. Waaye naka lanu mën a delloo ca Yàlla? Xanaa mel ni caat ma ci léebu bi; Yàlla dafa bëgg nu nangu sunu tooñ fa kanamam, maanaam nu réccu ak xol bu toj te woyof. Gannaaw loolu nag, Yàlla dafa bëgg nga wóolu ko, ñëw ci Moom. Nan lanu ko mën a jege nag? Danu war a nangu pexem mucc mi nu Yàlla waajal. Pexe mi, mooy joxe na Yeesu Kirist mu dee ca bant ba te dekki ca ñetteelu fan ba ni ko Mbindi yonent yi tërale.

Sama xarit, soo gëmee loolu, delloo nga sa bopp ca Yàlla. Daw nga mbugalu bàkkaar, **ca ba ngay am i tànk.** Gëmal mucc gu réy, gi la Yàlla waajalaloo. Lii rekk a la mën a rawale ci musiba mi bàkkaar di jur. Yàllaa

ngi lay xaar, dafa yàkkamtee gis loolu ci yaw ba teeru la te noonu dina amal bernde bés ba. Waaw mooy bernde bu mag, bi Yàlla di waajalal ñépp ñi bëgg a dellu fa moom jaare ko ci Yeesu Kirist, Musalkat bi mu tànn fal ko. Noonu dinanu bég te bànneexu ndaxte ni caat mi, doomi Yàlla yu réer lanu woon te feeñ. Ñu dee woon te dundaat lanu. Moo tax mbég mu réy di am ca asamaan ci biir malaaka yi, su benn bàkkaarkat réccoo ay bàkkaaram te gëm Yeesu ni Musalkatam.

Li caatum góor gi mujje la ku nekk waroon a def. Maanaam bàyyi lépp te dellu ca Yàlla. Lay nag moom jeex na ndax pexe am na. Pexe mu wóor mi, mooy nga gëm **benn Musalkat** bi Yàlla tànn, mu tuur deretam ci palaasu doom Aadama yépp. Lay jeex na te mbir mi jamp na lool! Yonent Yàlla Esayi bind na ne:

"*<u>Wutleen</u> Aji Sax ji, léegi bi ñu ko mënee gis,* [<u>wooleen</u>] *ko, bi mu jegee. Te [ngeen] <u>wëlbatiku</u> ci Aji Sax ji, mu yërëm [leen, ngeen] <u>dellu ci sunu Yàlla</u>, miy baale te du tàyyi.*" **(Isa 55:6,7**)

Yeesu itam biral na loolu bés. Keroog dafa ne mbooloo ma:

"*Seetleen, te dingeen gis; ...Ndaxte képp kuy...seet, dinga gis. Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare. Waaye buntu dund gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul.*" **(Mc 7:7,8,13,14**)

Waaye Yeesu yemul foofu ndax mu ngiy xamal àddina sépp ne moom mooy buntu mucc bi. Mu ne:

"*Man maay **bunt bi**. Ku jaar ci man dinga mucc.*" **(Yow 10:9**) "*Man maay **yoon wi**, ...kenn du ñëw ci* [Yàlla] *bi te jaarul ci man.*" **(Yow 14:6**) "*Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga **dund gu dul jeex** te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund.*" **(Yow 5:24**)

Xarit yi nuy déglu, bànneex boo fi gis, dafay jeex. Su dul bànneexu xam Yàlla jaare ko ci Yeesu, bànneexu neen la, dafay wéy. Yonent Yàlla Suleymaan doomu Daawuda, kenn ëppalewu ko woon ci wàllu am-am. Waaye itam ëppeesu ko woon xeeti bànneex ci àddina, ci li nu Mbind mi xamal. Wànte demoon na ba gis ne, loolu lépp neenu neen la. Ba tax muy yedd képp kuy nit, rawatina ndaw ñiy xalaat naan: 'Aa man daal, damay dox sama ndaw ba noppi soog a wax waxu topp Yàlla.' Yaw miy xalaate noonu, Suleymaan a ngi la naan:

"*...su la neexee, bànneexul ci sag ndaw, defal sa xol ci mbég bi ngay ndaw, wéyal ci yoon yi la sa xol jëmale, di topp sa nafsu, tey yafal say bët; waaye xamal ne **bés, Yàlla dina la àtte ndax yëf yooyu yépp.***" **(Ec 12:1**)

Mbokk mi nuy déglu, Yàlla bëggul kuy xaar ba dee rekk dese ko, mu soog koy wut. Li Yàlla bëgg mooy nga gëstu ci xabaaru yonent yi, ba xam te gëm yoonu mucc wi mu tëral. Ëllëg dara wóoru ci, tey mooy jamono ju yell ji fa Yàlla. Moo tax yonent Yàlla Suleymaan ne: "*Fàttalikul ki la sàkk bi ngay ndaw, bala bés yu naqari yi di agsi.*" **(Ec 12:3**) te Daawuda baayu Suleymaan tamit ne na: "*Bu ngeen déggee tey jii baatu Yàlla bi, buleen dëgër bopp.*" **(Ps 95:7,8 Yt 4:7**)

Kon fii lanuy yem ak yeen tey. Jërëjëf ci dégli bi, su ngeen amee laaj ci li nu fiy jàng, bindleen nu ci: *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis *YOONU NJUB* B.P. 370 Saint Louis. Walla boog, ngeen bind nu ci sunu adarees electronik, maanaam:**<u>yoonunjub@sentoo.sn</u>** *YOONU NJUB* nag, nii lañu ko binde: Y-O-O-N-U-N-J-U-B at sentoo.sn

Na leen Yàlla barkeel te ngeen xalaat bu baax ci li Mbind mi wax ne: "***Wëlbatiku*[leen] *ci Aji Sax ji, mu yërëm* [leen, ngeen] *dellu ci sunu Yàlla, miy baale te du tàyyi.***" **(Isa 55:7**)

# 149 Mucc gi 01

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla Aji Sax, ji bëgg ñépp mucc. Amati nanu mbég ci li nu xam ne yeen a ngi teewlu seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Tey nag, danu fas yéene gëstoondook yeen ci njàng mu jëm ci mucc gi. Muy lu am solo te mat a leeral. Ndaxte dafa bare lool ñu jël seen yaakaaru mucc teg ko ci seeni jëf. Moona Mbind mi wax na ne:

‟***Léegi nag, Yàlla feeñal na, ni nit mën a jube ci kanamam****, ...****Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci.*** [Yàlla] *wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu... Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem.*” **(Ro 3:21,22,25,26**)

Bu nu sukkandikoo ci li Mbind mi wax noonu, danuy gis ne yaakaaru mucc, nit waru ko teg ciy jëfam. Waaye su fekkee noonu la, naka lees di mucce ba dem Àjjana? Laaj bu am solo, bu mat a faramfànce la. Ba tax na, ngir tontu ci, dafay laaj nu fàttaliwaat ni lépp deme woon ca njàlbéen ga. Noonu dinanu gis li xewoon ba tax nit soxla mucc ci mbugalu safara su dul fey mukk. Ci noonu kon, du jaadu nuy yemale sunub gëstu ci menn njàng kepp.

Xam ngeen ne ba dara amagul, Yàlla Aji mat ji rekk a nekkoon. Naka noonu Mu sàkk lépp li nuy gis ak li nu gisul. Lépp li Yàlla sàkk, dafa matoon. Ndaxte moom ci boppam dafa mat ci sellaayam, ci mbëggeelam, ci kóllëreem, ciy mën-mënam, ci xam-xamam a.ñ.s.... Ca juróom-benneelu fan ba, Yàlla sàkk nit ci melo Yàlla. Nit nekk ku mat. Mu may nit <u>xel</u>, <u>xol</u> ak <u>coobare</u>. Noonu nit am **xel** mu mu mën a xame Yàlla. Mu am **xol,** bu mu mën a bëgge Yàlla te it, nit am **coobare** ba mën a tànnal boppam déggal Yàlla mbaa ñàkk ko déggal. Waaye li ñu sàkk nit ci sellaay tekkiwul ne ñoroon na ba mat sëkk. Coobare Yàlla moo doon nit màgg ci xam-xam, ci mbëggeel ak ci jaamu Yàlla. Moo tax Yàlla nattu nit ngir ubbil ko bunt bu mu mën a jëmee kanam ag matam te won mbëggeelam Yàlla jaare ko ci wattu ay tereem, di topp ay santaaneem.

Wànte ndeysaan, **xabaar bu bon bi** mooy, bi Yàlla Aji Sax ji nattoo Aadama ne ko: ‟*Mën ngaa lekk ci bépp garabu tool bi, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee, keroog* ***fàww nga <u>dee</u>****.*” **(Ge 2:16,17**) Ab diir gannaaw ga, Seytaane ñëw nax sunu maam ya ba ñu déggadil Yàlla, lekk ca doomu garab ga. Li ñu déggadil Yàlla ba lekk ca garab ga, loolu moo tudd bàkkaar. Moo tax Yàlla dàq leen toolu Àjjana. Bàkkaar dafay tàqale nit ak Yàlla miy joxe dund gi. Ñépp ñi soqikoo ci Aadamaak Awa, bàkkaar boobu topp na leen ni wopp juy topp xeet. Mooy li Kàddug Yàlla di wax naan: ‟*Bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar.*” **(Ro 5:12**) Bàkkaar moo tàqale nit ak Yàlla mi yor dund gi.

Gannaaw bàkkaaru Aadama, nit amatul woon dund gi ndaxte tàqalikoo woon na ak Yàlla miy boroom dund gi. Ci misaal, dafa mel ni su ma dogee aw car ci genn garab. Car waa ngi tooy waaye dundatul. Fileek ay waxtu rekk, ay xobam dinañu tàmbali lax, di wow ndànk ndànk ba mujj a wow koŋŋ. Ndaxte car wi dafa **tàqalikoo** ak **dàtt** bi koy **dundal!** Muy misaal rekk ne peyu bàkkaar mooy **dee**. Kon jafe-jafe nit moo di **bàkkaar**. Bés bi Aadama ak Awa bàkkaaree, ci lañu nekk ay bàkkaarkat, daldi am jafe-jafe bu rëy a rëy! Maanaam tàqalikoo nañu ak Yàlla. Nun ñépp ñi soqikoo ci ñoom, ay bàkkaarkat lanu, yu mënul a fexe ba jub fa kanam Yàlla Aji Sell ji. Kàddug Yàlla ne na: ‟*Sunu jëfi njub yépp a xasaw ni sagar wu tilim...*” **(Isa 64:5**) Ndegam nag Yàlla Aji Sell ji **sellaay** lay sàkku ci nit ñépp, kon bir na ne nit am na jafe-jafe. Te sax mënees na wax ne, jafe-jafeb nit ñaar la:

**Benn**, li nu am te bëggunu ko. Mu di sunu **bindu bàkkaarkat**.
**Ñaar**, li nu amul te soxla ko lool, mu di ag **mat.** Loolu moo di **xabaar bu bon bi.** Te moo tax ba mënatunu jege Yàlla. Léegi nag lan mooy saafara si, maanaam xabaar bu baax bi?

**Xabaar bu baax bi**, di saafara si, moo di Yàlla tëral na pexe mu Mu musale bàkkaarkat bi te ba tey sax ci

njubteem. Mu ngi ko tàmbalee misaal ak a yéene ca njàlbéen ga, jaare ko ci **saraxi mala ya** ak **waxi yonent yi**. Mbind mi dafa wax ne, bi Aadama ak Awa bàkkaaree, "*Seeni bët daldi ubbeeku, ñu xam ne, def nañu yaramu neen. Ñu daldi ràbb xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg. ...Te Yàlla Aji Sax ji defaral Aadama ak soxnaam ay yérey der, solal leen ko.*" **(Ge 3:7,21**) Yérey der yooyee, dañuy wone ne sarax amoon na. Muumin deewoon na! Di mala yu tooñul. **Sarax bu jëkk boobu** Yàlla defoon, ngir wutal Aadamaak Awa yére yu ñu muure seen gàcce, wone na li bàkkaar jur. Muy **<u>dee!</u>** Sunu ñaari maam yooyu gisoon nañu bu leer ne **DEE** mooy peyu bàkkaar. Xamoon nañu ne fàww deret tuuru. Ndaxte Mbind mi ne na: "Bu deret tuuruwul mbaalug bàkkaar du am." **(Yt 9:22**) Kon booba la Yàlla wone woon ne nit mënul a def <u>dara</u> ba musal boppam ci mbugal gi déggadeem jur. Te it, sarax boobu, ak yeneen sarax yi ci topp yépp, dañu doon misaal **Sarax bu mujj bu mat**, bi Yàlla dige woon ca bés, ba Aadama ak Awa bàkkaaree.

Waaw, xarit yi nuy déglu, Yàlla yemul rekk ci saraxi mala yi ngir misaal pexeem ci daan bàkkaar te bañ a daan bàkkaarkat bi. Ndaxte Yàlla jëfandikoo na itam **waxi yonent yi** ngir yéene ñëwu Musalkat bi. Ki nar a ganesi àddina ngir gàddu alkandeg doom Aadama yi. Noonu yonent yi joxe nañu ay firnde yu wér ci Musalkat bi. Ñii wax nañu ci bérëb bi mu war a juddoo, **(Mic 5:2**) ñee wax ci meloom ak ka waroon a doon waajuram wu jigéen, **(Isa 7:14**) ak kéemaan ya mu waroon a def **(Isa 35:5,6**) ñeneen wax sax ni ko kenn ciy taalibeem nar a wore, **(Zec 11:12,13**) ñu wax itam naka lees ko naroon a reye ci bënn ay loxoom ak i tànkam **(Ps 22**), ñu wax it ne sunuy bàkkaar a tax mu nar a dee (Esayi 53), te yonent Yàlla Daawuda wax ne, dina dee te dekki ci bàmmeel ba. **(Ps 16**)

Ba jamono ja Yàlla tànnoon agsee, Mu yónni malaakaam, Jibril, cib janq xamal ko ne mooy nekk yaayu Musalkat bi. Te Mu ngiy tudd Yeesu. Liy tekki: **Yàlla** miy musal! La yonent ya waxoon ci Musalkat bi lépp, bi Yeesu juddoo, amal na ko ci dundam. Cig mat la juddoo, mu dëppook ni ñu ko yéglee woon. Taqul benn bàkkaar. **(Isa 9:6**) Bi Mu amee fanweeri at, am bés, yonent Yàlla Yaxya séen ko ne: «*Kii mooy **mbotem Yàlla** mi ñu nar a rey ngir dindi bàkkaaru àddina.*» **(Yow 1:29**) Muy firndeelati rekk ne Moom Yeesu la saraxi mala yi daan misaal. Yeesu dekkal na ay néew, ubbi bëti gumba yi. Dalal na sàmbaraax ma, dàq na ay rab, wéral na ay jarag a.ñ.s.... Loolu lépp dëppook waxi yonent ya. Yeesu kenn la, amul moroom ndaxte dara tëwu ko!

Lu mat ñetti at, Yeesu di wër di yégle ñëwug nguuru Yàlla gi. Bi ko nit ñi tàmbalee gëm, soxar dab njiiti diine ya, ñu ragal a ñàkk seen màqaama ak seeni sañ-sañ ci nit ñi. Noonu ñu tàmbali tëral pexem reylu ko. Booba, Yeesu tàmbali faramfànceel ay taalibeem **Pexem** Yàlla. Mu di leen xamal ne dafa war a dem Yerusalem, daj fa coono bu metti, bu bawoo ca njiit ya, sëriñ su mag Saag xutbakat ya; ne dinañu fexe ba reylu ko, waaye dina dekki ca ñetteelu fan ba. **(Mc 16:21**)

Guddi ga Yeesu mujj a dund, mu ngi nekkandoo woon ak ay taalibeem. Ba ñu reeree ba noppi, ñu dem ca toolu Setsemane. Workat ba fekk leen fa, ànd ak ña doon jàppsi Yeesu. Piyeer bocci jaasi, waaye Yeesu ne ko: "Roofal sa jaasi ci mbaram... [ndaxte su ma deewul ni sarax], **nan la Mbind miy mën ame? Ndaxte Mbind mi ne na, nii la war a ame.**" **(Mc 26:52,54**) Ba ñu ko jàppee ba yóbbu ko, àtte ko, ña ko doon àtte nee nañu, gisuñu genn tooñ gu mu def, gu jar ñu koy teg dee. **(Yow 18:38 19:4,6**) Moona terewul njiiti yawut ya def lépp, ba ñu daaj ko ca bant ba. Noonu, deretu ku mat ki tuuru, te noonu la nu gàddule sunu mbugalu bàkkaar nun ñépp. Kenn '*forsewul*' Yeesu ci daj boobu coono. Coobareem la! Yàlla xamoon na ne su tëralul **pexe moomu,** kenn du mucc ci safara. Ndaxte jëfi nit doyul ngir raxas bàkkaar. Te peyu bàkkaar moom, **mooy dee, tàqalikook Yàlla ba fàww.** Kon sunug mucc, nu ñépp, moo tax Yeesu daj coono boobu.

Mbokki déglukat yi, noonu la Yeesu ci boppam deewe ni **Sarax bu mat sëkk** ngir matal pexe mi Yàlla nasoon ca njàlbéen ga. Maanaam **pexem** daan bàkkaar, te du daan bàkkaarkat bi. Noonu ku gëm Saraxu Almasi bi, dinga am **mucc gi**. Laata Yeesu di dee, waxoon na ne: "**LÉPP MAT NA!**" **(Yow 19:30**) Maanaam **fey na lépp!** Feyal na nu sunu boru bàkkaar! <u>Amul dara lu ñu ci war a yokk mbaa di ko ci wàññi</u>! Li saraxi mala yi daan misaal lépp Yeesu matal na ko. Bi mu faatoo, ñu ngi ko dencoon ci bàmmeelu genn góor gu am alal. Loolu itam dëppook ni ko yonent Yàlla Esayi yéglee woon. **(Isa 53:9**) Lu kenn mësul a def la Yeesu def!

Ndekkiteem, ndam lu réy la, di firndeel ne Yàlla nangu na **Saraxu** yaramu Yeesu! **(Jëf 17:31**)

Mbokk mi, léegi xam nga ne ñaari jafe-jafey nit, ñoo di:

- Li nu am te bëggunu ko, mu di sunu **bindu bàkkaarkat!** Nan lanuy def ba tàqalikook moom?
- Beneen bi mooy, li nu amul te soxla ko, di **ag mat!** Moom it, nan lanuy def ba am ko?

Xanaa nu fàttaliku rekk ne, bi Yeesu deewee ca bant ba, matal na **pexe** mi Yàlla tëraloon **ngir daan bàkkaar te du daan bàkkaarkat bi.** Loolu la saraxi mala ya ak waxi yonent ya daan misaal. Ni ñu daan tuure deretu mala ya, ngir muur bàkkaar yi, noonu la Yeesu mi mësul a bàkkaar tuure deretam ngir raxas bàkkaaru képp ku ko gëm. Yiwu Yàlla la! Looloo tax Kàddug Yàlla ne: "*Ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm te **loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla la...** Ndaxte peyu bàkkaar mooy dee, waaye **mayu Yàlla** mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom.*" **(Ef 2:8 Ro 6:23**) Moona li yoonu mucc wi di leer lépp, terewul mu am ñoñ, ñu ngi yaakaar ba tey ne, seen mbaalug bàkkaar a ngi aju ci seenub liggéey. Jàppaguñu ba tey ne, Mucc gi **ag may** la! Du ay neexal walla peyu liggéey bu ñuy defal Yàlla. Góor-góorluy nit, mënuñu ko musal. Yàlla dafa la bëgg a may Mucc gi. Nooy def su ñu la mayee lu baax te neex? Du danga koy jël? Noonu nga war a def it ak Muccug Yàlla gi. Jël ko! Maanaam gëmal **pexe** mi Yàlla waajaloon ngir muccug nit. Ci dëgg **dee tàbbi safara** rekk lanu yelloo woon. Waaye Yàlla, jaare ko ci pexem Saraxu Almasi bi, dindil na nu li nu amoon te bëggunu ko, di sunu **bàkkaar.** Te it, may na nu it li nu amul woon te soxla ko, di **ag mat,** maanaam Yàlla ràng na nu matug Almasi bi.

Kon yaw miy déglu te **mucc gi** soxal la; fi nga war a tàmbalee, gannaaw ba nga nangoo ne Yàlla dafa sell, laab te mat, mooy nga xam te nangu ne yaw mënuloo jege Yàlla ndax selloo, laaboo te matoo. Waaye liy tax nga mat, am njub gi Yàlla bëgg, mooy nga nangu te gëm ne, Almasi bi Yeesu mooy ki amal pexe mi Yàlla tëraloon ngir **daan bàkkaar** te **du daan bàkkaarkat bi**. Ndaxte Ku jub ki dee na ci sa palaas, feyal la sa boru bàkkaar. Soo ko gëmee xamal ne: **Mucc nga!** Baal nañu la! Ràng nañu la njubte ak matug Yàlla mi nekk ci Almasi bi Yeesu!

Ndaxte Yàlla mi mënul a wax la ca gannaaw dëgg, dafa ne: "*Yàlla feeñal na, ni nit mën a jube ci kanamam... Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci. Ndaxte ñépp a yem fa kanam Yàlla. Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. Waaye gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara. Wàcce na Kirist, mu nekk sarax ngir Yàlla baal nu sunuy bàkkaar, jaar ci deretam ji ñu tuur; te ngëm rekk moo nu ciy boole. Noonu Yàlla firndeel na ne ku jub la, doonte sax dafa muñaloon ñi jiitu jamonoy Kirist, ba jéggal leen seeni bàkkaar. Kon ci jamono jii nu ne, Yàlla wone na bu leer ne ku jub la, di àtte ni ku jub képp ku gëm Yeesu, te ba tey dëkk ci njubteem. Kan a mën a bàkku nag ci kanamu Yàlla? Kenn! Lu ko waral nag? Xanaa sàmm yoon? Déedéet! Ngëm rekk.*" **(Ro 3:19-27**)

Kon fii lanuy tàggoo tey. Su ngeen bëggee xóotal seen xam-xam ci mbirum mucc gi, mën ngeen nu bind, nu yónnee leen benn téere bu tudd '**Tout ce qu'ont dit les Prophètes**' te dungeen ci fey dara. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* BP 370 St-Louis / *YOONU NJUB* BP 370 St-Louis.

Nu ngi leen di bàyyeek aaya bii naan: "***Yàlla feeñal na, ni nit mën a jube ci kanamam...! Jub ci kanamu Yàlla, gëm Yeesu Kirist rekk a koy maye, te képp ku ko gëm bokk nga ci.***" **(Ro 3:21,22**)

## 150 Mucc gi 02

Asalaamaalikum mbokki déglukat yi. Nu ngi leen di nuyu ci turu Yàlla mi bëgg ñépp topp yoonu njub wi mu tëral te mucc. Am nanu mbégte ci li nu mën a tasewaat ak yéen fii, di àddu ngeen di déglu seen emisyoŋ *YOONU NJUB.*

Ci emisyoŋ bi weesu tàmbali woon nanu menn njàng ci mbirum mucc gi. Noonu gisoon nanu ne nit dafa am ñaari jafe-jafe: Benn, li nu am te bëggunu ko. Mu di sunu **bindu bàkkaarkat**. Ñaar, li nu amul te soxla ko lool. Mu di ag **mat.** Gisoon nanu it ne, Yàlla moom sàkk na pexe mu nit mën a mucce ci bindu bàkkaarkatam bi ko jëme ci safara abadan. Kon léegi nu fas yéene wéy ci mbirum mucc gi ngir gën a leeral ni Yàlla amale pexe mi Mu tëral ngir nu mucc ci mbugalu safara.

Dañuy wax naan: "**Jàpp sama loxoo ma gënal naan yoon waa ngee.**" Muy wax ju mat a seetaat. Képp kuy nit, bés bu set, **mucc** ngay ñaan. Mucc ci lii ak lee, ci nàngam ak nàngam. Ngay def lépp ngir mucc nekk lu jàppandi ci yaw. Waaye mucc, gi bawoo ci Yàlla, jàppandi na ba noppi. Ku nekk mën na cee jot. Wànte, nanu bàyyi xel ci ne, mucc gi ak ngëm, ñaari mbir lañu yu seen diggante rattax lool ba tax, dunu mën a wax ci mucc gi te waxunu ci mbirum ngëm. Moo tax danuy jëkk a seet li Mbind mi wax ci ngëm laata nuy wéy.

Kàddug Yàlla dafa nuy xamal ne ngëm mooy: "[Mu] *wóor* [nu] *ne, li nuy yaakaar dina am, te it li nu dul gis nekk na.*" **(Yt 11:1**) Xam ngeen ne ku nekk am na lu mu gëm; walla yu mu gëm. Ba ci sax ñiy wax ne gëmuñu dara! Ndaxte seen ñàkk ngëm googu sax, ngëm la. Ku gëmul lenn, lu jafee gis la! Wax ji dëgg kay mooy, <u>lan</u> nga gëm? Walla <u>kan</u> nga gëm? Yaw miy boroom diine nag wóor na ma ne boo doon tontu ci laaj boobu danga naan: Yàlla laa gëm. Waaw, loolu kay lu baax la ndax Kàddug Yàlla ne na: "*Ku amul ngëm doo mën a neex Yàlla.*" **(Yt 11:6**) Waaye gëm Yàlla, xam ne kenn la, doyul ngir nga mën a mucc. Mbind mi ne na: <u>Jinne yi sax gëm nañu ko, ba tax ñu tiit bay lox</u>. **(Sa 2:19**)

Ngëm nag, day am fu mu wéeru. Fa ngay wékk sa ngëm ba mën ca jële mucc ci safara, moo jar a seet. Ci misaal, su ma bëggee dem Sigicoor, ma àgg gaaraas fekk fa raŋu Risaa Tool ak bu Sigicoor. Ñu ne ma bii raŋ mooy dem Sigicoor. Ma bàyyi fa raŋu Sigicoor bi, dem ca raŋu Risaa Tool ba, dugg woto bu jëm Risaa Tool. Ma gëm ne woto bii dina ma yóbbu Sigicoor, nanu waxante dëgg, lu mu yàgg yàgg, duma dem Sigicoor. Ak lu sama ngëm mën a dëgër, woto Risaa Tool bi du ma yóbbu Sigicoor mukk! Noonu la deme ak muccug Yàlla gi. Menn pexem mucc rekk la Yàlla fàggandikul doom Aadama yi. Mooy wenn yoonu mucc wi ci Yeesu Kirist, mi yonent Yàlla yépp doon yégle ag dikkam. Soo ko fi nee tegg nag, na la wóor ne, Yàlla amalu la meneen pexe mucc.

Kon nanu dellusi ci mbirum mucc gi. Bu ñu nee mucc, xel yi dañuy faral a dem ci ñaari wàll. Wàllu saayir ak wàllu baatin:

- Ci wàllu saayir, baatu mucc dafay tekki, maanaam ab safaan jublu la, waaye nga rëcc ci. Ñu naan moom de, mucc na ci musiba sàngam. Ci misaal: bu jigéen wasinee am doom dañu naan diw mucc na. Maanaam musiba mënoon na ko fekk ci wasinam waaye Yàlla defal na ko ci jàmm; mucc na. Ci wàllu saayir, loolu mucc la. Dundu doom Aadama, ay safaani safaan mën na cee tàbbi. Mu mucc ci yii, ñàkk a mucc ca yee. Woowu xeetu mucc, wuute na ak **mucc** ci wàllu baatin.

- Ci wàllu baatin, **mucc gi** mooy tekki rëccug nit ci safara si Yàlla waajal Seytaane ak i gaayam. Safara ñépp a ko yelloo ndax bàkkaar bi nu donne ci sunu maam Aadama ma Seytaane daaneeloon. Mbind mi ne na: "*Bàkkaar ci <u>kenn nit la jaar</u>, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar* [ba joteetuñu ndamu Yàlla.] *Waaye <u>jëfu keneen nit ka</u>, maanaam Yeesu Kirist, moo ko suul, ba tax ñu bare* [**mucc**]." **(Ro 5:12,17**)

Ni ngeen ko dégge, Aadama moo jëkk a bàkkaar ba tax dee tàbbi ci àddina, law ci nit ñépp. Waaye Yàlla miy boroom yërmande, fàggul na nu yoonu mucc. Kon yaakaar ju wér am na. Ndaxte jëfu Yeesu Kirist mi dee

ca bant ba, moo suul jàddug Aadama. Noonu képp ku ko gëm, dinga **mucc** ci mbugalu Safara. Ndaxte, gannaaw Kirist Yeesu dee na ngir jot leen, Yàlla ciw yiwam, mën na leen a àtte ni ñu jub ci dara. **(Ro 3:24**) "*Képp ku ko gëm deesu la daan, waaye ku ko gëmul daan nañu la ba noppi, ndaxte gëmuloo ci turu* [Yeesu benn Musalkat bi am kepp.]" **(Yow 3:18**) Rax ci dolli yonent yépp seedeel nañu Yeesu ne: "*Ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam.* [Ndax] ***mucc*** *amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan amul weneen tur, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu war a mucce.*" **(Jëf 10:43 4:12**)

Ci loolu, yaw miy déglu te bëgg a mucc ci mbugalu safara ëllëg, xamal ne danga war a gëm **mucc**, gi nekk ci deretu Yeesu ja tuuru ca bant ba ngir raxas la ci bépp bàkkaar. Mbind mi ne na: "*Soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko,* ***dinga mucc****. Ndax xol la nit di gëme, ba tax mu jub ci kanamu Yàlla; làmmiñ it la nit di waxe ne, mu ngi ci Kirist, ba tax Yàlla musal ko. ...Képp ku ko gëm, sa yaakaar du tas mukk.*" **(Ro 10:9-11**) Bu Wolof Njaay nee: "**Ku nekk ak sa bàmmeel.**" Am na dëgg gu ci nekk ndaxte boo deewee, lenn walla kenn du la fa fekk di la difi mbaa di la rammu. Ndaxte kooka, boppam lay tal. Kon kooku nu muy rammoo keneen? Li wér te Kàddug Yàlla wax ko daal mooy, li la mën a difi, tey jii ak fii rekk nga ko mën a sàkkoo. Te loolu moo di **mucc**, gi nekkul feneen fu dul ci deretu Kirist Yeesu ji tuuru ngir faral la say bàkkaar. Bu la ko kenn xañ.

Naka muccug Yàlla gi, ci àddina sii rekk lees koy ame. Bul xaarati, bul déglooti ki lay fàbbi; ndaxte bés dina ñëw, yaw rekk ak sa bàmmeel. Bu booba nag réccu dina fekk jëf wees. Bés Yeesu dafay nettali ay taalibeem ab léebu ne:

"*Dafa amoon boroom alal, juy sol yére yu rafet te jafe, tey dund bés bu set dund gu neex. Fekk miskin mu ñuy wax Lasaar daan tëdd ca buntu këram, fees dell ak i góom, te bu sañoon, di lekk ca desiti ñam way rot ca lekkukaayu boroom alal ja. Xaj ya sax daan nañu ñëw, di mar ay góomam. Noonu miskin ma dee, malaaka yi yóbbu ko ca wetu Ibraayma. Boroom alal ja itam dee, ñu suul ko.*

*Bi ñu koy mbugal ca safara, mu téen, séen fu sore Ibraayma ak Lasaar ci wetam. Noonu mu yuuxu ne: Maam Ibraayma, yërëm ma! Yebalal Lasaar, mu sëpp catul baaraamam ci ndox, seralal ma sama làmmiñ, ndaxte maa ngi sonn lool ci safara sii! Ibraayma ne ko: Sama doom, fàttalikul ne, jot nga sa bànneex ca àddina, fekk Lasaar dëkk ci tiis. Looloo tax xolam sedd fii, yaw nag, ngay sonn. Rax ci dolli am na kàmb gu xóot sunu diggante ak yeen, ba tax ñi bëgg a jóge fii jëm ci yeen, walla ñi bëgg a jóge foofu jëmsi ci nun, duñu ko mën.*

*Noonu boroom alal ja ne: Kon nag maam, maa ngi lay ñaan, nga yebal Lasaar ca sama kër baay, ndaxte am naa fa juróomi rakk. Na leen artu, ngir ñu bañ a ñëw ñoom itam ci bérëbu metit wii. Ibraayma ne ko: Say doomu baay, ñu ngeek yoonu Musaa ak téerey yonent yi. Nañu leen déggal. Boroom alal ja ne ko: Déedéet, maam Ibraayma, waaye su kenn dekkee, dem ca ñoom, dinañu tuub seeni bàkkaar. Waaye Ibraayma tontu ko ne: Su ñu dégluwul Musaa ak yonent yi, kon ku dekki sax, du tax ñu gëm.*" **(Lu 16:19-31**)

Mbokki déglukat yi, boroom alal ji ci léebu bii, ku tegoon boppam boroom diine la. Ku baaxoon ci bëti nit ñi, te ñu weg ko; waaye li nit fonk Yàlla sib na ko. **(1Pi 5:5**) Bi mu deewee, tàbbi na safara. Waaye nekk boroom alal, du looloo ko taxoon a tàbbi safara. Li mu nekkoon ku bëgge ba amul woon sax xolu geestu ñu ndóol, ñi ci wetam. Mooy li Mbind mi ne, am na ñuy wut alal ba moy yoonu ngëm. **(1Tim 6:10**)

Waa ju ñàkk ji nag moom, bi mu deewee, mu dem Àjjana. Waaye moom it, ndóol taxul woon mu tàbbi Àjjana. Dafa fekk mu nekkoon ku gëm Yàlla te gëm li Mu wax jaare ko ci téerey yonent yi. Mu nekkoon it ku gore ci biir ñàkkam. Soxor soluwu ko woon ba tax muy bañ a gëm Yàlla. Su ko defoon li wóor mooy moom it doon na tàbbi safara. Ndaxte Yàlla du gënale kenn. **(Jëf 10:34 Ro 2:11**)

Noonu, ba boroom alal ja nekkee Safara, muy tinu. Moom mi daawul yërëmaate, léegi mu ngiy sàkku yërmande. Waaye booba réccu fekk na jëf wees. Mbugalu Yàlla ne woon na milib ci kawam. Yaw miy déglu itam, mën na am ngay boroom màqaama, di ku am diine. Waaye xamal ne, boo sàgganee ba sab àtte taxaw, kenn du la mën a tinul. Fii ci àddina rekk la njéggalu Yàlla jàppandee, du feneen.

Léegi nag, ba boroom alal ja gisee ne amul menn pexem njéggal foofa, mu xalaat njaboot ga mu bàyyi gannaaw. Mu ne maam Ibraayma, nañu bàyyi Lasaar mu artuji leen. Mu waxi leen ni safara mettee ndax ñu moytu fee ñëw. Waaye yonent Yàlla Ibraayma xamal ko ne waa àddina, soxlaatuñu beneen artu bu gën a jamp bi leen yonent yépp jox ba noppi te ñu sàggane ko, bañ koo gëm. Ndegam yonent yi lañu dégluwul, ku dekki sax du tax ñu déglu ko. Te muy dëggit, te ba tey noonu la nit ñi mel. Xoolal mbiri Yeesu Kirist, dekki na ñetti fan gannaaw bi mu deewee. Mu dëppook ni ñu ko yéglee woon. Waaye terewul ñu bare weddi ko.

Wànte li wér mooy, soo bëggul a fab mucc gi la Yàlla di may nii, tey jii, bés dina ñëw nga réccu ko. Bu boobaa nag dara dootul des lu dul mbugalu safara. Dafay fekk muñug Yàlla ak waxtu yiwam jàll. Kon sama waay, xamal ne yoonu **mucc** wi mooy gëm Yeesu te di ko topp moom kepp. Waaye yoon wu xat la wu fitnaal dul ñàkk. Yeesu nëbbu ko woon, ba tax Mu ne:

"*Defleen seen kem kàttan, ngir dugg ci bunt bu xat bi. ...Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare nañu. Waaye buntu [**mucc gi**] xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul. ...<u>Man maay **bunt bi**</u>. Ku jaar ci man, dinga **mucc**.*" **(Lu 13:24 Mc 7:13,14 Yow 10:9**)

Ci lu wér, bëgg-bëggu Yàlla mooy ñépp mucc. Wànte bu fajkat seetee sa wér-gi-yaram, jox la garab, soo ko jëfandikoowul du jariñ dara ci sa tawat. Nii nga mën a jële **mucc gi** la Yàlla jagleel ndegam yitteel na la:

- Jëkkal a nangu ne, Yàlla ku sell la. Ba tax na ku sellul du ko mën a jege.
- Nga gis sag ñàkk a sell ni képp kuy nit. Ndaxte amul nit ku sell ci bëti Yàlla mi wax ci Kàddoom ne ñépp a bàkkaar ba joteetuñu ndamam. Kon leer na ne pexem mucc mu bawoo ci nit amul.
- Gannaaw loolu nga gis, xam it ne, Yàlla soxorul bay tëj bunt, tëj palanteer. Sàkk na pexe mu ko nit mën a jegee. Pexe mi moo di deretu Yeesu Kirist ji tuuru ngir musal képp ku ko gëm, ni ko yonent yi seedee.
- Noonu boo gëmee Yeesu Musalkat, bi dee ca bant ba, te dekki ca ñetteelu fan ba; nga gëm ne tuur na deretam, ngir musal la ci mbugalu bàkkaar, xamal ne am nga mucc gi te ëllëg, doo tàbbi safara. **(1Yow 5:13**)

Mbokk yi, nanu déglu bu baax li ndawu Kirist, di Pool, bindoon ci mbirum mucc gu mag, gi Yàlla bëgg a may képp ku ko gëm. Bind na ne:

"*Mbokk yi, sama coobareg xol ci bànni Israyil ak sama ñaan ci Yàlla, mooy ñu **mucc**. Seedeel naa leen ne, ñu farlu lañu ci jaamu Yàlla, waaye seen njaamu àndul ak xam-xam. Xamuñu yoon wi Yàlla tëral, ngir nit jub ci kanamam, waaye dañoo wéy ci seen pexey bopp; ba tax ñu bañ a nangu yoonu njub woowu Yàlla tëral. Ndaxte ci Kirist la yoonu Musaa dëppe, ba tax ku ko gëm, dinga jub fa kanam Yàlla... Ndaxte soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko, **dinga mucc**. Ndax xol la nit di gëme, ba tax mu jub ci kanamu Yàlla; làmmiñ it la nit di waxe ne, mu ngi ci Kirist, ba tax **Yàlla musal ko**. Mbind mi dafa wax ne: Képp ku ko gëm, sa yaakaar du tas mukk. Ndax ñépp a yem ci kanamu Yàlla, muy Yawut mbaa ku dul Yawut, ndax kenn rekk mooy sunu Boroom nun ñépp, te ku yéwén la ci képp ku koy ñaan. Ndaxte bind nañu: Képp ku woo Boroom bi ciw turam, **dinga mucc**.*" **(Ro 10:1-4,9-13**)

Kon xarit yi, fii lanuy yem tey ba beneen. Su ngeen bëggee xóotal seen xam-xam ci mbirum mucc gi, mën ngeen nu bind, nu yónnee leen benn téere bu tudd 'Tout ce qu'ont dit les prophètes' te dungeen ci fey dara. Sunu adarees mooy: *YOONU NJUB* BP 370 Saint-Louis / *YOONU NJUB* BP 370 Saint-Louis.

Nu ngi leen di bàyyee aaya bii ci Mbind mi naan: "***Soo waxee ak sa gémmiñ ne, Yeesu mooy Boroom bi, te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko, <u>dinga mucc</u>.***" **(Ro 10:9,10**)